# АДЫГЭБЗЭ

**- ПСЭЛЪЭБЗЭР ЗЭРЫУХУАРЭ ЗЭРЫЛАЖЬЭР МАКЪ ЛЪАБЖЬЭКIЭ КЪЭЗЫIУАТЭ ТХЫЛЪ –**

# V-A

**БЕР ХЬИКМЭТ**

| ЛЭЖЬЫГЪЭ ІЫХЬЭХЭР | ТХЫЛЪЫМПІЭ НАПЭ КІУЭЦІ |
|---|---|
| ЛЭЖЬЫГЪЭ ІЫХЬЭ ПЭУБЛЭ | 3 |
| ЯПЭРЕЙ ІЫХЬЭ<br>ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭХЭР<br>ЗЭРЫЛЪЫТЭРЭ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫКІЫУ<br>ЗЭРЫБАГЪУЭМ ТЕУХУАУЭ | 5 |
| ЕТІУАНЭ ІЫХЬЭ<br>"ХЬЭРЫЧЭТ" ЛЪЫТЭМ КЪЫЩІИДЗЭУ<br>ГЛАГОЛХЭР "ХЪЫБАРЕГЪАЩІЭ" ХЪУПХЪЭУ<br>КЪЫЗЭРЫІУАТЭМ ТЕУХУАУЭ | 135 |
| ЕЩАНЭ ІЫХЬЭ<br>ГЛАГОЛХЭМ Я "ХЪЫБАРЕГЪАЩІЭ" ХЪУПХЪЭ<br>ЛЭЖЬЭКІЭХЭМ "ЩХЬЭ"РЭ "ЗЭМАНЫГЪУЭ"<br>ЗЭРЫХИУБЫДЭ ЩІЫКІЭХЭР | 379 |
| ЕПЛІАНЭ ІЫХЬЭ<br>ГЛАГОЛХЭМ Я "ХЪЫБАРЕГЪАЩІЭ"<br>ХЪУПХЪЭ ЛЭЖЬЭКІЭ ЩАПХЪЭХЭР | 549 |

## ЛЭЖЬЫГЪЭ ІЫХЬЭ ПЭУБЛЭ

Мыбы ипэ къедгъэкlуэкlа лэжьыгъэр нэхъыбэу глаголхэм я класификацэхэм зэрытеухуар гурыlуэгъуэщи, икlи, мы класификацэхэр ткlийуэ щыземыкlуэ щlыпlэхэр зэрыщыlэри къыхэдгъэщагъащ. Аращи, дэтхэнэ зы класым хиубыдэу лъытапхъэ глаголхэр икlи нэгъуэщl класхэми хиубыдэу зэрылъытапхъэми гулъытэ щыхуэтщlагъащ.

Категорие, класификацэ, таксиномие хуэдэ lуэхугъуэхэр зы гуэрыр гуп гупу зэрылъытакlэрэ нэхъ гурыlуэгъуафlэ зыхуэщlынкlэ щхьэпэу лъытапхъэщ. Ауэ икlи, зы гуэрхэр категоризацэрэ класификацэ зэрыщlри абыхэм хибыдэ е химыубыдэ гуэрхэр нэмыплъ щlын lуэхугъуэуи лъатапхъэнщ. Адыгэбзэм теухуауэ ипэкlэ къедгъэкlуэкlа лэжьыгъэхэми къызэрыхэщу, адыгэбзэм и глаголхэмрэ я лэжьэкlэхэр зэрызэщхьэщыкlыр ткlийуэ класификацэ щlауэ лъытэн нэхърэ глагол лэжьэкlэ гуэрхэр консантрацэу къызыщекlуэкl щlыпlэхэр лъытэнрэ, нэгъуэщl щlыпlэ гуэрхэми мыпхуэдэхэр нэхъ лантlэу зэрыщытыр лъытэныр нэхъ игъуэу жыlэпхъэщ.

Дауи, мы зи гугъу тщlахэр мы къытпэщыт лэжьыгъэми теухуауи лъытапхъэнщи, глагол класификацэм теухуа ипэрей тхылъым къыкlэлъыкlуэ мы тхылъыр зытеухари ″глагол″ жыхуэтlэ псалъэ лlэужьыгъуэхэр зэрылъытэрэ утыку къызэрихьэм къыщlидзэу ахэр бзэм хэлэжьыхьу щызэрызекlуэращ. Икlи, глаголхэр зэмылlэужьыгъуэу зэрылажьэ щlыкlэхэр зи lуэхуу щыт мы лэжьыгъэр кlыхь зэрыхъунум папщlэ, томитlыу гуэшащи, мы япэрей томыр глаголхэр зэрылъытэрэ утыку къызэрихьэу зэрылажьэ щlыкlэхэм къыщlидзэу ахэр ″хъупхъэ″ лlэужьыгъуэ ″хъыбарегъащlэ″у зэрылажьэ щlыкlэхэр зыхэзубыдэ ″АДЫГЭБЗЭ V-А″уэщ зэрылъытар. Нытlэ, мыбы къыкlэлъыкlуэ глагол лэжьэкlэхэр -режимхэр- зыхэзыубыдэну томри ″АДЫГЭБЗЭ V-В″уэщ зэрылъытэнур.

Зэрыжытlауэ, мыбы ипэрей тхылъыр (АДЫГЭБЗЭ IV) адыгэбзэм и лэжьэкlэ алгоритмэу тлъытагъати, нытlэ, мы къытпэщыт лэжьыгъэри а алгоритмэм нэхъ кууую хэхьэн lуэхугъуэу лъытапхъэщ; мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр икlи нобэ къэунэху технологиехэмкlи зэмылlэужьыгъуэ лъэныкъуэкlэ щызехьэнрэ адыгэбзэр зэрыджыным лъабжьэрэ щхьэпэ хуэхъунуи жыlэпхъэнщ.

Аыгэбзэм и глаголхэр макъыбзэр зи лъабжьэу зэрылажьэ щlыкlэхэм теухуащ мы лэжьыгъэхэри, мыбы ипэ къыщедгъэкlуэкlа лэжьыгъэр бзэм щызекlуэу псалъэ лlэужьыгъуэ ″глагол″хэр зэрыухуа макъхэм нэгъунэ зэпкъырыхынрэ зэмылlэужьыгъуэ щlыкlэхэу класификацэ зэрыщыпхъэхэр утыку къилъхьэн lуэхугъуэмэ, мы къытпэщыт лэжьыгъэри макъхэм къыщыщlидзэу псалъэ лlэужьыгъуэхэу глаголхэр зэрылъытэрэ зэрыухуэу зэрылажьэ щlыкlэхэм теухуа lуэхугъуэу лъытапхъэрщ. Аращи, глаголхэм теухуауэ мыбы ипэ къихуэу къедгъэкlуэкlа лэжьыгъэр нэхъыбэу ″дедуктив″ лlэужьыгъуэ лэжьыгъэу лъытапхъэмэ, мыпхуэдэкlэрэ гурыlуэгъуэ къытхуэхъуахэр лъабжьэ зэрыщlакlэрэ адыгэбзэм и псалъэ лlэужьыгъуэ ″глагол″хэр макъ лъабжьэкlэрэ зэрыухуэрэ икlи макъыбзэуи зэрылажьэ щlыкlэхэм -жыlэпхъэмэ- ″индуктив″ лlэужьыгъуэу щыгъуазэ хуэхъун лэжьыгъэу лъытапхъэщ мы къегъэкlуэкlыну къытпэщытыр.

Мы зэрыжытlауэ, макъхэр утыку къызэрихьэрэ лъабжьэ зыхуэхъуу псалъэхэр –глаголхэмрэ я лэжьэкlэхэр- зэрылъытэрэ зэрыбагъуэу, макъыбзэу зэрыухуэрэ зэрызэпкъырыувэр къэгъэунэхунрэ джын lуэхугъуэрщ мы къедгъэкlуэкlыну къытпэщыт лэжьыгъэри, макъыбзэу щымыт зы псэлъэбзэр мыпхуэдэу къызэрымыlуэтэфынурэ икlи гурыlуэгъуэ зэрыпхуэмыхъуфынури наlуэщ.

Нытlэ, зыгурыгъэlуэнрэ хэлъхьэныгъэкlи къыфпэплъэу щыт мы лэжьыгъэри еджэгъуафlэ къыфхухъу апщий!

# ЯПЭРЕЙ ІЫХЬЭ

# ГЛАГОЛХЭМРЭ Я ЛЭЖЬЭКІЭХЭР ЗЭРЫЛЪЫТЭРЭ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫКІЫУ ЗЭРЫБАГЪУЭМ ТЕУХУАУЭ

## ЯПЭРЕЙ ІЫХЬЭМ ХИУБЫДЭХЭР


| ПСЭЛЪАЩХЬЭХЭР | ТХЫЛЪЫМПІЭ НАПЭ КІУЭЩІ |
|---|---|
| **ЯПЭРЕЙ ПЫЧЫГЪУЭ** | **8** |
| **ГЛАГОЛХЭМРЭ Я ЛЭЖЬЭКІЭХЭР ЗЭРЫЛЪЫТЭРЭ ЗЭРЫБАГЪУЭУ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫКІЫМ ТЕУХУАУЭ** | |
| -"ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭ"М И ПЭЩІЭДЗЭМРЭ ЗЫЗЭРИУБГЪУ ЛЪАГЪУЭМ ТЕУХУАУЭ | 8 |
| - "УПЩІЭ"РЭ И КЪЭІУЭТЭКІЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 12 |
| - "ГУРЫЩХЪУЭ"РЭ И КЪЭІУЭТЭКІЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 15 |
| - "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭ"ХЭМ Я "ИНДИРЕКТ" КЪЭІУЭТЭКІЭХЭР | 24 |
| **ЕТІУАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ** | **27** |
| **"ХЪУПХЪЭ" ЛІЭУЖЬЫГЪУЭ "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭ"ХЭР** | |
| - "ХЪУПХЪЭ" ЛІЭУЖЬЫГЪУЭ НОРМАЛ "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭ"ХЭМРЭ УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭУ ЗЭРЫБАГЪУЭ ЛЪАГЪУЭМ ТЕУХУАУЭ | 27 |
| - "ГЛАГОЛ"ХЭР -"ІУЭХУ/ХЬЭРЫЧЭТ"ХЭР- ЩЫДЖРЭ "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭ"У КЪЫЩЫІУАТЭ "ЗЭМАНЫГЪУЭ"ХЭМ ТЕУХУАУЭ | 46 |
| - ЩЫДЖРЭ КЪЫЩЫІУАТЭ "ЗЭМАНЫГЪУЭ"ХЭМ ЕЛЪЫТАУЭ НОРМАЛ "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭ"ХЭР ЗЭРЫЛЪЫТАПХЪЭХЭР | 47 |
| - НОРМАЛ "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭ"ХЭР ЗЭРЫЛЪЫТА "ЗЭМАНЫГЪУЭ"ХЭР ЗЭРЫЩЫТУ "БЛЭКІА"УЭ КЪЫЗЭРЫІУЭТЭЖХЭР: **"ІУЭТЭЖ"** ЛІЭУЖЬЫГЪУЭ "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭ"ХЭР | 49 |
| - "ІУЭТЭЖ"ХЭР "КЪЫЗЭРЫІУЭТЭЖ"ХЭР: **"ІУЭРЫІУЭТЭЖ"** КЪЭІУЭТЭКІЭХЭР | 51 |
| - "ХЪЫБАРЕГЪАЩІЭ"МРЭ "ІУЭТЭЖ – ІУЭРЫІУЭТЭЖ" ЛІЭУЖЬЫГЪУЭ "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭ"ХЭР ЗЭРЫЗЭЛЪЫТАПХЪЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 54 |
| - НОРМАЛ "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭ"ХЭМ АРГУЭРУ КЪАТЕХЪУКІ "ХЪУПХЪЭ" ЛІЭУЖЬЫГЪУЭ "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭ"ЩІЭХЭР | 26 |
| - НОРМАЛ "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭ"ХЭР "ГЪЭ" КІЭУХКІЭ ЗЭРЫУХУЭ "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭ"ЩІЭХЭМ Я "ІУЭТЭЖ"ХЭР | 70 |
| **ЕЩАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ** | **70** |
| **"МЫХЪУПХЪЭ" ЛІЭУЖЬЫГЪУЭ "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭ"ХЭР** | |
| - "ХЪУПХЪЭ" ЛАНТІЭ - "МЫХЪУПХЪЭ"УИ ЛАНТІЭ: ГУРЫЩХЪУЭ ЗЫХЭЛЪ "ХЪУПХЪЭ" - "МЫХЪУПХЪЭ" ПЭГЪУНЭГЪУ | 70 |
| - ХЪУНУ ІЭМАЛ ЗИМЫІЭ: МЫХЪУХХЭН | 74 |
| - "ХЪУПХЪЭ" ТКІИЙ - "МЫХЪУПХЪЭ"УИ ТКІИЙ | 76 |
| - "МЫХЪУПХЪЭ" ЗЭРЫЛЪЫТАГЪЭНУ ПЭЩІЭДЗЭХЭР | 76 |
| - "МЫХЪУПХЪЭ" ЛІЭУЖЬЫГЪУЭ "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭ"ХЭР ЗЭРЫЗЭЛЪЫТАПХЪЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 80 |
| - "МЫХЪУПХЪЭ" ЛІЭУЖЬЫГЪУЭ "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭ"ХЭР "ІУЭТЭЖ"У КЪЫЗЭРЫІУАТЭХЭР | 82 |
| **ЕПЛІАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ** | **84** |
| **"УПЩІЭ" ЛІЭУЖЬЫГЪУЭ "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭ"ХЭР** | |
| - "ХЪУПХЪЭ" ЛІЭУЖЬЫГЪУЭ "УПЩІЭ"ХЭМ ТЕУХУАУЭ | 86 |
| - "ХЪУПХЪЭ" ЛІЭУЖЬЫГЪУЭ "УПЩІЭ"ХЭМ Я "ІУЭТЭЖ"ХЭР | 89 |
| - "МЫХЪУПХЪЭ" ЛІЭУЖЬЫГЪУЭ "УПЩІЭ"ХЭМ ТЕУХУАУЭ | 90 |
| - "МЫХЪУПХЪЭ" ЛІЭУЖЬЫГЪУЭ "УПЩІЭ"ХЭМ Я "ІУЭТЭЖ"ХЭР | 92 |
| **ЕТХУАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ** | **94** |
| **"ГУРЫЩХЪУЭ"М ТЕУХУАРЭ "ГУРЫЩХЪУЭ" ЗЫЩЫУА** | |

| | |
|---|---|
| **КЪЭІУЭТЭКІЭРЭ ″ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭ″ХЭР** | |
| - ″ГУРЫЩХЪУЭ″ ЛІЭУЖЬЫГЪУЭ ″ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭ″ХЭР | 97 |
| - ″ГУРЫЩХЪУЭ″ НЭУЖЬ ″ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭ″ХЭР | 99 |
| - ″ГУРЫЩХЪУЭ″М ТЕУХУА ″ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭ″ХЭР ″Т/ТЭ″ КІЭУХКІЭ УХУЭУ, **″ГУРЫЩХЪУЭ″**ЩІЫУ **ДЫЗЭГУПЩЫС**ХЭР ЗЭРЫЛЪЫТЭРЭ КЪЫЗЭРЫІУАТЭХЭР | 104 |
| - ″ГУРЫЩХЪУЭ″ ЗЫХЭЛЪРЭ ЗЫЩЫУ КЪЭІУЭТЭКІЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 107 |
| **ЕХАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ** | **108** |
| **″ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭ″ХЭР ″ИНДИРЕКТ″У КЪЫЗЭРЫІУАТЭ ЩІЫКІЭХЭМ ТЕУХУАУЭ** | |
| - ″ИНДИРЕКТ″ КЪЭІУЭТЭКІЭХЭМ ТЕУХУАУЭ КЪЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭХЭР | 109 |
| - ″ИНДИРЕКТ″ КЪЭІУЭТЭКІЭХЭР ЗЭРЫУХУЭ ЛЪАГЪУЭМ ТЕУХУАУЭ | 110 |
| - ″ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭ″ХЭР ″ИНДИРЕКТ″У КЪЫЗЭРЫІУАТЭМ ТЕУХУА ЩАПХЪЭХЭР | 118 |
| - ″МЫХЪУПХЪЭ, УПЩІЭ, ІУЭТЭЖ″ ЛІЭУЖЬЫГЪУЭ ″ИНДИРЕКТ″ КЪЭІУЭТЭКІЭ ЩАПХЪЭХЭР | 125 |
| **ЕБЛАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ** | **126** |
| **″ГЛАГОЛ″ХЭР НЭГЪУЭЩІ ″ГЛАГОЛ ГУП″ ЛЭЖЬЭКІЭУ ЗЭРЫЛЭЖЬЭФХЭМ ТЕУХУАУЭ** | |
| - ГЛАГОЛХЭР НЭГЪУЭЩІ ″ГЛАГОЛ ГУП″ ЛЭЖЬЭКІЭХЭМИ ХУЩІЭКЪУ ЗЭРЫХЪУМ ТЕУХУАУЭ | 126 |
| - ГЛАГОЛХЭМ НЭГЪУЭЩІ ″ГЛАГОЛ ГУП″ ЛЭЖЬЭКІЭ ЗЭРАГЪУЭТ ЛЪАГЪУЭМ ТЕУХУАУЭ | 128 |
| - ГЛАГОЛХЭМ НЭГЪУЭЩІ ″ГЛАГОЛ ГУП″ ЛЭЖЬЭКІЭ ЗЭРАГЪУЭТЫМ ТЕУХУА ЩАПХЪЭ ГУЭРХЭР | 133 |

**ЯПЭРЕЙ ПЫЧЫГЪУЭ**
**ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКIЭХЭР ЗЭРЫЛЪЫТЭРЭ**
**ЗЭРЫБАГЪУЭУ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫКIЫМ ТЕУХУАУЭ**

″ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКIЭ″М И ПЭЩIЭДЗЭМРЭ
ЗЫЗЭРИУБГЪУ ЛЪАГЪУЭМ ТЕУХУАУЭ

*Лэжьэну* зэры*гъэпса* щIыкIэу зэпкъырыува *″инфнитив глагол″*хэр лажьэу щыщIидзэм деж, мы *хьэрычэт*ыр *зэрылъытэрщ лажьэр*и, ар зы *къэхъугъуэ*у -е *гъэзэщlэгъуэ*у- зэрылъытэнур гурыIуэгъуэнщ. Нэгъуэщlыу жыпIэмэ, **къэхъугъуэ**у *-гъэзэщlэгъуэ*у- *″инфинитив″*у **гъэпсагъэххэ** *″глагол″*хэр зы **″хъупхъэ″** (позитив) *лIэужьыгъуэ*хэрщ. НытIэ, *мыпхуэдэу гъэпса*уэ *″инфинитив″*у зэпкъырылъ *″глагол″*хэр **занщIэу зэрылэжьэну** щIыкIэри мы -зэрыгъэпса щIыкIэу- **″хъупхъэ″** лIэужьыгъуэу **къэхъу**р - *гъэзащlэ*р- **зэрылъытэ**ущ. Мы жытIахэми гурыIуэгъуэ къызэрыхуащIыщи, **″глагол″** жыхуэтIэр *натуралу* –**нормал**у- *къэхъугъуэ -гъэзэщlэгъуэ-хьэрычэт* зэрылъытэу, **″хъупхъэ″** лIэужьыгъуэущ зэры**лэжьэну**р.

Зыгуэрыр натруралрэ нормалу *″къэхъун″*щ е *″гъэзэщlэн″*щи, *″къэхъу″*у жыхуэтIэр *″езырыж глагол″*у, *″гъэзащlэ″*у жыхуэтIэри *″lуэху глагол″*у зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ. Аращи, къэхъурэ гъэзащIэу дауи щырет, *глаголхэм ялъыт*эрэ икIи *я лэжьэкlэ*р *япэрауэ* -флэкIыпIэ имыIэу- *″хъупхъэ″* лIэужьыгъуэщ, - *хъу*рэ *гъэзэщlэ*р зэрылъытэущ. Ауэ, япэрей ди лэжьыгъэхэмрэ мы ипэкIи къызэрыхэщу, *глагол* лIэужьыгъуэу *япэ лъытар ″езырыж глагол″*хэрщи, ахэр зэрылъыта *пэщlэдзэри къэхъу-къэщlыгъуэ* лIэужьыгъуэхэр *утыку къызэрихьэ*ущ. – Мыпхуэдэу зэрыщытым папщIэщ мы ипэкIэ ″lуэху глагол″ лIэужьыгъуэхэр зэрылъытэ щIыкIэу щыт *″гъэзэщlэн″*ыгъэ псалъэхэм *ипэ ″къэхъун″*ыгъэ псалъэхэр *къэдгъэлъагъуэ*у зэрыщытыр.

Глаголхэм *-хъупхъэ*у- мыпхуэдэ *защlэ лэжьэкlэ ялэу мащlэ къагъуэгурыкlуагъэнкъым*и, мы *позитивыгъэ защlэм* ар къэзыIуатэ *цIыхури* мыбы *есарэ пэплъэ* защIэуи щытагъэнщ. Ауэ, мы ″хъупхъэ″ защIэм есарэ нэгъуэщl имылъытэу пэплъэ защIэуи щыт цIыхур кIуэ пэтрэ **мыхъу**у - *мыгъэзащlэ*у- щытым *гулъытэ хуищl*ыу **″мыхъупхъэ″**и (негатив) илъытэу щIидзагъэнщ; *″мыхъупхъэ″м гулъытэ хуищlыф*уи щIидзагъэнщ цIыхуми,

нытlэ, мыпхуэдэуи *глаголхэм*и *етlуанэ лэжьэкlэ* ягъуэтауэ лъытапхъэнщ: **"мыхъупхъэ" лэжьэкlэ**.

Аращи, *"хъупхъэ" щыlэмэ, "мыхъупхъэ"и* лъытэу щlидзэнщ, – мыхъупхъэи лъытэ хъунщ – мыхъупхъэи щыlэнщ: "хъумэ, мыхъу"и; "къэхъумэ, къэмыхъу"и; "гъэзащlэмэ, мыгъэзащlэ"и лъытэнщ – щыlэнщ... "кlуэмэ, мыкlуэ"и; "щыlэмэ, щымыlэ"и; "ищlмэ, имыщl"и лъытэ хъунщ – щыlэнщ. Нытlэ, дэтхэнэ гуэрыр е дэтхэнэ зы *"глагол"*ыр зытеухуа *хьэрычэт*ыр *хъу*гъэщ е *мыхъу*гъэщ, *гъэзэщlэ*гъуэщ е *мыгъэзэщlэ*гъуэщ; *хъунщ* е *хъункъым*, *гъэзэщlэнщ* е *гъэзэщlэнкъым*. – Мы щапхъэхэмрэ ахэр зэрызэщхьэщыкlми игъуэ къыщысым деж икlэ нэгъунэ щыгъуазэ дахуэхъунущ.

*

Ауэ, глаголхэм мы *етlуанэ* я *лэжьэкlэ*р –я мылэжьэкlэу "мыхъупхъэ"р-лъыта е утыку къихьа нэужь, *ещанэ лэжьэкlэми зыкъызэригъэлъэгъуапхъэ*р жыlэпхъэнщи, *хъу*рэ *мыхъу*у е *гъэзащlэ*рэ *мыгъэзащlэ*у щытым гулъытэ зэрыхуэщl щlыкlэу, *"хъупхъэ"рэ "мыхъупхъэ"*у зэрыщытым теухуауэ цlыхум *игур зэхэтхъуэ*рэ икlуэцlкlэ *зэхъуэкl* защlэу щlидзэнщ; цlыхум *игу*м *зэхъуэкlыныгъэ*р *ирикlуэ*у щlидзэнщ, - и гум **гурыщхъуэ**р щызекlуэнщ. Аращи, *хъур щlэхъу*рэ *зэрыхъу*м икlи -кlуэ пэтри- *мыхъур зэрымыхъу*рэ *щlэмыхъу*м теухуа *гурыщхъуэ*хэм зыкъигъэлъэгъуэнщ. Мыхуэдэ щlыкlэуи, *"глагол лэжьэкlэ"*у *"хъупхъэ"рэ "мыпхъупхъэ"м нэмыщl*, зы *ещанэ вариант*ым зыкъигъэлъагъуэу щlидзэнщи, мыри гум къыщхъурэ щызекlуэ **"гурыщхъуэ"**р *зэрылъытэ*у абы *къытехъукl*хэр *къызэрыlуатэ* **глагол лэжьэкlэ**хэу лъытапхъэщ.

Дауи, япэрей ди лэжьыгъэхэми гулъытэ хуэтщlарэ щыгъуазэ дызыхуэхъуауэ щыта гуэрхэр мыбдежым дигу къыщыгъэкlыжыпхъэщи, цlыхум *"хъупхъэ"*рэ *"мыхъупхъэ"*у илъытэу щыта сытри *езы цlыхум* - "хьэ"м- *къызхигъэлукl*а *пэщlэдзэ мак*ъыу лъытапхъэ *"м" макъымкlэ* илъытэу щытагъэнущ. Ауэ, икlи, *"хъупхъэ"*рэ *"мыхъупхъэ"*хэр "м" макъкlэрэ мы зэрилъытэм къыщымынэу, мыбыхэм *теухуа*уэ *гум къыщекlуэкl "гурыщхъуэ"*у мыбдежым мы къытпэщlэхуари цlыхум япэрауэ зэр*илъыта*гъэнур *"м" макъымкlэ*рэу къыщlэкlынщ. Нытlэ, мыхэр *щхьэжу "м" макъымкlэ* мы *зэрылъыта* щlыкlэр *иужьрей бзэ лэжьэкlэхэми лъабжьэ* язэры*хуэхъупхъэ*р гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэщ икlии, *"хъупхъэ"*рэ *"мыхъупхъэ"* икlи *"гурыщхуэ"* лlэужьыгъуэ *псалъэхэр "м"*

*макъ пэщlэдзэрэ клэухклэ зэрылъытауэщ* адыгэбзэ глагол лэжьэкlэхэм къызэрыхэщыр. Аращи, мы къэтlуэтахэр къызэрыхэщ бзэ лэжьэкlэхэрщ *"хъупхъэ"* лlэужьыгъуэу *езыр езырурэ къэхъу*у *утыку къихьэ*у щыт дэтхэнэ гуэрыр *зэрылъытэ глагол* (хъун) *лэжьэкlэ*р *"мэ" пэщlэдзэ*кlэ (мэхъу) зэрыухуэм нэмыщl, дэтхэнэ зы *"мыхъупхъэ"р "мы" пэщlэдзэ*кlэ зэрылъытэми (мыхъу, мыхъун) ипэкlи щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ. Ауэ икlи, псалъэхэр *"хъупхъэ"*м нэмыщl *"мыхъупхъэ"*уи мы зэрылъытэм къатехъукlыу тлъыта *"гурыщхъуэ"*ри къызэрыlуатэ *псалъэ*хэри *"мэ" клэухклэ зэрыухуэ*ри мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ. Мыбыхэми мы къедгъэкlуэкl лэжьыгъэм игъуэ къыщыс щlыпlэхэм икlэ нэгъунэ щыгъуазэ дыщызэрыхуэхъунури мыбдежым къыщыхэдгъэщын.

*

*"Гурыщхъуэ"м теухуа*уэ зи гугъу тщlы *"глагол лэжьэклэ"хэр* къызытехъуклауэ мы ипэкlэ зи гугъу тщla *"хъупхъэ"*рэ *"мыхъупхъэ"* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэклэ"*хэм къащхьэщыкlыу лъытапхъэхэрщ. Ауэ, мы *"гурыщхъуэ"м теухуа "глагол лэжьэклэ"*хэм *къаклэлъыклуэ*у *"гурыщхъуэ"*ри *зи лъабжьэ*у аргуэру зы *"глагол лэжьэклэ"* лlэужьыгъуэ утыку къохьэри, мыр икlи къызытехъукla **"гурыщхъуэ"**ми **хэкlыпlэ** къыхуэзыгъуэтрэ *клэ езыт*ырщ. Хуиту къекlуэкlыу лъытапхъэ "глагол лэжьэкlэ"р къызытезыгъэувыlэу лъытапхъэщ "гурыщхъуэ"ри, нытlэ, **"гурыщхъуэ"**м **къыхэхъукl**рэ икlи **кlэ езыт**уи жыхуэтlэ мы *"глагол лэжьэклэ"*р – **"гурыщхъуэ"**ми **ипэ къекlуэкl**рэ *"гурыщхъуэ"*ри *къызытехъукla*уэ зи гугъу тщla- **"хъупхъэ"**рэ **"мыхъупхъэ"** лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэклэ"*хэми **пыщlэж**ын къалэни зыгъэзащlэ **"глагол лэжьэкlэ"**уи лъытапхъэрщ. Нытlэ, мыбдежым мыпхуэдэу зи гугъу тщlыну зы *"глагол лэжьэклэ"*ри *"глагол лэжьэклэ" лъагъуэ*м къигъэщl *еплlанэ лъэбакъуэ*уи *–еплlанэ вариант*у- лъытапхъэрщ.

Аращи, *"хъу"*рэ *"мыхъу"*м –"хъупхъэ"рэ "мыхъупхъэ"м- дэтхэнэ зым –е тlуми- *гурыщхъуэ* зэрытещlыхьклэрэ, тlум щыщу *дэтхэнэр* къы*зэрыунэхун*ум *unl*эр *зэрылъыт*эрэ *"гурыщхъуэ"м*и зы *хэкlыпlэ* къыхуэзыгъуэту лъытапхъэу *ужьыгъуэ лlэужьыгъуэ*у зы **"глагол лэжьэкlэ"**у **"упщlэ"**м зыкъигъэлъэгъуэнщ.

Икlи, *"хъупхъэ"м*рэ *икlи "мыхъупхъэ"м гурыщхъуэ* зэрытещlыхьыр зи лъабжьэу *"упщlэ"*ри и кlуэцlкlэ **"хъупхъэ упщlэ"**рэ **"мыхъупхъэ упщlэ"** зэры*лъытэ*у *лэжьэкlитlы*у зэщхьэщыгъэкlыпхъэщ.

*

Мы къэтlуэтахэмкlэ гурыlуэгъуэ къызэрытхуэхъуауэ, *глаголхэр* я *хьэрычэт* мыхьэнэкlэрэ *"хъупхъэ"* лlэужьыгъуэу -хъурэ гъэзащlэу- *утыку къызэрихьэр* гурыlуэгъуэщи, *япэрей глагол лэжьэкlэри "хъупхъэ"* лэжьэкlэу зэрыщытынур гурыlуэгъуащэщ. Мыпхуэдэу *"хъупхъэ" защlэ зэпыту зекlуэ* лэжьэкlэм *кlуэ пэтрэ "мыхъупхъэ"* –мыхъурэ мыгъэзащlэ- *лэжьэкlэ къызэрытехъукlари* гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, *глаголхэр "хъупхъэ"* лlэужьыгъуэу *къэхъуарэ*, мы къызэрыхъуа щlыкlэуи *занщlэу "хъупхъэ"у лажьэуи* зэрыщlидзауэ мы *зэрызекlуэм* -иужьыlуэкlэ- *"мыхъупхъэ"* лэжьэкlэри *къызэрытехъукlым* -кlуэ пэтрэ- *"гурыщхъуэ"ри утыку къызэригъэхьэкlэрэ гурыщхъуэ* къызыхэщ *къэlуэтэкlэхэри* утыку къызэрихьэнур гурыlуэгъуэнщ. Ауэ икlи, мы гурыщхъуэм зы хэкlыпlэ зэригъуэт лэжьэкlэхэри утыку къызэрихьапхъэр гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэуи *"упщlэ"* лэжьэкlэми зыкъегъэлъагъуэр. Нытlэ, гурыщхъуэ зытещlыхьым елъытарэ теухуауи *"упщlэ"*хэр *"хъупхъэ"*рэ *"мыхъупхъэ"*у зэрызэщхьэщыкlыпхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Ипэкlэ къэтlуэтахэр кlэщlыу мы къызэрытlуэтэжам зэрезэгъкlэ, мы *глагол лэжьэкlэхэр зэрызэлъытарэ зэкlэлъхьэужь*у утыку къихьэу зэрылъытапхъэхэри къызыхэщу мыбдежым зы *таблицэ* къыщыгъэлъэгъуэнри игъуэщ:

**"ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКlЭ" ЛЪАГЪУЭ**

↓ ↓

**ХЪУПХЪЭ** ↓

↓ **МЫХЪУПХЪЭ**

↓ ↓

ГУРЫЩХЪУЭ

↓

**УПЩlЭ**

↓ ↓

ХЪУПХЪЭ УПЩlЭ ← ↓

→ МЫХЪУПХЪЭ УПЩlЭ

*

Ипэкlи зэрыжытlауэ *"глагол"* жыхуэтlэр *"хьэрычэт" мыхьэнэ* зиlэ *псалъэу* аращи, *"глагол лэжьэкlэ"* жыхуэтlэри мы *"хьэрычэт"*ыр утыку къызэрихьэу, *къызэрыхъур*э *зэрыгъэзащlэр зэрылъытэу* къызэрыlуатэ *псалъэ* лlэужьыгъуэрщ. Мыпхуэдэу ухуа псалъэ лlэужьыгъуэхэрщ *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"* жыхуэтlэхэр.

Нытlэ, *"глагол"*ыр зытеухуа *"хьэрычэт" мыхьэнэуэ "хъупхъэ"* лlэужьыгъуэщ натуралу *нормал "глагол"* жыхуэтlэхэр зэрыухуарэ

зэрызэпкъырылъри, мыпхуэдэу ухуа *глаголхэр нормалу зэрылажьэ*ри мы и *"хъупхъэ"* лIэужьыгъуэ *мыхьэнэ*кIэрэщ: **глагол лэжьэкIэ пэщIэдзэр "хъупхъэ"** лIэужьыгъуэщ. Мыпхуэдэу *"хъупхъэ"* лIэужьыгъуэ *мыхьэнэ зилэу ухуа*рэ, *икIи* мы *зэрыухуам хуэдэу*и *лажьэу щIэзыдза* **"глагол"**хэм я **лэжьэкIэ нэхъыщхьэ**рэ икIи я лэжьэкIэ *нэхъыбапIэ*ри **"хъупхъэ"** *лIэужьыгъуэу – къэхъу*рэ *гъэзащIэ*р *зэрылъытэ лэжьэкIэ*у- зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

НытIэ, *"хъупхъэ"* лIэужьыгъуэ *хьэрычэт мыхьэнэ зилэ*ущ *"глагол"* жыхуэтIэр утыку къызэрихьэнури, **"инфинитив глагол"** лIэужьыгъуэу зэрылъытэнури *нэхъапэрэ* **нэхъыбэу**и **"хъупхъэ"**ущ. *"Инфинитив глагол"*хэр *"мыхъупхъэ"у*и ухуэфынщ; ауэ, *"глагол" жыхуэтIэ*м теухуауэ мы къэтIуэтахэм *гурыIуэгъуэ къызэрытхуащI*щи, *"глагол"*ыр *занщIэу "мыхъупхъэ"у* ухуэныр *игъуащэкъым*. Мы жытIам гурыIуэгъуэ къызэрытхуищIщи, **глагол**хэр **"инфинитив"**у **"мыхъупхъэ"**у *щыухуэнур*и *а глаголыр* **"хъупхъэ"**у утыку къихьа **нэужьыIуэ**рауэ зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ.

Мы къэтIуэтахэмкIэ гурыIуэгъуэр араЩи, *глаголхэр "инфинитив"у "мыхъупхъэ"у* -мащIэми- *ухуэфу* щыт щхьэ, *глагол*хэм теухуауэ *"мыхъупхъэ"* щылъытэр *нэхъыбэу глагол лэжьэкIэ*ущ: *"мыхъупхъэ"* – мыхъурэ мыгъэзащIэ- лъытэныр нэхъ *игъуэ щыхъур глагол*хэм я *лэжьэкIэущ*. ИкIи, "глагол"хэр зэрыухуэм теухуауэ къыхэдгъэщахэм гурыIуэгъуэ къытхуащIри *"глагол"*хэр *"мыхъупхъэ"у лажьэу зэрыщIидзар* абыхэм я *"хъупхъэ"* лэжьэкIэм *иужьыкIуэкIэ*у зэрыщытынуращ.

## "УПЩIЭ"РЭ И КЪЭIУЭТЭКIЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

Мы зэрыжытIауэ, *глагол*хэр *"инфинитив"у "мыхъупхъэ"у* мащIэу *ухуэфу* щытыныщ; ауэ, **"глагол"**хэр **"инфинитив"**у **"гурыщхъуэ"** зыхэлърэ **"упщIэ"** лIэужьыгъуэу зэры**мыухуэ**фынури гурыIуэгъуэнщ. Сыт щхьэ жыпIэмэ, *"хьэрычэт" мыхьэнэ* зиIэрщ *"глагол"* жыхуэтIэри, мы *"хъупхъэ" лIэужьыгъуэ*у зэрыщытым *"гурыщхъуэ"* зытемыщIыхьыпхъэр наIуэщ, икIи *"упщIэ"*уи *ухуэфынкъым*. НытIэ, *"хъупхъэ"* лIэужьыгъуэу утыку къихьа *нэужь*, глаголыр *"инфинитив"у "мыхъупхъэ"у*и ухуэфыну щытми, глаголыр утыку къыщихьэм хуэдэжу *иужькIи "инфинитив"у "гурыщхъуэ"* зыхэлърэ *"упщIэ"у* зэры*мыухуэфын*ур гурыIуэгъуэнщ.

Икlи, *"глагол лэжьэклэ"*у **"хъупхъэ"р** глагол лэжьэклэ **пэщlэдзэ**у зэрыщытрэ, абы **нэужь***ылуэ*у утыку къихьари **"мыхъупхъэ"** лэжьэклэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ; *"хъупхъэ"мрэ* и нэужьу утыку къихьа мы *"мыхъупхъэ"м* къыклэлъыклуэу *зэдащlа*уэ лъытапхъэщ **"гурыщхъуэ"**ри, абы *и хэклыплэ*у зыкъэзыгъэлъагъуэ **"упщlэ"** *лэжьэклэ*ри *"гурыщхъуэ"р зи лъабжьэ*рщ.

*"Гурыщхъуэ"*м *къыхэхъукl*ыу утыку къихьэ *"упщlэ"*р икlи *"гурыщхъуэ"*ми *клэ езыт*у ар (гурыщхъуэр) *зыух*ырщи, *"упщlэ"*р утыку къыщlихьэм *щхьэужыгъуэ* хуэхъурэ икlи *зыхуэунэтlар*и мыращ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, *"упщlэ"р зыхуэгъэза*р *гурыщхъуэ зыхэмылъ* лъыклэрэ къэlуэтэклэ – зы пэжыгъэрщи, нытlэ, *"упщlэ"*м *пэджэж*ынур *"хъупхъэ"*рэ *"мыхъупхъэ"* лlэужьыгъуэ "глагол лэжьэклэ"у ухуа псалъэрщ. "Гурыщхъуэ"м къыхэхъуаклауэ щыт *"упщlэ"*м къы*пэджэж*ынухэр *"гурыщхъуэ"р къызытехъукla "хъупхъэ"*рэ *"мыхъупхъэ"*у *"гурыщхъуэ" зыхэмылъ*хэрщ.

Мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщщи, "гурыщхъуэ"р зи лъабжьэ "упщlэ"м и пэджэжыр "гурыщхъуэ"р къызытехъукla "хъупхъэ"рэ "мыхъупхъэ" лlэужьыгъуэ псалъэхэращ – глагол лэжьэклэ"хэращи, "хъупхъэ"рэ "мыхъупхъэу" дауи щырет, **"гурыщхъуэ"** зытещlыхьым зэры**темыщlыхьыж** псалъэр икlи **"упщlэ"**ми и **пэджэж псалъэ**ращ — глагол лэжьэклэрщ. Аращи, *"хъупхъэ"* лlэужьыгъуэ псалъэм *къытехъукl*ыр *"хъупхъэ"*м тещlыхь *"гурыщхъуэ"* лlэужьыгъуэрэ *"упщlэ"*ращи, мы *"гурыщхъуэ"* лlэужьыгъуэрэ *"lупщlэ"*м *занщlэу и пэджэж*ри къызытехъукla *"хъупхъэ"* лlэужьыгъуэ *псалъэ*ращ, – е *и "мыхъупхъэ"* лlэужьыгъуэ псалъэращ.

Нытlэ, *"хъупхъэ"* лlэужьыгъуэу *къежьэ*рэ *"мыхъупхъэ"*ми *"гурыщхъуэ"* къызэригъэщlыу *гурыщхъуэхэкl*рэ *гурыщхъуэух* лlэужьыгъуэ *"упщlэ"*ми хуэклуэу *"глагол лэжьэклэ"*р *"упщlэ пэджэж"кlэ*ри *къызэрежьа*уэ щыта *"хъупхъэ"* -икlи "мыхъупхъэ"- лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэклэ"*м зэры*хуэклуэжу*, мы зи гугъу тщla *"глагол лэжьэклэ"*р зыр зым къытехъуклрэ зэрызэпыщlауэ *зэрыубгъу*у мы зэрызеклуэ *лъагъуэ*р *хъурей формэ*у зэрыщытри къызыхэщ зы *таблицэ*ри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэныр игъуэщ:

**"ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКlЭ"ХЭМ Я ЗЭПЫЩlЭ ЛЪАГЪУЭ**

**→→ ХЪУПХЪЭ ГЛ. ЛЭЖЬ.**




*

*"Упщlэ"* жыхуэтIэ адыгэбзэ псалъэм къикIыр *"щlэ(н)ыпl - щlэныпlэ"* (пl-щl) *ужьыгъуэ*у (у) зэрылъытапхъэм ипкъ зэриткIэ, *"упщlэ"*р зытеухуа сытми и *щlэныгъэ*р *зэрыужь*рэ зэры*хэхъуэ*нур гурыIуэгъуэнщ. – Адыгэбзэм мы и *"упщlэ"* псалъэм хуэдэ мыхьэнэ иIэуи лъытапхъэщ *гъэзэщlапхъэ*у *упщlэ зэпэщу гъэпса*хэр хамэбзэу зэрылъытэ *"проблемэ"* псалъэми, "про-блемэ"у абы зэреджапхъэри *"хъупхъэ"*у *"ублапхъэм* (блэмэ) *и пэ къихуэ* (про)" жыхуиIэу жыIэпхъэщ. Мы жытIами къызэрыхэщщи, *"упщlэ"рэ "проблемэ"*р *"гупщысэн"*ри *зэрыужь*рэ зэрыхэхъуэ -зэрыбагъуэ-*лъабжьэ*у лъытапхъэщ; икIи, *"упщlэ"*ри япэрауэ *"гурыщхъуэ"м къызэрыхэхъукI*рэ *"гупщысэн"*ми лъабжьэ зэригъуэту абы *пэщlэдзэ* хуэхъуи лъытапхъэщ.

Аращи, *"упщlэ"*р *лъыта*рэ утыку къихьа *нэужь,* ар *зылъыта*рэ *къэзыгъэщlа псэлъэбзэми* езым и *щlэныгъэ*рэ и *лэжьэкIэкIэм ужьыгъуэ* зэригъуэтынурэ зы*зэриубгъу*нури гурыIуэгъуэнщ.

НытIэ, бзэ лэжьэкIэм –глагол лэжьэкIэу- *"хъупхъэ" нэужь*ым *"мыхъупхъэ"* къызэрыхъум *къихь гурыщхъуэ*м тещIыхьащ *"упщlэ"*ри, бзэ лэжьэкIэу япэрауэ *утыку ит мы глагол лэжьэкIэхэм "упщlэ"* зэры*хищlэну*ри гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэущ *глагол*хэм я *"упщlэ" лэжьэкI*эхэри утыку къызэрихьэнур. Аращи, "гурыщхъуэ"р **"мыхъупхъэ"**у *утыку къихьа лэжьэкIэм* **къихь**ми, ар -**"гурыщхъуэ"**р-япэрауэ **"хъупхъэ"** *лэжьэкI*эращ зы**хуэгъэза**пхъэри, мыпхуэдэуи, *"хъупхъэ"*м езым *гурыщхъуэ* зэрытещIыхькIэрэ **"хъупхъэ"** лIэужьыгъуэ **"упщlэ"**ращ утыку къихьэр. Мыбы **нэужь**уи *"мыхъупхъэ"* лIэужьыгъуэ *лэжьэкI*эхэми *гурыщхъуэ* тещIыхьыпхъэщи, мыпхуэдэуи **"мыхъупхъэ"** лIэужьыгъуэ **"упщlэ"**и утыку къихьэнщ.

Ауэ, ″упщlэ″ псалъэм и мыхьэнэми зэрезэгъкlэ, ″упщlэ″р бзэм хэлэжьыхь хъуа нэужь, *гурыщхъуэ зытещlыхь сытми щlэупщlэу* зэрыщlидзэкlэрэ, бзэ лэжьэкlэу мы *″хъупхъэ″*р *″зэрыхъу″*рэ *″зэрымыхъу″*м – *″щlэхъу″*рэ *″щlэмыхъу″*м, икlи *″зэрыхъуну щlыкlэ″*ми зэрыщlэ**″упщlэ″**кlэрэ глагол лэжьэкlэу утыку ит мы *″хъупхъэ″*м –иужькlи *″мыхъупхъэ″*м- теухуа **гупщысэ**рэ **щlэныгъэ**м икlи езы **бзэ лэжьэкlэ**м **зызэриубгъу**нури гурыlуэгъуэнщ.

Аргуэру къыпытщэжмэ, *″хъупхъэ″м къыкlэлъыкlуэу ″мыхъупхъэ″* утыку къызэрихьэм *къызэрыхэкlкlэ* гум къыщыхъу *″гурыщхъуэ″*р зэрылъытэ *бзэ лэжьэкlэ*рэ *псалъэ*хэр къызэрыхъупхъэнур гурыlуэгъуэнщи, мы *″гурыщхъуэ″м къыхэхъукl*ыу абы *кlэ езыт*рэ *бзэ лэжьэкlэр ужьыгъуанlэ*хэм *хуэзыш*эу щыт *″упщlэ″*ри мы утыку къызэрихьэми щыгъуазэ дыхуэхъуащ. Икlи, ″гурыщхуэ″м къыхэхъукl *″упщlэ″р япэу зыхуэзыгъаз*эри *″хъупхъэ″ бзэ лэжьэкlэ*рауэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, япэу *″хъупхъэ″* лlэужьыгъуэу *къэхъу*м –иужькlи *″мыхъупхъэ″* лlэужьыгъуэу *мыхъу*м- зыхуэзыгъазэ *″упщlэ″* лlэужьыгъуэ *бзэ лэжьэкlэ*хэм –*″хъупхъэ″рэ ″мыхъупхъэ″* лlэужьыгъуэ *″упщlэ″* глагол лэжьэкlэхэм- къы*пэджэжынухэр*и щыlэнщи, мыхэри *″упщlэ″*м бзэм хуигъэзащlэ *ужьыгъуэ* лlэужьыгъуэхэрщ.

## ″ГУРЫЩХЪУЭ″РЭ И КЪЭlУЭТЭКlЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

Зэрыигъуэрэ хуэфащэу дызытепсэлъыхьа *″упщlэ″* лlэужьыгъуэ *″глагол лэжьэкlэ″р ″хъупхъэ″рэ ″мыхъупхъэ″у mlу*уэ зэщхьэщыкlыу гурыlуэгъуафlэ ″глагол лэжьэкlэ″у зэрыщытри жыlэпхъэщ. Икlи, мы ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *фlэкlынlэ имыlэу ″пэджэж″ зиlэну ″упщlэ″м ″хъупхъэ″* –икlи ″мыхъупхъэ″- лlэужьыгъуэкlэрэ мы и *пэджэжхэмкlэ*рэ *″глагол лэжьэкlэ″ пэщlэдзэ*ми *пыщlэжын* къалэн зэригъэзащlэри гурыlуэгъуэщ.

Ауэ, ″упщlэ″м ипэ къихуэрэ абы лъабжьэ хуэхъуауэ щытми, *″упщlэ″р ″гурыщхъуэ″м елъытауэ* нэхъ *гурыlуэгъуафlэ*рэ *лэжьаклуэ*у зэрыщытым папщlэ, *″глагол лэжьэкlэ″*хэм теухуа *мы лэжьыгъэм ″упщlэ″р япэ* идгъэщу *щыгъуазэ дыхуэхъуащ*. Нытlэ, *мы илъабжьэми ″гурыщхъуэ″м*рэ къызэрыlуатэ щlыкlэхэм щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

Мы зэрыжытlауэ, мыбдежым **″гурыщхъуэ″**у *гум щызеклуэ зэхъуэкlыныгъэ*мрэ икlи мыпхуэдэу утыку къихьэу къызэрыlуатэ **″глагол**

**лэжьэкlэ″**хэми щыгъуазэ дыхуэхъун иужь дихьэнщ. Ауэ икlи, *гум щызекlуэ*рэ *гур зэрызэхэтхъуэ*у *зэрызэхъуэкl*ыр *зэрылъытэ "гурыщхъуэ"*р *лъытэгъуафlэ*рэ икlи *къэlуэтэгъуафlэ*уи *лъытапхъэнкъым*и, нытlэ, *"гурыщхъуэ"р* –фlэкlыплэ имыlэу ″пэджэж″ зиlэу ″глагол лэжьэкlэ″хэри зэзыпхыж ″упщlэ″м хуэдэу *къэlуэтэкlэ*рэ *"глагол лэжьэкlэ"*у *хуиту зэрымылъытапхъэ*ри гурыlуэгъуэнщ.

Мы къэтlуэтахэми ипкъ зэриткlэ, гум къыщекlуэкl зэхъуэкlыныгъэу ″гурыщхъуэ″р къызэрыlуэтапхъэри зэмылlэужьыгъуэу лъытапхъэщи, *"гурыщхъуэ"м теухуа* къэlуэтэкlэрэ *"глагол лэжьэкlэ"*хэри *и кlуэцlкlэ зэщхьэщыгъэкlыпхъэ*щ. Дауи, *"гурыщхъуэ"*р *гум къыщекlуэкl зэхъуэкlыныгъэ*м теухуащи, мыпхуэдэу *"гурыщхъуэ"щl дыдэм щылъыт*эхэр къызэрыlуатэр **″гурыщхъуэ″ лlэужьыгъуэ ″глагол лэжьэкlэ″**хэу лъытапхъэмэ, *"гурыщхъуэ"р гум къыщекlуэкlа нэужь*ым *къэхъур зэрылъыт*эрэ *къызэрыlуат*эхэри **″гурыщхъуэ″ нэужь ″глагол лэжьэкlэ″**хэу лъытапхъэнщ.

Нытlэ, *"гурыщхъуэ" дыдэм* е абы *къыкlэлъыкlуэу лъытэм* теухуауэ лъытапхъэщ мыбдежым зи гугъу тщlы **″глагол лэжьэкlэ″**хэри, мы зэрыжытlауэ **″гурыщхъуэм теухуа глагол″**хэр **гупитl**ыу зэщхьэщыкlыу щыгъуазэ хуэхъунри игъуэщ. Аращи, *"гурыщхъуэ"м теухуа*уэ япэ *къэхъухэр "гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ "глагол лэжьэкlэ"*хэращ; абыхэм *къакlэлъыкlуэу* къэхъурэ утыку къызэрихьэхэр къызэрыlуатэри *"гурыщхъуэ" нэужь "глагол лэжьэкlэ"*хэрщ.

Ауэ, *хуиту къэlуат*эрэ бзэми хуиту хэлэжьыхьу щыт *"упщlэ"*м и *пэджэж*хэу щыт ″хъупхъэ″рэ ″мыхъупхъэ″ лlэужьыгъуэу езы *"упщlэ"*ри - ″гурыщхъуэ″ри лъабжьэ хуэхъуу- *къызытехъукla* къэlуэтэкlэхэр зэры*теуплlэнщl*экlэрэ *бзэ лэжьэкlэр багъуэ*у икlи зэрызэпыщlэжхэри гурыlуэгъуэщ. ″Упщlэ″р мыпхуэдэу щыт щхьэ, абы лъабжьэ хуэхъууэ зи гугъу тщlы *"гурыщхъуэ"*р *мыпхуэдэкъым*. *Гум къыщекlуэкl зэхъуэкlыныгъэ* зэрылъытэ *"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ* къэlуэтэкlэхэмрэ, къыкlэлъыкlуэу аргуэру *гум хисэп зыхэлъ* лlэужьыгъуэхэу *къыщекlуэкl "гурыщхъуэ" нэужь* къэlуэтэкlэхэр *хуиту утыку* къызэр*имыхьэ*нурэ *къэlуэтэгъуафlэ*уи зэры*щымыт*ынухэр гурыlуэгъуэнщ. Аращи, гум къыщекlуэкlыу щыт ″гурыщхъуэ″р къызэрыlуатэ щlыкlэхэр ″упщlэ″м хуэдэу хуиту бзэм зэрыхэмылэжьыхьыфынур гурыlуэгъуэнщ. Зэрыжытlауэ, *гум ибжьэрэ щэхууи къыщекlуэкl*хэм теухуащ *"гурыщхъуэ"м теухуа къэlуэтэкlэ*хэри, ″упщlэ″хэр я пэджэжкlэрэ адрей глагол лэжьэкlэхэм занщlэу

зэрызэпыщlам хуэдэ зэпыщlэныгъэ зиlэ къэlуэтэкlэу зэрыщымытхэр гурыlуэгъуэщ. ″Гурыщхъуэ″ теухуа къэlуэтэхэр и кlуэцlкlэ гупитlыу мы зэрызэщхьэщыкlыр зэрызэпыщlарэ дэтхэнэ зы гупри езым и кlуэцlкlэ зэрызэпыщlар гурыlуэгъуэщи, мы езым хуэlуа лэжьэкlэхэр ″упщlэ″ми лъабжьэ хуэхъуу щыт щхьэ, ″упщlэ″м хуэдэу занщlэу ″глагол лэжьэкlэ″хэм пыщlарэ зыгъэбагъуэу лъытапхъэкъым. Мыхэр езым хуэlуа ″глагол лэжьэкlэ″хэрщи, *гупщыс*эрэ *щlэныгъэ*м икlи *флэщхъуныгъэ*ми *лъабжьэ* хуэхъурэ ахэр зыгъэбагъуэхэрщ. Нытlэ, *″гурыщхъуэ″ щlыб бзэ лэжьэкlэ*у щыт нормал ″глагол лэжьэкlэ″хэр *занщlэу зыгъэбагъуэ*рэ *зэпызыщlэу щыткъым* мы *″гурыщхъуэ″м теухуа ″глагол лэжьэкlэ″*хэм, ауэ -занщlэу ямыгъэбагъуэми- *индиректу зэрагъэбэгъуэ*нури наlуэщ.

Ауэ, *″гурыщхъуэ″*р *гупщыс*эрэ *еплъыкlэ зыгъэбагъуэ*у *щlэныгъэ*ми *лъабжьэ* хуэхъуу зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ. *″Гурыщхъуэ″р зи лъабжьэ*у щыт *″упщlэ″*ми *мыпхуэдэ къалэн*хэр зэригъэзащlэри жытlагъащи, нытlэ, мыхэри *″упщlэ″мрэ ″гурыщхъуэ″м ягъэзащlэ* зэхуэдэ *къалэн*кlэ *зэщхь*рэ *зэпэгъунэгъу*у зэрыщытым теухуащ.

″Упщlэ″рэ ″гурыщхъуэ″р зэрызэщхьэщыкlхэм теухууэ ипэкlэ къыхэдгъэщахэм нэмыщl, ахэр зэрызэщхьым теухууэ мы къыхэдгъэщам аргуэру къыпыщапхъэщи, нытlэ, *″упщlэ″м теухуа*уэ ипэкlи жытlауэ щыта *зы псалъэр* икlи *″гурыщхъуэ″ми теухууэ* зэрыщытыр мыбдежым дигу къыщыдгъэкlыжынщ: ***″гурыщхъуэ″*** зыхэлърэ ***″упщlэ″*** лlэужьыгъуэу зэрыщыткlэрэ ***″глагол″***хэр ***″инфинитив″***у зэры**мыухуэ**фынухэри гурыlуэгъуэнщ.

Мы псалъэм къызэрыхэщщи тlэ, -*″упщlэ″м хуэдэжу*- мыбдежым зи гугъу тщlы ***″гурыщхъуэ″м теухуа ″глагол лэжьэкlэ″***хэри *″хъупхъэ″*у –е *″мыхъупхъэ″*уи- ***″инфинитив″***у зэпкъырыува **глагол**хэм **я лэжьэкlэ лlэужьыгъуэ** *закъуэущ* утыку къызэрихьэрэ *бзэм зэрыхэлэжьыхь*ри, ахэр мы глагол я лэжьэкlэу *″инфинитив глагол″*у *ухуэфынкъым.* Зэрыгурыlуэгъуэу, сытым дежрэ дэтхэнэ зы лъэныкъуэкlи –″хъупхъэ″ е ″мыхъупхъэ″у- *лэжьэну гъэпсауэ зэпкъырылъ* псалъэ лlэужьыгъуэрщ *″инфинитив глагол″* жыхуэтlэри, нытlэ, лэжьэну гъэпсын дэнэ къэна, *зэрылэжьэнум ″гурыщхъуэ″ зытелърэ зытезыщlыхь*ыр мыпхуэдэу – ″хъупхъэ″ е ″мыхъупхъэ″у- *лэжьэну гъэпсауэ* зэры*мыухуэххэн*ур наlуэщи, ***″гурыщхъуэ″***м *теухуар* ***″инфинитив глагол″***у **зэпкъырыувэнкъым**.

**″Гурыщхъуэ″м теухууэ.**

Ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, япэу къэхъуауэ лъытапхъэ *"м" макъыр щхьэжу* – ар къызыхэзгъэlукlа псэущхьэм (хьэм: цlыхум)- *"хъупхъэ"*рэ *"мыхъупхъэ" илъытэу* зэрихьэу зэрыщытам хуэдэжу, мыпхуэдэу илъытахэм теухуауэ игум къыщыхъу *"гурыщхъуэ"*хэри *"м" макъклэ*рэ *илъытэу* къызэрыщlэкlынури гурыlуэгъуэнщ. "М" макъыр къызэрыхъуа щlыкlэм зэрезэгъкlэ къызыхэзгъэlукlым мыпхуэдэ щlыкlэкlэрэ зэрихьэу щытми, иужькlэ бзэр зэщlэувэрэ *псалъэхэри къигъэщlы*у щlидза *нэужь*, мы *псалъэхэри* зэрыигъуэкlэ *"хъупхъэ"*рэ *"мыхъупхъэ"*у икlи *"гурыщхъуэ"*и язэрытелъкlэрэ *зэрилъытапхъэ*нури *"м" макъклэ*рэу зэрыщытыпхъэнум ипэкlи гулъытэ щыхуэтщlагъащ. Нытlэ, "м" макъым игъэзащlэ къалэнхэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъум ипкъ зэриткlэ, зы *псалъэр "гурыщхъуэ" зытелъу лъытэн*ри а *псалъэр* зэрыщыту *къэгъэлъагъуэ*уэ икlи *зезышэ "мэ" макъ клэухклэ*рэ зэрыгъэзэщlэфынури жыlэпхъэнщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, зы гуэрыр *утыку къиплъхьэ*у *зэрыбгъэлъагъуэ*рэ икlи а гуэрыр нэгъуэщlым *зэрепт*ыр **щхьэжу "мэ"**кlэрэ зэрылъытэр гурыlуэгъуэщ; ауэ икlи, *узыпэмыплъэххэу къыппыщlэхуэ*у къэхъури *зэрылъытэр щхьэжу* мы *"мэ"клэрэ*у зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Аращи, узыпэмыплъэххэу зэуэ къыппыщlэхуэу утыку къихьэрэ къэхъум *укъызэригъэулэбжь*ыр гурыlугъэущи, мыпхуэдэр занщlэу *гум ибжьэн* лlэужьыгъуэу *гур зэхэзытхъуэ*у *зэхъуэкl*ыпlэ къыхуэзыгъакlуэу *"гурыщхъуэ"* лlэужьыгъуэу зэрыщыткlэ, *щхьэжу* къэlу *"мэ"*кlэрэ лъытэу къызэрыlуэтапхъэри гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, мы *узыпэмыплъэххэу къыппыщlэхуар* зэрылъыта **псалъэ**ми мы **"мэ"**р *клэух* зэрхуэхъукlэрэ – а псалъэмкlэ къэlуатэ lуэхугъуэм теухуауэ- **"къэулэбжьын"** лlэужьыгъуэу **"гурыщхъуэ"** зэрылъытэфынури гурыlуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэуи, *"мэ"м щхьэжу игъэзащlэ къалэн*ыр ар *клэух зыхуэхъу псалъэхэми хуигъэзащlэу зэрыщlидзэклэ*рэ – *гум къыщеклуэкl зэхъуэклыныгъэ*р зэрылъытэу- *"гурыщхъуэ"* лъытэнрэ *къэlуэтэн*ым *лъабжьэ* игъуэтауэ жыlэпхъэнщи, *"къэулэбжьын" нэмыщl "гурыщхъуэ" зэмылlэужьыгъуэ*хэри мыпхуэдэу *"мэ" клэухклэ зэрылъытэ "глагол лэжьэклэ"*хэри утыку къихьагъэнщи, нытlэ, мыпхуэдэхэми мы илъабжьэм гулъытэ щыхуэтщlынщ.

Мы къэтlуэтахэм къыхэщ "гурыщхъуэ" зэмылlэужьыгъуэхэр зыгурыдгъэlуэн папщlи япэрауэ *"гурыщхъуэ" псалъэм къикл*ым аргуэру гулъытэ хуэтщlыныр игъуэщ. Аращи, **"гурыщхъуэ"**р **"гум щхъуэ"**

**зэрызекlуэ**рщи, мыпхуэдэуи *"гум зэхъуэкlыныгъэ" къыхуэкlуэн*ырщ. *"Щхъуэ"*р *"хущхъуэ"*рэ *"щхъуэхь/щхъухь"* псалъэхэми язэрыхэтым хуэдэщ ″гурыщхъуэ″ псалъэми зэрыхэтри, нытlэ, ″щхъуэ″ псалъэм къикlри зыгурыдгъэlуэн хуейщ. *Щыlэгъуэ/щыlэкlэ* (щ) *зэхъуэкl*ыныгъэщ (хъуэ) *"щхъуэ"* псалъэри, мы *лъабжьэрызэхъуэкl*ыу щыт *"щхъуэ"*р *щхьэпэ*рэ *гуауэ* къызэрытхуэхъум *елъытащ* ар дэ *"фlы"*рэ (хущхъуэ) *"мыфl"*у (щхъуэхь/щхъухь) зэрытлъытэр. Ауэ гурыlуэгъуэщ *зэрыхъун хъуа*уэ утыку итыр зы *хъугъуэ-фlыгъуэ*у *–"фlы"*уэ- зэрылъытапхъэри, – мыпхуэдэу зэрыщытым ипкъ зэриткlи- *хъуарэ утыку ит*ыххэм и *зэхъуэкlыныгъэ*ри *нэхъыбэу "мыфl"*ыу лъытапхъэщ. Мыращ *"щхъуэ"*р *япэрауэ* занщlэу *"мыфl"*ыу *щlэлъыт*эрэ икlи *бзэми мыпхуэдэу*и хроникэ хэхъухьауэ *щlызэрызекlуэр*. Нытlэ, *"гу"м къыщыхъу*у щызекlуэ мы *"щхъуэ"*р зэрылъытэ *"гурыщхъуэ"*ри нобэ нэхъыбэу къызэрыдгурыlуэр *"мыфl"* лlэужьыгъуэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, *"щхъуэ"* псалъэр къызэрыхъуарэ и мыхьэнэми гурыlуэгъуэ къызэрытхущlщи, *дэтхэнэ зы щыlэгъуэ/щlыlэкlэ зэхъуэкlыныгъэ*р *"мыфl"у* зэры*мылъытапхъэ*м хуэдэжу, ″гу″м къыщекlуэкl *дэтхэнэ зы* зэхъуэкlыныгъэу *"гурыщхъуэ"*ри *"мыфl"у* зэры*мылъытапхъэ*р гурыlуэгъуэнщ. Мы псалъэми зэрзэгъкlэ ″щхъуэ″рэ ″гурыщхъуэ″у ″фlы″ лlэужьыгъуэхэри щыlэщ.

**Гурыщхъуэ лlэужьыгъуэ глагол лэжьэкlэхэр.**

Нытlэ, *упэмыплъэххэу къыппыщlэхуэм* укъызэригъэ**уlэбжь**у *зэуэ занщlэу гум ибжьэ*у къэхъури гум къыщхъу зы зэхъуэкlыныгъэу зэрылъытапхъэу, зы ***″гурыщхъуэ″*** *лlэужьыгъуэ*у лъытапхъэрщи, ар икlи гум къыщыхъуу щызекlуэ ″щхъуэ″ лlэужьыгъуэу, *"гурыщхъуэ"* **пэщlэдзэ**уи лъытапхъэнщ. Пэщlэдзэу зы ″гурыщхъуэ″ лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэм гулъытэ хуэщlын папщlэ, *"къэулэбжын"* псалъэм нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дыхуэхъунщ: зы **къежьа**пlэрэ пэщlэдзэу (къ) ***″ужьыгъуэ″***у (у) зы **зэман**ыгъуэ **пыухытыкlа**кlэ (lэ) зыкъигъэлъагъуэу и***″бжьэ″***р (къэ-у-lэ-бжь) гурыlуэгъуэ къытхуэзыщlырщ ***″къэулэбжьын″*** псалъэр. *"Къэулэбжьын"*ыр икlи *"щтэн, къэщтэн"* псалъэми и *мыхьэнэгъу*у зэрыщытым гулъытэ хуэщlыпхъэщ: зыгуэрыр а *зэрыщыт*рэ *зэрыщыlэм* (щ) *текlуэтыкl*ыныгъэ (тэ) зэригъуэтыр зэрылъытэрщ ***″щтэн, къэщтэн″*** псалъэр; – мыбдежым зи гугъу тщlыр и физикэ мыхьэнэракъыми, и *псикэ* - эмоцэ (возбужденэ)- *мыхьэнэ*ращ. Нытlэ, мы и *эмоцэ* лlэужьыгъуэ *психэ*

*мыхьэнэ*кlэ *"щтэн, къэщтэн" псалъэр "уlэбжьын, къэуlэбжьын"*ым и мыхьэнэгъуу *"гурыщхъуэ" пэщlэдзэ* лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ.

Мыпхуэдэу *зэуэ занщlэу* къыппыщlэхуэу къэхъу *ужьыгъуэ пыухытыкlа*уэ *уи гум ибжьэ*р (къэylэбжьын) *уи гум* къыщыхъу *зэхъуэкlыныгъэ пэщlэдзэ*р икlи уи щхьэми къырикlуэ *щlэ гуэру* зэрыб**"гъэщlагъуэ"**ри аргуэру *гум щызекlуэ* зы *зэхъуэкlыныгъэ*у **"гурыщхъуэ"** лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэнури гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, *"къэylэбжьын"*ыр *гум* зэр*ибжьэ*кlэрэ *пэщlэдзэ зэхъуэкlыныгъэ*у *"гурыщхъуэ" пэщlэдзэ*у лъытапхъэмэ, *гум ибжьэм гум ирищlэ*ри *щlэ гуэру* зэрылъытэу **"гъэщlэгъуэн"**ырщи, ари *гум къыщыхъуа щlэ гуэрым гулъытэ*и зэрыхуэщlкlэрэ *гум щызекlуэ зэхъуэкlыныгъэ*у зы *"гурыщхъуэ"* лlэужьыгъуэрщ.

*Эмоцэ* лlэужьыгъуэу *нэхъ лъэщ*ри *"къэylэбжьын"*рауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщи, ар упэмыплъэххэу къыппыщlэхуэр уи гум зэрибжьэу къэхъу *имоцэ* лlэужьыгъуэрщ. – "Къэylэбжьын"ым и мыхьэнэгъуу ипэкlэ зи гугъу тщla *"щтэн, къэщтэн"*ри зыгуэрыр стабилу а зэрыщытым (щ) текlуэтыкlыныгъэ (тэ) зэрылъытэрщи, гум къыщыхъурэ щызекlуэ мыпхуэдэ зэхъуэкlыныгъэри "къэylэбжьын"ым хуэдэу *эмоцэ лъэщ* лlэужьыгъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Укъызэры*"уlэбжь"*рэ укъызэры*"щтэ"*у уи *гум ибжьэ*рэ *уи гур* къызэри*пхъуэт*у мы гум къыщыхъур *щlэ* гуэру *гум зэрилъыт*экlрэ аргуэру имоцэ лlэужьыгъуэу къэlуэтапхъэмэ, мыри *"гъэщlэгъуэн"*ыгъэу *етlуанэ*у гум къыщхъу *эмоцэ* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэкlэ"* хъунщ.

Дауи, узыпэмыплъэххэу къыппщlэхуэм теухуа **"къэylэбжьын"**рэ, къыкlэлъыкlуэ **"гъэщlэгъуэн"**ыгъэр **эмоцэ** лlэужьыгъуэу лъытапхъэщи, нытlэ, *"гурыщхъуэ"* лlэужьыгъуэу тлъыта мы *къэlуэтэкlэхэ*у *"глагол лэжьэкlэ"*итlыр икlи мы **"эмоцэ"** лlэужьыгъуэ *къызэрыlуат*э **"глагол лэжьэкlэ"**хэуи зэры*лъытапхъэ*ри гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, мыбы нэгъунэ *къэткlуа лъагъуэми зэрезэгъ*кlэ, *"къэylэбжьын"*рэ *"гъэщlэгъуэн"*у тлъытахэр –*имоцэ*уи лъытапхъэу щытми- *"гурыщхъуэ"* лlэужьыгъуэ *къэlуэтэкlэ*рэ *"глагол лэжьэкlэ"*хэу мы зэрытлъытахэм теухуауэщ мы лэжьыгъэри зэрызедгъэкlуэкlынур.

*"Къэylэбжь"*ыныгъэу *гум* зэрибжьэкlэрэ *гум щlэ*уи мы *къыщыхъу*ар икlи зэры*"гъэщlагъуэ"*у, мы *"гурыщхъуэ"щl* щlыкlэхэм *иудэрабжьэ гур* зы *хэкlыпlэ зэрылъыхъуэ*р аргуэру *гум къыщыхъу зэхъуэкlыныгъэ*у зы

*"гурыщхъуэ"* лIэужьыгъуэу лъытапхъэрщи, мыри мы *"гурыщхъуэ"*гъуэми *иклын*у *хущlэкъу*у **"упщlэ къуапэ"**у лъытапхъэрщ. НытIэ, мыри гум къыщекIуэкI *"гурыщхъуэ"щlыным зы хэклыпlэ къуапэ къызэрыхуэунэхуа*м теухуауэ аргуэру зы *эмоцэ* лIэужьыгъуэуи лъытапхъэщи, мыпхуэдэу зэрыщыткIэ, мы "глагол лэжьэкIэ"р иджыри **"гурыщхъуэ"щl**ыгъуэм къыщекIуэкIыу *зы* **упщlафэ**рэ(?) икIи **эмоцэ**(!) лIэужьыгъуэу лъытапхъэрщ.

*"Упщlэ къуапэ"*р *"эмоцэ"* лIэужьыгъуэи зыхэзыубыдэу **лъэныкъуитl**кIэ хущlэкъу **"гурыщхъуэ"** лIэужьыгъуэ **"глагол лэжьэкIэ"**у лъытапхъэрщи, нытIэ, зыр и *"упщlэ къуапэ"м къытехъукI*ыу *"гурыщхъуэ"м хэклыпlэ хуэхъу*у ипэкIэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа **"упщlэ"** лIэужьыгъуэ **"глагол лэжьэкIэ"**рщ; адрейри, и *эмоцэ* лъэныкъуэм къыкIэлъыкIуэу *щхьэжу къэlуэтэкIэ* зыгъуэт зы **"гурыщхъуэ" нэужь "глагол лэжьэкIэ"** лIэужьыгъуэрщ, – икIи абыи и **пэщlэдзэ**рщ: мыри **"кондицэ" лъытэ** къэlуэтэкIэу **"глагол лэжьэкIэ"**рщ.

Аращи, ипэкIэ *"щlэным пlэ ухуэхъу ужьыгъуэ"* лIэужьыгъуэу тлъытагъа *"упщlэ"*ри *къызытехъукIа иужьрей "гурыщхъуэ"* лIэужьыгъуэ мы *"упщlэ къуапэ"*у икIи *"эмоцэ"* лIэужьыгъуэр – *"гурыщхъуэхэкI"*рэ *"гурыщхъуэух"*у щыт *"упщlэ"м нэмыщl- гуми щызекIуэ щlэн лIэужьыгъуэ*хэми *лъабжьэ* язэрыхуэхъунур гурыIуэгъуэщи, мыхэращ *"гурыщхъуэ" нэужь* къэlуэтэкIэрэ *"глагол лэжьэкIэ"* жыхуэтIэхэри.

Мы къэтIуэтахэм аргуэру къыхэгъэщыпхъэмэ, *"гурыщхъуэ лIэужьыгъуэ глагол лэжьэкIэ"*хэу мы зи гугъу тщIахэм ипэ къихуэ **"къэуIэбжьын"**ыгъэр **"гурыщхъуэ пэщlэдзэ"**у лъытапхъэщ; абы къыкIэлъыкIуэ **"гъэщlэгъуэн"**ыгъэр **"гурыщхъуэ"р "гум зэрибжьэ"**рэ **зэрыхищlэ** зэрылъытэу лъытапхъэрщ; "гурыщхъуэ лIэужьыгъуэ"у **"упщlэ къупэ"**у тлъытари *гум ибжьэрэ зыхищlа* **"гурыщхъуэ"**р зэры**"ужь"**у – *"гурыщхъуэ лIэужьыгъуэ"м къытеужьыкI*ынухэм *лъабжьэ* хуэхъуу-лъытапхъэрщ.

**Гурыщхъуэ нэужь глагол лэжьэкIэхэр.**

НытIэ, *"гурыщхъуэ" лIэужьыгъуэ "глагол лэжьэкIэ"*хэм я *кIэух*ыу щыт мы *"гурыщхъуэ къуапэ"*м *къытехъукIа* зы лэжьэкIэу зи гугъу тщIа *"упщlэ"*хэм ипэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, мы илъабжьэми

*"гурыщхъуэ къуапэ"м къыклэлъыклуэ*у утыку къихьа **"гурыщхъуэ" нэужь "глагол лэжьэкlэ"**хэм *щыгъуазэ* дыхуэхъунщ.

Ипэкlи зэрыжытlауэ, *"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ клэухы*у лъытапхъэ *"глагол лэжьэклэ"*м хиубыдэ *лъэныкъуитl*ым *зым* -"упщlэ къуапlэ"м- *"упщlэ"* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэклэ"* къытехъукlыу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ; ауэ, *"упщlэ"*р "гурыщхъуэ"р зи лъабжьэу "гурыщхъуэ"м къытехъукlыу зэрыщыткlэ "гурыщхъуэ" нэужьуи лъытапхъэ щхьэ, "упщlэ"р *"гурыщхъуэ"м хэкlыпlэ хуэхъу*рэ *клэ езыт*у езым хуэlуа зы *"глагол лэжьэклэ"*рщ. Ауэ, *"гурыщхъуэ"* лlэужьыгъуэ *клэух*ыу зи гугъу тщla *"глагол лэжьэклэ"*м и *"имоцэ" лъэныкъуэ*м *къыклэлъыклуэ*у *"гурыщхъуэ" нэужь*у *пэщlэдзэ*уи тлъыта *"глагол лэжьэклэ"*р иджыри *"гурыщхъуэ"*р *къызщхьэщыт*рэ *зыпэмыжыжьэ*у гум къыщекlуэкl *упщlэжр*э *хьисэпу лъытапхъэ* къэlуэтэкlэу лъытапхъэнщ; – нытlэ, *упщlэжр*э *хьисэп* щыжытlэм дежи, мыр икlи къызытехъукla *"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ къэlуэтэклэ*м хиубыдэ *"упщlэ къуапэ"* лъэныкъуэри *къызыпэщыт* -е зыхэлэжьыхь- *къэlуэтэклэ*уи лъытапхъэрщ.

Мыпхуэдэу лъытапхъэщ *"гурыщхъуэ" нэужь "глагол лэжьэклэ"*хэм я *пэщlэдзэ*ри, абы хиубыдэ упщlэжрэ хьисэпыр зытеухуари къэхъурэ утыку къихьэ дэтхэнэ гуэрыр *къыщlэхъурэ къызэрыхъум теухуа*щи, **"кондицэ лъытэ"** лlэужьыгъуэу, **"гурыщхъуэ" нэужь**у тлъытэ **"глагол лэжьэкlэ"**хэми я пэщlэдзэ къэlуэтэкlэу лъытапхъэрщ.

Дауи, *гу*м къыщекlуэкl *зэхъуэклыныгъэм флыгъуэ* лlэужьыгъуэу *къызэрихь*ыфынури жытlагъащи, кондицэр дауи ирелъытэ, мы къэхъурэ утыку къихьэр п**"флыфl"**рэ узы**"хуей"**уэ щыту уи гум къыщыхъу **гугъэ** *лlэужьыгъуэ* къэlуэтэкlэхэри аргуэру зы **"гурыщхъуэ" нэужь "глагол лэжьэкlэ"**рщ.

Мыбыи къыклэлъыклуэу лъытапхъэщ дэтхэнэ зы *псалъэр а зэрыщыту пэжу аргуэру лъытэн*ри, мыри *псалъэ*м и мыхьэнэ *гъэпэжыж*ыныгъэу зы *"глагол лэжьэклэ"*рщ. Нэхъ гъунэгъуу къэlуэтапхъэмэ, *нормал "глагол лэжьэклэ"*у ухуа *псалъэ*хэр флэщыгъапlэм изыгъэувэу къызэрыlуатэхэр *"р, щ" клэух*хэкlэрэщи, нытlэ, мы клэуххэм *ипlэкlэ "мэ"*м зыкъигъэлъагъуэу псалъэр щыухуэжкlэ, а *псалъэр* а *зэрыщыту къэгъэлъагъуэ*нрэ утыку къилъхьэн къалэнщ зэрыгъэзащlэм папщlэ, а псалъэр *пэжу* зэрыщытыр аргуэру м*элъыт*эри, мыпхуэдэ къэlуэтэкlэри а псалъэр **гъэпэжыжын** лlэужьыгъуэу зы **"гурыщхъуэ" нэужь "глагол лэжьэкlэ"**рщ.

Мыбыхэм къыпыщапхъэрэ мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщи, *"гурыщхъуэ" нэужь*у зи гугъу тщlы *"глагол лэжьэкlэ"*хэр *"гурыщхъуэ"м хэкlыпlэ хуэхъуу кlэ езыту* зэры*мылъытап*хъэхэри гурыlуэгъуэщ.

Мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщщи, **"гурыщхъуэ"**м лlэужьыгъуэрэ **"гурыщхъуэ" нэужь**у зи гугъу тщlахэр **къызэрыlуатэ** щlыкlэхэр я зэхуэдэу **псалъэ**хэм **"мэ" кlэух** къызэращтэущ. Ауэ, *"гурыщхъуэ"* лlэужьыгъуэ глагол лэжьэкlэхэр *"мэ" кlэухкlэ*рэ зэрылъытэу мы зэрыжытlауэ *утыку къихьа*уэ щытми, мыбы къыщымынэу, *иужькlэ нэгъуэщl щlыкlэ*хэуи зэрылъытэу *"гурыщхъуэ нэужь" бзэ лэжьэкlэ*хэр утыку къызэрихьэнури жыlэпхъэнщи, мыпхуэдэхэми *иужькlэ* игъуэ щыхъум деж *щыгъуазэ дахуэхъунщ*.

**"Гурыщхъуэм теухуа глагол лэжьэкlэ"хэм зэдыхэплъэгъуэ.**

Нытlэ, мыбдежым **"мэ" кlэухкlэ** зэрылъытэу утыку къызэрихьауэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа **"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ "глагол лэжьэкlэ"**хэмрэ **"гурыщхъуэ" нэужь "глагол лэжьэкlэ"**хэр утыку къызэрихьэу зэрылъытапхъэ *я зэкlэлъхьэужьыкlэ*ри къызыхэщу зы *таблицэ*м къыщыдгъэлъэгъуэу задыщыхэплъэжынщ:




Ипэкlэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ "глагол лэжьэкlэ"*хэр икlи "имоцэ" лlэужьыгъуэу зэрыщытхэр гурыlуэгъуэщ. Мы *"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ "глагол лэжьэкlэ"*хэм я *кlэух*ыу къэдгъэлъэгъуари *"упщlэ къуапэ"*ращи, ар *"упщlэ"*рэ *"имоцэ"*у *лъэныкъуитl* зэрызыхыубыдэу зэрыщытри ипэкlи щыжытlагъащ. Икlи, мы

*"упщlэ къуапэ"*м мы зыхиубыдэ *лъэныкъуитl*ым зэхуэмыдэ *"глагол лэжьэкlиtl" къызэрытехъукl*ми ипэкlэ и гугъу щытщlагъащи, мы илъабжьэм *"упщlэ къуапэ"*м мы *къытехъукl* зэхуэмыдэ *"глагол лэжьэкlэ"*хэри къызэрытехъукlыр къыщыдгъэлъэгъуэнри игъуэщ. Зэрыгурыlуэгъуэу, *"гурыщхъуэ"* лlэужьыгъуэу *"имоцэ"*уи щыт *"упщlэ къуапэ"*р *зи лъабжьэ*у утыку къихьапхъэ зы *"глагол лэжьэкlэ"*р *"гурыщхъуэхэкl"рэ "гурыщхъуэух"*ыу ипэкlи зэрылажьэ щlыкlэхэм я гугъу тщlа *"упщlэ"* къэlуэтэкlэрэ *"глагол лэжьэкlэ"*ращ. Мыбы нэмыщl, *"упщlэ къуапэ"м къытехъукl*ыну *адрей "глагол лэжьэкlэ"*ри *"упщlэ къуапэ"м и "имоцэ" лъэныкъуэ* зыхэзыубыдэу *"гурыщхъуэ" нэужь "глагол лэжьэкlэ"*хэми я *пэщlэдзэ*у *"кондицэ лъытэ глагол лэжьэкlэ"*ращ. Нытlэ, мы къэтlуэтахэри къызыхэщ зы *таблицэ*ри – мы ипэкlэ къэта *таблицэм и зы тедалу*- мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

| | |
|---|---|
| **"ГУРЫЩХЪУЭ ЛlЭУЖЬЫГЪУЭ"** ► КlЭУХ — "УПЩlЭ КЪУАПЭ" →→→ ГЛ. ЛЭЖЬЭКlЭ (Хъумэ!?) | → ГУРЫЩХУЭХЭКl/ ГУРЫЩХЪУЭУХ: **"УПЩlЭ" ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКlЭ** (Хъурэ?) |
| ↓ | |
| **"ГУРЫЩХЪУЭ НЭУЖЬ"** ► ПЭЩlЭДЗЭ — "КОНДИЦЭ ЛЪЫТЭ" ЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКlЭ (Хъумэ,...) | |

## "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКlЭ"ХЭМ Я "ИНДИРЕКТ" КЪЭlУЭТЭКlЭХЭР

Бзэ лэжьэкlэр зэрыхэхъуэ мы глагол лэжьэкlэщlэхэр гупщысэрэ щlэныгъэ ужьыгъуэми зэрыпыщlахэр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэхэм къыпыщэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэу ужьыгъуэ зыгъуэтрэ зызыубгъу бзэ лэжьэкlэм "глагол лэжьэкlэ"хэщlэхэр къызэригъэщlынур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, *"глагол лэжьэкlэ"*рэ къэlуэтэкlэр *"гурыщхъуэ"*рэ *"упщlэ"*м *елъыта*рэ *къатехъукl*ыу мы *зэрыбэгъуапхъэ*р гурыlуэгъуэщ; ауэ икlи, утыку къихьа дэтхэнэ зы *"глагол лэжьэкlэ"*хэми **и кlуэцlкlэ** зэрыз**щlэупщlэж**кlэрэ зэмылlэужьыгъуэ *къэlуэтэкlэ* къазэрытеухъукlыфынури гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэщ дэтхэнэ зы **"глагол лэжьэкlэ"**р абы хиубыдэ **"щхьэ"**хэм я **лъэныкъуэкlэ къызэрыlуэтэф**ынур.

Нытlэ, ипэкlэ зи гугъу тщlахэр **нормал "глагол лэжьэкlэ"**рэ глаголхэр **занщlэу къызэрыlуатэ** щlыкlэу лъытапхъэмэ, мы *"глагол лэжьэкlэ"*хэр

абыхэм *хаубыдэ "щхьэ"хэм елъыта*рэ *теухуа*уэ –мы ″щхьэ″хэм я лъэныкъуэкlэ- *къызэрыlуатэ* щlыкlэхэри **″индиркт къэlуэтэкlэ**рэ **лэжьэкlэ″**у лъытапхъэщи, мы илъыбжьэм зи гугъу тщlыну ″глагол лэжьэкlэ″хэри мыхэращ.

Ипэрей лэжьыгъэми щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ *"глагол лэжьэкlэ"*хэм *хиубыдэ "щхьэ"*хэми, ахэр *"глагол гуп"*хэмрэ къащтэ *"префикс"*хэм *елъытауэ я бжыгъэкlэ зэщхьэщыl*ыу зэрыщытми щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ; икlи, *"глагол лэжьэкlэ"*хэм *хагъэзэщlыхь къалэнкlэ*рэ *"щхьэ"*хэр *"субъект, объект, дополненэ"*у зэрылъытэхэри гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, глагол лэжьэкlэ″хэр абы хиубыдэу зи гугъу тщlы ″щхьэ″хэр мы я къалэнкlэрэ –мы я къалэн лъэныкъуэкlэ- къызэрыlуэтэжыр гурыlуэгъуэщи, мыбдежым ″глагол лэжьэкlэ″щlэу зи гугъу тщlынури мыхэращ. Нэхъ lупщlыу жыпlэмэ, *"хъупхъэ"*у -*"мыхъупхъэ"*уи- къэlуатэхэр *къызпкъырыкlым* –иужькlи *зыгъэзащlэм*- (″**субъект**″ым) е *зытелэжьыхьым* (″**объект**″ым) е *зыхуэгъэзарэ зытеухуэ*хэм (″**дополненэ**″хэм) **теухуа** *къызэрыlуатэ "глагол лэжьэкlэ"*хэрщ мыбдежым зи гугъу тщlыхэр.

Ауэ икlи, мыпхуэдэхэр ухуагъэххэ ″глагол лэжьэкlэ″хэр хиубыдэ ″щхьэ″ еплъыкlэрэ лъэныкъуэкlэ къызэрыlуэтэжырщи, мыри мы ″глагол″хэр зэрылажьэм теухуа ″упщlэ″хэм къигъэщl ″глагол лэжьэкlэ″щlэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, *"хъупхъэ"рэ "мыхъупхъэ"у къэlуатэхэм хиубыдэ* **″щхьэ″**хэр *я къалэнкlэрэ* зэрылъытэнурэ *къызэрыгъэунэху "упщlэ"*хэм я *пэджэж*хэрщ мы къыхэдгъэща *"глагол лэжьэкlэ"*хэр. Нытlэ, дэтхэнэ зы *нормал глагол лэжьэкlэм хиубыдэ*у щыт дэтхэнэ зы *"щхьэ"р* зэрылъытэрэ *къызэрыгъэунэху*м теухуа *"упщlэ"*хэм я *пэджэж*у – дэтхэнэ зы щхьэм теухуа дэтхэнэ зы ″упщlэ″м и пэджэжу- лъытапхъэщ мы зи гугъу тщlы ″глагол лэжьэкlэ″хэри, мыхэр ″глагол лэжьэкlэ″ лlэужьыгъуэхэм хиубыдэ ″щхьэ″хэм я еплъыкlэкlэ зэрыщlэупщlэжым къытехъукlыу ″упщlэ″ пэджэж лlэужьыгъуэ ″глагол лэжьэкlэ″хэрщ. Аращи, дэтхэнэ зы ″глагол лэжьэкlэ″р абы хиубыдэ дэтхэнэ зы ″щхьэ″ еплъыкlэрэ лъэныкъуэкlэ къызэрыlуэтэжырщи, нытlэ, мыхэр **″индирект къэlуэтэкlэ″**у щыт **″глагол лэжьэкlэ″**хэрщ: **″индирект глагол лэжьэкlэ″**хэрщ.

Дэтхэнэ зы ″глагол лэжьэкlэ″м хиубыдэ ″щхьэ″хэм я къалэн лъэныкъуэкlэ –ар ″щхьэ″р и къалэнкlэ къызэрыхэгъэщауэ- а ″глагол лэжьэкlэ″р индиректу къызэрыlуэтэжырщ. Аращи, дэтхэнэ зы *"глагол*

*лэжьэкlэ"*р хиубыдэ ″щхьэ″рэ и къалэн лъэныкъуэ къызэрыlуэтэжырщи, *хиубыдэ "щхьэ" бжыгъэм хуэдиз "индирект глагол лэжьэкlэ"* утыку къохьэр. *Дэтхэнэ зы индирект къэlуэтэкl*эр *щхьэхуэ щхьэхуэу* лъытапхъэмэ, **″субъект″ лъэныкъуэ**у **индирект** *къэlуэтэкl*эу, **″объект″ лъэныкъуэ**у **индирект** *къэlуэтэкl*эу, **″дополненэ″ лъэныкъуэ**у **индирект** *къэlуэтэкl*эу щытщ **″индирект глагол лэжьэкlэ**хэрщ. Ауэ икlи ″дополненэ″ бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъум ипкъ иткlэ, *"дополненэ" лъэныкъуэу индирект къэlуэтэкlэ бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъуф*ынури гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, мы къэтlуэтахэм теухуауэ *"индирект къэlуэтэкlэ"* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэкlэ"*хэр *дэтхэнэ зы "щхьэ"м* и къалэным зэр*елъыта*рэ икlи утыку къызэрихьэ *я зэкlэлъхьэужьыкlэ*ри зэрылъытапхъэу зы *таблиц*эм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

**″ИНДИРЕКТ″ КЪЭlУЭТЭКlЭУ ″ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКlЭ″ХЭР**

↓ ↓ ↓

″СУБЪЕКТ″ ЛЪЭНЫКЪУЭУ ↓ ↓

″ОБЪЕКТ″ ЛЪЭНЫКЪУЭУ ↓

″ДОПОЛНЕНЭ″ ЛЪЭНЫКЪУЭ(ХЭ)У

*

Мыбы нэгъунэ мы къэтlуэтахэмрэ абыхэм теухуауэ къэгъэлъэгъуа таблицэм теухуауэ мыбдежым аргуэру къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр къыщыпытщэжынщ.

Аращи, *"глагол"* жыхуэтlэ псалъэхэр *зэрылъытапхъэ*рэ икlи *лажьэу къызэрыщlидзэ*у *зэрыбагъуэ*м теухуащ мы ипэкlэ зи гугъу тщlахэри, икlи, *глагол пэщlэдзэ лэжьэкlэ*у *"хъупхъэ" лэжьэкl*эм, етlуанэ лъэбакъуэу *"мыхъупхъэ" лэжьэкl*эм, ещанэ лъэбакъуэуи *"гурыщхъуэ"* зэрылъытэ *лэжьэкl*эхэмрэ ар зэрилъабжьэкlэрэ еплlанэ лъэбакъуэу *"упщlэ" лэжьэкl*эм мы я зэкlэлъхьэужьыкlэр гурыlуэгъуэщ. Ауэ икlи, *"упщlэ" нэужь*у мыбыхэм къыпыщэжыну *"глагол лэжьэкlэ"щlэхэр*и зэрыщыlэнур гурыlуэгъуэщи, *икlэм икlэжым* утыку къихьэну *"глагол лэжьэкlэ"*ри *"индирект къэlуэтэкlэ"*у зэрыщытми гулъытэ хуэтщlыу щыгъуази дыхуэхъуащ.

Аргуэру *къыпыщапхъэ*рэ мыбдежым *къыщыхэгъэщыпхъэщи, "глагол лэжьэкlэ"* лlэужьыгъуэу *"гурыщхъуэ"*рэ нэхъыбэуи **″упщlэ″**р **къыщыхъуа**м дежыр **глаголхэр** иджыри **зэщхьэщымыкlыщэ**у щыщытрагъэнщ. Аращи, *"глагол"у тлъытэхэр иджыри "езырыж глагол"* лlэужьыгъуэхэу щытрэ *"lуэху глагол"хэр иджыри щымылъыта*м

*щыгъуэ*рауэ жыIэпхъэщ *"*мыхъупхъэ*"* нэужьу *"гурыщхъуэ"м* зыкъигъэлъагъуу *"упщlэ"* лIэужьыгъуэ *глагол лэжьэкlэ*ри *утыку къыщихьар*и, глагол лэжьэкIэу *"хъупхъэ"рэ "мыхъупхъэ"*у мы тлъытахэр иджырэ *къэхъу-къэщlыгъуэ*хэм *теухуа*уэ щыщытрагъэнщ. НытIэ, *"гурыщхъуэ"*рэ *упщlэ" лэжьэкlэ*р къызытехъуклауэ мы зи гугъу тщIы *"хъупхъэ"*рэ *"мыхъупхъэ"* лэжьэкIэхэр *"къэхъу"*рэ *"къэмыхъу"*м *теухуа*гъэнти, - *"lуэху глагол"*хэр иджыри зэрымылъытам ипкъ зэриткIэ-иджыри *"гъэзащlэ"*рэ *"мыгъэзащlэ"*м *теухуагъэнтэкъым*.

Ауэ икIи, *глагол пэщlэдзэ*у утыку къихьахэр *"езырыж глагол"*хэрами, ахэри *"инфинитив"у* ухуауэ *утыку къызэримыхьа*рэ, *псалъэ* лIэужьыгъуэу *–глагол лэжьэкlэ*у- къызэрыхъуари гурыIуэгъуэнщи, *иужькlэ "lуэху"* лIэужьыгъуэу *гъэзащlэ*хэр *зэрылъытэ* щIыкIэкIэ утыку къихьа *псалъэ*хэм *– глагол лэжьэкlэ*хэм- зэрелъытакIэрэ *иужьыIуэкlэ* мы я *лэжьэкlэ*кIэ *–псалъэ ухуэкlэ*кIэ- *зэрызэщхьэщыкl*ым теухуауэ *"езырыж глагол"рэ "lуэху глагол"*у глаголхэр а нэхъ *лъабжьэу зэщхьэщыкl*ыу зэрылъытари гурыIуэгъуэнщ.

## ЕТIУАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ
## "ХЪУПХЪЭ" ЛIЭУЖЬЫГЪУЭ "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКIЭ"ХЭР

### "ХЪУПХЪЭ" ЛIЭУЖЬЫГЪУЭ НОРМАЛ "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКIЭ"ХЭМРЭ УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭУ ЗЭРЫБАГЪУЭ ЛЪАГЪУЭМ ТЕУХУАУЭ

Япэрауэ, глаголхэм теухуа дэтхэнэ зы лэжьэкIэри зы глагол лэжьэкIэу игъуэрэ нормалу зэрыщытыр гурыIэгъуэщи, нытIэ мы псэлъащхьэм *"глаголхэм я нормал лэжьэкlэ"* жыхуиIэ псалъэм къикIыр зыгурыдгъэIуэн хуейщ. НытIэ, мыбдежым *"глагол"*хэм я *"нормал лэжьэкlэ"*у зи гугъу тщIырэ *тлъытэр "глагол лэжьэкlэ"*хэр *къыщlидзэ*рэ *зызэриубгъум* теухуауэ лъытапхъэхэрщ; икIи, *"глагол лэжьэкlэ"* щыжытIэм деж, *нэхъыбэу дигу къэкI*рэ *глагол лэжьэкlэм и нэхъ lыхьэшхуэ*ри зыIыгъырщ. Мы глагол лэжьэкIэхэр *грамматикэ*ми *нэхъыбэу щылъытэ*у, *"глагол лэжьэкlэбг"*уи щытуи лъытапхъэхэрщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэу, *къэхъу-къэщlыгъуэ*рэ *гъэзэщlапхъэ* лIэужьыгъуэ *хьэрычэт* зылъытэрщ *"глагол"* жыхуэтIэри, ар езыр *"хъупхъэ"* лIэужьыгъуэщ. НытIэ, мы *"хъупхъэ"* лIэужьыгъуэхэри япэрауэ *къыщыхъу* дэтхэнэ зы *зэманыгъуэм елъытауэ*щ къызэрыIуари, *нормал "глагол*

*лэжьэкlэ"*у мы зи гугъу тщlыр мыпхуэдэхэр зэрылъытэ глагол лэжьэкlэхэрщ. Нэхъ зэlухауэ жыlэпхъэмэ, **къэхъу**рэ **гъэзащlэ**р *къыщыхъурэ щыгъэзащlэ* **зэманыгъуэкlэ**рэ **занщlэу къызэрыlуатэ**хэрщ мы зи гугъу тщlыри, нытlэ, *къэхъурэ гъэзащlэ*хэр *къыщыхъурэ щыгъэзащlэ зэманыгъуэ*хэр *зыхэзыубыдэу занщlэу къызэрыlуатэ*хэрщ мы **нормал "глагол лэжьэкlэ"**у зи гугъу тщlыхэр. Ар щыхъукlи, мыхэр *флэщыгъэ зыхэлъ къэlуэтэкlэ*хэрщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, *къэхъурэ гъэзащlэ*у зэрыщытыр уи *флэщу щытыр*, ар къэхъурэ гъэзащlэу щыту *псалъэгъу* е *плъэгъуа*р *къызэрыlуатэ глагол лэжьэкlэ*хэрщ. Нытlэ, *"хъупхъэ"* лlэужьыъуэ *нормал "глагол лэжьэкlэ"* жыхуэтlэхэр *къэхъурэ гъэзащlэу плъагъур занщlэу къызэрыlуатэ*у **хъыбар** лlэужьыгъуэхэр; *уи* **флэщ** *хъуа*рэ **флэщыгъэ** *зыхэлъ* лlэужьыгъуэхэр; икlи, **флэщхъуныгъэ** лlэужьыгъуэхэр къызэрыlуатэ щlыкlэхэрщ.

Глагол лэжьэкlэ лlэужьыгъуэу *нэхъыщхьэ*у лъытапхъэ мы *"хъупхъэ"* лlэужьыгъуэ *нормал "глагол лэжьэкlэ"*хэр икlи *нэгъуэщl "хъупхъэ"* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэкlэ"щlэ*хэри къызытехъукlхэрщи, мыпхуэдэхэми мы илъабжьэм щыгъуазэ дыщыхуэхъунущ.

Ауэ икlи, ипэкlэ къэтlуэтахэмкlи гурыlуэгъуэщ *"хъупхъэ"* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэкlэ"*хэр *"мыхъупхъэ"* лlэужьыгъуэ "глагол лэжьэкlэ"хэмрэ, *"упщlэ"* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэкlэ"*рэ *"упщlэ нэужь"* глагол лэжьэкlэхэми *ипэ къихуэ*рэ *лъабжьэ* язэры*хуэхъуа*ри гурыlуэгъуэщи, мыбдежым зи гугъу тщlы мы *"хъупхъэ"* лlэужьыгъуэ *нормал "глагол лэжьэкlэ"*хэр мыбыхэм теухуауи *бжьыпэр зылыгъ*ыу лъытапхъэхэрщ.

Мы къыхэдгъэщахэмкlи гурыlуэгъуэнщи, *"глагол лэжьэкlэ"*хэм теухуауэ мы дызыхэхьа *лэжьыгъэр нэхъыбэу* зэрызекlуэну щlыкlэри *"хъупхъэ"* лlэужьыгъуэу мы зи гугъу тщlы *нормал "глагол лэжьэкlэ"хэм теухуа*уэщ. Ауэ икlи, мыбыхэм нэгъуэщl *"хъупхъэ"* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэкlэ"*хэр къазэрытехъукlынури мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ.

Мы зэрыжытlауэ, мы дызыхэхьа "глагол лэжьэкlэ"хэм теухуа лэжьыгъэр нэхъ зэрызекlуэнурэ икlи нэхъыбапlэ зыlыгъынури *нормал*у тлъыта мы *"глагол лэжьэкlэ"*хэм теухуащи, мыхэр *лъабжьэ зыхуэхъу*у мыбыхэм *къатехъукl* нэгъуэщl *"хъупхъэ"* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэкlэ"*хэмрэ, *"мыхъупхъэ, упщlэ, упщlэ нэужь"* лlэужьыгъуэ *адрей "глагол лэжьэкlэ"*хэми игъуэ зэрыхъурэ ирикъун щапхъэхэр къахуэтхьу *щхьэхуэ лэжьыгъэ lыхьэхэм щыгъуазэ* дыщыхуэхъуну зэрыщытри мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ.

Нытlэ, мыхэр къыхэдгъэща нэужь, *"хъупхъэ"* лlэужьыгъуэ мы *нормал "глагол лэжьэклэ"*хэр *утыку къихьэу зэрылъытапхъэ*рэ *зызэриубгъу*м мы илъабжьэм лъэбакъуэ лъэбакъуэу щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

**"Иджы"м къыщlидзэу "блэкla"рэ "къэклуэну"м хуэклуэу.**

Ипэклэ къэтlуэтахэми зэрыпыщlаклэрэ аргуэру къыхэгъэщыпхъэщ *"упщlэ"р яп*эрауэ *зыхуэгъэза*рэ зытеухуэр *"хъупхъэ"* лlэужьыгъуэрауэ зэрыщытынур. Икlи, **иджы къэхъум теухуа**уэ лъытапхъэщ **япэрей "упщlэ"**ри, -зэрыжытlауэ- мыри **"хъупхъэ упщlэ"** лlэужьыгъуэу зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ. Мыбы *къыклэлъыклуэу*и **етlуанэ "упщlэ"**ри **иджы къэмыхъу**у щытым –иджым къыщымыхъум- *теухуауэ утыку къихьагъэнщ*и, мыри **"мыхъупхъэ упщlэ"**рщ.

*"Упщlэ"*р *щlэныгъэ*рэ *лэжьэклэ ужьыгъуанlэ*рщи, мы *иджы къэхъу*м - къыклэлъыклуэуи къэмыхъум- теухуауэ утыку къихьэ *"упщlэ"*р клуэ пэтрэ *иджыми утыку ит*у **къэхъуагъэххэ**у щытым –къыклэлъыклуэуи **къэмыхъуа**уэ щытми- зэры*хуэунэтl*ынури гурыlуэгъуэнщи, *"зэманыгъуэ"у* **"блэкla"**м **теухуа "упщlэ"**хэмрэ я **"пэджэж"**хэуи **"блэкla зэманыгъуэм теухуа глагол лэжьэклэ"**хэми (пп: къэклуащ) зыкъагъэлъэгъуэнщ.

Араща, *иджы къэхъуу щытым гулъытэ хуэзыщl*ыу къэзыlуатэр -клуэ пэтрэ- абы зэрыщlэ*"упщlэ"*жклэрэ -клуэ пэтрэ- *къэхъуагъэххэ*у щыту *иджыми утыку ит*у щытми *гулъытэ хуищlыу зэрыщlидзэ*ращ мы зи гугъу тщlар. Нытlэ, зы *блэкla джыгъуэм* –**блэкla** зы *"***иджы"**м- *къыщыхъуа*уэ зэрыщытми *гулъытэ зэрыхуэщlыр*щ мыри, икlи **"зэман"**ыр лажьэу **зэрызеклуэ**ми *–пыухытыкла*уэ *"***зэманыгъуэ"**ми- *гулъытэ* зэрыхуэщlыу *зэрыщlидзэ*рщ.

Нытlэ, мы *"иджы"м нэмыщl* зы *зэманыгъуэ*у щыт *"блэкla зэман"*ри зы джыгъуэу *блэкla* зы *"иджы"*уэ *щыта*уэ мы зэрилъытам хуэдэжу, мы *иджырей "иджы"м къыклэлъыклуэ джыгъуэ*у аргуэру *зы "иджы"*ми – **къэклуэну** зы *"***иджы"**ми- гулъытэ хуэщlыпхъэнти, **"къэклуэну зэманыгъуэ"**у къэхъур *къыщыхъуну* зы *джыгъуэ*м –зы *къэклуэну "иджы"*м- мы гулъытэ зэрыхуэщlклu бзэ лэжьэклэу **"къэклуэну зэманыгъуэм теухуа глагол лэжьэклэ"** (пп: къэклуэнущ) зэрилъытэнури гурыlуэгъуэнщ. Араща, "къэклуэну зэманыгъуэ"мрэ абы теухуа глагол лэжьэклэр "блэкla зэманыгъуэ"мрэ абы теухуа глагол лэжьэклэ нэужьу

утыку къихьауэ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. – Мы *"хъупхъэ"* лIэужьыгъуэ *лэжьэкIэ нэужь*уи *"мыхъупхъэ"* лIэужьыгъуэу *"къэкIуэну зэманыгъуэм* -къыщымыхъунум- *теухуа лэжьэкIэ"*и зэрылъытэфынури гурыIуэгъуэнщ.

Дауи, ипэкIэ гулъытэ зэрыхуэтщIауэ, *"хъухъэ" нэужьу* утыку къихьэ *"хъупхъэ"м* къихь *гурыщхъу*эмкIэ ухуэ *"упщIэ"*р *япэрауи "хъупхъэ"м теухуа*уэ зэрыухуэр дигу къэдгъэкIыжмэ, мыпхуэдэ *лъагъуэм зэрытеткIэ*рэ илъытауэ жыIэпхъэщ иджым къыщыхъумрэ *"иджы"м гулъытэ* хуэзыщI цIыхум *къэхъуагъэххэ*у *"иджы"м утыку иту щыт*ри *ипэрей* зы *джыгъуэм щыджа*уэ *–ипэрей зы "иджы"*м щыджауэ-зэрыщытри, мыпхуэдэуи зы *"блэкIа зэманыгъуэ"*мрэ абы *теухуа лэжьэкIэ*хэри къызэригъэунэхуар. Аращи, *гулъытэ* зэрыхуэщIрэ *упщIэ пэджэж*кIэрэ зекIуэ мы *лъагъуэм зэрыриклуэкIэ*рэ икIи *зэрыубгъу*кIэрэщ – утыку къызэрихьа щIыкIэм гулъытэ зыхуэтщIа- мы *"блэкIа зэманыгъуэ" нэужь*у *"къэкIуэну зэманыгъуэ"*ри зэрылъыта щIыкIэр.

Ауэ икIи, *иджым къыщыхъу*р *налуэ*у зэрылъытапхъэм нэмыщI, *ухуагъэххэу иджым* утыку *ит*ри *"блэкIа" зы "иджы"*м *щызэрыджа*ри гурыIуэгъуэу лъытапхъэ щхьэ, зыгуэрыр *"къэкIуэну"м щыджыну* лъытэныр мы *иджы*мрэ *блэкIа*м *елъытауэ налуэу –гарант* зиIэу-зэры*мылъытапхъэ*ри гурыIуэгъуэнщ. Аращи, *иджым щыджы*мрэ *иджым*и зэры*щыл*экIэрэ *блэкIам* щыджам –нэрылъагъуу зэрыщытхэм папщIэ- *гурыщхъуэ темыщIыхьыпхъэ*ми, **"къэкIуэну"**м **щыджыну**м *гарант зэримыл*экIэрэ **гурыщхъуэ** *тещIыхьыпхъэ*нщ.

Мы зэрыжытIауэ, *"иджы"*мырэ *"блэкIа"*м теухуауэ къэIуатэхэр *"къэкIуэну"*м теухуауэ къэIуатэхэм *елъытауэ* нэхъ *пэжы*ущ зэрылъытэри, *"къэкIуэну"*м *теухуа*уэ къэIуатэхэр *пэжу* къыщIэкIынкIэ *гарант зиимыл*эу лъытапхъэхэрщ. Аращи, къэкIуэнум теухуахэм -фIэкIыпIэ имыIэу-*гурыщхъуэ* зэры*дищIыгъу*м папщIэрагъэнщи, **"къэкIуэну"** жыхуэтIэу ди **ужьыгъуэ**у (у) *лъыта къэIуэтэкIэ*м -бзэ лэжьэкIэм- **нэмыщI**, *"къэкIуэну"м теухуауэ* нэхъ **лантIэ**рэ *мылупщI дыдэу* **"къэкIуэну лъытапхъэ"** зы къэIуэтэкIэ –бзэ лэжьэкIэ- щылъытащ псэлъэбзэм.

НытIэ, мы къэIуэтами къызэрыхэщкIэ, **"къэкIуэну зэманыгъуэ"**м теухуауэ **глагол лэжьэкIитI** *лъытапхъэ*щи, зыр мы ипэкIэ зи гугъу тщIа *"къэкIуэну зэманыгъуэм теухуа глагол лэжьэкIэ"*у ди *ужьыгъуэ*у (у) зэрыщыткIэрэ къызэрыхъунум *гарант зил*эу лъыта *глагол лэжьэкIэ*ращ; *етIуан*эри, мы *"ужьыгъуэ"у лъытам елъытауэ къызэрыхъун*р *лантIэ*у -

*"мыналуэ дыдэ"у-* щыт *глагол лэжьэклэ*рщи, мыри **"мыналуэ къэклуэнум теухуа глагол лэжьэклэ"**у лъытапхъэрщ. *Мы глагол лэжьэклэ*ри *глагол*ыр *"инфинитив"*у зэрыухуар *"щ" клэухклэ зэрылъыт*эрщи, зэрыгурыlуэгъуэу, и *хьэрычэт* мыхьэнэклэрэ *лэжьэну гъэпса*уэ зэпкъырыувэ *"инфинитив глагол"*ыр дауи *къытпэщыт къэклуэну зэманыгъуэм флэклыплэ имылэу* -зэ мыхъуми зэ- зэры*лэжьэну*р наlуэщи, мыр зэрымыжыжьэ дыдэу *гарант зыщlри "щ" клэух*ырщ.

Иклu, мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщщи, мы *"мыналуэ къэклуэну зэманыгъуэ"*рэ мыпхуэдэ *глагол лэжьэклэ*ри ди *"ужьыгъуэ"*у (у) лъыта **"къэклуэну зэманыгъуэ"**мрэ абы теухуа *глагол лэжьэклэ* **нэужь**у - *иужьылуэ*у- зэрылъытари гурыlуэгъуэнщ.

– Мыпхуэдэ глагол лэжьэклэхэми игъуэ щыхъум деж аргуэру нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дызэрырыхуэхъунури мыбдежым къыхэдгъэщынщ.

Нытlэ, мыбы нэгъунэ зи гугъу тщla мы *"хъупхъэ"* лlэужьыгъуэ *нормал глагол лэжьэклэ*хэр утыку къызэрихьэ *зэклэлъхьэужьыклэ*ри къызыхэщ зы *таблицэ*р мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

**ГЛАГОЛХЭМ -ХЪУПХЪЭУ- Я НОРМАЛ ЛЭЖЬЭКlЭХЭР**

| | | | |
|---|---|---|---|
| ↓ | ↓ | ↓ | ↓ |
| ИДЖЫМ ТЕУХУА | ↓ | ↓ | ↓ |
| ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКlЭ | ↓ | ↓ | ↓ |
| | ↓ | ↓ | ↓ |
| | БЛЭКlАМ ТЕУХУА | ↓ | ↓ |
| | ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКlЭ | ↓ | ↓ |
| | | ↓ | ↓ |
| | | КЪЭКlУЭНУМ ТЕУХУА | ↓ |
| | | ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКlЭ | ↓ |
| | | \| | ↓ |
| | | МЫНАlУЭ КЪЭКlУЭНУМ ТЕУХУА | |
| | | ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКlЭ | |

**"Ижы"м къыщlидзэу иджым щыджрэ зэрыджыр зэрылъытэ "ит зэманыгъуэ"м хуэклуэу.**

Мы ипэклu *"зэманыгъуэ"*у *"блэкla"*рэ *"къэклуэну"*м –иклu *"мыналуэ къэклуэну"*м- *теухуа "глагол лэжьэклэ"*хэри утыку къызэрихьар жытlагъэххэщ. Ауэ иклu, *"блэкla"*рэ *"къэклуэну"*м теухуа мы *глагол лэжьэклэхэм хуэдэ*рэ дэщlыгъуу адыгъэбзэм щызеклуэ зы **глагол**

**лэжьэкlэ**ри **″ит зэманыгъуэ″**м *теухуа*щи, нытlэ, мыри утыку къызэрихьа щlыкlэми мы илъабжьэм щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

*″Ит зэманыгъуэ″*р мы ипэкlэ зи гугъу тщla *нормал ″глагол лэжьэкlэ″хэм хиубыдэ*у зэрыщытым папщlэ, мы ипэкlэ *″блэкla″рэ ″къэкlуэну″м* зи гугъу тщlахэм *къыкlэлъыкlуэу* мыбдежым -″иджы″м ипэ къихуэу- *″ит зэманыгъуэ″ми* и гугъу щытщlынщ. Ауэ икlи къыхэгъэщыпхъэщи, *″къэкlуэну″*р *зытелъыта*рэ къызытеухъукla *″блэкla″р ″иджы″*м теухуарэ *елъытауэ зэрылъыта*м хуэдэжу, *″ит зэманыгъуэ″*у мы зи гугъу тщlынури *″иджы″м къызэрытехъукla*ри гурыlуэгъуэщи, ″ит зэманыгъуэ″м мыпхуэдэу щыгъуазэ дызыхуэхъунури мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *″глагол″* жыхуэтlэр *хьэрычэт* зи мыхьэнэрщи, бзэ лэжьэкlэм зы *псалъэр глаголу зэрылъыт*эри мы *хьэрычэтыр зэрызекlуэ*у *зэрылъыт*эущ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, *″глагол″* жыхуаlэ псалъэр япэрауэ *гурыlуэгъуэ* къызэрытхъури *лажьэу зэрыщыткl*эрэщ *–″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″у*щ-. Аращи, глаголыр утыку къызэрихьа щlыкlэр *лажьэу щыт хьэрычэт зэрылъытэ псалъэ* лlэужьыгъуэущ. Икlи, *″глагол″* жыхуэтlэр **япэрауэ** *къэхъу-къэщlыгъуэ*рэ *къекlуэкl*хэр *зэрылъытэ ″хъупхъэ″* лlэужьыгъуэ *псалъэ*хэу утыку къызэрихьари гурыlуэгъуэнщи, мыри *къэхъу-къэщlыгъуэр къыщыхъум* теухуауэ- **″иджы″**м теухуа **глагол лэжьэкlэ**у зэрылъытари ипэкlэ щыжыlагъащ.

Мыпхуэдэхэр мы зэрылъытэрэ къызэрыlуатэ щlыкlэхэм нэмыщl, *псэлъэбзэр* зезыхьэ **цlыху**хэм я **зэхуакум** *″глагол″* лlэужьыгъуэ псалъэ щы**зекlуэу зэрыщlидзар**и нобэ **″унафэ″** е **″lэмыр модэ″** жыхуэтlэ **глагол лэжьэкlэ**хэрауэ къыщlэкlынщ. Аращи, бзэр зезыхьэу къзыпсэлъ *″сэ″м* и пышэгъурэ *псэлъэгъу*у щыту *-и ужьыгъуэ*у щыту (уэ) илъыта- *″уэ″м илэжьыну зыхуейу*э зэрызыхуигъэза *псалъэ*хэрауэ (пп: ″klуэ!″) лъытапхъэщ *псэлъэбзэр цlыху*хэм я *зэхуакум щызекlуэу зэрыщlидзар*и, мыхэри *-флэкlынlэ имыlэу- натуралу* **″иджы″** лlэужьыгъуэ **глагол лэжьэкlэ**у ухуа *псалъэхэ*у зэрыщытри наlуэщ. Нытlэ, къэхъу-къэщlыгъуэ къекlуэкlыкlэхэр зэрылъытауэ ипэкlэ зи гугъу тщla псалъэхэм хуэдэжщи, псэлъэбзэр *-псалъэхэр- цlыху зэхуакум щызекlуэу зэрыщlидзари ″иджы″* лlэужьыгъуэ *глагол лэжьэкlэущ*.

Ауэ икlи, мыбдежым игъуэ зэрыхъукlэ сытри ″упщlэ″м и фlыгъэу тлъытэми, *адыгэбзэ*р зы *макъыбзэ*у *езым* и *лэжьэкlэж* зэриlэри гурыlуэгъуэщ. Аращи, -псалъэм папщlэ- зыгуэрыр **″иджы″**м

**щызэрылъытэ**нур ар зэрылъытэ *мак*ъыр зэрыхъун хуейуэ *–алфавитым зэрыхэт къэlуэклэ*у- *къызэрыlу*ущи, **функционалу къэlу макъклэ**рэщ. Нытlэ, **″блэкla″** жыхуэтlэри мы *иджы*уэ мылъытэрэ **функционалыгъэ зимыlэж**у **жыжьэ** *зэрылъытэ* макъклэрэ (а) лъытэнщ; **″къэклуэну″**ри дызыхуэкlуэу ди **ужьыгъуэ**у (у) щыту лъытэнщ.

– Дауи, мыхэр *цужькlэ* игъуэ лэжьыгъэхэм деж аргуэру икlэ нэгъунэ *щыгъуазэ дызыхуэхъун*ухэрщи, мыбдежми *″упщlэ″мклэ гулъытэ* зэрыхуэщlым нэмыщl, макъыбзэ лэжьэкlэм езэгъыу ахэр зэрылъытэну щlыкlэхэри дигу къэдгъэкlыжу аращ.

Ауэ, мы ипэкlэ ирикъун хуэдизу щыгъуазэ дызыхуэхъуауэ лъытапхъэ *″блэкla″*рэ *″къэклуэну″*м теухуа *глагол лэжьэклэхэм дэщlыгъу*у адыгэбзэм щызекlуэ *″ит зэман″*ым теухуа *глагол лэжьэклэ*ми -ирикъун хуэдз-щыгъуазэ дыхуэхъун хуейуэ къытпэщыту лъытапхъэщи, нытlэ, мы ипэкlэ къыхэдгъэщахэми къыпытщэнщ. Мы ″ит зэман″ жыхуэтlэ зэманыгъуэр ″иджы″ зэман лlэужьыгъуэрщи, къэбэрдеибзэмрэ адыгэбзэ диалект гуэрхэми *″ит зэман″*ыр щызэрыхэлъытэр *иджым щыджыр зэрыдж щlыкlэ* зэрылъытэу жыlэпхъэщ. Мыр мыпхуэдэу еджапхъэу зэрыщытри *″ит зэман гъэлъагъуэ″*у бзэм хэлэжьыхьыр **″функционал кlуэтэгъуэрэ (э) ужьыгъуэ (у)″** зылъытэу **макъ lуэр зэхэжыхьа** къэlукlэ зиlэ **″о″ макъ**ырщ. Япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, мы *макъ lуэр зэхэжыхьа*р *″глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ″*хэм зэкlэлъхьэужь ″э″рэ ″у″ макъхэр псынщlэу къызэрыlукlэрэ зэхэжыхьауэ зы щхьэж макъыу утыку къихьауэ тлъытагъащ, - икlи апхуэдэщ.

Аращи, мы къызэрыlурэ -икlи хиубыдэ макъхэмкlи- *″ит зэманыгъуэ″*р *игъуащэу зылъытэ* мы *″о″ мак*ъыр *″иджы″м щыджыр зэрыдж щlыклэ*р зэрыл*ъытапхъэу занщlэу къэгъэунэхуа* зы *щхьэж макъыуэ лъытапхъэкъым*и, -мы ипэкlэ зэрыжытlауэ- *бзэ лэжьэклэм зэхъуэкlыныгъэклэ*рэ утыку къыригъэхьа *макъ lуэху зэхэжыхьа*рщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, бзэ лэжьэкlэрэ *глагол лэжьэклэ*хэр -атlэми- *натуралу ″иджы″уэ* -″иджы зэманыгъуэ″у- *зэрылъытэ*у къэlуатэрэ, -ар дыдэу- *псалъэхэри* мыпхуэдэу *–″иджы″м теухуа*уэ- ухуэу зэрыщlидзар ипэкlэ щыжытlагъащи, *″иджы″м нэмыщl*, *″иджым щыджыр зэрыдж щlыкlэ″*м *зэрыщlэупщlэ*кlэрэ *″упщlэ″м и фlыгъэкlэ* зэры*мылъытар* наlуэщ *″ит зэманыгъуэ″*мрэ икlи ар зэрылъытэ *″о″ мак*ъыр. Аращи, ″блэкla″рэ ″къэкlуэну″р ″упщlэ″м и фlыгъэкlэрэ зэрылъытапхъэм хуэдэу лъытакъым ″ит зэманыгъуэ″ жыхуэтlэри, ар *бзэ лэжьэклэм* зэманкlэрэ *и*

*зэхъуэкlыныгъэу* къигъэщlарэ *"иту щыт"*ыр зэры*игъуэу зэрылъытэ "о" макъкlэ*рэ ипlэ иригъэуваyэ лъытапхъэщ.

Ныtlэ, *бзэ лэжьэкlэ*м *зэхъуэкl*ыныгъэкlэрэ щыухуарэ *"ит зэманыгъуэ"*р зэрыигъуэкlэ *щхьэжу зылъытэ*у утыу къихьащ *"макъ lуэр зэхэжьыхьа"* лlэужьыгъуэу щыт *"о" мак*ъри, ар мы утыку къызэрихьа глагол лэжьэкlэ зэхъуэкlыныгъэми гулъытэ хуэтщlынщ. Ипэкlи зэрыжытlауэ, зыгуэрхэр зэрылъытэу къызэрыlуатэм нэмыщl, *псэлъэбзэр цlыхухэм я зэхуакум щызекlуэу зэрыщlидзар* бзэр къэзыlуатэ *"сэ"м* и псэлъэгъуу щыт *"уэ"м* къилэжыну зыхуей гуэрхэр *зэрыхуulуэхуу* утыку къихьа *"lэмыр модэ" псалъэ* (пп: кlуэ!) *лlэужьыгъуэкlэрэ*у жыlэпхъэщи, мыпхуэдэ унафэу щымыту, цlыху нэрыбгэм –игъуэ щапхъэу "уэ"м- къилэжьу щытхэри къэзлэжь нэрыбгэри къызэриlуэу (уэ) къэlуатэу щlидзагъэнщ (пп: уэ кlуэ). Мыпхуэдэу утыку къихьа мы *"иджы зэманым теухуа глагол лэжьэкlэ"*хэри *бзэр зэрыужьрэ зэрызэхъуэкlкlэ*рэ нобэрей щlыкlэм техьауэ жыlэпхъэщ.

Икlи, къытпэщыт лэжьыгъэм игъуэ щыхъу дэтхэнэ зы щlыпlэм мыпхуэдэ зэхъуэкlыныгъэхэми гулъытэ хуэтщlынуи къыщlэкlынщ; ауэ, мыбдежым кlэщlыу нобэ зетхьэу щыт **"ит зэманыгъуэ"**р икlи ар зэрылъытэ *"о" мак*ъымрэ зыхэзыубыдэ *"ит зэманым теухуа глагол лэжьэкlэ"*р *утыку къызэрихьа*уэ лъытапхъэм деплъынщ. Ныtlэ, *"сэ" нэрыбгэм* и псэлъэгъуу щыт *"уэ"м унафэ* зэрыхуищl *псалъэм къыщlидзэ*у нобэ *"ит зэман лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*р *зэрыухуа*мрэ ар *къызэрылуат*эм *нэгъунэ* мы *бзэ лэжьэкlэм къигъуэгурыкlуа*уэ лъытапхъэ **лъагъуэ**ри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| «кlуэ!» →→ «уэ кlуэ → уэкlуэ/укlуэ → уэукlуэ → уокlуэ» →→ «уэ уокlуэ». |
|---|

Нобэ *къэбэрдеибзэ*мрэ *адыгэбзэ диалект гуэрхэм*и *"ит зэман гъэлъагъуэ"*у хэт "о" макъыр мы къэдгъэлъэгъуа лъагъуэкlэрэ утыку къихьауэ лъытапхъэми, *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*м къикlуа мы *лъагъуэ*м и *иужьрей псалъэ*у *"о"*уэ къэlуу мы *зыхэзыубыдамрэ* (уокlуэ) абы *ипэ къихуэ псалъэ*м (уэукlуэ) я *зэхуакум зэманыгъуэфl зэрыдэлъ*ынури жыlэпхъэнщ. Аращи, **"о" макъ**ыр *псалъэ кlуэцl*ым хиубыдэ *"эу"м и псынщlэрыlу*кlэрэ *щыухуа*рэ ар мыпхуэдэуи зэрызыхиубыда **"ит зэман глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"**ри *щырызэпкъырыувар* -ахэр къыщыхъуа *лъагъуэ*у- мы зи гугъу тщlа *глагол лэжьэкlэ зэхъуэкlыныгъэкlэ*у адыгэбзэм **къикlуа** *гъуэгуанэм* **елъытауэ гъунэгъу лъэхъэнэ**уи жыlэпхъэнщ.

*

Мы къэтlуэтахэмкlэ гурыlуэгъуэщи, *глагол лэжьэкlэхэр цlыху зэхуакум* япэу *щызекlуэу зэрыщlидзар* нобэ *"унафэ"рэ "lэмыр модэ"*у тлъытэ *глагол лэжьэкlэу*щ. Ныtlэ, глагол лэжьэкlэхэр *цlыху зэхуакум щызекlуэ*у зэрыщlидзауэ мы къэтlуэтахэмкlэ гурыlуэгъуэщ *цlыху зэхуакум щыземыкlуэ глагол лэжьэкlэ*хэр зэрыщыlэнури, мыбдежым мыпхуэдэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Икlи, *цlыху зэхуакум щызекlуэр* бзэр зезыхьэ езы цlыхурауэ зэрыщытым ипкъ зэриткlи, глаголыр зытеухуа *къэхъу-къэщlыгъуэр къызпкъырыкl*ым -"глагол субъект"ым- *елъыта*уэ *"субъектив"*ыгъэ зиlэу лъытапхъэрщ. Ныtlэ, мыпхуэдэу *цlыху зэхуакум щыземыкlуэ*рэ икlи *къызпкъырыкlым елъытауэ щымыту* утыку къихьэ *къэхъу-къэщlыгъуэ*р бзэр къэзыlуатэ цlыхум -"сэ"м- *занщlэу зэрилъыт*эри *"объектив"*ыгъэ зиlэ лъытэкlэу зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ. – Мыпхуэдэхэм ипэрей лэжьыгъэми гулъытэ щыхуэтщlыу я гугъуи щытщlагъащ, икlи мы лэжьыгъэми – аргуэру- нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дыщыхуэхъунущ.

Ныtlэ, *глагол лэжьэкlэ*хэр *цlыху зэхуаку*м щызекlуэу щlимыдзэ *ипэ цlыхум къэхъу-къэщlыгъуэ*у утыку къихьэхэр *занщlэу зэрилъытэу* щытараш мыбдежым гулъытэ зыхуэщlыну къытпэщытыр. Аращи, цlыху зэхуакум щыземыкlуэ ипэ къихуэу цlыхум *хьэрычэт мыхьэнэ* зиlэу *къэхъу-къэщlыгъуэ* гуэрхэр зэрилъытэ *глагол лэжьэкlэ*хэр зэрихьэу щытагъэнщи, икlи *мы глагол лэжьэкlэ*хэри *"иджы"м теухуа*уэ зэрыщытынури –ипэкlэ къэтlуэтахэми къызэрыхэщыр- гурыlуэгъуэнщ.

Япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызыхуэхъуауэ, мыдежми дигу къыщыдгъэкlыжынщ *"цlыху"*м –*"хьэ"*уэ зыщилъытэу щытагъам- **япэрей макъ**ыу къызхигъэlуклар *пэщхъынэ* лlэужьыгъуэ **"м" макъ**рауэ зэрыщытагъэнури, мы макъри **сытри зэрылъытэ**у -*гулъыт*эрэ *гурыlуэгъуэ* зэрыхуищlкlэ- зэрихьэу щытауэ къыщlэкlынущ. Мыпхуэдэ лъабжьэ зиlэу лъытапхъэщ *макъыбзэ*у щыт *адыгъэбзэми "м" макъыр* ноби зэрыхэлэжьыхьри, адыгэбзэм имызакъуэу *бзэ куэдми мыпхуэдэ лъабжьэ*хэр зэрыхэплъэгъуэнури жыlэпхъэнщ.

Ныtlэ, сытри зэрилъытэу *щхьэжу зэрихьэ*у щыт *"м" макъ*хэм *нэмыщl макъхэри къызхигъэlукl*ыу зэрыщlидзэкlэрэ кlуэ пэтрэ **макъыбзэ**уи *ухуэ*у щlэзыдза **псэлъэбзэми** *"м" мак*ъыр хэлэжьыхьу щызэрызекlуэри абы *щхьэж* макъыу *илъыт*эу щытахэм *хуэдэу* лъытапхъэщи, **"иджы"м къыщыхъу**р *езыр езырурэ* **утыку къызэрихьэ**р **зылъытэ**ущ. Аращи, *къэхъу-къэщlыгъуэ* лlэужьыгъуэрэ *къыпыщlэхуэ*у **"иджы"**м утыку

къыщихьэ **сытри зэрылъытэ**ущ *глагол лэжьэкlэ*хэми я **пэщlэдзэ макъ**ыу ″м″ макъыр зэрыхэтыр. Ноби *макъыбзэ*у щыт *адыгэбзэм ″ит зэман глагол лэжьэкlэ″*хэр (пп: мэхъу) зэрылъытэри мы *″мэ″ макъкlэ*рэщ. Аращи, *къэхъу*рэ утыку къихьэр *занщlэу* зылъытэ **″мэ″ макъ**ыр **″иджы″**рэ **″ит зэман″ гъэлъагъуэ**рщ.

Мы зэрыжытlауэ, къызэрыхъуа щlыкlэм зэрезэгъкlэ, *езыр езырурэ къэхъуу утыку къихьэр иджым щызэрылъытэ*ущ *″м″ макъ*ыр *-псалъэ пэщlэдзэ* макъыу- адыгэбзэм ноби щызэрызекlуэр; ауэ мыбы къыщымынэу, къызэрыхъуа щlыкlэми ипкъ зэриткlэ, *сытри зылъытэ макъ*ыу *″къэхъу″м хуэдэжу* **″къэмыхъу″**ми **гулъытэ** зэрыхуэщlрэ **гурыlуэгъуэ** зыщlыфын *къалэн*и *зыгъэзэщlапхъэ*у зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщи, адыгэбзэм ***″мы″ макъ***ыр ***″мыхъуныгъэ″*** *зылъытэ* **псалъэ пэщlэдзэ**у (пп: мыхъу) зэрыхэлэжьыхьри гурыlуэгъуэщ.

Аращи, ″м″ макъыр адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхьым теухуауэ мы къэтlуэтахэр – ″хъупхъэ″рэ ″мыхъупхъэ″м теухуауэ ипэкlэ зи гугъу тщlахэми езэгъыу-, *″хъупхъэ″*р лъыта *нэужь*, *″мыхъупхъэ″*и *зэрылъытэ*м теухуауи лъытапхъэщи, ***″м″ макъ***ыр адыгэбзэм *иджым къыхъу*р зэрылъытэу ***″хъупхъэ″***у хэлэжьыхьу зэрызекlуэ **нэужь**у, *къэмыхъу*ри зэрылъытэу ***″мыхъупхъэ″***уи хэлэжьыхьу зэрыщlидзари къызыхэщырщ.

Мы къэтlуэтахэм аргуэру къыпыщапхъэщи, *″ит зэманыгъуэ″* зылъытэу ипэкlэ зи гугъу тщla *″о″ макъ*ыр –бзэ лэжьэкlэм иужькlэ къигъэщlауэ щытми- *цlыху зэхуакум щызэрылъытэ*у зэрыщытым зэрезэгъкlэ *″субъектив″* лlэужьыгъуэу (пп: уэ уокlуэ) лъытапхъэщ; ауэ, глагол лэжьэкlэр цlыху зэхуакум щыземыкlуэ ипэ *къэхъу-къэщlыгъуэ*у *иджым* утыку къыщихьэр *зэрылъытэ* псалъэ пэщlэдзэу щыт *″мэ″*р *″объектив″* лlэужьыгъуэу (пп: ар макlуэ) зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *глагол*хэм -хъупхъэу- я *нормал лэжьэкlэ*хэр зыхэзыубыдэу къэтхьауэ щыт таблицэм хиубыдэ *″иджым теухуа глагол лэжьэкlэ″*м теухуащ мы ипэкlэ къыпытщэжахэри, нытlэ, *глагол*хэр *къэхъу-къэщы*lыр *-занщlэу* зэрылъытэу- *иджы*м теухуауэ *зэрылажьэ*мрэ, *цlыху зэхуакум щызекlуэ*у *-″иджы″* лlэужьыгъуэу- *зэрылажьэм къытехъуклa*уэ мы ипэкlэ зи гугъу тщla *″ит зэманыгъуэ″*рэ и *глагол лэжьэкlэ*р зыхэлъыта зы *таблицэ*и мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

| **<u>″ИДЖЫ″М ТЕУХУА ″ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКlЭ″ХЭР</u>** | |
|---|---|
| ↓ | ↓ |
| КЪЭХЪУР ЗАНЩlЭУ ЗЭРЫЛЪЫТЭУ | ↓ |




*

Мы къэта таблицэм зэрыхэплъагъуэу, *"цlыху зэхуакум щызеклуэ"*у *япэ* къеклуэкlа *"глагол лэжьэклэ"*р *"lэмыр модэ"*ращи, ар **"хъупхъэ"** лlэужьыгъуэ **"глагол лэжьэклэ"**м хиубыдэу лъытапхъэрэ икlи глагол лэжьэклэр **цlыху зэхуакум** щызеклуэу **зэрыщlидзэ**у утыку къихьауэ лъытапхъэрщ. Икlи, цlыху зэхуакум япэу щызеклуэ мы глагол лэжьэклэм и *зэхъуэкл*ыныгъэкlэрэщ *"цlыху"*р *"субъект"* зыхуэхъуу глаголыр *"ит зэманыгъуэм теухуауэ лажьэ"*у зэрыщlидзарэ *"ит зэман гъэлъагъуэ" мак*ъри (о) зэрылъытэр.

Дауи, *"зэманыгъуэ"*у адыгэбзэм хэт *"иджы"*мрэ *"ит зэманыгъуэ"*м хуэдэ *зэхущытыклэ* зиlэрэ *зэщхьэщыкl "зэманыгъуэ"* лlэужьыгъуэ *зыхэт нэгъуэщlыбзэ*м *дызэримыхьэлла*ри мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщи, игъуэ щыхъу дэтхэнэ зы щlыпlэм и гугъу зэрыщlыпхъэу, *"иджы"м и клуэцlклэ къыщеклуэкl*ыр *къызэреклуэкl щlыклэу зылъытэрщ "ит зэманыгъуэ"* жыхуэтlэр: *"ит зэманыгъуэ"* жыхуэтlэр *"иджы"*м къыщыхъур -и клуэцlкlэ- *деталу зылъытэ*рщ.

Ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, *глагол лэжьэклэ*хэр *цlыху зэхуакум щызеклуэ*у *зэрыщlидзар "иджы"* зэман *лlэужьыгъуэ*у щыт *"lэмыр модэ"*клэрэу лъытапхъэщи, икlи, *"сэ"м* мы *унафэ*р *зырит "уэ"м* –мы **унафэ**у *къыхуэlуэхуам* и **пэджэж**у лъытапхъэу- **къилэжь**ыр зэрылъытэ **глагол лэжьэклэ**ри мы унафэм -**"lэмыр модэ"**м- **езым къытехъукла**уэ зэрыщытри ипэкlэ къэдгъэлъэгъуа *лъагъуэм гурылуэгъуэ къытхуещl*ыр.

Мы зэрыжытlауэ, *цlыху зэхуакум къыщеклуэ*клхэр зэрылъытэ *"глагол лэжьэклэ"*р япэрауэ *"сэ"м къыпкъырыкl*ыу *"уэ"м хуэгъэзарэ хуэклуэ "унафэ"* лlэужьыгъуэу *"lэмыр модэ"* жыхуэтlэ лэжьэклэу къэхъуауэ лъытапхъэщи, *глаголхэм* я *"ит зэман лэжьэклэ"*мрэ ар зэрылъытэу зи гугъу тщla *"ит зэман гъэлъагъуэ"*ри *"lэмыр модэ"* къэlуэтэклэм зэманклэрэ –жыlэпхъэмэ, *еволуцэклэ- къызэрытехъукла*ри жыlэпхъэщ.

Аращи, *"иджы"* лlэужьыгъуэу *"lэмыр модэ"* лэжьэклэ зыгъуэта *псалъэ*р *бзэ лэжьэклэ зэхъуэклыныгъэкl*эрэ – таблицэми къыхэщ *лъагъуэм ириклуэу*

*зэрызэхъуэклкlэ*рэ- утыку къихьа **"о" макъ**ыр *"иджы"м "щыджыр зэрыдж щlыкlэ"*у **"джыуэ ит"**у зэры*щыт*ыр *зылъытэ*рщи, мыпхуэдэри *зэманыгъуэ*у **"иджы"**м теухуа **детал** зылъытэу **"ит зэманыгъуэ"**рщ. Икlи, мы *бзэ лэжьэкlэ зэхъуэкlыныгъэ*м *аргуэру и зы зэхъуэкlыныгъэ*у, *"..эу.." макъ зэкlэлъхьэужь*хэм я *псынщlэрыlу* утыку къихьа *"макъ lуэр зэхэжыхьа"* лlэужьыгъуэ **"о" макъ**ри **"ит зэман гъэлъагъуэ"**рщ.

Мы зэрыжытlауэ, *"о" макъ*ыр мы зи гугъу тщlа *глагол лэжьэкlэ зэхъуэкlыныгъэкlэ*рэ *бзэм къигъэщlа* зы *"макъ lуэр зэхэжыхьа"*ращи, *"иджы"м щыджыр иту джыуэ щыт*у зэрылъытэу, **иджы**м езым -и кlуэцlкlэ- къы**щекlуэкl**ыр *зэрылъытэ* **детал** –иджым деталкlэрэ къыщекlуэкlыр- зылъытэ *"ит зэманыгъуэ"*ри *бзэм* и лэжьэкlэм *езы "иджы"м* къызэры*тырищlыкlа*ри гурыlуэгъуэщ.

Дауи, *глагол*хэр *цlыху зэхуакум щызекlуэу* лажьэу *зэрыщlидза*р *"lэмыр модэ"*ущ зэрылъытапхъэри, *"lэмыр модэ"*ри *зэманыгъуэ*у зэрылъытэ *"иджы" зэман*ым *къытехъукlа*уэ зи гугъу тщlы *"ит зэман гъэлъагъуэ"*ри - *"о" макъ*ри- цlыху зэхуакум щызекlуэ "глагол лэжьэкlэ"ри -*"ит зэманым теухуа глагол лэжьэкlэ"*ри- *"ит зэманыгъуэ"*ри зылъытэрщ. Нытlэ, мы зэрызэпыщlами зэрезэгърагъэнщи, "зэманыгъуэ"у *"иджы"р "ит зэман"ым ипlэ щувэ*у бзэм щызекlуэ *"глагол лэжьэкlэ"хэри щылэщ*; мыбыхэм илъабжьэм игъуэ щыхъу дэтхэнэ зы щlыпlэми щыгъуазэ дыщыхуэхъунущ.

Икlи аргуэру къыщыхэгъэщыпхъэщ *цlыху зэхуакум щызекlуэр къэlуат*эу зэрыщlидза *глагол лэжьэкlэ*у утыку къихьауэ щыт **"lэмыр модэ"**р япэрауэ **"хъупхъэ"** лlэужьыгъуэу утыку къихьауэ зэрыщытынури, абы **иужькlэ "мыхъупхъэ"** лlэужьыгъуэ *"lэмыр модэ" лэжьэкlэ*ри къызэрыкlэлъыкlуэнур гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, *"lэмыр модэ"*р флэкlыпlэ имыlэу гъэзэщlэн хуейр зэрылъытэрэ унафэу зэрыт къэlуэтэкlэрщи, нытlэ, ар **"гурыщхъуэ" зытемыщlыхь**ыпхъэрэ зыхэмылъу зэрыщыткlэ икlи **"упщlэ"**уи зэры**мылъытапхъэ**р –къызэрымыlуэтапхъэрэ зэрымытыпхъэр-гурыlуэгъуэнщ.

*

Мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщу, мы зи гугъу тщlы "ит зэманыгъуэ"р къыщыхъуари глаголхэр иджыри *къэхъу-къэщlыгъуэ зылъытэ* псалъэхэу щыщытрагъэнти, *"езырыж глагол"*хэрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Аращи, *"езырыж глагол"* лlэужьыгъуэхэм теухуа *"lэмыр модэ"* –иджым теухуа- *лэжьэкlэ*хэращ мы зи гугъу тщlа *"ит зэманыгъуэ"*р *къызытехъукla*р.

Икlи, мыпхуэдэ лэжьэкlэхэр *бзэр зезыхьэ езы цlыхухэм я зэхукум щызеклуэ лэжьэклэ*у зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, мыхэр *"субъектив"* лlэужьыгъуэ лэжьэкlэу зэрыщытми ипэкlэ и гугъу щытщlагъащ. Ауэ икlи, мыпхуэдэу *цlыху зэхукум щызеклуэу щlимыдзэ* ипэ, цlыхум *къэхъу-къэщlыгъуэ*хэр *езыр езырурэ утыку къызэрихьэ*р *зэрилъытэ "езырыж глагол" лэжьэклэ*хэр зэрихьэу зэрыщытами ипэкlэ и гугъу щытщlагъащи, мыпхуэдэ лъытэкlэрэ лэжьэкlэхэри *"объектив"* лlэужьыгъуэу зэрыщытри къыщыхэдгъэщагъащ.

Нытlэ икlи, *япэ къэхъуа*уэ лъытапхъэ мы *"объектив"* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэклэ"*хэмрэ, абыхэм къакlэлъыкlуэу *глаголхэр цlыху зэхакум щызеклуэу зэрыщlидзам къытехъуклa*уэ мы зи гугъ утщla *"субъектив"* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэклэ"*хэр *зэрызэпыщlар*и къыхэдгъэщарэ икlи мы ипэкlэ къэта *таблицэм*и *къызэрыхэщ*ыр нэрылъагъущ. Икlи, къэхъу-къэщlыгъуэ зэрылъытэу щырет, е цlыху зэхукум щызеклуэу щlидзауи щырет, мы *зи гугъу тщlы*хэр *"езырыж глагол"*у тлъытахэрщи, икlи мыхэр *"занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэхэу –**"езырыж занщlэ глагол"**хэу-зэрыщытхэри гурыlуэгъуэщ. Мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къытхуащlыр араци, мы зи гугъу тщla глаголхэмрэ я лэжьэкlэхэр къыщыхъуарэ щызеклуэу щыщытым щыгъуэ, **иджыри** *"префиксиал глагол"* **-"езырыж префиксиал глагол"- къэхъуагъэнтэкъым**.

Мыпхуэдэу щытми, мы **"езырыж занщlэ глагол"**хэм мы я *"ит зэманыгъуэ"*м теухуа **"лэжьэкlэу ухуа псалъэ"**хэм я **зэпкъырыувэкlэр "префиксиал"**у зэры**лъытапхъэ**ми гулъытэ хуэщlын хуейщ. Нытlэ, мы зи гугъу тщlыр щапхъэхэм теухуауэ къэlуэтапхъэмэ, *"занщlэ езырыж глагол"*ыр занщlэу зэрылажьэу ухуа **"клуэ" псалъэ**р *зи лэжьэклэ*у щыт *"инфинитив глагол"ым хуэдэ*у **занщlэ**у щыт щхьэ, абы и зэхъуэкlыныгъэкlэрэ къытехъукla **"уоклуэ" псалъэ**р **занщlэ** лlэужьыгъуэу (клуэ!; макlуэ) зэры**щымыт**ыр –"у-о-клуэ"- нэрылъагъущи, занщlэ лlэужьыгъуэ *псэлъэпкъ*ым (клуэ) *ипэ* -"зэман гъэлъагъуэ"м (о) нэмыщl- *"у/уэ" мак*ъыр –**"префикс"** лlэужьыгъуэу- къызэрихуар наlуэщ.

Икlи зи гугъу тщlы мы *"езырыж занщlэ глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"*р *"префиксиал"у щыухуар* иджыри *"глагол"хэр "префиксиал"у щымылъытэ ипэлуэ*у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, мыпхуэдэ лэжьэкlэр икlи **глаголхэм** *–япэрауи "езырыж занщlэ глагол"*хэм- **"префикс"** *къызэращтэ*ми **лъабжьэ** *хуэхъуа*уэ лъытапхъэнщ; – зи мыхъуми, *"глагол лэжьэклэ"* лlэужьыгъуэми, *псалъэхэр япэу "префиксиал"у* мы *зэрыухуар*

*ухуагъэххэ*у щыт *псалъэ*хэми *-глаголхэми- "префикс"* къызэращтэну **лъагъуэ**р *зэлузыха*уэ лъытапхъэнщ.

Мы къэтlуэтахэм зэрезэгъкlи, *"префиксиал глагол"* лlэужьыгъуэу *япэрауи* **"езырыж префиксиал глагол"**хэр *утыку къызэрихьэри* жыlэпхъэнщ. Арагъэнщи, мы зи гугъу тщla псалъэ зэпкъырыувэкlэр глаголхэми лъабжьэ язэрыхуэхъуукlэрэ, япэрауи *"езырыж занщlэ глагол"*хэм *"префикс"*и къащтэу, –икlи мыбы *нэужь*уи- *"езырыж глагол"*хэр *"префиксиал"уи* утыку къихьэу щlидзагъэнущи (пп: "кlуэн → къэклуэн"), нытlэ, мыбдежым мы *"езырыж занщlэ глагол"*ымрэ *"езырыж префиксиал глагол"*хэм я лэжьэкlэхэм теухуа щапхъи къэтхьынщ: «кlуэн: уэ уоклуэ»; «къэклуэн: уэ укъоклуэ».

*Цlыху зэхуакум щызеклуэ*у -*"субъект"*ыр *цlыху* нэрыбгэу- щыт *глагол лэжьэкlэ*хэрщ мы къэта щапхъэхэри, *"ит зэман гъэлъагъуэ"*р *"префикс"*хэм -"инфинитив глагол префикс"ымрэ (къ) глагол лэжьэкlэр зытеухуа *"субъект" лъытэ/гъэлъагъуэ "префикс"*ым (у)- къыклэлъыклуэу *"глаголыпкъ"*ым *ипэ* къызэрихуэр нэрылъагъущ. Аращи, мыпхуэдэу "префиксиал" лlэужьыгъуэ зэпкъырыувэкlэ зиlэу лъытапхъэщ *"занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэу *"клуэн"*ым и *лэжьэкlэу ухуэ псалъэ*ми, *"субъект" лъытэ*р *"префикс"*у зэрыхиубыдэм ипкъ иткlэ *"префиксиал"* лlэужьыгъуэ *псалъэ*рщ: зэхъуэкlыныгъэкlэрэ *"ит зэманыгъуэ" зэрыщылъыта псалъэ*м -*"уэ"р "префикс"*у зэрыхиубыда- и *зэпкъырыувэкlэ*рщ. Дауи, *"езырыж глагол"* жыхуэтlэхэр *езыр езырурэ къэхъуу утыку къихьэ*хэр *зылъытэ глагол* лlэужьыгъуэхэрщи, *"езырыж занщlэ глагол"*ым *"ит зэман"кlэ*рэ *джырэ утыку къихьэр "*ит зэман гъэлъагъуэ"м ипэ –префиксу- къихуэ "субъект гъэлъагъуэ"кlэ лъыта *"субъект"ырщ* (уоклуэ); глаголыр "префиксиал"мэ (къэклуэн), *"ит зэман"ым щыдж "субъект"*ыр мы глагол *"префикс"кlэ*рэщ –мы *"кондищэкlэ"*рэщ- утыку къызэрихьэр (укъоклуэ). – Ауэ мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ икlии, "езырыж префиксиал глагол"у (къэклуэн) *"субъект лъытэ" зимылэ "ещанэ щхьэ"*ри (ар) *"ит зэман"ым утыку къызэрихьэ*р зэрылъытапхъэри глагол *"префикс"кlэ*рэщ (къохъу).

Мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlщи, *глагол лэжьэкlэ* лlэужьыгъуэ псалъэхэр *цlыху зэхуакум щызеклуэу зэрыщlидза пэщlэдзэ псалъэ*у тлъыта *"lэмыр модэ"*у *иджы* лlэужьыгъуэ *глагол лэжьэкlэ*у щыт псалъэр -кlуэ пэтрэ- зэры*зэхъуэкlкlэ*рэщ *"ит зэманыгъуэ"*рэ *"ит зэманым теухуа глагол лэжьэкlэ"*у ухуа псалъэр *префиксиал* лlэужьыгъуэу утыку

утыку къызэрихьари, мыри *бзэм "префиксиал"*у къигъэщlа *япэрей псалъэ*у зэрыщытклэ *префиксиал пэщlэдзэ*уи лъытапхъэрщ. Ауэ, бзэм *префиксиал пэщlэдзэ*у щыухуа мы *псалъэр* икlи *глаголхэр "префиксиал"у мыухуэ ипэ къихуэ*у зэрыухуаклэрэ *"префиксиал глагол" ухуэн*ыгъэми *я пэщlэдзэ*у зэрыщытрэ ахэр зэрыухуэным теухуа *щапхъэ*рэ *лъабжьэ* яхуэхъуауэ лъытапхъэщ. Ауэ икlи, мыпхуэдэу щытми, *пэщlэдзэ префиксиал псалъэ* лlэужьыгъуэу мы зи гугъу тщlы *"ит зэман глагол лэжьэклэ"* лlэужьыгъуэ *псалъэр бзэм къыщигъэщlамрэ "префиксиал глагол"*хэр утыку къихьэу зэрыщlидзам и *зэхуакум* зэмылlэужьыгъуэ *бзэ лэжьэклэ куэд*рэ *зэманыгъуэшхуэ дэлъ*у зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, мы зи гугъу тщla *псалъэр утыку къызэрихьэ*р *щапхъэ*рэ *лъабжьэ*у зэрылъытэклэрэ *занщlэу къыклэлъыклуэу "префиксиал глагол"*хэр *утыку къихьэу щlидзауэ* зэры*щымыт*ыр гурыlуэгъурэ къыхэгъэщыпхъэщ. Ауэ икlи, *бзэ* жыхуэтlэр зы *логие* лlэужьыгъуэрщи, *зы бзэ лэжьэклэр бзэм къигъэщla*рэ *зыхиубыда нэужь*, ар зи *лъабжьэу* -игъуэ щыхъум- *бзэ лэжьэклэ гуэрхэр утыку къызэрихьэнур*и гурыlуэгъуэнщ.

Мы зи гугъу тщlахэм нэмыщl, цlыху зэхуакум щызекlуэу щlимыдзэ ипэ *"езырыж занщlэ глагол"*хэм я лэжьэклэхэми (пп: хъун: ″ар мэхъу″) щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ ипэклэ, *къэхъу-къэщlыгъуэ* лlэужьыгъуэр *езыр езырурэ утыку къызэрихьэ*р *"объектив"*у зылъытэ *"мэ"*клэрэ *къежьэ*у щыт а *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*хэр *зэрызэпкъырыув*эри *"иджы"*м теухуа *"зэман лъытэ"*уи щыт *"мэ"*р *псалъэ пэщlэдзэ* зэрыхуэхъуущ. Аращи, мы псалъэм и зэпкъырыувэклэр *"ит зэман"ым теухуа* лэжьэклэу ухуа *псалъэм хуэдэу "префиксиал"у* зэры*мылъытапхъэ*ри гурыlуэгъуэнщ; *езыр езырурэ утыку къихьэ*рэ (къэхъур) *къыщихьэ*ри (иджыр) -тlури- зылъытэ *"мэ"*р зи пэщlэдзэ мы *псалъэр "префиксиал"у* зэры*щымыт*ыр гурыlуэгъуэщ.

Ауэ, мы ″езырыж занщlэ глагол″ыр ″префикс″клэ ″езырыж префиксиал глагол″у щыухуэм деж, абы и *"ит зэман" лэжьэклэ*у ухуэну *псалъэ*р - зэрыигъуэу- *"префиксиал"*у -″къ″ префикскlэ- зэрызэпкъырылъынур гурыlуэгъуэщ; ауэ, мы ″къэхъу″р ″объектив″у -″ар″у- лъытапхъэми, ар *"къ" префикскlэ*рэ *иджым щыджу* зэрылъытэу *"ит зэман гъэлъагъуэ"*у *"о"клэ*рэ зэрылъытэнур наlуэщи, нытlэ, *"объектив"* лlэужьыгъуэу щыт мы глагол *"субъект"*ыр -″ар″ыр- щхьэжу *езыр езырурэ утыку къызэрихьэ*рэ (ар) *къыщихьэ*р (иджы) –тlури- зэрылъытэу *"мэ"клэ*рэ *къэlуэтапхъэ хъужкъым*. Нытlэ, мы къэтlуэтахэр зэрыхиубыдэу ″езырыж занщlэ глагол″рэ ″езырыж

префиксиал глагол″хэм я лэжьэкlэ щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ: «хъун: ар мэхъу»; «къэхъун: ар къохъу».

Мы къэтlуэтарэ мы къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, *″езырыж занщlэ глагол″ лэжьэкlэ*мрэ *″езырыж префиксиал глагол″ лэжьэкlэ*р мыпхуэдэу *зэщхьэщыкl*ыу къэlуатэу лъытапхъэщи, зы нормал ″езырыж глагол лэжьэкlэ″ тлъытэну щытмэ, ***″о″****м хуэдэжу* ***″мэ″****ри "хъупхъэ" лlэужьыгъуэ нормал "езырыж глагол лэжьэкlэ"*хэм теухуауэ ***″ит зэман гъэлъагъуэ″***уи лъытапхъэщ.

*

Мы къэтlуэтахэр ″езырыж глагол″хэм теухуарэ ахэр икlи пэщlэдзэ глагол лlэужьыгъуэу утыку къихьауэ лъытапхъэхэрщи, *"езырыж глагол" нэужь*у утыку къихьауэ тлъыта *"lуэху глагол"*хэри *япэрауэ "занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэу утыку къызэрихьахэри гурыlуэгъуэнщ; - ахэри *иужькlэ "префиксиал глагол"*у зэрыухуагъэнури гурыlуэгъуэщ.

Икlи, *"езырыж глагол" нэужь*у *"lуэху глагол"*хэр утыку къихьэу щыщlидзари *"езырыж глагол"*хэр *цlыху зэхуакум щызекlуэ*у мы ипэкlэ зи гугъу тщlа *зэманыгъуэхэм хуэзэу* лъытапхъэщ. Аращи, *цlыхум хуэlуа глагол* лlэужьыгъуэхэрщ *"lуэху глагол"*хэри, цlыхум игъэзащlэ lуэхухэр зэрылъытэу утыку къихьа ″lуэху глагол″хэр *иужькlэ цlыхуу щымытхэми ягъэзащlэ* гуэрхэр *"lуэху"* лlэужьыгъуэу *зэрылъытэкlэрэ цlыхуу щымыт*хэри *"субъект"* зыхуэхъу *"lуэху глагол" лэжьэкlэ*хэри бзэм щызекlуэу щlидзагъэнщ.

Дауи, *"lуэху глагол"*хэр *"lуэху"* лlэужьыгъуэхэрщи, *"субъект"ым занщlэу игъэзэщlэн хуей*уэ зэрыщытым папщlэ, *"субъект"*ымрэ *"глаголыпкъ" зэхуакум* -″зэман гъэлъагъуэ″ нэмыщl- *"префикс" къыдэхьэн хуейкъым*. Аращи, нэхъыбэу *"цlыху субъект"* зиlэу щыт *"lуэху глагол"*хэр *"ит зэманыгъуэ"у зэрылэжьэну* щlыкlэри мы ипэкlэ *"езырыж занщlэ глагол"*хэр цlыхум теухуауэ -*"цlыху субъект"*у- къызэрыlуатэу зэрылажьэм хуэдэу лъытапхъэщ. Ауэ, *"субъект"ыр занщlэу "lуэху"м пыщlа*уэ зэрыщытым папщlи, *"субъект"ыр "префикс"ым къыкlэлъыкlуэ*рэ *"ит зэман гъэлъагъуэ"м ипэ къихуэу*щ *"lуэху префиксиал глагол"*хэм я лэжьэкlэу ухуэ псалъэхэм я зэпкъырыувэкlэр. Нытlэ, мы жытlахэм езэгъ щапхъэ гуэрхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ: «щlын: уэ бощl»; «къэщlын: уэ къыбощl».

Ауэ, *"объектив"* лlэужьыгъуэу щыт глагол *"субъект"*хэм теухуауэ *"lуэху глагол" лэжьэкlэ*хэр мыпхуэдэу зэрыщымытынур гурыlуэгъуэнщи,

глагол *"субъект"ыр "объектив"у lуэхум еклуалл*эрэ зэригъэзащlэущ зэрылъытэр: «щlын: абы ещl»; «къэщlын: абы къещl».

Дауи, глагол лэжьэкlэхэм теухуауэ глаголхэр утыку къызэрихьэми теухуауэ ипэкlэ къыхэдгъэщахэм къыкlэлъыкlуэу *"lуэху глагол" лэжьэкlэ*хэми *мащlэу гулъытэ хуэтщlа къудейщ* мыбдежми, иужькlэ *игъуэ лэжьыгъэ lыхьэм* хиубыдэу мыбыхэм *икlэ нэгъуэнэ* щыгъуазэ дызэрыхуэхъунури гурыlуэгъуэщ.

**"Хъупхъэ" лlэужьыгъуэ нормал "глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"хэм -"зэман гъэлъагъуэ"хэм нэмыщl- кlэухыу хиубыдэ макъхэр.**

Мы ипэкlэ къэтlуэтахэмкlэ "хьэрычэт" мыхьэнэ зиlэ глагохэр лажьэу утыку къызэрихьарэ цlыху зэхуакуми щызекlуэу зэрыщlидзам гулъытэ хуэтщlыу щыгъуазэ дыхуэхъуащ. Мыхэр япэрауи къэхъу-къэщlыгъуэ зэрылъытэ "езырыж глагол"хэм теухуауэ бзэм щызекlуэу зэрыщытари къыхощыр мы ипэкlэ къэтlуэтахэми, мыбыхэм къакlуэлъыкlуэу "lуэху" зылъытэ псалъэхэу "lуэху глагол"хэр бзэм щызекlуэу зэрыщlидзари гурыlуэгъуэщ. Икlи, мыхэр щылъытэ зэманыгъуэхэми гулъытэ хуэтщlыу щыгъуазэи дыхуэхъуащи, "зэманыгъуэ"хэр зэрылъытэ макъхэмрэ ахэр псалъэхэм щыхиубыдэ щlыпlэхэри гурыlуэгъуэ къытхуэхъуауэ жыlэпхъэщ. Ауэ икlи, мыпхуэдэхэр зыхиубыдэу зэпкъырыува мы псалъэхэм -иужькlэ- макъ гуэрхэр кlэух яхуэхъу щlидзащи, мыбдежми мыбыхэм щыгъуазэ щыхуэтщlынщ.

Мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщщи, *"зэманыгъуэ"хэм теухуауэ ухуагъэххэ псалъэхэм клэух яхуэхъу макъхэр*щ мыхэри, нытlэ, дэтхэнэ зы *"зэманыгъуэ"м теухуа*уэ зэпкъырыува мы *"глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"*хэр нэхъри *гурыlуэгъуэ къытхуэзыщlр*э *флэщ зэрыхъу*р е мы *псалъэ*хэр я *мыхьэнэклэ*рэ *щыlэу щыт*у зэрылъытэ макъхэращ мы зи гугъу тщlы *псалъэ*хэм *клэух* яхуэхъу мы *мак*ъхэр.

Аращи, **"блэкlа зэманыгъуэ"**р **жыжьагъ** зэрылъытэ **"а" макъ**ымкlэ зэрылъытапхъэр (пп: къэкlу**а**) гурыlуэгъуэнщи, глаголыр и *"инфинитив"* формэм (къэкlуэн) *къикла*рэ зэры*лэжьа*р (къэкlуа) къызыхэщ лэжьэкlэрщ *"блэкla зэманыгъуэм теухуа глагол лэжьэклэ"*р. **"Къэкlуэну зэманыгъуэ"**ри къытпэщыту дызыхуэкlуэ **"ужьыгъуэ"**у **"у" макъ**кlэ (пп: къэкlуэн**у**) зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, нытlэ, мыр къыщыlуатэ *"иджы"*м щыгъуэ *иджыри мылажьэ*у зэрыщытынум зэрезэгъкlэ, *глаголыр иджыри и "инфинитив" формэ*м къимыкlауэ *–инфнитив формэм ит*у-

лъытэныр (къэкlуэн) *игъуэщ*и, мы *"инфнитив глагол"*ыр *дызыхуэкlуэ* зы *зэманыгъуэм щылэжьэнур*и абы къыпыщэж *"у" кlэух*кlэрэщ (къэкlуэн-у) зэрылъытэр.

Ауэ икlи, глаголхэр *"блэкla"*рэ (а) *"къэкlуэну"*м (у) теухуауэ ухуа мы **"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"**хэр мы зэрызэпкъырылъ щlыкlэу *щылэ*у **щыт**у адыгэбзэм зэрилъытэри **"щ" макъ кlэух**кlэрэщ (пп: "къэкlу**а**ш; къэкlуэн**у**щ").

Мы "къэкlуэну зэманыгъуэ"м нэмыщl, *"къэкlуэну"р лантlэ лlэужьыгъуэ*у щыту **"мынаlуэ къэкlуэну"** тлъыта **глагол лэжьэкlэ**ри *"инфинитив глагол"*ыр **"щ" макъ кlэух**кlэрэ зэрылъытэущ (пп: "къэкlуэнщ") зэрызэпкъырыувэр. *Къэкlуэнум теухуа* лъыта мы *глагол лэжьэкlэ*р къытпэщыт *"ужьыгъуэ"*у *"у" кlэуххlэ*рэ лажьэу лъыта *"къэкlуэну зэманыгъуэ"*рэ *глагол лэжьэкlэм елъытауэ гарант*ышхуэ *зимыlэ*у *лантlэ*у лъытапхъэми, *"глагол инфинитив"* жыхуэтlэм езыри и *мыхьэнэкlэ лэжьэну гъэпсагъэххэ*у зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, дэтхэнэ зы *"къэкlуэну зэманыгъуэ"м хуэгъэпса*гъэххэрщи, мыри зы *къэкlуэну зэманыгъуэ* лlэжьыгъуэрщ, икlи *"щ" кlэуххlэ* зэрылъытэми ар мы и мыхьэнэкlэрэ лэжьэну гъэпсагъэххэу зэрыщытыр наlуэ къещlыр.

Мы *блэкla*рэ *къэкlуэну* зэман лlэужьыгъуэ *псалъэ*хэр *иджым къыщыхъуу щымыт*хэрщи, ахэр мы зэрызэпкъырыува щlыкlэу *пэжыгъэ зилэ*у зэрыщытри къыхэгъэщауэ *флэщ щlын* зэрыхуейри гурыlуэгъуэнщ. Мырагъэнщ икlии, мы зи гугъу тщlы псалъэхэм *"щ" мак*ъыр кlэухыу къащтэр. Ауэ, *иджым щыджу щыт*рэ икlи мы *зэрыджри иримыкъуа*уэ *утыку*и *къимыхьа*уэ щытыр **иджыри мыджа**рэ lупщlыу **утыку** зэр**имыт**ым икlи *утыку къызэрихьэну* щlыкlэми *гарант* зэр*имыlэ*м папщlэрагъэнщи, **"ит зэманыгъуэ"**м теухуа **"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"**м *–"ит зэман гъэлъагъуэ" (о, мэ) зыхэзыубыдэ псалъэм-* **"щ" макъ**ыр **кlэух къимыщтапхъэ**у (уэ уокlуэ) зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, *"ит зэман"*ым теухуа мы *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"* мыхьэнэр *нэхъ гурыlуэгъуэ зэрыщlыпхъэ*рэ къыхэгъэщыпхъэу **"р" кlэух**кlи *къызэрыlуэтапхъэ*р гурыlуэгъуэнщ {пп: "уэ у**о**кlуэ(р); ар **мэ**хъу(р)"}.

*

Мы къэтlуэтахэр *"хъупхъэ"* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм кlэух хуэхъу макъхэрщи, "ит зэман лэжьэкlэу ухуа псалъэ"м кlэух хуэхъу "р" макъыр -и къэlуэкlэ пхъэшагъэкlэрэ- *иджым иту щыджу щыт*ым *гулъытэ* зыхуэзыщlырщ. Аращи, "ит зэманыгъуэ"м нэмыщlхэм

теухуауэ ухуа псалъэхэри мы зэрызэпкъырыува щlыкlэу пэжрэ фэщlыгъэ зиlэу зэрыщытыр зылъытэри щыlэ лъабжьэ зылъытэ ″щ″ макъ кlэухкlэрэщ.

Ауэ, ягъэзащlэ мыхьэнэрэ къалэнхэр гурыlуэгъуэ къытхуэхъуа *мы макъхэр* (р; щ) мы зи гугъу тщla псалъэхэр *″мыхъупхъэ″*у щылъытэм деж, *псалъэ*хэм *кlэух* яхуэхъун зэры*имыгъуэ*нури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, *мыхъуа*рэ мыхъунур е *иджыри утыку къимыхьэ*р *щыlэу щыту флэщу* зэры*мылъытапхъэ*м папщlэ, мыпхуэдэхэр зэрылъытэ псалъэхэм *″щ″ кlэух къызэрамыщтэ*нур гурыlуэгъуэщ. *″Ит зэманыгъуэ″*ри *иджым иджыри щыджу иту щыт*ыр зэрылъытэрщи, ар мы зэрылъытэкlэрэ *″мыхъуныгъэ″*уи зэрымылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, *″ит зэманым теухуа псалъэ″*р *″мыхъуныгъэ″у зэрылъыт*эфынури *″иджы″м теухуауэ*щ зэрыухуэущи, мыри ″мыхъуныгъэ″у ″блэкla″рэ ″къэкlуэн″ум теухуа псалъэхэм хуэдэу ″щ″ кlэухкlэ зэрымылъытэнур гурыlуэгъуэщ.

″Мыхъуныгъэ″у ухуэ псалъэхэм нэмыщl, *″упщlэ″* лlэужьыгъуэ псалъэхэри мы и гугъу зэрытщla щlыкlэу мы кlэух макъхэмкlэ (р; щ) зэрымыухуапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Аращи, псалъэм папщlэ, мы ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, *″ит зэманыгъуэ″*р *иджым иджыри щыджу иту щыт*ыр зэрылъытэ ″зэманыгъуэ″рщи, ар иджыри утыку къимыхьауэ зэрыщытым папщlэ, узытеупщlыхьын гуэри къызэрымыхъупхъэм зэрезэгъкlэ, ″ит зэманыгъуэ″м теухууэ ″упщlэ″ри игъуэкъым. ″Ит зэманыгъуэ″кlэрэ утыку къихьэр щылъытэр ″иджы″ зэмынагъуэущи, ″упщlэ″ри зыхуэигъуэр ″иджы″м теухуа псалъэхэращ. Иджым теухуа ″упщlэ″ри иджым щыту зэрылъытар иджыри иримыкъуауэщ зэрылъытэри, мыбыхэми иужькlэ игъуэ лэжьыгъэ lыхьэхэм икlэ нэгъунэ щыгъуазэ дыщыхуэхъунущ.

Икlи, *″блэкla″*рэ *″къэкlуэну″*м икlи *″иджы″м* теухууэ *къэхъу*рэ *гъэзащlэ*хэм *гурыщхъуэ зэрытещlыхь*ырщ *″упщlэ″* жыхуэтlэхэри, нытlэ, *щыlэу щыту зэрыщытым гурыщхъуэ зытещlыхь* мыпхуэдэу псалъэхэм – *″упщlэ″* лlэужьыгъуэ псалъэхэм- *щыlэу щыту зэрыщытыр флэщу зылъытэ ″щ″ мак*ъыр *кlэух* язэры*хуэмыхъун*ури гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, мы къэтlуэтахэмкlэ гурыlуэгъуэ къытхуэхъууэ жыlэпхъэщи, аргуэру къыхэгъэщыпхъэмэ, ″хъупхъэ″ лlэужьыгъуэ псалъэхэм мы зэрыжытlауэ кlэух язэрыхухъу **″р** (ит зэманым), **щ** (блэкlарэ къэкlуэну зэманым)**″** *мак*ъхэр **″мыхъупхъэ″**рэ **″упщlэ″** лlэужьыгъуэу ухуа *псалъэхэм* **кlэух** язэры**хуэмыхъу**нур гурыlуэгъуэщ.

Ауэ икӏи, **″упщӏэ нэужь″** -*″упщӏэ пэджэж″* лӏэужьыгъуэ- *глагол лэжьэкӏэ*хэу *ипэкӏэ зи гугъу тщӏа*хэри щылъытэу зэрыухуэ *псалъэхэри* **″р, щ″ кӏэухкӏэ** къызэры**мыӏуэтэн**ур гурыӏуэгъуэнщ.

Дауи, глаголхэр мыпхуэдэу зэрылъытэрэ зэрылажьэ щӏыкӏэхэм иужькӏэ игъуэ лэжьыгъэ ӏыхьэхэм икӏэ нэгъунэ щыгъуазэ дыхуэхъуну къытпэщытщи, мыбыхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэрэ къэӏуэтапхъэхэр иджыркӏи ирикъунщ.

## ″ГЛАГОЛ″ХЭР -″ӀУЭХУ/ХЬЭРЫЧЭТ″ХЭР- ЩЫДЖРЭ ″ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКӀЭ″У КЪЫЩЫӀУАТЭ ″ЗЭМАНЫГЪУЭ″ХЭМ ТЕУХУАУЭ

Зэрыгурыӏуэгъуэу, **″иджы″** жыхуэтӏэр **джыгъуэ**щ, **сытри щыджыр ″иджы″**ращи, **″иджы″м нэмыщӏ** зы **″джыгъуэ″**рэ **″иджы″** щыӏэкъым. Ныт1э, дэтхэнэ гуэрыр **дэтхэнэ зы зэманыгъуэ**м къыщыхъуу *утыку къихьэ*уи **ирелъытэ**, сытри **къызэрыхъу**рэ **къыщыхъу**р зы **джыгъуэ**у **″иджы″**ращ. Аращи, **иджы**рэ *ит*у тлъытэри, **блэкӏа**уэ е **къэкӏуэну** тлъытэри **щыдж**рэ утыку къыщихьэр **джыгъуэ**у зы **″иджы″**ращ. Ныт1э, мы ″иджы″р **иджырей** –*″джыгъуэ″*у- **″иджы″**рауэ щытынщ, е **″блэкӏа″** -*зы ″джыгъуэ″у*- **зы ″иджы″**рауэ щытынщ, е **″къэкӏуэну″** -*зы ″джыгъуэ″у*- **зы ″иджы″**рауэ щытынщ: *сытым щыгъуи ″джыгъуэ″*у щытыр зы *″иджы″*ращ, е *″иджы″р сытым щыгъуи* зы *джыгъуэ*у щытырщ.

Ныт1э, *иджым нэмыщӏ джыгъуэ щымыӏэ*у, *сытри щыджыр зы иджы*ращи, адыгэбзэм мы и **″иджы″ псалъэ**м къикӏри мыбдежым *дигу къыщыдгъэкӏыжынщ*.

Зэрыгурыӏуэгъуэу **″зэман″**ым **елъыта**уэщ **сытри зэрыдж***рэ щыӏэгъуэ зыгъуэт*у *утыку къызэрихьэ*ри, **″зэман″**ыр зи лъабжьэрэ **″ордина**т**″**у къекӏуэкӏ мы *″системэ″*м -**″зэман координат системэ″**м- *дэтхэнэ и зы лъэбакъуэм* **щыдж**ри **″абзсис″**уэщ зэрылъытэр. Мыпхуэдэуи –*″абзсис″ лӏэужьыгъуэ*у- *увыӏэгъуэ зимыӏэу* **″щыӏэгъуэ системэ″**и **мэухуэ**ри, *″зэман системэ″м щыджарэ къытехъуакӏа* мы *″щыӏэгъуэ системэ″*ри **″геометрие координат системэ″**ущ зэрылъытэр. Мы системэм и лъабжьэу и **″ордина**т**″**ри -**″геометрие лъабжьэ″**у- **″х″**уэщ зэрыгъэлъагъуэри, икӏи ″х″ макъыр **адыгэбзэ**ми **″щыӏэм лъабжьэ хуэхъу″** мыхьэнэ зиӏэу зэрытлъытари гурыӏуэгъуэщ. Дауи, увыӏэгъуэ зимыӏэу *къекӏуэкӏ* дэтхэнэ зы **″координат системэ″**м *дэтхэнэ и зы лъэбакъуэм* **щыдж**у утыку къихьэр *системэм и* **″абзсис″**у **″и″**уэщ зэрылъытэри, *″и″*

*макъри* **адыгэбзэ**м *"абзсис" мыхьэнэ зиl*э зэрытлъытари гурыIуэгъуэщ. НытIэ, *"зэман"ыр зи лъабжьэу зэпыщlа*уэ щыт дэтхэнэ зы *"координат системэ"м дэтхэнэ и зы лъэбакъуэм* утыку къихьэ **"абзсис"**ыр -*"и"*р-**зэрыджр**э **щыдж**ращ **"иджы"**ри, *адыгэбзэм "иджы"*р -*"и-джы"*- *"абзсис" зэры"дж"*у -*"абзсис щыдж"*рэ *"абзсис джыгъуэ"*у- зэрыщытрэ е *зэрылъытапхъэ*ри гурыIуэгъуэщ. Ауэ икIи, зи гугъу тщIа мы *системитl зэпыщlам лъабжьэ*у щытри *"зэман системэ"*ращи, нытIэ, **"иджы"**р икIи -*адыгэбзэми щызэрызекIуэ*у- япэрауэ зы **"зэман"** *лIэужьыгъуэ псалъэ*у – *"термин"*у- зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ. Араща тIэ, **сытри зэрыджр**э **щыдж**у **джыгъуэ**у щытыр **"иджы"**щ.

ИпэкIэ къедгъэжьа псалъэм къыкIэлъыкIуэу *адыгэбзэ*м и *"иджы"* псалъэмрэ мы и *макъхэм*рэ *математикэ*м зэрилъытэ щIыкIэхэр *зэрызэтехуэ*у мы къыдэдгъэувэжахэм къыкIэлъыкIуэу –аргуэру- ипэкIэ къедгъэжьауэ щыта псалъэхэм дыхуэкIуэжу къапытщэжын.

Араща тIэ, дэтхэнэ гуэрыр **дэтхэнэ зы зэманыгъуэ**рэ зы **джыгъуэ**у **дэтхэнэ зы "иджы"**м щыджрэ **къыщыхъу**у **щырет**, ар **зыщыдж**рэ *къыщыхъур* **щылъытэ**у **къыщыIуатэр**и зы **"иджы"**ращ: *иджырей иджы* е *иужьрей иджы*. Араща, **иджырей "иджы"м** щыгъуэ езым **къыщыхъу**у щырет, е **"блэкIа"** джыгъуэу зы **"иджы"м къыщыхъуа**уэ щырет, е **"къэкIуэну"** джыгъуэу **зы "иджы"м къыщыхъуну** щырет, мыхэр къыщыхъу а **зэманыгъуэ**хэри *зэрыигъуэу* **зэрылъытэр** (*"*ит, блэкIа, къэкIуэну*"*у зэрылъытэр) **щылъытэ**рэ **къыщыIуатэ**ри мы **иджырей "иджы"ращ** - иджым щыгъуэращ.

НытIэ, мы къэтIуэтахэми гурыIуэгъуэ къызэрытхуащIыу, сытри щыджыр -икIи къыщыIуатэр- *"*иджы*"*ращи, щыджрэ къыщыIуатэ *"*иджы*"*м елъытауэ глагол лэжьэкIэхэри мы зэрызэщхьэщыгъэкIыпхъэм ипкъ зэриткIэ, мы зи гугъу тщIахэм мы илъабжьэм щхьэхуэ щхьэхуэу щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

## ЩЫДЖРЭ КЪЫЩЫIУАТЭ *"*ЗЭМАНЫГЪУЭ*"*ХЭМ ЕЛЪЫТАУЭ НОРМАЛ *"*ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКIЭ*"*ХЭР ЗЭРЫЛЪЫТАПХЪЭХЭР

Япэрауи, *"иджы"м къыщыхъу*р *"зэманыгъуэ"у "иджы"*уэ зэрылъытэнур (пп: *"*кIуэ!*"*) гурыIуэгъуэщи, къыщыхъур *"иджы"уэ* зэрыщытыр *щылъытэнури "иджы"*ращ – иджым щыгъуэщ: *"иджы"м къыщыхъу*р *"иджы"уэ зэрылъыт*эр *щылъытэу* икIи *къыщыIуат*эр

*"иджы"*щ. Аращи, *"иджы"*р и *кlуэцlкlэ зэрызекlуэ*р *–"джыуэ щыту"*-зэрылъытэ *"ит зэманыгъуэ"м къыщыхъу*ри *"зэмыныгъуэ"у* -"ит зэман гъэлъагъуэ"кlэрэ- *"ит зэманыгъуэ"у зэрылъыт*эр (пп: "уокlуэ"; "макlуэ; къокlуэ") *щылъыт*эрэ икlи *къыщыlуат*эри *"иджы"*ращ.

*"Блэкla"м къыщыхъуа*р *блэкla джыгъуэу зы "иджы"*м къыщыхъуауэ щытми, ар зы *"зэманыгъуэ"*у *"блэкla"*уэ зэрыщытыр –"блэкla гъэлъагъуэ"кlэрэ ухуауэ- *зэрылъытэр* (пп: "укlуащ; кlуащ") *щылъыт*эрэ икlи *къыщыlуатэр*и мы *"иджы"ращ*. Мыпхуэдэщи, *"къкlуэну"м къыщыхъуну* лъытапхъэри *къэкlуэну зы "иджы"*м къыщыхъуну щытми, ар зы *"зэманыгъуэ"*у *"блэкla"*уэ зэрыщытыр –"къэкlуэну гъэлъагъуэ"кlэрэ (у) ухуауэ- *зэрылъытэр* (пп: "укlуэнущ; кlуэнущ") *щылъыт*эрэ икlи *къыщыlуатэр*и мы *"иджы"ращ*; икlи, *"мыналуэ къэкlуэну"*м *къыщыхъун хуей*уэ лъытапхъэри *"зэманыгъуэ"у* –зэрыигъуэу ухуауэ- *"мыналуэ къэкlуэну" зэрылъытэр* (пп: "укlуэнщ; кlуэнщ") *щылъыт*эрэ икlи *къыщыlуат*эри мы *"иджы"*ращ.

*Глаголх*эр *зэрылажьэ*м теухуауэ дэтхэнэ зы *"зэманыгъуэ"*р *зэрылъыт*эрэ *къызэрыlуатэ псалъэр зытеухуа къэхъуныгъэ "зэманыгъуэ"* зэрылъытэущ зэрызэпкърырыувэри, мыхэр *мыпхуэдэу зэрылъытэр щылъыт*эрэ *къыщыlуат*эри *"иджы"*рауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Ауэ икlи, мы ипэкlэ *къэтlуэтарэ* къэта *щапхъэхэм*и къызэрагъэлъагъуэщи, къиlуатэр *къыщыхъуа зэманыгъуэм* теухуауэ ухуа *дэтхэнэ зы псалъэр* мы зэрыухуа щlыкlэу *щылъытарэ къыщыlуэта*уэ *тлъыта* **мы "иджы"**ри **иджырей "иджы"**рауэ зэрыщытри наlуэщ. Мы зи гугъу тщlахэри *"иджы - ит, блэкla, къэкlуэну – мыналуэ къэкlуэну" зэманыгъуэ*хэрщи, мыхэр икlи *бзэм нэхъыбэу щызекlуэ*у ипэкlи **"нормал глагол лэжьэкlэ"**хэу тлъытахэрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Икlи, бзэм *нэхъыбэу хэлэжьыхьэ "глагол лэжьэкlэ"* лlэужьыгъуэхэу зэрыщытым зэрезэгъкlи *"нормал глагол лэжьэкlэ"*у мы тлъытахэр *зэмылlэужьыгъуэ "зэманыгъуэ"*хэм теухуауэ щытми, а **зытеухуа "зэманыгъуэ"**хэр **щылъытэр**и *мы "иджы"*уэ –**иджырей иджы**уэ-зэрыщытым зэрезэгъкlи, мы *"глагол лэжьэкlэ"*м **къыщыlуатэ**хэр икlи **хъыбар** *лlэужьыгъуэ*хэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ. Аращи, *"иджы"*рэ *"ит зэманыгъуэ"*м икlи *"блэкla"*рэ *"къэкlуэну" -"мыналуэ къэкlуэну"*- зэманыгъуэхэм теухуа *"глагол лэжьэкlэ"*хэр **занщlэу** *мы* **"иджы"м къыщыlуатэ**у зэрыщытым папщlэ, *хыбар къэзыт* –**хъыбарыт-**

е *хъыбар къыдэзгъащlэ*у **"хъыбарегъащlэ"** лIэужьыгъуэ **"глагол лэжьэкIэ"**хэу зэрыщытхэри гурыIуэгъуэщ.

## НОРМАЛ "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКIЭ"ХЭР ЗЭРЫЛЪЫТА "ЗЭМАНЫГЪУЭ"ХЭР ЗЭРЫЩЫТУ "БЛЭКIА"УЭ КЪЫЗЭРЫIУЭТЭЖХЭР: **"IУЭТЭЖ"** ЛIЭУЖЬЫГЪУЭ "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКIЭ"ХЭР

Мы къэтIуэтахэми гурыIуэгъуэ къызэрытхуащIщи, мы *"иджы"м щыджэ*ымрэ *"блэкIа" зы "иджы"м е "къэкIуэну" зы "иджы"ым щыджэ*у мы зи гугъу тщIахэр *къыщыIуатэ*ри *мы "иджы"ращ – "иджырей иджы"*ращ. Аращи, джыгъуэу щыт *"иджы"*р *блэкIа е къэкIуэну* щырет, а *"иджы"хэм щыджэ*ыр *къыщыIуатэр "иджырей иджы"*ращи, икIи *къэIуэтэнри* зы *джы* лIэужьыгъуэщ.

НытIэ, мы зи гугъу тщIахэр мы *къыщыIуатэ "иджы"*м нэмыщI, къыкIэлъыкIуэ зы "иджы"ми *–иужьрей зы "иджы"ми- къыщыIуэтэфыну* зэрыщытри гурыIуэгъуэнщ. Аращи, *иджым, блэкIа*м е *къэкIуэну*м *щыджэ*рэ *"иджы"*м *хъубар* лIэужьыгъуэхэу *къыщыIуэта*хэр *иужьрей* зы зы *"иджы"*ми *аргуэру къыщыIуэтэжэ*ыфынухэр гурыIуэгъуэщи, мыбдежым зи гугъу тщIы *"глагол лэжьэкIэ"*хэр мыхэращ. Нэгъуэщ1ыу жыпIэмэ, мы ипэкIэ *"глагол лэжьэкIэ"у "хъыбарегъащIэ"* лIэужьыгъуэхэу тлъытахэр *иужькIэ –иужьрей зы "иджы"м- къызэрыщыIуэтэж "глагол лэжьэкIэ"*хэращ мы зи гугъу тщIыхэр.

Аращи, мыбдежым зи гугъу тщIыр *"блэкIа" зы "иджы"м елъытауи "блэкIа"*уэ щыт *зы "иджы"м щыджэыр* мы *"блэкIа" гъунэгъу "иджы"*м *"хъыбар"*у къыщыIуэтапхъэу щытыр *"иджырей иджы"*м къызэры*щыIуэтэжэ*ым теухуащи, *"иджы/ит, блэкIа, къэкIуэну"*м *щыджэ*рэ икIи *хъыбар*у *"иджы"*м –мы *щыджэ*хэм хиубыдэ *"иджы"*м-къыщыIуэтахэр -е къыщыIуэтапхъэхэр- *зэрыщыту иужь къизыгъэнэжа "иджырей иджы"м къыщыIуэтэж "глагол лэжьэкIэ"*хэр мы зи гугъу тщыр.

Нэгъуэщ1ыу жыпIэмэ, *"блэкIа" гъунэгъуми и "блэкIа"*м *–блэкIа жыжьэ*м- теухуа *джыгъуэ*р *"иджырей иджы"м къыщыIуэтэжэ*ынращ мыри, **блэкIа** зы **"иджы"м елъытауи блэкIа**уэ щыт зы **"иджы"**ым **щыджэ**р **мы** иджырей **"иджы"**м къызэры**щыIуэтэж "глагол лэжьэкIэ"**рщ.

Аращи, мы зи гугъу тщlы *"глагол лэжьэклэ"*р *"хъыбарегъащlэ"* лlэужьыгъуэкъыми, а *"блэкla" зы "иджы"м* **"хъыбар"***у къэlуатэу щытар* - **"хъыбарегъащlэ"**у **щытар**- *иужькlэ* -иужьыlуэкlэ- *иужьрей*уэ мы **"иджырей иджы"**м къызэры**щыlуэтэж**у, зы **lуэтэж** -сторие- лlэужьыгъуэ **"глагол лэжьэкlэ"**рщ.

Ар щыхъукlи, *"хъыбар"*хэр и *пэж*ыгъэрэ *флэщ*ыгъэр зыщlэкlарэ *лантlэ* зэрыхъуа *къэlуэтэклэ*у лъытапхъэщ мы зи гугъу тщlыри, ныtlэ, *"хъыбарегъащlэ"* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэклэ"*у *"блэкla"рэ "къэклуэну"* зылъытэ *"зэман гъэлъагъуэ"*хэр (а; у) псалъэхэм *къыхэнэ*нуми, мы псалъэхэр *пэжу зэрыщыт*ыр зылъытэрэ *флэщ* къытхуэзыщl *"щ" клэух*ым *ипlэкlэ* мыхэр *блэкlарэ флэщыгъэ зимыlэж*у зылъытэ *клэух* къищтэу зэрыыухуэж "глагол лэжьэкlэ"р мы зи гугъу тщlыр. Ныtlэ, *"блэкla"*рэ *"къэклуэну"*м теухуа **"хъыбарегъащlэ"** лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"*р *пэж*рэ *флэщ*у зылъытэ **"щ"** макъ **клэух**ым **unlэ**кlэ *"щ"ым щхьэщыкл*ыныгъэ зылъытэрэ *"щ"ыnlэ имытыж* зылъытэу **"т" макъ**ращ мы **блэкla хъыбар lуэтэж**у зи гугъу тщlы *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*м **клэух** хуэхъунур: «клуа<u>т</u>; клуэну<u>т</u>».

*"Блэкla"*рэ *"къэклуэну" –"мынalуэ къэклуэну"*ри- *"lуэтэж"*у къызэрыlуатэр мыпхуэдэщи, ахэр *"хъыбар"*у *къызэрыlуат*эу щыта *"щ" клэух*ым *unlэ "т" клэух* къызэрищтэу *занщlэу "lуэтэж"* лlэужьыгъуэу зэрыухуэр нэрылъагъущ. Ауэ, мы "блэкla"рэ "къэклуэну" лlэужьыгъуэ псалъэхэм елъытауэ *"хъыбарегъащlэ"* лlэужьыгъуэу щыт *"ит зэман глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"*р *"lуэтэж"*у къызэрыlуатэ щlыклэр *нэхъ зэхъуэкл*ыу зэрыухуэжри гурыlуэгъуэщ. Аращи, ар *"lуэтэж"*у лъытэн *папщlэ* япэрауэ **"иту лажьэу щыт"**у зэры**мылъытэж**ынур гурыlуэгъуэнщи, псалъэр *"ит зэман гъэлъагъуэ" химыубыдэж*у **"иджы"**уэ **лъыта** нэужь, **"lуэтэж"** лlэужьыгъуэ *псалъэуи* **"т" клэух** къищтэу зэрыухуэнури гурыlуэгъуэнщ: «клуэ<u>т</u>».

*"Ит зэманыгъуэ"мрэ "иджы"*м икlи *я зэхущытыклэ*м теухуауэ аргуэру къыпыщапхъэмэ, **"иджы"м къыщеклуэкл**ыр зэрылъытэщ **"ит зэманыгъуэ"**ри, **иджырей "иджы"м** теухуарэ **хуэlуа**уэ зэрыщытыр наlущ; ныtlэ, **"ит зэманыгъуэ"**р **"блэкla"**уэ зэрылъытэфынур **блэкla зы "иджы"**ущ. Ар щыхъукlи, **"иджы"**м *теухууэ къэlуатэ псалъэ*мрэ **"ит зэманыгъуэ"**м *теухууэ къэlуатэ псалъэ*р **"блэкla" зы "иджы"уэ** зэрылъытэнур **зэхуэдэ**ущ: «"маклуэ → клуэт"; "уоклуэ → уклуэт"»; «"къоклуэ → къаклуэт"; "укъоклуэ → укъаклуэт"».

Нытlэ, зэмылlэужьыгъуэ зэманыгъуэхэм теухуа ″глагол лэжьэклэ″хэр къызэрыlуэтэж щlыклэу, ″lуэтэж″у зэрылъытэ щапхъэхэри мыбдежым зы таблицэу къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| Мэхъу → Хъут |
| Хъуащ → Хъуат |
| Хъунущ → Хъунут |
| Хъунщ → Хъунт |

## ″lУЭТЭЖ″ХЭР ″КЪЫЗЭРЫlУЭТЭЖ″ХЭР: **″lУЭРЫlУЭТЭЖ″** КЪЭlУЭТЭКlЭХЭР

*″lуэтэж″*у къекlуэкlхэр *аргуэру къызэрыlуэтэж*хэр *″lуэтэж″хэм я ″lуэтэж″*у зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщи, **″lуэтэж″у** щытыр **къаlуатэ**у –**″lуэтэж″**хэр **къызэры″lуэтэж″**у- зэрыщытри къызыхэщ къэlуэтэкlэхэрщ: «жиlат жи».

Мы къэта щапхъэм ипэ къихуэ *″жиlат″ псалъэр ″lуэтэж″* лlэужьыгъуэ псалъэу зэрыщытыр нэрылъагъущи, ар *″ещанэ щхьэ″м теухуа ″глагол лэжьэклэ″*у зэрыщытым хуэдэжу, абы къыкlэлъыкlуэ *″жи″ псалъэри ″ещанэ щхьэ″*м теухуа *къэlуэтэкl*эрщ. Нытlэ, мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlщи, **къаlуэта**р (жиlащ) **къызэрыlуэтэж**у (жиlат) къекlуэкlыр **къызэрыlуатэ**р (жи) зэрылъытэ мы *псалъэ ухыгъэ цlыкlу*рщ (жиlат жи) мыри, ар иджырэ *″ит зэманыгъуэ″*у **къэзыlуатэ**ращ мы *дызэдаlуэ*ри.

Мы ″жи″ псалъэри ″желэ″ псалъэм теухуауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщ; ауэ, *″желэ″ псалъэр ″ит зэманыгъуэ″*у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, нытlэ, абы *и ″иджы зэманыгъуэ″*р зэрылъытэ *″жиlэ″ псалъэ*м *теухуа*уэ лъытэныр нэхъ зэрыигъуэри наlуэщ мы *″жи″* псалъэр. Аращ икlии, ″lуэтэж″ыр *къэзыlуатэ* (″ит зэманыгъуэ″у) *″сэ″м* мы *″lуэтэж″ыр зы ″ещанэ щхьэ″м къыпкърыкl*ыу -″иджы зэманыгъуэ″уи- зэрилъытэущ *къызэриlуатэ*р.

Дауи, *″жи″ псалъэр ″жиlэ″* псалъэм теухуарэ ар *зэрыгъэклэщlа* къэlуэтэкlэу лъытапхъэщ; ауэ, *адыгэбзэм псалъэ*хэр -ауэ къызэрыкlуэу-*гъэклэщl*ауэ къэlуэтэн *хабзэ* зэр*имылэн*ури гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, ″жи″ псалъэр ″жыlэн″ глаголым и ″ещанэ щхьэ″м теухуа ″иджы зэманыгъуэ″ къэlуэтэкlэу щыт ″жиlэ″ псалъэр зэрыгъэкlэщlа къэlуэтэкlэу лъытапхъэмэ, мыпхуэдэу зэрыухуа щlыкlэри *зыгурыдгъэlуэн хуейуэ къытпэщытщ*.

Мы ипэкlэ къэтlуэтахэми къызэрыхэщщи, *"lуэтэж"*у ухуа *"жиlат" псалъэр* иджым *"ит зэманыгъуэ"у къэзыlуатэр* -"япэрей щхьэ"уэ щыт- *"сэ"* нэрыбгэращи, икlи "сэ"м мыр зы "lуэтэж"у (жиlат) зэрыщытущ *къызэриlуатэр*. Нытlэ, "сэ"ми *"жиlат"у мы къиlуатэр* япэу къэзыlуатэу – *къызпкъырыкl*ыу- щытар *блэкlагъэшхуэ* зиlэ зы *"ещанэ щхьэ"*уэ щытрэ, зы *"блэкlа зэманыгъуэ"у* (жиlа) *къызэриlуэтар*ари нахуэщи, ар *а лъандэрэ къэlуэтэжу* къызэрыгъуэгурыкlуэм *аргуэру зы "ещанэ щхьэ"м* къызэрыlуатэри *"иджы зэманыгъуэ"у "*жи" *псалъэмкlэщ "сэ"м къызэрыlуатэр*. Аращи, къыщыlуатэ щыгъуэм *"ит зэманыгъуэ"у къэlуатэр иджы*рей зэманыгъуэм -къэlуатэу мы зэрыщытауэ- зэрылъытэкlэрэ къызэрыlуэтапхъэр *"иджы зэманыгъуэ"*ущ: *"ещанэ щхьэ"м къыщиlуат*эм *"ит зэманыгъуэ"*у *"желэ"*у къэlуэтар *иужькlэ* а къыщыlуэта "ит зэманыгъуэ"р мы иджым къызэрыщыlуэтэжыпхъэр *"иджы зэманыгъуэ"*у *"жиlэ"*ущ –"жи"уэщ-; мыр къэзыlуатэ *"сэ"ми къыщиlуат*эри *"ит зэманыгъуэ"*у дыщедаlуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщи.

Нытlэ, мы "жиlэ" псалъэр гъэкlэщlауэ "жи"уэ мы къызэрыlуэтэжыр ауэ къызэрыкlуэу къызэрыгуэкl зы къэlуэтэкlэу зэрымылъытапхъэр гурыlуэгъуэщи, мыр нэхъ гъунэгъуу зыгурыдгъэlуэн хуейщ.

Япэрауэ, "жиlэ" псалъэр зэрыух "lэ"р зэрыпыхуа щlыкlэ къэlуэтэкlэщ "жи" псалъэр утыку къызэрихьари, нытlэ, "жи"м къыкlэлъыкlуэ "lэ"м зыкъимыгъэлъагъуми, "генератикэ зэпыщlэныгъэ" (ж) зэры"дж" (и) зэрылъытэ мы *"жи" псалъэ*м и *мыхьэнэ*р наlуэщи, ар -"lэ"кlэ къэмыlуми- *щхьэжу зы "псалъэ"*у лъытапхъэщ. Аращи, генератикэ зэпыщlэныгъэ"у "джы"р зи мыхьэнэуэ мы зэрылъытар щхьэжу зы псалъэрщи, нытlэ, мы утыку къихьа мыхьэнэр аргуэру -зы зэманыгъуэ пыухытыкlауэ (lэ)- утыку иту лъытэн зыхуэмыныкъуэжу лъытапхъэрщ. Нытlэ, мыпхуэдэу зэрыщытым зэрезэгъкlэ, "жиlэ" псалъэм ипlэ -абы и мыхьэнэр хэмыкlуэдыкlыщэу зэрылъытэф- "жи" псалъэр иувэу бзэм щызекlуэу щlидзауэ къыщlэкlынущ.

Мыбы нэмыщl, -ауэ мыри хэтыжу-, "lуэтэж"ыр (жиlат) иджы "иджы зэманыгъуэ"м теухуауэ къызэрыlуатэ "жиlэ" псалъэр кlэщlыу "жи"уэ мы зэрылъытэр икlи "lуэтэж"ыр (жиlат) *къызэрыlуат*эм теухуа *"ещанэ щхьэ"*р *иджы дыдэм "сэ"м и зэманыгъуэ*у щыт *"ещанэ щхьэ"м зэрызэщхьэщыкl*ми –блэкlагъэшхуэ зиlэрэ мынаlуэ зы "ещанэ щхьэ"у зэрыщытым- езэгъыуи къыщlэкlынщ. Икlи, *"lуэрыlуэтэж"*у мы къеклуэкlыр *"сэ"м* къылъымыс *ипэ къэзыlуат*эу щытагъэну зы *"ещанэ щхьэ"*ри –"сэ"м и зэманыгъуэм

теухуа- *иджырей "ещанэ щхьэ"хэм къазэрыщхьэщыкl*ми елъытауэщ *"сэ"м* езым *къынэса* мы *къэlуэтэгъуэ*р езым ипэlуэкlэ мы къэзыlуатэу щытами къиlуатэр ″иджы зэманыгъуэ″у ″жиlэ″ущ -″жи″уэщ- зэрилъытэр.

Мы зи гугъу тщla лъэныкъуитlри зыхиубыдэу лъытапхъэми, нобэ *дэтхэнэ зы "ещанэ щхьэ"ми теухуа*уэ бзэм щызекlуэу хэтщ *"жи" псалъэ*ри tlэ, ар къызэрыхъуам теухуауэ зи гугъу тщla *деталым елъытауэ "жи"*уэ къэlуатэу *бзэм хэхьа*уэ щытами, ар *иужькlэ дэтхэнэ зы "ещанэ щхьэ"ми теухуа* къэlуэтэкlэу бзэм щызекlуэу щlидзауи къыщlэкlынщ.

Нытlэ, мыхэр зытежытlыхьа мы къэlуэтэкlэрэ ″глагол лэжьэкlэ″хэм теухуа щапхъэхэри зы таблицэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| Хъут → Хъут жи |
| Хъуат → Хъуат жи |
| Хъунут → Хъунут жи |
| Хъунт → Хъунт жи |

Мы къызэрыхэдгъэщауэ, зым жиlауэ щытар нэгъуэщlхэм –нэхъыбэуи къыкlэлъыкlуэ щlэблэм- къиlуэтэжу *"lуэрыlуэдз"*рэ *"lуэрыlуэтэж"*у къекlуэкlыр *къызэрыlуатэ щlыкlэ*рщ мы зи гугъу тщlыр. Нытlэ, нэхъыбэуи *ижь зэманыгъуэ*хэм *къыщlэна*рэ *а лъандэри къаlуэтэж*у къэгъуэгурыкlуэу адыгэбзэми *"lуэрыlуатэ"*у илъытэхэр къызэрыlуатэ щlыкlэхэрщ мы зи гугъу тщlы къэlуэтэкlэхэр.

Аращи, *"lуэрыlуатэ"*хэр *къызэрыlуатэ щlыкlэу* щытащ *Адыгэм "lуэрыlуатэ"* къиlуэтэну *зэрыщlидзэ*ри, мы ипэкlэ къэта щапхъэхэм хуэдэу *"lуэтэж"*у ухуа *псалъэм "жи"*ри къы*пищэжу*т. Ауэ икlи, *"lуэтыlуатэ"м зэрыщlидзэ псалъэ*хэри *"иджы" зэманыгъуэ*м теухуауэщ зэрыгъэпсари, мы *"lуэрыlуатэ"*р *иджы къэзыlуатэм* езым *къыпкъырыкl*ыу е икlи -ар дыдэу- ар *япэ къэзыlуэтами къыщlыlуатэ*р *"иджы"* зэманыгъуэу *къыпкъырыкl*ыу зэрыщытыр къызыхэщ къэlуэтэкlэрщ:

| |
|---|
| «хуежьэрэ хуежьэрэт жи». |

Дауи, мы зи гугъу тщlы *"lуэрыlуэтэж" къэlуэтэкl*эхэр *"lуэрыlуатэ" къызэрыlуатэ* щlыкlэу утыку къихьауи лъытапхъэ *щхьэ*, мыпхуэдэ къэlуэтэкlэхэр *нобэ консидерацэ къызэредгъэкlуэкl* щlыкlэхэм мымащlэу *щызыдохьэ*р. Аращи, *къэхъуну къытпэщыт*у тлъытэм *зыхуэгъэхьэзырын* папщlэ, зыгуэрыр *къэмыхъу ипэ къэхъуауэ* езым *зыхуэтlуэтэжу* (хъуат жи), абы дытегупщысыхьрэ хуэщlапхъэм зыхуэдгъэпсу къедгъэкlуэкl консидерацэрэ псэлъэмакъхэм щызэдохьэр мы зи гугъу тщlы ″lуэрыlуэтэж″ формэ къэlуэтэкlэхэр:

«хъуат жи...»; «хъуат жи, сыт пщlэнур?».

Ауэ мыпхуэдэу зехьэнри мыбы нэгъунэ *зи гугъу тщ*l*а "глагол лэжьэкlэ"хэм къазэрыщхьэщыкl*ри гурыlуэгъуэнщи, мыр *цlыху*м *зызэриужь*ым дищlыгъуу *бзэ*ри *зэрыужь*ым теухуауэ *"гурыщхъуэ"* лlэужьыгъуэу *иужьрей бзэ лэжьэкlэ*хэм теухуауэ зэрыщытри наlуэщ.

## "ХЪЫБАРЕГЪАЩIЭ"МРЭ "lУЭТЭЖ – lУЭРЫlУЭТЭЖ" ЛlЭУЖЬЫГЪУЭ "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКlЭ"ХЭР ЗЭРЫЗЭЛЪЫТАПХЪЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

Мы ипэкlэ зи гугъу тщl*а "глагол лэжьэкluml"*ыр *"иджы/uт, блэкl*а, *къэкlуэну"м теухуа "хъыбар"* лlэужьыгъуэу къэlуатэхэр зэрылъытэ *"глагол лэжьэкlэ"*хэмрэ, мыпхуэдэу къэlуэтахэр *иужьрей* зы *"иджы"*м *къызэрыlуэтэж "глагол лэжьэкlэ"*хэм теухуащ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, мы зэманыгъуищ зэпыщlам теухуа *"хъыбарегъащlэ"* лlэужьыгъуэу мы *"зэманыгъуищ"*ри *зэлъыта*рэ *щылъыта "иджы"м къыщыlуатэ "глагол лэжьэкlэ"*хэмрэ, мы къэlуэтахэр *иужькlэ* –иджырей *"иджы"м-къызэрыщыlуэтэжу хъыбар*у *блэкla*рэ *имыгъуэжу* –хъыбару зы пщlэи зимыlэж- икlи *пэжыщэу*и *мылъытапхъэ -"т" кlэухкlэ* лъыта- *lуэтэж* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэкlэ"*хэм теухуащ.

Нытlэ ипэкlэ къэтlуэтахэми гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlащи, зэпыщlа *"зэманыгъуищ"*ым теухуа *"хъыбарегъащlэ"* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэкlэ"*хэм къыкlэлъыкlуэрэ *нэужь*щ ахэр –я *"зэманыгъуищ"ри къызэрыхэщ*у- *къызэрыlуэтэж*у зи гугъу тщlы *"lуэтэж"* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэкlэ"*хэр. Зэрыгуэрыlуэгъуэу, ипэкlэ *"хъыбарегъащlэ"* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэкlэ"*хэмрэ зытеухуа *"зэманыгъуэ"*хэр *зэрызэлъыта*рэ *зэрызэкlэлъхьэужь*у *утыку къызэрихьа* щlыкlэхэми гулъытэ хуэтщlагъащи, нытlэ, мы *"зэманыгъуищ"*ымрэ мыбхэм теухуа *"глагол лэжьэкlэ"*хэр мы *зэкlэлъхьэужь*ыкlэу *утыку къихьа нэужь*ым, *ахэр иужьрей* зы -иджы- *зэманыгъуэм къыщыlуэтэжу* зи гугъу тщlы *"lуэтэж"* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэкlэ"*хэр утыку къихьэу щыщlидзами *зэманыгъуэу мащlэ дэкlагъэнкъым*.

Глаголхэм я лэжьэкlэхэм зэкlэлъхьэужьыкlэ зэриlэр гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, **"lуэтэж"** лlэужьыгъуэ **"глагол лэжьэкlэ"**хэри зэхуэдэ зэманыгъуэу утыку къихьауэ лъытапхъэкъым; ахэр *утыку къызэрихьа* щlыкlэми зы **зэкlэлъхьэужьыкlэ** зэраlэнури гурыlуэгъуэнщ.

Ауэ икlи, *къэхъунур къэхъуа*рэ *зэфlэкlынур зэфlэкla нэужь*у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ мы *"lуэтэж"* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэкlэ"*хэр зытеухуари, бзэм *lуэрыlуэтэж*у щызекlуэу **"lуэрыlуатэ"** лlэужьыгъуэу зи гугъу тщlыхэри *къызэрыlуатэ щlыкlэ*хэр *"lуэтэж"* лlэужьыгъуэу тлъытэ мы *"глагол лэжьэкlэ"*хэу зэрыщытхэри гурыlуэгъуэщ.

Зыр зым къытехъукlарэ зэкlэлъхьэужьуи утыку къихьауэ мы щыгъуазэ дызыхуэхъуа *"глагол лэжьэкlитl"*ыр мы *зэрызэлъыта* щlыкlэхэри къызыхэщу зы *таблиц*эри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **ЩЫIУАТЭ ЗЭМАН** | **КЪЭIУАТЭР ЗЭРЫЛЪЫТАПХЪЭ** | **НОРМАЛ "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКIЭ" ХЭМРЭ, АХЭР ЗЭРЫЩЫТУ БЛЭКIАУЭ КЪЫЗЭРЫIУЭТЭЖХЭР** |
|---|---|---|
| ИДЖЫ<br>↓<br>-----↓--------<br>↓<br>↓<br>↓<br>↓<br>↓<br>↓<br>ИУЖЬРЕЙ ЗЫ ИДЖЫ:<br>\|<br>ЩЫIУЭТЭЖ "ИДЖЫ" | ХЪЫБАРЕГЪАЩIЭ ►<br>↓<br>--------↓----------<br>↓<br>↓<br>↓<br>IУЭТЭЖ ►<br>↓<br>↓<br>↓<br>↓<br>↓<br>↓<br>--------↓----------<br>↓<br>↓<br>↓<br>IУЭРЫIУЭТЭЖ ► | ИТ З. БЛЭКIА З. КЪЭКIУЭНУ З. МЫНАIУЭ КЪЭКIУЭНУ З.<br>(мэхъу) (хъуащ) (хъунущ) (хъунщ)<br>↓ ↓ ↓ ↓<br>--↓----------↓----------↓---------- ↓----------<br>↓ БЛЕКIА "БЛЭКIА З." ↓ ↓<br>↓ (хъуат) ↓ ↓<br>↓ БЛЭКIА "КЪЭКIУЭНУ З." ↓<br>↓ (хъунут) ↓<br>↓ ↓<br>↓ БЛЭКIА "МЫНАIУЭ КЪЭКIУЭНУ З."<br>↓ (хъунт)<br>БЛЭКIА "ИДЖЫ З."<br>(хъут)<br>--↓----------↓----------↓----------↓----------<br>↓ БЛЕКIА "БЛЭКIА З." ↓ ↓<br>↓ (хъуат жи) ↓ ↓<br>↓ БЛЭКIА "КЪЭКIУЭНУ З." ↓<br>↓ (хъунут жи) ↓<br>↓ ↓<br>↓ БЛЭКIА "МЫНАIУЭ КЪЭКIУЭНУ З."<br>↓ (хъунт жи)<br>БЛЭКIА "ИДЖЫ З."<br>(хъут жи) |

Ипэкlэ къызэрытlуэтауэ, *"хъыбарегъащlэ"* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэкlэ"*хэр зытеухуа *"зэманыгъуэ"кlэ*рэ *зэрыщыту "блэкla"уэ* зэрылъытэу къызэрыlуатэрщ *"lуэтэж"* лlэужьыгъуэу мы зи гугъу тщlы *"глагол лэжьэкlэ"*ри, дэтхэнэ зы "зэманыгъуэ"р "блэкla"уэ зэрылъытэм нэмыщl, *зытеухуа "зэманыгъуэ"м елъыта "lуэтэж"* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэкlэ"*уи лъытапхъэщ. Араща, мы таблицэм *"блэкla"*уэ лъыта дэтхэнэ зы *"зэман"*ым теухуа *"къэlуэтэкlэ"*м икlи *а "зэманым теухуа lуэтэж"*у зэреджапхъэри гурыlуэгъуэнщ:

Блэкla "блэкla зэман" къэlуэтэкlэ → **"Блэкla зэман"**ым теухуа **lуэтэж.**
Блэкla "иджы зэман" къэlуэтэкlэ → **"Иджы зэман"**ым теухуа **lуэтэж.**
Блэкla "къэкlуэну з." къэlуэтэкlэ → **"Къэкlуэну зэман"**ым теухуа **lуэтэж.**
Блэкla "мынаlуэ къэкlуэну з." къэlуэтэкlэ → **"Мынаlуэ къэкlуэну з."**ым теухуа **lуэтэж.**

Мы ипэкlэ къэта *таблицэм "хъыбарегъащlэ"* лlэужьыгъуэ ″глагол лэжьэкlэ″хэм къакlэлъыкlуэу, ахэр *"lуэтэж"*рэ *"lуэрыlуэтэж"*у къызэрыlуатэ щlыкlэхэри къыпыщэжауэ зэрыщытыр нэрылъагъущ. Ауэ, *таблицэм теухуа*уэ къыхэгъэщыпхъэу къыпытщэжахэмрэ, *зэмылlэужьыгъуэ зэманыгъуэ*хэм теухуа *"хъыбарегъащlэ"* къэlуэтэкlэхэр *зэрыщыту "блэкlа"*уэ зэрылъытэжу я *"lуэтэж"*хэр зэрылъытапхъэхэри къыпыщэжащи, мыхэр къызыхэщу мы къыпытщэжа таблицэ цlыкlуми *"lуэрыlуэтэж" гугъу къызэрыхэмыщ*ыр нэрылъагъущ. Дауи, *"lуэтэж" къэlуэтэкlэ*хэмрэ мы *"lуэтэж"*хэр *аргуэру къызэрыlуатэ*у - *къэзыlуэтэжр*и *къызыхэщ- "lуэрыlуэтэж" къэlуэтэкlэ*хэр *зэманыгъуэ*уи *зэхуэдэ*у зэрыщытхэм папщlэ, ″lуэтэж″ къэlуэтэкlэм и гугъу щlыныр ирикъуну тлъытащ. Нытlэ, лэжьыгъэри кlыхь мыхъун папщlэ, мыбы нэужьрей лэжьыгъэхэм *"глагол лэжьэкlэ" зэмылlэужьыгъуэ*хэм теухуа **″lуэтэж″** *къэlуэтэкlэ*хэм я **гугъу щытщl**рэ я *щапхъэ*хэр къыщытхьым деж, **″lуэрыlуэтэж″ -**гугъу дымыщlами- **гугъуи** тщlауэ зэры**лъытапхъэ**р мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ.

## НОРМАЛ ″ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКlЭ″ХЭМ АРГУЭРУ КЪАТЕХЪУКl ″ХЪУПХЪЭ″ ЛlЭУЖЬЫГЪУЭ ″ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКlЭ″ЩlЭХЭР

Зэрыгурыlуэгъуэу, *"нормал глагол лэжьэкlэ"*хэр *"хъыбарегъащlэ"* лlэужьыгъуэщи, мыбдежым зи гугъу тщlыну *"глагол лэжьэкlэ"*хэр ″хъыбар″ лlэужьыгъуэхэу мылъытапхъэхэрщ. Ауэ, мыбдежым зи гугъу тщlыну *"глагол лэжьэкlэ"*хэри - ″lуэтэж″ лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэкlэ"*хэм *хуэдэу- "нормал глагол лэжьэкlэ"*хэм къакlэлъыкlуэу къэхъуарэ икlи къатехъукlауэ лъытапхъэхэрщ. Ауэ икlи, *мы* зи гугъу тщlыну *"глагол лэжьэкlэ"*хэр *"lуэтэж"* лlэужьыгъуэ ″глагол лэжьэкlэ″хэм къыкlэлъыкlуэу къэхъуауэ жыlэпхъэщ; икlи, ″нормал глагол лэжьэкlэ″хэм хуэдэу ″lуэтэж″уи къызэрыэlуэтэфхэри къыхэдгъэщынщ.

Дауи, ″нормал глагол лэжьэкlэ″хэр лъабжьэ зэрыхэхъуу утыку къихьауэ мы зи гугъу тщlыну ″глагол лэжьэкlэ″щlэхэр а къызытехъукlахэм хуэдэу *"хъыбарегъащlэ"* лlэужьыгъуэу зэрымылъытапхъэжри мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ. Араци, *"lуэтэж"у* икlи *"хъыбар"у мылъытапхъэ* ″глагол лэжьэкlэ″хэрщ мыбдежым зи гугъу тщlынухэри, икlи, *"lуэтэж"хэм елъытауэ "хъыбар"ым пэгъунэгъу*у лъытапхъэщ; - *"хъыбар"*

*нэхърэ "хъыбар" зэгъэзэхуа*рэ мащlэуи *гува*уэ лъытапхъэ *къэlуэтэкlэ*хэуи жыlэпхъэнщ.

Икlи, *мы* зи гугъу тщlыну *"глагол лэжьэкlэщlэ"*хэр *"хъыбарегъащlэ"* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэкlэ"*хэм *хуэдэу* **"щ" кlэухкlэ** къэlуатэ **псалъэ**хэуи щытщи, нытlэ *"щ" кlэух*ым ипlэ *"т" кlэух* къыпыхьэжу **"lуэтэж"** лlэужьыгъуэуи **къэlуэтэф** *"глагол лэжьэкlэ"*хэрщ. *Мы "глагол лэжьэкlэщlэ"*хэр икlи **"lуэтэж"** лlэужьыгъуэ "глагол лэжьэкlэ" **нэужь**уи лъытапхъэщ.

Дауи, мыхэр зытежытlыхьауэ мы илъабжьэм щыгъуазэ дызыхуэхъуну **"глагол лэжьэкlэ"щlэ**хэр мы ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа *"нормал глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэр **"гъэ" кlэух**кlэрэ *зэрыухуэж къэlуэтэкlэ*хэмрэ, икlи, **"гъэ" кlэух**кlэрэ *ухуэжа* мы псалъэхэми *аргуэру* **"ххэ"**р **кlэух** *яхуэхъужу къызэрыlуатэ*хэм теухуащ.

**Нормал "глагол лэжьэкlэ"хэр "гъэ" кlэухкlэ ухужу лантlэ зэрыхъуу -гурыщхъуэ хищlэу- къызэрыlуатэхэр.**

И мыхьэнэкlэрэ гурыlуэгъуэу щыт **"гъэ"** *мак*ъыр *кlэух* зыхуэхъу *псалъэр лажьэрэ зэфlэкla*уэ зылъытэрщи, ар *кlэух зыхуэхъу "глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"р* зэрылъыта *"зэманыгъуэ"кlэрэ* зэры**зэфlэкl**ыу утыку иту зэрылъытэнур гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, *"хъыбарегъащlэ"* лlэужьыгъуэу щытрэ зэры*пэж*ри занщlэу -*тклий*уэ- "щ" кlэухкlэ лъыта зы *"глагол лэжьэкlэ"*р *"гъэ" кlэухи* къищтэу щыухуэжым деж, абы и *пэжыгъэ*рэ *"хъыбар"* лlэужьыгъуэуи и *тклиягъ*рэ *флэщ*ыгъэм *хэщlын*ыгъэ мыхъумэ хилъхьэныгъэ зэримыгъэзэщlэнури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, *"гъэ" кlэухкlэ ухуэж* "хъыбар" лlэужьыгъуэ *псалъэр зытеухуа зэманыгъуэм* мащlэу *текlуэтыкla*рэ гуваuэ зэрылъытэу флэщыгъэрэ пэжыгъэ мыхьэнэкlэ *лантlэ хъуа*уэ зэрылъытэнур наlуэщ: и *пэжыгъэ*рэ *флэщыгъэ*м *гурыщхъуэ тыригъауэ*рэ *хищlэу* зэрылъытэр гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, мы зи гугъу тщlы *"глагол лэжьэкlэ"щlэ*хэр *нормал*рэ *"хъыбарегъащlэ"*у тлъыта къэlуэтэкlэхэм я **lупщlагъ**рэ **тклиягъэ**р **лантlэ** *зэрыхъу* щlыкlэу *къызэрыlуатэ*ррщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, *нормал*рэ *хъыбар* лlэужьыгъуэ *къэlуэтэкlэ*хэм **гурыщхъуэ** зэры**щыуа**рэ зэры*хищla* я *къэlуэкlэ*у лъытапхъэ **"глагол лэжьэкlэ"щlэ**хэрщ. Аращи, **"хъыбар"** лlэужьыгъуэ къэlуэтэкlэу **пэжыгъэ**рэ **флэщыгъэ** *зыхэлъ псалъэ*р *"гъэ"*

*клэуххклэ щыухуэм* деж, *пэжыгъэ*рэ *флэщыгъэ*у **гарант зимыlэж**у, **къэхъункlи хъуну къыпщыхъу**ущ зэрылъытэр.

Мы зэрыжытlауэ тlэ, *нормал "глагол лэжьэклэ"*хэр –хъыбар лlэужьыгъуэ къэlуэтэклэхэр- зытеухуа *"зэманыгъуэ"*хэр зэмыхъуэклрэ *а зэрыщыту* зэрылъытэу, ауэ мы нормал къэlуэтэклэхэм ялъытэр *гурыщхъуэ зыщыуа*рэ *lупщl дыдэу*и *щымытыж*у –ар щыхъукли **"хъыбарегъащlэ"**уи **мылъытэжыпхъэ**у- къызэрыlуатэ *"глагол лэжьэклэ"*хэрщ мыбдежым зи гугъу тщlыхэр.

Нытlэ, нормал "глагол лэжьэклэ"хэр зытеухуа "зэманыгъуэ"хэм елъытауэщ ахэр "гъэ" клэуххклэрэ зэрыухуэжу мы зи гугъу тщlы "глагол лэжьэклэ"щlэхэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъунур.

*

Ауэ, абыхэм мы зэрыжытlауэ щыгъуазэ дыхуэмыхъу ипэ аргуэру къыхэгъэщыпхъэхэр щыlэщи, мыбдежым къыщыпытщэнщ.

Аращи, *"гъэ"* макъыр и мыхьэнэм зэрезэгъклэ *клэух* зыхуэхъу *псалъэр "гъэ"зэщlэ*у мэлъытэри, мыпхуэдэ къалэн зэригъэзащlэм ипкъ зэриткlи, *"блэкla зэманым теухуа псалъэ"*хэм клэух яхуэхъу *"щ"* макъ *клэух*ым *инlэклэ "гъэ"* клэух *зезыхьэ* (хъуагъэ/хъуагъ) *адыгэбзэ диалект*хэри щыlэщ. – Зи клэух псалъэр гъэзащlэрэ зэрызэфlэклыр зылъытэрщ "гъэ"ри, мы и къалэныр зэригъэзащlэри мы къызэрыlуущ (гъэ). Ауэ, япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, псалъэхэм *"гъэ" клэух*ыр *"э"ншэу къэlууи* зэрыхиубыдэри гурыlуэгъуэщи, мыбы папщlэ, мы лэжьыгъэм *"хъуагъэ"*м *"хъуагъ"*ри къыклэлъыклуэу къыщыгъэлъэгъуэныр игъуэщ.

Дауи, нобэ *къэбэрдеибзэ*м псалъэ мыхьэнэр зэры*зэфлэкla*рэ *флэщ* зэрыхъур *"щ" клэуххклэ* (хъуащ) лъытэу зэрызеклуэр гурыlуэгъуэми, *хъыбарыт* лlэужьыгъуэу *"блэкla зэманым теухуа глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*р блэкlауэ *"а"клэ*рэ *зэрылъытам "гъэ"ри клэух* зэрыхъу *псалъэ зэпкъырыувэклэ*ри (хъуагъэ/хъуагъ) *хэтщ*; ауэ, мыпхуэдэу ухуа псалъэм икlи *"щ" клэух*и къызэрищэтэфри (хъуагъэщ/хъуагъщ) гурыlуэгъуэщ.

Мы къэтlуэтам *"гъэ"*р зи *клэух*ыу *адыгэбзэ диалект гуэр*хэм щыухуа мы *псалъэм иужькlэ къэбэрдеибзэ*м щыухуа *псалъэр къытехъуклa*уэ лъытапхъэу *къыпщыхъу*н хуэдэми, мыр *игъуэу къыщlэклынкъым*. Сыт щхьэ жыпlэмэ, *къэбэрдеибзэ*м *"блэкla"*уэ (а) *"щ" клэух*клэ ухуа и *псалъэмрэ* (хъуащ) мы зэрыжытlауэ *"гъэ"*ри *клэух* зыхуэхъуу зыхэзыубыдэ *псалъэр* (хъуагъэ/хъуагъ) мыхьэнэклэ *зэщхьэщокl*ыр. Мыращ иклии мыбдежым

дызытепсэлъыхьри, *къэбэрдеибзэ*м *"щ" клэух* зиlэу *"блэкlа"* лlэужьыгъуэу ухуа *псалъэм* (хъуащ) -ар зи лъабжьэу- *иужькlэ "гъэ" клэух*ри зыхэзыубыдэж *псалъэр* (хъуагъэщ/хъуагъщ) *къытехъуклa*уэ лъытэныр *игъуэ*рэ наlуэу лъытапхъэщ.

Ауэ икlи къыпыщапхъэщ *"гъэ"мрэ "щ" макъ*ым *зэхуэдэ къалэн ягъэзащlэ*у зэрыщытыфыр *адыгэбзэр* зы *макъыбзэу зэрыщыт*ым зэры*теухуа*р. Мы псалъэм зэрезэгъщи, макъ мыхьэнэм елъытауэ *зэмылlэужьыгъуэ макъхэмкlэ* псалъэ мыхьэнэр *гъэзэщlа*рэ зэры*зэфlэкla*р (гъэ) е *утыку иту* зэры*щыт*ыр (щ) къэlуэтэфынщ; – мы зи гугъу тщlа кlэух макъхэр (гъэ; щ) мыбы теухуа зы щапхъэу лъытапхъэщ. Аращи, къэбэрдеибзэм *"щ" клэухым* зы псалъэм *хуигъэзащlэр* а *псалъэр щылэ*у *щыт*рэ *флэщ*ыгъэ зиlэу лъытэнырщ; зи *клэух* псалъэм *"гъэ"*м хуигъэзащlэри а псалъэ мыхьэнэр *гъэзэщla*рэ *зэфlэкla*уэ зэрыщытырщи, нытlэ, *"гъэ" клэух*ри *"щ" клэух*ым игъэзащlэм и *мыхьэнэгъу* къалэн зыгъэзащlэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Мы зэрыжытlауэ, макъыбзэм *зэмыхьэнэгъу* гуэрхэр *зэмылlэужьыгъуэ макъхэмкlэ* -я мыхьэнэхэм елъытауэ- къызэрыlуэтэфынур гурыlуэгъуэщ. – Ауэ икlи, мыпхуэдэхэм деж, зи гугъу тщlы *псалъэр зыхэлэжьыхь бзэмрэ диалектым* мы *макъхэр зэрыхэлэжьыхь* щlыкlэхэращ *щыгъуазэ зыхуэщlыпхъэ*рэ икlи *лъабжьэу*и *лъытэн хуей*хэр.

*

Нытlэ, мыхэри къыпытщэжа нэужь, ипэкlэ зэрыжытlауэ, зытеухуа *"зэманыгъуэ"м елъытауэ нормал "глагол лэжьэкlэ"*хэр *"гъэ" клэухклэ ухуэжу* къызэрыlуатэ *"глагол лэжьэкlэ"щlэ*хэм мы илъабжьэм нэхъ гъунэгъуу дыхэплъэнщ.

*"Блэкla зэманыгъуэм теухуа псалъэ"*р *"щ" клэухклэ* къызэрыlуэта щlыкlэр *къэбэрдеибзэ*м *хроникэ* хэхъухьауэ зэрыщытым къызэрыхэкlкlэ, "блэкla"уэ лъыта псалъэр *"гъэ" клэух*и къищтэу зэрыухуэ щlыкlэр "щ" кlэухкlэ зэрыухув щlыкlэм *къыклэлъыклуэу* -икlи къытехъукlыу- лъытапхъэнщ. Аращи, ипэкlи щыгъуазэ дызыхуэхъуауэ, *"блэкla"* лlэужьыгъуэ псалъэу *ипэ къэхъуа*уэ лъытапхъэр *"хъыбарегъащlэ"*у щыт *"глагол лэжьэкlэ"*ращи (хъуащ), мыпхуэдэу *"блэкla"*уэ (а) *"хъыбар"* лlэужьыгъуэу ухуа *"псалъэ"р* (хъуа) –и *"щ" клэух*ым *ипlэ*кlэ- *гъэзащlэ*рэ зэры*зэфlэкl* зылъытэ *"гъэ" клэух къищтэу* мы зэры*ухуэр* (хъуагъэ/хъуагъ) – *"lуэтэж"* лlэужьыгъуэ хуэдэу *блэкlагъэшхуэ*у *щымытми- "блэкla"* (а) лlэужьыгъуэ псалъэр *"гъэ"* кlэухкlэрэ (гъэзэщla, зэфlэкla) *зэрыухуэж*ым

ипкъ зэриткlэ, **гъэзащlэ**у (**гъэ**) **″блэкla″**уэ (**а**) зэрылъытапхъэу (хъу**агъэ**/хъу**агъ**) -*″mlэу блэкla″ пэлъытэ*у- лъытапхъэрщ. Мы къызэрыlуэта щlыкlэми къызэрыхэщкlэ, *″блэкla″* лlэужьыгъуэ псалъэр *″гъэ″klэ*рэ мы зэрыухуэжыр (хъуагъэ/хъуагъ) *″щ″ клэух*кlэ ухуа *псалъэм елъытауэ иужькlэ къэхъуа*уэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ. Аращи, къэбэрдеибзэм **″блэкla″** лlэужьыгъуэ **″хъыбар″**ыр (хъуащ) **къызэрыlуэтэж**у ухуауэ лъытапхъэ мы *псалъэ*р (хъуагъэ/хъуагъ) ″блэкla″ лlэужьыгъуэу *иужькlэ къэхъуа*уэ зэрыщытыр наlуэщ. Ауэ икlи, ″блэкla″уэ лъыта псалъэр *″гъэ″ клэухклэ* мыпхуэдэу *ухуа* нэужьми, аргуэру *″щ″ клэух*и къищтэу къызэрыlуэтэфри гурыlуэгъуэщ: «хъуагъэщ/хъуагъщ».

″Блэкla″м теухуауэ мы щыгъуазэ дызыхуэхъуа щlыкlэу ухуа псалъэхэр (хъуагъэ/хъуагъ) *блэклагъэшхуэ*у зэры*мылъытапхъэ*р гурыlуэгъуэрэ икlи къыхэдгъэщауи щытщи, нытlэ, мы псалъэхэр *аргуэру блэкla*уэ (а) зэрылъытэу зэрыухуэжыфхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Аращи, *блэкla*рэ (а) *″гъэ″klэ ухуа*уэ *″блэкla″* лlэужьыгъуэу мы зи гугъу тщla *псалъэм* (хъуагъэ/хъуагъ) аргуэру *″блэкla зэман гъэлъагъуэ″* (**а**) **къищтэу** (хъуагъа) зэрыухуэжыфынури гурыклуэгъуэщ. Мыпхуэдэуи, *″а″рэ ″гъэ″клэрэ* зэрыблэкlар *″mlуэу пэлъытэ″*у зэрылъытаклэрэ ухуа *псалъэ*у (хъуагъэ/хъугъ) щытми, мы *блэклагъэшхуэ*у *мылъыта*р *аргуэру блэкla*уэ (а) зэрылъытэклэрэ -пэжу *″mlэу блэкla″*уэ- *ухуэж*у (хъуагъа), **зэрыблэкla**м *зэманыгъуэу* **куэд** *зэрихьар* мэлъытэри, **″блэкlар аргуэру блэкla″**уэ *зэрылъытэ*рэ **″блэкlауэ щыта″**уи къызэрlуэтапхъэ мы псалъэр (хъуагъа) ″щ″ клэухи къищтэу зэрыухуэр мыпхуэдэщ: «хъуагъащ».

Дауи, **″хъыбарегъащlэ″** лlэужьыгъуэ псалъэхэр *зытеухуа зэманыгъуэ*кlэ занщlэу *″щ″ клэух*кlэ къызэрыlуэтар lупщlыу зэрыщытым **елъытауэ** ахэр **″гъэ″кlэ**рэ зэры**ухуэж**у къызэрыlуатэ **псалъэхэр** *зытеухуа зэманыгъуэм* -мащlэми- *текlуэтыкl*ыу мы зэрылъытэр **лантlэ**у зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Аращи, *″хъыбарегъащlэ″* лlэужьыгъуэу *″блэкla зэманым теухуа глагол лэжьэклэ″*у ухуа *″хъуащ″* псалъэм *елъытауэ* –ар *″гъэ″ клэух*кlэ зэрыухуэж- *″хъуагъэщ″*рэ *″хъуагъащ″ псалъэхэр* зытеухуа зэманыгъуэрэ мыхьэнэкlи *лантl*э зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, ″блэкla″ зэманыгъуэм теухуа нормал ″глагол лэжьэклэ″хэр ″гъэ″клэрэ зэрыухуэжу мы къэтlуэтахэр утыку къызэрихьэ щlыкlэхэри къызыхэщ щапхъэхэр зы таблицэм хиубыдэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнри игъуэщ:

| Хъуащ (блэкla з.) |
|---|




*

*"Иджы"м щыджы*р *"джыуэ ит"у* зэрыщыткIэ зэрыIэтэрщ *"ит зэманыгъуэ"*ри, мыр *"гъэ" кIэухкIэ зэрыухуэжынур*и *"иджы"уэ зэрылъытэж*ым *къызэрытехъукI*ынури гурыIуэгъуэнщ: *"ит зэманым теухуа глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"*р *"гъэ" кIэух*кIэ *ухуэн папщIэ*, япэрауэ *"ит зэманыгъуэ"*у зэрылъытар *"иджы"уэ лъытэжын хуейщ*. Аращи, *иджым щыдж*у *щыт*рэ (мэхъу) иджыри зы *джыгъуэу мылъыта*р "гъэ" кIэухкIэрэ *зэфIэкIа*уэ зэры*мылъытэн*ури гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэу *"ит зэман"ым теухуауэ гъэпса псалъэр* (мэхъу) *"гъэ" кIэухкIэ зэрылъытэф*ынур ар "иджы"м зы джыгъуэу зэрылъытэу *"иджым теухуа псалъэ"*у (хъу) ухуа нэужьщ.

Мы зэрыжытIауэ, зы джыгъуэу *иджым теухуа* зы *псалъэу ухуарэ "гъэ" кIэухкIи* гъэзащIэу (хъугъэ) утыку иту *лъытар lупщI зэрыхъу*ри абы *"щ" кIэух* къызэрищтэущ (хъугъэщ). Мыр аргуэру къэIуэтэжыпхъэмэ, *"хъууэ щыт"*ыр (мэхъу) *-"ит зэманыгъуэ"м теухуар- "иджы"м теухуауэ "хъу"*уэщ зэрылъытэнури, мыпхуэдэу лъытар *"гъэ" кIэухкIэ "хъугъэ"*уи лъытэнщи, ар зэры*"хъугъэ"ри "щ" кIэухкIэ lупщI* щIыжынщ: «хъугъэщ».

Ауэ, ипэкIи къызэрыхэдгъэщауэ, *къэбэрдеибз*эм "блэкIа"рэ "къэкIуэну"м теухуа *псалъэ*хэр *занщIэу "щ" кIэух*кIэрэ зэрылъытэм хуэдэу *"иджы"* лIэужьыгъуэ *псалъэ*хэри зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэщи, "иджы"м теухуа псалъэр (хъу) *"гъэ" кIэухкIэ* зэрыухуэр (хъугъэ) къэбэрдеибзэм *хроникэ* хэхъухьыгъащэуи *лъытапхъэкъым*.

Ауэ икIи, **"иджы"**ым теухуа *псалъэр* (хъу) *-гъэзэщIарэ зэфIэкIа*уэ-зэрылъытэ щIыкIэу **"гъэ" кIэухкIэ** мы зэры*ухуэжыр* (хъугъэ) **"иджы" нэужь**у зэрылъытапхъэри гулъытапхъэщ

Мыбы нэмыщI, *"ит зэманыгъуэ"м щыджыр* зы *джыгъуэ*у *"иджы"*м *"хъугъэ"*у мы *зэрыщылъыт*эм къыщымынэу, *"блэкIа"* зы *"иджыы"*и зэрылъытэфынур гурыIуэгъуэнщи, мыри мы *"иджы"*м щылъытэ *"хъугъэ"*р зэрыщыту *"блэкIа"уэ "а" кIэух*кIэ зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ (*хъугъа*); мыри *"щ" кIэухкIэ*рэ *фIэщ зэрыщI*кIэрэ къызэрыIуэтэнури гурыIуэгъуэщ: «хъугъащ».

**"Хъыбарегъащlэ"** лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэклэ"*у занщlэу *"щ" клэух*кlэ ухуа *псалъэ*хэр **lупщl**ыу *–флэщ*ыгъэ зиlэу- мы зэрыщытым **елъытауэ** ахэр **"гъэ"кlэ**рэ **ухуэж**у къызэрыlуатэ **псалъэхэр лантlэ**у зэрыщытыр ипэкlэ къыхэдгъэщагъащи, мыпхуэдэщ мыбдежым зи гугъу тщlыхэри ("хъугъэщ, хъугъащ").

Нытlэ, *"ит зэман"рэ "иджы"м теухуа нормал "глагол лэжьэклэ"*хэр *"гъэ" клэуккlэ зэрыухуэж*у мы къэтlуэтахэр *къызыхэщ* щапхъэхэр зыхэзыубыдэ зы *таблиц*эри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэныр игъуэщ:

Мэхъу (иджы/ит з.)
↓
Хъу
↓
Хъугъэ → Хъугъэщ
↓
Хъугъа (и блэкlа) → Хъугъащ

*

Мы ипэкlэ къэтlуэтахэмкlи зэрыгурыlуэгъуэу, псалъэм *клэух* хуэхъу *"гъэ"*р –блэкlа зылъытэу щымытми- а псалъэр *гъэзэщlарэ зэфлэкла*уэ - *"позитив"*у- зылъытэрщи, *"блэкла"*рэ *утыку къихьагъэххэу щыт*ыр (хъуащ) икlи *"иджы"м щыдж*ыр (мэхъу) *гъэзэщlарэ зэфлэклауэ* зылъытэу (хъуагъэщ/хъуагъщ; хъугъэщ) зэрыщытри нэрылъагъущ. Ауэ, иджыри *мыджа*рэ *мыджу*и *щыт* **"къэкlуэну"** зэманыгъуэм теухуар (хъуну) *гъэзэщlарэ* **зэфlэкlауэ** *лъытэныр* зэры**имыгъуэ**ри гурыlуэгъуэнщи, *"къэкlуэну"м теухуа псалъэ*р мы зэрыщыту **"гъэ"кlэ**рэ *ухуэжыныр* **гугъу**щ.

Ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуарэ аргуэру мы къызэрыхэдгъэщауэ, *"блэкла"рэ "иджы"*м теухуауэ ухуа псалъэхэр *клэух зыхуэхъу*р *гъэзэщlарэ зэфлэкла*уэ зылъытэ *"гъэ"клэ*рэ *зэрыухуэж*ыр *игъуэ*щи, нытlэ, **"блэкla"**рэ **"иджы"**м теухуа *псалъэ*хэр **"къэкlуэну"**и *лъытэфмэ,* мыпухуэдэу **лъыта**уэ ухуа **псалъэ**хэр **"гъэ" кlэух**и къызэрищтэу зэры**ухуэфын**ур гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэуи, *"блэкla"м теухуа "къэкlуэну"* лъыта псалъэхэмрэ *"иджы"м теухуа "къэкlуэну"* лъыта псалъэхэр *"гъэ"клэрэ зэрыухуэж*ращ мыбдежым щыгъуазэ дызыхуэхъуну къытпэщытыр: **"блэкlам и къэкlуэну"**рэ **"иджым и къэкlуэну"** лъыта *псалъэхэр* **"гъэ"кlэ**рэ **зэрыухуэж**.

Нытlэ, мы зэрыжытlауэ, *"блэкla"мрэ "иджы"м теухуа "къэкlуэну"* мы *псалъэ*хэр утыку къихьэн *папщlэ*, *япэрауэ "блэкla"*рэ (хъуа) *"иджы"*м (хъу)

теухуа *псалъэхэр "гъэ"клэрэ ухуагъэххэу щытын* зэры*хуейр* гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щапхъэхэр мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ: «хъуагъэ; хъугъэ».

Ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, мыпхуэдэу ухуа псалъэхэр *къэбэрдеибзэм иджыри хроникэ хэмыхъухьа*рэ *"псэлъапхъэ"*хэу щызэрылъытэр гурыIуэгъуэщи, мыбыхэм *нэгъуэщl макърэ псалъэ къызэрыпыхьэу "псалъэ"* лIэужьыгъуэхэр къазэрытехъукlыпхъэри гурыIуэгъуэнщ. Аращи, *блэкла*рэ *иджы*м теухуа псалъэхэр *гъэзэщlарэ зэфlэклауэ -"позитив"*у- *"гъэ" клуэхклэ* мы зэрыухуа *"псэлъапхъэ"*хэр *"къэклуэну"* зэрылъытэу - *"къэклуэну зэман гъэлъагъуэ"* къызэрыпыхьэу- зи гугъу тщIы *"блэклам и къэклуэну"*рэ *"иджым и къэклуэну"* мыхьэнэ зиIэ *"псалъэ"*хэу *зэрыухуэжы*нури мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ: «хъуагъэну → хъуагъэнущ»; «хъугъэну → хъугъэнущ».

Ауэ икlи, *"къэклуэну"м теухуа*уэ зи гугъу тщIы псалъэр *иджыри мыгъэзащlэ*рэ *мылажьэ*у зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, и *"инфинитив"* формэм иту зэрыщытри гурыIуэгъуэщи, нытlэ, *"инфинитив глагол"*ым и *ужьыгъуэ* (у) зэрылъытэущ а глаголыр *"къэклуэну"м теухуа псалъэ*у мы зэрыухуэр. Аращи, *"блэкla"*рэ *"иджы"*м теухуа *псалъэхэр "гъэ" клэухклэ* ухуэжу мы утыку къихьэхэр (хъуагъэ; хъугъэ) *"инфнитив"* формэм иувэрэ (хъуагъэн; хъугъэн) *"къэклуэну"*уи (у) зэрылъытэущ (хъуагъэну; хъугъэну) мы зи гугъу тщIыри, мыбыхэм *"щ" клэух* къащтэу *флэщ*ыгъэ зэрагъуэтри (хъуагъэнущ; хъугъэнущ) гурыIуэгъуэщ.

Мы зи гугъу тщIa псалъэхэр *"хъыбарегъащlэ"* лIэужьыгъуэ *"къэклуэну"м теухуа* псалъэхэм *хуэдэу lупщl*рэ *гарант зиlэу* зэры*щымыт*ынухэр наIуэщи, нытlэ, ***"блэкla"***рэ ***"иджы"***м **и *"къэклуэну"***р *къызэрыклуэну*ри **мынaIуэ**у мы *зэрылъытапхъэ*м зэрезэгъкlэ, *"блэкla"рэ "иджы"м теухуа "къэклуэну"*р *япэрауэ "мынaIуэ къэклуэну"* лIэужьыгъуэу *лъытагъэну*и къыщlэкlынщ: «хъуагъэнщ; хъугъэнщ».

Мыпхуэдэу мынaIуэу лъыта псалъэхэри *цужьклэ* нэхъ *нaIуэу зэрылъытэжы*пхъэу утыку къихьагъэнщ абыхэм *я "къэклуэну"* (у) лIэужьыгъуэ псалъэхэри: «хъуагъэнущ; хъугъэнущ».

Ипэкlэ къыхэдгъэщауэ щытар мыбдежми къыщыхэгъэщыпхъэмэ, ***"хъыбарегъащlэ"*** лIэужьыгъуэ псалъэхэр занщlэу *"щ" клэух*клэ къызэрыIуатэхэр **lупщl**рэ ткlийуэ мы зэрылъытам **елъытауэ** ахэр ***"гъэ"клэ***рэ зэры**ухуэж**у къызэрыIуатэ **псалъэхэр лантlэ**у зэрыщытыр

гурыIуэгъуэщи, мыр мыбдежым зи гугъу тщIы псалъэхэм (хъуагъэнщ, хъугъэнщ; хъуагъэнущ, хъугъэнущ) теухуауи пэжщ.

Ауэ икIи, *"блэкIа"рэ "иджы"*м теухуауэ *"гъэ"кI*эрэ ухуэжа *псалъэ*хэр (хъуагъэ; хъугъэ) аргуэру *"блэкIа"*уэ (а) зэрыухуэжхэу (хъуагъа; хъугъа) ипэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъами, мыбдежым зи гугъу тщIы мы *"блэкIа"рэ "иджы"м теухуа "къэкIуэну"*р зэрылъытэ *псалъэ*хэр (хъуагъэнщ, хъугъэнущ; хъугъэнщ, хъугъэнущ) –мы я мыхьэнэхэм ипкъ зэриткIэ-абыхэм хуэдэу *"блэкIа"уэ* зэры*мыухуапхъэ*рэ зэры*мыухуэфын*ухэри гурыIуэгъуэнщ.

Дауи, *зи кIэух* псалъэр *гъэзэщIарэ зэфIэкIауэ зылъытэрщ "гъэ"*ри, *"къэкIуэну зэманыгъуэ"у* иджыри *дызыхуэкIуэ*у щытрэ *гъэзэщIарэ зэфIэкIауэ* зэрымылъытэнум –гъэ" кIэух къызэримыщтапхъэм- ипкъ зэриткIэ, *"къэкIуэну"*м теухуауэ *ухуа псалъэ*хэм *"гъэ" кIэухыр* занщIэу зэрыухуэ*имыгъуэ*р гурыIуэгъуэщ. Нэхъ кIэщIыу жыпIэмэ, *"къэкIуэну"*р иджыри мыджрэ мыджауи зэрыщыткIэрэ *гъэзащIэрэ зэфIэкIауэ мылъытапхъэ*рщи, *"гъэ" кIэух къэзымыщтэ*ну псалъэрщ. Ауэ, мы "хъыбар" лIэужьыгъуэ "къэкIуэну" псалъэм "гъэ" кIэух къимыщтэми, *"блэкIа"рэ "иджы"*м теухуа псалъэхэр *"гъэ"кIэрэ* зэрыухуэфыр гурыIуэгъуэщи, нытIэ, блэкIарэ иджым теухуа *"къэкIуэну"* лъыта псалъэхэр "гъэ" кIэухкIэ къызэрыIуатэм гулъытэ хуэтщIагъэххэщ.

Дауи, мы псалъэхэр (хъуагъэнщ, хъуагъэнущ; хъугъэнщ, хъугъэнущ) *"блэкIа"рэ "иджы"м* теухуа *"къэкIуэну"* зэманыгъуэм *щыджсыну узыпэплъэ къэIуэтэкIэ*хэрщи, мыхэр *нэгъуэщI къэIуэтэкIэ*уи къызэрыIуэтэфынухэр гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, *"блэкIа"м и "къэкIуэну"*м теухуа "хъугъэнщ, хъуагъэнущ" псалъэхэр *"хъууэ къыщIэкIыну узыпэплъэ"у* мыпхуэдэуи къэIуэтапхъэхэрщ: «хъуагъэну къыщIэкIынщ; хъугъэну къыщIэкIынущ».

*"Иджы"м и "къэкIуэну"*м теухуа "хъугъэнщ, хъугъэнущ" псалъэхэри *"иджы хъууэ щыту къыщIэкIыну узыпэплъэ"*рщи, мыпхуэдэуи къэIуэтапхъэхэрщ: «хъугъэну къыщIэкIынщ; хъугъэну къыщIэкIынущ».

НытIэ, мы къэтIуэтахэр икIи зэманыгъуэу зэрызэкIэлъхьэужьу утыку къызэрихьэр къызыхэщ щапхъэхэри мыбдежым зы таблицэм хиубыдэу къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| Хъугъэ (иджы) | Хъуагъэ/Хъуагъ (блэкIа) |
| ↓ | ↓ |
| Хъугъэн → Хъугъэнщ | Хъуагъэн → Хъуагъэнщ |
| ↓ | ↓ |




**Нормал ″глагол лэжьэкIэ″у ″гъэ″ кIэухкIэ ухуэжахэм аргуэру ″ххэ″ кIэух къызэращтэу къызэрыIуатэхэр.**

Мыбдежым зи гугъу тщIынур *″гъэ″ кIэухкIэ ухуа псалъэ*хэм аргуэру *″ххэ″ кIэух*и къищтэу *зэрыухуэжх*эращи, ипэкIэ ″гъэ″ кIэухым игъэзащIэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъуам хуэдэжу, мы илъабжьэми *″ххэ″ кIэух*ым игъэзащIэм *щыгъуазэ хуэхъун* зэрыхуейр гурыIуэгъуэщ. Мыбы папщIи, япэрауэ *″х″ макъ мыхьэн*эмрэ *кIэух*ыу игъэзащIэр дигу къэдгъэкIыжынщ.

Зэрыгурыуэгъуэу, **″х″ макъ** мыхьэнэр лъабжьэ зылъытэрэ *″геометрие координат системэ″*ми и **″ординат″** къалэн зыгъэзащIэрщи, **абзсис**ыгъэ зыгъуэту утыку къихьэу щыIэгъуэ зэригъуэтыр зэлъыта **лъабжьэ**рщ. Адыгэбзэм и *псалъэ ухуэкIэ*мкIэ гурыIуэгъуэнщи тIэ, *″х″* макъыр *кIэух зыхуэхъур* **лъабжьэ**м *хуэкIуэ*рэ **ех**ыу зэрылъытэнури нахуэщ.

Мыбдежым зи гугъу тщIы *кIэух*ыр *″х″итIрэ (хх) кIуэтэгъуэ (э)* зэрылъытэ *″ххэ″*ращи, ныIэ, мыхьэнэкIэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа *″х″* макъыр *кIэух*кIэ *лъабжьэ*м зэрыхуэкIуэр щылъытэкIэ, ар *″х″uml кIэух*кIэ **лъэщу** *гъэзащIэ*у зэрылъытэнур гурыIуэгъуэщи, **″ххэ″ кIэух**кIэ гъэзащIэри мыращ. ИкIи, **″ххэ″ кIэух**ыр **″гъэ″ кIэух**кIэ *ухуэжа* псалъэхэм къызэрищтэри гурыIуэгъуэщи, ныIэ, мыбыи нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ хуэхъун хуейщ.

Аращи, *нормал "глагол лэжьэкIэ″*у *хъыбар* лIэужьыгъуэ псалъэр *″гъэ″ кIэххкIэ лантIэ* хъуа щхьэ, ар иджыри *позитив*ыгъэ зиIэ зы псалъэрщи, *″ххэ″ кIэухкIэ* ухуэжу мыбдежым зи гугъу тщIыр мыпхуэдэу зы *″хъупхъэ″* лIэужьыгъуэу псалъэрщ. НыIэ, **″гъэ″ кIэух**кIэрэ **″хъупхъэ″**рэ *позитив*у *лъытагъэххэ "псалъэ"р* **″ххэ″ кIэух**кIэ *псынщIэIуэу лъабжьэ игъуэту* утыку къызэрихьэрауэщ зэрылъытэри, *псалъэ мыхьэн*эр **″псынщIэIуэу къэхъу**у **утыку къихьэ″**у зэрыухуэр гурыIуэгъуэщ. Мы къызэрытIуэтам нэмыщI, **″гъэ″ пэщIэдзэ**м игъэзащIэ къалэныр ди гурыIуэгъуэу, *″ххэ″ кIэух*ым *ипэ къихуэ*р *″гъэ″*рауэ зэрыщыткIэрэ зи гугъу тщIы *псалъэ кIэух*ыр зэрыщыту **″гъэххэ″**уэ тлъытэрэ деджэмэ, ухуэ *мыхьэнэр нэхъ гурыIуэгъуафIэ* къызэрытхуэхъунщ: *″гъэххэ″ зи кIэух псалъэ*м игъуэт

мыхьэнэр *"лъэщрэ псынщlэlуэу къэхъуу лъабжьэ игъуэт"*у зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщ.

Мы къэтlуэтахэм зэрезэгъкlэ, *дэтхэнэ зы "зэманыгъуэ"м теухуа* нормал *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэр –"хъыбарегъащlэ" лlэужьыгъуэ псалъэхэр- *"гъэ"рэ "ххэ" кlэух*кlэ –"гъэххэ" кlэухкlэ- мы зэрылъытэж щlыкlэхэми мы илъабжьэм щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

*

*Блэкla*уэ (а) лъыта *псалъэр* (хъуа) *"гъэ" кlэух*кlэ лъытэныр *бзэ мыхьэнэуэ игъуэ*у лъытапхъэми, мыпхуэдэу ухуапхъэ псалъэхэр *къэбэрдеибзэм хроникэ* дыдэ хэхъухьауэ *мылъытапхъэ псалъэ* лlэужьыгъуэрщ. Мыпхуэдэу *бзэ мыхьэнэ зulэу* щыт щхьэ, *бзэ лэжьэкlэм хроникэ хэмыхъухьа бзэ мыхьэнэ*хэри щхьэжу "псалъэ"у лъытэн нэхърэ *"псэлъапхъэ"*у лъытапхъэщи, нытlэ, япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, "псэлъапхъэ"хэри *макърэ псалъэ гуэрхэр къызпыхьэжу* бзэм *"псалъэ"* лlэужьыгъуэу хэлэжьыхьу зэрыщlидзэфыр гурыlуэгъуэщ.

Мы зэрыжытlауэ, *"блэкla"* лlэужьыгъуэу *"гъэ"кlэрэ ухуа псалъэ*хэр (хъуагъэ/хъуагъ) къапыхьэ *макъ гуэрхэмкlэ*рэ *бзэм хэлэжьыхьу хроникэ* зэрыхэхъухькlэрэ "псалъэ"у зэрылъытэнур гурыlуэгъуэщи, икlи, *"блэкla"*уэ гъэпса *псалъэр* (хъуа) ***"гъэ"*** *кlэухкlэ* мы зэры*ухуэжыр* (хъуагъэ/хъуагъ) *"блэкlагъэшхуэ"уи мылъытапхъэ*рэ ***"блэкla"*** лlэужьыгъуэу **гъунэгъу** *зэманыгъуэ* зэрылъытауэ ухуа *псалъэм -псэлъапхъэм-* ***"ххэ"*** кlэухи къызэрыпыхьэу **лъэщ**рэ **псынщlэlуэ**у **лъабжьэ** зыгъуэту **утыку къихьа**уэ зэрылъытэ *псалъэ*у зэрызэпкъырыувэнур гурыlуэгъуэщ: «хъуагъэххэ».

Аращи, *"хъыбар"* лlэужьыгъуэу *блэкla тклий*уэ къэlуатэ *псалъэ*р (хъуа) *"гъэ" кlэухкlэ* щыухуэжкlэ (хъуагъэ/хъуагъ) *блэкla лантlэ*у мы зэрылъытэм *"ххэ" кlэух* къызэрыпыхьэущ мы ипэкlэ зи гугъу тщla *"псалъэ"*р (хъуагъэххэ) утыку къызэрихьэр. Ауэ, *"гъэ" кlэух*кlэ ухуа *псалъэр* (хъуагъэ/хъуагъ) аргуэру *"блэкla зэман гъэлъагъуэ"* зылъытэ *"а"кlэ*рэ зэрылъытэжу (хъуагъа/хъуагъа) *зэры"блэкla" зэманыгъуэр зэрыбагъуэу* зэрыухуэфынури (хъуагъащ) гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу ухуа псалъэм ипэкlэ игъэзащlэ къалэныр щыгъуазэ къытхуэхъуауэ щыт "ххэ" кlэух къызэримыщтапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, блэкla зэманыгъуэу ухуами, *блэкlагъэшхуэ* зимыlэу лъыта *псалъэ*ращ *"ххэ" кlэух* къызэрищтэкlэрэ (хъуагъэххэ) мы и *блэкla мащlэ*м *лъэщ*рэ *псынщlэlуэу* утыку къызэрихьэр зэрылъытэр; - мыхъумэ, блэкlагъэшхуэу лъыта псалъэм (хъуагъа) "ххэ"

кlэух къищтэн зэрыимыгъуэр мы къэтlуэтахэмрэ мыпхуэдэуи ухуа псалъэм и мыхьэнэкlи гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, *хъыбарегъащlэ*у *"блэкla зэманыгъуэ" тклийу*э щыт *псалъэ*р (хъуа) *"гъэ" клэух*кlэ *"блэкla зэманыгъуэ" лантlэ*у зэрылъытэкlэрэ зэрыухуэжым (хъуагъэ/хъуагъ) *"ххэ" клэух*и къызэрищтэу къызэрыlуатэ "глагол лэжьэкlэ"р утыку къызэрихьэ мы лъагъуэр зыхэзыубыдэ зы таблицэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

Хъуащ (блэкla з.)
↓
Хъуагъэ/Хъуагъ
↓
Хъуагъэххэ → Хъуагъэххэщ

*

Икlи, **"иджы"**ым теухуа *псалъэр -гъэзэщlарэ зэфlэкla*уэ- зэрыщытыр зылъытэ **"гъэ" клэухкlэ** мы зэры*ухуэжыр* (хъугъэ) **"иджы" нэужь**уи зэрылъытапхъэми зэрезэгъкlэ, мы *"иджы" нэужь* зэманыгъуэр **"иджы"м пэгъунэгъу дыдэ***у зэрылъытэ* **псалъэ**ри *-иджыпсту утыку къихьагъащlэ*у зэрыщткlэрэ- *"гъэ" клэухкlэ ухуа "иджы"* лlэужьыгъуэ *"псэлъапхъэ"м* (хъугъэ) **"ххэ" клэух**и къыпыхьэжу зэрыухуапхъэр (хъугъэххэ) гурыlуэгъуэнщи, мыри *"щ" клэухкlэ*рэ *фlэщ зэрыщlк*lэрэ къызэрыlуэтэнур мыпхуэдэущ: «хъугъэххэ».

"Хъыбар" лlэужьыгъуэ "глагол лэжьэкlэ"у ухуарэ зи *"зэманыгъуэ"*р *тклийу*э лъыта псалъэр *"гъэ" клэухкlэ лантlэ* зэрыхъужыр гурыlуэгъуэщи, мыр *"ит зэманыгъуэ"у* (мэхъу) *"иджы"уэ лъытэжа псалъэ*м (хъу) *"гъэ" клэух* къищтэу *зэрыухуэж*ми (хъугъэ) теухуащ. Аращи, *"гъэ" клэух*кlэ *къэlуэтэжа* (хъугъэ) мы *"иджы зэманыгъуэ" псалъэр* (хъу) *"иджы лантlэ"*у *–"гурыщхъуэ"* зытещlыпхъэрэ *зыщыуа* зы *"иджы"*уэ-зэрыгурыlуэгъуэнур наlуэщ.

Нытlэ, *иджы зэманыгъуэ* лlэужьыгъуэу *"гъэ" клэух*кlэ ухуа *псалъэм* (хъугъэ) аргуэру *"ххэ" клэух*и къызэрищтэу *къытехъукl псалъэр*и *-иджы зэманыгъуэ*у лъытапхъэми- *тклийуэ иджы* дыдэу *мылъытапхъэ* мы **"иджы благъэ"**м *лъабжьэ игъуэт*у **утыку къызэрихьэ**р зэрылъытэу къызэрыlуатэ щlыкlэрщ: «хъугъэххэ».

Нытlэ, мы къэтlуэтахэр зыхиубыдэу зы таблици къэдгъэлъэгъуэнщ:

Мэхъу (ит з.)
↓
Хъугъэ

↓
Хъугъэххэ → Хъугъэххэщ

Мы ипэкlэ къэтlуэтахэмрэ къэта таблицэми зэрыхэплъагъуэу, иджы зэманыгъуэу ухуа псалъэр ″гъэ″ кlэухкlэ зэрыухуэжым (хъугъэ) ″ххэ″ кlэухи къызэрищтэфым теухуащ. Ауэ, *иджы зэманыгъуэ*у лъыта псалъэм (хъу) *″гъэ″ кlэух* къищтэу мы зэры*ухуэж*ым (хъугъэ) и *блэкlари зэрылъытэф*ыр гурыlуэгъуэщ (хъугъа); ауэ, мыпхуэдэу ухуа псалъэр *″гъэ″кlэ*рэ зэрылъытэ *зэманыгъуэу* **лантlэми**, мы **иджы блэкlа**уэ щытыр *лъэщ*рэ *псынщlэlуэу* утыку къихьэу зэры*мылъытапхъэ*р гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, ар ***″ххэ″ кlэух***кlэ ухуэжынри зэры**мыигъуэ**ри гурыlуэгъуэнщ.

*

*″Гъэ″ кlэух*кlэ ухуа псалъэм *″ххэ″ кlэух*и къыпыхьэжу *иджы благъэ*у утыку къихьэну *лъытэф*рэ *мылъытэф*хэу мы зи гугъу тщlахэм нэмыщl, *″къэкlуэну″* зэманыгъуэри зы *джыгъуэ*у *налуэу* зэры*мылъытапхъэ*м зэрезэгъкlэ, ***″къэкlуэну зэманыгъуэ″***хэм теухуауэ ухуа *псалъэ*хэр (хъунущ; хъунщ) ″гъэ″ кlэухкlэ ухуэфми (хъугъэнущ; хъугъэнщ), *″къэкlуэну зэманыгъуэ″*м къыщыхъунур *лэщ*рэ *псынщlэlуэ*у *утыку къихьэну зэрымылъытапхъэ*м папщlэ, ***″ххэ″ кlэух***кlэ зэры**мыухуэф**ынур гурыlуэгъуэщ.

Ауэ, ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, ″хъыбар″ лlэужьыгъуэ ″глагол лэжьэкlэ″у ″къэкlуэну зэманыгъуэ″м теухуа псалъэхэр *″гъэ″ кlэухкlэ*рэ *″къэкlуэну лантlэ″*у –гурыщхъуэ зыхэлъу- *зэрылъытэф*ынухэри гурыlуэгъуэнщ.

**Нормал ″глагол лэжьэкlэ″у ″гъэ″ кlэухкlэ ухуэжахэм аргуэру ″щlэ″ кlэух къызэращтэу къызэрыlуатэ ″глагол лэжьэкlэ″щlэхэр.**

Мы ипэкlи псалъэхэр *″гъэ″ кlэух*кlэ зэрылажьэм *аргуэру ″ххэ″ кlэух*и къызэращтэу зэрыухуэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуащ. Нытlэ, *″гъэ″ кlэух*кlэ ухуэжа псалъэхэр *къызытехъукla псалъэ*хэм я *зэманыгъуэ*хэр *лантlэ*рэ *мащlэу*и текlуэтыкlарэ *блэкla*уэщ зэрылъытэри, мыпхуэдэу лъыта псалъэхэми ″ххэ″ кlэух къыщащтэм деж, ″гъэ″кlэрэ лъыта зэманыгъуэм *лъэщрэ псынщlэlуэу утыку къихьа*уи зэрылъытэжым щыгъуазэ дыхуэхъуащ.

Ауэ, ″гъэ″кlэрэ ухуэжа псалъэхэм ″ххэ″ кlэухым нэмыщl, ″щlэ″ кlэухи къызэращтэфыр гурыlуэгъуэщи, мыбдежым зи гугъу тщlынухэр мыпхуэдэ

къэIуэтэкIэхэрщ. Аращи, мы ипэкIэ дызытепсэлъыхьарэ щапхъэуи къэтхьауэ щыт *"хъуагъэххэ"* псалъэр икIи "ххэ" кIэухым ипIэкIэ "щIэ" зэриувэуи зэрыухуэращ мыбдежым зи гугъу тщIынур. Ар щыхъукIи, хъыбарегъащIэ лIэужьыгъуэ псалъэр *"гъэ"*рэ *"щIэ" кIэух*кIэрэ ухуэжу утыку къихьэ *"хъуагъащIэ"*м щыгъуазэ дыхуэхъунущ.

Мы зи гугъу тщIы псэлъитIыр я мыхьэнэкIи зэпэгъунэгъуу лъытапхъэщи, псалъэм папщIэ, *"хъуагъэххэ"* псалъэр *"хъуагъэ/хъуагъ"*у щытыр *лъэщ*рэ *псынщIэIуэу* лъабжьэ игъуэру *утыку къызэрихьэ*р зэрылъытэрщи, **"хъуагъащIэ"**ри *"хъуагъэ/хъуагъ"*у -ауэ *икIи "хъуагъа"*уэ-щытыр **"щIэ"уэ** *-иджыпсту-* **хъуагъэ**у **-къэхъуагъэу-** щыту, *иджы благъэ*м *утыку къихьа*уэ *къыщIэкIын*у зэрыщытыр зэрылъытэрщ.

Щапхъэу къэтхьа мы псэлъитIым (хъуагъххэ; хъуагъащIэ) я зэпкъырылъыкIэр мащIэу зэрызэщхьэщыкIми гулъытэ хуэщIыпхъэщ. НытIэ, ипэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, псалъэм *кIэух* хуэхъур *а псалъэр а зэрыщыту щхьэжу зылъытэ*ну зы *"суффикс" къалэн* зыгъэзащIэу щытмэ, псалъэр къызэрыIур а зэрыщыту къызэрызэтенэжыр гурыIуэгъуэщи, *"хъуагъэ"* псалъэм *"ххэ" кIэух* зэрыхуэхъуу ухуэ *"хъуагъэххэ* (хъуагъэ-ххэ)" псалъэм и зэпкъырыувэкIэр мыпхуэдэщ. Ауэ, *кIэухыр псалъэм щыщу щылъытэ* щыIэщи, мыпхуэдэу ухуэ псалъэр щхьэжу зы псалъэущ зэрызэпкъырыувэри *"хъуагъэ"* псалъэм *"щIэ" кIэух* къищтэу ухуэ *"хъуагъащIэ* (хъуагъэ-щIэ)" псалъэ *зэпкъырыувэкIэ*ри мыпхуэдэщ. ИкIи, *"хъуагъа" псалъэми "щIэ" кIэух* хуэхъуу зэрыухуэнури аргуэру *"хъуагъащIэ"*у зэрыщытынури гурыIуэгъуэщ. Ауэ икIи, псэлъитI зэрызэгухьэу ухуэ *"псалъэ зэгуэт"*хэри *щхьэжу зы псалъэ*у зэрылъытэрэ *зэрызэпкъырыув*эри гурыIуэгъуэнщи, мы къэтхьа щапхъэм теухуауэ, *"хъуагъэ" псалъэ*мрэ *"щIэ" псалъэ*р *зэрызэгухьэ*у ухуэну *"псалъэ зэугэт"*ри *"хъуагъащIэ"*у зэпкъырыувэнур.

Мы къэтIуэтахэм къызэрыхэщкIэ **"блэкIа"**рэ **"иджы"**м теухуауэ **"гъэ" кIэух**кIэ ухуа **псалъэ**хэм **"щIэ" кIэух**и къызэращтэу **зэрыухуэ** щапхъэхэр зыхэзыубыдэ зы *таблиц*эри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ;

| Хъуагъэ/Хъуагъ (и блэкIа) | Хъугъэ (иджы) |
|---|---|
| ↓ | ↓ |
| ХъуагъащIэ | Хъугъащlэ |

*

*"ЩIэ" кIэух* къищтэу ухуа мы псалъэм и мыхьэнэр гурыIуэгъуэщи, *иджы благъэ утыку къихьа*рэ *иджым пэгъунэгъу дыдэ*у щыт зы *блэкIа*

*зэманыгъуэ* зылъытэрщи, **″къэкlуэну зэманыгъуэ″**м теухуауэ мыпхуэдэ зы лъытэкlэ зэры**имыгъуэ**м папщlэ, ″къэкlуэну зэман″ым теухуарэ ″гъэ″ кlэухкlэ ухуа псалъэхэм ″щlэ″ кlэух къызэрамыщтапхъэр гурыlуэгъуэщ.

## НОРМАЛ ″ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКlЭ″ХЭР ″ГЪЭ″ КlЭУХКlЭ ЗЭРЫУХУЭ ″ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКlЭ″ЩlЭХЭМ Я ″lУЭТЭЖ″ХЭР

Ипэкlэ ″хъыбарегъащlэ″ лlэужьыгъуэ ″глагол лэжьэкlэ″хэр ″lуэтэж″ лlэужьыгъуэу къызэрыlуатэм щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, нытlэ, ″хъыбарегъащlэ″ лlэужьыгъуэ ″глагол лэжьэкlэ″хэм къатехъуклауэ мы *ипэкlэ зи гугъу тщla "глагол лэжьэкlэ"хэри "lуэтэж" лlэужьыгъуэу* зэрылъытэфынуми мыбдежым щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

Мыбы папщlи, зэмылlэужьыгъуэ зэманыгъуэм теухуауэ *"гъэ" кlэхуклэ икlи "гъэ"рэ "ххэ; щlэ" кlуэуххэмкlэ уху*ауэ мы ипэкlэ зи гугъу тщla *"глагол лэжьэкlэ"*хэм теухуауэ къэтхьа *щапхъэхэр "lуэтэж"* лlэужьыгъуэу къызэрыlуатэхэр къэдгъэлъагъуэу, я *"щ" кlэухым unlэ "т" кlэух* къызэращтэу я *"lуэтэж"* къэlуэтэкlэ *щапхъэхэр къыпытщэжу* зы таблицэри мы илъыбжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| Хъуагъэщ/Хъуагъщ → Хъуагъэ<u>т</u>/Хъуагъ<u>т</u><br>Хъуагъащ → Хъуагъа<u>т</u><br>*<br>Хъугъэщ → Хъугъэ<u>т</u><br>Хъугъащ → Хъугъа<u>т</u><br>*<br>Хъугъэнщ → Хъугъэн<u>т</u><br>Хъуагъэнщ → Хъуагъэн<u>т</u><br>Хъугъэнущ → Хъугъэну<u>т</u><br>Хъуагъэнущ → Хъугъэну<u>т</u><br>Хъугъэну къыщlэкlынщ → Хъугъэну къыщlэкlын<u>т</u><br>Хъуагъэну къыщlэкlынщ→ Хъуагъэну къыщlэкlын<u>т</u> |
| - Хъуагъэххэщ → Хъуагъэххэ<u>т</u><br>- Хъугъэххэщ → Хъугъэххэ<u>т</u> |
| - Хъуагъащlэщ → Хъуагъащlэ<u>т</u><br>- Хъугъащlэщ → Хъугъащlэ<u>т</u> |

## ЕЩАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ
## ″МЫХЪУПХЪЭ″ ЛlЭУЖЬЫГЪУЭ ″ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКlЭ″ХЭР

### ″ХЪУПХЪЭ″ ЛАНТlЭ - ″МЫХЪУПХЪЭ″УИ ЛАНТlЭ:

## ГУРЫЩХЪУЭ ЗЫХЭЛЪ ″ХЪУПХЪЭ″ - ″МЫХЪУПХЪЭ″ ПЭГЪУНЭГЪУ

Зэрыгурыlуэгъуэу, зыгуэрыр ″хъупхъэ″рэ ″мыхъупхъэ″у дауи щырет, *гурыщхъуэ зыщыуа*рэ *зыхэщла*р *пэжыгъэ*рэ *флэщыгъэ*кlэ *лантlэ* мэхъур. Ар щыхъукlи, *″хъупхъэ″у гурыщхъуэ зыщыуа*рэ зытелъыр *″хъупхъэ″у лантlэ* хъуращи, *″мыхъупхъэ″ми хуэклуапхъэ*рщ; - *″мыхъупхъэ″*м гъунэгъу хуэхъу -*пэгъунэгъу*у лъытапхъэ- *″хъупхъэ″*рщ. Мыбы и пхэнджри пэжщи, *″мыхъупхъэ″у гурыщхъуэ зыщыуа*рэ зытещlыхьыпхъэр *″хъупхъэ″м хуэклуапхъэ*рщи, ар зэры*″мыхъупхъэ″*м *гурыщхъуэ зытемыщlыхь*ым *елъытауэ ″хъупхъэ″*м нэхъ *пэгъунэгъу*рщ.

*″Хъыбарегъащlэ″* лlэужьыгъуэ *″глагол лэжьэклэ″*хэр – зытеухуа зэманыгъуэри къызэрыхэщкlэ- а *нэхъ флэщыгъэ зиlэ глагол лэжьэклэ*хэрауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Ауэ, абыхэм къатехъукlарэ икlи абыхэм хуэдэуи *″щ″ клэух къащтэу* ухуауэ *щытми*, *″гъэ″ клэухклэ ухуа*уэ мы ипэкlэ зи гугъу тщla *″глагол лэжьэклэ″*хэр *″хъыбарегъащlэ″* лlэужьыгъуэхэм *хуэдизу флэщыгъэ* зиlэу *лъытапхъэ*хэркъым. Аращи, ″хъыбарегъащlэ″ лlэужьыгъуэ ″глагол лэжьэкlэ″у зытеухуа ″зэманыгъуэ″ри зыхиубыдэу *занщlэу ″щ″ клэухклэ ухуа* псалъэхэм елъытауэ абыхэм *″гъэ″ клэух*и къащтэу зэры*ухуэж*хэр я *флэщыгъэ*кlэ нэхъ *лантlэ*у зэрылъытэр гурыlуэгъуэщ.

Дауи, **″хъыбарегъащlэ″** лlэужьыгъуу ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа *″глагол лэжьэклэ″*хэр **″хъупхъэ″** лlэужьыгъуэхэу зэрыщытым хуэдэжу, ахэр **″гъэ″ клэух**кlэрэ зэры**ухуэж**хэри **″хъупхъэ″** лlэужьыгъуэхэрщ. Ауэ, *″хъыбарегъащlэ″* лlэужьыгъуэхэр *флэщыгъэ лъэщ*у зэрыщытхэм *елъытауэ* ахэр *″гъэ″ клэухклэ*рэ зэрыухуэжу зи *къэлуэтэклэ*хэр *клыхь зэры*хъукlэрэ зи *пэжыгъэ*рэ *флэщыгъэ*м *гурыщхъуэ зыхищlэ ″глагол лэжьэклэ″*хэр пэжыгъэрэ *флэщыгъэ*кlэ *лантlэ* зэрыхъум папщlи, *мыхъуныгъэ*рэ **″мыхъупхъэ″**ми **пэгъунэгъу**у жыlэпхъэщ.

Ауэ икlи, *″гъэ″ клэух* къищтэу ухуэжу мы зи гугъу тщlы *″глагол лэжькlэ″*хэм щыщу а **нэхъ флэщыгъэ лантlэ**у щытри **″къэклуэну зэманыгъуэ″***м теухуа*хэрауэ зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, *″блэкla″*рэ *″иджы″*м теухуа псалъэхэр *″гъэ″клэ*рэ *ухуэжу* утыку къихьэ *псалъэхэр ″хъупхъэ″* лlэужьыгъуэу – къызытехъукla ″хъыбарегъащlэ″ лlэужьыгъуэ псалъэхэм елъытауэ- *″хъупхъэ″ лантlэ*у –флэщыгъэ лантlэу-щытми, ″зэманыгъуэ″у ″блэкla″рэ ″иджы″м теухуауэ зэрыщыткlэ *″джыгъуэ″у налуэ*у щытхэрщ. Мы зэрыжытlауэ, ″зэманыгъуэ″у *″къэклуэну″*м теухуауэ лъытар *″джыгъуэ″*у -″иджы″рэ ″блэкla″м хуэдэу-

*налуэ*у зэры*мылъытапхъэ*р гурыIуэгъуэнщи, ар *иклu "гъэ" кIэухкIи* щыухуэжым деж, и *"флэщыгъэ"рэ "хъупхъэ"р нэхъри лантлэ*у зэрылъытэнур гурыIуэгъуэнщ. Ар щыхъукIи, *"гъэ" клэуххлэ ухуэжу* утыку къихьэ мы *"глагол лэжьэклэ"*хэм *щыщу* **"мыхъупхъэ"м нэхъ пэгъунэгъу**ри **"къэкIуэну зэман"**ым теухуа **"глагол лэжьэкIэ"**хэрщ.

Мы зэрыжытIауэ, *"хъупхъэ"* лIэужьыгъуэу *флэщыгъэшхуэ зимылэ*хэр – *гурыщхъуэ зытелъ*хэр- *лантлэ*у щытхэр *"мыхъупхъэ"м нэхъ пэгъунэгъу*у зэрыщытхэм хуэдэжу, ахэр *"мыхъуныгъэ"у щылъытэм* дежи - **"мыхъупхъэ"**уи- **лантIэ**у зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщ. Аращи, *"хъупхъэ" лантлэ*у щытыр *"мыхъупхъэ"м пэгъунэгъу*у зэрылъытапхъэу, хуэм хуэмурэ абы хуэкIуэу *мыхъупхъэ*уи *лантлэ*у зэрыухуэфынури жыIэпхъэщ.

Дауи, *"хъупхъэ" лантлэмрэ "мыхъупхъэ" лантлэр* зэры*зэпэгъунэгъу*м папщIэ, *зыр зым хуэклуапхъэ*у зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, мыбдежри *"хъупхъэ"м ухэкIыу "мыхъупхъэ"м ухуэклуэн щыигъуэ* щIыпIэу лъытапхъэщ. НытIэ, "хъыбарегъащIэ" лIэужьыгъуэ "глагол лэжьэкIэ"у *"гъэ"клэ*рэ ухуэжауэ мы ипэкIэ иужьрейуэ зи гугъу тщIа *"къэклуэну зэманым теухуа глагол лэжьэклэ"*хэр *"хъупхъэ" лантлэу зэрыщытклэ мыхъупхъэм* мы зы*хуэклуапхъэ*у –мыбдежыр- *"мыхъупхъэ"* лIэужьыгъуэ *"глагол лэжьэклэ"*хэм *дыхэхьэн*кIэ игъуэрщ.

Мыпхуэдэ щапхъэхэри мы ипэкIэ "иджы"мрэ "блэкIа"уэ лъыта псалъэхэм "гъэ" кIэух къащтэрэ "къэкIуэну"м теухуа "хъупхъэ" лIэужьыгъуэ "глагол лэжьэкIэ"хэу зэрыухуэжахэм теухуа щапхъэхэр мыбдежми "мыхъупхъэ"у зэрылъытэжхэу къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| Хъугъэнщ → Хъугъэнкъым | Хъуагъэнщ → Хъуагъэнкъым |
| ↓ | ↓ |
| Хъугъэнущ → Хъугъэнкъым | Хъуагъэнущ → Хъуагъэункъым |
| ↓ | ↓ |
| Хъугъэну къыщIэкIынщ | Хъуагъэну къыщIэкIынщ |
| ↓ | ↓ |
| Хъугъэну къыщIэкIынкъым | Хъуагъэну къыщIэкIынкъым |

"Ит зэманыгъуэ"м нэмыщI, "хъупхъэ" лIэужьыгъуэ нормал "глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"хэр "щ" кIэухкIэ пэжрэ фIэщу зэрылъытэм ипэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъуащи, – мы къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу-мыпхуэдэу ухуа **"хъупхъэ" псалъэ**хэм я **"щ"** кIэух**ы**м **ипIэ "къым" кIэух** къызэрищтэущ **"мыхъупхъэ"**у зэрылъытэжхэр. Ауэ икIи, мыбдежым

къыщыхэдгъэщынщ *"къым" клэух*ыр нэхъыбэу *глагол* -псалъэ-*лэжьэкл*эхэм теухуа *"мыхъуныгъэ" лъытэ*у зэрыщытыр.

*"Щ"* макъым и мыхьэнэм теухуауэ *клэух*ыу игъэзащlэ къалэным ипэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, *"къым" клэух*ым *мыхъуныгъэ*у игъэзащlэ *къалэн*ми мыбдежым щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу *"къ" мак*ъыр *къежьэ*рэ *къэхъу*у утыку къихьэныгъэ зэрылъытэрщи, *"къ" мак*ъыр зи *пэщlэдзэ* псалъэ мыхьэнэхэр *къежьэ*рэ *къэхъу*у зэрыщытыр мэлъытэр. *Къэхъуныгъэ*рэ пэщlэдзэу щытыр икlи къэхъуарэ утыку къихьауэ щытри зыдэкlуапlэу *клуэдыплэ*уи лъытапхъэнщи, мыпхуэдэщ *"къ" мак*ъым *клэух*ыу игъэзащlэ къалэныр: зи кlэух псалъэ мыхьэнэр *клуэдыплэм хуишэ*у *"мыхъуныгъэ"*у елъытэр. *"*Къ*"* макъ кlэухым мыпхуэдэу игъэзащlэ къалэным *гулъытэ зэрыхуэтщл*рэ ар *къыдгурызгъалуэ*ри *"*къ*"* макъми *клэху* хуэхъуж *"м" мак*ъкlэрэщ: «..къым».

*

*"Хъупхъэ" лантлэ*хэр зыпэгъунэгъуу щыт *"мыхъупхъэ"* лlэужьыгъуэри *лантлэ*у зэрыщытынур гурыlуэгъуэщи, *"къэклуэну" зэманым* зэры*теухуа*уэ зэрыщытым папщlи, мы ипэкlэ къэта щапхъэхэр мы жытlахэм нэхъ хуэ*игъуэ*хэрщ. Ауэ, абыхэм хуэзиду лантlэу мылъытапхъэми, ипэкlэ *"*хъупхъэ*"* лантlэ щапхъэхэу къэтхьахэм щыщу *"мыхъупхъэ" лантлэ*у къэlуатэ *нэгъуэщl щапхъэхэр*и щыlэщ. Дауи, *"хъупхъэ"* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэклэ" псори* –ахэр зэрыухуа мыхьэнэм елъытащи- *"мыхъупхъэ"у къызэрымыlуэтапхъэ*ри гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, зэмылlэужьыгъуэ *"*зэманыгъуэ*"*хэм теухуа *"глагол лэжьэклэ"*у *"хъупхъэ" лантлэхэм щыщ*у – мы жытlахэри къызэрыхэщу- *"мыхъупхъэ"*у къэlуатэхэм теухуа *щапхъэ*хэри мы илъабжьэм гуп гупу къыщыпытщэжынщ:

| |
|---|
| Хъуагъэнщ → Хъуагъэн<u>къым</u> |
| Хъуагъэнущ → Хъугъэну<u>къым</u> |
| * |
| Хъуагъэщ/Хъуагъщ → Хъуагъэ<u>къым</u>/Хъуагъ<u>къым</u> |
| Хъуагъащ → Хъуагъа<u>къым</u> |
| * |
| Хъугъэщ → Хъугъэ<u>къым</u> |
| Хъугъащ → Хъугъа<u>къым</u> |

*

*"*Гъэ*"* клэухклэ ухуэу лантlэ къэlуэтэклэ зыгъуэтхэм теухуа щапхъэхэрщ мыхэри, мыр *"*хъупхъэ*"* лантlэхэр *"*мыхъупхъэ*"*м зэрыхуэклуэм теухуащ.

Ауэ, ″гъэ″кlэрэ ухуа псалъэхэм *″ххэ″*рэ *″щlэ″ кlэух* къапыхьэу зэрыухуэжхэу ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуахэм ягъуэт *мыхьэнэхэми елъытащи*, ахэр мы къэта щапхъэхэм хуэдэу *″мыхъупхъэ″у* къэlуэтэныр *игъуащэу* е *бзэм* зэрыигъуэу *щызекlуащэу къыщlэкlынкъым*:

| |
|---|
| - Хъуагъэххэщ → Хъуагъэххэ<u>къым</u> *(бзэм щызекlуащэкъым)* |
| - Хъугъэххэщ → Хъугъэххэ<u>къым</u> *(бзэм щызекlуащэкъым)* |
| ---------- |
| - Хъуагъащlэщ → Хъуагъэщlэ<u>къым</u> *(бзэм щызекlуащэкъым)* |
| - Хъугъащlэщ → Хъугъащlэ<u>къым</u> *(бзэм щызекlуащэкъым)* |

## ХЪУНУ lЭМАЛ ЗИМЫlЭ: МЫХЪУХХЭН

″Хъупхъэ″ лlэужьыгъуэхэми ″хъупхъэ″ лантlэу ипэкlэ зи гугъу тщla къэlуэтэкlэхэр ″мыхъупхъэ″м пэгъунэгъуу зэрыщытым щыгъуазэ дыхуэхъуащи, *″хъупхъэ″ лантlэм къытехъукl ″мыхъупхъэ″ри лантlэ*у зэрыщытынури зыгурыдгъэlуащ. А *нэхъ ″хъупхъэ″ лантlэ ″глагол лэжьэкlэ″*хэри иджыри зы *джыгъуэу утыку имыт*у щыт *″къэкlуэну″ зэманыгъуэ*м теухуахэрауэ *-″гъэ″ кlэух*кlэ *ухуэжхэр*ауэ- зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Ауэ икlи, *″гъэ″ кlэух*кlэ ухуа псалъэхэр *″ххэ″рэ ″щlэ″ кlэух*и къыззэращтэу щыухуэжкlэ, *лъэщ*у е *псынщlэlуэу* (″ххэ″ кlэух) – *щlэ*рэ *иджыпсту* (″щlэ″ кlэху) *гъэзэщla*рэ утыку къихьауэ зэрылъытэми мы ипэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ. ″Гъэ″ кlэухым къыкlэлъыкlуэу щыгъуазэ дызыхуэхъуа мы кlэуххэм щыщу ″ххэ″р зытеухуа *″х″ макъ*ыр *геометрие ″ординат″*у *лъабжьэ зылъыт*эу зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, *″гъэ″ кlэухкlэ мыухуа псалъэ*хэр *″ххэ″ кlэухкl*эрэ щыухуэжым деж, *утыку къимыхьэн*у е *утыку къихьэну lэмал зимыl*эу *-″мыхъупхъэ″ ткlий* лlэужьыгъуэу-зэрыухуапхъэри жыlэпхъэщи, мыбдежым мыбы щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

Араща, **″х″ макъ** мыхьэнэр *″геометрие координат системэ″*м и **″ордина**т**″** къалэн зыгъэзащlэ *лъабжьэ*рщи, **абзсис**ыгъэ зыгъуэту утыку къихьэу щыlэгъуэ зэыгъуэтым **лъабжьэ** хуэхъурщ. *Утыку къихьэн*рэ щыlэ хъуным *лъабжьэ* хуэхъур **икlи** утыку къихьар мы *утыку къызэрихьа лъагъуэми ириклуэжу – къызэрыхъу* лъагъуэм и *пхэнджк*lэрэ- а **лъабжьэм хуэклуэ**жрэ **ех**ыжу **зэрыклуэд**ыфынури гурыlуэгъуэнщи, *″х″ макъ кlэух*ыр адыгэбзэм мыпхуэдэуи *-ех*ыуи- зэрылэжьыхьыр гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, -зэрыжытlуауэ- иджыри утыку къимыхьарэ къимыхьэуи щытыр къызэрыlуатэу *"къэклуэну зэманыгъуэ"м теухуа псалъэ*хэрагъэнщ *утыку къихьэну лэмал зимылэу* мы *къызэрыlуэтэну* щlыклэхэр. Сыт щхьэ жыпlэмэ, *"блэкла"р блэкла*рэ зэрыхъун хъуагъэххэрщ – *утыку къихьагъэххэ*рщ; *"иджы"*ри *иджы джыуэ щыт*ырщ - утыку къихьэу щытырщи, мыпхуэдэ зэманыгъуэхэм теухуа псалъэхэр *хъуауэ щытрэ иджыри хъууэ щыт*у *лэмал зимылэ*у къэlуэтэныр зэры*имыгъуэ*р гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, *"къэклуэну зэманыгъуэ"*м теухуа къэlуэтэклэу зэрыщыткlэ, иджыри **джыуэ** щытрэ е **джауэ щымыт**ращ **джыну**рэ *утыку къихьэну* **lэмал зимыlэ**у **лъытапхъэ**хэр. Ауэ, *"хъуну" лэмал зимылэ*у лъытэну мы зи гугъу тщlы лэжьэклэр *"къэклуэну зэманыгъуэ"м теухуа*уэ зэры*игъуэ*м нэмыщl, икlи, *"хъыбар"* лlэужьыгъуэ *къэlуэтэклэ*р зыгъэ*лантлэ*рэ икlи псалъэр *"позитив"*ыгъэу зылъытэ *"гъэ" клэуххлэ мылъыта*уэ зэрыщытын зэры*хуейр*и гурыlугъуэнщ. Нэгъуэщlыжу жыпlэмэ, *утыку къихьэну лэмал зимылэ*у *"мыхъупхъэ" тклий* лlэужьыгъуэу мы зи гугъу тщlы *къэlуэтэклэ*р *къызытехъуклыпхъэ "хъупхъэ"* лlэужьыгъуэ *псалъэ*р *"хъыбар"* лlэужьыгъуэу *"хъупхъэ" тклий*уэ щытын зэрыхуейри гурыlуэгъуэщ. Аращи, *иджыри мыхъу*рэ *мыхъа*уэ щыту **хъуну**и **lэмал зимыlэ**у мы **"мыхъупхъэ тклий"** *къэlуэтэклэ*р *къызытехъукл*ынур **"хъупхъэ тклий"** *къэlуэтэклэм* **"ххэ" клэух** *къызэрищтэ*ущ. Мыпхуэдэщ *"хъуну лэмал зимылэ"*хэр мы зэрылъытэ *щапхъэ*хэр: «хъуххэнкъым; хъуххэнукъым».

Ауэ икlи мыбдежым къыщыгъэгъэщыхъэщи, *"къэклуэну"р "иджы"м къыщlидзэ*у зэрыщытрэ *"къэклуэну"м лъабжьэ зэрыхуэхъу*р *"иджы"*рауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, *"къэклуэну зэманыгъуэ"*м теухуа *псалъэ*р *зэрызэпкъырыув*эну щlыклэр *"иджы зэманыгъуэ"*м теухуа псалъэр *лъабжьэ зэрыхуэхъу*клэрэщ.

Мыри къыпытщэжа нэужь, нытlэ, мы зи гугъу тщlахэр зыхэзыубыдэ щапхъэхэр зы таблицэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

Мэхъу (ит з.)
↓
Хъу (Иджы)
↓
Хъуххэн → Хъуххэнкъым
| ↓ |
Хъуххэну → Хъуххэнукъым |
| ↓ |
Хъуххэну къыщlэклынкъым

## ″ХЪУПХЪЭ″ ТКlИЙ - ″МЫХЪУПХЪЭ″УИ ТКlИЙ

Мы псэлъащхьэм къызэрыхэщщи, *″хъупхъэ″ тклий*уэ щытыр *гурыщхъуэ зыщымыуа ″хъупхъэ″*рщи, ар *″мыхъупхъэ″уи гурыщхъуэ зыхэмылъу ″мыхъупхъэ″ тклий*уэ къызэрыlуэтэфынур гурыlуэгъуэщ. Нытlэ икlи, ипэклэ *″хъупхъэ″ нормал ″глагол лэжьэклэ″*хэр *″хъыбарегъащlэ″* лlэужьыгъуэу тлъытауэ щытащи, аббыхэм я **″мыхъупхъэ″** къэlуэтэклэхэри ар дыдэу **″хъыбарегъащlэ″** лlэужьыгъуэ *″глагол лэжьэклэ″*хэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, зэмылlэужьыгъуэ зэманыгъуэклэ лъытарэ занщlэуи ″щ″ клэухклэ ухуа *″хъыбарегъащlэ″* лlэужьыгъуэ *псалъэ*хэр *лъэщу флэщ зэрыхъу*пхъэхэр гурыlуэгъуэщи, **″хъупхъэ″** лlэужьыгъуэу **тклий**уэ лъытапхъэхэрщ; икlи, мы ″хъупхъэ″ тклий лlэужьыгъуэ псалъэхэр *″къым″ клэухклэ*рэ *″мыхъуныгъэ″*у къызэрыlуатэхэри ар дыдэу *лъэщу флэщ зэрыхъу*пхъэхэр гурыlуэгъуэнщи, мыхэри къызытехъукlа ″хъупхъэ″ лlэужьыгъуэ псалъэхэм хуэдэу **″мыхъупхъэ″** лlэужьыгъуэу **тклий**уэ лъытапхъэхэрщ.

Нытlэ, зэмылlэужьыгъуэ зэманыгъуэхэм теухуа *″хъыбарегъащlэ″*у *хъупхъэ* лlэужьыгъуэ *″глагол лэжьэклэ″х*эмрэ, ахэр зытеухуа зэманыгъуэхэмклэ *къэмыхъу*рэ *мыгъэзащlэу -″мыхъупхъэ″*у- зэрылъытэ *″хъыбарегъащlэ″* лlэужьыгъуэ *″глагол лэжьэклэ″*хэри *зэрызэлъытапхъэу* мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **″Хъупхъэ″ нормал ″глагол лэжьэклэ″хэр (хъыбарегъащlэ)** | **″Мыхъупхъэ″ нормал ″глагол лэжьэклэ″хэр (хъыбарегъащlэ)** |
|---|---|
| - ″Блэкlа зэман″ым теухуауэ: ″хъуащ″ → | - Хъуакъым |
| - ″Ит зэман″ым теухуауэ: ″мэхъу″ → | - Хъукъым |
| - ″Къэкlуэну зэман″ым теухуауэ: ″хъунущ″ → | - Хъунукъым |
| - ″Мынаlуэ къэкlуэну з.″ теухуауэ: ″хъунщ″ → | - Хъункъым |

## ″МЫХЪУПХЪЭ″ ЗЭРЫЛЪЫТАГЪЭНУ ПЭЩlЭДЗЭХЭР

″Глагол лэжьэклэ″у мыхъуныгъэ зэрылъытэр псалъэ клэух ″къым″клэрэщи, абы клэухыу игъэзащlэ къалэным ипэклэ щыгъуазэ дыхуэхъуащ. Икlи, ″клэух макъ″ыр и мыхьэнэм елъытауэ клэух зыхуэхъуа псалъэр зезышэрщи, ″къым″ клэухым и мыхьэнэм елъытауэ зи клэух

псалъэр кIуэдыпIэм зэришэм зэрезэгъкIэ, псалъэр мыхъуныгъэ мыхьэнэ къыретыр, – ″мыхъупхъэ″у егъэлажьэр.

Ауэ, ″м″ макъым и мыхьэнэм ипэкIи щыгъуазэ дыхуэхъуащи, макъ къэхъуныгъэ пэщIэдзэу утыку къыззэрихьам ипкъ зэриткIэ, сытри зылъытэ макъыу зэрихьэу щытагъэнщ къызхэзыгъэIуакIа ″хьэ″ -цIыху- лIэужьыгъуэ псэущхьэми, хъупхъэ зэрилъытэм хуэдэжу мыхъупхъэи зылъытэ макъыу зэрыщытагъэнур гурыIуэгъуэнщ. Аращи, псалъэ *пэщIэдзэ*у щыт *″мэ″*р езыр езырурэ къэхъурэ утыку къихьэр -*″хъупхъэ″* лIэужьыгъуэу- зэрылъытэу зэрыщытым хуэдэжу, *″мы″ мак*ъри *зи пэщIэдзэ* псалъэр *″мыхъуныгъэ″*у зылъытэрщ.

ИкIи, пэщIэдзэ макъыу къызэрыхъуам зэрезэгъкIэ, къызхэзыгъэIукI псэущхьэм ″м″ макъыр ″хъупхъэ″рэ ″мыхъупхъэ″ри зэрилъытэ щIыкIэу зэрихьэу щытагъэнти, макъыбзэ лэжьэкIэ зыгъуэта псэлъэбзэми - адыгэбзэми- ″мэ″р зи пэщIэдзэ псалъэр ″хъупхъэ″у щызэрылъытэм хуэдэжу, ″мы″ри зи пэщIэдзэ псалъэри ″мыхъупхъэ″у щылъытэу ноби щызокIуэр. Ауэ икIи, мыбдежым ди Iуэхур зытеухуар ″глагол″хэм я ″мыхъупхъэ″ лэжьэкIэхэм щыгъуазэ хуэхъунращи, ипэкIи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *″глагол лэжьэкIэ″*хэр зэрыигъуэу *″мыхъупхъэ″*у зэрылъытэр *″къым″ кIэуххкIэ*рэщ. НытIэ, макъыбзэу щыт *псэлъэбзэм* - адыгэбзэм- *иджыри мыпхуэдэ лэжьэкIэ имыгъуэт ипэ ″мыхъупхъэ″ зэрилъытэу щытар ″мы″ пэщIэдзэ*кIэу *щытагъэн*щ. Арагъэнщи, *″мы″ пэщIэдзэу ″мыхъуныгъэ″* лъытэныр *икIи ″мыхъуныгъэ″* зэрылъытэ *″пэщIэдзэ″*уи лъытапхъэщ.

НытIэ, мы къэтIуэтахэмкIи жыIэпхъэщ *″мы″ пэщIэдзэ*кIэ *″мыхъуныгъэ″*у -″мыхъупхъэ″у- лъыта *япэрей псалъэ*ри *″мэ″ пэщIэдзэ*кIэ *″хъупхъэ″*у лъыта *псалъэ*рауи жыIэпхъэнщ. Аращи, *къэхъу-къэщI*ыгъуэу *езыр езырурэ утыку къихьэ*р зэрылъытэ *″езырыж занщIэ глагол″* лIэужьыгъуэу *″иджы″*м теухуауэ –объектив лIуэжьыгъуэуи- къызэрыIуатэ *лэжьэкIэ*у ухуа *псалъэ*рауэ лъытапхъэщ *япэрауи ″мы″ пэщIэдзэкIэ ″мыхъуныгъэ″*у лъытари. Мыбы щыгъуэм икIи ″иджы″м къытехъукIа ″ит зэманыгъуэ″р иджыри лъытагъэнтэкъыми, нытIэ, *″мыхъуныгъэ″*р *″иджы″*м теухуауэ лъыта нэужь *″блэкIа″*м теухуауэ *″мыхъуныгъэ″* лъытагъэнщ; абы къыкIэлъыкIуэу *″къэкIуэну″*м, нэужьуи *″мыналуэ къэкIуэну″*м теухуауэ *″мыхъуныгъэ″*хэр лъытагъэнщ.

Дауи, дэтхэнэ зы псалъэр ″мы″кIэрэ къежьэу зэрылъытэр а псалъэм и ″мыхъуныгъэ″ущи, ″мы″ макъыр ″глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ″хэми

ищхьэм къыпыхьэу ″мыхъупхъэ″у зылъытэрщ. Зэрыгурыlуэгъуэу, ″хъупхъэ″ лlэужьыгъуэ псалъэхэм –″ит зэман″ым нэмыщl ″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″хэми- ″щ″ кlэух къызэращтэм хуэдэу ″мыхъупхъэ″у лъыта псалъэхэм ″щ″ кlэух къызэрамыщтэнур гурыlуэгъуэнщи, ″мы″кlэрэ ″мыхъуныгъэ″у лъыта псалъэхэри мыпхуэдэщ.

Ауэ икlи, псалъэхэр *″мы″ пэщlэдзэ*кlэ *″мыхъуныгъэ″*у мы зэрылъытэ щlыкlэхэм *иужькlэ ″глагол лэжьэкlэ″*хэм *теухуауэ ″мыхъуныгъэ″* лъытэу *″къым″ кlэух*ыр зэр*иува*ри гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэу зэрыщытми зэрегъэщи, **″мы″ пэщlэдзэ**кlэ уху**а ″мыхъупхъэ″** лlэужьыгъуэ **″глагол лэжьэкlэ″**хэри ″хъупхъэ″ лlэужьыгъуэ ″хъыбарегъащlэ″у нормал ″глагол лэжьэкlэ″хэр *″къым″ кlэух*кlэрэ *″мыхъупхъэ″*у зэрыхуахэр зэрылъытэхэм *хуэдэу*, *″мыхъупхъэ″*уи **″хъыбарегъащlэ″** лlэужьыгъуэу *лэщу флэщ*ыгъэ зиlэ **″мыхъупхъэ″ ткlий**уэ лъытапхъэхэрщ.

Нытlэ, мыхэр зытежытlыхьа ″мы″ пэщlэдзэ ″мыхъупхъэ″ лlэужьыгъуэхэр утыку къызэрихьэ щlыкlэхэм теухуа щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **″Хъупхъэ″ лlэужьыгъуэ нормал ″глагол лэжьэкlэ″хэр** | **Я ″мыхъупхъэ″хэр ″мы″ пэщlэдзэу къызэрыlуатэхэр** |
|---|---|
| - ″Ит зэман″ым теухууэ: ″мэхъу″→ ″хъу″(иджы) → | - Мыхъу |
| - ″Блэкlа зэман″ым теухууэ: ″хъущ″ → | - Мыхъуа |
| - ″Къэкlуэну зэман″ым теухууэ: ″хъунущ″ → | - Мыхъуну |
| - ″Мынаlуэ къэкlуэну з.″ теухууэ: ″хъунщ″ → | - Мыхъун |

*

Зэрыжытlауэ, дэтхэнэ зы псалъэр ″мы″ макъ пэщlэдзэкlэрэ ″мыхъупхъэ″у мэлъытэри, нытlэ, ″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″хэм нэмыщl, **″инфинитив глагол″**хэри **″мы″** пэщlэдзэу **″мыхъупхъэ″** лlэужьыгъуэу *–мыхъуныгъэ ″инфинитив глагол″*у- зэрылъытэнухэри гурыlуэгъуэнщ:

- «хъун → мыхъун»;
- «къэхъун → къэмыхъун».

Бзэм щыухуэ дэтхэнэ зы псалъэр япэрауэ ″хъупхъэ″у зэрыухуэм хуэдэжу, глаголхэри япэрауэ ″хъупхъэ″ лlэужьыгъуэущ зэрыухуэри, ахэр ″мы″ пэщlэдзэкlэрэ ″мыхъупхъэ″у зэрылъытэри иужьыlуэкlэщ. Мы къэтlуэтахэмрэ къэтхьа щапхъэхэм къызэрыхэщрэ икlи пэщlэдзэрэ кlэуххэм ягъэзащlэ къалэнхэми гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlщи, *″инфинитив глагол″*хэр *″мыхъупхъэ″у ″мы″ пэщlэдзэ*у зэрыухуапхъэр

зэры*игъуэ*м хуэдэжу, *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэри *"мыхъупхъэ"у "къым" кlэуххlэ*рэ ухуэнри нэхъ *игъуэ*у зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ.

Аращи, зи кlэухыр "мыхъуныгъэ"м хуэзышэ "къым" кlэуххlэ "мыхъупхъэ"у зэрыухуэр нэхъыбэу псалъэ лэжьэкlэхэм –глагол лэжьэкlэхэм- теухуащ. Ауэ икlи, "мы" пэщlэдзэкlэ "мыхъупхъэ"у ухуа псалъэхэр "мыхъуныгъэ" зылъытэ "мы" пэщlэдзэкlэ зэрыухуам ипкъ зэриткlэ, "мыхъупхъэ"у зэрылъытагъэххэу утыку къихьа псалъэхэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

*

Аргуэру къыпыщапхъэмэ, "м" макъым и къэхъуныгъэм ипкъ зэриткlэ, *"мыхъупхъэ"р "мы" мак*ъымкlэ *лъыта*рэ *бзэ лэжьэкlэми "мыхъупхъэ"р япэрауэ "мы" пэщlэдзэкlэ* щылъыта*у*э щытми, *бзэ лэжьэкlэм* –нэхъыбэуи глагол лэжьэкlэхэм- *"мыхъупхъэ" лъытэу нэхъыбэу хэлэжьыхьыр "къым" кlэух*рауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Аращи, *глагол лэжьэкlэ*хэм теухуа "мыхъупхъэ" лъытэу "къым" кlэухым елъытауэ *"мы" пэщlэдзэ*р *нэхъ мащlэ*у щызекlуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Мыпхуэдэу щытми, "хъупхъэ" лlэужьыгъуэ "глагол лэжьэкlэ"хэри *"мы" пэщlэдзэкlэ*рэ *"мыхъупхъэ"*у зэрыухуэр ипэкlэ къэта щапхъэхэмкlи гурыlуэгъуэщи, икlи "мы" пэщlэдзэкlэ ухуа "мыхъупхъэ" лlэужьыгъуэ псалъхэр *"гъэ" кlэуххlэ зэрыухуэ*у **"мыхъупхъэ" лантlэ**у лъытапхъэхэри утыку къызэрихьэр гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- Мыхъун → Мыхъугъэн
- Мыхъуну → Мыхъугъэну
- Мыхъу → Мыхъугъэ → Мыхъугъэн – Мыхъугъэну
- Мыхъуа → Мыхъуагъэ/Мыхъуагъ → Мыхъуагъэн – Мыхъуагъэну

Мыбыи къыщымынэу, *"мы" пэщlэдзэкlэ "мыхъупхъэ"* лlэужьыгъуэ псалъэ ухуэкlэм **"хъуну lэмал зимылэ"**у щытхэри зыхеубыдэри, мыбдежым мыпхуэдэ щапхъи къыщыпытщэжынщ:

Мыхъуххэн – Мыхъуххэну
↓ ↓
Хъуххэну къыщlэмыкlын

Ауэ мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ "мыхъупхъэ"р япэрауэ "мы" пэщlэдзэкlэ лъытарэ къэlуэтауэ щытми, *"мы" пэщlэдзэкlэ ухуа "мыхъупхъэ"* лlэужьыгъуэхэу иужькlэ *мы къыпытщэжа*уэ щыт *"мыхъупхъэ" лантlэ*рэ *"хъуну lэмал зимылэ"*хэр *бзэм* хэлэжьыхьу *зэрыщlидза*р *иужьыlуэкlэ*у зэрылъытапхъэр. Аращи, *"мы" пэщlэдзэ*кlэ

*"мыхъупхъэ"*у лъыта псалъэхэм *"гъэ"клэрэ "мыхъупхъэ" лантлэ* къазэрытехъуклымрэ, "гъэ"ншэу *"ххэ" клэуххлэ*рэ *"мыхъуххэн"* лэужьыгъэ псалъэ къазэрытехъуклыу зэрыщлидзар *"къым" клэуххлэ "мыхъупхъэ" лантлэ*рэ *"мыхъуххэн"* ("ххэ" клэухи хиубыдэу) къызэрыlуатэу *бзэм щызеклуэу щлидза нэужьыlуэ*у лъытапхъэщ.

## "МЫХЪУПХЪЭ" ЛlЭУЖЬЫГЪУЭ "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКlЭ"ХЭР ЗЭРЫЗЭЛЪЫТАПХЪЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

*"Мыхъупхъэ"* лlэужьыгъуэ глагол лэжьэклэрэ псалъэхэр *къызытехъуклар "хъупхъэ"* лlэужьыгъуэ глагол лэжьэклэрэ псалъэхэращи, утыку къызэрихьэ зэклэлъхьэужьыклэри къызытехъукla *"хъупхъэ"* лlэужьыгъуэ лэжьэклэрэ псалъэхэм я *зэклэлъхьэужьыклэм* елъытарэ *теухуа*уэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, утыку къызэрихьа зэклэлъхьэужьыклэу ипэклэ щыгъуазэ дызыхуэхъуауэ щыта *"хъупхъэ"* лlэужьыгъуэ *глагол лэжьэклэ*хэм *дэтхэнэ зыр утыку къихьа нэужь*щ абы и *"мыхъуныгъэ"ри* утыку къихьауэ *зэрылъытапхъэ*ри, *"мыхъупхъэ"* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэклэ"*хэр утыку къызэрихьэ *зэклэлъхьэужьыклэ*р зыхэзыубыдэ зы *таблицэ*р мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

**МЫХЪУПХЪЭ ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКlЭХЭР**

| | | |
|---|---|---|
| МЫХЪУПХЪЭ ТКlИЙ (ХЪЫБАРЕГЪАЩlЭ МЫХЪУПХЪЭ) | МЫХЪУПХЪЭ ЛАНТlЭ | МЫХЪУХХЭН |

*

Мы къэта таблицэм *"мыхъупхъэ"* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэклэ" гуп*хэр утыку къызэрихьа щlыклэхэр къыщыгъэлъэгъуащи, *япэрауэ "мыхъупхъэ"у лъыта глагол лэжьэклэ*хэри *"хъыбарегъащlэ"*у щыт *"хъупхъэ" лlэужьыгъуэ "глагол лэжьэклэ"хэм къазэрытехъукla*ри наlуэщ. Араща, *япэ*рауэ утыку къихьа *"мыхъупхъэ"* лlэужьыгъуэ *глагол лэжьэклэ*хэр къызытехъукla *"хъупхъэ"* лlэужьыгъуэ *"хъыбарегъащlэ"*хэм хуэдэу *лъэщу флэщ зэрыхъу*у къызэрыlуэтапхъэри гурыlуэгъуэщ: *"хъупхъэ" тклийм къытехъукla "мыхъупхъэ"*ри *тклий*уэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ.

Мыбы нэмыщl, *"мыхъупхъэ"*р *япэрауэ "мы" пэщlэдзэклэ* лъытарэ, *"къым" клэуххлэ "мыхъупхъэ"* зэрылъытар абы *нэужь* лъытауэ зэрыщытым ипэклэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, глагол лэжьэклэрэ псалъэхэр

*"мыхъупхъэ"*у зэрылъытэ *зэклэлъхьэужьыклэ*ри мыпхуэдэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ.

Ауэ иклu, дэтхэнэ зы "мыхъупхъэ" лIэужьыгъуэ "глагол лэжьэклэ"р дэтхэнэ "мыхъупхъэ" гупым хыреубыдэ е дэтхэнэ "мыхъупхъэ" зэрылъытэ щIыклэуи утыку къырехьэ, ахэр иклu *"глагол лэжьэклэ"*хэр *зытеухуа "зэманыгъуэ"ми елъытау*э зы *зэклэлъхьэужьыклэ*у утыку къызэрихьэри гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, *"мыхъупхъэ" лIэужьыгъуэ глагол лэжьэклэ*хэр *къызэрыхъу*рэ утыку къызэрихьэ *зэклэлъхьэужьыклэ*м мы зи гугъу тщIa *псоми гулъытэ зэрыхуэщIклэрэ щыгъуазэ* зэрыхуэхъун хуейри гурыIуэгъуэнщ.

Дауи, япэу бзэм хэлэжьыхьу щIэзыдзауэ лъытапхъэ глагол лэжьэклэхэр *"хъупхъэ"* лIэужьыгъуэу *"хъыбарегъащIэ"*уи тлъыта *"глагол лэжьэклэ"*хэрщи, *"мыхъупхъэ"* лIэужьыгъуэ *глагол лэжьэклэ*хэри япэрауэ *къызытехъуклар* мыхэращ. Ар щыхъуклu, *"мыхъупхъэ"* лIэужьыгъуэ *"глагол лэжьэклэ"*хэр -"хъыбарегъащIэ"у "мыхъупхъэ"хэр- бзэм хэлэжьыхьу щIидза *нэужьщ адрей "мыхъупхъэ"* лIэужьыгъуэ *къэIуэтэклэхэр*и къызэрыхъуари, мыр иклu *"мыхъупхъэ"* лIэужьыгъуэ *глагол лэжьэклэ*хэр *гуп*у къызэрыгъэлъэгъуа *таблицэми хыболъагъуэ*р.

НытIэ, *"мыхъупхъэ"* лIэужьыгъуэ *"глагол лэжьэклэ"*хэр утыку къызэрихьэ *зэклэлъхьэужьыклэ*м теухуауэ *щыгъуазэ зыхуэщIыпхъэ*у къытпэщытыр *"хъыбарегъащIэ"*у *"мыхъупхъэ"* лIэужьыгъуэ *"глагол лэжьэклэ"*хэр утыку къызэрихьэ *зэклэлъхьэужьыклэ*ращ.

Мы зэрыжытIауи, *"хъыбарегъащIэ"*у тлъыта *"мыхъупхъэ"* лIэужьыгъуэ *"глагол лэжьэклэ"*хэр "мыхъупхъэ"у *"мы" пэщIэдзэ*рэ *"къым" клэухклэ*рэ *зэрыухуэ щIыкл*эрэ зытеухуа *зэманыгъуэ*м *елъыта*уэ утыку къызэрихьа *зэклэлъхьэужьыклэ*р къызэрыхэщу зы *таблицэ*р мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

**"ХЪЫБАРЕГЪАЩIЭ"У "МЫХЪУПХЪЭ" ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКIЭХЭР**

"МЫ" ПЭЩIЭДЗЭУ

Мыхъу

Мыхъуа

Мыхъуну

Мыхъун

"КЪЫМ" КIЭУХЫУ

Хъуакъым

Хъукъым

Хъунукъым

## ″МЫХЪУПХЪЭ″ ЛlЭУЖЬЫГЪУЭ ″ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКlЭ″ХЭР ″lУЭТЭЖ″У КЪЫЗЭРЫlУАТЭХЭР

Ипэкlэ *″хъупхъэ″*у *зэмылlэужьыгъуэ зэманыгъуэ*кlэрэ ухуа дэтхэнэ зы *″глагол лэжьэкlэ″*р *″луэтэж″*у къызэрыlуатэм щыгъуазэ дыхуэхъуащи, нытlэ, дэтхэнэ мыхэр *″мыхъупхъэ″* лlэужьыгъуэ *″глагол лэжьэкlэ″*у къызэрыlуэтэфу мы ипэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъуу къэтхьа дэтхэнэ зы щапхъэр *зэрыщыту ″блэкlа″уэ ″луэтэж″* лlэужьыгъуэу *къызэрыlуэтэф*ми мыбдежым щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьынщ.

Мы псалъэм зэрезэгъкlи, *″мыхъупхъэ″* лlэужьыгъуэу мы ипэкlэ къэтхьа *″глагол лэжьэкlэ″* щапхъэхэр утыку къызэрихьа *я зэкlэлъхьэужьыкlэ*у *″луэтэж″*уи –″мыхъупхъэ lуэтэж″у- къызэрыlуатэ щапхъэхэр зы таблицэм хиубыдэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| ″Мы″ пэщlэдзэкlэ **мыхъупхъэ тк!ий**хэр ► | Мыхъу → Мыхъу<u>т</u><br>Мыхъуа → Мыхъуа<u>т</u><br>Мыхъуну → Мыхъуну<u>т</u><br>Мыхъун → Мыхъун<u>т</u> |
| *** | *** |
| ″Мы″ пэщlэдзэкlэ **мыхъупхъэ лантlэ**хэр ► | Мыхъугъэн → Мыхъугъэн<u>т</u><br>Мыхъугъэну → Мыхъугъэну<u>т</u><br>Мыхъугъэ → Мыхъугъэ<u>т</u><br>Мыхъуагъэ/Мыхъуагъ → Мыхъуагъэ<u>т</u>/Мыхъуагъ<u>т</u> |
| *** | *** |
| ″Мы″ пэщlэдзэкlэ **хъуну lэмал зимыlэ**хэр ► | Мыхъуххэн → Мыхъуххэн<u>т</u><br>Мыхъуххэну → Мыхъуххэну<u>т</u><br>Хъуххэну къыщlэмыкlын → Хъуххэну къыщlэмыкlын<u>т</u> |
| ---------- | ---------- |
| ″къым″ кlэухкlэ **мыхъупхъэ тк!ий**хэр ► | Хъуакъым → Хъуа<u>тэ</u>къым<br>Хъукъым → Хъу<u>тэ</u>къым<br>Хъунукъым → Хъуну<u>тэ</u>къым<br>Хъункъым → Хъун<u>тэ</u>къым |
| *** | *** |
| ″къым″ кlэухкlэ **мыхъупхъэ лантlэ**хэр ► | Хъуагъэкъым/Хъуагъкъым → Хъуагъэ<u>тэ</u>къым/Хъуагъ<u>тэ</u>къым<br>Хъуагъакъым → Хъуагъа<u>тэ</u>къым |
| | * |
| | Хъугъэкъым → Хъугъэ<u>тэ</u>къым<br>Хъугъакъым → Хъугъа<u>тэ</u>къым |
| | * |

| | |
|---|---|
| | Хъугъэнкъым → Хъугъэнтэкъым<br>Хъуагъэнкъым → Хъуагъэнтэкъым<br>Хъугъэнукъым → Хъугъэнутэкъым<br>Хъуагъэнукъым → Хъугъэнутэкъым<br>Хъугъэну къыщlэклынкъым → Хъугъэну къыщlэклынтэкъым<br>Хъуагъэну къыщlэклынкъым → Хъуагъэну къыщlэклынтэкъым |
| *** | *** |
| ″къым″ клэухклэ<br>**хъуну lэмал**<br>**зимыlэ**хэр ► | Хъуххэнукъым → Хъуххэнутэкъым<br>Хъуххэнкъым → Хъуххэнтэкъым<br>Хъуххэну къыщlэклынкъым → Хъуххэну къыщlэклынтэкъым |

Мы таблицэм хэплъагъуэхэм теухуауэ гулъытэ зыхуэщlыпхъэ гуэрхэри щыlэщи, мы илъабжьэм абыхэми я гугъу щытщlынщ.

Ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, ***″мыхъупхъэ″*** зэрылъытагъэнур **япэ**рауэ ***″мы″ пэщlэдзэ***клэу жыlэпхъэ щхьэ, ***″глагол лэжьэкlэ″***хэр нэхъ *игъуэу* ***″мыхъупхъэ″****у* зэры*лъытэ*р ***″къым″ клэух***рауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, мыбы папщlэрагъэнщ *″мы″ пэщlэдзэ*клэ ухуауэ къэта *″мыхъупхъэ″* лlэужьыгъуэ *″глагол лэжьэкlэ″*хэр нобэ *бзэм куэдыщэу* щызекlуэу зэры*щымыт*ыр.

Икlи, *″мы″ пэщlэдзэ*клэ ухуа *″мыхъупхъэ″* лlэужьыгъуэ *псалъэ*хэри – ″хъупхъэ″ псалъэхэр ″lуэтэжу″ къызэрыlуатэхэм хуэдэу- *псалъэ*м *клэух* хуэхъу *″т″ макъкlэ*рэ *″lуэтэж″у* къызэрыlуатэр таблицэм хыболъагъуэр. Ауэ, мы ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, *″глагол лэжьэкlэ″*хэр *″мыхъупхъэ″у* ″мы″ пэщlэдзэ нэхърэ *″къы″м клэухклэ* зэрылъытапхъэм зэрезэгъкlэ, ***″lуэтэж″*** къэlуэтэкlэрэ *″глагол лэжьэкlэ″*хэри ***″мыхъуныгъэ″***у *зэрылъытапхъэ*хэр нэхъ *игъуэу* ***″къым″ клэух***клэрэщи, мыпхуэдэу зэрыщытри мы ипэкlэ къэта щапхъэхэм хыболъагъуэр.

Ауэ икlи, ***″мы″ пэщlэдзэ***клэ ухуа ***″мыхъупхъэ″*** лlэужьыгъуэ ***″lуэтэж″*** къэlуэтэкlэрэщ *″хъупхъэ″* лlэужьыгъуэ *″lуэтэж″* къэlуэтэкlэхэм *хуэдэу* ***″т″ клэухклэ*** зэрылъытэр (мыхъуат) нэрылъагъущи, мыпхуэдэу лъытапхъэнщ ***″къым″ клэух***клэ лъыта ***″мыхъуныгъэ″*** лlэужьыгъуэ ***″lуэтэж″*** къэlуэтэкlэхэри, ар -*″къым″ клэухым ипэ* къихуэ *″т″ клуэтэгъуэу (э)*- ***″тэ″ клэух***клэ зэрыухуар (хъуатэкъым) нэрылъагъущ. Мыпхуэдэуи, *″хъупхъэ″* лlэужьыгъуэ псалъэр ″т″ клэухклэрэ *″lуэтэж″*у нalуэу блэкlарэ зэфlэкlауэщ зэрылъытэри, псалъэр *″къым″ клэухклэ ″мыхъуныгъэ″*у щылъытэм деж, *мыхъуныгъэ лъытэ ″къым″ клэух*ым ипэ къихуэу *″lуэтэж″* лъытэ ″т″ макъри *клуэтэгъуэ*у (э) къызэрыlукlэрэ *блэкla*рэ *зэфlэкla*уэ зэрыщытым *гарант имылэ* хуэдэущ *″lуэтэж″* лlэужьыгъуэу зэрылъытэр.

Дауи, мы зи гугъу тщIа псалъэхэр утыку къызэрихьэу мы зэрыухуа щIыкIэу къэтIуэтахэми къызэрыхэщщи, псалъэр ″мы″ пэщIэдзэкIэ - ″мыхъуныгъэ″у зэрылъытэ пэщIэдзэу- ухуауэ щырет, е ″глагол лэжьэкIэ″хэр ″мыхъуныгъэ″у лъытэным нэхъ хуэигъуэ ″къым″ кIэухкIэ ухуауэ щырет, *″мыхъупхъэ IуэтэжI″*хэр *″мыхъупхъэ″* лIэужьыгъуэ *псалъэ*хэм *нэхърэ ″хъупхъэ IуэтэжI″ псалъэхэм къатехъуклa*уэ лъытапхъэнщ.

Мы зи гугъу тщIар нэхъ зэIухауэ къэIуэтапхъэмэ, ахэр къызэрыхъуа щIыкIэхэр я щапхъэхэри зыдищIыгъуу къэгъэлъэгъуэныр нэхъ игъуэщ. Аращи, *″мыхъуат″* псалъэр ″мыхъуа″ нэхърэ *″хъуат″ псалъэм къытехъуклa*уэ лъытапхъэщ: «хъуат → ″мы-хъуат″ → мыхъуат». Ар дыдэу, *″хъуатэкъым″ псалъэ*ри ″хъуакъым″ нэхърэ *″хъуат″ псалъэм къытехъуклa*уэ лъытапхъэщи, *″хъуат″*у *″хъупхъэ IуэтэжI″*у ухуар мы зэрыщыту *″къым″ кIэухкIэ ″мыхъуныгъэ″*у щылъытэм деж, ар *″т″ кIэухкIэ IупщIыу зы ″IуэтэжI″*у зэрылъытар -*″т″*ым къыкIэлъыкIуэ *″э″кIэ*рэ-*лантIэу зэрылъытэ*ущ *″мыхъуныгъэ″*у зэрыухуэр. Ар щыхъукIи, *″хъупхъэ IуэтэжI″*ым (хъуат) *хуэдэу ″IупщI″*ыу –ткIийуэ- зэрыщытмыыжыр гурыIуэгъуэщ ар *″къым″ кIэухкIэ ″мыхъуныгъэ″*у мы зэрылъыта *″IуэтэжI″*ыгъэр: «хъуат → ″хъуат-э-къым″ → ″хъуатэкъым″».

НытIэ, щыигъуэ дэтхэнэ зы щIыпIэм зэрыщыжытIэу, *″глагол лэжьэкIэ″*у *япэ* къэхъуар *″хъупхъэ″* лIэужьыгъу къэIуэтэкIэхэращи, *нормал ″глагол лэжьэкIэ″*у *″хъупхъэ″* лIэужьыгъуэу мы къекIуэкIым *къыхэхъукla ″IуэтэжI″ къэIуэтэкIэ*хэри япэу утыку къызэрихьа щIыкIэр *″хъупхъэ″* лIэужьыгъуэщ; икIи, мы ипэкIэ ***″мыхъупхъэ IуэтэжI″*** *къэIуэтэкIэ*хэм я **зэпкъырыувэкIэ**ми ахэр ***″хъупхъэ IуэтэжI″*** *къэIуэтэкIэхэм* **къатехъуклa**уэ зэрыщытри къыхощыр.

## ЕПЛIАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ
## ″УПЩIЭ″ ЛIЭУЖЬЫГЪУЭ ″ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКIЭ″ХЭР

Бзэ лэжьэкIэм япэу щылъытэр ″хъупхъэ″ лIэужьыгъуэхэращи, ″хъупхъэ″ защIэу къекIуэкIым *″мыхъупхъэ″* щылъытэ *нэужь*у къэхъу *гурыщхъуэкIэ ″упщIэ″* утыку къызэрихьэм ипэкIи и гугъу тщIагъащ. ИкIи, *″хъупхъэ″* защIэу *къекIуэкIым ″мыхъупхъэ″* щылъытэ *нэужь*у зыкъэзыгъэлъагъуэ *гурыщхъуэ*р япэрауэ *зыхуэгъаз*эри *″хъупхъэ″*у

зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщи, *"упщIэ"р япэрауэ* утыку къызэрихьэри *"хъупхъэ"м теухуа*уэщ.

Аращи, *"мыхъупхъэ" нэужь*ым *"хъупхъэ"м гурыщхъуэ зэрытещIыхь*ым къигъэщI *"упщIэ"р япэрауэ "хъупхъэ"м теухуа*уэ утыку къызэрихьэри гурыIуэгъуэнщ. Ауэ икIи, *"хъупхъэ"*м гурыщхъуэ зэрытещIыхьым къигъэщIыу мы зыкъэзыгъэлъэгъуа *"упщIэ" нэужь*ым *"мыхъупхъэ"ми* зыхуэзыгъазэ *гурыщхъуэ*м *аргуэру зы "упщIэ"* лIэужьыгъуэ къызэрыхэхъукIынури гурыIуэгъуэщи, мыри *"мыхъупхъэ"м теухуа "упщIэ"* лIэужьыгъуэрщ.

НытIэ, мыпхуэдэ щIыкIэущ бзэ лэжьэкIэм "упщIэ"р утыку къызэрихьэу зэрылъытапхъэри, *япэрауэ "хъупхъэ"м теухуа*уэ утыку къихьэ *"упщIэ"*ри **"хъупхъэ"** лIэужьыгъуэ **"упщIэ"**у лъытапхъэщ; абы къыкIэлъыкIуэуи *"мыхъупхъэ"м теухуа "lупщIэ"*ращ къэхъури, мыри **"мыхъупхъэ"** лIэужьыгъуэ **"упщIэ"**у лъытапхъэрщ.

Мы гулъытэ зэрыхуэтщIа щIыкIэу *"хъупхъэ"*рэ *"мыхъупхъэ"* лIэужьыгъуэ псалъэхэр *зи лъабжьэ*ущ *"упщIэ"* лIэужьыгъуэ псалъэхэр утыку къызэрихьэр. Ауэ икIи, *къызытехъукIа псалъэ*хэри *ахэр зи лъабжьэ*у ухуа *"упщIэ"*хэми *я пэджэж*хэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. Аращи, псалъэм папщIэ, зытеухуа **"хъупхъэ"** лIэужьыгъуэ **"псалъэ"**р (пп: хъуащ) *зи лъабжьэ*у утыку къихьа **"хъупхъэ"** лIэужьыгъуэ **"упщIэ"**ми ("хъуа?") *занщIэу* **и пэджэж**у (– "хъуащ") зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэщи, *"мыхъупхъэ"* лIэужьыгъуэ *псалъэ*хэри, ахэр *зи лъабжьэ*у ухуа *"мыхъупхъэ"* лIэужьыгъуэ *"упщIэ"*хэм *я пэджэж*хэрщ.

Ауэ икIи, *"хъупхъэ"* -"мыхъупхъэ"- лIэужьыгъуэ *псалъэм занщIэу "хъупхъэ"* -"мыхъупхъэ"- лIэужьыгъуэ *"упщIэ"* къызэрытехъукIым хуэдэжу, *"хъупхъэ"* -"мыхъупхъэ"- лIэужьыгъуэ *"упщIэ"ми занщIэу* и *пэджэж*ыр *"хъупхъэ"* -"мыхъупхъэ"- лIэужьыгъуэ *псалъэ*у зэрыщытынур гурыIуэгъуэщи, *"хъупхъэ"*рэ *"мыхъупхъэ"* лIэужьыгъуэ *"упщIэ"*хэмрэ я *"пэджэж"*хэр *–"хъупхъэ"*рэ *"мыхъупхъэ"* псалъэхэр- *занщIэу* мы зэрызэтехуэрэ зэрызэпэувхэм нэмыщI, **"хъупхъэ"** лIэужьыгъуэ **упщIэ**хэм **"мыхъупхъэ"** лIэужьыгъуэ **"пэджэж"**рэ икIи **"мыхъупхъэ"** лIэужьыгъуэ **"упщIэ"**хэми **"хъупхъэ"** лIэужьыгъуэ **"пэджэж"**и къызэрыпэувыфынури гурыIуэгъуэнщ.

Дауи, "глагол лэжьэкIэ"у "упщIэ"хэр мы "хъупхъэ"рэ "мыхъупхъэ"у тIууэ зэрызэщхьэщыкI щIыкIэу щыгъуазэ дыхуэхъунри игъуэщ.

## ″ХЪУПХЪЭ″ ЛlЭУЖЬЫГЪУЭ ″УПЩlЭ″ХЭМ ТЕУХУАУЭ

″Хъупхъэ″ лlэужьыгъуэ ″глагол лэжьэкlэ″хэу псалъэхэр зэрыухуэм ипэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъуащи, нытlэ, ахэр ″упщlэ″ лlэужьыгъуэ псалъэхэу зэрыухуэ мыбдежым щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

Ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, *″упщlэ″хэр япэрауэ ″хъупхъэ″хэм теухуа*уэуэ утыку къызэрихьар гурыlуэгъуэщ; икlи, зытеухуа *зэманыгъуэкlэ* ухуа *″хъупхъэ″* лlэужьыгъуэ псалъэхэр *флэщ зэрыхъу*р абыхэм *кlэух* яхуэхъу *″щ″ макъкlэ*рэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Аращи, *″щ″ мак*ъыр зи *кlэух* псалъэхэр *пэжу зэрыщыт*кlэ *флэщ зэрыхъу*р зэрылъытэ ″хъупхъэ″у ткlий лlэужьыгъуэ псалъэхэрщи, мыпхуэдэу ухуа псалъэхэри флэщ зэрыхъупхъэу ″хъыбар″ лlэужьыгъуэу зэрыщытми ипэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ.

Нытlэ, зытеухуа *зэманыгъуэкlэ* ухуа ***″хъупхъэ″*** лlэужьыгъуэ *псалъэ*хэм *″щ″ кlэух ямыlэмэ*, ахэр *флэщу зэрыщыт*ым *гурыщхъуэ тырищlэ*нуи лъытапхъэщ. Аращ икlии, зытеухуа *зэманыгъуэкlэ*рэ *ухуа* ***″хъупхъэ″*** лlэужьыгъуэ *псалъэ*хэр ***″щ″ кlэух зимыlэ***рэ **гурыщхъуэ** лъытэу – зытеухуэу- **къызэрыlу** щlыкlэхэр –я *къэlуклэкlэ гурыщхъуэ* зэрылъытэхэр- *″хъупхъэ″ лlэужьыгъуэ* ***″упщlэ″*** *псалъэ*хэрщ.

Ауэ икlи, *нормал ″глагол лэжьэкlэ″*хэу *″хъыбарегъащlэ″* лlэужьыгъуэу псалъэхэм щыщу *″щ″ кlэух зиlэ*у ухуэ *″хъупхъэ″* лlэужьыгъуэ псалъэхэр *″блэкla″*рэ *″къэклуэну″*м *–″мыналуэ къэклуэну″*ри хэтыжу- теухуа псалъэхэрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщи, мы зи гугъу тщla ″упщlэ″ лlэужьыгъуэхэр мы зэманыгъуэхэм теухуащ. Нытlэ, мы зи гъугъу тщla *″упщlэ″* псалъэр зэрыухуэм *теухуа*уэ *мы къэтlуэтахэр нормал ″глагол лэжьэкlэ″у ″ит зэманыгъуэ″*м зэры*темыухуа*ри гурыlуэгъуэщи, абыи щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу *″ит зэманыгъуэ″*р *″иджы″м щыджыр джыуэ зэрыщыт*рэ *иджым щыджыр зэрыдж щlыкlэ*р зэрылъытэ *зэманыгъуэ*рщи, абы теухуа *″упщlэ″*ри мы *джыр джыуэ щыту зылъытэ зэманыгъуэм езэгъ ″упщlэ″*у щытын зэрыхуейри гурыlуэгъуэнщ. Аращ икlии, *″ит зэманыгъуэ″*м теухуауэ ухуа *″хъупхъэ″* лlэужьыгъуэ *псалъэм хуэгъэза ″упщlэ″*р *″ит зэманыгъуэ″р* (мэхъу) *″иджы зэманыгъуэ″у* (хъу) *зэрылъытэ*рэ, *джыуэ щытыр* **джыуэ зэрыщыт**ыр (хъурэ) зэрылъытэ ***″упщlэ″***у, ***″джы – джырэ″***ущ зэрыухуапхъэр: «мэхъу → ″хъу? – хъурэ?″».

Ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, *"ит зэман"*ым теухуа *псалъэр упщlэу зэрыув*ыпхъэри *"иджы"м теухуа*уэщи, *"упщlэ"* лlэужьыгъуэу мы къэта *псэлъитl*ри мыпхуэдэщ. Ауэ икlи, *"иджы"*м теухуа *"упщlэ"*ри нэхъ игъуэу *иджы хъууэ щытыр зэрылъытэ*щи, *"иджы"*м теухуа *"упщlэ"*у бзэм нэхъ щызекlуэри мыпхуэдэр зэрылъытэ *"рэ" клэух* зиlэу ухуа *"упщlэ"*ращ: «хъурэ?».

Икlи, мы къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, *"ит зэманыгъуэ"*м - *"иджы"*м- теухуа *"упщlэ"*ми *гурыщхъуэ лъытэ къэlуклэ* иlэнщ; ауэ, *нэхъыбэу мыпхуэдэ къэlуклэ зиl*эу щытын хуейхэр "щ" клэухыншэу къэlу *"блэкla"рэ "къэклуэну"м теухуа "упщlэ"*хэрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Дауи, мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщщи, *"хъупхъэ"* лlэужьыгъуэ *"упщlэ"*хэм щыщу *япэ* утыку къихьар *"блэкla"рэ "къэклуэну"*м теухуа *"упщlэ"хэр*ауэ жылэпхъэщ; щыт *"ит зэманыгъуэ"*м теухуарэ *"иджы"*уэ зэрыгъэпсауэ мы ипэклэ къэдгъэлъэгъуауэ *"упщlэ"*ри *"блэкla"рэ "къэклуэну"*м теухуа *"упщlэ"хэм къаклэлъыклуэу* -иужькlэ- утыку къихьагъэнщ.

Мыхэр къыхэдгъэща нэужь, утыку къызэрихьа зэкlэлъхьэужьыкlэуи зэрылъытапхъэу, *"хъупхъэ"*у *"хъыбарегъащlэ"* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэклэ"*у уахуа *"псалъэ"*хэмрэ, ахэр *"хъупхъэ"* лlэужьыгъуэу *"упщlэ"у зэрыухуэ*хэр мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- Хъуащ → Хъуа?
- Хъунущ → Хъуну?
- Хъунщ → Хъун?

*

- Мэхъу → "Хъу → Хъурэ?"

*

Мы зи гугъу тщlахэр "хъупхъэ" ткlийуэ тлъытагъахэрщи, мыбдежми *"хъупхъэ" лантlэ*у лъытапхъэ *"глагол лэжьэклэ"*у ухуа *"псалъэ"*хэм теухуа *"упщlэ"*хэм щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

Аращи, *"хъыбарегъащlэ"* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэклэ"*у ухуа *"псалъэ"*хэр *"гъэ" клэуххlэ* зэрыухуэжу утыку къихьэ *"хъупхъэ" лантlэ псалъэ*хэри *"щ" клэуххlи* зэрыухуахэр гурыlуэгъуэщи, нытlэ, **"щ" клэух ямыlэ**у **гурыщхъуэ** *лъытэ*у я **къэlуклэ**хэри абыхэм теухуа **"упщlэ"** лlэужьыгъуэ *псалъэ*хэрщ.

Мыпхуэдэу зэмылlэужьыгъуэ ухуэклэ зиlэ *"хъупхъэ" лантlэ* лlэужьыгъуэ *псалъэ*хэмрэ, ахэр *"упщlэ"у къызэрыlуатэ* щlыклэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «Хъугъэщ → Хъугъэ?»;
- «Хъугъащ → Хъугъа?»;

*

- «Хъуагъэщ/Хъуагъщ → Хъуагъэ?/Хъуагъ?»;
- «Хъуагъащ → Хъуагъа?»;

*

- «Хъугъэнущ → Хъугъэну?»;
- «Хъугъэнщ → Хъугъэн?»;

- «Хъугъэххэщ → Хъугъэххэ?»;
- «Хъуагъэххэщ → Хъуагъэххэ?».

*

″Хъупхъэ″ лIэужьыгъуэ псалъэхэр ″упщIэ″у зэрыувым теухуауэ мы зи гугъу тщIахэм нэмыщI, ″хъупхъэ″ лIэужьыгъуэу ухуа псалъэр мыпхуэдэу – *″хъупхъэ″у пэжу-* зэрыщытым лъабжьэ зэриIэрэ пIэ зэригъуэтым *зэрыщIэупщIэ*кIэрэ ухуэ *″упщIэ″* лIэужьыгъуи щыIэщи, мыбдежым мыбыи и гугъу тщIыуэ щапхъэхэри къахуэтхьынщ.

Аращи, дэтхэнэ зы ″хъупхъэ″ лIэужьыгъуэ псалъэу *иджыри ″щ″ кIэухкIэ мыухуар* (хъуа) – е, мы ипэкIэ зи гугъу тщIа *″упщIэ″* лIэужьыгъуэу *ухуа псалъэр* (хъуа?)- а зэрыщыту утыку къилъхьэн къалэн зыгъэзащIэ **″у, уэ″** *макъ кIэухкIэ* зэры*ухуэжь*ым **″пIэрэ″** *къыкIэлъыкIуэу* ухуэ **″упщIэ″** лIэужьыгъуэ утыку къохьэр. Мыпхуэдэуи, *″у, уэ″кIэ*рэ утыку къилъхьа псалъэм *пIэ иIэрэ имыIэ*у е *лъабжьэ игъуэта*рэ *имыгъуэта*уэ зэрыщытым **щIэупщIэ**у а псалъэм и *пэжыгъэм теухуа ″упщIэ″* мэухуэр.

Нытlэ, мы тежытlыхьахэри къызэрыхэщу мыпхуэдэ *″упщIэ″* лIэужьыгъуэ *щапхъэ*хэри япэрауэ *хъыбар къызэрыIуатэ псалъэ*хэм теухуауэ къэтхьу, тежыIыхьыпхъэхэри къыпытщэжынщ:

- «″Хъуащ″ → ″Хъуа → Хъуа?″ → ″Хъуау пIэрэ? – Хъуауэ пIэрэ?″»;
- «″Хъунущ″ → ″Хъуну → Хъуну?″ → ″Хъуну (″хъуну″у/″хъуну″уэ) пIэрэ?″»;
- «″Хъунщ″ → ″Хъун → Хъун?″ → ″Хъуну (″хъун″у/″хъун″уэ) пIэрэ?″»;

*

- «″Мэхъу″ → ″Хъу → Хъурэ?″ → ″Хъууэ пIэрэ? – Хъуу пIэрэ?″».

*

Нытlэ, *″хъупхъэ″ тклий*рэ *″хъыбар″* лIэужьыгъуэ *псалъэ*хэм теухуа *упщIэ лIэужьыгъуэ*хэу мы къэдгъэлъэгъуа *щапхъэ*хэм къыкIэлъыкIуэу, мыбдежми *″хъыбар″* лIэужьыгъуэхэу *″гъэ″ кIэухкIэ ″хъупхъэ″ лантIэ* лIэужьыгъуэу *ухуа псалъэ*хэр мы ипэкIэ зи гугъу тщIа *″упщIэ″ лIэужьыгъуэ*хэу зэрыухуэ щапхъэхэри къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «″Хъугъэщ″ → ″Хъугъэ → Хъугъэ?″ → ″Хъугъэу пIэрэ?″»;

- «″Хъугъащ″ → ″Хъугъа → Хъугъа?″ → ″Хъугъау пlэрэ?″»;
- «″Хъугъэххэщ″ → ″Хъугъэххэ → Хъугъэххэ?″ → ″Хъугъэххэу пlэрэ?″»;

*

- «″Хъуагъэщ/Хъуагъщ″ → ″Хъуагъэ/Хъуагъ → Хъуагъэ?/Хъуагъ?″ → ″Хъуагъэу пlэрэ?/Хъуагъыу пlэрэ?″»;
- «″Хъуагъащ″ → ″Хъуагъа → Хъуагъа?″ → ″Хъуагъау пlэрэ?″»;

*

- «″Хъугъэнущ″ → ″Хъуагъэну → Хъуагъэну?″ → ″Хъугъэну(у/уэ) пlэрэ?″»;
- «″Хъугъэнщ″ → ″Хъугъэн → Хъугъэн?″ → ″Хъугъэну пlэрэ?″»;
- «″Хъуну къыщlэкlынущ – Хъуну къыщlэкlынщ″ → ″Хъуну къыщlэкlыну? – Хъуну къыщlэкlын?″ → ″Хъуну къыщlэкlыну(уэ) пlэрэ? – Хъуну къыщlэкlыну пlэрэ?″».

- «″Хъугъэххэщ″ → ″Хъугъэххэ → Хъугъэххэ?″ → ″Хъугъэххэу пlэрэ?″»;
- «″Хъуагъэххэщ″ → ″Хъуагъэххэ → Хъуагъэххэ?″ → ″Хъуагъэххэу пlэрэ?″».

## ″ХЪУПХЪЭ″ ЛlЭУЖЬЫГЪУЭ ″УПЩlЭ″ХЭМ Я ″lУЭТЭЖ″ХЭР

*″Упщlэ″*хэм я *″lуэтэж″*хэри *″упщlэ″ лlэужьыгъуэ псалъэхэр ″т″ клэухклэ* къызэрыlуэтэжущ зэрыухуэнури, нытlэ, мыбыхэм теухуа щапхъэхэри ипэкlэ къэта *упщlэ лlэужьыгъуэ*хэр къызэрыгъэлъэгъуа *зэклэлъхьэужь*ыкlэу мы илъабжьэм таблицэхэмкlэ *къыщыдгъэлъэгъуэжу* къэтхьынщ:

- «Хъуа? → Хъуат?»;
- «Хъуну? → Хъунут?»;
- «Хъун? → Хъунт?»;

*

- «″Хъу → Хъурэ?″ → ″Хъут? – Хъурэт?″».

- «Хъугъэ? → Хъугъэт?»;
- «Хъугъа? → Хъугъат?»;

*

- «Хъуагъэ?/Хъуагъ? → Хъуагъэт?/Хъуагът?»;
- «Хъуагъа? → Хъуагъат?»;

*

- «Хъугъэну? → Хъугъэнут?»;
- «Хъугъэн? → Хъугъэнт?»;

- «Хъугъэххэ? → Хъугъэххэт?»;
- «Хъуагъэххэ? → Хъуагъэххэт?».

- «″Хъуау пlэрэ? – Хъууэ пlэрэ?″ → ″Хъуау пlэрэт? – Хъууэ пlэрэт?″»;

- «″Хъуну (″хъуну″у/″хъуну″уэ) пlэрэ?″ → ″Хъуну (″хъуну″у/″хъуну″уэ) пlэрэт?″»;
- «″Хъуну (″хъун″у/″хъун″уэ) пlэрэ?″ → ″Хъуну (″хъун″у/″хъун″уэ) пlэрэт?″»;

*

- «″Хъуу пlэрэ? – Хъууэ пlэрэ?″ → ″Хъуу пlэрэт? – Хъууэ пlэрэт?″».

- «″Хъугъэу пlэрэ?″ → ″Хъугъэу пlэрэт?″»;
- «″Хъугъау пlэрэ?″ → ″Хъугъау пlэрэт?″»;
- «″Хъугъэххэу пlэрэ?″ → ″Хъугъэххэу пlэрэт?″»;

*

- «″Хъуагъэу пlэрэ?/Хъуагъыу пlэрэ?″ → ″Хъуагъэу пlэрэт?/Хъуагъыу пlэрэт?″»;
- «″Хъуагъау пlэрэ?″ → ″Хъуагъау пlэрэт?″»;

*

- «″Хъугъэну(у/уэ) пlэрэ?″ → ″Хъугъэну(у/уэ) пlэрэт?″»;
- «″Хъугъэн(у/уэ) пlэрэ? - ″Хъугъэну пlэрэ?″ → ″Хъугъэну пlэрэт?″»;
- «″Хъуну къыщlэкlыну(уэ) пlэрэ? – Хъуну къыщlэкlыну пlэрэ?″ → ″Хъуну къыщlэкlыну(уэ) пlэрэт? – Хъуну къыщlэкlыну пlэрэт?″»;

- «″Хъугъэххэу пlэрэ?″ → ″Хъугъэххэу пlэрэт?″»;
- «″Хъуагъэххэу пlэрэ?″ → ″Хъуагъэххэу пlэрэт?″».

## ″МЫХЪУПХЪЭ″ ЛlЭУЖЬЫГЪУЭ ″УПЩlЭ″ХЭМ ТЕУХУАУЭ

Ипэкlэ *″глагол лэжьэкlэ″*у *″хъупхъэ″* лlэужьыгъуэу ухуа *псалъэ*хэр *макъ къэlуклэкlэ ″упщlэ″*у хуиту зэрытым щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, *″мы″ пэщlэдзэ*кlэ ухуа *″мыхъупхъэ″* лlэужьыгъуэ *псалъэ*хэр а зэрыухуа щlыкlэу я *макъ къэlуклэ*кlэ *″мыпхъупхъэ упщlэ″*у лъытэныр *игъащэкъым* икlи бзэми *щызеклуащэкъым*. Ауэ, *″мы″ пэщlэдзэ*кlэ *″мыхъупхъэ″*у ухуа *псалъэ*хэр *″..у пlэрэ″ клэуккlэ – ″мыхъупхъэ″у пlэ зэриигъуэт*ым теухуа *упщlэ*у- хуиту *″мыхъупхъэ упщlэ″*у мэлъытэр.

Нытlэ, мы илъабжьэм *″мы″ пэщlэдзэ*кlэ ухуа ″мыпхъупхъэ″ лlэужьыгъуэ псалъэхэм къатехъукlыу мы зи гугъу тщla *″упщlэ″у бзэм щыземыклуащэрэ игъуащэуи щымыт*хэр *италикэ*у тхарэ *″..у пlэрэ″ клэух*кlэ ухуа *″упщlэ″*хэри *нормал*у тхауэ мы илъабжьэм зы таблицэм хиубыдэу къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| ″Мы″ пэщlэдзэкlэ<br>**мыхъупхъэ ►**<br>**ткlий**хэм теухуа<br>**lупщlэ**хэр | Мыхъу → *Мыхъу?* → Мыхъуу пlэрэ?<br>Мыхъуа → *Мыхъуа?* → Мыхъуау пlэрэ?<br>Мыхъуну → *Мыхъуну?* → Мыхъуну пlэрэ?<br>Мыхъун → *Мыхъун?* → Мыхъуну пlэрэ? |
| *** | *** |
| ″Мы″ пэщlэдзэкlэ<br>**мыхъупхъэ ►** | Мыхъугъэн → *Мыхъугъэн?* → Мыхъугъэну пlэрэ?<br>Мыхъугъэну → *Мыхъугъэну?* → Мыхъугъэну пlэрэ? |

| | |
|---|---|
| **лантlэ**хэм теухуа<br>**lупщlэ**хэр | Мыхъугъэ → *Мыхъугъэ?* → Мыхъугъэу пlэрэ?<br>Мыхъуагъэ/Мыхъуагъ → *Мыхъуагъэ?/Мыхъуагъ?* → ″Мыхъуагъэу пlэрэ? – Мыхъуагъыу пlэрэ?″ |
| ---------- | ---------- |
| ″Мы″ пэщlэдзэкlэ<br>**хъуну lэмал** ►<br>**зимыlэ**хэм теухуа<br>**lупщlэ** хэр | Мыхъуххэн → *Мыхъуххэн?* → Мыхъуххэну пlэрэ?<br>Мыхъуххэну → *Мыхъуххэну?* → Мыхъуххэну пlэрэ?<br>*<br>Хъуххэну къыщlэмыкlын? → *Хъуххэну къыщlэмыкlын?* → Хъуххэну къыщlэмыкlыну пlэрэ? |

*

Ауэ ″къым″ кlэухкlэ ухуа ″мыхъупхъэ″ лlэужьыгъуэ ″псалъэ″хэр ″къэ″ кlэухкlэ хуиту ″мыпхъупхъэ упщlэ″у мэухуэр. Зэрыгурыlуэгъуэу, псалъэ *пэщlэдзэу къэхъурэ къежьапlэ* зылъытэ *″къ″ мак*ъыр псалъэ *кlэухыу кlуэдыпlэ* зылъытапхъэрщ. Зи кlэух *псалъэр кlуэдыпlэм хуэзышэ ″къ″* макъым *″м″ кlэух*и къыпыхьэу *псалъэр ″мыхъуныгъэ″у зэрылъэ*р гурыlуэгъуэщи, нытlэ, мы кlэух ″къ″ макъым ″м″ къыкlэлъымыкlуэрэ икlи *кlуэтэгъуэ* зэрылъытэ *″э″кlэ къэlу* (къэ) псалъэр *кlуэдыпlэм* зэрыхуэкlуэм *гурыщхъуэ* зэрытещlыхьыжкlэрэ ″мыхъупхъэ упщlэ″ зэрыухуапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *глагол лэжьэкlэ*хэу *″мыхъупхъэ″* зэрылъытэхэр нэхъыбэу *″къым″ кlэухкlэ*рэщи, нытlэ, *″глагол лэжьэкlэ″*у ухуа псалъэр мыпхуэдэу *кlуэдыпlэ* зэрышэр (къ) *″м″ кlэухкlи lупщl* хъуа нэужь, абы *nlэ ulэрэ имыlэ*у лъытэн зэры*имыгъуэ*м папщlэ, *″къым″ кlэух*кlэ ухуа *″мыхъупхъэ″* лlэужьыгъуэ псалъэхэр *″..у пlэрэ″ кlэухкlэ ″упщlэ″у ухуэжыпхъэкъым*.

Аращи, *″хъупхъэ″* лlэужьыгъуэ *″глагол лэжьэкlэ″*у ухуа *псалъэ*хэр *игъуэрэ имыгъуэу* зэрыщытыр *″..у пlэрэ″ кlэухкlэ ″упщlэ″*у зэры*ухуэ*хэм теухуа *щапхъэ*хэри *ипэкlэ* къыщыдгъэлъэгъуауэ щытщ. Икlи, *″мы″ пэщlэдзэ*кlэ *″мыхъупхъэ″*у ухуагъэххэ *псалъэ*хэр игъуэрэ имыгъуэу зэрыщытри *″..у пlэрэ″ кlэух*кlэ зэрылъытэ *″мыхъупхъэ упщlэ″* лlэужыьыгъуэхэми теухуа *щапхъэ*хэр *мы ипэкlэ* къэтагъэххэщ.

Нытlэ, мы къыхэдгъэщахэри зыхэплъагъуэу, *″къэ″ кlэух*кlэ ухуэ *″мыхъупхъэ упщlэ″*хэм теухуа *щапхъэ*хэри зы *таблиц*эм зэрыхиубыдэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| ″къым″ кlэухкlэ<br>**мыхъупхъэ** ►<br>**ткlий**хэм теухуа<br>**lупщlэ**хэр | Хъуакъым → Хъуакъэ?<br>Хъукъым → Хъу<u>э</u>къэ?<br>Хъунукъым → Хъунукъэ?<br>Хъункъым → Хъункъэ? |

| | |
|---|---|
| *** | *** |
| | Хъуагъэкъым/Хъуагъкъым → Хъуагъэкъэ?/Хъуагъкъэ<br>Хъуагъакъым → Хъуагъакъэ? |
| | * |
| ″къым″ кlэухкlэ<br>**мыхъупхъэ**<br>**лантlэ**хэм ►<br>теухуа **lупщlэ**хэр | Хъугъэкъым → Хъугъэкъэ?<br>Хъугъакъым → Хъугъакъэ? |
| | * |
| | Хъугъэнкъым → Хъугъэнкъэ?<br>Хъуагъэнкъым → Хъуагъэнкъэ?<br>Хъугъэнукъым → Хъугъэнукъэ?<br>Хъуагъэнукъым → Хъугъэнукъэ?<br>Хъугъэну къыщlэкlынкъым → Хъугъэну къыщlэкlынкъэ?<br>Хъуагъэну къыщlэкlынкъым → Хъуагъэну къыщlэкlынкъэ? |
| ---------- | ---------- |
| ″къым″ кlэухкlэ<br>**хъуну lэмал**<br>**зимыlэ**хэм ►<br>теухуа **lупщlэ**хэр | Хъуххэнукъым → Хъуххэнукъэ?<br>Хъуххэнкъым → Хъуххэнкъэ?<br>Хъуххэну къыщlэкlынкъым → Хъуххэну къыщlэкlынкъэ? |

## ″МЫХЪУПХЪЭ″ ЛlЭУЖЬЫГЪУЭ ″УПЩlЭ″ХЭМ Я ″lУЭТЭЖ″ХЭР

Ипэкlэ ″мыхъупхъэ″м теухуа ″глагол лэжьэкlэ″хэр зэрызэпкъырыувэрэ икlи ахэр ″lуэтэж″у зэрыухуэхэми щыгъуазэ дыхуэхъуащи, нытlэ, мыбдежым щыгъуазэ дызыхуэхъуну ″мыхъупхъэ упщlэ″хэри абыхэм я ухуэкlэр зэрызэлъытам езэгъыу зэрыухуэнухэри гурыlуэгъуэнщ. Мы зэрыжытlауи, ″мыхъуныгъэ″ зэрылъытэу ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуарэ къэтхьа щапхъэхэр таблицэм хиубыдэу къызэрыдгъэлъэгъуам хуэдэ зэкlэлъхьэукlэ зиlэу къыщыдгъэлъэгъуэнщ мы илъабжьэм ″мыхъупхъэ″ лlэужьыгъуэ ″глагол лэжьэкlэ″хэр ″lуэтэж″уи зэрыухуэ щапхъэхэр.

Нытlэ, япэрауэ *″мы″ пэщlэдзэ*кlэ *″мыхъупхъэ″*у ухуэ *псалъэ*хэр *″упщlэ″*у къызэры*″lуэтэж″*ым теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| ″Мы″<br>пэщlэдзэкlэ<br>**мыхъупхъэ**<br>**ткlий**хэм ►<br>теухуа **упщlэ**<br>**lуэтэж**хэр | Мыхъу → *Мыхъут?* → Мыхъуу пlэрэт?<br>Мыхъуа → *Мыхъуат?* → Мыхъуау пlэрэт?<br>Мыхъуну → *Мыхъунут?* → Мыхъуну пlэрэт?<br>Мыхъун → *Мыхъунт?* → Мыхъуну пlэрэт? |
| *** | *** |
| ″Мы″<br>пэщlэдзэкlэ<br>**мыхъупхъэ** | Мыхъугъэн → *Мыхъугъэнт?* → Мыхъугъэну пlэрэт?<br>Мыхъугъэну → *Мыхъугъэнут?* → Мыхъугъэну пlэрэт?<br>Мыхъугъэ → *Мыхъугъэт?* → Мыхъугъэу пlэрэт? |

| | |
|---|---|
| **лантlэ**хэм ► теухуа **упщlэ lуэтэж**хэр | Мыхъуагъэ/Мыхъуагъ → *Мыхъуагъэт?/Мыхъуагът?* → ″Мыхъуагъэу пlэрэт? – Мыхъуагъыу пlэрэт?″ |
| ---------- | ---------- |
| ″Мы″ пэщlэдзэкlэ **хъуну lэмал зимыlэ**хэм ► теухуа **упщlэ lуэтэж**хэр | Мыхъуххэн → *Мыхъуххэнт?* → Мыхъуххэну пlэрэ?<br>Мыхъуххэну → *Мыхъуххэнут?* → Мыхъуххэну пlэрэ?<br>Хъуххэну къыщlэмыкlын? → *Хъуххэну къыщlэмыкlынт?* → Хъуххэну къыщlэмыкlыну пlэрэт? |

Мы къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэу ″мы″ пэщlэдзэкlэ ухуа ″псалъэ″хэр занщlэу ″упщlэ″у зэрыимыгъуащэм хуэдэщи, ахэр икlи ″упщlэ lуэтэж″уи игъащэкъым. Ауэ икlи, мыпхуэдэу ″мыхъупхъэ″у ухуа псалъэхэр а зэрыщыту *игъуэрэ nlэ зэрulэ* зэрылъытэ *″..у пlэрэ″* къыкlэлъыкlуэу хуиту *″упщlэ″*у зэрыухуэм хуэдэжу, мыпхуэдэу ухуа ″упщlэ″хэри хуиту *″lуэтэж″*у къоlуатэхэр.

*

Мыбыхэм къакlэлъыкlуэуи, *″къым″ клэух*кlэ *″мыхъупхъэ″*у ухуэ *псалъэ*хэр *″упщlэ″*у къызэры*″lуэтэж″*хэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| ″къым″ кlэухкlэ **мыхъупхъэ ткlий**хэм ► теухуа **упщlэ lуэтэж**хэр | Хъуакъым → Хъуатэкъэ?<br>Хъукъым → Хъуэтэкъэ?<br>Хъунукъым → Хъунутэкъэ?<br>Хъункъым → Хъунтэкъэ? |
| *** | *** |
| ″къым″ кlэухкlэ **мыхъупхъэ лантlэ**хэм ► теухуа **упщlэ lуэтэж**хэр | Хъуагъэкъым/Хъуагъкъым → Хъуагъэтэкъэ?/Хъуагътэкъэ?<br>Хъуагъакъым → Хъуагъатэкъэ?<br>*<br>Хъугъэкъым → Хъугъэтэкъэ?<br>Хъугъакъым → Хъугъатэкъэ?<br>*<br>Хъугъэнкъым → Хъугъэнтэкъэ?<br>Хъуагъэнкъым → Хъуагъэнтэкъэ?<br>Хъугъэнукъым → Хъугъэнутэкъэ?<br>Хъуагъэнукъым → Хъугъэнутэкъэ?<br>Хъугъэну къыщlэклынкъым → Хъугъэну къыщlэклынтэкъэ?<br>Хъуагъэну къыщlэклынкъым → Хъуагъэну къыщlэклынтэкъэ? |
| ---------- | ---------- |
| ″къым″ кlэухкlэ **хъуну lэмал зимыlэ**хэм ► | Хъуххэнукъым → Хъуххэнутэкъэ?<br>Хъуххэнкъым → Хъуххэнтэкъэ?<br>Хъуххэну къыщlэклынкъым → Хъуххэну къыщlэклынтэкъэ? |

| | |
|---|---|
| теухуа **упщlэ lуэтэж**хэр | |

″Къым″ клэухклэ ухуа ″мыхъупхъэ″ псалъэхэр хуиту *″къэ″ клэух*клэ *″упщlэ″*у зэрыухуэхэм хуэдэжу, мыпхуэдэу ухуа ″упщlэ″хэри *хуиту ″lуэтэж″*у къоlуэтэфхэр. Ауэ, *″къым″ клэух*клэ ухуа *″мыхъупхъэ″* псалъэхэм зэры*игъуэ*рэ *nlэ иlэрэ имыlэу* зэрыщытым теухуауэ *гурыщхъуэ тепщlыхьыпхъэу* зэры*щымытыж*ым папщlэ, ахэр *″..у пlэрэ″* къаклэлъыклуэу *″упщlэ″у ухуапхъэкъым*и, икlи мыпхуэдэ *″упщlэ lуэтэж″уи ухуэнкъым*.

## ЕТХУАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ
## ″ГУРЫЩХЪУЭ″М ТЕУХУАРЭ ″ГУРЫЩХЪУЭ″ ЗЫЩЫУА КЪЭlУЭТЭКlЭРЭ ″ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКlЭ″ХЭР

Зэрыгурыlуэгъуэу, хьэрычэт лlэужьыгъуэхэр зэрызеклуэр зэрылъытэ псалъэхэрщ ″глагол лэжьэклэ″ жыхуэтlэхэри, мыхэр ″глагол″рэ и лэжьэклэу зэрыщытри иужькlэ грамматикэу зэрылъытар гурыlуэгъуэщ.

Дауи, ″глагол лэжьэклэ″хэр япэу къэхъу-къэщl зэрылъытэу ″хъупхъэ″ лlэужьыгъуэхэу щызеклуэу зэрыщlидзагъэнури гурыlуэгъуэщи, мы лэжьэклэхэм я ″мыхъупхъэ″ лlэужьыгъуэхэри бзэм иужькlэ къыщыхъуауэ лъытапхъэщ. Хьэрычэт лlэужьыгъуэу къэхъу-къэщlхэр цlыхум мыпхуэдэу ″хъупхъэ″рэ ″мыхъупхъэ″у зэрилъытэ ″глагол лэжьэклэ″хэр бзэм хуиту щызеклуэ хъуа нэужьрагъэнщ икlи ″гурыщхъуэ″ жыхуэтlэми зыкъыщигъэлъэгъуари, абыхэм я къэlуэтэклэрэ я лэжьэклэхэр ″хъупхъэ″рэ ″мыхъупхъэ″ лlэужьыгъуэ ″глагол лэжьэклэ″хэм хуэдэу бзэм занщlэу хуиту щызеклуэу щlидзауи къыщlэкlынкъым. Аращи, ″гурыщхъуэ″м и гугъу щыдымыщla ″глагол лэжьэклэ″хэр бзэ лэжьэклэм занщlэу хэхьэрэ бзэ лэжьэклэри зыгъэпсынщlарауэ лъытапхъэщи, *″гурыщхъуэ″м теухуа*уэ ипэклэ зи гугъу тщla ″глагол лэжьэклэ″хэмрэ икlи *″гурыщхъуэ″ зыхэлъ*рэ *зыщыуа*уэ зи гугъу тщla *″глагол лэжьэклэ″*хэр бзэ лэжьэклэм занщlэу хуиту щызеклуэ хъуагъэнкъым. Мыбдежым зи гугъу тщlынур мыпхуэдэ къэlуэтэклэрэ ″глагол лэжьэклэ″хэрщи, мыхэр бзэр псынщlэрэ шэрыуэ зыщl лэжьэклэхэу мылъытапхъэ щхьэ, *гупщыс*эрэ *философие*у *зэмылlэужьыгъуэ еплъыкl*эхэр утыку къызэрихьэу къызэрыlуатэрэ икlи *бзэ лэжьэкl*эри зы*гъэбагъуэ*у зэрыщытынури гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, ипэкlэ *"гурыщхъуэ"м теухуа "глагол лэжьэкlэ"*хэу зи гугъу тщlахэр *мыпхуэдэхэм теухуа пэщlэдзэ*рэ икlи *лъабжьэ*у зэрыщытыр наlуэщи, мы илъабжьэм япэрауэ зи гугъу тщlынухэри мыхэращ. Икlи, *"гурыщхъуэ"м теухуа* мы къэlуэтэкlэрэ *"глагол лэжьэкlэ"хэр лъабжьэ зыхуэхъу*у утыку къихьэ нэгъуэщl *къэlуэтэкlэхэр*и щыlэщи, мыпхуэдэхэри игъуэ зэрыхъукlэ мы илъабжьэм къыщедгъэкlуэкlыну лэжьыгъэм къыщыхэдгъэщынущ.

*

"Глагол лэжьэкlэ"хэр утыку къызэрихьэм теухуауэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа гъуэгуанэм "гурыщхъуэ"р "хъупхъэ"рэ "мыхъупхъэ"м къыкlэлъыкlуэу зэрытлъытар гурыlуэгъуэщи, "гурыщхъуэ"р "хъупхъэ"рэ "мыхъупхъэ"м къыкlэлъыкlуэу утыку къызэрихьарэ икlи "упщlэ"ми лъабжьэ хуэхъуауэ зэрыщытри ипэкlэ щыжытlагъащ. Ауэ, -аргуэру къыхэгъэщыпхъэмэ- *"упщlэ"р и пэджэжкlэ*рэ "хъупхъэ"рэ "мыхъупхъэ" лlэужьыгъуэу *бзэ лэжьэкlэм хуиту хэхьэ*рэ бзэ лэжьэкlэр хуиту зэрызекlуэнуми щхьэпэ хуэхъуу щыт щхьэ, "упщlэ"м *лъабжьэ хуэхъуа*уэ зи гугъу тщlы *"гурыщхъуэ"*р *хуиту* къэlуэтэкlэ зыгъуэту зэры*мылъытапхъэ*рэ икlи "упщlэ"м хуэдэу *бзэ лэжьэкlэм занщlэу* хэхьэу *хуиту зэрылэжьэн*ыми *щхьэпэ* хуэхъуу зэр*мылъытапхъэ*ри гурыlуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэу щытми, ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, *"гурыщхъуэ"*р *гупщысэ*нрэ *консидерацэ* икlи *критикэ* жыхуэтlэхэр утыку къихьэным *лъабжьэ* хуэхъуауэ зэрылъытапхъэм хуэдэжу, ахэр *лъэщ зыщl*ыу зэрыщытым къызэрыхэкlкlи, *пслъэбзэм*и *къэlуэтэн*рэ *зэгурыlуэн*ыгъэм *щхьэщыкl лъэкlыныгъэ*шхуэ *къезыт*у икlи *зэмылlэужьыгъуэ лэжьэкlэ*хэми *лъабжьэ* хуэхъуу зэрыщытри мыбдежым аргуэру щыжытlэжынщ.

Ипэкlэ къэтlуэтахэмрэ япэрей ди лэжьыгъэхэми къызэрыхэдгъэщауэ, *пэщlэдзэ макъ*ыу утыку къихьауэ тлъытауэ щыта *"м" макъ*ыр *щхьэжу* сытри -*"хъупхъэ"*рэ *"мыхъупхъэ"*у- зэрилъытэу зэрихьэу щытагъэнщ ар къызхэзыгъэlукlа псэущхьэми (хьэ), абы *мыпхуэдэу* зэрызэрихьэкlэрэ *лъытэгъуэбэ*у зы *лъабжьэ зыгъуэта "м" макъ*ым мы игъуэта *лъабжьэм езэгъ къалэн*хэри *бзэ лэжьэкlэ пэщlэдзэ*м къыщыщlидзэу *хигъэзэщlыхь*у зэрыщlидзагъэнури ноби бзэ лэжьэкlэхэм къызэрыхэщри жыlэпхъэщ. Дауи, къызыхэзгъэlукlа псэущхьэм *"хъупхъэ"рэ "мыхъупхъэ"у сытри зэрилъыт*эу зэрихьэу щыта *"м" макъ*ымкlэ иужькlэ *"гурыщхъуэ"*ри *илъыт*эу зэрихьэу щытагъэнти, *"гурыщхъуэ"* лlэужьыгъуэу лъытэну

псалъэхэр *"мэ" макъкlэ*рэ къызэры*гъэлъагъуэу*щ *нобэрей бзэ лэжьэкlэ*ми къызэрыхэщыр. Аращи, ипэкlи гулъытэ зэрыхуэтщlарэ мы илъабжьэми игъуэ щапхъэхэр къызыхуэтхьу нэхъ гъунэгъууи щыгъуазэ дызыхуэхъуну къытпэщыт *"гурыщхъуэ"м теухуа "глагол лэжьэкlэ"*хэр (*"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ къэlуэтэкlыщ*ымрэ, *"гурыщхъуэ" нэужь къэlуэтэкlыщ*ыр) зэрыщыту *"мэ" кlэухкlэ*рэщ зэрылъытэрэ къызэрыlуатэхэр.

Ипэкlи къызэрыщытlуэтауэ, бзэ лэжьэкlэрэ *"глагол лэжьэкlэ"*уи *япэ* къэхъуар *"хъупхъэ"*у щытрэ абыи ″мыхъупхъэ″р къызэрыкlэлъыкlуэр гурыlуэгъуэнщи, *"гурыщхъуэ"*ри *"хъупхъэ"р "мыхъуныгъэ"у зэрылъыта*рэ *я зэхущытыкlэм къатехъукl*ыу -*"мыхъупхъэ"*м *къыкlэлъыкlуэ*у- утыку къихьауэ тлъытагъащ. Я къэхъукlэкlэ мыпхуэдэ зэкlэлъхьэужьыкlэ зэрalэми зэрезэгъкlэ, *"мыхъуныгъэ"р япэу "м" макъ пэщlэдзэкlэ зэрылъыта*м хуэдэу, абы къыкlэлъыкlуэу утыку къихьауэ тлъыта *"гурыщхъуэ"*ри *япэу "м" макъ кlэухкlэ* -″мэ″ кlэухкlэ- *зэрылъытапхъэ*нури гурыlуэгъуэнщ.

Дауи, аргуэру къыпыщапхъэмэ, *пэщlэдзэ мак*ъыу утыку къызэрихьам зэрезэгъкlэ, къызхэзыгъэlукlам *сытри зэрилъытэу зэрихьэ*у *щыта*гъэну жыхуэтlэ *"м" мак*ъыр *зэхуэдэу ухуа*рэ *зэхуэдэ макъхэр зыхиубыдэу зэпкъырылъ псалъэхэм пэщlэдзэ* е *кlэух* язэрыхуэхъуу ахэр *"хъупхъэ"*у е *"мыхъупхъэ"*у *лъытэн*рэ икlи *"гурыщхъуэ"*м теухуауэ *лъытэн къалэн зыгъэзэщlэф*у ноби адыгэбзэм –икlи бзэ куэдми(!)- зэрыхэлэжьыхьыр гурыlуэгъуэщ.

*

Ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа *"хъупхъэ" лlэужьыгъуэ "глагол лэжьэкlэ"*хэр *"гурыщхъуэ" зыхэмылъ*рэ *зыхэлъ*у зэщхьэщыгъэкlыпхъэмэ, *"хъыбарегъащlэ"*у тлъыта *"глагол лэжьэкlэ"*хэр *"гурыщхъуэ" зыхэмылъ*у, абы къатехъукlарэ *и лантlэ къэlуэтэкlэ*у тлъыта *"лагол лэжьэкlэ"*хэри *"гурыщхъуэ" зыхэлъ*у зэрылъытапхъэхэми ипэкlэ гулъытэ хуэтщlагъащ.

Дауи, бзэр хуиту зэрызекlуэм щхьэпэ хуэхъуу лъытапхъэкыъм ″гурыщхъуэ″ къэlуэтэкlэхэри, ахэр хуиту лэжьэкlэ зымыгъуэт къэlуэтэкlэу щытрэ икlи хуиту лэжьэкlэхэр къызытемыхъукlыпхъэми, *"гурыщхъуэ"*р цlыху *гупщысэ*мрэ *бзэ лэжьэкlэ*м зы*зэриубгъу*м икlи ахэр *лъэщ зэрыхъу*нум *лъабжьэ* язэрыхуэхъунури гурыlуэгъуэнщ. Икlи, гум щызекlуэ зэхъуэкlыныгъэу тлъыта *"гурыщхъуэ"р къэмыхъуатэмэ*, *гум* езым *и пщалъэ*ри -гупщысэри- *къигъэхъуфыну къыщlэкlынтэкъым*. Аращи, илъытэр *къulуэтэнрэ зэгурыlуэн къалэнкlэ бзэр хуиту* а *зэрызекlуэ*

щlыкlэм къыщымынэу, цlыхум *къигупщыс*рэ зытегупщысэхэри *къызэрыlуатэу бзэм* нэхъри *зызэриубгъу*ар гурыlуэгъуэнщ.

Мы зэрыжытlауэ, ″гурыщхъуэ″м теухуа къэlуэтэкlэрэ ″глагол лэжьэкlэ″хэр зэрыухуа щlыкlэр зи лъабжьэущ абыхэм къатехъукlыну мы зи гугъу тщlы къэlуэтэкlэрэ ″глагол лэжьэкlэ″щlэхэри, нытlэ, *япэрауэ* **″гурыщхъуэ″м теухуа** *къэlуэтэкlэрэ* **″глагол лэжьэкlэ″**хэр къызэрыlуатэ щlыкlэхэр дигу къэдгъэкlыжу, *ахэр лъабжьэ зэрыхуэхъу*кlэрэ утыку къихьауэ лъытапхъэ **″гурыщхъуэ″ зыхэлърэ зыщыуа къэlуэтэкlэ**хэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъууэ **″гурыщхъуэ″м теухуа** *къэlуэтэкlэрэ* **″глагол лэжьэкlэ″**хэм я *пэщlэдзэ*р **″гурыщхъуэ″ лlэужьыгъуэ** *″глагол лэжьэкlэ″*хэрщ; абы къыкlэлъыкlуэри **″гурыщхъуэ″ нэужь** *″глагол лэжьэкlэ″*хэрщ. Икlи, мы *″гурыщхъуэ″м теухуа къэlуэтэкlэ гупимl*ыр зэрызэпыщlарэ къыхэгъэщыпхъэщ. Аращи, *″гурыщхъуэ″ лlэужьыгъуэ къэlуэтэкlищ*ым хиубыдэ *иужьрей ″упщlэ къуапэ″*м *″упщlэ″* жыхуэтlэ *″глагол лэжьэкlэ″* къызэрытехъукlым нэмыщl, икlи *″гурыщхъуэ″ нэужь ″глагол лэжьэкlэ″ гуп*ми и *пэщlэдзэ*у щыт *″кондицэ лъытэ″*ри *къызытехъукl*ырщи, мы *гупимlыр зэрызэпыщlэ*ри мыпхуэдэущ.

Нытlэ, *″гурыщхъуэ″ къэlуэтэкlэрэ ″глагол лэжьэкlэ″*хэм теухуауэ мы илъабжьэм къедгъэкlуэкlыну лэжьыгъэр *япэ*рауэ *″гурыщхъуэ″м теухуа ″глагол лэжьэкlэ″ гупимl*ым щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэр къазэрыхуэхъущи, мыбы къыкlэлъыкlуэуи *″гурыщхъуэ″ зыхэлърэ зыщыуа ″глагол лэжьэкlэ″*хэу тлъытахэм щыгъуазэ дыхуэхъуу игъуэ щапхъэхэри къахуэтхьынщ.

## ″ГУРЫЩХЪУЭ″ ЛlЭУЖЬЫГЪУЭ ″ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКlЭ″ХЭР

″Гурыщхъуэ″м теухуа ″глагол лэжьэкlэ″хэм и япэрей гупыр ″гурыщхъуэ″ лlэужьыгъуэ ″глагол лэжьэкlэ″хэрщи, мы гупым ″къэулэбжьын, гъэщlэгъуэн, упщlэ къуапэ″у тлъыта къэlуэтэкlэхэр зэрыхиубыдэри гурыlуэгъуэщ. Аращи, узыпэмыплъэххэу къыппыщlэхуэм укъызэригъэ*улэбжь*рауэ лъытапхъэщ *″гурыщхъуэ″ пэщlэдзэ*р; мыпхуэдэу укъэ*згъащтэ*у уи гур зэхэзытхъуар зыхэпщlэжу зэрыб*гъэщlагъуэ*ри *″гурыщхъуэ″*м и *етlуанэ лъэбакъуэ*у лъытапхъэщ; мы б*гъэщlэгъуа*р *зытеухуа*рэ *зыхуэкlуэ*у уи кlуэцlкlэ щэхуу къыщыхъури *″упщlэ къуапэ″*ущ зэрытлъытари, ар зы лъэныкъуэкlэ мы гупым къыкlэлъыкlуэ *″гурыщхъуэ″*

*нэужь*у тлъытахэм хуэкlуэрэ *лъабжьэ хуэхъу*у, зы лъэныкъуэкlи *"гурыщхъуэ"*р *зэрыух "упщlэ"*м хуэкlуэрэ *лъабжьэ хуэхъу*у зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ.

Икlи, ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, мы *"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ*у тлъытахэр *"гурыщхъуэ"*р *къыщыхъу дыдэ*м *щылъытэ*рэ *къыщыlуатэ*хэрщ. Мыпхуэдэу щlыщыткlи, ялъытэр *занщlэу къызэрыlуатэ*у *флэщыгъэ*рэ *ткlиягъ*и зиlэхэрщ *"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ* къэlуэтэкlэхэри, ныtlэ, мыпхуэдэ "глагол лэжьэкlэ"хэри *"хъыбарегъащlэ"* лlэужьыгъуэхэм *къазэрытехъукl*ынур гуыlуэгъуэщ.

Аращи, къэзыlуатэм *"гурыщхъуэ"*р *зыщыхищlэ дыдэм къыщыlуатэ*хэрщ мы зи гугъу тщlы *"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ "глагол лэжьэкlэ"*хэри, *укъэзыгъэулэбжьын*ур **нэхъыбэу** *узымыщlэххэ*у *къыппыщlэхуэ*у **"иджы"**рэ **мыбдеж**ым къыщыхъухэращ «хъумэ!».

– Икlи, *бгъэщlагъуэ*рэ къэхъуар *зыгурыбгъэlэну* зэры*зыхуэбгъэзэнур*и *нэхъыбэ*у *иджы*рэ *мыбдеж*ым къыщыхъураш.

Мы зэрыжытlауэ, *иджы*рэ *мыбдеж*ым *къыщыхъу*у щытыр -ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ- *"мэ!"*уэ зэрылъытэм нэмыщl *икlи "ит зэман"* къэlуэтэкlэри *игъуэ къэlукl*экlэ -!- *"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ*у зэрылъытэфынур гурыlуэгъуэщ: «мэ! – мэхъу!»

Ауэ, зэманыгъуэу **"иджы"**м *теухуа*ми, къыздыщыхъу **щlыпlэ**у - мыбдежрауэ щымыту- зы **жыжьагъ** зиlэхэри *"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ*у зэрылъытэу къэlуэтэфынщ. Зэрыгурыlуэгъуэу, *"жыжьагъэ"*ри *"блэкlа"*р *зэрылъытэ*м хуэдэу -*"а" клэух*кlэ- лъытэущ *къызэрыlуатэ*ри, ныtlэ, иджы дыдэ –иджыпсту- зы *"жыжьэ"* щlыпlэм *къыщыхъу*ри *"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ*у къызэрыlуэтапхъэр *"блэкlа зэманыгъуэ"*м хуэдэущ - теухуауэщ: «хъуамэ!».

Мыпхуэдэу зэманыгъуэу *"иджы"*уэ щытми, *"щlыпlэ" жыжьэ*м къыщыхъур зэрылъытэм теухуауэ мы зи гугъу тщlа *деталыр зыхуэlуа*ри *"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ* къэlуэтэкlэхэрауэ –нэхъыбэуи *"къэулэбжьын" къызэрыlуатэ*м- зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Ауэ, "гурыщхъуэ"м теухуауэ ипэкlэ къэtlуэтахэми къызэрыхэщу, *"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ*хэр "зэман"уи "блэкlа"уэ -*"блэкlа зэман"ым теухуа*уэ- *къызэрыlуэтэну*ри гурыlуэгъуэнщ: «хъуамэ!».

Мы къэtlуэтахэм къызэрыхэщкlэ, *"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ* къэlуэтэкlэхэр *"къэкlуэну" зэманыгъуэ*м теухуауэ *игъуащэу* зэры*мылъытапхъэ*р гурыlуэгъуэнщ. *Зыхуэимыгъуащэр*и *"къэlулэбжьын"*

лIэужьыгъуэращ; ауэ, *"гъэщIэгъуэн"*рэ *"упщIэ къуапэ"*м нэхъ хуэ*игъуэ*у лъытапхъэхэрщ. Дауи, ипэкIэ *"гурыщхъуэ"* лIэужьыгъуэ *"глагол лэжьэкIэ"*р *"къэкIуэну зэман"*ым теухуауэ *имыгъуащэ*рэ бзэм *щыземыкIуащэ*у лъытапхъэми, *"къэкIуэну зэман"*ым *къызэрыхъуну гупщысэм укъызэригъэувIэбжь* хуэдэ къэIуэтэкIэхэри зэрылъытапхъэнур гурыIуэгъуэщ: «хъунумэ!».

Ауэ, *"къэкIэуну" зэманыгъуэу* илъытэр *мынаIуэу* зэрыщытым папщIэ, *"мынаIуэ убгъуа къэкIуэну зэманыгъуэ"*м теухуа *"гурыщхъуэ" лIэужьыгъуэ "глагол лэжьэкIэ"* зэры*мыухуэххэну*ри гурыIуэгъуэнщ.

НытIэ, мы къэтIуэтахэми зэрезэгъкIэ, *зэмылIэужьыгъуэ зэманыгъуэ*хэм (иджы, блэкIа, къэкIуэну) теухуа *"гурыщхъуэ" лIэужьыгуэ*у къызэрыIуатэ *"глагол лэжьэкIэ"*хэр *"хъупхъэ"*рэ *"мыхъупхъэ"* лIэужьыгъуэ *щапхъэ*хэр - зытеухуа ″гурыщхъуэ″ лIэужьыгъуэм *езэгъ нэгъыщэ*кIэ зэрылъытэу-мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| КЪЭУIЭБЖЬЫН | ГЪЭЩIЭГЪУЭН | УПЩIЭ КЪУАПЭ |
|---|---|---|
| Хъупхъэ – Мыхъупхъэ | Хъупхъэ – Мыхъупхъэ | Хъупхъэ – Мыхъупхъэ |
| Хъумэ! – Мыхъумэ! | Хъумэ! – Мыхъумэ! | Хъумэ(!?) – Мыхъумэ(!?) |
| Хъуамэ! – Мыхъуамэ! | Хъуамэ! – Мыхъуамэ! | Хъуамэ(!?) – Мыхъуамэ(!?) |
| Хъунумэ! – Мыхъунумэ! | Хъунумэ! – Мыхъунумэ! | Хъунумэ(!?) – Мыхъунумэ(!?) |

*

ИпэкIэ къэтIуэтахэмкIи гурыIуэгъуэщи, ″гурыщхъуэ″ лIэужьыгъуэхэр къыщыхъу дыдэм щылъытэу къэIуатэхэрщи, ахэр хъупхъэрэ мыхъупхъэу мы къызэрыта щапхъэхэу зэрыщыткIэ ″т″ кIэух къащтэу ″IуэтэжI″у зэрымылъытапхъэнур гурыIуэгъуэнщ. Мы зэрыжытIащи, псалъэм папщIэ, *укъызэрыуIэбжьар* ижуькIэ зыгуэркIэ *къэпIуэтэжыфынщ* (къэуIэбжьри ″хъумэ!″ жиIащ, гужьеящ); ауэ, иужькIэ мы къэпIэтэжым укъызэрыуIэжь е узэрыгужьей хэлъыжынкъыми, ар ″гурыщхъуэ″ лIэужьыгъуэ къэIуэтэкIэрэ зы псалъи хъужынкъым. НытIэ, **″гурыщхъуэ″ лIэужьыгъуэ** *"глагол лэжьэкIэ"*хэм **″IуэтэжI″** къэIуэтэкIэ **яIэнкъым**.

ИпэкIи къызэрыхэдгъэщауэ, *"гурыщхъуэ" лIэужьыгъуэ*хэр *занщIэу къэхъу*м теухуа *реакцэ* лIэужьыгъуэхэу *гум хищIэ* зэхъуэкIыныгъэ лIэужьыгъуэхэу, *флэщыгъэ*рэ *тклиягъ* зиIэхэу *занщIэу* къэIуатэу *"хъыбарегъащIэ"* лIэужьыгъуэ псалъэхэмкIэ лъытапхъэхэрщ. Аращи тIэ, псалъэм папщIэ, *укъызэрыуIэбжь*ыр *лантIэу* къызэры*умыуэф*ынур гурыIуэгъуэнщи, нытIэ, ипэкIэ зи гугъу тщIа **″гъэ″ кIэух**кIэ ухуа **лантIэ** *къэIуэтэкIэ*хэмкIэ **″гурыщхъуэ″** *лIэужьыгъуэ*хэр къызэры**мыIуэтэф**ынур наIуэщ.

## ″ГУРЫЩХЪУЭ″ НЭУЖЬ ″ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКIЭ″ХЭР

*″Гурыщхъуэ″м теухуа ″глагол лэжьэкIэ″*хэм и *япэрей гуп*у мы зи гугъу тщIа *″гурыщхъуэ″ лIэужьыгъуэ ″глагол лэжьэкIэ″*хэр *″гурыщхъуэ″ пэщIэдзэ*рэ *лъабжьэ*хэуи лъытапхъэщи, мыбы къыкIэлъыкIуэу икIи мыр зи лъабжьэу утыку къихьари ипэкIэ *″гурыщхъуэ″ нэужь ″глагол лэжьэкIэ″*хэу тлъытагъэххэращ ″гурыщхъуэ″м теухуа ″глагол лэжьэкIэ″хэм я етIуанэ гупу мыбдежым зи гугъу тщIынур.

НытIэ, мы гупыр утыку къихьагъэххэ *″гурыщхъуэ″ лIэужьыгъуэ* къэIуэтэкIэ *нэужь*у абыхэм *къатеужьыкI*ыу къэхъуауэ лъытапхъэщи, мы къызытехъукIарэ гум щэхуу щызекIуэу тылъыта *″гурыщхъуэ″ лIэужьыгъуэ*хэм я *ужьа*уэ зэрыщыткIи *″гурыщхъуэ ужьыгъуэ″*хэуи лъытапхъэнщ. Мы къызэрыхъуарэ ″гурыщхъуэ″ ужьауэ мы зэрылъытапхъэми ипкъ зэриткIэ, *″гурыщхъуэ″*р нэхъ *лэтауэ къызэрыIу* щIыкIэу *къэIуатэ*у *бзэми нэхъ щызекIуэ* хъуа *къэIуэтэкIэ*хэрщи, *″гурыщхъуэ″*хэр *бзэ лэжьэкIэрэ и ужьыгъуэ*ми *щхьэпэ* хуэхъу *″глагол лэжьэкIэ″*хэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ.

Мы зэрыжытIауэ, ″гурыщхъуэ″ лIэужьыгъуэ″у *укъэзыгъэуIэбжьа*м е *бгъэщIэгъуам* аргуэру *щэхуу зэрыхэплъэж* щIыкIэу зыкъэзыгъэлъагъуэ *″упщIэ къуапэ″*м *″гурыщхъуэ″м кIэ езыт ″упщIэ″* къызэрытехъукIым нэмыщI, мы *″гурыщхъуэ″* лIэужьыгъуэм *ипэ къихуэ*рэ *къыкIэлъыкIуэ*м *″гурыщхъуэ″ зэрытещIыхь*кIэрэ аргуэру зы *″гурыщхъуэ″ лъытэкIэ* утыку къохьэри, мы утыку къихьэр къызытехъукIа *″гурыщхъуэ″ лIэужьыгъуэм* елъытауэ *ужьа*рэ икIи щIэнрэ къыгурыIуэнкIэрэ *щхьэпэ* хъуну *бзэри лъэщ зыщIыпхъэ*у *″гурыщхъуэ″ лIэужьыгъуэ нэужь*у лъытапхъэ къэIуэтэкIэрэ *″глагол лэжьэкIэ″*хэрщ. НытIэ, ″гурыщхъуэ″ нэужьу тлъыта мы къэIуэтэкIэрэ ″глагол лэжьэкIэ″хэм хиубыдэ дэтхэнэ зым мы илъабжьэм аргуэру -нэхъ гъунэгъуу- дыхэплъэнщ.

Аращи, а *укъэзгъэуIэбжь*рэ *бгъэщIэгъуа*р *зэлъыта*р –абы ипэ къихуэрэ зыкIэлъыкIуэр- лъытэным *″гурыщхъуэ″ тещIыхьыпхъэ*щи, мы укъэзгъэуIэбжьрэ бгъэщIагъуэр кондицэ зыхуэхъурэ абы кондицэ къыхуэхъур лъытэным теухуар **″кондицэ лъытэ″** лIэужьыгъуэу зы *″гурыщхъуэ″ нэужь* къэIуэтэкIэрэ *″глагол лэжьэкIэ″*рщ. Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщи, мы зи гугъу тщIынухэр – ипэкIэ зи гугъу тщIа

*"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ псалъэ*рэ къэlуэтэкlэхэм хуэдэу- *флэщыгъэ*рэ *тклий* къэlуэтэкlэ зиlэ псалъэ лlэужьыгъуэхэрщ.

Укъэзыгъэулэбжьрэ бгъэщlагъуэр кондицэу зэлъытахэр мы зэрылъытэ ″гурыщхъуэ″ нэужь къэlуэтэкlэрэ псалъэхэм нэмыщl, мы *укъэзыгъэулэбжь*рэ *бгъэщагъуэ*хэм щыщу къызэрыхъур *пфлэфл*рэ *узыхуей*и щыlэнщи, мыпхуэдэхэри мы ″гурыщхъуэ″ лlэужьыгъуэу къэхъухэм къыкlэлъыкlуэу -*"гурыщхъуэ" нэужь*у- **″флэфlын″**рэ **″хуеин″**ыгъэу лъытапхъэщ. Мыпхуэдэхэри *"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ псалъэ*рэ къэlуэтэкlэхэм хуэдэу *флэщыгъэ* зиlэрэ *тклий*уэ лъытэ *псалъэхэм къатехъукl "хъупхъэ"рэ "мыхъупхъэ"* лlэужьыгъуэ псалъэхэрщ.

Мы зи гугъу тщla ″гурыщхъуэ″ нэужь къэlуэтэкlитlым я ″мыхъупхъэ″ лlэужьыгъуэ″ къэlуэтэкlэхэри зэраlэнур гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэ къэlуэтэкlэхэри *"мыхъупхъэ"*р зэрылъытэ *"мы" пэщlэдзэкlэ*рэщ зэрыухуэнур. ″Мыхъупхъэ″ пэщlэдзэр ″мы″ пэщlэдзэу зэрыщытым гулъытэ хуэтщlагъащи, икlи, ″м″ макъыр утыку къызэрихьарэ ″мыхъуныгъэ″ зэрылъытэуи зэрызекlуэу щыта лъабжьэр ″гурыщхъуэ″м теухуауи зэрыпэжми ипэкlи и гугъу тщlагъащ. Дауи, мы зи гугъу тщla *"гурыщхъуэ" нэужь къэlуэтэкlэ*хэм теухуа щапхъэхэр *"хъупхъэ"*рэ *"мыхъупхъэ"*у илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнущ.

Мы зи гугъу тщla *"гурыщхъуэ" нэужь къэlуэтэкlитlы*м *къыкlэлъыкlуэ*у зы *ещанэ лъэбакъу*и щыlэщи, мы *"гурыщхъуэ" нэужь къэlуэтэкlэ*р абы ипэ къихуэ *"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ*рэ *нэужь*у лъытагъэххэхэм аргуэру *зэрыхэплъэжк*lэрэ *пэжу къызэрыщlэкlынур зэрылъытэ къэlуэтэкlэ*рщ. Нэхъ зэlухауэ жыlэпхъэмэ, *"гурыщхъуэ" нэужь "глагол лэжьэкlэ"*хэм мы я *ещанэ* лъэбакъуэр ипэкlэ зи гугъу тщla *"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ*хэу *укъэзыгъэулэбжьа*рэ –нэхъыбэуи- *бгъэщlэгъуа*р (мы ″хъупхъэ″ лlэужьыгъуэ къэlуэтэкlэхэр) а зэрыщыту *"хъупхъэ"у пэжу* зэрыщытыр *зэрылъытэжы*рщ; икlи, мы *"гурыщхъуэ" нэужь* гупым щыщу *кондиц*эрэ *флэфлын*ыгъэ/*хуеин*ыгъэ *лъытэ*хэри а зэрыщыту *пэжу зэрылъытэжы*рщи, мы *пэжу лъытэжхэр лъабжьэ зыхуэхъу*у ухуа мы *"гурыщхъуэ" нэужь ещанэ лъэбакъуэ*р **″гъэпэжыжын″** къэlуэтэкlэу лъытапхъэщ. Ауэ, сыт хуэдизу *"гъэпэжыжын"у лъытапхъэми*, икlи, *иджыри "гурыщхъуэ" тlэкlу хэлъу*и зэрылъытэ къэlуэтэкlэу зэрыщытхэми гу лъытапхъэщ.

Ауэ, б*″гъэпэжыжын"*у *"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ*рэ *нэужь "хъупхъэ"* псалъэр *пэжу умылъытэ*у **″мыхъупхъэ″**у *плъытэмэ*, нытlэ, ар зэры*″хъупхъэ"*м теухуа *"гурыщхъуэ"*р бгъэ*багъуэу* ″хъупхъэ″ нэхърэ

*"мыхъупхъэ"*м *пэгъунэгъу*у плъытэмэ, *"хъупхъэ"р "мыхъупхъэ"у* б*"гъэзэхуэж"*у аращ. Нытlэ, *"гурыщхъуэ" нэужь*у мы *ещанэ къэlуэтэкlэ*р *"гъэпэжыжын"*у зэрылъытэм нэмыщl икlи **"гъэзэхуэжын"**уи лъытапхъэрщи, илъабжьэм мы я "мыхъупхъэ" лlэужьыгъуэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунущ.

Икlи, **"гъэпэжыжын"**рэ *"гъэзэхуэжын"*у дауи щырет, мы *"гурыщхъуэ" нэужь ещанэ къэlуэтэкlэ*р къызытехъуклрэ зыхуэгъэзауэ зи гугъу тщla **"гурыщхъуэ"** *лlэужьыгъуэ*рэ нэужь *къэlуэтэкlэ*хэми **кlэ езыт**рэ я зы **хэкlыпlэ**у зэрылъытапхъэри жыlэпхъэнщ.

Мыбдежым къыхэдгъэщарэ ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа мы *"гурыщхъуэ" нэужь къэlуэтэкlитlы*р зэманыгъуэу *"иджы"*м, *"блэкla"*м, *"къэклуэну"*м теухуауэ къызэрыlуэтэфыр гурыlуэгъуэщ; ауэ, -ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ- *"мыналуэ къэклуэну зэман"ым зэрытемыухуэ*ри гурыlуэгъуэщ. – "Иджы"м теухуауэ щыжытlэм деж, мыр *"ит зэман"*ым теухуауэ зэры*щымыт*ри гурыlуэгъуэщ. Ауэ, мы *"гъэпэжыжын" къэlуэтэкlэ*р *"ит зэман"*уи (*"иджы"м къыщыхъуу щыты*р) мэлъытэр; икlи, *"мыналуэ къэклуэну зэман"*уи зэрылъытэфынур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, *"хъыбарегъащlэ"* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэкlэ"*у ухуэ псалъэхэр *"р, щ" клэух*кlэ къызэрыlуатэр гурыlуэгъуэщи, абыхэм мы я кlэуххэм *unlэ "мэ" зэрищвэ къэlуэтэкlэ*рщ мы зи гугъу тщlы *"гъэпэжыжын"* лlэужьыгъуэ къэlуэтэкlэри, *"ит зэман"*у ухуа псалъэм хуэдэжу *"мыналуэ къэклэуну зэман"*у ухуа псалъэхэри зыхэзыубыдэ къэlуэтэкlэрщ.

Икlи къыпыщапхъэщи, *"м"* макъыр *макъ пэщlэдзэ*у къэхъуауэ зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, къызхэзыгъэlуклым *"хъупхъэ"рэ "мыхъупхъэ"у зэрихьэ*у зэрыщытагъэнум хуэдэжу, -абыхэм къакlэлъыклуэу- *"гурыщхъуэ"*ри *зэрилъытэ*у зэрихьэу зэрыщытагъэнур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, мы ипэкlэ *"гурыщхъуэ"*у зи гугъу тщla *къэlуэтэкlитlы*мрэ икlи абыхэми *ипэ къихуэ "гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ* къэlуэтэкlэхэм я *"мэ" клэух*хэм *"гурыщхъуэ" къалэн* зэрагъэзащlэр гурыlуэгъуэщ; ауэ, мыбдежым зи гугъу тщlы *"гъэпэжыжын" къэlуэтэкlэ*м –"хъупхъэ"у- *и клэух*ыу щыт *"мэ"*р *зи клэух псалъэ*р *къэгъэлъэгъуэн къалэн* зыгъэзащlэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэущ икlи *"гурыщхъуэ"* лlэужьыгъуэу "хъупхъэ" псалъэхэр *зэрыгъэпэжыжы*р: «хъумэ!» → «"мэхъумэ; "мэхъумэ тхьэ!"; "тхьэ фlы хъуамэ!"; "зэрыхъун хъуамэ тхьэ!"».

Аргуэру къыхэгъэщыпхъэмэ, *"хъыбрегъащlэ"*у *"хъупхъэ"* лlэужьыгъуэ псалъэхэр *"р, щ" клэух* зыхуэхъуфхэрщи, *"хъупхъэ"у* зэрыщытклэ псалъэхэм

*гарант къезыт*рэ ахэр пэжу зылъытэ *мы я клэуххэм ипlэ "мэ"*р къиувэу *клэух* зыхуэхъуа а псалъэр къызэригъэлъагъуэщ *"гъэпэжыжын"* къэlуэтэкlэ зэрыухуэр. Нытlэ, *"гурыщхъуэ" нэужь* псалъэу *"хъупхъэ"* лlэужьыгъуэу *пэжу мылъыт*эхэр *"мыхъупхъэ"*у зэрылъытэнури а *"хъупхъэ"* лlэужьыгъуэ *гъэпэжыж*ын къэlуэтэкlэм и *"мэ" клэух*ыр зэры*пыхуу*щ. Аращи, *"хъупхъэ"*у щыт *"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ*р *"мыхъупхъэ"у* зэрылъытэужь зэры*"гъэузэхуэж"*у къызэрыlуатэри, *"мыхъуныгъэ"* зылъытэ *"мы" пэщlэдзэ* къищтэу, *клэух "мэ"*ри зэры*пыхуу*щ мыпхуэдэ псалъэри зэрызэпкъырыувэр: «хъуамэ!» → «мыхъуа».

Нытlэ, мы къэтlуэтахэри къызэрыхэщкlэ, *"гурыщхъуэ" нэужь "глагол лэжьэклэ"*хэм дэтхэнэ зыр *зэмылlэужьыгъуэ "зэманыгъуэ"*хэм теухуауэ *"хъупхъэ"*рэ *"мыхъупхъэ"*у зэрылъытэрэ къызэрыlуатэм теухуа щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **КОНДИЦЭ ЛЪЫТЭ** | **ФIЭФIЫН/ХУЕИН** | **ГЪЭПЭЖЫЖЫН** |
|---|---|---|
| Хъупхъэ – Мыхъупхъэ | Хъупхъэ – Мыхъупхъэ | Хъупхъэ – Мыхъупхъэ |
| Хъумэ,.. – Мыхъумэ,.. | Хъумэ – Мыхъумэ | Мэхъумэ – Мыхъу |
| Хъуамэ,.. – Мыхъуамэ,.. | Хъуамэ – Мыхъуамэ | Хъуамэ – Мыхъуа |
| Хъунумэ,.. – Мыхъунумэ,.. | Хъунумэ – Мыхъунумэ | Хъунумэ – Мыхъуну |
| | | Хъунмэ – Мыхъун |

Мы ипкlэ къэтlуэтахэмкlэ мы щыгъазэ дызыхуэхъуа ″гурыщхъуэ″ нэужь ″глагол лэжьэклэ″хэр ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа ″гурыщхъуэ″ лlэужьыгъуэ ″глагол лэжьэклэ″хэм къатеужьыкlыу утыку къихьарэ икlи абыхэм теухуауэ зэрыухуари гурыlуэгъуэ къытхуэхъуащ.

Икlи, мы щыгъуазэ дызыхуэхъуа *"гурыщхъуэ" нэужь къэlуэтэклэ*хэм я *клэух*ыу щыт *"гъэпэжыжын"*ри *"гурыщхъуэ"*ми *клэ езыт*уи зэрылъытапхъэри жытlагъащ. Мыпхуэдэу зэрыщытым ипкъ зэриткlи, мы иужьрей къэlуэтэкlэм и *"хъупхъэ"* лlэужьыгъуэр къызкlэлъыкlуэ *къэlуэтэкlитlым мащlэу къащхьэщыкl*ыу -абыхэм хуэдэуи- лъытапхъэми, *"гъэпэжыжын"* къэlуэтэкlэр къызыкlэлъыкlуэ *къэlуэтэкlитl*ым псалъэ *клэух "мэ"*м игъэзащlэ *къалэнклэ къазэрыщхьэщыкл*ри ипэкlэ къыхэдгъэщагъэххэщ.

Ауэ, *"гъэпэжыжын"* къэlуэтэкlэр и *"мыхъупхъэ"* псалъэ ухуэкlэкlэ ипэ къихуэ *къэlуэтэкlитlым* я *"мыхъупхъэ"* псалъэхэм *флыуэ къазэрыщхьэщыкл*ри нэрылъагъуэщ. Аращи, ипэрей къэlуэтэкlитlым хуэдэу *"гъэпэжыжын"* лlэужьыгъуэ *"мыхъупхъэ"* къэlуэтэкlэм ″гурыщхъуэ″ лъытэ къалэн зыгъэзащlэ *"мэ" клэух зэрамыл*эр нэрылъагъущ.

Икlи, ″гурыщхъуэ″ нэужьу ″мыхъу″ зэрылъытэри ″р, щ″ клэухклэ тегъэчыныхьауэ зэрымылъытэри гулъытапхъэщ.

*

Дауи, *″хъупхъэ″* лlэужьыгъуэу ″гъэпэжыжын″ къэlуэтэклэм *″мэ″ клэух*клэ хъууэ щытыр *гурыlуэгъуэ къызэрыпхуищl*рэ *узпигъаплъэ*м хуэдэкъым *″мыхъупхъэ″* лlэужьыгъуэу *″гъэзэхуэжын″* лlэужьыгъуэр. Ауэ икlи, мы *″мыхъупхъэ″* псалъэхэр *″гъэ″ клэухклэ лантlэ* зэрыщlыпхъэнури гурыlуэгъуэнщ:

- «мыхъу → мыхъугъэ»; «мыхъуа → мыхъуагъэ/мыхъуагъ»; «мыхъуну → мыхъугъэну»; «мыхъун → мыхъугъэну».

″Гурыщхъуэ″м теухуа ″глагол лэжьэклэ″хэу мы зи гугъу тщlахэм иужькlэ бзэ лэжьэклэм зэрыщыбэгъуапхъэри гурыlуэгъуэнщи, *зэмылlэужьыгъуэ ″гурыщхъуэ″ нэужь къэlуэтэклэ*хэр утыку къихьэфынщ. Псалъэм папщlэ мыпхуэдэ щапхъэхэрщ мыхэр:

- ″Кондицэ лъытэ″ къэlуэтэклэхэм теухуа щапхъэхэр: «хъуами, хъуащи, хъуа пэтми, хъуа щхьэ - щхьэклэ»;
- ″Флэфlыныгъэ″ къэlуэтэклэхэм теухуа щапхъэхэр: «хъуаклэ; хъуарэ, хъуарэт; хъуащэрэ, хъуащэрэт»;
- ″Гъэпэжыжын″ къэlуэтэклэхэм теухуа щапхъэхэр: «хъуаклэ, хъуаклэщ – хъуаклэт».

Мыбыхэм нэмыщl, *хъун*рэ утыку къихьэн *узыхуей*р зэрылъытэ *глагол*ыр *″ужьыгъуэ″* лъытэ *″у″* макъ *пэщlэдзэ*клэ зэры*ухуэжу ″флэфlын/хуеин″* лlэужьыгъуэ *глагол лэжьэклэ*хэри утыку къохьэфыр; – мыпхуэдэ псалъэхэр икlи ″етlуанэ нэрыбгэ″м -″уэ″м- хужаlэрэ теухуауи еджапхъэщ. Нытlэ, мыпхуэдэхэм теухуа щапхъэхэри ″хъупхъэ″рэ ″мыхъупхъэ″ лlэужьыгъуэхэу къэдгъэлъэгъуэнщ:

«хъун → ″ухъу! – умыхъу!″»; «клуэн → ″уклуэ! - умыклуэ!″»; «бэгъуэн → убагъуэ! – умыбагъуэ!″»; «клуэдын → ″уклуэд! – умыклуэд!″»; «нэф ухъу! – нэф умыхъу(клэ)!″»; ″щlагъуэ ущlэ! – щlагъуэ умыщlэ(клэ)!″».

## ″ГУРЫЩХЪУЭ″М ТЕУХУА ″ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКlЭ″ХЭР ″Т/ТЭ″ КlЭУХКlЭ УХУЭУ, **″ГУРЫЩХЪУЭ″**ЩlЫУ **ДЫЗЭГУПЩЫС**ХЭР ЗЭРЫЛЪЫТЭРЭ КЪЫЗЭРЫlУАТЭХЭР

Ипэклэ *″гурыщхъуэ″ лlэужьыгъуэ* къэlуэтэклэхэр *зэманыгъуэу* щылъытапхъэхэр *нэхъыбэу ″иджы″*м теухуауэ зэрыщытыр жытlагъащи, мыпхуэдэу щытри нэхъ lупщlыу *″къэулэбжьын″* зэрылъытэрэ къызэрыlуатэращ. Аращ икlии, *укъыщыулэбжьыр ″иджы″*рауэ

зэрыщытынур наlуэщи, *"къэулэбжьын"*ым къыкlэлъыкlуэу абы *пыщla "гъэщlэгъуэн"*ымрэ, абыи *занщlэу къыкlэлъыкlуэ*у зыкъэзыгъэлъагъуэ *"упщlэ къуапэ"*у тлъытар "гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэри *къыщыхъу*рэ *щылъыт*эр нэхъ игъуэу *"иджы"*рауэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ.

Ауэ, -"къэулэбжьын"ри хэтыжу- *"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ*хэр *"блэкla"*рэ *"къэкlуэн"*у зэманыгъуэуи *къызэрыlуэтэф* щlыкlэхэми ипэкlэ гулъытэ зэрыхуэтщlагъари гурыlуэгъуэщ.

Дауи, *"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ*хэр –нэхъыбэуи "къэулэбжьын"ыр- *зэуэ занщlэу гум иращlэ*рэ къыщекlуэкlхэрщи, гум щырищlэрэ къыщекlуэкl зэманыгъуэри *"иджы"*м теухуауэ зэрыщытынури гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, мыпхуэдэхэр къызыхэкl къэхъу-къэщlхэр иужькlэ *къэlуэтэжу* аргуэру *гум* зэры*химыщlапхъэ*нур -*иужькlэ укъызэримыгъэулэжь*ынур- гурыlуэгъуэмэ, **"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ** къэlуэтэкlэрэ **"глагол лэжьэкlэ"**хэм ипэкlэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъуа щlыкlэу **"lуэтэж"**у лъытэнрэ къэlуэтэныр зэры**имыгъуэ**ри гурыlуэгъуэнщ.

Ауэ, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм и макъхэм я мыхьэнэрэ къалэнкlэрэ бзэ лэжьэкlэм зэмылlэужьыгъуэ lуэхугъуэхэр зэрыщылъытэфынур гурыlуэгъуэнщи, къызэрыхъуа щlыкlэм елъытарэ теухуауэ мыхьэнэрэ къалэн зиlэ *макъ нэхъыбэр* бзэ лэжьэкlэм *мыхьэнэбэ* щызэрыхэхъухьми япэрей ди лэжьыгъэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, *"т" макъ клэух*ым илъытэр ипэкlэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъууэ *"lуэтэж" закъуэ*рауэ зэры*щымытын*ури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, *"т" мак*ъым и мыхьэнэм зэрелъытакlэрэ *"lуэтэж" къалэн* зэрыгъэзащlэри къыдгурыlуамэ, абы мы игъэзащlэ къалэнми *пыщla*уэ *нэгъуэщl къалэнхэр*и *зэригъэзэщlэф*ынури гурыlуэгъуэ къытхуэхъунщ.

Нытlэ, *"блэкla"* зы *зэманыгъуэ*м къыщыхъуарэ къыщыlуэтар –"глагол лэжьэкlэ"р зэрыуху*а* "зэманыгъуэ"р дауи щырет- иужьрей зы зэманыгъуэу *"иджы"*м къызэрыщы*"lуэтэж"*у ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуахэм *нэмыщl*, *"къэкlуэну"* зы *зэманыгъуэ*м *къыщыхъуну* –ди гурэ ди щхьэм щызекlуэ **гупщысэ**рэ *гушыпсэ*у- **къэхъуну** къыщlэкlыну **дызыпэплъэ**рэ *дызыхуей*хэри -*"lуэтэж"* зэрылъытэ *форм*эу- **"т" клэух**клэ зэрылъытэу къызэрыlуэтэфынури гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэхэр зэрылъытэри **"гурыщхъуэ"** жыхуэтlэхэрщ.

Ауэ икlи, ипэкlэ "т/тэ" клэух зиlэу ухуа *"глагол лэжьэкlэ"* гуэрхэри *"гурыщхъуэ" зыщыуа*рэ *зыхэлъ*у зэрытлъытари мы къэтlуэтахэм и зы щапхъэу мыбдежым дигу къыщыдгъэкlыжынри игъуэщ.

Дауи, мыбдежым зи гугъу тщlыр *"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ къэlуэтэкlэ*хэм *"т/тэ" кlэух* къызэращтэм теухуащи, нытlэ, *"иджы"м къыщыхъу* дыдым *дыкъэзыгъэулэбжь*хэм *нэмыщl, ди* **гупщсыкlэ къэхъуу** -къэхъуну- **тлъытэ**хэми *дыкъы***зэрагъэулэжьыф**ынури гурыlуэгъуэнщи, *мыпхуэдэ*хэр *зэрылъытэ*у къызэрыlуатэри *"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ "глагол лэжьэкlэ"хэм "тэ" кlэух къызэращтэ*ущ. Араща, мыбдежым зи гугъу тщlыр занщlэу къэхъуу гурыщхъуэ къыдэзытхэракъыми, *ди щхьэм къыщекlуэкl "гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ*хэу зэрыщытым папщlэ, *"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ "глагол лэжьэкlэ"*хэр *"т/тэ" кlэух*кlэ зэрыухуэущ къызэрыlуатэр.

Аргуэру пыщапхъэмэ, *лъэгагъэ*рэ телэтыкlагъ зи *мыхьэнэ*уэ лъытапхъэ *"т" мак*ъыр бзэм дэтхэнэ гуэррэ щlыпlэм *щхьэщыкl*ыр зылъытэу икlи *щхьэщыкlыныгъэ* зылъытэу бзэм зэрыхэлэжьыхьыфынур гурыlуэгъуэнщи, *lэтауэ щыт*рэ зыгуэрым *телэтыкl*ыр е *телэтыкла*уэ щытри зэрылъытапхъэр *"т" мак*ъкlэрэщ. Мы зыщхьэщыкlрэ щхьэщыкlыныгъэр *"зэманыгъуэ"*у щытмэ, нытlэ, *лъытагъэххэ* дэтхэнэ зы *"зэманыгъуэ"*м *щхьэщыкла*рэ текlуэтыкlари *"т" кlэухкlэ* къэlуэтапхъэщи, ипэкlэ зи гугъу тщla *"lуэтэж"* зэрылъытэри мыпхуэдэщ. Ауэ икlи, ар *щlынlэ*у щырет е *зэманыгъуэ*у щырет, *бзэ лэжьэкlэу "т"ым игъэзэщlэну щхьэщыкl*ыныгъэ лlэужьыгъуэр *иужь къигъэнэн закъуэу лъытапхъэнкъым*и, *иджыри* зи *плэ зымыгъуэта*рэ зи *зэманыгъуэ*р *къэмыса*ри *"т" макъкlэ* зэрылъытэфынур гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, мы къэtlуэтахэм гурыlуэгъуэ къытхуащlыр наlуэщи, *лъыта* зы *"зэман/мекан"*ым -"тайм/эспас"ым- *имытыж* е иджыри *нэмыса*р лъытэныр *"т" макъ кlэух*ым игъэзэщlапхъээ *къалэн*ырщи, мыпхуэдэу *иджыри хуэкlуэ*у щытри е *текlуэтыкl*ыу щытри -кlуэтэгъуэ зэрыщыткlэ- *"э"кlэрэ* къызэрыlуу *"тэ" кlэух*кlэщ зэрылъытапхъэр. Мыпхуэдэщ тlэ, *"гурыщхъуэ"м теухуа "глагол лэжьэкlэ"*хэр *"т/тэ" кlэухкlэ ухуэ*у мыбдежым зи гугъу тщlыхэр *–зэрыхъунум дызыпэплъэу дызэгупщыс*хэр- *къызэрыlуатэ*хэр.

Нытlэ, ипэкlэ япэрауэ *"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ къэlуэтэкl*эхэр мы зэрыжытlауэ *"т" кlэухкlэ* къызэрыlуахэм теухуа щапхъэхэр мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ. Ауэ икlи, *"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ "глагол лэжьэкlэ"*хэр *"мэ" кlэухкlэ ухуа*уэ зэрыщытым папщlэ, абыхэм къащтэну *"т" кlэух*ыр *"мэ" кlэухым ипэ* къихуэу псалъэм *"тэ"уэ* зэрыхэхьэнур гурыlугъуэнщи, мыпхуэдэу "тэ" кlэухкlэ лъытэ *"гурыщхъуэ" лlэужьыгъуэ* псалъэр *зэрылъытагъэххэ зэманыгъуэм щхьэщыкl*рэ (т) *кlуатэу* (э) –

*мыналуэу* (тэ) мэлъытэри, нытlэ ар *дигуклэ тлъытэ зы зэманыгъуэ*уи мэгурыlуэгъуэфыр:

| КЪЭУIЭБЖЬЫН | ГЪЭЩIЭГЪУЭН | УПЩIЭ КЪУАПЭ |
|---|---|---|
| Хъупхъэ – Мыхъупхъэ | Хъупхъэ – Мыхъупхъэ | Хъупхъэ – Мыхъупхъэ |
| Хъутэмэ! – Мыхъутэмэ! | Хъутэмэ! – Мыхъутэмэ! | Хъутэмэ(!?) – Мыхъутэмэ(!?) |
| Хъуатэмэ! – Мыхъуатэмэ! | Хъуатэмэ! – Мыхъуатэмэ! | Хъуатэмэ(!?) – Мыхъуатэмэ(!?) |
| Хъунутэмэ!–Мыхъунутэмэ! | Хъунутэмэ!– Мыхъунутэмэ! | Хъунутэмэ(!?)– Мыхъунутэмэ(!?) |

*

Мы ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа щlыкlэу *"гурыщхъуэ" нэужь къэlуэтэклэ*хэри хуиту *къэхъуну тлъытэ*хэм елъытауэ *"т" клэух*кlэ къызэрыlуэтэфынур гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ. Икlи, ипэкlи къызэрытlуэтарэ къэхъу мыхьэнэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *"т" клэух*ыр *"мэ" клэух*ым *ипэ* къихуэу *"тэ"уэщ* псалъэм зэрыхэхьэнур; ауэ, *"мэ" клэух зимылэ -"мыхъупхъэ"* лlэужьыгъуэ- псалъэхэми зэрыщыту *"т"уэ клэух* язэрыхуэхъунури гурыlуэгъуэщ:

| КОНДИЦЭ ЛЪЫТЭ | ФIЭФIЫН/ХУЕИН | ГЪЭПЭЖЫЖЫН |
|---|---|---|
| Хъупхъэ – Мыхъупхъэ | Хъупхъэ – Мыхъупхъэ | Хъупхъэ – Мыхъупхъэ |
| Хъутэмэ,.. – Мыхъутэмэ,.. | Хъутэмэ – Мыхъутэмэ | Мэхъутэмэ – Мыхъут |
| Хъуатэмэ,.. – Мыхъуатэмэ,.. | Хъуатэмэ – Мыхъуатэмэ | Хъуатэмэ – Мыхъуат |
| Хъунутэмэ,.. – Мыхъунутэмэ,.. | Хъунутэмэ – Мыхъунутэмэ | Хъунутэмэ – Мыхъунут |
| | | Хъунтэмэ – Мыхъунт |

## "ГУРЫЩХЪУЭ" ЗЫХЭЛЪРЭ ЗЫЩЫУ КЪЭlУЭТЭКlЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

Мы ипэкlэ, *"гурыщхъуэ"м теухуа "глагол лэжьэклэ"*хэм щыгъуазэ дыхуэхъуагъэххэщи, ахэр къызытехъуклахэри *флэщыгъэ зулэ*у щытрэ, къalуатэхэри *тклий*уэ зэрылъытэу къызэрыlуатэ *"глагол лэжьэклэ"*хэращ. Аращи, *"гурыщхъуэ"м теухуа "глагол лэжьэклэ"*хэу ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуахэм лъабжьэ яхуэхъухэр *"хъыбарегъащlэ"* лlэужьыгъуэ *"глагол лэжьэклэ"*хэрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщи, *"хъупхъэ"*у е *"мыхъупхъэ"*у дауи щырет, зытеухуа зэманыгъуэкlэ ялъытэр *флэщу* зылъытэу *тклий*уи къэlуатэ "глагол лэжьэкlэ"хэрщ.

Мыри гурыlуэгъуэнщ; сыт щхьэ жыпlэмэ, *флэщ*рэ *тклий*м *и пхэнджы*р *лантлэ*рауэ лъытапхъэщи, илъытэр *фэщу зымылъыт*эрэ, къиlуатэр тегъэчыныхьарэ *тклийуэ къэзымыlуат*эр *лантлэ*у лъытапхъэрщ. Нытlэ, илъытэр *лантлэу зылъыт*эм езыр *флэщыгъэ зимылэ*у, илъытэри -мащlэ е куэдми- *"гурыщхъуэ" зыхэлъыххэ*у лъытапхъэщи, мыпхуэдэхэр аргуэру

*"гурыщхъуэ"м теухуауэ* зэры*мыгъэпсыпхъэ*ри гурыIуэгъуэнщ. Аращи, **лантIэ**у зылъытэм езым **гурыщхъуэ** зы*щыуа*рэ *хэлъыххэ*у лъытапхъэщи, *"гурыщхъуэ"м теухуауэ лъытэну къэIуэтэкIэ*хэр *флэщыгъэ зиIэ*рэ мыхэр къызэраIуатэри *ткIийуэ щытын* зэры*хуей*р наIуэщ.

Нытlэ, *"глагол лэжьэкlэ"*у *"хъыбарегъащlэ"* лIэужьыгъуэу *щымыт*хэр *флэщыгъэ зыхэмылъ*рэ *лантIэу щыт*хэрщи, мыпхуэдэхэм езыхэр *"гурыщхъуэ" зыхэлъ*у –гурыщхъуэ пэлъытэу- лъытапхъэхэрщ. Аращи, **япэ**рауэ мыпхуэдэу **"гурыщхъуэ"** *зыхэлъ*рэ *зыщыуа*уэ лъытапхъэ *къэIуэтэкIэ*у *къытпэщыт*ыр ипэкlэ *"хъыбарегъащlэ"* лIэужьыгъуэ *"глагол лэжьэкlэ"*хэм **"гъэ" кIэух** *къащтэу къатехъукI*хэращи, къызытехъукIa "хъыбарегъащlэ"м хуэдэу *флэщыгъэ* зиIэрэ *ткIийуэ щымыт*у, абыхэм я **лантIэ къэIуэтэкIэ**у тлъытахэращ мыхэр.

Мыбыхэм нэмыщl, "IуэтэжI лIэужьыгъуэ къэIуэтэкIэр (пп: хъуат) бзэм щызэрызекIуэм зы щIыкIэу щыт **"IуэрыIуатэ" къэIуэтэкIэ**у (хъуат жи) ипэкlэ зи гугъу тщIахэр – "гурыщхъуэ" тещIыхьынрэ гупщысэми зэриужьам ипкъ зэриткlэ- иужькlэ **къэхъупхъэ** гуэрхэр **зэрылъытэ**у зэры*тегупщысыхьын*кlэ *щхьэпэ къэIуэтэкIэ*хэу бзэм щызекIуэу щIидзауэ лъытапхъэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри къэтхьынщ: «"хъунут жи, тlэ дауэ зэрыхъунур?»; «"хъуат жи" сыт пщIэнур?».

"Гурыщхъуэ" зыхэлърэ зыщыуа къэIуэтэкIэхэр мы зи гугъу тщIахэм къызэрыщымынэнур жыIэпхъэщи, мы къэтIуэтахэм къыпыщапхъэмэ, ипэкlэ "гурыщхъуэ"м теухуа "глагол лэжьэкlэ"хэу "мэ" кIэуккlэ ухуахэм -я мыхьэнэгъуу лъытапхъэхэу- иужькlэ къатехъукIауэ зэмылIэужьыгъуэ кIэуккIэрэ ухуауэ зи гугъу тщIахэри мыбдежым дигу къыщыдгъэкIыжынщ.

Дауи, ипэкlэ зи гугъу тщIарэ дымыщIауэ "гурыщхъуэ" къызыхэщ дэтхэнэ зы бзэ лэжьэкIэрэ къэIуэтэкIэр; зи гугъу тщIарэ дымыщIауэ дэтхэнэ зы "упщIэ" лIэужьыгъуэмрэ, "упщIэ" къызытехъукIыпхъэ дэтхэнэ зы бзэ лэжьэкIэрэ къэIуэтэкIэр гупщысэрэ консидерацэ къызэрекIуэкIыу критикэ зэрыщI бзэ лэжьэкIэ лIэужьыгъуэу зэрыщытыр мыбдежым аргуэру дигу къыщыдгъэкIыжынщ.

## ЕХАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ
## "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКIЭ"ХЭР "ИНДИРЕКТ"У КЪЫЗЭРЫIУАТЭ ЩIЫКIЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

## ″ИНДИРЕКТ″ КЪЭlУЭТЭКlЭХЭМ ТЕУХУАУЭ КЪЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭХЭР

Ипэкlи зэрыжытlауэ, бзэ лэжьэкlэрэ *″глагол лэжьэкlэ″*хэр *″гурыщхъуэ″*рэ *″упщlэ″*хэм *зэрагъэбагъуэ*р гурыlуэгъуэщи, мыбдежым зи гугъу тщlыну *″индирект″ къэlуэтэкlэ*хэри *мыпхуэдэ*у утыку къихьа *″глагол лэжьэкlэ″* лlэужьыгъуэхэрщ. *″Индирект″ къэlуэтэкlэ* жыхуэтlэхэр *нормал ″глагол лэжьэкlэ″*хэу ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуахэр -абыхэм *хиубыдэ*- дэтхэнэ зы *″щхьэ″ лъэныкъуэмкlэ къызэрыlуатэ* щlыкlэрщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, нормал *″глагол лэжьэкlэ″*хэм хиубыдэ дэтхэнэ зы *″щхьэ″*м *мы глагол лэжьэкlэм хигъэзэщlыхь къалэн*ым хуэгъэза *″упщlэ″*м и *пэджэж*ырщ *″индирект″ къэlуэтэкlэ* жыхуэтlэр.

Нэхъ зэlухауэ жыпlэмэ, -псалъэм папщlэ- зы *″глагол лэжьэкlэ″*мкlэ лъыта *lуэхугъуэ*р -хьэрычэтыр- *къызпкъырыкl*рэ *къэзылэжь*ым (″субъект″ым) –″сыт″ е ″хэт″ми- зэрыщlэ*упщlэ*м къы*пэджэж* къэlуэтэкlэр *″субъект″ лъэныкъуэ*у *″индирект″ къэlуэтэкlэ*рщ. Мы ″субъект″ лъэныкъуэ ″индирект″ къэlуэтэкlэм къыщымынэу, мы нормал *″глагол лэжьэкlэ″*мкlэ *гъэзащlэ*у (объект) *утыку къихьэ* гуэр щыlэмэ, нытlэ, мыбыи зэрыщlэ*упщlэ*м и *пэджэж*ри *″объект″ лъэныкъуэ*кlэ *″индирект″ къэlуэтэкlэ*рщ. Зы *lуэхугъуэ*рэ *хьэрычэт*ыр къызпкъырыкlрэ зыгъэзащlэм (субъект) икlи гъэзащlэм (объект) нэмыщl, ар *утыку къыщихьэ*рэ *щыгъэзащlэкlэ нэгъуэщl гуэр*(хэ)ми *теухуэ*у щытмэ, мыпхуэдэ(хэ)ри *″дополненэ″*ущ зэрылъытэри, нытlэ, зы нормал *″глагол лэжьэкlэ″*м *″дополнненэ″*и хиубыдэу щытмэ, ар *къызэрыгъэунэху упщlэ*м и *пэджэж*ри *″дополненэ″ лъэныкъуэ*у ухуэ *″индирект″ къэlуэтэкlэ*рщ.

Нытlэ, мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщщи, **нормал ″глагол лэжьэкlэ″**хэр абыхэм *хаубыдэ* **″щхьэ″**хэм дэтхэнэ зым и **лъэныкъуэкlэ** *къызэрыlуатэ*хэрщ **″индирект къэlуэтэкlэ″** жыхуэтlэхэри, мыхэр дэтхэнэ зы *нормал ″глагол лэжьэкlэ″*р -абы *хиубыдэ- дэтхэнэ зы ″щхьэ″*м и лъэныкъуэкlэ –мы дэтхэнэ зы щхьэм игъэзащlэ **″субъект, объект, дополненэ″** къалэн *лъэныкъуэмкlэ- къызэрыlуэтэж* щlыкlэхэрщ.

Аргуэру къыхэгъэщыпхъэмэ, дэтхэнэ зы *къэхъугъэ*рэ *лэжьыгъэ*р зэрылъытэ *″глагол лэжьэкlэ″*м хиубыдэу, мы *къэхъуныгъэ*р (″езырыж глагол″) *къызпкъырыкl*рэ (субъект) мы *лэжьыгъэ*р (″lуэху глагол″) *зыгъэзащlэ*м (субъект) теухуа *″упщlэ″*м; *гъэзащlэ лэжьыгъэ*р (″lуэху глагол″ лэжьэкlэ) *зытелэжьыхьу гъэзащlэ*м (объект) теухуа *″упщlэ″*м;

икlи, зы *къэхъугъэ*р (″езырыж глагол″) *къызэрыхъу*м (″езырыж глагол″ лэжьэклэ) *хиубыдэ*у ар *зыхуэгъэза*мрэ (дополненэ), зы *лэжьыгъэ*р (″lуэху глагол″) *зэрыгъэзащlэ*м (″lуэху глагол″ лэжьэклэ) *хиубыдэ*у *хэлэжьыхь*хэм (дополненэ) теухуа *″упщlэ″*хэм я *″пэджэж″*хэр къызэрыlуатэ щlыклэрщ *″индирект″ къэlуэтэклэ* жыхуэтlэхэр. Аращи, мы *къэхъугъэ*рэ *лэжьыгъэ*хэр (″езырыж глагол″рэ ″lуэху глагол″) абыхэм теухуа мы *″упщlэ″хэм* я *″пэджэж″*клэ *–а ″упщlэ″хэр* зыхуэгъэза *″субъект, объект, дополненэ″*хэм *я лъэныкъуэ*клэ- къызэрыlуэтэжырщ *″индирект″ къэlуэтэклэ* жыхуэтlэхэр. Дауи, *″гурыщхъуэ″*ри *зи лъабжьэ*у тлъыта мы *″упщlэ″*хэр зытеухуари мы *къэхъугъэ*рэ *лэжьыгъэ*хэр къызэрыlуатэ *нормал ″глагол лэжьэклэ″*хэрауэ –абы хиубыхэм *зыхуэгъэза*уэ- зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Икlи, мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщщи, мы зи гугъу тщla *″упщlэ″хэр зыхуэгъэза* зы *нормал ″глагол лэжьэклэ″*м теухуарэ *елъыта*уэ утыку къихьэфыну **″инидирект″ къэlуэтэклэ бжыгъэ**р ахэр къызытехъукl зы **″глагол лэжьэклэ″**м *хиубыдэ* **″щхьэ″ бжыгъэ**м *хуэдиз*у зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Ар щыхъукли, *″щхьэ″уэ зы ″субъект″* зыхэзыубыдэ зы *нормал ″глагол лэжьэклэ″*м *зы ″индирект″ къэlуэтэклэ* илэну щытми, *″глагол лэжьэклэ″ нэхъыбэ*м *хиубыдэ ″щхьэ″* бжыгъэр *″зы″м къыщымынэ*у зэрыщытри гурыlуэгъуэнщи, нэхъыбэм деж *″инидирект″ къэlуэтэклэ*р къызытехъукl *нормал ″глагол лэжьэклэ″м елъыта*уэ *бжыгъэу нэхъыбэ*у зэрыщытынур наlуэщ.

Мы къэтlуэтахэмкlи гурыlуэгъуэщи, *″индирект″ къэlуэтэклэ*хэмклэ *бзэ лэжьэклэ*р *зэрыбагъуэ*ри гурыlуэгъуэнщ. Ауэ икlи, бзэ лэжьэклэр зэрыбагъуэм нэмыщl, *″индирект″ къэlуэтэклэ*хэр къызытехъукl *нормал ″глагол лэжьэклэ″*хэм *консидерацэ* зэрытещlыхьым къытехъукl *″глагол лэжьэклэ″*рэ къэlуэтэклэхэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

## ″ИНДИРЕКТ″ КЪЭlУЭТЭКlЭХЭР ЗЭРЫУХУЭ ЛЪАГЪУЭМ ТЕУХУАУЭ

Мы ипэклэ къэтlуэтахэм аргуэру къыхэгъэщыпхъэхэр щыlэщи, ″индирект″ къэlуэтэклэр зэрыбагъуэмрэ икlи зэрыухуэ лъагъуэми теухуауэ, япэрауэ къыхэгъэщыпхъэхэр къыщыпытщэнщ.

Аращи, *″езырыж занщlэ глагол″ нэхъыбэ*м я лэжьэклэхэм *″субъект″*у *зы ″щхьэ″ закъуэ*щ зыхиубыдэр; мыбыхэм нэмыщl, зи лэжьэклэм ″субъект″ым нэмыщl ″щхьэ″уэ *″дополненэ″и зыхэзыубыдэ ″езырыж занщlэ*

*глагол"*хэри щыIэщ. Аращи, зи лэжьэкIэм *"дополненэ" зыхэзыубыдэ*рэ *зыхэзымыубыдэ*у *"езырыж занщIэ глагол"*хэр *mIy*уэ *зэрызэщхьэщыкI*ым япэрей ди лэжьыгъэми щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ. Ауэ, *игъуэ "префикс"*кIэрэ дэтхэнэ зы *"езырыж глагол"*ым и лэжьэкIэм *"дополненэ" зэрыхиубыдэ*нури гурыIуэгъуэщи, нытIэ, мы *"езырыж глагол"*ыр *"дополненэ" зыхэзыубыдэ*рэ *зыхэзымыубыдэ*у зэрыщытым *елъытауэ "дополненэ" бжыгъэ*р *зым къызэрыщымынэ*нури *–доподнениtI* зэрыхъуфынури- гурыIуэгъуэнщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэу, *"IуэхуанщIэ глагол" лэжьэкIэ*хэм -фIэкIыпIэ имыIэу- *зы "субъект"*рэ *зы "объект"* зыхеубыдэри, *игъуэ "префикс"*кIэрэ ухуа *"IуэхуглагоI"*хэм *"дополненэ"*у *нэхъыбэ* -"тIу-щы" хуэдиз- *зэрыхиубыдэф*ынури гурыIуэгъуэнщ.

НытIэ, нормал "глагол лэжьэкIэ"хэу "щхьэ"уэ зыхиубыдэу мы зи гугъу тщIа дэтхэнэ зы глагол лIэужьыгъуэр -"езырыж"рэ "IуэхуI"у, "занщIэ"рэ "префиксиал"у зэрыщыткIэ- зыхиубыдэу зи гугъу тщIа мы "щхьэ" - "субъект, объект, дополненэ"- лIэужьыгъуэхэмрэ я бжыгъэхэми елъытауэ "индирект"у къызэрыIуэтэфынур гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, "глагол лэжьэкIэ"хэм "щхьэ"уэ зы "субъект"рэ (глагол псоми теухуауэ) зы "объект" ("IуэхуглагоI"ым хуэIуауэ) зыхаубыдэу щытми, "дополненэ"у зым нэхъыбэ зыхэзыубыдэ "глагол лэжьэкIэ"хэр (нэхъыбэуи "IуэхуглагоI" лIэужьыгъуэу) зэрыщыIэри гурыIуэгъуэщ. Ар щыхъукIи, зы *"субъект"рэ* (глагол псоми) зы *"объект"* ("IуэхуглагоI"ым хуэIуауэ) *лъэныкъуэ "индирект" къэIуэтэкIэ*р *зэрызу* щыIэнуми, *"дополненэ" лъэныкъуэу "индирект" къэIуэтэкIэ*р *зы закъуэм къызэрыщымынэ*нур гурыIуэгъуэщ.

Аращи, "глагол лэжьэкIэ"м хиубыдэ *зы "субъект"*, *зы "объект"* ("IуэухглагоI"м хуэIуауэ), икIи *-хиубыдэмэ- "дополненэ"*у хиубыдэфыну *бжыгъэ*м хуэдиз къыпыщэжущ а зы *"глагол лэжьэкIэ"м* къытехъукIыфыну *"индирект" къэIуэтэкIэ бжыгъэ*р. НытIэ, *зы "глагол лэжьэкIэ"м* къытехъукIыпхъэ *"инидирект" къэIуэтэкIэ бжыгъэ*р "глагол лэжьэкIэ"м хиубыдэ *"щхьэ"*хэм я *бжыгъэм хуэдиз*щи, дауи, *"инидирект"* къэIуэтэкIэрэ *"глагол лэжьэкIэ" бжыгъэ*р ахэр къызытехъукIрэ зытеухуа *нормал "глагол лэжьэкIэ"*хэм я *бжыгъэм* елъытауэ *нэхъыбэ*у зэрыщытынур наIуэщ.

*

"УпщIэ"хэм теухуа лэжьыгъэу ипэкIэ къыщедгъэкIуэкIами щыгъуазэ дызэрыщыхуэхъууэ, нормал "глагол лэжьэкIэ"хэм занщIэу теухуарэ къытохъукIыр "упщIэ" лIэужьыгъуэхэрщи, абыхэм я пэджэжхэри занщIэу а

нормал ″глагол лэжьэкlэ″ лlэужьыгъуэхэрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ: «ар мэхъу → ар хъурэ? → ар мэхъу».

Ауэ зэрыгурыlуэгъуэу, *″индирект″ къэlуэтэкlэ* къызытехъукlыну *″упщlэ″*р мыпхуэдэу *номрал ″глагол лэжьэкlэ″м занщlэу хугъэзакым* – теухуакъым; нытlэ, норал *″глагол лэжьэкlэ″хэм* хиубыдэ *″щхьэ″хэм хагъэзэщlыхь къалэн*хэм хуэгъэза *″упщlэ″*хэрщи, мыпхуэдэ *упщlэ*хэм я *пэджэж*ри *нормал ″глагол лэжьэкlэ″* хъункъым - мыпхуэдэ *формэм итынкъым*.

Аращи, мыбдежым зи гугъу тщlы *″индирект″ къэlуэтэкlэ*р нормал *″глагол лэжьэкlэ″*хэм *хиубыдэ ″щхьэ″*хэм -мы лэжьэкlэм- *хагъэзэщlыхь къалэн*ыр *къызэрыхэгъэща къэlуэтэкlэ*рщи, мы нормал *″глагол лэжьэкlэ″*у *къэхъурэ гъэзащlэр* абы хиубыдэ дэтхэнэ зы *″щхьэ″ лъэныкъуэкlэ зэрылъытэу къызэрыlуэтэж* щlыкlэрщ. Мы жытlами къызэрыхэщу, *мыпхуэдэ* зы *къэlуэтэкlэр* утыку къызэрихьэнури а нормал *″глагол лэжьэкlэ″м* хиубыдэ *″щхьэ″*хэм я *лъэныкъуэкlэ игъуэ ″упщlэ″ зэрет* щlыкlэущ. Аращи, *″индирект″ къэlуэтэкlэ* жыхуэтlэр зы *нормал ″глагол лэжьэкlэ″м хиубыдэ* дэтхэнэ зы *″щхьэ″м хигъэзэщlыхьым теухуа* дэтхэнэ зы *″упщlэ″*м и *″пэджэж″*ырщи, мы упщlэр а *нормал ″глагол лэжьэкlэ″м занщlэу хуэгъэза ″упщlэ″*у зэры*щымыт*ым хуэдэжу, и *пэджэж*ри а *нормал ″глагол лэжьэкlэ″ формэм имытыж*ырщ. Нытlэ, а нормал *″глагол лэжьэкlэ″*м хиубыдэ *″щхьэ″*хэм я *лъэныкъуэкlэ* –абы хагъэзэщlыхь къалэнкlэ- *зэрыщlэупщlэ*м къызэры*пэджэжу, ″щхьэ″хэм хагъэзэщlыхь лъэныкъуэкlэ -мы ″глагол лэжьэкlэ″у къэхъу*рэ *гъэзащlэ*р- *″индирект″у къызэрыlуэтэж*ырщ: «ар мэхъу → ″сыт/хэт хъур?″/″хъур сыт/хэт?″ → ″аращ хъур″/″хъур аращ″».

Япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыщыхъуауэ, *глаголхэр* лъабжьэу *цlыхум теухуа*рэ *цlыхум темыухуа*уэ тlууэ *зэрызэщхьэщыкl*ыр гурыlуэгъуэщи, *цlыхум нэмыщl*ыу *″къэхъу-къэщlыгъуэ″* лlэужьыгъуэ *″хъун″* глаголыр икlи *цlыхум теухуа*уи зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, *″хъун″* глагол лэжьэкlэм *″субъект″* хуэхъур (ар) *″къэхъу-къэщlыгъуэ″* лlэужьыгъуэу зэрыщытым нэмыщl, икlи *цlыхуу*и (ар, уэ..) зэрыщытыфынур гурыlуэгъуэщ. Мыбы папщlэщ мы ипэкlэ къэта щапхъэхэм *къэхъу-къэщlыгъуэм теухуа ″упщlэ″*у *″сыт″*ымрэ икlи *цlыхум теухуа ″упщlэ″*у *″хэт″*ыр зэгъусэу щlыхэтыр.

Нытlэ, мы къыхэдгъэщахэм зэрезэгъкlэ, мы илъабжьэм ″индирект″ къэlуэтэкlэр утыку къызэрихьа лъагъуэм гулъытэ хуэтщlынщ. Аращи,

*"глагол"*ымрэ и *нормал "глагол лэжьэкlэ"*м къыщыщlэддзэу, мы *глагол лэжьэкlэм хиубыдэ* дэтхэнэ зы *"щхьэ"м хигъэзэщlыхь*ым *хуэгъэза "упщlэ"*мрэ, мы упщlэм *и пэджэж*у щыт *"индирект" къэlуэтэкlэ*р къыпытщэжу мы зи гугъу тщlы *лъагъуэр лъэбакъуэ лъэбакъуэу* мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

«*Глагол* → Нормал *"глагол лэжьэкlэ"* → Мы "глагол лэжьэкlэ"м хиубыдэ дэтхэнэ зы *"щхьэ"*м хигъэзэщlыхьым хуэгъэза *"упщlэ"* → Мы "упщlэ"р зыхуэгъэза *"щхьэ" лъэныкъуэкlэ* "глагол лэжьэкlэ"р зэрылъытэу къызэрыlуатэрщ *"индирект" къэlуэтэкlэ*р; хиубыдэ дэтхэнэ зы *"щхьэ" лъэныкъуэкlэ "глагол лэжьэкlэ"*р *"индирект"у къызэрыlуат*эрщ».

*

Зэрыгурыlуэгъуэу, *"глагол лэжьэкlэ"*хэм хиубыдэ *"щхьэ"*хэр я къалэнкlэрэ *"глагол гуп"*хэмрэ ахэр *"занщlэ"*рэ *"префиксиал"*у зэрыщытми елъытащи, нытlэ, *"индирект глагол лэжьэкlэ"* утыку къызэрихьэр зэрылъытауэ мы ипэкlэ къэдгъэлъэгъуа *лъагъуэр дэтхэнэ зы "глагол гуп"ым теухуар*э икlи глаголыр *"занщlэ"рэ "префиксиал"*у зэрыщытым зэр*елъыта*уэ щхьэхуэ щхьэхуэу щыгъуазэ хуэхъуни хуейщ.

Ауэ, мыбы ипэ къихуэу *"индирект" къэlуэтэкlэ*р зы *псалъэухыгъэ*у *зэрызэпкъырыувэ щlыкlэ*ми щыгъуазэ хуэхъун зэрыхуейри къытпэщытщи, мыбыи мы илъабжьэм щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

Ипэкlи мащlэу къыхэдгъэщауэ щытщ, икlи адыгэбзэм и *нормал "глагол лэжьэкlэ"*хэм *"щхьэ"хэр зэрыхиубыдэ зэкlэлъхьэужьыкlэ*м япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащи, нытlэ, ахэр *"индирект"*у *къыщыlуатэкlэ* хиубыдэ *"щхьэ"хэм я зэкlэлъхьэужьыкlэ*р зэрызэхъуэкlыфынури гурыlуэгъуэнщ. Дэтхэнэ зы **"индирект" къэlуэтэкlэ**р ар **зытеухуа "щхьэ"р зэрыарар** *къыхэгъэща*уэ *къызэрыlуат*эрщи, *"индирект" къэlуэтэкlэ*м теухуа *псалъэухыгъэ* зэпкъырыувэкlэу нэхъ игъуэри -ипэкlэ къэта щапхъэм щыщу- зытеухуа *"щхьэ"р зэрыарар* зэрылъытэ псалъэр **псалъэухыгъэ кlэух**ыу (хъур араш) зэрылъытэущ. Икlи, мы *"щхьэ"р къызэрыхэгъэщыну* **"упщlэ"ри** *зэрыт псалъэри* -ардыдэу- *псалъэухыгъэ кlэух*ыу (хъур сыт/хэт?) щытынри нэхъ игъуэу жыlэпхъэщ.

Дауи, адыгэбзэм и *нормал* **псалъэухыгъэ зэпкъырыувэкlэ**м и *кlэух* псалъэр *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*рауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мы *нормал псалъэухыгъэр* абы *хиубыдэ "щхьэ" лъэныкъуэкlэ къызэрыlуат*эу зи гугъу тщlы *"индирект" къэlуэтэкlэ псалъэухыгъэ*ми и *кlэух*ыр а *"щхьэ"р зэрыарар зэрылъытэ псалъэр*ауэ зэрыщытынур

гурыIуэгъуэнщ: «*"ар аращ" формэ*у щыт *"хъур аращ"*ыр *"аращ ар" формэ*у щыт *"аращ хъур"*ым елъытауэ *нормал псалъэухыгъэ формэ*рщ».

Ауэ икIи, гурыIуэгъуэщ *къыхэгъэщын хуейхэм елъытауэ* псалъэухыгъэ зэпкъырыувэкIэр зэрызэхъуэкIыфри, зи гугъу зэрытщIауэ *"индирект"*у ″хъур аращ″у *-нормал "индирект" къэIуэтэкIэу "ар аращ" формэ*у-къызэрыIуэтэфым нэмыщI, ″аращ хъур″уи (*"аращ ар" формэ*уи) *"индирект"*у къызэрыIуэтэфынур гурыIуэгъуэнщ.

Мы къыхэдгъэщахэр -абыхэм теухуа щапхъэкIэрэ- нэхъ гъунэгъуу зыгурыгъэIуапхъэмэ, -псалъэм папщIэ- *"субъект"ым теухуа "индирект" къэIуэтэкIэ*м псалъэухыгъэу *и гъэпсыкIэ*м *"субъект"ыр* – къызэрыгъэунэхуу къыхэгъэщхьэхукIауэ- *псалъэухыгъэ кIэух*ыу, *къэхъу*рэ *гъэзащI*эм *и "субъект*у щыту *зэрыарар -е арауэ зэрыщыт*ыр- лъытэныр игъуэщ: «″аращ хъур″ нэхърэ ″хъур аращ″». ИпэкIи зэрыжытIауэ, *"индирект" къэIуэтэкIэ*р *зытеухуа "щхьэ"м хуэгъэза упщIэ*ми *псалъэухыгъэм кIэух*ыу хиубыдэнри нэхъ игъуэу лъытапхъэщ: «″сыт/хэт хъур?″ нэхърэ ″хъур сыт/хэт? ″».

НытIэ, мы къыхэдгъэщахэмкIэ гурыIуэгъуэ къызэрытхуэхъущи, *"индирект" къэIуэтэкIэ*м *теухуа "упщIэ"*ри -абы мы и пэджэжым хуэдэу-*"индирект"*ущ къызэрыIуэтапхъэри, мы ипэкIэ къэтхьа щапхъэхэр зэкIэлъхьэужьу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ: «″сыт/хэт хъур? (*"ара ар?" формэ*) → аращ хъур (*"аращ ар" формэ*)″ нэхърэ ″хъур сыт/хэт? (*"ар ара?" формэ*) – хъур аращ (*"ар аращ" формэ*)″».

*

Ипэкlэ *"индирект" къэIуэтэкIэ*р утыку къызэрихьэм теухуауэ къэтIуэтахэм теухуа щапхъэщ *"хъун" глагол*ым теухуауэ мы къыпытщэжа щапхъэхэри, нытIэ, дэтхэнэ зы *глагол*ыр *нормалу зэрылажьэ*мрэ абы *хиубыдэ* дэтхэнэ зы *"щхьэ"м* а лэжьэкIэм *хигъэзэщIыхь*ым хуэгъэза *упщIэ*м *и пэджэж*ыр *"индирект" къэIуэтэкIэ*у утыку къызэрихьэ мы *лъагъуэ*р – икIи *"упщIэ"*рэ мы и *"пэджэж"*ыр *нэхъ игъуэу* къызэрыIуэтапхъэ щIыкIэу-″хъун″ глаголым теухуа щапхъэхэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

| «Хъун → ар мэхъу → хъур сыт/хэт? → хъур аращ». |
|---|

Мыхэри къыпытщэжа нэужь, нытIэ, мы илъабжьэм зы *"езырыж занщIэ глагол"*у щыт *"хъун"*ымрэ ари *"префиксиал"*у –зы ″префикс″рэ ″префиксыбэ″у- зэрыухуэжым я *нормал лэжьэкIэ*хэм хиубыдэ *дэтхэнэ зы "щхьэ" лъэныкъуэкIэ "индирект"у къызэрыIуат*эм теухуа *щапхъэ*рэ *лъагъуэ*ми мы илъабжьэм щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ. Икlи, *нормал*у щырет

е *индирект*у щырет, *"глагол лэжьэкlэ"*хэм хиубыдэ *"щхьэ"хэр я къалэнкlэ* зэрызэщхьэщыкlри "субъект, *объект*, дополнненэ"у мы *зэрытха*уэ къыхэгъэщауэ -*"цlэпапщlэ"* лlэужьыгъуэхэуи- къэдгъэлъэгъуэнщ:

- Хъун (езырыж занщlэ глагол):
«Ар мэхъу → Хъур сыт/хэт → Хъур аращ».
- *Щы*хъун (езырыж префиксиал глагол):
«Ар *щ*охъу → *Щы*хъур сыт/хэт → *щы*хъур/зы*щы*хъур/зыдэ*щы*хъур аращ»;
«Ар абы *щ*охъу {щхьитl!} → Ар *щы*хъур/зы*щы*хъур/зыдэ*щы*хъур дэнэ? { "дополненэ"м хуэгъэза *"щlыпlэ"* лъытэ "упщlэ"} → "Ар *щы*хъур/зыдэ*щы*хъур аращ – абдежращ"»; «Ар *щы*хъур сыт щыгъуэ? {"дополненэ"м хуэгъэза *"зэман"* лъытэ "упщlэ"} → "Ар щыхъур аращ – абы щыгъуэщ"»;
«Абы *щы*хъур сыт/хэт {"субъект"ым хуэгъэза "упщlэ"} → "Абы щыхъур аращ"».

**Мы таблицэм къыщыта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Зэрыгурыlуэгъуэу, "езырыж занщlэ глагол" нэхъыбэм "дополненэ" яlэкъыми, мыпхуэдэ лэжьэкlэми зы "щхьэ" закъуэ -"субъект"у- зыхэзыубыдэ щапхъэщ таблицэм къыщыта япэрей щапхъэр; ауэ, мыпхуэдэ глаголхэми *игъуэ "префикс"* къызэращтэу "дополненэ"и *зэрагъуэт*ыр гурыlуэгъуэщи, етlуанэ щапхъэри мыбы теухуащ. Араща, мы зи гугъу тщlы япэрей щапхъитlыр *"езырыж занщlэ глагол"*у къэта *"хъун"*ым и "дополненэ"ншэ лэжьэкlэмрэ, абы *игъуэ "префикс"*у *"щ"* къызэрищтэу и лэжьэкlэм "дополенэ" зэрыщылъытэм теухуащ; мыхэри *таблиц*эм *япэрей гуп*у къыщыта щапхъэхэрщ.

- Ауэ икlи, *щылэгъуэ лъабжьэ мыхьэнэ* зиlэу лъытапхъэ *"щ"*ыр *щылэр зэрыщыl*эм лъабжьэ хуэхъу, щыlэр зэрыщыlэ *"зэман/мекан"*и (тайм/эспас) зылъытэрщи, "щы"р *"префикс"* зыхуэхъу *глагол*ымкlэ лъытэр *утыку къыщихьэ "щlыпlэ"*рэ *"зэманыгъуэ"* зылъытэрщ. Араща, *"щы" префикс*ым *зэм* зэреджапхъэр *"щlыпlэ"*у *е "зэманыгъуэ"*у *зы*рауэщи, зэм мы мыхьэнитlри зыхиубыдэу еджапхъэкъым.

- Нытlэ, "щы" префикс зыхэзыубыдэ *"глагол лэжьэкlэ"*м -*"щы" префикс елъыта*уэ- хиубыдэ "дополненэ"ми зэреджапхъэр *"щlыпlэ"*у *е "зэманыгъуэ"*ущ. Араща, *"щы*хъун" (езырыж префиксиал глагол) *"глагол лэжьэкlэ"*м *"щ" префикскlэ лъыта*уэ хиубыдэ "дополненэ"м ("абы"м) *"щlыпlэ"у е "зэманыгъуэ"*у зы лъэныкъуэкlэ зэр*еджапхъэ*м папщlэ, "дополненэ"м мы и мыхьэнэм *теухуа*уэ щхьэхуэ щхьэхуэу *"упщlуml"*и хуэигъуэнщ: «дэнэ?; сыт щыгъуэ?». Нытlэ, мы "дополненэ"м зэреджапхъэ лъэныкъуитlым -"щlыпlэ" е "зэманыгъуэ"- дэтхэнэ зым *хуэгъэза* мы *"упщlэ"*хэм (дэнэ?; сыт щыгъуэ?) и *пэджэж*хэри *"щlыпlэ"*у е *"зэманыгъуэ"* лlэужьыгъуэ "дополненэ"у зэрыщытынур наlэущ: «аращ – абдежращ (*щlыпlэ);* аращ – абы щыгъуэщ/апщыгъуэщ (*зэманыгъуэ*)».

- Икlи, *таблиц*эм хиубыдэ щапхъэхэм *зэрыхэплъагъуэ*у, *"упщlэ"р зыхуэгъэза "щхьэ"*р ("субъект" е "дополненэ") *"езырыж"*у е *"lуэху"* лlэужьыгъуэу *дауи щырет*, *"упщlэ" пэджэж* лlэужьыгъуэ *"индирект" къэlуэтэкlэ*м и *кlэух псалъэ*р

*"езырыж"* лIэужьыгъуэу *–зэры*ар*ауэ* къыхэгъэщауэ- зэрыщытри нэрылъагъущ: «*"*ар мэхъу*"* → *"*хъур аращ*"*»; «*"*ар абы щохъу*"* → *"*абы щыхъур аращ*"*; *"*ар щыхъур ар<u>ащ – абдежр</u>ащ*"*».

- *"Щыпlэ" лъытэ "щы" префикс*кIэ ухуа (щыхъун) *глагол*ым и *"инидрект" къэlуэтэкlэ*м *"*<u>дополненэ</u>*"*р *"*<u>абдеж</u>*"*у *"щlыпlэ"* лIэужьыгъуэу зэрылъытам нэмыщl, мы *"индирект" къэlуэтэкlэ*м хиубыдэ *глагол лэжьэкlэ псалъэ*ри (<u>зыдэщы</u>хъу) *"*<u>дополненэ</u>*"*р *"щlыпlэ"* лIэужьыгъуэу (*"*<u>зыдэ</u>*"*..) къыхэщу зэрызэпкъырыувари нэрылъагъущи, мыри *"префиксиал глагол"*ым хиубыдэ *"префиксиал"*хэм *нэмыщl*, **"глагол лэжьэкlэ"**хэри *игъуэ* **"префикс"кlэ зэрыухуэф**ым теухуа щапхъэрщ: «Ар *щы*хъур/<u>зыдэщы</u>хъур <u>ар</u>ащ – <u>абдежр</u>ащ».

- Мы зэрыжытlауэ, *"инфинитив"*у ухуа зы *"префиксиал глагол"*ым -фlэкlыпlэ зимыlэу- *префиксиал лэжьэкlэ* зэриlэнум нэмыщl, глаголыр *"инфинитив"*у *"занщlэ"* е *"префиксиал"*у дауэ ухууэ щырет, *"глагол" мыхьэнэ*мрэ глагол *"префикс" мыхьэнэ*ми *елъыта*щи, **"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"**хэри **игъуэ "префикс"**хэмкlэ *зэрыухуэф*ынур гурыlуэгъуэщи, *"индирект" къэlуэтэкlэ*у ухуэ псалъэхэм мыпхуэдэ щапхъэхэр *щынэхъыбэ*щ. Мыпхуэдэ щапхъэщ *"*<u>зы</u>*щы*хъур/<u>зыдэ</u>*щы*хъур*"* псалъэхэм хиубыдэ *"*<u>дополненэ</u>*"* лъытэ *"*<u>зы</u>/<u>зыдэ</u>*"* *префикс*хэри, ахэр *"*инфинитив глагол*"*ым (*щы*хъун) химыубыдэу *"глагол лэжьэкlэ"у* зыкъэзыгъэлъэгъуа *"*префикс*"*хэрщ. – *Мыпхуэдэ лэжьэкlэ*хэм *ип*экlэ *къедгъэкlуэкla*уэ щыта *лэжьыгъэми щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъа*щи, мыбдежми дигу къыщыдгъэкlыжынщ.

*

Ипэкlэ къэта таблицэм хиубыдэ щапхъэхэм хиубыдэ *"щхьэ"хэр "цlэпапщlэ"* лIэужьыгъуэу -*"щхьэ цlэпапщlэ"*у- къызэрытар нэрылъагъущи, а *"цlэпапщlэ"*хэм *ипlэ "цlэ"* зэриувэфынури гурыlуэгъуэнщ; нытlэ, *"глагол лэжьэкlэ"*хэм хиубыдэ **"щхьэ"**хэр **"цlэ" лIэужьыгъуэ**хэу зэрылъытэ къэlуэтэкlэхэмрэ икlи ахэр *"индирект"у къызэрыlуат*эхэми теухуа игъуэ щапхъэхэри мыбыдежым къыщыпытщэнщ.

Нытlэ, зи гугъу тщlы *"*глагол лэжьэкlэ*"*м (*щы*хъун) *"цlэпапщlэ"*у хиубыдэ *"*субъект*"*ыр *"цlэ"* лIэужьыгъуэу зэрылъытэфынум нэмыщl, икlи *"цlэпапщlэ"*у хиубыдэ *"*<u>дополненэ</u>*"*ри *"цlэ"* лIэужьыгъуэу зэрылъытэфынур гурыlуэгъуэнщ. Япэрей ди лэжыгъэм щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ *цыхуу щыт*рэ *цlыхуу щымыт*хэм *теухуа глагол*хэми, *"*хъун*"* глаголри мыпхуэдэщ. Араща, *"хъун"* глаголыр *цlыхум теухуа*уэ зэрыщытым нэмыщl икlи *цlыхуу щымытхэми теухуа* глаголу, и *"субъект"*ыр *цlыхур*э *цlыхуу щымыт*у лажьэ зы глаголщ. Ар щыхъукlи, ипэкlэ къэтауэ зи гугъу тщlы *"*глагол лэжьэкlэ*"*м и *"субъект"*ыр *"цlэ" лIэужьыгъуэу "цlыхуцlэ"*рэ

икIи *"цIыхуу щымыт"у* –псалъэм папщIэ, *къэкIыгъэ*у- *зэрылъытэ*у къыззэрыIуэтэфынур гурыIуэгъуэщ.

Мыбы нэмыщI, *"щы" префикс*кIэ (*щы*хъун) лъытэфыр *"щIынIэ"рэ "зэманыгъуэ"*у зэрыщытым ипкъ зэриткIэ, *глагол лэжьэкIэ*р къызэрыIуатэ *псалъэухыгъэ*м *"цIэпапщIэ"*кIэ (абы) лъытауэ хиубыдэ "дополненэ"р *"щIынIэ"*рэ *"зэманыгъуэ"* зылъытэ "цIэ"хэмкIэ щхьэхуэ щхьэхуэу къыззэрыIуэтэфынри гурыIуэгъуэнщ. ЗэрыгурыIуэгъуэу, "дополненэ"у *mly* – зыр *"щIынIэ"*у адрейри *"зэманыгъуэ"*у- зыхэзыубыдэу мы зи гугъу тщIы къэIуэтэкIитIыр ахэр "цIэпапщIэ"у зэрылъытахэми къызэрыхэщыр гурыIуэгъуэщи, мыбдежым ахэр мы зэрылъытэ цIэхэмкIи къызэрыIуатэ щапхъэу къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

НытIэ, мы къэтIуэтахэм ипкъ зэриткIэ, япэрауэ, "субъект"ыр *цIыхуу щымыт "цIэ"*уэ зэрылъытэрэ "дополненэ"ри -мы "субъект"ым хуэфащэу- зи гугъу тщIа щIыпIэрэ зэманыгъуэ зэрылъытэ "цIэ"уэ зэрыщытым теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ:

«Ар абы *щ*охъу {щхьитI!} → Нащэр хадэм *щ*охъу {щхьитI!}»:
- «Нащэр *щы*хъур/зы*щы*хъур/зыдэ*щы*хъур дэнэ? {*"щIынIэ"* лъытэ "дополненэ"м хуэгъэза "упщIэ"} → "Нащэр *щы*хъур/зыдэ*щы*хъур хадэращ – хадэ кIуэцIращ"»; «Нащэр *щы*хъур сыт щыгъуэ? {*"зэман"* лъытэ "дополненэ"м хуэгъэза "упщIэ"} → "Нащэр *щы*хъур гъэмахуэращ – гъэмахуэм щыгъуэщ"»;
- «Хадэм *щы*хъур сыт~~хэт~~ {глагол "субъект"ым зэрыщIэупщIэ} → "Хадэм щыхъур нащэращ"».

Мы къэта щапхъэхэр гурыIуэгъуэщ; ауэ икIи, ипэкIи зэрыжытIауэ, *"хъун"* глаголыр *цIыхуу щымыт*хэм хуэдэжу *цIыхуу щыт*хэми теухуа лэжьэкIэ зиIэрщи, мы ипэкIэ *цIыхуу щымыт*хэм теухуа "субъект"у *"сыт" упщIэр зыхуэигъуэ*рэ икIи *и пэджэж* щапхъэхэм нэмыщI, "субъект"ыр *цIыхуу* зэры*щыт*кIэ *"хэт" упщIэр зыхуэигъуэ*рэ икIи и *пэджэж*хэмкIи къызэрыIуэтэфынур гурыIуэгъуэщ. НытIэ, хиубыдэ *"щхьэ"*хэр *"цIэпапщIэ"у* къызыхэщу ипэкIэ таблицэм къыщыта *"глагол лэжьэкIэ"* щапхъэхэм *"цIэпапщIэ" унIэ* иувэ *"цIэ"р цIыху нэрыбгэ*м теухуауэ – *цIыхуцIэ*у- зэрыщыткIэ къызэрыIуатэ щапхъэри мыбдежым –хуэигъуэ "цIэ" лIэужьыгъуэ "дополненэ"рэ къэIуэтэкIэуи- къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

«Ар абы (къы)*щы*хъуащ {щхьитI!} → ПIытIэ унэм (къы)*щ*ыхъуащ {щхьитI!}»:
- «ПIытIэ (къы)*щы*хъуар/(къы)зы*щы*хъуар/(къы)зыдэ*щы*хъуар дэнэ? {*"щIынIэ"* лъытэ "дополненэ"м хуэгъэза "упщIэ"} → "ПIытIэ (къы)*щы*хъуар/(къы)зы*щы*хъуар/(къы)зыдэ*щы*хъуар унэращ – унэ кIуэцIращ"»; «ПIытIэ (къы)*щы*хъуар сыт щыгъуэ? {*"зэман"* лъытэ "дополненэ"м хуэгъэза "упщIэ"} → "ПIытIэ (къы)*щы*хъуар гъэмахуэращ – гъэмахуэм щыгъуэщ"»;

- «Унэм (къы)*щы*хъуар ~~ыт~~/хэт {глагол ″субъект″ым зэрыщlэупщlэ} → ″Унэм (къы)щыхъуар Пlытlэщ″».

## ″ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКlЭ″ХЭР ″ИНДИРЕКТ″У КЪЫЗЭРЫlУАТЭМ ТЕУХУА ЩАПХЪЭХЭР

Мы ипэкlэ къэта щапхъэхэр ″езырыж занщlэ глагол″у ″дополненэ″ зыхэзымыубыдэхэм теухуащи, ″езырыж занщlэ глагол″хэм я нэхъыбэри мыпхуэдэ лэжьэкlэ зиlэрщ. Ауэ, мыпхуэдэ ″езырыж глагол″хэри игъуэ ″префикс″ къащтэу щыухуэжкlэ, ″префикс″ым елъыта ″дополненэ″ яlэу зэрылажьэхэри гурыlуэгъуэщи, мы ипэкlэ мыпхуэдэ щапхъэхэри къэтхьагъэххэщ. Дауи, мыпхуэдэу зи гугъу тщlахэр *″инидирект″ къэlуэтэкlэ*мрэ къикlуа *лъагъуэ*м гулъытэ зэрыхуэтщlа щапхъэхэрщ.

*″Дополненэ″*ншэ лэжьэкlэ зиlэу мы ипэкlэ зи гугъу тщlахэм нэмыщl, *″дополненэ″*и *зиlэу лажьэ ″езырыж занщlэ глагол″*хэри щыlэщи, нытlэ, мыхуэдэхэми *щыгъуазэ хуэхъун* хуейщ. Икlи, мы я лэжьэкlэмкlэ мыпхуэдэу зэщхьэщыкlхэми, ″езырыж глагол″хэм я лэжьэкlэхэм ″объект″ зэрызыхаумыубыдэри гурыlуэгъуэщ.

lупщlыу *зыгуэр* зэры*гъэзащlэ*рэ -мыпхуэдэу зэрыщыткlи- зи лэжьэкlэм *″объект″* зыхэзыубыдэ глагол лlэужьыгъуэхэр *″lуэху глагол″*хэрщи, нытlэ, *″lуэху глагол″*хэм я *лэжьэкlэ*хэм теухуа *зы ″индирект″ къэlуэтэкlэ* лlэужьыгъуэри *″объект″ лъэныкъуэкlэ ″индирект″ къэlуэтэ*кlэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, мы къыпхэдгъэщахэми зэрезэгъкlэ, мы илъабжьэм -*″занщlэ″ е ″префиксиал″*у щырет- дэтэхэнэ зы *″езырыж глагол″* лlэужьыгъуэмрэ икlи -*″занщlэ″ е ″префиксиал″*у щырет- дэтхэнэ зы *″lуэху глагол″* лlэужьыгъуэм я *нормал лэжьэкlэ*хэр -абы хиубыдэ- *дэтхэнэ зы ″щхьэ″ лъэныкъуэ*кlэ *″индирект″у къызэрыlуатэ* щlыкlэм щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къыхуэтхьын лэжьыгъэр къытпэщытщ.

Мы къэтlуэтахэми зэрезэгъкlэ, дэтхэнэ зы глагол лlэужьыгъуэм (″езырыж″рэ ″lуэху″у, ″занщlэ″рэ ″префиксиал″у) теухуа *нормал ″глагол лэжьэкlэ″*р зыхаубыдэ *″щхьэ″*хэри *къызэрыхэщ*у къэдгъэлъагъуэу, мы дэтхэнэ зы *″глагол лэжьэкlэ″*ри абы хиубыдэ *дэтхэнэ зы ″щхьэ″*м и *лъэныкъуэкlэ ″индирект″*у *къызэрыlуатэ* щапхъэхэр зыхэзыубыдэ *таблищэ*хэр къэдгъэлъэгъуэн хуейщ.

*

Мыпхуэдэ щапхъэхэр *япэрауэ "езырыж глагол"*хэм теухуауэ къэхьынри игъуэщ.

Ныtlэ, *япэрауэ "*дополненэ*"*ншэ *лэжьэклэ зилэ* зы *"езырыж занщlэ глагол"*ым (пп: хъун) теухуа *нормал*рэ *"индирект" лэжьэклэ щапхъэ*мрэ, мыр *"префикс" къищтэу зэрыухуэжы*м (пп: щыхъун; щыдэхъун) теухуа *нормал*рэ *"индирект" лэжьэклэ щапхъэ* къэдгъэлъэгъуэнщ; мыбы къыклэлъыкlуэуи, *"*дополненэ*" зил*эу лажьэ зы *"езырыж занщlэ глагол"*ым (пп: кlуэн) теухуа *нормал*рэ *"индирект" лэжьэклэ щапхъэ*мрэ, мыри *"префикс" къищтэу зэрыухуэжы*м (пп: дэкlуэн; щыдэкlуэн) теухуа *нормал*рэ *"индирект" лэжьэклэ щапхъэхэ*ри къэдгъэлъэгъуэнщ.

Ныtlэ, мы зи гугъу тщla *нормал*рэ *"индирект" лэжьэклэ* щапхъэхэри мы къызэрытlуэта зэкlэлъхьэужьыкlэу зыхэзыубыдэ *зы таблиэцэ*ри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщи, тежыlыхьыпхъэхэри къыпытщэжынщ:

| **Езырыж Глаголхэр** | **Я нормал лэжьэкlэхэр** | **"Индирект"у къызэрыlуатэ лъэныкъуэхэр** | | |
|---|---|---|---|---|
| | | **Субъект** | ***Объект*** | **Дополненэ** |
| Хъун (езрж.знщlэ) | - Ар хъуащ; | - Хъуар аращ; | - | - |
| ---------- | ---------- | ---------- | --------- | ---------- |
| Щыхъун (езрж.преф.) | - Ар абы* щыхъуащ; | - Абы* (абдежым/ апщыгъуэм) щыхъуар аращ; | - | - Ар зыщыхъуар ар*ащ – абдежращ/апщыгъуэращ – абы щыгъуэращ; |
| ---------- | ---------- | ---------- | --------- | ---------- |
| Щыдэхъун (езрж.прфитl) | - Ар абы абы* щыдэхъуащ; | - Абы абы* (абдеж/апщыгъуэ) щыдэхъуар аращ; | - | - Ар абы щыдэхъуар ар*ащ – абдеж(ра)щ/ апщыгъуэ(ра)щ;<br>- Ар абы* (абдежым/ апщыгъуэм) зыщыдэхъуар аращ; |
| Кlуэн (езрж.знщlэ) | - Ар абы** кlуащ; | - Абы** кlуар аращ; | - | - Ар зыдэкlуар ар**ащ - абдежращ; |
| ---------- | ---------- | ---------- | --------- | ---------- |
| Дэкlуэн (езрж.преф.) | - Ар абы/абы** дэкlуащ; | - Абы дэкlуар аращ;<br>- Абы** дэкlуар аращ; | -<br>- | - Ар зыдэкlуар аращ;<br>- Ар зыдэкlуар ар**ащ - абдежращ |
| ---------- | ---------- | ---------- | --------- | ---------- |
| Щыдэкlуэн (езрж.прфитl) | - Ар абы абы* щыдэкlуащ; | - Абы абы* (абдежым/ - апщыгъуэ) щыдэкlуар аращ; | - | - Ар абы щыдэкlуар ар*ащ – абдежращ/апщыгъуэщ;<br>- Ар абы* (абдежым/ апщыгъуэм) зыщыдэкlуар аращ. |

**Мы таблицэм хиубыдэ щапхъэхэм аргуэру къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Мы къэта *таблиц*эр *mlууэ зэрищlыкла*р нэрылъагъущи, *япэрей lыхьэ*р *"езырыж занщlэ глагол"у "*дополненэ*"*ншэм (хъун) теухуащ; етlуанэ lыхьэри *"езырыж занщlэ глагол"у "дополненэ"*и зилэм (кlуэн) и лэжьэкlэм теухуащ. Ауэ икlи, мы *"езырыж занщlэ глагол"* лlэужьыгъуитlми *"префикс" къызэращтэу* зэрыухуэм я *лэжьэклэ*хэри *зыхэзыубыдэ lыхьитlы*рщ.

- Ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *"щы" префикс*ымкlэ лъытэ *"зэман/мекан"*ыр *глагол лэжьэкlэхэм "*дополненэ*"*у *-цlэпапщlэ*уи *"*абы*"*уэ-щыхэлъытахэр *"*" нэгъыщэкlэ* къыхэдгъэщащи, мыбыхэми *"щlыпlэ"*рэ *"зэманыгъуэ"*у *еджэкlитl* зэриlэнуми гулъытэ хуэщlыпхъэщ.

- Мыбы нэмыщl, *"щыдэхъун" глагол лэжьэкlэ*м (ар абы абы* щыдэхъуащ) *"*дополненитl*"* зэрыхиубыдэр нэрылъагъущи, мыбыхэм щыщу *"*"* нэгъыщэкlэ къыхэгъэщам (абы*) *"щlыпlэ"* е *"зэманыгъуэ"*у *еджэкlитl* зэриlэр гурыlуэгъуэщ; адрей *"*дополненэ*"*ри (абы) *зыгуэр* е *нэрыбгэ зылъытэ*рщ. *"Щыдэкlуэн" глагол лэжьэкlэ*ми хиубыдэ *"*дополненитl*"*ым (..абы абы*..) зэреджапхъэри мыпхуэдэщ.

- *"Зэман/мекан" лъытэ "*дополненэ*"*р *"щlыпlэ"*рэ *"зэманыгъуэ"* зылъытэрщи, *нормал "глагол лэжьэкlэ"*м (ар абы* щыхъуащ) хиубыдэ *"*абы**"*м *"щlыпlэ"*рэ *"зэманыгъуэ"*у щхьэхуэ щхьэхуэу *еджэкlитl* иlэщ. *"*Абы**" цlэпапщlэ*м мы *и еджэкlитl*ыр *"индирект" къэlуэтэкlэм* (щыхъур ар*ащ) зэхуэдэу *"*ар**"ауэ* къызэрыгъэлъэгъуам икlи *"щlыпlэ"* е *"зэманыгъуэ"*у зэрыщыткlэ *зэщхьэщыкl*ауэ зэр*еджапхъэу* {абдежращ (*щlыпlэ*)/апщыгъуэ(ра)щ – абы щыгъуэ(ра)щ (*зэман*)} къызэрыпыщэжари нэрылъагъущ.

- Икlи, *"езырыж занщlэ глагол"у "*дополненэ*"и зиl*эу лажьэ *"клуэн" глаголым* –и мыхьэнэм елъытауэ- и *лэжьэкl*эм хиубыдэ *"*дополненэ*"*р *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэщи, *"*щlыпlэ/зэманыгъуэ*"*р *"*"*уэ зэрылъытам къыщхьэщыгъэкlын папщlэ, мыри *"**"* нэгъыщэкlэ къызэрыхэгъэщар (абы**) нэрылъагъущ.

- Мыбы нэмыщl, *"дэклуэн" глагол*ми и *"дэ" префикс*ым елъытауэ зыгуэрым *"дэщlыгъуныгъэ"*у е зы *дэтыпlэ*у *"щlыпlэ"* зэрылъытэу *"*дополнэнитl*"* зыхэзыубыдэрщи, и *глагол лэжьэкlэ*ми (ар абы/абы** доклуэ) *зэщхьэщыкl*ыу *еджэкlитl* иlэщ: «*"*ар абы дэклуащ*"*; *"*ар абы** дэклуащ*"*».

- Мыбы нэмыщlыу, *"щыдэхъун" глагол*ым и *"дэ" префиксым "дэщlыгъуныгъэ"*рэ *дэтыпlэ "щlыпlэ"* лlэужьыгъуэу зэреджапхъэр гурыlуэгъуэнщи, абы *"*дэтыпlэ*"*у зэреджапхъэр икlи *"*щы*"* префиксымкlэ лъытэ *"щlыпlэ/зэманыгъуэ"*м хиубыдэ *"щlыпlэ"*м дищlыгъурэ *и зы щlыкlэ*у *"щlыпlэ (щы) дэтыпlэ (дэ)"*у зэрылъытэнури гурыlуэгъуэнщ. Ар щыхъукlи, *"дэ"*м елъытауэ *"дэщlыгъуныгъэ"*у лъыта *"*дополненэ*"*м (абы) нэмыщl, *"*дэ*"*м *"дэтыпlэ"у илъытэр*и *"щы"*кlэрэ лъыта *"щlыпlэ/зэманыгъуэ"*м (абы*) *зэрыхиубыдэ*нур гурыlуэгъуэнщи, сытым дежи *"*дополненитl*"* зыщыхэлъытэ *"щыдэхъун" глагол лэжьэкlэ*р *дэтхэнэ и зы "*дополненэ*"* *лъэныкъуэ*кlэ *"индирект"*у къызэрыlуатэри -мы *"*дополненитl*"*ыр зэрыхиубыдэу- мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

| | |
|---|---|
| - Ар абы абы* (абдежым/апщыгъуэм) щыдэхъуащ; | - Ар абы щыдэхъуар ар*ащ – абдеж(ра)щ/апщыгъуэ(ра)щ;<br>- Ар абы* (абдежым/апщыгъуэм) зыщыдэхъуар аращ; |

- Ипэкlи и гугъу зэрытщlауэ, *"*глагол*"*хэм *"*инфинитив*"*у *"*префикс*"* къызэращтэм нэмыщl, *глагол мыхьэнэ*рэ *"префикс"*ми зэр*елъыта*кlэрэ *"глагол*

*лэжьэкlэ"ми* -аргуэру- ″префикс″ къызэрищтэфыр гурыlуэгъуэщ. Аращи, *"щыдэхъун"* глаголым и ″субъект″ыр (ар) *"щыхъу"*р (абы*) зы *"щlыпlэ"*рщи, *"щlыпlэ"*р нэхъри *къыхэгъэща*уэ *"глагол лэжьэкlэ"м аргуэру "щы" префикс*кlэ зэрыщылъытэфынур гурыlуэгъуэщ. Икlи, ″субъект″ыр *зы"*дэхъу″р (абы) *зыгуэр* е зы *нэрыбгэ*рщи, ныtlэ, ар абы *зэрыдэхъу*ри *"глагол лэжьэкlэ"у аргуэру "зы" префикс*кlэ къызэрыхэгъэщари нэрылъагъущ. Ныtlэ, мы зи гугъу тщla *"индирект" къэlуэтэкlэ*хэр **глагол лэжьэкlэ**у *ухуэ псалъэм* -аргуэру- **префикс** *къызэрищтэф*ым теухуа *щапхъэ*хэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ:

- «Ар абы щыдэхъуар (**щы**щыдэхъуар) ар*ащ (абдежращ/апщыгъуэращ)»;
- «Ар абы* (абдежым/апщыгъуэм) **зы**щыдэхъуар аращ».

*

Мы ипэкlэ къэта щапхъэхэр ″езырыж глагол″хэм теухуащи, ахэр ″гъэ″кlэрэ ″lуэху глагол″у зэрыухуэжхэри гурыlуэгъуэнщ. Дауи, мыпхуэдэу иужькlэ ″lуэху глагол″у ухуэжахэм я лэжьэкlэхэри глаголу утыку къызэрихьа щlыкlэу ″lуэху глагол″у щытхэр зэрылажьэм хуэдэщ. Ныtlэ, мыбдежым мы утыку къызэрихьа щlыкlэу ″lуэху глагол″у щытхэм я нормал лэжьэкlэхэмрэ ″индирект″уи къызэрыlуатэхэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэныр игъуэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *"lуэху глагол"* жыхуtlэхэр зыгуэрым *телэжьыхь*рэ зы *лэжьыгъэ* утыку къизыгъэхьэ глагол лlэужьыгъуэхэрщи, мы зытелэжьыхьрэ утыку къырагъэхьэри *"объект"*ущ зэрылъытэр. Аращи, *"lуэху занщlэ глагол"*хэм я лэжьэкlэхэм ″щхьэ″уэ *"субъект"*ым нэмыщl - фlэкlыпlэ имыlэу- *"объект"*и зэрыхиубыдэр (щхьитl) гурыlуэгъуэнщ; ауэ мы *"lуэху занщlэ глагол"* лэжьэкlэхэм *"дополненэ" хиубыдэкъым*и, мыхэр *игъуэ "префикс"кlэ* щыухуэжращ -*"lуэху префиксиал глагол"*хэращ-, ″щхьэ″уэ *″*дополненэ*″*и зыхэзыубыдэр (щхьищ). Мы *игъуэ "префикс"*хэр *зэрабагъуэ*м -*"префиксыбэ"*м- елъытауэ хиубыдэ *″*дополненэ*″*хэри *зэрыбэгъуапхъэ*р гурыlуэгъуэнщи, *″*дополненэ*″ лъэныкъуэ*кlэ *"индирект" къэlуэтэкlэ*ри *″*дополненэ*″ бжыгъэм хуэдиз*кlэ зэрыбэгъуэнури наlуэщ.

Ныtlэ, мы къыхэдгъэщахэри ди гурыlуэгъуэу, – ипэкlэ ″езырыж глагол″хэм теухуауэ къэта талбицэм хуэдэ зы таблицэри *"lуэху глагол"*хэм теухуауэ къэгъэлъэгъуапхъэщи, *"занщlэ"*рэ *"префиксиал"* лlэужьыгъуэхэу *"lуэху глагол"*хэм я *нормал лэжьэкlэ*хэм теухуа щапхъэхэмрэ, мы лэжьэкlэхэми хиубыдэ *дэтхэнэ зы "щхьэ"* (субъект, *объект*, дополненэ) *лъэныкъуэ*кlэ я *"индирект" къэlуэтэкlэ*хэм теухуа щапхъэхэр -мы зэрыжытla зэкlэлъхьэужьыкlэу- *зы таблиэцэ*м хиубыдэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщи, тежыlыхьыпхъэхэри къыпытщэжынщ:

| **lуэху Глаголхэр** | **Я нормал лэжьэкlэхэр** | **"Индирект"у къызэрыlуатэ "щхьэ" лъэныкъуэхэр** | | |
|---|---|---|---|---|
| | | **Субъект** | ***Объект*** | **Дополненэ** |
| Щlэн (lуэху знщlэ) | - Абы *ар* ищlащ; | - *Ар* зыщlар аращ; | Абы ищlар *ар*ащ; | - |
| ---------- | ---------- | ---------- | ---------- | ---------- |
| Ещlэн (lуэху преф.) | - Абы *ар* абы ирищlащ; | - *Ар* абы езыщlар аращ; | Абы абы ирищlар *ар*ащ; | - Абы *ар* зырищlар аращ; |
| ---------- | ---------- | ---------- | ---------- | ---------- |
| Щещlэн (lуэху преф.) | - Абы *ар* абы абы* щырищlащ; | - *Ар* абы абы* щезыщlар аращ; | Абы абы абы* щырищlар *ар*ащ; | - Абы *ар* абы* (абдеж/апщыгъуэ) зыщырищlар аращ;<br>- Абы *ар* абы зыщырищlар ар*ащ (абдеж/апщыгъуэ); |
| ---------- | ---------- | ---------- | ---------- | ---------- |
| Дэщlэн (lуэху преф.) | - Абы *ар* абы/абы** дищlащ; | - *Ар* абы/абы** дэзыщlар аращ; | - Абы абы/абы** дищlар *ар*ащ; | - Абы *ар* зыдищlар аращ;<br>- Абы *ар* зыдищlар ар**ащ – абдежращ; |
| ---------- | ---------- | ---------- | ---------- | ---------- |
| Щыдэщlэн (lуэху преф.) | -<br>- Абы *ар* абы/абы* щыдищlащ; | - *Ар* абы/абы* щыдэзыщlар аращ; | - Абы абы/абы* щыдищlар *ар*ащ; | - Абы *ар* зыщыдищlар аращ**<br>- абдежращ;<br>- Абы *ар* абы зыщыдищlар ар*ащ (абдеж/апщыгъуэ). |

**Мы таблицэм хиубыдэ щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Япэрауэ, "щlэн" глаголыр *"lуэху занщlэ глагол"*щи, "субъект"рэ *"объект"* зиlэрщ; ауэ, "субъект"ым мы lуэхур (*объект*) *зырищlылlэ* гуэр зэры*мылъыт*эм папщlэ, "дополненэ" *лъытэкъым – иlэкъым*.

- "Щlэн" глаголыр *"е" префикс*кlэ зэрыухуэ *"ещlэн" глагол лэжьэкlэ* "субъект"ым мы lуэхур (*объект*) *зырищlылlэ гуэр мэлъыт*эри, *"е" префикс*ым *елъыта*уэ lуэхур мы зэщlылlэри "дополненэ"у "абы"уэщ зэрылъытэр; нытlэ, мы *глагол лэжьэкlэ*ри *"индирект"*у *къызэрыlуат*эхэм *"щхьэ"хэр зэрыхэлъыт*эу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ: «зыщlэр "субъект"ырщ, "субъект"ым ищlэр *"объект"*ырщ, субъектым мы *объект*ыр зырищlэр "дополненэ"рщ».

- Зэрыгурыlуэгъуэу, *"щы"*р *префикс* зыхуэхъу *глагол*ыр зытеухуа *lуэхугъуэ*р къыздыщыхъур *"зэман/мекан"* зылъытэрщи, мы глаголым и *глагол лэжьэкlэ*м *"щlыпlэ"* е *"зэманыгъуэ"*у зэр*еджапхъэ*у хиубыдэ "дополненэ"ри *цlэпапщlэ*у "абы*"уэ мы зэрылъытари -адрей "дополненэ"м *зэрыщхьэщыкl*ым папщlэ- "*" нэгъыщэкlэ къэдгъэлъэгъуащ.

- Араща, *"щы" префикс*кlэ ухуа *"щещlэн"* глаголым и "дополненэ"у "абы*"уэ лъытам *"щlыпlэ"* е *"зэманыгъуэ"*у ("щlыпlэ/зэманыгъуэ": абдеж/апщыгъуэ) *еджэкlиml* иlэщи, нытlэ, таблицэм "абы*" -е "ар*"- зыхэзыубыдэу къэта *псалъэухыгъэ*хэр *"щlыпlэ"* е *"зэманыгъуэ"*у *щхьэхуэ щхьэхуэу* зэреджапхъэу

*псалъэухыгъитl*кlи къызэрыlуэтапхъэ щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| - Абы *ар* абы абы* щырищlащ; ► (абы*: абдеж/апщыгъуэ)<br>---<br>- Абы *ар* абы* (абдеж/апщыгъуэ) зыщырищlар аращ; ►<br><br>- Абы *ар* абы зыщырищlар ар*ащ (абдеж/апщыгъуэ); ► | - Абы *ар* абы абдежым щырищlащ;<br>- Абы *ар* абы апщыгъуэм щырищlащ;<br>---<br>- Абы *ар* абдежым зыщырищlар аращ;<br>- Абы *ар* апщыгъуэм зыщырищlар аращ;<br><br>- Абы *ар* абы зыщырищlар ар*ащ – абдежращ;<br>- Абы *ар* абы зыщырищlар ар*ащ – апщыгъуэ(ра)щ – абы щыгъуэ(ра)щ; |

- *"Дэ" префикс*ым *"дэщlыгъуныгъэ"*рэ *щlыпlэ* (дэтыпlэ) елъытэри, *"дэщlэн" глагол лэжьэкlэм* мыпхуэдэ *еджэкlитl*ым зымкlэ еджапхъэщ: «*"дэщlыгъу"*у *щlэн* е *"дэтыпlэ"*у *щlэн*». Мы зэрыжытlауи, зы *"дэ" префикс* зиlэ *"дэщlэн" глагол лэжьэкlэм* щыхэлъытэ *"*дополненэ*"*ри *"дэщlыгъуныгъэ"* е *"щlыпlэ"* (дэтыпlэ) лlэужьыгъуэу зэреджапхъэу *"*абы/абы***"*уэ къэдгъэлъэгъуащ. – Ипэкlэ *"щlыпlэ/зэманыгъуэ"*у еджэкlитl зиlэр *"**"*уэ къызэрыдгъэлъэгъуам папщlэ, мыбдежым *"щlыпlэ" закъуэ*р *"***"*уэ къэдгъэлъэгъуащ. Нытlэ, ипэкlэ *таблицэ*м *"дэщlэн" глагол лэжьэкlэ*у *"*абы/абы** *зыхэзыубыдэ* дэтхэнэ зы *псалъэухыгъэ*м – мы *"*дополненэ*"*р *"дэщыгъуныгъэ"* (абы) е *"дэтыпlэ"*у (абы**) зэрылъытэу-*псалъэухыгъитl* къызтехъукlыпхъэрщи, мы *псалъэухыгъэ щапхъэхэри* мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| - Абы *ар* абы/абы** дищlащ; ► | - Абы *ар* абы дищlащ (Абы *ар* абы дэщlыгъуу ищlащ);<br>- Абы *ар* абы** дищlащ (Абы *ар* абы дэту ищlащ – Абы *ар* абы дищlыхьащ); |

- Мы зэрыжытlауэ, *"дэ"*м *"дэщlыгъуныныгъэ"*рэ *"щlыпlэ"*у (дэтыпlэ) *еджэкlитl* иlэщи, *"щы" префикс*ми *"щlыпlэ/зэманыгъуэ"* зэрилъытэм папщlэ, *"дэ"*м илъытэ *"дэтыпlэ"*р *"щы"*м илъытэ *"щlыпlэ"*м и зы *щlыкlэ*у мэлъытэр. Ауэ, *"щы"*мкlэ *"щlыпlэ"*рэ *"зэманыгъуэ"* зэрылъытэри гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, *"щыдэ" префикс*мкlэ лъытэр *"щы" лъэныкъуэ*у *"щlыпlэ"*рэ *"зэманыгъуэ"*у, *"дэ" лъэныкъуэ*уи лъытэр *"дэтыпlэ"*рэ (щlыпlэ) *"дэщlыгъуныгъэ"*рщи, *"*щыдэ*"*м и зы еджэкlэр *"*щы*"*кlэ лъыта *"*щlыпlэ*"*р *"дэтыпlэ"*у (дэ) зэрылъытэрщ (1); адрей еджэкlэри *"*щы*"*кlэ лъытэ *"*щlыпlэ*"*рэ *"*дэ*"*кlэ лъытэ *"*дэщlыгъуныгъэ*"*мрэ (2), *"*щ*"*ыкlэ лъытэ *"*зэманыгъуэ*"*мрэ *"*дэ*"*кlэ лъытэ *"*дэщlыгъуныгъэ*"*рщ (3). Аращи, *"щыдэ" префикс*ымкlэ лъытэ *"*дополненэ*"* лlэужьыгъуэ *бжыгъэ*р *"*3*"*щи, *псалъэухыгъэ*у къызэрыlуапхъэри *"*3*"*щ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, *таблицэ*м *"*дополненэ*"*у къыщыгъэлъэгъуа *"*абы/абы**"*р *япэрауэ "щlыпlэ защlэ"* (*"*дэтыпlэ*"* лlэужьыгъуэ *"*щlыпlэ*"*) зэрылъытэу *"*абы***"*рэ *"дэщlыгъуныгъэ"*м (абы) *"зэманыгъуэ/щlыпlэ"* дищlыгъуу *"*абы абы*уэ зэщхьэщыкlыу лъытапхъэщи, икlи, мы иужьрейм (*"*абы абы**"*м) *"дэщlыгъуныгъэ"*м (абы) *"щlыпlэ"* е *"зэманыгъуэ"*

(абы*) дищlыгъуу *къэlуэтэкlиmlе* къызэрытехъукlри гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, *"дэщlэн" глагол*ым и *нормал лэжьэкlэ*м "абы/абы*у щыхэлъытар *мы зэрыжьmlа* щlыкlэу *зэрызэщхьэщыкl*ыр къызэрыхэщу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| - Абы *ар* абы/абы* щыдищlащ; ►<br><br><br><br>- абы* (абдеж/апщыгъуэ);<br>- абы** (абдеж) | - Абы *ар* абы** {*"щlыпlэ (щы) дэтыпlэм (дэ)"*: абдеж} щыдищlащ;<br>- Абы *ар* абы {*дэщlыгъуу (дэ)*} абы* {*"щlыпlэ/ зэманыгъуэ (щы)"*: абдеж/апщыгъуэ} щыдищlащ; ► | -<br><br><br>- Абы *ар* абы {*дэщlыгъуу (дэ)*} абы* {*"щlыпlэ" (щы)*: абдеж} щыдищlащ;<br>- Абы *ар* абы {*дэщlыгъуу (дэ)*} абы* {*"зэманыгъуэ" (щы)* апщыгъуэ} щыдищlащ. |

- Глаголхэр "инфинитив"у "префиксиал"у -"префиксиал глагол"у-зэрызэпкъырыувэхэм нэмыщl, **глагол лэжьэкlэ**хэми игъуэ **"префикс"** къызэращтэфым дыщыгъуазэщи, *таблиц*эм мы *"щы" префикс* зыхиубыдэу ухуа *"глагол лэжьэкlэ"*хэм *аргуэру "щы" префикс* къызэращтэу зэрылэжьэфынухэри гурыlуэгъуэщ; мыпхуэдэуи, lуэхур *щыгъэзащlэ "щlыпlэ"*рэ *"зэманыгъуэ"*р *нэхъри къыхэгъэща*уэ къызэрыlуатэри гурыlуэгъуэщ.

| | |
|---|---|
| - Нормал гл.лэжьэкlэ →<br>- "Субъект" лъэныкъуэ "индирект" къэlуэтэкlэ →<br>- *"Объект"* лъэныкъуэ "индирект" къэlуэтэкlэ →<br>- "Дополненэ" лъэныкъуэ "индирект" къэlуэтэкlэ → | - «Абы *ар* абы абы* щырищlащ – **щы**щырищlащ»;<br>- «*Ар* абы абы* щезыщlар – **щы**щезыщlар аращ»;<br>- «Абы абы абы* щырищlар – **щы**щырищlар *ар*ащ;<br>- «Абы *ар* абы* (абдеж/апщыгъуэ) зыщырищlар – зы**щы**щырищlар ар*ащ»;<br>- «Абы *ар* абы зыщырищlар – зы**щы**щырищlар ар*ащ (абдеж/апщыгъуэ)». |

- Щыгъэзащlэ щlыпlэрэ зэманыгъуэр нэхъри къыхэгъэщауэ *глагол лэжьэкlэу аргуэру "щы" префикс* къызэращтэу мы къэта щапхъэхэм нэмыщl, мы *глагол лэжьэкlэ* гуэрхэм *икlи "зы" префикс*и зэрыхиубыдэр нэрылъагъущи, мыбдежым мыпхуэдэ гуэрхэми я гугъу щытщlынщ. Аращи, *"субъект" лъэныкъуэ "индирект" къэlуэтэкlэ*м lуэхур *"зыгъэзащlэ"*р "субъект"рауэ зэрыщытыр зэрылъытэ *"зы" префикс*ыр *"глагол лэжьэкlэ"*у *глаголыпкъ*ым *ищхьэ*м ("субъект" гъэлъагъуэр глаголыпкъыщхьэм зэрыпытым хуэдэу) къыпохьэр (дэ**зы**щlар; щыдэ**зы**щlар); ауэ, "субъект"ым мы лэжьыгъэм *дищlыгъуар* (абы) е мы лэжьыгъэр *"щlыпlэ/зэманыгъуэ"*у *къыздыщеклуэкl*ар (абы*) зэрылъытэ *"зы" префикс*ыр *"дополненэ" лъэныкъуэ "индирект"* къэlуэтэкlэу мы *глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэм* щыхиубыдэри *"дополненэ" лъытэ "префикс"*хэм (дэ, щыдэ) *ищхьэ*м (**зы**дэщlар; **зы**щыдэщlар) къызэрыпыхьэущ. Нытlэ, *глагол*хэм *"инфинитив"*у *"префикс"* къызэращтэм *нэмыщl,* **глагол лэжьэкlэ**хэми **"префикс"** къызэращтэм теухуа мы

щапхъэхэрщ мыхэри, ″субъект″ лъэныкъуэ *″индирект″ къэlуэтэкlэ*рэ ″дополненэ″ *лъэныкъуэ ″индирект″ къэlуэтэкlэ* щапхъэхэу ипэкlэ къэта *таблицэми* мы *хиубыдэ*хэр мы *къэтlуэтахэри зэрыхэлъэгъуапхъэу* мыбдежым *аргуэру* къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- *Ар* **зы**щlар араш;
- *Ар* абы/абы* дэ**зы**щlар араш;
- *Ар* абы/абы* щыдэ**зы**щlар араш → *Ар* абы/абы* **щы**щыдэ**зы**щlар араш;

---

- Абы *ар* **зы**дищlар араш/ар*ащ → Абы *ар* **зыщы**дищlар араш/ар*ащ.

## ″МЫХЪУПХЪЭ, УПЩlЭ, lУЭТЭЖ″ ЛlЭУЖЬЫГЪУЭ ″ИНДИРЕКТ″ КЪЭlУЭТЭКlЭ ЩАПХЪЭХЭР

Дэтхэнэ зы глагол лэжьэкlэр ″мыхъупхъэ, упщlэ, lуэтэж″уи къызэрыlуэтэфыр гурыlуэгъуэщи, нытlэ, *″езырыж глагол″*хэм теухуа *″индирект″ къэlуэтэкlэ*хэм теухуауэ ипэкlэ къэта таблицэм хиубыдэ щапхъэхэр *″мыхъупхъэ, упщlэ, lуэтэж - lуэрыlуэтэж″*у къызэрыlуэтэж щапхъэхэр мыпхуэдэу зэрылъытэ я *пэщlэдзэ/кlэух/нэгъыщ*эхэри *къыхэгъэщауэ* (пп: **мы, къым, т, ?**)- мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Езырыж Глаголхэр** | **Я нормал зэмылlэужь. лэжьэкlэхэр** | **″Индирект″у къызэрыlуатэ лъэныкъуэхэр** | | |
|---|---|---|---|---|
| | | **Субъект** | ***Объект*** | **Дополненэ** |
| Хъун (езрж.знщlэ) | - Ар хъуа**къым** + **мы**хъуа; | - Мыхъуар араш; | - | - |
| ---------- | ---------- | ---------- | ------- | ---------- |
| Щыхъун (езрж.преф.) | - Ар абы* щыхъуа**тэкъым** + щы**мы**хъуа**т**; | - Абы* (абдежым/ апщыгъуэ) щы**мы**хъуар ара**т**; | - | - Ар зыщы**мы**хъуар ар*а**т** (абдежра**т**/ абы щыгъуэ(ра)**т**; |
| ---------- | ---------- | ---------- | ------- | ---------- |
| Щыдэхъун (езрж.прфитl) | - Ар абы абы* щыдэхъуа**?**; | - Абы абы* (абдеж/апщыгъуэ) щыдэхъуар ара**?**; | - | - Ар абы щыдэхъуар ар*а**?** (абдеж(ра)**?**/ апщыгъуэ**?**); - Ар абы* (абдежым/ апщыгъуэм) зыщыдэхъуар ара**?**; |
| Кlуэн (езрж.знщlэ) | - Ар абы* кlуа**т?** | - Абы* кlуар ара**т?**; | - | - Ар зыдэкlуар ар*а**т?** – абдежра**т?**; |
| ---------- | ---------- | ---------- | ------- | ---------- |
| Дэкlуэн (езрж.преф.) | - Ар абы дэкlуа**тэкъэ?**; | - Абы дэ**мы**кlуар ара**тэкъэ?**; | - | - Ар зыдэ**мы**кlуар ара**тэкъэ?**; |
| ---------- | ---------- | ---------- | ------- | ---------- |
| Щыдэкlуэн (езрж.прфитl) | - Ар абы абы* щыдэкlуа**т жи**; | - Абы абы* (абдежым/апщыгъуэ) щыдэкlуар ара**т жи**; | - | - Ар абы щыдэкlуар ар*а**т жи** (абдежра**т жи** / апщыгъуэ**т жи**); |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | - Ар абы* (абдежым/ апщыгъуэм) зыщыдэкlуар арат **жи**. |

**Мы таблицэм хиубыдэ щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- ″Мыхъуныгъэ″ зэрылъытэр япэрауэ ″мы″ пэщlэдзэу лъытапхъэщ; ауэ, ″къым″ клэухклэ ″мыхъуныгъэ″ зэрылъытэр ″глагол лэжьэклэ″хэми теухуауэ бзэм иужькlэ къыхэхьауэ лъытапхъэщи, икlи, ноби *нормал "глагол лэжьэклэ"*хэр *"мыхъуныгъэ"*у зэрылъытэр нэхъыбэ *"къым" клэух*клэрэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Ныtlэ, мы зэрыжытlауэ *"къым" клэух*клэ *"мыхъупхъэ"*у лъыта *нормал "глагол лэжьэклэ"* щапхъэхэм -зэрыигъуэу- *"мы" пэщlэдзэ*у зэрылъытэ *"мыхъупхъэ глагол лэжьэклэ"* щапхъэхэри къыпытщащ.

- Дауи, *нормал "глагол лэжьэклэ"*хэр *"мыхъуныгъэ"*у зэрылъытэр нэхъыбэу - икlи нэхъ игъуэу- *"къым" клэух*клэми, *"индирект" къэlуэтэклэ*хэм *"мыхъуныгъэ"* щызэрылъытэр *"мы" пэщlэдзэ*клэщ; – мыр къэта щапхъэхэми хыболъагъуэр.

## ЕБЛАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ
## ″ГЛАГОЛ″ХЭР НЭГЪУЭЩl ″ГЛАГОЛ ГУП″ ЛЭЖЬЭКlЭУ ЗЭРЫЛЭЖЬЭФХЭМ ТЕУХУАУЭ

### ГЛАГОЛХЭР НЭГЪУЭЩl ″ГЛАГОЛ ГУП″ ЛЭЖЬЭКlЭХЭМИ ХУЩlЭКЪУ ЗЭРЫХЪУМ ТЕУХУАУЭ

Зэрыгурыlуэгъуэу, глаголхэр гуп гупу -″глагол гуп″у-зэрызэщхьэщыклыр ахэр зэрыухуа зэмылlэужьыгъуэ щlыклэрэ я лэжьэклэхэм зэрелъытауэщи, *глаголхэр а нэхъ лъабжьэу* зэрызэщхьэщыгъэклыпхъэу *класификацэ зэрыщlыпхъэ*ри я *″глагол лэжьэклэ″*хэм теухуауэщ. Мыбыхэми япэрей ди лэжьыгъэм икlэ нэгъунэ зэlухауэ щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ. Мы къедгъэклуэкl лэжьыгъэми мыбы нэгъунэ щыгъуазэ дызыхуэхъуар *глаголхэр утыку къызэрихьа*рэ икlи зэмылlэужьыгъуэ *лэжьэклэ*рэ къэlуэтэклэ *зэрыбагъуэ*м теухуащ.

Япэрей лэжьыгъэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъуарэ мы къедгъэклуэкl лэжьыгъэми мыбы нэгъунэ къиткlуами гурыlуэгъуэ къызэрытхуэхъууэ, дэтхэнэ зы *″глагол гуп″*ым езым хуэlуа *лэжьэклэ* иlэжщ. Аращи, дэтхэнэ зы *″глагол″*ыр *″инфинитив″*у зэрыухуарэ зэрызэпкъылъ щlыклэу зы *″глагол гуп″*ым хеубыдэри, мы *зыхэзыубыдэ ″глагол гуп″ым елъыта*рэ *хуэlуа* зы *лэжьэклэ зиlэж*ырщ. Ауэ, *адыгэбзэ*р псэлъэбзэ пэщlэдзэрэ *макъыбзэ*у зэрыщытым къызэрыхэкlклэ *лэжьаклуэу зы бзэ*рщи, мыбы нэгъунэ къиткlуа лэжьыгъэми къызэрыхэщу зэрылажьэ щlыклэхэм нэмыщl, *глагол*

*гуп*хэр икlи *адрей глагол гуп*хэми я *лэжьэкlэ*хэм *хущlэкъу*уи лъытапхъэщ. НытIэ, мы *къедгъэкlуэкl лэжьыгъэ*м и *кlэух*ыу мы илъабжьэм щыгъуазэ дызыхуэхъунур мыпхуэдэ глагол лэжьэкlэхэращи, мыр икlи *глагол*хэм я *лэжьэкlэ кlэух*ыу лъытапхъэщ. Ауэ икlи, глаголхэм нэгъуэщl гуп лэжьэкlэ зэрагъуэтыфым теухуауэ дызыхэхьа лэжьыгъэу мы къыхэдгъэщахэм нэмыщl, *нэгъуэщl гуп лэжьэкlи зиlэ*у адыгэбзэм *лэжьэкlэбэ*у хэт *глагол* бжыгъэр зэры*мымащlэ*ри мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщи, зыхэзыубыдэ *глагол гуп лэжьэкl*эм нэмыщl, *адрей глагол гуп лэжьэкlи зиlэ глагол*хэм мыбы ипэ къихуэ лэжьыгъэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуар мыбедым дигу къыщыдгъэкlыжынщ.

Мы къэтIуэтахэми къызэрыхэщщи, мыбдежым къытпэщытыр мыбы нэгъунэ зи гугъу тщlахэм хуэдэу зы глагол лэжьэкlэ лIэужьыгъуэу щыткъыми, *езым хуэlуа лэжьэкlэ зиlэ* дэтхэнэ зы *глагол гуп*ым хиубыдэ *глагол*хэр икlи *нэгъуэщl глагол гуп лэжьэкlэ*уи къызэрыIуатэм теухуащ.

Дэтхэнэ зы глаголыр нэгъуэщl зы глагол гупым хуэдэу зэрылажьэм щыгъуазэ хуэхъуныр *дэтхэнэ зы глагол гуп*ы*мрэ и лэжьэкlэм* икlэ нэгъунэ щыгъуазэ зэрыхуэхъуарэ икlи *"глагол гуп"хэмрэ я лэжьэкlэхэр зэрызэщхьэщыкl*ми *икlэ нэгъунэ щыгъуазэ хуэхъун* lуэхугъуэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. Аращ икlии, дэтхэнэ зы глаголыр езым и лэжьэкlэм нэмыщl, *нэгъуэщl глагол гуп лэжьэкlэ* зэригъуэту мы зи гугъу тщlыр *глагол*хэм я *лэжьэкlэхэм* теухуауэ *икlэм икlэж*ым *къыщыхъу*ну зы *лэжьэкlэ*у, дэтхэнэ зы **глагол гуп**ым и **лэжьэкlэ кlэух**ыу зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Икlи, *дэтхэнэ зы глагол гуп*ым хиубыдэ глаглыр *нэгъуэщl зы глагол гуп*ым *хуэдэу*и мы *зэрыгъэлажьэ*р *глагол гуп*хэм -глаголхэм- я *лэжьэкlэхэм* –икlи бзэ лэжьэкlэми- а *нэхъ лагэу гулъытэ зэрыхуэщlа*уэ **комментарие** тещIыхьын lуэхугъуэу лъытапхъэщ.

*

Мы ипэкlэ иужьрейуэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа ″индирект″ къэIуэтэкlэр ″гурыщхъуэ″рэ -ар зи лъабжьэ- ″упщlэ″хэм къазэрытехъукlам щыгъуазэ дыхуэхъуащи, *"гурыщхъуэ"*рэ *"упщlэ"*хэмкlэ *бзэ лэжьэкl*эрэ *"глагол лэжьэкlэ"*хэр *зэрыбагъуэ*рэ зызэраубгъури ипэкlэ щыжытIагъащ. *"Глагол лэжьэкlэ"*р мы *зэрыбагъуэ*рэ *зэрызиубгъу*м и *зы щlыкl*эри мы ипэкlэ къэтIуэтахэр зытежытIыхьауэ *къытпэщыт лэжьыгъэ*рщ. Аращи, глаголхэр *класификацэ* зэрыщl зэмылIэужьыгъуэ *еплъыкl*эрэ *критер* щыIэми, -мыбыхэм щыщу- *псалъэрылажьэ* лIэужьыгъуэу щыт *глагол*хэр *класификацэ* зэрыщIыпхъэм теухуауэ *а нэхъ критерыфl*рэ *лъабжьэ*р

*глаголхэм я лэжьэклэ*рауэ зэрыщытынури гурыIуэгъуэщи, икIи ипэкIи къыщыхэгъэщащ.

Мы зэрыжытIауэ, *дэтхэнэ зы глагол*ыр зыщыщ *глагол гуп*ым *хуэIуа лэжьэклэ* зиIэрщи, *глагол гупхэр* мы *я лэжьэклэхэм теухуауэ зэрызэлъытапхъэ*р, икIи *зыр зым ипIэкIэ зэрылэжьэну щIыклэ*ри *къызэрыгъэнэху*нур абыхэм я лэжьэкIэхэм *нэхъри* гъунэгъуу *щыгъуазэ зэрыхуэхъу щIыклэущ*и, мыпхуэдэхэри *"гурыщхъуэ"*рэ *"упщIэж"*кIэрэ икIи *игъуэ "упщIэ"*хэмкIэ *къызэрыгъэунэхунур*и гурыIуэгъуэнщ.

НытIэ, мы дызыхэхьа *лэжьыгъэм*и *лъабжьэ хуэхъу*р аргуэру *"гурыщхъуэ"рэ* -ар зи лъабьэ- *"упщIэ"*хэрщи, *бзэ лэжьэклэ*рэ *глагол лэжьэклэ*хэр *зэрыбагъуэ*рэ *зэрызыраубгъу*м *лъабжьэ* хуэхъу мы *"гурыщхъуэ"рэ "упщIэ"*хэм мы я къалэнхэр *икIэм икIэжь*ым глаголхэр я *гуп лэжьэклэм къыщымынэу адрей "глагол гуп" лэжьэклэу*и *къызэрыIуэтэфынум зэрынэс*рэ *хущIэкъуу*и *зэрыщIидзэ*м къытехъукIа *лэжьыгъэ*у жыIэпхъэщ мы къытпэщытыр.

Дауи, мыбдежым зи гугъу тщIыхэр ″глагол″хэм ахэр *зыхэзыубыдэ "глагол гуп"*ым хуэIуа *лэжьэклэм нэмыщI "глагол гуп" лэжьэкIи зэрагъуэтыф*ым теухуащ. Аращи, *езыр езыру*рэ утыку къихьэ *зы къэхъуныгъэр гъэзащIэу* утыку къызэрихьэуи *къэIуэтэфын*щи, мыр *"езырыж глагол"*хэм *я "Iуэху глагол" лэжьэклэ*рщ; икIи, *гъэзащIэ*у *утыку къихьэри щхьэжу зы къэхъуныгъэ*у зэрылъытэу *къызэрыIуэтэф*ынуращи, мыри *"Iуэху глагол"*хэм *я "езырыж глагол" лэжьэклэ*рщ. НытIэ, *глаголхэр* нормалу *зэрылажьэ щIыклэм нэмыщIыу лэжьэну* мы *зэрыхущIэкъу*рэ мыпхуэдэ лэжьэкIэхэр зэрагъуэтым теухуа лъагъуэхэм нэхъ гъунэгъуу мы илъабжьэм щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

## ГЛАГОЛХЭМ НЭГЪУЭЩI ″ГЛАГОЛ ГУП″ ЛЭЖЬЭКIЭ ЗЭРАГЪУЭТ ЛЪАГЪУЭМ ТЕУХУАУЭ

Ипэрей ди лэжьыгъэм *"глагол"*хэр *лъабжьэ*у *"езырыж"рэ "IуэхуIлэужьыгъуэ*у зэрызэщхьэщыгъэкIым щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащи, нытIэ, *"глагол"*хэр *нэгъуэщI гуп*хэм хуэдэу *зэрылэжьэф*ым теухуауэ мы къытпэщыт лэжьыгъэр *япэрауэ "езырыж глагол"*хэмрэ *"IуэхуIглагол"*хэр *зыр зым ипIэкIэ зэрылажьэ* щIыкIэхэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъуу къедгъэкIуэкIынри игъуэщ.

Дауи, *"глагол лэжьэкlэ"*у зы *къэхъу-къэщlыгъуэ*рэ е зы *луэхугъуэ* утыку къызэрихьэр гурыlуэгъуэнщи, *къэхъу-къэщlыгъуэ* лlэужьыгъуэу *–езыр езырурэ къэхъурэ къызпкъырыкlым и лъэкlыныгъэу- утыку къихьэ*р зэрылъытэ *"езырыж глагол" лэжьэкlэ*м мы утыку къихьэу *щылъытэр* икlи зы *луэхууи зэрылъытапхъэ*р гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, **"езырыж глагол"** *лэжьэкlэу* **къэхъур**э *утыку къихьэр* зы **"lуэху"у** зэрылъытэу мы **къызэрыlуэтэф**ынур зы **"lуэху глагол" лэжьэкlэ**у зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Ауэ икlи, -мы къэтlуэтам и пхэнджуи- **"lуэху глагол"** *лэжьэкlэ*у **гъэзащlэ**рэ утыку къихьэ **lуэху**ри **езыр езыру**рэ **къэхъу**у *зэрылъытэ* **къэlуэтэкlэ**ри мы *"луэху глагол"ым и* **"езырыж гллагол" лэжьэкlэ**у зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ.

Мы къэтlуэтахэр "езырыж глагол"рэ "lуэху глагол" лэжьэкlэхэр псалъэухыгъэкlэ къызэрыlуатэ щlыкlэм хэплъэгъуэфыну къыщlэкlынщи, нытlэ, "езырыж глагол"хэмрэ "lуэху глагол"хэм я лэжьэкlэхэр къызэрыlуатэ псалъэухыгъэ щапхъэхэм нэгъ гъунэгъуу дахэплъэнщи, *псалъэухыгъэ*хэм хиубыдэ *"щхьэ"*хэмрэ *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэр зэрызэлъыта щlыкlэм ахэр -мы ипэкlэ зэрыжытlауэ- зыр зым ипlэкlэ къызэрыlуатэ щlыкlэхэр къазэрытехъукlыфынум деплъынщ.

Мыбы папщlи, *"езырыж занщlэ глагол"* ("дополненэ" зимыlэрэ зиlэ) лэжьэкlэм теухуа псалъэухыгъэм хиубыдэхэмрэ *"lуэху занщlэ глагол"* лэжьэкlэм теухуа псалъэухыгъэм хиубыдэхэр дигу къэдгъэкlыжынщ:

- "Езырыж занщlэ глагол" лэжьэкlэ ("дополненэ"ншэ): «"субъект" (езырыж) - "глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ" (езырыж)»;
- "Езырыж занщlэ глагол" лэжьэкlэ ("дополненэ" зиlэ): «"субъект" (езырыж) - "дополненэ" (lуэху) - "глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"(езырыж)»;

---

- "lуэху занщlэ глагол" лэжьэкlэ: «"субъект" (lуэху) - *"объект"* (езырыж) - "глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ" (lуэху)».

Мы къэта таблицэм "дополненэ"ншэрэ "дополненэ" зиlэу лажьэ *"езырыж занщlэу глагол"*хэм я *лэжьэкlэ*хэмрэ *"lуэху занщlэ глагол"*хэм *лэжьэкlэ*хэм теухуа *псалъэухыгъэ*ури зыхиубыдэ *"щхьэ"*хэмрэ *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэр *"езырыж"рэ "lуэху"* лlэужьыгъуэу *зэрылъыта*уэ къыщыгъэлъэгъуащи, нытlэ, мыхэр *зыр зым я лэжьэкlэ*у къызэрыlуатэ щапхъэхэри *зэрызэлъытапхъэ*у мы илъабжьэм къыщыдгъэлъагъуэу, тежыlыхьыпхъэхэми деплъынщ:

- «"Субъект" (езырыж) - "глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ" (езырыж)»
↓ ↘→→→┐




Мы къэта таблицэм ″дополненэ″ншэрэ ″дополненэ″ зиlэ *″езырыж глагол″ лэжьэкlэ*хэмрэ, ахэр *″lуэху глагол″у зэрылажьэ* щlыклэхэр къыщыгъэлъэгъуащи, *псалъэухыгъэ* къэlуэтэклэм *″щхьэ″*хэмрэ *″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*хэр *лэжьэкlитlми зэрыхиубыдэ* щlыклэхэр хыболъагъуэр. Аращи, *″езырыж глагол″ лэжьэкlэ*м и *″субъект″*ыр *″езырыж″* лlэужьыгъуэу, ″дополненэ″ри *″lуэху″* лlэужьыгъуэу зэрыхиубыдэр нэрылъагъущи, мы *″езырыж глагол″*ым *и ″lуэху глагол″ лэжьэкlэми* ″субъект″ыр *″lуэху″* лlэужьыгъуэу, ″дополненэ″ри *а зэрыщыту ″lуэху″* лlэужьыгъуэу зэрыхиубыдэр наlуэщ. Ауэ, *″lуэху глагол″ лэжьэкlэ*хэм -фlэклыплэ имыlуэ- *″объект″* зэрыхиубыдэр гурыlуэгъуэщи, мы *″езырыж глагол″ым химыубыдэу* абы *и ″lуэху глагол″ лэжьэкlэ*м къыхэхьауэ *″объект″* зэры*щыхэлъыта*ри нэрылъагъущ. Нытlэ, *″глагол гуп″itl*ым я *лэжьэкlэ*хэр *зэрызэщхьэщыкl*ри мыпхуэдэщ.

**″Езырыж глагол″хэр ″lуэху глагол″у зэрылажьэм нэхъ гъунэгъуу.**

Мы ипэклэ таблицэу къэдгъэлъэгъуахэмрэ мы къыпытщэжахэми къызэрыхэщщи, *″езырыж глагол″ лэжьэкlэм ″субъект″*рэ *″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*р *″езырыж″* лlэужьыгъуэу, *″lуэху глагол″ лэжьэкlэми ″субъект″*рэ *″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*р *″lуэху″* лlэужьыгъуэу зэрыхиубыдэр нэрылъагъущ. Нытlэ, **″езырыж глагол″**ыр **″lуэху глагол″ лэжьэкlэу** къэlуэтэфын папщlэ, япэрауэ, *″езырыж глагол″* лэжьэклэм *″езырыж″ лlэужьыгъуэ*у щыхэлъыта **″субъект″**ымрэ **″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″**р **″lуэху″** лlэужьыгъуэу *лъыта*уэ щытын зэры*хуейр* гурыlуэгъуэнщ.

Ауэ, *″lуэху глагол″* лэжьэклэм *″объект″и* зыхеубыдэри, нытlэ, *″езырыж глагол″ыр ″lуэху глагол″ лэжьэкlэу* къэlуэтэфын папщlэ, зы *″объект″и* къыхуэгъуэтын хуейщ: мыри *″езырыж глагол″* лэжьэклэм *езырыжу къэхъур ″езырыж″*у зэрыхэлъыта *″субъект″*ырщ. Аращи, **″езырыж глагол″**ым и *къэхъуныгъэ*р *″субъект″*у **″езырыж″** лlэужьыгъуэрщи, нытlэ, мы **къэхъуныгъэр** а зэрыщыту **″объект″**у (езырыж) зэрылъытэ *къэlуэтэклэрщ* **″езырыж глагол″**ым и **″lуэху глагол″ лэжьэкlэ**р.

Мы къыхэдгъэщахэм нэмыщl, ипэкlэ къыщыдгъэлъэгъуа *таблиц*эхэми зэрыхэплъагъуэу, *"*дополненэ*"*и зиlэ *"езырыж глагол"*хэр *"lуэху глагол"у щылажьэкlэ* ***"дополненэ"***р **а зэрыщыт***у* -*"lуэху"* лlэужьыгъуэу-къызэрызэтенэжри мыбдежым дигу къыщыдгъэкlыжынщ.

Ныtlэ, *"езырыж глагол"*хэр *"lуэху глагол"у щылажьэкlэ "субъект"*рэ *"глагол лэжьэкlэу уху*а *псалъэ"*хэр *зэрызэхъуэкl*ымрэ икlи *"lуэху глагол" лэжьэкlэм "объект"*и зэрыхэлъытэнум теухуауэ къэтlуэтахэр lупщlыу къызэрыхэщу -ауэ икlи *"*дополненэ*"*ншэу- зэрыщытым теухуа щапхъэхэр мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэныр игъуэщ:

- «*"*субъект (езырыж) - *"*къэхъуныгъэр **къэхъуу** зэрылъытэ псалъэ*"* (езырыж)»;
↓ ↓ ↘→→→→┐ ↘→→→┐
- «*"*субъект*"* (lуэху) – къэхъуныгъэр {*объект* (езырыж)} - **гъэзащlэу** зэрылъытэ псалъэ (lуэху)»;

Мы таблицэр икlи *"езырыж глагол"*ым и *"субъект"*ыр *"lуэху глагол" лэжьэкl*эм *"объект"*у зэрыхэлъытэрэ, и *"lуэху глагол" лэжьэкl*эми *щlэуэ "lуэху"* лlэужьыгъуэ *"субъект"* зэрыхэлъытэр нэхъ lупщlыу къызэрыхэщ щlыкlэуи къэдгъэлъэгъуэнщ:

- «*"*субъект (езырыж) - *"*къэхъуныгъэр **къэхъуу** зэрылъытэ псалъэ*"* (езырыж)»;
↓ ↓ ↙←←←←←←┘ ↙←←←←←←┘
- «*"*субъект*"* (lуэху) – {*объект* (езырыж)} – **гъэзащlэу** зэрылъытэ псалъэ (lуэху)».

*"*Езырыж глагол*"*ыр *"*lуэху глагол*"*у зэрылажьэм теухуа мы щапхъэхэм *"езырыж глагол" лэжьэкl*эм и *"*субъект*"*ыр *"lуэху глагол" лэжьэкl*эм *"объект" зэрыхуэхъу*р нэрылъагъущи, мыпхуэдэу зэрыщытри ахэр *зэрытха* щlыкlэми хыболъагъуэр. Ауэ икlи, *"*езырыж глагол*"*ыр *"*lуэху глагол*"*у щылажьэкlэ, *"езырыж глагол" лэжьэкlэм химыубыдэ*у абы и *"lуэху глагол" лэжьэкl*эм *-щlэуэ-* *"*субъект*"* (*"lуэху"* лlэужьыгъуэу) къызэрищтэри нэрылъагъущ.

Мыхэри къыхэдгъэща нэужь, мы къэта псалъэухыгъэм хиубыдэхэм я зэхущытыкlэр нэхъ lупщlэр гурыlуэгъуафlэ къызэрытхуэхъунур ахэр зы *"глагол" щапхъэ*м (пп: щlын) теухуауэ къэгъэлъэгъуэнращи, ныtlэ, *"глагол лэжьэкlэу уху*э *псалъэ"*мрэ ар къызэрыlуатэ *псалъэухыгъэ*хэм хиубыдэ *"щхьэ"*хэр –пп: *"цlэпапщlэ"*у- къызэрыхэгъэща щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «ар (езырыж) - **хъуащ** (езырыж)»;
↓ ↓ ↓ ↓
- «абы (lуэху) *ар* (езырыж) **ихъуащ** (lуэху)».

Я мыхьэнэми зэрелъытауэ, *"езырыж глагол" гуэрхэр "lуэху глагол"у* зэрылажьэ щlыкlэхэр *бзэм щызекlуащэу лъытапхъэкъым*и, икlи бзэм

нэгъуэщl мыхьэнэ зиlэу хэлэжьхьу щыт мы *"ихъуащ"* псалъэр *мыпхуэдэщ.* Ауэ икlи, мы ″ихъуащ″ псалъэм ипэ къихуэ *"объект"* лlэужьыгъуэ *"ар"*ым *"ихъунур"*у еджапхъэщи, мыпхуэдэу *ущеджэм* деж, *"ихъуащ"* псалъэри игъуэрэ *гурыlуэгъуэ*нщ: «абы ихъунур (ар) ихъуащ».

**″lуэху глагол″хэр ″езырыж глагол″у –″пасив″у- зэрылажьэм нэхъ гъунэгъуу.**

Зэрыгурыlуэгъуэу, *глагол лэжьэклэ лlэужьыгъуитl*ми *"субъект"*рэ *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*р зэрыхиубыдэр а *"глагол гуп"*ыр зэрылъытам *хуэдэщ*: *"езырыж гагол" лэжьэклэм "езырыж"* лlэужьыгъуэу, *"lуэху глагол" лэжьэклэми "lуэху"* лlэужьыгъуэущ зэрыхэлъытэр. *"lуэху глагол" лэжьэкlэ*м -флэкlыплэ имыlэу- *"объект"* (″езырыж″у) зэрыхиубыдэри гурыlуэгъуэщ; ауэ, *глагол лэжьэклэ лlэужьыгъуитl*ми - хиубыдэмэ- *″*дополненэ*″*р (″lуэху″у) *а зэрыщыт*у зэрыхэлъытэри гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, *"lуэху глагол"* лэжьэкlэм и *"субъект"*ымрэ и *"глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"*р *"lуэху"* лlэужьыгъуэщи, ″lуэху глагол″ым *и "езырыж глагол" лэжьэклэм* мыхэр зэхъуэкlыу *"езырыж"* лlэужьыгъуэу *лъытэн хуей*уэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Ауэ, **″lуэху глагол″** лэжьэкlэм -флэкlыплэ имыlэу- *"объект"* (езырыж) зэриlэри гурыlуэгъуэщи, икlи **″объект″**ыр **гъэзащlэу щыт**ыр *"езырыж"*у мы *зэрылъытэр* **″езырыж глагол″** лэжьэкlэм и **″субъект″**ым *илъытэра*уэ зэрыщытри наlуэщ. Нытlэ, *"lуэху глагол"*ым *и "езырыж глагол" лэжьэклэ*м *и "субъект"*ыр *"езырыж"* лlэужьыгъуэу щыт *"lуэху глагол"*ым мы и *"объект"*ращ. Ар щыхъукlи, ″lуэху глагол″ыр ″езырыж глагол″у щылажьэкlэ *"lуэху глагол"* лэжьэкlэм и *"субъект"*ыр (lуэху) лейуэ къыщlедзыр.

Нытlэ, мы къыхэдгъэщахэм гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlыу, *"lуэху глагол"*ыр *"езырыж глагол"у зэрылажьэ* щlыкlэм *къыщыхъухэр* мыпхуэдэу къэlуэтапхъэщ: «*"lуэху глагол"*ым и *"lуэху"* лlэужьыгъуэ *"субъект"*ыр lугъэкlарэ, мы **″lуэху глагол″**ым и *"езырыж"* лlэужьыгъуэ **″объект″**ыр **″езырыж глагол″** *лэжьэклэ*м **″субъект″** хуэхъуауэ, икlи, **″lуэху глагол″** *лэжьэклэу ухуа "lуэху"* лlэужьыгъуэ **″псалъэ″**ри **″езырыж″**у *къызэрыlуатэ* щlыкlэущ **″lуэху глагол″***хэм* **я ″езырыж глагол″ лэжьэкlэ**хэр зэрыухуэр».

Нытlэ, мы къыхэдгъэщахэм ипкъ зэриткlэ, *"lуэху глагол"*хэм *я "езырыж глагол" лэжьэкlэ*хэр -"дополненэ" гугъу зэрымыщlыпхъэу-мыбдежым мыпхуэдэу къыщыгъэлъэгъуапхъэщ:

- «"субъект" (lуэху) – къэхъуныгъэр {*объект* (езырыж)} - **гъэзащlэу** зэрылъытэ псалъэ (lуэху)»
↓ ↓ ↙←←←←←← ↙←←←
- «"субъект (езырыж) - "къэхъуныгъэр **къэхъуу** зэрылъытэ псалъэ" (езырыж)».

Мы къэдгъэлъэгъуахэр ипэкlэ къэтlуэтахэри къызэрыхэщу нэхъ гурыlуэгъуэу мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуэныр нэхъ игъуэщ:

«"субъект" (lуэху) – *lуэхур* {*объект* (езырыж)} - **гъэзащlэу** зэрылъытэ псалъэ (lуэху)»
↓ ↓ ↓ ↓
« - - "субъект (езырыж) – **езыр езырурэ гъэзащlэу** зэрылъытэ псалъэ" (езырыж)».

"lуэху глагол"ыр "езырыж глагол" лэжьэкlэу мы къэта щапхъэхэм *"lуэху глагол" лэжьэкlэ*м и *"объект"*ыр *"езырыж глагол" лэжьэкlэ*м "субъект" *зэрыхуэхъу*р гурыlуэгъуэщи, икlи мыпхуэдэу зэрыщытыр ахэр *зэрытха* щlыкlэми къыхощыр.

Мыбы нэмыщl, мы я зэхущытыкlэхэр нэхъ lупщlэр гурыlуэгъуафlэ къызэрытхуэхъунур зы *"глагол" щапхъэ*м (пп: щlын) теухуауэ къэгъэлъэгъуэнращи, *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*мрэ *псалъэухыгъэ*хэм хиубыдэ *"щхьэ"*хэри *"цlэпапщlэ"*у зыхэзыубыдэ щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

«абы (lуэху) – *ар* {*объект* (езырыж)} – **ещl** (lуэху)»
↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
- «ар {субъект (езырыж) – **мэщl** (езырыж)».

Мы къэтlуэтахэр зыщlэдджыкlа *псэлъащхьэ*ми гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlрэ, мы къэтlуэтарэ къэтхьа щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, *"lуэху глагол"*хэм я *"езырыж глагол" лэжьэкlэ*хэр икlи **"lуэху глагол"**хэм **я "пасив" лэжьэкlэ**у зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ.

## ГЛАГОЛХЭМ НЭГЪУЭЩl "ГЛАГОЛ ГУП" ЛЭЖЬЭКlЭ ЗЭРАГЪУЭТЫМ ТЕУХУА ЩАПХЪЭ ГУЭРХЭР

Япэрауэ "дополненэ"ншэрэ "дополненэ" зиlэ "езырыж занщlэ глагол"хэмрэ, мыхэр "префикс"и къызэращтэу зэрыухуэжхэр "lуэху глагол"у зэрылажьэхэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ:

| **Езырыж глаголхэр** | **Я нормал лэжьэкlэхэр** | **Я "lуэху глагол" лэжьэкlэхэр** |
|---|---|---|
| Хъун | Ар хъащ; | Абы *ар* ихъуащ; |

| | | |
|---|---|---|
| ---------- Щыхъун | ---------- Ар абы* щыхъуащ; | ---------- Абы *ар* абы* щихъуащ; |
| Кlуэн ---------- Хуэкlуэн | Ар абы кlуащ; ---------- Ар абы хуэкlуащ; | Абы *ар* икlуащ; ---------- Абы ар (икlуэнур) абы (нэгъунэ) хуикlуащ. |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- *"Езырыж глагол"*хэм *я "луэху глагол" лэжьэкlэ*хэр гурыlуэгъуафlэ къытхуэхъун папщlэ, я *"объект"*хэм *зэреджапхъэ*р къызэрыхэгъэщауэ мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

| **"Езырыж глагол" лэжьэкlэхэр** | **Я "lуэху глагол" лэжьэкlэхэр** |
|---|---|
| - «Ар хъуащ»; - «Ар абы кlуащ»; | - «Абы *ар* ихъуащ → Абы *ихъунур* ихъуащ»; - «Абы *ар* икlуащ → Абы *икlуэнур* икlуащ». |

- *"Щы" префикс*ым *"щlыпlэ"*у е *"зэманыгъуэ"*у зэреджапхъэм ипэкlэ щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащи, таблицэм "*"кlэ къыхэдгъэща "дополненэ"хэр ("абы*") мыпхуэдэхэращ.

*

Мы илъабжьэми *"lуэху занщlэ глагол"*хэмрэ, ахэр *"префикс"*кlэрэ *зэрыухуэ*жхэм *"езырыж глагол" лэжьэкlэ* зэрагъуэтым теухуа щапхъэхэр къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **lуэху глаголхэр** | **Я нормал лэжьэкlэхэр** | **Я "езырыж глагол" -пасив-лэжьэкlэхэр** |
|---|---|---|
| Щlэн ---------- Щыщlэн | Абы *ар* ищlащ; ---------- Абы *ар* абы* щищlащ; | Ар щlащ; ---------- Ар абы* щыщlащ; |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

*"lуэху глагол"*хэмрэ *я "езырыж глагол" лэжьэкlэ*хэм нэхъ зэlухауэ *зэреджапхъэ*хэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

| **"lуэху глагол" лэжьэкlэхэр** | **Я "езырыж глагол" -я "пасив"- лэжьэкlэхэр** |
|---|---|
| - «Абы *ар* ищlащ» → «Абы *ищlэнур* ищlащ»; ---------- - «Абы *ар* абы* щищlащ» → «Абы *ищlэнур* абы* щищlащ»; | - «Ар щlащ» → «Ар (*езыр - езыр езырурэ*) щlащ»; ---------- - «Ар абы* щыщlащ» → «Ар (*езыр - езыр езырурэ*) абы* щыщlащ»; |

**ЕТIУАНЭ IЫХЬЭ**

# "ХЬЭРЫЧЭТ" ЛЪЫТЭМ КЪЫЩIИДЗЭУ ГЛАГОЛХЭР "ХЪЫБАРЕГЪАЩIЭ" ХЪУПХЪЭУ КЪЫЗЭРЫIУАТЭМ ТЕУХУАУЭ

## ЕТІУАНЭ ІЫХЬЭМ ХИУБЫДЭХЭР


| ПСЭЛЪАЩХЬЭХЭР | ТХЫЛЪЫМПІЭ НАПЭ КІУЭЩІ |
|---|---|
| **ЯПЭРЕЙ ПЫЧЫГЪУЭ** | **138** |
| **"КЪЭХЪУ-КЪЭЩІ"ЫГЪУЭ "ХЬЭРЫЧЭТ" ЗЭРЫЛЪЫТЭ ПСАЛЪЭХЭМ КЪЫЩІИДЗЭУ "ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ"ХЭР ЗЭРЫУХУЭРЭ ЗЭРЫЛАЖЬЭМ ТЕУХУАУЭ** | |
| **"ЕЗЫРЫЖ ЗАНЩІЭ ГЛАГОЛ" ЗЭРЫУХУЭРЭ ЗЭРЫЛАЖЬЭМ ТЕУХУАУЭ** | **138** |
| - "ЕЗЫРЫЖ" ЛІЭУЖЬЫГЪУЭ "ХЬЭРЫЧЭТ" ЗЭРЫЛЪЫТЭ ПСАЛЪЭХЭР ЗАНЩІЭУ "ИНФИНИТИВ ГЛАГОЛ"У ЗЭРЫУХУЭ ЛЪАГЪУЭМ ТЕУХУАУЭ | 138 |
| - "ЕЗЫРЫЖ ЗАНЩІЭ ГЛАГОЛ" ЛІЭУЖЬЫГЪУЭХЭУ КЪЫЗПКЪЫРЫКІ ("СУБЪЕКТ") "ЩХЬЭ"М НЭМЫЩІ, ЗЫТЕУХУЭ "ЩХЬЭ"И ЗЫХЭЛЪЫТЭ ЛЭЖЬЭКІЭХЭРИ КЪОХЪУ | 165 |
| **"ЕЗЫРЫЖ ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭР ЗЭРЫУХУЭРЭ ЗЭРЫЛАЖЬЭМ ТЕУХУАУЭ** | **179** |
| - "ПРЕФИКСИЛ ГЛАГОЛ" ЗЭРЫУХУЭ ЛЪАГЪУЭМ ТЕУХУАУЭ | 179 |
| - "ХЬЭРЫЧЭТ" ЗЭРЫЗЕКІУЭ ЩІЫКІЭХЭУ "ПРЕФИКС"ЫЩІЭХЭР ЗЭРЫЛЪЫТЭУ "ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭР ЗЭРЫБАГЪУЭР | 192 |
| - "ЕЗЫРЫЖ ЗАНЩІЭ ГЛАГОЛ"ХЭР "ПРЕФИКС"КІЭ ЗЭРЫУХУЭУ "ЕЗЫРЫЖ ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭР УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭ ЩІЫКІЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 225 |
| - ЗЭРЫУХУАГЪЭХХЭУ "ЕЗЫРЫЖ ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ" УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭ ЛЪАГЪУЭМ ТЕУХУАУЭ | 226 |
| **"ЕЗЫРЫЖ СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭР ЗЭРЫУХУЭРЭ ЗЭРЫЛАЖЬЭМ ТЕУХУАУЭ** | **235** |
| - "СУФФИКС"РЭ "СУФФКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭМРЭ ЗАНЩІЭУ - "ПРЕФИКС"ЫНШЭУ- "ЕЗЫРЫЖ СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ" ЗЭРЫУХУЭ ЛЪАГЪУЭМ ТЕУХУАУЭ | 235 |
| - ЗАНЩІЭУ -"ПРЕФИКС"ЫНШЭУ- "ЕЗЫРЫЖ СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ" ЗЭРЫУХУЭ ЛЪАГЪУЭМ ТЕУХУАУЭ | 238 |
| - "ПРЕФИКС" ЗЫХУЭНЫКЪУЭ "СУФФИКС"ХЭМКІЭ УХУЭ "ЕЗЫРЫЖ ПРЕФИКСИАЛ СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭМ ТЕУХУАУЭ | 244 |
| **ЕТІУАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ** | **253** |
| **"ІУЭХУ" ЗЭРЫГЪЭЗАЩІЭ "ХЬЭРЫЧЭТ" КЪЫЗЭРЫІУАТЭУ "ІУЭХУ ГЛАГОЛ" ЗЭРЫУХУЭРЭ ЗЭРЫЛАЖЬЭМ ТЕУХУАУЭ** | |
| **"ІУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭР ЗЭРЫЛЪЫТЭ ЛЪАГЪУЭМ ТЕУХУАУЭ** | **253** |
| - "ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ"ХЭМРЭ "ІУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭР ЗЭРЫЗЭХУЩЫТРЭ ЗЭРЫЗЭЛЪЫТАПХЪЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 253 |
| - "ІУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭР И КІУЭЦІКІЭ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫГЪЭКІЫПХЪЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 264 |
| - "ІУЭХУ ГЛАГОЛ" ЛЭЖЬЭКІЭХЭМ ХИУБЫДЭ "ЩХЬЭ"ХЭМ ТЕУХУАУЭ | 266 |
| **"ІУЭХУ ЗАНЩІЭ ГЛАГОЛ"ХЭР ЗЭРЫУХУЭРЭ ЗЭРЫЛАЖЬЭ ЩІЫКІЭХЭМ ТЕУХУАУЭ** | **273** |
| - "ІУЭХУ" ЛІЭУЖЬЫГЪУЭ "ХЬЭРЫЧЭТ"ХЭР ЗАНЩІЭУ ЗЭРЫЛЪЫТЭРЭ "ІУЭХУ ЗАНЩІЭ ГЛАГОЛ"У ЗЭРЫУХУЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 273 |
| - "ІУЭХУ ЗАНЩІЭ ГЛАГОЛ" БЭГЪУЭНЫГЪЭУ "ЕЗЫРЫЖ ЗАНЩІЭ ГЛАГОЛ"ХЭР "ГЪЭ" ПЭЩІЭДЗЭКІЭ ЗАНЩІЭУ "ІУЭХУ ЗАНЩІЭ ГЛАГОЛ"У ЗЭРЫУХУЭЖХЭМ ТЕУХУАУЭ | 276 |
| **"ІУЭХУ" ЛІЭУЖЬЫГЪУЭ "ХЬЭРЫЧЭТ"ХЭР "КОНДИЦЭ"ХЭМ ЕЛЪЫТАУЭ ГЪЭЗАЩІЭУ "ІУЭХУ ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"** | **279** |

| | |
|---|---|
| **ЗЭРЫУХУЭРЭ ЗЭРЫЛАЖЬЭМ ТЕУХУАУЭ** | |
| - "ІУЭХУ ЗАНЩІЭ ГЛАГОЛ"ХЭМ "ПРЕФИКС"КІЭРЭ "ІУЭХУ ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ" КЪАЗЭРЫТЕХЪУКІЫМ ТЕУХУАУЭ | 279 |
| - "ІУЭХУ ЗАНЩІЭ ГЛАГОЛ"ХЭР "ГЪЭ" ПЭЩІЭДЗЭКІЭ "ІУЭХУ ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"У ЗЭРЫУХУЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 301 |
| - ЗЭРЫУХУАГЪЭХХЭУ "ІУЭХУ ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ" УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭМ ТЕУХУАУЭ | 322 |
| - "Е" ПРЕФИКСИАЛ "ІУЭХУ ГЛАГОЛ" ЛЭЖЬЭКІЭХЭМ "СУБЪЕКТИВ ДОПОЛНЕНЭ"ХЭР "ЕЗЫРЫЖ" ЛІЭУЖЬЫГЪУЭУ ЩЫХИУБЫДЭРЭ ЩІЫХИУБЫДЭМ ТЕУХУАУЭ | 325 |
| **"ІУЭХУ СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭМ ТЕУХУАУЭ** | **333** |
| - "ИНФИНИТИВ ГЛАГОЛ"ХЭМРЭ Я ЛЭЖЬЭКІЭХЭМ "ЗАНЩІЭ"У "СУФФИКС" КЪЫЗЭРАЩТЭМ ТЕУХУАУЭ | 333 |
| - "ГЛАГОЛ"ХЭР ИГЪУЭ "ПРЕФИКС"КІЭРЭ "СУФФИКСИАЛ"У ЗЭРЫУХУЭХЭМ ТЕУХУАУЭ -"ІУЭХУ ПРЕФИКСИАЛ СУУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭР- | 337 |
| **ЕЩАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ** | **349** |
| **КЪЭЗЛЭЖЬЫМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ И ЩХЬЭМ КЪЫРИКІУЭ ІУЭХУ ЛІЭУЖЬЫГЪУЭХЭМ ТЕУХУАУЭ** | |
| - "ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ КЪЫРИКІУЭ ІУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭМ ТЕУХУАУЭ КЪЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭ ГУЭРХЭР | 349 |
| - "ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ КЪЫРИКІУЭ ІУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭР ЗЭРЫЛЪЫТЭРЭ УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 350 |
| - "ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ КЪЫРИКІУЭ ІУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭР ЗЭРЫБАГЪУЭРЭ И КІУЭЦКІИ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫГЪЭКІЫПХЪЭХЭР | 354 |
| - "ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ КЪЫРИКІУЭ ІУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭР "ГЪЭ" ПЭЩІЭДЗЭКІЭ "ІУЭХУ ГЛАГОЛ"У МЭУХУЭЖЫР | 363 |
| **ЕПЛІАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ** | **364** |
| **СТАТЯ - ПОЗИЦЭ "ХЬЭРЫЧЭТ" ЗЭРЫЛЪЫТЭРЭ "СТАТЯ ГЛАГОЛ"ХЭР ЗЭРЫУХУЭУ ЗЭРЫЛАЖЬЭМ ТЕУХУАУЭ** | |
| - "СТАТЯ ГЛАГОЛ"ХЭМ ТЕУХУАУЭ | 364 |
| - "СТАТЯ ГЛАГОЛ"ХЭР ЗЭРЫЛЪЫТЭРЭ ЗЭРЫБАГЪУЭУ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫКІЫМ ТЕУХУАУЭ | 367 |
| - "СТАТЯ ГЛАГОЛ"ХЭР "ГЪЭ" ПЭЩІЭДЗЭКІЭ ЩЫУХУЭМ ДЕЖ, Я СТАТЯ ЛІЭУЖЬЫГЪУЭМ ЙОКІХЭР | 375 |

## ЯПЭРЕЙ ПЫЧЫГЪУЭ
## ″КЪЭХЪУ-КЪЭЩІ″ЫГЪУЭ ″ХЬЭРЫЧЭТ″ ЗЭРЫЛЪЫТЭ ПСАЛЪЭХЭМ КЪЫЩІИДЗЭУ ″ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ″ХЭР ЗЭРЫУХУЭРЭ ЗЭРЫЛАЖЬЭМ ТЕУХУАУЭ

### ″ЕЗЫРЫЖ ЗАНЩІЭ ГЛАГОЛ″ ЗЭРЫУХУЭРЭ ЗЭРЫЛАЖЬЭМ ТЕУХУАУЭ

″ЕЗЫРЫЖ″ ЛІЭУЖЬЫГЪУЭ ″ХЬЭРЫЧЭТ″ ЗЭРЫЛЪЫТЭ ПСАЛЪЭХЭР ЗАНЩІЭУ ″ИНФИНИТИВ ГЛАГОЛ″У ЗЭРЫУХУЭ ЛЪАГЪУЭМ ТЕУХУАУЭ

И щыlэгъуэм и ужьыгъуэущ псэущхьэм -″хьэ″м- макъ къызхигъэlуклын лъэклыныгъэ зэригъуэтагъэнури, макъхэр мыпхуэдэу утыку къызэрихьэми къыклэлъыклуэу мы макъхэмклэрэ зэманклэрэ езыр езырурэ ″псэлъэбзэ″ ухуауэ зэрылъытапхъэри къыщыхэдгъэщагъащ япэрей ди лэжьыгъэхэм. Ныtlэ, мыпхуэдэу утыку къихьэ псэлъэбзэри япэрауэ ″макъыбзэ″у зэрыщытынур гурыlуэгъуэщи, макъхэр къызэрыlу физикэм елъытауэ къызыхэзыгъэlукl псэущхьэм зэрызырихьэклэрэ бзэ -логие- лІэужьыгъуэу псэлъэбзэм и япэрей псалъэхэри зэрыигъуэу ″макъ псалъэ″хэрауэ зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Дауи, мыпхуэдэ зы лъабжьэ зиlэу утыку къихьа *псалъэбзэ*м и *зеклуэклэ*ри *мащlэрэ цlыкlу* лІэужьыгъуэм къыщыщlидзэу хуэм хуэурэ *куэдрэ ин*ым хуэклуэу езыр езырурэ зэрыужь щlыклэущи, *индуктив* зеклуэклэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ.

Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, *макъым къыщыщlидзэу псалъэм хуэклуэу*щ псэлъэбзэр зэрылажьэ щlыклэри, *псэлъэбзэр зэрыщыту* -зэрыпсоуэ-зэрылажьэ щlыклэмрэ икlи *дэтхэнэ и лэжьэклэ lыхьэ*рэ пыухытыкlари мыпхуэдэщ. Араща, псэлъэбзэм и лэжьэклэрэ и ужьыклэр *сингулар*ыгъэм къыщlидзэу *универсал*ыгъэм хуэклуэущи, псэлъэбзэр утыку къызэрихьарэ зэрыужьу зэрыузэпкъырыувэ щlыклэр *индуктив* лІэужьыгъуэщ.

Мыпхуэдэ къэхъуклэрэ ужьыклэ зиlэ псэлъэбзэм *хьэрычэт* лІэужьыгъуэ зэры*лъытэ*у утыку къихьа *мак*ъхэри щызэрызеклуэнур мы къэтlуэтахэм зэрезэгъ щlыклэущи, нобэ *″глагол″*у тлъытэ *хьэрычэт лІэужьыгъуэ*хэр мы *зэрылъытэ мак*ъхэр *″макъ глагол″ лэжьэклэ*хэущ зэрылъытар. Араща,

нобэ *"глагол"* цIэкIэ лъыта псалъэ лIэужьыгъуэхэм я *пэщIэдзэ*хэри *"глагол лэжьэкIэ"*у ухуа *псалъэ*хэрщ, *"хьэрычэт" лъытэ "макъ псалъэ"*хэрщ.

Макъ лIэужьыгъуэ псалъэхэм макъхэр зэрызэгухьэу *макъыбэ* лIэужьыгъуэ *псалъэ*хэр къыкIэлъыкIуэу утыку къызэрихьари гурыIуэгъуэнщи, мы псалъэ ухуэкIэ ужьыгъуэми икIуэ лъагъуэри ар дыдэу *сингулар*ыгъэм къыщIидзэу *универсал*ыгъэм хуэкIуэущ. *Макъыбэ*хэмкIэ *лъыта хьэрычэт* лIэужьыгъухэри япэу зэрызекIуэ щIыкIэр *хьэрычэт лъытэ псалъэ*хэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэщ. Аращи, *хьэрычэт* лIэужьыгъуэхэр *макъ*рэ *макъыбэ*хэу зэрылъытэрэ къызэрыIуатэ *бзэ лэжьэкIэ* лIэужьыгъуэхэр *аргуэру зэрыбагъуэ*рэ зэрыужькIэрэ нобэ *"аффиксиал"*у тлъытэхэри *бзэ лэжьэкIэ лIэужьыгъуэ*хэр утыку къызэрихьагъэнухэри мы зи гугъу тщIы *бзэ лэжьэкIэ лъабжьэ*рэ пэщIэдзэр ужьыгъуэм зэрытехьэм елъытауэ иужьыIуэкIэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ.

ИкIэм икIэжым, *хьэрычэт* лIэужьыгъуэ зылъытэ мы *макъ*рэ *макъ гуп*хэу -макъыбзэу- ухуа *псалъэ*хэр –мы зэрылажьэ щIыкIэхэми елъытарэ теухуауэ- *универсалу "глагол"*у ялъытащ. Нэхъу зэIухауэ жыIэпхъэмэ, *бзэ лэжьэкIэрэ зэмылIэужьыгъуэ* къэIуэтэкIэхэр зыхэзыубыдэу *универсал* лIэужьыгъуэу *"глагол" цIэ*кIэ лъытащ; хьэрычэт лIэужьыгъуэ мыхьэнэ зиIэ макърэ макъыбэ лIэужьыгъуэхэр лэжьэну зэрыгъэпс щIыкIэу псэлъэбзэм и зы лэжьэкIэ щIыкIэу -"н" кIэухкIэ- щыхэлъытагъэххэр аргуэру мы зэмылIэужьыгъуэ лэжьэкIэхэр къызытехъукIыну *универсал*ыгъэу - грамматикэу- *"глагол инфинитив"*у ялъытащ.

Аращи, *хьэрычэт лъытэ*у щыт дэтхэнэ зы *макъ*рэ *макъыбэ* лIэужьыгъуэхэр къызэрыIуатэ щIыкIэхэу дэтхэнэ я зы *лэжьэкIэ*р (занщIэу зэрылажьэ е "аффикс"кIэрэ зэрылажьэхэр) къызпкъырыкIыпхъэрэ зыхэзыубыдэу иужькIэ *универсал*у зэрылъытар *"инфинитив"* жыхуэтIэ я зэпкъырыувэкIэхэращи, *нобэ* дэ *глаголхэм я лэжьэкIэ*хэр мы *"глагол инфинитив"*хэм *къыщыщIэддзэ*рэ *щIэдджыкI*ыу зэрызедгъэкIуэкIри гурыIуэгъуэщ.

НытIэ, глагол лэжьэкIэ лIэужьыгъуэхэу мы ипэрей лэжьыгъэ lыхьэм зи гугъу тщIарэ къэтхьа щапхъэхэр икIи мыбыхэм хуэдэу япэрей ди лэжьыгъэхэм зи гугъу тщIарэ къэтхьа щапхъэхэри "глагол инфинитив"хэр зэрылъытагъэххэу, я лэжэкIэ щапхъэхэри къызэрыпытщэжу щыгъуазэ дазэрыхуэхъуар гурыIуэгъуэщ. Ауэ, -мы ипэкIэ жытIахэми къызэрыхэщу- *хьэрычэт мыхьэнэ зиIэ псалъэ*хэр –глагол лэжьэкIэхэр- псэлъэбзэ

лэжьэкlэрэ ухуэкlэу *"инфинитив глагол"*у зэрылъыта *псалъэ* лlэужьыгъуэхэм *ипэ* къызэрихуэр гурыlуэгъуэщ. Икlи, хьэрычэт лlэужьыгъуэхэр зэмылlэужьыгъуэ щlыкlэхэу къызэрыlуатэу бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэхэм теухуа зы псалъэу -"н" кlэухкlэ гъэпса-зэпкъырыувэкlэр иужькlэ –грамматикэу- "инфинитив глагол"у зэрылъытари гурыlуэгъуэщ.

*

Мы къэтlуэтахэмкlэ зэрыгурыlуэгъуэу, глаголхэр *"инфинитив"*у зэрытлъытар иужьыlуэущи, мы зэпкъырыувэкlэм *лъабжьэ* хуэхъури хьэрычэт зэрылъытэ псалъэхэу нобэ *"глагол лэжьэкlэ*у *ухуа псалъэ"* жыхуэтlэхэращ. Аращи, нобэ мы *глагол лэжьэкlэ* жыхуэтlэхэри япэрауэ *хьэрычэт мыхьэнэ* зиlэ *макъхэм*кlэ а *хьэрычэт*ыр зэрызекlуэ щlыкlэ *зэрылъытэ псалъэ*хэращ. Икlи, мы *глагол лэжьэкlэ* лlэужьыгъуэ *псалъэ*хэри япэрауэ езыр езырурэ утыку къихьэ *къэхъу-къэщl*хэр *зэрылъытэ псалъэ*хэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Ныtlэ, мыпхуэдэуи *япэ лъыта глагол лэжьэкlэ* лlэужьыгъуэхэри *"езырыж глагол"* жыхуэтlэхэрауэ зэрыщытынури гурыlуэгъуэщ; ауэ икlи, япэ утыку къихьа *глагол лэжьэкlэ* лlэужьыгъуэ *псалъэ*хэри *"езырыж занщlэ глагол"*у тлъытахэрауэ зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ.

Мы жытlахэмкlэ гурыlуэгъуэщи, езыр езырурэ утыку къихьэ *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэхэр *зэрылъытэ псалъэхэр* зи гугъу тщlа –я "инфинитив" формэхэм зэрыщlэдджыкlыу- *глагол лэжьэкlэ* лlэужьыгъуэ *псалъэхэрщ*и, мыхэри *нобэ "езырыж глагол"* жыхуэтlэхэм *я "лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэрауэщ зэрытлъытэр. Аращи, нобэ *глагол*хэр *класификацэ* зэрытщlа щlыкlэу, *япэ къэхъуа*уэ тлъыта *"езырыж глагол"*хэр мыпхуэдэу зэрытлъытам *лъабжьэ хуэхъуа*хэри *езыр езырурэ къэхъуу утыку къихьэ*хэр *зэрылъытэ*у мы зи гугъу тщlа *псалъэ*хэращ.

Ныtlэ, *глагол лэжьэкlэ*у *япэ* утыку къихьа *"езырыж глагол"* лlэужьыгъуэ *псалъэ*хэри *–"макъ псалъэ"*хэри- япэрауэ *"къэхъу-къэщlыгъуэ"* зэрылъытэ *хьэрычэт* зи *мыхьэнэ "макъ псалъэ"*хэрауэ зэрылъытапхъэу, *"езырыж глагол"*хэр *и кlуэцlкlэ класификацэ* зэрытщlа щlыкlэу *"къэхъу-къэщlыгъуэм теухуа езырыж занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэу тлъыта *"макъ глагол"*хэм я *"лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэрщ.

**Япэрейрэ пэщхъынэ макъыу утыку къихьа ″м″ макъыр къызыхэзыгъэlукlам -″хьэ″м- къыпыщlэхуэ ″къэхъу-къэщl″ыгъуэ ″хьэрычэт″хэр зэрилъытэкlэрэ зы ″бзэ купщlэ″ ухуауэ жыlэпхъэщ.**

Къызыхэзыгъэlукla псэущхьэм -″хьэ″м- и щыlэгъуэ ужьыгъуэу утыку къызэрихьар гурыlуэгъуэщ бзэр зэрыухуа макъхэри, мы утыку къызэрихьа я къэхъуныгъэм елъытауэ щыlэгъуэм теухуа мыхьэнэрэ къалэн зиlэхэу лъытапхъэхэрщ макъхэр. Мы зэрыжытla щlыкlэу япэу *–макъ къэхъуныгъэ пэщlэдзэ*у- утыку къихьа макъри къызыхэзыгъэlукlым и пэщхъынэр зи къэхъупlэу щыт *″м″ мак*ърауэ лъытапхъэщ. Нытlэ, япэ къэхъуарэ езым нэмыщl макъ щымыlэу зэрыщыткlэ, щыlэгъуэ ужьыгъуэу япэу утыку къихьа мы ″м″ макъыр къызыхэзыгъэlукl псэущхьэм -″хьэ″м- зэрызырихьэну щlыкlэри дэтхэнэ зы *щыlэгъуэ*рэ *къэхъу-къэщlыгъуэу къыпыщlэхуэр зэрилъытэ*у зэрыщытагъэнури гурыlуэгъуэнщ.

Аращи, *къэхъу-къэщl*ыгъуэу *къыпыщlэхуэ*хэрагъэнщ *″м″ мак*ъкlэрэ *япэу илъытэ*у щытагъэнури, къэхъу-къэщl лlэужьыгъуэу мы къыпыщlэхуэ дэтхэнэ зы *хьэрычэт*ыр *къэхъу-къэщlыгъуэ зэхъуэкl*ыныгъэ зэрылъытэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Мы жытlами къызэрыхэщу, ″м″ макъкlэрэ *япэу лъыта*хэр псэущхьэм къыпыщlэхуэу *утыку къихьэ къэхъуныгъэ*у *″хъупхъэ″* лlэужьыгъуэхэрщ. Аращи, *″м″ макъкlэ*рэ *″хъупхъэ″* лlэужьыгъуэу *япэу илъыта*хэри щыlэу щыт гуэрхэракъыми, *щыlэгъуэ ужьыгъуэ зэхъуэкlыныгъэу* –щыlэгъуэ *зэщхьэщыкlыныгъэ- ″хьэрычэт″* лlэужьыгъуэхэрщ; ауэ икlи, ар къыпыщlэхуэу *къыщыхъу дыдэ*ращ щылъытар, - къыщыхъу дыдэуи лъытащ. Нытlэ, ″м″ макъкlэрэ япэу лъытахэр къэхъу-къэщl зэрылъытэ *хьэрычэт* лlэужьыгъуэхэр нобэрей терминкlэ *″глагол″* жыхуэтlэхэрщ; икlи, мы хьэрычэт лlэужьыгъуэхэр утыку къыщихьэ дыдэ –нобэ *″иджы/ит зэман″ лэжьэкlэ-* зэрылъытэ *псалъэ* лlэужьыгъуэу лъытапхъэщ.

Мы зэрыжытlауэ, *щыlэгъуэ*у *къыпыщlэхуэ зэхъуэкlыныгъэ*хэращ *япэ къэхъуа ″м″ макъкl*эрэ *япэу илъытахэр*и, мыпхуэдэ *къэхъу-къэщl ″хъупхъэ″* лlэужьыгъуэм гулъытэ зэрыхуищlрэ *къэхъу-къэщl*ыгъуэхэм мыпхуэдэу пэплъэу зэрыщlидзэкlэрэи -утыку къихьэу къэхъурэ зэхъуэкlхэм хуэдэжу- утыку къимыхьэрэ *къэмыхъу*хэми *гулъытэ хуищl* зэрыхъукlэрэ, *″мыхъупхъэ″*хэри ар дыдэу мы къызыхигъэlукlыфу щыт *″м″ мак*ъкlэрэ илъытэуи щlидзагъэнщ. Япэрей ди лэжьыгъэ lыхьэми и гугъу

щызэрытщlауэ, *"хъупхъэ"*рэ *"мыхъупхъэ"*хэм къыкlэлъыкlуэу *"м" мак*ъыр кlуэ пэтрэ икlи *"упщlэ"* лlэужьыгъуэуи зэрихьэу щlидзагъэнщ.

Нытlэ, мыпхуэдэ щlыкlэуи, япэу къызыхигъэlукlарэ иджыри нэгъуэщl макъи къыщымыхъуа мы зэманыгъуэм къэхъу-къэщlыгъуэ хьэрычэт лlэужьыгъуэу къыпыщlэхуэхэр **"хъупхъэ"**рэ кlуэ пэтри **"мыхъупхъэ"**у, мыбыхэм зэдащlэрэ къакlэлъыкlуэуи **"упщlэ"** лlэужьыгъуэхэр щхьэжу "м" макъкlэрэ зэрылъытэ хъуагъэнщ. Мыпхуэдэуи, *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэ *хьэрычэт* -глагол- *къыщыхъу*рэ къызэрыхъур щхьэж **"м" макъкlэ**рэ *щылъытэ*у зы *псэлъэбзэ пэщlэдзэ* къекlуэкl хъуагъэнщ; "м" макъкlэрэ зы **псэлъэбзэ купщlэ** ухуэрэ къекlуэкlыу щlидзауэ лъытапхъэнщ.

Ауэ икlи, къэхъу-къэщl лlэужьыгъуэ *хьэрычэт*у къыпыщlэхуэр мы *зэрылъытэ*м нэмыщl, мыбы и *нэужьу*, мы хьэрычэткlэ къэхъуу *утыку къихьэ*р икlи мы хьэрычэтыр *зылъытэ*ри -щхьэуэ- аргуэру *"м" макъкlэ*рэ зэры*лъытагъэну*ри жыlэпхъэщ. Арагъэнщи, къэхъурэ зэхъуэкlыныгъэу къыпыщlэхуэ *хьэрычэт*ым хуэдэжу, мыр *зытеухуа*рэ *къызпкъырыкl*ри *"м" макъкlэ*рэ (мы) –объективу "объект"у- лъытагъэнщ. Ауэ икlи, мыхэр *зылъытэм езым*и япэу щэхуу *"м" макъкlэ*рэ *зилъытэ*рэ *зигъэлъагъуэ*у зэрыщытыпхъэри жыlэпхъэнщи, мыпхуэдэу *псэлъэбзэр къэзыlуат*эми *шужькlэ* утыку къихьэ игъуэ макъхэмкlэрэ *сытри къызынэсу* (сэ) зызэрилъытари гурыlуэгъуэщ.

Къызпкъырыкlым япэу къызхигъэlукlа макъкlэрэ япэ илъытар абы къыпыщlэхуэу къэхъу-къэщl хьэрычэтрауэ -глаголрауэ- лъытапхъэщи, икlи мыбыи къыкlэлъыкlуэу нэгъуэщl зэхъуэкlыныгъэ *щlыкlэ-плъыкlэ* лlэужьыгъуэхэри -мы хьэрычэт е *хьэрычэт пэлъытэ* лlэужьыгъуэхэу- лъытагъэнщ. Нытlэ, *къэхъу-къэщl хьэрычэт* лlэужьыгъуэрэ икlи ахэр зытеухуа *щылэ* лlэужьыгъуэхэри я **щlыкlэ-плъыкlэ** зэры**лъыта**гъэнури **"м" макъкlэ**рэу къыщlэкlынщ. Аращи, *пэщхъынэ мак*ъыу псэущхьэми *япэ* къызыхигъэlукlа *"м"* макъымкlэ **плъыфэ** лlэужьыгъуэу **япэ**у илъытари **"мэ"**уэ *къыщlихьэ*рагъэнщи, мы *"мэ"*р икlи -иужькlэ- *"пэ"*р зэрылажьэу -и *хьэрычэт лъытэ*у- *"пэмэн"* глаголыр зэрыухуари гурыlуэгъуэщ. Дауи, къэхъу-къэщlрэ *щылэ* лlэужьыгъуэхэм я *теплъэ лъыт*эрэ *зэхъуэкl*ыныгъэ лlэужьыгъуэу *щlыкlэ-плъыкl*эхэу тлъыта *"плъыфэ"*хэр –*"плъыфэщlэ"*хэр- икlи бзэм занщlэу *"глагол"*у щыухуэу е глаголи *къызытехъукl*хэу зэрыхэлэжьыхьри гурыlуэгъуэщи, мыбы япэрей ди лэжьыгъэми щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ.

**"Къэхъу-къэщl хьэрычэт"у къыпыщlэхуэр зэрылъытэ "м" макъым къыщlидзэу лъэбакъуэ лъэбакъуэу -утыку къихьэ псалъэ лlэужьыгъуэ зэкlэлъхьэужьыкlэу- ухуауэ лъытапхъэщ "псэлъэбзэ"р.**

Мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlщи, щыlэгъуэ ужьыгъуэрэ зэхъуэкlыныгъэм теухуа *хьэрычэтхэрщ псэлъэбзэм япэу хэлъыта псалъэ* лlэужьыгъуэхэри, *"глагол"*хэращ; - "глагол"хэм я *"лэжьэкlэу ухуа псалъэ"хэрщ*. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, -япэрей макъыу щыт "м" макъми къыщымынэу- щыlэгъуэ ужьыгъуэрэ зэхъуэкlыныгъэу псэущхьэм -"хьэ"м- къызыхигъэlукlыу утыку къихьа макъхэмкlэ ухуа *псэлъэбзэм япэу щыхэлъыта*хэр щыlэгъуэ ужьыгъуэрэ зэхъуэкlыныгъэу *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэ *хьэрычэт* зэрылъытэу глаголхэращ. Икlи, мыбыхэм - глаголхэм- *къыкlэлъыкlуэ*у лъыта етlуанэ *псалъэ лlэужьыгъуэ*ри аргуэру *щыlэ зэхъуэкlыныгъэ* зэрыл*ъыт*эу *плъыфэ*хэрауэ зэрыщытынури жыlэпхъэщ.

Нытlэ, псэущхьэм -"хьэ"м- япэрей макъыу икlи пэщхъынэри зи къэхъупlэу къызыхигъэlукlа **"м" макъ**ыр *зэрызырихьэу* зы **псэлъэбзэ** лъабжьэрэ **купщlэ** ухуауэ зэрылъытахъэм къыщыщlидзэрэ, "м" макъым къыкlэлъыкlуэу утыку къихьэ адрей макъхэри зэрызырихьэкlэрэ *псэлъэбзэр* зэпкъырыувэрэ *зэрыужь*ыр гурыlуэгъуэнщи, псэлъэбзэ лъабжьэрэ купщlэу тлъытам къыщыщlидзэу япэ *къэхъу-къэщl*ыгъуэ *хьэрычэт* зэрылъытэу мы къызэрежьам ипкъ зэриткlэ, зи гугъу тщlы мы **псэлъэбзэ ужьыгъуэ**м и **япэрей лъэбакъуэ**ри **"глагол"**хэрауэ лъытапхъэщ. Икlи, мы щыlэгъуэ зэхъуэкlыныгъэм теухуа *псэлъэбзэ* зэпкъырыувэкlэрэ *ужьыгъуэ*м и **етlуанэ лъэбакъуэ**ри **"плъыфэ"**хэр зэрылъытэу -*"плъыфэцlэ"*хэрауэ- жыlэпхъэнщ. Ауэ икlи, *плъыфэ лъытэ псалъэ куэд*ым –плъыфэцlэ куэдым- а *плъыфэр утыку къызэрихьэ*рэ *зэрызэхъуэкl*ыу зы *щыlэ гуэрым къызэрищт*эр зэрылъытэу *"глагол"*хэр *къазэрытехъукl*ри гурыlуэгъуэнщ; - япэрей ди лэжьыгъэ тхылъ томым мыпхуэдэхэри къызэрыхэщыр мыбдежым дигу къыщыдгъэкlыжынщ.

Мы жытlахэм къызэрыпытщэжу, псэлъэбзэр зэрызекlуэрэ зэрыужьым теухуа *псалъэ лlэужьыгъуэ къэхъуныгъэ*у "глагол"хэмрэ "плъыфэцlэ"хэм къакlэлъыкlуэу утыку къихьэну **ещанэ лъэбакъуэ**ри мыхэр зытеухуа **"щыlэ"**хэр зэры**лъытэ** *псалъэ*хэрауэ –**"щыlэцlэ"**хэрауэ- лъытапхъэнщ. Икlи, мыпхуэдэу утыку къихьауэ зи гугъу тщlы "щыlэцlэ"хэр **япэ**рауэ *"глагол"рэ "плъыфэ"*хэм *теухуа* **"субъект"**у, *иужькlи щхьэжу* зэрылъытэ

*псалъэ* лIэужьыгъуэхэу зэрыухуагъэнури гурыIуэгъуэнщ. Мы къыззэрытIуэта щIыкIэми къызэрыхэщу, *"глагол"*рэ *"плъыфэ"*хэм *теухуа*уэ япэ лъытапхъэ *цIэ лIэужьыгъуэ*хэр нобэ **"цIэпапщIэ"** жыхуэтIэхэращи, мыхэр икIи *япэ*рауэ щылъытарэ *зэрылъыта* щIыкIэри -мы ипэкIи къызэрыхэдгъэщауэ- *щхьэж "м" макъкIэ*рэщ. – Аращи тIэ, *"цIэпапщIэ"*хэр нобэ грамматикэу -"цIэ"хэм папщIэу- мы зэрылъыта щIыкIэу *щыIэцIэ*рэ *флэщыгъэцIэ нэужьу* къэхъуауэ зэры*мылъытапхъэ*ри наIуэщ.

Нытlэ, псэлъэбзэм и *псалъэ лIэужьыгъуэ къэхъуныгъэ*у мы зэкIэлъхьэужьыныгъэ *лъагъуэ*ми иужьрейуэ **еплIанэ лъэбакъуэ**у утыку къихьауэ лъытапхъэ псалъэхэри **"флэщыгъэцIэ"** *–"цIыхуцIэ"*-лIэужьыгъуэхэрагъэнщи, мыхэр -нэхъ игъуэуи "цIыхуцIэ"хэр- икIи *"цIэ" псалъэ*р а *нэхъ зыхуэфащэ* псалъэхэрауэ зэрыщытри къыхэгъэщыпхъэщ.

**"М" макъ нэужь макърэ псалъэхэмкIэ ухуэ псэлъэбзэм и зекIуэкIэм "м" макъыр зэрызекIуэ "псэлъэбзэ купщIэ"р лъабжьэ хуэхъуауэ лъытапхъэщ.**

*Япэрей макъ*ыу *пэщхъын*эр зи къэхъупIэу утыку къихьа *"м" макъ*ыр къызыхэзыгъэIукIым къыпыщIэхуэ *сытри зэрилъытэ*у зэрызырихьэу зы *псэлъэбзэ куэпщIэ* ухуауэ лъытапхъэу зэрыжытIам хуэдэщи, иужькIэ нэгъуэщI макъхэри къызэрыхигъэIукIыу *макъыбз*э лIэужьыгъуэу ухуа *псэлъэбзэ*м *"м" мак*ъыр *зэрыхэлэжьыхь* щIыкIэхэри *зэмыхъуэкIыщэ*у жыIэпхъэщ. Аращи, *къэхъу-къэщI*ыгъуэу езыр езырурэ *утыку къихьэ*рэ *къыщихьэ дыдэ*р икIи мы *къэхъу*рэ *къызпкърыкI*ри *лъытэ*н къалэн игъэзащIэу щызекIуэу хэту жыIэпхъэщ нобэ адыгэбзэм *"м" мак*ъыр. Мы къэтIуэтахэм зэрезэгърэ зэрыгурыIуэгъуэу, *"къэхъу-къэщIыгъуэ"* жыхуэтIэ *хьэрычэт* лIэужьыгъуэу *езыр езырурэ къэхъу*рэ *къыщыхъу* дыдэри щылъытэм деж, мыр икIи зы гуэру -*"объект"*у- *объектив*у утыку къихьэри зэрылъытэу лъытапхъэщ. Мы зэрыжытIауэ, *"къэхъу-къэщI" хьэрычэт*кIэрэ езыр езырурэ мы *утыку къихьэ*р мы къэхъум -*щыIэ* хъум- *езыращ*и, зы *"объект"* лIэужьыгъуэу *объектив*у мы утыку къихьэм езыр икIи -мы хьэрычэтыр зытехуарэ къызпкърыкIыу- *зи "субъект"ыж*ырщ: «мэхъу».

Мы къэтIуэтахэм аргуэру къыпыщапхъэмэ, мы "къэхъу-къэщIыгъуэ" жыхуэтIэр езыр езырурэ къэхъу-къекIуэкIыу щыIэгъуэр зэрызекIуэрщи, щыIэгъуэм хиубыдэу щыIэу щыт дэтхэнэ гуэрри зыхэзыубыдэ щыIэгъуэм мы и зекIуэкIэри зиIэжу зэрыщытым ипкъ зэриткIэ, щыIэу щыт сытри

*"*къэхъу-къэщlыгъуэ*"* зэрылъытэ хьэрычэти зиlэжырщ. Дэтхэнэ *зы щылэр щхьэжу* зэрылъытэу *"къэхъу-къэщlыгъуэ" хьэрычэт зиlэу къызэрыlуэтапхъэ* а щыlэр –а гуэрыр- *щхьэжу* зы *"объект"*у икlи зы *"субъект"*уи зэрылъытэущи, мыр икlи щапхъэу къэта мы *"*мэхъу*"* псалъэм къызэрыхэщрэ гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlым хуэдэжу, *"*м*"* закъуэкlэ ухуа псэлъэбзэ куэпщlэм щыхэлъытэр –*"щхьэ"*р- *объект*рэ *субъект*уи зэрылъытэу мыпхуэдэ лъагъуэ икlуауэ лъытапхъэщ: «м, мм; мы, мыр». *"Объектив щхьэ"*р *"*м*"* макъкlэрэ мы зэрылъытахэр макъ къэхъуныгъэр къызэрыпыщэкlэрэ иужькlэ *жыжьагъэ* зэрылъытэ макъыу *"а"*кlэрэ зэрылъытари гурыlуэгъуэщ: «а, ар».

Дауи, ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, япэ къэхъауэ лъытапхъэрэ пэщхъынэр зи къэхъупlэу утыку къихьа *"м" макъ*ыр къызыхэзыгъэlукlым япэу *"хъупхъэ"* лlэужьыгъуэу *къэхъу-къэщl*ыгъуэу *къыпэщlэхуэ* дэтхэнэ гуэрыр зэрилъытэрщи, мы *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэ *хьэрычэт*ыр *къыщыпыщlэхуэ дыдэ*у зэрилъытэр икlи *къызэрыulэбжь* щlыкlэуи лъытапхъэщи, *"*м*"* макъ къэlукlэу утыку къихьэри мыпхуэдэнщ: «мэ!».

Арагъэнщи, илъытэр щилъытэ дыдэри зэрилъытэу къызыхигъэlукlыф *"*м*"* макъкlэрэ мы зэрылъытэр езыр езырурэ къэхъуныгъэ зиlэу утыку къихьэр къыщихьэм щыгъуэри зэрылъытэу мы къызэрыulэбжь *"*мэ*"*р ноби мыпхуэдэ къэхъукlэ зиlэхэр зэрылъытэрэ зыгъэлъагъуэ псалъэ пэщlэдзэу адыгэбзэм щызекlуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, мы ипэкlэ щапхъэу къэтхьа *"*мэхъу*"* псалъэм хиубыдэ *"*мэ*"* пэщlэдзэр *иджы*рэ *объектив*у утыку къихьэм теухуа *къэulэбжь*ыгъэ зэрылъытэ *"мэ!"*м мы *къэхъу-къэщl*ыр зэрылъытэ *хьэрычэт*у *"хъу"*р –псалъэ/псэлъэпкъ- къыкlэлъыкlуэу ухуауи лъытапхъэнщ. Аращи, нобэ *"езырыж занщlэ глагол"*хэр *"объектив субъект"*кlэрэ *"ит зэман"*у зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэм я пэщlэдзэ *"мэ"* макъыр *"объектив субъект лъытэ"*рэ икlи *объектив "ит зэман лъытэ"*у адыгъэбзэм щызекlуэм къикlуа лъагъуэр мы къэтlуэтахэм теухуауи лъытапхъэщ:

«*"*мэ!*"* → *"*мэ хъу*"* → *"*мэхъу*"*».

Нытlэ, мы къэтlуэтахэмрэ мы зи гугъу тщla псалъэр (*"*езырыж занщlэ глагол*"*ыр *"*объектив субъект*"*кlэрэ *"*ит зэман*"*у мы зэры*"*лажьэу ухуа псалъэ*"*р) мы зэрыухуа щlыкlэмрэ мы къикlуауэ лъытапхъэ лъагъуэми гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlщи, *"*м*"* макъ къызхэзыгъэlукl хъуа псэущхьэр -*"*хьэ*"*р- къыпыщlэхуэр къыщыпыщlэхуэ дыдэм къызэрыulэбжьу абы къыхэlукl мы *"*мэ!*"*м -иужькlэ макъ къэхъуныгъэу утыку къихьарэ-

*"къэхъу-къэщl"* лIэужьыгъуэ *хьэрычэт* зэрылъытэ *-функционал* къэIукIэу зэрыщыткIэ *"иджы зэман"*ми теухуа- *"макъ/псалъэ/псэлъэпкъ"* (пп: хъу) *къыпыщэжу ухуа* мы *псалъэр* –"езырыж глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"р-мы зэрыухуа щIыкIэу и зэпкъырылъыкIэкIэ *"ит зэман" нэхърэ "иджы зэман"*у лъытапхъэщ. – ИкIи, мы зэрыухуауэ лъытапхъэ лъагъуэрэ зэманыгъуэкIи *иджыри "ит зэман" щымылъыта*уэ зэрылъытапхъэнури гурыIуэгъуэнщ.

Дауи, мы къызэрытIуэтам нэмыщI, "хъу"р езыр езырурэ утыку къыщихьэр *"мэ" пэщlэдзэу занщlэу "мэхъу"*у зэры*ухуэфын*ури гурыIуэгъуэрэ жыIэпхъэщ. Ауэ, мы зи гугъу тщIы псалъэ зэпкъырыувэкIэр мы ипэкIэ къызэрытIуэта щIыкIэу, псэлъэбзэр зезыхьэм къыпыщIэхуэр къыщыпыщIэхуэу щилъытэрэ (мэ!) хьэрычэт лъытэр (хъу) зэкIэлъыкIуэу зэпыщIауэ мы къызэрыIуатэ щIыкIэр хуэм хуэмурэ зэрызэгухьэу лъэбакъуэ лъэбакъуэу ухууэ лъытэнри къэхъупхъэу игъуэунщ. Аращи, мы зи гугъу тщIа "мэхъу" псалъэр зэрыухуарэ утыку къызэрихьар мы зэрыжытIа щIыкIитIым дэтхэнэрауи лъытэ, *"хьэрычэт" лъытэ макъ/псэлъэпкъ/псалъэ*м **"мэ"** *макъ* **пэщIэдзэ***кIэ* я зэхуэдэу **"щхьэ"**рэ **"зэман"** зэрылъытэу **япэ** къэхъуа *псалъэ*рэ *макъ зэгухьэныгъэ*у е **"префиксиал"** лIэужьыгъуэ **псалъэ** *зэпкъырыувэкIэ*у *-"глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"* лIэужьыгъуэу- лъытапхъэнщ.

Мыбы нэмыщI, къиIуатэр *сингулар*у *къызэрыIуатэущ* –япэрауэ- мы *псалъэр* щхьэжу *утыку къызэрихьар*и, псалъэм къиIуатэ мы *къэхъу-къэщl лIэужьыгъуэ хьэрычэт*ыр (хъу) *универсал*у зы *глагол лIэужьыгъуэу* щызэрылъытари *иужькIэ*щ. Аращи, *хьэрычэт лъытэ псалъэ*у -"глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"у- мы зи гугъу тщIар зэрыухуа щIыкIэм *иужьыIуэ*кIэщ ар зы *"хьэрычэт"* лIэужьыгъуэу щхьэжу *зэрылъыта*рэ *"инфинитив глагол"*уи (хъун) щылъытэжар.

Мы ипэкIи къэтIуэтахэр зытеухуа глагол лIэужьыгъуэр "езырыж занщIэ глагол"хэрауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, *"езырыж занщlэ глагол"*у мы *"къэхъу-къэщlыгъуэ"* лIэужьыгъуэхэр *объективу утыку къызэрихьэ*рэ *къыщихьэ дыдэ*р (иджы/ит зэман) *къызэрыIуэта* хъууэ мы ипэкIэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа *лъагъуэ*мрэ, мы *"глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ" зэпкъырыувэкIэ*рэ -икIэм икIэжым- *къызэрыIу* хъуа щIыкIэри къызыхэщ щапхъэ гуэрхэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Утыку къихьэр | Хьэрычэт лIэужьыгъуэхэр | Хьэрычэт лIэужьыгъуэу | Утыку къихьэрэ | Бзэр зэрыхъун хъуа нэужь, |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| къыщихьэ дыдэу ″м″ макъклэ зэрылъытэ | -″м″ макъ нэужь- макъхэмклэ функционалу зэрылъытэр | утыку къихьэр къыщихьэ дыдэу зэрылъытэр | къыщихьэр зэрылъытэр зы псалъэу зэрыухуэр | псалъэр стабил зэрыхъуарэ къызэрыIу хъуа щIыклэр |
| Мэ! | Хъу | Мэ хъу! | Мэхъу | Мэхъу́ |

Дызытелэжьыхьу лэжьыгъэри къызэрытIуатэр Къэбэрдей адыгэбзэу зэрыщытым ипкъ зэриткIэ, мы таблицэм щапхъэу къыщыта псалъэхэм я къэIуклэри нэхъ зытеухуар къэбэрдеибзэращи, икIэм икIэжым псалъэр *бзэм стабил зэрыхэхъухьа къэIуклэ*у тхар (мэхъу́) *къэбэрдеибзэ*м псалъэ клэух *″у″ мак*ъыр и *″эффект″*у (у́) къэIуу щызэрызекIуэ щIыклэрщ. Ауэ, мы псалъэр ноби адрей адыгэбзэ диалектхэм нэхъыбэу ″мэхъу″у {мэхъу(ы)} - ″у″ макъым ″ы″ клэухи къыхэIукIыу- щызэрызекIуэри гурыIуэгъуэщ.

**″Къэхъу-къэщI″ыгъуэ ″хьэрычэт″ыр къыщыпыщIэхуэ дыдэм зэрыщылъытэм нэмыщI ″зэманыгъуэ″ зэрылъытэ псалъэхэри утыку къохьэр.**

Псэущхьэм япэрауэ къызыхигъэIукIа *″м″ мак*ъыр *къэхъу-къэщI* лIэужьыгъуэ *хьэрычэт*у *къыпыщIэхуэ*р *къыщыпыщIэхуэ дыдэ*м щилъытэу зэрыщытагъэнур ипэкIи къыщыхэдгъэщагъащи, ″м″ макъымкIэ мы лъытэр *″иджы″*м къыщыхъурэ щылъытэрщ; – иужькIэ мыр ″ит зэман″уи тлъытащ.

Ауэ, иджым мы къыщыхъум гулъытэ хуищIа нэужь, кIуэ пэтрэ ар *утыку къихьагъэххэ*уи зэрыщытым икIи -кIуэ пэтри- а *утыку къыщихьагъа*ми *гулъытэ* хуищIыу зэрыщIидзагъэнури жыIэпхъэщи, нытIэ, къыщыпыщIэхуэрэ *къэхъугъуэ*м –иджым- хуэ*пэжыжьэ*у *къэхъугъуэ жыжьэ*рэ -джыгъуэ- *блэкIа*уэ зэрыщытри *зыхиущIэ*у щIидзагъэнщ. Арагъэнщи, къыпыщIэхуэу къэхъур къыщыхъур игу къинэжар ″иджы″уэ зэрыщымытыжрэ зэрыхуэпэжыжьэжым гу лъитэу блэкIари илъытагъэнщ.

НытIэ, къыпыщIэхуэу къэхъурэ къыщыхъури зэрилъыта ″м″ макъ нэужьу къызыхигъэIукI хъуа макъ гуэркIэ илъытэрэ къиIуатэу зэрыщIидзэнури гурыIуэгъуэнщ мы къыпыщIэхуэу къэхъуарэ къыщыхъуари, мы *къэхъу-къэщI* лIэужьыгъуэ *хьэрычэт*ыр зэры*лъытэ*у - функционал къэIукIэ зиIэу ухуа- *макъ/псэлъэпкъ/псалъэм жыжьагъ лъытэ ″а″ макъ* къыкIэлъыкIуэу илъытагъэнщ. Мыпхуэдэуи, фнукционал къэIукIэ зиIэ *хьэрычэт лъытэ псалъэ*р (пп: ″хъу″) **жыжьагъ** *лъытэ* **″а″** макъ къыкIэлъыкIуэу -функционалуи щымытыжу- нобэ зэрытлъытэ щIыклэу **″блэкIа зэман″**у зэрылъытэу къэIуэтагъэнщ:

«″хъу-а″ → ″хъуа″».

Иужькlи, мы *блэкла*уэ лъытарэ щыlэу утыку итыр *стабил*у мы зэрыщытри ″гъэзэщlауэ (гъэ) е зэфlэкlауэ (кlэ) е щыlэу (щ)″ зэрылъытэ кlэухкlэ зэрыухуа псалъэхэущ къызэрыlуэтар:

«хъуагъ; хъуакlэ; хъуащ».

*

″Иджы″м къыщыхъурэ къэхъуагъэххэу зэрыщытыр мы зэрылъытапхъэ щlыкlэм къыкlэлъыкlуэу, къэхъу зэпыту къекlуэкlыр гулъытэ зыхуэзыщlам мы къэхъуныгъэр къыпыщэу зэрызекlуэнуми гулъытэ хуищlагъэнти, нытlэ, къыпэщу къэхъуныгъэрэ къыщыхъунугъэри къиlуэтэн къызэрыпэщытри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, къыпэщlэхуэу *къэхъу-къэщl хьэрычэт* лlэужьыгъуэр *аргуэру къызэрыпыщlэхуэ*кlэрэ ″м″ыкlэрэ щылъытэ *иджы*м нэмыщl, мы зи джыгъуэр *блэкла*уэ (а) зэрылъытэм хуэдэжу, мы *къэхъу-къэщl*ыгъуэу *увыlэгъуэ зимыlэу къекlуэкl*ым аргуэру *къэхъу-къэщl хьэрычэт* лlэужьыгъуэ *къыпэщыт*у *къэкlуэну*ми гулъытэ зэрыхуищlынур гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэ *хьэрычэт*у *″иджы″*м мы къыпыщlэхуэм *къыкlэлъыкlуэм*и *пэплъэу* щlидзагъэнщи, мы *″иджы″ нэужь*у *къыпэщыт къэхъу-къэщl хьэрычэт* лlэужьыгъуэр зэрылъытэну щlыкlэри ″иджы″м къыпыщlэхуэр зэрилъытэ *″м″ макъ нэужь мак*ъкlэрэ илъытэнри игъуэщ. Мы зэрыжытlауэ, *″иджы″*м къыщыхъурэ къыпыщlэхуэр щхьэжу *″м″ макъкlэ*рэ (м, мм; мы, мэ) –иужькlи *″м″ макъ пэщlэдзэ*у (пп: мэхъу)- зэрилъытэм къыкlэлъыкlуэу, *къыпэщыт*у зыпэплъэ *хьэрычэт*ри (пп: хъу) *″м″ мак*ъым и *къэхъунlэгъу*у, *пэщхъынэ*м иужькlэ къыщыхъуарэ *″м″ макъ пэджэж*уи лъытапхъэ *″н″ макъкlэ*рэ зэрылъытапхъэнур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, япэрей макъыу щыт *″м″ыкlэ*рэ *гурыlуэгъуэ* къыхуэ*хъуам* теухуарэ *хуэгъэза*уэ -хуэкlуэу- къэ*лэжьыпхъэ*ри ″м″ макъ къэхъупlэгъуу щыт *″н″ макъымкlэ лъыт*эу жыlэпхъэщ.

Дауи, *″м″ макъ къэхъунlэгъу*у *пэщхъынэ*м къыщыхъуа *″н″ мак*ъыр - флэкlыпlэ имыlэу- ″м″ макъым къыкlэлъыкlуэ *етlуанэ макъыу* утыку къихьауэ *лъытапхъэнкъым*и, -зи мыхъуми- *къурмакъей мак*ъхэм –пп: ″хь″ макъым- *къыкlэлъыкlуэ*у утыку къихьа макъыу зэрылъытапхъэм зэрезэгъкlэ, *″м″ макъкlэ гурыlуэгъуэ хъуам* хуэгъэзарэ *хуэкlуэр зэрылъыт*эм -макъ/псэлъэпкъ/псалъэм- *пэщlэдзэ хуэхъу*рщ; ″н″ макъыр кlэух зыхуэхъу макъ/псэлъэпкъ/псалъэри а зэрыщыту *лэжьэну зытезыгъэпсыхь*эрщ.

Нытlэ, мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlыу, щхьэж *"м" макъ*кlэрэ (м, мм, мэ) е *"мэ" макъ пэщlэдзэкlэ* (мэхъу) *"иджы"*м къыщыхъуу *лъытэ хьэрычэт*ыр (пп: хъу) **"иджы" нэужь**у **зэрылъытэ**р - *"м" макъ нэужь*- **"н" макъ кlэух**кlэрэщи, мыри *къэхъу-къэщl* **хьэрычэт**у *функционал*у лъыта *макъ/псэлъэпкъ/псалъэр* (пп: хъу) **лэжьэну зэрыгъэпс** щlыкlэрщ: «хъу-н → хъун».

Мы зэрыжытlауэ, "м" макъкlэ лъыта "иджы" нэужьыр "м" нэужь "н"кlэрэщ зэрылъытэри, *"иджы"м къыкlэлъыкlуэ* къэхъу-къэщl лlэужьыгъуэ *"хьэрычэт"*ыр (пп: хъу) *"н" кlэуххlэ гъэпс*ауэщ (хъун) зэрылъытапхъэри, мыри *флэщ зэрыщl* щlыкlэри *"щ" кlэух*кlэ (хъунщ) къызэрыlуатэущ. Нытlэ, мы къэтlуэта псалъэ ухуэкlэ лъагъуэри мыпхуэдэщ:

«"хъу-н" → "хъун" → "хъунщ"».

Мыпхуэдэу ухуа псалъэр *иджы нэужь къэхъупхъэ хьэрычэт*у "щ" кlэхукlи гарант зиlэу лъыта псалъэрщ. Ауэ, *"иджы" нэужь* утыку къихьэну лъыта мы псалъэр флэкlыпlэ имыlэу *иджы нэужь япэрей лъэбакъуэу къыпыщэну* щыту зэры*мылъыт*ри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, *"н" кlэуххlэ гъэпса псалъэр* (пп: хъун) *"иджы" нэужь* зэры*лэжьэн*ур - *лэжьапхъэ*у зэрыгъэпсар- гурыlуэгъуэми, ар *"иджы" дыдэм къыпыщэ*ну *хьэрычэт*у лъытауэ щыту зэры*мылъытапхъэ*ри гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, *"н" кlэуххlэ* лэжьэну *гъэпса*рэ *къэхъупхъэ*у щыт *хьэрычэт*ыр -флэкlыпlэ имыlэу- *"иджы" нэужьу* -ауэ *"иджы" дыдэм пыщlауэ*- утыку къихьэну щыту зэрылъытапхъэфынури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, *функционал макъ/псэлъэпкъ/псалъэ*у лъыта (пп: хъу) мы *хьэрычэт*ыр *"иджы" нэужь лэжьэн*у зэрыгъэпса щlыкlэр (пп: хъун) *занщlэу* зэры*ужь*у *"у" кlэуххlэ* зэрыухуэж щlыкlэр -*"иджы" нэужь* мы *хьэрычэт*ыр (пп: хъун)- *"иджы"м занщlэу пыщla ужьыгъуэ*у *иджы нэужь*у *къэхъупхъэ*р *нэхъ lупщl*рэ игъуэу зэрылъытэрэ зэрызэпкъырыувэ щlыкlэрщ: «"хъун-у" → "хъуну"».

Нытlэ, мы псалъэри флэщ зэрыщl щlыкlэу *"щ" кlэуххlэ* къэlуэтапхъэщи, мыпхуэдэуи нобэ *"къэклуну зэман"* жыхуэтlэ *"лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*рщ утыку къихьэнури, мы псалъэр зэрыухуа лъагъуэри къызэрыхэщу къэдгъэлъэгъуэнщ:

«"хъун" → "хъун-у" → "хъуну" → "хъунущ"».

*

Мы ипэкlэ къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlщи, *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэ *"хьэрычэт"*у *къыпыщlэхуэ*у утыку къихьэхэр япэ зэрылъытар

*япэрей макъ*ыу псэущхьэм -*"*хьэ*"*м- къызыхигъэlукlа *"м" макъклэ*рэу (м, мм; мэ) лъытапхъэщи, иужькlэ нэгъуэщl макъхэри къызыхэзыгъэlукlа псалъэущхьэм мы *къыпыщlэхуэ*у утыку къихьэ *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэ *хьэрычэт*хэри зэрылъытэ *макъ/псэлъэпкъ/псалъэ*хэр *"мэ" пэщlэдзэ*кlэщ (мэхъу) зэрилъытарщ. Аращи, макъ къызыхэзыгъэlукl псэущхьэм *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэу *къыщыпыщlэхуэ*у утыку къихьэ *хьэрычэт*хэращ мы къызхигъэlукl макъхэмкlэ япэу илъытахэри, икlи, къыпыщlэхуэу утыку къихьэ *хьэрычэт*ыр *утыку къыщихьэ дыдэ*ущ *зэрилъытапхъэ*р. Нытlэ, нобэрей ди еплъыкlэу, **"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"** лlэужьыгъуэу япэу –**япэрей лъэбакъуэ**у- ухуар **"иджы/ит зэман"**ым теухуахэрагъэнщ.

Мыпхуэдэу къыпыщlэхуэхэм гулъытэ зэрыхуищlкlи, утыку къыщихьар иужь къинауэ илъытэ *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэ *хьэрычэт*хэри *иджы къыпыщlэхуэ*хэм –икlи езым- *пэжыжьэ*у "э"бэу -"э" къаруубэу-къызхигъэlукl "а" макъ клэухкlэ илъытэу къиlуатэу щlидзагъэнщ. Аращи, нобэрей ди еплъыкlэкlэ, **"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"** лlэужьыгъуэу **етlуанэ лъэбакъуэ**у ухуахэри **"блэкla зэман"**ым теухуауэ лъытапхъэщ.

Мы къыпыщlэхуэу утыку къихьэ къэхъу-къэщlыгъуэ зэхъуэкlыныгъэ лlэужьыгъуэрэ хьэрычэт зэпытыр "иджы"м елъытауэ "блэкla" джыгъуэм гулъытэ зэрыхуэщlым хуэдэжу, иджы нэужь джыгъуэу къыпэщэтми гулъытэ зэрыхуэщlыпхъэри гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, мыпхуэдэри мы ипэкlэ къызэрытlуэтам хуэдэу, *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэ *хьэрычэт* зэрылъытэ функционал *макъ/псэлъэпкъ/псалъэ*р -"иджы" лъытэ *"м" макъ нэужь- "н" макъ*кlэ къэlуу флэкlыплэ имыlэу *лэжьэну зэрыгъэпсы*у лъытапхъэщ. Аращи, **"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"** лlэужьыгъуэу **ещанэ лъэбакъуэ**у ухуахэри **"лэжьэну гъэпса псалъэ"**у нобэ **"мынalуэ къэкlуэну зэман"**у тлъытэрагъэнщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, мы *"лэжьэну гъэпса псалъэ"р "иджы"м ужьыгъуэкlэ пыщla*уэ *"у" клэухкlэ къызэрыlуатэ*у, *щылэжьэну къыпэщытыр нэхъ lупщl*ыу зэрылъытэрщи, нобэрей лъытэкlэу, **"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"** лlэужьыгъуэу **еплlанэ лъэбакъуэ**у лъытапхъэри мы зи гугъу тщlар зэрылъытэу **"къэкlуэну зэман"**у ухуарагъэнщ.

*

Мы ипэкlэ къэтlуэтахэми къызэрыхэщу, япэрей хьэрычэт лъытэ псалъэхэр бзэр зыхуэухуэ псэущхьэм къыпыщlэхуэ къэхъу-къэщl лlэужьыгъуэхэр зэрилъытэрагъэнущи, ахэр зэрылъытэ макърэ псалъэхэр икlи мы къэхъу-къэщlым езыри –"щхьэ"уэ- зэрылъытэрщ. Аращи, мы

*хьэрычэт лъытэ мак*ърэ *псалъэ*хэр *щхьэжу къызэрыл*ур икIи а *хьэрычэтри зытеухуа*рэ *къызпкъырыкI*ри зэрылъытэрщи, *щхьэхуэу -"щхьэ"*уэ-зэры*лъытэ* макърэ псалъэ *зыхуэмыныкъуэ*хэрщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, мы къэхъу-къэщl лlэужьыгъуэ *хьэрычэт*ыр мы зэры*лъытэ мак*ърэ *псалъэр* икIи мы *хьэрычэт объект*ымрэ мы хьэрычэтым *субъект* хуэхъури *зыхэзыубыд*эрщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, ″м″ макъыр псэущхьэм япэу къызыхигъэlукларэ пэщхъынэ макъыу сытри зэрилъытэрщи (м, мм; мэ), къыпыщlэхуэр къыщыпыщlэр зэрилъытэу зи гугъу тщIа ″мэ″р икIи псэущхьэм мы къыпыщlэхуэ хьэрычэтри зэрылъытэ макъ къызхигъэlукl хъуа нэужь, мы хьэрычэт лъытэ макъ/псэлъэпкъ/псалъэр (пп: хъу) ″мэ″ пэщlэдзэу къызэрежьэущ зи гугъу тщlы къхъу-къэщl лlэужьыгъуэ хьэрычэт къыпыщlэхуэр къыщыпыщlэхуэу зэрилъыта псалъэри (пп: мэхъу), мыпхуэдэу зэпкъырыува мы псалъэр зи гугъу тщlы хьэрычэтыр псэущхьэм къыщыпыщlэхуэ дыдэу ″иджы/ит зэман″ри зыхэзыубыдэущ зэрыухуар. Ауэ икIи, псэущхьэм *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэу къыпыщlэхуэ *хьэрычэт*ыр *къыщыпыщlэхуэ*у *"иджы/ит зэман"*ым теухуа *псалъэ*кlэрэ мы зэрилъытэрэ *щилъытэм* деж, мыпхуэдэу ухуа *псалъэм икIи* мы хьэрычэтым теухуарэ мы хьэрычэтыр зытеухуа *"щхьэ"*хэри ардыдэу *зыхиубыдэу*и *лъытапхъэщ*.

Нэхъ зэlухауэ жыпlэмэ, *псэущхьэм и lуэху хэмылъ*у езыр езырурэ *объектив*у утыку къихьэ *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэ *хьэрычэт*ыр –макъ къызыхэзыгъэlукlрэ псалъэуи зезыхьэ мы псэущхьэм- *къыщыпыщlэхуэ*р зэрылъыта *"иджы/ит зэман" лъытэ*р *икIи* -псэущхьэм- *къыпыщlэхуэ* мы *къэхъу-къэщl*ри *"объектив"*у *зэрылъытэ*у *"щхьэ" лъытэ*рщ.

Ауэ икIи, мы хьэрычэтыр утыку къихьагъэххэу зэрыщыткlэ къыщыхъуа зэманыгъуэр *блэкла*уэ зэрылъытэ псалъэмрэ, мы хьэрычэтыр иджыри къэмыхъуарэ къэхъуну дызыхуэкlуэм къыщыхъуну зэрылъытэ *къэкlуэну* зэманыгъуэу зэрылъытэ *псалъэм* мы блэкlарэ къэкlуэну зэманыгъуэхэр -ипэкlэ и гугъу зэрытщIа щlыкlэу- *хэлъыта*уэ щытми, мы хьэрычэтым теухуа *"щхьэ"* -зэрылъытэ гуэр- псалъхэм химыубыдэрэ *хэмылъыта*уэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Ипэкlэ къызэрыхэдгъэщауэ, объективу езыр езырурэ утыку къихьэ къэхъу-къэщl лlэужьыгъуэ *хьэрычэт*ыр *утыку къыщихьэ дыдэ*р – зылъытэм *къыщыпыщlэхуэ* дыдэр- *"иджы/ит зэман"у "мэ"*кlэрэ лъытапхъэрэ мы зэрылъытар икIи хьэрычэтыр зытеухуа *"щхьэ"ри*

*зэрылъытапхъэ*рщ. Ауэ, ″иджы/ит зэман″ым нэмыщlхэм –блэкlа е къэкlуэну зэманыгъуэхэм- мы къэхъу-къэщl лlэужьыгъуэ хьэрычэтыр *″блэкla″*рэ *″къэкlуэн″ зэман лъытэ* макъкlэмкlэ зэрыухуэр *ирикъу*у аращ мыбдежым щыжытlэри, -мыр къызэрытlуэта щlыкlэми къызэрыхэщу- *объективу утыку къихьа*рэ *къихьэну* щыт *хьэрычэт*ыр зэманыгъуэу мы зэрылъыта щlыкlэхэм икlи мы *хьэрычэт*ым езыр -*″объектив щхьэ″*уи- *зыхиубыдэу зэрыщыт*ым папщlэ, мыр къызэрыlуатэ псалъэхэм щхьэхуэу *″щхьэ″ лъытэ хиубыдэкъым*. Аращи, *къэхъу-къэщl хьэрычэт*ыр *къэхъуа*гъэххэу е *къэхъуну* щыту зэрылъыта псалъэхэр мы къэхъуарэ къэхъуну *хьэрычэт*ыр -щхьэжуи- зыхэлъытэрэ *зыхэзыубыд*эрщи, мы зэрыухуа щlыкlэу мы *хьэрычэтыр щхьэжу зыхэлъыта* мы псалъэхэм аргуэру зытеухуа *″щхьэ″*р –и къалэныр ″объект″рэ ″субъект″у дауи щырет- *щхьэхуэу хэлъытэн хуэныкъуэкъым*. Нэгъуэщlыуи жыпlэмэ, мы *″щхьэ″*мрэ ар зытеухуа мы къэхъу-къэщl лlэужьыгъуэ *хьэрычэт*ыр *зэхуэдэ*рэ *″объектив″*у зэрыщытым папщlэ, хьэрычэт къызэрыlуатэ псалъэр *хьэрычэт* къыщыхъу *зэманыгъуэ*кlэ зэрыухуэ щlыкlэу *ирокъу*р.

Мы зэрытлъытарэ къызэрыlуатэхэми зэрезэгъыу, мы *″къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэ *″хьэрычэт″*хэр *объективу езыр езырурэ къэхъу*у утыку къихьэхэрщи, мыхэр *″глагол″ лlэужьыгъуэу* щытми, *дэтхэнэ зы щыlэ гуэрыр щхьэжу а зэрыщыlэрэ зэрыщыту объективу* зэрылъытэ щlыкlэм хуэдэу зэрылъытапхъэм папщlэщ мы глаголхэр **″езырыж глагол″**у щlэтлъытар. – Мыбы нэгъунэ мы зи гугъу тщla ″езырыж глагол″хэри *занщlэу къэхъу-къэщl хьэрычэт* зэрылъытэу *″езырыж занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэхэр.

Нытlэ, къэхъу-къэщl лlэужьыгъуэ хьэрычэт лъытэ псалъэхэр утыку къызэрихьа зэкlэлъхьэужьыкlэу -зытеухуа зэманыгъуэкlэ зэкlэлъхьэужьу- мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщи, икlи -щхьэжу къыхэмыщми- мы псалъэхэр зытеухуа ″щхьэ″кlи –″объектив щхьэ″уэ зэрыщыткlи- зэрыгурыlуэгъуэнур наlуэщ:

| Иджы/ит зэман лъытэ псалъэ | Блэкla зэман лъытэ псалъэ | Мынalуэ къэкlуэну зэман лъытэ псалъэ | Къэкlуэну зэман лъытэ псалъэ |
|---|---|---|---|
| Мэхъу | Хъуащ | Хъунщ | Хъунущ |

**″Инфинитив глагол″ жыхуэтlэ зэпкъырыувэкlэм лъабжьэ хуэхъуар ″хьэрычэт″ыр зэрылъытэ макъ/псэлъэпкъ/псалъэр –мы иджырэ нэужьуи- ″лэжьэну зэрыгъэпс″а щlыкlэращ.**

*"Глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэр зытеухуа *зэманыгъуэ*кlэрэ утыку къызэрихьэ мы зэкlэлъхьэужьыкlэм нэмыщl, мы *лэжьэкlэхэр зытеухуа "хьэрычэт"*хэри нобэ грамматикэу *–"хьэрычэт"* лъытэ *цlэ* лlэужьыгъуэу- **"глагол"**у зэрылъытари гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, мы *универсалу* зы *цlэ*кlэ *"глагол"*у тлъыта мы *хьэрычэт лlэужьыгъуэ*хэм теухуауэ *япэ*рауэ утыку къихьахэр -сингулару- я *"лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэращи, *"глагол"*хэр *цlэ* лlэужьыгъуэм зэрылъытам *лъабжьэ* хуэхъуари *зы игъуэ "глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*рауэ зэрыщытыпхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Мы къыпытщэжахэм теухуауэ ипэкlэ къэlуэтахэм дыхуэкlуэжмэ, *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэу псэущхьэм *къыпыщlэхуэ "хьэрычэт"*ыр мы *къыщыпыщlэхуэ дыд*эм зэрилъытэу *ухуа*уэ лъытапхъэщ мы *"*хьэрычэт*"*ыр *япэ*у зэрылъытэ *псалъэ*ри, нытlэ, мы *къыпыщlэхуэ "хьэрычэт"*ыр *къыщыпыщlэхуэ* дыдэм япэрей макъыу *"м" макъкlэ*рэ lупщlэу *зэрилъыта*р (мэ!) *"*хьэрычэт*"* лъытэ макъ/псэлъэпкъ/псалъэм *ипэ къихуэ*у зэрыухуакlэрэщ *япэрей хьэрычэт лъытэ псалъэ*ри *"иджы/ит зэман"*у зэрыухуа щlыкlэр. Мыпхуэдэ *къэхъ-къэщl*ыгъуэ *къыпыщlэхуэ зэпыт*у мы *къеклуэкl*ыкlэм *-иужькlэ-* къыпыщlэхуауэ щытари *-къызыпыщlэхуэ*рэ *къыщыпыщlэхуэ* дыдэу *"иджы"м- пэжыжьэ* зэрыхуэ*хъуа*кlэрэ - зэры*"блэкla"*ри *"зэман"*ыгъуэу- *"хьэрычэт" лъытэ макъ/псэлъэпкъ/псалъэ*р *"а" кlэух*кlэрэ зэры*ухуэ псалъэ*у къиlуэтагъэнщ. Къэхъу-къэщlыгъуэу къекlуэкlыр *"*блэкla*"*уи зэрыщыткlэ мы зэрылъытами къыкlэлъыкlуэу, мы *къэхъу-къэщыl*ыгъуэ къекlуэкlыкlэм *аргуэру къыпыщlэхуэнуми гулъытэ* зэрыхуищlыу, *"хьэрычэт"* лъытэ макъ/псэлъэпкъ/псалъэм *-"м" мак*ъымкlэ лъытам *хуэгъэпса*рэ *пэджэж- "н" кlэуккl*эрэ *"иджы нэужь" лэжьэну– "къэкlуэну зэман"* лlэужьыгъуэу- *зэрыгъэпса*р *иужькlэ* мы *"хьэрычэт"*ыр *- лэжьэну* мы *зэрыгъэпса*гъэххэу- а зэрыщыту **"хьэрычэт" лъытэ цlэ** лlэужьыгъуэу зэрылъытари гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, зы *"хьэрычэт"* лlэужьыгъуэр *зэманыгъуищ*кlэ зэры*лажьэу* мы *зэрылъытар* икlи ар *лэжьэну зэпкъырылъу* зэрылъытапхъэрщи, *ещанэ* лъэбакъуэу зэрылъыта *зэманыгъуэ*у ухуа *псалъэ* (пп: хъун) *зэпкъырыувэкlэ*ри икlи а *"хьэрычэт"*ыр *а зэрыщыту лэжьэну гъэпса*гъэххэу –фlэкlыпlэ имыlэу *лэжьэну зэрыщытыр стабил*у щыту- зэрылъытапхъэрщи, мыри а *"хьэрычэт"*ым *"цlэ"* хуэхъуащ.

Аращ икӏии, *хьэрычэт* лъытэ макъ/псэлъэпкъ/псалъэр (пп: хъу) *"иджы" нэужь къэхъупхъэ*у зэрылъытэу *"н" клэуххклэ*рэ зэрыухуэр (пп: хъун) а *хьэрычэт*ми игъуэтыну *дэтхэнэ лэжьэклэ*р *зыхэзыубыдапхъэ гъэпсыклэ*у – а *"хьэрычэт"*ыр а зэрыщыту *потенциалу лэжьэну гъэпсагъэххэ*у-зэрылъытапхъэнури гурыӏуэгъуэнщ. Нытӏэ, мыр икӏи а **хьэрычэт**ыр (пп: хъу) -сыт щыгъуи- зэры**лэжьапхъэ**у универсалыгъэу зэрылъытапхъэ **цӏэ** лӏэужьыгъуэрщи (хъун), мы *"цӏэ" лӏэужьыгъуэ*ри *иужькӏэ* –нобэрей лъытэкӏэу- зэрыигъуэу **"глагол инфинитив"**уи зэрылъытар гурыӏуэгъуэщ.

Мыхэри къыхэдгъэщау нэужь, къэхъу-къэщӏ лӏэужьыгъуэ *хьэрычэт* лъытэ макъ/псэлъэпкъ/псалъэр *"иджы" нэужь*у *лэжьэну* зэрылъытэ щӏыкӏэхэмрэ (пп: "хъун; хъуну") икӏи зы *хьэрычэту лэжьапхъэ*р универсал *цӏэ* лӏэужьыгъуэу зэрылъыта щӏыкӏэри *зыхэзыубыдэ*у мы илъабжьэм зы *таблицэ* къыщыдгъэлъэгъуэнри игъуэщ:

| *Хьэрычэт лъытэ макъ/псэлъэпкъ* | | *"Иджы нэужь къэхъупхъэ" зэрылъытэ псалъэхэр* |
|---|---|---|
| Хъу | ► | 1- «хъун → хъунщ»; 2- «хъуну → хъунущ»; |
| | | ↓↖→→→→→→→→→→↙ |
| ..... | | ↓ ..... |
| *"Иджы нэужь къэхъупхъэ"у лъытэр* | | ↓ |
| *икӏи "хьэрычэт" лъытэ* | ► | Хъун |
| *"цӏэ" хъуащ* | | ↓ |
| ---------- | | ↓ ---------- |
| *Мы "цӏэ" лӏэужьыгъуэри* | ► | Хъун (*"инфинитив глагол"* зэпкъырыувэкӏэ) |
| *-иужькӏэ- а "хьэрычэт"ыр* | | |
| *"грамматикэ"у зэрылъытащ* | | |

**"Хьэрычэт" зэрылъытэ псалъэхэм -глагол лэжьэкӏэхэм- "щхьэ" хэлъытэн хуей щыхъур ахэр "цӏыху"м теухуауэ къыщыӏуатэращ.**

Мы ипэкӏэ къэта щапхъэхэр къэхъу-къэщӏ лӏэужьыгъуэ хьэрычэт зэрылъытэ псалъэхэр икӏи а къэхъу-къэщӏыр объективу зэрылъытэ "объектив щхьэ"хэри цӏэпапщӏэу къыпыща щапхъэхэрщ. Ауэ, мыхэр щыӏэгъуэ зэрызекӏуэ къэхъу-къэщӏ лӏэужьыгъуэу езыр езырурэ утыку къихьэ хьэрычэтхэрщи, мы къэхъу-къэщӏыр субъект е объектыр щхьэхуэу "щхьэ"уэ лъытэн хуейуэ зэрыщымытынури гурыӏуэгъуэнщ. Аращ икӏии, ахэр къызэрыӏуатэ псалъэхэр мы *къэхъу-къэщӏым езыр объектив*у къэзыӏуатэрщи, мы къэхъу-къэщӏым езыр мы къызэрыӏуатэ *псалъэм* зы *"щхьэ"*у –"объект е субъект"- щыхэлъытэн *хуэныкъуэкъым*.

Мы зэрыжытlауэ, *объективу къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэ *хьэрычэт* зэрылъытэ мы псалъэ зэпкъырыувэкlэхэм мыр зытеухуа *объектив "щхьэ"* - субъектрэ объект- *къыхэмыщ*ми, ар *къэхъу-къэщl хьэрычэтым езыр*ауэ зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, мы хьэрычэтыр къызэрыlуатэ *псалъэм цlэимыlуэкlэ* зыхиубыдэрэ *щыхэлъытэу лъытапхъэщ*. Ар щхьэ, *мыпхуэдэ хьэрычэт* зэрылъытэ псалъэр *цlыхум теухуамэ*, **псэлъэбзэр** *зыхуэухуа*рэ **зезыхьэ -***я зэхуаку*ми *къыщеклуэкl*- **цlыхум езыр** *зэрылъытэ* **субъектив ″щхьэ″**р -фlэкlыпlэ имыlэу- **псалъэм** щы**хэлъытэн хуей** мэхъур.

Нэхъ кlэщlыу жыпlэмэ, ″щхьэ″ хэмылъытэу мы *объективу лъытар "субъектив"у лъытэн*рэ къэlуэтэн хуей *щыхъум* деж, мы къызэрыlуатэ *псалъэм* -фlэкlыпlэ имыlэу- *субъектив "щхьэ"* -″субъект″ е ″объект″у-хэлъытэн - хэхьэн хуейщ. Аращи, хьэрычэту къэхъу-къэщl зэрылъытэ псалъэм -*"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*м- нэмыщl, зытеухуа *"щхьэ"*хэр щхьэхуэу *лъытауэ щытми* (пп: уэ), а *глагол лэжьэкlэ* лlэужьыгъуэ *псалъэ*м езым и *зэпкъырыувэкlэм*и глаголыр зытеухуа *"субъектив щхьэ"*хэр *щыхэлъыта*уэ щытын *хуей*щ (пп: уохъу).

Икlи гурыlуэгъуэщ мы зи гугъу тщlы *"щхьэ"*хэр *"объектив"у* е *"субъектив"у зылъыт*эр *псэлъэбзэ*ри *къэзыlуатэ цlыху нэрыбгъэм езым елъытарэ теухуауэ зэрилъытэ* щlыкlэущи, *езым пыщlэныгъэ зыхуил*эрэ *псэлъэбзэ*ри *зезыхьэ*у щыт *цlыху нэрыбгэрэ гуп*хэр зэрилъытэ щlыкlэращ *"субъектив щхьэ"* жыхуэтlэхэр.

Дауи, мы ипэкlэ *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэ *хьэрычэт* зэрылъытэу **объектив** лlэужьыгъуэу зи гугъу тщlа **псалъэ ухуэкlэ**хэр икlи мыбдежым зи гугъу тщlыну **субъектив** *"щхьэ"*хэм теухуа *хьэрычэт* зэрылъытэ **псалъэ**хэм я **ухуэкlэ**хэми **лъабжьэ** яхуэхъуауэ зэрыщытри мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ.

Аращи, мы зэрыжытlауэ, *"объектив"*у утыку къихьэ *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэ *хьэрычэт* зэрылъытэхэр *псалъэ* къэхъуныгъэу *ипэ* къихуэу *ухуа*уэ зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, къыкlэлъыкlуэу *ухуэну* бзэ лэжьэкlэрэ *псалъэ*хэми *лъабжьэ* язэрыхуэхъунур гурыlуэгъуэнщ. Мыр зи тегъэщlапхъэщ икlи *"м" макъ закъуэ*кlэ *псэлъэбзэ купщlэ* ухуарэ къекlуэкlыу лъытапхъэу и гугъу зэрытщlауэ, ″хьэ″м *къыпыщlэхуэ къэхъу-къэщl хьэрычэт*ыр *къыщыпыщlэ*хуэри *зэрилъытэ* щыта *"мэ!"*р иужькlэ хьэрычэт лъытэ *макъ/псэлъэпкъ/псалъэми пэщlэдзэ* хуэхъуу къэlуатэу зэрыщlидзауэ ипэкlи зи гугъу тщlагъар. Нытlэ, мы зи гугъу тщlахэр аргуэру нэхъ зэlухауэ къэlуэтапхъэмэ, *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэ

*хьэрычэт*у езыр езырурэ утыку къихьэр **″объектив″**у зэры**лъытэ** щыт мы *псалъэ пэщlэдзэ* **″мэ″**м **ипlэ ″субъектив щхьэ″** зэры**лъытэ**у *ухуапхъэ*щ *цlыхум теухуа къэхъу-къэщl хьэрычэт* лlэужьыгъуэхэр *зэрылъытэ псалъэхэр*:

«″мэ хъу″ → ″мэхъу″» → «″уэ хъу″ → ″уэхъу″».

Ауэ икlи, мы *″объектив″у къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэу утыку къихьэ *хьэрычэт*хэр зэрылъытэ щlыкlэхэмрэ, мыпхуэдэ хьэрычэтхэр *″субъектив щхьэ″хэм теухуауэ зэрылъытэ* щlыкlэхэр *зэрызэщхьэщыкl*ри гурыlуэгъуэщ. Псалъэм папщlэ, мы ипэкlэ зи гугъу тщlахэм теухуа щапхъэми зэрыхэплъагъуэу, *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэ *хьэрычэт*ыр зытеухуа **″объектив щхьэ″**мрэ **икlи** мы хьэрычэтыр зылъытэм *къыщыпыщlэхуэ* дыдэу **″иджы/ит зэман″**и зы**лъытэ**рщ *щхьэжу ″мэ″*мрэ *псалъэ пэщlэдзэ* **″мэ″**р; ауэ, *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэ *хьэрычэт*ыр *цlыхум теухуа*уэ зэрылъытэу *псалъэ*м *пэщlэдзэ* хуэхъу **″субъектив щхьэ″** зэры**лъытэ** (пп: уэ) *къалэн закъуэ*рщ, – *зэман лъытэу*и *щыт*къым.

Мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщу, *″субъектив щхьэ″*хэр хьэрычэт лъытэу ухуа *псалъэхэм* -фlэкlыпlэ имыlэу- хиубыдэу *къыхэщын хуейщ*; – мыхъумэ, ″объектив″у гурыlуэгъуэнщ Икlи, хьэрычэтыр зытеухуа *″субъектив щхьэ″*р (пп: уэ) хьэрычэт лъытэ *макъ/псэлъэпкъ/псалъэ*м (пп: хъу) *ипэ къихуэ*у къэгъэлъэгъуэн зэрыхуейри (пп: ″уэ хъу″) гурыlуэгъуэщи, мыбы *лъабжьэ хуэхъуар*и –мы ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ- къэхъу-къэщl лlэужьыгъуэ хьэрычэтыр япэ зэрылъыта *объектив* лlэужьыгъуэ *псалъэ ухуэкlэрщ*.

Мы къэтlуэтахэми гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlыу, *″хьэрычэт″ зэрылъытэ* макъ/псэлъэпкъ/псалъэм *″щхьэ″*рэ *″зэман″* лъытэу *″мэ″* макъыр *пэщlэдзэ* зэрыхуэхъуу -*″префиксиал″*уи- ухуауэ лъытапхъэ *″объектив″* лlэужьыгъуэ *″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*р лъабжьэ хуэхъуауэ лъытапхъэми, ″щхьэ″рэ ″зэман″ лъытэхэри зэрыхиубыдэ щlыкlэуи *″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″ зэпкъырыувэкl*эр нэхъ *lупщl* зэрыхъуарэ *unlэ щигъуэта*ри *″субъектив щхьэ″*хэм теухуа –зи *″субъект″*ыр *″субъектив″*у щытхэм теухуа- *къэlуэтэкl*эхэрауэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, *″субъектив щхьэ″ лъытэр* зи *пэщlэдзэ*у -*″префикс″*у- зыхиубыдэу, *″зэман″ лъыт*эри *щыигъуэ щlыпl*эм зыхиубыдэу зэрыухуа щlыкlэрауэ лъытапхъэщ *″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″* зэпкъырыувэкlэу зэпlэзэрыт хъуар.

Нытlэ, мы ипэкlэ къэтlуэтарэ мы къыпытщэжахэри зэрыхиубыдэу, *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэ *хьэрычэт*хэр *цlыхум теухуа*уэ зэрылъытэу къызэрыlуэтауэ лъытапхъэ *псалъэм пэщlэдзэ*мрэ, *нобэ къызэрыlу* хъуа *зэхуаку*у къикlуауэ лъытапхъэ *лъагъуэ*р –дэтхэнэ и зы лъэбакъуэ варианту лъытапхъэри зэрыхэлъытауэ- мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

«″уэ хъу″ → ″уэхъу″ → ″ухъу″ → ″уэ ухъу″ → ″уэухъу″ → ″уохъу″ → ″уохъ́у″».

*

Нытlэ, мы зи гугъу тщlахэм теухуауэ игъуэ зэрыхъукlэ щапхъэи къэтхьауэ лъытапхъэми, мы *субъектив* лlэужьыгъуэу къызэрыlуатэу утыку къихьэ *псалъэ*хэм я зэпкъырыувэкlэм щыгъуазэ дыхуэмыхъу *ипэ*, *″субъектив щхьэ″*хэр зэрылъыта щlыкlэу япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызыхуэхъуахэр мыбдежым аргуэру дигу къыщыдгъэкlыжынри игъуэщ.

Къызхэзыгъэlукlым къыпыщlэхуэр ″м″кlэрэ щилъытэм икlи езыми лъабжьэрэ щэхуу зилъытэжу зэрылъытапхъэр ипэкlи къыхэдгъэщагъащ. Ауэ, къызхигъэlукl макъхэмкlэрэ зыхуэухуэу псэлъэбзэр зэрыхъун хъуами зэрыхуэкlуэ лъагъуэм и зы игъуэ щlыпlэм *псэлъэбзэр къэзыlуатэ* нэрыбгэм *–цlыху нэрыбэ*м- *сытри къызнэс*рэ центру *зилъытэу адыгэбзэм* **″сэ″**уэ *зэджэжа*уэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ.

Мы зызэрилъытам къыкlэлъыкlуэу жыlэпхъэш етlуанэу илъыта цlыху нэрыбгэри, езыр –″сэ″р- занщlэу зэпсалъэрэ езым и ужьыгъуэу зэрыщыткlэрэ **″уэ″**уэ илъытагъэнщ.

″Уэ″ри мыпхуэдэу илъыта нэужь, *″сэ″*м езымрэ *″уэ″*р мы зэры*зэгъус*эрэ *зэдэщlыгъу*у -зы *гуп*рэ *къарууфlагъэ*у- игъуэу зэрилъытапхъэри **″дэ″**кlэрэщ. Иужькlи, *″сэ″мрэ ″уэ″*р зыхэзыубыдэ *нэрыбгитl*ым къыщымынэу, *″дэ″*кlэрэ *цlыху нэрыбищ*рэ *нэхъыбэ* илъытапхъэ зэрыхъуари гурыlуэгъуэнщ. Аращи, ″сэ″м и *ужьыгъуэ*у илъытэ дэтхэнэ зы *цlыху нэрыбгэри ″уэ″*уэ зэрилъытэкlэрэ, *″сэ″м ″дэ″*уэ илъытэ *гуп*ым хиубыдапхъэ *цlыху нэрыбгэ бжыгъэ*р зэрыбэгъуапхъэнури гурыlуэгъуэщ.

Мы зэрыжытlауэ, ″сэ″мрэ ″уэ″р зыхэзыубыдэ ″дэ″ гупым иужькlэ хиубыдэ нэрыбгэр бэгъуауэ щытми, ″сэ″мрэ ″уэ″ зыхэзыубыдэ мы ″дэ″ гупыр зэрылъытам иужьыlуэкlэу лъытапхъэнщ ″сэ″р зыхэзымыубыдэрэ ″уэ″мрэ ″уэ″м пыщlэныгъэ зыхуиlэ нэрыбгэр –иужькlи нэрыбгэхэр-зыхиубыдэ зы гупри ″фэ″уэ зэрилъытар. Аращи, ″сэ″м езым и ужьыгъуэ *″уэ″*мрэ абы -″уэ″м- *и ужьыгъуэ*у щыт -ауэ *″сэ″м ″уэ″уэ имылъытэ*- зы *цlыху нэрыбгэ*р *зэгъусэ*рэ *зэдэщlыгъу*у зы *гуп*у, *″сэ″м гъунэгъу*рэ зы

*теплъэгъуэ* къыхуэхъуу **″фэ″**уэ зэрилъытари игъуэщ. *″Фэ″ гуп*ри иужькIэ –зи гугъу тщIа ″дэ″ гупым хуэдэу- *хиубыдэ*хэр –″сэ″м ″уэ″уэ илъытэм/илъытэхэм дэщIыгъу/дэщыгъухэр- *зэрыбэгъуа*ри гурыIуэгъуэнщ.

Мы къэтIуэтахэм къызэрыхэщщи, *″сэ″рэ ″уэ″р* щхьэж *цIыху нэрыбгэ закъуэ*у *″субъектив щхьэ закъуэ″* лIэужьыгъуэхэрщ; *″дэ″рэ ″фэ″р*и *цIыху нэырбгэу куэд* зыхэзыубыдэ *″субъектив щхьэ куэдагъ″* лIэужьыгъуэхэрщ. Нэрыбгэ закъуэрэ куэд зэрыхиубыдэр псалъэхэм езыхэм я мыхьэнэкIэ гурыIуэгъуэщи, мыхэр зыхиубыдэ цIыху бжыгъэр зы нэрыбгэу е куэду зэрыщытыр аргуэру лъытэн зыхуэмыныкъуэ псалъэхэрщ. Дауи, *″сэ″* нэрыбгэр *зыхэзыубыдэ цIыху куэдагъ* зылъытэ *″дэ″*м и *купщIэр ″сэ″*ращи, *″сэ″р центр*у *″уэ″ри* зыхиубыдэу а *нэхъ мащIэу цIыхуитI* зыхэзыубыдэрщ; – е, *″сэ″м ″уэ″уэ илъытэ нэрыбгэ зы бжанэ* зыхиубыдэу *цIыхуищрэ нэхъыбэ* зыхэзыубыдэрщ *″дэ″ гуп*ыр. Мы зэрыжытIам хуэдэу, *″уэ″* нэрыбгэр *зыхэзыубыдэ цIыху куэдагъ* зылъытэ *″фэ″*м и *купщIэ*ри *″уэ″*ращи, *″уэ″р цэнтр*у *″уэ″м пыщIэ*ныгъэ зыхуиIэ -″сэ″м пыщIэныгъэ зыхуимыIэ- *нэгъуэщI зы цIыху* нэрыбгэ *е нэхъыбэ* зыхэзыубыдэрщ *″фэ″ гуп*ыр.

″Сэ″м елъытауэ адыгэбзэм мы къызэриIуэта щIыкIэхэми гурыIуэгъуэ къызэрытхуищIыщи, *цIыху нэрыбгэ*рэ *цIыху гуп* зэрылъытэ мы *″щхьэ″* лIэужьыгъуэхэр сытри къынэсрэ сытми нэсу зылъытарэ *псэлъэбзэ*ри *къэзыIуатэ ″субъект″*у щыт *″сэ″м елъытауэ* **″субъектив щхьэ″**уэщ зэрылъытэр. Аращи, зы нэрыбгэу *″сэ″*м *езыри* хэтыжу, езым нэмыщI, *″сэ″м и пышэгъу*рэ *и ужьыгъуэ* нэрыбгэр (уэ), *″сэ″*ри занщIэу *зыхэзыубыдэ* цIыху *гуп*ыр (дэ), ″сэ″м зы *теплъэгъуэ*у илъытэ цIыху *гуп*ыр (фэ) хиубыдэу, *″сэ″м пыщIэн*ыгъэ зыхуиIэу *я зэхуакум псэлъэбзэ къызыщекIуэкI цIыху нэрыбгэрэ гуп* зэрылъыта **″щхьэ″**хэр *″сэ″м и* **″субъектив″**ыгъэм *хиубыдэхэр*щ.

*″Субъектив″*у лъытэ мы *″щхьэ″*хэр **псэлъэбзэ лэжьэкIэ**м занщIэу и **″субъект″**у щыт **″сэ″**р *зыхэт*рэ *зыхэмыт*у *гупитI*ууэ зэрызэщхьэщыгъэкIыпхъэщ. Аращи, *″сэ″р зыхэзыубыдэ ″дэ″*ри -″сэ″м и фIыгъэкIэ- *псэлъэбзэ лэжьэкIэ*м *″субъект″* хуэхъурщ; ауэ, *″уэ″*мрэ, *″уэ″р зыхэзыубыдэ ″фэ″*р *″сэ″уэ щымыт*рэ *″сэ″ зыхэмыт*у зэрыщытым папщIэ, *″сэ″м* и *ужьыгъуэ*рэ и *теплъэгъуэ*у *″сэ″*р –нытIэ икIи *″дэ″р- зэпсалъэ*хэрщ *″уэ″*рэ *″фэ″*ри, нытIэ мыхэр икIи *″сэ″рэ ″дэ″м къаIуатэм* занщIэу *едалуэ*хэращ. Дауи, къэзыIуатэрэ мы къэIуатэр занщIэу зыхуэгъэзарэ зэдаIуэу зэрыщыткIэ, *″сэ, дэ″*мрэ *″уэ, фэ″*р зэхуэдэ *″субъектив″*ыгъэм хиубыдэ *″щхьэ″*хэрщ.

Аргуэру къыхэгъэщыпхъэщи, псэлъэбзэ лэжьэкlэм занщlэу и ″субъект″у щыт *″сэ″м* мы и *″субъектив″*ыгъэм иту илъыта мы *″щхьэ″*хэр псэлъэбзэ лэжьэкlэу *″сэ″м* **уэрсэр**ущ *зэрилъытэ*ри, *″сэ″м езыри хэтыжу*, *″субъектив щхьэ″*хэм *зэреджэ*р **-я** *цlэ нэхърэ-* занщlэу я **″щхьэ цlэпапщlэ″**кlэрэщ:

| |
|---|
| «сэ, дэ; уэ, фэ». |

*

Ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэ *хьэрычэт*хэр *цlыхум теухуауэ къызэрыlуатэ псалъэ*хэр цlыхуу зэрыщытыр къызэрыхэщу *″субъектив щхьэ″*хэри *зэрылъытэу*щ *зэрыухуэ*ри, мыпхуэдэ ухуэкlэм теухуауэ ипэкlэ къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, *″субъектив щхьэ″*р (пп: уэ) *-″щхьэ цlэпапщlэ″у- хьэрычэт лъытэ макъ/псэлъэпкъ/псалъэ*м (пп: хъу) *ипэ* къихуэу къэlуатэу утыку къихьауэ лъытапхъэщ (уэ хъу). Мыпхуэдэу къызэрыlуатэ щlыкlэр *цужькlэ* мы *псэлъитlыр –″*цlэпапщlэ″мрэ *″*хьэрычэт лъытэ″р- *зэгухьэу зы псалъэ*у (уэхъу) *къэlу зэрыхъуа*ри зи гугъу тщlы щапхъэм къыхощыр. Ауэ икlи, а зи гугъу тщlы щапхъэм щхьэж зы псалъэу къызэрыlу хъуа щlыкlэр (уэхъу) *нобэ*м къызэрысарэ *къызэрыlу* зэрыхъуа *щlыкlэ*ри (уохъу) къыхощыр.

Дауи, щхьэжу лъыта *″субъектив щхьэ цlэпапщlэ″*м хьэрычэт лъытэ *псалъэ къыклэлъыклуэу* -нобэ зэрытлъытэ щlыкlэу- **″субъект″**рэ *къыклэлъыклуэ* **″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″** *зыхэзыубыдэ*у зы **псалъэухыгъэ**у *утыку къихьагъа*уэ лъытапхъэщ *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэ *хьэрычэт*хэр **цlыхум теухуа**уэ *къызэрыlуэта* **пэщlэдзэ**ри, мы *псэлъитlыр* **иужькlэ** *зэгухьэу* **зы псалъэ**у, икlи мы псалъэм **″субъектив щхьэ″**ри **зыхиубыдэу** къэlуатэ зэрыхъуари гурыlуэгъуэщ.

Икlэм икlэжым къызэрыlу хъуа щlыкlэу къэдгъэлъэгъуа щапхъэм (уохъу) *″субъектив щхьэ″ зэрыхиубыдэ щlыкlэ*ри а зэрыщытукъыми, а *″субъектив щхьэ″*р зэрылъытэ *″цlэпапщlэ″*р *зэрыгъэлъагъуэ щlыкlэ*ущ: **″субъектив щхьэ гъэлъагъуэ″**кlэрэщ. Нытlэ, япэрей ди лэжьыгъэхэмкlи дызэрыщыгъуазэу, дэтхэнэ зы **″субъектив щхьэ цlэпапщlэ″**мрэ, мыхэр *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэ *хьэрычэт* зэры*лъытэ псалъэ*хэм **-″езырыж занщlэ глагол″**хэм я **″лэжьэкlэу ухуа псалъэ″**хэм- зэрыхиубыдэ я **″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″**хэри дигу къэдгъэкlыжу мыбдежым къыщыпытщэжынщ:

| |
|---|
| «″сэ → сы″; ″уэ → у″; ″дэ → ды″; ″фэ → фы″». |

Нытlэ, *нобэ* мы *къызэрыlу* хъуа *щlыклэр* -мы ипэкlэ зи гугъу тщla-*дэтхэнэ зы "субъектив щхьэ"*хэм теухуауи къэгъэлъэгъуапхъэщи, икlи мы зэмылlэужьыгъуэ зэманыгъуэхэм теухуауэ зэрыухуэ щапхъэхэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэныр игъуэщ. Икlи, мыпхуэдэ щапхъэхэр *"иджы/ит зэман"*ым къыщlидзэу *"блэкla зэман"*у, къыкlэлъыкlуэуи *"мынalуэ къэкlуну зэман"*рэ *"къэкlуэну зэман"*у къызэрыlуатэ *псалъэ*хэу къэдгъэлъэгъуэнри игъуэщ.

Ауэ икlи, *"субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ" зыхэзыубыдэ*рэ зэрылажьэ *зэманыгъуэ*ри къызыхэщ мы *"езырыж занщlэ глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэр *щхьэжу* мы къызэрыlуатэм нэмыщl, икlи зытеухуа *"субъектив щхьэ цlэпапщlэ"*ри мы *псалъэм ипэ къихуэу* зы *"псалъэухыгъэ" цlыклy*у къызэрыlуатэри гурыlуэгъуэщ. – Мыпхуэдэ къэlуэтэкlэри *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*р утыку къызэрихьа *пэщlэдзэ къэlуэтэкlэ*у зэрыщытари мы ипэкlэ къэтlуэтахэмкlи гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, мы илъабжьэм *щхьэжу* къэгълъэгъуэну *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ" щапхъэ*хэм къыкlэлъыкlуэуи, мы псалъэр *псалъэухыгъэ цlыклy*ми зэрыхиубыдэу, щхьэж *псалъэм ищхьэ* лъэныкъуэм *"субъектив щхьэ цlэпапщlэ"*и къихуэу къызэрыlуатэ *щапхъэ*хэри къыпытщэжынщ:

| "Иджы/ит зэман" лъытэ псалъэрэ зытеухуа щхьэр | "Блэкla зэман" лъытэ псалъэрэ зытеухуа щхьэр | "Мынalуэ къэкlуэну зэман" лъытэ псалъэрэ зытеухуа щхьэр | "Къэкlуэну зэман" лъытэ псалъэрэ зытеухуа щхьэр |
|---|---|---|---|
| - Сохъу<br>- Сэ сохъу | - Сыхъуащ<br>- Сэ сыхъуащ | - Сыхъунщ<br>- Сэ сыхъунщ | - Сыхъунущ<br>- Сэ сыхъунущ |
| - Уохъу<br>- Уэ уохъу | - Ухъуащ<br>- Уэ ухъуащ | - Ухъунщ<br>- Уэ ухъунщ | - Ухъунущ<br>- Уэ ухъунущ |
| - Дохъу<br>- Дэ дохъу | - Дыхъуащ<br>- Дэ дыхъуащ | - Дыхъунщ<br>- Дэ дыхъунщ | - Дыхъунущ<br>- Дэ дыхъунущ |
| - Фохъу<br>- Фэ фохъу | - Фыхъуащ<br>- Фэ фыхъуащ | - Фыхъунщ<br>- Фэ фыхъунщ | - Фыхъунущ<br>- Фэ фыхъунущ |

Мы таблицэми зэрыхэплъагъуэу, *"субъектив щхьэ"*м теухуа *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэр зэрыухуа щlыкlэрагъэнщи, *псалъэухыгъэ цlыклy* къэlуэтэкlэм хущlэкъуу лъытапхъэщ. Аращи, *"къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэ **хьэрычэт**хэр (пп: хъу) *-цlыхум теухууэ-* ***"субъектив щхьэ"***кlэрэ (пп: уэ) **къызэрыlуатэ пэщlэдзэ**ри *псалъыухыгъэ цlыклy*у (уэ хъу) тлъытагъащ.

Икlи, мы **псалъэухыгъэ цlыклy** къэlуэтэкlэр псэлъэбзэр зэрызекlуэ **псалъэухыгъэ лъабжьэ**уи зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ.

Ипэкlэ къедгъэкlуэкla лэжьыгъэмрэ, мы къыхэдгъэщыжахэми гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlщи, *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэ *хьэрычэт*у

езыр езырурэ *объективу утыку къихьэр* зэрылъытар *япэрауэ "объектив"* лIэужьыгъуэу щытми, *псэлъэбзэр* цIыху зэхуакум щызэрызекIуэрэ цIыхум теухуауэ -*"субъектив щхьэ"хэм теухуауэ*- зекIуэу щIидза *нэужь нэхъ зэрыужьа*р жыIэпхъэщ. **Псэлъэбзэ**р зыхуэуху*а цIыхум теухуа*рэ *цIыху зэхуаку*м *щызекIуэу* зэрыщIидзэкIэрэ *"субъектив" лIэужьыгъуэу*щ **нэхъ зэрыужь**ари, икIи -мы ипэкIэ къызэрыхэдгъэщауэ- мыбыи *нэхъ зызэриубгъуари* **псалъэухыгъэ** къызэрыIуатэу жыIэпхъэщ.

*

Нытlэ, ″субъектив″ лIэужьыгъуэ псалъэухыгъэ цIыкIухэр псэлъэбзэм щызекIуэу щIидза нэужь, ″объектив″ лIэужьыгъуэ псалъэхэри *"объектив щхьэ"*хэр *"цIэпапщIэ"*кIэрэ *псалъэухыгъэ цIыкIу*у къэIуатэу щIидзагъэнщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри къэгъэлъэгъуапхъэщ. Ауэ, мыбы ипэ къихуэу, мы ипэкIэ ″субъектив щхьэ″хэм теухуауэ къыхэдгъэща гуэрхэр *"объектив щхьэ"*хэм *теухуауи къыхэдгъэщынщ*. Япэрауи, –ипэкIэ ″субъектив щхьэ″хэр зэрылъытэ щIыкIэу- *"объектив щхьэ"*хэри *"сэ"м зэрилъытэ* щIыкIэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Мыбы ипэ къихуэу, къэхъу-къэщI лIэужьыгъуэ хьэрычэтхэр ″объектив″ лIэужьыгъуэу зэрылъытауэ щытар мыбдежми мащIэу дигу къыщыдгъэкIыжынщ.

Аращи, псэущхьэм -хьэм- къыпыщIэхуэу утыку къихьэ *къэхъу-къэщI* лIэужьыгъуэ *хьэрычэт*у мы къыпыщIэхуэу къэхъур -″объектив″у- мы къыщыхъур -″иджы/ит зэман″у- зэрилъытагъэнур япэу къызхигъэIукIа ″м″ макъкIэрэщ (″м, мм, мы, мэ″). Мыпхуэдэу лъытар *хьэрычэт*ымрэ зытеухуа *зэманыгъуэ*р икIи зытеухуа *"щхьэ"*ращи, мы ″щхьэ″ри ″объектив щхьэ″рауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Аращи, ″иджы/ит зэман″ымрэ ″объектив щхьэ″р зэхуэдэу щхьэжу ″м″ макъкIэрэ мы зэрылъытараш иужькIэ *хьэрычэт лъытэ* макъ/псэлъэпкъ/псалъэхэм (пп: хъу) *ипэ къихуэ* (мэ хъу → мэхъу) *"мэ" мак*ъри къызытехъукIар.

Мы къызэрыхэдгъэщауэ бзэм щызекIуэ ″м″ макъыр -кIуэ пэтрэ- икIи дэтхэнэ зы щыIэ гуэрри зэрыгъэлъагъуэу ″мы″уэ зэрылъытэ хъуагъэнщи, ″мы″кIэрэ мы лъытэр къыхэгъэщауэ зэрылъытари -иужькIэ утыку къихьа-″р″ макъкIэ къызэрыIуатэщ: «мы → мыр».

Дауи, *"м" макъымкIэ лъытэр* –япэрей макъыу илъытэхэр зэрилъытэ щIыкIэу ипэкIи и гугъу зэрытщIауэ- *"иджы"*рэ *"гъуэнэгъу"*у щытращи, **″мы, мыр″**у мы лъытэр *"объектив щхьэ"*уэ –ар зылъытэну- *"сэ"м пэгъунэгъу*уи зэрылъытэрщ. – **Гъунэгъу**у щытми, **″сэ″р** занщIэу

**зэмыпсалъэ**р *"объектив щхьэ"*уэ зэрылъытапхъэнури гурыIуэгъуэнщ. Ауэ, *"сэ"*м и *"субъектив"*ыгъэм иту ипэкIэ зи гугъу тщIа *"щхьэ"*хэм – *"субъектив щхьэ"*хэм- *елъытауэ*, *"сэ"р* мы *зэмыпсалъэ*у псэлъэбзэмкIэ пыщIауэ зэрыщымытым зэрезэгъкIэ, *"объектив щхьэ"*р *"мы, мыр"*у гъунэгъуу лъытэн *нэхърэ* **"сэ"**м хуэ**пэжыжьэ**у *лъытэныр нэхъ игъуэ*у зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ. Аращи, *"сэ"м "щхьэ"*хэр **"субъектив"**рэ **"объектив"**у зэрилъытэм и **критер**ыр **псэлъэбзэ**ращ; *"сэ"*м *псэлъэбзэ*кIэ занщIэу *зэпыщIэныгъэ* зэрыхуи*л*эрэ зэрыхуи*мыл*эм теухуащ.

Нытlэ, *псэлъэбзэр къэзыIуат*эрэ зыгъэлажьэу, сытри зэлъытауэ зэрылъытэ *"субъект щхьэ" нэхъыщхьэ "сэ"*ращ *"объектив щхьэ"хэри зылъыт*эри, ипэкIэ *"субъектив щхьэ"*хэр зэрилъыта щIыкIэм *щхьэщыкI*рэ пэ*жыжьэ хуэхъу*ращ "сэ"м *"объектив"*у илъытэхэр. Нытlэ, мы зэрыжытlауэ, дауи *"сэ"м* хуэпэжыжьэу *жыжьагъэ лъытэ "а" макъкI*эрэ *илъыт*эхэращ *"объектив"* лIэужьыгъуэхэри, *"а"*р *а зэрыщыт*ыр *къыхигъэщ*у зэрилъытэ щIыкIэри *"а"*р *"р"ыкI*эрэ къызэрыIуущ: «а → ар».

"Объектив щхьэ" жыхуэтIэхэр мыпхуэдэущ зэрылъытари, "сэ"м хуэпэжыжьэрэ занщIэу зэмыпсалъэу, "сэ"мрэ и зэхуакум псэлъэбзэ къызыщемыкIуэкI "щхьэ"р "объектив" лIэужьыгъуэущ зэрылъытар.

Нытlэ, зэрыжытlауэ, япэрауэ *"субъектив щхьэ"*хэм *химыубыд*эхэращ *"объектив щхьэ"*уэ зэрилъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ; ауэ икIи, *"субъектив щхьэ"*уэ илъыта *гуп*хэм *хиубыдэу* езы *"сэ"м занщIэу пыщIэныгъэ зыхуимыI*эрэ *"сэ"р занщIэу зэмыпсалъэ*у щытхэри *"объектив щхьэ"*уэ зэрилъытапхъэнур гурыIуэгъуэнщ.

Араци, "сэ"р зыхэзыубыдэ *"дэ" гупым щымыщ*у, "сэ"м и пышэгъу "уэ"р зыхэзыубыдэ *"фэ" гупым "уэ"м и пышэгъу*у *щыт*ми, мы *"фэ" гуп*ым *"сэ"м* езым *и ужьыгъуэу щымыт* -"уэ"уэ имылъытэ- *цIыху нэрыбгэ* зэрыхиубыдапхъэр гурыIуэгъуэнщи, "сэ"м занщIэу пыщIэныгъэ зыхуимыIэ мы нэрыбгэр *"сэ"м* дежкIэ зэрылъытэнур зэрыхуэ*пэжыжьэ "щхьэ"*уэ **"ар"**уэщ. ЦIыху нэрыбгэу щытми, "сэ"м и пышэгъуу щымытрэ занщIэу зэмыпсалъэу зэрыщыткIэ, "сэ"м хуэпэжыжьэу а зэрыщыт "щхьэ"уэ "ар"уэщ зэрылъытэри, мыхэр куэдагъэу зэрыщыткIэ зэрылъытэнури **"ахэр"**уэщ.

Ауэ икIи, -мы и гугъу зэрытщIауэ- "фэ" гупым химыубыдэми, "сэ"м пыщIэныгъэ зыхуимыIэрэ *занщIэу зэмыпсалъэ* –я зэхуакум псэлъэбзэ къызыщемыкIуэкI- *цIыху нэрыбгэрэ гуп*хэри а зэрыщыту **"щхьэ"**уэ зэрылъытэну щIыкIэр –ар дыдэу- **"ар, ахэр"**уэщ.

Щхьэжу е куэдагъэу щырет, *"сэ"р "субъектив щхьэ"хэм* занщlэу пыщlэныгъэ хуиlэу епсалъэуи зэрыщыткlэ, я *цlэпапщlэ*кlэ яджэу *уэрысэру* зэрыхущытым хуэдэкъым *"объектив щхьэ"хэм "сэ"р* язэрыхущытри, "объектив щхьэ"хэм мыпхуэдэу зэрыхущымытыну гурыlуэгъуэщ. Аращи, "сэ"р занщlэу пыщlэныгъэ зыхуимыlэрэ зэмыпсалъэхэрщ *"объектив щхьэ"*хэр *цlэпапщlэ*уи зэрилъытар *жыжьагъэ*ущи, ар зы нэрыбэу щырет е куэдагъэу щырет, я *цlэпапщlэ*кlэ е я *цlэ*кlэрэ къыриlуэу *зэрилъытэр уэрсэрыгъэ зыхэмылъ*ырщ.

Аращи, "сэ"м пыщlэныгъэ зыхуимыlэрэ зэмыпсалъэу щытхэр къэхъу-къэщlыгъуэрэ дэтхэнэ зы щыlэ гуэрыр а зэрыщыту **"объектив"**ущ зэрылъытэ щlыкlэри, ар зы **щыlэ гуэр**у **е цlыху** *нэрыбгэрэ гуп*у дауи щырет, *"сэ"м "объектив"рэ "субъектив"у* зэрилъытэну *критер*ыр *занщlэу епсэлъэф*у *-зэпсалъэ*у- зэрыщытращ. Мы зэрыжытlауэ, *зэпсалъэ цlыху нэрыбгэ*рэ *гуп*ыр *"сэ"м езым хуэдэу* **"субъектив"**ущ зэрилъытэр гурыlуэгъуэщи, нытlэ, занщlэу *зэмыпсэлъэф*у я зэхуакум псэлъэбзэ къыщемыкlуэкl *цlыху нэрыбгэ*рэ *гуп*ри *–цlыхуу щымыт*хэр зэрилъытэм *хуэдэу*- **"объектив"**ущ *"сэ"м зэрилъытэр*.

Аращи, хьэрычэт къэlуэтэкlэр зытеухуар объектрэ субъекту дауэ – дэтхэнэрауи лъытэ- *хьэрычэтыр зытеухуа "щхьэ"р "ар"у* мы зэрылъытэ щlыкlэр *щхьэжу а зэрыщыт*у зэрылъытэ щlыкlэрщи, ипэкlэ *"объектив"* лlэужьыгъуэ *псалъэ*хэр зэрыухуэм теухуауэ къэдгъэлъэгъуауэ щыта *щапхъэ*хэр мыбдежми -*"объектив щхьэ"*хэр *"цlэпапщlэ"*у зэрылъытауэ-*псалъэухыгъэ цlыкlу*у къызэрыlуатэ *щапхъэ*у къэдгъэлъэгъуэнщ:

| "Иджы/ит зэман" лъытэ псалъэрэ зытеухуа щхьэр | "Блэкlа зэман" лъытэ псалъэрэ зытеухуа щхьэр | "Мынаlуэ къэкlуэну зэман" лъытэ псалъэрэ зытеухуа щхьэр | "Къэкlуэну зэман" лъытэ псалъэрэ зытеухуа щхьэр |
|---|---|---|---|
| Ар мэхъу | Ар хъуащ | Ар хъунщ | Ар хъунущ |

*

Нытlэ, мы ипэкlэ къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlыу, *и щылэгъуэ ужьыгъуэ*кlэрэ *макъ* къызыхигъэlукlын *лъэкl*ыныгъэ зыгъуэта псэущхьэм -"хьэ"м- *япэрей макъ*ыр -"м" макъыр- къызэрыхигъэlукlам *къыщlидзэу* илъытэ *"хьэрычэт"*хэр *къэхъу-къэщl* лlэжуьыгъуэу *къыпыщlэхуэ*у утыку къихьэхэращи, мыпхуэдэу *занщlэу утыку къихьэ "хьэрычэт"*хэри *"занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэу зэрыщытклэ, *япэу илъыта хьэрычэт* лlэужьыгъуэхэри *къыщыпыщlэхуэ дыдэ*м щилъыта *"къэхъу-*

*къэщlыгъуэм теухуа занщlэ глагол"* жыхуэтlэхэр *"иджы/ит зэман"*у къызэрыlуатэущ зэрилъытар.

Япэу илъыта хьэрычэтхэр -глаголхэр- мыпхуэдэу лъытапхъэми, глаголхэм я къэхъуныгъэр мы зэрызэщхьэщыдгъэкlа щlыкlэм теухуауэ зэкlэлъхьэужь дыдэу утыку къихьауэ зэрымылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, япэ лъыта хьэрычэт лlэужьыгъуэр "къэхъу-къэщlыгъуэм теухуа глагол" лlэужьыгъуэу лъытапхъэми, япэ къэхъуа "езырыж занщlэ глагол" лlэужьыгъуэхэр мыпхуэдэу "къэхъу-къэщlыгъуэм теухуа глагол" защlэу зэрыщымытынури гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, япэ лъыта глагол лlэужьыгъуэр "къэхъу-къэщlыгъуэм теухуа глагол"у лъытапхъэми, къыпыщlэхуэ хьэрычэт лlэужьыгъуэхэм елъытауэ зэмылlэужьыгъуэ щыlэгъуэ зиlэхэм теухуа глаголхэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ.

Дауи, мыпхуэдэ *глагол* къэхъукlэ *пэщlэдзэ*ри *"макъ глагол"* лlэужьыгъуэу *"езырыж занщlэ глагол"*хэращ; ауэ икlи, "езырыж занщlэ глагол" лlэужьыгъуэхэри япэу *"макъ глагол" защlэу* утыку къихьарэ, мыбыи *"макъыбэ глагол"хэр къыклэлъыклуэу* щытауэ зэры*мылъытапхъэ*ри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, икlи, *япэ* къэхъуахэр *"езырыж глагол"* лlэужьыгъуэхэрауэ щытлъытэм дежи, *"езырыж глагол"у хъуар къэхъуа*рэ *иужькlэ "lуэху глагол"*хэр *къыклэлъыклуэу* утыку къихьауэ *зэрыщымыт*ри гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, *япэ къэхъуа*уэ лъытапхъэ дэтхэнэ зы *глагол лlэужьыгъуэ*р абыхэм *къаклэлъыклуэ*у утыку къихьэнухэм *лъабжьэ яхуэхъу*у лъытапхъэ щхьэ, *япэ* къэхъуарэ *глагол къэхъуныгъэ лъабжьэ*у лъытапхъэ *глаголхэр* зэрыщыту *утыку къихьарэ*, *иужькlэ* мыхэр *лъабжьэ зыхуэхъуа глагол* лlэужьыгъуэхэр *къыклэлъыклуэ занщlэу зэрымылъытапхъэ* гурыlуэгъуэщ. Аращи, *псэлъэбзэ ухуэклэ*рэ лэжьэкlэхэм зы *линием тет зэклэлъхьэужьыклэ* яlэу *мылъытапхъэ*у, *къудамэ къудамэу зэрызыраубгъу*ри гурыlуэгъуэнщ.

Мы къэтlуэтахэми езэгъыу лъытапхъэщ *"щхьэ"уэ "субъект"* закъуэ зыхэзыубыдэу мы ипэкlэ зи гугъу тщla *"езырыж занщlэ глагол лэжьэклэ"*хэм къыклэлъыклуэу, *"субъект"ым нэмыщl "щхьэ"и* зыхэзыубыдэ *"езырыж занщlэ глагол лэжьэклэ"*хэри утыку къызэрихьари, нытlэ, мыпхуэдэ глаголхэмрэ мы я лэжьэкlэхэми мы илъабжьэм щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ. Ауэ икlи, *"субъект"у "щхьэ" закъуэ зыхэзыубыдэ*у мы зи гугъу тщla *"езырыж занщlэ глагол"*хэр *бжыгъэ*у "субъект"ым нэмыщl "щхьэ"и зыхэзыубыдэу лажьэ/лэжьэф "езырыж занщlэ глагол"хэм елъытауэ *нэхъыбэ*у зэрыщытри мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщи,

мыпхуэдэу зэрыщытым папщlи, ″езырыж занщlэ глагол″ лlэужьыгъуэу мы зи гугъу тщlахэм теухуа нэгъуэщl глаголхэри къэбжын - къыхэгъэщын хуейуи лъытапхъэкъым. – Дауи, ″езырыж занщlэ глагол″ лlэужьыгъуэу зи *бжыгъэклэ нэхъ мащlэ*хэр *къыхэгъэщын*рэ къэбжыныр *нэхъ игъуэщ*.

## ″ЕЗЫРЫЖ ЗАНЩlЭ ГЛАГОЛ″ ЛlЭУЖЬЫГЪУЭХЭУ КЪЫЗПКЪЫРЫКl (″СУБЪЕКТ″) ″ЩХЬЭ″М НЭМЫЩl, ЗЫТЕУХУЭ ″ЩХЬЭ″И ЗЫХЭЛЪЫТЭ ЛЭЖЬЭКlЭХЭРИ КЪОХЪУ

**Етlуанэ лъэбакъуэу утыку къихьэу лъытапхъэ мы ″езырыж занщlэ глагол″ лlэужьыгъуэхэм теухуауэ.**

Мы ипэкlэ зи гугъу тщla *″къэхъу-къэщl″* лlэужьыгъуэ *″хьэрычэт″*хэм *къыклэлъыклуэ* етlуанэ *″хьэрычэт″* лlэужьыгъуэу лъытапхъэщ мыбдежым зи гугъу тщlынухэри, *езыр езырурэ къэхъу*у утыку къихьэ *″хьэрычэт″* гуэрхэр *къызпкъырыкl ″щхь″*м *нэмыщl* зытеухуэ *гуэр*и *зыхэзыубыдэ*хэрщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, *″субъект″* къалэн зыгъэзащlэу ″хьэрычэт″ыр къызпкъырыкl *″щхьэ″*м *нэмыщl* мы **″хьэрычэт″**ыр **зытеухуэ**рэ *″хьэрычэт″ым хиубыдэ*у **″щхьэ″**уи лъытапхъэ **етlуанэ** гуэр зыхэзыубыдэ лэжьэкlэ зиlэ *глагол* лlэужьыгъуэхэрщ. Аращи, мыпхуэдэу тлъытэ мы глаголхэри -мы ипэкlи тлъыта- **″езырыж занщlэ глагол″** лlэужьыгъуэхэм щыщщи, абыхэм **я етlуанэ лъэбакъуэ**у *утыку къихьа*уэ лъытапхъэхэрщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *япэрей лъэбакъуэ*у мы ипэкlэ зи гугъу тщlахэр *щылэгъуэр зэрызеклуэ*м теухуарэ *″къэхъу-къэщl″* лlэужьыгъуэ *″хьэрычэт″*у псэлъэбзэр къэзыlуатэм -″хьэ″м/″цlыху″м- къыпыщlэхуэрэ къиlуатэхэрщ. Ауэ, мыбдежым зи гугъу тщlы *″хьэрычэт″*хэр *къызпкъырыкl*ыр зы *щылэ гуэр*ырщи, нэхъыбэуи ″хьэ/цlыху″у е псэущхьэ лlэужьыгъуэу щыlэгъуэ зиlэхэрщ. Аращи, *япэрей лъэбакъуэ*у утыку къихьауэ зи гугъу тщlы *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэ *″хьэрычэт″*хэр зэрытлъытам хуэдэу *″езырыж занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэщ мы *етlуанэ лъэбакъуэ*у утыку къихьэ *″хьэрычэт″*хэри, *щылэ*у щыт *гуэр*у **къызпкъырыкl**рэ зи **″субъект″**ым и **лъэкlыныгъэ**у утыку къихьэ *″хьэрычэт″* лlэужьыгъуэхэрщ. Нытlэ икlи, мы ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, *зи лъэкlыныгъэ*у *къызпкъырыкl*рэ зи *″субъект″*ым нэмыщl, мы *″хьэрычэт″*ыр *зытеухуэ*рэ мы *″хьэрычэт″клэрэ лъытэ* гуэрри *етlуанэ ″щхьэ″*уэ зыхэзыубыдэ лэжьэкlэрэ къэlуэтэкlэ зиlэ *″езырыж занщlэ глагол″*хэрщ мыхэр.

Мы зи гугъу тщlы *"хьэрычэт"*ыр *зи лъэклыныгъэм* -"субъект"ым-*къыщыпкъырыклым* щыгъуэ икlи *зытеухуэ* гуэру зы **"гъуэгуанэ"**щ лъытэри, мыпхуэдэуи мы *"езырыж занщlэ глагол" лэжьэклэу* зы **"lуэху"**и гъэзащlэу лъытапхъэщ. Аращи, зы *"lуэху"* лlэужьыгъуэу *"гъуэгуанэ"*р *"субъект"*ым зэрыр*иклуэу*и къэlуэтапхъэщи, мыпхуэдэ къэlуэтэклэр *иужьрей глагол лlэужьыгъуэ* (lуэху глагол) *къэхъуныгъэу*и зэрылъытапхъэу, мы зи гугъу тщlы *"езырыж глагол"* лlэужьыгъуэхэр *"lуэху глагол"*у зи гугъу тщlынухэми *лъабжьэ* яхуэхъуу лъытапхъэнщ.

Ауэ, мыбдежым ди lуэхур мы зи гугъу тщlы "езырыж занщlэ глагол" лlэужьыгъуэм щыгъуазэ хуэхъунращи, *"субъект"*ым и *лъэклыныгъэу къыщыпкъырыклым* щыгъуэ *лъытэу* мы зи гугъу тщlы **"гъуэгуанэ"**р зыхуэунэтlарэ **зыдэклуэ**у *зынэс*ыну **гуэр**и зэрыщыlэнур гурыlуэгъуэмэ, мыращ мы глагол лэжьэклэм **етlуанэ "щхьэ"**уэ хэлъытапхъэр. Нытlэ, *"езырыж занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэу мы зи гугъу тщlы *"хьэрычэт"*ыр *утыку къыщихьэклэ* икlи зы *"гъуэгуанэ"и зыклуэ*рщи, "субъект"ым икlуэ мы "гъуэгуанэ"ри *зыхуэклуэр*ащ мы "езырыж занщlэ глагол" лэжьэклэм *"субъект"ым нэмыщl* къыхэщу зи гугъу тщlы *етlуанэ "щхьэ"*р.

Мы зэрыжытlауэ, мы глагол лэжьэклэм *"субъект"*ымрэ мы *етlуанэ "щхьэ"*уэ хиубыдэм я *зэхуакум дэлъ "гъуэгуанэ"* мэлъытэри, нытlэ, къыпкъырыкl "хьэрычэт"клэрэ лъытэу *"субъект"ми къыпэщыт мы "гъуэгуанэ"*р зыхуэклуэу *зынэс*ыну глагол лэжьэклэм *етlуанэ "щхьэ"*уэ мы хэлъытэри *псэущхьэ*рэ *цlыху* лlэужьыгъуэу е *нэгъуэщl гуэр*рэ зы *щlыпlэ*у зэрыщытыфынур гурыlуэгъуэщ.

Мыхэр зытежытlыхьа зы *"езырыж занщlэ глагол"*ым и *лэжьэклэ* щапхъэхэри *япэ*рауэ *"объектив субъект"*клэрэ *зэмылlэужьыгъуэ зэманыгъуэ*хэм теухуауэ зэрылажьэрэ икlи мы *"хьэрычэт"*ыр мыпхуэдэу *утыку къыщихьэклэ* зытеухуэу *зынэс*ыну зи гугъу тщla *етlуанэ "щхьэ"*ри *"объектив"* лlэужьыгъуэу щыту мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнри игъуэщ. Аращи, мыпхуэдэ зы глагол лlэужьыгъуэу щыт *"клуэн"*ыр *зи лъэклыныгъэу* –мы ипэклэ зэрыжытlауэ- зы "объектив субъект"ым *къызэрыпкъырыкl*рэ зэрылажьэм теухуа щапхъэхэр икlи *"клуэн"*ыр мыпхуэдэу щылажьэкли *занщlэу* икlуэу *лъытэ "гъуэгуанэ"*р *зынэс "щхьэ"*ри –ар дыдэу- *"объектив"* лlэужьыгъуэу зэрылъытэу зыхэзыубыдэм теухуа щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «ар макlуэ; ар клуащ; ар клуэнщ; ар клуэнущ»;
- «ар абы макlуэ; ар абы клуащ; ар абы клуэнщ; ар абы клуэнущ».

**Глагол лэжьэкlэхэм ″субъект″ым нэмыщl, хэлъытэ мы етlуанэ ″щхьэ″ри зэрылъытапхъэмрэ глагол терминологиехэм теухуауэ.**

Мы ипэкlэ къэтlуэтахэмрэ мы къэта етlуанэ псалъэухыгъэ цlыкlу щапхъэми зэрыхэплъагъуэу, *″езырыж занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэ *″кlуэн″*ыр *зи лъэкl*ыныгъэм *къыпкъырыкl*ыу *щылажьэкlэ* зы *″гъуэгуанэ″*и икlуэу/ихьу зэрылъытэр нэрылъагъущ. Нытlэ, ″субъект″ым ″кlуэн″кlэрэ къыпэщыт мы *″гъуэгуанэ″р зыдынэс нэгъунэ*м -физикэу- зы *″lуэху″* утыку къызэрихьэр гурыlуэгъуэщи, мы *″гъуэгуанэ″р зыдынэс*ри зэрылъытапхъэр *″lуэху″ лlэужьыгъуэ ″щхьэ″*уэ *″абы″*уэ мы зэрылъытари нэрылъагъущ.

Аращи, мы ″lуэху″ лlэужьыгъуэу утыку къихьэу икlи *″lуэху″* лlэужьыгъуэу *″абы″*уэ лъытэр *″езырыж занщlэ глагол″*ым *и лэжьэкlэу утыку къызэрихьэ*р наlуэщи, ар утыку къихьэн папщlэ мы ″езырыж занщlэ глагол″ым и лэжьэкlэм нэмыщl ухуэныкъуэкъым. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, мы *″езырыж занщlэ глагол″*ыр зыхуэкlуэн хуей гуэру зэрыгъэпсакlэрэ лажьэу утыку къихьэу лъытапхъэкъым *глагол лэжьэкlэм etlуанэ ″щхьэ″*уэ *хиубыдэ*у зи гугъу тщlы *″luэху″* лlэужьыгъуэр. Аращи, мы etlуанэ *″щхьэ″*р хэлъытэн *папщlэ ″префиксил″*у ухуа зы *глаголкъым* мыри, *″езырыж занщlэ глагол″*у и мыхьэнэкlэрэ *езыр езырурэ зэрылажьэ*м ипкъ зэриткlэ езыр езырурэ лъыта *″luэху″* лlэужьыгъуэ *″щхьэ″*щ. Ар щыхъукlи, мы *″luэху″* лlэужьыгъуэ *″щхьэ″*р -″абы″р- *″klуэн″ глаголым и лэжьэкlэм* флэкlыпlэ имыlэу *хиубыдэ*рщ; *″klуэн″ глагол лэжьэкlэр* флэкlыпlэ имыlэу *зынэс*рэ зы**лъэlэс**ырщ – хуэ*″трансив″*ырщ.

Адыгэбзэм и лэжьэкlэм мыпхуэдэу хэтми, нобэрей *ди бзэщlэныгъэм лъабжьэ хуэхъуа*рэ икlи къызытехъукlауэ *универсал бзэщlэныгъэ*уи ялъытэр *зытеухуа европэбзэ*хэм зэралъытэр адыгэбзэм мы зэрыхэлъытэм хуэдэкъым. Нытlэ, а бзэхэм я глагол лэжьэкlэр флэкlыпlэ имыlэу *щхьэжу ″субъект″*и къызэрыхэщущ (″субъект″ - ″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″) зэрылъытэри, мы ипэкlэ *etlуанэ ″щхьэ″*уэ зи гугъу тщlари мы **европэбзэ псалъэухыгъэ**хэм зэрыхэлъытэр **къыпыщэж** (пп: ″**дополненэ**″) лlэужьыгъуэущ:

| |
|---|
| «″субъект″ - ″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″ - ″... ← дополненэ″». |

Ар щыхъукlи, *европэбзэ псалъэухыгъэхэм* флэкlыпlэ имыlэу *хиубыдэн хуейуи щымыт*рэ *иужькlэ ″къыпыщэж″*у мы зэрилъытэм зэрезэгъщи, зи гугъу тщla *etlуанэ ″щхьэ″*р занщlэу *глагол лэжьэкlэ*у утыку къимыхьарэ

мылъытауэ, иужькlэ къыпыщэжу къэlуатэу (пп: je vais a la maison) мы зэрылъытэми гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlщи, *глагол лэжьэкlэр* езым нэмыщlым занщlэу **лъэмыlэс**ущ –*"интрансив"*ущ- зэрылъытэр.

Мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщу, *универсал*у ялъытэу утыку ит *бзэщlэныгъэ*р къызытехъукlа *европэбзэхэм* мы зи гугъу тщlы *етlуанэ "щхьэ"*р *"къыпыщэж"у* мы зэр*илъытам зэрезэг*ъщи, ар занщlэу *глагол лэжьэкlэу мылъыта*рэ *псалъэухыгъэми* иужькlэ *къызэрыпыщэжу* зэрыхэлъытэ щlыкlэущ икlи *къызэрalуат*эр. Ауэ, *адыгэбзэ*м и *глагол лэжьэкlэ*хэмр къызэрыlуатэрэ и *псалъэухыгъэ гъэпсыкlэ*ри *европэбзэхэм хуэдэу* зэры*щымыт*ыр гурыlуэгъуэщи, зи гугъу тщlы *етlуанэ "щхьэ"*р мыбдежым зи лэжьэкlэм щыгъуазэ дызыхуэхъуу щыт *"езырыж занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэхэм я *лэжьэкlэу занщlэу зэрылъыт*эрэ псалъэухыгъэми мыпхуэдэу зэрыхиубыдэр гурыlуэгъуэщ:

«*"*субъект*"* - глагол лэжьэкlэ зытеухуэ *"*щхьэ*"* - *"*глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ*"*».

Аргуэру къыхэгъэщыпхъэмэ, мы ипэкlэ зи гугъу тщla *"езырыж занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэ *лэжьэкlэ*м *"субъект"*ым *нэмыщl* етlуанэ зы *"щхьэ"*и занщlэу щолъытэфри, ар адыгэбзэ къэlуэтэкlэрэ *псалъэухыгъэ*м *иужькlэ къыпыщэжу лъытапхъэкъым*. Аращи, мы зи гугъу тщlы *глагол*ым и *мыхьэнэ*мрэ и *лэжьэкlэм "етlуанэ щхьэ"*у занщlэу щылъытэр *псалъэухыгъэ*ми *"*субъект*"*ым къыкlэлъыкlуэрэ *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*ми *ипэ къихуэ*у зэрыхиубыдэри нэрылъагъущ:

«ар абы макlуэ».

Ауэ, мы зи гугъу тщla *"щхьэ"*р нобэрей *ди бзэщlэныгъэ*ми *зэрилъыта* щlыкlэр ар *зэпха бзэщlэныгъэм* зэрезэгъкlэ *"къыпыщэж"* зи мыхьэнэуэ *"дополненэ"*ущ зэрилъытарэ зэрызырихьэри, нытlэ, адыгэбзэ глагол лэжьэкlэм занщlэу хэлъытауэ зэрыщыткlэ, иужькlэ лъытарэ къэlуэтэкlэхэм къыпыщэжу хэхьауэ мылъытахъэми, мыпхуэдэу -*дигу зынэмыс*ми- термин лlэужьыгъуэу зетхьэ нэгъуэщl псалъэхэм хуэдэу, ***"*дополненэ*"*** псалъэри -и *мыхьэнэ*р *нэмыплъ* зэрытщlакlэрэ- ди лэжьыгъэхэм **хьэху**у зы *"термин"*у щызыдохьэр.

Дауи, адыгэбзэр зи гугъу тщla бзэхэм зэрыхуэмыдэм зэрезэгъкlэ, а бзэхэм къатехъукla бзэщlэныгъэм илъытэхэр адыгэбзэм щыхуэимыгъуэ щlыпlэхэр -мымащlэу- щыlэщи, мы зи гугъу тщlари мыпхуэдэ зы lуэхугъуэрщ. Аращ икlии, *глаголхэр* а бзэщlэныгъэм *"трансив (лъэlэс)"*рэ *"интрансив (лъэмыlэс)"*у зэрызэщхьэщигъэкlар адыгэбзэ глаголхэм *хуэфащэ*рэ *хуэигъуащэ*у *дымылъыт*эу, *адыгэбзэ глаголхэр* нэхъ *игъуэ*рэ

икlи а *нэхъ лъабжьэ*уи **″езырыж глагол″**рэ **″lуэху глагол″**у зэщхьэщыдгъэкlагъащ.

*Глагол*хэр *″езырыж″рэ ″lуэху″* лlэужьыгъуэу мы зэрытлъытар ахэр *″лъэlэс″рэ ″лъэмыlэс″*у зэрылъытэм *елъытауэ нэхъ лъабжьэ*щи, макъыбзэу щыт адыгэбзэми хуэфащэ лъытэкlэхэрщ. Икlи, *глагол*хэр я *мыхьэнэрэ хьэрычэт* лlэужьыгъуэу адыгэбзэм *″езырыж″рэ ″lуэху″*у мы зэрылъытэм къыщымынэу, абыхэм я глагол **″субъект″**хэри зытеухуа *глаголхэм хуэдэжу* **″езырыж″**рэ **″lуэху″** лlэужьыгъуэу зэрылъытэри гурыlуэгъуэщ. Ауэ икlи, глагол *″субъект″ым къыщымынэ*у *дэтхэнэ зы ″щхьэ″*ри *″езырыж″рэ ″lуэху″* лlэужьыгъуэу лъытапхъэщи, *глагол лэжьэклэ*м хиубыдэ **″щхьэ″**хэр ягъэзащlэ **къалэн**ым **елъыта**уэ **″езырыж″**рэ **″lуэху″** лlэужьыгъуэу мэлъытэхэр.

Ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, **″щхьэ цlэпапщlэ″**у **″объектив щхьэ″** лlэужьыгъуэхэр **″езырыж″**рэ **″lуэху″** лlэужьыгъуэу зэщхьэщокlри, **″езырыж″** лlэужьыгъуэ **″объектив щхьэ цlэпапщlэ″**р *″а″р а зэрыщыту* **″ар″**у, **″lуэху″** лlэужьыгъуэ **″объектив щхьэ цlэпапщlэ″**ри *″а″р елъытаужьыгъуэ (б) щlыклэу* **″абы″**уэщ зэрылъытэу, *глагол лэжьэклэхэм*и зэрыхаубыдэр. Зэрыгурыlуэгъуэу, *″субъектив щхьэ цlэпапщlэ″*хэр *″езырыж″рэ ″lуэху″*у *зэщхьэщымыклхэкъым*; ауэ, ахэр *″глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ″*хэм щызэрыхэлъытэ **″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″**хэр **″езырыж″**рэ **″lуэху″** лlэужьыгъуэу *зэрызэщхьэщыклри* гурыlуэгъуэнщ.

Адыгэбзэ *″глагол″*хэмрэ я *″субъект″*хэр *″езырыж″рэ ″lуэху″* лlэужьыгъуэу *зэхуэдэ*рэ зэтехуэу мы зэрылъытэм *хуэмыдэкъым европэбзэ ″глагол″*хэмрэ я *″субъект″*хэри зэхуэдэрэ зэтеухуэу зэрыщымытхэр гурыlуэгъуэщ. Аращи, *европэбзэхэм глагол*хэр *″трансив″рэ ″интрансив″*у -″лъэlэс″рэ ″лъэмыlэс″у- зэрызэщхьэщыклым хуэдэжу я *″субъект″*хэри *″трансив″рэ ″интрансив″*у -″лъэlэс″рэ ″лъэмыlэс″у- зэщхьэщыклыу зэры*мылъыт*эр гурыlуэгъуэщ; – икlи, я ″субъект″хэм нэмыщl, я дэтхэнэ зы *″щхьэ цlэпапщlэ″*ри мыпхуэдэу зэщхьэщыклыу зэры*мылъыт*эри гурыlуэгъуэщ.

Аргуэру къыхэгъэщыпхъэмэ, *″лъэlэс″рэ ″лъэмыlэс″* терминхэр - *″трансив″рэ ″интрансив″* терминхэр- *глаголхэращ зытеухуар*и, мы терминхэр глагол *″субъект″*хэмрэ глагол лэжьэклэм щыхэлъытэ *адрей ″щхьэ″*хэр *зэрылъытапхъэ* терминхэу *щыткъым*. Ныtlэ, аргуэру

къыхэгъэщыпхъэщ -"лъэlэс"рэ "лъэмыlэс" нэхърэ- *адыгэбзэм хуэигъуэ терминхэр "езырыж"рэ "lуэху"*хэрауэ зэрыщытыр.

*

*"Къэхъу-къэщl"* лlэужьыгъуэ *"хьэрычэт"*хэу ипэкlэ зи лэжьэкlэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къызыхуэтхьа *"езырыж занщlэ глагол"*хэр *"объектив"у зэрылажьэ*рэ къызэрыlуатэ щlыкlэхэмрэ, *"цlыху"м теухуауэ зэрылажьэ*рэ къызэрыlуатэ щlыкlэхэр *зэрызэщхьэщыкl*ыр гурыlуэгъуэщи, нытlэ, мыбдежым *мы* зи гугъу тщlы *"езырыж занщlэ глагол" лlэужьыгъуэ*хэри *"объектив щхьэ"хэм теухуа*уэ *къызэрыlуатэ* щlыкlэхэмрэ, *"субъектив щхьэ"хэм* –цlыхум- *теухуа*уэ *къызэрыlуатэ* щlыкlэхэр *зэрызэщхьэщыкl*ынури гурыlуэгъуэнщ.

Ауэ, ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, *мы* зи гугъу тщlыну *"езырыж занщlэ глагол" лlэужьыгъуэ*хэм я *лэжьэкlэм "щхьитl"* зэрызыхиубыдэр гурыlуэгъуэщи, нытlэ, *япэрауэ* глагол *"субъект"ыр "объектив"у* щытрэ *"хьэрычэт"*ыр *зытеухуэ*у зынэс *"щхьэ"ри "субъектив"у* зыхиубыдэ *глагол лэжьэкlэ*хэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Мыбы къыкlэлъыкlуэуи, глагол *"субъект"ымрэ "хьэрычэт"*ыр *зытеухуэ "щхьэ"ри "субъектив"у* зыхэзыубыдэ *глагол лэжьэкlэ*хэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Ипэкlи "езырыж занщlэ глагол"хэр "субъектив субъект"кlэ щылажьэкlэ "глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"хэм щызэрыхэлъытэ щlыкlэхэм щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащи, нытlэ, мыбдежми мы *глагол лэжьэкlэр зытеухуэ*у *етlуанэ "щхьэ"*р цlыху -*"субъектив"*у- зэрыщыткlэ *"глагол лэжэкlэу ухуэ псалъэ"*хэм зэрыхэлъытэ щlыкlэхэми щыгъуазэ дыхуэхъу хуейщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *"езырыж глагол" лэжьэкlэ*р *зытеухуэ* мы *"щхьэ"*хэр *"lуэху"* лlэужьыгъуэущ зэрылъытэри, мыр ипэкlэ "объектив щхьэ"хэм теухуа я лэжьэкlэ щапхъэхэм хыболъагъуэр. Икlи, *"субъектив щхьэ"*хэр (сэ, дэ; уэ, фэ) *"щхьэ цlэпащlэ"*у *"езырыж"*рэ *"lуэху"* лlэужьыгъуэу *зэрызэщхьэщымыкl*ыр гурыlуэгъуэми, ахэр *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэм *"езырыж"*рэ *"lуэху"* лlэужьыгъуэу щы*зэрыхэлъытэ*ри гурыlуэгъуэщ. *"Езырыж глагол"*хэм я *"субъект"*хэр *"езырыж"* лlэужьыгъуэщ; ауэ, *"хьэрычэт"*ыр зытеухуэу *зынэсу* зи гугъу тщlы *етlуанэ "щхьэ"*р *"lуэху"* лlэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, нытlэ, мы *"lуэху"* лlэужьыгъуэр *"субъектив щхьэ"*уэ зэрыщыткlэ *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*м *зэрыхэлъытэ* щlыкlэращ мыбдежым зыгурыдгъэlуэну къытпэщытыр.

Япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *"субъектив щхьэ цlэпапщlэ"*хэр *"глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"*хэм *зэрыхэлъытэ* щlыклэхэри **"субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"**у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Икlи, *"хьэрычэт" лъытэ макъ/псэлъэпкъ/псалъэм ищхьэ лъэныкъуэм къыпыхьэ*у зэрыхэлъытэм папщlи, *"префикс" лlэужьыгъуэ*у **"щхьэ префикс"**уи лъытапхъэхэрщ.

Мы зэрыжытlауэ, *"префикс"* лlэужьыгъуэу зэрылъытами зэрезэгърэ *"lуэху"* лlэужьыгъуэуи зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, мы *"субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*хэр *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*хэм *ищхьэ* лъэныкъуэм *"ы"ншэу* къыпыхьэущ щызэрыхэлъытэри, мыпхуэдэу зэрыщыткlи, *зи ипэ къихуэ макъ*ым *зыригъэlу*у *къызэрыlу*нури гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, мы зэрыжытlауэ, *"lуэху"* лlэужьыгъуэ **"субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"**у **"ы"ншэ макъ**хэмрэ, мыбы *къыклэлъыклуэ мак*ъыу зыпыщlам елъытауэ и **къэlуклэ**ри *зэры***зэхъуэкl** *щlыкl*эхэри къыпыщэжауэ, *зытеухуа "субъектив щхьэ цlэпапщlэ"*хэм къыклэлъыклуэу къэдгъэлъэгъуэжынщ:

«сэ → "с; з"»; «уэ → "б; п, пl"»; «дэ → "д; т, тl»; «фэ → "ф; в, фl"».

**Я лэжьэклэхэм "субъектив щхьэ дополненэ" зыхэзыубыдэ глаголхэр зэры"лажьэу ухуа псалъэ"хэр игъуэ "префикс"хэмклэ мэухуэр.**

Мы "езырыж занщlэ глагол" лlэужьыгъуэхэм я лэжьэклэм "хьэрычэт"ыр зытеухуэу зынэс *етlуанэ "щхьэ"*р *"субъектив"*у щытмэ, *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*хэм -*"псэлъэпкъыщхьэ"*м- *"щхьэ префикс"*у зэрыхэлъытэнур мыпхуэдэщ. Ауэ, мыбыхэм нэмыщl, мы *"езырыж занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэ *"хьэрычэт"*ыр *"субъектив щхьэ"*хэм *теухуэ*рэ *нэсу зэрылъытэ*ну *щlыклэ*хэми щыгъуазэ дыхуэхъуни хуейщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, мы зи гугъу тщlы *"езырыж занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэхэр *щылажьэклэ* икlи занщlэу зы *"гъуэгуанэ"*и *зэрылъытэ*р жытlагъащи, нытlэ, мы *"гъуэгуанэ"*р зыхуэклуэу *зынэс*ынур зы *цlыху* нэрыбгэ е гупу щытмэ, мы *"субъектив щхьэ"*р псалъэм зэрыхиубыдэну щlыклэр "объектив щхьэ" зэрыхиубыдэ щlыклэм хуэдэу къызэрымынэур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, глагол лэжьэклэу лъытэ *"гъуэгуанэ"р "субъектив щхьэ"м зэрыхунэс*ри псэлъэбзэр къэзыlуатэ *"сэ"м*рэ и *"субъективыгъэ"* лъэныкъуэклэ *зэрылъытэ*у къызэрыlуэтэнури гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, псэлъэбзэр къэзыlуатэрэ *къэпсалъэ "субъектив щхьэ"*хэм –"сэ"рэ "дэ"м- *"хьэрычэт"*ыр *къыхуэклуэ*рэ *къынэсу* зэрылъытапхъэр *"хьэрычэт" лъытэ* макъ/псэлъэпкъ/псалъэр **"къ"** *макъклэрэ къежьэу* ухуапхъэщ. Псэлъэбзэр къэзыlуатэу мы къэпсэлъым *edaluэ "субъектив щхьэ"*хэми -"уэ"рэ "фэ"м- *"хьэрычэт"*ыр *хуэклуэ*рэ *хунэсу*щ -бзэр къэзыlуатэ *"сэ"м елъытауэ*- зэрылъытапхъэри *"хьэрычэт" лъытэ* макъ/псэлъэпкъ/псалъэр **"н"** макъклэ къежьэущ зэрыухуапхъэр.

Мы зи гугъу тщla *"къ, н" макъ*хэр *"префикс"*у мы зэрылъытапхъэри *"сэ"м къыбгъэдэкl*рэ *елъыта*уэщи, -зэрыжытlауэ-*пэщlэдзэ*рэ *къежьапlэ* зэрылъытэ *"къ" макъ*ыр *"сэ"м* –икlи *"дэ"м*- езым къыхуэклуэрэ къынэсыр зэрылъытэ "префикс"щ; ауэ, *"уэ, фэ"м хуэклуэ "хьэрычэт"*ыр "сэ"м елъытауэ -*"сэ"м пэжыжьэ зэрыхуэхъу* щlыклэу- *"н" префикс*клэщ зэрылъытапхъэр. Ауэ икlи, "сэ"м и "субъектив"ыгъэм иту зэрыщытхэм ипкъ зэриткlэ, "уэ, фэ"р и щхьэм зэрыхуилъытэу зэрыщыткlи, *"уэ, фэ"м езым* къыхуэклуэ "хьэрычэт"ыр *–гъунэгъу къызэрыхуэхъу* щlыклэуи- "сэ"м *"къ" префикс*клi *къызэрыlуэтэф*ынур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, *"сэ"м* мы *лъэныкъуитlкlэ зэрилъытэф*ым елъытауэ *"уэ, фэ"м хуэклуэ*рэ хунэс *"хьэрычэт"*ыр езы "сэ"м -хуэпэжыжьэ зэрыхъуклэ- *"н" макъ "префикс"*клэ *ухуа псалъэмклэ* къызэриlуатэм нэмыщl, икlи и *"субъективыгъэ"*м ит *"уэ, фэ"*р *"сэ"м* езым *и щхьэм хуилъытэжу- "къ" макъ "префикс"*клi *ухуа псалъэмклi* къызэриlуэтэфынур гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, *"клуэн"* глаголыр *"объектив субъект"клэ*рэ *лажьэу "субъектив щхьэ"*хэми *теухуэ*у *"къ, н" префикс*клэ *зэрыухуэ*у къызэрыlуэтапхъэри мыпхуэдэу лъытапхъэщ:

- «"клуэн"ыр "объектив щхьэ"клэ лажьэу *"сэ, дэ"м* теухуэрэ *нэсу* "къоклуэ"у къэlуэтапхъэщ»;
- «"клуэн"ыр "объектив щхьэ"клэ лажьэу *"уэ, фэ"м* теухуэрэ *нэсу* "ноклуэ"у –икlи "къоклуэ"уи- къэlуэтапхъэщ».

Нытlэ, зы *"объектив субъект"*ым и *лъэклыныгъэ*у къыпкъырыкl *"клуэн"*ыр *щылажьэклэ* -глагол мыхьэнэм ипкъ зэриткlэ- лъытэ *"гъуэгуанэ"*ри *зыхуэклуэ*рэ зынэсыр *"субъектив щхьэ"*уэ зэрыщытклэрэ къызэрыlуэтэну щlыклэхэри -мы ипэклэ къыхэдгъэщахэми зэрезэгъклэ- мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ. Мы зэрыжытlауэ, *"гъуэгуанэ"*р *зыхуэклуэ*р *"субъектив щхьэ"*уэ зэрыщытым зэрезэгъклэ, *"хьэрычэт"*ыр *игъуэ префикс*клэ ("къ" е "н") къызэрыlуэтапхъэм нэмыщl, *"гъуэгуанэ"* жыхуэтlэр *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэу зэрыщыткlи, *зынэсынур зы "щlыпlэ"*

лIэужьыгъуэрщи, ныtIэ, *"хьэрычэт"*ыр *"субъектив щхьэ"*хэм *теухуа "префикс"*хэм -"къ, н"- къыщымынэу икIи *"субъектив щхьэ"*р зыдэщыт *"щIыпIэ"*ри *лъытэн* зэры*хуей*р гурыIуэгъуэнщ:

«пп: "уэ"р зыдэщыт "щIыпIэ"м и гъунэгъу; "уэ"м и **дей** (уи дей)».

Мыхэр *"хьэрычэт"*ыр зытеухуэу *зынэс "щхьэ"*р зыдэщытI *"щIыпIэ"*кIэ къыызэрыIуатэрщ; ауэ, *"хьэрычэт"*ыр *зыхуэкIуэ*рэ зыхунэс *"щIыпIэ" хэмылъытэ*у, занщIэу *"субъектив щхьэ"м хуэкIуэу*и къызэрыIуэтапхъэри гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ къэIуэтэкIэм дежи, *"глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"*р *"субъектив щхьэ" лIэужьыгъуитI*ым ("сэ, дэ"рэ "уэ, фэ"м) *елъытауэ "къ, н" префикс*кIэ зэрыухуэм *нэмыщI*, икIи *"хьэрычэт"*ыр зыхуэкIуэ *"субъектив щхьэ"м* **хуэгъэза**рэ *хунэсу зэрылъытэ* щIыкIэу - аргуэру зы **игъуэ "префикс"**у- **"ху"** къищтэу зэрызэпкъырыувэфынури гурыIуэгъуэнщ.

Ныtlэ, мы къыпытщэжари зыхиубыдэу, *"кIуэн"* глаголыр *"объектив субъект"*кIэрэ *зэрылажьэ*м теухуа *щапхъэ*хэри -*"хьэрычэт"*ыр зытеухуэу *зынэс "*субъектив щхьэ"хэмрэ зыдэщыт "щIыпIэ" лъытэхэм я лъабжьэр щIэтхъауэ- мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «ар къокIуэ» → «ар (сэ) си дей къокIуэ» → «ар сэ къысхуокIуэ»;
`→ «ар (дэ) ди дей къокIуэ» → «ар дэ къытхуокIуэ»;

---

- «ар нокIуэ/къокIуэ» → «ар (уэ) уи дей нокIуэ/къокIуэ» → «ар уэ нып хуокIуэ/къып хуокIуэ»;
`→ «ар (фэ) фи дей нокIуэ/къокIуэ» → «ар фэ ныф хуокIуэ/къыф хуокIуэ».

Мы къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэу, *"хьэрычэт"*ыр *"субъектив щхьэ"*р *зыдэщыт* **"щIыпIэ"**м (пп: "сэ си дей") хуэкIуэрэ *нэсу зэрылъытэ*мрэ, а *"хьэрычэт"*ыр **"субъектв щхьэ"**м (пп: "сэ") *езым* хуэкIуэрэ *нэсу* **зэрылъытэ**р **"префикс"**кIэ (къ, н; ху) *зэрызэщхьэщыкI*ыр мы къэта щапхъэхэмкIэ гурыIуэгъуэщ.

Ныtlэ, *"хьэрычэт"*ыр "субъектив щхьэ"хэм теухуэрэ нэсу зэрылъытэ псалъэ зэпкъырыувэкIэри къыхэгъэщыпхъэмэ, **"объектив щхьэ"**р зи **"субъект"**у щыт мы *"кIуэн"*ыр **"субъектив щхьэ"**хэм **теухуэ**рэ *нэсу* **"къ, н"** *префикс*кIэ *къежьэ*у ухуар **"субъектив щхьэ"**хэм **хуэгъэза**уи **"ху"** *префикс*кIи *зэрыухуэжы*р мы къэта щапхъэхэмкIэ нэрылъагъущи, ныtlэ, *"хьэрычэт"*ыр *зытеухуэ*рэ зынэс **"сэ"**мрэ -икIи *"дэ"м-* **"уэ"**м –икIи *"фэ"м-* я **"щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ"**ри зыхэзыубыдэу **"зэман гъэлъагъуэ"**и къызыхэщ **псалъэ зэпкъырыувэкIэ** щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

- «къ-с-хуэ-кIуэ» → «къысхуокIуэ, къысхуэкIуащ, къысхуэкIуэнщ, къысхуэкIуэнущ».
- «н-п-хуэ-кIуэ» → «ныпхуокIуэ/къыпхуокIуэ, ныпхуэкIуащ/къыпхуэкIуащ, ныпхуэкIуэнщ/къыпхуэкIуэнщ, ныпхуэкIуэнущ/къыпхуэкIуэнущ».

Ауэ икӏи, *"хьэрычэт"*ыр зытеухуэрэ *зынэс*ыр *"цӏыху"*у щытмэ, ар *"сэ"м зэрилъытэ*у **"субъектив"**у е **"объектив"**у дауи лъытауэ щырет, *глагол лэжьэкӏэу ухуэ псалъэ"*м къищтэнур **зэхуэдэ "префикс"**щ (пп: *"*къыхуэ; ныхуэ*"*). Аращи, *"хьэрычэт"*ыр *зытеухуэ*рэ зыхунэс *цӏыхур "субъектив"*рэ *"объектив"*у дауи ирелъытэ, *"*хьэрычэт*"*ым *цӏыхум* **езым хуэкӏуэ**рэ *нэсу зэрылъытэ* **"префикс"**хэмрэ, *цӏыхур* **зыдэщыт "щӏыпӏэ"**м **хуэкӏуэ**у *зэрылъытэ* **"префикс"**хэр зэрыз**эщхьэщыкӏ**ынури гурыӏуэгъуэщ. Нытӏэ, мы къэтӏуэтахэр нэхъри гурыӏуэгъуэ къызэрытхуэхъу щапхъэхэри къэгъэлъэгъуапхъэщ:

| *"*Хьэрычэт*"*ыр зытеухуэр **"щӏыпӏэ"**у зэрылъытэ | *"*Хьэрычэт*"*ыр зытеухуэр **"щхьэ"**уэ зэрылъытэ (*"*ху*"* префикскӏэ зэрыухуэ) |
|---|---|
| - «ар абы макӏуэ» → «ар абы и дей макӏуэ»;<br>- «сэ абы сокӏуэ» → «сэ абы и дей сокӏуэ»; | - «ар абы хуокӏуэ»;<br>- «сэ абы сыхуокӏуэ». |

Езыр езырурэ къэхъуу утыку къихьэхэр –нэхъыбэуи *"*къэхъу-къэщӏ*"* лӏэужьыгъуэхэр- зэрылъытэ глаголхэрщ **"езырыж глагол"**хэри, я **"субъект"**хэри а зэрыщытрэ **"езырыж"**у зэрыщытынур гурыӏуэгъуэщ; мыри *"субъект"*ыр *"объектив"*у -*"объектив щхьэ"*уэ- зэрылъытэ *"ар"*ым гурыӏуэгъуэ къытхуещӏыр.

Ауэ, мыбдежым зи гугъу тщӏы *"езырыж глагол" лӏэужьыгъуэ*хэм -*"*езырыж занщӏэ глагол*"*- хуэдэу зи *лэжьэкӏэр зытеухуэ*рэ *зынэс*у зы *"луэху"*у мы *утыку къихьэ*р *"*езырыж*"*у лъытапхъэнкъыми, мыпхуэдэр *"объектив"*у -*"сэ"*м хуэпэжыжьэу (а)- зэрылъытапхъэнури *глагол лэжьэкӏэм* **елъыта ужьыгъуэ**у **"б"** *макъкӏэ къэӏуу* **"ӏуэху"** лӏэужьыгъуэущ: «**абы**».

*"Езырыж занщӏэ глагол"* лэжьэкӏэу *зытеухуэ "луэху"* лӏэужьыгъуэр зы *"щӏыпӏэ"*у щытмэ, ар *"объектив" къэӏуэтэкӏэ*у зыдэкӏуэри *занщӏэу зэрылъытэ* щӏыкӏэрщи, *езырыж глагол лэжьэкӏэ*р абы *зэрытеухуэ*р къызэрыӏуатэ щӏыкӏэм *"префикс" хуэныкъуэ*нкъым. Ар щхьэ, **"езырыж занщӏэ глагол" лэжьэкӏэр зытеухуэ**рэ зыхуэкӏуэ **"ӏуэху"** лӏэужьыгъуэр *зы гуэр*у е -нэхъ ӏупщӏыуи- зы **цӏыху**у щытмэ, ар **"объектив"**у -*"*сэ*"*м хуэпэжыжьэрэ зэмыпсалъэу- щытми, *глагол лэжьэкӏэр* абы *зэрытеухуэ* е зэрыхуэкӏуэр зэрылъытэу *игъуэ "***префикс***"* (пп: *"*ху*"*) къызэрищтапхъэр и ипэкӏэ къэта щапхъэхэмкӏи гурыӏуэгъуэщ.

Ауэ икӏи, *"езырыж занщӏэ глагол" лэжьэкӏэ*р *зытеухуэ* мы **"ӏуэху"** лӏэужьыгъуэ **"объектив щхьэ"**р зы **куэдагъэ**у щытмэ, *"*езырыж занщӏэ глагол*"* лэжьэкӏэм -фӏэкӏыпӏэ имыӏэу- игъуэ *"*префикс*"* (пп: хуэ)

къызэрищтэнури гурыlуэгъуэнщ. Икlи, *"объетив щхьэ куэдагъ цlэпапщlэ"*р зэрылъытэнури *"объектив щхьэ закъуэ цlэпапщlэ"* зэрылъытам **"хэ" клэух** къызэрищтэущ зэрылъытэнури, "lуэху" лlэужьыгъуэуи мыпхуэдэщ: *"абы"*м *куэдагъ лъытэ* "хэ" клэух зэрыхуэхъуущ (абыхэ). Мыбыи къыщымынэу, мыпхуэдэу *"хэ" клэух*клэ лъыта *"щхьэ куэдагъ"*ыр (абыхэ) мы *зэрыухуа* щlыклэм *гулъытэ зэрыхуэщl*рэ икlи зыгуэрым *зэрыпыщла*ри **"м" клэух**клэ зэрылъытэущ зэрызэпкъырыувэр: «абы → **абыхэм**».

Ауэ икlи, *"жыжьагъ"*рэ (а) *"куэдагъ"* (хэ) къызыхэщыр *"м" клэух*клэ *зыпыщla* гуэри зэриlэклэрэ лъыта нэужь, псалъэм *зэрелъытэужьыгъуэ* (**б**) **къыхэмыщми**, ар мыхьэнэклэ *"lуэху"* лlэужьыгъуэ *"объектив щхьэ куэдагъ цlэпапщlэ"*у зэрылъытэфынур гурыlуэгъуэнщи, мы къэтlуэтахэри къызыхэщ лъагъуэри мыбыдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

«абыхэм → **ахэм**».

Мы къызэрытlуэта щlыклэу ухуа **"объектив щхьэ цlэпапщlэ"**хэр **"щхьэ закъуэ"**рэ **"куэдагъэ"**у зэрылъытэр мыпхуэдэщи, *"езырыж глагол" лэжьэклэр зытеухуэ*у -**"дополненэ"**у- **"lуэху"** лlэужьыгъуэхэрщи, мы зэрыухуа щlыклэу *дэтхэнэ зы глагол гуп лэжьэклэми* щы*зэхъуэклкъым* – зэхуэдэщ.

Нытlэ икlи, мыбы нэгъунэ зи гугъу тщla *"езырыж занщlэ глагол" лlэужьыгъуэ*хэу зи *лэжьэклэр* зытеухуэрэ *зынэс*у *"lуэху" утыку къызэрихьэ* щlыклэхэр -*глагол къэхъуныгъэ*у- **"lуэху глагол"**хэм хуэклуэ **лъагъуэ**уи лъытапхъэши, *"езырыж глагол"* лэжьэклэм *"дополненэ"*у щыхэлъыта *"lуэху"*р -езыр *"гъэзэщlэн"*ыгъэу утыку къихьэ- *"lуэху глагол"*хэм *"субъект"* зэрхуэхъури гурыlуэгъуэщ.

*

Мыхэри къыхэдгъэщу къыпыщэжа нэужь, зи глагол *"субъект"*хэр *"субъектив щхьэ"*хэу -"цlыху"хэу- зэрыщыткlэрэ *"клуэн"* глаголыр *зэрылажьэ*м теухуа щапхъэхэри *"сэ, уэ"р зи "субъект"*у, *"хьэрычэт"*ри *"объектив щхьэ"*рэ *"субъектив щхьэ"*хэм *теухуэ*рэ нэсу икlи ахэр *зыдэщыт "щlыпlэ"*м (я дей) *теухуэ*рэ нэсу –зынэс "щlыпlэ"рэ "щхьэ"хэм я лъабжьэри щlэтхъауэ- мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| Занщlэ гл.лэжь. Зытеухуэр "щlыпlэ"у | Зытеухуэр "щхьэ"уэ |
|---|---|
| - «сэ сокlуэ» → «сэ абы и дей сокlуэ»; | - «сэ абы сыхуокlуэ»; |
| ↘→ «сэ (уэ) уи дей сокlуэ - сыноклуэ»; | - «сэ уэ сыныпхуокlуэ/сыкъыпхуокlуэ»; |
| ↘→ «сэ (дэ) ди дей сокlуэ»; | - (*); |
| ↘→ «сэ (фэ) фи дей сокlуэ»; | - «сэ фэ сыкъыфхуокlуэ»; |

| | |
|---|---|
| ↘→ «сэ (абыхэм) я дей сокlуэ»; | - «сэ абыхэм сахуокlуэ»; |
| - «уэ уокlуэ» → «уэ абы и дей уокlуэ»; | - «уэ абы ухуокlуэ»; |
| ↘→ «уэ (сэ) си дей укъокlуэ»; | - «уэ сэ укъысхуокlуэ»; |
| ↘→ «уэ (дэ) ди дей укъокlуэ»; | - «уэ дэ укъытхуокlуэ»; |
| ↘→ «уэ (фэ) фи дей уокlуэ»; | - (*); |
| ↘→ «уэ (абыхэм) я дей уокlуэ»; | - «уэ абыхэм уахуокlуэ». |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэри къыпытщэнщ:**

- ″Хьэрычэт″ зытеухуэ ″объектив щхьэ″хэр ″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэм зэрыхэмылъытэр гурыlуэгъуэщ; ауэ, *″объектив щхьэ″*р куэдагъэу щытмэ, *″куэдагъ″ лъытэ ″а″*р псалъэхэм зэрыхэлъытапхъэри (пп: ″сахуокlуэ; уахуокlуэ″) гурыlуэгъуэщи, мыхэр мы къэта щапхъэхэми хыболъагъуэр.

- ″Хьэрычэт″ыр ″щlыпlэ″мрэ ″щхьэ″хэм теухуэу къызэрыlуатэ щlыкlэхэр зэрызэщхьэщыкlри хыболъагъуэр мы къэта щапхъэхэми, зыхэзыубыдэ гупыр зыдэщыlэ щlыпlэм кlуэныр лъытапхъэ щхьэ, езыр (сэ, уэ) зыхэзыубыдэххэу щыт гупым (дэ, фэ) хуэкlуэу зэрымылъытэнухэри ″(*)″уэ къэдгъэлъэгъуащ. Нытlэ, *сэ″р* зыхэзыубыдэ гупу илъытэ *″дэ″р зыдэщыт щlыпlэ*м (″дэ″м и дей) кlуэнщ, ауэ, зы гупу *езыр*и *зыхиубыдэххэ*у щыт *″дэ″ гупым кlуэны*р –хуэкlуэныр- *игъуэкъым*; мыпхуэдэщи, ″уэ″ри зыхэзыубыдэ гупу лъытэ ″фэ″м ″и дей″ кlуэнщ, ауэ, зы гупу езыри зыхиубыдэххэу щыт ″фэ″м кlуэныр –хуэкlуэныр- игъуэкъым.

- *″Сэ″р ″уэ, фэ″м зэрыхуэкlуэ*р -″сэ″м и ″субъективыгъ″у зэрыщыткlэ, *″уэ, фэ″м я еплъыкlэуи-* ″сыкъыпхуокlуэ, сыкъыфхуокlуэ″у къызэрыlуэтапхъэм нэмыщl, ″сыныпхуокlуэ, сыныфхуокlуэ″уи къэlуэтэфынщ; ауэ, *″сыкъыпхуокlуэ, сыкъыфхуокlуэ″* къэlуэтэкlэр *гъунэгъу лъытэ*у -*″уэрсэр″*ыгъэу, *″субъективыгъэ″*у-зэрыщыткlэ *нэхъ игъуэ*уи лъытапхъэщ.

- Мы къэтlуэтахэм нэмыщl, *″хьэрычэт″*ыр ″субъектив щхьэ″хэм теухуэрэ нэсу зэрылъытэ псалъэ зэпкъырыувэкlэри къыхэгъэщыпхъэмэ, **″субъектив щхьэ″**хэр зи **″субъект″** мы *″кlуэн″* лlэужьыгъуэ *″хьэрычэт″*ыр **″субъектив щхьэ″**хэм къы**теухуэ**рэ нэсу **″къ, н″** *префикс*кlэ *къежьэ*у, мы къазэры*хуэгъэза*уи **″ху″** *префикс*кlэ *зэрыухуэжь*ыр гурыlуэгъуэщи, нытlэ, **″сэ″**мрэ -икlи *″дэ″м-* **″уэ″**м –икlи *″фэ″м-* я **″щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″**рэ **″зэман гъэлъагъуэ″**ри -*″ит зэман″*у-зыхиубыдэу зэры*″лажьэу ухуэ псалъэ″* **зэпкъырыувэкlэ**ри къэдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «**сы**-н/къ-п-хуэ-кlуэ» → «**сы**ныпхуокlуэ – **сы**къыпхуокlуэ»; |
| - «**у**-къ-с-хуэ-кlуэ» → «**у**къысхуокlуэ». |

## Глагол лэжьэкlэхэм ″субъектив дополненэ″ зэрыхиубыдэ ″префиксиал″ къэlуэтэкlэхэр икlи ″префиксиал глагол″хэр - ″инфинитив″у- зэрыухуэм лъабжьэ яхухъурщ.

Мы ипэкlэ къызэрыхэдгъэщарэ къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, мы *″езырыж занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэхэр щылажьэкlэ занщlэу лъытэ

*"гъуэгуанэ"*р зытеухуэрэ *зынэс щlыпlэ*рэ *гуэр*и щыlэнщи, мы *гуэр*ыр зэрылъытэ *"щхьэ"*ри адыгэбзэр зыщlэджыкl бзэщlэныгъэм ипкъ зэриткlэ *къыпыщэж* мыхьэнэ зиlэ *"дополненэ"*ущ зэрылъытар. Глагол мыхьэнэр зытеухуа *"хьэрычэт"ыр "объектив щхьэ"м* занщlэу теухуэрэ *нэсу* лъытэ щхьэ, *"хьэрычэт"*ыр *"субъектив щхьэ"*хэм занщlэу теухуэрэ *нэсу*къым зэрылъытэри, *"субъектив щхьэ"м* зэрытеухуэрэ *зэрынэс щlыклэ* лъытэн хуей мэхъур.

Аращи, *"хьэрычэт"*ыр *"субъектив щхьэ"м зэрынэс щlыклэ*р зэрылъытэри *"кондицэ"*ущи, ныtlэ, *"кондицэ" лъытэ*ри *"префикс"*у зэрыщытым ипкъ зэриткlи, мы зи гугъу тщlы *"езырыж занщlэ глагол" лlэужьыгъуэ*хэм я *"лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*хэр -фlэкlыпlэ имыlэу- *"игъуэ префикс"*и къащтэу зэрызэпкъырыувэнур гурыlуэгъуэщ. – Ар щыхъукlи, мы *"глагол" лэжьэклэ*м **"префикс"кlэ** мы зэры*хэлъытэ*м папщlэ, **"къыпыщэж"**уи лъытапхъэ хъунщи, ипэкlэ *хьэхуу зетхьэ*у жыхуэтlа **"дополненэ"** псалъэри -кlуэ пэтрэ- *хуэфащэ* хъууэ щlидзэнщ.

Ауэ, *"хьэрычэт"*ыр зытеухуэрэ *зынэс*ыр *"дополненэ"у* лъытэныр *хуэфащэ дыдэ* щыхъур *"инфинитив"у "префиксиал глагол"*у ухуахэращи, абыхэм я лэжьэкlэхэр зытеухуэрэ *зынэс "щхьэ"р "объектив"рэ "субъектив"у дауи* щырет, *"хьэрычэт"*ыр *нэрынэс*ыр *глагол "префикс"ым теухуа*уэщ зэрылъытэр. Ныtlэ икlи, глагол лэжьэкlэр зытеухуэрэ зынэс *"субъектив щхьэ"*р *глагол лэжьэклэу "префикс"клэ зэрылъытэ*у мы ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа *"езырыж занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэхэм мы я *лэжьэклэ*хэри *"инфинитив"у "префиксиал глагол"*хэр зэрыухуэм я *лъабжьэ*рэ я *пэщlэдзэ*у лъытапхъэуи жыlэпхъэщ.

Мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщу, мы *"езырыж занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэхэр *"субъектив щхьэ"*хэм *теухуэу зэрылажьэ* щlыкlэхэр *"префикс"ыншэ "глагол"*хэм -*"занщlэ глагол"*хэм- я *лэжьэклэ*кlэ *"префикс" къызэращтэ*м теухуа щапхъэхэрщи, езыхэр **"занщlэ глагол"**рэ я **лэжьэкlэу "префикс"** къащтэу утыку къихьэ мы *"префиксиал"* лlэужьыгъуэ *псалъэ*хэр икlи **"префиксиал глагол"**хэр **"инфинитив"**у зэрылъытэми **лъабжьэ** яхуэхъухэрщ. Ныtlэ, мы *"езырыж занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэхэм я *лэжьэклэу "префикс"*кlэ къызэрыlуатэу ухуэ *псалъэ* зэпкъырыувэкlэм *"инфинитив"у "префиксиал глагол"*хэри къазэрытехъукl *лъагъуэ*ри къэгъэлъэгъуэн хуейщ.

Аргуэру къыпыщапхъэмэ, мы *"езырыж занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэ *"хьэрычэт"*ыр *"субъектив щхьэ"*м *зэрынэсыр зэрылъытэр*и мы **глагол**

**лэжьэкlэ***м къищтэ* **″префикс″**кlэрэщи, мыри зы *″езырыж занщlэ глагол″*ыр *-″щхьэ префикс″хэм нэмыщl-* **япэу ″префикс″** къызэрищтэу *зэрыухуэ* щlыкlэрщ. Мыпхуэдэ лэжьэкlэри **″префиксиал глагол″** *къэхъуныгъэ*м и **пэщlэдзэ**рэ икlи **лъабжьэ** хуэхъурщи, мыри *япэрауэ* мы зи гугъу тщla **″езырыж занщlэ глагол″** лlэужьыгъуэхэр **цlыхум теухуэ**рэ нэсу *зэрылажьэ*рэ **къызэрыlуатэ** щlыкlэращ зытеухуар.

Ауэ икlи, ипэкlи зэрыщыжытlауэ, *″глагол″*хэр *″инфинитив″*у зэрылъытэм лъабжьэ хуэхъуари *″хьэрычэт″*ыр утыку къызэрихьэрэ зэрылъытэ щlыкlэр *уникэ*рэ *сингулар*у *зэрылъыта* зы *псалъэ* лlэужьыгъуэу –зы *″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*у- зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Аращи, *″хьэрычэт″*ыр сытым щыгъуи *лэжьэну зэрыгъэпса* щlыкlэр *″инфинитив″*у *зэрылъытам лъабжьэ* хуэхъуари глаголыр *иджы нэужьу зэрылэжьапхъэ*р -къэкlуэну къыпэщытым щылэжьэнур- *уникэ*рэ *сингулар*у зэрылъыта *псалъэ*ращ. Нытlэ, *″глагол″*ыр *псалъэрылажьэ*у зэрыщыткlэрэ зы *цlэ* лlэужьыгъуэу, иужькlэ –грамматикэу- *″инфинитив″*уи *унивесал*у мы зэрылъыта *псалъэ* лlэужьыгъуэ *зэпкъырыувэкlэ*м *лъабжьэ* хуэхъуауэ тлъытэ мы *-уникэ*рэ *сингулар* лlэужьыгъуэ- *псалъэр*и нобэ зы *″глагол″*ыр *″мыналуэ къэкlуэну зэман″*у зэры*″лажьэу ухуа псалъэ″*рауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Мыри къыхэдгъэща нэужь, *″инфинитив″*у ухуэну *″префиксиал глагол″*хэм *лъабжьэ* хуэхъуну зи гугъу тщla *″езырыж занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэ *лэжьэкlэ*хэр *-сыт хуэдизу- цlыхум теухуэ*рэ зэрыхунэсыр зыхэзыубыдэу утыку къихьауэ щытми, **″глагол″**хэр **″инфинитив″**у зэрыухуэнур **″объектив″** лlэужьыгъуэу *универсал*у зэрыщытынум ипкъ зэриткlэ, *″инфинитив″*у ухуэну *″префиксиал глагол″*хэм *лъабжьэ* хуэхъунухэри глагол *лэжьэкlэу ″префикс″* къэзыщтэу ухуэ *″псалъэ″*хэр - **″субъект″**рэ хьэрычэт **зытеухуэ ″щхьэ″**р- **″объектив″** лlэужьыгъуэу зыхэзыубыдэхэращ; е, я *лэжьэкlэ*хэм *″щхьэ″*хэр *″субъектив″*у хиубыдэми, *″глагол″*ыр *″инфинитив″у щыухуэ*кlэ мы *″щхьэ″*хэр *″объектив″*у *зэрылъытэ*ущ *зэрыхиубыдэ*нур.

Нытlэ, мы къыхэдгъэщахэми зэрезэгъкlэ, *″хьэрычэт″*ыр *″щlыпlэ″рэ ″щхьэ″*хэм зэры*теухуэ*рэ зэрынэсыр **игъуэ ″префикс″**кlэрэ лъытауэ *зыхэзыубыдэ*у *–зэмылlэужьыгъуэ зэман*кlэрэ *зэкlэлъхьэужь*у- *ухуа* **″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″**хэмрэ, мыхэр **лъабжьэ** язэрыхуэхъукlэрэ **″инфинитив″**у ухуэ **″префиксиал глагол″** щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «ар макIуэ» → «ар {(сэ) си дей} къокIуэ – къэкIуащ – къэкIуэнщ» → «**къэкIуэн**»;
  ↘→ «ар сэ къысхуокIуэ – къысхуэкIуащ – къысхуэкIуэнщ» → «**къыхуэкIуэн**»;
- «ар макIуэ» → «ар (уэ) уи дей нокIуэ – нэкIуащ – нэкIуэнщ» → «**нэкIуэн**»;
  ↘→ «ар уэ къыпхуокIуэ – къыпхуэкIуащ – къыпхуэкIуэнщ» → «**къыхуэкIуэн**»;

---

- «ар макIуэ» → «ар абы хуокIуэ – хуэкIуащ – хуэкIуэнщ» → «**хуэкIуэн**»;
  ↘→ «ар абыхэм яхуокIуэ – яхуэкIуащ – яхуэкIуэнщ» → «**хуэкIуэн**».

**"Допоплненэ" зыхиубыдэу лэжьэкIэ зиIэ нэгъуэщI "езырыж занщIэ глагол" щапхъэхэр.**

ИпэкIи къызэрыхэдгъэщауэ, *"хьэрычэт"*ыр *утыку къыщихьэкIэ* икIи зы *гъуэгуанэ* зэрылъытэу *"IуэхуI"* лIэужьыгъуэ утыку къохьэри, мы *"хьэрычэт"рэ "гъуэгуанэ"р зынэс*ри *"щIыпIэ"*у е *"щхьэ"*уэ зэрылъытэри гурыIуэгъуэщ. Мыпхуэдэ лэжьэкIэ зиIэ мы *"езырыж занщIэ глагол" лIэужьыгъуэ*хэр икIи *япэу "IуэхуI"* утыку къихьэным *лъабжьэ*рэ *щхьэусыгъуэ* хуэхъу *"езырыж глагол"*хэрауи лъытапхъэщ. Аращи, *глагол къэхъуныгъэ*у *"езырыж глагол"хэм къакIэлъыкIуэ*у утыку къихьауэ лъытапхъэ *"IуэхуI глагол"*хэми *лъабжьэ* яхуэхъуахэри мы зи гугъу тщIа *"езырыж глагол" лIэужьыгъуэ*хэрауэ зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ.

Дауи, мы зи гугъу тщIа *"езырыж занщIэ глагол" лIэужьыгъуэ*хэм теухуауэ зи лэжьэкIэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа *"кIуэн"* глаголым хуэдэу, **щылажьэкIэ** икIи зы **гъуэгуанэ**и **зэрылъытэ**у *зынэс*ри зыхэзыубыдэ *лэжьэкIэ* зиIэ **нэгъуэщI "езырыж занщIэ глагол"** *лIэужьыгъуэ*хэри зэрыщыIэнур гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, мыпхуэдэ лэжьэкIэ зиIэ *"езырыж занщIэ глагол" лIэужьыгъуэ*хэр *бжыгъэ*кIэ нэхъ *мащIэ*щ мыбыхэм ипэ къихуэу утыку къихьарэ *"къэхъу-къэщI" лIэужьыгъуэ "хьэрычэт"*у - нэгъуэщI гуэрми темыухуэу- тлъыта *"езырыж занщIэ глагол"*хэм *елъытауе*и, нытIэ, я *бжыгъэ*р нэхъ *мащIэ*у зэрыщытым папщIэ, иужьрейуэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа мы *"езырыж занщIэ глагол" лIэужьыгъуэ*хэм хуэдэ лэжьэкIэ зиIэ *нэгъуэщI щапхъэ гуэрхэр*и мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ: **«ун, уэн, Iун - Iуэн; кIуэн, джэн, жэн, лъэн; пхъуэн, пщын - пщэн, плъэн, пкIэн; Iэбэн, Iэпхъуэн, кIуэтэн, лъэтэн, цIывын».**

## "ЕЗЫРЫЖ ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭР ЗЭРЫУХУЭРЭ ЗЭРЫЛАЖЬЭМ ТЕУХУАУЭ

"ПРЕФИКСИЛ ГЛАГОЛ" ЗЭРЫУХУЭ ЛЪАГЪУЭМ ТЕУХУАУЭ

″Езырыж занщlэ глагол″у япэ къэхъуахэр ″къэхъу-къэщl″ыгъуэ ″хьэрычэт″хэу зэрыщытым ипэкlэ щыгъуазэ дыщыхуэхъуащи, мыпхуэдэхэр къызэрыlуатэ *″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*хэри мы *″хьэрычэт″*ыр зытеухуарэ къызпкъыркl *″субъект″*ымрэ, глаголыр зэрылажьэ *″зэманыгъуэ″* зы*хэзыубыдэу зэрыухуэ*р гурыlуэгъуэщ. Икlи, мы зи гугъу тщla *″хьэрычэт″*хэр зэрылъытэрэ къызэрыlуатэ псалъэхэм глагол *″субъект″ым нэмыщl ″щхьэ″* зэры*химыубыдэ*ри гурыlуэгъуэщ; нытlэ, мы *″езырыж занщlэ глагол″* лэжьэкlэхэм *″субъект″*ыр **″щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэрэ лъытэ″**у *″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*хэм зэрыхэлъытэри псалъэ пэщlэдзэу *″префикс″*ущ: **″щхьэ префикс″** лlэужьыгъуэущ.

Мы зэрыжытlауэ, *″щхьэ″уэ ″субъект″*ым нэмыщl зыхэзымыубыдэ мы *″езырыж занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэхэм я *лэжьэкlэхэм ″щхьэ префикс″* мыхъумэ, *″хьэрычэт″*ыр *утыку къызэрихьэ*рэ *къыщихьэу ″щlыкlэ″рэ ″щlынlэ″* зэрылъытэ *″кондицэ″* лlэуьыгъуэ *″префикс″ къащтэкъым*. Ауэ, *″езырыж занщlэ глагол″* гуэрхэу *″дополненэ″ зиl*эу лажьэхэм я *″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*хэм *″щхьиtl″* зэрызыхуабыдэр -ипэкlи щыгъуазэ дызыхуэхъууэ- гурыlуэгъуэщи, **″субъект″** зэрылъытэ **″щхьэ″**рэ **″дополненэ″** зэрылъытэ **″щхьэ″**уэ **″щхьэ префикситl″** зыхаубыдэр.

Нытlэ, мы **″щхьитl″**ыр *зэрызэлъыта* щlыкlэри *къыхэгъэщын хуей* щыхъу *лэжьэкlэ*хэми зыкъызэрагъэлъэгъуапхъэр гурыlуэгъуэнщи, мы *″щхьиtl″*ыр **″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″**хэм *″щхьэ префикс″*у зэрыхэлъытэм нэмыщl, абыхэм **я зэхущытыкlэ**ри зэрыигъуэу *–игъуэ* **″префикс″**хэмкlэ- зэры*лъытапхъэ*ри гурыlуэгъуэщ. Ауэ, *″щхьиtl″* зыхэзыубыдэ мы *″езырыж занщlэ глагол″*хэр **″объектив″ защlэу** - *″щхьиtl″ри ″объектив закъуэ″у* лъытауэ- **щылажьэ**кlэ **″префикс″** зэры**хуэмыныкъуэ**нури гурыlуэгъуэнщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, мы *″езырыж занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэхэм хиубыдэну **″дополненэ″**р зы **″щlыпlэ″** лlэужьыгъуэу щытмэ, *занщlэу къоlуат*эри, *″дополненэ″м зэрытеухуэ*р зэрылъытэ **″префикс″ хуэныкъуэкъым**. Аргуэру къыхэгъэщыпхъэмэ, *″дополненэ″ зыхиубыдэ лэжьэкlэ зиl*эу мы зи гугъу тщlы *″езырыж занщlэ глагол″*хэр щылажьэкlэ **″префикс″** къызэращтэри *глагол лэжьэкlэр* **″дополненэ″м зэрытеухуэ**рэ *зэрыхуэгъэза*р зэры**лъытэ**ущ.

Нытlэ, *″дополненэ″* зэрылъыта *″щхьэ″м елъытащ* мы *″езырыж занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэхэм (пп: кlуэн) я *лэжьэкlэм ″префикс″* къызэращтэри,

икIи *"префикс"* къызэращтэри мы *глагол лэжьэкIэр "дополненэ"м теухуэ*рэ *хуэгъэза*уэ зэрыщытыр *зэрылъытэ*ущ. Мы *"дополненэ"р "субъектив щхьэ"*уэ щыщытым дежращ икIи *"глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"*хэм – япэрауэ- *игъуэ "префикс"* къыщащтэнур. Араци, мы *"езырыж занщIэ глагол"*ымкIэ лъытэ **"хьэрычэт"**ыр *"дополненэ"*у щыт **"сэ"м** *зэрытеухуэ*р *"сэ"м езым* **елъытауэ** зэрилъытэнури а *"хьэрычэт"*ыр икIи и **къежьапIэ**кIи *зэрылъытэ*рщи, *"глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"*р **"къ" префикс**кIэ зэрыухуапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Сытри зылъытэрэ бзэри къэзыIуатэ *"сэ"*мрэ и *"субъектив"*ыгъэм хиубыдэ *нэрыбгэ*хэм (сэ, дэ; уэ, фэ) *елъыта*уэ *"хьэрычэт"*ыр *"сэ"м зэрилъытэ* щIыкIэри мыпхуэдэщи, нытIэ, **"субъектив щхьэ"**хэр **"дополненэ"**у щытмэ, *"глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"*р **"къ" префикс**кIэ *къежьэ*у зэрызэпкъырыувэнур гурыIуэгъуэщ. Араци, *"сэ"*м езымрэ "сэ"р зыхэзыубыдэ *"дэ"* гупым *елъыта*уэ *"хьэрычэт"*ыр *"къ" префикс*кIэ ухуа псалъэмкIэ зэрилъытапхъэм нэмыщI, сытри зылъытэ "сэ"м и "субъектив"ыгъэу илъытэ "сэ"мрэ "фэ"м хуэгъэза "хьэрычэт"ри "къ" префикскIэ ухуа псалъэхэмкIэ зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ; ауэ икIи, *"сэ"*м езым и *пышэгъу*рэ (уэ) *теплъэгъуэ* къыхуэхъу (фэ) *нэрыбгэхэм хуэгъэза "хьэрычэт"*ыр *"сэ"м* езым *къыбгъэдэкI*рэ *пэжыжьэ хъууэ зэрилъыт*эми зэрезэкIэ, *"хьэрычэт"*ыр мы **"субъектив"** лIэужьыгъуэ **етIуанэ "щхьэ"**хэм *(уэ, фэ) зэрыкIуэ*ри **"н" префикс**кIэ зэрилъытэфынури гурыIуэгъуэнрэ икIи *нэхъ игъуэ*нщ.

Мы къэтIуэтахэм къызэрыхэщщи, *"езырыж занщIэ глагол"*у зи лэжьэкIэхэм *"субъектив дополненэ"* зыхэзыубыдэхэр къызэрыIуатэ *"глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"*хэм япэрауэ *"къ" префикс*; "уэ, фэ"м хуэгъэзауэи *"н" префикс* къызэращтэнур гурыIуэгъуэщ. Ауэ икIи, "хьэрычэт"ыр "субъектив дополненэ"хэм елъытауэ "къ, н" префикскIэ мы зэрылъытэм нэмыщI, *"хьэрычэт"*ыр *"дополненэ"*у мы **"субъектив щхьэ"**хэм **теухуэ**рэ *хуэгъэза*уэ зэрыщытри *зэрылъытэ "префикс"*и зэрыхуэныкъуэнур гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэуи, мы **"глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"**хэм **"ху" префикс**и къащтэн хуейуэ щытщ.

НытIэ, мы къэтIуэтахэм къызэрыхэщу, *"субъектив дополненэ"* зыхэзыубыдэ *"езырыж занщIэ глагол"* лэжьэкIэхэм **"дополненэ"** *къалэну* **"субъектив щхьэ цIэпащIэ гъэлъагъуэ"**хэр –**"щхьэ префикс"**хэу- зэрыхиубыдэнум нэмыщI, глагол лэжьэкIэр зытеухуа **"хьэрычэт"**ыр мы **"субъектив щхьэ"**хэм **елъыта**уэ (къ, н) зэрылъытэрэ икIи абыхэм **зэрытеухуэ**ри (ху) къызэрыхэщу *"къыху, ныху"* **префикс**хэри

зэрыхиубыдэнур щlыкlэхэр *"klуэн" глагол лэжьэклэ* щапхъэхэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

| |
|---|
| - «къысхуоклуэ, къытхуоклуэ»;<br>- «ныпхуоклуэ, ныфхуоклуэ»; «къыпхуоклуэ, къыфхуоклуэ». |

*

Ипэкlи "езырыж занщlэ глагол" лэжьэкlэхэм теухуауэ щыгъуазэ дызыхуэхъуахэм теухуауэ клэщlыу мы къэтlуэтэжахэр *"занщlэ глагол"*хэм къыщlидзэу *"префиксиал глагол"* утыку къызэрихьэ *лъагъуэ*м гулъытэ хуэтщlын папщlэщи, *"езырыж занщlэ глагол"* гуэрхэу *щылажьэклэ* икlи зытеухуэу *"lуэху" лlэужьыгъуэ*у "дополненэ" зэрылъытэу *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*хэр *"префиксиал"*у утыку къызэрихьэм теухуащ. Ауэ икlи, *занщlэ глагол лэжьэклэ*у мыпхуэдэу *"префиксиал"* къэlуэкlэхэм я *пэщlэдзэ*ри "дополненэ"у *"субъектив щхьэ" щылъытэ*м дежрауэ зэрыщытри мыбдежым аргуэру къыщыхэдгъэщыжынщ.

Дауи, *"хьэрычэт"* зэрылъытэ *псалъэ*хэр *япэ*рауэ а *"хьэрычэт"*ыр *къызпкъырыклэ*рэ (субъект) *утыку къыщихьэр* (зэманыгъуэ) зыхэзыубыдэу ухуа *псалъэ*хэращи, а *"хьэрычэт"*ыр щхьэжу *цlэ* лlэужьыгъуэу *зэрылъытар*и *иужьрей бзэ лэжьэклэ*у зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ; икlи, "хьэрычэт" зэрылъытэ мы *цlэ* лlэужьыгъуэ *псалъэ*хэри *"инфинитив глагол"* жыхуэтlэу зэрылъытари *нобэрей lуэху*гъуэхэу *иужьыlуэ*кlэщ. Мыпхуэдэ лъагъуэу лъытапхъэщ икlи мы ипэкlэ зи гугъу тщla *"езырыж занщlэ глагол"* гуэрхэм я *лэжьэклэ*хэр *"префиксиал"*у *къызэрыlуатэ* псалъэхэр утыку къызэрихьарэ, икlи, мы *"хьэрычэт" зэрылъытэ*рэ *зэрызеклуэ щlыклэ*ри къызыхэщу ухуа *псалъэ*хэм -*"глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"*хэм-*"префиксиал глагол"* жыхуэтlэхэри *"инфинитив"*у къатехъукlыу утыку къызэрихьахэр.

Аргуэру къыпыщапхъэмэ, *"хьэрычэт" зэрылъытэ псалъэ*хэр мы *"хьэрычэт"ыр зэрызеклуэ щlыклэ*ри *"префикс"*у зыхиубыдэу мэухуэри, мы *"префикс"*хэри -япэрауэ- *"хьэрычэт"*р зы *"субъектив щхьэ"м зэрытеухуэр* –"субъектив дополненэ"м зэрытеухуэ- зэрылъытэ макъхэрщ. Аращи, мыпхуэдэ къэlуэтэкlэм япэрауэ *"хьэрычэт"* къызпкъырыкl *"субъект"* зэрылъытэ *"щхьэ префикс"* зэрыхиубыдэфынум нэмыщl, -фlэкlыпlэ имыlэу- "дополненэ" зэрылъытэу **"субъектив щхьэ префикс"** (*субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ*) зэрыхиубыдэнури гурыlуэгъуэщ. Мыбыи къыщымынэу, сытри -*"субъектив щхьэ"*хэри- *зылъытэр "сэ"*рауэ зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, *"хьэрычэт"*ыр **"субъектив щхьэ"** лlэужьыгъуэ

*"*дополненэ*"*хэм къа**зэрытеухуэ щlыкlэ**хэри *зэрылъытэ игъуэ* **"префикс"**кlэрэ *ухуа псалъэ*хэмкlэ *къызэрыlуэтэну*ри гурыlуэгъуэщ. Мы *префикс*хэр икlи *"щхьэ префикс"*хэм *нэмыщl*рэ *къаклэлъыклуэ*у, *"хьэрычэт"*ыр *зэрызеклуэ щlыклэ*у *"щхьэ"хэм* -*"*дополненэ*"*хэм-*зэрытеухуэ*р зэрылъытэ *псалъэ*хэр зэрыухуа **"префикс" пэщlэдзэ**хэрщ. Ныtlэ, мы *"префикс" пэщlэдзэ*хэр *хьэрычэт*ыр *"*дополненэ*"*м *зэрытеухуэ щlыклэ*м *хуэlуа "префикс"*хэу лъытапхъэхэрщи, *"*дополненэ*" лъытэ* **"щхьэ префикс"**хэм я **къуэдзэ**уи -*"дополненэ къуэдзэ"*уи- лъытапхъэнщ. Мы *"дополненэ къуэдзэ"* жыхуэтlэ *"префикс"*хэри *"хьэрычэт"ыр "дополненэ"м зэрытеухуэ щlыклэ*р зэрылъытэу къызэрыlуатэ *псалъэхэм яп*эрауэ къащтэ *"префикс"*хэу, ипэкlи **"префикс" пэщlэдзэ**у тлъытахэрщ.

– Дауи, мы къэтlуэтахэм теухуа *"префикс"*хэмкlэ ухуэ *псалъэ*хэм **"инфинитив"**у къатехъукl **"префиксиал глагол"**хэр *зэрылэжьэнур*и абыхэм *лъабжьэ яхуэхъуа* мы *псалъэ*хэр зэрыухуа *"префикс"хэмкл*эщи, мыбы щыгъуэращ икlи *"префиксиал глагол"*рэ я *лэжьэклэ*хэри *щылъыт*эр.

Мы къэтlуэтахэм аргуэру къызэрыхэгъэщыпхъэу, *"дополненэ" зыхэзыубыдэ лэжьэклэ зиlэ* зы *"езыжыр занщlэ глагол"*ым *дэтхэнэ* и *зы лэжьэклэ*ри **"префиксиал"**у зэры**мыухуэ**р гурыlуэгъуэнщи, *"объектив" лэжьэклэ* жыхуэтlэхэр мыпхуэдэ лэжьэкlэхэрщ. Икlи, глаголыр *щылажьэклэ лъытэ гъуэгуанэ*р *зыдынэс*ыр *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэу зэрылъытэрщ *"объектив" лэжьэклэ* жыхуэтlэхэри, ныtlэ, *"хьэрычэт"ыр зытеухуэ "*дополненэ*"*р мыпхуэдэу **"щlыпlэ"** лlэужьыгъуэу *–щытеухуэ*у-зэрылъытэри *"цlэпапщlэ"*у **"объектив щхьэ закъуэ"**ущ. Аращи, *"*дополненэ*"*р *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэу *"щхьэ цlэпапщlэ"*у зэрылъытэр *"объектив щхьэ закъуэ"*ущи, мыпхуэдэ лэжьэкlэри -нэхъ игъуэу- *глагол*ыр **"объектив" защlэ**у *зэрылажьэ* щlыкlэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Ныtlэ, *"занщlэ"*рэ *"префиксиал"*у мы зи гугъу тщla *зэхуэмыдэ "глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"*хэр -зэрызэгъэпщапщхъэу- зэхуэдэ *зы таблиц*эм хиубыдэу къыщыгъэлъэгъуарэ, мыбыхэм тежыlыхьыпхъэхэри таблицэм къыклэлъыклуэу къыпыщэжынри игъуэщ.

Мы зэрыжытlауэ, мы илъабжьэм мыпхуэдэ зы *таблиц*эм хиубыдэу, ипэкlэ *"*дополненэ*" зыхэзыубыдэ*у *лэжьэклэ зиlэ* зы *"езырыж занщlэ глагол"*у зи лэжьэкlэхэм щыгъуазэ дызыхуэхъуа *"клуэн" глагол*ым *дэтхэнэ зы "щхьэ"р "субъект"* къызэрыхуэхъу *лэжьэклэ*хэр икlи *дэтхэнэ зы "щхьэ"м*и -"дополненэ"у- *теухуэу* къызэрыlуатэ щапхъэхэр глагол **"субъект"**хэмрэ *"*дополненэ*"*хэр икlи *"*глагол лэжьэкlэу псалъэ*"*хэм къащтэ

игъуэ *"префикс"*хэр мы зэрытха щIыкIэу къыхэгъэщауэ къэдгъэлъэгъуэнщи, мыбыхэм *тежыIыхьыпхъэ*хэри *таблицэ нэужь*ым къыщыпытщэжынщ:

| **Суб.** ▼ | *"***Дополненэ***"* | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | Сэ | Уэ | Абы | Дэ | Фэ | Абыхэм |
| **Сэ** | **сыз**окIуэ; **сыз***ху*олуэ; | **сы***н*окIуэ; **сы***ны*п*ху*окIуэ/ **сы***къы*п*ху*окIуэ**;** | **с**окIуэ; **сы***ху*окIуэ; | - | **сы***ны*ф*ху*окIуэ/ **сы***къы*ф*ху*окIуэ; **сы**ф*ху*окIуэ; | **с**а*ху*окIуэ; |
| **Уэ** | **у***къ*окIуэ; **у***къы*с*ху*окIуэ; | **уз**окIуэ; **уз***ху*окIуэ; | **у**окIуэ; **у***ху*окIуэ; | **у***къ*окIуэ; **у***къы*т*ху*окIуэ; | - | **у**а*ху*окIуэ; |
| **Ар** | *къ*окIуэ; *къы*с*ху*окIуэ; | *н*окIуэ; *ны*п*ху*окIуэ/ *къы*п*ху*окIуэ; | **ма**кIуэ *ху*окIуэ | *къ*окIуэ; *къы*т*ху*окIуэ; | *н*окIуэ *ны*ф*ху*окIуэ/ *къы*ф*ху*окIуэ | *я**ху***окIуэ; |
| **Дэ** | - | **ды***н*окIуэ/ **ды***къ*окIуэ; **ды***ны*п*ху*оIуэ/ **ды***къы*п*ху*окIуэ; **ды**п*ху*окIуэ; | **д**окIуэ **ды***ху*окIуэ | **дыз**окIуэ; **ды***ху*окIуэ; **ды***зэху*окIуэ; | **ды***н*окIуэ/ **ды***къ*окIуэ; **ды***ны*ф*ху*окIуэ/ **ды***къы*ф*ху*окIуэ; **ды**ф*ху*окIуэ; | **д**а*ху*окIуэ; |
| **Фэ** | **ф***къ*окIуэ; **ф***къы*с*ху*окIуэ; | - | **ф**окIуэ; **ф***ху*окIуэ; | **ф***къ*окIуэ; **ф***къы*т*ху*окIуэ; **фы**т*ху*окIуэ | **фыз**окIуэ; **фы***ху*окIуэ; **фы***зэху*окIуэ; | **ф**а*ху*окIуэ; |
| **Ахэр** | *къ*окIуэ(**хэ**); *къы*с*ху*окIуэ(**хэ**); | *н*окIуэ(**хэ**)/ *ны*п*ху*окIуэ(**хэ**)/ *къы*п*ху*окIуэ(**хэ**); | **ма**кIуэ(**хэ**); *ху*окIуэ(**хэ**); | *къ*окIуэ(**хэ**); *къы*т*ху*окIуэ(**хэ**); | *н*окIуэ(**хэ**); *ны*ф*ху*окIуэ(**хэ**); | *я**ху***окIуэ(**хэ**). |

**Мы таблицэм хиубыдэ щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Япэрауэ, *"езырыж занщIэ глагол"* лIэужьыгъуэу "дополненэ"и *зыхэзыубыд*эу лэжьэкIэ зиIэ зы щапхъэу щыт *"кIуэн"*ым и **"объектив" защIэ лэжьэкIэ**р къызэрыIуатэ **"псалъэ"**р **занщIэ**у -*"префикс" химыубыд*эу- зэрыухуари нэрылъагъущи, мы *глагол лэжьэкIэр зытеухуа*рэ икIи абы *къытехъукI* **"инфинитив глагол"**ри къыпытщэнщ:

«**ар** абы **ма**кIуэ; **ахэр** абы **ма**кIуэ(**хэ**)» → «**КIуэн**».

- Мы глагол лэжьэкIэ щапхъэхэр глагол *"субъект"рэ "дополненэ"р "объектив щхьэ закъуэ"у* щыту **объектив защIэ** *лэжьэкI*эу зэрыщытыр нэрылъагъущи, "дополненэ"р *"объектив щхьэ закъуэ"*у мы зэрылъытари *"кIуэн" глагол лэжьэкIэу лъытэ "гъуэгуанэ"*р зыхуэкIуэу *зыдынэс*ыр **"щIыпIэ"** лIэужьыгъуэущ зэрылъытапхъэр. Дауи, глагол *"субъект"*ыр *"субъектив щхьэ"*уэ щытми, "дополненэ"р *"объектив щхьэ закъуэ"*у зэрылъыта *"глагол жьэкIэу ухуэ псалъэ"*хэм къытехъукIыну **"инфинитив глагол"**ри -мы ипэкIэ къэта псалъэхэм хуэдэу- *"занщIэ глагол"* лIэужьыгъуэущ зэрыщытынур:

«**сэ** абы **с**окIуэ»; «**уэ** абы **у**окIуэ»; «**дэ** абы **д**окIуэ»; «**фэ** абы **ф**окIуэ»; → «**КIуэн**».

- Араща, мы къэIуэтэкIэм хиубыдэ "дополненэ"р *"кIуэн"* глагол мыхьэнэрэ *"хьэрычэт"*кIэ лъытэ *"гъуэгуанэ"*р *зыдынэс* **"щIыпIэ"** зэрылъытэу *"объектив"* лIэужьыгъуэу зэрыщытыр нэрылъагъущи, икIи, зы *"щIыпIэ"*р сытым дежи *"ещанэ щхьэ закъуэ цIэпащIэ"*у -*"объектив щхьэ закъуэ"*у- (абы) зэрылъытэнури гурыIуэгъуэнщ. Ауэ, мы *"кIуэн" глагол лэжьэкI*эм хиубыдэ *"гъуэгуанэ"р зыдынэс*

*"*дополненэ*"*р -зы *"щlыпlэ"у щымыт*рэ- зы *"***цlыху***"*у щытмэ, *"хьэрычэт"*ыр абы *хуэклуэ*у -фlэкlыпlэ имыlэу- ***"ху" префикс***кlэ лъытэн зэрыхуеинури гурыlуэгъуэщ. Икlи, мыпхуэдэ лъытэкlэр **иужькlэ** *"хьэрычэт"*ыр *зыхуэклуэ*рэ *зыхуэгъэза* **нэгъуэщl гуэрхэр**и –пп: зы *"lэмэпсымэ, жыг, псэущхьэ"* хуэдэу- ***"ху" префикс***кlэ *къэlуатэ хъуагъэн*ущ. – Ауэ икlи, *"щlыпlэ"*м зэры*хуэклуэри* иужькlэ *"ху" префикс*кlи къэlуэтапхъэ зэрыхъуагъэнури гурыlуэгъуэнщ. Дауи, *"*дополненэ*"* зыхэзыубыдэ *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*р *"ху" префикскlэ мыухуамэ*, *глагол лэжьэклэ*у лъыта *"гъуэгуанэ"*р *зыдынэс*ыр зы *"щlыпlэ"*у зэрыщытынури наlуэщ. Ныtlэ, мыпхуэдэ *глагол лэжьэклэ* щапхъэхэр къэтхьынщи, *глагол лэжьэклэу* ***"префикс"*** къищтэу ухуа мы *псалъэ*хэм *къытехъукl* ***"инфинитив глагол"***ри –и *"префикс"*ри мы зэрытха щlыкlэу къыхэгъэщауэ- къыпытщэнщ:

«**ар** абы *ху*окlуэ; **уэ** абы **у***ху*окlуэ» → «***Хуэкlуэн***».

- Мы къэtlуэтахэмкlэ гурыlуэгъуэщ глагол лэжьэкlэм *"*дополненэ*"*р *"субъектив щхьэ"*уэ е *"объектив щхьэ куэдагъэ"*у хэтмэ, къызэрыlуатэ псалъэр -мы къэта щапхъэхэм хуэдэу- *"ху" префикс*кlэ *ухуапхъэ*щи, мыри *япэрауэ "субъектив щхьэ"*хэм *теухуа*уэ бзэм зэрыхэхьагъэнури жытlагъащ. Ауэ, *цужьрей бзэ лэжьэклэ*хэм *глагол лэжьэклэ*р *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэ *"*дополненэ*"*хэми зэры*хуэклуэ*у *"ху" префикс*кlэ *ухуа псалъэ*хэри зэрыухуагъэнур гурыlуэгъуэнщ:

- «**ар** а щlыпlэм (абы) **ма**кlуэ → «**ар** а щlыпlэм (абы) *ху*окlуэ»;
- «**уэ** хадэм (абы) **у**окlуэ» → «**уэ** хадэм (абы) **у***ху*окlуэ».

- Мы къэта щапхъэхэмрэ ипэкlэ къыхэдгъэщахэмкlи зэрыгурыlуэгъуэу, *глагол лэжьэклэ*у лъытэ *"гъуэгуанэ"*р зыдынэсыр зы *"щlыпlэ"*у щытмэ, ар -фlэкlыпlэ зимыlэу- *"объектив щхьэ закъуэ"*ущ зэрылъытэнур. Ауэ, *"*дополненэ*"*р ***"объектив щхьэ куэдагъ"***у щытмэ, ***"щlыпlэ"*** лlэужьыгъуэу зэры**мылъытэ**нури гурыlуэгъуэнщи, *"объектив"* лlэужьыгъуэ *"*дополненэ*"* *куэдагъ*ыр *"объектив" цlыху гуп* е *нэгъуэщl гуэр*хэр зэрылъытэ щlыкlэрщ. *"*Дополненэ*"*р *"объектив щхьэ куэдагъ"*у *псалъэм зэрыхэлъыт*энури ***"куэдагъ"*** *лъытэ* ***"а"***кlэрэщи, ***"субъектив щхьэ гъэлъагъуэ"***м (пп: ***"у"***) къыкlэлъыкlуэущ (пп: ***"у***а..*"*) зэрылъытэр; ауэ, *"объектив щхьэ куэдагъ"* лlэужьыгъуэ *"*дополненэ*"*р *псалъэ пэщlэдзэ*у зэрылъытэр ***"еа"*** *макъ луэр зэхэжьыхьа*уэ ***"я"*** *тхыпкъклэ*рэщ. Мы *"еа" макъ луэр зэхэжьыхьа*м хиубыдэ *"а"*р *"куэдагъ"* лъытэрщи, абы *ипэ къыухуэ "е"*ри *"*дополненэ*"* лlэужьыгъуэ *"объектив щхьэ куэдагъэ"м "хьэрычэт"*ыр зэры*теухуэ*р *еклуалlэ*у зэрыщытыр зылъытэ *"префикс"*щ. Ныtlэ, *"*субъектив дополненэ*"*хэу *"сэ, дэ"м къытеухуэ*р *"къ" префикс*кlэ зэрылъытэрэ *"*уэ, фэ*"*м *нытеухуэ*ри *"н" префикс*кlэ зэрылъытэу ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуахэм *хуэдэ къалэн* зыгъэзащlэрщ мы ***"е"*** *префикс*ри, *"хьэрычэт"*ыр *"*объектив дополненэ*"*хэм *хуэклуэ*у ***-еклуалlэ***у- зэры*теухуэ*р зылъыт*э "префикс"*щ. Икlи, *глагол лэжьэклэу "хьэрычэт"*ыр *"*субъектив дополненэ*"*хэм зэры*теухуэ*р *хуэгъэза*уэ зэрыщытыр *игъуэ "префикс"*у *"ху"*кlэрэу зэрыщытым хуэдэжу, *"куэдагъ"* лlэужьыгъуэ *"*объектив дополненэ*"*ми

зэры*теухуэ*ри *хуэгъэза*уэ зэрыщытри *игъуэ "префикс"*у *"ху"*кlэрэ зэрылъытэми ипэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, *"я(еа)" префикс*ри къыщищтэр мыпхуэдэм дежщ. Араща, *"*кlуэн*"*ыр *"ху" префикс*кlэ *хуэгъэза*уэ *зытеухуэ "*дополненэ*"*р *"объектив щхьэ куэдагь"*у *псалъэ пэщlэдзэ*м щыхэлъытэм дежщ *куэдагъ лъытэ "а"*м *ипэ* къихуэ *"е" префикс*ри къыщихуэри, *"*дополненэ*"*р *"объектив"* лlэужьыгъуэу зэрыщытрэ икlи *"хьэрычэт"*ыр абы *екlуалlэ*у зэрыт*еухуэ*ри мэлъытэр: «*"е*а*ху*окlуэ*"* → (*иэ*а*ху*окlуэ → *и*а*ху*окlуэ → *йа**ху*окlуэ) → *"я**ху*окlуэ*"*». – Дауи, *"хьэрычэт"*ыр *"объектив щхьэ закъуэ"* лlэужьыгъуэ *"*дополненэ*"*м *зэреклуалlэ*ри *"е" префикс*кlэ зэрылъытэфынури (пп: *"*еокlуэ → йокlуэ*"*) гурыlуэгъуэщ; ауэ, *"клуэн"*ым *"е" префикс*кlэ зэрыухуэ *"еклуэн"*ыр {*"*е-кlуэн*"* (е: lей) кlуэн} *мыхьэнэщlэ* зиlэу бзэм зы *глаголыщlэ*у хэлэжьыхь зэрыхъуарагъэнущи, *"клуэн"*ыр *"е" префикс*кlэ *лажьэу* зэрыигъуэу *бзэм щыземыклуэж хъуа*уэ жыlэпхъэщ. Мыхэри къыхэдгъэща нэужь, мыбыхэм теухуауэ къэдгъэлъэгъуэну щапхъэхэми *"***субъект**, *префикс*, дополненэ*"*хэри -мы зэрытха щlыкlэхэу-къыхэдгъэщынщ; икlи, *"е" префикс*ымрэ *"*дополненэ*"*р *"куэдагъ"*у зэрылъыта *"*а*"*р *зэхэжыхьауэ* (*е*а) *къызэрыlу*р зыхэзыубыдэ тхыпкъри *"я"*уэ мы зэрытхауэ къэдгъэлъэгъуэнщ. Нытlэ, мы илъабжьэм мыпхуэдэ *глагол лэжьэклэу* ***"префикс"*** къищтэу *уху*а *псалъэ*хэмрэ, *къатехъукl* ***"инфинитив глагол"***ри къэдгъэлъэгъуэнщ:

«**ар** абыхэм *я**ху***ок**l**уэ»; «**уэ** абыхэм **у**а*ху*окlуэ» → «***Ху*эк**l**уэн**».

- Ауэ икlи, глагол *"субъект" куэдагъэ*ри *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*м зэрыхэлъытэнур гурыlуэгъуэщи, нытlэ, *"езырыж глагол"*ым и *"субъект"*ыр *"езырыж"*у зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, *"субъект"*ыр *глагол лэжьэклэ*р къызэрыlуатэ *псалъэухыгъэ*м *"щхьэ цlэпапщlэ куэдагъ"*у хэмылъытамэ, *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*м *куэдагъэу хэлъытэн*ыр игъуэщи, зэрыхэлъытэнури ***"хэ" клэух***клэрэщ. Дауи, *"объектив щхьэ куэдагъэ цlэпапщlэ"*рэ ар *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"м зэрыхэлъыт*э*р "хэ" клэухклэ*рэщи, *mlури къызыхэщ* глагол лэжьэкlэ *щапхъэ*хэр къэдгъэлъагъуэу, *къатехъукl* ***"инфинитив глагол"***хэри къыпытщэнщ:

- «**ахэр** абы **ма**клуэ(**хэ**) – *ху*окlуэ(**хэ**)» → «**Клуэн**»;
- «**ахэр** абыхэм *ху*окlуэ(**хэ**) – *я**ху***окlуэ(**хэ**)» → «***Ху*эк**l**уэн**».

- Зэрыгурыlуэгъуэу, *глагол лэжьэклэр зытеухуэ "*дополненэ*"*р ***"субъектив щхьэ"***уэ –*"*цlыху*"*у- щыщытым дежарщ *"ху" префикс*кlэ къэlуатэу *зэрыщlидза*р; ауэ икlи, *"хьэрычэт"*ыр зэры*теухуэ*р –*"*дополненэ*"*р- *"субъектив щхьэ"*уэ щытмэ, мы *"ху" префикс*ым *нэмыщl*рэ икlи абы *ипэ* къихуэу ***"къ, н" префикс***и хуэ*игъуэ* зэрыхъуми щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, бзэр къэзыlуатэ *"сэ"м*рэ ар зыхэзыубыдэ *"дэ"м хуэклуэ "хьэрычэт"*ыр *"къ" префикс*кlэ зэрылъытэнум нэмыщl, *"*сэ, дэ*"*м я пышэгъу *"*уэ, фэ*"*м *хуэклуэ "хьэрычэт"*ри *"н" префикс*кlэ зэрылъытэнури гурыlуэгъуэщ; - ауэ икlи, мы *"уэ, фэ"*р *"субъектив щхьэ"*хэу зэрыщытым папщlэ *"*сэ*"*м *импати* язэрыхуищlрагъэнщи, я*хуэклуэ "хьэрычэт"*ыр *иклu "къ" префикс*кlи -

*къахуэклуэ*уи- мэлъытэфыр. Нытlэ, мы илъабжьэм *глагол лэжьэклэу* мыпхуэдэ **"префикс"**хэр къащтэу *ухуа псалъэ*хэр къэдгъэлъагъуэу, икlи *къатехъукl* **"инфинитив глагол"**хэри къапытщэжынщ:

- «**уэ** сэ **у***къы***с***ху*оклуэ; **уэ** дэ **у***къы***т***ху*оклуэ; **фэ** сэ **фы***къы***с***ху*оклуэ; **фэ** дэ **фы***къы***т***ху*оклуэ» → «***Къыхуэ*клуэн»;
- «**сэ** уэ **сы***ны***п***ху*оклуэ/**сы***къы***п***ху*оклуэ; **сэ** фэ **сы***ны***ф***ху*оклуэ/**сы***къы***ф***ху*оклуэ; **дэ** уэ **ды***ны***п***ху*оклуэ/**ды***къы***п***ху*оклуэ; **дэ** фэ **ды***ны***ф***ху*оклуэ/**ды***къы***ф***ху*оклуэ» → «***Ныхуэ*клуэн/*Къыхуэ*клуэн».

- Ауэ икlи, *"*дополненэ*"*р *"субъектив щхьэ"*хэу щытрэ *"къ, н"* префикс *къамыщтэ*у *"ху" префикс* закъуэклэ *ухуа псалъэ* щапхъэхэри хыболъагъуэр таблицэми, мыпхуэдэхэми -"ху"м игъуэ "къ, н" префикс зэрыдищlыгъум хуэдэу- *"хьэрычэт"*ыр *"*дополненэ*"*у *"субъектив щхьэ"*хэм *хуэклуэу* мы *зэреджапхъэ*м нэмыщl, икlи мы *"субъектив щхьэ"* лlэужьыгъуэ *"*дополненэ*"*м **папщlэ "хьэрычэт"**уи зэр*еджапхъэ*ри гурыlуэгъугъуэнщи, мы ипэклэ къэта щапхъэхэр *"ху" префикс закъуэ*у *мы* зи гугъу тщla *еджэклэу* аргуэру къэдгъэлъэгъуэнщ. Икlи, *глагол лэжьэклэу* **"префикс"** къищтэу ухуа мы *псалъэхэм къатехъукl* **"инфинитив глагол"**хэри къыпытщэнщ:

- «**уэ** сэ **у***с***ху*оклуэ; **уэ** дэ **у***т***ху*оклуэ; **фэ** сэ **фы***с***ху*оклуэ; **фэ** дэ **фы***т***ху*оклуэ»;
- «**сэ** уэ **сы***п***ху*оклуэ; **сэ** фэ **сы***ф***ху*оклуэ; **дэ** уэ **ды***п***ху*оклуэ; **дэ** фэ **ды***ф***ху*оклуэ» ‖→ «***Хуэ*клуэн»;

- Ипэклu къызэрыхэдгъэщауэ, "субъектив дополненэ"хэм нэмыщl, *"объектив куэдагъ* дополненэ*"*хэми *"хьэрычэт"*ыр *хуэгъэза*уэ зэрылъытэу къызэрыlуэтапхъэр *"ху" префикс*клэрэщи, нытlэ, мы ипэклэ *"ху" префикс закъуэ*у ухуа псалъэхэм *зи гугъу тщla еджэклumlы*р *"объектив куэдагъ* дополненэ*"* зыхэзыубыдэ *къэlуэтэклэхэмклu игъуэщ*. Нытlэ, мыпхуэдэ щапхъэхэри -я *"субъект"*хэр *"субъектив"рэ "объектив"*у зэрыщыткlэ- мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэлъагъуэу, *глагол лэжьэклэу* **"префикс"** къащтэу ухуа мы *псалъэхэм*и *къатехъукl* **"инфинитив глагол"**ри къыпытщэжынщ:

- «**сэ** абыхэм **с***а***ху*оклуэ; **уэ** абыхэм **у***а***ху*оклуэ; **дэ** абыхэм **д***а***ху*оклуэ; **фэ** абыхэм **ф***а***ху*оклуэ»; «**ар** абыхэм *я***ху*оклуэ; **ахэр** абыхэм *я***ху*оклуэ(**хэ**)» → «***Хуэ*клуэн».

- Дауи, глагол лэжьэклэхэр *"*дополненэ*"*м зэрытеухуэр *"субъектив щхьэ"*хэм *елъыта*уэ зэрылъытэ *"префикс"*хэрщ *"къ, н" мак*ъхэри, *"ху" префикс*клэ ухуарэ *"къ, н" префикс зыхэзымыубыдэ*у мы ипэклэ зи гугъу тщla *псалъэхэм еджэклumlы зэрагъуэтыфри* ахэр *"къ, н" префикскlэ зэрымыухуа*хэм *папщlэ*щ. Араща, *"хьэрычэт"*ыр *"субъектив щхьэ"хэм елъыта*уэ зэрылъытэр *"къ, н" префикс*клэрэщи, зытеухуэ *"субъектив щхьэ"*р къыхэмыщу *"къ"* е *"н" префикс закъуэ*клэ *ухуа псалъэ*хэр *"*дополненэ*"*у *"субъектив щхьэ"*хэм *-"къ" префикс*ыр "сэ, дэ"хэм, *"н" префикс*ри "уэ, фэ"хэм- *хуэгъэза*уэ зэрылъытэнур гурыlуэгъуэщ. Ауэ,

*"хьэрычэт"*ыр мы *"субъектив щхьэ"*хэм зэры*хуэгъэза*р мы *"къ, н" префикс закъуэ*кlэрэ зэрылъытэр *"хьэрычэт"*ыр мы *"субъектив щхьэ"*хэм *теухуэу зэрыщытракъым*и, мы *"субъектив щхьэ"*хэр *зыдэщыт* **"щlыпlэ"**м *теухуэ*у *-хуэгъэза*уэ- *зэрыщыт*ращ лъытэр. Дауи, *"субъект"*рэ *"*дополненэ*"* зыхэмылъытэ *"глагол лэжьэкlэу уху*а *псалъэ"*хэу *"къ"* е *"н" префикс закъуэ зыхэзыубыдэ*у ухуа *псалъэ*хэри зытеухуа *"субъектив щхьэ"*р *–дэтхэнэ*рами- къызэрыдгурыlуэми гулъытэ хуэтщlынщ. Икlи, *глагол лэжьэкlэу* **"префикс"** къищтэу ухуа мы *псал ъэхэм къатехъукl* **"инфинитив глагол"**хэри къыпытщэнщ:

- «**ар** *к*ъокlуэ; **ахэр** *к*ъокlуэ(**хэ**)» → «***Къэкlуэн***»;
- «**ар** *н*окlуэ; **ахэр** *н*окlуэ(**хэ**)» → «***Нэкlуэн***».

- Мы къэта къэlуэтэкlэхэм *lупщlыу* **"допоплненэ"** зы*химыубыдэ*ми, -мы *къызэрыlуэта щlыкlэ*хэмкlэ- **щэху**у зэры*хиубыдэ*ри гурыlуэгъуэнщ; аращи, мы *"глагол лэжьэкlэу уху*а *псалъэ"*хэмкlэ къэlуатэр глагол *"субъект"*у щыт мы *"объектив щхьэ"*р (*"*ар*"* е *"*ахэр*"*) *"сэ"*рэ *"уэ"*м (икlи, *"*дэ*"*рэ *"*фэ*"*м) *хуэгъэзауэ зэрыкlуэ*ращ. Ауэ, *"сэ"рэ "уэ"м* (икlи, *"*дэ*"*рэ *"*фэ*"*м) *яхуэгъэзауэ* щытми, *"ху" префикскlэ мыухуа* мы *псалъэ*хэмкlэ къэlуатэр *"сэ"* е *"уэ"* (икlи, *"*дэ*"*рэ *"*фэ*"*) *нэрыбгэм* езым *хуэкlуэу* зэры*щымыт*ри наlуэщ. Аращи, мы *"субъект"*хэр (*"*ар*"* е *"*ахэр*"*) *"сэ"*р е *"уэ"*р (икlи, *"*дэ*"*рэ *"*фэ*"*р) *зыдэщыт "щlыпlэ"*ращ *зыдэкlуэ*ри, *"къ, н" префикс*кlэ ухуа мы псалъэхэмкlэ лъытэр мыращ. Нэхъ зэlухуауэ къэlуэтапхъэмэ, *"сэ"рэ "уэ"р* –икlи, *"*дэ*"*рэ *"*фэ*"*р- *зыдэщыт*у мы *"субъект"ыр зыдэкlуэ*р *"сэ*м (икlи *"*дэ*"*м) *и деж"*рэ *"уэ*м (икlи *"*фэ*"*м) *и деж"*ращи, мы *"и деж"* е **"деж"**ыр зы **"щlыпlэ"**у *"объектив щхьэ закъуэ"*у зэрыл*ъытапхъэ*ри гурыlуэгъуэнщ. Ауэ икlи, *"сэ"р* (икlи *"*дэ*"*р) *зыдэщыт щыпlэр "мыбы и деж"*рэ (*"мыбдеж"* е **"мыбы"**уэ), *"уэ"р* (икlи *"*фэ*"*р) *зыдэщыт щlыпlэри "абы и деж"*у (*"абдеж"* е **"абы"**уэ) зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Икlи, ипэкlэ къэтlуэтахэмкlи гурыlуэгъуэщ *"сэ"рэ "дэ"р зыдэщыт щlыпlэ*р *"*дополненэ*"*у зэрылъытэ *"мыбдеж"рэ "мыбы"*р икlи *"уэ"рэ "фэ"р зыдэщыт щlыпlэ*р *"*дополненэ*"*у зэрылъытэ *"абдеж"рэ "абы"*р мы зи гугъу тщla *глагол лэжьэкlэм lупщlыу къыхэмыщми*, *"къ, н" префикс къэlуэтэкlэм щэху*у *зэрыхэлъыт*энури гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, мы къэтlуэтахэр зыхэплъэгъуэну щапхъэхэу, мы *"субъектив щхьэ"*хэм я *"деж"*ыр *"*дополненэ*"*у *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэу къызэрыхэщрэ икlи *"ещанэ щхьэ закъуэ цlэпащlэ"*уи зэрылъытапхъэхэри къакlэлъыкlуэу мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

- «**ар** {сэ си дей/деж (си дей/деж)} *к*ъокlуэ» → «**ар** (мыбы) *к*ъокlуэ»;
- «**ахэр** {сэ си дей/деж (си дей/деж)} *к*ъокlуэ(**хэ**)» → «**ахэр** (мыбы) *к*ъокlуэ(**хэ**)»;

---

- «**ар** {уэ уи дей/деж (уи дей/деж)} *н*окlуэ» → «**ар** (абы) *н*окlуэ»;
- «**ахэр** {уэ уи дей/деж (уи дей/деж)} *н*окlуэ(**хэ**)» → «**ахэр** (абы) *н*окlуэ(**хэ**)».

- Мы щапхъэхэр ″объектив субъект″хэм теухуа глагол лэжьэкlэр ″сэ, дэ″рэ ″уэ, фэ″р зыдэщыт щlыпlэм хуэгъэзарэ теухуэу зэрыщыт щапхъэхэращи, -нэхъ lупщlыу зэрылъытэ щlыкlэу- ″сэ, дэ″м хуэгъэзар ″къ″ префикс″кlэ, ″уэ, фэ″м хуэгъэзари ″н″ префикскlэ ухуа псалъэхэмкlэ къэгъэлъэгъуащ. Ауэ ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, сытри зылъытэрэ ″субъектив щхьэ″уи зылъытэхэр ″сэ″ращи, -″субъектив щхьэ″ лlэужьыгъуэу зэрылъытам папщlэ- ″уэ, фэ″м хуэгъэза хьэрычэтри ″сэ″мрэ зыхэзыубыдэ ″дэ″м зэрыхуэгъэза щlыкlэу ″къ″ префикскlи зэрылъытэфынури гурыlуэгъуэнщ. Мыбыи къыщымынэу, езы ″сэ, дэ″р зи ″субъект″ глагол лэжьэкlэр ″уэ, фэ″м зэрыхуэгъэзари ″къ″ префикскlи зэрылъытэфри къыпыщапхъэщ. Нытlэ, мы къэтlуэтахэр зыхэзыубыдэ *щапхъэ*хэри **″объектив щхьэ″**хэмрэ **″сэ, дэ″**хэр зи **″субъект″** *глагол лэжьэкlэ*хэу *″н, къ″ префикс*кlэ ухуауэ къэдгъэлъэгъуэнщи, мы глагол лэжьэкlэрэ *″хьэрычэт″*ри *зыхуэгъэза*р *-цlэимыlуэ*у- *″уэ″*рэ *″дэ″*уэ - *″дополненэ″ щэху*хэу- зэрылъытэнуми гулъытэ яхуэтщlынщ:

| |
|---|
| - «**ар** *н*окlуэ – *къ*окlуэ»; «**ахэр** *н*окlуэ(**хэ**) – *къ*окlуэ(**хэ**)»;<br>- «**сэ сы***н*окlуэ – **сы***къ*окlуэ»; «**дэ ды***н*окlуэ – **ды***къ*окlуэ». |

- Таблицэр *дэтхэнэ зы ″щхьэ″р ″субъект″у* зэрылъытэу зэрылажьэ щапхъэхэмрэ икlи *дэтхэнэ зы ″щхьэ″р ″дополненэ″у* зэрылъытэ щапхъэми теухуащ. Ар щыхъукlи, глагол **″субъект″**ымрэ ″глагол ″дополненэ″р *зэхуэдэ ″щхьэ″*уэ -**″субъект″**ыр икlи ″дополненэ″у- зыхэлъыта *″глагол лэжьэкlэу уху псалъэ″*хэри яхэтщ. Мыпхуэдэ *глагол лэжьэкlэ*р ипэкlэ - ″къ, н; ху″ префиксхэм я гугъу тщlыуэ- къэткlуа лъагъуэм химыубыдэхэрщи, мы ипэкlэ *″щхьэ цlэпапщlэ″ псори* глагол *″субъект″рэ икlи ″*дополненэ″у *таблицэм зэрыхэлъыта* щlыкlэращ зытеухуар. Аращи, *дэтхэнэ* зы глагол *″субъект″*ыр зэрылъыта *″щхьэ″*р *икlи ″*дополненэ″уи зэрылъытэ *глагол лэжьэкlэ*р глагол **″субъект″**ым *езым зэр*ы**теухуэж**ырщи, глагол лэжьэкlэр *″субъект″ым езым* зэрытеухуэжри **″з″ префикс**кlэщ зэрылъытэр. Нытlэ, *″хьэрычэт″ыр къызпкъырыкl* **″субъект″**ым мы *зэрытеухуэж*ыр ″**ез**ыр (**субъект**) е<u>з</u>ым (<u>дополненэ</u>)″ *теухуэжу* - ″<u>дополненэ</u>″уи зэрыщытыр къыхэщу- ″**<u>з</u>**″уэ къэгъэлъэгъуапхъэщ. Ар щыхъукlи, мы ″**<u>з</u>**″ым игъэзащlэ къалэныр -ипэкlэ зи гугъу тщla- **″префикс къуэдзэ″** лlэужьыгъуэм *къыщымынэ*у, щхьэжу зы **″щхьэ префикс″ пэлъытэ**уи лъытапхъэнщ. Ауэ икlи, сыт хуэдизу ″**субъект**″рэ (**з**) ″<u>дополненэ</u>″р (<u>з</u>) зыхэлъытэу ″**<u>з</u>**″ыуэ мы зэрытхар *игъуэу лъытапхъэми*, мыр *″щхьэ префикс″*ым –пп: *″субъектив субъект гъэлъагъуэ″*м-

*езыракъыми*, *"субъект"ым* къыпкъырыкlыр *езым зэрытеухуэжь*ыр зэрылъытэ *"префикс"*уи (*з*) лъытапхъэщ; нытlэ, мы зи гугъу тщla *лъэныкъуищ*ри *зыхэзыубыдэ*у *лъытэн*рэ мыпхуэдэуи *тхын*ыр игъуэщ: «***з***». Аращи, мыпхуэдэу *"субъект"рэ "дополненэ"ми теухуа "щхьэ префикс" пэлъытэ*рэ икlи *глаголыр зэрылажьэ "кондицэ"* лъытэ *"префикс"* лlэужьыгъуэу зэрыщыткlи ***"з"***ыуэ зыхэлъыта *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*м *къытехъукl* **"инфнитив глагол"**ым и **"префикс"**ри *"з"* зэрыщытынури гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэу *"инфинитив"*у ухуа *"префиксиал глагол"*ри *"объектив"у* -генералнэу- зэры*лэжьэну*ри мы и *"з" префикс*кlэщ. Ауэ икlи, *"субъект"*ыр *"езыр езыру"*рэ зэры*зекlуэ*у е *"езыр езым"* зы*хуэкlуэжь*у "кlуэн"ыр *"субъект"ым "езым" теухуэжу* зэрыщыткlэ, *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*м ***"з"*** зыхиубыдэми, lупщlыу *"дополненэ"* зы*хэзымыубыдэ псалъэухыгъэ*ми *"*дополненэ*"* **щэху** иlэуи –зы*хиубыдэу*и-*лъытапхъэщ*. Нытlэ, *"дополненэ"р "щэху"*у зэрыхиубыдэфым папщlэ (къэlуэтэкlэм *къыхэмыщ*ми хъуну зэрыщыткlэ) *"*дополненэ*"* лъытэхэр *"*(...)*"*уэ къэдгъэлъэгъуэнщ; икlи, мы зи гугъу тщla *глагол лэжьэкlэхэм* мы я **"префикс"**кlэрэ *къатехъукl* **"инфинитив глагол"**хэри къыпытщэжынщ:

- «**сэ сы*з***окlуэ» → «**сэ** (езыр езыру) **сы*з***окlуэ» → «**сэ** (езыр/езым) **сы*з***окlуэ»;
- «**уэ у*з***окlуэ» → «**уэ** (езыр езыру) **у*з***окlуэ» → «**уэ** (езыр/езым) **у*з***окlуэ»;
- «**дэ ды*з***окlуэ» → «**дэ** (езыр езыру) **ды*з***окlуэ» → «**дэ** (езыр/езым) **ды*з***окlуэ»;
- «**фэ фы*з***окlуэ» → «**фэ** (езыр езыру) **фы*з***окlуэ» → «**фэ** (езыр/езым) **фы*з***окlуэ» ‖→ «***З*ыкlуэн/*З*экlуэн**».

- Ауэ икlи, мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ *"субъект"ым къыпкъырыкl*рэ къилэжьыр *езым* зэры*теухуэж* лэжьэкlэр *глагол мыхьэнэм елъыта*щи, мыбдежым щапхъэу къэтхьа *"кlуэн"* глаголым *елъытауэ нэхъ зыхуэгъуэ глагол*хэр зэрыщыlэнури гурыlуэгъуэщ. Дауи, *"кlуэн" глагол лэжьэкl*э уху*а псалъэ*хэу мы ипэкlэ къыщыгъэлъэгъуа щапхъэхэр икlи ***"ху" префикс***кlи *зэрыухуэф*ынур гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ ухуэкlэри *нэхъ lупщl къэlуэтэкl*э*у нэхъ игъуэ*уи лъытапхъэнщ. Нытlэ, мы зэрыжытlауэ, *"субъект"ыр езым* зэры*"хуэкlуэ"*р зэрылъытэу *"ху" префикс*кlи ухуэж *псалъэ*хэр къэдгъэлъагъуэу, ***"инфинитив"***у къатехъукl **"префиксиал глагол"**ри къапытщэжынщ:

«**сэ сы*з****ху***окlуэ; **уэ у*з****ху***окlуэ; **дэ ды*з****ху***окlуэ; **фэ фы*з****ху***окlуэ» → «***Зыхуэкlуэн***».

- Ауэ, *"дэ, фэ"*хэр *"гуп"*у зэрыщытым папщlэ, *гупым хиубыдэхэр* гуп кlуэцlкlэ *зыр зым хуэкlуэ*у зэрыщытыфынурэ икlи мыпхуэдэхэр -нэхъ игъуэу- ***"зэ" префикс***кlэ зэрылъытэнури гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэ къэlуэтэкlэхэми *"*дополненэ*"*р къыхэмыщущ *–щэху*у- зэрыхэлъытапхъэр.

Ауэ, мы *"зэ" префикс*ыр *"дэ, фэ" гуп*ым хиубыдэхэм **зыр адрейм** - *зы гуэрыр* (субъект) *адрей гуэрым* (дополненэ)- *хуэклуэ* зэрылъытэми, мы *"субъект"рэ "дополненэ"* къалэнхэр зыхэзыубыдэр **"дэ, фэ"**уэ зэрыщытым зэрезэгъкlэ, мы ***"зэ"*** *префикс*ыр я зэхуэдэу **"субъект"**рэ "дополненэ" зылъытэ *"щхьэ префкс"*уи зэрылъытапхъэм нэмыщl, ар икlи –генералнэу-мыпхуэдэ *"кондищэ"* зэрылъытэ *"префикс"*у зэрыщыткlи мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуэн хуейщ: ***"зэ"***. – Дауи, мы зи гугъу тщlыр ипэкlэ зи гугъу тщlа *"з" префикс*ым хуэдэу *"субъект"ыр икlи* lупщlыу *"дополненэ"*у зылъытэм хуэдэу ткlийуэ зэры*щымыт*ри нalуэщи, *"дэ, фэ" гуп*ыр и *клуэцl*кlэ а нэхъ мащlэу *mлу*уэ зэщхьэщыкlыу *–зыр адрейм* зэры*хуэклуэ*у-зэрылъытэрщ. Ауэ икlи, *"зэ" префикс*кlэ *зыр адрейм* зэрыхуэкlуэ *"хьэрычэт"*ым **"ху" префикс**и зэры*хуэигъуэ*р гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, мы зи гугъу тщla *глагол лэжьэклэ щапхъэхэр* къэтхьынщи, мыпхуэдэ **"префикс"**кlэ ухуэ мы *псалъэхэми къатехъукl* **"инфинитив глагол"**ри къыпытщэжынщ:

«**дэ ды*зэ*ху**окlуэ»; **фэ фы*зэ*ху**окlуэ» → «***Зэхуэ*кlуэн**».

- *"З, зэ" префикс*кlэ ухуауэ къэта мы щапхъэхэр *"субъектив субъект"*хэм теухуа *глагол лэжьэклэ*хэу зэрыщытыр нэрылъагъущи, мыхэр икlи *глагол лэжьэклэр –"*хьэрычэт"ыр- *къызпкъырыкl* **езы "субъект"**ым *зэрытеухуэж* щапхъэхэрщ. Ауэ икlи, гурыlуэгъуэщ **"субъектив щхьэ"**хэр *"сэ"м дежклэ* -и *"субъективыгъэ"*м иту зэрыщыткlэ- *налу*эу -уэр-сэру- зэрылъытэри, нытlэ дэтхэнэ зы **"субъектив щхьэ"**р **"субъект"**рэ "дополненэ"у зэрылъытапхъэри **зэхуэдэ "щхьэ цlэпапщlэ"**ущ: *"субъектив щхьэ"*хэр *"езырыж"рэ "луэху"* лlэужьыгъуэу *зэщхьэщыклкъым*. Нытlэ, глагол **"субъект"**рэ "дополненэ"р зэхуэдэ **"субъектив щхьэ"**хэу -**зэхуэдэ нэрыбгэ**хэу- щылъытэм деж, **"субъект"**ым **езым** *теухуэж*у лъытэнщи, **"субъект"**ыр *икlи "*дополненэ*"*у мы *зэрылъыт*эр **"субъект"**рэ (**з**) *икlи "*дополненэ*"* (з) къызэрыхэщу **префикс**у ***"з"***кlэ лъытэнри игъуэщ. Ауэ, *"езырыж глагол" лэжьэклэ*хэм **"объектив щхьэ"**хэр **"субъект"**рэ "дополненэ"у зэрылъытэр *"езырыж"*рэ (ар; ахэр) *"луэху"* (абы; абыхэм) лlэужьыгъуэу *зэщхьэщыкl*ыу зэрыщытым папщlэ, *"субъектив щхьэ"хэм теухуа*уэ мы къэтlуэтахэр *"объектив щхьэ"хэм теухуауэ* зэры*шмыгъуэ*нури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, *таблицэм* **"субъект"**у хиубыдэмрэ (пп: **ар**) "дополненэ"у хиубыдэр (пп: абы) *зэхуэдэ "щхьэ"уэ лъытапхъэкъым*и, ***"з"*** *префикс*кlи *къэlуэтапхъэкъым*: «**"ар** абы **ма**кlуэ"; **"ар** абы *ху*окlуэ"». Ауэ, глагол **"субъект"**у *"объектив щхьэ"р "куэдагъ"*мэ, **"ахэр"**и *и клуэцlклэ* **зыр** (**ар**) адрейм (абы) зэры*хуклуэ*у *"объектив"* лэжьэкlэу *"зэ" префикс*кlэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, мы *зэрытха щlыкlэ*ми къызэрыхэщщи, мы *"зэ" префикс*ыр *"субъект"ым езым теухуэжу "дополненэ"и* зыхэзыубыдэу -ипэкlэ зи гугъу тщlахэм хуэдэу- зэры*щымыт*ри нalуэщ. Нытlэ, мы

*"зэ" префиксиал*у ухуа *псалъэ*хэмрэ, ахэр зи лъабжьэу **"инфинитв"**у ухуэ **"езырыж префиксиал глагол"**хэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

«**ахэр** *зэхуо*клуэ(**хэ**)» → «***Зэхуэкlуэн***».

- Дауи, таблицэм дэтхэнэ зы "щхьэ"р "субъект"рэ "дополненэ"у зэрыхиубыдэм ипкъ зэриткlэ, *дэтхэнэ зы "субъектив щхьэ"р "субъектив"*рэ *икlи "дополненэ"*у *таблицэм* зыщыхэлъытахэм щы*зэхуэзэу "субъект"ым езым* мы зэры*теухуэж щlыкlэ*р къызэрыlуатэ *псалъэ*хэр – зэрыигъуэу- мы зи гугъу тщla *"з, зэ" префикс*хэмкlэ ухуащ. Ауэ, мыбдежыр *"хьэрычэт" зэрызекlуэ щlыкlэ*у *псалъэхэм* -"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"хэм- *къащтэ "пэщlэдзэ префикс"*хэм *я гугъу щытщl* лэжьыгъэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщи, **"з, зэ"**р мы зи гугъу тщlы **пэщlэдзэ префикс**хэм зэры**щымыщ**ри naIуэщ. Нытlэ, ипэкlи зэрыжытlауэ, *таблицэ*р мы *зэрыгъэпса щlыкlэ*м *ипкъ зэриткlэ*щ мыбдежым *"з, зэ" префикс*хэми *я гугъу щlэтщlар*и, зи гугъу тщlы -*пэщlэдзэ префиксхэм елъытауэ*- мы **"з, зэ"** *префикс*хэр нэхъ **иужьрей**уэ лъыта глагол **"префикс"**хэм **щыщ**у зэрылъытапхъэри къыпытщэжынщ.

## "ХЬЭРЫЧЭТ" ЗЭРЫЗЕКlУЭ ЩlЫКlЭХЭУ "ПРЕФИКС"ЫЩlЭХЭР ЗЭРЫЛЪЫТЭУ "ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭР ЗЭРЫБАГЪУЭР

Ипэкlэ *"езырыж занщlэ глагол"*хэм я *лэжьэкlэу "префикс"* къызэращтэу ухуэ *псалъэ*хэр *лъабжьэ* язэры*хуэхъу*кlэрэ *"инфинитив"*у *"езырыж префиксиал глагол"*хэр утыку къызэрихьэ *лъагъуэ*м щыгъуазэ дыщыхуэхъуащ. Ауэ икlи, *"езырыж занщlэ глагол"* гуэрхэр я *лэжьэкlэу "префикс"* къызэращтэ мы *пэщlэдзэ*хэм *къыщымынэ*у зэрыщытри мы ипэкlэ таблицэм хиубыдэу къэдгъэлъэгъуа *щапхъэ* гуэрхэм къыхощри, мыри таблицэм къыщыта щапхъэхэм *дэтхэнэ зы "щхьэ"р "субъект"*рэ "дополненэ"у зэрыхиубыдэм теухуащ. Мыпхуэдэ щапхъэхэр зыхэзыубыдэ зы *таблицэ*рщ мы ипэкlэ къэтари, *глагол лэжьэкlэ*хэр *-езы "субъект"ри* хэтыжу- *дэтхэнэ зы "щхьэ"м зэрытеухуэ*р зэрылъытэ игъуэ *"префикс"*хэмкlэ къызэрыlуатэ щапхъэхэр зыхэзыубыдэрщ. Аращи, *дэтхэнэ зы "щхьэ"*р "дополненэ"у зыхэзыубыдэ *глагол лэжьэкlэ* щапхъэхэм нэмыщl, lупщlыу *"дополненэ" зыхэзымыубыдэ глагол лэжьэкlэ* щапхъэхэри хыболъагъуэр таблицэм. Нытlэ, *глагол лэжьэкlэр* глагол *"субъект"ым езым* зэры*теухуэж къэlуэтэкl*эр езым *хуэlуа "префикс"*

зыхуэныкъуэу щытми, мыпхуэдэ къэlуэтэкlэм *lупщlыу "дополненэ"* зэры*химыубыдэ*ри –е, *"дополненэ" щэху* зэрыхиубыдэр- гурыlуэгъуэщ.

Мы зэрыжытlауэ, *дэтхэнэ зы "щхьэ"м теухуэ глагол лэжьэкlэ*р -а нэхъ мащlэу- *зыхуэныкъуэ "префикс" зыхиубыдэ*у ухуа *щапхъэхэр* хыболъагъуэр таблиэми, нытlэ, *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэр *"префиксиал"у зэрыухуэ пэщlэдзэ*хэм къыщlидзэу, *глагол лэжьэкlэр дэтхэнэ зы "щхьэ"м теухуэ*у -фlэкlыпlэ имыlэрэ а нэхъ мащlэу- *зыхуэныкъуэ "префикс"хэ*ри *къызыхэщ щапхъэхэр*щ мыхэр. Нытlэ, глагол лэжьэкlэу мыпхуэдэу ухуа псалъэ щапхъэхэм нэмыщl, икlи мы *"префикс"хэр зи лъабжьэрэ* я *пэщlэдзэ*у лъытапхъэ *нэгъуэщl "префикс"*хэри *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм къызэращтэрэ, мыбыхэми *"инфинитив"*у *"езырыж префиксиал глагол"*хэр къазэрытехъукlхэми щыгъуазэ дыхуэхъун зэрыхуейри гурыlуэгъуэщ.

*

Ипэкlэ къэтlуэтахэми къызэрыхэщу, *глагол лэжьэкlэу* **япэ**рауэ **"префикс"** *къалэн зыгъэзащlэ*у зи гугъу тщla мы *щхьэж мак*ъхэм (къ, н; ху) **къакlэлъыкlуэ**у *глагол лэжьэкlэ*у е *"инфинитив"*у *"префиксиал глагол" зэрыухуэ* **"префикс"**хэри мы *къызыкlэлъыкlуэ "префикс" пэщlэдзэ*хэм мыхьэнэрэ къалэнкlэ **зэрыпыщla**гъэнури гурыlуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэ щlыкlэу *багъуэ*у лъытапхъэщ *"префикс"*хэри, *мыхьэн*рэ *къалэн*кlэ *зыпыщla* макъхэм ягъэзащlэ *"префикс" къалэн*хэм *ещхь лъагъуэ* къикlуэу зэрыщытынури жыlэпхъэнщ. Аращи, *"префикс"* къалэн зыгъэзащlэ мы *щхьэж мак*ъхэри я мыхьэнэхэм елъытауэ зэкlэлъхьэужьу **"префиксыбэ"**хэри утыку къызэрихьэнури гурыlуэгъуэнщ; ауэ икlи, *мыхьэнэкlэ зэпыщla макъ гуэрхэм*и зы *зэкlэлъхьэужь*ыкlэ зэрызыхуаlэу *"префиксыбэ"* лlэужьыгъуэхэу **"префикс зэпха"** е **"префикс зэгуэт"** *пэлъыт*эхэри утыку къохьэр.

Нытlэ, мы къыхэдгъэщахэм теухуауэщ мы илъабжьэм *глагол лэжьэкlэ*рэ *"инфинитив"*у *"префиксиал глагол"*хэр зэрыухуэ *"префикс"ыщlэ*хэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъунур. Мыпхуэдэ lуэхугъуэми -япэрауэ- мы ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа *дэтхэнэ зы* **"префикс" пэщlэдзэ**м **къыкlэлъыкlуапхъэ "префикс"**хэр зэрытлъытэу дыхэхьэнщ.

Мыбы къыкlэлъыкlуэуи, мы дэтхэнэ зы *"префикс"*ыр дэтхэнэ зы *глагол*ыр зытеухуа **"хьэрычэт"**ыр **зэрызекlуэ**рэ **щызекlуэ**р *зэрылъыт*эр **"префиксиал"**у къызэрыlуатэрэ зэрыухуа **псалъэ**хэр къэдгъэлъагъуэу, мы

псалъэхэр зи лъабжьэуи **″инфинитив″**у **″префиксиал глагол″**хэр утыку къызэрихьэм щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэ гуэрхэри къахуэтхьынщ.

Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, *ухуагъэххэ* **″езырыж занщlэ глагол″**хэр *зэрылажьэ ″кондицэ″ зэрылъытэ* **″префикс″**кlэрэ **″езырыж префиксиал глагол″**у зэрыухуэжхэм щыгъуазэ дыхуэхъунущ.

**Япэрауэ, ″дополненэ″ зимыlэу лажьэ ″езырыж занщlэ глагол″хэри ″префикс″ пэщlэдзэу лъытапхъэ ″къ, н; ху″хэмкlэ зэрылажьэрэ ″инфинитив глагол″уи зэрыухуэ щапхъэхэр къэтхьынщ.**

Ипэкlэ *глагол лэжьэкlэр зытеухуэ* гуэр зэрылъытэу *″дополненэ″* зыхэзыубыдэ *″езырыж занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэхэращ иужьрейуэ щыгъуазэ дызыхуэхъуахэри, мыбыхэм *″субъектив дополненэ″* хиубыдэу зэрылажьэрэ къызэрыlуатэ псалъэхэр *игъуэ ″префкс″*кlэ зэрыухуэри *″префиксиал глагол″*у утыку къызэрихьа лъабжьэрэ *лъагъуэ*у зэрыщытри къыхэдгъэщащ. Ауэ икlи, мы зэрыжытlауэ, ″дополненэ″ зиlэу лажьэ ″езырыж занщlэ глагол″ гуэрхэр щыlэми, нэхъыбэу *″префиксиал глагол″ лэжьэкlэхэр*ащ *″дополненэ″* хэлъытэн *зыхуэигъуэ*хэри, **″дополненэ″** зэрылъытэр *нэхъыбэу* **″префикс″**хэм **елъыта**уэщ.

Дауи, *адыгэбзэ*р зы *макъыбзэ*у зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, *мак*ъхэр утыку къызэрихьэрэ бзэм хагъэзэщlыхь *мыхьэнэ*рэ къалэнхэращ *бзэ лэжьэкlэ*р зэлъытари, *″дополненэ″рэ ″префикс″*хэр сытым дежи *зэлъытарэ зэпыщlауэ* зэры*щымыт*ыр гурыlуэгъуэнщ: **″префикс″ псомкlи ″дополненэ″ лъытэн хуейуэ** зэры**щымытыпхъэ**нури гурыlуэгъуэнщ.

Ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъууэ, *″дополненэ″ зиl*эу лажьэ *″езырыж занщlэ глагол″*хэр *″дополненэ″* зиlэу *зэрылажьэ* щlыкlэхэр я *″дополненэ″*р *″объектив щхьэ закъуэ″* лlэужьыгъуэу зэрылъытэущи, мыпхуэдэу утыку къихьэ *псалъэ*хэри *занщlэу* -″префикс″ыншэу- зэрыухуэрэ *къызэрыlуат*эри гурыlуэгъуэщ. Ауэ, мы глаголхэр *″субъектив щхьэ″* лlэужьыгъуэ *″дополненэ″* зиlэу зэры*″лажьэу ухуэ псалъэ″*хэр –фlэкlыпlэ имыlэу- *игъуэ ″префикс″*кlэ ухуэу –″префиксиал″у- *къызэрыlуат*эри гурыlуэгъуэщ. Ауэ икlи, мы глаголхэр *″субъектив щхьэ″* лlэужьыгъуэ *″дополненэ″*р lупщlыу *къыхэмыщ*у е *щэху*у хиубыдэу *зэрылэжьэф*ми ипэкlэ щыгъуазэ дыщыхуэхъуащи, мыпхуэдэ лэжьэкlэри *зэлъытар* ″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″м къищтэ *″префикс″*ращ.

Мыпхуэдэ **″префикс″** лIэужьыгъуэхэу ипэкIэ щыгъуазэ дызыхуэхъуахэрщ **″къ, н; ху″**хэри, япэрауэ ″къ, н″ым игъэзащIэ ″префикс″ къалэныр мыбдежым дигу къыщыдгъэкIыжынщ. Аращи, *″субъектив дополненэ″* лIэужьыгъуэ *″сэ, дэ″м хуэгъэзар ″къ″ префикс*кIэ (пп: къокIуэ); *″уэ, фэ″м хуэгъэзар*и *″н″*ырэ –зэрыигъуэкIи *″къ″ префикс*кIэ (пп: ″ноКIуэ; къокIуэ″) щылъытэм деж, глагол лэжьэкIэм *щхьэхуэу* мы *″субъектив щхьэ″ лIэужьыгъуэ ″дополненэ″ химыубыдэ*ми, глагол лэжьэкIэр *зытеухуэр - ″допопленэ″р- ″субъектив щхьэ″*уэ зэрыщытыр *гурыIуэгъуэ* мэхъур. Мы зэрыжытIауэ, **″къ, н″** макъхэр мы ягъэзащIэ къалэнхэм ипкъ зэриткIэ, IупщIыу **″дополненэ″ химыубыдэ**ми, мы *″префикс″*хэмкIэ ухуа *псалъэ*хэр *зытеухуа*р –″сэ, дэ″ е ″уэ, фэ″уэ- наIуэщи, псалъэрэ къызэрыIуатэ щIыкIэм мыхэр **″дополненэ щэху″**у хиубыдэу лъытапхъэщ.

Ауэ, *хьэрычэт*ыр зытеухуэ *″субъектив щхьэ″*хэм зэры*хуэгъэза*р IупщIыу зэрылъытапхъэр **″ху″ префикс**кIэрэщи, нытIэ, *″ху″ префиксиал*у ухуэ *псалъэ*хэм -фIэкIыпIэ имыIэу- **″дополненэ″ зэрыхиубыдэ**нуми ипэкIэ къедгъэкIуэкIа лэжьыгъэкIэ гурыIуэгъуэ къытхуэхъуащ.

Дауи, *″дополненэ″ зиI*эу лажьэ *″езырыж занщIэ глагол″*хэм теухуауэ ипэкIэ къыщыдгъэлъэгъуащи, мыпхуэдэхэр *″префиксиал″*у къызэрыIуатэ *псалъэ*хэмрэ, ахэри зи лъабжьэуи *″инфнитив″*у *″префиксиал глагол″*хэри зэрылъытэрэ утыку къызэрихьэми щыгъуазэ дыхуэхъуащ. – Ауэ икIи, *″къ, н″ префикс*хэмкIэ *IупщIыу ″дополненэ″ зэрымылъыт*эри ди гурыIуэгъуэщ.

НытIэ, бзэм *мыпхуэдэ лэжьэкIэ* игъуэта *нэужь*, *″дополненэ″ зимыI*эу лажьэ *″езырыж занщIэ глагол″*хэри *″префиксиал″*у *ухуэ*у *къызэрыIуэтэнур* гурыIуэгъуэнщи, икIи мы къэIуэтэкIэрэ псалъэхэри зи *лъабжьэу ″инфинитив″у ″префиксиал глагол″*хэр зэрыухуэнури гурыIуэгъуэнщ.

Мы къыпытщэжами зэрезэгъкIэ, мы илъабжьэм *″къэхъу-къэщIыгъуэ″* лIэужьыгъуэу *″езырыж занщIэ глагол″*у щыт *″хъун″*ыр дэтхэнэ зы *″субъект″*ым теухуауэ *″объектив″у зэрылажьэ щапхъэ*хэри *занщIэу зэрылажьэ*рэ икIи **″къ, н; ху″**м дэтхэнэ зыр **префикс**у *зэрылажьэ*у къэдгъэлъагъуэнщи, мы я **″лэжьэкIэу ухуа псалъэ″**хэри *лъабжьэ* язэрыхуэхъукIэрэ **″инфинитив″**у къатехъукI **″езырыж префиксиал глагол″**хэри къыпытщэнщ; *тежыIыхьыпхъэ*хэри мы щапхъэхэм къакIэлъыкIуэу *къапытщэжынщ*:

- «**сэ с**охъу; **дэ д**охъу; **уэ у**охъу; **фэ ф**охъу»; «**ар мэ**хъу; **ахэр мэ**хъу(**хэ**)» → «**Хъун**»;

---

- «**сэ сы***къ*охъу; **дэ ды***къ*охъу; **уэ у***къ*охъу; **фэ фы***къ*охъу»; «**ар** *къ*охъу; **ахэр**

*къ*охъу(**хэ**)» → «***Къэхъун***»;
- «**сэ сы***н*охъу; **дэ ды***н*охъу» → «***Нэхъун***; «**ар** *къ*охъу - *н*охъу; **ахэр** *къ*охъу(**хэ**) - *н*охъу(**хэ**)» → « ***Къэхъун*** – ***Нэхъун***»;
- «**сэ** абы **сы***ху*охъу; **дэ** абы **ды***ху*охъу; **уэ** абы **у***ху*охъу; **фэ** абы **фы***ху*охъу»; «**ар** абы *ху*охъу; **ар** абы *ху*охъу(**хэ**)» → «***Хуэхъун***».

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- *"Хъун"*ыр *"къэхъу-къэщlыгъуэ глагол"*у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, занщlэ зэрылэжьэну щапхъэхэри мы ипэкlэ къэта таблицэ пэщlэдзэу къэгъэлъэгъуащ. Ауэ икlи, *дэтхэнэ зы щыlэ*ри *"къэхъу-къэщlыгъуэ" лlэужьыгъуэ*у зэрылъытапхъэм папщlэ, *"хъун"* глаголыр икlи *дэтхэнэ щыlэри зи "субъект"*у зэрылэжьэфынури гурыlуэгъуэнщ. Ныtlэ, *дэтхэнэ зы щыlэр зы "къэхъу-къэщl" лlэужьыгъуэ*у утыку къызэрихьэрэ *къызэрыхъу*ри мы ипэкlэ *"хъун"* глаголым *и занщlэ лэжьэкlэ*у ухуа *псалъэ*хэмкlи къэlуэтапхъэщ. Ауэ, дэтхэнэ зы щыlэр *езым и къэхъуныгъэ*м *нэмыщl*, зы *гуэр*у е *нэгъуэщl гуэр*ым *хуэдэ зэрыхъу*ри къэlуэтапхъэщ *"хъун" глагол лэжьэкlэ*уи, мыпхуэдэм деж, глагол *"субъект"*ыр мы *зэрыхъу гуэр*рэ а зы*хуэдэ хъу*ри къыхэгъэщын хуейщ. Мыпхуэдэхэр зэрылъытэ псалъэхэри *-цlэ*рэ *цlэпапщlэ*хэри- *"*дополненэ*"* *лlэужьыгъуэ*у лъытапхъэми, мыхэр *"дополненэ"*хэм хуэдэу *"lуэху"* лlэужьыгъуэуи щыткъым. Е, мыхэр *"дополненэ"*у *лъытэн нэхърэ*, *"субъект"*ыр мы *зэрыхъу*рэ *зыхуэдэ*р зэрылъытэ *"псалъэ"*хэр *"хъун"* глаголым зэрезэпха щlыкlэу *"псалъэ зэпха глагол"* лlэужьыгъуэу лъытэнри *нэхъ игъуэ*у къыщlэкlынщи, мыпхуэдэ щапхъэщ мыхэр: «пп: *"*сымаджэ хъун*"*; *"*фlы хъун*"*; *"*..хуэдэ хъун*"*». Дауи, *"псалъэ зэпха глагол"* лlэужьыгъуэхэр *щылъыта*гъэнур мыбдежым зи гугъу тщlы *щхьэж глагол*хэм *елъытауэ цужьыlуэ*кlэу зэрылъытапхъэри къыхэдгъэщу, мы къытпыщlэхуа глагол лэжьэкlэрэ *къэlуэтэкlэ щапхъэ*хэр, икlи *зытеухуа*рэ *къатехъукl* ***"инфинитив"*** лlэужьыгъуэ ***"псалъэ зэпха глагол"*** лlэужьыгъуэхэр мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэныр игъуэщ:

- «**сэ** сымаджэ **с**охъу» → «**Сымаджэ хъун**»;
- «**дэ** абыхэм хуэдэ **д**охъу» → «...**Хуэдэ хъун**»;
- «**уэ** дахэ **у**охъу» → «**Дахэ хъун**»;
- «**фэ** ин **ф**охъу» → «**Ин хъун**»;
- «**ар** lей **мэ**хъу» → «**lей хъун**»;
- «**ахэр** лъэщ **мэ**хъу(**хэ**)» → «**Лъэщ хъун**».

- Аргуэру, ипэкlэ таблицэм къыщыта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэу, *"дополненэ" зимыlэу* лажьэ *"езырыж занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэ ***"хъун"***ым къиштэ ***"къ"*** префиксым –и макъ мыхьэнэм ипкъ зэриткlэ- **къежьапlэ**рэ **пэщlэдзэ** илъытэу зэрыщытыр наlуэщи, *"къэхъу-къэщlыгъуэ глагол"* лlэужьыгъуэхэм *"къ" мак*ъым яхуигъэзащlэ *"префикс"* къалэнри а *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэр *къежьэу утыку къызэрихьэ*кlэ лъытэнращ. Араши, *"къэхъун"*кlэ лъытэр *"хъун"*ыр *къежьэу* утыку къызэрихьэрщ, *пэщlэдзэу* утыку къызэрихьэрэ *къызэрыхъу*рщи, ныtlэ, *"къэхъу-къэщl"* лlэужьыгъуэ *"хъун"* глаголыр *"къ" префикс*кlэ зэрылажьэу ухуа

*"къохъу"* псалъэм –ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа ″дополненэ″ зиlэу лажьэ ″езырыж занщlэ глагол″хэм хуэдэу- *"сэ"м* (″дэ″м) *хуэгъэза*уэ *еджэн хуейуэ* зэры*щымыт*ри гурыlуэгъуэщ.

- Ауэ, *"н" мак*ъым *"префикс"*у игъэзащlэ *къалэн*ыр ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуам хуэдэщи, *зэхъуэкl*къым: *"сэ"м* (″дэ″ми) *пэжыжьэ хъуурэ клуэ*рэ *"уэ"* (″фэ″ми) и лъэныкъуэм *унэтl*ыу щытыр зэрылъытэ *"префикс"* къалэнщ *"н" мак*ъым игъэзащlэр.

- Ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуарэ мы къыпытщэжами къызэрыхэщу, глагол лэжьэкlэр –″хьэрычэт″ыр- *"субъектив щхьэ"*хэм зэры*хуэгъэза*р *зылъытэ "префикс"* къалэнхэрщ *"къ, н"* макъхэм ягъэзащlэри, мыбы папщlэщ зэдэщlыгъуу я гугъу щlэтщlыр. Араща тlэ, **″къ, н″ макъ**хэр **къызэрыхъуа** щlыкlэрэ **къыздыщыхъуа** щlыпlэм елъытауэ мы ягъэзащlэ къалэнри **зэпэгъунэгъу**у лъытапхъэщ.

- Ипэкlэ къэтlуэтахэмрэ мыбдежым къыщытlуэтахэм теухуа къалэнщ *"къ, н"* макъхэм *"префикс"*у ягъэзащlэри, мыпхуэдэ *префиксиал*у ухуа *псалъэхэм*рэ къэlуэтэкlэхэм *lупщlыу "дополненэ"* хэлъытэн зэры*хуэмей*рэ щlыхуэмейри дызыщыгъуазэщ. Ауэ, *"дополненэ"м хуэгъэза* зэрылъытэ *"ху" префикс*кlэ ухуа псалъэхэмрэ къэlуэтэкlэхэм –фlэкlыпlэ имыlэу- *хьэрычэт*ыр *зыхуэгъэза* ″дополненэ″ хэлъытэн зэры*хуей*ри гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ щапхъэр адрейхэм къызэрыщхьэщыкlри нэрылъагъущ.

## ″Префикс″ пэщlэдзэ ″къ, н″ нэужьу лъытапхъэ префикс ″е″ префиксым теухуауэ.

*"Дополненэ" зиlэрэ зимыlэ "езырыж занщlэ глагол"*хэр *"префикс" пэщlэдзэ "къ, н" нэужь "префикс"*у лъытапхъэ *"е"*кlэрэ зэрылажьэращ мыбдежым щыгъуазэ дызыхуэхъунури, *"е" префикс*ыр зэлъытарэ икlи ар *зи нэужь*уи лъытапхъэр -нэхъыбэу- *"н" префикс*рауэ жыlэпхъэщ. Араща, *"къ"*ымрэ *"н"* макъхэм ягъэзащlэ *"префикс"* къалэнхэр *"субъектив щхьэ"*хэм *теухуэ "хьэрычэт" зылъыт*эу зэрыщытым *папщlэ*щ *зэгъусэ*у я гугъу щlэтщlри, мы *пэщlэдзэ "префикс"*хэм елъытарэ *къакlэлъыклуэ "префикс"* къалэну мыбдежым зи гугъу тщlыну **″е″**р **″префикс″** къалэнкlэ **зэлъыта**ри **″н″ макъ**рауэ жыlэпхъэщ. Мы зэрыжытlауэ, глагол лэжьэкlэу *"хьэрычэт"ыр зытеухуэ*м -″дополненэ″м- *еклуалlэ*рэ *еклуатэ*у зылытэ **″е**(″иэ; эй″)**″** *макъ lуэр зэхэжыхьа*ри мы *"къ, н" макъхэм* щыщу *"уэ"м хуэунэтl зэрылъытэ "н"*ыращ -нэхъ игъуэу- зэлъытагъэнури, икlи **″н″ макъым** -мы и ″префикс″ къалэным- **къыкlэлъыклуэ**у **″щlыкlэ″**

лIэужьыгъуэ **″префикс″** къалэн игъэзащIэу щIидзауэ жыIэпхъэнщ **″е″** *макъ IуэрзэхэжыхьА*р.

Дауи, *″дополненэ″ зиIэ*у лажьэ *″езырыж занщIэ глагол″* лIэужьыгъуэхэм я лэжьэкIэр *″субъектив дополненэ″*хэм зэры*хуэгъэзА*р зэры*лъытэ ″къ, н″* макъхэм ягъэзащIэ *″префикс″* къалэнхэр мы *″субъектив щхьэ″*хэм папщIэу лъытапхъэ щхьэ, мыпхуэдэ **″префикс″** *къалэныр* **″объектив″***у зыгъэзащIэ*рщ **″е**(иэ; эй)**″**ри, ар *зэлъыта*пхъэрэ *зыхуэгъунэгъу*ри *″н″* макъым игъэзащIэ *″префикс″* къалэнрауэ лъытапхъэщ.

Ауэ икIи, ипэкIи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, ″сэ, дэ″м хуэгъэзар *″къ″* макъ ″префикс″ымкIэ, мы ″сэ, дэ″м пэжыжьэ хъуурэ ″уэ, фэ″м хуэгъэзари *″н″* макъ ″префикс″ымкIэ зэрылъытэм папщIэщи, ″хьэрычэт″ыр мы зыхуэгъэза *″субъектив дополненэ″*хэр къэIуэтэкIэм -псалъэм-къыхэмыщуи (къокIуэ; нокIуэ) гурыIуэгъуэ къытхуэхъу щхьэ, **″хьэрычэт″**ыр **″дополненэ″**м **хуэунэтI**рэ **екIуалIэ**у зылъытэ **″префикс″** къалэн зыгъэзащIэу мы зи гугъу тщIы **″е″** *мак*ъыр -и *мыхьэнэ*ми зэр*елъытауэ- ″префикс″* зыхуэхъу *глагол лэжьэкIэ*хэр **″объектив″**у **″дополненэ″**и зыхэлъытэрэ зыхэзыубыдэущ къызэрыIуатэр.

Ауэ икIи, **″е″ префикс**иал **глагол**хэр **″субъектив дополненэ″**хэм *хуэунэтI*арэ къы**хуэкIуэу** зэрылъытэнури аргуэру -мы ипэкIэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа- **″къ, н″** макъхэм ягъэзащIэ **″префикс″**кIэрэщ. НытIэ, **″субъектив дополненэ″**хэм *хуэунэтI*арэ къы**хуэкIуэр ″къ/н″ префикс**кIэ лъытэми, -абыхэм елъытарэ нэужьу къэхъуауэ зи гугъу тщIы- **″е″ префикс**ри абыхэм (къ/н) **къакIэлъыкIуэ**у псалъэхэм зэрыхиубыдэфынури гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэуи, **″субъектив дополненэ″**хэм теухуэур *-глагол лэжьэкIэу- ″къ/н″* **префикс**рэ *-къыхуэкIуэ/хуэунэтI*ыу- **″е″ префикс**кIи *-екIуалIэу-* зэрылъытэу **префикситI** *зыхэзыубыдэ* **псалъэ**кIэ *къэIуэтапхъэ*у зэрыщытрэ икIи мыпхуэдэ *псалъэ*хэри **″инфинитив″**уи **″префиксыбэ глагол″**у *зэрыухуапхъэ*ри гурыIуэгъуэнщ.

Дауи, мы псалъэхэми теухуарэ икIи къыкIэлъыкIуэу мыбдежым аргуэру дигу къэгъэкIыжын хуейщи, *-адыгэбзэ*р зы *макъыбзэ*у зэрыщытым ипкъ зэриткIи- дэтхэнэ зы *глагол*ым и *мыхьэнэм хуэигъуэ ″префикс″* къищтэну, *хуэмыигъуэ ″префикс″*и *къызэримыщыт*энури гурыIуэгъуэнщ. Аращи, **″префикс″** къалэн зыгъэзащIэ макъым и **мыхьэнэ**мрэ **глагол мыхьэнэ**р **зэкIун хуейщ**. НытIэ, зы *глагол*ыр зытеухуа *″хьэрычэт″*ыр *зэрылэжьэну ″щIыкIэ″*р зэрылъытэф *мыхьэнэ зиI*эу щытын хуейщ *″префикс″*ри, а

*"хьэрычэт"*ым *"кондицэ"* хуэхъун *мыхьэнэ зиlэ мак*ъращ а глаголым *"префикс"* къалэн хуэзыгъэзэщlэнур.

Мы псалъэми зэрезэгъащи, *"е" префикс*ыр ипэкlэ зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа *"хъун"* глаголым *езэгъыщэнкъым*; *"кlуэн"*ми *"е" префикс*кlэ *глаголыщlэ* (екlуэн) *къытехъукlынщ*и, нытlэ, мы гупхэм хиубыдэ *нэгъуэщl глагол*хэр *"е" префикс*кlэ зэрыухуэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэныр игъуэщ.

Мы зэрыжытlауэ, *"дополненэ" зиlэрэ зимыlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэ щапхъэхэу щыт **"бгэн"**рэ **"уэн"** глаголхэр **занщlэу** зэры**"лажьэу ухуэ псалъэ"**хэмрэ къызэрыlуатэ **псалъэухыгъэ** щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ. Мыпхуэдэуи, мы *глагол*хэм я *лэжьэкlэ*хэм "хьэрычэт"ыр "дополненэ"хэм **екlуалlэ**рэ *екlуатэ зэрылъытэ* **префикс** (**е**) къызэращтэу -икlи *"субъектив* дополненэ"хэми **"къ/н" префикс**и къызэращтэжу- утыку къихьэ **"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"**хэмрэ, къызэрыlуатэ **псалъэухыгъэ**м я ухуэкlэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Икlи, **"субъект**, дополненэ", *"префикс"*хэр мы зэрытха щlыкlэхэу зыхэзыубыдэ *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэми **"инфинитив"**у къатехъукl **"префиксиал глагол"**хэри къапытщэжынщ.

*"Езырыж занщlэ глагол"хэр "екlуэтэн/екlуэлlэн" лъытэ "е" префикскlэ "объектив дополненэ"хэм теухуэу зэрылажьэ щlыкlэхэр.*

Мыпхэдэ лэжьэкlэхэри *"езырыж занщlэ глагол"* лэжьэкlэхэм *егъэпщапхъэ*щи, нытlэ, япэрауэ *"дополненэ"ншэу лажьэ* зы *"езырыж занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэу **"бгэн"**ыр *зэмылlэужьыгъуэ "субъект"*кlэрэ *"ит зэман"*у зэрылажьэ щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ.

*"Екlуэлlэн" лъытэ "е" префикс*кlэ -флэкlэпlэ имыlэу- *"дополненэ" зэрылъыт*энур гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, *"дополненэ"ншэу лажьэ "бгэн" глагол*ым *"екlуэлlэн"* лъытэ *"е" префикс*и къищтэу *зэмылlэужьыгъуэ "субъект"*кlэрэ *"ит зэман"*у *"объектив* дополненэ*"* зыхиубыдэу къызэрыlуатэрэ *псалъэ*хэри *зэрызэпкъырыувэ* щlыкlэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Икlи, *глагол лэжьэкlэу* мыпхуэдэ *"префикс"*кlэ ухуа *псалъэ*хэри зи лъабжьэу **"инфинитив"**у утыку къихьэ **"префиксиал глагол"**хэри къыпытщэжынщ:

*Занщlэу зэрылажьэ -"объектив" лэжьэкlэ- щапхъэхэр*:
«"**ар ма**бгэ"; "**уэ у**обгэ"; "**дэ д**обгэ"; "**ахэр ма**бгэ(**хэ**)"» → «**Бгэн**».

---

*"Объектив щхьэ"хэм теухуэу -"объектив дополненэ"хэм хуэкlуэу- зэрылажьэ щапхъэхэр*:

- «*"***сэ** абы **сы***й*обгэ/**сы***й*обг*"*; *"***сэ** абыхэм **с**а*й*обгэ/**с**а*й*обг*"*»;
- «*"***уэ** абы **у**(ы)*й*обгэ/**у**(ы)*й*обг*"*; *"***уэ** абыхэм **у**а*й*обгэ/**у**а*й*обг*"*»;
- «*"***ар** абы *й*обгэ/*й*обг*"*; *"***ар** абыхэм *я́й*обгэ/*я́й*обг*"*»;
- «*"***дэ** абы **ды***й*обгэ/**ды***й*обг*"*; *"***дэ** абыхэм **д**а*й*обгэ/**д**а*й*обг*"*»;
- «*"***фэ** абы **фы***й*обгэ/**фы***й*обг*"*; *"***фэ** абыхэм **ф**а*й*обгэ/**ф**а*й*обг*"*»;
- «*"***ахэр** абы *й*обгэ(**хэ**)/*й*обг(**хэ**)*"*; *"***ахэр** абыхэм *я́й*обгэ(**хэ**)/*я́й*обг(**хэ**)*"*» ǁ→ «***Е**бгэн/**Е**бгын*».

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр:**

- *"Дополненэ" зимыlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"у "бгэн"*ыр занщlэу зэрылажьэ щапхъэхэр нэрылъагъущи, мыхэр мыпхуэдэ глагол лэжьэкlэ зиlэу ипэкlи къэдгъэлъэгъуауэ щыта щапхъэхэм зэрыхуэдэри гурыlуэгъуэщ.

- Ауэ, *дэтхэнэ зы "субъект"*ым къыпкъырыкl *"бгэн"*ыр *глагол лэжьэкlэу "объектив* дополненэ*"*м *теухуэ*рэ хуэкlуэу зэрылъытэр *"екlуэлlэныгъэ"* лъытэ *"е" префикс*кlэ ухуа псалъэхэмкlэщ къызэрыlуатэри, мы псалъэ ухуэкlэри *"езырыж префиксиал глагол"*хэм я *"лэжьэкlэу ухуа псалъэ" зэпкъырыувэкlэм хуэдэ*у зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Араща, *"бгэн"ым и "объектив" лэжьэкlэ*у *"префикс"*у къищтэ *"е"м* –макъ зэхэжыхьам (иэ)- *"ит зэман гъэлъагъуэ"* -*"*о*"* макъзешэ- *къыкlэлъыкlуэу къызэрыlу* (ео) зэрыхъуам (йо) теухуа лъагъуэри къыхэгъэщауэ щапхъэ гуэрхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

«**ар** абы *й*обгэ/*й*обг»; «**дэ** абы **ды***й*обгэ/**ды***й*обг*"*» {*"й*о.."←*"и*о.."←*"иэ*о.."← *"е*о.."}.

- Икlи, мы *"е" префиксиал "езырыж глагол" лэжьэкlэ*м хиубыдэ *"*дополненэ*"*р *"объектив щхьэ закъуэ"*у зэрыщытым папщlэ, *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм къызэрыхэмыщыр гурыlуэгъуэущи, *псалъэм* хиубыдэ *"й"*ри -мы ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ- *"е"* префиксым и *къэlуклэу* зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*м хиубыдэ *"*дополненэ*"*р *"объектив щхьэ куэдагъ"* лlэужьыгъуэу щытмэ, *"щхьэ куэдагъ лъытэ"*кlэрэщ (а) псалъэм *зэрыхэлъыт*энури, нытlэ, ар *псалъэм къызэрыхэlукl* хъуа щlыкlэри *"*(...)*"*м дэту къэдгъэлъэгъэгъуэнщ:

- «**ар** абыхэм *я́й*обгэ/*я́й*обг»; «**ахэр** абыхэм *я́й*обгэ(**хэ**)/*я́й*обг(**хэ**)» {*"я́й*о.." ← *"я́*эо.." ←*"и*аэо.." ←*"иэ*ао.."← *"е*ао.."}.

Араща, *зэкlуэлlэ*р (*е: и*э) *"объектив* дополненэ *куэдагъэ"*мэ (а), *екlуалlэ*у псалъэм хэлъытэр *"е*а (*иэ*а)*"*уэщи, мыбы псалъэ пэщlэдзэу *"объектив* дополненэ *куэдагъэ"* зэрылъытэ *"*я (*и*а)*"* къытехъукlыу зэрыкlуатэри (э) *"я́э"*уэ лъытэнщ; нытlэ, мы *"я́э"*м къыкlэлъыкlуэ *"ит зэман гъэлъагъуэ"*м (о) *"э"*р хэкlхэкlуадэу утыку къихьэ *"я́о"*ри фонетикэу къызэрыlунур *"я́йо"*уэщи, ари *екlуэлlэн "иэ"*м *хиубыдэ*рэ икlи *"э"*кlэрэ утыку къихьэ *"и"м и эффект*у (*й*) зэрыщыткlэ псалъэм мы къызэрыхэлъытэри игъуэщ.

- Ауэ, *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэ *префикс* нэужьу –пп: *"субъектив* **субъект** *щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*м къыкlэлъыкlуэ- хиубыдэ *"объектив* дополненэ

*куэдагъэ*″р зэрылъытэнур ″а″кlэрэщи, нытlэ, ипэкlэ мыпхуэдэу къэта глагол лэжьэкlэ щапхъэ гуэрхэри зэрызэпкъырыува щlыкlэри ″(...)″ хиубыдэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

- «**дэ** абыхэм **д**а*й*обгэ/**д**а*й*обг»; «**фэ** абыхэм **ф**а*й*обгэ/**ф**а*й*обг» {″..а*й*о..″←″..а*и*о..″←″..а*и*эо..″← ″..а*е*о..″}.

- Ауэ икlи, псалъэхэм ″..йо..″уэ къыхэlукlыу мы зи гугъу тщlахэр икlи *къызкlэлъыкlуэ макъым/префиксым елъыта*уэ *бзэ лэжьэкlэм* кlуэ пэтрэ -″о″м ипэ къихуэ ″й″р хэкlуадэу- *″о″ закъуэу къэlуу щызекlуэ зэрыхъу*ри гулъытапхъэщи, мыпхуэдэ зы щапхъэрщ мыр:

«**дэ** абы **ды***й*обгэ/**ды***й*обг″ → **д**обгэ/**д**обг″».

- Ипэкlэ къэта таблицэми зэрыхэплъагъуэу, мы *глагол лэжьэкlэ*хэр ″дополненэ″м хуэкlуэрэ *екlуалlэу* къызэрыlуатэу ухуа мы *псалъэхэр* **″инфинитив″**у *зэрыухуэ*нури **″объектив″**у *екlуэлlэныгъэ* зэрылъытэ **″е″ префикс**кlэщи, абыхэм -**″е″ префиксиал глагол**хэм- *″объектив* дополненэ″хэм теухуэ я *лэжьэкlэ*нури мы къэта щапхъэхэм зэрыхуэдэнури гурыlуэгъуэщ.

*

Мы къэта щапхъэхэмрэ мы тежыlыхьахэми къыкlэлъыкlуэу, мы илъабжьэми япэрауэ *″дополненэ″ зиlэу лажьэ ″езырыж занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэ **″уэн″**ым и *лэжьэкlэ щапхъэхэр* къэдгъэлъэгъуэнщ.

Дауи, *″уэн″ыр ″дополненэ″ зыхэзыубыдэу лажьэ глагол*у щытми, ари *зэмылlэужьыгъуэ ″субъект″*кlэрэ *″ит зэман″* лэжьэкlэхэу *″объектив* дополненэ″хэм хуэкlуэрэ *екlуалlэ* зэрылъытэ **″е″ префикс** къищтэу къызэрыlуатэрэ мыпхуэдэуи ухуэ *псалъэ*хэри *зэрызэпкъырыувэ* щlыкlэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Икlи, *глагол лэжьэкlэу* мыпхуэдэ *″префикс″*кlэ ухуа *псалъэ*хэри зи лъабжьэу **″инфинитив″**у утыку къихьэ **″префиксиал глагол″**хэри къыпытщэжынщ.

Ауэ икlи, ″бгэн″ым теухуауэ къэтхьа щапхъэхэмрэ тежытlыхьахэри ди гурыlуэгъуэу, **″уэн″**ым теухуа *глагол лэжьэкlэ* щапхъэу къэдгъэлъэгъуэну *псалъэхэми* -хиубыдэ макъхэмкlэ- ягъуэта *къэlукlэ лъагъуэ*ри зытеухуа псалъэхэм къыкlэлъыкlуэ ″(...)″м *дэтхыхь*ауи къэдгъэлъэгъуэнщ:

*Занщlэу зэрылажьэ -объектив лэжьэкlэ- щапхъэхэр*:
- «″**ар** абы **ма**уэ″; ″**ахэр** абы **ма**уэ(**хэ**)″; ″**сэ** абы **с**оуэ″; ″**фэ** абы **ф**оуэ″» → «**Уэн**».

---

*″Объектив щхьэ″хэм теухуэу -″дополненэ″хэр ″объектив щхьэ″уэ- зэрылажьэ щапхъэхэр*:
- «″**сэ** абы **сы***й*оуэ (← **сы***и*оуэ ← **сы***и*эоуэ ← **сы***е*оуэ)»; «″**сэ** абыхэм **с**а*й*оуэ (**с**а*й*оуэ ← **с**а*э́й*оуэ ← **сы**а*е*оуэ)»;
- «**уэ** абы **у**(ы)*й*оуэ (← **у**(ы)*и*оуэ ← **у**(ы)*и*эоуэ ← **у**(ы)*е*оуэ)»; «**уэ** абыхэм **у**а*й*оуэ (← **у**а*й*оуэ ← **у**а*э́й*оуэ ← **у**(ы)а*е*оуэ)»;

- «**ар** абы *й*оуэ (← *и*оуэ ← *и*э*о*уэ ← *е*оуэ)»; «**ар** абыхэм *я*йоуэ (*я*йоуэ ← *иа*йоуэ ← *аэй*обгэ ← *ае*оуэ)»;
- «**дэ** абы **ды***й*оуэ (**ды***и*оуэ ← **ды***и*э*о*уэ ← **ды***е*оуэ)»; «**дэ** абыхэм *да*йоуэ (← *да*оуэ ← *да*э*о*уэ ← **ды***ае*оуэ)»;
- «**фэ** абы **фы***й*оуэ (← **фы***и*оуэ ← **фы***и*э*о*уэ ← **фы***е*оуэ)»; «**фэ** абыхэм **ф***а*йоуэ (← **ф***аи*оуэ ← **ф***аи*э*о*уэ ← **ф***ае*оуэ)»;
- «**ахэр** абы *й*оуэ(**хэ**) {← *и*оуэ(**хэ**) ← *и*э*о*уэ(**хэ**) ← *е*оуэ(**хэ**)}»; «**ахэр** абыхэм *я*йоуэ(**хэ**) {← *й*а*й*оуэ(**хэ**) ← *иаи*обгэ(**хэ**) ← *еае*оуэ(**хэ**)}» ‖→ «***Е*уэн**».

*"Езырыж занщlэ глагол"хэр "еклуэтэн/еклуэлlэн" лъытэ "е" префикскlэ "субъектив дополненэ"хэм теухуэу зэрылажьэ щlыклэхэр.*

Ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *глагол лэжьэкlэ*хэм хиубыдэ *"*дополненэ*"*р *"субъектив щхьэ"*уэ щытмэ, ар *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*м -фlэкlыпlэ имыlэу- *хиубыдэн хуей*уэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщ. Араща, мыпхуэдэ зы *глагол*ым и *"лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*м *"*хьэрычэт*"*ыр *"субъектив* дополненэ*"*хэм *къыхуэклуэ/хуэунэтl*ыу зэрыщытри *"къ/н" префикс*кlэрэ зэрыхэлъытэнур игурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *"дополненэ" зulэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"* лэжьэкlэхэр *"субъектив "*дополненэ*"* лlэужьыгъуэу *"*сэ, дэ*"*м *"*хьэрычэт*"*ыр *къыхуэклуэ*у *"къ" префикс*кlэщ зэрытехуэри, *"*уэ, фэ*"*ми *"*хьырычэт*"*ыр *къыхуэклуэ*у *"къ"* префикскlэ зэрыхуэрэ икlи *хуэунэтl*ыуи *н" префикс*кlэ зэрытеухуэри гурыlуэгъуэщ.

Араща, дэтхэнэ зы *"глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"*р *"къ/н" префиксиал*у зэпкъырыуваuэ щытмэ, а глагол лэжьэкlэр -*"*хьэрычэт*"*ыр- япэрауэ *"субъектив щхьэ"*хэм теухуэу *–"*дополненэ*"*р *субъектив щхьэ"*уэ- зэрыщытрауэщ гурыlуэгъуэ къызэрытхуэхъури, нытlэ, *"дополненэ" зulэрэ зимыlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэхэу *мы ипэклэ зи лэжьэклэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа* ***"*бгэн*"***рэ ***"*уэн*"*** *глагол*хэм я *"лэжьэклэу ухуа псалъэ"* гуэрхэр *–"дополненэ"и химыубыд*эу- *"къ, н" префикс*кlэ зэрыухуэ щапхъэхэри къэдгъэлъагъуэу -ахэр япэрауэ *"*сэ, дэ*"*рэ *"*уэ, фэ*"*м теухуэу зэрылъытапхъэм- аргуэру гулъытэ хуэтщlынщ:

- Бгэн: «**ар** *къ*обгэ/*къ*обг; **ар** *н*обгэ/*н*обг»;
- Уэн: «**ар** *къ*оуэ; **ар** *н*оуэ».

Ауэ, мыбдежым зи гугъу тщlы *глагол лэжьэклэ*хэр *"хуэклуэн/еклуэлlэн" лъытэ "е" префикс*кlэ *зэрыухуэ*м теухуащи, *"е" префикс*ымкlи *глагол лэжьэклэм* зы *"*дополненэ*"* *зэрыхэлъыт*энуи гурыlуэгъуэщ; нытlэ, мы *"е" префикс*ымкlэ лъытэну *"*дополненэ*"*р икlи *"субъектив щхьэ"*уи

зэрыщытклэ къызэрылэтэну **″глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ″**хэр **″е″**рэ **″къ/н″ префиксиал**уи *зэрыухуэ*нури гурылуэгъуэнщ.

*

Нытлэ, мыхэри къыпытщэжа нэужь, мыбдежым япэрауэ *″дополненэ″ншэу лажьэ* зы *″езырыж занщлэ глагол″* лэужьыгъуэу щыт **″бгэн″**ыр *зэмыллэужьыгъуэ ″субъект″*клэрэ *″ит зэман″*у зэрылажьэу *″субъектив* дополненэ*″*хэм *къыхуэклуэ/хуэунэтл*рэ (*″къ/н″ префикс*) *еклуаллэу* (*″е″ префикс*) къызэрылуатэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщи, *″глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ″*хэри *зэрызэпкърырыувэ* щлыклэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Икли, *глагол лэжьэклэу* мыпхуэдэ *″префикс″*клэ ухуа *псалъэ*хэри зи лъабжьэу **″инфинитив″**у утыку къихьэ **″префиксиал глагол″**хэри къыпытщэжынщ:

*″Бгэн″ глаголыр ″субъектив щхьэ″ лэужьыгъуэ ″*дополненэ*″у ″*сэ*, ″*дэ*″м къыхуэклуэу зэрылажьэ щапхъэхэр*:
- «*″***уэ** сэ **у***къы*зобгэ/**у***къы*зобг*″*; *″***уэ** дэ **у***къы*добгэ/**у***къы*добг*″*»;
- «*″***фэ** сэ **фы***къы*зобгэ/**фы***къы*зобг*″*; *″***фэ** дэ **фы***къы*добгэ/**фы***къы*добг»;
- «*″***ар** сэ *къы*зобгэ/*къы*зобг*″*; *″***ар** дэ *къы*добгэ/*къы*добг*″*»;
- «*″***ахэр** сэ *къы*зобгэ(**хэ**)/*къы*зобг(**хэ**)*″*; *″***ахэр** дэ *къы*добгэ(**хэ**)/*къы*добг(**хэ**)*″*» ‖→ «***Къе*бгэн/*Къе*бгын**».

---

*″Бгэн″ глаголыр ″субъектив щхьэ″ лэужьыгъуэ ″*дополненэ*″у ″*уэ*, ″*фэ*″м къыхуэклуэу зэрылажьэ щапхъэхэр*:
- «*″***сэ** уэ **сы***ны*уобгэ/**сы***ны*уобг*″*; *″***сэ** фэ **сы***ны*вобгэ/**сы***ны*вобг*″*»;
- «*″***дэ** уэ **ды***ны*уобгэ/**ды***ны*уобг*″*; *″***дэ** фэ **ды***ны*вобгэ/**ды***ны*вобг*″*»;
- «*″***ар** уэ *къы*уобгэ/*къы*уобг – *ны*уобгэ/*ны*уобг*″*; *″***ар** фэ *къы*вобгэ/*къы*вобг – *ны*вобгэ/*ны*вобг*″*»;
- *″***ахэр** уэ *къы*уобгэ(**хэ**)/*къы*уобг(**хэ**) – *ны*уобгэ(**хэ**)/*ны*уобг(**хэ**)*″*; *″***ахэр** фэ *къы*вобгэ(**хэ**)/*къы*вобг(**хэ**) – *ны*вобгэ(**хэ**)/*ны*вобг(**хэ**)*″*» ‖→ «***Къе*бгэн/*Къе*бгын – *Не*бгэн/*Не*бгын**».

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр:**

- Нытлэ, мы къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэу япэрауэ къыхэгъэщыпхъэр *″къ/н″рэ ″е″ префикс*клэмклэ зэпкърырыува щапхъэхэу къэдгъэлъэгъуа мы **″глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ″**м **″инфинитив″**у къытехъуклынури **″къ/н″рэ ″е″ префикс**клэ ухуа **″езырыж префиксыбэ глагол″**хэращи, абыхэм икли лъабжьэ яхуэхъур **″е″ префикс**клэ ухуа **″езырыж префиксиал глагол″**хэрщ:

**«*Къе*бгэн/*Къе*бгын – *Не*бгэн/*Не*бгын» ← «*Е*бгэн/*Е*бгын».**

- Ипэкли щыгъуазэ дызэрыхуэхъууэ, **″субъект″**ыр (″объектив″ е ″субъектив″у) *дауи щырет*, *глагол лэжьэкл*эр -*″хьэрычэт″*ыр- *″*сэ*″*рэ *″*дэ*″*м- къызэрых*уэклуэ*р *″къ″ префикс*клэщ зэрылъытэри, мыпхуэдэ щапхъэхэрщ мыхэр: «*″***ар** дэ *къы*добгэ/*къы*добг*″*; *″***фэ** дэ **фы***къы*добгэ/**фы***къы*добг*″*». Ауэ, **″сэ, дэ″**м

(**субъект**) *къыпкъырыкl*ыу ″уэ, фэ″м -″дополненэ″у- *хуэклуэ*р –бзэр къэзыlуатэ ″сэ, дэ″м пэжыжьэ хуэхъуу *зэрыунэтl*кlэрэ- *″н″ префикс*кlэщ зэрылъытапхъэри, мыпхуэдэу ухуа псалъэхэм теухуа щапхъэщ мыхэри: «″**дэ фэ ды***ны*вобгэ/**ды***ны*вобг″». Икlи, ″**объектив субъект**″хэм (**ар, ахэр**) *къапкъырыкl*ыу ″дополненэ″у ″уэ, фэ″м *хуэунэтl ″хьэрычэт″*ыр -*″уэ, фэ″*ри *″сэ″*м *и ″субъективыгъэ″*у зэрилъытэм зэрезэгъкlэ- *″субъектив щхьэ* дополненэ″хэм *къыхуэклуэ*у *″къ″ префикс*кlи илъытэ *псалъэхэмкlэ къэlуэтэн*ри *нэхъ игъуэ*у лъытапхъэщ: «″**ар** фэ *къы*вобгэ/*къы*вобг″; ″**ахэр** фэ *къы*вобгэ(**хэ**)/*къы*вобг(**хэ**)″».

- Икlи, ″**объектив щхьэ**″хэм (**ар**, **ахэр**) къыпкъырыкlыу ″уэ, фэ″м хуэгъэзар *″къ″ префикс*кlэ мы зэрылъытэм нэмыщl, *″н″ префикс*кlи лъытэныр *щыигъуэ*и щыlэнщи, мыбы *папщlэ*щ ипэкlэ *таблицэ*м къыщыта *щапхъэхэр* мыпхуэдэуи щlыщытыр:

- «″**ар** уэ *къы*уобгэ/*къы*уобг – *ны*уобгэ/*ны*уобг″; ″**ар** фэ *къы*вобгэ/*къы*вобг – *ны*вобгэ/*ны*вобг″»;
- «″**ахэр** уэ *къы*уобгэ(**хэ**)/*къы*уобг(**хэ**) – *ны*уобгэ(**хэ**)/*ны*уобг(**хэ**)″; ″**ахэр** фэ *къы*вобгэ(**хэ**)/*къы*вобг(**хэ**) – *ны*вобгэ(**хэ**)/*ны*вобг(**хэ**)″».

- Мы мы *″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*хэм зи гугъу тщlа *″къ/н″ префикс*хэм къыкlэлъыкlуэу ″дополненэ″хэр я ″субъектив щхьэ цlэпащцlэ гъэлъагъуэ″кlэ зэрыхиубыдэр нэрылъагъущи, абыхэм къыкlэлъыкlуэрэ *″ит зэман гъэлъагъуэ″*ым (о) ипэ къихуэу *″е″ префикс*ри зэрыхиубыдэн хуейри гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, мы ипэкlэ къызэрыlу хъуа щlыкlэу къэта ″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″ гуэрхэр зэпкъырыхауэ къэдгъэлъэгъуэу, ″е″ префиксри хэтлъэгъуэнщ икlи ар псалъэм къызэрыхэlукl щlыкlэр зэрызэхъуэкlа лъагъуэми гулъытэ хуэтщlынщ:

- «″**ар** сэ *къы*зобгэ″ (← ″*къы*зэобг″ ← ″*къы*зэйобг″ ← ″*къы*-зы-*эй*-о-бг″ ← ″*къы*-зы-*е*-о-бг″)»;
- «″**фэ** дэ **фы***къы*добг″ (← ″*къы*дэобг″ ← ″*къы*дэйобг″ ← ″*къы*-ды-*эй*-о-бг″ ← ″*къы*-ды-*е*-о-бг″)»;
- «″**уэ** сэ **у***къы*зобгэ″ (← ″*къы*зэобгэ″ ← ″*къы*зэйобгэ″ ← ″*къы*-зы-*эй*-о-бгэ″ ← ″*къы*-зы-*е*-о-бгэ″)»;

---

- «″**сэ** уэ **сы***ны*уобг″ (← ″**сы***ны*уэобг″ ← ″**сы***ны*уэйобг″ ← ″**сы-***ны*-у-*эй*-о-бг″ ← ″**сы-***ны*-у-*е*-о-бг″)»;
- «″**сэ** фэ **сы***ны*вобгэ″ (← ″**сы***ны*вэобгэ″ ← ″**сы***ны*вэйобгэ″ ← ″**сы-***ны*-вы-*эй*-о-бгэ″ ← ″**сы-***ны*-в-*е*-о-бгэ″)»;
- ″**дэ** фэ **ды***ны*вобг″ (← ″**ды***ны*вэобг″ ← ″**ды***ны*вэйобг″ ← ″**ды-***ны*-вы-*эй*-о-бг″ ← ″**ды-***ны*-вы-*е*-о-бг″)»;
- «″**дэ** уэ **ды***ны*уобгэ (← ″**ды***ны*уэобгэ″ ← ″**ды***ны*уэйобгэ″ ← ″**ды-***ны*-у-*эй*-о-бгэ″ ← ″**жы-***ны*-у-*е*-о-бгэ″)»;

---

- «*"***ар** уэ *къы*уобг*"* (← *"къы*уэобг*"* ← *"къы*уэ*й*обг*"* ← *"къы-*у*-эй-*о*-*бг*"* ← *"къы-*у*-е-*о*-*бг*")* – *"ны*уобг*"* (← *"ны*уэобг*"* ← *"ны*уэ*й*обг*"* ← *"ны-*у*-эй-*о*-*бг*"* ← *"ны-*у*-е-*о*-*бг*")»;
- «*"***ар** фэ *къы*вобгэ*"* (← *"къы*вэобгэ*"* ← *"къы*вэ*й*обгэ*"* ← *"къы-*вы*-эй-*о*-*бгэ*"* ← *"къы-*вы*-е-*о*-*бгэ*")* – *"ны*вобгэ*"* (← *"ны*вэобгэ*"* ← *"ны*вэ*й*обгэ*"* ← *"ны-*вы*-эй-*о*-*бгэ*"* ← *"ны-*вы*-е-*о*-*бгэ*")»;
- «*"***ахэр** уэ *къы*уобг(**хэ**)*"* {← *"къы*уэобг(**хэ**)*"* ← *"къы*уэ*й*обг(**хэ**)*"* ← *"къы-*у*-эй-*о*-*бг-(**хэ**)*"* ← *"къыы-*у*-е-*о*-*бг-(**хэ**)*"*} – *"ны*уобг(**хэ**)*"* {← *"ны*уэобг(**хэ**)*"* ← *"ны*уэ*й*обг(**хэ**) *"* ← *"ны-*у*-эй-*о*-*бг-(**хэ**)*"* ← *"ны-*у*-е-*о*-*бг-(**хэ**)*"*};
- «*"***ахэр** фэ *къы*вобгэ(**хэ**)*"* {← *"къы*вэобг(**хэ**)*"* ← *"къы*вэ*й*обг(**хэ**)*"* ← *"къы-*в*-эй-*о*-*бг-(**хэ**)*"* ← *"къы-*в*-е-*о*-*бг-(**хэ**)*"*} – *"ны*вобгэ(**хэ**)*"* {← *"ны*вэобгэ(**хэ**)*"* ← *"ны*вэ*й*обгэ(**хэ**)*"* ← *"ны-*вы*-эй-*о*-*бгэ-(**хэ**)*"* ← *"ны-*вы*-е-*о*-*бгэ-(**хэ**)*"*}».

- Мы къыхэдгъэщыну ди гугъэхэр ***"блэкIа зэман"*** лэжьэкIэу *нэхъ зэхэхугъуафIэ* зэрыхъунур жыIэпхъэщи, нытIэ, *"ит зэман" лэжьэкIэ*у мы къэта щапхъэхэм щыщ *гуэрхэр "блэкIа зэман" лэжьэкIэу* мыбдежым -икIи *зэрызэпкъырыха щIыкIэ*хэуи- къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

- «*"***ар** сэ *къы*зэбгащ*"* (← *"къы*зэ*й*бгащ*"* ← *"къы-*зы*-эй-*бгэ*-*а*-*щ*"* ← *"къы-*зы*-е-*бгэ*-*а*-*щ*")»;

---

- «*"***сэ** уэ **сы***ны*уэбгащ*"* (← *"***сы***ны*уэ*й*бгащ*"* ← *"***сы-***ны-*у*-эй-*бг*-*а*-*щ*"* ← *"***сы-***ны-*у*-е-*бг*-*а*-*щ*")»;

---

- «*"***ар** уэ *къы*уэбгащ*"* (← *"къы*уэ*й*бгащ*"* ← *"къы-*у*-эй-*бгэ*-*а*-*щ*"* ← *"къы-*у*-е-*бгэ*-*а*-*щ*")* –*"ны*уэбгащ*"* (← *"ны*уэ*й*бгащ*"* ← *"ны-*у*-эй-*бгэ*-*а*-*щ*"* ← *"ны-*у*-е-*бгэ*-*а*-*щ*")»;
- «*"***ахэр** фэ *къы*вэбга(**хэ**)щ*"* {← *"къы*вэ*й*бга(**хэ**)щ*"* ← *"къы-*вы*-эй-*бг*-*а*-(**хэ**)-щ*"* ← *"къы-*вы*-е-*бг*-*а*-(**хэ**)-щ*"*} –*"ны*вэбга(**хэ**)щ*"* {← *"ны*вэ*й*бга(**хэ**)щ*"* ← *"ны-*вы*-эй-*бг*-*а*-(**хэ**)-щ*"* ← *"ны-*вы*-е-*бг*-*а*-(**хэ**)-щ*"*}».

- Мы *"глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"*хэр *"*хьэрычэт*"*ыр *"субъектив щхьэ"* лIэужьыгъуэ *"*дополненэ*"*м *къыхуэкIуэ/хуэунэтI* лъытэ *"къ/н" префикс*кIэ къежьэу, абы *"*дополненэ*"*у къыкIэлъыкIуэ *"субъектив щхьэ гъэлъагъуэ"*хэми *"е" префикс*ыр къыкIэлъыкIуэжу зэры*ухуа*хэр нэрылъагъущ. ИкIи *"*дополненэ*"* лIэужьыгъуэ *"субъектив щхьэ гъэлъагъуэ"*хэр (сы, у, ды, фы) **къызкIэлъыкIуэ**рэ (къ/н) **къакIэлъыкIуэ макъ**хэм (макъ зэхэжа *"е" префикс*ым) **елъыта**уэ {зы, у(ы), ды, вы} зэры**зэхъуэкI**ыу мы *псалъэ кIуэцI*хэми игъуэ **къэIукIэ** (з, у, д, в) зэрагъуэтыр гурыIуэгъуэщ.

- ИкIи, -*"*ит зэман*"* лэжьэкIэхэм lупщIыу хэмылъытэ щхьэ- мы *"блэкIа зэман" лэжьэкIэ*хэм *"е" префикс*ри *зэрыхэлъыт*эр гурыIуэгъуэщи, *"*дополненэ*"* лIэужьыгъуэ *"субъектив щхьэ гъэлъагъуэ"*м къыкIэлъыкIуэу *"глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"*м хиубыдэ *"кIуэтэгъуэ"* лъытэ ***"э" макъ***ыр ***"е" префикс***ым и **къэIукIэ** хъуаращ (*къы*уэбгащ/*къы*уэбгащ; *ны*уэбгащ/*ны*уэбгащ).

- Ауэ икIи, *глагол лэжьэкIэ*хэм *"*дополненэ*"*хэр ***"IуэхуI"*** лIэужьыгъуэу зэрыхиубыдэущ зэрытщIэри, мы къэта щапхъэхэм *"объектив"* лIэжьыгъуэ

*"дополненэ"*хэр *"lуэху"* лIэужьыгъуэу зэрыхиубыдэр нэрылъагъуу щыт щхьэ, мы иужьрей щапхъэхэм хиубыдэ **"субъектив"** лIэужьыгъуэ *"***дополнэнэ***"*хэр *"глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"*хэм **"езырыж"** лIэужьыгъуэу зэрыхиубыдэри нэрылъагъущи, нытIэ, **мыбы и** *лъабжьэ*рэ **щхьэусыгъуэ**ри *зыгурыдгъэlуэн хуей*рэ **гулъытэ лей зэрыыхуэщIыпхъэ**ри мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ.

*

Мы къэта щапхъэхэм къыклэлъыклуэрэ икIи абыхэм теухуауэ мы къыхэдгъэщахэри ди гурыIуэгъуэу, ауэ мыпхуэдэхэр аргуэу къыхэдымыгъэщу, абыхэм хуэдэ лэжьэкIэ щапхъэхэр *"дополненэ" зиlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"* лIэужьыгъуэ **"уэн"**ым теухуауэ мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

НытIэ, *"уэн"* глаголыр *зэмылlэужьыгъуэ "субъект"*кIэрэ *"ит зэман"*у зэрылажьэу *"объектив* дополненэ*"*хэм хуэкIуэрэ *еклуалlэ* зэрылъытэ **"е" префикс**и къищтэу къызэрыIуатэмрэ, *"глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"*хэми *-псалъэ гуэрхэри зэрызэпкъырыха*уэ- щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Икlи, *глагол лэжьэклэу* мыпхуэдэ *"префикс"*кIэ ухуа *псалъэ*хэри зи лъабжьэу **"инфинитив"**у утыку къихьэ **"префиксиал глагол"**хэри къыпытщэжынщ:

*"Уэн" глаголыр "субъектив щхьэ" лlэужьыгъуэ "дополненэ"у "сэ, дэ"м къыхуэкlуэу зэрылажьэ щапхъэхэр*:
- «**уэ** сэ **у***къыз*оуэ»; «**уэ** дэ **у***къыд*оуэ (← *"***у***къыд*эоуэ*"* ← *"***у***къыд*эйоуэ*"* ← *"***у**-*къы*-ды-*е*-о-уэ*"*)»;
- «**фэ** сэ **фы***къыз*оуэ (← *"***фы***къыз*эоуэ*"* ← *"***фы***къыз*эйоуэ*"* ← *"***фы**-*къы*-зы-*е*-о-уэ*"*)»; «**фэ** дэ **фы***къыд*оуэ»;
- «**ар** сэ *къыз*оуэ»; «**ар** дэ *къыд*оуэ»;
- «**ахэр** сэ *къыз*оуэ(**хэ**)»; «**ахэр** дэ *къыд*оуэ(**хэ**) {← *"къыд*эоуэ(**хэ**)*"* ← *"къыд*эйоуэ(**хэ**)*"* ←*"къы*-ды-*е*-о-уэ-(**хэ**)*"*}» ‖→ «***Къеуэн***».

---

*"Уэн" глаголыр "субъектив щхьэ" лlэужьыгъуэ "дополненэ"у "уэ, фэ"м къыхуэкlуэу зэрылажьэ щапхъэхэр*:
- «**сэ** уэ **сы***ны*уоуэ (← *"***сы***ны*уэоуэ*"* ← *"***сы***ны*уэйоуэ*"* ← *"***сы**-*ны*-у-*е*-о-уэ*"*)»; «**сэ** фэ **сы***ны*воуэ»;
- «**дэ** уэ **ды***ны*уоуэ»; «**дэ** фэ **ды***ны*воуэ (← *"***ды***ны*вэоуэ*"* ← *"***ды***ны*вэйоуэ*"* ← *"***ды**-*ны*-вы-*е*-о-уэ*"*)»;
- «**ар** уэ *къыу*оуэ – *ны*уоуэ»; «**ар** фэ *къыв*оуэ (← *"къыв*эоуэ*"* ← *"къыв*эйоуэ*"* ← *"къы*-вы-*е*-о-уэ*"*) – *"ны*воуэ*"* (← *"ны*вэоуэ*"* ← *"ны*вэйоуэ*"* - *"ны*-вы-*е*-о-уэ*"*)»;
- «**ахэр** уэ *къыу*оуэ(**хэ**) – *ны*уоуэ(**хэ**)»; «**ахэр** фэ *къыв*оуэ(**хэ**) {← *"къыв*эоуэ(**хэ**)*"* ← *"къыв*эйоуэ(**хэ**)*"* - *"къы*-вы-*е*-о-уэ(**хэ**)*"*} – *"ны*воуэ(**хэ**)*"* {← *"ны*вэоуэ(**хэ**)*"* ← *"ны*вэйоуэ(**хэ**)*"* - *"ны*-вы-*е*-о-уэ-(**хэ**)*"*}» ‖→ «***Къеуэн – Неуэн***».

**″Е″ префиксиал ″езырыж глагол″хэм я лэжьэкlэхэм ″субъектив дополненэ″хэр ″езырыж″ лlэужьыгъуэу зэрыхэлъытэм теухуауэ.**

Зэрыгурыlуэгъуэу, хиубыдэ щхьэщ *″макъ lуэр″*хэмкlэ *″клуэтэн″* зэрылъытэ *″е (иэ)″ макъ зэхэжыхьа*м *″инфинитив глагол″*хэм яху*игъэзащlэ ″префикс″* къалэныр *″еклуэлlэн″*рэ *″хуэклуэн″*у лъытапхъэщи, *″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*хэм *″префикс″* язэрыхуэхъури - ″дополненэ″м- мыпхуэдэу *″еклуэлlэн/хуэклуэн″*ыгъэ язэрыхуигъэзащlэущ.

Къызэрыхъуа щlыкlэрэ щlыпlэм елъытауэ *″къэхъупlэ″*рэ *″къежьапlэ″* зылъытэ *″къ″ мак*ъри мыпхуэдэ къалэн яхуигъэзащlэущ *″инфинитив глагол″*хэм *″префикс″* язэрыхуэхъури, бзэр къэзыlуатэ *″сэ″м –″*дэ″ми- *елъытауэ* къэхъурэ *утыку къихьэ*р зэрылъытэ *″къ″ мак*ъыр *″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*хэм зэрыхэхьэри -*″сэ″м* езым *хуэдэ*у илъыта- *″субъектив ″щхьэ″*хэм (сэ, дэ; уэ, фэ) -″дополненэ″хэм- *къыхуэклуэ*р зэрылъытэ *″префикс″* къалэн зыгъэзащlэущ.

Къызэрыхъуа щlыкlэм елъытауэ *″унэтlын″* къалэн зыгъуэта *″н″ мак*ъми *″инфинитив глагол″*хэм яхуигъэзащlэ *″префикс″* къалэныр *″хуэунэтlын″*ырщи, *″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*хэми *″префикс″* къалэну зэрыхэхьэр *″сэ″м пэжыжьэ* хъуурэ кlуэ *унэтlыныгъэ*у, нэхъыбэуи *″уэ″м -″*дополненэ″м- *хуэклуэ унэтlыныгъэ*ущ.

Нытlэ, мы зи гугъу тщla макъхэм *″инфнитив глагол″*хэм хуагъэзащlэ *″префикс″* къалэнхэм *мащlэу щхьэщыкl*ыу лъытапхъэщ ″дополненэ″ зыхэлъытэ *″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″хэм ″префикс″* лlэужьыгъуэу зэрыхиубыдэ щlыкlэхэри, мыбдежым мыбыхэми я гугъу щытщlыныр игъуэщ.

Аращи, мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlщи, *″е (иэ)″ префикс*ым мыпхуэдэу *псэлъащхьэ*мрэ икlи *псалъэ куэцl*ым (*эй*) щигъэзащlэ *еклуэтэн/еклуэлlэн* къалэныр *″субъектив щхьэ″*хэу *″сэ, дэ″м -* ″дополненэ″м- теухуэу зэрылъытэр *″къыхуэклуэ″* зэрылъытэу ″къ″ макъри ″префикс″у lуэхум къызэрыхэхьэущ (пп: *″е*уэн″ → *″къыз*оуэ, *къыз*эуащ″). Икlи, *″сэ″м езым хуэдэу ″субъектив щхьэ″*уэ зэрилъытам папщlэщи, *″уэ, фэ″*ми -″дополненэ″ми- теухуэр *″къыхуэклуэ″*у зэрылъытэ *″къ″ префикс*кlэ къызэрыlуэтэфри гурыlуэгъуэщ (пп: *″е*уэн″ → *″къыу*оуэ, *къыу*эуащ″). Ауэ икlи, *″сэ″м пэжыжьэ* хъуурэ *унэтl*ыр зэрылъытэ *″н″ мак*ъыр *″префикс″* зыхуэхъуу къэlуэтапхъэщ *″уэ, фэ″м -″*дополненэ″м- теухуэри я*″хуэунэтl″*у

зэрылъытэ *"префикс"* зыхубыдэ *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэмкlэ (пп: *"е*уэн" → "**сы***ны*<u>у</u>оуэ, *ны*<u>у</u>оуэ"; "**сы***ны*<u>у</u>эуащ, *ны*<u>у</u>эуащ").

Мы къэтlуэтахэмрэ къэдгъэлъэгъуа щапхъэхэми къызэрыхэщу, *"къ/н" макъ*хэм ягъэзащlэ *"префикс" къалэн*ыр *"е (иэ; эй)" макъ зэхэжыхьа*м игъэзащlэ *"префикс" къалэн*ым *елъыта*рэ и зы *щlыкlэ*у лъытапхъэщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, *глагол лэжьэкlэ*у *"е" префикс*кlэ лъытэ *"хуэкlуэн/екlуэлlэн"* хьэрычэтыр зи *лъабжьэ*у, ар *"субъектив щхьэ"*хэм – "<u>дополненэ</u>"хэм- *хуэгъэзауэ* зэры*гъэузэхужэ*у *"къыхуэкlуэ/хуэунэтl"*уи зэрылъытэр *"къ/н" префикс*кlэщи, *"е"*рэ *"къ/н"* префиксхэр *зэгъусэу "глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм *зэрыхэхьэ*ри мыпхуэдэущ. Араща, *глагол лэжьэкlэ*у *"е префикс*кlэ *хуэкlуэн/екlуэлlэн*кlэрэ гъэзэщlэнум -*"субъектив* <u>дополненэ</u>"хэм теухуауэ- *къыхуэкlуэ/хуэунэтl* лъытэ *"къ/н" префикс*и *дищlыгъу*ущ зэрыгъэзащlэр.

Ауэ икlи, псалъэхэм *"къ/н" префикс*хэр *псалъэ пэщlэдзэ*у, *"е" префикс*ри *глаголыпкъыщхьэ*у зэрыхиубыдэри гурыlэгъуэщи, нытlэ, ипэкlи глагол лэжьэкlэу къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, мы зи гугъу тщlа *префиксхэр*и *зэрыхиубыдэ* щlыкlэу *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ" зэпкърырыувэкlэ*ри аргуэру мыбдежым къыщытlуэтэжыныр игъуэщ.

Араща, "езырыж глагол"у зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ" пэщlэдзэ* **"субъект** *щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*м (пп: **сы**) къыкlэлъыкlуэ *"къ/н" префикс*ым "<u>дополненэ</u> *щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*ми (пп: <u>у</u>) *"е" префикс*ыр -псалъэм къызэрыхэlукlыу (пп: э)-къыкlэлъыкlуэжрэ, мыбыи –глаголыр *"ит зэман" лэжьэкlэ*мэ- *"ит зэман гъэлъагъуэ"* (о) къыкlэлъыкlэм *"глаголыпкъ"*ри (пп: уэ) къыпыщэжущ *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*р зэрызэпкъырыувэри, мыпхуэдэ зы щапхъэщ мыри: «**сы***къы*<u>у</u>оуэ, **сы***ны*<u>у</u>оуэ; **сы***къы*<u>у</u>эуащ,**сы***ны*<u>у</u>эуащ».

Нытlэ, ипэкlэ *"префикс" пэщlэдзэ* лlэужьыгъуэу тлъыта *"къ/н" мак*ъхэм *къакlэлъыкlуэ*у –нэхъыбэуи *"н" макъ нэужь*у- лъытапхъэ *"е" макъ lуэр зэхэжыхьа*р *"префикс"* къалэну мы макъхэм къыкlэлъыкlуэу лъытапхъэми, абыхэм елъытауэ *нэхъ убгъуа*рэ *объектив "префикс"* къалэн зыгъэзащlэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэу зэрылъытапхъэр ипэкlэ къэдгъэлъэгъуа глагол лэжьэкlэ щапхъэхэми хыболъагъуэри, *"е" префиксиал глагол*хэм я *лэжьэкlэу къ/н" префиксиал псалъэ*хэр зэрыухуэр гурыlуэгъуэщ.

Дауи, мы *"къ, н" префикс*рэ *"е" префикс*кlэ префикситl зыхиубыдэу ухуа мы глаголхэр икlи *"префиксыбэ"*у зэрыщытхэр гурыlуэгъуэщи, мы зи

гугъу тщlыхэр *"езырыж префиксыбэ глагол"*хэу зэрыщытри мыбдежым аргуэру щыжытlэжынщ.

*

Япэрей ди лэжьыгъэхэмкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *глагол лэжьэклэ*хэм *"объектив* дополненэ*"*хэр зэрыщыту **"lуэху"** лlэужьыгъуэу зэрыхиубыдэр гурыlуэгъуэщи, "е" префиксиал глагол"хэм я лэжьэкlэхэм теухуауи мыпхуэдэщ. Ауэ, мы ипэкlи гулъытэ зэрыхуэтщlауэ *глаголхэр "е" префиксиалу зэрылажьэ*рэ **"е" префиксиал "езырыж глагол"**хэм я *"лэжьэклэу ухуа псалъэ"*хэм **"субъектив"** лlэужьыгъуэ "**дополнэнэ**"хэр **"езырыж"** лlэужьыгъуэу зэрыхиубыдэми *гулъытэ* хуэтщlащи, нытlэ, мыпхуэдэу зэрыщытым и **лъабжьэ**рэ **щхьэусыгъуэ**ми щыгъуазэ дыхуэхъун хуейщ.

Япэрей ди лэжьыгъэхэмрэ мы ипэкlи щыгъазэ дызэрыхуэхъуауэ, *глагол лэжьэклэ*у **"къ/н" префикс**кlэ **"дополненэ" мылъытэ**ми, **"е" префикс**кlэ **"дополненэ"** зэры**лъытэ**р гурыlуэгъуэщ. Аращи, ипэкlэ къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, *"дополненэ" зимыlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"*хэм *"е" префиксиал* лэжьэкlэу "дополненэ"и зэрагъуэтыр гурыlуэгъуэщ.

Мы зэрыжытlауэ, *глагол лэжьэклэ*у *"е" префикс*кlэ "дополненэ" зэрылъытэм нэмыщl, икlи **"дополненэ"м хуэкlуэ/екlуалlэ** зэрылъытэри **"е" префикс**кlэрэщи, мы "хьэрычэт"ри **"субъектив дополненэ"м къыхуэкlуэ/хуэунэтl**ыу **зылъытэ**жри **"къ/н" префикс**ращ. Мыпхуэдэщ *"къ/н" префикс*ым игъэзащlэ *къалэн*ри, *глагол лэжьэклэ*у ипэкlэ къэтхьауэ щыта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, "дополненэ" зэры*лъытэ нэгъуэщl "префикс"*хэм теухуауэ *"къ/н" префикс*ым игъэзащlэ къалэнри -мы зэрыжытlауэ- "хьэрычэт"ыр *"субъектив* дополненэ*"*м зэрыхуэгъэза щlыкlэу *къыхуэклуэ/хуэунэтl*ырщ.

Ауэ икlи, **"е"м нэмыщl**ыу ипэкlэ зи гугъу тщla **"префикс"**хэмкlэ - *глагол лэжьэклэу-* лъытэ "**дополненэ**"р **"субъектив щхьэ"** лlэужьыгъуэу щытмэ, *псалъэр* **"къ/н" префикс**и къищтэу *зэрыухуэ*р гурыlуэгъуэ щхьэ, а **"субъектив дополненэ"**р **"lуэху"** лlэужьыгъуэу зэрылъытэри гурыlуэгъуэщ. Икlи, *"е" префиксиал глагол лэжьэклэ*хэм хиубыдэ **"объектив дополненэ"**хэри **"lуэху"** лlэужьыгъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, **"е" префикс**иал *глагол лэжьэклэ*хэм "дополненэ"р *"субъектив щхьэ"*уэ щыхиубыдэрэ -зэрыигъуэуи- *"къ/н" префикс*и къищтэу

*щыухуэ*ращ *"глагол лэжьэкlу ухуа псалъэ"*хэм **"субъектив дополненэ"**р **"езырыж"** лlэужьыгъуэу зэрыщыхэлъытэр.

Мы къэтlуэтахэми гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlщи, *"е" префиксиал глагол лэжьэкlэ*м хиубыдэ "дополненэ"р **"lуэху"**рэ **"езырыж"**у *зэрылъытэр* бзэр къэзыlуатэу щыт **"сэ"м елъыта**уэ жыlэпхъэнщ. Аращи, **"е" префиксиал** *глагол лэжьэкlэр* -"хьрычэт"ыр- *кlуатэ/екlуалlэу* **"объектив дополненэ"**м зэрытеухуэр **"сэ"м** хуэпэ*жыжьэу* –**объективу**-зэрилъытэр зы **"lуэху"** лlэужьыгъуэущ: мы "хьэрычэт"ыр *зэкlуатэ/зекlуалlэ "объектив* дополненэ"р *телэжьыхь*у –мы утыку къихьэ хьэрычэтым зы лэжьыгъэу хиубыдэу- зы *"lуэху"* лlэужьыгъуэущ. Ауэ, мы **"е" префиксиал** *глагол лэжьэкlэр* -"хьрычэт"ыр- *кlуатэ/екlуалlэ*у -**"сэ"м** езым е езыр **зыщыщ**у езым хуэдэу илъытэ- зы **"субъектив дополненэ"**м хуэгъэзауэ *къыхуэкlуэ/хуэунэтl*ыу **къ/н" префикс**кlэ *зэрилъыт*энур **"субъектив"** лlэужьыгъуэущи, мыри *"субъектив* дополненэ"р *а зэрыщыту* **"езырыж"** лъытэкlэрщ.

Нытlэ, *"е" префиксиал глагол лэжьэкlэм "субъектив* дополненэ"р *"къ/н" префикс*и къищтэу *"езырыж"*у зэрыхэлъытэм *лъабжьэ*рэ *щхьэусыгъуэ* хуэхъур мырагъэнщи, мыбы аргуэру къыпыщапхъэмэ, *глагол лэжьэкlэ*р – хьэрычэтыр- *"е" префикскlэ зэкlуатэ/зекlуэлlэ "*дополненэ"р **"субъектив дополненэ"**у щытмэ, *къыхуэкlуэ/хуэунэтl*ыу -"къ/н" префиксиалу зэрылъытэ- мы *"хьэрычэт"*ыр *сэ"мрэ и "субъективыгъэ"м итхэм* - **"субъектив щхьэ"**хэм- занщlэу **телэжьыхьу** *зэры***щымыт**ым папщlэрагъэнщ мы **"дополненэ"** лlэужьыгъуэхэр *а зэрыщыту* **"езырыж"**у щlэлъытэхэр. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, *"е" префикс*кlэ гъэзащlэ **кlуэтэн/екlуэлlэн** хьэрычэтыр *"объектив* дополненэ"м нэсрэ **телэжьыхь**у зэрихъуэкlыущ **"сэ"м зэрилъытэр**и, ар -**"объектив дополненэ"**р- **"lуэху"** лlэужьыгъуэу щlэлъытэр мыращ; ауэ, мы **хьэрычэт**ыр **"сэ"м**рэ **и субъективыгъэ**м хиубыдэ "дополненэ"хэм *нэс*рэ **телэжьыхьу** - *зихъуэкl*ыу зэры**щымыт**ыр зэрилъытэм *папщlэщ "сэ"м* мыпхуэдэхэр - **"субъектив дополненэ"**хэр- *а зэрыщыту* къызэтенэу **"езырыж"**у щlилъытэр.

*

Мы ипэкlэ къыщытlуэтахэми гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlщи, *"субъектив* дополненэ"хэр *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм *"езырыж"* лlэужьыгъуэу хэлъытэн папщlэ, *япэ*рауэ *"е" префиксиал глагол лэжьэкl*эм ухуэныкъуэщ; ауэ икlи, *глагол лэжьэкlэ*у "хьэрычэт"ыр *"субъектив*

дополненэ″м *зэрытеухуэ*ну щIыкIэри *-″къыхуэкIуэ/хуэунэтI″*у- *″къ/н″ префикс*кIэрэ зэрылъытэнури гурыIуэгъуэщ. Аращи, **″е″ префикс**иал *глагол лэжьэкIэм* **″къ/н″** *префикс*и **къищтэу** щылажьэкIэщ **″субъектив дополненэ″**хэр **″езырыж″** лIэужьыгъуэу псалъэхэм зэрыхэлъытэр; икIи, *″къ/н″ырэ ″е″ префиксиал*у ухуа *глагол*хэм я лэжьэкIэхэми *″субъектив* дополненэ″хэр *″езырыж″*у зэрыхиубыдэнури гурыIуэгъуэщ.

НытIэ, *″глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ″*хэм **″субъектив дополненэ″**хэр **″езырыж″** лIэужьыгъуэу зэрыхэлъытэр **″е″ префикс**ымрэ **″къ/н″ префикс**ым **зэдащIэ** IуэхугъуэрщI. Ауэ, мыпхуэдэр къэхъун папщIи, *япэ*рауэ *узыхуэныкъуэ*р *″е префикс*ращи, глаголым мы и *″е″ префиксиал лэжьэкIэ*ми *″къ/н″ префикс* къызэрищтэущ мы ″хьэрычэт″ри *″субъектив* дополненэ″хэм зэрыхуэкIуэр.

Ар щыхъукIи, *″глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ″*хэм *″субъектив* дополненэ″хэр ″езырыж″ лIэужьыгъуэу зэрыхэлъытэм **лъабжьэ** хуэхъур **″е″ префикс**ращ; ауэ икIи, глагол лэжьэкIэр -″хьэрычэт″ыр- **″дополненэ″м хуэкIуэ/екIуалIэ**у *″е (иэ; эй)″кIэрэ* лъыта *лъагъуэр* **″субъектив щхьэ″**хэм –″дополненэ″у- **зэрыхуэгъазэ**р **-** *къыхуэкIуэ/хуэунэтI*ыу- **″къ/н″ префикс**кIэрэщ.

Мы къэтIуэтахэми къыкIэлъыкIуэу къыпыщапхъэмэ, *″езырыж занщIэ глагол″* е *″езырыж префиксиал глагол″*у дауи щырет, *я лэжьэкIэхэм ″*дополненэ*″*у хиубыдэхэм я *нэхъыбэр ″IуэхуI″* лIэужьыгъуэу лъытэ щхьэ, абыхэм я лэжьэкIэхэм хиубыдэ ″дополненэ″р ″субъектив″ лIэужьыгъуэу щытмэ я *″глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ″*хэм *″езырыж″* лIэужьыгъуэу зэрыхиубыдэхэри гурыIуэгъуэщи, мыри ипэкIэ *гулъытэ зыхуэтщIа детал гуэрхэм теухуа*уэ *макъыбзэ лэжьэкIэм елъыта*уэ зэрыщытри наIуэщ. Аращи, *адыгэбзэ*р зы *макъыбзэ*рщи, нытIэ ар *мыхьэнэбэ*рэ *лэжьэкIэбэ*у зэрыщытыр *глагол лэжьэкIэхэми щымыгъэгъупщэн зэрыхуей*ри гурыIуэгъуэщ.

*

НытIэ, мы ипэкIэ зи лэжьэкIэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа *″бгэн, уэн″ глаголхэр ″е″ префиксиалу зэрылажьэм хуэдэ*у лъытапхъэщ *нэгъуэщI ″е″ префиксиал ″езырыж глагол″*хэми я лэжьэкIэнури, мы илъабжьэм мыпхуэдэ *″е″ префиксиалу ″езырыж глагол″ щапхъэ* гуэрхэри къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| «елэн, еижын, елуэн, елунщIын, екъун, екIын, екIун, екIуэлIэн, ехын, егугъун, егуэун, ежьэн, ежэн, ежэхын, ещэн, ешын, езэшын, есэн, елъэн, елIэлIэн, |

| |
|---|
| ефыгъуэн, епыджын, ебэнын, ецlэцlэн»; «епкlэн, ещхьын, игу ебгъэн, ебзеин, епщlыхьын, еплъын, епсэлъэн, епцlыжын». |

Мы *"е" префиксиал "езырыж глагол"*хэм щыщу цlыхум теухуэ *–цlыху "*дополненэ*"* хиубыдэ- щапхъэ гуэрхэри *"ит зэман"*рэ *"блэкlа зэман"*у зэрылажьэ щапхъэхэри я **"субъект"**рэ *"*дополненэ*"*хэри *"объектив"рэ "субъектив"* лlэужьыгъуэу *"глагол лэжьэкlэу уххуа псалъэ"*хэм зэрыхиубыдэу къэдгъэлъэгъуэнщ; икlи, мыхэр псалъэхэм къазэрыхэlукl зэрыхъуа лъагъуэри *"*(..)*"*м дэту къыхэдгъэщынщ:

| | |
|---|---|
| ***Е*lэн** | - «**ар** абы *й*olэ (← *и*olэ ← *иэ*olэ ← *е*olэ) – *е*lащ»;<br>- «**сэ** уэ **сы**ноlэ/**сы**ныуolэ (← *"***сы**ныуэolэ*"* ← *"***сы**ныу*эй*olэ*"* ← *"***сы**-ны-у-эй-о-lэ*"* ← *"*сы-ны-у-*е*-о-lэ)– сыныуэlуащ – **сы**ныуэlащ»; |
| ***Е*lунщlын** | - «**ар** абыхэм *й*olунщl/*яй*olунщ (← *я*эolунщl ← *й*аэolунщl ← *иэ*аolунщl ← *е*аolунщl) – *е*lунщlащ»;<br>- «**уэ** сэ **у**къызolунщl (← *"***у**къыз*э*olунщl*"* ← *"***у**къыз*эй*olунщl*"* ← **у**-къы-зы-*эй*-о-lунщl*"* ← *"***у**-къы-зы-*е*-о-lунщl) – **у**къызэlунщlащ»; |
| **Екlун** | - «**ахэр** абы *й*окlу(**хэ**) {← *и*olунщl ← *иэ*окlу(**хэ**) ← *е*окlу(**хэ**)} – *е*lунщlащ»;<br>- «**фэ** дэ **фы**къыдокlу (← *"***фы**къыд*э*окlу*"* ← *"***ф**къыд*эй*окlу*"* ← **фы**-къы-ды-*эй*-о-кlу*"* ← *"***фы**-къы-ды-*е*-о-кlу) – **у**къызэlунщlащ»; |
| **Егугъун** | - «**ахэр** абыхэм *й*огугъу(**хэ**)/*яй*огугъу(**хэ**) {← *иа*огугъу(**хэ**) ← *иэа*огугъу(**хэ**) ← *е*аогугъу(**хэ**)} – *я*гугъуа(**хэ**)щ {← *еа*гугъуа(**хэ**)щ}»;<br>- «**фэ** дэ **фы**къыдогугъу (← *"***фы**къыд*э*огугъу*"* ← *"***фы**къыд*эй*огугъу*"* ← **фы**-къы-ды-*эй*-о-гугъу*"* ← *"***фы**-къы-ды-*е*-о-гугъу) – **фы**къыдэгугъуащ»; |
| **Ефыгъуэн** | - «**ар** абы *й*офыгъуэ (← *и*офыгъуэ ← *иэ*офыгъуэ ← *е*офыгъуэ) – *е*фыгъащ»;<br>- «**фэ** сэ **фы**къызофыгъуэ (← *"***фы**къыз*э*офыгъуэ*"* ← *"***фы**къыз*эй*офыгъуэ*"* ← **фы**-къы-зы-*эй*-о-фыгъуэ*"* ← *"***фы**-къы-зы-*е*-о-фыгъуэ) – **фы**къызэфыгъуащ»; |
| **Еплъын** | - «**ар** абыхэм *й*оплъ/*яй*оплъ (← *я*эоплъ ← *й*аэоплъ ← *иэа*оплъ ← *еа*оплъ) – *яй*плъащ (← *иэа*плъащ ← *еа*плъащ)»;<br>- «**уэ** сэ **у**къызоплъ (← *"***у**къыз*э*оплъ*"* ← *"***у**къыз*эй*оплъ*"* ← **у**-къы-зы-*эй*-о-плъ*"* ← *"***у**-къы-зы-*е*-о-плъ) – **у**къызэплъащ»; |
| **Епсэлъэн** | - «**ахэр** абыхэм *й*опсалъэ(**хэ**)/*яй*опсалъэ(**хэ**) {← *иа*опсалъэ(**хэ**) ← *иэа*опсалъэ(**хэ**) ← *еа*опсалъэ(**хэ**)} – *яй*псэлъа(**хэ**)щ {← *еа*псэлъа(**хэ**)щ}»;<br>- «**дэ** фэ **ды**ныв*э*опсалъэ (← *"***ды**ныв*э*опсалъэ*"* ← *"***фы**ныв*эй*опсалъэ*"* ← **фы**-ны-вы-*эй*-о-псалъэ*"* ← *"***ды**-ны-вы-*е*-о-псалъэ) – **ды**ныв*э*псэлъащ»; |

**Мы къэта щапхъэхэми теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр:**

- Мыхэр *"е" префиксиал "езырыж глагол" лэжьэкlэ* щапхъэхэрщи, мыбыхэм *нэгъуэщl "префикс"*хэри къащтэу ухуэж *"префиксыбэ глагол"*хэми я *лэжьэкlэ*хэми

*"субъектив* дополненэ*"*хэр –я *"е" префиксым елъыта*уэ- зэрыхиубыдэнури *"езырыж"*у зэрыщытынур гурыIуэгъуэщ.

- Мы щапхъэу къэгъэлъэгъуа *"глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"*хэм *"е" префикс*ыр зэрыхиубыдэрэ *къыхэIукI* зэрыхъуар нэрылъагъущ. НытIэ, мыпхуэдэ зы щапхъэщи, *"псалъэухыгъэ"*хэм *"*дополненэ*"*хэр *"щхьэ цIэпапщIэ"*у зэрыхиубыдэм папщIэ, *"*йolунщI*"* хуэдэ псалъэр *"*йolунщI*"*у къэIуэтапхъэ зэрыхъурщ.

- Мыбы нэмыщI, *псалъэхэм макъхэр къызэрыхэIукI лъагъуэ*у зи гугъу тщIам и зы щIыпIэм *"*йаэolунщI*"* хуэдэу хиубыдэу макъхэр *"*яэolунщI*"*ыу къыхэкI зэрыхъур нэрылъагъущи, мыпхуэдэм нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Аращи, *"е* (*иэ; эй*)*"* префиксым и *"и; й"* макъыр *"объектив щхьэ куэдагъ* дополненэ*"* зэрылъытэ *"*а*"* макъым ипэ къихуэу (*и*а; *й*а) къызэрыIур *"*я*"*уэщ зэрытхри, икIи *"е* (*иэ; эй*)*" префикс*кIэ гъэзащIэ *екIуэтэн/екIуэлIэн"* къалэнри *"кIуэтэгъуэ" лъытэ "э" мак*ъкIэрэ лъытэжу мы *"глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"*р *"*яэolунщI*"*уэ зэрыухуэри нэрылъагъущ.

- Аргуэру къыхэгъэщыпхъэмэ, *"субъектив щхьэ цIэпапщIэ"*хэр (сэ, уэ, дэ, фэ) *"езырыж"*рэ *"IуэхуI"* лIэужьыгъуэу зэры*зэщхьэщымыкI*ыр гурыIуэгъуэщи, *"псалъэухыгъэ"*хэм *"объектив* дополненэ*"*хэм хуэдэу *"IуэхуI"* лIэужьыгъуэу хиубыдэу лъытапхъэми, *"глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"*хэм **-"субъектив щхьэ"** лIэужьыгъуэ *"*дополненэ*"*хэр- ***"езырыж"*** лIэужьыгъуэу зэрыхиубыдэм ипэкIэ щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъэххэщ. НытIэ, *"глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"*хэм *"субъектив* дополненэ*"*хэр я ***"щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ"***хэкIэрэщ (сы, у, ды, фы) зэрыхиубыдэнури, ахэр **псалъэ кIуэцIым къызэрыхэIукI**ыну щIыкIэхэри *къызкIэлъыкIуэ "къ/н" мак*ъымрэ *къыкIэлъыкIуэ "е" макъым елъыта*уэ (зы, у, ды, вы) зэрызэхъуэкIри ипэкIэ къэта щапхъэхэм хыболъагъуэр.

## ***"*Префикс*"* пэщIэдзэу лъытапхъэ *"*ху*"* нэужь *"*префикс*"* лIэужьыгъуэмрэ, ахэр утыку къызэрихьэ лъагъуэм теухуауэ.**

НытIэ, мы псэлъащхьэм теухуауэ мы илъабжьэми щыгъуазэ дызыхуэхъуну къытпэщытыр *"дополненэ" зиIэрэ зимыIэ "езырыж занщIэ глагол"*хэр *"префикс" пэщIэдзэ*хэм щыщу лъытапхъэ *"ху" нэужь "префикс"*хэмкIэ зэрылажьэм теухуащи, мыпхуэдэ игъуэ щапхъэхэри къыпытщэжынщ. Ауэ, *"префикс" пэщIэдзэ*хэу лъытапхъэ ***"*къ, н*"***хэмкIэрэ *глагол лэжьэкIэ*хэм *"*дополненэ*" хэмылъыт*эу щыт щхьэ, ***"*ху*"*** *префиксиал глагол*хэм я *лэжьэкIэ*хэм *"*дополненэ*"* зэрыхэлъытэри мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ.

Дауи, *"дополненэ"* зиIэу лажьэ *"езырыж занщIэ глагол"*хэр *"объектив" защIэ*у (хиубыдэ "щхьэ"хэр "объектив" лIэужьыгъуэрэ "щхьэ закъуэ"у) зэрылажьэ щIыкIэхэм *нэмыщI*, *"хьэрычэт"ыр зытеухуэ "дополненэ"*и зэрылъытэу мэлажьэри, нытIэ, мыпхуэдэм дежи, *глагол лэжьэкIэ*хэм **игъуэ "префикс"**у япэрауэ **"ху" макъ** къащтэн *хуей*уэ зэрыщытми ипэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ. ИкIи, мыпхуэдэ *префиксиал лэжьэкIэ*хэри - япэрауэ- *"хьэрычэт"*ыр *"субъектив щхьэ"* лIэужьыгъуэ *"дополненэ"*хэм зэрытеухуэу; къыкIэлъыкIуэуи, *"объектив куэдагъ дополненэ"*ми зэрытеухуэу утыку къызэрихьэми ипэкIэ къедгъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ.

Дауи, глагол лэжьэкIэр дэтхэнэ зы "дополненэ"м хуэгъэзарэ хуэкIуэу зэрылъытэ *"ху" префикс нэужь*у, *мыпхуэдэ къалэн* гуэрхэр зыгъэзащIэу лъытапхъэ *"префикс"*хэри зэкIэлъхьэужьу къэгъэлъэгъуапхъэмэ, япэрей ди лэжьыгъэхэми къызэрыхэщкIэ, *"ху" нэужь "префикс"*у *япэ* лъытар *"фI"*рауэ жыIэпхъэнщ. НытIэ, мы *щхьэж макъ* лIэужьыгъуэ *"фI" префикс*ымрэ *къыкIэлъыкIуэ*у лъытапхъэ *щхьэж макъ "префикс"* гуэрхэми мы илъабжьэм -я макъ мыхьэнэхэри къыхэгъэщауэ- къэдгъэлъэгъуэнщ:

- «*къэруфIэ*рэ *лIыгъэ* е *ерыгъэ* зэрылъытэ *"щIыкIэ"* лIэужьыгъуэ *"***фI***"* *префикс*ыр *"ху"м къыкIэлъыкIуэ*у утыку къихьауэ лъытапхъэнщ»;
- «мыбы къыкIэлъыкIуэу лъытапхъэ *"***пэ***"*ри *"хьэрычэт"*ыр зытеухуэ *ипэ лъэныкъуэм хуэгъэза* хуэдэ *"щIыкIэ"* лIэужьыгъуэ *"префикс"* къалэн зыгъэзащIэрщ»;
- «*"хьэрычэт"*ыр *дэщIыгъун*ыгъэкIэрэ утыку къызэрихьэр зэрылъытэ *"щIыкIэ"* лIэужьыгъуэ *"префикс"*ри *"***дэ***"*ращ;
- «*"хьэрычэт"*ыр зытеухуэм и *лэгъуэ-благъуэ*м *хуэгъэза*уэ зэрыщытыр зэрылъытэ *"щIыкIэ"* лIэужьыгъуэ *"префикс"*ри *"макъ зэгуэт"*у щыт *"***блэ***"*ращ».

Мыбыхэм нэмыщI префиксхэри зэрыщыIэнур гурыIуэгъуэнщи, япэрей лэжьыгъэм "щIыкIэ" лIэужьыгъуэу къэгъэлъэгъуа "префикс"хэр мыпхуэдэщ. Ауэ, мыбдежым мы **"щIыкIэ"** лIэужьыгъуэ **"префикс"**хэр **префикс пэщIэдзэ** лIэужьыгъуэ **"ху" нэужь "префикс"**хэу зэрыщытыр къыхэгъэщу, икIи *"ху" нэужь дыдэ*у лъытапхъэ *"фI" префикс*ымрэ къыкIэлъыкIуэу утыку къихьэ *"щIыкIэ"* лIэужьыгъуэ *"префикс"*хэм гулъытэ хуэтщIыу аращ.

Мы къыхэдгъэща *щхьэж макъ* лIэужьыгъуэ *"префикс"хэм нэмыщI*, *щхьэж макъ* гуэрхэр зэры*зэгухьэ*у **"щIыкIэ"** лIэужьыгъуэ *къалэн* зыгъэзащIэ **"префикс зэгуэт"**хэри утыку къохьэр. Мыпхуэдэ *"префикс зэгуэт"*хэм *хиубыдэ дэтхэнэ зы щхьэж мак*ъри *щхьэжу "префикс"* къалэн

зыгъэзащlэу *зэрыщымыт*ри жыlэпхъэщ; икlи, *щхьэж макъ*ыу *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"* къалэн зыгъэзащlэу щытми, *щызэгухьэкlэ "щlыкlэ"* лlэужьыгъуэ къалэн зыгъэзащlэ *"префикс зэгуэт"*хэр утыку къызэрихьэфынури жыlэпхъэнщ. Аращи, мы зэрыжытlауэ, хиубыдэ макъхэр дауи щырет, я мыхьэнэрэ къалэнхэм елъытауэ зэгухьэу *"щlыкlэ"* лlэужьыгъуэ къалэн зыгъэзащlэ *"префикс зэгуэт"*хэр щыlэщи, мыбдежым мыпхуэдэ *щапхъэхэр* -къызытехъукl щхьэж макъхэми гулъытэ хуэтlщlыу-къэдгъэлъэгъуэнщ:

- «зы *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэуи лъытапхъэ **"бгъэ"** *макъ зэгуэт*ымрэ, зы *"щlыпlэ"* лъытэ *щхьэж макъ*ыу щыт **"дэ"**р зэры*зэгухьэу* утыку къихьэ **"бгъэдэ"**р *"хьэрычэт"*ыр мыпхуэдэ зы *щlыпlэ*рэ *гуэрым зэреклуалэ "щlыкlэ"*р зэрылъытэ *"префикс"*ырщ»;
- «*"хьэрычэт"*ыр зы *организмэ* е зы гуэрым (лъэ) *икл*эм (кlэ) *хуэгъэза "щlыкlэ"*у зэрылъытэр **"лъэ"**м **"кlэ"** *къыклэлъыклуэ*у зэры*зэгухьэ* **"кlэлъы"** (лъэ-ы") *префикс зэгуэт*кlэщ зэрылъытэр»;
- «*"хьэрычэт"*ыр *зы гуэрым "ищхьэ"* лъэныкъуэм *хуэгъэза*уэ зэрыщытыр **"щхьэ"**м *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэ **"дэ"**и *къыклэлъыклуэ*у *"префикс зэгуэт"*у **"щхьэдэ"** зэрылъытэм нэмыщl, мыбыи *"зэман/мекан" лъытэ* **"щы"**и *къыклэлъыклуэжу "префикс зэгуэт"*у **"щхьэщы"**и мэлъытэр».

Ипэкlэ *"хьэрычэт"*ыр *занщlэу* утыку къызэрихьэр зэрылъытэ *"занщlэ"* лlэужьыгъуэ *псалъэ*хэр зэрыухуэмрэ, *"хьэрычэт"*ыр утыку къызэрихьэ *"щlыкlэ"* зэрылъытэу -япэрауэ- *кондиц*эм *елъытауэ "пэщlэдзэ префикс"*хэмкlэ *"префиксиал псалъэ"*хэр зэрыухуэм теухуа *щапхъэхэр* къэдгъэлъагъуэу, мыбыхэми *"занщlэ"*рэ *"префиксиал"*у *"инфинитив глагол"*хэр *къазэрытехъукl*ым щыгъуазэ дыхуэхъуащи, мыбдежми мы щыгъуазэ дызыхуэхъуауэ щыта *"щlыкlэ"* лlэужьыгъуэ *"пэщlэдзэ префикс" нэужь "щlыкlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"*хэмкlэ ухуэ *"префиксиал псалъэ"*хэмрэ ахэр зи лъабжьэу *"инфинитив"*у ухуэ *"префиксиал глагол"*хэм щыгъуазэ дыхуэхъуныр игъуэщ.

Ауэ, *"хьэрычэт"* зэрылъытэ *псалъэ*хэр *ипэ къихуэ*у, *"инфинитив глагол"*хэр абыхэм *къазэрытехъукl*ыр *"*зэрыжытlауэ- ипэкlэ мыбы нэгъунэ къэтхьа щапхъэхэмкlэ ди гурыlуэгъуэщи, нытlэ, лэжьыгъэри кlыхь дымыщlын папщlэ, мыбдежым *"ху" нэужь "префикс"*у мы ипэкlэ зи гугъу тщlахэмкlэ ухуэну *"инфинитив префиксиал глагол"*хэм теухуа *щапхъэхэр* къэдгъэлъэгъуэнкlэ зыхуидгъэкъунри игъуэщ.

Нытlэ, мы зэрыжытlауэ, *"ху" нэужь "префикс"*хэу мы зи гугъу тщlахэр *"дополненэ" зыхэмылъытэ*рэ *зыхэлъытэ* лэжьэкlэ зиlэ *"езырыж занщlэ глагол"* гуэрхэм (пп: **"хъун, бгэн"; "уэн, кlуэн"**) къызэращтэу

**″инфинитив″**у утыку къихьэ **″езырыж префиксиал глагол″** щапхъэхэри -″дополненэ″ *зиlэ лэжьэкlэ щапхъэ*и къыхэщу- къэдгъэлъэгъуэнщ:

- ″Хъун″ → «*фlэ*хъун (**ар** абы *фl*охъу); *пэ*хъун; *дэ*хъун; *блэ*хъун»; «*бгъэдэ*хъун; *кlэлы*хъун; *щхьэдэ*хъун; *щхьэщы*хъун»;
- ″Бгэн″ → «*фlэ*бгэн; *пэ*бгэн; *дэ*бгэн; *блэ*бгэн – *блэ*бгэн»; «*бгъэдэ*бгэн – *бгъэдэ*бгын; *кlэлы*бгэн; *щхьэдэ*бгэн – *щхьэдэ*бгын; *щхьэщы*бгэн – *щхьэщы*бгын»;

---

- ″Уэн″ → «*фlэ*уэн – *фlэ*ун; *пэ*уэн – *пэ*ун; *дэ*уэн; *блэ*уэн – *блэ*ун»; «*бгъэдэ*уэн – *бгъэдэ*ун; *кlэлы*уэн – *кlэлы*уэн; *щхьэдэ*уэн – *щхьэдэ*ун; *щхьэщы*уэн – *щхьэщы*ун»;
- ″Кlуэн″ → «*фlэ*кlуэн; *пэ*кlуэн; *дэ*кlуэн; *блэ*кlуэн»; «*бгъэдэ*кlуэн; *кlэлы*кlуэн; *щхьэдэ*кlуэн; *щхьэщы*кlуэн».

Мы къэта щапхъэхэм щыщ *″префиксиал глагол″ гуэрхэр бзэм куэдыщэу щыземыкlуэ*у зэрыщытри гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэу зэрыщытри *″префикс″*рэ *″глагол″ мыхьэнэхэм* зэр*елъыта*ми ипэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *″щlыкlэ″* лlэужьыгъуэ *″префикс″*хэр *бзэм зэрыхэлэжьыхь лъагъуэ*м гулъытэ хуэщlынращ мыбдежым щедгъэкlуэкl лэжьыгъэри, нытlэ, мы лэжьыгъэм ″префикс″ псоми я гугъу щlын гугъэ дыщиlэкъым. Араще, *глагол*хэр *класификацэ* зэрыщlам теухуа япэрей ди *лэжьыгъэ*ми хэплъагъуэфыну щытщи, мыбдежым *″щlыкlэ″* лlэужьыгъуэу мы зи гугъу тщlарэ иужькlи *″щlыпlэ″* лlэужьыгъуэу зи гугъу тщlынухэр адыгэбзэм хиубыдэ *″префикс″ псорикlкъым*. Мыбы нэмыщl, *адыгэбзэр макъыбзэ*у зэрыщытрэ *макъ куэд*ми бзэ лэжьэкlэм *мыхьэнэ марж* ягъуэтрэ *мыхьэнэбэ* зэрыхъум ипкъ зэриткlэ, мы *″щlыкlэ″* лlэужьыгъуэу тлъыта *″префикс″ гуэрхэр* нэгъуэщl я мыхьэнэкlи ″префикс″ къалэн зэрагъэзэщlэфынурэ *икlи* мыбыхэм щыщ гуэрхэри *″щlыпlэ″* лlэужьыгъуэ *″префикс″*хэуи зэрыщытыфынур гурыlуэгъуэнщ.

Мы къыхэдгъэщахэмрэ мы таблицэм къыщыгъэлъэгъуа *″префиксиал глагол″* гуэрхэр *″э″рэ ″ы″ кlэух*кlэ къаlуу *вариантитl*ыу *щlыщыт*ми гулъытэ хуэщlынри *еджакlуэхэм къахуренэ*!

*

Ауэ икlи, *″занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэхэм я *лэжьэкlэу* мы *префикс*хэр *къызэращтэ*у зэрыухуэрэ икlи мыпхуэдэ *префиксиал глагол*хэри *зэрылажьэ*у зэрыухуэ щапхъэхэри къэгъэлъэгъуапхъэщ. Нытlэ, мы префиксхэмкlэ *цlыху*ми *теухуэ*у *–″субъектив* дополненэ″и зыхэзыубыдэу лэжьэкlэ зиlэ ″префиксиал глагол″хэр *″ит зэман″*рэ *″блэкlа зэман″*у зэры*″лажьэу ухуэ псалъэ″*хэм ″**субъект**″рэ ″дополненэ″хэр *″объектив″рэ*

*"субъектив"* лIэужьыгъуэхэу зэрыхибыдэ щIыкIэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщи, мыбыхэм *"субъектив* дополненэ*"*хэри *"луэху"* лIэужьыгъуэу зэрыхэлъытэми аргуэру гулъытэ яхуэтщIынщ:

| | |
|---|---|
| *Фlэ*бгэн → | - «**ар** абы *фlо*бгэ/*фlэ*бгащ»; «**сэ** уэ **сы**(ны)п*фlо*бгэ/ |
| *Пэ*бгэн → | **сы**(ны)п*фlэ*бгащ»; |
| | - «**ар** абыхэм я*п*обгэ/я*пэ*бгащ»; «**уэ** сэ **у**(къы)с*п*обгэ/ |
| *Клэлы*бгэн → | **у**(къы)с*пэ*бгащ»; |
| | - «**ахэр** абыхэм я*клэлъ*обгэ/я*клэлъы*бгащ»; «**фэ** дэ **фы**(къы)т*клэлъ*обгэ/**фы**(къы)т*клэлъы*бгащ»; |
| *Фlэ*уэн → | - «**ахэр** абыхэм я*фlо*уэ/я*фlэ*уа(**хэ**)щ»; «**фэ** сэ **фы**(къы)с*фlо*уэ(**хэ**)/ **фы**(къы)с*фlэ*уа(**хэ**)щ»; |
| *Блэ*уэн → | - «**ар** абыхэм я*бло*уэ/я*блэ*уащ»; «**уэ** сэ **у**(къы)з*бло*уэ/ **у**(къы)з*блэ*уащ»; |
| *Клэлъы*уэн → | - «**ар** абы *клэлъо*уэ/*клэлъы*уащ»; «**сэ** уэ **сы**(ны)п*клэлъо*уэ/ **сы**(ны)п*клэлъы*уащ»; |
| *Щхьэщы*ун → | - «**ахэр** абыхэм я*щхьэщо*уэ(**хэ**)/я*щхьэщы*уа(**хэ**)щ»; «**дэ** фэ **ды**(ны)ф*щхьэщо*уэ/**ды**(ны)ф*щхьэщы*уащ»; |

Мы къэта щапхъэхэм гулъытэ зыхуэщIыпхъэрэ къыхэгъэщыпхъэхэри *еджаклуэхэм къахуренэ*!

*Глагол лэжьэклэр "субъект"ым езым зэрытеухуэжыр зэрылъытэ "з" префиксымрэ, "хьэрычэт"ыр я зэхуакум зэрыдэхъухьыр зэрылъытэ "зэ"рэ "зэдэ" префиксхэм теухуауэ.*

Занщlэу ″ху″ нэужьу мылъытапхъэу, ″ху″ нэужь ″префикс″хэм и нэужьу лъытапхъэщ мы зи гугъу тщIыну ″префикс″хэри, *"ху"рэ и нэужь "префикс"хэм ягъэзащlэр*. Аращи, *"хьэрычэт"*ыр къызпкъырыкI *"субъект"ым езым зэрытеухуэж*ыр зэрылъытэ **″з″** префиксымрэ, *"хьэрычэт"*ыр къызпкъырыкI *"субъект"*ымрэ *нэгъуэщl гуэр*ым и *зэхуакум къыдэхъухь*ыр зэрылъытэ *"зэ" префикс*ым ипэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъуащи, *"зэдэ" префикс*ри *"зэ" префикс*ым къыкIэлъыкIуэ утыку къызэрихьари гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, ипэкIэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа *"зэ" префикс*ми *дэщlыгъу*ныгъэ лъытэ *"дэ" префикс*и къыпыхьэущ лъыта **″зэдэ″ префикс**кIэ лъытэр *"хьэрычэт"*ыр *"субъект дэщlыгъу"ныгъэ*кIэрэ утыку къызэрихьэрщ.

Мы зи гугъу тщIа **″щIыкIэ″** лIэужьыгъуэу *"дополненэ" щэху*и зэрылъытэ **″з, зэ, зэдэ″** префиксхэри *"дополненэ" зыхэмылъыт*эрэ *зыхэлъыт*э лэжьэкIэ зиIэ *"езырыж занщlэ глагол"* гуэрхэм къызэращтэу

**″инфинитив″**у утыку къихьэ **″езырыж префиксиал глагол″** щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

- ″Бгэн″ → «*зы*бгэн/*зэ*бгын; *зэ*бгэн/*зэ*бгын; *зэдэ*бгэн/*зэдэ*бгын»;
- ″Уэн″ → «*зы*уэн/*зэ*уэн; *зэ*уэн; *зэдэ*уэн».

Зэрыгурыlуэгъуэу, ″глагол″ мыхьэнэрэ ″префикс″ мыхьэнэр зэрызэтехуэущ ″префиксиал глагол″ зэрыухуэри, мы къэта щапхъэхэм ″бгэн″ыр ″префиксиал глагол″у щыухуэкlэ ″..бгын″уи къэlу зэрыхъур къэта щапхъэхэм хыболъагъуэр. Икlи, ″субъект″ым езым теухуэжыныгъэ лъытэ ″з″ыр (зыбгэн) ″зэ″уи (зэбгын) къызэрыlурэ, ″зэбгэн, зэдэбгэн″ри ″зэбгын, зэдэбгын″уи къыщlэlури мыпхуэдэщ.

Ипэкlэ къытпэщlэхуахэм хуэдэжу мыбдежми -*″зэдэ″*уэ- аргуэру *″префиксыбэ″* лlэужьыгъуэ къызэрытпэщlэхуари аргуэру гулъытапхъэщ.

**″Щlыпlэ″ лlэужьыгъуэ ″префикс″хэмрэ, утыку къызэрихьэ лъагъуэм теухуауэ.**

Япэрей ди лэжьыгъэми щыгъуазэ дызыхуэхъууэ, *″префикс″*хэр *″щlыкlэ″* лlэужьыгъуэрэ *″щlыпlэ″* лlэужьыгъуэу зэрызэщхьэщыкlыр гурыlуэгъуэщи, мы ипэкlэ ″щlыкlэ″ лlэужьыгъуэ префиксхэмрэ утыку къызэрихьэ лъагъуэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъуам къыкlэлъыкlуэу, мыбдежми *″щlыпlэ″* лlэужьыгъуэ *″префикс″*хэмрэ утыку къызэрихьэ лъагъуэм гулъытэ щыхуэтщlынщ.

Ипэкlи щыгъуазэ дызыхуэхъуа *″префикс″ пэщlэдзэ*хэмрэ я *нэужь ″префикс″*хэр *″щlыкlэ″* лlэужьыгъуэ *″префикс″*хэрщи, *″щlыпlэ″* лlэужьыгъуэ *″префикс″*хэри –нэхъыбэу- мы ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа *″ху″ нэужь ″префикс″хэм къакlэлъыкlуэ*у лъытауэ жыlэпхъэщ. Ауэ, мыбы къикlкъым ″щlыкlэ″ лlэужьыгъуэ ″префикс″ псори утыку къихьа нэужь, ″щlыпlэ″ лlэужьыгъуэ ″префикс″хэри утыку къихьэу щlидзауэ. Нытlэ, ипэкlэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъууэ, -япэрауи- *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэ *″хьэрычэт″*ыр *″занщlэ″*у зэрылъытэрэ къызэрыlуатэ *псалъэ*хэм я *нэужь*ыlуэу лъытапхъэщ а *″хьэрычэт″*ыр утыку къызэрихьэ *щlыкlэ* гуэрхэр -″кондицэ″у- *зэрылъытэ*у *″префиксиал″*у ухуа *псалъэ*хэр утыку къызэрихьагъэнури, мы *″щlыкlэ″* лъытэ *″префикс″ нэужь* -ипэкlэ зи гугъу тщla- *″щlыкlэ″* лlэужьыгъуэ *″префикс″*хэм нэмыщl, икlи а *″хьэрычэт″*ыр

*къыщыхъу*р зэрылъытэ *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"* гуэрхэри утыку къихьэу зэрыщlидзагъэнури жыlэпхъэщ.

Ауэ икlи, мыбдежым ″щlыкlэ″рэ ″щlыпlэ″ лlэужьыгъуэ ″префикс″хэм икlэ нэгъунэ щыгъуазэ дыхуэхъуну аракъым къытпэщыт лэжьыгъэри, *"хьэрычэт" зэрылъытэ псалъэ*хэр утыку къызэрихьа *лъагъуэм гулъытэ* зэрыхуэтщlым ипкъ зэриткlэ, псалъэхэр зэрыухуэ *"префикс"*хэри *зэрылъыт*эрэ утыку къызэрихьэ *лъагъуэми щыгъуазэ* хуэхъунращ. Дауи, глаголхэм я класификацэм теухуауэ япэрей ди лэжьыгъэм ″префикс″хэми щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ. Нытlэ, *"хьэрычэт"*ыр *утыку къызэрихьэ*рэ (щlыкlэ) *къыщихьэ*р (щlыпlэ) *зэрылъытэ псалъэхэр "префиксиал"*у *зэрыухуэ*ращ мыбдежым щыгъуазэ дызыхуэхъунури, икlи *"хьэрычэт"ыр зэмылlэужьыгъуэ*у *–"занщlэ"*рэ *"префиксиал"*у- зэрылъытэрэ утыку къызэрихьэри *зэщlиубыдэу*, а *"хьэрычэт"*ыр *"цlэ"* лlэужьыгъуэу *зэрылъыт*эми щыгъуазэ дыхуэхъунрэ, мы цlэ лlэужьыгъуэри - иужьыlуэкlэ- *"инфинитив глагол"*у зэрылъытэжами щыгъуазэ дыхуэхъуну аращ мы къытпэщыт лэжьыгъэр зытеухуар.

Кlэщlыу жыпlэмэ, мыбдежым *"хьэрычэт"*ыр *утыку къыщихьэ*р *зэрылъыт*эу *псалъэхэр* **″щlыпlэ″** лlэужьыгъуэ **″префикс″**хэмкlэ зэрыухуэрэ абыхэм *"инфинитив"*у *"префиксиал глагол"*хэр къазэрытехъукlым щыгъуазэ хуэхъунращ мыбдежым къытпэщыт лэжьыгъэри, мыпхуэдэ *"префикс"* къалэн зыгъэзащlэ *макъ* гуэрхэр -нытlэ, *"щlыпlэ"* лъытэ *мыхьэнэ*и зэрlэу- мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

«Зы lухьэпlэрэ lукlыпlэ зэрылъытэ ″префикс″у **″lу″**; зы гуэхьэпlэрэ гуэкlыпlэ зэрылъытэ ″префикс″у **″гуэ″**; зы хэхьэпlэрэ хэкlыпlэ зэрылъытэ ″префикс″у **″хэ″**; зы дэтыпlэрэ дэкlыпlэ зэрылъытэ ″префикс″у **″дэ″**; зы щlэхьэпlэрэ щlэкlыпlэ зэрылъытэ ″префикс″у **″щlэ″**».

Ипэкlэ ″щlыкlэ″ лlэужьыгъуэ префиксхэм дежи щыгъуазэ дызыхуэхъуауэ, ″префикс″ гуэрхэр я мыхьэкlэрэ зэгухьэу ″префикс зэгуэт″хэр утыку къызэрихьэфыр гурыlуэгъуэщи, мыбдежым щыгъуазэ дызыхуэхъу ″щlыпlэ″ лlэужьыгъуэ ″префикс″хэми мыпхуэдэ щапхъэхэр зэрыхэтынури гурыlуэгъуэнщ:

- «*"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэ ***″жьэ″***р *дэхьэпlэ-дэкlыпlэ* зэрылъытэ ***″дэ″***кlэрэ лажьэу ухуэ ***″жьэдэ″***м нэмыщl, мы ***″жьэ″***р зы *хэхьэпlэ-хэкlыпlэ* зэрылъытэуи ***″жьэхэ″***р икlи *зыр зым* зэры*"жьэхэ"*у лажьэуи ***″зэжьэхэ″***уи *"префикс зэгуэт"*хэр ухуэнщ»;
- «*ищхьэ* лъэныкъуэ *платформэ* зэрылъытэ ***″тэ″***р зы *"итыпlэ"*у ***″и″***кlэрэ зэрылажьэу утыку къихьэ *"префикс зэгуэт"*у лъытапхъэ ***″те″***ри (← ″тэй″ ← ″тэи″ ← ″тэ-и″) -*"и"*кlэрэ лажьэу мы зэрыухуам ипкъ зэриткlэ- мы зи гугъу тщla ″щlыкlэ″ лlэужьыгъуэ ″префикс зэгуэт″хэм *иужьыlуэ*у къэхъуауи лъытапхъэнщ».

Нытlэ, *"хьэрычэт"*ыр мы *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"*хэмкlэ утыку *къыщихьэ*р зэрылъытэ *псалъэ*хэр къэдгъэлъэгъуэн *упlэкlэ*, *"дополненэ" зыхэмылъытэ*рэ *зыхэлъытэ* лэжьэкlэ зиlэ *"езырыж занщlэ глагол"*хэр мы *"щlыпlэ" префикс*хэмкlэ *"инфинитив"*у *"езырыж префиксиал глагол"*у зэрыухуэж щапхъэ гуэрхэр -*"*дополненэ*" зиlэ лэжьэкlэ щапхъэ*и къыхэщумыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэныр ирикъунщ:

- *"*Хъун*"* → «*ly*хъун/*ly*хъуэн (**ар** абы *ly*охъу/*ly*охъуэ); *гуэ*хъун/*гуэ*хъуэн; *хэ*хъун/*хэ*хъуэн; *дэ*хъун/*дэ*хъуэн; *щlэ*хъун/*щlэ*хъуэн»; «*жьэдэ*хъун/*жьэдэ*хъуэн; *зэжьэдэ*хъун/*зэжьэдэ*хъуэн; *те*хъун/*те*хъуэн»;
- *"*Бгэн*"* → «*ly*бгэн/*ly*бгын (**ар** абы *ly*обгэ/*ly*обг); *гуэ*бгэн/*гуэ*бгын; *хэ*бгэн/*хэ*бгын; *дэ*бгэн/*дэ*бгын; *щlэ*бгэн/*щlэ*бгын»; «*жьэдэ*хъун/*жьэдэ*хъуэн; *зэжьэдэ*хъун/*зэжьэдэ*хъуэн; *те*хъун/*те*хъуэн»;

---

- *"*Уэн*"* → «*ly*уэн/*ly*ун (**ар** абы *ly*оуэ/*ly*оу); *гуэ*уэн/*гуэ*ун; *хэ*уэн/*хэ*ун; *дэ*уэн/*дэ*ун; *щlэ*уэн/*щlэ*ун»; «*жьэдэ*уэн/*жьэдэ*ун; *зэжьэдэ*уэн/*зэжьэдэ*ун; *те*уэн/*те*ун»;
- *"*Жэн*"* → *"ly*жэн/*ly*жын (**ар** абы *ly*ожэ/*ly*ож); *гуэ*жэн/*гуэ*жын; *хэ*жэн/*хэ*жын; *дэ*жэн/*дэ*жын; *щlэ*жэн/*щlэ*жын»; «*жьэдэ*жэн/*жьэдэ*жын; *зэжьэдэ*жэн/*зэжьэдэ*жын; *те*жэн/*те*жын».

Ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, мы къэта щапхъэхэр *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"*хэр бзэм зэрыхэлэжьыхь *лъагъуэ*м теухуащи, *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс" псори* зэры*химыубыдэ*ри гурыlуэгъуэнщ.

Мы къэта щапхъэхэм я детал гуэрхэм (пп: *"*э→ы*"*рэ *"*ы→э*"* къэlукlэ зэхъуэкlыныгъэхэм) *тежыlыхьыпхъэ*хэмрэ икlи мыпхуэдэу ухуа *"езырыж префиксиал глагол"*хэм цlыхум теухуэу *–"субъектив* дополненэ*"* хиубыдэу- *лажьэ яхэтмэ, къэгъуэтын*рэ я *лэжьэкlэ щапхъэ*хэри *къэгъэлъэгъуэн*ри *еджакlуэхэм къахуренэ*!

*"Абзсис" -"джыгъуэ/джыпlэ"- лъытэ* ***"и" префикс****ымрэ, "тайм/эспас" -"зэман/мекан"- лъытэ* ***"щы" префикс****ым теухуауэ.*

Мы зи гугъу тщlарэ щапхъэхэри къызыхуэтхьа *"щlыпlэ" лlэужьыгъуэ "префикс"*хэми зэрыхэлъытапхъэм ипкъ зэриткlэ, мыпхуэдэ псэлъащхьэу къэдгъэлъэгъуащ мы зи гугъу тщlыну *"*префикс*"*хэр. Аращи, ***"щlыпlэ"*** лъытэ ***"префикс" нэужь***у лъытапхъэ мы ***"и, щ" префикс***хэр *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэу тлъыта *префиксхэм*и лъытапхъэрщи, абыхэм къакlэлъыкlуэ *я зы щхьэхуэ гуп*у мыбдежым я гугъу тщlыныр нэхъ игъуэу къыщlэкlынщ.

Нытlэ, ***"щlыпlэ"***р нэхъ **абстракт**у зэрылъытэу жыlэпхъэщ мыбдежым япэу зи гугъу тщlыну ***"и"*** макъыр *"абзсис"* мыхьэнэ зиlэу *"джыгъуэ"*рэ

*"джыпlэ"* зылъытэу зэрыщыткlэ, *"щlыпlэ" лъытэ "префикс"*хэм *нэужь*у *"префикс"* къалэн зыгъэзащlэу *щlэзыдза*рагъэнущ. Мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщщи, *"*и*"*р **"щlыпlэ" лъабжьэ** лъытэу зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, *"и" префикс*кlэ ухуа зы псалъэр **"и"** *префикс*ым **ипlэ** *адрей дэтхэнэ зы* **уникэ "щlыпlэ"** -*"щlыпlэ"*р *lупщl*ыу зэрылъытэ- **префикс** *къиувэ*жу *зэрыухуэжыф*ынури гурыlуэгъуэнщ.

*Зэманыр зэрызеклуэу утыку къихьэ "абсис"* къалэн зэрылъытэ мы *"и" макъым къыклэлъыклуэ*у *"префикс"* къалэн игъэзащlэу щlидзауэ лъытапхъэри *"щы"* макърагъэнщ. Аращи, **"тайм/эспас" -"зэман/мекан"**-*лъытэ* **"префикс"** къалэн зыгъэзащlэ **"щы"** макъыр **щыlэгъуэ лъабжьэ** зи мыхьэнэуэ зэрыщыткlэ, *щылэгъуэ*р зэрылъытэу *утыку къызэрихьэ* **"зэман"**ымрэ, икlи *щылэгъуэ*р *щыдж*у *утыку къыщихьэ "***мекан"**и зэрылъытэу **"щыпlэ" лъабжьэ** зэрылъытэ **"префикс"** къалэн зыгъэзащlэу щlидзагъэнщ. Нытlэ, "щы" макъым теухуауэ мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къытхуищlыр *"щы" мак*ъым игъэзащlэ *"префикс"* къалэным и зы лъэныкъуэ *"мекан"*ыр *"и" мак*ъым *джыгъуэ джыпл*эу игъэзащlэ *"префикс"* къалэным и *мыхьэнэгъу*у зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ.

Ауэ икlи, мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщу, *щылэгъуэ лъабжьэ* лъытэ *"щы"* макъым щхьэжу игъэзащlэ *"префикс"* къалэныр *"зэман/мекан" лъытэ*у щыжытlэм деж, мыбы къикlыр мы *"префикс"ым и зы еджэгъуэ*р *"зэман" е "мекан"*у зэрыщытращи, и *зы еджэгъуэ*м *"зэман"рэ "мекан"*у *mlури* зэуэ лъытэкъым. Аращи, *"щы" префикс*ым и *зы еджэгъуэ*р е *"зэман"* лlэужьыгъуэущ *е "мекан"* лlэужьыгъуэущи, дэтхэнэ зы *"щы" префиксиал глагол*ым и *"лэжьэклэу ухуа псалъэ"*м илъытэр -щыlэр- е *зыдэщылэ "щlыпlэ"* зэрылъытэущ, е *къыщыхъу/щызэхъуэкl/щыклуэд* -"щыгъуэ"- *"зэман"* зэрылъытэущ; - тlури зыхэзыубыдэ зы еджэкlэ хъункъым. Дауи, *"зэман"кlэ*рэ -фlэкlыпlэ имыlэу- *джыгъуэ*рэ *джыпл*эу ("абзсис"у) *"мекан"*и *утыку къызэрихьэ*р гурыlуэгъуэщи, *"зэман" щылъытэм* –елъытауэ джыну- *"мекан"*и -щlыпlэ- зэрылъытапхъэрэ, *"мекан" щылъыт*экlи -ар зэрыдж- *"зэман"*и зэрылъытапхъэнур гурыlуэгъуэнщ.

Ауэ, *"щы"*м мы *и еджэкл*эм *"кунатум физикэ"*р дигу къызэригъэкlри жыlэпхъэщи, мы илъабжьэм мыпхуэдэхэри къыхэгъэщыпхъэщ.

Япэрауэ, *"эспас"рэ "мекан"*у мы зи гугъу тщlыхэр *"геометикэ"*у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ар зытеухуарэ щылъытэу къыщыпщынури *"геометрие координат системэ"*у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Икlи, *"геометрие координат системэ"*р *щыдж*ри *"зэман координат системэ"*у

зэрыщыткlэ, *"геометрие"р "зэман"*ым -и *"абзсис"*у- *елъыта*уэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ; ауэ, *"зэман"*рэ *"геометрие"*р *зэхуэмыдэ "координат системэ"*у зэрыщытхэри наlуэщ. Мыпхуэдэу зэрыщыткlи, дэтхэнэ зы *"щlыпlэ"*р *lупщl*ыу зы *позиц*эу щылъытэрэ къыщыпщыр *"геометрие координат системэ"*м теухуа зы къэ*пщыгъуэ*рщ; ауэ, *абдеж*ыр зытеухуа *"зэман"*ыгъуэр зэрылъытэнурэ *къызэрыпщ*ынури *"зэман координат системэ"*м теухуа зы къэ*пщыгъуэ*у зэрыщытынур гурыlуэгъуэщи, мыращ *"щы" префикс*кlэ лъытэр *"щlыпlэ"рэ "зэман"у зэрызэщхьэщыкl*ым и *лъабжьэ*р.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *макро физикэ*у зы *акцэ*р *къызщыхъу "щlыпlэ"*рэ *"зэман"*ыр *зэуэ къэтпщыф*ущ зэрылъытэр; ауэ, микро физикэу *-физикэ лъабжьэ*уи лъытапхъэ- *куантум физикэ*м мы *акцэр къызщыхъу "щlыпlэ"рэ "зэман"*ыр *зэуэ –зы къэпщыгъуэу-* лъытэныр *мыхъуныгъэ*ущ зэрилъытэр. Нэхъэ зэlухуауэ жыпlэмэ, зы *куантал акцэ*м и *"позицэ"*мрэ *зэрызеклуэ* - хьэрычэт- *псынщlагъэ*р *зэуэ* къы*зэрымыпщыф*ынураш куантум физикэм жиlэри, *"хьэрычэт" псынщlагъэ* щыжытlэм деж, мыр а *куантал акцэ*м и зы *позицэ*р –пп: а *атом пкъыгъуэ цlыкlу*р зыдэщыт *"геометикэ"*р- *"зэман"ым елъытауэ -зэрыдж- зэрызэхъуэкl*ращи, нытlэ, а *позицэр къыщыпщ дыдэм* икlи и а *пкъыгъуэ цlыкlу*м и *хьэрычэт псынщагъэри* къэпщыфынкъым: *"позицэ"*мрэ мы *"позицэ"р зытеухуа "зэман"*ыр зэуэ къызэдэпщыфкъым. Мыхэри тежытlыхьа нэужь, *куантум физикэ*м зэрыжиlэ щlыкlэри мыбдежым къыщыпытщэнщ: «зы *атом пкъыгъуэ цlыкlу*р –пп: зы *"электрон"*ыр- зыдэщыlэ *"щlыпlэ"*мрэ –и *"позицэ"*мрэ- и "хьэрычэт" *щlэх*ыгъэр - *псынщlагъэ*р- *зэуэ къэпщыфынкъым – зэдэпщыфынкъым*; нытlэ, *щхьэхуэ щхьэхуэу къэпщын хуей*щи, зэм *и "позицэ"*ращ, *е и "псынщlагъэ"*ращ *къэпщыф*ынур».

Нытlэ, мыхэри къыхэдгъэща нэужь, "щы"рэ "и" префиксхэм дыхуэкlуэжмэ, *"дополненэ" зыхэмылъыт*эрэ *зыхэлъытэ* лэжьэкlэ зиlэ *"езырыж занщlэ глагол"* гуэрхэм мы зи гугъу тщla **"и, щы"** *мак*ъхэр **"префикс"** язэрыхуэхъуу къатехъукl *"езырыж префиксиал глагол"* щапхъэри -"дополненэ" *зиlэ лэжьэкlэ щапхъэ*и къыхэщу икlи *зэреджапхъэ щlыкl*эхэри хиубыдэу- мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- "Бгэн" → «*и*бгэн/*и*бгын (**ар** абы *й*обгэ/*й*обг)»; «*щы*бгэн/*щы*бгын {**ар** абы (и дей) *щ*обгэ/*щ*обг; **ар** абы (щыгъуэ)} *щ*обгэ/*щ*обг)»;
- "Пкlэн" → «*и*пкlэн/*и*пкlын (**ар** абы *й*опкlэ/*й*опкl)»; «*щы*пкlэн/*щы*пкlын {**ар** абы (и дей) *щ*опкlэ/*щ*опкl; **ар** абы (щыгъуэ)} *щ*опкlэ/*щ*опкl)»;

---

- ″Уэн″ → «*и*уэн/*и*ун (**ар** абы *й*оуэ/*й*оу)»; «*щы*уэн/*щы*ун {**ар** абы (и дей) *щ*оуэ/*щ*оу; **ар** абы (щыгъуэ)} *щ*оуэ/*щ*оу)»;
- ″Плъэн″ → «*и*плъэн/*и*плъын (**ар** абы *й*оплъэ/*й*оплъ)»; «*щы*плъэн/*щы*плъын {**ар** абы (и дей) *щ*оплъэ/*щ*оплъ; **ар** абы (щыгъуэ)} *щ*оплъэ/*щ*оплъ)»;

Мы жытlами теухуа *щапхъэхэр къэхъын*рэ икlи мы таблицэм къыщыгъэлъэгъуа щапхъэхэм теухуауэ гулъытэ зыхуэщlыпхъэрэ аргуэру *къыхэгъэщыпхъэхэри еджаклуэхэм къахуренэ*!

*

Ауэ, мы зи гугъу тщla *″префикс″итl*ыр *″щlыпlэ″ лъытэ ″префикс″*хэр *зипlэ иувэф*хэу зэрыщытыр ипэкlи къыщыхэдгъэщащи, ныtlэ, *″и, щы″ префиксиал*у ухуа *″инфинитив глагол″*хэмрэ *зэрылажьэ* щlыкlэхэу мы къэта щапхъэхэр икlи *дэтхэнэ зы ″щlыпlэ″ лъытэ ″префикс″*ымкlи зэрыухуэжыфынур гурыlуэгъуэнщ. Икlи, *″зэман/мекан″* лъытэ *″префикс″*у щыт *″щы″*м и *″мекан″* лъэныкъуэр *зэманклэрэ джы*уи зэрыщыткlэ *абзсис*рэ *джыгъуэ/джыпlэ* лъытэ *″префикс″*у щыт *″и″*м и *мыхьэнэгъу*уи зэрылъытапхъэр ипэкlи къыщыхэдгъэщащ. Араци, *зэман/мекан* лъытэ *″щы″м и зы лъэныкъуэ*ращ *″щlыпlэ″ лъабжьэ*у *″мекан″*ри, *″зэман координат системэ″*м и *″абзсис″* лlэужьыгъуэ *″и″*р *зэманклэрэ джы*уэ утыку къихьэрэ *джыгъуэ/джыпlэ*у *″мекан″* -″геометрие″- зылъытэу *″щlыпlэ″ лъабжьэ* лlэужьыгъуэщ. Мыпхуэдэу зэрыщыткlи, *″мекан″*ри *зэлъыта ″зэман″*и зылъытэ *″щы″*р абы *и зы лъэныкъуэ* -″мекан″- зылъытэ *″и″м елъыта*уэ *нэхъ лъабжьэ*у зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ.

Ауэ, *″щlыпlэ″ лъабжьэ*у тлъытарэ *″абзсис″*рэ *″мекан″* лъытэ *″префикс″*хэу *″щы, и″*м ипэ, -нэгъуэщlыу жыпlэмэ, *″щlыпlэ″ лъабжьэ*у *зэмылlэужьыгъуэ ″щlыпlэ″*хэр зыхэзыубыдэу *″абстакт щlыпlэ″* лъытэнрэ къэlуэтэн ипэ- *дэтхэнэ зы ″щlыпlэ″* лlэужьыгъуэр *″lупщl″*ыу лъытэн хуейуэ къыщlэкlынщ. Араци, ипэкlэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, ″щlыпlэ″р ″универсал″у зылъытэ ″щы, и″м ипэ, дэтхэнэ зы ″щlыпlэ″р ″уникэ″у (уникал/уникалнэ) лъыта хъун хуейщ. Зэрыгурыlуэгъуэу, дэтхэнэ гуэрыр щхьэжрэ *″уникэ″*у *зэрылъытэ псалъэ*хэращ *япэ*у утыку къихьэри, мыпхуэдэу утыку къихьэ псалъэхэр зыхэзыубыдэ *гупы*р зэрылъытэ псалъэри *–″универсал″* лlэужьыгъуэу- *шужь*рей lуэхугъуэрщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, глаголыр ″инфинитив″у –″универсал″у- мылъытэ ипэ, а глаголыр зытеухуа ″хьэрычэт″ыр утыку къызэрихьэу ″уникэ″у зэрылъытэ псалъэращ утыку къихьэри, мы псалъэри зи лъабжьэу ″инфинитив глагол″ мэухуэр.

Нытlэ, мыхэри ди гурыlуэгъуэу, *"щlыпlэ" лъабжьэ* зылъытэрэ *"универсал щlыпlэ"* зылъытэ *"щы, и" префикс*хэм *дэтхэнэ зы "щlыпlэ"*р щхьэжрэ *"уникэ"*у зылъытэ *"префикс"*хэр *абстарту зэрыхэлъыт*эрэ зэрызыхаубыдэр мыбдежым къыщыдгъэлъагъуныр игъуэщ. Мы зэрыжытlауэ, *"щlыпlэ" лъабжьэ* зэрылъытэ мы *"префиксиtl"*ым *абстарцэ* лlэужьыгъуэу ялъытэ мы *"щlыпlэ"*р нэхъ *lупщl*ыу *зылъытэ адрей "щlыпlэ"* лъытэ *"префикс"*хэмкlи -дэтхэнэ зы *"щlыпlэ" лlэужьыгъуэ*у- *зэрылъытэф*ынур гурыlуэгъуэщи, мы ипэкlэ таблицэм къыщыгъэлъэгъуа *"префиксиал глагол"*хэм я **"щы"**рэ **"и"** *префикс*хэм **ипlэ** мы адрей **"щlыпlэ" -***lупщl, уникэ*- лlэужьыгъуэ **префикс**хэр зэриувэу *"инфинитив"*у утыку къихьэ *"префиксиал глагол"* щапхъэхэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- "Бгэн" → «*щы*бгэн/*щы*бгын» → «*и*бгэн/*и*бгын» → «*lу*бгэн/*lу*бгын, *къуэ*бгэн/*къуэ*бгын, *хэ*бгэн/*хэ*бгын, *гуэ*бгэ/*гуэ*бгын, *щlэ*бгэн/*щlэ*бгын, *дэ*бгэн/*дэ*бгын, *фlэ*бгэн/*фlэ*бгын, *пы*бгэн/*пы*бгын, *блэ*бгэн/*блэ*бгын»;
- "Пкlэн" → «*щы*пкlэн/*щы*пкlын» → «*и*пкlэн/*и*пкlын» → «*lу*пкlын/*lу*пкlэн, *къуэ*пкlын/*къуэ*пкlэн, *хэ*пкlын/*хэ*пкlэн, *гуэ*пкlын/*гуэ*пкlэн, *щlэ*пкlын/*щlэ*пкlэн, *дэ*пкlын/*дэ*пкlэн, *фlэ*пкlын/*фlэ*пкlэн, *пы*пкlын/*пы*пкlэн, *блэ*пкlын/*блэ*пкlэн»;

---

- "Уэн" → «*щы*уэн/*щы*ун» → «*и*уэн/*и*ун» → «*lу*уэн/*lу*ун, *къуэ*уэн/*къуэ*ун, *хэ*уэн/*хэ*ун, *гуэ*уэн/*гуэ*ун, *щlэ*уэн/*щlэ*ун, *дэ*уэн/*дэ*ун, *фlэ*уэн/*фlэ*ун, *пы*уэн/*пы*ун, *блэ*уэн/*блэ*ун»;
- "Плъэн" → «*щы*плъэн/*щы*плъын» → «*и*плъэн/*и*плъын» → «*lу*плъэн/*lу*плъын, *къуэ*плъэн/*къуэ*плъын, *хэ*плъэн/*хэ*плъын, *гуэ*плъэн/*гуэ*плъын, *щlэ*плъэн/*щlэ*плъын, *дэ*плъэн/*дэ*плъын, *фlэ*плъэн/*фlэ*плъын, *пы*плъэн/*пы*плъын, *блэ*плъэн/*блэ*плъын».

Мы къэтlуэтахэм къыпыщапхъэщи, *щыlэгъуэ лъабжьэ* зи *мыхьэнэ*рэ *"зэман/мекан"* лъытэ *"префикс"* къалэн зыгъэзащlэ *"щ" мак*ъым *елъытауэ "абзсис" мыхьэнэ* зиlэрэ зэманым елъыта джыгъуэу *"мекан"* лъытэ *"префикс"* къалэн зыгъэзащlэ **"и" макъ**ыр *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэ лъытэу **"инфинитив глагол"**хэм нэхъ **хуиту "префикс"** язэры**хуэхъуф**ынур гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, и мыхьэнэм елъытарэ мы ипэкlи къызэрыхэдгъэща щlыкlэу **"щы" макъ**ыр мы *къэхъу-къэщl*ыр зэрызекlуэм теухуауэ -*"мекан" е "зэман"* лъытэ еджэкlэу- *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэм *хуиту "префикс"* яхуэхъуу щыт щхьэ, мы *псалъэ*хэр *"инфинитив"*у зэрыухуэ дэтхэнэ зы *глагол*ым –дэтхэнэ зы **"инфинитив глагол"**ым- **хуиту "префикс"** зэры**хуэмыхъу**нури жыlпэхъэнщ. Икlи, *"мекан/зэман"* лъытэ *"щы"*ым -флырыфlкlэ- *"префикс"* къалэн *зыхуимыгъэзащlэ "инфинитив глагол"*хэри *"дополненэ" зиlэу лажьэ "занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэхэрауэ –

е, абыхэм щыщ гуэрхэрауэ- зэрыщытыпхъэр жыIэпхъэщи, мыпхуэдэу щIыщытри глагол лэжьэкIэм хиубыдэ *"дополненэ"*р *"объектив"у зы "щIынIэ" Iупщl* лIэужьыгъуэу зэрыщытрагъэнщ.

## "ЕЗЫРЫЖ ЗАНЩIЭ ГЛАГОЛ"ХЭР "ПРЕФИКС"КIЭ ЗЭРЫУХУЭУ "ЕЗЫРЫЖ ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭР УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭ ЩIЫКIЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

*"Езырыж занщIэ глагол"*у *"префикс"кIэ* ухуэу *мыхьэнэщIэ* зиIэу *"езырыж префиксиал глагол"ыщIэ*хэр утыку къохьэфри, мыпхуэдэу утыку къихьа мы "префиксиал глагол"хэр къызытехъукIа "занщIэ глалол"хэм мыхьэнэрэ бзэ лэжьэкIэу –зытеухуа Iуэхугъуэу- къазэрыщхьэщыкIри гурыIуэгъуэщ.

Мыбдежым мыбыхэм теухуа щапхъэ куэд къыщыдгъэлъэгъуэнкъым; ауэ, ипэкIэ *"езырыж занщIэ глагол"*хэу зи гугъу тщIарэ, ахэр *"префикс"*кIэрэ *"езфырыж префиксиал глагол"*у зэрыухуэжауэ къэдгъэлъэгъуахэм щыщу *мыхьэнэщIэ*уи *зэджапхъэ*хэр мыпхуэдэ глагол *щапхъэ*хэу къэдгъэлъэгъуэнщ. ИкIи, дэтхэнэ зы щапхъэр зэрыухуа щIыкIэри къыхэдгъэщу къэдгъэлъэгъуэнщи, мыпхуэдэ "префиксиал глагол"хэр зэрылъытэ щIыкIэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Мыпхуэдэ щапхъэ гуэрхэр "езырыж занщIэ глагол" лIэужьыгъуэу щыт "хъун"ыр "префикс" гуэрхэмкIэ зэрыухуэ "езырыж префиксиал глагол" гуэрхэм я зы еджэкIэр Iупщ1ыу зы Iуэхугъуэм хуэIуауэ бзэм зэрыхэлэжьыхьырщи, мыпхуэдэ щапхъэхэр мы я еджэкIэри къыхэгъэщауэ мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «хуэхъун (зы щыгъын лIэужьыгъуэр *хуэфl хъун*)»;
- «фIэхъун (мыпэжыр *пэж* къы*щыхъун*)»;
- «щыхъун (*фIэхъун*)»;
- «щыхъуэн (зы гуэрыр *пхъашэ* гуэркIэ *лъэщIын*)»;
- «пэхъун (зыр адрейм дэхъун; *зэдэкъуэгъу хъун*)».

*"Kluэн"* псалъэм *лъабжьэ*у и *мыхьэнэ*р *"лъакъуэхэр зэрызэкlyy (кly) клуэтэнырщ (э)"*; мыр икIи зы *гъуэгуанэ хьын*ырщ; ауэ мыр *бзэр къэзыIуатэм хуэгъэзауэ* щытмэ, *"къ" префикс*кIэ ухуэжу *"къэкIуэн"*ырщ. Адыгэбзэм зы лъабжьэу зи гугъу тщIа мы "глагол"хэр бзэ куэдым *зэхуэдэ лъабжьэ зимыIэ*у *щхьэхуэ щхьэхуэ*у зэрылъытэри мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ. НытIэ, адыгэбзэм зы лъабжьэ зиIэу зи гугъу тщIа мы "глагол"хэмрэ, нэгъуэщIыбзэ гуэрхэм щхьэхуэ щхьэхуэ псалъэ

лIэужьыгъуэ ″глагол″хэу зэрыхэт щапхъэхэри –ахэр адыгэбзэ псалъэхэмкIэ зэрылъытэри къыхэгъэщауэ- мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «кIуэн → къэкIуэн»;
---
- Тыркубзэу: «yürümek (кIуэн/зекIуэн); gitmek (кIуэн); gelmek (къэкIуэн)»;
- Франсыбзэу: «marcher (кIуэн/зекIуэн); aller (кIуэн); venir (къэкIуэн)».

Мыбыхэм нэмыщI, зы *цIэ* лIэужьыгъуэр -*″пцIы″* псалъэр- *″пцIы хъун″* мыхьэнэ зиIэ зы *″езырыж занщIэ глагол″*у лъытапхъэнщ *″пцIын″*ри, нытIэ, *″пцIын″*р *къызыхуэкIуэ*м елъытауэ *″къ″ префикс*кIэ зэрылъытэрэ *лажьэу* (э) ухуэ *″езырыж префиксиал глагол″* лIэужьыгъуэри мы зи гугъу тщIыхэм хуэдэ зы щапхъэу лъытапхъэщ:

«пцIы → пцIын → ″къэпцIэн″».

Зэрыгурыlуэгъуэу, *зыми емылъытауэ кIуэкIэ зиIэ ″е″*р *мыфI* –lей-зэрылъытэ къалэнкIи щыхолэжьыхьыр адыгэбзэми, мыр зы *″езырыж макъ глагол″*у щыт *″кIын″*ым *″префикс″* зэрыхуэхъуу утыку къихьэ *″екIын″*ыр *леягъ зэкIын*ыгъэ зи мыхьэнэ *″езырыж префиксиал глагол″*ырщ. Мыбы хуэдэ *къэхъукIэ*рэ икIи *мыхьэнэ* зиIэу лъытапхъэщ ″lей″ илъытэу *″е″*р зы *″езырыж занщIэ глагол″*у щыт *″кIуэн″*ым *″префикс″* хуэхъу *″езырыж префиксиал глагол″*у зэрыухуа *″екIуэн″*ри. НытIэ, мыхэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «″е, кIын″ → ″екIын″»;
- «″е, кIуэн″ → ″екIуэн″» {е: lей}.

## ЗЭРЫУХУАГЪЭХХЭУ ″ЕЗЫРЫЖ ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ″ УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭ ЛЪАГЪУЭМ ТЕУХУАУЭ

Мы зи гугъу тщIыну ″префиксиал глагол″хэр мы ипэкIэ ″занщIэ глагол″хэм ″префикс″ къызэращтэу ухуа ″префиксиал глагол″хэм къакIэлъыкIуэу утыку къихьауэ жыIэпхъэщи, абыхэм къакIэлъыкIуэуи я гугъу щIынри игъуэщ. Дауи, мыпхуэдэхэр щыжытIэ дэтхэнэ зы щIыпIэм къызэрыхэдгъэщым хуэдэжу, мыбдежми къыщыхэгъэщыпхъэщи, мы зэкIэлъхьэужьыкIэр лантIэу лъытапхъэщи, зы псалъэрэ глагол лIэужьыгъуэ къэхъуныгъэр зэрыщыту утыку къихьа нэужь, къыкIэлъыкIуэхэр зэрыщыту утыку къихьэу аракъым.

Япэрей ди лэжьыгъэхэм *занщIэу* утыку къихьэ *″хьэрычэт″*ыр къызэрыIуатэ *занщIэ псалъэ*хэмрэ, а *″хьэрычэт″*ыр *″кондицэ″*кIэ утыку къихьэу *″префиксиал″*у къызэрыIуатэ *псалъэ*хэм щыгъуазэ дыхуэхъуам

хуэдэу, мыбдежми *зэрыухуагъэххэ "префиксиал"*хэу зи гугъу тщlынухэр *"кондицэ"*м елъытауэ утыку къихьэ *"хьэрычэт"*ыр зэрылъытэ *псалъэ* лlэужьыгъуэхэрщ. Аращи, *"кондицэ"клэ* утыку къихьэ *"хьэрычэт"*ыр *"префиксиал"у къызэрыlуэта псалъэ*хэр *лъабжьэ зыхуэхъу*у -икlи мыхэр *зи лэжьэклэ*уи зэрылъытэну- *зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал глагол"*хэр *"инфинитив"*у зэрыухуаращ мыбдежым щедгъэкlуэкlыну лэжьыгъэр.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *"префикс"* жыхуэтlэхэр глаголыр зэрылэжьэну *"кондицэ"* лъытэхэрщи, мы ипэкlэ *"езырыж занщlэ глагол"*у ухуагъэххэхэр иужькlэ къащтэ *"префикс"хэмклэ* зэрыухуэж *"езырыж префиксиал глагол"* щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуащ. Нытlэ, мыбдежми *зэрыухуа щlыклэ*кlэ *"езырыж префиксил глагол"*у утыку къихьэхэми гулъытэ хуэтщlыу щапхъэ гуэрхэри къахуэтхьынщ.

Япэрей ди лэжьыгъэм щыгъуазэ дызыхуэхъуа глагол класификацэхэм ипкъ зэриткlэ, мы зэрыухуагъэххэу ″префиксиал глагол″у ухуагъэххэхэми я гугъу щытщlагъащи, мыбдежым а псоми дытемыпсэлъыхьу, *зэрыухуагъэххэ "префиксиал глагол"* лlэужьыгъуэхэр утыку къызэрихьэ *лъагъуэм* щыгъуазэ дыхуэхъунущ. Мы зэрыжытlауи, **″щlыкlэ″**рэ **″щlыпlэ″** лlэужьыгъуэ **″префикс″** къалэн зыгъэзащlэу ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа **макъ**хэр **″глаголыпхъэ″ макъ** *гуэрхэм къапыхьэу* **зэрыухуагъэххэу ″префиксиал глагол″**у утыку къихьахэм теухуа щапхъэхэри къэтхьыныр игъуэщ.

Ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа ″занщlэ глагол″хэмрэ, абыхэм ″префикс″ къащтэу къатехъукl ″префиксиал глагол″хэр зэрызэпыщlам папщlэ, ″префиксиал глагол″у зэрылажьэм хуэдэжу, ″занщlэ глагол″уи зэрылэжьэфынухэр гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, мыбдежым зи гугъу тщlыр *зэрыухуагъэххэу "префиксиал глагол"*хэрщи, *"глагол"*у утыку къызэрихьар *"префиксиал глагол"* лlэужьыгъуэущ. Нытlэ, *"глагол"* лlэужьыгъуэу утыку зэритыр *"префиксиал глагол" вариант закъуэ*ущи, *"префикс"ыншэу "глагол"къым*. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, *зэрыухуагъэххэу "префиксиал глагол"*у мы утыку къихьахэм я *"глаголыпкъ"*хэр *"глаголыпхъэ"*у зэрыщытым папщlэ, *"занщlэ глагол" вариант зэрамылэ*нур гурыlуэгъуэщ.

Мы зэрыжытlауэ, **зэрыухуагъэххэу ″префиксиал глагол″**щ мы зи гугъу тщlыхэри, мы утыку къызэрихьа щlыкlэм зэрезэгъкlи, **″префикс″ыншэ лэжьэкlэ яlэнкъым**. Нытlэ, *"глагол"*у зэрылъытарэ утыку къызэрихьа щlыкlэр *"префиксиал"*ущ мы зи гугъу тщlы *"префиксиал*

*глагол"*хэри, бзэм зы *глаголу зэрыхэлэжьыхьыфынур*и -фlэкlыпlэ имыlэу- *"префикс"клэ*рэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *"глаголыпхъэ"*м ипэ къихуэ макъыр *"префикс"* къызэрыхуэхъуклэрэщ *зэрыухуагъэххэу "префиксиал глагол"* утыку къызэрихьа щlыклэри, **"префикс"ыншэ**мэ, **"глаголыпхъэ"**у *къызэтенэн*у зэрыщытым папщlэ, *"префикс"ыншэу -"занщlэ глагол"*у- *лъытэнкъым*и, *"префикс"ыншэ лэжьэкlи ulэнкъым*. Ауэ, **зэрыухуагъэххэу "префиксиал глагол"**у мы **зэрыухуа "префикс"**ым **нэмыщl** игъуэ **"префикс"**хэмкlи – зы *"префиксиал глагол"* лlэужьыгъуэу- **зэрылэжьэф**ынури гурыlуэгъуэнщ.

Мыбыхэм нэмыщl, аргуэру къыхэгъэщыпхъэщи, *"префикс"* къалэн зыгъэзащlэ *макъхэр "занщlэ глагол"*хэм *"префикс"* къанэу *хуагъэзащlэ*хэмрэ, икlи мыпхуэдэ "префикс" къалэнхэм *нэмыщlхэри хуагъэзэщlэф*ыну къыщlэкlынщ *зэрыухуагъэххэу "префиксиал глагол"*хэми, нытlэ, мы илъабжьэм къыщедгъэкlуэкlыну лэжьыгъэм мыпхуэдэхэми гулъытэ щыхуэщlынщ.

Дауи, *зэрыухуагъэххэ "префиксиал глагол"*хэм теухуауэ мы къытпэщыт лэжьыгъэри **"префикс"**хэр **"щlыкlэ"**рэ **"щlыпlэ"** лlэужьыгъуэу зэщхьэщыдгъэкlыу къедгъэкlуэкlыныр игъуэщ.

**"Щlыкlэ" лlэужьыгъуэ "префикс"кlэ зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал глагол" утыку къызэрихьэм теухуауэ.**

Япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, иджыри *"глагол" мыхъуа*рэ *"глаголыпхъэ"*у лъытапхъэ *макъ гуэрхэр* къыпыхьэ макъ гуэрхэмкlэ *глаголу* зэры*лажьэу* зэрыухуагъэххэу *"префиксиал глагол"*хэр утыку къызэрихьэхэр гурыlуэгъуэщ. Зэрыгурыlуэгъуэу, мыбдежым зи гугъу тщlыр мы *"глаголыпхъэ"*р *"префиксиал"*у зэрылажьэращ; мыхъумэ, *"глаголыпхъэ"*у *къыпыхьэ макъ* гуэрхэмкlэ *"занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэхэри утыку къызэрихьэфынури гурыlуэгъуэнщи, -псалъэм папщlэ- "плъэн" къалэн зиlэ *"нэ"*р ("цlэ" лlэужьыгъуэ) къыклэлъыкlуэ *"глаголыпхъэ"*кlэ *лажьэу* ухуа мы *"езырыж занщlэ глагол"* щапхъэр мыпхуэдэщ: «нэхун (→унэхун); нэщlын (→унэщlын); нэцlын, нэцlэн; нэщхъеин».

Аращи, мыбдежым зи гугъу тщlыхэр *"глаголыпхъэ"* лlэужьыгъуэ *макъ* -е макъ гуп- гуэрхэр *зэрылэжьэфыну "щlыкlэ"* зэрылъытэ *"кондицэ"* гуэрхэм *елъытау*э *лажьэу* –хьэрычэт лъытэу- ухуэ *глагол* лlэужьыгъуэ

*псалъэ*хэращи, зы *"кондицэ"*кlэрэ *"хьэрычэт"* зыгъуэту утыку къихьэр *зэрылъытэ псалъэ*кlэ мы *къызэрыlуатэр* иужькlэ *"инфинитив"*у зэпкъырыувэрэ *"префиксиал глагол"*у зэрыухуэнури гурыlуэгъуэщ. Ауэ, мыбдежым *"хьэрычэт"*ыр мы утыку къызэрихьэ *"щlыкlэ"*кlэ къызэрыlуатэ мы *псалъэ*хэр къыхэдымыгъэщу, *занщlэу "инфнитив глагол"*у зэрыухуэ щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнри щырикъунщи, нытlэ, мы **"глаголыпхъэ"** лlэужьыгъуэхэр **"щlыкlэ"** лlэужьыгъуэ **"префикс"**кlэ *зэрыухуагъэххэу* **"езырыж префиксиал глагол"** утыку къызэрихьэм теухуа *щапхъэ гуэрхэр* **"инфинитив"** лlэужьыгъуэхэу къэдгъэлъэгъуэнщ:

- «*къэ*кхъун, *къэ*цlын, *къэ*жьын»; «*къэ*фэн»; «*къэ*сын, *къэ*тын, *къэ*нэн»; «(шэ) *къэ*шын»; «*къэ*шын (къуаншэ хъун)»; «*къэ*пцlэн (← "пцlын" ← "пцlы")»;
- «*нэ*сын; *нэ*хьэсын»;
- «*е*кlун (→ "зэкlун")»; «*е*къун (е, къу)»; «*е*хын (→ "*е*хухын, *е*уэхын"»; «*е*шын {(зэшын) → "*е*зэшын"}»; «*е*фэн; *е*гъун; *е*жьэн (→ *хуе*жьэн); *е*бэн; *е*сэн; *е*щхьын (е-щхьэ-ы-н)»;
- «*хуэ*ззэн; *хуэ*гъун»;
- «*фlэ*нэн; *фlэ*хын; *дэ*щlын; *щlы*гъун (→*дэщlы*гъун); (игу) *щlэ*гъун; *лъы*сын, *кlэлъы*сын; *хэ*дэн; *хэ*нын; *хэ*щlын; *хэ*пщlэн; *кlэры*пщlэн; *щlэ*къун/*щlэ*къуэн; *щlэ*пхъуэн»; *щlэ*нын, *щlэ*ныжын»;
- «*зэ*пэсын; *зэхуэ*сын; *зэхуэ*хьэсын; *зэщlэ*къуэн; *зэхэ*пщlэн».

**"Щlыпlэ" лъытэ "префикс"кlэ зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал глагол" утыку къызэрихьэм теухуауэ.**

"Щlыпlэ" лъытэ "префикс"хэр ипэкlэ *"щlынlэ" лъабжьэ -"щlынlэ"*р *"абстракт"- зылъытэ "префикс"*рэ, *"щlынlэ"*р *"lупщl"*ыу *зылъытэ "префикс"*хэу зэщхьэщыдгъэкlыу щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ. Икlи, бзэ лэжьэкlэм *япэу "lупщl"*рэ *"уникэ"* лlэужьыгъуэ *псалъэ*хэр къыщыхъуарэ, *иужькlэ,* мыхэри зыхэзыубыдэ *"абстракт"*рэ *"универсал"* лlэужьыгъуэ *псалъэ*хэр утыку къихьауэ зэрылъытапхъэри къыхэдгъэщагъащ. Нытlэ, *"щlынlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"*хэм теухуауи бзэм *япэ* щызекlуэу щlэзыдзахэри *"щlынlэ"*р *"lупщl"*рэ *"уникэ"*у зылъытэ *зэмылlэужьыгъуэ "префикс"*хэрауэ зэрылъытапхъэри ипэкlэ къыхэдгъэщауэ щытащи, мыбыхэми *"щlынlэ"*р *"абстракт"*рэ *"универсал"*у зылъытэ *"щы, и" префикс*хэр къакlэлъыкlуэу бзэм щызекlуэу зэрыщlидзагъэнури гурыlуэгъуэнщ.

Ауэ, мы къэтlуэтахэмкlи зэрыгурыlуэгъуэу, зэмылlэужьыгъуэ *"щlынlэ" lупщl* зылъытэ *"префикс"*хэр *"щlынlэ" лъабжьэ* –щlыпlэ абстаркт- лъытэ

*"префикс"*хэм зэрыз*эщIиубыдэ*ри гурыIуэгъуэщи, нытIэ, мыбдежми мы *"щIынIэ" лъабжьэ* лъытэ *"префикс"*хэмкIэ ухуа *"префиксиал глагол"*хэм теухуа щапхъэхэр *ипэ игъэщауэ* къэгъэлъэгъуэнри игъуэу лъытапхъэщ. Мыбыхэм къыкIэлъыкIуэуи, *"щIынIэ"*р *"lупщI"*у зылъытэ *"префикс"*хэмкIэ ухуа *"префиксиал глагол"*хэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ. Мыпхуэдэуи, *"щIынIэ" лъабжьэ* лъытэ *"префикс"*хэм *зэщIиубыдэ*у зи гугъу тщIы *"щIынIэ" lупщI* лъытэ *"префикс"*хэр мы *"щIынIэ" лъабжьэ "префикс"*хэм *унIэ иувэу зэрыухуэф*ыну *"префиксиал глагол"*хэми гулъытэ яхуэтщIынщ.

***"Щы"****рэ* ***"и"*** *префиксхэмкIэ* ***зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал глагол"****хэр утыку къызэрихьэм теухуауэ.*

Ипэкlэ ″езырыж занщlэ глагол″у ухуагъэххэр ″щы, и″ префикскlэ ″езырыж префиксиал глагол″у зэрыухуэ щlыкlэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьащи, икlи, ″зэман/мекан″ лъытэ ″префикс″ къалэн зыгъэзащlэ ″щы″м -и ″мекан″ лъэныкъуэр зэрылъытэу- ипlэ ″и″р иувэу ″префиксиал глагол″хэр зэрыухуэжми гулъытэ яхуэтщlащ. Ауэ, мыбдежым ди lуэхур *зэрыухуагъэххэу "префиксиал глагол"*хэр утыку къызэрихьэращи, нытlэ, *"щы"* макъым и мыхьэнэр *"мекан" лъэныкъуэ закъуэу* зэры*мылъытэну*ми зэрезэгъкlэ, *"щы"*рэ *"и"*р *"префикс"*у *зэрыухуагъэххэу "префиксиал глагол"*хэр утыку къызэрихьэм *щхьэхуэ щхьэхуэу щыгъуазэ яхуэхъун*ыр игъуэщ.

Дауи, ″щы″рэ ″и″р щызэтехуэ щlыпlэхэри къыхэдгъэщынщи, мыпхуэдэ ″префиксиал глагол″хэри *"щIынIэ" lупщI лъытэ "префикс"*хэмкlэ зэрыухуэж щапхъэхэри къадгъэлъэгъуэнщ.

Нытlэ, *"щыIэгъуэ лъабжьэ"* зи мыхьэнэ макъыу тлъыта *"щы"*р зи *"префикс"*у *"глаголыпхъэ"*кlэ *лажьэу зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал глагол"*у утыку къихьэхэм *"щы" префикс*ым *"щыIэгъуэ лъабжьэ" лъыт*эм къыщlидзэу *"щIынIэ" лъыт*эм нэгъунэ хигъэзэщlыхьу *зэреджапхъэ*хэри къызыхэщ щапхъэхэр мыбдежым къыщытхьынщ:

- «*щы*lэн» ← (*щы*: ″щыIэгъуэ лъабжьэ″ лъытэ)
- «*щы*щlэн» ← (*щы*: ″щыIэгъуэ/щыIэкlэ″ лъытэ)
- «*щы*кlын» ← (*щы*: ″щыIэкlэ/щlыкlэ″ лъытэ)
- «*щы*тхъун» ← (*щы*: ″щыIэ/щlыкlэ″ лъытэ)
- «*щы*хьэн» ← (*щы*: ″щыIэ/щlыкlэ″ лъытэ)
- «*щы*ун; *щы*уэн» ← (*щы*: ″зэман/мекан – щыIэкlэ″ лъытэ)

- «*щы*нэн, *щы*нэжын» ← (*щы*: ″зэман/мекан – щIыкIэ″ лъытэ)
- «*щы*сын; *щы*лъын; *щы*тын» ← (*щы*: ″мекан″ лъытэ)
- «*щы*хъуэн» ← (*щы*: ″лъабжьэ/щIыпIэ″ лъытэ)

″Езырыж занщIэ глагол″хэм ″щы″ префиксыр ″зэман/мекан″ лъытэ къалэнкIэрэ къызэрыпыхьэу ипэкIэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа щапхъэхэмрэ мыбдежым *зэрыухуагъэххэу ″префиксиал глагол″*хэр утыку къызэрихьа щапхъэхэр зэрыухуа *″щы″ префикс мыхьэнэ*хэр зэрыз*этемыухуащэ*р нэрылъагъущ. Ар щыхъукIи, мы **зэрыухуагъэххэу ″езырыж префиксиал глагол″**хэр зэрыухуа ***″щы″*** *префикс*ым **ипIэ ″и″** *префикс* иувэу *хуит*рэ зэры*игъуэу* -мыхьэнэкIэ зэтехуэрэ зэгъунэгъуу- зэры**мыухуэфын**ур жыIэпхъэщ: мыхэр *″занщIэ глагол″*хэр *″префиксиал глагол″*у зэрыухуа *″щы″ префикс*ым *ипIэ ″и″ префикс иувэу хуиту зэрыухуэ*м хуэдэу зэрымыухуэфынур жыIэпхъэщ.

*

Дауи, ипэкIи къызэрыхэдгъэщауэ, *″щы″р щыIэгъуэ лъабжьэ* зылъытэ макъыу зэрыщытрэ, *″и″ри абзсис –джыгъуэ/джыпIэ-* зылъытэ макъыу зэрыщыткIэ, мы макъитIыр зэпыщIа мыхьэнэ зиIэ макъхэрщи, ″префикс″ къалэнкIэ бзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэхэри зэпыщIарэ зэтехуэу зэрыщытыфынур гурыIуэгъуэнщ; ауэ икIи, зэщхьэщыкIыныгъэ зэрызыхуаIэфынури гурыIуэгъуэнщ. Мыбыхэм нэмыщI къыхэгъэщыпхъэщ *адыгэбзэ*р зы *макъыбзэ*у зэрыщытри, дэтхэнэ зы *мак*ъыр утыку къызэрихьа *мыхьэнэ лъабжьэ*м нэмыщI, *бзэ лэжьэкIэу*и *мыхьэнэ марж* зыгъуэту *мыхьэнэбэ*щ. Мыбдежым зи гугъу тщIа *″щ, и″ мак*ъхэри мыпхуэдэщи, дэтхэнэ зы псалъэм зэрыхэлэжьыхьыр -я мыхьэнэ лъабжьэри яIэжу- *мыхьэнэбэ*ущ. НытIэ, мыри ди гурыIуэгъуэу, ипэкIэ *″щы″ префикскIэ ухуагъэххэ ″езырыж префиксиал глагол″*хэу зэреджапхъэри къызыхэдгъэща щапхъэхэм *″щы″*м *unIэ ″и″*р зэриувэкIэрэ къэхъу *мыхьэнэ гъунэгъу*гъэрэ (~) *зэщхьэщыкI*ыныгъэри (≠) къызыхэщ щапхъэхэу мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

- «*щы*Iэн» → ~ «*и*Iэн (*″Iуэху гл″*щи, *″≠″*щ)»;
- «*щы*кIын»; «*щы*щIэн» → ~ «*и*кIын»; ≠ «*и*щIэн (*″Iуэху гл″*уи *″≠″*щ)»;
- «*щы*тхъун» → ≠ «*и*тхъун (*″Iуэху гл″*уи *″≠″*щ)»;
- «*щы*хьэн» → ≠ «*и*хьэн»;
- «*щы*ун; *щы*уэн» → ~/≠ «*и*ун»; ~/≠ «*и*уэн»;
- «*щы*нэн, *щы*нэжын» → ~ «*и*нэн», ≠ «*и*нэжын»;
- «*шы*щын» → ≠ «*и*щын»;
- «*щы*сын; *щы*лъын; *щы*тын» → «*и*сын; *и*лъын; ~ *и*тын»;
- «*щы*хъуэн» → ≠ «*и*хъуэн».

*"Щы" префикс*кlэ *зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал глагол"*у утыку къихьахэр *"щы"м unlэ "и"* зэр*иувэу* зэрыухуэж *"префиксиал глагол"* гуэрхэр *"щы"*кlэрэ *ухуагъэххэ "префиксиал глагол"*хэм *зэремызэгъ*ыр нэрылъагъуэщи, мыбыхэм нэмыщlыу *"и" префикс*кlэ *ухуэж "езырыж префиксиал глагол"*хэр хуиту *"щlыnlэ" lупщl* лъытэ *"префикс"*хэмкlи *зэрыухуэж*ынур -мыпхуэдэ щапхъэ къэдымыгъэлъагъуэми- гурыlуэгъуэщ. Дауи, мыпхуэдэ щапхъэхэр мы илъабжьэм *"и" префикскlэ зэрыухуагъэххэ "префиксиал глагол"*хэм теухуауэ къэдгъэлъэгъуэнущ.

*

"Щы" префиксиалу ухуагъэххэ "езырыж префиксиал глагол"хэмрэ ахэр "и" префикскlи зэрылъытэфыну щlыкlэхэми гулъытэ хуэтщlащи, мыбы къыкlэлъыкlуэу, *"и" префикс*кlэ *ухуагъэххэу "езырыж префиксиал глагол"* утыку къызэрихьа щапхъэхэри къэтхьынщ.

Ауэ икlи, "щы"м игъэзэщlэну "префикс" къалэным елъытауэ -и мыхьэнэкlи- **"префикс"** *къалэн*кlэ **"и"**р бзэм *нэхъ* **хуит**у зэры**хэлэжьыхь**рэ *гурыlуэгъуафl*эуи зэрыщытынур жыlэпхъэщ. Мыпхуэдэу зэрыщыткlи, *"и" префиксиал*у *ухуагъэххэ "префиксиал глагол"*хэр **"и"**м **ипlэ "щlыпlэ"** лъытэ **"префикс"**хэр *хуиту* **иувэу зэрыухуэф**ынухэри гурыlуэгъуэнщ. Мыбы нэмыщl, *адыгэбзэ*р *макъыбзэ*рэ макъыбзэри *мыхьэнэбэ*у зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, *"и"*р зи *"префикс"*у *зэрыухуагъэххэу "префиксиал глагол"* гуэрхэри *мыхьэнэбэ*нщи, мыбыхэм - *"и" префиксиал глагол*хэм- *щыщу игъуэ мыхьэнэ зиl*эхэращ *"и"м unlэ "щlыnlэ"* лъытэ *"префикс"* иувэу *"префиксиал глагол"у ухуэж*ынухэр.

Нытlэ, *"и" префикс*кlэ *ухуагъэххэу "езырыж префиксиал глагол"*у утыку къихьахэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщи, -зэрыжытlауи- *"и"*м *unlэ "щlыnlэ"* лъытэ *"префикс"*хэри *хуиту иувэу* ухуэж *"префиксиал глагол"* щапхъэхэри къыпытщэжынщ; икlи, -ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ- *"и"м unlэ иувэ "щlыnlэ"* лъытэ *"префикс"*кlэрэ ухуэж *"префиксиал глагол"*хэм щыщу, *"и" префиксиал глагол мыхьэнэ* гуэрхэм *темыухуэ*ми {пп: "(ипэ) *и*щын"} гулъытэ яхуэтщlынщ:

- «*и*нэн» → «*lу*нэн, *къуэ*нэн, *хэ*нэн, *гуэ*нэн, *щlэ*нэн, *дэ*нэн, *фlэ*нэн, *пы*нэн»;
- «*и*хьэн» → «*lу*хьэн, *къуэ*хьэн, *хэ*хьэн, *гуэ*хьэн, *щlэ*хьэн, *дэ*хьэн, *фlэ*хьэн, *пы*хьэн»;
- «*и*хын» → «*lу*хын, *къуэ*хын, *хэ*хын, *гуэ*хын, *щlэ*хын, *дэ*хын, *фlэ*хын, *пы*хын»;
- «*и*кlын/*и*кlэн» → «*lу*кlын/*lу*кlэн, *къуэ*кlын/*къуэ*кlын, *хэ*кlын/*хэ*кlын, *гуэ*кlын/*гуэ*кlын, *щlэ*кlын/*щlэ*кlын, *дэ*кlын/*дэ*кlын, *фlэ*кlын/*фlэ*кlын, *пы*кlын/*пы*кlын»;

- «*и*хун/*и*хуэн» → «*лу*хун/*лу*хуэн, *къуэ*хун/*къуэ*хуэн, *хэ*хун/*хэ*хуэн, *гуэ*хун/*гуэ*хуэн, *щлэ*хун/*щлэ*хуэн, *дэ*хун/*дэ*хуэн, *флэ*хун/*флэ*хуэн, *пы*хун/*пы*хуэн»;
- «*и*куэн» → «*лу*куэн, *къуэ*куэн, *хэ*куэн, *гуэ*куэн, *щлэ*куэн, *дэ*куэн, *флэ*куэн, *пы*куэн»;
- «*и*гуэн» → «*лу*гуэн, *къуэ*гуэн, *хэ*гуэн, *гуэ*гуэн, *щлэ*гуэн, *дэ*гуэн, *флэ*куэн, *пы*гуэн»;
- «*и*зын» → «*лу*зын, *къуэ*зын, *хэ*зын, *гуэ*зын, *щлэ*зын, *дэ*зын, *флэ*зын, *пы*зын»;
- «*и*щын» → «*лу*щын, *къуэ*щын, *хэ*щын, *гуэ*щын, *щлэ*щын, *дэ*щын, *пы*щын;
- «*и*фын»→ «*лу*фын, *къуэ*фын, *хэ*фын, *гуэ*фын, *щлэ*фын, *дэ*фын, *флэ*фын, *пы*фын»;
- «*и*бжьэн» → «*лу*бжьэн, *къуэ*бжьэн, *хэ*бжьэн, *гуэ*бжьэн, *щлэ*бжьэн, *дэ*бжьэн, *флэ*бжьэн, *пы*бжьэн»;
- «*и*фтын» → «*лу*фтын, *къуэ*фтын, *хэ*фтын, *гуэ*фтын, *щлэ*фтын, *дэ*фтын, *флэ*фтын, *пы*фтын».

***"Щlыпlэ"****р* ***"lупщl"****у зэрылъытэ* ***"префикс"****хэмкlэ* ***зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал глагол"****хэр утыку къызэрихьэм теухуауэ.*

Ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, *япэ* утыку къихьэ *псалъэ*хэр зы гуэрыр *"lупщl"*рэ *"уникэ"*у *зэрылъытэ псалъэ*хэрауэ жыlэпхъэщ. Ныtlэ, мыпхуэдэу ухуа *зэмылlэужьыгъуэ псалъэ*хэм *"lупщl"*рэ *"уникэ"* я *мыхьэнэ*хэр зэрыщыту *зэщlиубыдэу "универсал"* -икlи "абстаркт"-лlэужьыгъуэ *псалъэ*хэри утыку къызэрихьэнур гурыlуэгъуэнщи, икlи, мы *"абстакт"*рэ -зэщlиубыдэхэм теухуауи- *"универсал"*уи лъытапхъэ *псалъэхэр* -мы "универсал" лlэужьыгъуэ псалъэхэм хиубыдэ- *"уникэ"* лlэужьыгъуэ *псалъэхэм къаклэлъыклуэу утыку къихьа*уэ лъытапхъэщ.

Мы ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа *"щы, и"* макъхэм ягъэзащlэ *"префикс"* къалэнхэм *"lупщl"* -"уникэ"- лlэужьыгъуэ *"щlыпlэ"* лъытэ *"префикс"*хэр *зэрызэщlиубыдэ*р мыпхуэдэ щапхъэхэуи лъытапхъэщ. Аращи, мы ипэкlэ *"щы" префикс*рэ *"и" префикс*кlэ *зэрыухуагъэххэу* утыку къихьэ *"префиксиал глагол"*хэр -нэхъыбэуи- *"и" префикс*ым *unlэ "щlыпlэ" lупщl* лъытэ *"префикс"*хэр зэр*иувэу ухуэжа "префиксиал глагол"*хэр -пэжыр жыпlэмэ- мыхэр *зыщlэзыубыдэ*у тлъыта *"и" префикс*кlэ *зэрыухуагъэххэу "префиксиал глагол"*хэм *ипэ къэхъуа*уэ лъытапхъэщ.

Ныtlэ, ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, *"щlыпlэ"*р *"lупщl"*рэ *"уникэ"*у зэрылъытэ *"префикс"*хэмкlэ ухуа *"префиксиал глагол"*хэр *зэрыухуагъэххэу япэу утыку къихьа*рэ, мы "префиксиал глагол"хэри –мы *"lупщl"*рэ *"уникэ"* лlэужьыгъуэ *"щlыпlэ" мыхьэнэ*хэр *зэщlиубыдэу "универсал"*рэ *"абстаркт"* лlэужьыгъуэ *"щыпlэ" лъытэ "и" префикс*кlэ *ухуажа*уэ *лъытэн*ри игъуэщ.

Аращи, мы ипэкlи къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, *"щы, и" префиксиал глагол*хэр –нэхъыбэуи **"и" префиксиал глагол**хэр- **"lупщl"**рэ *"уникэ"* лlэужьыгъуэ **"щlыпlэ"** лъытэ **"префикс"**кlэрэ **зэрыухуэф**рэ, икlи мыбы *и пхэнджс* лэжьэкlэу **"щlыпlэ" lупщl** лъытэ **"префиксиал глагол"**хэри **зэрыщыту "и" префиксиал глаголу зэрыухуэф**хэр гурыlуэгъуэщ.

Мыпхуэдэу зэрыщытым и лъабжьэри мы зи гугъу тщlы *"префикс"*хэр *"щlыпlэ" лъытэ*у зэрыщытхэращ: дэтхэнэ зы **"хьэрычэт"**ыр къы**щыхъу**рэ зы**щеклуэкl** зы **уникэ "щlыпlэ"**р зылъытэ **"префикс"**хэу зэрыщытращ. Ныtlэ, дэтхэнэ зы *"щlыпlэ"*р *"уникэ"*у зылъытэ мы *"префикс"*хэмкlэ ухуа *"префиксиал глагол"*хэри -мы *"префикс"хэр лъабжьэу зыщlэзыубыдэ*- **"и" префикс**кlи зэры**ухуэф**ынури гурыlуэгъуэнщ.

Ауэ икlи, **япэу "щlыпlэ" lупщl**рэ *"уникэ"* лъытэ **"префикс"**хэмкlэ утыку къихьауэ лъытапхъэщ мы ипэкlэ *"и" префикс*кlэ ухуауэ къэта – *зэрыухуагъэххэу "префиксиал глагол"* щапхъэхэри, ныtlэ, мыбдежым дэтхэнэ зы *"щlыпlэ" lупщl* лъытэ *"префикс"*кlи **зэрыухуагъэххэу "префиксиал глагол"** утыку къызэрихьэм теухуа щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэныр игъуэщ:

- «*lу*нэн, *lу*хьэн, *lу*хын, *lу*кlын/*lу*кlэн, *lу*хун/*lу*хуэн, *lу*куэн, *lу*гуэн, *lу*щын, *lу*фын, *lу*бжьэн, *lу*фтын, *lу*зын»;
- «*къуэ*нэн, *къуэ*хьэн, *къуэ*хын, *къуэ*кlын/*къуэ*кlын, *къуэ*хун/*къуэ*хуэн, *къуэ*куэн, *къуэ*гуэн, *къуэ*зын, *къуэ*щын, *къуэ*фын, *къуэ*бжьэн, *къуэ*фтын»;
- «*хэ*нэн, *хэ*хьэн, *хэ*хын, *хэ*кlын/*хэ*кlын, *хэ*хун/*хэ*хуэн, *хэ*куэн, *хэ*гуэн, *хэ*зын, *хэ*щын, *хэ*фын, *хэ*бжьэн, *хэ*фтын»;
- «*гуэ*нэн, *гуэ*хьэн, *гуэ*хын, *гуэ*кlын/*гуэ*кlын, *гуэ*хун/*гуэ*хуэн, *гуэ*куэн, *гуэ*гуэн, *гуэ*зын, *гуэ*щын, *гуэ*фын, *гуэ*бжьэн, *гуэ*фтын»;
- «*щlэ*нэн, *щlэ*хьэн, *щlэ*хын, *щlэ*кlын/*щlэ*кlын, *щlэ*хун/*щlэ*хуэн, *щlэ*куэн, *щlэ*гуэн, *щlэ*зын, *щlэ*щын, *щlэ*фын, *щlэ*бжьэн, *щlэ*фтын»;
- «*дэ*нэн, *дэ*хьэн, *дэ*хын, *дэ*кlын/*дэ*кlын, *дэ*хун/*дэ*хуэн, *дэ*куэн, *дэ*гуэн, *дэ*зын, *дэ*щын, *дэ*фын, *дэ*бжьэн, *дэ*фтын»;
- «*флэ*нэн, *флэ*хьэн, *флэ*хын, *флэ*кlын/*флэ*кlын, *флэ*хун/*флэ*хуэн, *флэ*къуэн, *флэ*куэн, *флэ*зын, *флэ*фын, *флэ*бжьэн, *флэ*фтын»;
- «*пы*нэн, *пы*хьэн, *пы*хын, *пы*кlын/*пы*кlын, *пы*хун/*пы*хуэн, *пы*куэн, *пы*гуэн, *пы*зын, *пы*щын, *пы*фын, *пы*бжьэн, *пы*фтын».

Аргуэру къыхэгъэщыпхъэщ адыгэбзэр зы макъыбзэу мыхьэнэбэуи зэрыщытри, мы къэта щапхъэхэм зэмылlэужьыгъуэ мыхьэнэкlэ зэреджапхъэнури гурыlуэгъуэнщ; ауэ, мыхэр *"щыпlэ" lупщl* лъытэ *"префиксиал глагол"*хэрщи, икlи дэтхэнэ зы *"занщlэ глагол"*ыр а *"щlыпlэ"*м

теухуауэ *зэрыухуагъэххэу* утыку къихьауэ зэрылъытапхъэнури гурыIуэгъуэнщ.

## ″ЕЗЫРЫЖ СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ″ХЭР ЗЭРЫУХУЭРЭ ЗЭРЫЛАЖЬЭМ ТЕУХУАУЭ

### ″СУФФИКС″РЭ ″СУФФКСИАЛ ГЛАГОЛ″ХЭМ ТЕУХУАУЭ ЗАНЩIЭУ -″ПРЕФИКС″ЫНШЭУ- ″ЕЗЫРЫЖ СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ″ ЗЭРЫУХУЭ ЛЪАГЪУЭМ ТЕУХУАУЭ

Япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъууэ, къызхэзыгъэIукIа псэущхьэм и щыIэгъуэ ужьыгъуэу утыку къихьа макъхэр щыIэгъуэ ужьыгъуэ зэрылъытэу а псэущхьэм зэрихьэу зэрыщIидзэкIэрэу лъытапхъэщ псэлъэбзэ жыхуэтIэр зэрыухуагъэнури, мыпхуэдэу ухуэу щIэзыдза псэлъэбзэри япэрауэ ″макъ псалъэ″хэмкIэ зекIуэу зэрыщытагъэнур гурыIуэгъуэнщ.

НытIэ, япэрей псалъэхэр ″макъ псалъэ″ лIэужьыгъуэхэу зэрыщытым зэрезэгъкIэ, япэрей глагол лэжьэкIэхэри ″макъ глагол лэжьэкIэ″хэу зэрыщытагъэнур гурыIуэгъуэщ. Мыхэр дэтхэнэ зы къэхъу-къэщI лIэужьыгъуэрэ ″хьэрычэт″ыр зэрылъытэф макъ мыхьэнэкIэрэ занщIэу къызэрыIуатэ псалъэу -″занщIэ глагол″ лIэужьыгъуэу- зэрыщытым хуэдэжу, макъ гупкIэ ухуа псалъэхэри япэрауэ макъхэхэр я мыхьэнэрэ къалэнкIэрэ зэгъусэу ялъытэ ″хьэрычэт″ыр занщIэу къызэрыIуатэ псалъэхэри япэрауэ ″занщIэ глагол″ лIэужьыгъуэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ.

Мы псалъэхэми къызэрыхэщщи, ″глагол″ жыхуэтIэхэри -иужькIэ зэрылъытэну щIыкIэу- япэрауэ ″глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ″хэу – *″хьэрычэт″ щIыкIэ* зэрылъытэ *псалъэ*хэу- утыку къызэрихьари гурыIуэгъуэнщи, мы псалъэхэри –зэмылIэужьыгъуэу зэрылэжьэну щIыкIэ зэрылъытэу- ″глагол″у зэрылъытэнуми лъабжьэ язэрыхуэхъуагъэнури наIуэщ. НытIэ, зэмылIэужьыгъуэ къэIуэтэкIэхэр зыхэзыубыдэр зы псалъэ лIэужьыгъуэу зы *цIэ*кIэ –пп: ″глагол″- *лъыта нэужь*щ ар иужьыIукIэ *″инфинитив″*уи зэрылъытар. Аращи, мы *″инфинитив глагол″*хэм *я лэжьэкIэ*хэращ икIи *мыхэр къызытехъукIа*рэ иужькIи *″глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ″*хэу тлъытэжхэр.

Дауи, ипэкlэ хьэрычэт лъытэ псалъэхэм -глаголхэм- кондицэ къалэн хуэзыгъэзащlэу псалъэм ищхьэ лъэныкъуэм къыпыхьэу ″префикс″ жыхуэтlэ къалэнхэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъуам хуэдэжу, мы илъабжьэм щыгъуазэ дызыхуэхъунури *″хьэрычэт″ лъытэ псалъэ*хэм -глаголхэм- *клэух* яхуэхъуу мы **″хьэрычэт″**ыр **къызэрыпыщэ**рэ *зэрызеклуэ щlыклэ*р **зэрылъытэ**у, **″суффикс″** жыхуэтlэ къалэн зэрыгъэзащlэ щlыкlэхэращ.

Араща, *″глагол″*хэр *″занщlэ″*рэ *″префиксиал″*у зэрызэщхьэщыдгъэкlми мы ди япэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъэххэщи, нытlэ, мы илъабжьэми *″глагол″*хэр *″суффикс″*кlэрэ *зэрылажьэ*хэм теухуа *лъагъуэ*ми щыгъуазэ дыщыхуэхъунущ. Ауэ, *глагол класификацэ*хэм теухуа япэрей ди лэжьыгъэм *″суффиксиал глагол″*хэми нэхъ *убгъуа*рэ икlи *щапхъэ куэд* къэдгъэлъагъуэу щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, мыбдежым *″суффиксиал глагол″*хэр утыку къызэрихьэ *лъагъуэ*м гулъытэ хуэтщlыу, мыбы *хуирикъун* хуэдиз *щапхъэ*кlэ зыхуридгъэкъунщ.

Япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызыхуэхъуауэ, *″суффиксиал глагол″*хэри *″занщlэ глагол″*хэм а зэрыщыту *″суффикс″ къызэращтэу зэрыухуэж*рэ, *″префикс″и къащтэу зэрыухуэж*у зэры*зэщхьэщыкl*ри гурыlуэгъуэщи, нытlэ, **″суффиксиал глагол″**хэм теухуауэ мы къытпэщыт лэжьыгъэр **″префиксыншэ″**у ухуэ **″суффиксиал глагол″**рэ **″префиксиал суффиксиал глагол″**у *гупитl*ыу зэры*зэщхьэщыкl*ыу къедгъэкlуэкlынри игъуэщ.

Икlи, *″езырыж занщlэ глагол″*хэр ипэкlэ *″дополненэ″ зиlэрэ зимыlэу гупитlы*у зэщхьэщыкlыущ щыгъуазэ дызэрыхуэхъуари, нытlэ, мыбдежми *″езырыж занщlэ глагол″*хэм *″суффикс″ къызэращтэ* щlыкlэхэм теухуа щапхъэхэри *″дополненэ″ зиlэрэ зимыlэ ″езырыж глагол″хэм теухуауэ* къызэрыгъэлъэгъуапхъэри къыхэдгъэщынщ.

*

Мы къыхэдгъэщахъэм нэмыщl, ″суффиксиал глагол″хэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэми мыбдежым я гугъу щlытщlынщ.

Араща, ″префикс″ гуэрхэм елъытауэ *″префиксиал глагол″хэм ″дополненэ″ зэрагъуэт*ым ипэкlэ щыгъуазэ дыщыхуэхъуащи, ″глагол″хэмрэ я лэжьэкlэхэм къащтэ *″суффикс″хэм елъытауэ ″дополненэ″* зэры*мылъытэ*ри гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, *″дополненэ″ зиlэрэ зимыlэ глагол*хэм я *лэжьэкlэ*хэр къащтэ ″суффикс″кlэрэ зэры*зэмыхъуэкl*ри мыбдежым щыжыlэпхъэщ.

Икlи, *"суффиксиал глагол"хэр "префиксиал глагол"хэм елъытауэ иужькlэ* ухуауэ зэрылъытапхъэри къыхэгъэщыпхъэщ. Ауэ икlи, "суффиксиал глагол"хэмрэ "префиксиал глагол"хэр я къэхъуклэуи щызэщхьэщыкl щыlэщ. Аращи, *зэрыухуагъэххэу "префиксиал глагол"*хэр *утыку къихьэ щхьэ*, *зэрыухуагъэххэу "суффиксиал глагол"* утыку къихьэу *лъытапхъэкъым*.

Нэхъ зэlухауэ жыlэпхъэмэ, *макъ зы бжанэ* зыхэзыубыдэу -зы *глагыпхъэм къыпыхьэ макъ гуэр*клэрэ- зэры*ухуагъэххэу "суффиксиал глагол" лъытэныр гугъущ*. Ауэ, ухуагъэххэ *глаголхэр "суффикс"* къызэращтэу занщlэу *"суффиксиал глагол"*у зэрыухуэхэри гурыlуэгъуэщи, мыхэри *иужькlэ ухуа "суффиксиал глагол"* лlэужьыгъуэхэрщ. Аращи, *зэрыухуагъэххэу "префиксиал глагол"*хэр -*"глаголыпхъэ"* гуэрым *игъуэ "префикс"* къызэрищтэу- утыку къызэрихьэр гурыlуэгъуэщ; ауэ, мыпхуэдэ щlыклэу *зэрыухуагъэххэу "суффиксиал глагол" утыку къызэримыхьэ*ри гурыlуэгъуэщ.

Ауэ, щхьэжу *зэрыухуагъэххэу "суффиксиал глагол" мылъытапхъэ*ми, *зэрыухуагъэххэу "префиксиал суффиксиал глагол"*хэр зэрылъытапхъэр жыlэпхъэнщи, мыри *зи фlыгъэр "префикс"*хэрауэ къыщlэкlынщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэу лъытапхъэщ *"луэху глагол"* лlэужьыгъуэу щыт *"ехухын"*ымрэ *"езырыж глагол"* лlэужьыгъуэу щыт *"ехуэхын"*ри, мыхэр *"х"ыри зи "суффикс"*уи лъытапхъэ щхьэ, *зэрыухуагъэххэу "е" префиксиалу ухуа "префиксиал глагол"* лlэужьыгъуэхэу лъытапхъэхэрщ. Аращи, *"хухын" глаголыпхъэм "е" префикс* къищтэу *зэрыухуагъэххэу "луэху префиксиал глагол"*у утыку къихьар *"ехухын"*рауэ; *"хуэхын" глаголыпхъэм "е" префикс* къищтэу *зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал глагол"*у утыку къихьари *"ехуэхын"*рауэ лъытапхъэщ.

Ауэ, мыхэр икlи *илъабжьэ* лъэныкъуэм *"х" суффикс*клэрэ -"хы"м-*"ху"*уэ (хун) е *хуэклуэ*у ("хуэ-ы" → "ху") зэр*еклуаллэ*ри *"е* (иэ)" *префикс*клэ лъытауэ *"е*хухын"у {«*е-*"ху(н)-хы"-н»уэ е, «*е-*"хуэ-ы"-хы-н»уэ} *зэрыухуагъэххэу "префиксиал суффиксиал глагол"*у утыку къихьауи зэрылъытапхъэу, мы *зэрызэпкъырыха* щlыклэми *елъыта*уэ *"е*хухын" глаголым *еджэкluml* иlэу зэрылъытэфынури гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, мы илъабжьэм мыбыхэм нэхъ гъунэгъууи деплъынщ.

Аращи, *"е*хухын"ым и *япэрей ухуэклэ*р *"луэху занщlэ глагол"*у щыт *"хун"*ыр *"е" префикс*клэрэ *"х" суффиксиал*у зэры*ухуэ*у лъытапхъэщи, мыри, *"луэху занщlэ глагол"*хэр *"суффиксиал"у игъуэ "префикс"*клэ *"луэху*

*префиксиал суффиксиал глагол"*у зэрыухуэм теухуа зы щапхъэу лъытапхъэщ. Ауэ, *"е*хухын"ым и *етlуанэ ухуэклэ*ри *илъабжьэ* лъэныкъуэм (х) *хуэклуэ*р (хуэ) зэрылъытэ *"глаголыпхъэ"*р *"е" префикс*клэрэ *"езырыж префиксиал глагол"*у зэрыухуа зы щапхъэу лъытапхъэщи, мыри зы *зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал глагол"* утыку къызэрихьэу, *иклu*, *зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал суффиксиал глагол"* утыку къызэрихьэуи лъытапхъэу жылэпхъэщ. Нытlэ, *"е*хуэхын" глаголым мы и *етlуанэ ухуэклэ*р *зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал глагол"*рэ иклu *зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал суффиксиал глагол"* ухуэклэм tlури зыхэзыубыдэрщи, мыбдежым зи гугъу тщlы *зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал суффиксиал глагол"*хэмрэ *зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал глагол"*хэр зэрызэщхьэщымыклыр къэзыгъэлъагъуэуи лъытапхъэрщ.

Дауи, мыпхуэдэ щапхъэхэри гъэбэгъуапхъэнщ; ауэ иклu, мы къызэрыхэдгъэщауэ, *зэрыухуагъэххэу "префиксиал глагол"*у утыку къихьэ гуэрхэр иклu *суффиксиал*уи лъытапхъэ щхьэ, щхьэхуэу *зэрыухуагъэххэ "префиксиал суффиксиал глагол"* зэрымылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

## ЗАНЩlЭУ -"ПРЕФИКС"ЫНШЭУ- "ЕЗЫРЫЖ СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ" ЗЭРЫУХУЭ ЛЪАГЪУЭМ ТЕУХУАУЭ

**"Езырыж занщlэ глагол"хэм "суффикс"клэрэ занщlэу "езырыж суффиксиал глагол"хэр къазэрытехъуклым теухуауэ.**

Мыбдежым ди lуэхур "езырыж глагол"хэращи, нытlэ, мы лэжьыгъэр япэрауэ *"езырыж занщlэ глагол"хэм "суффикс"* къызэращтэу *"езырыж занщlэ суффиксиал глагол"* къазэрытехъуклым теухуауэ къегъэклуэклын зэрыхуейри гурыlуэгъуэщ.

*"Хьэрычэт"*ыр *къызэрыпыщ*эрэ *зэрызеклуэ щlыкlэ*хэр зылъытэу *псалъэ*хэм *занщlэу клэух яхуэхъу*хэр **"суффикс"** *къалэныр* **япэ**у зыгъэзащlэхэрауэ **лъытапхъэ**щи, мыхэр иклu *"префикс" зыхуэмыныкъуэ "суффикс"* къалэн зыгъэзащlэ *макъхэр*щ. Араща, мыпхуэдэхэр иклu **"занщlэ глагол"***у ухуагъэххэхэм* аргуэру *занщlэу* **"суффикс"** къащтэу ухуэж **"суффиксиал глагол"**хэрщи, мыхэр иклu **"занщlэ суффиксиал глагол"**хэуи лъытапхъэнщ. Нытlэ, мы илъабжьэм *"езырыж занщlэ глагол"*хэр *занщlэу* -префиксыншэу- *"суффикс"*клэрэ зэрыухуэжу **"езырыж**

**занщlэ суффиксиал глагол″**хэр утыку къызэрихьэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ.

Мы къэтlуэтахэм къызэрыхэщкlэ ″суффикс″ къалэн зыгъэзащlэ макъ гуэрхэр ″глагол″хэм ″префикс″и хуэныкъуэнущ; ауэ, мыбдежым зи гугъу тщlы *″суффикс″*хэр *″занщlэ глагол″хэм ″занщlэ″у* -префиксыншэу- *къызэращтэф*ращи, мыпхуэдэ *″суффикс″*хэр глаголхэм кlэух яхуэхъун папщlэ *″префикс″ хуэныкъуэкъым*. Ауэ, мы ″суффикс″хэр икlи *″префиксиал глагол″*хэми *къызэращтэф*ынур гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэу ухуэжхэри *″префиксиал суффиксиал глагол″*у зэрылъытэнур гурыlуэгъуэщ.

Дауи, *″занщlэ глагол″хэм занщlэу ″суффикс″* яхуэхъуф *мак*ъхэр *а ″глагол″*ымкlэ лъыта *″хьэрычэт″*ыр *къызэрыпыщ*эрэ *зэрызекlуэ щlыкlэ зэрылъытэ мак*ъхэращи, нытlэ, мыпхуэдэхэри ″глагол″хэм *япэу къащта ″суффикс″*хэу *–пэщlэдзэ суффикс* къалэн зыгъэзащlэ *мак*ъхэу- лъытапхъэнщ. Мыри *″суффикс″* къалэн зыгъэзащlэ *мак*ъхэм я *мыхьэнэ*хэм зэр*елъыта*р гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, мы илъабжьэм мыпхуэдэхэм теухуа *щапхъэ*хэри *″дополненэ″ зиlэрэ зимыlэу лажьэ ″езырыж занщlэ глагол″* гуэрхэм –пп: ″хъун; кlуэн″- *теухуауэ* къэтхьынри *ирикъунщ*. Ауэ икlи, ипэкlэ *″суффикс″*кlэрэ *″дополненэ″* зэрымылъытэр къыхэдгъэщащи, нытlэ, мы илъабжьэм *″дополненэ″ зиlэрэ зимыlэ глагол*хэм теухуа *лэжьэкlэ щапхъэ*хэр къэдгъэлъэгъуэнри игъуэщ.

*Псалъэхэм занщlэу ″суффикс″* яхуэхъун *къалэн*хэри утыку къызэрихьэм теухуа зы *зэкlэлъхьэужьыкlэ* яlэнщи, -псалъэм папщlэ- **генератикэ мыхьэнэ** зиlэу тлъытарэ щыгъуазэ дызыхуэхъуауэ щыта **″ж″ макъ**ыр **″суффикс″ пэщlэдзэ** макъыуи лъытапхъэнщ. Ар мы и мыхьэнэкlэрэ *″суффикс″ зыхуэхъу* **псалъэр езым пызыщlэж**рэ *пэщlэдзэ мыхьэнэм зышэж*у, а *псалъэ мыхьэнэр* **аргуэру лажьэу** *зылъыт*эрщи, нытlэ, *″суффикс″* зыхуэхъу псалъэмкlэ –глаголымкlэ- лъытэ *″хьэрычэт″ыр къызэрежьам пызыщlэж*рэ *аргэуру лажьэ*у зылъытэрщ *″ж″* макъыр:

- «хъун: **ар мэ**хъу» → «хъу*ж*ын: **ар мэ**хъу*ж*»;
- «кlуэн: **ар** абы **ма**кlуэ» → «кlуэ*ж*ын: **ар** абы **мэ**кlуэ*ж*».

Мыр пэщlэдзэ ″суффикс″ къалэну лъытапхъэмэ, мыбы къыкlэлъыкlуэу лъытапхъэри **″ф″ макъ**ым игъэзащlэ **″суффикс″** къалэнрагъэнщи, *″ф″ макъыр* и *къару лъытэ* мыхьэнэкlэрэ *кlэух зыхуэхъу псалъэр* –псалъэм и ″мыхьэнэ″рэ ″хьэрычэт″ыр- *къарууфлэ*у зэрыщытрэ *зэрылэжьэф*ыр зылъытэрщ:

- «хъун: **ар мэ**хъу» → «хъу*ф*ын: **ар мэ**хъу*ф*»;
- «кIуэн: **ар** абы **ма**кIуэ» → «кIуэ*ф*ын: **ар** абы **мэ**кIуэ*ф*».

Мыбыхэм къыкIэлъыкIуэу *"префикс" зыхуэмыныкъуэ* **"суффикс"**хэу лъытапхъэщ кIэух зыхуэхъу *псалъэ* -глагол- *мыхьэнэ*р а зэрыщыту *лъэщ*у *къызэрыпыщэ*рэ (щэ) и *ужыьгъуэ*м –зэрыужьам- (у) *къыпыщэ*у (Iуэ) зыгъэлажьэ **"щэ"**рэ **"Iуэ"** макъхэр. НытIэ, мы *"суффикс"*хэмкIэ *"инфинитив глагол"*рэ я *"лэжьэкIэу ухуа псалъэ"* щапхъэхэр мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ; - икIи, мы *"суффикс"итIымкIэ "глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ" зэпкъырыувэкIэ*р мащIэу *зэрызэщхьэщыкI*ым *гулъытэ хуэщIын*рэ, мыбы *и щхьэусыгъуэ*ри *къэгъэунэхун*ыр *еджакIуэхэм къахуэдгъэнэнщ*:

- «хъун: **ар мэ**хъу» → «хъу*ш*эн: **ар мэ**хъу*щэ*»; «хъу*I*уэн: **ар мэ**хъу*I*уэ»;
- «кIуэн: **ар** абы **ма**кIуэ» → «кIуэ*щ*эн: **ар** абы **мэ**кIуа*щэ*»; «кIуэ*I*уэн: **ар мэ**кIуэ*I*уэ».

Мыбыхэм къыкIэлъыкIуэу лъытапхъэнщ **"пэ" макъ**ым игъэзащIэ *"суффикс"* къалэнри, мыри *кIэух зыхуэхъу* псалъэ -глагол- мыхьэнэр *иджыпсту*рэ *псынщIэIу*эу утыку къызэрихьарэ *игъуэ зэригъуэтагъэххэ* зылъытэу *-mIэу къэIууи ("*..**ппэ"**уи)- **"суффикс"** къалэн зыгъэзащIэрщ:

- «хъун: **ар мэ**хъу» → «хъу*пэ*н/хъу*ппэ*н: **ар мэ**хъу*пэ*/**мэ**хъу*ппэ*»;
- «кIуэн: **ар** абы **ма**кIуэ» → «кIуэ*пэ*н/кIуэ*ппэ*н: **ар** абы **мэ**кIуэ*пэ*/**мэ**кIуэ*ппэ* - **мэ**кIуа*пэ*/**мэ**кIуа*ппэ*».

Мы "суффикс" къалэн зыгъэзащIэ макъхэм я мыхьэнэрэ кIэух зыхуэхъу псалъэхэм хуагъэзащIэ "суффикс" къалэнхэм гурыIуэгъуэ къызэрытхуищIыу, *"суффикс" пэщIэдзэ*хэуи тлъыта мы *"суффикс"*хэр **глагол псоми "суффикс"** *язэрыхуэхъуф*ынури гурыIуэгъуэнщ. Нэхъ зэIухауэ жыпIэмэ, мы зи гугъу тщIа "суффикс"хэр *"занщIэ глагол"*хэм хуэдэжу *"префиксиал глагол"*хэм икIи *"езырыж глагол"* лIэужьыгъуэхэм хуэдэжу *"Iуэху глагол"* лIэужьыгъуэхэми *"суффикс"* язэрыхухъунур гурыIуэгъуэщ. Аращи, мы къэта щапхъэхэм хуэдэу "езырыж занщIэ глагол"хэм мы "суффикс"хэр къызэращтэу занщIэу *"езырыж суффиксиал глагол"*хэр зэрыухуэ *щапхъэхэр* зэры*бэгъуапхъэ*ри наIуэщ.

**"Езырыж занщIэ глагол"хэм "суффикс"кIэрэ занщIэу къатехъукI "езырыж суффиксиал глагол" гуэрхэм мыхьэнэщIэ зэрагъуэтыр.**

Мы къэта щапхъэхэр "езырыж занщIэ глагол" лIэужьыгъуэхэм "суффикс" гуэрхэмкIэ занщIэу "суффиксиал глагол" къазэрытехъукIым теухуащи, мыпхуэдэ щапхъэхэрщи "хъун"рэ "кIуэн"ым теухуауэ къэтхьащ.

Ауэ, мыпхуэдэу утыку къихьа *"суффиксиал глагол"хэм щыщу* икӏи **мыхьэнэщӏэ** зыгъуэтауэ лъытапхъэу **"суффиксиал глагол"ыщӏэ** язэрыхэтыфынури гурыӏуэгъуэнщи, мыпхуэдэ зы щапхъэри мы ипэкӏэ къэтахэм хыболъагъуэр. Аращи, *"хъун"* глаголым *"ж"* макъыр *"суффикс"* зэрыхуэхъуу утыку къихьэ *"хъужьын"* глаголращи, ар къызытехъукӏа *"хъун" глаголым мыхьэнэкӏэ щхьэщыкӏ*ыу лъытапхъэщ. Нытӏэ, а *зэрыхъун хуейуэ щымытыж*ыр аргуэру ипӏэ иувэжу *зэрыхъун хуей щӏыкӏэу утыку къызэрихьэж*ыр зэрылъытэрщ *"хъужьын"*ри, мыр зы **"езырыж занщӏэ глагол"**ым –"хъун"ым- **"суффикс"**кӏэрэ -"ж"ыкӏэр- *къытехъукӏа* зы **"езырыж суффиксиал глагол"ыщӏэ**уи лъытапхъэрщ:

«хъун → хъу*жсы*н».

Зэрыгурыӏуэгъуэу, ипэкӏэ дэтхэнэ зы глагол лӏэужьыгъуэм *"суффикс"* къалэн хуэзыгъэзэщӏэф *"ж" мак*ъӏэрэ -мы къэта щапхъэм хуэдэу- *дэтхэнэ зы глагол*ым *глаголыщӏэ* –"суффисиал глагол"ыщӏэ- *къытехъукӏыу* зэры*щымытын*ури наӏуэщ.

Ауэ, мы япэрй "суффикс" къалэн зыгъэзащӏэхэми къыщымынэу, *зэмылӏэужьыгъуэ "езырыж занщӏэ глагол"*хэр *зэмылӏэужьыгъуэ "суффикс"*кӏэрэ зэрыухуэу *зэмылӏэужьыгъуэ "езырыж суффиксиал глагол"ыщӏэ*хэри утыку къызэрихьэфынур гурыӏуэгъуэнщ. Нытӏэ, *"езырыж занщӏэ глагол"* гуэрхэм нэгъуэщӏ *"суффикс"* гуэрхэри (пп: *"тэ"*) къызэращтэу *занщӏэу "суффиксиал езырыж глагол"ыщӏэ*хэр -"ӏуэху глагол" лӏэужьыгъуэи- къазэрытехъукӏ щапхъэ гуэрхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «кӏуэн → кӏуэ*т*эн»;
- «пхъуэн → пхъуэ*т*эн (ӏуэху глагол)».

*"Езырыж занщӏэ глагол"*хэм *"суффикс"*кӏэрэ *"езырыж суффиксиал глагол"ыщӏэ*хэр къазэрытехъукӏым теухуауэ къэта мы щапхъэхэм нэмыщӏ, *адыгэбзэ*р зы *макъыбзэ*у зэрыщыткӏэ *мыхьэнэбэ*рэ *лэжьэкӏэбэ*у зэрыщытым ипкъ зэриткӏэ, *глагол* гуэрхэр *зэрыухуэ щӏыкӏэ*м *еплъыкӏэбэ*у – *лэжьэкӏэбэ*у- бгъэдэхьэн хуейуэ зэрыщытыр зыхэплъагъуэ щапхъэ гуэрми гулъытэ хуэтщӏынщ.

Мы жытӏахэми къызэрыхэщщи, *"езырыж занщӏэ глагол"*ым занщӏэу *"езырыж суффиксиал глагол"* къызэрытехъукӏрэ зы *"езырыж занщӏэ глагол"* лӏэужьыгъуэ утыку къызэрихьэ щӏыкӏэу еджапхъэхэм теухуа щапхъэу лъытапхъэщ "лъэтэн" глаголыр. Аращи, *"лъэ"*р *мелэтыкӏ*ыу (тэ) зэрылажьэу ухуа зы *"езырыж занщӏэ глагол"*у зэджапхъэ *"лъэтэн"*ыр икӏи

зы *"езырыж занщlэ глагол"*у щыт *"лъэн"*ым *теlэтыкl*ыныгъэ зэригъуэт щlыкlэу *"тэ"*р *"суффикс"* къыхуэхъуу занщlэу *"езырыж суффиксиал глагол"*у ухуауэ зэреджапхъэнури гурыlуэгъуэнщ:

- «лъэ, тэ» → «лъэтэн (езырыж занщlэ глагол)»;
- «лъэн, *тэ*» → «лъэ*тэ*н (езырыж суффиксиал глагол)».

*

Мы къэта щапхъэхэм хуэдэу зы ″езырыж занщlэ глагол″ым ″суффикс″ къищтэу утыку къихьэ ″езырыж суффиксиал глагол″ лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэм нэмыщl, мы къызытехъукl *"езырыж занщlэ глагол"*ыр *и клуэцlклэ зэрызэхъуэкl*кlэ *псэлъапхъэ/глаголыпхъэ*у зэрыухуэжым *"суффикс" гуэр къищтэу* утыку къихьэ *"езырыж суффиксиал глагол"*хэри *-глаголыщlэ-* щыlэщи, мыбдежым мыпхуэдэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Аращи, ″хъун″ глалолыр зи лъабжьэу; ауэ, мы *зэрыхъун хуей*уэ щытым - ″хъун″ым ″хъу″м- *икl*рэ текlуэтыкl зэрылъытапхъэ *"хъуэ" псэлъапхъэ*р - глаголыпхъэр- *занщlэу "ж" клэухклэ ухуэ*у утыку къихьэр (хъуэж → ″хъуэжын″) зы *"езырыж суффиксиал глагол"*ырщи, мыр *"езырыж занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэ *"хъун"*ым *къытехъукlа* зы **″езырыж суффиксиал глагол″ыщlэ**у зэрыщытыр наlуэми, мы зэрыухуа щlыкlэкlэ икlи **зэрыухуагъэххэу ″езырыж суффиксиал глагол″**уи лъытапхъэнщ:

«хъун → ″хъу-э-*жы*-н″ → хъуэ*жы*н (″езырыж глагол″рэ икlи ″lуэху глагол″)».

Мы къэта *"глаголыщlэ" щапхъэ*р мы зэрыухуа щlыкlэм *дигу къегъэкlыж*ыр ипэкlэ *"глаголыпхъэ"*хэр *макъ гуэр*хэмкlэ *"глагол"*у *зэрыухуэ*ращи, *"глаголыпхъэ"* гуэрхэм *ипэ къихуэ макъ* гуэрхэмкlэ *зэрыухуагъэххэу "префиксиал глагол"* утыку къызэрихьэм ипэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ. Нытlэ, мыбдежым мы къытпыщlэхуа лэжьэкlэри *"хъун"*ым –″хъу″м- *клуэтэгъуэ* (э) зэригъуэткlэрэ ухуа *"хъуэ" псэлъапхъэ/глаголыпхъэ*м ″ж″ыр *"суффикс"* хуэхъуу зы *"глагол"* утыку къызэрихьэращи, мыпхуэдэу утыку къихьа мы ″глагол″ лlэужьыгъуэр икlи **зэрыухуагъэххэу ″суффиксиал занщlэ глагол″**уи лъытныр игъуэщ.

Нытlэ, мыпхуэдэ щапхъэхэр *нэгъуэщl "суффикс"* гуэрхэмкlи къызэрыхъуфынум деплъынщ.

Аращи, зыгуэрыр а *зэрыхъуа*рэ *зэрыхъун хуей щlыкlэ*м зэры*текlуэтыкl*ыр зэрылъытэ *"хъуэ" глаголыпхъэ*м *"кl"*ыр *"суффикс"* зэрыхуэхъуу зы *"езырыж суффиксиал глагол"ыщlэ* утыку къохьэри (*хъуэкlын*), мыри мы зэрыухуа щlыкlэкlэ -аргуэру- з*эрыухуагъэххэу "езырыж суффиксиал глагол"*у лъытапхъэщ. Мы *"хъуэкlын"* глаголыр

*бзэм нэхъ щызэрызеклуэ*ри *зыгуэрыр нэгъуэщl гуэрым елъытауэ* зылъытэу *"зэ" префикс*клэ къызэрылуатэущ.

Нытlэ, мы зи гугъу тщlахэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «хъун → "хъу-э-*клы*-н" → хъуэ*клы*н (*"суфф."у* "езырыж глагол"рэ икlи "lуэху глагол")»;
↓
«*зэ*хъуэ*клы*н ("езырыж"рэ икlи "lуэху"у *"преф. суфф.гл."*)».

Нытlэ, мы къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, *"дополненэ" зиlэрэ зимылэ "езырыж занщlэ глагол"*хэм *"суффикс"клэ*рэ къатехъукl *"езырыж суффиксиал глагол"*хэм щыщ *гуэрхэр* икlи *мыхьэнэщlэ*у *–"глагол"ыщlэ*у-утыку къохьэфхэр. Мыпхуэдэ **"глагол"ыщlэ**хэм щыщ **гуэрхэр**и **"lуэху глагол"** лlэужьыгъуэу -*"lуэху суффиксиал глагол"*у- зэрыщытри гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэдэр ипэкlэ къэта щапхъэхэми къыщыхэдгъэщащ. Нытlэ, мыхуэдэ щапхъэхэми гурыlуэгъуэ къытхуащlыр *"езырыж глагол" гуэрхэм "lуэху глагол"* лlэужьыгъуэхэр *къазэрытехъукl*ращи, мыри **глагол** *къэхъуныгъэ* **пэщlэдзэ**у тлъыта **"езырыж глагол"**хэр икlи **"lуэху глагол"** *къэхъуныгъэ*ми **лъабжьэ** хуэхъуу зэрыщытыр *къэзыгъэлъагъуэ щапхъэщ*. Мыпхуэдэхэр мы илъабжьэми къытпэщlэхуэну къыщlэкlынщ; ауэ икlи, мы лэжьыгъэр зыхуэкlуэ "lуэху глагол" лэжьэкlэхэм теухуа пычыгъуэм мыпхуэдэхэм нэхъри гулъытэ зэрыхуэтщlынур гурыlуэгъуэнщ.

**"Езырыж занщlэ глагол" лэжьэкlэхэу занщlэу "суффикс"клэрэ ухуэф псалъэхэу "инфинитив глагол"у мыухуэфхэр.**

Мы къэта щапхъэхэр *"инфинитив глагол"* лlэужьыгъуэхэрщи, мыхэр къызытехъукlауэ лъытахъэхэри а *"хьэрычэт"*ыр зэрезэкlуэ щlыкlэр зэрылъытэу къызэрылуатэ *уникэ псалъэ*хэрауэ зэрыщытми ипэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ. Аращи, *иужькlэ "инфинитив глагол"хэм я "лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэу *тлъыта*уэ щытми, мыхэр *япэрауэ* зы *"хьэрычэт"*ыр *утыку къызэрихьэ* щlыкlэр *lупщlыу зэрылъытэ*у ухуа *псалъэ*хэрауэ зэрыщытым дыщыгъуазэщ.

Ауэ, дэтхэнэ зы *"хьэрычэт"*ыр утыку къызэрихьэ щlыкlэу *"уникэ"*у зылъыта *дэтхэнэ* зы *псалъэ*ми *"инфинитив глагол" къызэрытемыхъукl*ри гурыlуэгъуэнщи, *"хьэрычэт"*ыр *къызэрыпыщэ*рэ зэрызекlуэ *щlыкlэ зылъытэ*у мыбдежым зи гугъу тщlы *"суффикс" гуэрхэр* мыпхуэдэщ. Мыпхуэдэ *"суффикс"клэрэ ухуа псалъэ*хэр *"инфинитив глагол"*у щымыухуэм дежи, *дэтхэнэ зы "субъект"ым теухуауэ* -икlи *дэтхэнэ зы*

*"зэманыгъуэ"уи-* зэры*мылэжьапхъэ*р гурыIуэгъуэнщи, *дэтхэнэ зы "субъект"рэ "зэманыгъуэ"м теухуа* –зэрыигъуэу- *"глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"*хэр *утыку къызэримыхьэ*нури гурыIуэгъуэнщ. Аращи, мы зи гугъу тщIыну *"суффикс" гуэрхэмкIэ ухуа мы псалъэ*хэр *"субъект"*рэ *"зэманыгъуэ" гуэрхэм теухуауэ къэIуэтэфу щытми*, *"инфинитив глагол"*у зэры*мыухуэ*м ипкъ зэриткIэ, *дэтхэнэ зы "субъект"рэ "зэманыгъуэ"м теухуэ лэжьэкIэ зэрамыIэ*нури гурыIуэгъуэнщ.

Дауи, япэрей ди лэжьыгъэхэми я гугъу щытщIагъащ мыпхуэдэ псалъэ ухуэкIэхэми, мыбдежми мыпхуэдэ ″суффикс″ гуэрхэмкIэ ухуэж игъуэ щапхъэ гуэрхэр къэгъэлъэгъуэнкIэ зыхуридгъэкъунщ.

НытIэ, **″хьэрычэт″** *къызэрыпыщэ*рэ зэрызекIуэр **уникэ**у *зэрылъытэ* **псалъэ**хэу -*"глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"*хэу- **″суффикс″ гуэрхэмкIэ ухуэж**хэм **″инфинитив глагол″ къызытемыхъукI** щапхъэ гуэрхэри *"езырыж занщIэ глагол"* лIэужьыгъуэ *"хъун"*рэ *"кIуэн" глагол*хэм я *жьэкIэ*хэм теухуауэ мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- ″хъун″ → «хъу*гъ*эщ, хъу*гъ*ащ, хъуа*гъ*эщ, хъуа*гъ*ащ, хъу*гъ*энщ, хъуа*гъ*энщ, хъу*гъ*энущ, хъуа*гъ*энущ»; «хъу*гъэххэ*щ, хъуа*гъэххэ*щ»; «хъу*ххэ*нкъым, хъу*ххэ*н хуеякъым, хъу*ххэ*нукъым»;
- ″кIуэн″ → «кIуэ*гъ*эщ, кIуэ*гъ*ащ, кIуа*гъ*эщ, кIуа*гъ*ащ, кIуэ*гъ*энщ, кIуа*гъ*энщ, кIуэ*гъ*энущ, кIуа*гъ*энущ»; «кIуэ*гъэххэ*щ, кIуа*гъэххэ*щ»; «кIуэ*ххэ*нкъым, кIуэ*ххэ*н хуеякъым, кIуэ*ххэ*нукъым»;

## ″ПРЕФИКС″ ЗЫХУЭНЫКЪУЭ ″СУФФИКС″ХЭМКIЭ УХУЭ ″ЕЗЫРЫЖ ПРЕФИКСИАЛ СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ″ХЭМ ТЕУХУАУЭ

**Мыпхуэдэ ″суффикс″хэмрэ зыхуэныкъуэ ″префикс″хэм теухууэ.**

*"Суффикс"* жыхуэтIэхэр псалъэмкIэ –глаголымкIэ- лъыта *"хьэрычэт"*ыр *къызэрыпыщэ*рэ *зэрызекIуэ "щIыкIэ"* зылъытэрщи, **″префикс″ыншэ**у лажьэ **″суффикс″**хэмкIэ *занщIэу* ухуэ **″суффикиал глагол″**хэм теухуа ипэкIэ къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, мы ″глагол″хэм я **лэжьэкIэ**хэр мы *"суффикс"*хэмкIэ **″щIыкIэ″** лIэужьыгъуэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. Аращи, *"суффикс"*хэмкIэ гъэзащIэ *къалэны*р *"глагол"*ыр зытеухуа *"хьэрычэт"*ыр а зэрыщыту *занщIэу къызэрыпыщэ*рэ зэрызекIуэ *"щIыкIэ"*у лэжьэнращ: **″суффикс″**хэм я къалэныр **″щIыкIэ″** лIэужьыгъуэщ.

Мыбдежым щыгъуазэ дызыхуэхъунур ″префиксиал суффиксиал глагол″хэращи, ди IуэхуР *"префикс"и зыхуэныкъуэ "суффикс"*хэрщ.

Аращи, зы *"глагол"*ыр **"суффикс"кlэ лэжьэфын** *папщlэ* зы **"кондицэ"**ми **хуэныкъуэ**мэ, мыращ *"префикс" зыхуэныкъуэ "суффикс"*у зи гугъу тщlыр.

Мы ипэкlэ *"суффикс"*хэр *"щlыкlэ" лlэужьыгъуэ*хэу зэрыщытыр жытlагъэххэщи, **"префикс"** жыхуэтlэхэри **"щlыкlэ"** е **"щlыпlэ"** *лъытэу зэрызэщхьэщыкl*ри ди гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, *"хьэрычэт"*ыр *къызэрыпыщэ*рэ зэрызекlуэ *"щlыкlэ" зэрылъытэ "суффикс"*хэр *зыхуэныкъуэ*ну *"префикс"*хэри мы дэтхэнэ зы *"суффикс"*ым и къалэныр зэригъэзащlэ *"щlыкlэ"м* хуэигъуэ *"щlыкlэ"*рэ *"щlыпlэ" лъытэ "префикс"*хэу зэрыщытын хуейри гурыlуэгъуэнщ.

Икlи, **"префикс"** щыжытlэм деж дигу къэкlын хуей гуэрэри **"дополненэ"** жыхуэтlэращи, *"префиксиал глагол"*хэр *нэхъыбапlэу "дополненэ"* зиlэу зэрылажьэхэр ди лэжьыгъэхэмкlэ гурыlуэгъуэщ. Аращи, *"щlыкlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс" гуэрхэмкlэ "дополненэ" мылъытэ* (къ, н; з) щхьэ, **"щlыкlэ"** лlэужьыгъуэ **"префикс" нэхъыбэ**мкlэ **"дополненэ"** зэрылъытэр гурыlуэгъуэщ; ауэ, **"щlыпlэ"** лlэужьыгъуэ **"префикс" псомкlи "дополненэ"** зэрылъытэри гурыlуэгъуэщ.

Зы **"суффикс"**ым **"префикс" щlыхуэныкъуэр** мы къэтlуэтахэми къыхэщу лъытапхъэщи, мыбдежым *зи гугъу тщlы* **мы "суффикс"**кlэрэ *"хьэрычэт"*ыр *къызэрыпыщэ*рэ **зэрызекlуэф**ынур **"кондицэ"м щелъыта**раци, мы *"кондицэ"*р *"щlыкlэ"* лlэужьыгъуэу е *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэу щытынщ. Мы *"кондицэ"*р зэрылъытэ *"префикс"*кlэ *глагол лэжьэкlэм "дополненэ"* зэрыхэлъытэ щlыкlэри мы ипэкlэ щыжытlащ.

Нытlэ, **"дополненэ" зиlэ "езырыж занщlэ глагол"**хэр щылажьэкlэ зы **"гъуэгуанэ"**и мэлъытэри, мыпхуэдэу **"щlыпlэ"** лlэужьыгъуэ **"дополненэ" зиlэххэ** мы я *лэжьэкl*эр *къызэрыпыщэ*рэ *зэрызекlуэ "щlыкlэ"* зылъытэ **"суффикс"**кlэрэ щыухуэм деж, **"щlыпlэ"** лъытэ **"префикс"** зэры**хуэмыныкъуэ**нур гурыlуэгъуэщи, нытlэ, мыпхуэдэри **"суффиксиал префиксиал глагол"**у ухуэн папщlэ, мы **"суффикс"**ыр **зыхуэныкъуэ**нур **"щlыкlэ"** лlэужьыгъуэу зы игъуэ **"префикс"**ырщ.

Ауэ, **"дополненэ" зимыlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"**хэр *"префикс" зыхуэныкъуэ* **"суффикс"***кl*эрэ щыухуэм деж, *щылажьэ* **"щlыпlэ"** зэрылъытэ **"префикс"**щ **зыхуэныкъуэ**нури, мыпхуэдэущ **"префиксиал суффиксиал глагол"**и къызэрытехъукlынур.

Мы зи гугъу тщlахэр аргуэру къэlуэтапхъэмэ, *"суффикс"* жыхуэтlэр *"хьэрычэт"*ыр къызэрыпыщэрэ *зэрызекlуэ "щыкlэ"* зылъытэрщи, глагол мыхьэнэр мы къызэрыпыщэрэ *зэрызекlуэ "щlыкlэ"*м нэмыщl, *щызекlуэ*

*"щlыпlэ"*ри зэрылъытэу лэжьэн папщlэ, *"суффикс"*ым *"щlыпlэ" лъытэ "префикс"* зэрыхуэныкъуэнур гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ *"езырыж занщlэ глагол"хэр "дополненэ" зимыlэ*у лажьэхэращ. Ауэ, зы *"езырыж занщlэ глагол"*ыр *щылажьэкlэ* зы *"щlыпlэ"и* -зы "гъуэгуанэ"и- хэлъыта*у*э щытмэ, мыпхуэдэ глаголыр зэрыухуэну *"суффикс"ым* аргуэру *"щlыпlэ" лъытэ "префикс" хуэныкъуэнкъым*и, мы глагол лlэужьыгъуэри *"дополненэ" зиlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"*хэращ. Мы къэтlуэтахэм къызэрыхэщщи, *"дополненэ" зимыlэ*у лажьэ *"езырыж занщlэ глагол"*хэр зэрылэжьэну *"суффикс"ым "щlыпlэ" лъытэ "префикс" зэрхуэныкъуэ*нур гурыlуэгъуэщ; ауэ, щылажьэкlэ *"гъуэгъуанэ"*и -*"дополненэ"*и- зыхэлъытэ *"езырыж занщlэ глагол"*хэр зэрыухуэну *"суффикс"*хэм *"щlыпlэ" лъытэ "префикс" хуэныкъуэкъым*.

Аргуэру жыlэпхъэмэ, *"дополненэ" зиlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"*хэр зэрыухуэну *"суффикс"*хэр *"щlыкlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"кlэ "суффиксиал префиксиал глагол"*у ухуэфыну щытми, *"дополненэ" зимыlэ "езырыж занщlэ глагол"*хэр зэрыухуэну *"суффикс"*хэр -фlэкlыпlэ имыlэу- *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"*кlэщ *"суффиксиал префиксиал глагол"у* зэрыухуэфынур.

Мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщщи, *"дополненэ" зиlэрэ зимыlэ "езырыж занщlэ глагол"*хэр *"префиксиал суффиксиал глагол"*у ухуэн *папщlэ*, *"суффикс"*ыр -фlэкlыпlэ имыlэу- **зыхуэныкъуэ "префикс"** *лlэужьыгъуэу* **а нэхъ мащlэ** (зы) къыхэдгъэщауэ аращи, нытlэ *"дополненэ" зиlэрэ зимыlэ "езырыж занщlэ глагол"*хэр *"суффикс"кlэ*рэ *-"щlыкlэ"рэ "щlыпlэ"* лlэужьыгъуэу- **"префиксыбэ"**уи **-"префиксиал суффиксиал глагол"**хэр зэрыухуэфынури гурыlуэгъуэнщ.

Мы къэтlуэтахэри ди гурыlуэгъуэу, къытпэщыт лэжьыгъэр *"суффиксиал"*рэ икlи *"префиксиал"*у ухуэ *глаголх*эращ зытеухуари, нытlэ, **"префиксиал суффиксиал глагол"**у ухуэну **"езырыж занщlэ глагол"**хэр **"дополненэ" зиlэ**рэ **зимыlэ**у **гупитl**ыу зэщхьэщыкlыу къедгъэкlуэкlынщ мы лэжьыгъэр.

**"Дополненэ" зиlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"хэр "суффикс"кlэрэ игъуэ "префикс"и къищтэу "езырыж префиксиал суффиксиал глагол"у зэрыухуэм теухуауэ.**

Ипэкlэ къэтlуэтахэми къызэрыхэщу, *щылажьэклэ лъытэ "гъуэгуанэ"*р *зыхуэклуэ*р *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэу лъытауэ **"дополненэ" зиlэххэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"**хэрщ мыбдежым зи гугъу тщlыхэри, нытlэ, мыпхуэдэ *"хьэрычэт"*ыр *къызэрыпыщэ*рэ *зэрызеклуэ "щlыклэ"* зэрылъытэ *"суффикс"*кlэ *зэрылэжьэнур* мы и *"гъугуанэ"р зыхуэклуэ "щlыпlэ"*м – "дополненэ"м- *зэрыхуэклуэ "щlыклэ"*р зылъытэ *"префикс"* къызэрищтэущ. Аргуэру жыlэпхъэмэ, *"щlыпlэ" лъытэ "дополненэ" зыхэзыубыдэххэ* мы глагол лlэужьыгъуэр зэрыухуэну **"суффикс"**ыр **зыхуэныкъуэ**ну **"префикс"**ыр глаголыр щылажьэкlэ **"гъуэгуанэ"р** зыдэкlуэну *"щlыпlэ" лъытэ* **"дополненэ"м зэрыхуэклуэ "щlыкlэ"** зылъытэ **"кондицэ"** зэрылъытэу щытын хуейщ.

Нытlэ, и лэжьэкlэу лъытэ *"гъуэгуанэ"*р *зыхуэклуэ "щlыпlэ"*и (дополненэ) зыхэлъытэ *глагол*ыр (пп: кlуэн) мы **"гъуэгуанэ"**р *"дополненэ" зэрыхуэклуэ "лъагъуэ"р къызэрыпыщэ "щlыклэ"*р **"хь" суффикс**кlэ; мы **лъагъуэм** *тету* **икlэ нэгъуэнэ** *зэрыклуэ*р **"лlэ" суффикс**кlэ; мы **лъагъуэм зэрытекl**ыр **"кl" суффикс**кlэ; мы **лъагъуэр ищхьэкlэ** *зэрыунэтl*ыр - зэрыдэкlыр- **"ей** (..эий)" **суффикс**кlэ; мы **лъагъуэр илъабжьэкlэ** *зэрыунэтl*ыр **"х" суффикс**кlэ лъытапхъэмэ, мыпхуэдэ лэжьэкlэхэр **зыхуэигъуэ "префикс"**хэри мы *глагол лэжьэклэу лъытагъэххэ "гъуэгуанэ" лъагъуэр мы "суффикс"*хэмкlэ *къызэрыпыщэ*рэ зэрызеклуэ *–зэрызэхъуэкl-"щlыклэ"*р зэрылъытэну *"кондицэ"* лlэужьыгъуэхэрщи, *дэтхэнэ зы "суффикс"ыр* –фlэкlыпlэ имыlэу- *зыхуэныкъуэну дэтхэнэ зы "префикс"*ри мы илъабжьэм кlэщlыу къыщыхэдгъэщынщ:

- «псалъэ мыхьэнэрэ *"хьэрычэт"*ыр *къызэрыпыщэ* зылъытэну **"хь" суффикс**ыр зыхуэныкъуапхъэ **"префикс"**ри мы къыпыщэныр *къызэрежьэ* **"щlыкlэ"** зылъытэу **"къ"**рагъэнщ»;
- «*"хьэрычэт"*ыр зэрызеклуэ *лъагъуэр зэрызэхъуэкl*ыр –лъагъуэм зэрытекlыр-зэрылъытэ **"кl" суффикс**ыр зыхуэныкъуэну **"префикс"**ри мы лъэгъуэщlэм зэры*хуэунэтl*ыр зылъытэ **"щlыкlэ"**у –аргуэру- **"е"**рагъэнщ»;
- «*"хьэрычэт"*ыр *зыдынэс*ынум *нэгъунэ*р зэрылъытэ **"лlэ" суффикс**ыр зыхуэныкъуэну **"префикс"**ри абы нэгъунэ *зэрыунэтl*ыр зылъытэ **"е"**рагъэнщ»;
- «*"хьэрычэт"*ыр мыпхуэдэу *ищхьэ лъэныкъуэм "x²"* хуэдэ *функцэу дэкl*ыу зэрылъытэ **"ей" суффикс**ыр зыхуэныкъуэну **"префикс"**ри -аргуэру-зэхэлъ/*зэтет* **"щlыкlэ"** зылъытэу **"дэ"**рагъэнщ»;
- «*"хьэрычэт"*ыр *ех*ыу *–лъабжьэм хуэклуэ*у- зэрылъытэ **"х" суффикс**ыр зыхуэныкъуэ **"префикс"**ри мы *зэрыунэтl* **"щlыкlэ"** зылъытэу **"е"**рагъэнщ».

Нытlэ, *"дополненэ" зиlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"*хэр зэрыухуэну *"суффикс"*хэмрэ *зыхуэныкъуэ*ну *"префикс"*хэм теухуащ мы

къыхэдгъэщахэри, мыпхуэдэу ухуэ *"префиксиал суффиксиал глагол"* щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

- "уэн" → «*къэухьы*н; *е*уэк*ы*н; *е*уэл*э*н; *дэуеи*н; *е*уэх*ы*н/*е*ух*ы*н »;
- "кlуэн" → «*къэ*кlу*хьы*н; *е*кlуэ*кlы*н; *е*кlуэл*э*н; *дэ*кlу*еи*н; *е*кlу*хы*н → *е*хын»;
- "жэн" → «*къэжы*х*ьы*н; *е*жэ*кlы*н; *е*жэл*э*н; *дэжеи*н; *е*жэх*ы*н»;
- "джэн" → «*къэджы*х*ьы*н; *е*джэ*кlы*н; *е*джэл*э*н; *дэджеи*н; *е*джэх*ы*н/*е*джых*ы*н »;
- "лъэн" → «*къэлъы*х*ьы*н; *е*лъэ*кlы*н; *е*лъэл*э*н/*е*лъыл*э*н; *дэлъеи*н; *е*лъэх*ы*н/*е*лъых*ы*н»;
- "пхъуэн" → «*къэпхъу*х*ьы*н; *е*пхъуэ*кlы*н; *е*пхъуэл*э*н; *дэпхъуеи*н; *е*пхъуэх*ы*н/*е*пхъу*х*ы*н»;
- "пщын" → «*къэпшы*х*ьы*н; *е*пщы*кlы*н; *е*пщы*л*э*н*; *дэпщеи*н; *е*пщэх*ы*н/*е*пщых*ы*н»;
- "плъэн" → «*къэплъы*х*ьы*н; *е*плъэ*кlы*н; *е*плъэл*э*н/*е*плъыл*э*н; *дэплъеи*н; *е*плъых*ы*н/*е*плъых*ы*н».

Мы "езырыж занщlэ глагол" лlэжьыгъуэхэр мы зи гугъу тщlарэ щапхъэхэри къызыхуэтхьа *"суффикс"*хэмкlэ лэжьэн *папщlэ* зыхуэныкъуэ а *нэхъ игъуэ "префикс"*хэращ мыхэри, мыбыхэм ипlэ *нэгъуэщl игъуэ "префикс" гуэр*хэри зэриувэфынур гурыlуэгъуэнщ. Икlи, *"суффикс"рэ "префикс" зэрыз зыхэзыубыдэ*у ухуа мы *"префиксиал суффиксиал глагол"*хэр *"щlыкlэ"* е *"щlынlэ"* лlэужьыгъуэ *нэгъуэщl "префикс"хэр*и къызэращтэу *"префиксыбэ"*у зэрыухуэфынухэри гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри къэгъэлъэгъуэныр *еджакlуэхэм къахуренэ*!

"Дополненэ" зиlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"хэр "суффикс"кlэ зыхуэныкъуэ "префикс"и къищтэу *"префиксиал суффиксиал глагол"у* зэрыухуэм теухуауэ къэта мы щапхъэхэм *бзэм куэдыщэу щыземыкlуэ* псалъэ –икlи *зэрызекlуэ* псалъэ- лlэужьыгъуэхэри яхэтщи, мыпхуэдэхэм гулъытэ хуэщlынри *еджакlуэхэм къахуренэ*!

*

Ауэ, мы "езырыж занщlэ глагол" лlэужьыгъуэхэр *"префиксиал суффиксиал глагол"*у зэрыухуа *щапхъэхэм "lуэху глагол"* лэжьэкlэ зиlэ гуэрхэри *яхэтщ*и, мы илъабжьэм мыбыхэми гулъытэ хуэтщlынщ.

Мы ипэкlэ къэта щапхъэхэм щыщу *"хь" суффикс*кlэрэ зыхуэныкъуэ *"префикс"*и къищтэу ухуа *"префиксиал суффиксиал глагол"*хэр *"lуэху глагол"*у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мыхэр зэрыухуа щlыкlэм нэхъ гъунэгъуу гулъытэ хуэщlын папщlэ, мыбыхэм щыщ зы щапхъэр –пп: *"къэкlухьын"*ыр- зэрыухуа щlыкlэм нэхъ гъунэгъуу деплъынщ:

- «кlуэн → *къэ*кlу(э-ы)*хьы*н → *къэ*кlу*хьы*н {*къэ*кlу(ы)*хьы*н}».

Мы зи гугъу тщlы *"езырыж занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэхэр (пп: кlуэн) щылажьэкlэ зытеухуэу ("дополненэ"у) лъытэр зы *"гъуэгуанэ"*рщи, мы *"гъуэгуанэ"р зэрырикlуэ*рэ *зэрихь*ри зы *"lуэху"* лlэужьыгъуэу зэрыщытынур

гурыIуэгъуэнщи, мы зи гугъу тщIы ″езырыж занщIэ глагол″хэр ***″хь″*** **суффикс**рэ хуэ*игъуэ* ***″префикс″***кIэ (**къ**) мы *зэрыухуэжы*р *″Iуэху глагол″ лIэужьыгъуэ*у зы ***″Iуэху суффиксиал префиксиал глагол″***щ (пп: къэкIухьын). НытIэ, мы *″езырыж занщIэ глагол″* лIэужьыгъуэхэм щыщу *″хь″ суффикс*кIэ *ухуэхэр*ащ *″Iуэху глагол″* лIэужьыгъуэу утыку къихьэри, *″езырыж занщIэ глагол″* лIэужьыгъуэу *щылажьэкIэ* хэлъытэ *″гъуэгуанэ″*р зы *″Iуэху″* лIэужьыгъуэу *зэрыхь*ращ *″Iуэху глагол″* къызытехъукIыр.

Мыр зы ***″Iуэху глагол″***у зэрыщытым ипкъ зэриткIэ -фIэкIыпIэ имыIэуиIэн хуей ***″объект″***ыр –мыр къызытехъукIа *″езырыж занщIэ глагол″* лэжьэкIэу лъыта- ***″гъуэгуанэ″***р къыпыщэу **зэрыхь**ращ *″Iуэху″* лIэужьыгъуэу утыку къызэрихьам лъабжьэ хуэхъуари. Аращи, къызытехъукIа *″кIуэн″*ыр *″езырыж глагол″*у щытми, *″къэкIухьын″* глаголым къикIыр *″кIуэн″*кIэрэ лъыта *″гъуэгуанэ″*р зы *″Iуэху″* лIэужьыгъуэу *зэрыгъэзащI*эрщ.

Ауэ икIи, *″къэкIухьын″* глаголым *гъэзэщIэкIuml* иIэщи, зыр *″субъект″ым езыр езырурэ къызэрикIуэхь*рауэ зэрыщыткIэ, икIуэ *″гъуэгуанэ″*р *нэмыплъ зэрыщI ″объект″*у *–е объектыншэ*у- *гъэзащIэ Iуэху*гъурщ; адрейри *зы ″щIыпIэ″р и хъуреягъкIэ къызэрикIухь*ырщи, икIуэ *″гъуэгуанэ″*р *наIуэ*у зэрыщыткIэ, *″объект″* зэрылъытэу *гъэзащIэ Iуэху*рщ. НытIэ, мы ***″Iуэху префиксиал суффиксиал глагол″***ым ***″объект″ зиIэ***рэ ***″объект″ыншэ***у мы и **къэIуэтэкIитI**ри къэгъэлъэгъуэн хуейщ:

″КIуэн″ → «**ар** абы **ма**кIуэ»;
↓ └→→┐
″*Къэ*кI*уху*ын → «**абы** ар *къе*кIухь»;
└→ «**абы** *къе*кIухь».

Мы къэтIуэтахэмрэ къэта мы щапхъэми гурыIуэгъуэ къызэрыпхуищIыу, *″хь″ суффиксращ* мы *″Iуэху глагол″* лIэужьыгъуэр *къызытехъкI*ри, мы зи гугъу тщIы *глаголхэр адрей ″суффикс″хэмкIэ* зэрыухуэр *″езырыж глагол″*у къызэрызэтенэри гулъытапхъэщ. НытIэ, мы *″езырыж занщIэ глагол″* лIэужьыгъуэхэм *″хь″ суффикс*кIэ *″Iуэху глагол″* лIэужьыгъуэ къытехъукIрэ, *адрей ″суффикс″*хэр *″езырыж глагол″у къызэрызэтенэр* зыгурыгъэIуэн хуеймэ, *″хь″ макъымрэ адрей макъхэм я мыхьэнэхэм*и *гулъытэ хуэщI*ын хуейщ. ИкIи, *и мыхьэнэми зэрелъыта*уэ, *″хь″ мак*ъыр *занщIэу ″глагол″*у зэрыухуэ *″хьын″*ри зы *″Iуэху глагол″* лIэужьыгъуэрщ.

Дауи, *″дополненэ″ зиIэу лажьэ ″езырыж занщIэ глагол″* лIэужьыгъуэ *″кIуэн″*ыр *″хь″ суффикс*рэ *игъуэ ″префикс″*кIэ *″префиксиал суффиксиал*

*гллагол"*у мы зэрыухуэ щIыкIэхэр *"дополненэ" зиIэу лажьэ нэгъуэщI "езырыж занщIэ глагол"*хэми теухуауэ зэрыщытыпхъэр гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щапхъэхэр зы таблицэм хиубыдэу къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| - "Уэн" → «**ар** абы **ма**уэ» →→→→<br>↘→→→→ | - *"Къэухьы*н" → «**абы** ар *къе**ухь**»*;<br>- *"Зыухьы*н" → «**абы** *зе**ухь**»*; |
| - "КIуэн" → «**ар** абы **ма**кIуэ» →→→ | - *"Къэкlухьы*н" → «**абы** ар *къе**кlухь**»*;<br>↘→ «**абы** *къе**кlухь**»*; |
| - "Жэн" → «**ар** абы **ма**жэ» →→→→ | - *"Къэжыхьы*н" → «**абы** ар *къе**жыхь**»*;<br>↘→ «**абы** *къе**жыхь**»*; |
| - "Лъэн" → «**ар** абы **ма**лъэ» →→→ | - *"Къэлъыхьы*н" → «**абы** ар *къе**лъыхь**»*; |
| - "Пщын" → «**ар** абы **мэ**пщ» →→→<br>↓<br>↘→→ | - *"Къэпщыхьы*н" → «**абы** ар *къе**пщыхь**»*;<br>↘→ «**абы** *къе**пщыхь**»*;<br>- *"Зы**пщыхь**ы*н" → «**абы** *зе**пщыхь**»*; |
| - "Плъэн" → «**ар** абы **ма**плъэ» →→<br>↓<br>↘→→ | - *"Къэплъыхьы*н" → «**абы** ар *къе**плъыхь**»*;<br>↘→ «**абы** *къе**плъыхь**»*;<br>- *"Зы**плъыхь**ы*н" → «**абы** *зе**плъыхь**»*. |
| --- | --- |
| - "Джэн" → «**ар** абы **ма**джэ» →→→<br>- "Пхъуэн" → «**ар** абы **ма**пхъуэ» → | - Мы *"глагол"*хэм я *мыхьэнэ*хэр *"хь" суффикс*кIэ *игъуащэкъым*! |

Нытlэ, *"кlуэн"* глаголым къытехъукIа *"къэкlухьын"* глаголым –lуэху "глагол"у- *"объект" зиIэрэ зимыIэ* и *лэжьэкlуиl*ым нэмыщl, *нэгъуэщI "езырыж занщIэ глагол"* гуэрхэри *"хь" суффикс*кIэрэ –игъуэ префикси къищтэу- *"префиксиал суффиксиал глагол"*у зэрыухуэ "lуэху глагол" лIэужьыгъуэхэми *"объект" зиIэрэ зимыIэ*у *лъэжьэкlуиl* зыгъуэтхэри мы къэта таблицэм хыболъагъуэр. Ауэ икIи, *"хь" суффикс*рэ *игъуэ "префикс"*кIэ *"префиксиал суффиксиал глагол"*у -"lуэху глагол" лIэужьыгъуэу- ухуахэм *щыщ гуэрхэ*ри *"объект" зиIэ*у, *нэгъуэщI гуэрхэр "объект"ыншэ*у, адрей гуэрхэри *"объект" щэху*у зэрылажьэри таблицэм хыболъагъуэри, мыпхуэдэу зэрыщытри *глагол мыхьэнэ*мрэ *"префикс" мыхьэнэ*ми зэр*елъыта*ри гурыIуэгъуэщ.

Нытlэ, "объект" зыхэзымыубыдэрэ щэхуу зыхиубыдэу лъытапхъэ глаголхэри щыIэщи, мыпхуэдэ лэжьэкIэхэми аргуэру дигу къызэригъэкIыжу, *адыгэбзэм и* **глагол**хэр **"лъэIэс"**рэ **"лъэмыIэс"**у зэщхьэщыкIыу лъытэным **узэрыщигъуэну**ри наIуэщ; - *адыгэбзэ*м и *глаголхэр* а *нэхъ лъабжьэ*у *"езырыж глагол"рэ "lуэху глагол"*у зэщхьэщыкIыу *лъытэнращ игъуэр*.

Мы къедгъэкIуэкI *лэжьыгъэ пычыгъуэр* зытеухуар *"езырыж глагол"*хэрауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэми, мы *лэжьыгъэкIэ*хэм хуэзэу *"езырыж глагол"хэм "lуэху глагол"*хэри *къазэрытехъукI*ыу мы

*къытпыщlэхуа*хэр *"езырыж глагол"хэр нэхъ лъабжьэ*рэ *"lуэху глагол"хэр абыхэм къатехъукl*рэ *къаклэлъыклуэ*у утыку къызэрихьам теухуауэ япэрей ди лэжьыгъэхэми щыжытlахэри дигу къегъэкlыжыр.

**"Дополненэ" зимыlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"хэр "суффикс"кlэрэ игъуэ "префикс"и къищтэу "езырыж префиксиал суффиксиал глагол"у зэрыухуэм теухуауэ.**

Мы ипэкlэ *"дополненэ" зиlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"*хэр *"суффикс"клэрэ "щыклэ" лъытэ "префикс"*хэмкlэ *"суффиксиал префиксиал глагол"*у зэрыухуэм щыгъуазэ дыхуэхъуу, *игъуэ щапхъэ*хэри къахуэтхьащи, мы илъабжьэми *"дополненэ" зимыlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"*хэр *"префиксиал суффиксиал глагол"у зэрыухуэ*м щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *"суффикс"* жыхуэтlэхэр *"щlыклэ"* лlэужьыгъуэу щытрэ, *"префикс"* жыхуэтlэхэри -нэхъыбапlэу- *"дополненэ"* зылъытэхэрщи, ипэкlэ *"суффикс"*кlэрэ ухуэу зи гугъу тщla *"езырыж занщlэ глагол"*хэри *"дополненэ"и зиlэ*у лажьэу зэрыщыткlэ, *глагол* мыхьэнэрэ *"хьэрычэт"*ыр зыщекlуэкl *"щlыпlэ"*ри и лэжьэкlэм хиубыдэ *"дополненэ"*кlэрэ *зыхэлъыта*гъэххэрщ. Мыпхуэдэу зэрыщыткlэ, *"префикс" зыхуэныкъуэ "суффикс"*кlэрэ *япэу ухуа "префиксиал суффиксиал глагол"*хэр *къызытехъукла*гъэнури *"дополненэ" зиlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"*хэрагъэнщ.

Мы зэрыжытlауэ, "езырыж занщlэ глагол" лlэужьыгъуэу "префиксиал суффиксиал глагол"у япэу ухуахэр мы ипэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъуарэ щапхъэхэри къызыхуэтхьауэ щыт "дополненэ" зиlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"хэращи, нытlэ, мыбдежым зи гугъу тщlынухэри **етlуанэ лъэбакъуэ**у **"префиксиал суффиксиал глагол"** *къызытехъукl* **"езырыж занщlэ глагол"** лlэужьыгъуэу **"дополненэ" зимыlэу лажьэ**хэращ.

Мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщу, *"дополненэ" зимыlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"*хэр *зыщеклуэкl "щlыпlэ" зыхэмылъыт*эрщи, нытlэ, ахэр **"префиксиал суффиксиал глагол"**у *зэрыухуэф*ынхэри **"щlыпlэ"** лъытэ **"префикс"** *зыхуэныкъуэ* **"суффикс"***кlэ*рэщ.

Нытlэ, мы илъабжьэм "дополненэ" зимыlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"хэр *"префиксиал суффиксиал глагол"*у зэрыухуэм теухуа щапхъэхэр къыщыдгъэлъэгъуэнущи, *"суффикс"*ыр *зыхуэныкъуэ щlыпlэ"* лlэужьыгъуэ

*"префикс"*хэри япэрауэ *"щlыnlэ"р "абстракт"у -универсалу- зылъыт*эу лъытапхъэ *"зэман/мекан" лъыт*э *"щы" префикс*ымрэ *"абзсис" лъыт*э *"и" префикс*кlэ ухуа *"префиксиал суффиксиал глагол"* щапхъэхэр къэдгъэлъагъуэу, мыбыхэм къыкlэлъыкlуэуи, мыхэр *"щlыnlэ"р lупщlрэ "уникэ"у зэрылъыт*э *"префикс"*хэмкlэ зэрыухуэж *"префиксиал суффиксиал глагол"* щапхъэхэр къыпытщэжынщ:

- «*щы*хъу*хьы*н; *и*хъу*хьы*н» → «*l*ухъу*хьы*н, *къуэ*хъу*хьы*н, *хэ*хъу*хьы*н, *гуэ*хъу*хьы*н, *щlэ*хъу*хьы*н, *дэ*хъу*хьы*н, *фlэ*хъу*хьы*н, *пы*хъу*хьы*н»;
- «*щы*хъу*кlы*н; *и*хъу*кlы*н» → «*l*ухъу*кlы*н, *къуэ*хъу*кlы*н, *хэ*хъу*кlы*н, *гуэ*хъу*кlы*н, *щlэ*хъу*кlы*н, *дэ*хъу*кlы*н, *фlэ*хъу*кlы*н, *пы*хъу*кlы*н»;
- «*щы*хъу*лlэ*н; *и*хъу*лlэ*н» → «*l*ухъу*лlэ*н, *къуэ*хъу*лlэ*н, *хэ*хъу*лlэ*н, *гуэ*хъу*лlэ*н, *щlэ*хъу*лlэ*н, *дэ*хъу*лlэ*н, *фlэ*хъу*лlэ*н, *пы*хъу*лlэ*н»;
...

*"Дополненэ" зимыlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"хэм къатехъукl мы "префиксиал суффиксиал глагол"* щапхъэхэр *бзэм фlыщэу щыземыкlуэ*уи лъытапхъэхэрщ. Икlи, мы къэта щапхъэхэм *нэмыщl "суффикс"*хэм теухуа щапхъэ гуэр къызэрыдымыгъэлъэгъуари *бзэм щыземыкlуэ*рэ *игъуэ*уи зэрымылъытапхъэм папщlэщи, мыпхуэдэу зэрыщытри адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыщытым теухуауэ лъытапхъэщ. Ауэ икlи, *"префиксиал суффикс глагол"* зэрыухуэфынури а *"префикс"рэ "суффикс" мыхьэнэ*хэмрэ а *"глагол" мыхьэнэ*м *елъыта*уэ зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ.

Дауи, мы *етlуанэ лъэбакъуэ*у ухуа *"префиксиал суффиксиал глагол"*хэм *ипэ* къихуэу утыку къихьахэр *"дополненэ" зulэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"*хэм *къатехъукlа "префиксиал суффиксиал глагол"*хэрауэ зэрылъытапхъэри жытlагъащи, ахэр икlи *бзэм нэхъ щызеклуэ*рэ *игъуэ*уи зэры*лъытапхъэ*хэри жыlэпхъэнщ.

Ауэ, *глагол лэжьэкlэр къызыщеклуэкl*ри зэрылъытэу *"дополненэ"* зыхэзыубыдэрщ *"щlыnlэ"* лъытэ *"префикс"*хэри, нытlэ, мы ипэкlэ *"дополненэ" зимыlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"*хэм *"щlыnlэ"* лъытэ *"префикс"* къащтэу къатехъукl *"префиксиал суффиксиал глагол"*хэм *"дополненэ"* ягъуэту зэрылажьэ щапхъэ гуэрхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «*щы*хъу*хьы*н: **ар** абы *щ*охъу*хь*»; «*и*хъу*хьы*н: **ар** абы *й*охъу*хь*»;
- «*l*ухъу*хьы*н: **ар** абы *l*уохъу*хь*»; «*щlэ*хъу*хьы*н: **ар** абы *щlэ*охъу*хь*»; «*дэ*хъу*хьы*н: **ар** абы *дэ*охъу*хь*».

## ЕТlУАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ

# "lУЭХУ" ЗЭРЫГЪЭЗАЩlЭ "ХЬЭРЫЧЭТ" КЪЫЗЭРЫlУАТЭУ "lУЭХУ ГЛАГОЛ" ЗЭРЫУХУЭРЭ ЗЭРЫЛАЖЬЭМ ТЕУХУАУЭ

## "lУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭР ЗЭРЫЛЪЫТЭ ЛЪАГЪУЭМ ТЕУХУАУЭ

### "ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ"ХЭМРЭ "lУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭР ЗЭРЫЗЭХУЩЫТРЭ ЗЭРЫЗЭЛЪЫТАПХЪЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

Мы зи гугъу тщlы лъагъуэм теухууэ –япэрауэ- мы ипэкlэ "езырыж глагол"хэм теухууэ къедгъэкlуэкlа лэжьыгъэм *"езырыж глагол"* лlэужьыгъуэ гуэрхэм я *лэжьэкlэу* зы *"lуэху"* лlэужьыгъуэ зэрылъытэр къыхэгъэщыпхъэщ. Араща, *къызпкъырыкlым и лъэкlыныгъэ*у утыку къихьэ мы *"езырыж глагол"* лlэужьыгъуэхэр *щылажьэкlэ* нэгъуэщl гуэрми *нэсу* зы *"lуэху"*и утыку къохьэри, мыпхуэдэ *"езырыж глагол" лэжьэкlэ*хэр икlи мыбдежым щыгъуазэ дызыхуэхъуну *"lуэху глагол"*хэм хуэкlуэ *лъагъуэ*р зэрызэlухауи лъытапхъэщ. Икlи, мы зи гугъу тщlы -"дополненэ" зиlэу лажьэ- *"езырыж занщlэ глагол" гуэрхэр "суффикс"*рэ игъуэ *"префикс"*кlэрэ зэрыухуэ *"префиксиал суффиксиал глагол" гуэрхэр*и *"lуэху глагол"* лlэужьыгъуэхэу зэрыщытми "езырыж глагол"хэм теухуа лэжьыгъэ кlэуххэм къызэрытпыщlэхуари къыпытщэжынщ.

Мы зи гугъу тщlахэр япэ лъыта глагол лlэужьыгъуэу "езырыж глагол"хэм я лэжьэкlэхэр "lуэху глагол"хэми лъабжьэ яхуэхъуу зэрыщытым теухуа щапхъэхэрщ. Икlи, "езырыж глагол"рэ "lуэху глагол" зэлъытэныгъэрэ зэпыщlэныгъэхэм теухуа нэгъуэщl лэжьэкlэ щапхъэхэри къэгъэлъэгъуапхъэщи, илъабжьэм -игъуэ зэрыхъукlэ- мыпхуэдэхэми я гугъу щытщlынщ. Ауэ, *адыгэбзэ*р зы *макъыбзэ*у зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, *"езырыж глагол"*хэм къыщlидзэу *"lуэху глагол"*хэм *хуэклуэ*у мы къыхэдгъэщарэ зи гугъу щlыпхъэ *лъагъуэ*хэм елъытауэ *нэхъ лъабжьэ* lуэхугъуэхэри лъытэфыну къыщlэкlынщи, мыбдежым мыпхуэдэ гуэрхэри къыщыхэдгъэщынщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *глагол* къэхъуныгъэр япэрауэ *къэхъу-къэщl*ыгъуэу утыку къихьэ *хьэрычэт* зэрылъытэу лъытапхъэщи, мыри *япэ*рауэ сытри зэрылъытэ *"м" макъкlэ*рэ *лъыта*уэ зэрыщытри жытlагъащ. Араща, *япэрей*рэ *пэщхъынэ мак*ъыу утыку къихьа *"м" мак*ъыр къызыхэзыгъэlукl

псэущхьэм *сытри зэрилъытэ*у зэрихьэу щытауэ зэрылъытапхъэр икlи зы *"псэлъэбзэ купщlэ"*уи зэрылъытапхъэри жытlагъащ. Мыпхуэдэ хьэрычэтхэри *"езырыж глагол"* лlэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, "м" нэужьу утыку къихьэ макъхэм я мыхьэнэм теухуа хьэрычэтхэри -ар дыдэу- "езырыж глагол" лlэужьыгъуэхэу зэрыщытхэми щыгъуазэ дахуэхъуащ.

Мы зэрыжытlарэ ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, *япэрей макъ*ыу пэщхъынэри зи къэхъупlэу утыку къихьауэ зи гугъу тщla *"м" макъ*ыр *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэ *хьэрычэт*у псэущхьэм *къыпыщlэхуэ*р зэрилъытэр *"езырыж глагол"*рэ и *лэжьэкlэ*м теухуарэ *лъабжьэ* хуэхъуауэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщи, *"м" макъ*ым и *къэхъупlэгъу*у *"м" макъ нэужь* макъ гуэрхэм –зи мыхъуми *"хь" нэужь*у- къакlэлъыкlуэу утыку къихьауэ лъытапхъэ **"н" макъ**ым *и япэрей* **къалэн**ри **"м" макъкlэ**рэ **лъытам** теухуарэ *хуэгъэзауэ* **гъэзэщlапхъэ**р зэрылъытэуи жыlэпхъэнщ. Нытlэ, *"езырыж глагол"* лlэужьыгъуэу зи *лэжьэкlэм* щыхэлъытэ *"lуэху"*м *нэсыр "н" мак*ъым хуэфащэ *къалэн*у лъытапхъэнщи, мыр икlи **"lуэху глагол"**ым *хуэкlуэ* **лъагъуэ**ми *пэщlэдзэ*рэ *лъабжьэ* хуэхъуу лъытапхъэнщ. Икlи, *сытри зэрылъытэ "м" макъ нэужь*рэ *и къэхъупlэгъу*у утыку къызэрихьами зэрезэгъкlэ, **"н" макъ**ыр къызкlэлъыкlуэу **кlэух** зыхуэхъу *макъ/псэлъэпкъ/псалъэ*р -и мыхьэнэкlэрэ а зэрыщыту- **лэжьэну зэрыгъэпс**рэ *"инфинитив глагол"* ухуэн *къалэн*и зэригъэзащlэми ипэкlэ щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ.

Ауэ, япэрей макъыу щыт "м" макъ къэхъупlэгъуу утыку къихьауэ зи гугъу тщlы *"н" макъыр "м" макъым къыкlэлъыкlуэ etlуанэ макъыу* къэхъуауэ зэры*мылъытапхъэ*ри гурыlуэгъуэщи, "н" макъыр "м" макъ нэужьми, "н" макъыр къыщыхъуа зэманыгъуэр *"м" нэужь*у утыку къихьа *макъ гуэрхэм къакlэлъыкlуэ*у лъытапхъэнщ. Икlи, **"н" макъ**ыр *"м" макъым хуэдэу хуиту къэlукlэ зимыlэ* макъыу зэрыщытыр наlуэщи, **пэщхъынэ**м **жьы**р зэры**дэкъуз**кlэрэ мы *къызэрыlу* щlыкlэм *"къ" макъ къэхъуныгъэ щlыкlэ* хэлъуи лъытапхъэнщ. Мыпхуэдэу зэрыщыткlи, "н" макъыр *тэмакъ*ыр *макъ къэlупlэ зэрыхъунум* хуэкlуэ *лъагъуэм* хиубыдэу къэхъууэ, е, *темакъ*ыр макъ къэхъупlэ *хъуа нэжь*у -"къ" нэужь-къэхъууэ лъытапхъэнщ.

Ауэ, *"м" мак*ъым и *къэхъупlэгъу "н" мак*ъыр *"хь" макъ нэужь*у къызэрыхъуари lупщlыу жыlэпхъэнщи, *"езырыж глагол"* лlэужьыгъуэ гуэрхэм я *лэжьэкlэ*р *"lуэху"м зэрынэс*ыр зэрылъытэ *къалэн* игъэзащlэу

зэрыщытри мырагъэнщ. Аращи, *"езырыж глагол"*хэм я лэжьэкlэхэм *"lуэху"* зэрыхэ*лъыт*эм теухуауэ *къалэн* зыгъэзащlэ **"н" макъ**ыр *"lуэху глагол"хэр зыхуэlуа*уэ лъытапхъэ *цlыху*р япэу зэрылъыта *"хьэ"*мрэ икlи абы и *япэрей "lуэху"* лlэужьыгъуэу лъытапхъэ *"хьын"*ми *лъабжьэ* хуэхъуа **"хь" макъ нэужь**у утыку къихьагъэнщи, *пэщхъынэ*р зи къэхъупlэу -*"м" макъ къэхъупlэгъу*у- зы макъырщ:

| |
|---|
| "м" → {"хь", ...} → "н" ("м"ыкlэрэ лъытам хуэгъэза *хьэрычэт*; - *"lуэху" лъагъуэ*)<br>\|`→→→→→→→→´<br>(*езыр езырурэ къэхъу*рэ лажьэр зэрылъытэ; "бзэ лэжьэкlэ купщlэ") |

Дауи, *къэхъу-къэщlыгъуэ "хьэрычэт"*у езыр езырурэ утыку къихьэр – "езырыж глагол"рэ лэжьэкlэр- зэрылъытэр *"м"ыкlэрэ*мэ, мыпхуэдэу *гурыlуэгъуэ хъуам* теухуарэ *хуэкlуэу гъэзэщlапхъэ*р зэрылъытэ *"н" макъ*ри *"lуэху"* лlэужьыгъуэу лъытапхъэнщ. Ауэ, "н" макъыр япэрей макъыу щыт *"м" макъым хуэдэу* сытри зэрылъытэу зы "бзэ купщlэ" пэлъытэу зэрыземыкlуари гурыlуэгъуэщи, "м"ым хуэдэу зы "бзэ лэжьэкlэ купщlэ"у е "lуэху глагол лэжьэкlэ купщlэ"рэ пэщlэдзэу зэрымылъытапхъэри наlуэщ.

Дауи, *глагол къэхъуныгъэ*р *"lуэху глагол"*хэм къызэрынэсари *"цlыху"*м – "хьэ"м- *елъытарэ теухуа*уэ лъытапхъэщи, *иужькlэ цlыхум нэмыщl*хэм я *"хьэрычэт"*рэ лэжьыгъэ гуэрхэри *"lуэху глагол"* лlэужьыгъуэу лъытапхъэ хъуами, **"lуэху глагол"** жыхуэтlэ *"хьэрычэт"*хэр зи *лэжьыгъэ*у зи **лъабжьэ**р **цlыху**рауэ -"хьэ"рауэ- лъытапхъэщ. Аращи, *"хьэ"м* -цlыхум- *къэхь-нэхь* лlэужьыгъуэу *къилэжь*хэм къыщlидзэу, иухуэрэ *утыку къыригъэхьэ* щlэ гуэрхэр *къызэрилэжь "хьэрычэт"*хэр зэрылъытэу *"lуэху глагол"* жыхуэтlэхэр *къызпкъырыкl*ыу *зыхуэlуар цlыху*м езырауэ жыlэпхъэщ.

*

Япэрей ди лэжьыгъэхэмрэ мыбдежми къызэрыхэдгъэщауэ, езыр езырурэ утыку къихьэ *"къэхъу-къэщlыгъуэ"* лlэужьыгъуэ *"хьэрычэт"*хэр зэрылъытэу *"езырыж глагол"*хэр глагол къэхъуныгъэу *япэу къэхъуа*уэ лъытапхъэщи, мыбы къыкlэлъыкlуэу утыку къихьауэ лъытапхъэ *"lуэху глагол"*хэри *цlыху лэжьыгъэ*рэ *lэщlагъэ* зэрылъытэ *"хьэрычэт"*хэу, глагол къэхъуныгъэу -"езырыж глагол"хэм къакlэлъыкlуэу- *етlуанэ лъэбакъуэ*у зэрылъытапхъэнури гурыlуэгъуэнщ.

Ауэ икlи, *бзэр цlыху зэхуакум щызекlуэ*у зэрыщlидзари *"lуэху"* лlэжьыгъуэ зэрылъытэ *псалъэ*хэу *"lуэху глагол"* лlэужьыгъуэу лъытапхъэнщи, *"lэмыр модэ"* жыхуэтlэ къэlуэтэкlэрэ *псалъэ*

лIэужьыгъуэхэр мыпхуэдэу лъытапхъэщ. Зэрыгурыlуэгъуэу, глагол лIэужьыгъуэу *"езырыж" е "lуэху"*у дауи щырет, *"lэмыр модэ"* жыхуэтIэр *гъэзэщlапхъэ*у зэрыщытклэ *"lуэху" лIэужьыгъуэ псалъэ*хэрщ. Нэхъ зэlухауэ къыхэгъэщыпхъэмэ, *бзэр къэзыlуатэ* **"сэ"м къыпкъырыкl**ыу *и ужьыгъуэ*у илъытэу зызэрыхуиужьу *занщlэу зэпсалъэ* и пышэгъум **-"уэ"м-игъэзэщlэн хуей**уэ **хуиlуэху** *унуафэ* лIэужьыгъуэ *псалъэ*хэр -фIэкlыпIэ имыIэу- **"lуэху"** *лIэужьыгъуэ* **псалъэ**хэу зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ. Аращи, мы *унафэ* лIэужьыгъуэхэр **гъэзэщlапхъэу япэрей "lуэху"** лIэужьыгъуэ *псалъэхэр*агъэнщи, икlи, *бзэр* -зыгуэрхэр *гъэзэщlэн*ым теухуауэ- **цlыху зэхуакум щызекlуэ**у *зэрыщlидза* япэрей **псалъэ** лIэужьыгъуэхэуи лъытапхъэнхэрщ.

Нытlэ, *"сэ"м къыпкъырыкl*рэ *"уэ"м хуэгъэза*рэ икlи *"уэ"м игъэзэщlапхъэ* зэрылъытэ мы *"lуэху"* лIэужьыгъуэ *псалъэ*хэр *цlыху зэхуакум япэу щызекlуэ* псалъэхэр -иужькlэ *глагол лIэужьыгъуэ*у *"езырыж"рэ "lуэху"*у *дауи* ирелъытэ- *"lэмыр модэ"* лIэужьыгъуэ псалъэхэращи, мы ипэкlэ зи гугъу тщlарэ къыхэдгъэщахэри зыхэплъэгъуэну *"lэмыр модэ"* лIэужьыгъуэ *щапхъэхэр*и мы илъабжьэм *"дополненэ" зиl*эрэ *зимыl*у лажьэ *"езырыж занщlэ глагол"*рэ *"lуэху занщlэ глагол"* зэрызым теухуауэ къыпытщэнщ:

- *"езырыж занщlэ глагол"* лIэужьыгъуэу: «хъу!; кlуэ!»;
- *"lуэху занщlэ глагол"* лIэужьыгъуэу: «щlы!; хьы!».

*

Япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *"езырыж глагол"рэ "lуэху глагол"*хэр *зыр зым и лэжьэкl*эуи къэlуэтэфхэрщ. Ауэ, мыбы нэмыщl, *"езырыж глагол"рэ "lуэху глагол"*хэр *зэрызэпыщlа*рэ *зэрызэщхьэщыкl* щlыкlэхэри щыIэщи, мы илъабжьэм мыпхуэдэ гуэрхэми я гугъу щытщlынщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, **япэ**у лъытарэ къэхъуа **хьэрычэт** лIэужьыгъуэхэр **"езырыж глагол"** жыхуэтIэхэм я **лэжьэкlэ**ущ къызэрыlуэта щlыкlэри, мыбыхэм къыкlэлъыкlуэу **иужь**ыlуэкlэ *лъыта*рэ къэхъуа **"хьэрычэт"** лIэужьыгъуэхэри **"lуэху глагол"** жыхуэтIэхэм я **лэжьэкlэ**у къызэрыlуэтаращ ди лэжьыгъэхэм къызэрыхэщыр. Ауэ икlи, *"lуэху глагол"* жыхуэтIэхэм *лъабжьэ* яхуэхъуари *"сэ"м къыпкъырыкlыу "уэ"м* игъэзэщlэну *хуиlуэху*хэр зэрылъытэу *"lэмыр модэ"* жыхуэтIэ *псалъэ лIэужьыгъуэ*хэрауэ зэрылъытапхъэми мы ипэкlэ и гугъу щытщlагъэххэщ. Дауи, *иужькlэ лъыта*рэ къэхъуа *хьэрычэт* лIэужьыгъуэу нобэ *"lуэху глагол"*у тлъытахэри **япэу** къызэрыlуэтагъэнур **"езырыж глагол"**

жыхуэтlэхэм я **лэжьэкlэ**у щытагъэнщи, *иужьыlуэкlи утыку къызэрихьэ щlыкlэу "езырыж глагол"* жыхуэтlэхэм *къащхьэщыкl "lуэху глагол"* лlэужьыгъуэ *лэжьэкlэ*рэ къэlуэтэкlэхэр утыку къызэрихьагъэнури жыlэпхъэнщ.

Ауэ икlи, *"езырыж глагол"* лlэужьыгъуэу тлъытэхэри къэlуэтэкlэу *и кlуэцlкlэ зэщхьэщыкl*ыу лъытапхъэщи, *япэ къэхъуа*уэ лъытапхъэ *"езырыж глагол"* лlэужьыгъуэхэр *къэхъу-къэщlыгъуэу езыр езырурэ утыку къихьэ хьэрычэт* зэрылъытэ *"езырыж глагол"* лlэужьыгъуэхэращ; мыбыхэм *къакlэлъыкlуэ*у иужькlэ утыку къихьауэ лъытапхъэ *"езырыж глагол"* лlэужьыгъуэхэри глагол *"субъект"*ым и *лъэкl*ыныгъэу утыку къихьэ *хьэрычэт* лlэужьыгъуэу икlи зы *"lуэху"и лъытэф хьэрычэт* лlэужьыгъуэхэрщ. Ныtlэ, зы глагол **"субъект"**ым и **лъэкlыныгъэ**у къыпкъырыкlыу *езырыжу утыку къихьэ хьэрычэт*кlэ зы **"lуэху"**и - дополненэу- зэры**лъытэ** мы **"езырыж глагол"** лlэужьыгъуэ **лэжьэкlэ**хэрагъэнщ зы *субъектым игъэзащlэ "lуэху"* зэрылъытэ **"lуэху глагол"** *къэхъуныгъэ*м **лъабжьэ** хуэхъуауэ лъытапхъэр.

Мыбдежым *"езырыж глагол"рэ "lуэху глагол" зэхущытыкlэ*м и зы *щапхъэфl*ыу лъытапхъэ **"плъэн"**рэ **"лъагъуэн"** глагол **зэхущытыкlэ**ри дигу къыщыдгъэкlыжыныр игъуэщ. Аращи, зы *субъект*ым и *лъэкl*ыныгъэу щыт *"плъэн"*ыр -*"езырыж глагол"*у- *щылажьэкlэ* (ар абы маплъэ) икlи *зэплъ* зы пкъыгъуэ е *"лъэ"*р –и *жыжьагъэ*кlи (*а*) зэрылъытэу (лъа)- *и "гъу"*кlэ джыуэ *(гъун) гъэзащlэ*у -*"lуэху"* лlэужьыгъуэу- утыку къихьэри *"лъагъун"* псалъэмкlэ къэlуатэ (абы ар елъагъу) зы *"lуэху глагол"*у зэрылъытэнури гурыlуэгъуэнщ.

*

*"Езырыж глагол"*хэмрэ *"lуэху глагол"*хэм я *зэхущытыкlэ*м теухуауэ аргуэру къыпыщапхъэмэ, икlи "езырыж глагол"рэ икlи "lуэху глагол"у лъытапхъэхэр щыlэщи, мыпхуэдэхэр *япэу дэтхэнэ глагол гуп*ым хиубыдэу къэхъуауэ зэрыщытри *зэщхьэщыгъэкlын*ыр *гугъу*щ. Е, глагол лlэужьыгъуэ къэхъуныгъэ зэкlэлъхьэужьыкlуэм елъытарэ теухуауэ жытlэмэ, езыр **"езырыж глагол"** лlэужьыгъуэу щытми, **"lуэху глагол" лэжьэкlэи зиlэ глаголх**эри щыlэщ. Ныtlэ, *"занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэхэу я *зэхуэдэу "езырыж занщlэ глагол"рэ "lуэху занщlэ глагол"* лэжьэкlэ зиlэ щапхъэ гуэрхэри *-зы глаголым и лэжьэкlэ щапхъэхэр*и зыхиубыдэу- къэтхьынщ:

«джын, ухын, ухуэн, унэщlын, къутэн (**ар мэ**къутэ; **абы е**къутэ)».

Мыхэр *"*занщlэ глагол*"* лlэужьыгъуэхэрщ; нытlэ, *зэхуэдэ*у ухуа *"префиксиал глагол"*хэу *мыхьэнитl* зиlэрэ икlи *"езырыж префиксиал глагол"*рэ *"lуэху префиксиал глагол"*уи *зэджапхъэ*хэр нэхъыбэнщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри *-зы глаголым и лэжьэкlэ щапхъэхэр*и зыхиубыдэу-мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «*и*хьэн, *lу*хьэн, *къуэ*хьэн, *хэ*хьэн, *гуэ*хьэн, *щlэ*хьэн, *дэ*хьэн, *фlэ*хьэн, *пы*хьэн (**ар** абы *п*охьэ; **абы** ар *п***е**хьэ)»;
- «*и*хун - *и*хуэн, *lу*хун - *lу*хуэн, *къуэ*хун - *къуэ*хуэн, *хэ*хун - *хэ*хуэн, *гуэ*хун - *гуэ*хуэн, *щlэ*хун - *щlэ*хуэн, *дэ*хун - *дэ*хуэн, *фlэ*хун - *фlэ*хуэн, *пы*хун (**ар** абы *п*оху; **абы** ар *п***е**ху) - *пы*хуэн (**ар** абы *п*охуэ; **абы** ар *п***е**хуэ)».

Мыбыхэм нэмыщl, *"езырыж глагол"*у е *"lуэху глагол"* лlэужьыгъуэу ***"ы"рэ "э" кlэухкlэ*** *къыщыlум* деж, и **мыхьэнэ**рэ **лэжьэкlэ**уи (*"*езырыж*"*рэ *"*lуэху*"*) **зэмыхъуэкl** *глагол*хэри щыlэщ. Ауэ, *къызэрыlур зэхуэдэ*рэ *зы мыхьэнэ зиlэ*у ухуа *глаголу* ***"ы"кlэ*** *къызэрыlу*р ***"lуэху глагол"***рэ, ***"э"кlэ*** *къызэрыlу*ри –гъэзащlэу щыту зэрылъытэу- ***"езырыж глагол"***у щытхэри мащlэкъым. Араща, *"ы"кlэ къэlу* глагол *вариант*ыр *"субъект"ыр lуэхум пыщlауэ гъэзащlэ "lуэху глагол"*щи, *"субъект"ым мы lуэхур къилэжьу щыту* зэрылъытэ *-"э"кlэ къызэрыlу-* и *вариант*ри *"езырыж глагол"*ущ зэрылъытэр. Нытlэ, мы зи гугъу тщlахэм теухуа зэхущытыкlэ зиlэ глагол щапхъэхэри *"макъ глагол"*хэм теухуауэ къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| Чын<br><br><br>---------- | - *Псыгъуэу зэгуэкl*ыныгъэ зэрылъытэу ***"езырыж глагол"***щи,<br>- Мыпхуэдэр зи лъабжьэу, лъакъуэхэр зэгуэкlыу зэрыдзри –мыпхуэдэм егъэщхьыныгъэу- *лъэбакъуэ "чын"*уэ ***"lуэху глагол"***уи бзэм щызокlуэр.<br>---------- |
| Чэн | - Псыгъуэу зэгуэкlыу -"чы(н)"уэ- щытынри ***"езырыж глагол"***щ. |
| Джын<br><br>---------- | - Къэхъурэ езыр езырурэ утыку къызэрихьэу ***"езырыж глагол"***щ;<br>- мыр зэрыгъэзащlэуи ***"lуэху глагол"***щ.<br>---------- |
| Джэн | - "Джы(н)"уэ щытыныгъэу ***"езырыж глагол"***щ.<br>- Макъ lэтакlэ джыуэ щытыныгъэуи ***"езырыж глагол"***щ. |
| Лын<br>---------- | - Зы гущlыlум (лы) зы фэ къегъэщтэн лэжьыгъэу ***"lуэху глагол"***щ.<br>---------- |
| Лэн | - "Лы(н)"уэ щытыныгъэу (э) ***"езырыж глагол"***щ; |
| Дын<br>---------- | - Фащэ хуэдэ lуэхугъуэ утыку къигъэхьэныгъэу ***"lуэху глагол"***щ.<br>---------- |
| Дэн | - "Ды(н)"уэ щытыныгъэуи ***"езырыж глагол"***щ. |
| Тlын<br>---------- | - ***"lуэху глагол"***щ.<br>---------- |
| Тlэн | "Тlы(н)"уэ щытыныгъэри ***"езырыж глагол"***щ. |
| Вын<br>---------- | - ***"lуэху глагол"***щ.<br>---------- |

| | |
|---|---|
| Вэн | - Мы ″вын″ lуэхур къекlуэкlыу -лажьэу- зэрыщыткlи ***″езырыж глагол″***щ.<br>- Tlкlуатlкlуэ лlэужьыгъуэ (пп: псы) къызэрывэри ***″езырыж глагол″***щ. |
| Пlын<br><br>----------<br>Пlэн | - ***″lуэху глагол″***щ;<br>- езы быныр зэрыпl лъэныкъуэкlи ***″езырыж глагол″***щ.<br>----------<br>- ***″lуэху глагол″***щ;<br>- езы быныр ″пlы(н)″уэ зэрыщытуи ***″езырыж глагол″***щ. |
| Шхын<br>----------<br>Шхэн | - ***″lуэху глагол″***щ.<br>----------<br>- ″Шхы(н)″уэ щытыныр зэрылъытэу ***″езырыж глагол″***щ. |
| Тхын<br>----------<br>Тхэн | - ***″lуэху глагол″***щ.<br>----------<br>- ″Тхын″ lуэхуу къекlуэкlыу щытыр зэрылъытэу ***″езырыж глагол″***щ. |
| Пхын<br>----------<br>Пхэн | - ***″lуэху глагол″***щ.<br>----------<br>- ″Пхы(н)″уэ щытыныгъэу ***″езырыж глагол″***щ;<br>- икlи, ″пхын″ зэпытыныгъэуи ***″lуэху глагол″***щ. |
| Лъхун<br>----------<br>Лъхуэн | - ***″lуэху глагол″***щ.<br>----------<br>- ″Лъху(н)″уэ щытыныгъэу ***″езырыж глагол″***щ. |
| Бжын<br>----------<br>Бжэн | - ***″lуэху глагол″***щ.<br>----------<br>- ″Бжы(н)″уэ щытыныгъэу ***″езырыж глагол″***щ. |
| Бзын<br>----------<br>Бзэн | - ***″lуэху глагол″***щ.<br>----------<br>″Бзы(н)″уэ щытыныгъэу ***″езырыж глагол″***щ. |
| Пщlын<br>----------<br>Пщlэн | - ***″lуэху глагол″***щ.<br>----------<br>- ″Пщlы(н)″уэ щытыныгъэу ***″езырыж глагол″***щ. |

*

Ипэкlэ зэрыжытlауэ, ″езырыж глагол″у –икlи *″езырыж занщlэ глагол″*у-тлъыта *″хьэрычэт″*хэрагъэнщ цlыхум –″хьэ″м- *япэ илъыта*гъэнухэри, мы ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, *″езырыж глагол″*хэм я *мыхьэнэ*рэ *лэжьэкlэ*хэр *лъабжьэ* яхуэхъуу утыку къихьарэ лъытауэ жыlэпхъэнщ *″lуэху глагол″*хэр. Аращи, ″езырыж глагол″ лlэужьыгъуэ ″хьэрычэт″хэр зэрылъытэу къызэрыlуэта щlыкlэхэм къыкlэлъыкlуэу *хуэм хуэму*рэ икlуэ зы *гъуэгуанэ* дэлъу жыlэпхъэщ *″езырыж глагол″*хэм -мы зэрыжытlауэ- *″lуэху глагол″* лlэужьыгъуэхэр *къазэрытехъукl*агъэнум.

*″Езырыж занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэу *щылажьэкlэ нэгъуэщl гуэрми зытеухуэ*у ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуахэрауэ жыlэпхъэщ *нэхъ игъуэ*у *″lуэху глагол″* къэхъуныгъэм *лъабжьэ* хуэхъуар. Аращи, и *мыхьэнэми*

*елъытауэ* мы **″езырыж занщlэ глагол″** лэжьэкlэхэм и **″субъект″**ымрэ *глагол лэжьэкlэр зытеухуэ* **″дополненэ″**м и **зэхуаку**м зы **″гъуэгуанэ″** зэры*дэлъ*ыр гурыlуэгъуэщи, ныtlэ, глагол **″субъект″**ым мы **″гъуэгуанэ″**р **зэрырикlуэ**ри зы **″lуэху″** лlэужьыгъуэу зэрыщытыкlэ, мыр *къызэрыlуатэ* щlыкlэри зы **″lуэху глагол″** *лэжьэкlэу* зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Мыри зы *″езырыж глагол″*ым зы *″lуэху глагол″ къызэрытехъукlыф*ымрэ икlи *″езырыж глагол″рэ ″lуэху глагол″ зэпыщlэныгъэ*р къэзыгъэлъагъуэ щапхъэрщ. Аращ икlии, мы *″езырыж занщlэ глагол″ лэжьэкlэм ″дополненэ″ зэрыхэлъытэр*и *″субъект″*ыр (ар) зэрыкlуэ *″гъуагуанэ″*р *зыдынэс*у зэрыухрэ щыухыущи, *глагол лэжьэкlэм елъыта*рэ *зэрыпыщlа*кlэрэ (б) -зэрыигъуэу- *″lуэху″* лlэужьыгъуэу лъыта *″дополненэ″*р (абы) икlи *″субъект″*ыр зэрыкlуэ мы *″гъуэгуанэ″*р зы *″lуэху″* лlэужьыгъуэу зэрыщытми зэрезэгъщ. *″Езырыж занщlэ глагол″ лэжьэкlэ*м *и зы лъэныкъуэ*у мыпхуэдэ *зы ″lуэху″*и утыку къызэрихьэр *щхьэжу ″lуэху″ къэлэжьыны*м –″lуэху″ гъэзэщlэным- *лъабжьэ* хуэхъуауи жыlэпхъэщ.

Мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщу, мыпхуэдэ зы *″езырыж занщlэ глагол″*ыр *щылажьэ*кlэ *зы лъэныкъуэ*кlэ зы *″гъуэгуанэ″*и мэлъытэри, зы *″lуэху″* лlэужьыгъуэу лъыта мы *″гъуэгуанэ″*р *зэрыкlуэ*у -зы *″lуэху″*у *гъэзащlэ*у- *къызэрыlуэтэф*ынури *″lуэху глагол″ лэжьэкlэ*ущ зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ. Ныtlэ, зы *″езырыж занщlэ глагол″ лэжьэкlэ*м (пп: кlуэн) и *″субъект″*мырэ (ар) и *″*дополненэ*″* (абы) *зэхуаку*м дэлъ *″гъуэгуанэ″*р (␣) *″субъект″*ым (абы) *зэрыкlуэ*у *гъэзащlэ ″lуэху″*р мы зи гугъу тщlы ″езырыж занщlэ глагол″ыр (кlуэн) *″lуэху занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэу къызэрыlуатэрэ *зэрылажьэ*ри къызэрыпыщэж щапхъэхэр мы илъабжьэу къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**ар** ␣ абы (″зыдэкlуэ″м) **ма**кlуэ»;
↓
- «**абы** ″гъуэгуанэ″р **е**кlуэ» → «**абы** ар **е**кlуэ».

Ауэ, мы ипэкlэ зи гугъу тщlа *″езырыж занщlэ глагол″*хэм хуэдэу зи *лэжьэкlэм* зы *″гъуэгуанэ″*и *илъытэу щымытми*, дэтхэнэ зы **″хьэрычэт″**ыр зы **энергие** зытекlуадэу *–зэман*рэ *гъуэгуанэ* ихьу- зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, зы **″lуэху″** лlэужьыгъуэу щытрэ икlи **къызэрылэжь**ырщи, ныtlэ, дэтхэнэ зы *″езырыж глагол″*ри *зэрылажьэ* щlыкlэу *къэлэжь* зы *″lуэху″* лъытапхъэщи, ар *къызэрыlуэтапхъэ*ри **″lуэху глагол″ лэжьэкlэ**ущ. Ныtlэ, *″езырыж глагол″ псоми* зы *″lуэху глагол″ лэжьэкlэ* яlэну лъытапхъэмэ, мыпхуэдэ зы щапхъэри (пп: бэуэн) мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- ″Бэуэн (езырыж занщlэ глагол) лэжьэкlэ: «**ар**(субъект) **мэ**бауэ»;
- И ″lуэху глагол″ лэжьэкlэ: «**абы** ″ибэуэну″р(объект) **е**бауэ» → «**абы** ар **е**бауэ».

Мыпхуэдэри *″езырыж глагол″*хэр *″lуэху глагол″*хэм *лъабжьэ* зэрыхуэхъурщ икlи мы глагол гупитlыр зэрызэпыщlари зэрылъытэрщ. Ауэ, мы зи гугъу тщla лэжьэкlэхэри а *глагол*ым и *мыхьэнэращ зэлъытар*и, *″езырыж глагол″ гуэрхэр хуиту ″lуэху глагол″у* зэры*мылэжьэф*ри жыlэпхъэщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэрщ -псалъэм папщlэ- *″къэхъу-къэщl лlэужьыгъуэ глагол″*хэр мы ипэкlэ къэта *″езырыж глагол″* (бэуэн) щапхъэм хуэдэу а зэрыщыту *хуиту ″lуэху глагол″*у лажьэу лъытапхъэкъым:

«ар мэхъу» → «абы ар ехъу!!» → *зэрыигъуэр*: «абы ар егъэхъу».

Япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, ″езырыж глагол″хэр ″lуэху глагол″у мы зэрылажьэм и пхэнджри пэжщи, *″lуэху глагол″хэри ″езырыж глагол″у мэлэжьэф*хэр. Мыпхуэдэу щылажьэкlи, **″lуэху глагол″**ым и **″объект″**ыр (ар) **″езырыж глагол″**ым и **″субъект″**у (ар) мэлъытэри, мыпхуэдэу щылъытэкlи, а **″lуэху глагол″**ым и **″пасив″ лэжьэкlэ**щ утыку къихьэр:

«**абы** ар **е**щl»;
↓
«**ар мэ**щl».

Дауи, **″езырыж глагол″**хэм **″lуэху глагол″ лэжьэкlэ** зэрагъуэтыфырэ **″lуэху глагол″**хэми **″езырыж глагол″ лэжьэкlэ** зэрагъуэтыфым *япэрей ди лэжьыгъэми щыгъуазэ* дызэрыхуэхъуари мыбдежми аргуэру дигу къыщыдгъэкlыжынщ.

*

″Езырыж глагол″хэмрэ ″lуэху глагол″хэм я лэжьэкlэхэмрэ икlи хиубыдэ ″щхьэ″хэм япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъуащи, мыбыхэм аргуэру теухуауэ псэлъитl-щы къыпытщэжынщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *″езырыж глагол″* жыхуэтlэр *езыр езырурэ къэхъу*рэ утыку къихьэ *″хьэрычэт″* лlэужьыгъуэ зэрылъытэрщи, мыпхуэдэ *″хьэрычэт″*ыр *зытеухуа*рэ *къызпкъырыкl*ри зы *″субъект″*у *″езырыж″* лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, *″lуэху глагол″* жыхуэтlэ *″хьэрычэт″*ыр зы гуэрым и *лэжьыгъэ*рщи, мыпхуэдэ глаголым и *″субъект″*ри и *лэжьыгъэм пыщlа*рэ *елъытаужьыгъуэ*у *″lуэху″* лlэужьыгъуэщ зэрылъытэр. Нытlэ, мы зэрыжытlауэ, **″езырыж глагол″**хэм я **″субъект″**хэр **″езырыж″** лlэужьыгъуэу**, ″lуэху глагол″**хэм я **″субъект″**хэри **″lуэху″** лlэужьыгъуэу зэрыщытхэр гурыlуэгъуэщ.

*"Езырыж глагол"*у щырет е *"lуэху глагол"*у щырет, дэтхэнэ зы *"хьэрычэт"*ыр *къызэрыхъу*рэ *зэрыгъэзащlэ*м теухуауэ *-глагол лэжьэкlэу-* зы *"субъект"* зэрыхуэлъытэр гурыlуэгъуэщ. Ауэ, *глагол лэжьэкlэ*хэм - фlэкlыпlэ имыlэу- щыхэлъытэну *"субъект"*ым *нэмыщl "щхьэ"*хэри *зыхэзыубыдэ*у лажьэ *глагол*хэри щыlэщи, мыхэри къыхэгъэщыпхъэщ. Ныtlэ, мы къыхэгъэщыпхъэхэм теухуауэ *япэрауэ "езырыж глагол"*хэм я гугъу тщlынри игъуэщ.

Ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *"езырыж глагол" нэхъыбэ*м я лэжьэкlэм *"щхьэ"*уэ хиубыдэр *"субъект" закъуэ*ращи, мыпхуэдэ *"хьэрычэт"*хэри *"къэхъу-къэщlыгъуэ"* лlэужьыгъуэхэрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Ауэ, мыпхуэдэу щымытрэ *зы гуэрым и лъэкlыныгъэу* езыр езырурэ *утыку къихьэ* –къытехъукl- *"хьэрычэт"*хэри щыlэщи, мыхэри а *зи лъэкlыныгъэм къыпкъырыкl*ыу *утыку къыщихьэкlэ нэгъуэщl гуэр*ми *нэс*рэ *теухуэ*у лэжьэкlэ зиlэ *"езырыж глагол"*хэрщ. Ныtlэ, *къызпкъырыкl "субъект"ым нэмыщl* икlи мы *зытеухуэ*р *зэрылъытэу "щхьиtl"* зыхэзыубыдэ лэжьэкlэхэрщ мыпхуэдэ *"хьэрычэт"*хэри, "субъект"ым къыпкъырыкlыр *зытеухуэ* мы *етlуанэ "щхьэ"*ри -мы *глагол лэжьэкlэм елъыта ужьыгъуэ*у зэрыщыткlэ- зы *"lуэху"* лlэужьыгъуэу зэрылъытэми ипэкlэ *"дополненэ"*у щыгъуазэ дыщыхуэхъуащ.

Дауи, мы зэрыжытlауэ, "езырыж глагол" гуэрхэм я лэжьэкlэу - *"субъект"*ым нэмыщl- зытеухуэ "дополненэ"и хэлъытэми, *"езырыж глагол"*у лъытэ *"хьэрычэт"*ыр *щхьэжу зэрылъыт*эрэ *къызпкъырыкl*ыр *"субъект"*ращи, мыпхуэдэу зэрыщытым къикlри зыгурыгъэlуэн хуейщ.

Зэрыжытlауэ, **къэхъу-къэщlыгъуэ**у е зы гуэрым **къыпкъырыкl**ыу *езыр езырурэ* **утыку къихьэ**хэр зэрылъытэ **"хьэрычэт"**у *"езырыж глагол"* жыхуэтlэ *лэжьэкlэ*хэр **щхьэжу** *зэрылъытэр*и **"субъект"**ым **езыр**ауэщ. Мы *езыр езырурэ утыку къихьэр* зы *гуэру* –зы *"щхьэ"*уэ- зэрылъытэращ глагол *"субъект"*ри, *глагол лэжьэкlэу къэlуатэр* зытеухуар *а зэрыщыту* -щхьэжу- *"езырыж"* лlэужьыгъуэу мы лъытар *икlи* езыр езырурэ мы къэхъур *"объектив"*уи *зэрылъыт*эрщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, **"езырыж глагол"** лlэужьыгъуэ *лэжьэкlэу утыку къихьэр щхьэжу зылъытэ* **"субъект"**ыр икlи *езырыжу* мы **утыку къихьэр** зэрыщыту зы **"объект"**уи **зэрылъытапхъэ**рщи, ныtlэ, *"езырыж глагол"*ым и *"субъект"*ыр икlи мы *"хьэрычэт"*ым и **объективацэ**рщ.

Мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщу, *"езырыж глагол"* лэжьэкlэу **езыр езыру**рэ къэхъурэ утыку къихьэ **"хьэрычэт"**ыр **щхьэжу** зэрылъытэрэ

**зэрыгъэлъагъуэ**р глагол **″субъект″**кlэрэщи, нытlэ, мы *″езырыж глагол″ лэжьэкlэ*рэ *къэlуэтэкlэм* мы къэхъурэ *утыку къихьэр ″объектив″у зэрылъытэ ″щхьэ″ хиубыдэкъым*: **″езырыж глагол″** *лэжьэкlэ*хэм *″щхьэ″*уэ **″объект″ щыхэлъытэкъым**. Араща, ″езырыж глагол″ лэжьэкlэу утыку къихьэр *щхьэжу зэрылъытэ ″субъект″*ыр икlи *утыку къихьэр щхьэжу -объектив*у- *къэзгъэлъагъуэ*у лъытапхъэрщи, *″езырыж глагол″ лэжьэкlэ*рэ къэlуэтэкlэм *щхьэхуэ*рэ *щхьэжу* зы *″объект″* хиубыдэкъым. И **″субъект″**ыр икlи **зи ″объект″ыжу** -*зылъэlэсыжу*- *лажьэ*рящ **″езырыж глагол″**хэри, *нэгъуэщl гуэрым нэмыс*рэ *лъэмыlэсу* -″хьэрычэт″ыр *нэгъуэщl гуэрым* **″трансфер″** хуэ**мыщl**ыу- *езым и* **кlуэцlым** *ирикlуэ*рэ **щызекlуэж**у езым зэры**лъэlэсыж**ыр **″интрансив/интранситив″**ущ зэралъытари, мыри адыгэбзэм **″лъэмыlэс″**ущ зэрыщыхэлъытар.

Ауэ, мы *″интрансив/интранситив″* псалъэхэр *″трансив/транситив″* псалъэхэм *елъыта*уэ зэры*ухуагъэну*ри гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, *″субъект″ым къыпкъырыкlрэ къилъэжь*ыр *нэгъуэщlым* –езым нэмыщlым-*трансфер зэрыщl ″хьэрычэт″*ыр *ипэ игъэща*рэ *лъабжьэ*у лъытауэ, мыбы *нэужь*рейрэ *къыкlэлъыкlуэ ″хьэрычэт″*ри *″субъект″*ым езым и *кlуэцlым къыщекlуэкl*ыу *езыр езырурэ утыку къихьэрауэ* зэрылъытар гурыlуэгъуэщи, мыр *глагол къэхъуныгъэ зэкlэлъхьэужьыкlэ*м теухуауэ ди лэжьыгъэхэм гурыlуэгъуэ къытхуищlахэм зэр*емызэгъ*ри наlуэщ. Араща, *глагол къэхъуныгъэ зэкlэлъхьэужьыкlэ*р *нэмыплъ зыщl* зы *класификацэ*рщ глаголхэр *″трансив″*рэ *″интрансив″*у зэрызэщхьэщыгъэкlари, *″глагол″*ыр *″объектив″*у зы *″lуэху″* утыку къизыгъэхьэу *″транферацэ″*р зи *″критер″ класификацэ*рщ.

Мы къэтlуэтахэмкlи гурыlуэгъуэщи, *″хьэрычэт″*хэр *утыку къызэрихьэ*рэ я *зэкlэлъхьэужьыкlэ*р зи лъабжьэу *″глагол″*хэр *″езырыж″*рэ *″lуэху″* лlэужьыгъуэхэу *класификацэ* зэрыщlауэ ди лэжьыгъэхэм щызекlуэхэр *нэхъ лъабжьэ*у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ *″трансив″*рэ (лъэlэс) *″интрансив″*у (лъэмыlэс) нобэрей *бзэщlэныгъэм ″глагол″*хэр *класификацэ* зэрищlым елъытауэ. Икlи, *адыгэбзэ*р зы *макъыбзэ*у зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, *псэлъэбзэр нэхъ лъабжьэрэ* и *къежьанlэ*кlи зылъытэфыну зы бзэу зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ.

Мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlащи, къэхъу-къэщl лlэужьыгъуэхэм къыщlидзэу езыр езырурэ утыку къихьэ ″хьэрычэт″хэр зэрылъытэ глаголхэр ″езырыж глагол″у зэрылъытэрэ мыхэри ″лъэмыlэс″у зэрылъытапхъэхэм нэмыщl, *″субъект″*ым къыпкъырыкlрэ *къилэжь*ыр

зэрылъытэ *"хьэрычэт"*кlэрэ зы *"lуэху"* лlэужьыгъуэ *зэрыгъэзащlэ "глагол"*хэри зэрыигъуэу **"lуэху глагол"**ущ *зэрытлъытари, "субъект"ым и лэжьыгъэу нэгъуэщl гуэрым трансфер зэрыхуэщlыу, "субъект"ым къилэжьыр езым нэмыщlым* нэсрэ зэры**лъэlэс**у мы *зэрытелэжьыхь*ри **"трансив/транситив"** лlэужьыгъуэущ зэралъытар. Аращи, щылажьэкlэ и *лэжьыгъэр зылъэlэсу* –глагол *"*субъект*"*ым нэмыщl- зы **"объект"**и **зыхэлъытэ** мыпхуэдэ **глагол**хэри адыгэбзэщlэныгъэу **"лъэlэс"**ущ зэрылъытар. Нытlэ, **"lуэху глагол"** лlэужьыгъэхэращ икlи **"лъэlэс глагол"**уи лъытапхъэхэр.

Ауэ, адыгэбзэр макъыбзэу зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, мыхьэнэбзрэ лъэжьэкlэбэрщи, **"объект" зимыlэ "lуэху глагол"** *лэжьэкlэ*хэри зэриlэфынум ипэкlи щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ. Аращи, *"lуэху глагол"* лэжьэкlэ зиlэрэ и *"субъект"*ри *"lуэху"* лlэужьыгъуэу щыт щхьэ, *"субъект"*ым *езым нэмыщlым* **трансфер** хуэ**мыщl лэжьыгъэ**у, нэгъуэщl гуэрым –зы *"объект"*ым- *лъэмылэс*у *гъэзащlэ "lуэху"* лlэужьыгъуэхэри щыlэщи, мыпхуэдэхэр **"lуэху глагол"**у щыт **щхьэ**, **"лъэlэс глагол"**у зэры**мылъытапхъэ**ри гурыlуэгъуэнщ.

## "lУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭР И КlУЭЦlКlЭ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫГЪЭКlЫПХЪЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

*Къэхъу-къэщlыгъуэ* зэрылъытэу утыку къихьауэ лъытапхъэ *глагол къэхъуныгъэр "lуэху глагол"*ым къызэрынэсари *"цlыху"*м –*"*хьэ*"*м- елъытарэ теухуауэ лъытапхъэщи, **"lуэху"** жыхуэтlэр **зыхуэlуа**рэ зи лэжьыгъэри **цlыху**рауэ зэрыщытыр ипэкlэ къыщыхэдгъэщащ. Нытlэ, *псэлъэбзэ*м и *"субъект"*у щытрэ *сытри зылъытэу къэзыlуатэ "цlыху"*р *"lуэху" къэзлэжь*рэ лэжьэнкlи *зэрыужь*ым дэщlыгъуу **"lуэху глагол"**у мы тлъытахэри *клуэ пэтрэ* зэры*бэгъуэну*ри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, япэ къэхъуарэ *къэхъу-къэщlыгъуэ*у сытри зэрылъытэ *"езырыж глагол"*хэр зы зэманыгъуэхэм *"глагол" лlэужьыгъуэ закъуэ*хэу щытарэ, *"lуэху глагол" къэхъуныгъэ*ми *лъабжьэ* хуэхъуауэ лъытапхъэу щытми, *цlыхум* lуэху къэлэжьынкlэрэ зызэриужьым *елъыта*рэ теухуауэ *"lуэху глагол" къэхъуныгъэ*ри кlуэ пэтрэ зэры**бэгъуэну**рэ и *бжыгъэ*кlи -*"*езырыж глагол*"*хэм елъытауэ- *нэхъыбэ зэрыхъуну*р гурыlуэгъуащэщ.

Мы ипэкlэ утыку къызэрихьа щlыкlэм гулъытэ зыхуэтщlа *"*lуэху глагол*"*хэу **япэу** *утыку къихьа*хэр **"lуэху"** лlэужьыгъуэу лъытапхъэ

**″хьэрычэт″**хэр *занщlэу* утыку къихьэхэращи, мыхэр **″lуэху занщlэ глагол″**хэу лъытапхъэхэрщ. Мыпхуэдэ глагол лэжьэкlэхэр **″субъект″ым занщlэу къилэжь lуэху**гъуэхэрщ; *″субъект″*ым и **занщlэ ″хьэрычэт″**кlэ *″lуэху″* лlэужьыгъуэ утыку къызэрихьэрщи, ар *къыщылэжь*рэ *къызэрылэжь*ыр зэры*мылъытэу занщlэу* утыку къихьэ *lуэху* зэрылъытэ *″lуэху глагол″* лlэужьыгъуэхэрщ.

Мыпхуэдэу *и занщlэ ″хьэрычэт″* лlэужьыгъуэкlэ *″субъект″ым къилэжь*у утыку къыригъэхьэ мы *″lуэху″*ри -ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ- **″объект″**ущ зэрылъытэри, нытlэ, зы *″lуэху занщlэ глагол″*ым *къэзылэжь*рэ -″субъект″рэ- *лэжьыгъэу* -″объект″у- лъэныкъуитl -*″щхьитl″*- зыхеубыдэр.

Мыпхуэдэу зэрыщытым нэмыщl, *щыгъэзащlэкlэ нэгъуэщl гуэр*ми *теухуэ ″lуэху занщlэ глагол″*хэри щыlэщи, мыбыхэм я лэжьэкlэм *″субъект″рэ ″объект″ым нэмыщl аргуэру* зы гуэр *-зы ″щхьэ″*- щыхолъытэри, мыпхуэдэри ипэкlэ **″дополненэ″**у зэрылъытагъари гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, -″езырыж занщlэ глагол″хэм хуэдэу- *″lуэху занщlэ глагол″*хэри **″дополненэ″ зиlэ**рэ **зимыlэу лажьэ ″lуэху занщlэ глагол″**хэу зэры*зэщхьэщыгъэкlыпхъэ*ри гурыlуэгъуэщ. Ауэ икlи, -″езырыж занщlэ глагол″хэм хуэдэу- *″lуэху занщlэ глагол″*хэми **″дополненэ″ зиlэу лажьэ**хэр бжыгъэкlэ **мащlэ**у зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, ″lуэху занщlэ глагол″хэм теухуа лэжьыгъэр мы къыхэдгъэщахэр зыхиубыдэу зэрызекlуэнури мыбдежым къыщыпытщэнщ.

Ауэ икlи, я лэжьэкlэхэм хиубыдэ мы *″щхьэ″*хэри *″lуэху″*рэ *″езырыж″* лlэужьыгъуэу зэрылъытэнур гурыlуэгъуэнщи, ипэкlэ *″езырыж занщlэ глагол″* лэжьэкlэхэм *″субъект″*хэр *″езырыж″* лlэужьыгъуэу (пп: ар) щыхэлъытэкlэ, **″lуэху глагол″** лэжьэкlэхэми **″субъект″**хэр **″lуэху″** лlэужьыгъуэу (пп: абы) зэрыхэлъытэнур гурыlуэгъуэнщ. Икlи, -″езырыж занщlэ глагол″ гуэрхэм хуэдэжу- *″lуэху занщlэ глагол″ гуэрхэм* я *лэжьэкlэр зынэс*рэ зытеухуэ *″lуэху″* зэрылъытэри мы ипэкlэ къыхэдгъэщащи, нытlэ, *глагол лэжьэкlэр зытеухуэ*у утыку къихьэ мы *″lуэху″* лlэужьыгъуэр зэрылъытэ **″дополненэ″**ри *″щхьэ″уэ* **″lуэху″** *лlэужьыгъуэ*у (пп: абы) зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ.

– Ауэ, ″е″ префиксиал ″езырыж глагол″хэм я лэжьэкlэхэм ″субъектив дополненэ″хэр ″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэм ″езырыж″ лlэужьыгъуэу зэрыхиубыдэм ипэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, нытlэ, **″lуэху глагол″**хэм я *лэжьэкlэу* **″е″ префиксиал**у ухуэ *псалъэхэм*рэ икlи *″е″ префиксиал ″lуэху глагол″*хэм я **″лэжьэкlэу ухуа псалъэ″**хэм **″субъектив**

**дополненэ**″хэр -**″lуэху″**у е **″езырж″**у- зэрыхиубыдэ щlыкlэхэми игъуэр къыщысым щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

**″lуэху глагол″** лэжьэкlэхэм *″lуэху″ лlэужьыгъуэ ″субъект″*хэм нэмыщl, мы *″субъект″ым къилэжь* **″обьект″**и зыхэзыубыдэрщи, мыри *а зэрыщыту* **″езырыж″** *лlэужьыгъуэу* (пп: ар) зэрылъытэнури гурыlуэгъуэнщ.

*″lуэху глагол″*хэр *занщlэу зэрыгъэзащlэ*хэм *нэмыщl*, *″кондицэ″* гуэрхэм *елъытауэ гъэзащlэу* зэрыщытыфынури гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, -″езырыж глагол″хэм хуэдэу- *″lуэху глагол″*хэри ″занщlэ″рэ ″префиксиалу, **″lуэху занщlэ глагол″**рэ **″lуэху префиксиал глагол″**у зэрызэщхьэщыкlри гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, ″lуэху глагол″хэр и кlуэцlкlэ мы зэрызэщхьэщыдгъэкlа щlыкlэхэм теухуауэщ мы илъабжьэми ахэр зэрылажьэ щlыкlэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъунур.

## ″lУЭХУ ГЛАГОЛ″ ЛЭЖЬЭКlЭХЭМ ХИУБЫДЭ ″ЩХЬЭ″ХЭМ ТЕУХУАУЭ

**″lуэху глагол″ лэжьэкlэхэм ″субъект щхьэ″хэр -″цlэпапщlэ″у-зэрыхэлъытэ щlыкlэхэм теухуауэ.**

Мы жытlахэми къазэрыхуэщу, цlыхум теухуарэ елъытауэ утыку къихьауэ лъытапхъэщ ″lуэху глагол″хэри, нытlэ, **″lуэху глагол″** лэжьэкlэхэм **″субъект″** хуэхъунухэри *япэрауэ* **″цlыху″**хэращ, икlи **″субъектив субъект″**хэущ зэрылъытар. – Ауэ *иужькlэ*, *цlыхуу щымыт* щыlэгъуэ зиlхэри зи *″субъект″*у *″lуэху глагол″*хэри зэрылъытар гурыlуэгъуэщ.

Мы псалъэхэми къызэрыхэщу, *″къэхъу-къэщlыгъуэ″* лlэужьыгъуэу *езыр езырурэ утыку къихьэ*хэр зэрылъытэ псалъэ лlэужьыгъуэхэу зи гугъу тщlа *″езырыж глагол″*хэр зытеухуарэ я *″субъект″*хэр *″объектив щхьэ″* лlэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, *″lуэху глагол″* жыхуэтlэхэри *цlыхум хуэlуа*уэ утыку къихьарэ я *япэ ″субъект″*хэри *цlыху* лlэужьыгъуэу – *нэхъыбэуи ″субъектив субъект″*хэу- зэрыщытынури гурыlуэгъуэщ.

*Цlыху*р псэлъэбзэм и *″субъект″*у зэрыщытым ипкъ зэриткlэщи, бзэр къэзыlуатэ *″сэ″м псэлъэбзэкlэ пыщla*рэ *″сэ″р занщlэу зэпсалъэ цlыху*

нэрыбгэхэр зэрылъытэ **″субъектив щхьэ цlэпапщlэ″**хэри **″езырыж″**рэ **″lуэху″** лlэужьыгъуэу *зэщхьэщымыкl*ыу **зэхуэдэ**у мэлъытэр:

«сэ, уэ, дэ, фэ».

Мы зэрыжытlауэ, *″субъектив щхьэ″*хэм я *къалэн*ыр **″субъект, объект, дополненэ″**у дауи щырет, *″цlэпапщlэ″у зэрылъытэ* щlыкlэхэр *зэщхьэщыкlкъым*: мы къэта **″субъектив щхьэ цlэпапщlэ″**хэу **зэхуэдэ**щ.

Ауэ, *″сэ″р занщlэу зэмыпсалъэ ″цlыху″* нэрыбгэхэр *адрей*рэ *″объектив″*у зэрылъытэнур гурыlуэгъуэщи, нытlэ, *″lуэху глагол″*хэм я лэжьэкlэхэм **″объектив″**у лъытэ **″цlыху″** нэрыбгэхэри **″субъект″** зэрыхуэхъуфынур гурыlуэгъуэнщ. Ауэ икlи, *″сэ″р занщlэу зэмыпсалъэ*рэ зыхуэпэ*жыжьэ* (а) *цlыху* нэрыбгэхэри *″lуэху глагол″* лэжьэкlэм и *″субъект″*у *″объектив″*у зэрылъытэри *″lуэху″м зэрыпыщlа*р зэрылъытэу елъытэужьыгъуэущ (б): ″абы″. Мыбы и куэдагъэри ″хэ″ кlэухкlэ ″абыхэм″у е ″м″ макъри зи кlэухым узэрыпищlэм ипкъ зэриткlэ -нэхъ кlэщlыу- ″ахэм″ущ. Араща, *″lуэху глагол″* лэжьэкlэхэм я *″объектив субъект″*хэр – *адрей цlыху нэрыбгэ*у- **цlэпапщlэ**у зэрылъытэхэр **″lуэху″** лlэужьыгъуэ **″объектив щхьэ″**уэ мыпхуэдэущ:

«абы, абыхэм – ахэм ».

Ауэ икlи, ″lуэху глагол″хэр ″цlыху″м хуэlуауэ утыку къихьауэ щытми, *цlыхуу щымыт* щыlэгъуэ зиlэхэмкlи *″lуэху″у лъытапхъэ* гуэрхэр *утыку къызэрихьэф*ынури гурыlуэгъуэнщ. Араща, езыри зы *псэущхьэ*у щыт *цlыху*м елъытарэ *теухуа защlэу щымыту*, нэхъыбэуи **″псэущхьэ″**хэм *ягъэзащlэ ″lуэху″* лlэужьыгъуэхэр; **″къэкlыгъэ″**хэм я *хьэрычэткlэ*рэ гъэзащlэ *″lуэху″* лlэужьыгъуэхэр; **″къэхъу-къэщlыгъуэ″**у утыку къихьэ *″lуэху″* лlэужьыгъуэхэр утыку къызэрихьэфынури гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, *мыпхуэдэ*хэри **″lуэху глагол″**у зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщи, *мы глаголхэр*и мы *цlыхуу щымыт щылэгъуэ* зиlэхэр зи *″субъект″*хэу **″объектив субъект″**кlэрэ зэрылэжьэнури гурыlуэгъуэщ. *″Субъект″* зыхуэхъухэр *″lуэху глагол″*у зэрыщытым папщlи, *″lуэху″м* зэры*пыщла*кlэрэ **″lуэху″** лlэужьыгъуэ **″объектив щхьэ″**уэщ **цlэпапщlэ**у зэрылъытэнури ″сэ″м хуэпэ*жыжьэ*у (а) lуэхум *зэрыпыщла*кlэрэ (б) *″щхьэ закъуэ″*у е *″щхьэ куэдагъэ″*ущ (хэ):

«абы, абыхэм – ахэм».

Мы къызэрыхэдгъэщауэ, **цlыху** е **цlыхуу щымыт** щыlэгъуэу дауи щырет, **″объектив щхьэ цlэпапщlэ″**хэр бзэр къэзыlуатэ *″сэ″м* хуэпэ**жыжьэ**у (а) икlи **елъытэужьыгъуэ**у (б) зэрыщыткlэрэщ (абы)

зэрылъытэри, и **куэд**агъри **″хэ″** кlэухкlэрэщ (абыхэм; ахэм) зэрылъытэр. Мы *″щхьэ цlэпапщlэ″* лъытэкlэхэр **″lуэху″** лlэужьыгъуэщи, **″езырыж глагол″** гуэрхэм я лэжьыгъэр зытеухуэ ″щхьэ″ри **″дополненэ″**у зэрылъытар мыпхуэдэу зэрыщытри дигу къэдгъэкlыжынщ. Икlи, *″lуэху глагол″*хэм *″субъект″* зэрыхуэхъур *″lуэху″м зэрыпыщlа*кlэрэ мы зэрылъытэм нэмыщl, **″lуэху глагол″** *гуэр*хэм я *лэжьэкlэ*хэми **″дополненэ″**у щыхэлъытэ *″щхьэ″*хэри глагол *″субъект″*ым игъэзащlэ *″lуэху″м зэрыпыщlа*кlэрэ *″объектив″*у -″сэ″м хуэпэжыжьэу (а)-зэрылъытэнури мыпхуэдэу *елъытэужьыгъуэ*у (б) **-″lуэху″** лlэужьыгъуэу-**″щхьэ″** *закъуэ*рэ *куэдагъ* **″цlэпапщlэ″**хэущ: «абы, абыхэм – ахэм».

*

Япэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *″субъект щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэрэ лъытэ″*хэр *″хьэрычэт″ лъытэ макъ/псэлъэпкъ/псалъэ*м *ищхьэ лъэныкъуэм къыпыхьэ*у зэрыхэлъытэм папщlи, *″префикс″ лlэужьыгъуэ*уи **″щхьэ префикс″**у тлъытагъащ. **″Субъект″** къалэн зыгъэзащlэ **″щхьэ″**хэри **″субъектив″**рэ **″объектив″**у зэрызэщхьэщыкlыр гурыlуэгъуэщи, *″субъектив щхьэ цlэпапщlэ″*хэр *″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*хэм зэрыхэлъытэр **″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″**у, *″объектив щхьэ цlэпапщlэ″*хэри **″объектив щхьэ цlэпапщlэ лъытэ″**у зэрыхэлъытэри гурыlуэгъуэщ.

Дауи, занщlэу гъэзащlэу *″lуэху занщlэ глагол″* жыхуэтlэр къызэрыlуатэ псалъэхэм *пэщlэдзэ* хуэхъупхъэр мы *″lуэху″р зыгъэзащlэ ″субъект″*ращи, нытlэ, **″lуэху″р япэу** утыку къызэрихьарэ *зыхуэlуа*уэ лъытапхъэ **цlыху**рауэ зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, *цlыху нэрыбгэ* зэрылъытэ **″субъектив субъект″**хэри **″lуэху занщlэ глагол″**хэм я **″лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″ пэщlэдзэ**хэри **″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″** зыхэзыубыдэу ухуэу жыlэпхъэнщ. Аращи, **″lуэху занщlэ глагол″**хэм **″субъект″** хуэхъу **″субъектив щхьэ″**хэр *″lуэху″* лlэужьыгъуэу *-″ы″ншэ*у къэlу- *″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″*кlэрэщ *″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*хэм *ищхьэ*м **-″псэлъэпкъыщхьэ″**м- къыпыхьэу щызэрыхэлъытэри, нытlэ, *″ы″ншэ*у зэрыщыткlи, *зи ипэ къихуэ макъ*ым *зыригъэlу*у *къызэрыlу*нур гурыlуэгъуэнщ. Мы зэрыжытlауэ, *″lуэху″* лlэужьыгъуэ **″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″**у **″ы″ншэ макъ**хэмрэ, мыбы *къыкlэлъыкlуэ макъ*ыу зыпыщlам елъытауэ и **къэlукlэ**ри *зэры***зэхъуэкl** *щlыкl*эхэри къыпыщэжауэ, *зытеухуа ″субъектив щхьэ цlэпапщlэ″*хэм къыкlэлъыкlуэу къэдгъэлъэгъуэжынщ:

«сэ → ″с; з″»; «уэ → ″б; п, пl″»; «дэ → ″д; т, тl»; «фэ → ″ф; в, фl″».

Ипэкlи *″субъектив щхьэ″*хэм я *къалэн*ыр **″субъект, объект, дополненэ″**у дауи щырет, *″субъектив щхьэ цlэпапщlэ″*хэу *зэхуэдэ*у зэрылъытэм щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, ахэр *″глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ″*хэм **″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″**у *зэрыхэлъытэ* щlыклэхэри мы ягъэзащlэ **къалэн**хэм **елъытауэ зэщхьэщыкlкъым**, зэхуэдэщ. Ауэ, ахэр *″глагол лэжьэклэу ухуэ* **псалъэ″**хэм **щыхэлъытэ** *щlыпlэ*хэр мы ягъэзащlэ **къалэнхэм елъытауэ зэщхьэщокl**ыр.

Мы ипэкlэ къэтlуэтахэми къызэрыхэщщи, *″езырыж занщlэ глагол″*хэу ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуахэр *″субъектив субъект″*хэр *″щхьэ цlэпапщlэ″*у зэрылъытэхэмрэ, мыбждежым зи гугъу тщlы *″lуэху занщlэ глагол″* лэжьэкlэхэм я *″субъектив субъект″*хэр *″щхьэ цlэпапщlэ″*у зэрыхэлъытэхэр *зэхуэдэ*у зэрыщытыр гурыlуэгъуэми, *″глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ″*хэм хиубыдэ *″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″*хэр *″езырыж глагол″*рэ *″lуэху глагол″*хэм елъытауэ *зэрызэщхьэщыкl*ри гурыlуэгъуэщ. Ауэ икlи, **″езырыж″** лlэужьыгъуэ ″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″хэмрэ **″lуэху″** лlэужьыгъуэ **″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″**хэр *″езырыж занщlэ глагол″рэ ″lуэху занщlэ глагол″*хэм я *″лэжьэклэу ухуэ* **псалъэ″**хэм **щыхиубыдэ щlыпlэ**хэр (пп: ″кlуэн: **у**окlуэ″; ″щlын: **б**ощl″) **зэхуэдэ**у *″префикс″*у **-″щхьэ префикс″**у-зэрыщытхэри гурыlуэгъуэщ.

*

*″lуэху глагол″*хэм я **″объектив субъект″**хэр *″глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ″*хэм зэрыхиубыдэрэ къызэрыхэщ щlыклэри **″объектив цlэпапщlэ лъытэ″**у тлъытагъащи, ар **цlыху**у щырет е **нэгъуэщl** *щыlэгъуэ зиlэ*у щырет, *зэрылъытэ* щlыклэрэ *псалъэм зэрыхиубыдэ* щlыпlэри **зэхуэдэщ** (пп: абы ещl). Икlи, ″пп″уэ къэта мы щапхъэми зэрыхэплъагъуэу, псалъэ пэщlэдзэ *″е(иэй)″*р *″субъект″ыр* ″lуэху″м *-″объект″ым- еклуалl*эрэ (иэ) *иджу* (и) зэрыщытыр *зэрылъытэ*рщи, *″иджы/ит зэман″*рэ *″субъект″*ри *″ещанэ щхьэ закъуэ″*у зэрыщытыр зылъытэрщ.

*″Субъект″*ыр *″ещанэ щхьэ куэдагъэ″*у зэрыщытри *″а″*кlэрэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщи, *″джы″*р (и) *куэдагъ* лъытэ ″а″кlэрэ *къэlуу*щ (иа → я) зэрылъытэр (пп: ″абыхэм/ахэм ящl″). *Блэкла*рэ (а) *къэклуэну*р (у) зэрылъытэну *зэман лъытэ*хэр *псалъэ клэухы*у зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщи, *″субъект″ым ″объект″*ыр *зэридж ″и″*ри *псалъэ пэщlэдзэ*у мэлъытэр (абы *и*щl**а**щ; абы *и*щlы**н**ущ).

Мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщу, глагол *"субъект"*ыр *"луэху"* лlэужьыгъуэ *"объектив щхьэ"*уэ щытмэ, *"объектив щхьэ"*р *зэкlуалlэ*у *"луэху"*р зэригъэзащlэр *"сэ"м* lупщlыу *елъытэ*ри, *"объектив субъект"*ыр *"луэху"м* мы зэры*пыщla* щlыкlэри мыпхуэдэу елъытэр: *"луэху"м* - ″объект″ым- *екlуалlэ*рэ {″е (иэ; эй)″} *игъэзащlэ*у -иджыу (и)- елъытэр. Икlи, мы *"объектив субъект"*ыр *"куэдагъ"*мэ, мыри мы ″lуэху″ гъэзэщlэкlэм къыхэхьэжущ зэрылъытэри, нытlэ, мы къэтlуэтахэри зыхиубыдэу мыбдежым мыпхуэдэу къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

- «**абы е**щl [екlуалlэрэ {″**е**..″(**иэ**..)} иджу (**и**): «″**е**..″ (″**иэи**..″ → ″**иэй**..″)»]»;
- «**абыхэм я**щl [екlуалlэ {″**е**..″(**иэ**..)} ″куэдагъэ″м (**а**) иджу (**и**): «″**еаи**..″ (″**иэаи**..″ → ″**еай**..″ (″**иэай**..″) → ″**яй**..{″я″ ← ″йа″ ← ″иа″ ← ″еа (″е..″: ″иэ..″)}″ → ″**я**..″»]».

Мыхэри къыхэдгъэща нэужь, мы илъабжьэми *"луэху занщlэ глагол"* лэжьэкlэхэм теухуауэ щапхъэхэри *зэмылlэужьыгъуэ зэман*хэм теухуарэ глагол **″субъект″**рэ ″объект″ри -мы зэрытха щlыкlэу- къыпытщэжынщ:

- «**абы е**щl»; «**абы и**щlащ; **абы и**щlынущ»;
- «**абыхэм я**щl»; «**абыхэм я**щlащ; **абыхэм я**щlынущ».

Мы къэта щапхъэхэр ″lуэху занщlэ глагол″хэм теухуащи, нытlэ, мыхэр *"луэху префиксиал глагол"* (пп: *къэщlын*) *лэжьэкlэхэм* теухуауэ зэрылъытэу къызэрыlу щlыкlэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**абы** *къе*щl [къызкlэлъыкlуэ *″префикс″*ым елъытауэ *кlуатэ/кlуалlэу* {″..**е**″ (″..**эи**″ → ″..**эй**″)} *идж* (**и**): «″..**е**″ (″..**эии**″ → ″..**эйй**″)»]»;
- «**абыхэм** *къа*щl [къызкlэлъыкlуэ *″префикс″*ым елъытауэ *кlуатэ/кlуалlэ* {″..**е**″ (″..**эи**″→ ″..**эй**″)} *куэдагъэ*м (**а**) *идж* (**и**): «″..**еаи**″ (″..**эиаи**″) → ″..**еай**″ (″..**эйай**″) → ″..**ай** {а (← ″..еай (″..е″: ″..эй″)″ ← ″..эйай″)} → ″..**а**″»]».

Мы илъабжьэми мы *"луэху пиефиксиал глагол"* лэжьэкlэхэм теухуауэ щапхъэхэри *зэмылlэужьыгъуэ зэман*хэм теухуауэ къыпытщэжынщ:

- «**абы** *къе*щl»; «**абы** *къи*щlащ; **абы** *къи*щlынущ»;
- «**абыхэм** *къа*щl»; «**абыхэм** *къа*щlащ; **абыхэм** *къа*щlынущ».

**″lуэху глагол″ лэжьэкlэхэм ″объект щхьэ″хэр -″цlэпапщlэ″у-зэрыхэлъытэ щlыкlэхэм теухуауэ.**

Мы къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, **″lуэху глагол″** лэжьэкlэхэм **″объект″**и зэрыхиубыдэр гурыlуэгъуэщи, ″lуэху″р зыгъэзащlэ *"субъект"*ыр *"луэху"* лlэужьыгъуэу *зэрылъытэм нэмыщl*ыу, абы игъэзащlэ *"объект"*ри а зэрыщыту **″езырыж″** лlэужьыгъуэу зэрылъытэнури гурыlуэгъуэнщ. Икlи, *"луэху занщlэ глагол"*хэм я **″объектив″ лэжьэкlэ**хэм **″объект″**ри **″объектив″**у зэрыхиубыдэнур гурыlуэгъуэнщи, *"объектив"*

*лэжьэкlэ* щыжытlэм деж, *"объект"*ри *"щхьэ закъуэ"*у хиубыдэныр нэхъ игъуэу зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, мы зи гугъу тщlыр мы *ипэкlэ къэта щапхъэхэм хуэдэ*у зэрыщытынури гурыlуэгъуэщ. Ауэ, мыбдежым зи гугъу тщlыхэр глагол **"объект"**хэращи, ахэр къыхэгъэщауэ къэдгъэлъэгъуэнщ:

- «абы **ар** ещl»; «абы **ар** ищlащ; абы **ар** ищlынущ»;
- «абыхэм **ар** ящl»; «абыхэм **ар** ящlащ; абыхэм **ар** ящlынущ».

Ауэ, *"объект"*ыр *"куэдагъэ"*мэ, ар зэрыкуэдыр *"хэ" клэух*клэщ зэрылъытэри, *"езырыж"* лэужьыгъуэ *"объектив щхьэ цlэпащlэ"*р *"куэдагъэ"*у зэрылъытэм (ахэр) къыщымынэу, мы *"объектив объект куэдагъ"*ыр (ахэр) *"lуэху занщlэ глагол"*ым и *"лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*ми *"хэ" клэухкlэ*рэ {ещl(хэ)} хэлъытэфынщ. – Ауэ, *псалъэухыгъэ* къэlуэтэкlэм *"объект куэдагъ"* зэрыхиубыдэм папщlэ, "куэдагъ" зэрылъытэ "хэ" клэухыр тхыхьым дэту {ещl(хэ)} мы къызэрыдгъэлъэгъуамкlи зэрыгурыlуэгъуэу, *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*ми аргуэру *"хэ" клэух къымыщт*эми (абы ахэр ещl) хъунщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *"lуэху глагол"*хэм я *"объектив"* лэжьэкlэуэу, зи *"объект"*ыр *"щхьэ закъуэ"*у щытхэм я *"лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэм *"объектив объект щхьэ закъуэ лъытэ"* хиубыдэнкъыми, *"объект"*ыр *"щхьэ куэдагъэ"*у зыхэзыубыдэ *"lуэху глагол"*хэм я *"лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм *"куэдагъ лъытэ"у "хэ" клэух* зэрыхиубыдэфынур -"(хэ)"уэ-гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэрщ мыхэр:

- «абы **ахэр** ещl(**хэ**)»; «абы **ахэр** ищla(**хэ**)щ; абы **ахэр** ищlыну(**хэ**)щ»;
- «абыхэм **ахэр** ящl(**хэ**)»; «абыхэм **ахэр** ящla(**хэ**)щ; абыхэм **ахэр** ящlыну(**хэ**)щ».

Ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, "lуэху глагол" лэжьэкlэхэм хиубыдэ **"объект"**ыр **цlыху**у щытми, бзэр къэзыlуатэ *"сэ"м* пэ*жсыжьэ*у (а) зэрылъытэнури мы зи гугъу тщlарэ къэта щапхъэхэм зэрыхиубыдэу "объектив"у –**"объектив объект"**у- зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ.

*

Ауэ, *"lуэху занщlэ глагол"*хэм -я мыхьэнэми елъытауэ- я *лэжьэкlэ*хэм *цlыху*р **"объект"**у зэрыхиубыдэр бзэр къэзыlуатэ *"сэ"р зэпсалъэ*у зэпыщlэныгъэ зыхуиlэу щытмэ, ар **"субъектив объект"**у зэрылъытэнур гурыlуэгъуэщ. Икlи гурыlуэгъуэщ *"lуэху глагол" лэжьэкlэ*м хиубыдэр -и къалэнкlэ "субъект" е "объект"у дауи щырет- *цlыхуу щыту гурыlуэгъуэ* зэрыхъунур *"субъектив щхьэ цlэпащlэ"у*щ; икlи, *"lуэху глагол" лэжьэкlэ*м *цlыху*р зэрыхиубыдэну щlыкlэри -нэхъыбэу- *"субъектив щхьэ"*уэ зэрылъытауэщ.

Дауи, ″субъект″ыр езы ″lуэху глагол″ым хуэдэу ″lуэху″ лlэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, *″lуэху глагол″*ыр *зытелэжьыхь*у глагол лэжьэклэм хиубыдэ **″объект″**ри **″езырыж″** лlэужьыгъуэу зэрылъытэр гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэ лъытэклэри *″езырыж глагол″*хэм я *″субъект″*ыр зэрылъытэ щlыклэрщи, нытlэ, *цlыху* лlэужьыгъуэу *″объектив объект″*хэр *цlыхуу щымыт*хэм хуэдэу зэрылъытэр гурыlуэгъуэу, ипэкlи щыгъуазэ дызыхуэхъуахэрщ. Ар щыхъуклu, мы илъабжьэм **″lуэху глагол″** лэжьэклэхэм **″объект″** къалэну хиубыдэ **″субъектив объект″**хэращ зи гугъу тщlынухэри, мыхэри ипэклэ *″езырыж занщlэ глагол″*хэм я *″лэжьэклэу ухуа псалъэ″*хэм цlыху лlэужьыгъуэ *″субъект″*хэр *″езырыж″*у зэрыхиубыдэ щlыклэущ. Нытlэ, мы зэрыжытlауэ, **″объект″** къалэн зиlэ дэтхэнэ зы **″субъектив щхьэ цlэпапщlэ″**мрэ, ахэр псалъэхэм зэрыхэлъытэ **″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″**хэр дигу къэдгъэклыжу мыбдежми къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

«″сэ → сы″; ″уэ → у″; ″дэ → ды″; ″фэ → фы″».

Мы зэрыжытlауэ, *″lуэху занщlэ глагол″*ым и *″лэжьэклэу ухуэ псалъэ″*м цlыхур *″субъектив щхьэ″*уэ зэрыхиубыдэнур мы *″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″*хэмклэрэщи, *″lуэху″м пыщlа*уэ лъытэ *″субъектив субъект щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″*р *″ы″ншэу ″lуэху глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ″ пэщlэдзэ*у зэрыщытым зэрезэгъклэ, зи гугъу тщlы *″субъектив объект щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″*ри *абы ищхьэ* лъэныкъуэм *къыпыщэжу* псалъэм зэрыхиубыдэнури гурыlуэгъуэщ. Араци, *″lуэху глагол″*ым (пп: щlэн) и *″лэжьэклэу ухуа псалъэ″*м (пп: ″уэ бощlэ – пщlащ″) –мы *″псэлъэпкъ″*ым- *пыщlа* **″lуэху″** лlэужьыгъуэ *″щхьэ префикс″*ым - **″субъектив субъект гъэлъагъуэ″**м (б; п, пl)- **ищхьэ** лъэныкъуэми **къыпыщэж** *″щхьэ префикс″*ыр **″езырыж″** лlэужьыгъуэу **″субъектив объект гъэлъагъуэ″**ращ (пп: ″уэ **сэ сы**бощlэ – **сы**пщlащ″).

Араци, *″объект″* къалэн зиlэ *″субъектив щхьэ цlэпапщlэ″*р *″глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ″м ″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″у* зэрыхиубыдэнур *″субъект″* къалэн зыгъэзащlэ *″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″*м *ипэ –ищхьэ* лъэныкъуэ- къихуэ *″щхьэ префикс″*у зэрыхиубыдэр гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, мы къыхэдгъэщахэм теухуа щапхъэхэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнри игъуэщи, зы *″lуэху занщlэ глагол″* щапхъэр (пп: щlэн) *″ит зэман″рэ ″блэкla зэман″*у зэрылажьэу къызэрыlуатэ щlыклэхэм хиубыдэ глагол ″субъект″хэр ″щхьэ цlэпапщlэ″рэ ″щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″у мы зэрытха щlыклэу, глагол

**″объект″**хэри **″щхьэ цIэпапщIэ″**рэ **″щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″**у мы къызэрыхэгъэща щIыкIэу тхауэ мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

«″сэ **уэ у**зощIэ″; ″уэ **сэ сы**бощIэ″»; «″сэ **уэ у**сщIащ″; ″уэ **сэ сы**пщIащ″».

## ″IУЭХУ ЗАНЩIЭ ГЛАГОЛ″ХЭР ЗЭРЫУХУЭРЭ ЗЭРЫЛАЖЬЭ ЩIЫКIЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

### ″IУЭХУ″ ЛIЭУЖЬЫГЪУЭ ″ХЬЭРЫЧЭТ″ХЭР ЗАНЩIЭУ ЗЭРЫЛЪЫТЭРЭ ″IУЭХУ ЗАНЩIЭ ГЛАГОЛ″У ЗЭРЫУХУЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

″Глагол″ лIэужьыгъуэ псалъэ зэрылъытэрэ къызэрыхъу лъагъуэм и пэщIэдзэ лъэбакъуэр ″езырыж глагол″хэрауэ зэрыщытым ипэкIэ щыгъуазэ дыщыхуэхъуащи, нытIэ, **глагол къэхъуныгъэ**м и **етIуанэ лъэбакъуэ**у лъытапхъэ **″IуэхуглагоI″**хэри *″езырыж глагол″хэм къакIэлъыкIуэ*рэ *къатехъукI*ыу утыку къихьа *глагол лIэужьыгъуэ*хэу лъытапхъэхэрщ.

Дауи, къызыхэзыгъэIукI псэущхьэм макъхэр зэрызэрихьэ щIыкIэхэу ухуауэ лъытапхъэщ псэлъэбзэри, *псэущхьэм и ужьыгъуэ* лIэужьыгъуэу *къызхигъэIукI* хъуа мы *макъхэр*и къызэрыхъуу утыку къызэрихьа щIыкIэхэм теухуа *мыхьэнэрэ къалэнкIэ*рэ занщIэу *зэрызырихьэ*кIэрэ *хроникэ* зэрыхъу щIыкIэу ухуауэ лъытапхъэ **псалъэ пэщIэдзэ**хэри **″макъ псалъэ″**хэрауэ зэрыщытыр макъыбзэу щыт адыгэбзэм теухуауэ къедгъэкIуэкI лэжьыгъэхэм гурыIуэгъуэ къытхуещIыр.

НытIэ, *″глагол″* жыхуэтIэ псалъэ лIэужьыгъуэхэри *макъ*хэм я *мыхьэнэ*рэ *къалэн*хэращ зытеухуари, мыхьэнэрэ къалэнкIэ *″хьэрычэт″ лъытэ*у щыт *макъхэр*ащ **″глагол″ пэщIэдзэ**у **″макъ глагол″**хэри къызытехъукIар. Араща, ипэкIэ *″глагол″ пэщIэдзэ*рэ лъабжьэу тлъытауэ щыта *″езырыж глагол″*хэм хуэдэжу, *″IуэхуглагоI″ пэщIэдзэ*хэри *″макъ глагол″* лIэужьыгъуэхэу утыку къызэрихьари гурыIуэгъуэщи, мыбыхэм япэрей лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ.

Мы къызэрытIуэта щIыкIэхэу утыку къихьауэ лъытапхъэ *″IуэхуглагоI″*хэри япэрауэ *″IуэхузэрыгъэзащIэ ″хьэрычэт″ лъытэ макъ*хэр *занщIэу* къызэрыIуатэ *псалъэ* лIэужьыгъуэу *″макъ глагол″*хэу –**″IуэхумакъглагоI″**хэу- утыку къызэрихьари гурыIуэгъуэнщ. Араща, *″IуэхуглагоI″*хэри мыпхуэдэу *″макъ глагол″хэм къыщIидзэу* япэрауэ **″IуэхузанщIэ глагоI″** лIэужьыгъуэхэу утыку къызэрихьари гурыIуэгъущ.

Ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, утыку къызэрихьа щlыкlэр **″цlыху″м къилэжь lуэху**гъуэхэр *зэрылъыт*эрщ **″lуэху глагол″**хэри, *цlыху*м и *лэжьыгъэ*хэр зэры*бэгъуэхукlэ "lуэху глагол"* лlэужьыгъуэхэри *зэрыбэгъуэну*р гурыlуэгъуэнщ. Араща, *сытри* зылъытэрэ икlи *зыгъэзэщlэф*ын гугъэ зиlэ *цlыху*р къэхъу-къэщlыгъуэхэм къыщlидзэу *"езырыж глагол"* лlэужьыгъуэхэри *аргуэру зэрыгъэзэщlэну*ми *"субъект"* зэрыхуэхъукlэрэ, *"езырыж глагол"хэри "lуэху глагол"* лlэужьыгъуэу *зэрыухуэфыну*ри гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, ″lуэху занщlэ глагол″хэм теухуа лэжьыгъэу мы илъабжьэм къыщедгъэкlуэкlынур *зэрыухуагъэххэу "lуэху занщlэ глагол"*у утыку къихьахэм *нэмыщl*, *"езырыж занщlэ глагол"хэми къытехъукl "lуэху занщlэ глагол"*хэри зыхиубыдэу къедгъэкlуэкlынущ.

Ипэкlэ къызэрыхэдгъэщауэ, -″езырыж занщlэ глагол″хэм хуэдэжу- **″lуэху занщlэ глагол″**хэри **″дополненэ″ зиl**эрэ **зимыl**эу зэры**лажьэ**у **гупитl**ыу зэщхьэщыгъэкlыпхъэщи, нытlэ, мы къытпэщыт лэжьыгъэри мы зэрыжытlауэ гупитlыу зэщхьэщыдъэкlыу къедгъэкlуэкlынщ.

**″Дополненэ″ зимыlэу лажьэ ″lуэху занщlэ глагол″хэм теухуауэ.**

Ипэкlэ ″езырыж занщlэ глагол″ нэхъыбапlэр ″дополненэ″ зимыlэу зэрылажьэм хуэдэжщи, *"lуэху занщlэ глагол" нэхъыбапlэ*ри *"дополненэ" зимыlэ*ущ зэры*лажьэ*хэр. Нытlэ, мыбдежым щыгъуазэ дызыхуэхъуну ″lуэху занщlэ глагол″хэр ″дополненэ″ зимыlэу лажьэу икlи бжыгъэкlи нэхъыбапlэу ″lуэху занщlэ глагол″ лlэужьыгъуэхэращи, мыбыхэм теухуа глаголхэр къэгъэдгъэлъагъуэн нэхърэ, мы илъабжьэм щыгъуазэ дызыхуэхъуну къытпэщыту зи *бжыгъэ*ри *мащlэ*у щыт *"дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*хэм теухуа щапхъэхэр къэгъэлъэгъуэныр нэхъ игъуэщ. Ауэ, мыбдежыр *"дополненэ" зимыlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*хэм теухуа лэжьыгъэу зэрыщытым зэрезэгъкlи, *игъуэ глагол щапхъэ*хэмрэ я *лэжьэклэ*хэр къызэрыдгъэлъэгъуэнури гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, *"дополненэ" зимыlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"* гуэрхэм я *лэжьэклэ щапхъэ* гуэрхэри –″ит″рэ ″блэкlа, къэкlуэну″ зэманхэм теухуауэ- *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*хэм *"щхьэ закъуэ"* лlэужьыгъуэхэри ″**субъект**″рэ ″объект″у зэрыхиубыдэри -мы зэрытха щlыкlэхэу- мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| - Жьын → | - «**абы** ар **е**жь; **абы** ар **и**жьащ; **абы** ар **и**жьынущ»; |
| - Зын → | - «**абы** ар **е**з; **абы** ар **и**защ; **абы** ар **и**зынущ»; |

| | |
|---|---|
| - Щын → | - «**абы** ар **е**щ; **абы** ар **и**щащ; **абы** ар **и**щынущ»; |
| - Щэн → | - «**абы** ар **е**щэ; **абы** ар **и**щащ; **абы** ар **и**щэнущ»; |
| - Щlын → | - «**абы** ар **е**щl; **абы** ар **и**щlащ; **абы** ар **и**щlынущ»; |
| - Щlэн → | - «**абы** ар **е**щlэ; **абы** ар **и**щlащ; **абы** ар **и**щlэнущ»; |
| - Сэн → | - «**абы** ар **е**сэ; **абы** ар **и**сащ; **абы** ар **и**сэнущ». |

**"Дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"хэм теухуауэ.**

*"lуэху занщlэ глагол"*хэм "субъект"ым нэмыщl -фlэкlыпlэ имыlэу- *"объект"*и зэрыхиубыдэр мы ипэкlэ къэта щапхъэхэмкlи нэрылъагъущ. Ауэ, -"езырыж занщlэ глагол" гуэрхэм хуэдэу- **"lуэху занщlэ глагол" гуэр**хэми я *лэжьэклэ*м *"субъект"*рэ *"объект"*ым *нэмыщl* гуэри – **"дополненэ"**у- зэрыхэлъытэр гурыlуэгъуэщ. Мы зи гугъу тщlы *"дополненэ"*хэри "езырыж занщlэ глагол" гуэрхэми я лэжьэкlэм щыхэлъытахэм хуэдэу лъытапхъэщи, нытlэ, мы *"lуэху занщlэ глагол"*хэр *щылажьэклэ лъытэ* **"гъуэгуанэ"**м теухуащ. Аращи, *щылажьэклэ "объект"*ым зэрытелэжьыхьым *нэмыщl*, икlи зы *"гъуэгуанэ"*и зыхь *"lуэху занщlэ глагол"*хэрщ мы зи гугъу тщlыхэри, мы гъуэгуанэр **зыдынэс**ыр зэрылъытэри -**"щхьэ"**уэ- *"дополненэ"*ущ зэрылъытэр.

Мыпхуэдэ *"lуэху занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэхэр "дополненэ"ншэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"хэм елъытауэ *бжыгъэклэ мащlэ*у зэрылъытапхъэр жытlагъащи, мыпхуэдэ глаголрэ я *лэжьэклэ щапхъэхэр*и *"lуэху макъ глагол"* лlэужьыгъуэхэу къэдгъэлъэгъуэнщ. Мы *"lуэху занщlэ глагол"* лэжьэкlэ щапхъэхэри япэрауэ *"объектив"у зэрылажьэ* щlыкlэу къэгъэлъэгъуэнри игъуэщи, *глагол лэжьэкl*эхэм *"субъект, объект, дополненэ" къалэн*кlэ хиубыдэ *"щхьэ"*хэри *-"закъуэ"* лlэужьыгъуэхэу- *"объектив щхьэ цlэпащlэ"*хэу къэдгъэлъэгъуэнщ.

Нытlэ, *"lуэху"р зыгъэзащlэ* **"субъект"**ымрэ, *зытелэжьыхь* "объект"ыр *къызыхэщ* къэlуэтэкlэм *–псалъэухыгъэ цlыкlу*м- къыкlэлъыкlуэу, *"lуэху"*р *щыгъэзащlэклэ лъытэ "гъуэгуан"эр зыдынэс "*дополненэ*"*ри *"lуэху"* лlэужьыгъуэу зэрыщыткlэ, *"lуэху занщlэ –макъ- глагол"* гуэрхэр *"ит зэман"*рэ *"блэкla зэман"*у "объектив"у *-"объектив щхьэ закъуэ"* защlэу- зэрыщыткlэ *зэрылажьэ щапхъэхэр* –хиубыдэ "щхьэ"хэри мы зэрытха щlыкlэу- мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| - Хьын → | - «**абы** ар абы **е**хь – **и**хьащ»; |
| - Чын → | - «**абы** ар абы **е**ч – **и**чащ»; |
| - Хун → | - «**абы** ар абы **е**ху – **и**хуащ»; |

| | | |
|---|---|---|
| - Дзын | → | - «**абы** ар абы **е**дз – **и**дзащ»; |
| - Шэн | → | - «**абы** ар абы **е**шэ – **и**шащ»; |
| - Тхъун | → | - «**абы** ар абы **е**тхъу – **и**тхъуащ». |

Мы къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, *"lуэху глагол" лэжьэклэ*хэм глагол **"субъект"**ыр *"lуэху"* лIэужьыгъуэу (абы), "объект"ыр *"езырыж"* лIэужыыгъуэу (ар) зэрылъытэрэ зэрыхиубыдэм нэмыщI, "дополненэ"ри *"lуэху"* лIэужьыгъуэу (абы) лъытауэщ зэрыхиубыдэри, *"щхьэ закъуэ"* лIэужьыгъуэ *"объектив щхьэ цIэпапщIэ"*у псалъэухыгъэм хэлъытэр *"глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"*хэм мы зэры*хэлъытэ щIыклэ*м ипэкIи щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ.

Ауэ икIи, мы къэта *"lуэху занщIэ глагол" лэжьэклэ*хэр зытеухуэу *"lуэху"* лIэужьыгъуэу щыт "дополненэ"ри *"lуэху занщIэ глагол"хэм я* **"объектив"** *лэжьэклэ*у **"щIыпIэ"** лIэужьыгъуэу зэрыщытхэри гурыIуэгъуэщ. НытIэ, мы глагол лэжьэкIэхэм я "дополненэ"р *зы гуэр*у е –нэхъыбэуи- **"цIыху"** *нэрыбгэу* щытмэ, а глагол лэжьэкIэр –а *"хьэрычэт"*ыр- "**дополненэ**"м *хуэгъэза*уэщ зэрылъытэнури, мыри **игъуэ "префикс"**кIэ ухуа *псалъэмкIэ къызэрыIуэтэнур* гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, *мыпхуэдэ*у ухуэну *псалъэхэми* **"lуэху префиксиал глагол"**хэр *къазэрытехъукI*ынур наIуэщи, мыпхуэдэ лэжьэкIэхэри *"lуэху префиксиал глагол"*хэм теухуа *псэлъащхьэм щыщIэдджыкIын*ри игъуэщ.

## -"lУЭХУ ЗАНЩIЭ ГЛАГОЛ" БЭГЪУЭНЫГЪЭУ-
## "ЕЗЫРЫЖ ЗАНЩIЭ ГЛАГОЛ"ХЭР "ГЪЭ" ПЭЩIЭДЗЭКIЭ ЗАНЩIЭУ
## "lУЭХУ ЗАНЩIЭ ГЛАГОЛ"У ЗЭРЫУХУЭЖХЭМ ТЕУХУАУЭ

Глагол къэхъуныгъэ пэщIэдзэ *"езырыж занщIэ глагол"*хэр икIи *"lуэху глагол"*хэм *лъабжьэ* зэрыхуэхъур ипэкIэ къыщыхэдгъэщауэ щытащ; икIи, *"цIыху"*м и *лэжьыгъэ*у утыку къихьауэ лъытапхъэ *"lуэху глагол"*хэр *цIыху лэжьыгъэ*рэ *lэщIагъэ*р зэрыужьу *зэрыбагъуэм дэщIыгъуу зэрыбэгъуэну*ри жытIагъащ.

Ауэ икIи, *езыр езырурэ* къэхъу *"хьэрычэт"*хэр утыку къихьэнкIэ *хуит щIын*рэ икIи *утыку къигъэхьэн*ри зы *"lуэху"* лIэужьыгъуэу зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщи, нытIэ, "езырыж глагол"хэр мыпхуэдэ щIыкIэу къызэрыIуатэми "lуэху глагол" къазэрытехъукIынур гурыIуэгъуэнщ. *"Езырыж глагол"*хэр мыпхуэдэу къызэрыIуэтэнури *"гъэ" пэщIэдзэкIэ зэрыухуэ*ущ. Аращи, **"езырыж занщIэ глагол"**хэр **"гъэ" пэщIэдзэкIэ**

зэрыухуэу утыку къихьэхэр **″lуэху занщlэ глагол″**хэращи, мыпхуэдэуи *″lуэху занщlэ глагол″ бжыгъэр ″езырыж занщlэ глагол″ бжыгъэм хуэдизкlэ хохъуэр - мэбагъуэ*р.

- *″Езырыж занщlэ глагол″*хэм *имызакъуэу* **″езырыж префиксиал глагол″**хэри -я *″глаголыпкъыщхьэ″м къыпыхьэ-* **″гъэ″кlэрэ ″lуэху префиксиал глагол″**у зэрыухуэфынури гурыlуэгъуэнщи, ныtlэ, *″езырыж глагол″у хъуар ″гъэ″*кlэрэ *″lуэху глагол″*у зэрыухуэжкlэрэ *″lуэху глагол″ бжыгъэ*эри *″езырыж глагол″ бжыгъэм хуэдиз*кlэ зэры*бэгъуэнуэ*р наlуэщ.

*

Ипэкlи къызэрыщыхэдгъэщауэ, *глагол* къэхъуныгъэ *пэщlэдзэ*у зи гугъу тщlарэ *къэхъу-къэщlыгъуэм къыщlидзэ*у *езыр езырурэ утыку къихьэ ″хьэрычэт″*хэр зэрылъытэу къызэрыlуатэм нэмыщl, *бзэр цlыху зэхуакум щызекlуэ*у зэрыщlидзар *″сэ″м къыпкъырыкl*ыу -″сэ″р занщlэу зэпсалъэ- *″уэ″м игъэзэщlэн* хуейуэ *хуиlуэху*хэр зэрылъытэ *″lэмыр модэ″* лlэужьыгъуэ псалъэхэрауэ жыlэпхъэщи, мыхэри *″lуэху глагол″ лъабжьэ*у зэрылъытапхъэри ипэкlэ къыщыхэдгъэщагъащ.

Аращи, *lуэху* гъэзэщlэн *зыхуэlуа*уэ лъытапхъэ *цlыху*хэм я зэхуакум бзэр щызекlуэу зэрыщlидзагъэнури *lуэху гъэзэщlэным теухуа*уэ лъытапхъэнщи, -*″езырыж″ е ″lуэху″*у дауи щырет- дэтхэнэ зы *″хьэрычэт″*ыр *нэгъуэщl гуэрым* –япэрауи, ″сэ″м и пышэгъу ″уэ″м- игъэзэщlэну *зэрыхуэlуэху* псалъэхэр *″lэмыр модэ″*у *″lуэху″ лlэужьыгъуэ псалъэ*хэрщ (хъу!; кlуэ!).

Ауэ икlи, ″сэ″м къыпкъырыкlыу ″уэ″м игъэзэщlэну хуейуэ мы зи гугъу тщla ″lэмыр модэ″ лlэужьыгъуэхэм нэмыщl, *″уэ″м нэгъуэщl гуэрым иригъэзэщlэн хуей*уэ -″сэ″м и унафэ- *″lэмыр модэ″* лlэужьыгъуэхэри щыlэщ. Мы зэрыжытlауэ, *зыхуэlуэху*у *унафэ зыхуэщl ″уэ″м езыракъым*и, *нэгъуэщlым иригъэзэщlэну*р адыгэбзэмкlэ зэрылъытэнур *″гъэ″ пэщlэдзэ*кlэрщи, **″гъэ″ пэщlэдзэ**кlэ ухуэ **″lэмыр модэ″** псалъэ лlэужьыгъуэхэри щыlэщ: «гъэхъу!; гъакlуэ!».

Ныtlэ, дэтхэнэ гуэрыр *″lэмыр модэ″* лlэужьыгъуэу *нэгъуэщlым* игъэзэщlэну мы *зэрыхуэlуэхуф*ыр зи лъабжьэу, дэтхэнэ зы *″хьэрычэт″*ри глагол *″субъект″ым нэгъуэщl гуэрым иригъэзэщlэн*у зэрылъытэфынури гурыlуэгъуэнщи, -мы ипэкlэ къызэрыхэдгъэщауэ- адыгэбзэм мыпхуэдэ къалэныр зэрыщыгъэзэщlэфынури зы псалъэр -*глагол*ыр- *″гъэ″кlэрэ къежьэ*у зэрыухуэжынуращ. Адыгэбзэ *псалъэ ухуэкlэ*рэ *мыхьэнэ къэхъукlэ*р гурыlуэгъуэщи, *япэ къэlур нэхъап*эрэ *къыкlэлъыкlуэр абы* - къызыкlэлъыкlуэм- *елъытауэщ*и, ухуагъэххэ зы *псалъэм* **″гъэ″**р **пэщlэдзэ**

щыхуэхъум деж, *"гъэ"р зи пэщlэдзэ* псалъэри -*глагол*ри- *"гъэ"м елъытауэ "гъэзащlэ"*ущ зэрылэжьэнур. Мы зэрыжытlауэ, дэтхэнэ зы псалъэмкlэ - глаголымкlэ- лъыта **"хьэрычэт"**ыр *"субъект"ым* **нэгъуэщl гуэрым** –пп, зы *"субъект къуэдзэ"м*- **иригъэзащlэ**у зэры**лэжьэ**нур **"гъэ" пэщlэдзэ**кlэ зэрыухуэущ.

Нытlэ, дэтхэнэ зы *"хьэрычэт"*ыр *"езырыж глагол"*у е *"lуэху глагол"*у дауи щырет, дэтхэнэ зы глаголыр *"гъэ" пэщlэдзэ*кlэ *щыухуэм* деж, глаголыр зытеухуа *"хьэрычэт"*ыр глагол *"субъект"ым нэгъуэщl гуэрым иригъэзащlэ*у *лэжьэн*у гъэпсагъэххэущ зэрызэпкъырыувэр. Аращи, *"езырыж глагол"у е "lуэху глагол"*у дауи щырет, глаголыр зытеухуа **"хьэрычэт"**ыр **къызпкърыкl**рэ (езырыж) **зыгъэзащlэ** (lуэху) **"субъект"**ыр **нэгъуэщl "субъект"ым игъэлажьэу**щ зэрылъытэнур *глагол*ыр **"гъэ" пэщlэдзэкlэ щыухуэ**м дежи, нытlэ, *"гъэ" пэщlэдзэкlэ ухуа глагол*ым и *"субъект"*ыр **"гъэ" пэщlэдзэкlэ мыухуэ ипэ** а глаголым и **"субъект"***ыжракъым*и, абы *"гъэ" пэщlэдзэкlэ ухуа глагол*ым **"субъект"ыгъэ щимыlэжу**, и къалэнри **"обьект"**рэ (езырыж глагол) **"дополненэ"**у (lуэху глагол) **зэрызэхъуэкl**ри гурыlуэгъуэнщ.

Мыбдежым зи гугъу тщlыр **"езырыж занщlэ глагол"**хэр **"гъэ" пэщlэдзэ**кlэрэ **"lуэху занщlэ глагол"**у зэрыухуэращи, нытlэ, мыпхуэдэу утыку къихьа **"lуэху глагол"**ым и **"субъект"**ыр мы *"гъэ"кlэрэ "езырыж глагол" хьэрычэтыр къыпкъыригъэкl*ыну **зытелэжьыхь "обьект"**ыр **"езырыж глагол"**ым и **"субъект"у щыта**ращ. Нытlэ, мы къэтlуэтари мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ:

| | |
|---|---|
| Хъун → | →→→ «**ар мэ**хъу» |
| ↓ | ↓ |
| Гъэхъун → | → «**абы** ар **е**гъэхъу» |

Мы илъабжьэм *"езырыж занщlэ глагол"*хэр нэгъуэщlым егъэзэщlэнкlэ *"гъэ" пэщlэдзэу* зэрыухуэж *"lуэху занщlэ глагол"*хэмрэ я *лэжьэкlэ щапхъэхэр* къэдгъэлъэгъуэныр игъуэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри *"дополненэ" зиlэрэ зимыlэ "езырыж занщlэ глагол"*хэм теухуауэ къэтхьынщ.

Ауэ икlи, *"lуэху глагол" лъабжьэ*р *"lэмыр модэ"* лlэужьыгъуэ псалъэхэрауэ зэрыщытыр ипэкlэ къыщыхэдгъэщагъэххэщи, нытlэ, *"езырыж занщlэ глагол"*хэри *"гъэ" пэщlэдзэ*кlэ *"lуэху занщlэ глагол"у зэрыухуэ*м *ипэ* къихуэу, мы *"езырыж занщlэ глагол"*хэр *"гъэ" пэщlэдзэкlэ "lэмыр модэ"у зэрыухуэ* щапхъэхэр къэдгъэлъагъуэу, *"езырыж глагол"*хэр

*"гъэ"кlэ*рэ *"lуэху глагол"*у *зэрыухуэ* лъабжьэрэ *лъагъуэ*ми гулъытэ хуэтщlынщ.

Икlи, *"сэ"м къыпкъырыкl*ыу *"уэ"м игъэзэщlапхъэу* **"гъэ"**кlэрэ ухуэ **"lэмыр модэ"** лlэужьыгъуэу псалъэхэм **еджэкlитl** зэрагъуэтри гурыlуэгъуэщи, зыр *"уэ"м* **игъэзэщlэн хуейуэ** щытущ; адрейри *"уэ"р* **гъэзэщlэнкlэ хуит зэрыщlы**ыу щытущ. *"lэмыр модэ"*у мы *еджэкlитl* зэрагъуэтым *хуэдэщ* мы *"езырыж занщlэ глагол"*хэр **"гъэ" пэщlэдзэ**кlэ *зэрыухуэж* **"lуэху занщlэ глагол"**хэм я нормал **лэжьэкlэ**хэри, абыхэми – зи гугъу тщla *"lэмыр модэ"* лlэужьыгъуэ *псалъэхэм хуэдэ*- **еджэкlитl** зэраlэри гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, *"lэмыр модэ"р "иджы зэман"*ым теухуауэ щытми, *"глагол"хэр зэмылlэужьыгъуэ "зэманыгъуэ"*у зэрылэжьэнури гурыlэгъуэщ.

Нытlэ, мы жытlахэри къызэрыхэщу, *"lэмыр модэ"* лlэужьыгъуэ псалъэхэм *къыщlидзэу "езырыж занщlэ глагол"хэр "гъэ"кlэ*рэ *"lуэху занщlэ глагол"*хэу *зэрыухуэж лъагъуэ*ми гулъытэ хуэщlыну *игъуэ щапхъэхэр*и мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **"Езрж знщl. гл."** | **"Гъэ"кlэрэ "lэмыр модэ" псалъэу зэрыухуэрэ, зэреджапхъэхэр** | **"lуэху занщlэ гл."у зэрыухуэрэ, я лэжьэкlэхэми зэреджапхъэхэр** |
|---|---|---|
| - Хъун → | - «гъэхъу! → **"уэ** ар гъэхъу!**"**:<br>1- «**уэ** ар зэры"хъун**" щlы**!»;<br>2- «**уэ** ар зэры"хъун"кlэ **хуит щlы**!». | → Гъэхъун: «**уэ** ар **б**огъэхъу – **б**гъэхъуащ»:<br>1- «**уэ** ар зэры"хъун**" б**ощl – **п**щlащ»;<br>2- «**уэ** ар зэры"хъун"кlэ **хуит б**ощl – **п**щlащ». |
| - Кlуэн → | - «гъакlуэ! → **"уэ** ар абы гъакlуэ!**"**:<br>1- «**уэ** ар абы "кlуэ(н)**" щlы**!»;<br>2- **"уэ** ар абы "кlуэн"кlэ **хуит щlы**!». | → Гъэкlуэн: «**уэ** ар абы **б**огъакlуэ – **б**гъэкlуащ»:<br>1- «**уэ** ар абы "кlуэ(н)**" б**ощl – **п**щlащ»;<br>2- **"уэ** ар абы "кlуэн"кlэ **хуит б**ощl – **п**щlащ». |

## "lУЭХУ" ЛlЭУЖЬЫГЪУЭ "ХЬЭРЫЧЭТ"ХЭР "КОНДИЦЭ"ХЭМ ЕЛЪЫТАУЭ ГЪЭЗАЩlЭУ "lУЭХУ ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ" ЗЭРЫУХУЭРЭ ЗЭРЫЛАЖЬЭМ ТЕУХУАУЭ

### "lУЭХУ ЗАНЩlЭ ГЛАГОЛ"ХЭМ "ПРЕФИКС"КlЭРЭ "lУЭХУ ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ" КЪАЗЭРЫТЕХЪУКlЫМ ТЕУХУАУЭ

Ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъууэ, "глагол" лlэужьыгъуэ дэтхэнэ зы "хьэрычэт"ыр зэрылъытэ псалъэр япэрауэ а "хьэрычэт"ыр утыку

къызэрихьэрэ къыщихьэр зэрылъытэущ зэрыухуэри, мыри *нобэ "глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"* жыхуэтlэращ. Аращи, *"хьэрычэт" лъытэ*у *япэу утыку къихьэ*у зи гугъу тщlы мы псалъэращ *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"* жыхуэтlэри, мыр *зи лэжьэкlэ*у тлъыта *"инфинитив глагол"*ыр къызытехъукlри мы *"хьэрычэт"ыр уникэу зэрылъытэ* псалъэращ. Нытlэ, дэтхэнэ зы ″хьэрычэт″ыр уникэу зэрылъытэ псалъэращ япэ къэхъуари, ар дэтхэнэ зы зэманыгъуэрэ щlыкlэу лэжьэну зэрыгъэпсу ″инфнитив глагол″ жыхуэтlэри а ″хьэрычэт″ыр уникэу зэрылъытэ псалъэм къызэрытехъукlар гурыlуэгъуэщ.

Мы псалъэхэм гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlщи, дэтхэнэ зы *"хьэрычэт"*ыр занщlэу къэмыlуатэрэ зы *"кондицэ"м елъыта*уэ къызэрыlуатэ *псалъэ*хэри *–уникэ*у- а *кондицэ*р *зэрылъыт*у *"префикс"*кlэрэ *ухуауэ*щ япэу утыку къызэрихьари, нытlэ, мы ″префиксиал″у ухуа псалъэхэм ″инфинитив″у зэрыухуэжущ ″lуэху префиксиал глагол″ жыхуэтlэхэри зэрылъытар. Мыпхуэдэщ икlи ″инфинитив″у ″lуэху суффиксиал глагол″хэри утыку къызэрихьар.

*"Инфинитив"* жыхуэтlэр *бзэщlэныгъэ*рэ и *грамматикэ*у лъыта *псалъэ*рщи, ар мыпхуэдэу мылъытэ ипэ -зи гугъу тщla бзэ лэжьэкlэу- дэтхэнэ зы *"хьэрычэт"*ыр *уникэу зэрылъытэ псалъэ*р дэтхэнэ зы *зэманыгъуэ*рэ дэтхэнэ зы *щlыкlэ*у *лэжьэфыну -"н" клэух*кlэ-*зэрызэпкъырыува* псалъэм иужьыlуэкlэ къызэрытехъукlари гурыlуэгъуэщ. Аращи, *"префиксиал -суффиксиал- глагол"*у *"инфинитив"*у ухуахэри *япэу* дэтхэнэ зы *"хьэрычэт"*ыр *уникэу "префиксиал"*рэ *"суффиксиал"*у къызэрыlуатэ *псалъэхэм къызэрытехъукла*ри гурыlуэгъуэщи, нытlэ, мыбдежым зи гугъу тщlыну **″lуэху префиксиал глагол″**хэри дэтхэнэ зы **″lуэху″** лlэужьыгъуэ **″хьэрычэт″**ыр **уникэ**у *"кондицэ"* гуэрым *елъыта*уэ зэрыгъэзащlэр къызэрыlуатэ **псалъэ**хэр зи лъабжьэу **″инфинитив″**у *зэрыухуэ*у утыку къызэрихьагъэнури гурыlуэгъуэщ.

Ауэ икlи, ″префиксиал глагол″хэм я лэжьэкlэхэри ″префиксиал псалъэ″ лlэужьыгъуэхэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэщ; икlи, мы ″префиксиал глагол″хэри я лэжьэкlэу аргуэру игъуэ ″префикс″хэмкlи зэрыухуэфынури гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэуи ″префиксыбэ″ псалъэрэ ″инфинитив глагол″хэри къазэрытехъукlынури гурыlуэгъуэщ.

Икlи, *"префикс"* жыхуэтlэхэр *япэрауэ* зэрылъытарэ утыку къызэрихьа щlыкlэхэри *"дополненэ" зилэу лажьэ "занщlэ глагол"* лlэужьыгъухэращи, нытlэ, **″префиксиал глагол″**хэм я *лэжьэкlэ*хэми **″дополненэ″**

зэрых*иубыдэн хуей*ри гурыIуэгъуэнщ. Ауэ, *"щIыкIэ"* лIэужьыгъуэ **"префикс" гуэрхэм**кIэ **"дополненэ"** зэры**мылъытэ**нум ипэкIэ "езырыж глагол"хэм теухуа лэжьыгъэми гулъытэ зэрыхуэтщIари мыбдежым аргуэру дигу къыщыдгъэкIыжынщ.

*

Мыхэр къыхэдгъэща нэужь, мы илъабжьэм *"Iуэху префиксиал глагол"*хэм *хуэIуарэ теухуа*уэ къыхэгъэщыпхъэ *гуэрхэр*и къыпытщэжынщ.

*"Iуэху префиксиал глагол"*хэр утыку къызэрихьэ *зэмылIэужьыгъуэ щIыкIэ*хэри щыIэнщи, мыпхуэдэ *япэрей лъэбакъуэ*ри ипэкIэ "езырыж занщIэ глагол"хэм "езырыж префиксиал глагол"хэр къазэрытехъукIым хуэдэу жыIэпхъэщ. Аращи, *"дополненэ" зиIэу лажьэ "Iуэху занщIэ глагол"*хэм я *лэжьэкIэхэр*ауэ жыIэпхъэщ *япэрей "Iуэху префиксиал глагол"* лIэужьыгъуэхэр *къызытехъукIа*гъэнур. НытIэ, мыпхуэдэ лэжьэкIэхэри *"хьэрычэт"*ыр нэгъуэщI гуэрым -*"дополненэ"*м- *хуэкIуэ*рэ *хуэгъэза*уэ щылъытэхэращи, мыпхуэдэу лъытэну "дополненэ"хэри -"щIыпIэ" лIэужьыгъуэу щымыту- цIыху нэрыбэу щылъытэхэращ. ИкIи, *"дополненэ" зиIэ*у лажьэ *"Iуэху занщIэ глагол"*хэр цIыху нэрыбгэхэм теухуэу - *"дополненэ"р цIыху нэрыбгэ*у- щылъытэм дежращ мы *глагол лэжьэкIэ*хэр - фIэкIыпIэ имыIэу- *"префиксиал"у щыухуэ*хэри, мыпхуэдэ *"префикс"*хэм я *пэщIэдзэ*ри -ипэкIи "езырыж глагол"хэм дежи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ- "дополненэ"м *"хуэкIуэ"*рэ *"хуэгъэза"* зылъытэ **"ху" префикс**рауэ зэрыщытри мыбдежым аргуэру дигу къыщыдгъэкIыжынщ.

Аращи, *"Iуэху занщIэ глагол" гуэрхэми я лэжьэкIэ зытеухуэ* гуэрхэр щыIэщи, мыхэр *лэжьыгъэр зыхуэгъэза*уэ къыхэгъэщыпхъэмэ, япэрауэ мы зи гугъу тщIа *"префикс"*ыр *къэзыщтэ*рщи, мыпхуэдэуи **"Iуэху занщIэ глагол"**хэм я **лэжьэкIэу "Iуэху префиксиал глагол"**хэри утыку къохьэр. *Глагол лэжьэкIэу* утыку къихьа мы *"префиксиал"*ыгъэр иужькIэ *дэтхэнэ зы "Iуэху занщIэ глагол"*ри **"инфинитив"у "префиксиал"**у *зэрыухуэ*фым **лъабжьэ** хуохъур; икIи, з*эрыухуагъэххэу* **"Iуэху префиксиал глагол"** къэхъуныгъэми лъабжьэ яхуохъур.

Мы къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ къызэрытхуащIщи, *"Iуэху префиксиал глагол"*хэм теухуауэ *япэу зи гугъу щI*ыпхъэхэри *"дополненэ" зиIэу лажьэ "Iуэху занщIэ глагол"*хэм я *лэжьэкIэу "префикс"* къызэращтэращ.

**"Дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"хэр "префиксиал"у къызэрыlуатэрэ, "инфинитив"у "lуэху префиксиал глагол"уи зэрыухуэхэр.**

*"Дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"хэр "щlыкlэ" лlэужьыгъуэ "префиксиал"у зэрылажьэрэ, "инфинитив"уи "lуэху префиксиа глагол"у зэрыухуэхэр.*

Ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *"дополненэ"*хэмрэ *"префикс"*хэм *зэпыщlэныгъэ* зэрызыхуаlэр гурыlуэгъуэщи, глаголыр *"префиксиал"*мэ, и лэжьэкlэм *"дополненэ"*и *хиубыдапхъэщ*. Ауэ икlи, *"префиксиал"у щымыт глагол гуэрхэр*и -"занщlэ глагол" гуэрхэри- *"дополненэ" зиlэу зэрылажьэхэр* гурыlуэгъуэщи, нытlэ, мыпхуэдэ "занщlэ глагол"хэри *"префиксиал"у ухуэну нэхъ хущlэкъу*у зэрылъытэнури жыlэпхъэнщ. Аращи, ипэкlэ зи гугъу тщlарэ зи лэжьэкlэ щапхъэхэри къызыхуэтхьа **"дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"**хэр **"префиксиал"**у *ухуэну нэхъ* **хущlэкъу**рэ *хуэигъуэ*у лъытапхъэщ.

*"Дополненэ" зиlэххэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*хэм я *"дополненэ"*р *"щlыпlэ" лъытэ*у зэрыщытым папщlэ, глагол лэжьэкlэу *"префикс"ыншэ*у мэлъытэхэр; ауэ, мы *"дополненэ"*р -"щlыпlэ" лъытэу щымытрэ- *"хьэрычэт"*ыр *зыхуэгъэза*уэ лъытэн хуейуэ щытмэ, мыпхуэдэри *игъуэ "префикс"*кlэ къызэрыlуэтэнур гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, зи гугъу тщla *"lуэху занщlэ глагол"*хэм я *лэжьэкl*эхэм хэлъыта "дополненэ"хэр *щlыпlэ"* лlэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мы "дополненэ"хэр *щlыпlэ"* лlэужьыгъуэу *щымыт*рэ "хьэрычэт"ыр зыхуэгъэза гуэру щытмэ, **"lуэху занщlэ глагол" лэжьэкlэу** *игъуэ* **"префикс"** (пп: "ху") зэрыхуэныкъуэнур гурыlуэгъуэщ. Аращи, *"дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*ым и "дополненэ"р –щlыпlэ" лlэужьыгъуэу щымыту- *"хьэрычэт"*ыр *зыхуэгъэза гуэр* е –нэхъыбэуи- зы **цlыху** *нэрыбгэ* зылъытэу щытмэ, мы зэры*хуэгъэза*р *зылъытэ игъуэ "префикс"*кlэ къызэрыlуэтэнур гурыlуэгъуэщ. Икlи, мы **цlыху** нэрыбгэр -*"сэ"м хуэпэжыжьэ*у- щытмэ, ар зэрылъытэ "дополненэ"р **"объектив"** лlэужьыгъуэу зэрылъытэнури гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, ипэкlэ къэта *"lуэху занщlэ -макъ- глагол" лэжьэкlэ* щапхъэхэм къыхэщ *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэ *объектив* "дополненэ"м ипlэ **"ещанэ щхьэ закъуэ"**у **цlыху** нэрыбгэ зэрылъытэ *объектив* "дополненэ" щиувэкlэ,

*"хьэрычэт"*ыр абы *-объектив "*дополненэ*"*м- *хуэгъэза*уэ зэрыщытыр зэрылъытэ *игъуэ префикс* (пп: *"*ху*"*) къищтэу къызэрыlуэтэнури гурыlуэгъуэнщ. Мы зэрыжытlауэ, *дополненэ зилэу лажьэ* ***"*lуэху занщlэ глагол*"***хэр игъуэ ***"префикс"***клэ (*"ху"*) зэры*"лажьэу уху а псалъэ"*хэр – ***"субъект***, объект, дополненэ*"*рэ *"префикс"*ри мы зэрытха щlыклэхэу-къэдгъэлъагъуэу, мы псалъэхэри ***"инфинитив"***у зэрыухуэу ***"lуэху префиксиал глагол"***хэр утыку къызэрихьэ щапхъэхэри къыпытщэжынщ:

| | |
|---|---|
| **- Хьын** → | - «**абы** ар абы *ху***е**хь – *ху***и**хьащ» → «***Хуэхьын***»; |
| **- Чын** → | - «**абы** ар абы *ху***е**ч – *ху***и**чащ» → «***Хуэчын***»; |
| **- Хун** → | - «**абы** ар абы *ху***е**ху – *ху***и**хуащ» → «***Хуэхун***»; |
| **- Дзын** → | - «**абы** ар абы *ху***е**дз – *ху***и**дзащ» → «***Хуэдзын***»; |
| **- Шэн** → | - «**абы** ар абы *ху***е**шэ – *ху***и**шащ» → «***Хуэшэн***»; |
| **- Тхъун** → | - «**абы** ар абы *ху***е**тхъу – *ху***и**тхъуащ» → ««***Хуэтхъун***». |

Мы къэта щапхъэхэм *"***субъект***, объект, дополненэ"*р *"цlэпапщlэ"*у *"объектив щхьэ закъуэ"*у зэрыхэлъытахэр нэрылъагъущ; икlи, ***"субъект"***ымрэ *"*дополненэ*"*р *"луэху"* лlэужьыгъуэу, *"*объект*"*ри *"езырыж"* лlэужьыгъуэу зэрыщытыри гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, *"цlэпапщlэ"* лlэужьыгъуэ мы *"объектив щхьэ"*хэр *"куэдагъэ"*у зэрылъытэнур *"хэ" клэух*клэрэщи, *"езырыж"* лlэужьыгъуэ *"*объект*"*ыр *"щхьэ куэдагъэ"*у *"хэ"* клэухкlэ лъытар а зэрыщыту *-"езырыж"*у- *"р"*клэ *зэрыгъэлъагъуэ*ущ зэрыухуапхър:

| |
|---|
| «ар → ахэр». |

Мыбы нэмыщl, *"*дополненэ*"* къалэнкlэ зи гугъу тщlы мы *"луэху"* лlэужьыгъуэ *"объектив щхьэ цlэпапщlэ"*р *куэдагъэ*у зэрылъытэри –ипэкlи щыгъуазэ дызыхуэхъуа *"луэху"* лlэужьыгъуэ *"субъект"*ым хуэдэу- *"объектив щхьэ закъуэ цlэпапщlэ"* зэрылъыта *"абы"*м *"хэ" клэух* къызэрищтэущи, *"щхьэ цlэпапщlэ" псалъэ*р мы *зэрыухуа* щlыклэм *гулъытэ зэрыхуэщl*ыпхъэрэ зыгуэрым *зэрыпыщла*ри *"м" клэух*клэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ. Аргуэру къыхэгъэщыпхъэмэ, *"жыжьагъ"*рэ (а) *"куэдагъ"* (хэ) къызыхэщыр *"м" клэух*клэ *зыпыщла* гуэри зэриlэкlэрэ лъыта нэужь, псалъэм *зэрелъытэужьыгъуэ* (б) къыхэмыщми зэрыхъунур гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, мыпхуэдэ лъагъуэри мыбдежым аргуэру дигу къыщыдгъэкlыжынщ:

| |
|---|
| «абы → *"*абыхэм → ахэм*"*». |

Мы *куэдагъ* лlэужьыгъуэ *"объектив щхьэ цlэпапщlэ"*ращ икlи *"глагол лэжьэклэу уху а псалъэ"*м хэлъытэнури, ар псалъэм зэрыхэлъытэну щlыкlэри ***"объектив щхьэ куэдагъ"*** (а) зэрылъытэ ***"объектив щхьэ цlэпапщlэ лъытэ"***ущ. Ауэ икlи, ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуагъащи,

*глагол лэжьэкlэм "*дополнэ*"*р *"куэдагъэ"*у щыхэлъытэм деж, ар зы *"щlыпlэ" лlэужьыгъуэжкъым*и, зы **гуэрхэ**у е **цlыху нэрыбгэхэ**у -*"*сэ*"*м хуэпэжыжьэуи- *"объектив"*у лъытэхэрщи, нытlэ, мыпхуэдэхэри *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*ми -фlэкlыпlэ имыlэу- *игъуэ "префикс"* (пп: ху) къызэрищтэкlэрэ зэрыхэлъытэнури гурыlуэгъуэнщ:

Мыхэри къыхэдгъэща нэужь, мы ипэкlэ къэта *"lуэху занщlэ -макъ-глагол"*хэм щыщ зыр -пп: *"хьын" глагол*ыр- *"ит зэман"рэ "блэкla зэман"*у зэры*лажьэ* щапхъэхэм –глагол *"субъект"*рэ *"объект"*ыр *закъуэ*рэ *куэдагъэ*у- *"*дополненэ*"*ри *куэдагъ* (абыхэм) защlэу зэрыхиубыдэу, *"lуэху"*р *куэдагъ* лlэужьыгъуэ *"дополненэ"м хуэкlуэ*у/хуэгъэзауэ зэрылъытэ *"ху" префикс*кlэ *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэр зэрыхуэ щlыкlэхэр мы илъабжьэм -глагол *"***субъект**, объект, дополненэ*"*ри мы зэрытха щlыкlэу-къыщыдгъэлъэгъуэнщи, икlи, *глагол*хэм я *лэжьэкlэу* къащтэ *игъуэ "префикс"*кlэрэ (пп: *"*ху*"*) ***"*инфинитив*"***у зэрыухуэу ***"*lуэху префиксиал глагол*"***у утыку къызэрихьэри къыпытщэжынщ:

| | | |
|---|---|---|
| Хьын → | - «**абы** ар абыхэм я*ху***е**хь – я*ху***и**хьащ» →<br>- «**абыхэм** ар абыхэм я*ху***а**хь – я*ху***а**хьащ» →<br>- «**абы** ахэр абыхэм я*ху***е**хь(хэ) – я*ху***и**хьа(хэ)щ» →<br>- «**абыхэм** ахэр абыхэм я*ху***а**хь(хэ) – я*ху***а**хьа(хэ)щ» → | - «***Хуэхьын***» |

Мы къэта щапхъэхэм *"lуэху"* лlэужьыгъуэу щыт *"***субъект***"*ымрэ *"*дополненэ*"*м *mlури "куэдагъэ"*у зыхэзыубыдэ псалъэхэр хыболъагъуэри, бзэ лэжьэкlэрэ *логие*у *игъуэ*ри мыпхуэдэу лъытапхъэщ. Ауэ, къэlуэтэгъуей мыхъун папщlэрагъэнщи, *"lуэху"* лlэужьыгъуэ *куэдагъ "щхьиtl"* зыхэзыубыдэ мы псалъэхэр *бзэм щызэрызекlуэ* щlыкlэр мы *"щхьиtl"ым зы*р зы*хиубыдэу*щ. Нытlэ, *"lуэху"* лlэужьыгъуэ *"щхьиtl" зыхэзыубыдэ*у мы ипэкlэ къэта щапхъэхэр *"субъект" е "дополненэ"*м зыр *"щхьэ куэдагъэ"*у зэрызыхиубыдэ *къэlуэтэкlиtl*ыу -*"псэлъиtl"*у- къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| Хьын → | - «**абыхэм** ар абыхэм я*ху***а**йхь/я*ху***е**хь/*ху***а**хь – я*ху***а**йхьащ/ я*ху***и**хьащ/*ху***а**хьащ»;<br>- «**абыхэм** ахэр абыхэм я*ху***а**йхь(хэ)/я*ху***е**хь(хэ)/*ху***а**хь(хэ) – я*ху***а**йхьа(хэ)щ/я*ху***и**хьа(хэ)щ/*ху***а**хьа(хэ)щ». |

Мы глаголым и *"*лэжьэкlэу ухуа псалъэ*"*р зэрызэпкъырыувэ щlыкlэр япэрей щапхъэрауэ (пп: я*ху***а**йхь; я*ху***и**хьащ) лъытапхъэми, бзэм хуити къызэрыlуатэ щlыкlэу псалъэр *зэм* ***"*субъект*"***ыр *куэдагъэу* зэрыщытыр *хэмылъытэу* (пп: я*ху***е**хь; я*ху***и**хьащ) *зэми "*дополненэ*"*р *куэдагъэу* зэрыщытыр *хэмылъытэу* (пп: *ху***а**хь; *ху***а**хьащ) *зэрыухуэ*р нэрылъагъущ. Дауи, *"*щхьэ*"*хэр *"***субъект**, объект, дополненэ*"* къалэнкlэрэ *псалъэухыгъэм*

хиубыдэу щытмэ, ″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″р хуиту къызэрыlу щlыкlэу ухуэнщ; ауэ икlи, нэхъыбэуи ″**субъект**″ыр къызыхэщу (*ху***а**хь; *ху***а**хьащ) зэрыухуапхъэри жыlэпхъэщи, бзэм нэхъыбэу щызэрызекlуэ щlыкlэри мырагъэнщ.

*

*″lуэху глагол″* лэжьэкlэхэм *″*дополненэ*″*у *″субъектив щхьэ″* лlэужьыгъуэхэр зэрыхиубыдэфынури гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэм дежи, *″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*хэм *″lуэху″* лlэужьыгъуэ *″объектив щхьэ куэдагъ″uml*ым *зыр* хиубыдэн хуейуэ -мы ипэкlэ къыхэдгъэщам хуэдэ- зы къэlуэтэкlэ зэхъуэкlыныгъэ къэхъункъым.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *″субъектив щхьэ цlэпапщlэ″*хэр (сэ, уэ, дэ, фэ) *″езырыж″рэ ″lуэху″* лlэужьыгъуэуи *зэщхьэщыклкъым*. Ауэ, *″lуэху глагол″*хэм я *″лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*хэм *″субъектив щхьэ″*хэр *″субъект″* къалэнрэ икlи *″дополненэ″* къалэн *нэхъыбэ*ри **″lуэху″** лlэужьыгъуэ **″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″**у (″с; з″; ″б; п, пl″; ″д; т, тl″; ″ф; в, фl″) зэрыхиубыдэри гурыlуэгъуэщ.

Мыбы нэмыщl, *″субъектив щхьэ″*хэр ″дополненэ″у зыхэзыубыдэ *″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*хэри -фlэкlыпlэ имыlэу- *игъуэ ″префикс″*кlэ (пп: ″ху″) зэрыухуэнури гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэуи **″lуэху занщlэ глагол″ лэжьэкlэу ″префикс″** къэзыщтэхэм **″инфинитив″**у **″lуэху префиксиал глагол″**и къытехъукlынщ. Нытlэ, мы ипэкlэ зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа *″lуэху занщlэ -макъ- глагол″*хэм ″дополненэ″у *цlыху нэрыбгэ*хэр –**″субъектив щхьэ″**хэр- зэрыхэлъытэ щапхъэхэри -″**субъект**, объект, дополненэ*″ къалэн* зиlэхэри мы зэрытха щlыкlэу хиубыдэу- мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщи, *″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*хэмрэ ахэр *″инфинитив″*у зэрыухуэ *″lуэху префиксиал глагол″*хэри -*″префикс″*хэр *италикэ*у мы зэрытхауэ- мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| - Хьын → | - «**сэ** ар уэ п*ху***з**охь – п*ху***э**схьащ» → «***Хуэхьын***»; |
| - Чын → | - «**уэ** ар сэ с*ху***б**оч – с*ху***э**пчащ» → «***Хуэчын***»; |
| - Хун → | - «**дэ** ар уэ п*ху***д**оху – п*ху***э**тхуащ» → «***Хуэхун***»; |
| - Дзын → | - «**дэ** ар фэ ф*ху***д**одз – ф*ху***э**ддзащ» → «***Хуэдзын***»; |
| - Шэн → | - «**фэ** ар сэ с*ху***в**ошэ – с*ху***э**фшащ» → «***Хуэшэн***»; |
| - Тхъун → | - «**фэ** ар дэ т*ху***в**отхъу – т*ху***э**фтхъуащ» → «***Хуэтхъун***». |

Ипэкlи щыгъуазэ дызыхуэхъуауэ, *глагол лэжькlэу игъуэ ″щхьэ префикс″*хэмкlэ ухуа мы *″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*хэр икlи *″сэ, фэ″м* (къы)хуэгъэзауэ -къыхуэкlуэу- *″къ″ префикс; ″уэ, фэ″м* (ны)хуэгъэза е

(къы)хуэгъэзауэ -ныхуэкlуэу е икlи къыхуэкlуэуи- *"н" префикс* -къыкlэлъыкlуэуи- *къ" префикс* къызэрщтэкlэрэ *нэхъ тегъэчыныхьа къэlуэтэкlэ* зэрагъуэтыфынухэри гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэ зы щапхъэи къэтхьынщ:

| | |
|---|---|
| - Хьын → | - «**сэ** ар уэ *ны*п**х**у**з**охь/*къы*пх**у**з**о**хь – *ны*п**х**уэ**с**хьащ/*къы*п**х**уэ**с**хьащ» → «***Ныхуэхьын/Къыхуэхьын***»; |

Ауэ, мы ипэкlэ *"ху" префикс*кlэ ухуа *къэlуэтэкlэ*хэри *игъуэрэ ирикъу*уи лъыттапхъэщи, *"lуэху занщlэ глагол"*хэр *"субъектив* дополненэ*"*хэм *теухуэу зэрылажьэ щlыкlэхэр* ипэкlэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ "езырыж занщlэ глагол"хэр "субъектив дополненэ"хэм теухуэу зэрылажьэ щlыкlэхэм хуэдэу *-фlэкlыпlэ имыlэу- "къ, н" префикс* къащтэу къэlуэтэн *хуейуэ* зэры*щымыт*ри гурыlуэгъуэщ.

Дауи, мыхэри къыхэдгъэща нэужь, "дополненэ" зиlэу лажьэ *"lуэху занщlэ глагол"*хэр *"ит зэман"*рэ *"блэкlа зэман"*у *зэрылажьэ*м теухуа *зэмылlэужьыгъуэ щапхъэ*хэри -зыхаубыдэ **"субъектив субъект**, субъектив дополненэ, "объектив объект (*"щхьэ"*уэ *закъуэ*рэ *куэдагъ*)"хэри *мы зэрытха щlыкlэ*хэу- къэдгъэлъагъуэу, мы **"lуэху занщlэ глагол"**хэм я **лэжьэкlэ**хэу *"ху" префикс* нэмыщl **"къ, н" префикс**и къэзыщтэхэм **"инфинитив"**у **"lуэху префиксиал глагол"** къазэрытехъукlхэри къапытщэжынщ:

| | |
|---|---|
| - Хьын → | - «**сэ** ар уэ *ны*п**х**у**з**охь/*къы*п**х**у**з**охь - *ны*п**х**уэ**с**хьащ/*къы*п**х**у**с**хьащ» → «***Ныхуэхьын, Къыхуэхьын***»; |
| - Чын → | - «**уэ** ахэр сэ *къы*с**х**у**б**оч(хэ) – *къы*с**х**уэ**п**ча(хэ)щ» → «***Къыхуэчын***»; |
| - Хун → | - «**дэ** ар уэ *ны*п**х**у**д**оху/*къы*п**х**у**д**оху – п**х**уэ**т**хуащ» → «***Ныхуэхун, Къыхуэхун***»; |
| - Дзын → | - «**дэ** ар фэ *ны*ф**х**у**д**одз/*къы*ф**х**у**д**одз – *ны*ф**х**уэ**дд**защ/*къы*ф**х**уэ**дд**защ» → «***Ныхуэдзын, Къыхуэдзын***»; |
| - Шэн → | - «**фэ** ахэр сэ *къы*с**х**у**в**ошэ(хэ) – *къы*с**х**уэ**ф**ша(хэ)щ» → «***Къыхуэшэн***»; |
| - Тхъун→ | - «**фэ** ар дэ *къы*т**х**у**в**отхъу – *къы*т**х**уэ**ф**тхъуащ» → «***Къыхуэтхъун***». |

*

Зэрыгурыlуэгъуэу, *щылажьэкlэ* –"объект"ым нэмыщl- зы *"гъуэгуанэ"*и щызыхэлъытэхэращ *дополненэ зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*хэу мы зи гугъу тщlыхэри, мы глаголхэм я *"объектив" защlэ лэжьэкlэ*р глагол мыхьэнэрэ *"хьэрычэт"ым елъыта*уэ лъытэ *"гъуэгуанэ"*р зыхуэкlуэрэ *зыдынэс*ыр зэрылъытэ *"дополненэ"*ри зы *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэу зэрыщытым ипэкlи щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ. Ауэ, *"хьэрычэт"*ыр *зыхуэкlуэ "дополненэ"*р зы гуэру –нэхъыбэуи *"цlыху"* нэрыбгэу- щытмэ, *"хьэрычэт"*ыр мы *зыхуэкlуэм хуэгъэпса*уэ зэрыкlуэр лъытэн хуейщи, мыри

зэрылъытэнур игъуэ *"кондицэ"*кlэрэщ. Аращи, мыпхуэдэ "дополненэ" зыхэзыубыдэ "lуэху занщlэ глагол" лэжьэкlэр игъуэ *"префикс"*кlэ ухуа псалъэущ къызэрыlуэтэнур. Мы ипэкlэ мыпхуэдэ щапхъэхэри *"ху; къ, н" префикс*хэмкlэ ухуа псалъэхэу къэдгъэлъэгъуащ.

Мы *"ху; къ, н" "префикс"*хэр *"щlыкlэ"* лlэужьыгъуэ *пэщlэдзэ префикс*хэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Ауэ, мыбыхэм *нэмыщl "щlыкlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"*хэри щыlэщи (пп: *е; фl; зы; дэ, зэдэ*), нытlэ, "дополненэ" зиlэу лажьэ *"lуэху занщlэ глагол"*хэм я *лэжьэкlэу* мыпхуэдэ *"щlыкlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"*хэри къызэращтэу зэрыухуэ псалъэхэмрэ, ахэри *"инфинитив"*у *"lуэху префиксиал глагол"*у зэрыухуэжхэми щыгъуазэ дыхуэхъуу игъуэ щапхъэхэри къэгъэлъэгъуэныр игъуэщ.

Нытlэ, "щlыкlэ" лlэужьыгъуэ *пэщlэдзэ "префикс"*хэу тлъыта мы "ху; къ, н"хэм къыкlэлъыкlуэу бзэм хэлэжьыхьу щlэзыдза мы *"щlыкlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"*хэм (*е; фl; зы; дэ, зэдэ*) щыщу *япэрауэ "е"*р мы *"дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*хэм я лэжьэкlэу *"префикс" язэрыхуэхъу* щlыкlэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, бзэр къэзыlуатэрэ сытри къызхунэсу зылъытэу лъыта *"сэ"м хуэпэжыжьэ*у занщlэуи зэмыпсалъэу *адрей*уэ илъытэхэм – *"объектив субъект"*хэм- *"lуэху" зэрагъэзащlэ* щlыкlэри -*"ит зэман"*ым теухуауэ- **"екlуэлlэн"**рэ (е: иэ; эй) **"джын"**кlэрэщ (и); -*"блэкlа*рэ *къэкlуэну зэман"*ым теухуауи- зэры"**дж**"ущ: «щlын: **абы** ар **е**щl – **и**щlащ»; «**абы** ар абы **е**хь - **и**хьащ».

Ипэкlи щыгъуазэ дызыхуэхъууэ, *"дополненэ"*р -"щlыпlэ" лlэужьыгъуэу щымытрэ- зы *"цlыху"* нэрыбгэу щытмэ, *"хьэрычэт"*ыр мы *"субъектив"* лlэужьыгъуэ *"дополненэ"*м *зэрыхуэкlуэ*р *"ху"*рэ *"къ, н" префикс*кlэрэщ къызэрыlуатэри, нытlэ, -мы ипэкlэ къэта щапхъэхэми къызэрыхэщу- *"хьэрычэт"*ыр **"объектив"** лlэужьыгъуэ **"дополненэ"м** *зэрыхуэкlуэ*ри –мы "къ, н" префиксхэм ипlэкlэ- **"е, и" префикс**кlэрэщ. Мы зи гугъу тщlа *лэжьэкlитlм*и я зэхуэдэу *хиубыдэ "префикс"*ыр **"ху"**ращи, мы *"ху"кlэрэ гъэпса "хьэрычэт"*ыр *"субъектив щхьэ"*хэм зэрыхуэкlуэр зэрылъытэр **"къ, н"** *префикс*хэмкlэщ; *"объектив щхьэ"*хэм зэрыхуэкlуэри **"е, и" префикс**кlэрэщ зэрылъытэр.

Ауэ, *"къ, н" префикс*хэр "хьэрычэт"ыр *"субъектив щхьэ"*хэм зэры*хуэкlуэр* зылъытэ *"щыкlэ" префикс*хэу щыт щхьэ, *"объектив щхьэ"*хэм теухуауэ мы зи гугъу тщlыр **"е" -**икlи **"и"**р- **"объектив щхьэ цlэпащlэ лъытэ"**у зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Ар щыхъукlи, глагол лэжьэкlэу

псалъэхэр *"къ, н" префикс*хэмкlэ зэрыухуэмрэ *"е/и" префикс*кlэ зэрыхуэр *зэхуэдэкъым*и, нытlэ, глагол лэжьэкlэу *"къ, н" префикс*хэмкlэ ухуа *"псалъэ"*хэр *"инфинитив"*у *"префиксиал глагол"*у *ухуэ*у щыт *щхьэ*, **глагол лэжьэкlэу** мы зи гугъу тщla ″объектив щхьэ цlэпапщlэ лъытэ″ лlэужьыгъуэ **″е/и″ префикс** зыхэзыубыдэу ухуа **″псалъэ″**хэр **″инфинитив″**у мыбыхэмкlэ **″префиксиал глагол″**у зэры**мыухуапхъэ**ри гурыlуэгъуэнщ.

Икlи, **″щlыкlэ″** лlэжьыгъуэ **″префикс″**у зи гугъу тщlы *"е"*р *"еклуэлlэн"* лъытэу *"иэ; эй"*уэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщи, нытlэ, мы *"щlыкlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"*у щыт мы *"еклуэлlэн"* лъытэ *"е (иэ; эй)"*р *"луэху глагол"*хэр *"луэху"* лlэужьыгъуэ *"объектив субъект"*кlэрэ *"ит зэман"*у *зэры"лажьэу ухуа псалъэ"*хэм *"объектив щхьэ лъытэ"*у хиубыдэ **″е (иэй; эйй)″**м хиубыдэ *"еклуэлlэн"*ыгъэ (**иэ; эй**) lыхьэращ. Аращи, *"луэху глагол"*хэр *"объектив субъект"*кlэрэ *"ит зэман"*у зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэм *"объектив щхьэ лъытэ"*у хиубыдэ **″е (иэй; эйй)″**м и **″иэ; эй″** lыхьэр *"еклуэлlэн"* лъытэ *"префикс"*щи, мы *префиксиал псалъэм "инфинитив"*у къытехъукl **″lуэху префиксиал глагол″**ри мы **″е (иэ; эй)″ префиксиал**ущ зэрызэпкъырыувэр. Ар щыхъукlи, глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэхэм хиубыдэ **″е (иэй; эйй)″**р *"объектив щхьэ лъытэ"*у зэрылъытэм *нэмыщl*, икlи *-и зы lыхьэ*м (*иэ; эй*) ипкъ зэриткlи- *"префикс"*уи *лъытэн хуей*щи, нытlэ, глагол лэжьэкlэу зыхэлъытэ псалъэхэм **″объектив щхьэ цlэпапщlэ лъытэ″**хэр икlи *"префикс"*уи –зи мыхъуми *игъуэ щыхъум* дежкъыхэгъэщыпхъэщ: «**″е (*иэ*й; *эй*й)″ → ″*е*″**».

Ауэ икlи, ″субъектив″ лlэужьыгъуэ ″дополненэ″хэм къыхуэкlуэр ″къ, н″ префикскlэрэ зэрылъытэр жытlагъащи, нытlэ, *"е" префиксиал*у ухуэну *"глагол"*хэри *"субъектив дополненэ"*хэм теухуауэ -аргуэру- *"къ, н" префикс*хэмкlэ къызэрыlуэтэнури гурыlуэгъуэщ. Дауи, **″е″ префикс**ыр *зыхэплъэгъуэну "луэху глагол"* **лэжьэкlэ**ри **″объектив″** защlэ **лэжьэкlэу –**е, *"объектив щхьэ"*хэм теухуа *лэжьэкlэ*у- зэрыщытынури гурыlуэгъуэщ.

Мы къэтlуэтахэм къызэрыхэщкlэ, *"дополненэ" зulэу лажьэ "луэху занщlэ глагол"*хэм я *лэжьэкlэу "е (иэ; эй)" префикс*кlэ ухуа *псалъэ къызэрытемыхъукl*ыр гурыlуэгъуэщи, нытlэ, *"луэху глагол"* псори *"инфинитив"*у **″е (иэ; эй)″ префикс**кlэ зэры*мыухуапхъэ*ри гурыlуэгъуэнщ. Ар щыхъукlи, **зыхуэигъуэ глагол**хэращ **″е″ префиксиал**у ухуэфынухэр; е, *"префикс" зыхуэныкъуэ* **″суффикс″**хэмкlэ **-″е (иэ; эй)″ префикс**и *къищтэу*- **″суффиксиал префиксиал глагол″**хэр ухуэфынщ.

Нытlэ, **″инфинитив″**у ухуа зы **″е″ префиксиал ″глагол″**ыр **″екlуэлlэн″**кlэрэ (е: иэ; эй) *гъэзэщlэну* **гъэпса** *глагол*ырщи, мыпхуэдэу ухуа **″е″ префиксиал ″lуэху глагол″**хэр *зэрылажьэ* щlыкlэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Икlи, *″е″ префиксиал ″lуэху глагол″*ыр *-″объектив субъект″*кlэ- *зэрылэжьэну щlыкlэ*ри глагол *″субъект″ыр ″lуэху″м* зэр*еклуалlэ*рэ икlи *зэклуалlэ ″объект″*рэ *зыхуэклуэ ″дополненэ″*ри зэрыхэлъытэу къызэрыlуэтэнури гурыlуэгъуэнщи, **″е″ префиксиал ″lуэху глагол″**хэм я **лэжьэкlэ**хэм *″е″*бэ –икlи ″е″р зи кlуэтэгъуэ *″и″*бэ- лэжьэкlэ зэриlэнур, е, **″е″**рэ **″и″** зэпыщlа зэры**хиубыдапхъэ**р гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, мыхэри къыхэдгъэща нэужь, *″дополненэ зиlэу лажьэ ″lуэху занщlэ глагол″* лэжьэкlэ щапхъэхэмрэ, ар *″е″ префиксиал*уи зэрыухуэ *″lуэху префиксиал глагол″ лэжьэкlэ* щапхъэхэр -зэрыз*эгъэпщапхъэ*у- *зы игъуэ глагол*ым (пп: дзын) теухуауэ къэдгъэлъэгъуэнщ. Икlи, мы глагол лэжьэкlэ щапхъэхэм хиубыдэ *″щхьэ″*хэри *″субъектив″* лlэужьыгъуэрэ *″объектив″* лlэужьыгъуэхэуи *-″щхьэ закъуэ″*рэ *″щхьэ къуэдагъ″*у зэрыщыткlэ- къэдгъэлъэгъуэнщи, мы *″щхьэ″*хэри я къалэнкlэрэ -**″субъект**, объект, дополненэ″у- мы зэрытха щlыкlэхэу къыхэдгъэщынщ. Мыбыхэм нэмыщl, мы *″lуэху занщlэ глагол″*рэ *″е″ префиксиал ″lуэху глагол″*хэм я *лэжьэкlэ*хэм *ипэ къихуэ щапхъэ*хэм *″*дополненэ*″*р *″щlыпlэ″* лlэужьыгъуэу, *къыклэлъыклуэ* лэжьэкlэ *щапхъэ*хэми *″*дополненэ*″*р зы *гуэр*у (*″объектив″*у) е *″щlыху″ нэрыбгэ*у (*″субъектив″*у) зэрылъытакlэрэ къэдгъэлъэгъуэнщ. *Глагол лэжьэклэу* мыхэр зыхэзыубыдэу *зэпкъырыува* дэтхэнэ зы *псалъэ*ми *″инфинитив″*у къытехъукl *″lуэху префиксиал глагол″* лlэужьыгъуэхэри къыпытщэжынщ. Зэрыгурыlуэгъуэу, *″дополненэ″ зиlэу лажьэ ″lуэху занщlэ глагол″*хэм я *лэжьэклэу ″префиксиал″*у ухуэ *псалъэ*хэм *″инфинитив″*у *″lуэху префиксиал глагол″* къазэрытехъукl *лъагъуэ*м щыгъуазэ дыхуэхъуу къыдогъэкlуэкlыр мы лэжьыгъэри, мыбдежми *″е″ префиксиал ″lуэху глагол″ лэжьэклэу* **″ире/ири″** *формэ* **″префикс″**кlэрэ ухуэ **псалъэ**хэмрэ, абыхэм **″инфинитив″**у *къатехъукl* **″lуэху префиксиал глагол″** лlэужьыгъуэхэми я лэжьэкlэхэм **″ире/ири″ формэ ″префикс″**хэр **багъуэ**у (пп: ирыре/ирыри) зэрызекlуэм щыгъуазэ дызыхуэхъуну игъуэ щапхъэ гуэрхэри къэтхьынущ:

| | |
|---|---|
| **Дзын** → | - «**абы** ар абы **е**дз – **и**дзащ»;<br>- «**сэ** ар абы **с**одз – **з**дзащ»;<br>----------<br>- «**абы** ар абы *ху***е**дз – *ху***и**дзащ»; «**абы** ар абыхэм *яху***е**дз – *яху***и**дзащ»; |

| | |
|---|---|
| | «**абыхэм** ахэр абыхэм я*ху***а**дз(хэ) – я*ху***а**дза(хэ)щ → я*ху***е**дз(хэ)/*"ху***а**дз(хэ)*"* – я*ху***и**дза(хэ)щ/*"ху***а**дза(хэ)щ*"*» → «***Хуэ*****дзын**»;<br>- «**сэ** уэ абы у*ху***з**одз – у*ху***ээ**дзащ»; «**сэ** уэ дэ у*къыт**х**у**з**одз – у*къыт**х**у**ээ**дзащ»; «**дэ** ахэр фэ *ны**ф**ху***д**одз(хэ) – *ны**ф**ху***эд**дза(хэ)щ» → «***Хуэ*****дзын; *Къыхуэ*****дзын, *Ныхуэ*****дзын**»; |
| ***Е*дзын →** | - «**абы** ар абы *ир**е***дз – *ир***и**дзащ» → «***Ире*****дзын**» → «**абы** ар абы (абы) *ирыре*дз – *ирыр***и**дзащ» → «***Ирыре*****дзын**»;<br>---<br>- «**абы** ар абы *хуре*дз – *хур***и**дзащ»; «**абы** ар абыхэм я*хуре*дз – я*хур***и**дзащ»; «**абыхэм** ахэр абыхэм я*хур***а**дз(хэ) – я*хур***а**дза(хэ)щ» → «***Хуре*****дзын**» → «**абы** ар абы (абы) *хурыре*дз – *хурыр***и**дзащ»; «**абы** ар абыхэм (абы) я*хурыре*дз – я*хурыр***и**дзащ»; «**абыхэм** ахэр абыхэм (абыхэм) я*хурар***а**дз(хэ) – я*хура**р**а*дза(хэ)щ» → «***Хурыре*****дзын**»;<br>- «**сэ** уэ абы у*хуры***з**одз – у*хуры***зд**защ»; «**фэ** сэ абыхэм са*хуры***в**одз(хэ) – са*хуры***в**дза(хэ)щ»; «**сэ** уэ дэ у*къыт**х**уры***з**одз – у*къыт**х**уры***зд**защ»; «**уэ** сэ фэ сы*ны**ф**хуры***б**одз/сы*къы**ф**ху**а**ры***б**одз – сы*ны**ф**ху**а**ры***б**дзащ/ сы*къы**ф**ху**а**ры***б**дзащ»→ «***Хуре*****дзын; *Къыхуре*****дзын, *Ныхуре*****дзын**»; |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр:**

- *"Е" префиксиал "луэху глагол"*хэр *"объектив субъект"*хэм теухуауэ зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэм *"объектив щхьэ лъытэ"*р гъэзэщlэну *"луэху"м* зэры*пыщlа*кlэрэ зэрыхиубыдэр мы ипэкlэ къэта щапхъэхэм хыболъагъуэри, *"ит зэман"*ым теухуа лэжьэкlэм *"объектив субъект"*ым *"екlуэлlэн"*кlэрэ -*"е (иэ; эй")"*-и *"джын"*ыр (и) мы зэрылъытэм мы иджыну зэкlуалlэри (и) -"р"ыкlэрэ-къыпыщlауэ *"ире" префиксиал*ущ (пп: *ире*дз) къызэрыlуатэр; *"блэкла*рэ *къэкlуэну зэман"*ым теухуа лэжьэкlэуи, гъэзэщlэну *"луэху"р (и) "р"ыкl*эрэ -*"е*кlуэлlэн"и мылъытэжыпхъэ- *"джы"м (и)* къыпыщlауэ *"ири" префиксиал*ущ (пп: *ири*дзащ) къызэрыlуатэр. Араци, *"е" префиксиал "луэху глагол"*хэр *"объектив" защlэу* –я *"*дополненэ*"*ри *"объектив"*у (*"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэу)- зэры*"лажьэу ухуа псалъэ"*хэр -я лэжьэкl *зэманыгъуэ*хэми *елъыта*уэ- хиубыдэ *"объектив щхьэ цlэпапщlэ лъытэ"*м (е/и) гъэзэщlэну *"луэху"р* (и) *"р"ыкl*эрэ *къыпыщла*уэ *"ире/ири" префиксиал*у зэрыухуахэр нэрылъагъущ.

- Ауэ, *"луэху глагол"* лэжьэкlэхэм хиубыдэну *"*дополненэ*"*р зы *гуэру* (объектив) е *"цlыху"* (субъектив) лlэужьыгъуэу щытмэ, къызэрыlуатэ *псалъэ*хэр хуэкlуэрэ хуэгъэза зэрылъытэу *"ху; къ, н" префикил*у *зэрыухуэ*м ипэкlэ щыгъуазэ дыщыхуэхъуащи, нытlэ, мыбдежым зи гугъу тщlы *"е" префиксиал "луэху глагол"*хэм я *"объектив"*у зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэр зэрыухуэ *"ири/ире" префикс форм*эм зэхъуэкlыныгъэ къызэрыхуэкlуэнури гурыlуэгъуэнщ. Араци, *"луэху"*р зы *гуэрым* (объектив) е *цlыхум* (субъектив) теухуауэ щытмэ, мы *"е" префиксиал "луэху глагол"*хэм я *"лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэм мы *"ире/ири" префикс форм*эр зэрыхиубыдэну щlыкlэри мыпхуэдэущ: *"*префикс*"* пэщlэдзэ *"и"м инlэ "ху" префикс*ымрэ (хуре/хури), мы *"ху" префиксым ин*эуи, *"*хьэрычэт*"*ыр *зыхуэгъэза "субъектив субъект"*ым елъытауэ *"къ"* е *"н" префикс* (къыхуре/къыхури;

ныхуре/ныхури) *къшувэу*щ мыпхуэдэ лэжьэкlэу ухуа *псалъэ*хэр зэрыухуэну *префиксхэр*.

- Ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, *"дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*хэм я *лэжьэкlэу "префиксиал" псалъэ*хэр утыку къохьэри, мыбыхэм *"инфинитив"*у къытехъукlхэр *"lуэху префиксиал глагол"*хэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэ *лъагъуэм къызэрыпыщ*эу, *"lуэху префиксиал глагол"*хэм я *лэжьэкlэ*у ухуэ *псалъэ*хэри *"префикс"кlэ зэрыбэгъуапхъэ*р гурыlуэгъуэнщи, мыбдежым зи гугъу тщlыри *"е" префиксиал "lуэху глагол" лэжьэкlэу "ире/ири" формэ*у ухуэ *псалъэ*хэм *"инфинитив"*у къытехъукl *"ире/ири" формэ "lуэху префиксиал глагол"*хэм я *лэжьэкlэ*хэми мы *префикс формэ*р зэры*бэгъуэну*ращ.

- Ныtlэ, *"е" префиксиал "lуэху глагол"*у щыт *"едзын"* глагол *лэжьэкlэр "ире/ири" формэ "префикс"*кlэрэ зэрыухуэ *псалъэ*хэм *"инфинитив"*у къытехъукlыр *"иредзын"*у зэрыщытынур гурыlуэгъуэщи, мы -*"иредзын"- "lуэху префиксиал глагол"* лэжьэкlэуи *"ирыре/ирыри" префикс формэ*у ухуа *псалъэ*хэри *"инфинитив"*у къытехъукlынур *"ирыредзын"*у зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, *"иредзын"* глагол лэжьэкlэм *къыщlидзэу*, мыпхуэдэ *префиксыбэ "lуэху глагол" лэжьэкlэ*м хиубыдэну *"дополненэ"*р *зы закъуэ*у къызэры*щымын*ури гурыlуэгъуэнщи, мы *"дополненэ"хэр зэрызэхущыт* щlыкlэмрэ глагол *"субъект"*ыр мыбыхэм *къызэрыхущыт* щlыкlэри мы къызэрыlуатэ щlыкlэхэм *lупщlыу* зэры*хэмылъытэ*р гурыlуэгъуэнщ; икlи мыбы папщlэщ зы *"дополненэ"*ри *"*(..)*"*уэ *щэху*у зэрылъытар. Мы къыхэдгъэщахэм зэрезэгъкlи, *"иредзын" глагол*ым и *лэжьэкlэ щапхъэ*хэр икlи *къатехъукl "инфинитив глагол"*хэр –адрейхэм елъытауэ-*нэхъ цlыкlу*у къэдгъэлъэгъуащ:

→ «***Ире*дзын**» → «**абы** ар абы (абы) *ирыре*дз – *ирыри*дзащ» → «***Ирыре*дзын**»;
---
→ «***Хуре*дзын**» → «**абы** ар абы (абы) *хурыре*дз – *хурыри*дзащ»; «**абы** ар абыхэм (абы) *яхурыре*дз – *яхурыри*дзащ»; «**абыхэм** ахэр абыхэм (абыхэм) *яхур*(а)*ра*дз(хэ) – *яхур*(а)*ра*дза(хэ)щ» → «***Хурыре*дзын**».

- Ныtlэ, мы зи гугъу тщlы *"lуэху префиксиал глагол" лэжьэкlэ*хэр *"субъект"*ым *lуэху*р *зыригъэщl*ым (дополнэнэ-1) зы *"щlыпlэ"*м (дополненэ-2) *щищl*ыу е *нэгъуэщl гуэрым* (дополненэ-2) *ириг*ъэщl*ы*у зэрыщыткlэрэ ***"гъэ"*** *пэщlэдзэ*у зэры*ухуапхъэ*нур гурыlуэгъуэнщи, *"иредзын"* глаголыр *"гъэ"*кlэрэ *"егъэдзын"*у зэрыухуапхъэрэ, абы и лэжьэкlэми *"ирегъэдзын"* глагол къызэрытехъукlыпхъэу зи лэжьэкlэхэм *дополненэбэ* зыхэзыубыдэ "ире/ире" формэ зэпыщlэныгъэу (ирыре/ирыри) ухуэ "lуэху префиксиал глагол" щапхъэхэмрэ я лэжьэкlэхэри -"(...)"уэ- зыхэзыубыдэ зэкlэлъхьэужьыкlэхэр -"lуэху занщlэ глагол" лlэужьыгъуэ "дзын" глаголым къыщыщlэддзэу- мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

**Дзын** → (***е***дз) → ***Е*дзын** → (*ире*дз) → ***Ире*дзын** → (*ирыре*дз) → ***Ирыре*дзын**;
↓ ↓
`→→→→→→→→` → ***Е*гъэдзын** → (*ире*гъэдз) → ***Ире*гъэдзын** → (*ирыре*гъэдз)

| |
|---|
| ↓<br>***Ирыре*гъэдзын**. |

*"lуэху префиксиал глагол"*хэр *"гъэ"*кlэрэ -икlи *"гъэгъэ"*кlэри- мы *зэрыухуэжь*ым иужькlэ мы *зэрыухуэжь*ым иужькlэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъунурэ икlи мы ″ире/ири″ формэ префиксхэр аргуэру къызэрытпыщlэхуэнури мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ.

*

Мыбы къыкlэлъыкlуэуи, *"дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*хэм я *лэжьэкlэу "е"м нэмыщl "щlыкlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"* гуэрхэр (пп: *зы/зэ; дэ, зэдэ*) зыхиубыдэу ухуа *"lуэху глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"* щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэныр игъуэщи, нытlэ, мыпхуэдэ щапхъэхэри *"объектив"рэ "субъектив"* лlэужьыгъуэ *лэжьэкlэ*хэу утыку утыку къитлъхьэнщ. Мы зэрыжытlауэ, *"объектив" лэжьэкlэ* щапхъэхэр ипэ къихуэу къэдгъэлъэгъуэнщ глагол лэжьэкlэ щапхъэхэри, япэрауи ″lуэху занщlэ глагол″ лэжьэкlэм къызэрыщlэддзэнщ. Икlи, глагол лэжьэкlэхэм *"объектив"* лlэужьыгъуэ ″дополненэ″р япэу *"щыпlэ"* лlэужьыгъуэу; къыкlэлъыкlуэ лэжьэкlэри ″дополненэ″р *зы гуэр/гуэрхэ*у е *"цlыху нэрыбэ"*у зэрылъытэу щыгъуазэ дыхуэхъунущи, мы глагол лэжьэкlэхэми ***″*субъект*″***рэ ″дополненэ″хэри *"щхьэ закъуэ"*рэ *"куэдагъэ"*у зыхэзыубыдэу къэдгъэлъэгъуэнщ. Мы ″объектив″ лэжьэкlэхэми къыкlэлъыкlуэу *"субъектив щхьэ"хэр* (*цlыху нэрыбэ*) зыхэзыубыдэ лэжьэкlэ щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ. Дауи, мыпхуэдэ зэкlэлъхьэужьыкlэу утыку къихьэ дэтхэнэ зы *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*ми *"инфинитив"*у къытехъукl *"lуэху префиксиал глагол"*хэри къызэрыпыщэж зэрызэкlэлъхьэужьыкlэу щапхъэ гуэрхэри къэтхьынщ:

| | |
|---|---|
| - Хьын → | - «**абы** (езыр) абы *з***е**хь – *з***и**хьащ» → «***Зы*хьын**» → «**абы** (езыр) абы *зыху***е**хь – *зыху***и**хьащ»; «**абы** (езыр) абыхэм *з*а*ху***е**хь – *з*а*ху***и**хьащ» → «***Зыхуэ*хьын**» → «**абы** (езыр) сэ *зыкъы*с*ху***е**хь – *зыкъы*с*ху***и**хьащ»; «**абы** (езыр) уэ *зыны*п*ху***е**хь/*зыкъы*п*ху***е**хь – *зыны*п*ху***и**хьащ/*зыкъы*п*ху***и**хьащ» → «***Зыкъыхуэ*хьын, *Зыныхуэ*хьын**»;<br>----------<br>- «**сэ** (езыр) абы *зы***з**охь - зы**с**хьащ» → «***Зы*хьын**» → «**сэ** (езыр) абы *зыху***з**охь - *зыхуэ***с**хьащ»; «**сэ** (езыр) абыхэм *з*а*ху***з**охь - *з*а*хуэ***с**хьащ» → «***Зыхуэ*хьын**» → «**уэ** (езыр) сэ *зыкъы*с*ху***б**охь – *зыкъы*с*ху***п**хьащ»; «**сэ** (езыр) уэ *зыны*п*ху***з**охь/*зыкъы*п*ху***з**охь – *зыны*п*хуэ***с**хьащ/ *зыкъы*п*ху***с**хьащ» → «***Зыныхуэ*хьын, *Зыкъыхуэ*хьын**»; |
| - Хун → | - «**абы** ар абы *д***е**ху – *д***и**хуащ» → «***Дэ*хун**» → «**абыхэм** ар абы *зэд***а**ху - *зэд***а**хуащ»; «**абыхэм** ахэр абы *зэд***а**ху(хэ) – *д*а*ху***и**хуащ» → «***Зэдэ*хун**» → «**абыхэм** ар сэ *къы*с*хузэд***а**ху – *къы*с*хузэд***а**хуащ»; «**абыхэм** ахэр сэ |

| | |
|---|---|
| | *къыс**хузэд***а**х**у(хэ) – *къыс**хузэд***а**х**уа(хэ)щ»; «**абы** ар уэ *ныпхузэд***а**х**у/*къыпхузэд***а**х**у – *ныпхузэд***а**х**уащ/*къыпхузэд***а**х**уащ»; «**абыхэм** ахэр уэ *къыпхузэд***а**х**у(хэ) – *ныпхузэд***а**х**уа(хэ)щ»; → «***Къыхузэдэ*****хун, *****Ныхузэдэ*****хун**»;<br>---<br>- «**дэ** ар уэ *ныпхудыд***о**х**у/*къыпхудыд***о**х**у – *ныпхудэ***тх**уащ/*къыпхудэ***тх**уащ»; → «**дэ** ахэр уэ *ныпхудыд***о**х**у(хэ) /*къыпхудыд***о**х**у(хэ) – *ныпхудэ***тх**уа(хэ)щ/*къыпхудэ***тх**уа(хэ)щ» → «***Дэхун; Ныхудэхун, Къыхудэхун***» → «**дэ** фэ абыхэм фа*хузэдыд***о**х**у – фа*хузэдэ***тх**уащ»; «**фэ** ахэр дэ *къытхузэды***в**о**х**у(хэ) – *къытхузэдэ***тх**уа(хэ)щ»; «**дэ** ар фэ *ныфхузэдыд***о**х**у/*къыфхузэдыд***о**х**у – *ныфхузэдэ***тх**уащ/*къыфхузэдэ***тх**уащ» → «***Хузэдэхун; Къыхузэдэхун, Ныхузэдэхун***»; |

Мы къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэрэ ипэкlи гулъытэ зыхуэтщlауэ, *"щlыкlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"*хэм теухуа лэжьэкlэ щапхъэхэрщ мыхэри, глаголыр -"хьэрычэт"ыр- *"субъект" дэщlыгъу/зэдэщlыгъу (дэ, зэдэ) "щlыкlэ"*у зэрыгъэзащlэм теухуа щапхъэхэр зэрыхиубыдэм нэмыщl, *"хьэрычэт"*ыр *"субъект"ым езым* зэрытеухуэж (зы) *"щlыкlэ"*у зэрыгъэзащlэми теуххуа щапхъэхэри зыхеубыдэри, мыпхуэдэ щапхъэ гуэрхэри *"объект" зимыlэ* е *"объект" щэху*у зыхэзыубыдэ лэжьэкlэхэу зэрыщытри нэрылъагъущ.

*"Дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"хэр "щlыпlэ" лlэужьыгъуэ "префиксиал"у зэрылажьэрэ, "инфинитив"уи "lуэху префиксиа глагол"у зэрыухуэхэр.*

*"Дополненэ" зиlэу лажьэ* мы *"lуэху занщlэ глагол"*хэм теухуауэ мы ипэкlэ къедгъэкlуэкla лэжьыгъэр ″щlыкlэ″ лlэужьыгъуэ ″префикс″хэм теухуащи, мы илъабжьэм къытпэщыт лэжьыгъэри мы глаголхэм *"щlыпlэ"* лъытэ *"префикс"*и къащтэу *зэрылажьэ*рэ, мыпхуэдэу ухуэ *псалъэхэр*и *"инфинитив"*у *"lуэху префиксиал глагол"*у зэрыухуэм теухуащ. Нытlэ, мыпхуэдэ щапхъэхэри ипэкlи зи гугъу тщla *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"*хэр мы *глаголхэм къызэращтэу зэрылажьэ*хэм теухуауэ къэтхьынри игъуэщ.

Дауи, зы **″щlыпlэ″**р **″объектив щхьэ закъуэ″**ущ (абы) зэрылъытэнури, мы *глагол лэжьэкlэ*хэм **″щlыпlэ″** лъытэ **″префикс″**хэмкlэ *хэлъытэ*ну ″дополненэ″ри мыпхуэдэу (абы) зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ. Аращи, ″lуэху занщlэ глагол″хэм я *"щlыпlэ" лъытэ "префикс"* лэжьэкlэхэм

*"субъект"*рэ *"объект"*ыр *"объектив"*рэ *"субъектив"*у хиубыдэфынщ; ауэ, *"дополненэ"р "объектив щхьэ закъуэ"*ущ зэрыхиубыдэфынур.

Нытlэ, *"дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"* лэжьэкlэхэм *"объектив"* лlэужьыгъуэ *"дополненэ"* зыхеубыдэри, *"щlыпlэ"* лъытэ *"префиксиал"*у щылажьэкlи *"объектив"* лlэужьыгъуэ *"дополненэ"* зэрыхиубыдэу, *лъэныкъуитlкlи "дополненэ"* зыхэлъытэну *лэжьэкlэ*ращ мы илъабжьэм нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дызыхуэхъунур.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *"дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*хэр *щылажьэкlэ* занщlэу *"гъуэгуанэ"* зыхэлъытэхэрщи, мы хэлъытэ *"*гъуэгуанэ*"*р зыхуэкlуэрэ *зыдынэс "щlыпlэ"*р *зэрылъытэ*ращ *"дополненэ"*у мы глагол *лэжьэкlэхэ*ми хэлъытэр. Ауэ, мы ***"щlыпlэ"*м езыр**и lупщlыу **зэрылъытэ**у зэрылэжьэнур игъуэ ***"щlыпlэ" префикс***кlэрэщи, мыпхуэдэу *ухуа псалъэ*хэри *"инфинитив"*у *"lуэху префиксиал глагол"*у зэрыухуэнури гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, мыпхуэдэу *"дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"* лэжьэкlэр *щызекlуэ "щlыпlэ"*р зэрылъыта *"префикс"*кlэ ухуа *псалъэм щыхэлъытэ*у щырет, е, мыпхуэдэу хуа псалъэхэм *"*инфинитив*"*у къатехъукlауэ щытер, е щхьэжу *"*инфинитив*"*у ухуагъэххэ *"*lуэху префиксиал глагол*"*у щырет, *"щlыпlэ"* лъытэ *"префикс"*ым *елъыта "*дополненэ*"*р –*"*гъуэгуанэ*"* lуэху хэмылъу- глаголыр -***"хьэрычэт"***ыр- а ***"щlыпlэ"*м щызэрызекlуэ***р *зэрылъытэ*рауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, мы къэтlуэтахэм зэрезэгъкlэ, мы илъабжьэм –япэрауэ- *"дополненэ" зиlэу лажьэ* зы *"lуэху занщlэ глагол"*ыр (пп: хьын) *"объектив"*рэ *"субъектив"* зэмылlэужьыгъуэ ***"субъект"***рэ *"*объект*"* зэрыхиубыдэу, *"*дополненэ*"*ри зы *"щlыпlэ"* зылъытэу -*"объектив щхьэ закъуэ"*у- хиубыдэ *зэрылажьэ щапхъэхэр* къэдгъэлъэгъуэнщ:

| **lуэху занщlэ гл.** | **→ и лэжьэкlэ щапхъэхэр** | **→ *"*щlыпlэ*"* лъытэ *"*преф*"*кlэ лажьэу, *"*инф.*"*уи зэрыухуэр** | **→ *"*щlыпlэ*"* лъытэ *"*префиксиал гл*"* лэжьэкlэхэр** |
|---|---|---|---|
| ***"*Хьын*"* →** | - «**абы** ар абы **е**хь – **и**хьащ»;<br>- «**сэ** уэ абы уз**о**хь – у**с**хьащ»; | - «**абы** ар абы *lу***е**хьэ» → **«*lу*хьэн»** → | - «**абы** ар абы *lу***е**хьэ – *lу***и**хьащ»;<br>- «**сэ** уэ абы у*lу***з**охьэ – у*lу***с**хьащ». |

Мы къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэу, *дополненэ зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*ыр (пп: хьын) *"щlыпlэ" лъытэ "префикс"*кlэ *щылажьэм деж*, ***"хьэрычэт"***ыр а ***"щlыпlэ"*м** *щыгъэзащlэ*у **къызэрекlуэкl**ыр ***"э"кlэ***рэ **къэlу**у -*"*э*"* кlэухкlэ- ухуа **псалъэ**ущ (пп: *"lу*хьэ**н***"*) къызэрыlуатэри, нытlэ,

мы зи гугъу тщlы глаголхэр *"занщlэ глагол"*у, *"щlыкlэ"* лъытэ *"префиксиал глагол"*у, *"щlынlэ"* лъытэ *"префиксиал глагол"*у зэрыухуэ щапхъэ гуэрхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **lуэху занщlэ глагол** | **"щlыкlэ" лъытэ "преф."кlэ "инфинитив"у зэрыухуэхэр** | **"щlынlэ" лъытэ "преф."кlэ "инфинитив"у зэрыухуэхэр** |
|---|---|---|
| Хьын | «*хуэ*хьын, *къэ*хьын, *нэ*хьын, *къыхуэ*хьын, *ныхуэ*хьын» | «*lу*хьэн, *къуэ*хьэн, *хэ*хьэн, *гуэ*хьэн, *щlэ*хьэн, *дэ*хьэн, *фlэ*хьэн, *пы*хьэн» |

Мыбы нэмыщl, ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, *"lуэху занщlэ глагол"* лэжьэкlэхэмрэ, мы глаголыр *"щlынlэ"* лъытэ *"префикс"*кlэ зэрыухуа *"lуэху префиксиал глагол"* лэжьэкlэхэм хиубыдэ *"дополненэ"*хэр я зэхуэдэу - *"щlынlэ"* лlэужьыгъуэу- *"объектив щхьэ закъуэ"*у зэрылъытэхэр гурыlуэгъуэщ. Ауэ, *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэм хиубыдэну *"*дополненэ*"*р *занщlэ зы "щlынlэ"у щымыт*рэ, **зы гуэр** е **цlыху** нэрыбгэм **и** зы **лъэныкъуэ "щlынlэ"**у щытмэ, -ипэкlэ *"щlыкlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"*хэми щыгъуазэ дызыхуэхъуауэ- **"хьэрычэт"**ыр мы **гуэр/цlыхум** *–и лъэныкъуэ "щlынlэ"*м- *хуэкlуэ*рэ **хуэгъэза**уэ **"щыкlэ"** лъытэ **"префикс"**кlи зэрылъытэнур гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэуи, **"щlыкlэ"**рэ икlи **"щlынlэ"** лъытэ **"префиксиал"**у –"префиксыбэ"у- ухуа **псалъэ**хэр утыку къызэрихьэнури гурыlуэгъуэнщ. Икlи, мыпхуэдэу ухуэ псалъэхэри *"инфинитив"*у зэрыухуэу, *"lуэху префиксиал глагол"*ыщlэхэр –**"lуэху префиксыбэ глагол"**хэр- утыку къызэрихьэнури гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, *"дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*хэр зы *гуэр/цlыху* нэрыбгэм теухуэу *"объектив"*рэ *"субъектив"* лlэужьыгъуэ *"*дополненэ*"* зэрызыхиубыдэ *"щlыкlэ"* лъытэ *"префиксиал"*у къызэрыlуатэрэ, *"инфинитив"*уи зэрыхуэж *"lуэху префиксиал глагол"* щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщи, -мыхэр икlи *"щlынlэ"м щыгъэзащlэ*у зэрылэжьэфынури ди гурыlуэгъуэу-, мыпхуэдэу къэдгъэлъэгъуа щапхъэхэм нэмыщl, *"дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*хэр зы *гуэр/цlыху* нэрыбгэм и зы *лъэныкъуэ "щlынlэ"*м (пп: и "lу" лъэныкъуэм) зэры*хуэгъэза "щlыкlэ"*у (ху; къ, н) зэрыщытклэ, "дополненэ"р -зы *"гуэр"* е *"цlыху"*у- *"объектив"*рэ *"субъектив"* лlэужьыгъуэу зыхэзыубыдэ *глагол лэжьэкlэ щапхъэ*хэр къэдгъэлъагъуэу, мыхэри *"инфинитив"*у зэрыухуэж "lуэху префиксыбэ глагол"хэри къыпытщэжу мы илъабжьэм зэры*зэпыщlапхъэ*рэ *зэгъэпщапхъэ*у глагол лэжьэкlэ *гупml* къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **lуэху** | **→ зы гуэрым/цlыхум теухуэу** | **→ зы гуэрым/цlыхум и зы** |
|---|---|---|

| **занщlэ гл.** | **(″дополненэ″у) зэрылажьэрэ, ″инфинитв″уи зэрыухуэжхэр** | **лъэныкъуапlэм (″дополненэ″у) щыгъэзащlэу зэрылажьэрэ, ″инфинитив″уи зэрыухуэжхэр** |
|---|---|---|
| **″Хьын″** | - «**абы** ар абы хуехь – ху**и**хьащ» → «***Хуэ*хьын»;**<br>- «**уэ** сэ фэ сы*ны*ф*ху***б**охь/ сык*ъы*ф*ху***б**охь – сы*ны*ф*хуэ***п**хьащ/ сык*ъы*ф*хуэ***п**хьащ» → «***Ныхуэ*хьын/*Къыхуэ*хьын».** | - «**абы** ар абы *хуlу***е**хьэ – *хуlу***и**хьащ» → «***Хуlу*хьэн»**;<br>- «**уэ** сэ фэ сы*ны*ф*хуlу***б**охьэ/ сык*ъы*ф*хуlу***б**охьэ – сы*ны*ф*хуlу***п**хьащ/ сык*ъы*ф*хуlу***п**хьащ» → «***Ныхуlу*хьэн/*Къыхуlу*хьэн».** |

*″Дополненэ″ зиlэу лажьэ ″lуэху занщlэ глагол″*хэр *″щlыпlэ″* лъытэ *″префикс″*кlэ *зэрылажьэ щапхъэхэр ″хьын″* глаголым *″щlыпlэ″* лъытэ *″префикс″*у *″lу″* къызэрищтэ лэжьэкlэхэу къызэрыдгъэлъэгъуар мы ипэкlэ къэта таблицэхэм хыболъагъуэр. Ауэ, нэгъуэщl ″щlыпlэ″ лъытэ ″префикс″хэри щыlэщи, нытlэ, **″хьын″** глаголыр мы **адрей ″щlыпlэ″** лъытэ **″префикс″** гуэрхэмкlэ зэрыухуэж **″lуэху префиксиал глагол″** щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

«*къуэ*хьэн, *хэ*хьэн, *гуэ*хьэн, *щlэ*хьэн, *дэ*хьэн, *фlэ*хьэн, *пы*хьэн»

Мы къэдгъэлъэгъуа ″lуэху префиксиал глагол″хэм зэрыхэплъагъуэу, *″хьын″* глаголыр *″щlыпlэ″* лъытэ *″префикс″*хэмкlэ *зэрыщыгъэзэщlэну*р *″субъект″ым* зыгуэрыр а *″щlыпlэ″*м **ихь**у **зэрыщыт**кlэщи, *псалъэр* ***″э″****кlэ къэlуу*щ зэрыухуэр (пп: *lу*хь**э**н). Мыр *″хьын″* глагол *мыхьэнэ*мрэ ар зы *″щlыпlэ″*м щы*зэрыгъэзэщlэн*ум елъытащи, *″дополненэ″ зиlэу лажьэ ″lуэху занщlэ глагол″ псори* мыпхуэдэу *зэрыщымыт*ынури гурыlуэгъуэнщ.

Аращ икlии, ″хьын″ым хуэдэкъым *″дополненэ″ зиlэу лажьэ* адрей *″lуэху занщlэ глагол″*хэр *″щlыпlэ″* лъытэ *″префикс″*кlэ зэрыухуэрэ зэрылажьэ щlыкlэм **лъэныкъуитl** яlэущ: зыр а ***″щlыпlэ″м хуэкlуэ***у, адрейри а ***″щlыпlэ″м икl***ыу зэрыщыткlэщ. Япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, мыпхуэдэ гъэзэщlэкlэхэр зэрылъытэнури *″глагол лэжьэкlэу уху а псалъэ″ кlэух*ыр ***″ы-э″* зэхъуэкl**ыныгъэкlэрэщ. Нытlэ, *″хьын″*ым *нэмыщl*ыу *″дополненэ″ зиlэу лажьэ*у зи гугъу тщlы *″lуэху занщlэ глагол″*хэр мы *″щlыпlэ″* лъытэ *″префикс″*хэмкlэ *″инфинитив″*у зэрыухуэ *″lуэху префиксиал глагол″*хэр мы *лъэныкъуитl*кlэ зэрыгъэзащlэ щlыкlэхэр къызыхэщу мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщи, абыхэм я *лэжьэкlэ щапхъэхэр* къэгъэлъэгъуэнри *еджакlуэхэм къахуренэ*:

| **″lуэху знщlэ гл.** | **″Щlыпlэ″ лъытэ ″префикс″кlэ зэрыухуэжу утыку къихьэ ″lуэху префиксиал глагол″хэр** |
|---|---|
| - Чын → | - «*lу*чын - *lу*чэн, *къуэ*чын - *къуэ*чэн, *хэ*чын - *хэ*чэн, *гуэ*чын - *гуэ*чэн, *щlэ*чын - *щlэ*чэн, *дэ*чын - *дэ*чэн, *фlэ*чын - *фlэ*чэн, *пы*чын - *пы*чэн». |
| - Хун → | - «*lу*хун - *lу*хуэн, *къуэ*хун - *къуэ*хуэн, *хэ*хун - *хэ*хуэн, *гуэ*хун - |

| | |
|---|---|
| | *гуэ*хуэн, *щlэ*хун - *щlэ*хуэн, *дэ*хун - *дэ*хуэн, *фlэ*хун - *фlэ*хуэн, *пы*хун - *пы*хуэн». |
| - Дзын → | - «*лу*дзын - *лу*дзэн, *къуэ*дзын - *къуэ*дзэн, *хэ*дзын - *хэ*дзэ, *гуэ*дзын - *гуэ*дзэн, *щlэ*дзын - *щlэ*дзэн, *дэ*дзын - *дэ*дзэн, *фlэ*дзын - *фlэ*дзэн, *пы*дзын - *пы*дзэн». |
| - Шэн → | - «*лу*шэн - *лу*шын, *къуэ*шэн - *къуэ*шын, *хэ*шэн - *хэ*шын, *гуэ*шэн - *гуэ*шын, *щlэ*шэн - *щlэ*шын, *дэ*шэн - *дэ*шын, *фlэ*шэн - *фlэ*шын, *пы*шэн - *пы*шын». |
| - Тхъун → | - «*лу*тхъун - *лу*тхъуэн, *къуэ*тхъун - *къуэ*тхъуэн, *хэ*тхъун - *хэ*тхъуэн, *гуэ*тхъун - *гуэ*тхъуэн, *щlэ*тхъун - *щlэ*тхъуэн, *дэ*тхъун - *дэ*тхъуэн, *фlэ*тхъун - *фlэ*тхъуэн, *пы*тхъун - *пы*тхъуэн». |

Мы *"щlыпlэ"* лъытэ *"префикс"*хэр (lу, къуэ, хэ, гуэ, щlэ, дэ, фlэ, пы) **"щlыпlэ"**р **lупщl**ыу зылъытэхэрщи, мыбыхэм ялъытэ *"щlыпlэ" lупщl*ым **лъабжьэ** яхуэхъурэ ахэр **абстакт**у **зылъытэ**ф **"префикс"** къалэн зыгъэзащlэри -ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ- *"абзсис"* мыхьэнэ зиlэу *"эспас/мекан"* лъытэу **"и"**ращ. Нытlэ, мы *"щlыпlэ" lупщl "префикс"*у зи гугъу тщlахэм *unlэ иувап*хъэри *"и" префикс*ырщи, мы ипэкlэ къэта *"lуэху префиксиал глагол"*хэм я *"щlыпlэ" lупщl "префикс"*хэм *unl*экlэ *"и"*р зэриувэу утыку къихьэну *"lуэху префиксиал глагол"*ри мырауэ лъытапхъэнщ:

- «*и*хьэн»;
- «*и*чын – *и*чэн; *и*хун – *и*хуэн; *и*дзын – *и*дзэн; *и*шын – *и*шэн; *и*тхъун – *и*тхъуэн».

Икlи, *"и"м* мы *"щlыпlэ" lупщl "префикс"*хэм *дэщlыгъуу*и *"префикс"* къалэн зэригъэзэщlэфынур гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэу ухуэ *"префиксыбэ глагол"* щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

- «*лу*и*х*ьэн, *къуи*хьэн, *хи*хьэн, *гуи*хьэн, *щlи*хьэн, *ди*хьэн, *фли*хьэн, *пи*хьэн»;

---

- «*лу*и*ч*ын – *лу*и*ч*эн; *лу*и*х*ун – *лу*и*х*уэн; *лу*и*д*зын – *лу*и*д*зэн; *лу*и*ш*ын – *лу*и*ш*эн; *лу*и*тх*ъун - *лу*и*тх*ъуэн»;
- «*къуи*чын – *къуи*чэн; *къуи*хун – *къуи*хуэн; *къуи*дзын – *къуи*дзэн; *къуи*шын – *къуи*шэн; *къуи*тхъун – *къуи*тхъуэн»;
- «*хи*чын – *хи*чэн; *хи*хун – *хи*хуэн; *хи*дзын – *хи*дзэн; *хи*шын – *хи*шэн; *хи*тхъун – *хи*тхъуэн»;
- «*гуи*чын – *гуи*чэн; *гуи*хун – *гуи*хуэн; *гуи*дзын – *гуи*дзэн; *гуи*шын – *гуи*шэн; *гуи*тхъун – *гуи*тхъуэн»;
- «*щли*чын – *щли*чэн; *щли*хун – *щли*хуэн; *щли*дзын – *щли*дзэн; *щли*шын – *щли*шэн; *щли*тхъун – *щли*тхъуэн»;
- «*ди*чын – *ди*чэн; *ди*хун – *ди*хуэн; *ди*дзын – *ди*дзэн; *ди*шын – *ди*шэн; *ди*тхъун – *ди*тхъуэн»;
- «*фли*чын – *фли*чэн; *фли*хун – *фли*хуэн; *фли*дзын – *фли*дзэн; *фли*шын – *фли*шэн; *фли*тхъун – *фли*тхъуэн»;

- «*пи*чын – *пи*чэн; *пи*хун – *пи*хуэн; *пи*дзын – *пи*дзэн; *пи*шын – *пи*шэн; *пи*тхъун – *пи*тхъуэн».

*"Мекан"* лъытэ *"и" префикыс*ым и гугъу щытщlкlэ, *"зэман/мекан"* лъытэ *"префикс"*у ипэкlи щыгъуазэ дызыхуэхъуа **"щы"**ми и гугъу щlыпхъэщ. Аращи, ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъууэ, *"зэман/мекан"* лъытэ "префикс" къалэн зыгъэзащlэ *"щы"*р -игъуэ зэрыхъукlэ- *"глагол лэжьэклэу уху*а *псалъэ"*хэм *"префикс"* яхуэхъур гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри къэтхьынщ:

- «хьын: **"абы** ар абы *щи*хьым щыгъуэ/деж..."».

Ауэ, "lуэху занщlэ глагол"хэм я лэжьэкlэу къащтэ мы *"щlыпlэ"* лъытэ *"префикс"*хэм *дэщlыгъуу*и *"префикс"* яхууохъуфыр *"щы"*ри, мыпхуэдэу ухуа псалъэхэр *"инфинитив"*у зэрыухуэжу утыку къихьэ *"lуэху префиксиал глагол"*хэм мыр яхыболъагъуэр:

- «*lу*хьэн» → «**абы** ар абы *щылу***и**хьэм щыгъуэ/деж..."»; «**абы** ар абы *щылу***е**хьэ – *щылу***и**хьащ» → «*щылу*хьэн».

*

Игъуэ щыхъу дэтхэнэ зы щlыпlэм дигу къэгъэкlыжыпхъэщ *адыгэбзэ*р зы *макъыбзэ*у зэрыщытрэ, **макъыбзэ**ри **мыхьэнэбэ**рэ **лэжьэкlэбэ**у зэрыщытри, *"дополненэ" зиlэу лажьэ*у зи гугъу тщla мы *"lуэху занщlэ глагол" гуэрхэр "щlыпlэ"* лъытэ *"префикс"*кlэ зэрыухуэу утыку къихьэ **"lуэху префиксиал глагол"**хэр **икlи "езырыж префиксиал глагол"**хэуи зэры**лъытапхъэ**нум мыбдежым гулъытэ щыхуэщlыпхъэщ.

Мыпхуэдэ зы щапхъэщ *"хьын"* глаголыр *"субъект"ым езым теухуауэ* зы *"щlыпlэ"м щызэрыгъэзащlэ*р. Мы зэрыжытlауэ, *"хьын"* lуэхугъуэу *"субъект"ым* игъэзащlэр *езым теухуауэ щыгъэзащlэм* деж, утыку къихьэр *"субъект"ым езыр* а *"щlыпlэ"м зихь*рэ *зырихьэ*у -"субъект"ыр а "щlыпlэ"м ихьэу- аращи, мыр *"субъект"ым къыпкъырыкl клуэтэгъуэ*кlэрэ лъытэ - утыку къихьэ- *гъуэгуанэ*р -"субъект"ым езыр зэрихь щlыкlэу- *езырыжу* зы *"щlыпlэ"*м –*"дополненэ"*м- теухуэ зы "хьэрычэт"у зэрыщыткlэ, зы "щlыпlэ" лъытэ "префикс"кlэ ухуа зы *"езырыж глагол"*рэ и *лэжьэклэ*у зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, *"дополненэ" зиlэу лажьэ* зы *"lуэху занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэу щыт **"хьын"**ым **"щlыпlэ"** лъытэ **"префикс"**кlэ *къытехъукla*уэ ипэкlэ къэта **"lуэху префиксиал глагол"**хэр **икlи "езырыж префиксиал глагол"**уи лъытапхъэрэ зэреджьапхъэри гурыlуэгъуэщи, мы зи гугъу тщlы глаголхэмрэ я *"езырыж глагол" лэжьэклэ щапхъэ гуэрхэр*и мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| - Хьын → | - «*ly*хьэн (**ар** абы *ly*охьэ – *ly*хьащ), *къуэ*хьэн, *хэ*хьэн, *гуэ*хьэн, *щlэ*хьэн (**ар** абы *щlо*хьэ – *щlэ*хьащ), *дэ*хьэн, *фlэ*хьэн, *пы*хьэн (**ар** абы *по*хьэ – *пы*хьащ)». |

Мыпхуэдэ зы щапхъэри ″дополненэ″ зиlэу лажьэ ″lуэху занщlэ глагол″ лlэужьыгъуэ ″хун″ыр *езы "субъект"*ыр зы *"щlыпlэ"*м *ихур*э –дэхуу/икlыу- *ихуэ*у –дэхуэу/изагъэу- зэрыщыгъэзащlэращ. Нытlэ, мы **″lуэху занщlэ глагол″**у щыт **″хун″**ыр **″щlыпlэ″** лъытэ **″префикс″**кlэ зэрыухуэу ипэкlэ **″lуэху префиксиал глагол″**у тлъытар **икlи ″езырыж префиксиал глагол″**уи зэрыщытынур гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу утыку къихьауэ зи гугъу тщlы мы глаголхэмрэ я *"езырыж глагол" лэжьэкlэ щапхъэ гуэрхэр*и мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| - Хун → | - «*ly*хун (**ар** абы *ly*оху – *ly*хуащ) - *ly*хуэн (**ар** абы *ly*охуэ – *ly*хуащ), *къуэ*хун - *къуэ*хуэн, *хэ*хун (**ар** абы *хо*ху – *хэ*хуащ) – *хэ*хуэн (**ар** абы *хо*ху – *хэ*хуащ), *гуэ*хун - *гуэ*хуэн, *щlэ*хун - *щlэ*хуэн, *дэ*хун - *дэ*хуэн, *фlэ*хун (**ар** абы *фlо*ху – *фlэ*хуащ) - *фlэ*хуэн (**ар** абы *фlо*хуэ – *фlэ*хуащ), *пы*хун - *пы*хуэн». |

**″Дополненэ″ зимыlэу лажьэ ″lуэху занщlэ глагол″хэр ″префиксиал″у къызэрыlуатэрэ, ″инфинитив″уи ″lуэху префиксиал глагол″у зэрыухуэхэр.**

″Дополненэ″ зиlэххэу лажьэ ″lуэху занщlэ глагол″хэм ″префикс″хэр къызэращтэу къызэрыlуатэрэ мыпхуэдэуи ″lуэху префиксиал глагол″хэри утыку къызэрихьэм щыгъуазэ дыхуэхъуащи, нытlэ, *"дополненэ" зимыlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*хэми *игъуэ "префикс"* къыщащтэм деж, *"дополненэ" зиlэу зэрылэжьэну*рэ, мыпхуэдэуи мы ″lуэху занщlэ глагол″хэм *"lуэху префиксиал глагол"*хэр къазэрытехъукlынури гурыlуэгъуэнщ. Икlи, япэкlи щыгъуазэ дызыхуэхъуауэ щыта *"щыкlэ"*рэ *"щlыпlэ"* лъытэ *"префикс"*хэр *глагол лэжьэкlэ*рэ *къэlуэтэкlэ*у ухуэ *псалъэхэм къызэращтэ* щlыкlэхэм аргуэру гулъытэ хуэтщlащи, нытlэ, *мы "префикс"хэр "дополненэ" зимыlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*хэм я *лэжьэкlэу къызэращтэ*м теухуа *щапхъэхэр*и -кlыхь дымыщlыу- мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

Япэрауэ, мыпхуэдэу -″дополненэ″ зимыlэу лажьэ- **″lуэху занщlэ глагол″** гуэрхэм я **″объектив″ лэжьэкlэ** -хиубыдэ *"щхьэ"хэр* зэрыщыту *объектив"у* зэрыхиубыдэ- щапхъэхэр *"ит зэман"*рэ *"блэкlа зэман"*ым теухуауэ къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| - Жьын → | - «**абы** ар **е**жь – **и**жьащ»; |
| - Зын → | - «**абы** ар **е**з – **и**защ»; |
| - Щын → | - «**абы** ар **е**щ – **и**щащ»; |
| - Щэн → | - «**абы** ар **е**щэ – **и**щащ»; |
| - Щlын → | - «**абы** ар **е**щl – **и**щlащ»; |
| - Щlэн → | - «**абы** ар **е**щlэ – **и**щlащ». |

Мы илъабжьэми мы *"lуэху занщlэ глагол"*хэр зы гуэр е цlыху нэрыбгэм *хуэклу*эрэ (ху) *хуэгъэза* (къ, н) *"щlыклэ"*у зэрытеухуэу -"дополненэ" зэрылъытэу- *"префиксиал"*у зэрылажьэм **"субъект**, объект, дополненэ" лlэужьыгъуэ *"щхьэ"*хэр -мы зэрытха щlыклэхэу- *"объектив"*рэ *"субъектив"* зэмылlэужьыгъуэу зэрыхиубыдэ щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщи, мыпхуэдэу ухуа псалъэхэми *"инфинитив"*у къатехъукl *"lуэху префиксиал глагол"*хэри къапытщэжынщ:

| | |
|---|---|
| - Жьын → | - «**абы** ар абы *ху***е**жь – *ху***и**жьащ» → **«*Хуэжьын*»**; |
| - Зын → | - «**абы** ар абыхэм я*ху***е**з – я*ху***и**защ» → **«*Хуэзын*»**; |
| - Щын → | - «**абы** ахэр абыхэм я*ху***е**щ(хэ) – я*ху***и**ща(хэ)щ» → **«*Хуэщын*»**; |
| - Щэн → | - «**абыхэм** ахэр абыхэм я*ху***е**щэ(хэ) – я*ху***и**ща(хэ)щ» → **«*Хуэщэн*»**; |
| - Щlын → | - «**абы** ар сэ *къы***с***ху***е**щl – *къы***с***ху***и**щlащ» → **«*Къыхуэщlын*»**; |
| - Щlэн → | - «**сэ** ар уэ *ны***п***ху***з**ощlэ/*къы***п***ху***з**ощlэ – *ны***п***ху***э****с**щlащ/ *къы***п***ху***э****с**щlащ» → **«*Ныхуэщlэн*/*Къыхуэщlэн*»**. |

Ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, "lуэху занщlэ глагол"хэм "lуэху префиксиал глагол"хэр къазэрытехъукlым и пэщlэдзэ лэжьэкlэхэу лъытапхъэщ мы "щlыкlэ" лъытэ "префиксиал"у ухуэ псалъэхэри, -ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ- *иужькlэ* мыбыхэм къыкlэлъыкlуэ *нэгъуэщl "щlыкlэ" лъытэ "префикс"*хэри *глагол лэжьэкл*эрэ *"инфнитив глагол"*хэм къызэращтэу "префиксил глагол"хэр зэрыбэгъуэнури гурыlуэгъуэщ. Ауэ кlыхь дымыщlын папщlэ, мыпхуэдэ *нэгъуэщl "щlыкlэ" префиксиал*у ухуэ *псалъэ*рэ *глагол щапхъэ къэдгъэлъэгъуэнкъым*.

Нытlэ, "дополненэ" зимыlэу лажьэ мы "lуэху занщlэ глагол"хэр зэрылажьэу "щlыпlэ" лъытэ "префикс"кlэ зэрыухуэ псалъэхэмрэ, "инфнитив"у къатехъукl "lуэху префиксиал глагол" щапхъэхэри –мы ипэкlэ къэта таблицэхэм хиубыдэ щапхъэхэм хуэдэу- мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| - Жьын → | - «**абы** ар абы *lу***е**жь – *lу***и**жьащ» → **«*lужьын*»**; |
| - Зын → | - «**абы** ар абы *къу***е**з – *къу***и**защ» → **«*Къуэзын*»**; |
| - Щын → | - «**абы** ахэр абы *х***е**щ(хэ) – *х***и**ща(хэ)щ» → **«*Хэщын*»**; |
| - Щэн → | - «**абыхэм** ахэр абы *гу***е**щэ(хэ) – *гу***и**ща(хэ)щ» → **«*Гуэщэн*»**; |
| - Щlын → | - «**абы** ар абы *д***е**щl(ыхь)/*д***е**щlэ – *д***и**щl(ыхь)ащ/*д***и**щlащ» → **«*Дэщlы(хьы)н*/*Дэщlэн*»**; |

| | |
|---|---|
| - Щlэн → | - «**сэ** уэ абы у*фlыз*ощlэ – у*фlэс*щlащ» → «***Флэщlэн – флэщlыхьын***». |

## ″lУЭХУ ЗАНЩIЭ ГЛАГОЛ″ХЭР ″ГЪЭ″ ПЭЩIЭДЗЭКIЭ ″lУЭХУ ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ″У ЗЭРЫУХУЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

Глагол *″субъект″ым* зы ″lуэху″р -*″объект″*ыр- **гъэзэщlэн**кlэ *нэгъуэщl* гуэрыр **хуит зэрищl**рэ *нэгъуэщl гуэрым* **иригъэзащlэ**у зэрылъытэр -а глаголыр дауи щырет- ***″lуэху″*** лlэужьыгъуэу лъытэнращи, мыри а *″глагол″*ыр ***″гъэ″ пэщlэдзэ***кlэ зэрыухуэущ. Ипэкlэ *″езырыж занщlэ глагол″*хэм теухуауи щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ *″гъэ″ пэщlэдзэкlэ ″lуэху глагол″* утыку къызэрихьэрэ зэрылажьэ щlыкlэхэм. Ауэ, *″lуэху глагол″*хэр *″гъэ″ пэщlэдзэ*кlэ зэрыухуэр абыхэм къазэрыщхьэщыкlри гурыlуэгъуэнщ.

Икlи, *″lуэху глагол″*хэр *″объект″ зиl*эу лажьэ глагол лlэужьыгъуэу зэрыщытхэри гурыlуэгъуэщи, *глагол лэжьэкlэр ″объектив″у* зэрызекlуэр *″субъект″*ыр *″объект″*ым занщlэу *екlуалl*эрэ (е: иэ) *иджу* (и) зэрыщыткlэрэщ (е: иэй). Ныtlэ, *″lуэху глагол″*хэр *″гъэ″ пэщlэдзэ*кlэ щыухуэм деж, глагол *″субъект″*ым мы ″lуэху″р -*″объект″*ыр- *нэгъуэщl гуэрым иригъэзащlэ*ущ зэрылъытэнур.

Араща, *″lуэху глагол″*кlэ лъытэ ***″хьэрычэт″***ыр **зыгъэзащlэ ″субъект″**ыр **нэгъуэщl зы ″субъект″ым игъэлажьэу**щ зэрылъытэнур мы *″lуэху глагол″*ыр ***″гъэ″ пэщlэдзэкlэ щыухуэ***м дежи, ныtlэ, *″гъэ″ пэщlэдзэкlэ ухуа глагол*ым и *″субъект″*ыр ***″гъэ″ пэщlэдзэкlэ мыухуэ ипэ*** а глаголым и ***″субъект″****ыжракъым*и, абы *″гъэ″ пэщlэдзэкlэ ухуа глагол*ым ***″субъект″ыгъэ щимыlэжу***, и къалэнри ***″дополненэ″***у **зэрызэхъуэкl**ри гурыlуэгъуэнщ. Мы зи ***″дополненэ″***ри *″гъэ″ пэщlэдзэ*у ухуа *″lуэху глагол″*ым и ***″субъект″***ым *″lуэху″р* -″объект″ыр- **зыригъэзащl**эу ***″субъект къуэдзэ″***у зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ. Ныtlэ, мы къэtlуэтахэм теухуа глаголхэмрэ я *лэжьэкlэ щапхъэ*хэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| Щlэн → | →→→→ «**абы** ар **е**щlэ»; |
| ↓ | ↓ |
| Егъэщlэн → | → «**абы** ар абы **ире**гъащlэ»; |

Зэрыгурыlуэгъуэу, *″lуэху занщlэ глагол″*хэр *″объект″ зиl*эрэ *зимыl*эу *гупитl*ыу зэщхьэщокlри, ныtlэ, ″lуэху глагол″хэр *″гъэ″ пэщlэдзэ*кlэ зэрыухуэм теухуауэ къедгъэкlуэкlыну мы лэжьыгъэри *″lуэху занщlэ глагол″*хэм *къыщыщlэддзэ*у, икlи *″дополненэ″ зиlэрэ зимыl*эу гупитlыу щыгъуазэ дыхуэхъунри игъуэщ.

*"Гъэ"*р *пэщlэдзэ* зыхуэхъуну глаголыр *"lуэху занщlэ глагол"*у щытмэ, глагол *"объект"*ыр *нэгъуэщl гуэрым егъэщlэн* мыхьэнэ зиlэущ зэрыухуэнури, нытlэ, "субъект"ым мы "объект"ыр зыригъэщlыну *"субъект къуэдзэ"*ри -"дополненэ"р- мы *"lуэху"*м хуэкlуэрэ **екlуалlэу**щ зэрылъытэнур; - е, *"субъект"ым ар* ("субъект къуэдзэ"р) *"объект"ым иригъэкlуалlэу*щ. Дауи, **"lуэху занщlэ глагол"**хэр **"гъэ" пэщlэдзэ**кlэ *нэхъ игъуэ*рэ *нэхъапэ*у **"е** (иэ)**" префиксиал**у мэухуэри, мыпхуэдэуи **"lуэху префиксиал глагол"**хэр утыку къохьэр.

Ауэ икlи, *"lуэху занщlэ глагол"*хэр (пп: щlын) *лэжьэкlэу* **"гъэ"**кlэрэ -**"е** (иэ)**" префиксиал**у- зэрыухуари **япэ**рауэ **"lэмыр модэ"** -*"унафэ"* лlэужьыгъуэ- *псалъэ*хэрауэ {пп: *е*гъэщl! (*е*: иэ)} лъытапхъэнщи, мыпхуэдэу ухуа псалъэхэри **"инфинитив"**у зэрыухуэжкlэрэ -*"е* (иэ)*"* *префиксиал* лlэужьыгъуэ- **"lуэху префиксиал глагол"**хэри {пп: *е*гъэщlын (*е*: иэ)} утыку къызэрихьэнур гурыlуэгъуэнщ:

«**Щlын** → *е*гъэщl! → ***Е*гъэщlын**».

Мыбдежым ипэкlи щыгъуазэ дызыхуэхъуа гуэрхэр къыхэгъэщын хуеймэ, *"езырыж глагол"*рэ иужькlи *"lуэху глагол"*хэр *япэу цlыху зэхуакум щызекlуэ*у зэрыщlидза щlыкlэр -*"сэ"м* и пышэгъуу щыт *"уэ"м игъэзэщlэн* папщlэ хуищl- *"унафэ"*хэрауэ (пп: кlуэ!; щlы!) зэрыщытыр жытlагъати, нытlэ, мы *япэрей "унафэ"* лlэужьыгъуэ псалъэхэр икlи *"lэмыр модэ"*у *япэрей генерацэ* лlэужьыгъуэу лъытапхъэмэ, **"гъэ"**кlэрэ -"езырыж глагол"рэ "lуэху глагол" лэжьэкlэ лlэужьыгъуэхэу- *ухуа*уэ мы зи гугъу тщlы *"lэмыр модэ" псалъэ*хэри -*"сэ"м* и пышэгъу *"уэ"м* нэгъуэщl гуэрым *иригъэщl*ыну *ирит "унафэ"* лlэужьыгъуэу- **етlуанэ генерацэ** лlэужьыгъуэ **"lэмыр модэ"** (пп: гъакlуэ!; егъэщl!) **псалъэ**хэрауэ лъытапхъэхэрщ.

Аращи, *глагол лэжьэкlэ*у *япэ*у *цlыху зэхуакум щызекlуэ*у щlидзагъэну *псалъэ*р *"сэ"м* и пышэгъу *"уэ"м ирит "lэмыр"* -унафэ- лlэужьыгъуэ псалъэрагъэнщи, *"уэ"м езым зы "lуэху"у игъэзэщlэну* къыпэщыт мы псалъэр "lуэху глагол" лэжьэкlэу ухуа псалъэ лlэужьыгъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Икlи, *етlуанэ генерацэ "lэмыр модэ"* лlэужьыгъуэу мыбдежым зи гугъу тщlыри *"сэ"м* и пышэгъу *"уэ"м ирит* щхьэ, мы *"lуэху"р "уэ"м нэгъуэщl гуэрым иригъэзэщlэну* зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Нытlэ*, "уэ"м езым занщlэу имыгъэзащlэ*у, *нэгъуэщlым иригъэзэщlэну* зы *"lуэху"* зэрылъытэрщ мы зи гугъу тщlы *"lэмыр"*ри, *"lуэху"*р гъэзэщlэнкlэ "сэ"м *пщэрылъ* зыхуищlар *"уэ"*рауэ щыт щхьэ, "lуэху"р занщlэу зыгъэзэщlэнур -"уэ"м зыригъэзэщlэну- нэгъуэщl гуэрырщ. Ар щыхъукlи,

мы ″Iуэху″м теухуауэ ″субъект″итI лъытапхъэщ: зыр *″Iуэху″*р гъэзэщIэну *пщэрылъ* зыхуэхъуа *″уэ″*ращи, *адрейр*и *″уэ″м* мы *″Iуэху″*р *зыригъэзэщIэнур*ащ. НытIэ, мы **″Iуэху″**р гъэзэщIэнкIэ **пщэрылъ** зиIэр - *″уэ″р-* **″субъект″**у **нэхъыщхьэ**рауэ лъытапхъэщи, *″уэ″м* мы **″Iуэху″**р **зыригъэзэщIэну**ри –занщIэу зыгъэзэщIэнури- *″Iуэху″р зи пщэрылъ ″субъект″*ым –″уэ″м- и *дэIэпыкъуэгъу*у е **″субъект къуэдзэ″**у лъытапхъэщ. Дауи, **″гъэ″ пэщIэдзэ**кIэрэ гъэпсауэ мыбдежым зи гугъу тщIыну **″Iуэху глагол″ лэжьэкIэ**хэм глагол **″субъект″**ымрэ **″субъект къуэдзэ″**у лъытапхъэри зэры**игъуэу зэрыхэлъытэну**ри гурыIуэгъуэнщ.

Мы къыхэдгъэщахэм нэмыщI, зы *″Iуэху занщIэ глагол″*ыр *″гъэ″*кIэрэ занщIэу -*″е″ префиксыншэ*у- и мыхьэнэри зиIэжу *″инфинитив″*у зэры*ухуэф*ынури (пп: гъэщIын) гурыIуэгъуэнщ. Ауэ, мы ипэкIи къызэрыхэдгъэщауэ, *″Iуэху занщIэ глагол″*рэ *″езырыж занщIэ глагол″*хэр *зэрылажьэ* щIыкIэхэр зэрызэщхьэщыкIри ди гурыIуэгъуэу, зы **″Iуэху занщIэ глагол″**ыр (пп: щIын) *″инфинитив″*у **″гъэ″** *пэщIэдзэкIэ* **″е″ префиксыншэ** *защIэу* -нэгъуэщI ″префикс″ химыубыдэу- *зэрыухуэм* (пп: гъэщIын) *бзэм игъуэ лэжьэкIэ* зэры**щимыгъуэт**ынури гурыIуэгъуэнщ.

Дауи, мы зэрыжытIауэ, *″Iуэху занщIэ глагол″у ухуагъэххэ*хэр *″гъэ″ пэщIэдзэ*кIэ -фIырыфIкIэ- префиксыншэу *–″е″ префиксыншэ*у- *мыухуапхъэ*ми, *″гъэ″ пэщIэдзэкIэ ухуагъэххэу ″Iуэху занщIэ глагол″*хэр утыку къызэрихьэри гурыIуэгъуэнщ: «гъэщIэн, гъэпщIкIун, гъэныщIкIун».

Арацщи, мы къэтIуэтахэмкIи гурыIуэгъуащэ къызэрытхуэхъуауэ, *″езырыж глагол″*хэр (пп: кIуэн) *″гъэ″* пэщIэдзэкIэ *щыухуэм деж, гъэзэщIэн*кIэ *хуит зэрыщI* мыхьэнэ зиIэ *″Iуэху глагол″*и (пп: гъэкIуэн) утыку къихьэнщ; ауэ, *″Iуэху глагол″*хэр (пп: щIын) *″гъэ″* пэщIэдзэкIэ щыухуэм деж, *нэгъуэщIым егъэзэщIэн* мыхьэнэ зиIэу **″е″ префиксил**у ухуа **″Iуэху префиксиал глагол″**хэущ (пп: *е*гъэщIын) утыку къызэрихьэр.

НытIэ, мыхэр къыхэдгъэща нэужь, мы илъабжьэм къедгъэкIуэкIыну лэжьыгъэр япэрауэ *″дополненэ″ зиIэрэ зимыIэ ″Iуэху занщIэ глагол″*хэр *″гъэ″ пэщIэдзэ*кIэ зэрыгъэзащIэ *″щIыкIэ″* зэрылъыт*э*у *-″е″ префиксиал*у- зэрыухуэу къедгъэкIуэнщи, мыбыхэм къыкIэлъыкIуэуи, мы *″Iуэху занщIэ глагол″* лIэужьыгъуэхэм нэгъуэщI *″щIыкIэ″*рэ *″щIынIэ″* лъытэ *″префикс″*хэр къызэращтэрэ *″гъэ″ пэщIэдзэ*кIи *-″е″ префиксыншэ*рэ *″е″ префиксиал*у- зэрыухуэ *″Iуэху префиксиал глагол″*хэмрэ я *лэжьэкIэ*хэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

**Дополненэ зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"хэр "гъэ" пэщlэдзэкlэ "lуэху префиксиал глагол"у зэрыухуэрэ зэрылажьэхэм теухуауэ.**

*"Дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"хэр "гъэ"кlэрэ "щlыкlэ" лъытэ "е" префиксиалу зэрыхуэ "lуэху префиксиал глагол"хэмрэ я лэжьэкlэхэм теухуауэ.*

Зэрыгурыlуэгъуэу, щылажьэкlэ *"дополненэ"*и *зыхэзыубыдэ "lуэху занщlэ глагол"*хэм я *"объектив" защlэ лэжьэкl*эм хиубыдэну *"дополненэ"*р *"щlыпlэ"* (объектив) лlэужьыгъуэщи, нытlэ, мыпхуэдэ лэжьэкlэ зиlэ глаголхэр *"инфинитив"*у *"гъэ"* пэщlэдзэкlэ *"е" префиксиал*уи щыухуэм деж, -ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ- мы *"щlыпlэ"* лъытэ *"дополненэ"*м нэмыщl, *"субъект"*ым мы "lуэхур" -*"объект"*ыр- *зыригъэзащlэ*ри – *"субъект къуэдзэ"*ри- *"дополненэ"*у хиубыдэу зэрылэжьэнур гурыlуэгъуэнщи, *"ири/ире"* формэ *префиксиал*у ухуарэ *"дополненитl"* зыхэзыубыдэ мыпхуэдэ *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*м *"инфинитив"*у къытехъукlынури *"ири/ире"* формэ *"префикс"* зиlэ *"lуэху префиксиал глагол"*у зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ.

Икlи, мы *"lуэху занщlэ глагол"* лэжьэкlэм хиубыдэ *"дополненэ"*р зы *гуэр*у (объектив) е *цlыху*у (субъектив) щытмэ, *"хьэрычэт"*ыр *"дополненэ"*м *хуэклу*эрэ (ху) *хуэгъэза*уэ (къ, н) зэрылъытэ *"щlыкlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"* зыхиубыдэу къызэрыlуэтэнур гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, мыпхуэдэу ухуа псалъэхэр икlи *"гъэ"* пэщlэдзэкlи -*"е" префиксиал*у- щыухуэкlэ, *"субъект"*ым *"lуэху"*р *зыригъэзащlэ*ри -*"дополненэ"*- зыхиубыдэу *"ири/ире"* формэ *"префикс"*кlэ мы зэрыухуэжым мы *"щlыкlэ"* лъытэ *"префикс"*хэри (ху; къ, н) зэрызыхиубыдэнур гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, мыхэри къыхэдгъэща нэужь, мы илъабжьэм игъуэ глаголрэ я лэжьэкlэ щапхъэ гуэрхэри къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

*

Нытlэ, мы ипэкlэ къызэрыхэдгъэщауэ, *"дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*хэр ***"гъэ"*** пэщlэдзэкlэ –***"е"* префиксиал**у- зэрыухуэ *"lуэху префиксиал глагол"*хэр ***"объектив" защlэу*** *зэрылажьэ*рэ *"инфинитив"*уи *зэрыухуэ*м теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | | |
|---|---|---|
| Хьын → | ***Е*гъэхьын →** | - «**абы** ар абы абы абы *ир*егъэхь – *ир***и**гъэхьащ» → **«Ирегъэхьын/Иригъэхьын»**; |
| Чын → | ***Е*гъэчын →** | - «**абы** ар абы абы абы *ир*егъэч – *ир***и**гъэчащ» → |

| | | |
|---|---|---|
| | | **«Ирегъэчын/Иригъэчын»**; |
| Хун → | ***Е*гъэхун →** | - «**абы** ар абы абы *ир***е**гъэху – *ир***и**гъэхуащ» → **«Ирегъэхун/Иригъэхун»**; |
| Дзын → | ***Е*гъэдзын →** | - «**абы** ар абы абы *ир***е**гъэдз – *ир***и**гъэдзащ» → **«Ирегъэдзын/Иригъэдзын»**; |
| Шэн → | ***Е*гъэшэн →** | - «**абы** ар абы абы *ир***е**гъашэ – *ир***и**гъэшащ» → **«Ирегъэшэн/Иригъэшэн»**; |
| Тхъун → | ***Е*гъэтхъун →** | - «**абы** ар абы абы *ир***е**гъэтхъу – *ир***и**гъэтхъуащ» → **«Ирегъэтхъун/Иригъэтхъун»**. |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр:**

- Ипэкlи щыгъуазэ дызыхуэхъууэ, *"lуэху глагол"*хэр *"объектив"*у -*"иджы/ит зэман"*у- зэрылажьэр *"субъект"*ыр "lуэху"м -*"объект"*ым- *екlуалl*эрэ (е: "иэ") *иджу* (и) зэрыщыткlэ *"е* (иэи)" *префиксиал псалъэ*хэмкlэщ (пп: **абы** ар **е**щl) къызэрыlуатэр. Нытlэ, *"инфнитив"*у *"е* (иэ)" *префиксиал* лlэужьыгъуэ *"lуэху префиксиал глагол"*хэмр зэры*"лажьэу ухуа псалъэ"*хэри *–"субъект"*ым *"lуэху"*р *нэгъуэщlым иригъэщl*ыу- *"иri/ире" префикс формэ*у зэрыухуэнур (пп: **абы** ар абы *ир***е**гъэщl) мы ипэкlэ къэта щапхъэхэми хыболъагъуэр; икlи, мы *"глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"*хэр *"инфинитив"у зэрыухуэ*жу къыпыща *"lуэху префиксиал глагол"*хэми я лэжьэкlэхэу мы я *"иri/ире" формэ "префикс"*хэр зэрыхэ*бэгъуэну*ри (ирыри/ирыре) гурыlуэгъуэнщ.

- Икlи, зы гуэрыр *нэгъуэщl гуэрым зэрыпыщла*кlэрэ гъэзащlэу *зэрылъытэ "иri/ире"* формэ *"префикс"*ым и япэрей *"и"*р *"дополненэ" лъытэ*у, ар *"р"*кlэ зыпыщla *"и/е"*ри *"субъект" лъытэ*у зэрыщытри гурыlуэгъуэщ; ауэ, *"префикс"* нэхъыбэмкlэ *глагол лэжьэклэ*хэм *"дополненэ"* зэрыхэлъытэри гурыlуэгъуэщи, нытlэ, мы ипэкlэ къэта *"lуэху глагол"*хэм *я лэжьэклэ* щапхъэхэм хиубыдэ *"иri/ире" префикс*ым -*"дополненэ"рэ "субъект" зэпыщlэ- "р"*ым ипэ къихуэ и *"и.." lыхьэ*р "дополненэ" *лъытэ "префикс"*у, къыкlэлъыкlуэ **"е"**ри ***"субъект" лъытэ*** *префикс lыхьэ*у щызэрыхэлъытари нэрылъагъущ.

*

*"Дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*хэр ***"гъэ"*** *пэщlэдзэ*кlэ - ***"е"* префиксиа**lу- зы гуэр/**цlыху**м **хуэкlуэ**рэ **хуэгъэза *"щlыкlэ"*** лlэужьыгъуэ ***"префикс"***хэмкlи ухуэж *"lуэху префиксиал глагол"*хэр *зэрылажьэ*рэ *"инфинитив"*уи *зэрыухуэ*м теухуа щапхъэхэр:

| | |
|---|---|
| ***Е*гъэхьын →** | - «**сэ** ар уэ абы *ны*п*хурыз*огъэхь/*къы*п*хурыз*огъэхь – *ны*п*хуре*згъэхьащ/*къы*п*хуре*згъэхьащ» → «***Ныхуре*гъэхьын/ *Къыхуре*гъэхьын**»; |
| ***Е*гъэчын →** | - «**уэ** ахэр сэ абыхэм *къыс*хур**аб**огъэч(хэ) – *къыс*хур**аб**гъэча(хэ)щ» → «***Къыхуе*гъэчын/*Къыхуе*гъэчын**»; |
| ***Е*гъэхун →** | - «**абы** ар уэ дэ *ны*п*хурыд***е**гъэху/*къы*п*хурыд***е**гъэху – *ны*п*хурыд***и**гъэхуащ/*къы*п*хурыд***и**гъэхуащ» → «***Ныхуре*гъэхун/ *Ныхури*гъэхун, *Къыхуре*гъэхун/*Къыхури*гъэхун**»; |

| | |
|---|---|
| ***Е*гъэдзын →** | - «**абыхэм** ар фэ сэ *къы**ф**хурыз**а***гъэдз – *къы**ф**хурыз**а***гъэдзащ» → «***Къыхуре*гъэдзын/*Къыхури*гъэдзын**»; |
| ***Е*гъэшэн →** | - «**фэ** сэ абыхэм абыхэм сы*къ**а**хура**в**гъашэ* – сы*къ**а**хура**в**гъэшащ» → «***Къыхуре*гъэшэн/ *Къыхури*гъэшэн**»; |
| ***Е*гъэтхъун →** | - «**абыхэм** ахэр дэ фэ *къы**т**хурыв**а***гъэтхъу(хэ) – *къы**т**хурыв**а***гъэтхъуа(хэ)щ» → «***Къыхуре*гъэтхъун/ *Къыхури*гъэтхъун**». |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр:**

- Япэрауэ, мы къэта *псалъэухыгъэ* щапхъэхэмрэ, абыхэм хиубыдэ *"щхьэ"*хэм (**субъект**, объект, дополненэхэм) я *зэкlэлъхьэужьыкlэ*р нэрылъагъущ. Ауэ, игъуэ зэрыхъукlэ мы ″щхьэ″хэм я зэкlэлъхьэужьыкlэрэ зэрызэхъуэкlыфынури мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ. Дауи, псалъэухыгъэм *цlэпапщlэ*хэу щыхэлъыта мы *"щхьэ"*хэмрэ мы я *зэкlэлъхьэужьыкlэ*ми щыгъуазэ дыхуэхъунщ: «*ипэ къихуэ*у *псалъэухыгъэ пэщlэдзэ*у щыт ″щхьэ″р ***″субъект″***ращ; абы къыкlэлъыкlуэр ″объект″ырщ; ″объект″ым къыкlэлъыкlуэу *ипэ* къэlу *"дополненэ"*р (дополненэ-1) *"lуэху"*р -″объект″ыр- *зытехуэ*рэ *зыхуэгъэзащlэ*рщ; мыбы *къыкlэлъыкlуэ "дополненэ"*ри (дополненэ-2) *"субъект"*ым мы *"lуэху"р зыригъэзащlэ*у -″субъект къуэдзэ″у- щытращ». Мыпхуэдэ къалэнрэ зэкlэлъхьэужьыкlэ зиlэу *псалъэухыгъэ*м хиубыдэ *"щхьэ"хэм къыкlэлъыкlуэ "глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*ми мы *"щхьэ"*хэр *"щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэрэ лъытэ"*кlэрэ зэрыхиубыдэнури гурыlуэгъуэнщи, къэта щапхъэхэм хэплъагъуэ я *зэкlэлъхьэужьыкlэ*ри зэрызэпыщlа щlыкlэуи къэтlуэтэнщ: «***″субъект″***ыр сытым дежи *"lуэху глагол"*ыр -″хьэрычэт″ыр- занщlэу *къызпкъырыкl*ырщи, ***″субъект гъэлъагъуэ/лъытэ″***м ипlэр *"глаголыпкъ"ыщхьэ*ращ; мыбы ипэ къихуэ ″щхьэ″ри ″субъект″ым мы lуэхур *зыригъэзащlэ*у *"субъект къуэдзэ"*у лъытапхъэ ″дополненэ-2″р зэрылъытэ ″дополненэ гъэлъагъуэ/лъытэ″ращ; мыбы ипэ къихуэри ″lуэху″р зытеухуэу - зыхуэкlуэрэ (хуэ) зыхуэгъэзауэ (къ, н)- лъыта ″дополненэ-1″р зэрылъыта ″дополненэ гъэлъагъуэ/лъытэ″ращ; мы *"дополненэ-1"м ипэ*и *"lуэху"*р зэрылъытауэ ″объект гъэлъагъуэ/лъытэ″ращ». Нытlэ, мы зи гугъу тщlахэр -ипэкlи къызэрыта щапхъэхэу- мыбдежым аргуэру къыщыдгъэлъэгъуэжынри игъуэщ:

- «**сэ** (**субъект**) ар (объект) уэ (дополненэ-1: lуэхур зытеухуэу, папщlэ зыхуэгъэзащlэ) абы (дополненэ-2: lуэхур зыригъэзащlэ - ″субъект къуэдзэ″) *ны**п**хурыз*огъэхь/*къы**п**хурыз*огъэхь – *ны**п**хур**е**з*гъэхьащ/*къы**п**хур**е**з*гъэхьащ».

- Мы къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"* зэпкъырыувэкlэмрэ *"псалъэухыгъэ"* гъэпсыкlэм *"щхьэ"*хэр зэрыхиубыдэ *зэкlэлъхьэужьыкl*эхэр мащlэу *зэрызэщхьэщыкl*ыр нэрылъагъущ. Аращи, *"псалъэухыгъэ"*р ***″субъект″***ымкlэ *къежьэ*рэ, мыбыи занщlэу гъэзащlэр -lуэхур- ″объект″ыр *къыкlэлъыкlуэ*у; мыбыи -мы гъэзащlэри- зытеухуэ ″дополненэ-1″р *къыкlэлъыкlуэ*жу; мыбыи, ″субъект″ым мы ″lуэху″р *зыригъэзащlэ "субъект къуэдзэ"*ри ″дополненэ-2″уэ *къыпыщэжу "псалъэухыгъэ"*м *"щхьэ"*

*зэклэлъхьэужьыклэ* щызэригъуэтыр гурыIуэгъуэщ. Ауэ, *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*м **"субъект"**ыр *"псэлъэпкъ"ыщхьэ*м къыпыхьэу зэрыщытынур гурыIуэгъуэрэ ипэкIи къыщыхэдгъэщагъэххэщи, мыбы ипэ къихуэнур зыхуэигъуэнури *"субъект"ым "Iуэху"р зыригъэзащIэ –"субъект къуэдзэ"*р-*"*дополненэ-2*"*ращ; мыбыхэм ипэкIи -ищхьэ лъэныкъуэу- зэрыигъуэу *"глагол префикс"*хэмрэ -хуэкIуэрэ хуэгъэзауэ- *"Iуэху"р зытеухуэ "*дополненэ-1*"* зэрыхиубыдэри нэрылъагъущ.

- ИкIи, мы *"глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"*хэм я *зэпкъырыувэклэ*хэм зэрыхэплъагъуэу, *"*Iуэху*"*р (объект) *зытеухуэ*р -зыхуигъэзащIэр- (*"*дополненэ-1) *"субъектив щхьэ"*мэ, *хуэклуэ*рэ (ху) *хуэгъэза*уэ (къ, н) зэрылъытам папщIэрагъэнщи, *"*Iуэху*"*р зыригъэзащIэр (дополненэ-2) *"объектив щхьэ закъуэ"*мэ, *-"ит зэман"*у- *"*Iуэху*"*м *еклуалл*эрэ (е: иэ) *иджу* (и) зэрыщытыр *псалъэхэм* къыхэгъэщын *хуэныкъуэгъэнкъым*; ауэ, *адрей зэман*хэм (пп: *"*блэкIа зэман*"*) теухуа *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*хэм **"субъект"**ым *"*Iуэху*"*р зыригъэзащIэ *"объектив щхьэ закъуэ"* (абы) *"*дополненэ-2*"*р *"Iуэху"м еклуалл*эрэ (е: иэ) *иджу* (и) зэрыщыткIэрэ (е: иэй) къыхэгъэщыныр игъуэщ:

| |
|---|
| - *"ит зэман"*у ухуа псалъэ: «**сэ** ар уэ абы *ны*п*хуры***з**огъэхь/*къы*п*хуры***з**огъэхь»; |
| - *"блэкIа зэман"*у ухуа псалъэ: «**сэ** ар уэ абы *ны*п*хуре***з**гъэхьащ/*къы*п*хуре***з**гъэхьащ». |

- Ауэ, *"*дополненэ-2*"*р *"объектив щхьэ куэдагъ"*мэ (абыхэм) е *"субъектив"*мэ (пп: фэ), я *"цIэпапщIэ лъыт*эрэ (а) *гъэлъагъуэ* (пп: *"*ф/фI/в*"*)*"*хэр *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*хэм хеубыдэр:

| |
|---|
| - «**фэ** ахэр дэ абыхэм *къыт**хура*****в**огъашэ(хэ) – *къыт**хура*****в**гъэша(хэ)щ»; |
| - «**абыхэм** ахэр дэ фэ *къыт**хуры*****ва**гъэтхъу(хэ) – *къыт**хуры*****ва**гъэтхъуа(хэ)щ». |

- Мы иужьрей щапхъэм хуэдэу псалъэхэм *"субъектив* дополненэ*"* зэрызыхаубыдэхэм *нэхъ гъунэгъуу гулъытэ* хуэщIын хуейщ. Зэрыгурыуэгъуэу, *псалъэухыгъэ*хэм *"дополненэ"*хэр *"Iуэху"* лIэужьыгъуэущ зэрыхэлъытэр. ИкIи, *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*хэми *"дополненэ" нэхъыбэр "Iуэху"* лIэужьыгъуэущ зэрыхэлъытэри, мы ипэкIэ къэта щапхъэхэми мыпхуэдэущ зэрыхэплъагъуэр. Ауэ, мы ипэкIэ щапхъэу къэта *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*хэм **"дополненэ" гуэрхэр "езырыж"** лIэужьыгъуэу зэрыхэлъытэри нэрылъагъущи, икIи ипэкIэ *"е" префиксиал "езырыж глагол" лэжьэкIэ*хэм *"субъектив дополненэ"*хэр *"езырыж"* лIэужьыгъуэу зэрыхиубыдэми щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ. НытIэ, *"е" префиксиал "езырыж глагол" лэжьэкIэ*хэм хуэдэу зэрыщытыр нэрылъагъущ мы **"е" префиксиал "Iуэху глагол"** лэжьэкIэхэми **"субъектив дополненэ"** гуэрхэр **"езырыж"** лIэужьыгъуэу зэрыхэлъытэри, *"цIыху"м теухуэ глагол -хьэрычэт-* лIэужьыгъуэ *лэжьэкIэ щапхъэ*хэу мы ипэкIэ къэтахэр мыбдежым -псалъэхэри зэпкъырыхауэ- къыщыдгъэлъэгъуэу дахэплъэжынщ:

| | |
|---|---|
| ***Е*гъэхун →** | - «**абы** ар уэ дэ *ны*п*хуры***д**егъэху (*ны*-п-*хуры*-ды-**е-**гъэ-ху) /*къы*п*хуры***д**егъэху (*къы*-п-*хуры*-ды-**е-**гъэ-ху) – *ны*п*хуры***д**игъэхуащ (*ны*-п-*хуры*-ды-**и-**гъэ-ху-а-щ) |

| | |
|---|---|
| | /*къы*п*хуры*Д**и**гъэхуащ (*къы*-п-*хуры*-ды-**и-**гъэ-ху-а-щ)». |
| ***Е*гъэдзын →** | - «**абыхэм** ар фэ сэ *къы*ф*хуры*з***а***гъэдз (← *"къы*п*хуры*з**а***йгъэдз" ← *"къы*-п-*хуры*-зы-**а***й***-**гъэ-дз" ← *"къы*-п-*хуры*-зы-**а**-*э***й-**гъэ-дз" ← *"къы*-п-*хуры*-зы-**а**-*е***-**гъэ-дз") – *къы*ф*хуры*з***а***гъэдзащ (← *"къы*ф*хуры*з**а***йгъэдзащ" ← *"къы*-ф-*хуры*-зы-**а**-*э***й-**гъэ-дз-а-щ" ← *"къы*-ф-*хуры*-зы-**а**-*е***-**гъэ-дз-а-щ"». |
| ***Е*гъэтхъун →** | - «**абыхэм** ахэр дэ фэ *къы*т*хуры*в***а***гъэтхъу(хэ) {← *"къы*т*хуры*в**а***йгъэтхъу(хэ)" ← *"къы*-т-*хуры*-вы-**а-***э***й**-гъэ-тхъу-(хэ)" ← *"къы*-т-*хуры*-вы-**а-***е*-гъэ-тхъу-(хэ)"} – *къы*т*хуры*в**а**гъэтхъуа(хэ)щ {← *"къы*т*хуры*в**а**йгъэтхъуа(хэ)щ" ← *"къы*-т-*хуры*-вы-**а**-и**-**гъэ-тхъу-а-(хэ)-щ"}». |

*"Дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"хэр "щlыпlэ" лъытэ "префикс"кlэрэ "гъэ" пэщlэдзэуи –"е" префиксиалрэ префиксыншэу-зэрыухуэ "lуэху префиксиал глагол"хэмрэ я лэжьэкlэхэм теухуауэ.*

*"Дополненэ зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*хэр *"гъэ" пэщlэдзэ*кlэ **"щlыпlэ"** лlэужьыгъуэ **"префикс"**и къащтэу *зэрыухуэрэ зэрылажьэ* щlыкlэхэми мыбдежым щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ. Икlи, мыпхуэдэу *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"*хэмкlэ къатехъукlыну **"lуэху префиксиал глагол"**хэри **"е" префиксил**рэ **"е" префиксыншэ**уи зэрыухуэфынухэр жыlэпхъэщ.

Нытlэ, *япэрауэ* **"е" префиксыншэ**у зэрыухуэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

*"Езырыж занщlэ глагол"*хэр *"гъэ" пэщlэдзэ*кlэ занщlэу *"lуэху занщlэ глагол"*у *-"е" префиксыншэ*у- зэрыухуэм теухуауэ ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуахэм хуэдэу жыlэпхъэщ мыбдежым зи гугъу тщlы *"lуэху занщlэ глагол"*хэри *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"*кlэ *"гъэ" пэщlэдзэ*уи *-"е" префиксыншэ*у- зэрыухуэну щlыкlэхэр. Аращи, мы зи гугъу тщlы *"lуэху префиксиал глагол"*хэр *"гъэ" пэщlэдзэ*кlэ *"е" префиксыншэ*у зэрыухуэм игъуэтыну мыхьэнэр *"lуэху"р* **гъэзэщlэнкlэ хуит зэрыщlы**уи лъытапхъэщ. Ауэ, мыпхуэдэ мыхьэнэкlэ *бзэм зэрыхэлэжьыхьынур*и мы *"инфинитив"*у зэрыухуа *щlыкlэ*ущ нэхъыбэуи, мы мыхьэнэкlэ *глагол лэжьэкlэу бзэм щызекlуащэуи жыlэпхъэнкъым*.

Дауи, мы "дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"хэр "щlыпlэ" лlэужьыгъуэ "префикс"кlэ "гъэ" пэщlэдзэуи зэрыухуэр "езырыж глагол"хэр "гъэ" пэщlэдзэкlэ "lуэху глагол"у зэрыухуэм къызэрыщхьэщыкlынури гурыlуэгъуэнщ. Икlи *"щlыпlэ" лъытэ "префикс"*кlэрщ мы *"дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*хэр *"гъэ" пэщlэдзэ*кlэ *"е" префиксыншэ*у

зэрыухуэу зи гугъу тщlыри, мыпхуэдэу утыку къихьэну *"lуэху префиксиал глагол"*хэм я *лэжьэклэ*нури мы иlэххэу щыт *"щlыпlэ"* лъытэ *"дополненэ"*р глагол *"префикс"*ми зэр*елъытэну*р гурыlуэгъуэщ. Ар щыхъуклu, мы *луэхур щыгъэзащlэклэ* зытеухуэну *"щlыпlэ"* лъытэ *"дополненэ"*р *зэлъытэнур* глаголым къищтэну *"щlыпlэ" лъытэ "префикс"*ымклэ лъытауэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, *"гъэ" пэщlэдзэ*у *"е" префиксыншэ "lуэху занщlэ глагол"*у *щылажьэклэ зытеухуэ*у щыт **"щlыпlэ"** лъытэ *"объектив"* лlэужьыгъуэ *"*дополненэ*"*р иклu мы *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэ глагол **"префикс"**ымклэ **лъыта**уэщ мы утыку къихьэ *"lуэху префиксиал глагол"*хэм я *лэжьэклэ*нур.

Ауэ иклu, *"lуэху" зыгъэзащlэр –"*ит зэман" лэжьэклэу- а *"lуэху"м еклуаллэ*рэ (е: иэ) ар *иджэ*щ (и) зэрыщытынури, нытlэ, *"lуэху" гъэзэщlэнклэ хуит зэрыщl*ыу *-"е" префиксыншэ*у- ухуа *"lуэху глагол"*ыр *"ит зэман"*у **щылажьэклэ "е** (иэй)**" префиксиал**у ухуа мы **псалъэ**хэр утыку къызэрихьэнури гурыlуэгъуэнщи, мы *псалъэхэри "инфинитив"*у зэрыухуэжхэри *"еклуэлlэн"*клэрэ *"е (иэ)" префиксиал*у з*эрыухуэ*фынухэри гурыlуэгъуэщ.

Аращи, *"е" префиксыншэ*у ухуа *"lуэху глагол"*хэм я *лэжьэклэ*нуми *"е" префиксиал "lуэху глагол" къызэрытехъукl*ынур гурыlуэгъуэщи, мыхэращ иклu нэхъыбэрэ зэры*игъуэу бзэм хэлэжьыхь*ынухэр; нытlэ, *"гъэ" пэщlэдзэ*клэ ухуа *"lуэху глагол"*хэм щыщу *бзэм зэрыхэлэжьыхьыпхъэр "е" префиксиал*у зэпкъырыувахэрщ. Дауи, мы къэтlуэтахэми гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlщи, *"lуэху занщlэ глагол"*у *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"* къищтэрэ **"гъэ"** *пэщlэдзэ*клu **"е" префиксыншэ**у ухуэну *"lуэху префиксиал глагол"*у мы зи гугъу тщlыхэр **бзэм щыземыклуащэ**у зэрыщытхэри мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ. – Ауэ иклu, -мы къэтlуэтахэри дызэригурыlуэгъуэу- *"гъэ" пэщlэдзэ*клэ *"е" префиксыншэ*у *ухуэфынур*э бзэм *хэлэжьыхьыфынух*эри *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"*хэмклэ ухуэну мы зи гугъу тщlы *"lуэху префиксиал глагол"*хэрауэ зэрыщытри мыбдежым аргуэру къыщыхэгъэщыпхъэщ.

Дауи, мы зэрыжытlауэ, *"гъэ" пэщlэдзэу "е" префиксыншэ*у *нэхъ игъуэу ухуэф*у жыlэпхъэхэри *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"*клэ ухуа *"lуэху префиксиал глагол"*хэрауэ щытмэ, нытlэ, мы илъабжьэм *"дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*у *"щlыпlэ"* лъытэ *"префикс"*клэрэ (пп: *"*lу, къуэ, хэ, гуэ, щlэ, дэ, фlэ, пы*"*) *"гъэ" пэщlэдзэ*уи *-"е" префиксыншэ*у- зэрыухуэ *"lуэху префиксиал глагол"*рэ и *лэжьэклэ щапхъэ* гуэрхэри зыхиубыдэ

*"щхьэ"*хэр *"субъектив"*рэ *"объектив"*у зэмылIэужьыгъуэу зэрыхиубыдэ щIыкIэхэу къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| Хьын → | - «*l*угъэхьэн, *къуэ*гъэхьэн, *хэ*гъэхьэн, *гуэ*гъэхьэн, *щlэ*гъэхьэн, *дэ*гъэхьэн, *фlэ*гъэхьэн, *пы*гъэхьэн»;<br>- *"l*угъэхьэн*"* лэжьэкIэ щапхъэхэр:<br>* «**абы** ар абы *l*у**е**гъэхьэ – *l*у**и**гъэхьащ»; «**абы** уэ абы у*l*у**е**гъэхьэ – у*l*у**и**гъэхьащ»; «**абы** ар уэ п*l*у**е**гъэхьэ/*ны*п*l*у**е**гъэхьэ/*къы*п*l*у**е**гъэхьэ – п*l*у**и**гъэхьащ/*ны*п*l*у**и**гъэхьащ/*къы*п*l*у**и**гъэхьащ»;<br>* «**уэ** ар абы *l*у**б**огъэхьэ – *l*у**б**гъэхьащ»; «**уэ** сэ абы сы*l*у**б**огъэхьэ – сы*l*у**б**гъэхьащ»; «**уэ** ар сэ с*l*у**б**огъэхьэ/къыс*l*у**б**огъэхьэ – с*l*у**б**гъэхьащ/ къыс*l*у**б**гъэхьащ». |
| Чын → | - «*l*угъэчын - *l*угъэчэн, *къуэ*гъэчын - *къуэ*гъэчэн, *хэ*гъэчын - *хэ*гъэчэн, *гуэ*гъэчын - *гуэ*гъэчэн, *щlэ*гъэчын - *щlэ*гъэчэн, *дэ*гъэчын - *дэ*гъэчэн, *фlэ*гъэчын - *фlэ*гъэчэн, *пы*гъэчын - *пы*гъэчэн».<br>- *"l*угъэчын – lуэгъэчэн*"* лэжьэкIэ щапхъэхэр:<br>* «**абы** ар абы *l*у**е**гъэч – *l*у**и**гъэчащ»; «~~**абы** уэ абы у*l*у**е**гъэч – у*l*у**и**гъэчащ~~»; «**абы** ар уэ п*l*у**е**гъэч/*ны*п*l*у**е**гъэч/*къы*п*l*у**е**гъэч – п*l*у**и**гъэчащ/*ны*п*l*у**и**гъэчщ/*къы*п*l*у**и**гъэчащ»;<br>* «**уэ** ар абы *l*у**б**огъэч – *l*у**б**гъэчащ»; «~~**уэ** сэ абы сы*l*у**б**огъэч – сы*l*у**б**гъэхьащ~~»; «**уэ** ар сэ с*l*у**б**огъэч/къыс*l*у**б**огъэч – с*l*у**б**гъэчащ/ къыс*l*у**б**гъэчщ». |

Игъуэ щыхъу дэтхэнэ зы щIыпIэм къызэрыхэдгъэщщи, адыгэбзэр мыхьэнэбэрэ лэжьэкIэбэуи зэрыщытым папщIщи, дызытепсэлъыхьэ дэтхэнэ зы глагол лэжьэкIэри а глаголхэм я мыхьэнэхэм елъытауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэнщ. Аращи, *глаголхэр цIыхум теухуа*рэ *темыухуа*уэ *зэрызэщхьэщыгъэкI*ыпхъэм хуэдэжу, *цIыху* нэрыбгэр ***"субъект"*** е "объект" е "дополненэ" зыхуэмыхъу глаголхэри щыIэнщи, нытIэ, мы зи лэжьэкIэхэм щыгъуазэ дызыхуэхъу глаголхэм щыщ *"чын" глагол*ым *цIыху* нэрыбгэ *"объект"* зэры*хуэмыхъу*фынур гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу зэрыщытым папщIэщи, мы ипэкIэ *"чын"*ыр *"щIыпIэ"* лIэужьыгъуэ *"префикс"*кIэ зэрыухуа *"lуэху префиксиал глагол"* я *лэжьэкIэ щапхъэ*хэм щыщу *"субъектив"* лIэужьыгъуэ "объект" зыхэзыубыдэхэм я *гущIы*lур *тетхъа*уэ къэдгъэлъэгъуащ.

*

Мы ипэкIэ къэтIуэтахэмрэ къэтхьа щапхъэми гурыIуэгъуэ къызэрытхуащIщи, *"гъэ" пэщIэдзэ*кIэ ухуэж *"lуэху глагол"*ыр *нэхъ игъуэ*у *"е" префиксиал*ущ зэрызэпкъырыувэнури, абы и *лэжьэкI*энури *"ири/ире" формэ префиксиал пса*лъэхэущ къызэрыIуэтэнур. Аращи, глагол ***"субъект"***ым *"lуэху"*р -"объект"ыр- *зыригъэзэщIэнур* –"дополненэ"р- а

*"*lуэху*"*м *иригъэклуалл*эущи, мыпхуэдэри *"иры/ире" формэ префиксиал*у ухуа *псалъэ*хэущ къызэрыlуэтэнур.

Нытlэ, мыбдежым зи гугъу тщlынур *"дополненэ" зиlэу лажьэ "луэху занщlэ глагол"*хэр **"гъэ"** *пэщlэдзэ*кlэ **"щlыпlэ"** лlэужьыгъуэ **"префикс"**хэмкlэ зэрыухуэ **"lуэху префиксиал глагол"**хэр икlи **"е" префиксиал**уи зэрыухуэм теухуащи, мы илъабжьэм мыпхуэдэ *"луэху префиксиал глагол"* щапхъэхэр къыщыдгъэлъэгъуэу, я лэжьэкlэхэми иужькlэ дахэплъынщ:

| | |
|---|---|
| Хьын → | - «*лу*е*гъэхьэн, къу*е*гъэхьэн, хе*гъэхьэн, *гу*е*гъэхьэн, *щlе*гъэхьэн, *дe*гъэхьэн, *фlе*гъэхьэн, *пе*гъэхьэн». |
| Чын → | - «*лу*е*гъэчын - *лу*е*гъэчэн, *къу*е*гъэчын - *къу*е*гъэчэн, *хе*гъэчын - *хе*гъэчэн, *гу*е*гъэчын - *гу*е*гъэчэн, *щlе*гъэчын - *щlе*гъэчэн, *дe*гъэчын - *дe*гъэчэн, *фlе*гъэчын - *фlе*гъэчэн, *пе*гъэчын - *пе*гъэчэн». |
| Хун → | - «*лу*е*гъэхун - *лу*е*гъэхуэн, *къу*е*гъэхун - *къу*е*гъэхуэн, *хе*гъэхун - *хе*гъэхуэн, *гу*е*гъэхун - *гу*е*гъэхуэн, *щlе*гъэхун - *щlе*гъэхуэн, *дe*гъэхун - *дe*гъэхуэн, *фlе*гъэхун - *фlе*гъэхуэн, *пе*гъэхун - *пе*гъэхуэн». |
| Дзын → | - «*лу*е*гъэдзын - *лу*е*гъэдзэн, *къу*е*гъэдзын - *къу*е*гъэдзэн, *хе*гъэдзын - *хе*гъэдзэ, *гу*е*гъэдзын - *гу*е*гъэдзэн, *щlе*гъэдзын - *щlе*гъэдзэн, *дe*гъэдзын - *дe*гъэдзэн, *фlе*гъэдзын - *фlе*гъэдзэн, *пе*гъэдзын - *пе*гъэдзэн». |
| Шэн → | - «*лу*е*гъэшэн - *лу*е*гъэшын, *къу*е*гъэшэн - *къу*е*гъэшын, *хе*гъэшэн - *хе*гъэшын, *гу*е*гъэшэн - *гу*е*гъэшын, *щlе*гъэшэн - *щlе*гъэшын, *дe*гъэшэн - *дe*гъэшын, *фlе*гъэшэн - *фlе*гъэшын, *пе*гъэшэн - *пе*гъэшын». |
| Тхъун → | - «*лу*е*гъэтхъун - *лу*е*гъэтхъуэн, *къу*е*гъэтхъун - *къу*е*гъэтхъуэн, *хе*гъэтхъун - *хе*гъэтхъуэн, *гу*е*гъэтхъун - *гу*е*гъэтхъуэн, *щlе*гъэтхъун - *щlе*гъэтхъуэн, *дe*гъэтхъун - *дe*гъэтхъуэн, *фlе*гъэтхъун - *фlе*гъэтхъуэн, *пе*гъэтхъун - *пе*гъэтхъуэн». |

Нытlэ, мы *"луэху префиксиал глагол"хэр "объектив" защlэу зэрылажьэ* щапхъэхэмрэ икlи хиубыдэ *"щхьэ"*хэр *"объектив"*рэ *"субъектив"* лlэужьыгъуэу зэрыщыт лэжьэкlэ щапхъэхэуи къыщыдгъэлъэгъуэнщ мы илъабжьэми, *"е" префиксиал*у ухуа мы *глагол*хэм я **лэжьэкlэ**у *"ире/ири"* формэ *"префиксиал"*у ухуэ **псалъэ**хэри **"инфинитив"**у зэрыухуэ **"lуэху префиксиал глагол"**хэри къыпытщэнщ:

| |
|---|
| - «*лу*е*гъэхьэн» → «**абы** ар абы абы *лур***е**гъахьэ – *лур***и**гъэхьащ» → **«*лур*е*гъэхьэн/лур*и*гъэхьэн»**. |
| - «*Гу*е*гъэчын - *Гу*е*гъэчэн» → «**абы** ар абыхэм абыхэм *гу*а*р*а**й**гъэч – *гу*а*р*а**й**гъэчащ; **абы** ар абыхэм абыхэм *гу*а*р*а**й**гъачэ – *гу*а*р*а**й**гъэчащ» → **«*Гур*е*гъэчын/Гур*и*гъэчын – *Гур*е*гъэчэн/Гур*и*гъэчэн»**. |
| - «*Къу*е*гъэхун - *Къу*е*гъэхуэн» → «**сэ** ахэр фэ абыхэм *къу*в*р*а**з**огъэху(хэ) – *къу*в*р*а**з**гъэхуа(хэ)щ; **сэ** ахэр фэ абыхэм *къу*в*р*а**з**огъахуэ(хэ) – *къу*в*р*а**з**гъэхуа(хэ)щ» → **«*Къур*е*гъэхун/Къур*и*гъэхун – *Къур*е*гъэхуэн/Къур*и*гъэхуэн»**. |
| - «*Хе*гъэдзын - *Хе*гъэдзэн» → «**сэ** ахэр абы абыхэм *хыр*а**з**огъэдз(хэ) – |

*хыр*а**з**гъэдза(хэ)щ; **сэ** ахэр абы абыхэм *хыр*а**з**огъадзэ(хэ) – *хыр*а**з**гъэдза(хэ)щ» → **«*Хыре*гъэдзын/*Хыри*гъэдзын – *Хыре*гъэдзэн/*Хыри*гъэдзэн»**.

- «*Гуе*гъэшэн - *Гуе*гъэшын» → **«абыхэм** фэ абыхэм сэ фы*гуарыз***а**гъашэ – фы*гуарыз***а**гъэшащ; **абыхэм** фэ абыхэм сэ фы*гуарыз***а**гъэш – фы*гуарыз***а**гъэшащ» → **«*Гуре*гъэшэн/*Гури*гъэшэн – *Гуре*гъэшын/*Гури*гъэшын»**.

- «*Щlе*гъэтхъун - *Щlе*гъэтхъуэн» → **«фэ** ахэр абы дэ *щlырыды***в**огъэтхъу(хэ) – *щlырыды***в**гъэтхъуа(хэ)щ; **фэ** ахэр абы дэ *щlырыды***в**огъатхъуэ(хэ) – *щlырыд***в**гъэтхъуа(хэ)щ» → **«*Щlыре*гъэхун/*Щlыри*гъэхун – *Щlыре*гъэхуэн/ *Щlыри*гъэхуэн»**.

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр:**

- ″Хьын″ глаголыр зы ″щlыпlэ″м хуэкlуэу зэрыгъэзащlэр кlуэтэгъуэкlэ (э) зэрылъытэу, ″...хьэн″уэ (пп: lухьэн) зэрызэпкъырыувэр нэрылъагъущ. Икlи, мы зэрыжытlа щlыкlэу, зы *″щlыпlэ″м ″ихьэн″*ым и *пхэндж ″хьэрычэт″*ри *″икlын″*ращи, адрей глаголхэм *″ы-э″ къэlукlэ*кlэ *зэхуэпхэндж ″хьэрычэт″*ыр ″хьын″ глаголым (пп: lухьэн) теухуауэ зэрымылъытэри гурыlуэгъуэщ.

- Мы ипэкlэ къэта глагол лэжьэкlэ щапхъэхэм гъунэгъуу щыгъуазэ зыхуэхъун хуейхэр яхэтщи, мыпхуэдэ зы щапхъэщ *″объектив куэдагъ″* лlэужьыгъуэ ″дополненэ″хэр (абыхэм) *″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*хэм (пп: *гуара***е**гъэч) я *″щхьэ цlэпапщlэ лъытэ″*у щыхэлъытэм деж, *зэкlэлъхьэужь*у къэlун хуей хъу *макъ lуэр*рэ *макъ lуэр зэхэжыхьа*хэм я *къэlукlэ*р *зэхъуэкl*ыфри {пп: *гуарай*гъэч (← *гуара***е**гъэч): «″..а**й**..″ ← ″..а**и**..″ ← ″..а**иэ**..″ ← ″..а**е**..″»}, нытlэ, мыпхуэдэ щапхъэхэу мы илъабжьэм къыщыгъэлъэгъуэжахэм гулъытэ яхуэтщlынщ:

- «*Гуе*гъэчын - *Гуе*гъэчэн» → **«абы** ар абыхэм абыхэм *гуарай*гъэч – *гуарай*гъэчащ; **абы** ар абыхэм абыхэм *гуарай*гъачэ – *гуарай*гъэчащ» → **«*Гуре*гъэчын/*Гури*гъэчын – *Гуре*гъэчэн/*Гури*гъэчэн»**.

- Мыбы нэмыщl, *″дополненэ″ зиlэу лажьэ ″lуэху занщlэ глагол″*хэм я лэжьэкlэхэм хиубыдэ *″щlыпlэ″* лъытэ *″дополненэ″*р *″объектив″*у –икlи *″щхьэ закъуэ″*уи- зэрыщытынур гурыlуэгъуэщи, ар ″щlыпlэ″ лъытэу щымытрэ *зы гуэр* е *цlыху нэрыбгэ*у щытмэ, зэхъуэкlыныгъэ гуэрхэр утыку къызэрихьэнури гурыlуэгъуэнщ. Икlи, *″префиксиал глагол″*хэм я *лэжьэкlэ*нур *″префикс″*ымрэ *″глагол″* мыхьэнэм *елъыта*уэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, *″щlыпlэ″* лъытэ *″дополненэ″*м ипlэ *зы гуэр*рэ *цlыху нэрыбгэ* лъытэфын папщlэ, *таблицэм къыщыта ″lуэху префиксиал глагол″*хэм я *глагол мыхьэнэ*мрэ я *″префикс″*хэр мыпхуэдэ лэжьэкlэм хуэигъуэни хуейщ. Ипэкlэ таблицэм къыщыта *″lуэху префиксиал глагол″* щапхъэхэм мыпхуэдэхэр яхэтщи, мыбыхэм я *лэжьэкlэ*хэу зы *гуэр*рэ зы *цlыху нэрыбгэ* лlэужьыгъуэ *″дополненэ″* зэрыхиубыдэ *щапхъэхэ*ри яхэтщ. Икlи, *″lуэху″*р зытеухуэ *″дополненэ″*р (дополненэ-1) зы *гуэр* е *цlыху нэрыбгэ*у щытмэ, *″хьэрычэт″*ыр мыпхуэдэ *″дополненэ″хэм хуэкlуэ*рэ (хуэ) *хуэгъэза*уэ (къ, н) зэрылъытэнури гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, мы ипэкlэ къэтауэ зи гугъу тщlы *глагол лэжьэкlэ щапхъэхэ*у, *″lуэху″*р зытеухуэ *″дополненэ″*у *зы гуэр* (*″объектив″* лlэужьыгъуэ) е *цlыху нэрыбгэ* (*″субъектив″* лlэужьыгъуэ)

зыхэзыубыдэ щапхъэхэр -мы къэтlуэтахэри зэрыхэлъытэжу- мыбдежым аргуэру къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

*"Гуе*гъэшэн – *Гуе*гъэшын" глагол *лэжьэклэ* щапхъэхэмрэ къатехъукl *глаголыщлэ*хэр:
- «**абыхэм** ахэр фэ сэ в*гурыз***а**гъашэ/*ны*в*гурыз***а**гъашэ(хэ)/*къы*в*гурыз***а**гъашэ(хэ) – в*гурыз***а**гъэша(хэ)щ/*ны*в*гурыз***а**гъэша(хэ)щ/*къы*в*гурыз***а**гъэша(хэ)щ» → «***Гуре*гъэшэн/*Ныгуре*гъэшэн/*Къыгуре*гъэшэн – *Гури*гъэшэн/*Ныгури*гъэшэн/*Къыгури*гъэшэн»;
- «**абыхэм** фэ абыхэм сэ фы*гуарыз***а**гъэш/фы*ныгуарыз***а**гъэш/фы*къыгуарыз***а**гъэш – фы*гуарыз***а**гъэшащ/фы*ныгуарыз***а**гъэшащ/фы*къыгуарыз***а**гъэшащ» → «***Гуре*гъэшын/*Ныгуре*гъэшын/*Къыгуре*гъэшын – *Гури*гъэшын/*Ныгури*гъэшын/*Къыгури*гъэшын».

- Мы къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, глагол лэжьэклэхэр къызэрыlуатэ *псалъэухыгъэ*хэм *"дополненэ"* къалэн зиlэу хиубыдэ *"щхьэ"*хэр -"щхьэ цlэпапщlэ"хэр- *"lуэху"* лlэужьыгъуэхэщ. Ауэ, ипэкlи щыгъуазэ дызыхуэхъуащи, *"субъектив* дополненэ"хэр *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*хэм зэрыхиубыдэ щlыклэхэр зэщхьэщокlыр: «*"lуэху"*м пыщlарэ *зытеухуэ* **"дополненэ-1"**р **"lуэху"** лlэужьыгъуэ хиубыдэ щхьэ, *"субъект"*ым и *унафэ*м *щlэт*у *"lуэху"*р *зыгъэзащlэ*у **"субъект къуэдзэ"**уи лъытапхъэ *"***дополненэ-2***"*р **"езырыж"** лlэужьыгъуэущ *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*м зэрыхиубыдэр.

- **"Субъектив щхьэ"** лlэужьыгъуэу **"субъект къуэдзэ"**уи тлъыта **"дополненэ-2"**р **"езырыж"** лlэужьыгъуэу зэрыщытыр *занщlэу зыхэплъагъуэ "глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"*ри яхэтщ ипэкlэ къэта *таблицэ*ми, ахэр мыбдежым къыщыдгъэлъагъуэу аргуэру гулъытэ яхуэтщlынщ:

- «*Щlе*гъэтхъун - *Щlе*гъэтхъуэн» → «**фэ** ахэр абы дэ *щlырыды***в**огъэтхъу(хэ) – *щlырыды***в**гъэтхъуа(хэ)щ; **фэ** ахэр абы дэ *щlырыды***в**огъатхъуэ(хэ) – *щlырыд***в**гъэтхъуа(хэ)щ» → «***Щlыре*гъэхун/*Щlыри*гъэхун – *Щlыре*гъэхуэн/*Щlыри*гъэхуэн».

- Мыбыхэм нэмыщl, *таблиэ*м хиубыдэ щапхъэхэу **"ире/ири"** формэ **префикс**иалу зэпкъырыуваУэ къэдгъэлъэгъуа *"глагол лэжьэклэ*у *ухуа псалъэ"*хэм "щхьэ"хэр **"субъект**, объект, дополненэ" къалэнкlэрэ *зэрыхиубыдэ*рэ *щыхиубыдэ*хэри мыбдежым къыщыхэгъэщынри игъуэщ. Икlи, *"р"ыклэ*рэ мы *"префикс зэпыщla"*м *ипэ* къихуэ *lыхьэ*р *lуэхур зэрыгъэзащlэ*м теухуа *кондицэ*хэр зэрылъытэрщи, нытlэ, *глагол*ыр *"инфинитив"*у зэрыухуа *"префикс"*хэмрэ я *лэжьэклэу* къищтэ *игъуэ "префикс"*хэри мыбдежращ -*"р"ым ипэ*ращ- щылъытэнур. Нытlэ, *"ире/ири"* формэ *префис зэпыщла*м хиубыдэхэр зэры*зэпыщлэ*р **"р"**щи, абы **ипэ** къихуэ **lыхьэ**м япэрауэ "объект"ыр "езырыж" лlэужьыгъуэ **"щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ/лъытэ"**клэрэ лъыта нэужь, зи гугъу тщla *"префикс"*хэм (*"инфинитив глагол префикс"*рэ, *глагол лэжьэклэ*у "lуэху"р "дополненэ-1"м зэрытеухуэ *"щlыклэ"* лъытэ *"префикс"*) загъэлъагъуэри, мыбыхэм къыклэлъыклуэу "дополненэ-1"ри "lуэху" лlэужьыгъуэу **"щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ/лъытэ"**клэрэ мэлъытэр; **"р" нэужь lыхьэ**ми **"субъектив"** лlэужьыгъуэ *"субъект къуэдзэ"*у тлъыта "дополненэ-

2″р -зэрыжытlауэ- ″**езырыж**″ лlэужьыгъуэ **″щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″**у мэлъытэри, мыбы къыкlэлъыкlуэуи, *″глаголыпкъыщхьэ″*ри зи увыпlэ глагол **″субъект″**ыр **″lуэху″** лlэужьыгъуэ **″щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ/лъытэ″**у мэлъытэр. ″Объект″ыр *″объектив щхьэ куэдагъэ″*у щытмэ, *″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″* кlэухым ″хэ″уэ *зэрыхэлъытэ*фынури гурыlуэгъуэщ.

*

Ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, lуэху гъэзащlэкlэр зыр зым пыщlауэ зэрылъытэ *″ири/ире″ формэ префикс*хэр и кlуэцlкlэ *бэгъуэну зэрыхущlэкъу*нур гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, глагол лэжьэкlэу *″ири/ире″ формэ префиксиал*у ухуа *псалъэхэр ″инфинитив″у* зэрыухуэжу къытехъуклауэ къапытщэжа *″lуэху префиксиал глагол″* гуэрхэми я -″объектив″- *лэжьэкlэ* щапхъэ гуэрхэри *–″ирыри/ирыре″ префиксиал*у- зэрыухуауэ къэдгъэлъагъуэнщи, мыхэр *″инфинитив″*у зэрыухуэж *″lуэху префиксиал глагол″*хэм я *лэжьэкlэ*нухэри *еджакlуэхэм къахуэдгъэнэнщ*:

| |
|---|
| - «***lурегъэхьэн/lуригъэхьэн***» → «**абы** ар абы абы *lурыр***е**гъэхьэ – *lурыр***и**гъэхьащ» → «***lурыре*гъэхьэн/*lурыри*гъэхьэн»**. |
| - «***lурегъэчын/lуригъэчын – lурегъэчэн/lуригъэчэн***» → «**абы** ар абы абы *lурыр***е**гъэч – *lурыр***и**гъэчащ; **абы** ар абы абы *lурыр***е**гъачэ – *lурыр***и**гъэчащ» → «***lурыре*гъэчын/*lурыри*гъэчын – *lурыре*гъэчэн/*lурыри*гъэчэн»**. |
| - «***Къуре*гъэхун/*Къури*гъэхун – *Къуре*гъэхуэн/*Къури*гъэхуэн***» → «**абы** ар абы абы *къурыр***е**гъэху – *къурыр***и**гъэхуащ; **абы** ар абы абы *къурыр***е**гъахуэ – *къурыр***и**гъэхуащ» → «***Къурыре*гъэхун/*Къурыри*гъэхун – *Къурыре*гъэхуэн/*Къурыри*гъэхуэн»**. |

**″Дополненэ″ зимыlэу лажьэ ″lуэху занщlэ глагол″хэр ″гъэ″кlэрэ –е″ префиксиалрэ префиксыншэу- зэрыухуэрэ зэрылажьэхэм теухуауэ.**

Мы ипэкlэ ″дополненэ″ зиlэу лажьэ ″lуэху занщlэ глагол″хэр ″гъэ″ пэщlэдзэкlэ зэрыухуэм щыгъуазэ дыщыхуэхъуащи, дэтхэнэ зы ″lуэху глагол″ри зэрыгъэзащlэ щlыкlэм ипкъ зэриткlэ, ″lуэху″р *нэгъуэщlым егъэзэщlэн* щlыкlэу *″гъэ″ пэщlэдзэ*кlэ ухуэж *″lуэху глагол″*хэр нэхъ игъуэу *″е″ префиксиал*у зэрыухуэри къыдгурыlуащ. Ауэ икlи, ипэкlэ къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, *″гъэ″ пэщlэдзэ*кlэ *″е″ префиксыншэ*у *ухуэфхэри нэхъыбэу ″щlынlэ″* лlэужьыгъуэ *″префикс″*кlэ ухуа *″lуэху префиксиал глагол″*хэрауэ зэрыщытри гулъытапхъэщи, мы илъабжьэм мыпхуэдэхэми щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

Нытlэ, мыри ди гурыlуэгъуэу, *″гъэ″ пэщlэдзэ*кlэ *зэрыухуэ*нум щыгъуазэ дыхуэхъуну къытпэщыт мы *″дополненэ″ зимыlэу лажьэ ″lуэху занщlэ*

*глагол"*хэм япэрауэ *"е" префиксиал*у зэрыухуэрэ зэрылэжьэнум деплъыныр игъуэщ.

Икlи, ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *"префикс" нэхъыбэ*мкlэ *глагол лэжьэкlэ*хэм *"дополненэ"* зэрыхэлъытэр гурыlуэгъуэщи, нытlэ, *"екlуэлlэн"*ыгъэ зылъытэ "е (иэ)" *префикс*кlэ ухуэну *"lуэху префиксиал глагол"*хэми мы *екlуэлlэныгъэр зытеухуа –зэкlуалlэ- "дополненэ"* зэрыхэлъытэнури гурыlуэгъуэнщ.

Аращи, *"дополненэ" зимыlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*хэри *"гъэ" пэщlэдзэ*кlэ *"е" префиксиал*у зэрыухуэу утыку къихьэ *"lуэху префиксиал глагол"*хэм я лэжьэкlэхэми мы я *"е" префикс*ымкlэ лъыта *"дополненэ" зэрыхиубыдэ*нур гурыlуэгъуэщ. Ауэ икlи, *"гъэ" пэщlэдзэ*р "lуэху"р *нэгъуэщlым егъэзэщlэн* зэрылъытэрщи, *"е" префиксиал*уи ухуа *"lуэху префиксиал глагол"*хэм я *"объектив" лэжьэкlэ*нуми мы *екlуэлlэн*ыгъэр (е) *нэгъуэщlыр зэрегъэкlуалlэ*у (ире) зэрыхэлъытэнур -ипэкlи щыгъуазэ дызыхуэхъуауэ- гурыlуэгъуэщ.

*

Нытlэ, *"дополненэ" зимыlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"* гуэрхэр ***"гъэ"*** *пэщlэдзэ*кlэ ***"е" префиксиал***у зэрыухуэу утыку къихьэ ***"lуэху префиксиал глагол"***хэмрэ, ахэр ***"объектив"*** -"щхьэ" закъуэ- **защlэу** *зэрылажьэ щапхъэ*хэр къэдгъэлъэгъуэнщи, мы *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэри ***"инфинитив"***у зэрыухуэ ***"lуэху префиксиал глагол"***хэри къыпытщэжынщ:

| | |
|---|---|
| - Жьын → ***Е*гъэжьын** → | - «**абы** ар абы *ир***е**гъэжь – *ир***и**гъэжьащ» → «***Ире*гъэжьын/*Ири*гъэжьын»**; |
| - Зын → ***Е*гъэзын** → | - «**абы** ар абы *ир***е**гъэз – *ир***и**гъэзащ» → «***Ире*гъэзын/*Ири*гъэзын»**; |
| - Щын → ***Е*гъэщын** → | - «**абы** ар абы *ир***е**гъэщ – *ир***и**гъэщащ» → «***Ире*гъэщын/*Ири*гъэщын»**; |
| - Щэн → ***Е*гъэщэн** → | - «**абы** ар абы *ир***е**гъащэ – *ир***и**гъэщащ» → «***Ире*гъэщэн/*Ири*гъэщэн»**; |
| - Щlын → ***Е*гъэщlын** → | - «**абы** ар абы *ир***е**гъэщl – *ир***и**гъэщlащ» → «***Ире*гъэщlын/*Ири*гъэщlын»**; |
| - Щlэн → ***Е*гъэщlэн** → | - «**абы** ар абы *ир***е**гъащlэ – *ир***и**гъэщlащ» → «***Ире*гъэщlэн/*Ири*гъэщlэн»**. |

*"lуэху занщlэ глагол"*хэр *"гъэ" пэщlэдзэ*рэ *"е" префиксиал*у зэрыухуа *"lуэху префиксиал глагол"*хэм я *"объектив" защlэ лэжьэкlэ*хэрщ мы къэта щапхъэхэр. Нытlэ, къызытехъукlа *"lуэху занщlэ глагол"хэр "дополненэ" зимыlэ*рщи, мыхэрхэр *"гъэ" пэщlэдзэ*рэ *"е" префиксиал*у зэрыухуам

елъытауэ *лъыта "дополненэ"*щ мы къэта глагол лэжьэкlэ щапхъэхэм хиубыдэр. Зэрыгурыlуэгъуэу, **"гъэ" пэщlэдзэ**кlэ ухуэж глаголхэр *"субъект"*ым *"луэху"р –"*объект"ыр- **зыригъэзэщlэн**ур -дополненэ- зэрылъытэущ зэрылэжьэнури, нытlэ, мы къэта глагол лэжьэкlэ щапхъэхэм хиубыдэ "дополненэ"р **"субъект"**ым мы "lуэху"р -*еклуэлlэн*кlэрэ (е: иэ)- *зыригъэзэщlэну* щытрэ *"субъект къуэдзэ"*уи лъытапхъэращ. "Гъэ" пэщlэдзэрэ "е" префиксиалу ухуа мы "lуэху префиксиал глагол"хэм мы я *"объектив" защlэ лэжьэкl*эхэри *"ире/ири" префикс*кlэрэщ зэрыухуари, *"субъект"ым "объект"ыр* нэгъуэщl гуэрым -*"дополненэ"м- иригъэзэщlэну* зэрыщытыр мы *зэрызэпыщlа* щlыкlэу *зылъыт*эри *"ире/ири" префикс*ращ.

Нытlэ, мы я "объектив" защlэ лэжьэкlэхэм нэмыщl, *"дополненэ" зимылэу лажьэ "луэху занщlэ глагол"*хэр **"гъэ"** *пэщlэдзэ*кlэ **"е" префиксиал**у зэрыухуа мы **"lуэху префиксиал глагол"**хэр **"объектив"**рэ **"субъектив"**у зэмылlэужьыгъуэ **"щхьэ"**хэр –**"субъект**, объект, дополненэ" къалэнкlэрэ- зэры*хиубыдэ*у *зэрылажьэ щапхъэ*хэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщи, мыбыхэм **"инфинитив"**у къатехъукl **"lуэху префиксиал глагол"**хэри къапытщэжынщ:

| | |
|---|---|
| Жьын → ***Е*гъэжьын** → | - «**сэ** ар уэ **уз**огъэжь – уэ**з**гъэжьащ» «***Е*гъэжьын»**; |
| Зын → ***Е*гъэзын** → | - «**уэ** ар дэ ды**б**огъэз – дэ**б**гъэзащ» → «***Е*гъэзын»**; |
| Щын → ***Е*гъэщын** → | - «**фэ** ахэр абыхэм **я**вогъэщ(хэ) – **я**вгъэща(хэ)щ» → «***Е*гъэщын»**; |
| Щэн → ***Е*гъэщэн** → | - «**уэ** дэ абы ды**б**огъащэ – де**б**гъэщащ» → «***Е*гъэщэн»**; |
| Щlын → ***Е*гъэщlын** → | - «**абыхэм** ахэр абыхэм *ир*а**й**гъэщl(хэ) – *ир*а**й**гъэщla(хэ)щ» → «***Ире*гъэщlын/*Ири*гъэщlын»**; |
| Щlэн → ***Е*гъэщlэн** → | - «**абы** фэ абыхэм фы*р*а**й**гъащlэ – фы*р*а**й**гъэщlащ» → «***Е*гъэщlэн»**. |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр:**

- Япэрауэ, *"е" префиксиал глаголхэр "объектив щхьэ"*хэм я *зэхуакум зэрыдэлэжьыхь*ыр *"ире/ири" префиксиал*у ухуа *псалъэ*хэмкlэ къызэрыlуатэм ипэкlи щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, мы ипэкlэ глаголыр "объектив субъект щхьэ куэдагъ"кlэ зэрылажьэу зытеухуэ "дополненэ"ри *"объектив щхьэ куэдагъ"*у зыхэлъытэ псалъэхэр зэрызэпкъырыувэрэ къэlукlэу игъуэт лъагъуэри зыхэплъагъуэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

| |
|---|
| «**абыхэм** ахэр абыхэм ирагъэщl(хэ) ← "ира**й**гъэщl(хэ)" {← "ира**эйа**-гъэ-щl-(хэ)"}. |

- Ауэ, *"субъектив щхьэ"*хэм я *зэхуакум* къыдэхъухь зэпыщlэныгъэхэр *ире/ири" формэ хуэмыныкъуэ*у къызэрыlуатэрэ гурыlуэгъуэи зэрыхъур мы къэта щапхъэхэми хыболъагъуэр:

| |
|---|
| « **фэ** ахэр абыхэм **я**вогъэщ(хэ) – **я**вгъэща(хэ)щ». |

- *"Гъэ" пэщlэдзэ*рэ *"е" префиксиал*у ухуа мы *"lуэху префиксиал глагол"*хэм я *лэжьэкlэ*хэм **"субъект"**ым "объект"ыр *зыригъэзащlэ*у *"субъект къуэдзэ"*уи лъытапхъэ "дополненэ"р -ипэкlи "дополненэ-2" къалэн зиlэу зи гугъу тщlар- *"объектив щхьэ"*уэ щытмэ, *псалъэухыгъэм* зэрыхиубыдэм хуэдэу "lуэху" лlэужьыгъуэущ *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэми *зэрыхэлъыт*эр - *"объектив щхьэ цlэпапщlэ лъытэ"*ущ. Мыпхуэдэ зы щапхъэрщ мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжри, нытlэ, глагол **"субъект"**ыр *"субъектив щхьэ"*уэ зэрыщытымрэ *"объектив щхьэ"*уэ зэрыщытыр *зэлъытэн* папщlи, *лэжьэкlиmlр*и къэдгъэлъэгъуэнщ:

- «**уэ** дэ абы ды**б**огъащэ – д**е**гъэщащ»;
- «**абы** ар абы *ир***е**гъащэ – *ир***и**гъэщащ».

- "Субъект"ыр "субъектив"рэ "объектив"у дауи щырет, "**дополненэ**"р **"субъектив щхьэ"**уэ щытмэ, *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*м **"езырыж"** лlэужьыгъуэу зэрыхиубыдэр мы ипэкlэ къэта щапхъэхэм хыболъагъуэри, мыпхуэдэ щапхъэхэр мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

- «**сэ** ар уэ у**з**огъэжь – уэ**з**гъэжьащ»;
- «**уэ** ар дэ ды**б**огъэз – дэ**б**гъэзащ».

*

Ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *"е"*рэ *"ире/ири"* префиксхэр *"щlыкlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"*хэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщи, мы зи гугъу тщlа глаголхэр нэгъуэщl *"щlыкlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"*хэмкlи *"lуэху префиксиал глагол"*у зэрыухуэфынухэри гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, кlыхь дымыщlын папщlэ, мыпхуэдэ щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнкъым.

Нытlэ, мыбдежым мы глаголхэр *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"*кlэрэ *зэрылажьэ*рэ *"инфинитив"*уи *"lуэху префиксиал глагол"*у зэрыухуэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Икlи, **"гъэ" пэщlэдзэ**у **"е" префиксыншэ**у **ухуэф**ыну глаголхэри *нэхъыбэ*у **"щlыпlэ"** лlэужьыгъуэ **"префикс"**кlэ ухуа **"lуэху префиксиал глагол"**хэрауэ зэрыщыту ипэкlэ гулъытэ зыхуэтщlари мыбдежым дигу къыщыдгъэкlыжынщ.

Ипэкlэ *"гъэ" пэщlэдзэ*у ухуа глаголыр *гъэзэщlэн*кlэ *нэгъуэщlыр хуит щlын*рэ *нэгъуэщlым егъэзэщlэн*рауэ зэрыщытыр щыжытlагъащ; икlи, *"lуэху глагол"* лэжьэкlэри *"субъект"*ыр *"lуэху"*м *екlуалlэ*рэ (е: иэ) *иджэ*у (и) зэрыщытри (е: иэй) гурыlуэгъуэщ. Ауэ икlи, *"гъэ" пэщlэдзэ*кlэ *"субъект"*ым *"lуэху"*р *нэгъуэщlым егъэзэщlэн* щlыкlэу ухуэну глаголри "е" префиксиалу зэрыухуэнур гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэ глаголри *"субъект"ым "lуэху" зыригъэзащlэ*р –"субъект къуэдзэ"у- "дополненэ"у зэрылъытэу зэрылэжьэнур гурыlуэгъуэщ; - икlи, мыпхуэдэ глаголыр

*"объектив" защlэ лэжьэкlэ*у *"ире/ири"* формэ *префиксиал*у *къызэрыlуатэ*ри гурыlуэгъуэнщ.

Мыхэр ди гурыlуэгъуэу, мыбдежым зи гугъу тщlыр **"гъэ" пэщlэдзэ**рэ **"е" префиксыншэ**у ухуэ глаголхэрщи, нытlэ, мыпхуэдэу ухуа глаголри *"субъект"*ым *"lуэху"*р *нэгъуэщlым егъэзэщlэн щlыкlэу* зэры*мылэжьэн*урэ икlи "объектив" защlэуи "ире/ири" префиксиалу къызэрымыlуэтэнур наlуэщ. Ауэ икlи, мыбдежым зи гугъу тщlыр *"щlыпlэ" lупщ* лъытэ *"префикс"*кlэ ухуа *"lуэху префиксиал глагол"*хэрщи, нытlэ, мы *глагол*хэм я *лэжьэкlэ*нур **"субъект"**ым *lуэхур* –"объект"ыр- мыпхуэдэ *"щlыпlэ"м* - "дополненэ"- теухуауэ **игъэзащlэ**у (пп: «*гу*эгъэщlын: **абы** ар абы *гу***е**гъэщl – *гу***и**гъэщlащ») къызэрыlуэтэнур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, мы *"щlыпlэ" lупщl*ыр зы "щlыпlэ"у зэрыщытым нэмыщl, *зы гуэр* е *нэрыбгэ*м теухуауи лъытэфынщ. *Зы гуэр*ым е *цlыху нэрыбгэ*м теухуауэ щылажьэм дежи, мы *"дополненэ"* лlэужьыгъуэхэм *хуэкlуэ*рэ (хуэ) *хуэгъэза*уэ (къ, н) къызэрыlуэтапхъэри гурыlуэгъуэщ (пп: «**абы** ар сэ з*гу*егъэщl/*къыз**гу***егъэщl – з*гу***и**гъэщlащ/*къыз**гу***и**гъэщlащ). Икlи, зы глаголыр *цlыхум теухуэ*у – *субъектив дополненэ*- къызэрыlуэтэфынынури а *глагол мыхьэнэ*мрэ *префикс*ым зэр*елъыта*ри гурыlуэгъуэнщ.

Мыхэри къыхэдгъэща нэужь, *"дополненэ" зимыlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*хэр **"щlыпlэ"** лlэужьыгъуэ **"префикс"**хэмкlэ **"гъэ" пэщlэдзэ**у -**"е" префиксыншэ**у- зэрыухуэ **"lуэху префиксиал глагол"**хэмрэ, я *лэжьэкlэ* щапхъэхэр –**"субъект**, объект, дополненэ" къалэн зиlэ *"щхьэ"*хэр *"объектив"*рэ *"субъектив"*у зэмылlэужьыгъуэу зэрыхиубыдэу-къэдгъэлъэгъуэнщи, мыпхуэдэу ухуа псалъэхэри **"инфинитив"**у зэрыухуэ **"lуэху префиксиал глагол"** щапхъэхэри къыпытщэжын:

| | |
|---|---|
| - Жьын → ***l*угъэжьын** → | - «**абы** ар абы *l*у**е**гъэжь – *l*у**и**гъэжьащ» → **«*lуе*гъэжьын*/lуи*гъэжьын»**; |
| - Зын → ***Къуэ*гъэзын** → | - «**абы** ар сэ с*къу***е**гъэз/*къыз**къу***е**гъэз – с*къу***и**гъэзащ/ *къыз**къу***и**гъэзащ» → **«*Къуе*гъэзын/*Къуи*гъэзын»**; |
| - Щын → ***Хэ*гъэщын** → | - «**абыхэм** ахэр абыхэм *хыр***а**йгъэщ(хэ) – *хыр***а**йгъэща(хэ)щ» → **«*Хе*гъэщын/*Хи*гъэщын»**; |
| - Щэн → ***Гуэ*гъэщэн** → | - «**дэ** ар абыхэм *гу***а**догъащэ – *гу***а**дгъэщащ» → **«*Гуэ*гъэщэн»**; |
| - Щlын → ***Дэ*гъэщlын** → | - «**сэ** ахэр уэ б*ды***з**огъэщl(хэ)/ *ны*б*ды***з**огъэщl(хэ)/*къы*б*ды***з**огъэщl(хэ)» → ***Дэ*гъэщlэн/ *Ныдэ*гъэщlэн/*Къыдэ*гъэщlэн»**; |
| - Щlэн → ***Пы*гъэщlэн** → | - «**фэ** ар сэ с*пы***в**огъащlэ/*къыс**пы***в**огъащlэ – с*пэ***в**гъэщlащ/*къыс**пэ***в**гъэщlащ» → ***Пы*гъэщlэн/** |

| | |
|---|---|
| | ***Къыпы*гъэщlэн»**. |

Мы къэта *глагол лэжьэклэ*хэмрэ *"инфинитив"*у къатехъукl *глагол*хэр –я *"субъект"рэ "дополненэ"м елъыта*уэ- зэщхьэщыкl *"префиксиал"*у зэрыухуахэр нэрылъагъущ. Аращи, *"объектив"* лlэужьыгъуэ *"субъект"*хэм теухуа лэжьэклэхэр *"е" префиксиал*у зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, абыхэм *"инфинитив"*у къатехъукl *глагол*хэри *"е" префиксиал*уи ухуапхъэхэрщ. Ауэ, *"субъектив"* лlэужьыгъуэ *"субъект"*хэм теухуа лэжьэклэхэр *"*е*"* префиксилу ухуэкъыми, зытеухуэ *"дополненэ"р "объектив"мэ*, *зи лэжьэклэ глагол*ыр зэхъуэклкъым; зытеухуэ *"дополненэ"р "субъектив"мэ*, зэрыигъуэклэрэ *"къ, н" префикс*хэмклэ ухуа *"инфинитив глагол"*хэрщ утыку къихьэр. Ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *глагол*ыр *"инфинитив"*у *"е" префиксиал*у ухуауэ щытми, *"субъектив щхьэ"*хэм я *зэхуакум щызеклуэ* lуэхур зэрыхуэгъэзар зэрылъытэ *"къ, н" префикс*хэри *"е" префиксым инлэ* зэриувэр гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщщи, мы ипэклэ *зэмылlэужьыгъуэ "префикс"*хэмклэ къэlуэта *псалъэхэр "инфинитив"у зэрухуэжу* утыку къихьа *"lуэху префиксиал глагол"*хэр зэрыщыту *"е" префиксиал*уи зэрыухуэж *"lуэху префиксиал глагол"*хэмрэ я *лэжьэклэ* щапхъэхэри - *"ире/ири"* формэ *"префиксиал"*у зэрыухуэрэ, *"субъект къуэдзэ"*уи лъытапхъэу аргуэру зы *"дополненэ"*и –ар *"субъектив* дополненэ*"*мэ езырыж*"*у- зыхэзыубыдэ *"глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"*хэри къэдгъэлъагъуэнщ; икlи, мыбыхэми *"инфинитив"*уи къатехъукl *"lуэху префиксиал глагол"*ыщlэхэри къапытщэжынщи, мыбыхэм я *лэжьэклэ*хэр ахэр къызытехъукlауэ *ипэклэ къэта лэжьэклэ*хэм *зэщхьэщыклы*ми гулъытэ яхуэтщlынщ. Зэрыжытlауэ, мы *глагол лэжьэклэхэм "*дополненэ*"* лlэужьыгъуэу ***"*субъект къуэдзэ*"***у хиубыдэр ***"*субъектив щхьэ*"***уэ щытмэ, *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*хэм ***"*езырыж*"***у зэрылъытэми гулъытэ яхуэтщlыу, мыпхуэдэ *псалъэ*хэм щыщ *гуэрхэри зэрызэпкъырыха* щlыклэри *"*(..)*"*м дэту къыпытщэжынщ:

| | |
|---|---|
| Жьын → ***lуе*гъэжьын** → | - «**абы** ар абы абы *lур***е**гъэжь – *lур***и**гъэжьащ» → «***lуре*гъэжьын/*lури*гъэжьын»**; |
| Зын → ***Къуе*гъэзын** → | - «**абы** ар сэ фэ с*къурыв***е**гъэз/*къызкъурыв***е**гъэз (*къы-з-къуры-*вы-**е-**гъэз) – с*къурыв***и**гъэзащ (с-*къуры-*вы-**и-**гъэ-зы-а-щ)/ *къызкъурыв***и**гъэзащ» → «***Къуре*гъэзын/*Къури*гъэзын»**; |
| Щын → ***Хе*гъэщын** → | - «**абыхэм** ахэр абыхэм абыхэм *хар***а**йгъэщ(хэ) – *хар***а**йгъэща(хэ)щ» → «***Хыре*гъэщын/*Хыри*гъэщын»**; |

| | |
|---|---|
| Щэн → ***Гуе*гъэщэн** → | - «**дэ** ар абыхэм уэ *гуарыуд*огъащэ (*гу*-а-*ры*-у-**д**-о-гъа-щэ) – *гуарыуэд*гъэщащ (*гу*-а-*ры*-уэ-**д**-гъэ-щэ-а-щ)» → «***Гуре*гъэщэн/*Гури*гъэщэн»**; |
| Щlын → ***Де*гъэщl*ын*** → | - «**сэ** ахэр уэ абыхэм *бдыра*зогъэщl(хэ)/ *ны**бдыра**з**о*гъэщl(хэ)/*къы**бдыра**з**о*гъэщl(хэ)» → ***Дыре*гъэщlэн/*Ныдыре*гъэщlэн/*Къыдыре*гъэщlэн»**; |
| Щlэн → ***Пе*гъэщl*эн*** → | - «**фэ** ар сэ абы *спыры***в**огъащlэ/*къыспыры***в**огъащlэ – *спыре***в**гъэщlащ/*къыспыре***в**гъэщlащ» → ***Пыре*гъэщlэн/ *Къыпыри*гъэщlэн»**. |

**Зэмылlэужьыгъуэ "lуэху занщlэ глагол"хэр "гъэ"бэ –пп: "гъэгъэ"-пэщlэдзэкlи "е" префиксиалу зэрыухуэрэ зэрылажьэхэм теухуауэ.**

Мы ипэкlэ *"гъэ" пэщlэдзэ*рэ *"е" префиксиал*у ухуэ *"lуэху префиксиал глагол"*хэмрэ *я лэжьэклэу* утыку къихьэ *"ире/ири" формэ "префикс"*кlэ ухуа *псалъэ*хэр икlи мы псалъэхэри *"инфинитив"*у *зэрыухуэ "lуэху префиксиал глагол"*хэм щыгъуазэ зыхуэхъуу, мыбыхэми *"ирыре/ирыри" префиксиал*у я *лэжьэклэ*нуми гулъытэ яхуэтщlащ. Мы щыгъуазэрэ гулъытэ зыхуэтщlахэм къызэрыдгурагъаlуэрщи, *адыгэбзэ*м мыпхуэдэ *глаголхэм я лэжьэклэ*хэм –мы *"ире/ири" формэ "префиксиал" псалъэ*рэ *глагол* ухуэныгъэм- *теорикэу зэрызыубгъуэф*ынур гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, мыпхуэдэу ухуэ *псалъэхэм*рэ *хиубыдэхэм я зэхущытыклэ*рэ я *зэпыщlэныгъэ*хэр сыт щыгъуи *зэхэгъэкла*рэ наlуэу *къэlуэтапхъэ*рэ *зыгурыгъэlуапхъэ*у зэры*щымытыфын*ури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, *адыгэбзэм и лэжьэклэнум клэ имылэу* лъытапхъэ щхьэ, *дэтхэнэ и зы лэжьэклэфынур –практикэу- бзэм щызеклуэгъуей*уэ зэрыщытынур жыlэпхъэщ.

Мыпхуэдэщ *"субъект"ым lуэхур нэгъуэщlым зэрыригъэзащlэ* щlыкlэу мы ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа *"гъэ" пэщlэдзэрэ "е" префиксиал*у ухуэ *глаголхэм я лэжьэклэ*хэри, икlи, ***"субъект"ым lуэхур зыригъэзащlэ***у *"*субъект къуэдзэ*"*уи тлъытами мы *"lуэху"р -аргуэру- нэгъуэщl гуэрым – "субъект къуэдзэ"ми и "*къуэдзэж*"*ым- **зэрыригъэзащlэ** *глагол лэжьэклэ*у ***"гъэгъэ" пэщlэдзэ**рэ **"е" префиксиал**у къызэрыlуэтэфынури гурыlуэгъуэнщи, *"префикс"* лlэужьыгъуэ ***"ире/ири"*** формэри *"ирыре, ирырыре,..."*уэ зэры**бэгъуапхъэ**у *псалъэ*рэ *глаголхэ*ри зэрыухуэфынури гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, *гъэзащlэ lуэхум хиубыдэ*хэм я *зэлъытэныгъэ*рэ **зэпыщlэныгъэбэ**р сытым щыгъуи *гулъытэгъуафlэ*рэ **гурыlуэгъуафlэ**у

зэры**мыхъуфын**ури гурыlуэгъуэнщ. Араща, *къэхъу-къэщlыгъуэ*рэ *lуэху къеклуэкlыкlэ*у *илъытэфыну*хэмрэ я *зэпыщlэныгъэ*кlэрэ утыку къилъхьэным теухуауэ *адыгэбзэр логие* лlэужьыгъуэу *лъэщ*щ, ауэ, *къulуатэр зыгурыlуэнурэ зэхэзыхунуращ зыпэплъэр*.

Дауи, мы къыхэдгъэщахэми гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlыу, мы ипэкlэ къэта глагол лэжьэкlэхэмрэ глаголыщlэхэу ухуапхъэхэм къызэрыпыщапхъэу, мыбдежми **"гъэгъэ" пэщlэдзэ**рэ **"е" префиксиал**у ухуэ **"lуэху префиксиал глагол"**хэмрэ я **лэжьэкlэ**хэм хиубыдэ *"щхьэ"*хэри -**"субъект**, объект, дополненэхэу {*"щlыпlэ"* лъытэу "дополненэ-1; *"субъект къуэдзэ"*рэ (дополненэ-2) абыи *и "къуэдзэж"*у (дополненэ-3)}- *"объектив"*рэ *"субъектив"*у зэмылlэужьыгъуэу *зэрыхиубыдэ къэlуэтэкlэ*хэри **псалъэухыгъэ**рэ **"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"** щапхъэхэу къэдгъэлъэгъуэнщи, я *къэlуэтэкlэ*рэ *зэпкъырыувэкlэ*хэми *щыгъуазэ* дыхуэхъунщ; мыбыхэми *"инфинитив"*у къатехъукl *глагол* лlэужьыгъуэ щапхъэхэри къапыщэжынщ... мы *лъагъуэм къызэрыпыщэну*ми гулъытэ хуэтщlынщ:

| | |
|---|---|
| Фын → Гъэфын/*Е*гъэфын<br>→ ***Е*гъэгъэфын** → | - «**абы** ар абы абы абы *ир***е**гъэгъэф – *ир***и**гъэгъэфащ» → «***Ире*гъэгъэфын/*Ири*гъэгъэфын»**;<br>- «**фэ** ахэр абыхэм сэ язы**в**огъэгъэф(хэ)/ *я*ры**зы**вогъэгъэф(хэ) – язэ**в**гъэгъэфа(хэ)щ/ *я*ры**зэв**гъэгъэфа(хэ)щ» → «***Е*гъэгъэфын/*Ире*гъэгъэфын/*Ири*гъэгъэфын»**. |
| ---------- | ---------- |
| Кlуэн → Гъэкlуэн/*Е*гъэкlуэн<br>→ ***Е*гъэгъэкlуэн** → | - «**абы** ар абы абы абы *ир***е**гъэгъакlуэ - *ир***и**гъэгъэкlуащ» → «***Ире*гъэгъэкlуэн/*Ири*гъэгъэкlуэн»**;<br>- «**абыхэм** сэ абыхэм фэ абыхэм с*а*ху*ны*вр**а**йгъэгъакlуэ – с*а*ху*ны*вр**а**йгъэгъэкlуащ» → «***Хуныре*гъэгъэкlуэн/*Хуныри*гъэгъэкlуэн»**. |
| Щlын → *Е*гъэщlэн<br>→ ***Е*гъэгъэщlэн** → | - «**абы** ар абы абы *ир***е**гъэгъэщl – *ир***и**гъэгъэщlащ» → «***Ире*гъэгъэщlын/*Ири*гъэгъэщlын»**;<br>- «**фэ** ахэр абыхэм сэ язы**в**огъэгъэщl(хэ)/ *я*ры**зы**вогъэгъэщl(хэ) – язэ**в**гъэгъэщla(хэ)щ/ *я*ры**зэв**гъэгъэщla(хэ)щ» → «***Е*гъэгъэщlэн/*Ире*гъэгъэщlын/*Ири*гъэгъэщlын»**. |
| ---------- | ---------- |
| Хьын → *Е*гъэхьын<br>→ ***Е*гъэгъэхьын** → | - «**абы** ар абы абы абы *ир***е**гъэгъэхь – |

| | |
|---|---|
| | *ир***и**гъэгъэхьащ» → **«*Ире*гъэгъэхьын/*Ири*гъэгъэхьын»**;<br>- «**абыхэм** сэ абыхэм фэ абыхэм са*хуны*в*р*а**й**гъэгъэхь – са*хуны*в*р*а**й**гъэгъэхьащ» → **«*Ире*гъэгъэхьын/ *Ири*гъэгъэхьын»**. |

## ЗЭРЫУХУАГЪЭХХЭУ ″lУЭХУ ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ″ УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭМ ТЕУХУАУЭ

*″Занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэхэр *кондицэ* гуэрхэм елъытауэ зэрылажьэрэ *″префиксиал глагол″*у зэрыухуэжхэм *къыклэлъыклу*эу утыку къихьэ *″префиксиал глагол″*хэу лъытапхъэщ мыбдежым зи гугъу тщlынухэри, нытlэ, мыхэр *ухуагъэххэ*рэ бзэм хэлэжьыхьу щыт *глагол*хэм ижькlэ *″префикс″* къызэращтэу *къатехъукl ″префиксиал глагол″*хэркъым. Аращи, *″глагол″*у *зэрыухуэ щlыклэр ″префиксиал″*у щыт *″lуэху префиксиал глагол″*хэрщ: *зэрыухуагъэххэу ″lуэху префиксиал глагол″*хэрщ.

Мы зэрыжытlауэ, утыку ит глаголхэм я лэжьэкlэхэм е зы ″хьэрычэт″ыр ″кондициал″у зэрылъытэу утыку къихьа псалъэхэм -глагол лэжьэкlэхэм-къытехъукlа глаголхэркъым мы зи гугъу тщlыну ″префиксиал глагол″хэр. Нытlэ, **″lуэху″** лlэужьыгъуэ **″глаголыпхъэ″**у лъытапхъэ зы *макъ* е *макъ гуп*ым ипэ **″префикс″** къалэн зыгъэзащlэ зы *макъ* къыпыхьэу **″префиксиал″**у зэры*ухуагъэххэу* утыку къихьэ **″глагол″** лlэужьыгъуэхэрщ мыбдежым зи гугъу тщlыхэр. Ауэ икlи, къыхэгъэщыпхъэщ мыбдежми, мы зи гугъу тщlы глаголхэр **занщlэу** *″инфинитив″у* **зэрыухуагъэххэу ″lуэху префиксиал глагол″**у утыку къихьэфыну зэры*лъытапхъэ*хэм нэмыщl, икlи, зы *″хьэрычэт″ыр* **″глаголыпхъэ″**рэ -ипэ къихуа- **″префикс″**кlэ *къызэрыlуатэ*у **ухуагъэххэ псалъэр ″инфинитив″у зэрыухуэж**уи утыку къихьэхэри *зэрыухуагъэххэу ″lуэху префиксиал глагол″*хэуи лъытапхъэхэрщ. – Икlи, *япэу ″хьэрычэт″ зэрылъытэ ″псалъэ″*у ухуарэ, иужькlи, *мыр зи лэжьэклэ*у лъытэну - *″инфинитив″- ″lуэху префиксиал глагол″*ыр утыку къихьауэ лъытэныр нэхъ игъуэуи къыщlэкlынщ.

Мыбыхэм къыклэлъыклуэу къыпыщапхъэмэ, ″глаголыпхъэ″у щымытрэ **″глагол″** мыхьэнэи зиlэ *макъ* е *макъ гуп* гуэрхэми **″префикс″**кlэрэ **мыхьэнэщlэ** зиlэу *″префиксиал глагол″*хэри къытехъукlынщи, мыхэри **зэрыухуагъэххэу ″префиксиал глагол″**хэу зэрылъытэфынури гурыlуэгъуэнщ; икlи, *мыпхуэдэ*у утыку къихьа *зэрыухуагъэххэу ″lуэху*

*префиксиал глагол"*хэр *бзэм зэрыхэлэжьыхь* щIыкIэхэри мы ипэкIэ *зи гугъу тщIахэм хуэдэщ*.

Аращи, дауи иреухуэ, **зэрыухуагъэххэу ″префиксиал глагол″**щ мыхэри, *"инфинитив"*у *зэрызэпкъырылъыну*рэ икIи *зэрылэжьэну* щIыкIэхэри мы зэрыухуа щIыкIэу *"префиксиал"* лIэужьыгъуэщ; - **″префикс″ыншэ ухуэкIэ***рэ* **лэжьэкIэ яIэнкъым**. Араща, *зэрыухуагъэххэ*у *"префиксиал глагол"*хэр -″префиксыншэ″у- *"занщIэ глагол"у ухуэфынкъым* икIи ″префиксыншэ″ *лэжьэкIэ*и *яIэнкъым*. Ауэ, дэтхэнэ зы *зэрыухуагъэххэ "Iуэху префиксиал глагол"*ыр *зэрыухуа "префикс"ым итIэ нэгъуэщI "префикс" къивэуи зэпкъырыувэфынщ* икIи *лэжьэфынщ*; - дауи, и *"глаголыпкъ"*ыр –зэрыухуа *"глаголыпхъэ"*р- *"префикс"ыншэу лэжьэнкъым*.

Мыбдежым зи гугъу тщIы *зэрыухуагъэххэу "Iуэху префиксиал глагол"*хэм я **″префикс″**хэри **″щIыкIэ″**рэ **″щIыпIэ″** лIэужьыгъуэхэу зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщи, нытIэ, зэрыухуарэ я лэжьэкIэнухэми дыщыгъуазэу лъытапхъэмэ, -кIыхь дымыщIыу- мы илъабжьэм мыпхуэдэ щапхъэ гуэрхэми я гугъу тIщынкIэ зыхуридгъэкъунщ.

Япэрауи, *"абзсис"* зи мыхьэнэуэ зэрыщыткIэ *"щIыпIэ" универсал - мекан-* лъытэ *"и" префиксиал*у утыку къихьэ *зэрыухуагъэххэу "Iуэху префиксиал глагол"* щапхъэхэм къыкIэлъыкIуэу, мы я *"и" префикс*ым *итIэ "щIыпIэ" IупщI* лъытэ *"префикс"* гуэрхэр зэр*иувэу* утыку къихьэ *зэрыухуагъэххэу "Iуэху префиксиал глагол"*хэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

- *И*гуэн → «*Iу*гуэн, *къуэ*гуэн, *гуэ*гуэн, *хэ*гуэн, *дэ*гуэн, *щIэ*гуэн, *те*гуэн, *фIэ*гуэн, пыгуэн»;
- *И*куэн → «*Iу*куэн, *къуэ*куэн, *гуэ*куэн, *хэ*куэн, *дэ*куэн, *щIэ*куэн, *те*куэн, *фIэ*куэн, пыкуэн»;
- *И*кIэн → «*Iу*кIэн, *къуэ*кIэн, *гуэ*кIэн, *хэ*кIэн, *дэ*кIэн, *щIэ*кIэн, *те*кIэн, *фIэ*кIэн, *пы*кIэн»;
- *И*хын → «*Iу*хын, *къуэ*хын, *гуэ*хын, *хэ*хын, *дэ*хын, *щIэ*хын, *те*хын, *фIэ*хын, *пы*хын»;
- *И*лъхьэн → «*Iу*лъхьэн, *къуэ*лъхьэн, *гуэ*лъхьэн, *хэ*лъхьэн, *дэ*лъхьэн, *щIэ*лъхьэн, *те*лъхьэн, *фIэ*лъхьэн, *пы*лъхьэн».

Мы къэта щапхъэхэр зэрыухуарэ я лэжьэкIэнухэри гурыIуэгъуэщи, нытIэ, мыпхуэдэу *гурыIуэгъуафIэ*у *мылъытапхъэ*рэ икIи нэхъыбэуи *"щIыкIэ"* лIэужьыгъуэ *префиксиал*у ухуауэ езым хуэIуауи лъытапхъэ *зэрыухуагъэххэу "Iуэху префиксиал глагол"* щапхъэ гуэрхэри къэдгъэлъагъуэу, тежыIыхьыпхъэ гуэрхэри къахупытщэнщ.

*Зэрыухуагъэххэу "Iуэху префиксиал глагол"* лIэужьыгъуэ ***″еин″***ыр зэрыухуа *"е" префикс*ыр *екIуэлIэн*рэ (иэ) *джын* (и) зыхэзыубыдэ *"щIыкIэ"* лIэужьыгъуэ *"префикс"*щи (*е: "иэй"*), мыр *"у = х²* хуэдэ зы *функцэ*у,

къэзлэжьым и *лъэныкъуэ*мкlэ ебарэ -*"субъект"*ым- *къытеуплlэнщlэн* хущlэкъу зэрылъытэ *"префикс"*ырщ. Нытlэ, мы *"префикс"*ыр (е: иэй) *джыгъуэ* мыхьэнэ зиlэ *"и"*м ипэ къихуэу -и *"глаголыпкъ"*ыр *"и"*уэ-*зэпкъырыува* мы *"еин" глагол*ри (ей: "иэйй") *"у = х³"* хуэдэ *функцэ*у лъытапхъэщи, *къэзлэжьым* -"субъект"ым- *къытеуплlэнщlэн* щlыкlэ зэрылъытэрщ *"еин"* глаголыр.

Мы *"еин" глагол*ым и *мыхьэнэгъу*у лъытапхъэ ***"и*lэн"** глаголри *зы гуэрым зы гуэрыр зы "зэман пыухытыкlакlэ (лэ)" ейуэ щытын* хуэдэу къэlуэтапхъэу, е, *зы гуэрым зы гуэрыр "и лэ илъ"у щытын* хуэдэу къэlуэтапхъэу *зэрыухуагъэххэу "lуэху префиксиал глагол"*у лъытапхъэрщ. Икlи, *"абзсис"* лъытэу щыт *"и"* макъым игъэзащlэ *"префикс"* къалэныр *универсал* лlэужьыгъуэ *"щlыпlэ"* лъытэу зэрыщытым ипэкlэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъуам нэмыщl, *"щlыпlэ"* лъытэ *"префикс"*хэр икlи *зы гуэр*рэ *цlыху нэрыбгэ*м теухуэуи бзэм зэрыхэлэжьыхьми -ар дыдэу- щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, мыри *"ulэн" глагол*ым и *мыхьэнэ*уэ мы ипэкlэ къэтlуэтахэми зэрезэгъри наlуэщ. Ауэ икlи, *"и" мак*ъыр икlи *зы гуэр*рэ *цlыху нэрыбгэ*м теухуа *"объектив еиныгъэ цlэпащlэ"*уи лъытапхъэщи (пп: "абы *и* lуэху"), *"ulэн"* глаголым и *"префикс"*у щыт *"и"*м мыри хэлъэгъуапхъэщ. Мы къэтlуэтахэр ди гурыlуэгъуэу тlэ, *глаголыпхъэ "lэ"*м ипэ къихуэ *"и" префикс*кlэ ухуа мы *"ulэн"* глаголыр *зи"lэ" субъект* –икlи *и"lэ" объект*и- зэрылъытэ *"и" префикс*ым *елъыта*уэ *"lэн" лэжьэкlэ зиlэу зэпкъырыува* зы *глагол*у зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщ.

Мыбдежым аргуэру къыхэгъэщыпхъэмэ, адыгэбзэр мыхьэнэбэрэ лэжьэкlэбэу зэрыщытым ипкъ зэритщи, мы зи гугъу тщlа *"еин"* глаголымрэ *"ulэн"* глаголыр мы зэрыухуа щlыкlэу ухуарэ мыхьэнэкlэ -я пэгъунэгъуми- къащхьэщыкl *"lуэху префиксиал глагол"*хэри щыlэщ. Араща, мы зи гугъу тщlам нэмыщl мыхьэнэ зиlэ ***"и*lэн"** глаголри *зэрыухуагъэххэу "lуэху префиксиал глагол"*у лъытапхъэщи, *"и" префикс*ыр *"lэ" глагыпхъэ*м ипэ къихуэу зэрыухууэ, *"и" префикс*кlэ лъытам -*"зы гуэрым- зы плъыфэ"*р *"ulэ щlын - къегъэщтэн"* зэрылъытэу утыку къихьа глаголырщ.

Ауэ икlи, *зэрыухуагъэххэу "lуэху префиксиал глагол"*у мы ипэкlэ зи гугъу тщlам хуэдэу ухуарэ *нэгъуэщl мыхьэнэ* зиlэу утыку къихьа ***"еин"*** глаголыр зэрыухуагъэххэу *"lуэху префиксиал глагол"у щыткъым*и, *ухуагъэххэ "lуэху занщlэ глагол"* -"макъ глагол"- лlэужьыгъуэ *"ин"*ым (пп:

*блыныр ин*) *иужькlэ "е* (иэ)*" префикс*кlэ къытехъукlа зы *"lуэху префиксиал глагол"*щ.

Мыбыхэм нэмыщl, *"*щlыкlэ*"* лlэужьыгъуэ *"*префикс*"*у ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа *"хуэ"*кlэрэ *зэрыухуагъэххэ "lуэху префиксиал глагол"* гуэрхэри къэдгъэлъэгъуэнщ: «***хуэщlын***; ***хуэпэн***».

Мы иужьрей глагол щапхъэм дигу къигъэкlыр абы и мыхьэнэгъуу лъытапхъэ ***"щыtlэгъэн"***рэ ***"щыгъын*** (*щы*-гъэ-ы-н)*"* глаголхэрщи, мыхэри *"зэман/мекан" лъытэ*у ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа *"щы" префикс* зиlэу *зэрыухуагъэххэу "lуэху префиксиал глагол"*у утыку къихьа щапхъэхэрщ.

Икlи, *"хуэпэн"* глаголымрэ и *мыхьэнэгъу*у мы зи гугъу тщlа *"щытlэгъэн, щыгъын"* глаголхэм *ялъытэ lуэхур и пхэндж лъэныкъуэкlэ* зэрыгъэзащlэр зэрылъытэ ***"щыхын"*** глаголри, *"щы" префикс*кlэ *зэрыухуагъэххэу "lуэху префиксиал глагол"*у зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

## "Е" ПРЕФИКСИАЛ "lУЭХУ ГЛАГОЛ" ЛЭЖЬЭКlЭХЭМ "СУБЪЕКТИВ ДОПОЛНЕНЭ"ХЭР "ЕЗЫРЫЖ" ЛlЭУЖЬЫГЪУЭУ ЩЫХИУБЫДЭРЭ ЩlЫХИУБЫДЭМ ТЕУХУАУЭ

Зэрыгурыlуэгъуэу, глаголыр *"езырыж глагол"*у е *"lуэху глагол"*у икlи *"занщlэ"*рэ *"префиксиал"*у дауи щырет, *я лэжьэкlэ*хэр къызэрыlуатэ *"псалъэухыгъэ"*хэмрэ *я "лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм *"*дополненэ*"*хэр зэрыхиубыдэр нэхъыбэу *"lуэху"* лlэужьыгъуэущ.

Ауэ, ипэкlэ *"*езырыж глагол*"*хэм теухуауэ къедгъэкlуэкlа лэжьыгъэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *"занщlэ глагол"*хэм я *лэжьэкlэу "е" префиксиал*у ухуэ *псалъэ*хэмрэ, мы псалъэхэри -*"*е префиксиалу- зэрыухуэ *"префиксиал глагол"*хэр *"субъектив щхьэ"*хэм зэрыхуэгъазэ *"къ/н" префикс*кlэрэ зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэм мы *"субъектив* дополненэ*"* лlэужьыгъуэхэр *"езырыж"*у зэрыхиубыдэри гурыlуэгъуэщ. Аращи, *"*дополненэ*"* къалэн зыгъэзащlэ *"щхьэ"*хэр *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэм –нэхъыбэу- *"lуэху"* лlэужьыгъуэу зэрыхэлъытэр гурыlуэгъуэми, *глагол*хэм я *"е" префиксиал "лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэмрэ икlи *"инфинитив"*у *"е" префиксиалу ухуа глагол* лэжьэкlэхэм *"субъектив* дополненэ*"*хэр *"езырыж"*у мы зэрыхэлъытэм *лъабжьэ*рэ *щхьэусыгъуэ* хуэхъури зыгурыдгъэlуауэ щытащ.

Мыбы нэгъунэ къыщедгъэкlуэкlа лэжьэкlэми ***"lуэху глагол"***хэм я ***"е" префиксиал "лэжьэкlэу ухуа псалъэ"***хэми ***"субъектив дополненэ"***хэр

**″езырыж″** лIэужьыгъуэу зэрыхэлъытэр къызэрыхэдгъэщар гурыIуэгъуэщи, нытIэ, мы илъабжьэм *мыпхуэдэ лэжьэкIэ*хэм нэхъ *гъунэгъуу гулъытэ хуэтщI*ыу, мыпхуэдэхэм *лъабжьэ*рэ **щхьэусыгъуэ** хуэхъухэми щыгъуазэ дыхуэхъун иужь дитынущ.

ИкIи, *″езырыж глагол″*хэм хиубыдэфыну ″дополненэ″ бжыгъэр *зы закъуэ*у щытми, **″IуэхуглагоI″** лэжьэкIэхэм ″дополненэ″у *зы бжанэ* - **″дополненэ″бэ**- зэрыхиубыдэр гурыIуэгъуэщи, нытIэ, *″IуэхуглагоI″*хэм я *″лэжьэкIэу ухуэ псалъэ″*хэм **″езырыж″**у хэлъытэ **″субъектив дополненэ″** лIэужьыгъуэр **дэтхэнэра**ми щыгъуазэ дыхуэхъун хуейщ. Мы ипэкIи зэрыжытIауэ, ″IуэхуглагоI лэжьэкIэу ухуа псалъэ″хэм *″дополненэ″ нэхъыбэр ″IуэхуглагоI лIэужьыгъуэ*у хэлъытэ щхьэ, мы зи гугъу тщIы ″дополненэ″р –мы *″субъектив дополненэ″* лIэужьыгъуэр- *″езырыж″* лIэужьыгъуэу щIыхэлъытэм *лъабжьэрэ щхьэусыгъуэ* хуэхъури зыгурыдгъэIуэн хуейщ.

НытIэ, мы илъабжьэм къыщедгъэкIуэкIыну лэжьыгъэм **″дополненэ″бэ** зыхиубыдэф **″IуэхуглагоI″**хэм я **″е″ префиксиал** *″лэжьэкIэу ухуэ псалъэ″*хэм **″субъектив дополпленэ″**у хиубыдэхэм щыщу **″езырыж″** лIэужьыгъуэу **щыхэлъытэ**хэмрэ икIи мыпхуэдэу **щIыхэлъытэ**ми лъабжьэрэ **щхьэусыгъуэ** хуэхъухэми *икIэ нэгъунэ щыгъуазэ дыхуэхъун* иужь дитынщ.

ИкIи, мы къэтIуэтахэми гурыIуэгъуэ къызэрытхуащIыу, мы зи гугъу тщIы *глаголхэр цIыхум теухуэ* –зи ″дополненэ″р *цIыху* лIэужьыгъуэ- *″IуэхуглагоI″*хэрауэ зэрыщытынур гурыIуэгъуэщ. Ауэ икIи, мы *цIыху нэрыбгэ*хэр бзэр къэзыIуатэ *″сэ″м и ″субъектив″ыгъэ*м хиубыдэхэрауэ -*″субъектив* дополненэ″ жыхуэтIэхэрауэ- зэрыщытри гурыIуэгъуэнщ.

НытIэ, мы зи гугъу тщIахэм теухуауэ мы илъабжьэм *зэмылIэужьыгъуэ ″IуэхуглагоI″*хэр *″е″ префиксиалу зэрылажьэ*рэ, *″инфинитив″*уи ухуа *″IуэхупрефиксиалглагоI″*хэми я *лэжьэкIэ*хэм *″субъектив* дополненэ″хэр *″езырыж″*у зэрыхиубыдэ щIыкIэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

**″IуэхузанщIэ глагоI″хэр ″е″ префикскIэ зэрыухуэ ″IуэхуглагоI″ лэжьэкIэхэм ″субъектив дополненэ″хэр ″езырыж″у зэрыхэлъытэм теухуауэ.**

Ипэкlэ *″дополненэ″ зиIэрэ зимыIэ ″IуэхузанщIэ глагоI″*хэм я лэжьэкIэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуу игъуэ щапхъэхэри къахуэтхьащи, нытIэ,

мыбдежми ахэр *"е" префиксиал*у зэрыухуа *"lуэху префиксиал глагол"*хэм *я "лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм *"субъектив* дополненэ*"*хэр *-"езырыж"* лlэужьыгъуэу- зэрыхиубыдэ щlыкlэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Ауэ икlи, мы *глагол лэжьэкlэ*хэм *"субъектив* дополненэ*"* хиубыдэн папщlэ, ахэр -япэрауэ- *"цlыху"м теухуэу* –зи *"*дополненэ*"*р цlыху лlэужьыгъуэу-лэжьэфыну зэрыщытын хуейр гурыlуэгъуэнщ. Ныtlэ, зи лэжьэкlэхэр къызыхуэтхьыну мы *"глагол"*хэр *цlыхум теухуэу* лэжьэфыну *гъэпсын*и *хуейщ*и, щыигъуэм деж *игъуэ суффикс"*и къищтэу *"префиксиал суффиксиал глагол"*у зэры*ухуапхъэ*ри гурыlуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэ щапхъэхэри япэрауэ *"дополненэ"ншэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*хэр -мы зэрыжытlауэ- *цlыхум теухуэ*у зэрылэжьэфыну щlыкlэхэу *"е" префиксиал*у –цlыхум теухуэн папщlэ зыхуэныкъуэми *игъуэ "суффикс"* къищтэу- *зэрыухуэ*рэ *зэрылажьэ* щlыкlэхэу къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| - Жьын → *Е*жьы*х*ы*н* | - «**уэ** ар сэ *къы*зы**б**ожьы*х*– *къы*з**э**б**ж**ьы*х*ащ»; |
| - Зын → *Е*зы*лlэ*н | - «**сэ** ар уэ *ны*уы**з**озы*лlэ* – у**э**з**з**ы*лl*ащ»; |
| - Щын → *Е*щы*х*ы*н* | - «**абыхэм** ар дэ *къы*дыр**а**щы*х* – *къы*дыр**а**щы*х*ащ»; |
| - Щэн → *Е*щэн | - «**фэ** ар сэ *къы*зы**в**ощэ – къызэ**ф**щащ»; |
| - Щlын → *Е*щlы*лlэ*н | - «**дэ** ар фэ *ны*вы**д**ощlы*лlэ* – *ны*в**э**т**щ**lы*лl*ащ»; |
| - Щlэн → *Е*щlэн | - «**абы** ар дэ *къы*д***е***щlэ (*къы*-ды-***е-***щlэ) – *къы*д**и**щlащ». |

Мы щапхъэхэм къыкlэлъыкlуэуи, *"дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*хэр *цlыхум теухуэ*у зэрылэжьэну щlыкlэхэу *"е" префиксиал*у -икlи *игъуэ "суффикс"*и къищтэфу- зэрыухуэрэ *зэрылажьэ* щlыкlэхэм теухуауэ *щапхъэ*хэр къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| - Хьын → Ехьэкlын | - «**уэ** ар сэ *къы*зы**б**охьэ*кl – къы*з**э**п**х**ьэ*кl*ащ»; |
| - Чын → Ечылlэн | - «**сэ** ар уэ *ны*уы**з**очы*лlэ* – у**э**з**ч**ы*лl*ащ»; |
| - Хун → Ехулlэн | - «**абыхэм** ар дэ *къы*дыр**а**ху*лlэ – къы*дыр**а**ху*лl*ащ»; |
| - Дзын → Едзылlэн | - «**фэ** ар сэ *къы*зы**в**одзы*лlэ* – къызэ**в**дзы*лl*ащ»; |
| - Шэн → Ешэлlэн | - «**дэ** ар фэ *ны*вы**д**оша*лlэ – ны*в**э**т**ш**э*лl*ащ»; |
| - Тхъун→ Етхъукlын | - «**абы** ар дэ *къы*д***е***тхъу*кl* (*къы*-ды-***е-***тхъу*кl*) – *къы*д**и**тхъу*кl*ащ». |

*

Мы къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, *"дополненэ" зиlэрэ зимыlэ "lуэху занщlэ глагол"*хэр *"е" префиксил*у *цlыхуми теухуэу* –и *"*дополненэ*"*р *цlыху*у- зэрыщыткlэ, *щыхуэныкъуэм* дежи игъууэ *"суффикс"и къищтэу* ухуа *"lуэху префиксиал глагол"*хэрщ мыхэри, ныtlэ, мы **глагол**хэм я **лэжьэкlэр** –"хьэрычэт"ыр- мы ***"*субъектив дополненэ*"***хэм ***"*къ/н*"*** **префикс**кlэ **екlуалlэ**у (е) *къызэрыlуатэ* мы ***"*глагол лэжьэкlэу ухуа**

**псалъэ″**хэм хиубыдэ *″дополненэ″ закъуэ*у хэплъагъуэ мы **″субъектив дополненэ″**хэр *а зэрыщыту* **″езырыж″**у зэры*хэлъыта*хэри нэрылъагъущ.

Нытlэ, мы *псалъэхэм* мы *″субъектив* дополненэ*″*хэр *а зэрыщыт*рэ **″езырыж″у щlыхэлъытар**и *глагол лэжьэклэр* -″хьэрычэт″ыр- абыхэм - **″субъектив дополненэ″**хэм- **папщlэ** (пп: ″ху″рэ ″фl″ префикскlэ) *гъэзащlэу* зэры**щымыт**рэ, икlи мы *глагол лэжьэклэм* -″хьэрычэт″ым- ахэр - **″субъектив дополненэ″**хэр- **зэрызимыхъуэкl**ым **папщlэ**рагъэнщ.

Арагъэнщи, мы **″е″ префиксиал ″lуэху глагол″**хэм я **″лэжьэкlэу ухуа псалъэ″**хэм **″субъектив дополненэ″**хэр **″езырыж″**у мы **щlыхуибыдэ**м и *лъабжьэ*рэ **щхьэусыгъуэ**р ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуауэ щыта **″е″ префиксиал ″езырыж глагол″**хэм я **″лэжьэкlэу ухуа псалъэ″**хэми **″субъектив дополненэ″**хэр **″езырыж″**у **щlыхиубыдэ щхьэусыгъуэ**м *хуэдэ*у зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

**″Гъэ″ пэщlэдзэрэ ″е″ префиксиал ″lуэху глагол″хэм я лэжьэкlэхэм ″субъектив дополненэ″хэр ″езырыж″у зэрыхуиубыдэм теухуауэ.**

Мыпхуэдэ глаголхэри *″езырыж глагол″хэмрэ ″lуэху глагол″хэм къазэрытехъуклыф*ынур гурыlуэгъуэщи, нытlэ, япэрауэ *″е″ префиксиал ″езырыж глагол″*хэр *″гъэ″* пэщlэдзэкlэ зэрыухуа *″lуэху префиксиал глагол″*хэм я *″лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэм ″субъектив* дополненэ*″*хэр *″езырыж″*у зэрыхуиубыдэм теухуауэ щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ.

Зэрыгурыlуэгъуэ *″езырыж занщlэ глагол″хэр ″гъэ″ пэщlэдзэ*кlэ занщlэу -*″е″ префиксыншэ*у- *″lуэху занщlэ глагол″*у мэухуэфхэри, мыхэр ″е″ префиксыншэу зэрыщытым папщlэ, я лэжьэкlэхэми *″субъектив дополненэ″*хэр *″езырыж″*у зэры*химыубыдэ*нур гурыlуэгъуэнщ. Икlи, мыпхуэдэ *″lуэху глагол″* лэжьэкlэхэм *″*дополненэ*″ хиубыдэн папщlи*, *къызытехъукl*а *″езырыж занщlэ глагол″*ыр *″дополненэ″ зиlэу лажьэу* зэрыщытын *хуей*ри гурыlуэгъуэнщ. Дауи, лъабжьэкlэ *″дополненэ″ зиlэрэ зимыlэу лажьэ ″езырыж занщlэ глагол″*у зэщхьэщыгъэкlыпхъэми, *″е″ префикс*кlэрэ *″*дополненэ*″ зэрылъыт*энури гурыlуэгъуэщ.

*

Нытlэ, *″е″ префиксиал ″езырыж глагол″*хэр *″гъэ″* пэщlэдзэкlэ *″lуэху занщlэ глагол″*хэм *-″е″ префикс* зиlэххэу- я *″лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*хэм *″субъектив* дополненэ*″*хэр *″езырыж″*у зэры*хэлъытэ* щапхъэхэри *″езырыж занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэхэу *″дополненэ″ншэу лажьэ* **″хъун″**

глаголымрэ *"дополненэ зиlэу лажьэ* **"кlуэн"** глаголыр *"е" префикс*кlэ икlи *игъуэ "суффикс"*и къищтэу ухуахэр (***ехъулlэн***; ***е*кlуэ*кlын***) *"гъэ"* пэщlэдзэкlэ *"lуэху префиксиал глагол"*хэу зэрыухуэжхэм (***егъэхъулlэн***; ***е*гъэкlуэ*кlын***) теухуауэ къэдгъэлъэгъуэнщ:

- «**абы** ар уэ *къы*у***р*е**гъэхъу*лlэ* (*къы*-у-*р*-***е***-гъэ-хъу*лlэ*) – сы*ур***и**гъэхъу*лl*ащ»;
- «**фэ** ахэр сэ *къы*зы**в**огъэхъу*лlэ*(хэ) {*къы*-зы-**в**-о-гъэ-хъу*лlэ*(хэ)} – *къы*з**э**вгъэхъу*лl*а(хэ)щ»;

---

- «**абы** сэ уэ сы(*къы*)у***р*е**гъэкlуэ*кl* (сы-(*къы*)-у-*р*-***е***-гъэ-кlуэ*кl*) – сы(*къы*)у***р*и**гъэкlуэ*кl*ащ»;
- «**фэ** ар сэ *къы*зы**в**огъэкlуэ*кl* (*къы*-зы-**в**-о-гъэ-кlуэ*кl*) – *къы*з**э**вгъэкlуэ*кl*ащ»;

Нытlэ, мы щапхъэхэми къакlэлъыкlуэу мы илъабжьэми *"lуэху занщlэ глагол"*хэр *"гъэ"* пэщlэдзэкlэ *"е" префиксиал*у ухуэу утыку къихьэ *"lуэху префиксиал глагол"*хэм я *"лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэм *"субъектив* дополненэ*"*хэр *"езырыж"*у зэрыхуиубыдэм теухуауэ щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ.

Мыпхуэдэ щапхъэхэри *"щlэн"*ыр *"гъэ" пэщlэдзэ*рэ *"е" префиксиал*у зэрыухуэж ***"е*гъэщlэн"***ымрэ, *"хьын"*ыр *"гъэ" пэщlэдзэ*рэ *"е" префиксиал*у зэрыухуэж ***"е*гъэхьын"***ым и *лэжьэкlэ*хэм теухуауэ къэдгъэлъэгъуэнщ:

- «**абы** уэ сэ у*къы*зы***р*е**гъащlэ (у-*къы*-зы-*р*-***е***-гъа-щlэ) – укъызы***р*и**гъэщlащ»;
- «**фэ** уэ сэ укъызы**в**огъащlэ – у*къы*з**э**вгъэщlащ»;

---

- «**абы** сэ уэ сы(*къы*)у(*р*)***е***гъэхь (сы-(*къы*)-у-(*р*)-***е***-гъэ-хь) – сы(*къы*)у(*р*)**и**гъэхьащ»;
- «**фэ** ар сэ *къы*зы**в**огъэхь (*къы*-зы-**в**-о-гъэ-хь) – *къы*з**э**вгъэхьащ»;

*

Мы ипэкlэ *таблицит*ым хиубыдэу къэта *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм ***"субъектив дополненэ"***хэр *а зэрыщыт*рэ ***"езырыж"***у зэрыхэлъытэр нэрылъагъущи, мыпхуэдэу **щlыхэлъытэр**и мы *глагол лэжьэкlэ*хэр -"хьэрычэт"у- мы ***"субъектив дополненэ"***хэм ***"папщlэ"*** (пп: "ху"рэ "фl" префикскlэ) *гъэзащlэу* зэры**щымыт**рэ, икlи мы *глагол лэжьэкlэ*хэм -"хьэрычэт"ым- мы ***"субъектив дополненэ"***хэр зэр**имыхъуэкl**рэ **елъыта**уи зэры**щымыт**ым **папщlэ**у къыщlэкlынщ.

Икlи, *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм *"субъектив* дополненэ*"*хэр *"езырыж"*у мы зэрыхэлъытэ щlыкlэм ипэкlэ *"е" префиксиал "езырыж глагол" лэжьэкlэ*хэм деж щыгъуазэ дыхуэхъуауэ зэрыщытари мыбдежым дигу къыщыдгъэкlыжынщ. Нытlэ, *"езырыж глагол"*рэ *"lуэху глагол"у къызытехъуклар дауи* щырет, зи *лэжьэкlэхэм* мыпхуэдэу *зы "*дополненэ*" закъуэ* щыхиубыдэм деж, *"дополненэ"*м игъэзащlэну *къалэн*ри *зэхуэдэ*рэ

*зэщхь*у лъытапхъэнщ. Аращи, **"е" префиксиал "езырыж глагол"**хэмрэ мы **"е" префиксиал "lуэху глагол"**хэм я **"лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"**хэм **"субъектив дополненэ"**хэр **"езырыж"**у мы зэрыхиубыдэм *лъабжь*эрэ **щхьэусыгъуэ** *хуэхъу*хэр я **зэхуэдэ**у лъытапхъэщ.

**"Ири/ире" формэ "префикс"кlэ ухуа "lуэху глагол"хэм я лэжьэкlэхэм "езырыж"у хэлъытэ "субъектив дополненэ"хэм теухуауэ.**

Ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъууэ, *"lуэху занщlэ глагол"*хэр *"объектив"у зэрылажь*э щlыкlэхэм *"е" префиксиал "lуэху глагол"* къазэрытехъукlым хуэдэу, мы *"е" префиксиал "lуэху глагол"*хэм я *лэжьэкl*эхэми *"ири/ире" формэ префиксиал "lуэху глагол"*хэр къазэрытехъукlыр гурыlуэгъуэщ. Икlи, мы *"ири/ире" формэ "префикс"*хэм *"е" префикс*и зэрыхиубыдэм нэмыщl, *къызытехъукl*рэ лъабжьэ яхуэхъури *"е" префикс*у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ.

Мы ***"ири/ире"*** *формэ префиксиал*у ухуа *глагол*хэм я *лэжьэкl*эхэр - хьэрычэт"ыр- *"*дополненэ*"*мрэ **"субъект"**ыр *зэрызэпыщlа*уэ зылъытэрщи, мыпхуэдэхэри **"lуэху глагол"** лlэужьыгъуэхэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Икlи, мыпхуэдэ глаголхэр –нэхъыбэу- **"гъэ" пэщlэдзэ**у ухуа *"lуэху глагол"*хэуи зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщи, мыпхэдэ *глагол*хэм я **"лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"**хэми **"дополненэ"бэ** зэрыхиубыдапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Мы зэрыжытlауэ, *"е" префикс*ыр зи лъабжьэу *"ири/ире" формэ "префикс"*кlэ ухуа *"lуэху префиксиал глагол"*хэм а *нэхъ мащlэу "*дополненитl*"* зэрыхиубыдапхъэр гурыlуэгъуэнщи, зы *"*дополненэ*"*р глагол лэжьэкlэр *зытеухуэ*/*зыхэзыщlэ*у –мы *"lуэху"м зэрихъуэкl*ыу- зэрыщыткlэ *"lуэху"* лlэужьыгъуэу зэрыхэлъытэнур гурыlуэгъуэнщ; ауэ, адрей *"*дополненэ*"*ри *"lуэху"р "***субъект***"*ым *зыригъэзащlэ*у ипэкlэ *"субъект къуэдзэ"*уи лъытапхъэу зи гугъу тщlаращи, ар *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*м -*"езырыж"* лlэужьыгъуэу- *щылъыт*эрэ *щlэлъыт*энуми щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Дауи, *"гъэ" пэщlэдзэ*рэ *"ири/ире" формэ "префикс"*кlэ ухуа *"lуэху глагол"*хэм я *"лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм *"езырыж"* лlэужьыгъуэу хиубыдэ *"*дополненэ*"*хэр **"субъект"**ым "lуэху"р *зыригъэзащlэ*у *"субъект къуэдзэ"*иу лъытапхъэ **"субъектив щхьэ"**хэращ. Нытlэ, мы **"субъектив**

**дополненэ"**хэр *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм **"езырыж"**у мы зэрыхэлъытэм *лъабжьэ*рэ **щхьэусыгъуэ** хуэхъури *къэдгъэунэхунщ*.

*

Нытlэ, япэрауэ, *"дополненэ" зиlэрэ зимыlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"*хэу (**хъун; кlуэн**) *"е" префиксиал*рэ *игъуэ "суффикс"*кlи ухуахэр (***е*хъу*лlэ*н**; ***е*кlуэ*кlы*н**) *"гъэ" пэщlэдзэ*кlи *"lуэху префиксиал глагол"*у зэрыухуэжхэм (***е*гъэхъу*лlэ*н**; ***е*гъэкlуэ*кlы*н**) я *лэжьэкlэу ири/ире" формэ префикс*кlэрэ *ухуа псалъэ*хэр *"инфинитив"*у зэрыухуэу утыку къихьа "lуэху префиксыбэ глагол" щапхъэхэу щыт ***"ири*гъэхъу*лlэ*н/*ире*гъэхъу*лlэ*н"**рэ ***ири*гъэкlуэ*кlы*н/*ире*гъэкlуэ*кlы*н"** *глагол*хэм я *"лэжьэкlэ щапхъэ*хэри къэдгъэлъагъуэу, *псалъэхэм* **"субъектив дополненэ"**хэр **"езырыж"**у зэрыхэлъытэ щlыкlэхэми гулъытэ яхуэтщlынщ:

- «**абы** ар абыхэм уэ *я*ры*ур**е***гъэхъу*лlэ* (*я*-*ры*-у-*р*-***е***-гъэ-хъу*лlэ*) – *я*ры*ур***и***гъэхъу*л*ащ»;
- «**фэ** ахэр абы сэ *и*ры**зы**вогъэхъу*лlэ*(хэ) {*и*-*ры*-**зы**-**в**-о-гъэ-хъу*лlэ*(хэ)} – *и*ры**зы**вгъэхъу*л*а(хэ)щ»;

---

- «**абы** ар сэ уэ *и*ры*зры**у*****е***гъэкlуэ*кl* (и-*ры*-з-*ры*-у-***е***-гъэ-кlуэ*кl*) – *и*ры*зры**у*****и***гъэкlуэ*кл*ащ»;
- «**фэ** ар абыхэм сэ *я*ры**зы**вогъэкlуэ*кl* (я-*ры*-**зы**-**в**-о-гъэ-кlуэ*кl*) – *я*ры*з*э**в**гъэкlуэ*кл*ащ»;

Мы илъабжьэми *"дополненэ" зиlэрэ зимыlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*хэр (**щlэн; хьын**) *"гъэ"* пэщlэдзэрэ *"е" префиксиал*у ухуа (***е*гъэщlэн**; ***е*гъэхьын**) *"lуэху префиксиал глагол"*хэм я *лэжьэкlэ*у *ири/ире" формэ префикс*кlэрэ *ухуа псалъэ*хэр *"инфинитив"*у зэрыухуэу утыку къихьа **"lуэху префиксыбэ глагол"** лlэужьыгъуэу щыт ***"ири*гъэщlэн/*ире*гъэщlэн"**рэ ***ири*гъэхьын/*ире*гъэхьын"**хэм я *лэжьэкlэ щапхъэ*хэри къэдгъэлъагъуэу, *псалъэхэм* **"субъектив дополненэ"**хэр **"езырыж"**у зэрыхэлъытэ щlыкlэхэми гулъытэ яхуэтщlынщ:

- «**абы** уэ сэ у*къы**зр**е*гъащlэ (у-*къы*-зы-*р*-***е***-гъа-щlэ) – укъыз***р*и**гъэщlащ»;
- «**фэ** уэ сэ укъы**зы**вогъащlэ – у*къы*з**э**вгъэщlащ»;

---

- «**абы** сэ уэ сы(*къы*)у(*р*)***е***гъэхь (сы-(*къы*)-у-(*р*)-***е***-гъэ-хь) – сы(*къы*)у(*р*)**и**гъэхьащ»;
- «**фэ** ар сэ *къы*зы**в**огъэхь (*къы*-зы-**в**-о-гъэ-хь) – *къы*з**э**вгъэхьащ»;

*

*"Ири/ире" формэ префикс*кlэ ухуа мы *"lуэху префиксыбэ глагол"*хэм я *"лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэу мы къэта щапхъэхэм "дополненэ"у *mly* зэрыхиубыдэр нэрылъагъущи, мы псалъэр зэрыухуа щlыкlэри мы

*"*дополненитl*"*ыр *"ири/ире" формэ префикс*кlэ зэрызэпыщlауэ зэрылъытэущ. Араща, *глагол лэжьэклэ "*lуэху*"*р -*"*объект*"*ыр- *зытеухуэ*рэ *зыхэщlэр япэ тха "*дополненэ*"*ращи, *"ири/ире" формэ префикс*ым зэр*елъыта*кlэрэ мы *"*дополненэ*"*м *хуэгъэзащlэ* мы *"*lуэху*"*р глагол **"субъект"**ми зэригъэзащlэри нэгъуэщl гуэрым -*етlуанэу тха "*дополненэ*"*м- *ирыригъэзащlэ*ущ.

Мы къэтlуэтар мы зи гугъу тщlы глаголхэм я *"объектив" лэжьэклэ*у щытмэ, *"*дополненитl*"*ри *"lуэху"* лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щапхъэхэр *мы глаголхэр зэрылажьэ*у *ипэклэ къэтауэ щыта щапхъэ*хэм хыболъагъуэр. Ауэ, мыбдежым зыгурыдгъэlуэну зи иужь дитыр мы ипэклэ къэта глагол лэжьэклэ щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, *етlуанэ "*дополненэ*"*хэр *"субъектив щхьэ"*уэ зэрыщытым зэрытеухуари гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, мы ипэклэ къэта глагол лэжьэклэхэм зэрыхэплъагъуэу, *япэрей "*дополненэ*"*м *папщlэ* мы *"*lуэху*"*р **"субъект"**ым *зыригъэщl*ыу **"субъект къуэдзэ"**уи лъытапхъэ *етlуанэ "*дополненэ*"*р **"субъектив щхьэ"**уэ щытмэ, *а зэрыщыт* щlыклэу **"езырыж"**у зэрылъытэр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу зэрылъытэри бзэр къэзыlатэ *"сэ"м* елъытащ. Араща, *"сэ"м* езым *и "субъектив"ыгъэм ит*у нэгъуэщlым и *"уанфэ"*клэрэ *"*lуэху*"* *зыгъэзащlэ*р - мы *"*lуэху*"*р *езым и инициативклэ имыгъэзащlэ*у зэрыщыткlэ- *"lуэху" лlэужьыгъуэ*у *имылъыт*экъыми, мыбы папщlэщ *"субъект къуэдзэ"уи лъытапхъэ* мы *"*дополненэ*"*р *"езырыж"*у щlэлъытэр.

– Ауэ, ипэкlи зэрыжытlауэ, мыпхуэдэ *глаголхэм* я *лэжьэклэ*хэр *"сэ"м хуэпэжыжьэ*у *гъэзащlэу* щытрэ, **"субъект"**ым *"*lуэху*"*р *зыригъэзащlэ "субъект къуэдзэ"*уи лъытапхъэ *"*дополненэ*"*р *"объектив щхьэ"*уэ щытмэ, *"сэ"м "объектив"у гъэзащlэу илъытэ* мы *"*lуэху*"*р -*"субъект"*ым *ириг*ъэщlыу щытми- *зыгъэзащlэ "субъект къуэдзэ"*р –псалъэм етlуанэу хыиубыдэ *"*дополненэ*"*р- *"lуэху" лlэужьыгъуэ*у зэрылъытэнур гурыlуэгъуэщ.

Аргуэру къыпыщапхъэмэ, *"***субъект***"*ым *"*lуэху*"*р -*"*объект*"*ыр- *зыригъэзащlэ -"субъект къуэдзэ"*уи тлъытэ- *"*дополненэ-2*"*р **"субъект"**ым и *унафэ*м щlэт *lуэхутхьэбзащlэ*рщи, ар -*"*дополненэ-2*"*р- мыпхуэдэ *lуэху къеклуэклыклэ*р къызыхэщ *"глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"*хэм *"lуэху"* лlэужьыгъуэу *хиубыдэны*р игъуэу къыщlэклынкъым. Ауэ икlи, **"субъект"**ым и *унафэклэ "*lуэху*"* зыгъэзащlэр *"сэ"м и "субъектив"ыгъэм хиубыдэ*у щытмэщ абы мы *"lуэху"*м теухуа *инициатив*рэ *пщэрылъ имылэ*у

*"сэ"м щилъытэ*нури, мыпхуэдэхэри *луэху гъэзащlэр къызэрыlуатэ псалъэ*м *"субъектив щхьэ"* лlэужьыгъуэу *"*дополненэ*"*у хиубыдэхэращ. Аращи, *луэху къеклуэклыклэ зыхэзыубыдэ "глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"*хэм *"щхьэ"*хэр я къалэнхэм елъытауэ зэрыигъуэу *"луэху"рэ "езырыж"* лlэужьыгъуэу зэры*хиубыдэн хуей*р гурыlуэгъуэщи, нытlэ, *"*lуэху*"*р *гъэзэщlэн пщэрылъ*рэ *инициатив* зиlэ ***"субъект"***ыр зэрыигъуэу *"глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"*м ***"lуэху"*** лlэужьыгъуэу зэрыхэлъытапхъэр; ауэ, абы *"луэху"р зыригъэзащlэ "луэхутхьэбзащlэ"*рэ *"субъект къуэдзэ"*ри *"***дополненэ***"*у зэрыхэлъытапхъэри ***"езырыж"*** лlэужьыгъуэущ.

## ***"***lУЭХУ СУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ*"*ХЭМ ТЕУХУАУЭ

## *"*ИНФИНИТИВ ГЛАГОЛ*"*ХЭМРЭ Я ЛЭЖЬЭКlЭХЭМ *"*ЗАНЩlЭ*"*У *"*СУФФИКС*"* КЪЫЗЭРАЩТЭМ ТЕУХУАУЭ

Япэрауэ, мыпхуэдэ *"суффикс"*хэр дэтхэнэ зы глаголым -*занщlэу префикс"ыншэ*у- къещтэфри, мыпхуэдэ глагол ухуэклэрэ лэжьэклэхэм ипэклэ *"*езырыж глагол*"*хэм дежи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуари мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ.

Нытlэ, мы *"суффикс"*хэр къэзыщтэу занщlэу ухуэну ***"***lуэху суффиксиал глагол*"*хэри ***"дополненэ" зиlэрэ зимыlэу лажьэ "***lуэху занщlэ глагол*"***хэм *къазэрытехъукl щапхъэ*хэу къэгъэлъэгъуэнри игъуэщ. Ауэ икли, мыпхуэдэу утыку къихьэну *"луэху суффиксиал глагол"хэмрэ я лэжьэклэхэр*и -ахэр и *клуэцlклэ зэрызэщхьэщыклыпхъэ*у *зэклэлъхьэужь*у-къэдгъэлъэгъуэнщ.

***"***lуэху занщlэ глагол*"*хэмрэ, ахэр *"*суффикс*"*кlэрэ *"*инфинитив*"*у зэрыухуэ *"*lуэху суффиксиал глагол*"*хэмрэ я лэжьэклэхэм теухуауэ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, адыгэбзэм зы гуэрыр и къежьапlэм *генеритикэ*у пыщlауэ зэрылъытэр псалъэм *клэух* хуэхъу *"ж" мак*ъклэрэщи, глаголхэм ***"суффикс"*** яхуэхъу ***"ж" макъ***ым игъэзащlэри мыпхуэдэ къалэнщ. Аращи, ипэклэ *"*езырыж глагол*"*хэм теухуа лэжьыгъэми щыгъуазэ дызыхъуауэ, *глагол мыхьэнэ*ми зэр*елъыта*клэрэ, зы *"хьэрычэт"*ыр а зэрыщыту *аргуэру лажьэу* зэрыщытыр е *и къежьапlэ*м зэры*пыщlэ*р *"ж" макъ клэух*клэрэщ. Глаголыр *"*занщlэ*"* е *"*префиксиал*"* лlэжьыгъуэу дауи щырет, *"*ж*"*ыр

″суффикс″ хуэхъуу зэрыухуэж мыхьэнэр мы зэрыжытlауэщи, икlи *″ж″ макъ*ыр дэтхэнэ зы глаголым занщlэу *-префиксыншэ*у- *″суффикс″* зэрыхуэхъури гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, мыхэри къыхэдгъэща нэужь, мы илъабжьэм ″дополненэ″ зиlэрэ зимыlэу лажьэ ″lуэху защlэ глагол″ гуэрхэмрэ я лэжьэкlэ щапхъэ гуэрхэр къэдгъэлъэгъуэнщи, ахэр ″ж″ макъ ″суффикс″кlэрэ зэрыухуэжрэ я лэжьэкlэ щапхъэ гуэрхэри къыпытщэжу зэтлъытэнщ:

- «щlын: **абы** ар **е**щl – **и**щlащ» → «щlы*ж*ын: **ар** абы **е**щlы*ж* – **и**щlы*ж*ащ»;
- «хьын: **абы** ар абы **е**хь – **и**хьащ» → «хьы*ж*ын: **абы** ар абы **е**хьы*ж* – **и**хьы*ж*ащ».

Мыпхуэдэ зы ***″суффикс″*** къалэн зыгъэзащlэри *къару лъытэ* мыхьэнэ зиlэу лъытапхъэ ***″ф″ макъ***раци, ар *клэух зыхуэхъу псалъэр* –псалъэм и ″мыхьэнэ″рэ ″хьэрычэт″ыр- *къарууфлэ*у мэлъытэри мэлажьэр. Аращи, глаголыр дауи щырет, *″ф″ клэух*кlэрэ *занщlэу* мыпхуэдэущ зэрылъытэнури, нытlэ, мы илъабжьэм *″дополненэ″ зиlэрэ зимыlэ ″lуэху занщlэ глагол″*хэмрэ я *лэжьэкlэ* щапхъэхэм къыкlэлъыкlуэу *″ф″ суффиксиал*у *зэрыухуэ*рэ *зэрылажьэ* щапхъэхэри –зэрызэгъэпщапхъэу- къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «щlын: **абы** ар **е**щl – **и**щlащ» → «щlы*ф*ын: **абы** ар **е**щlы*ф* – **и**щlы*ф*ащ»;
- «хьын: **абы** ар абы **е**хь – **и**хьащ» → «хьы*ф*ын: **абы** ар абы **е**хьы*ф* – **и**хьы*ф*ащ».

*

Мыбыхэм къыкlэлъыкlуэу *″префикс″ зыхуэмыныкъуэ* ***″суффикс″***хэу лъытапхъэщ кlэух зыхуэхъу *псалъэ* -глагол- *мыхьэнэ*р а зэрыщыту *лъэщ*у лажьэу зэрылъытэр ***″щэ″***мрэ, кlуэух зыхуэхъу *псалъэ* -глагол- *ужьыгъуэ*м (у) *къыпыщэ* зэрылъытэ ***″lуэ″*** макъымкlэ (lуэ: ″у″ лимиту -пыухытыкlауэ-щыт) ухуэ *″lуэху суффиксиал глагол″*хэмрэ я *лэжьэкlэ* щапхъэхэри - *″дополненэ″ зиlэрэ зимыlэ ″lуэху занщlэ глагол″*хэмрэ я лэжьэкlэхэми *зэрелъытапхъэ*у- мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «щlын: **абы** ар **е**щl» → «щlы*ш*эн: **абы** ар **е**щlы*щэ* – **и**щlы*щ*ащ»; «щlы*lуэ*н: **абы** ар **е**щlы*lуэ* – **и**щlы*lу*ащ»;
- «хьын: **абы** ар абы **е**хь» → «хьы*щ*эн: **абы** ар абы **е**хьы*щэ* - **и**хьы*щ*ащ»; «хьы*lуэ*н: **абы ар** абы **е**хьы*lуэ* – **и**хьы*lу*ащ».

Мыбыхэм къыкlэлъыкlуэу лъытапхъэнщ ***″пэ″ макъ***ым игъэзащlэ ***″суффикс″*** къалэнри, ар *клэух зыхуэхъу* псалъэ -глагол- мыхьэнэр *иджыпсту*рэ *псынщlэlуэ*у утыку къызэрихьэрэ *игъуэ зэригъуэтагъэххэ* зылъытэрщ; икlи, мы *″суффикс″* къалэныр *mlэу къызэрыlу* (***″..ппэ″***) щlыкlэуи зэрыгъэзащlэр гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, мыпхуэдэ щапхъэхэри мы ипэкlэ къызэрыта щlыкlэхэу зэрызэгъэпщапхъэу къэдгъэлъэгъуэнщ:

- «щlын: **абы** ар **е**щl» → «щlы*пэ*н/щlы*ппэ*н: **абы** ар **е**щlы*пэ*/**е**щlы*ппэ* –

**и**щlы*п*ащ/**и**щlы*пп*ащ»;
- «хьын: **абы** ар абы **е**хь – **и**хьащ» → «хьы*п*эн/хьы*пп*эн: **абы** ар абы **е**хьы*п*э/**е**хьы*пп*э – **и**хьы*п*ащ/**и**хьы*пп*ащ».

**″lуэху занщlэ глагол″ лэжьэкlэу занщlэу ″суффикс″кlэрэ ухуэ псалъэхэм -″инфинитив″уи мыухуэхэм- теухуауэ.**

Мы ипэкlэ зи гугъу тщlахэр ″инфинитив глагол″хэм занщlэу – префиксыншэу- къащтэ ″суффикс″хэращи, мыбдежым зи гугъу тщlыну *″суффикс″*ыр *глагол*хэр *″инфинитив″*у *зэрыухуэракъым*; нытlэ, **глагол**хэм я ″**лэжьэкlэ**у **ухуа псалъэ″**хэр зэрыухуэ **″суффикс″** лlэужьыгъуэращ. Аращи, *дэтхэнэ зы глагол лэжьэкlэ*ри **″гъэ″ кlэух**рэ (пп: ″**абы** ар **и**щlы*гъэ*щ – **и**щlы*гъа*щ″) -*″гъэ″*ми *″ххэ″* къыкlэлъыкlуэу- **″гъэххэ″ кlэух**кlэ (пп: ″**абы** ар **и**щlы*гъэххэ*щ – **и**щla*гъэххэ*щ″) икlи *щхьэжэ*у **″ххэ″ кlэух**кlи (пп: ″**абы** ар **и**щlы*ххэ*нкъым – **и**щlы*ххэ*нукъым″) *зэрыухуэф* щlыкlэхэу ипэкlи щыгъуазэ дызыхуэхъуауэ щытахэращ мы зи гугъу тщlыри, мыпхуэдэу ухуэну *псалъэхэр*и -″ит зэманыгъуэ″у щымыту- *″иджы зэманыгъуэ″*м теухуауэ зэрыщытынурэ икlи *″нэгъуэщl зэманыгъуэ″*хэми теухуауэ зэрылъытэфыну щlыкlэхэм теухуа игъуэ щапхъэ гуэрхэри мы илъабжьэми къэдгъэлъэгъуэнкlэ зыхуридгъэкъунщ.

Нытlэ, *″дополненэ″ зиlэрэ зимыlэ ″lуэху занщlэ глагол″*хэм я *лэжьэкlэхэр ″гъэ″ кlэух*кlэ икlи *″гъэ″м ″ххэ″ кlэух*и къыкlэлъыкlуэжу *занщlэу* къызэрыlуатэ *псалъэ*хэм теухуа щапхъэ гуэрхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- ″щlын″:
* «щlы*гъэ*щ – щlы*гъа*щ; щla*гъэ*щ – щla*гъа*щ; щlы*гъэ*нщ – щla*гъэ*нщ; щlы*гъэ*нущ – щla*гъэ*нущ»;
* «щlы*гъэххэ*щ – щla*гъэххэ*щ»;
* «щlы*ххэ*нкъым; щlы*ххэ*н хуеякъым; щlы*ххэ*нукъым»;
.....
- ″хьын″:
* «хьы*гъэ*щ – хьы*гъа*щ; хьа*гъэ*щ – хьа*гъа*щ; хьы*гъэ*нщ – хьа*гъэ*нщ; хьы*гъэ*нущ – хьа*гъэ*нущ»;
* «хьы*гъэххэ*щ – хьа*гъэххэ*щ»;
* «хьы*ххэ*нкъым; хьы*ххэ*н хуеякъым; хьы*ххэ*нукъым».

**″Езырыж занщlэ глагол″хэм ″суффикс″кlэрэ къатехъукl ″lуэху суффиксиал глагол″хэм теухуауэ.**

Ипкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, **″езырыж lуэху глагол″**у **″суффикс″**кlэрэ щыухуэм деж, утыку къихьэ мыхьэнэм елъытауэ **″lуэху суффиксиал глагол″** утыку къыщихьэ щыlэщи, ипэкlи щыгъуазэ дызыхуэхъуа мыпхуэдэ зы щапхъэщ мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнур. Араща, *къызпкъырыкlым и лъэкlыныгъэ*у утыку къихьэ *″езырыж занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэ *″пхъуэн″*ыр зы гуэрым теухуэу -*″дополненэ″ зиlэу-лажьэ*рщи, а *зэпхъуэр ″субъект″ым къищтэу* щытмэ, зы *″lуэху″* утыку къызэрихьэнури гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ *″lуэху″*ри а *зэпхъуэр зыдэщытым къытырих*ыущ утыку къызэрихьэри, нытlэ, **″пхъуэн″** глаголым **″тэ″ суффикс** къищтэу **″пхъуэтэн″** глаголу зэрылъытэфынури гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэуи, зы **″езырыж занщlэ глагол″** лэжьэкlэр (пхъуэн) *зытеухуэ* **″дополненэ″**р *–езырыж ″субъект″*ыр *зэпхъуэр-* **зи ″объект″**у *–къэзыщтэ* (тэ) *″субъект″*кlэрэ- лэжьэну зы **″lуэху суффиксиал глагол″** (пхъуэ*т*эн) утыку къихьэнщ. Мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlыу, *зэпхъуэ*р *къызэрипхъуатэ*у мы зэпыщlаныгъэри мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ:

| |
|---|
| - ″Пхъуэн″ → «**ар** абы **ма**пхъуэ»;<br>↓ ↓<br>- ″Пхъуэ*т*эн″ → «**абы** ар **е**пхъуа*т*э». |

Нытlэ, *″дополненэ″ зиlэу лажьэ* **″езырыж занщlэ глагол″**ым и ″дополненэ″р ″объект″у зыхэзыубыдэ **″lуэху суффиксиал глагол″**щ мы утыку къихьари, *″дополненэ″ зиlэу лажьэ ″езырыж занщlэ глагол″*ым (пхъуэн) *″тэ″ суффикскlэ* занщlэу къытехъукlа мы *″lуэху суффиксиал глагол″ыр* (пхъуэтэн) **″дополненэ″ншэ***у зэрылэжьэну*ри гурыlуэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| - ″Пхъуэн″: «**ар** абы **ма**пхъуэ»; | - ″Пхъуэ*т*эн″ : «**абы** ар **е**пхъуа*т*э». |

Мы къэтlуэтарэ къэта щапхъэи гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlщи, зы гупым хиубыдэу тлъыта дэтхэнэ зы глаголыр -фlэкlыпlэ имыlэу- а *класификацэ* зэрыщlа щlыкlэм *къытенэн хуейуэ* зэры*щымыт*ым и *зы щапхъэщ* мы къытпыщlэхуар. Араща, *адыгэбзэ*р зы *макъыбзэ*у зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, *мыхьэнэбзэ*рэ *лэжьэкlэбэ*у зы *бзэ*рщи, мыбдежым къытпыщlэхуа мы *лэжьэкlэ*рэ *глагол гуп зэхъуэкl*ыныгъэ *щапхъэ*ри адыгэбзэм *дэтхэнэ и зы псалъэм и мыхьэнэрэ и лэжьэкlэр зэлъыта*рэ зытеухуар а псалъэм хиубыдэрэ къыхэхьэ *макъхэм я мыхьэнэ*рэ *къалэнх*эрауэ зэрыщытым и зы щапхъэрщ.

## ″ГЛАГОЛ″ХЭР ИГЪУЭ ″ПРЕФИКС″КIЭРЭ ″СУФФИКСИАЛ″У ЗЭРЫУХУЭХЭМ ТЕУХУАУЭ -″IУЭХУ ПРЕФИКСИАЛ СУУФФИКСИАЛ ГЛАГОЛ″ХЭР-

Мы псэлъащхьэм щIэдджыкIыну зыхуэигъуэ глаголхэри япэрауэ *″Iуэху занщIэ глагол″*хэрауэ лъытапхъэщи, нытIэ, **″суффикс″**хэр зыхуэныкъуэ *игъуэ* **″префикс″**и къызэращтэу утыку къихьэну **″Iуэху префиксиал суффиксиал глагол″**хэр *къызытехъукI*ыну мы **″Iуэху занщIэ глагол″**хэри **″дополненэ″ зиIэ**рэ **зимыIэ**у *гупитI*ыу *зэщхьэщыкI*ыу къедгъэкIуэкIыныр игъуэщ мы лэжьыгъэр. Мыбыхэм къыкIэлъыкIуэуи, **зэрыухуагъэххэу ″Iуэху префиксиал суффиксиал глагол″**хэр утыку къызэрихьэ щIыкIэхэми гулъытэ яхуэтщIынщ.

Ауэ, мыбыхэм къыхэмыхьэ ипэ къихуэу, ипэкIэ ″езырыж глагол″ лэжьэкIэхэм деж щыгъуазэ дызыхуэхъуауэ, **″езырыж глагол″** гуэрхэм **игъуэ ″префикс″**кIэрэ **″суффикс″** къащтэу **″Iуэху префиксиал суффиксиал глагол″**хэр утыку къызэрихьэри гурыIуэгъуэщи, нытIэ, абыхэм щыщ щапхъэ гуэрхэри къэдгъэлъагъуэу, мыбдежым аргуэру тежыIыхьыпхъэ гуэрхэри къыпытщэжыныр игъуэщ.

**″Езырыж глагол″у игъуэ ″префикс″кIэ ″суффиксиал″у зэрыухуэу утыку къихьэ ″Iуэху префиксиал суффиксиал глагол″хэм теухуауэ.**

ИпэкIэ *″езырыж занщIэ глагол″*хэу щылажьэкIэ зы *″гъуэгуанэ″*и *икIуэ*у щыгъуазэ дызыхуэхъуахэм мы *гъуэгуанэр зынэс*ыр зэрылъытэу *″дополненэ″*и зыхэзыубыдэхэрщ. НытIэ, мы глаголхэм я лэжьэкIэхэм щыхэлъытэ мы **″гъуэгуанэ″**р зэры**рикIуэ зэпыт**у зэрылъытапхъэри **″хь″** макъыр глаголым **″суффикс″** зэрыхуэхъукIэрэщи, *″хь″ суффикс* къэзыщтэну *″глагол″*ыр икIи мы **″гъуэгуанэ″**р **зэрырикIуэ ″щIыкIэ″**ри зэрылъытэ *игъуэ* **″префикс″**и къищтэу *зэрызэпкъырыувапхъэ*ри гурыIуэгъуэнщ. Мы къэтIуэтахэми къызэрыхэщу, *″дополненэ″ зиIэ*у лажьэ *″езырыж занщIэ глагол″*хэр *″хь″ суффикс*рэ абы *хуэигъуэ ″префикс″*кIэ - ″суффиксиал″рэ ″префиксиал″у- зэрыухуэ щIыкIэм зы **″Iуэху глагол″** къызэрытехъукIынури гурыIуэгъуэщ. Ауэ икIи, мы *″Iуэху префиксиалрэ суффиксиал глагол″*ым и **″объект″**ыр -ар къызытехъукIа- **″езырыж занщIэ глагол″**ым **икIуэ** мы **″гъуэгъуанэ″**рауэ зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщи, нытIэ, къызытехъукIа *″езырыж занщIэ глагол″*ым и

*мыхьэнэ*ри *зыхэзыубыдэ*у ухуа мы **"lуэху суффиксиал префиксиал глагол"**ым и лэжьэкlэм lупщlыу зы **"объект"** зэры**хиумыубыдапхъэ**ри наlуэщ.

Мы жытlахэр зыхэплъагъуэу, *"дополненэ" зиlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"*хэмрэ я *лэжьэкlэ*хэр, икlи мыр *"езырыж занщlэ глагол"*ыр зи гугъу тщla *"хь" суффикс*рэ *игъуэ "префикс"*кlэ зэрыухуэу утыку къихьа *"lуэху префиксиал суффиксиал глагол"*хэмрэ я *лэжьэкlэ* щапхъэхэри *зэгъэпщапхъэу* мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **"Доп." зиlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"хэмрэ я лэжьэкlэхэр** | **Мыбыхэм "суффикс"рэ игъуэ "префикс"кlэ къатехъукl "lуэху преф.суф. глагол"хэмрэ я лэжьэкlэхэр** |
|---|---|
| - "Уэн": «**ар** абы **ма**уэ»; | - *"Къэухь*ын": «**абы** *къе*у*хь*»;<br>- *"Зы*ухь*ы*н": «**абы** *зе*у*хь*»; |
| - "Кlуэн": «**ар** абы **ма**кlуэ»; | - *"Къэкlухь*ын": «**абы** *къе*кlу*хь*»; |
| - "Жэн": «**ар** абы **ма**жэ»; | - *"Къэжыхь*ын": «**абы** *къе*жы*хь*»; |
| - "Плъэн": «**ар** абы **ма**плъэ»; | - *"Къэплъыхь*ын": «**абы** *къе*плъы*хь*»;<br>- *"Зы*плъыхьын": «**абы** *зе*плъы*хь*». |

Мы ипэкlи къызэрыхэдгъэщарэ зэрыгурыlуэгъуэу, *"дополненэ" зиlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"*хэр щылажьэкlэ хэлъытэ *"гъуэгуанэ"*р *зыдынэс*ращ глагол лэжьэкlэм хиубыдэ *"дополненэ"*р. Нытlэ, мы *"гъуэгуанэ"*р къыпыщэу *зэрыхь*ри зы *"lуэху"* лlэужьыгъуэу зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэр зэрылъытэнури мы *"езырыж занщlэ глагол"*ыр (пп: кlуэн) *"хь" суффикс*кlэ *игъуэ "префикс"*и (пп: къ) къищтэу зэрыхухуэри (пп: *къэкlухь*ын) зы *"lуэху префиксиал суффиксиал глагол"*ущ.

Мы утыку къихьа *"lуэху префиксиал суффиксиал глагол"*ыр *зэрылэжьэну* щlыкlэри и *"префикс"*ым (къ) *елъыта*уэщи, къызытехъукla *"кlуэн" глагол*ым хэлъытагъэххэ *"гъуэгуанэ"*р -*"хь" суффикс*кlэрэ- *зэрихь "lуэху"* зэрыгъэзащlэущ. Нытlэ, къызытехъукla *"кlуэн"* глагол лэжьэкlэм хэлъытэ *"гъуэгуанэ"*р глагол *"субъект"ым зэрихь "lуэху"*у лъыта мы *глагол лэжьэкlэм* lупщlыу *"объект"* зэры*химыубыдэ*ри гурыlуэгъуэщи, мы ипэкlэ къэта щапхъэхэми мыр хыболъагъуэр. Аращи, глагол *"субъект"ым гъуэгуанэ зэрихь*ращ мы *"lуэху префиксиал суффиксиал глагол"*ым и *лэжьэкlэ*нури, *глагол лэжьэкlэм "объект"* зэры*химыубыдэ*м нэмыщl, икlи, *"гъуэгуанэ"р зыдынэс*рэ зыдэкlуэри зэры*мылъытам* папщlэ *"дополненэ"*и *хиубыдэкъым*.

*

Ауэ, мы *"гъуэгуанэ"р зыдынэс*рэ зыдэкlуэр -*"дополненэ"*у-зэрылъытэнури *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"*кlэрэщи, нытlэ, мы зи гугъу тщlарэ я лэжьэкlэ щапхъэхэри къызыхуэтхьа *"lуэху префиксиал суффиксиал глагол"*хэр **"щlыпlэ"** лlэжьыгъуэу *игъуэ* **"префикс"**хэмкlэ *щыухуэм* деж, *я лэжьэкlэ*хэм **"щlыпlэ"** лъытэ "дополненэ"и зэрыхиубыдэнур гурыlуэгъуэнщ.

Аращи, мы ипэкlэ къэта "lуэху префиксиал суффиксиал глагол"хэр а зэрыщыту зы "щlыпlэ"ми къыщекlуэкlыу зэрылъытэнур мыбыхэм икlи зы "щlыпlэ" лlэужьыгъуэ "префикс" къызэращтэущи, мыпхуэдэуи, *"щlыпlэ"* лъытэ "дополненэ" зыхэзыубыдэ *лэжьэкlэ зиlэ "lуэху префиксиал суффиксиал глагол"*хэр -*"объект"*и зы*химыубыдэ*у- утыку къихьэнщ.

Икlи, мыпхуэдэ щапхъэхэр къызытехъукlыпхъэри мы ипэкlэ къэта *"lуэху префиксиал суффиксиал глагол"*хэрауэ (пп: *къэухьы*н) зэрыщытынур гурыlуэгъуэщи, нытlэ, ахэр икlи *"зэман/мекан"* лъытэу -*"щыпlэ" универсал* лlэужьыгъуэ- **"щы" префикс**кlэ *зэрыухуэжу* (пп: *къы**щы**ухьы*н) утыку къихьэ *"lуэху префиксивл суффиксиал глагол"*хэмрэ я *лэжьэкlэ щапхъэхэр*и мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Мы "lуэху префиксиал суффиксиал глагол"хэр "щыпlэ" лlэужьыгъуэ "префикс"кlи зэрыухуэж щапхъэхэр** | **Мы "lуэху преф. суф. глагол"ыщlэхэр "щlыпlэ" лъытэ "дополненэ"кlэ -"объект"ыншэу-зэрылажьэ щапхъэхэр** |
|---|---|
| - *"Къэухьы*н" → *"Къы**щы**ухьы*н" →<br>- *"Зыухьы*н" → *"Зы**щы**ухьы*н" → | - «**абы** абы *къы**щ**еухь*»;<br>- «**абы** абы *зы**щ**еухь*»; |
| - *"Къэкlухьы*н" → *"Къы**щы**кlухьы*н" → | - «**абы** абы *къы**щ**екlухь*»; |
| - *"Къэжьхьы*н" → *"Къы**щы**жьхьы*н" → | - «**абы** абы *къы**щ**ежьхь*»; |
| - *"Къэпъыхьы*н" → *"Къы**щы**пъыхьы*н" →<br>- *"Зы**щ**плъыхьы*н" → *"Зы**щы**плъыхьы*н" → | - «**абы** абы *къы**щ**еплъыхь*»;<br>- «**абы** абы *зы**щ**еплъыхь*». |

*

"Дополненэ" зиlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол" гуэрхэр игъуэ "префикс"кlэрэ "суффиксиал"у зэрыухуэу утыку къихьа "lуэху префиксиал суффиксиал глагол"хэм я лэжьэкlэхэу ипэкlэ къэтахэм "субъект" нэмыщl "щхьэ" -"объект"и- зэрыхимыубыдэр нэрылъагъущи, ахэр "щlыпlэ" лlэужьыгъуэ "префикс"кlэ -"щы" префикскlэ- зэрыухуэжу утыку къихьауэ мы ипэкlэ къэта "lуэху префиксиал суффиксиал глагол"хэм "щlыпlэ" лъытэ "дополненэ" хэлъыта щхьэ, "объект" зэрыхимыубыдэри нэрылъагъущ.

Ауэ, "дополненэ" зиlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"хэм игъуэ "префикс"кlэрэ "суффиксиал"у къытехъукl "lуэху префиксиал суффиксиал

глагол″хэр ″объект″ зыхиубыдэу зэрыухуэфынухэри гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, мы глаголхэр мы ипэкIэ ″дополненэ″ зэрыхэлъытэ ″щIыпIэ″ лIэужьыгъуэ ″префикс″кIэ зэрыухуахэм хуэдэжу, ахэр *″объект″ зэрыхэлъытэ*у зэрыухуэну *игъуэ* **″префикс″**кIэ *зэрыухуэ глагол* щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщи, я *лэжьэкIэхэм* **″объект″** *зэрыхэлъытэ* щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

| **″Езырыж глагол″ым къытехъукIа ″Iуэхупрификсиалсуффиксиалглагол″хэр ″объект″и зыхэлъытэну ″префикс″кIэ зэрыухуэж щапхъэхэр** | **Мы ″префикс″кIэ ухуа ″Iуэхупреф. суф. глагол″ыщIэхэм - ″объект″и зэрыхэлъытэ- я лэжьэкIэ щапхъэхэр** |
|---|---|
| - *″Къэухъ*ын″ → *″Къызэхэухъ*ын″ →<br>- *″Зыухъ*ын″ → *″Зэхэухъ*ын″* → | - «**абы** ар *къызэхе**ухь***»;<br>- «**абы** ар *зэхе**ухь***»; |
| - *″КъэкIухъ*ын″ → *″КъызэхэкIухъ*ын″ → | - «**абы** ар *къызэхе**кIухь***»; |
| - *″Къэжыхъ*ын″ → *″Къызэхэжыхъ*ын″ → | - «**абы** ар *къызэхе**жыхь***»; |
| - *″Къэпъыхъ*ын″ → *″Къызэхэпъыхъ*ын″ →<br>- *″Зыплъыхъ*ын″ → *″Зэхэплъыхъ*ын″* → | - «**абы** ар *къызэхе**плъыхь***»;<br>- «**абы** ар *зэхе**плъыхь***». |

Дауи, **адыгэбзэ**р **макъыбзэ**у зэрыщыткIэ **мыхьэнэбзэ**рэ **лэжьэкIэбэ**у щытщи, глаголхэм *зэмылIэужьыгъуэ еджэкIэ*рэ *лэжьэкIэ* зэраIэфынур гурыIуэгъуэнщ. Араци, *″дополненэ″ зулэу лажьэ ″езырыж занщIэ глагол″*хэр *-игъуэ ″префикс″*и дищIыгъуу- *″хь″ суффикс*кIэрэ зэрыухуам ипкъ зэриткIэ *″Iуэхупрификсиалсуффиксиалглагол″*у утыку къихьауэ - *″объект″и зыхиубыдэ*у- мы зи *лэжьэкIэ* щапхъэхэри къызыхуэтхьа гуэрхэр *икIи ″езырыж глагол″*уи зэрыл*ъытапхъэ*фынури гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, мы къэта щапхъэхэм щыщу *″езырыж глагол″* лIэужьыгъуэуи лъытапхъэхэр *″*″* нэгъыщэкIэ *къыхэдгъэщ*ащи, мыбыхэм *я ″езырыж глагол″ лэжьэкIэ щапхъэ* гуэрхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - *″Зэхэухъ*ын″: «**ахэр** *зэхоухь*(хэ)»;<br>- *″Зэхэплъыхъы*н″: «**ахэр** *зэхоплъыхь*(хэ)». |

*

Мы ипэкIэ, *″дополненэ″ зулэу лажьэ ″езырыж занщIэ глагол″*хэр *-игъуэ ″префикс″*и дищIыгъуу- *″хь″ суффикс*кIэрэ зэрыухуэу утыку къихьа *″Iуэхупрификсиалсуффиксиалглагол″*хэр *″дополненэ″ зыхимыубыдэ*у зэрылажьэ щапхъэхэм нэмыщI, *″щIыпIэ″* лIэужьыгъуэ *″префикс″*кIэ *зэрыухуэжу ″дополненэ″ зыхиубыдэу зэрылажьэ* щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуащ; мыбыи къыкIэлъыкIуэу, *″объект″* зыхиубыдэу зэрылэжьэну *″префикс″*и къищтэу *зэрыухуэжрэ зэрылажьэ* щапхъэхэри къадгъэлъэгъуащ.

Нытlэ, мы *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"*рэ *"объект" лъытэ "префикс"*и зыхиубыдэу *зэрыухуэж*рэ икlи *зэрылажьэ* щапхъэхэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **"Езырыж глагол"ым къытехъукlа "lуэху префиксиал суффиксиал глагол"хэр "объект"рэ "дополненэ"и зыхэлъытэну "префикс"кlэ зэрыухуэж щапхъэхэр** | **Мы "префикс"хэмкlэ ухуа "lуэху преф. суф. глагол"ыщlэхэм - "объект"рэ "дополненэ"и зэрыхэлъытэ- я лэжьэкlэ щапхъэхэр** |
|---|---|
| - *"Къэухъ*ын" → *"Къыщызэхэухъ*ын; *Къызэщы*ухъын" →<br>- *"Зы*ухъын" → *"Щызэхэухъ*ын; *Зэщыхэ*ухъын"* → | - «**абы** ар абы *къыщызэхе**ухъ***»; «**абы** ар абы *къызэщыхе**ухъ***»;<br>- «**абы** ар абы *щызэхе**ухъ***»; «**абы** ар абы *зыщыхе**ухъ***»; |
| - *"Къэкlухъ*ын" → *"Къыщызэхэкlухъ*ын; *"Къызэщыхэкlухъ*ын" → | - «**абы** ар абы *къыщызэхе**кlухъ***»; «**абы** абы *къызэщыхе**кlухъ***»; |
| - *"Къэжыхъ*ын" → *"Къыщызэхэжыхъ*ын; *Къызэщыхэжыхъ*ын" → | - «**абы** ар абы *къыщызэхе**жыхъ***»; «**абы** абы *къызэщыхе**жыхъ***»; |
| - *"Къэпъыхъ*ын" → *"Къыщызэхэпъыхъ*ын; *Къызэщыхэпъыхъ*ын" →<br>- *"Зы*плъыхъын" → *"Щызэхэплъыхъы*н; *Зэщыхэплъыхъы*н"* → | - «**абы** ар абы *къыщызэхе**плъыхъ***»; «**абы** абы *къызэщыхе**плъыхъ***»;<br>- «**абы** ар абы *щызэхе**плъыхъ***»; «**абы** ар абы *зэщыхе**плъыхъ***»; |

**Мы къэта щапхъэхэм тежыlыхьыпхъэ гуэрхэри къыпытщэнщ:**

- Мы къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэу, *"щы"рэ "зэ" префикс*ым *unlэ*р *зэрызэхъуэкlыф*ыр гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэуи *глаголит*lыу ухуахэр *зэхуэдэ lуэху*гъуэ зэрылъытэу щыт щхьэ, я *гъэзэщlэкlэ*у *мащlэу зэщхьэщыкl*ыуи лъытапхъэхэрщ.

- Мыбыхэм нэмыщl, ипэкlэ къызэрыпыщlэхуауэ, мыбы *"lуэху префиксиал суффиксиал глагол"*ыщlэхэми *"езырыж префиксиал суффиксиал глагол"*уи лъытапхъэхэр -*"*"* нэгъыщэкlэ къыхэгъэщауэ- яхэтщи, нытlэ, мыпхуэдэхэр икlи *"езырыж занщlэ глагол"*хэм *"префикс"*рэ *"суффикс"*кlэрэ *къатехъукla*уи лъытапхъэ мы *"езырыж префиксиал суффиксиал глагол"*хэуи лъытапхъэнщ. Мы илъабжьэм мы *глаголх*эмрэ я *лэжьэкlэ щапхъэ*хэри къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «*Щызэхэухъ*ын: «**ахэр** абы *щызэхоухъ*(хэ); «*Зэщыхэ*ухьын: «**ахэр** абы *зэщыхоухъ*(хэ)»
- «*Щызэхэплъыхъы*н: «**ахэр** абы *щызэхоплъыхъ*(хэ)»; «*Зэщыхэплъыхъы*н: «**ахэр** абы *зэщыхоплъыхъ*(хэ)».

*

Зэрыгурыlуэгъуэу, **"lуэху глагол"**хэр -фlэкlыпlэ имыlэу- ***"объект"*** *зulэу лажьэу* зэрыщытри щыжтlагъащ ипэкlи, мы къэта щапхъэ гуэрхэм мы жытlауэ щытар -**с**ытым дежи- зэры**мыпэж**ыр къагъэлъагъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэу зэрыщытри адыгэбзэм теухуауэ жыlэпхъэщ.

Араща, мы ипэкlэ *"дополненэ" зиlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"*хэм *"суффикс"*кlэрэ *-игъуэ "префикс"*и зыдищlыгъуу- къатехъукl **"lуэху префиксиал суффиксиал глагол"**хэм я **лэжьэкlэ**хэм *"щхьэ"уэ "субъект" закъуэ зыхэзыубыдэр* –ауэ, **"объект" зэрыхимыубыдэ**р- мы ипэкlэ къэта къэта щапхъэхэмкlэ нэрылъагъущ. Ауэ, мыпхуэдэу щытми, мы зи гугъу тщlы *глаголыр зы* **"lуэху глагол"**у *зэрыщытми гурыщхъуэ телъкъым*; ар щхьэ, мы *глагол*ыр **"лъэlэс глагол"**у *лъытэн папщlэ*, абы мы и **лэжьэкlэм** зы *игъуэ* **критер къызэрыхэмыщ**ри гурыlуэгъуэнщ. Араща, **"субъект"**ым **нэмыщl** *"щхьэ"* **зыхэзымыубыдэ глагол лэжьэкlэр** зыдынэс **-зылъэlэс-**зэры**щымыlэ**р наlуэщи, мыпхуэдэ глаголыр *"лъэlэс"у лъытэ зэрымыхъу*нур гурыlуэгъуэнщ. Дауи, -мы ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ-*мыпхуэдэ глагол лэжьэкlэ*м *"субъект"*ыр *"lуэху"* лlэужьыгъуэу зэрыхиубыдэрэ, *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*ри *"lуэху"* лlэужьыгъуэу зэры*зэпкъырыува*р lупщlщи, ар зы *"lуэху глагол"*у зэрыщытым гурыщхъуэ зэрытемыщlыхьыпхъэри наlуэщ. Нытlэ, мы жытlахэм аргуэру къагъэлъагъуэри **адыгэбзэ**м и **глаголхэр** а *нэхъ лъабжьэ*рэ *игъуэу* **зэрызэщхьэщыгъэкlыпхъэр** *"лъэlэс – лъэмылэс" нэхърэ* **"lуэху - езырыж"**у зэрыщытыращ.

Дауи, *"дополненэ" зиlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"*хэм *игъуэ префикс"*рэ *"суффикс"*кlэрэ къатехъукlауэ зи гугъу тщla *"lуэху префиксиал суффиксиал глагол"*хэм я лэжьэкlэхэм *"объект"* зэрыхэлъытэнури *игъуэ "префикс"* къызэращтэущи, нытlэ, мыпхуэдэ *"префикс"хэри къызэращтэу* утыку къихьэ *"lуэху префиксиал суффиксиал глагол"*хэм я *лэжьэкlэ* щапхъэхэри *-"объект" зэрыхиубыдэ*у- мы ипэкlэ къыщыгъэлъэгъуащ. Мыбы къыщымынэу, мы *"lуэху префиксиал суффиксиал глагол"*хэми *игъуэ "префикс"*кlэрэ –пп: *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"*кlэ- *зэрыухуэ*у, я *лэжьэкlэ*хэм *"дополненэ"и зэрыхэлъытэ* щапхъэхэри мы ипэкlэ къыщыдгъэлъэгъуащ. Нытlэ, мыбыхэми къакlэлъыкlуэжу мы *лэжьэкlитlы*р зэры*зэгухьэу*, *"объект"*рэ *"дополненэ"*и *зыхэзыубыдэ лэжьэкlэ* зыгъуэтыну *"lуэху префиксиал суффиксиал глагол"*хэри мы зи гугъу тщla *"префикс" гупитlы*р *зэдэщlыгъуу зэрыухуэ*хэмрэ я *лэжьэкlэ* щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуащ.

Араща, мы къэтlуэтахэм аргуэру къикlыр *адыгэбзэ*р зы *макъыбзэ*у зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, *мыхьэнэбэ*рэ *лэжьэкlэбэ*у зэрыщытращи, дэтхэнэ зы глагол гупым теухуа лэжьыгъэу щырет, зы *шаблоным инауэ щыткъым адыгэбзэ*м и *лэжьэкlэ*ри, *макъ*хэм я *мыхьэнэ*рэ я *къалэнх*эм

*елъыта*рэ *теухуа*уэ узыхуей зы *лэжьэкlэ*рэ *къэlуэтэкlэ*м *зыкъызэригъэлъэгъуэф*ынур наlуэщ.

**″lуэху занщlэ глагол″хэм игъуэ ″префикс″кlэрэ ″суффиксиал″у ″lуэху префиксиал суффиксиал глагол″ къазэрытехъукlым теухуауэ.**

*"Дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"хэм игъуэ "префикс"кlэрэ "суффикс" къызэращтэу "lуэху префиксиал суффиксиал глагол"у зэрыухуэхэм теухуауэ.*

*"Дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*хэр щылажьэкlэ зы *"гъуэгуанэ" зыхь* глагол лlэужьыгъуэхэрщи, ныtlэ, мы *глагол*хэм я *лэжьэкlэ*хэм хэлъытэ *мы "гъуэгуанэ"*р -глагол мыхьэнэрэ гъэзэщlэкlэми елъытауэ- *къызэрыпыщэ*рэ *зэрыхь* зэрылъытэ **″суффикс″**рэ, мыпхуэдэ *зекlуэкlэ*м *"кондицэ"* хуэхъу -**″щыкlэ″** лlэужьыгъуэу- *игъуэ "префикс"*и къызэрищтэу утыку къихьэ *"lуэху префиксиал суффиксиал глагол"*хэмрэ, мыбыхэм *я лэжьэкlэ* щапхъэ гуэрхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - Хьын → «*е*хьэ*кlы*н (**абы** ар абы *ир***е**хьэ*кl*), *е*хьэ*хы*н, *е*хьэ*лlэ*н; *дэ*хь*еи*н; *нэ*хьэ*сы*н, *зэхуэ*хьэ*сы*н»; |
| - Чын → «*е*чэ*кlы*н/*е*чы*кlэ*н, *е*чы*хы*н (**абы** ар абы *ир***е**чы*х*); *дэ*чеин»; |
| - Хун → «*е*хуэ*кlы*н, *е*ху*хы*н, *е*ху*лlэ*н (**абы** ар абы *ир***е**ху*лlэ*); *дэ*хуеин»; |
| - Дзын → «*е*дзэ*кlы*н, *е*дзы*хы*н, *е*дзы*лlэ*н; *дэ*дзе*и*н (**абы** ар абы *д***е**дзе*й – ды***е**дзе*й*)»; |
| - Шэн → «*е*шэ*кlы*н (**абы** ар абы *ир***е**хьэ*кl*), *е*шэ*хы*н, *е*шэ*лlэ*н; *дэ*ше*и*н»; |
| - Тхъун → «*е*тхъуэ*кlы*н, *е*тхъу*хы*н (**абы** ар абы *ир***е**тхъу*х*), *е*тхъу*лlэ*н; *дэ*тхъуе*и*н». |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр:**

- Дэтхэнэ зы *глагол*ыр зытеухуа *"хьэрычэт"*ыр *къызэрыпыщэу зэрызекlуэ*р зэрылъытэ *"суффикс"*кlэрэ *зэрылэжьэну "кондицэ"* зэрылъытэ *"префикс"и* къызэрищтэущ *"префиксиал суффиксиал глагол"*хэр зэрыухуэри, икlи, глаголхэр зэрыухуэну мы *"суффикс"рэ "префикс"*хэри *глагол мыхьэнэ*рэ *зэрыгъэзэщlэну* щlыкlэм *езэгъын* зэры*хуей*уэ зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Мыхэр зыхэплъагъуэ щапхъэхэу жыlэпхъэщ мы ипэкlэ къэгъэлъэгъуахэри, *"дополненэ" зиlэу лажьэ мы "lуэху занщlэ глагол"*хэм *зэхуэдэ "префикс"рэ "суффикс" къызэращтэф*ыр абыхэм а глаголхэм *я мыхьэнэрэ гъэзэщlэкlэр зэпэгъунэгъу*у –зэщхь гъэзэщlэкlэ яlэу-зэрыщытым папщlэщ.

- Мыбы нэмыщl, *"дополненэ" зиlэу лажьэ* мы *"lуэху занщlэ глагол"*хэм я лэжьэкlэхэм хэлъытэ *"гъуэгуанэ"*р *къызэрыпыщэ*рэ *зыдэхь*ыр зэрылъытэну *"суффикс"*хэмрэ, мыпхуэдэ кlуэкlэм *хуэигъуэ "префикс"*хэри ягъэзащlэ *къалэн*рэ

мы *зэрызэпыщlа* щlыкlэхэри къыхэдгъэщыныр игъуэщи, ятежыlыхьыпхъэхэри мы илъабжьэм къыщыпытщэнщ:

* Аращи, псалъэм папщlэ, *"гъуэгуанэ"*р -занщlэу къыпымыщэу- и *лъагъуэм икlа*рэ *зы лъэныкъуэмкlэ гъазэ*уэ *"екlуэкl"*ыу лъытапхъэр *"кl" суффикс*кlэщ зэрылъытэри, а лъэныкъуэм зэры*хуэкlуэ*ри *"е* (иэ)*" префикс*кlэ лъытапхъэнщ (пп: *е*хьэ*кlы*н).

* Глагол лэжьэкlэу лъыта *"гъуэгуанэ"р илъабжьэ лъэныкъуэ*мкlэ *унэтl*ыу *"ех"*ыу щытмэ, мыпхуэдэр зэрыигъуэу *"х" суффикс*кlэрэщ зэрылъытэнури, мы лъэныкъуэм зэры*хуэкlуэ*ри *"е" префикс*кlэ лъытапхъэнщ (пп: *е*хьэ*хы*н).

* Мыбы нэмыщl, глагол мыхьэнэми елъытауэ, *"гъуэгуанэ"*р зыдэ*кlуфын хуэдиз кlуа*рэ а зыдэкlуэм *екlуэлlамэ*, мыри *"лl" суффикс*кlэрэщ зэрылъытэнури, абы зэры*хуэкlуэ*ри *"е" префикс*кlэщ зэрылъытапхъэр (пп: *е*хьэ*лl*эн).

* Мыпхуэдэу, зыдэ*кlуэфын хуэдзиз кlуа*рэ абы *нэсамэ*, *"с" суффикс*кlэ лъытэнщи, мы зы*хуэкlуэ*ри *"е" префикс*ымрэ -глагол мыхьэнэми зэрелъытауэ- *"н" префикс* е *нэгъуэщl "префикс"* гуэрым *елъыта*уэщ зэрыгъэзэщlэнури гурыlуэгъуэнщ (пп: *н*эхьэ*сы*н; *зэхуэ*хьэ*сы*н).

* Мыбыхэм нэмыщl, глагол лэжьэкlэм хэлъытэ *"гъуэгуанэ"*р *ищхьэ лъэныкъуэ*мкlэ *гъэза*мэ, мыр *"у = х²"* хуэдэ зы *функцэ* зиlэ *"еи/ей* (иэи/иэй)*" суффикс*кlэрэ *дэшей*уэ (пп: дз*ей*) зэрыщытым *"префикс"*у *хуэныкъуэ*ри мы *ищхьэ лъэныкъуэ*р *"дэкlуэипlэ*у - *зэтет*у - *зэтещlыхьа"*уэ зэрылъытэну *"дэ" префикс*у лъытапхъэщ (пп: *дэ*хьеи*н*). – Ауэ, *"ей" суффикс*кlэ лъыта *ищхьэ лъэныкъуэ*р *зэтет*рэ зэры*дэкl "щlыкlэ"*у мы зэрылъыта *"дэ" префикс*ыр икlи мыпхуэдэ зы *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"*у зэрылъы*тапхъэ*нури къыхэгъэщыпхъэщ.

\- Зэрыгурыlуэгъуэу *хуэкlуэ/екlуалlэ* зэрылъытэ *"е" префиксиал*у ухуа *"lуэху префиксиал глагол"*хэр *"объектив"* лlэужьыгъуэ *"субъект"*кlэ *зэрылажьэ*р *"ире/ири"* формэ *"префикс"*кlэрэщ. Ауэ, мы ипэкlэ къэта щапхъэхэм -ищхьэ лъэныкъуэм дэкlыу- *"х²" функцэ*у лъытапхъэ *"ей" суффиксиал*у ухуахэм *хуэигъуэ "префикс"*ри *"*дэкl - дэкlуей - дэщlея*"*уэ щыту *зэтеува*рэ *зэтещlыхьа* зэрылъытэ *"дэ" префикс*ырщи, мы ипэкlэ *"дэдзеи*н*"* глагол *лэжьэкlэ* щапхъэр *"***абы** ар абы *д***е**дз*ей"*уэ къызэрыlуэтэнум нэмыщl, икlи *"дыр***е**дз*ей"*уи *къызэрыlуэтапхъэ*у къызэрыхэдгъэщари нэрылъагъущи, мыр *"е" префиксиал*у ухуа *"lуэху глагол"*хэм я *лэжьэкlэ*у зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэу щlыщытыр мы *"дэ"*м и *мыхьэнэ*мрэ *суффикс*ри *"ей"*уэ зэрыщытым теухуащ: *гъэзащlэ lуэху*р занщlэу мыгъэзащlэу *дэшея*уэ зэрыгъэзащlэр –ищхьэ лъэныкъуэмкlэ *"зэрыдэшей"*р- *"ири/ире"* формэ *префиксиал*у ухуа псалъэхэмкlэ *нэхъ игъуэ*рэ икlи *нэсу лъытапхъэ*рэ *къэlуэтапхъэ*у жыlэпхъэнщ. Нытlэ, *"дэ" префикс*рэ *"ей" суффиксиал*у ухуа *глагол*хэм щыщу зи *лэжьэкlэ щапхъэ* къызыхуэтхьа *"дэдзеин"* глаголым *нэмыщlхэри* мы илъабжьэм -я *лэжьэкlэ щапхъэ*хэр къахупытщэжу- къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «*дэдзеи*н (**абы** ар абы *д***е**дз*ей – дыр***е**дз*ей*)»;
.....
- *"Дэчеи*н": «**абы** ар абы *д***е**ч*ей – дыр***е**ч*ей*)»;
- *"Дэхуеи*н": «**абы** ар абы *д***е**ху*ей – дыр***е**ху*ей*)»;
- *"Дэшеи*н": «**абы** ар абы *д***е**ш*ей – дыр***е**ш*ей*)»;
- *"Дэтхъуеи*н": «**абы** ар абы *д***е**тхъу*ей – дыр***е**тхъу*ей*)».

*

Мы илъабжьэми *"дополненэ" зилэу лажьэ*у мы зи гугъу тщIа *"Iуэху занщIэ глагол"*хэм я *лэжьэкIэ*хэм хэлъытэ *"гъуэгуанэ"*р *къызэрыпыщэ*рэ *зэрыхь*ыр зэрылъытэ **"суффикс"**рэ, мыпхуэдэ *зекIуэкIэ*ри зыхуэныкъуэ - **"щIыпIэ"** лIэужьыгъуэ- *игъуэ* **"префикс"**и къызэрыпыхьэу утыку къихьэ *"Iуэху префиксиал суффиксиал глагол"*хэмрэ, *я лэжьэкIэ* щапхъэ гуэрхэри къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - Хьын → «*Iу*хьэ*лI*э*н* (**абы** ар абы *Iу***е**хьэ*лI*э), *къуэ*хьэ*лI*э*н*, *гуэ*хьэ*лI*э*н*». |
| - Чын → «*хэ*чы*кIы*н (**абы** ар абы *х***е**чы*кI*); *дэчы**кIы**н*; *щIэ*чы*кIы*н; *фIэ*чы*кIы*н; *пы*чы*кIы*н». |
| - Хун → «*Iу*ху*кIы*н, *Iу*ху*лI*э*н* (**абы** ар абы *Iу***е**ху*лI*э); *къуэ*ху*лI*э*н*, *гуэ*ху*лI*э*н*, *дэ*ху*лI*э*н*, *фIэ*ху*лI*э*н*; *пы*ху*лI*э*н*, *пы*ху*кIы*н». |
| - Дзын → «*Iу*дзы*кIы*н, *Iу*дзы*лI*э*н*, *Iу*дзы*хьы*н; *къуэ*дзы*кIы*н, *къуэ*дзы*лI*э*н*, *къуэ*дзы*хьы*н; *гуэ*дзы*кIы*н, *гуэ*дзы*лI*э*н*, *гуэ*дзы*хьы*н; *хэ*дзы*кIы*н, *хэ*дзы*лI*э*н*, *хэ*дзы*хьы*н; *дэ*дзы*кIы*н, *дэ*дзы*лI*э*н*, *дэ*дзы*хьы*н; *щIэ*дзы*кIы*н, *щIэ*дзы*лI*э*н*, *щIэ*дзы*хьы*н; *фIэ*дзы*кIы*н, *фIэ*дзы*лI*э*н*, *фIэ*дзы*хьы*н; *пы*дзы*кIы*н, *пы*дзы*лI*э*н*, *пы*дзы*хьы*н (**абы** ар абы *п***е**дзы*хь*)». |
| - Шэн → «*гуэ*шэ*кIы*н (**абы** ар абы *гу***е**шэ*кI*), *гуэ*шэ*лI*э*н*, *гуэ*шы*хьы*н; *фIэ*шэ*кIы*н, *фIэ*шэ*лI*э*н*, *фIэ*шы*хьы*н». |
| - Тхъун → «*Iу*тхъу*кIы*н, *Iу*тхъу*лI*э*н*, *Iу*тхъу*хьы*н; *къуэ*тхъу*кIы*н, *къуэ*тхъу*лI*э*н*, *къуэ*тхъу*хьы*н; *гуэ*тхъу*кIы*н, *гуэ*тхъу*лI*э*н*, *гуэ*тхъу*хьы*н (**абы** ар абы *гу***е**тхъу*кI*); *хэ*тхъу*кIы*н, *хэ*тхъу*хьы*н; *дэ*тхъу*кIы*н, *дэ*тхъу*хьы*н; *щIэ*тхъу*кIы*н, *щIэ*тхъу*хьы*н; *фIэ*тхъу*кIы*н, *фIэ*тхъу*лI*э*н*, *фIэ*тхъу*хьы*н; *пы*тхъу*кIы*н, *пы*тхъу*лI*э*н*, *пы*тхъу*хьы*н». |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауи къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр:**

- Зэрыгурыlуэгъуэу, мы *"Iуэху префиксиал суффиксиал глагол"*хэр *къызытехъукIа "Iуэху занщIэ глагол"*ым и *мыхьэнэр а зэрыщыту къызэтенэ*ущ утыку къызэрихьари, нытlэ, а *глагол мыхьэнэ*рэ *гъэзэщIэкIэ*м *хуэигъуэ*рэ хуэфащэ *"суффикс"*рэ *"префикс"*хэмкlэ зэрыухуари гурыlуэгъуэнщ.

- Мы къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэу, *"гъуэгуанэ"*р *къызэрыпыщэ* зэрылъытэ *"суффикс"*ым елъытауэ *хуэныкъуэ "щIыпIэ"* лIэужьыгъуэ *"префикс"* къызэрищтэу ухуэ *"Iуэху префиксиал суффиксиал глагол"*хэрщ мыхэри, псалъэм папщIэ, *глагол*ыр (пп: хьын) *щылажьэкIэ* хэлъытэ *"гъуэгуанэ"*р *зыдэкIуэф*ын хуэдизыр зэрылъытэу *зэуэлIэн*ур зэрылъытэ *"лI" суффикс*ыр *зыхуэныкъуэ* – хуэигъуэ- *"щIыпIэ"* лIэужьыгъуэ *"префикс"* (Iу, къуэ, гуэ) къищтэущ *"Iуэху префиксиал суффиксиал глагол"*у зэрыухуэр. Араща, дэтхэнэ зы *глагол*ым и

*мыхьэнэ*рэ *гъэзэщlэкlэ*мрэ и лэжьэкlэм хэлъытэ *"гъуэгуанэ"р къызэрыпыщэ "суффикс"*ыр икlи абы *хуэигъуэ "префикс"*ыр я *мыхьэнэ*рэ *къалэн*кlэ *зэтехуэн хуейуэ* зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщи, мы ипэкlэ къэта лэжьэкlэ щапхъэхэм дэтхэнэ зы глаголым ″суффикс″рэ ″щlыпlэ″ лlэужьыгъуэ ″префикс″у хъуар къызэримыщтэр нэрылъагъущ.

*"Дополненэ" зимыlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"хэм игъуэ "префикс"кlэрэ "суффикс" къызэращтэу "lуэху префиксиал суффиксиал глагол"у зэрыухуэхэм теухуауэ.*

Мы *"дополненэ" зимыlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*хэри *"суффиксиал"*у *игъуэ "щlыкlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"*хэкlэрэ зэрыухуэ *"lуэху префиксиал суффиксиал глагол"* щапхъэхэмрэ, *я лэжьэкlэ* гуэрхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- Жъын → «*ежьык!ы*н/*ежьэк!ы*н (**абы** ар абы *ир***е**жьэ*к!*/**абы** ар абы *ир***е**хьэ*к!*), *ежьых!ы*н, *ежьыл!э*н; *дэжьеи*н»;
- Зын → «*езык!ы*н, *езых!ы*н (**абы** ар абы *ир***е**зых), *езыл!э*н; *дэзеи*н»;
- Щын → «*ещык!ы*н/*ещэк!ы*н, *ещых!ы*н *ещыл!э*н (**абы** ар абы *ир***е**щыл!э); *дэщеи*н»;
- Щэн → «*ещэк!ы*н (**абы** ар абы *ир***е**щэ*к!*), *ещэх!ы*н, *ещэл!э*н; *дэщеи*н»;
- Щlын → «*ещlык!ы*н, *ещlых!ы*н, *ещlыл!э*н; *дэщlеи*н (**абы** ар абы *дыр***е**щl*ей*)»;
- Щlэн → «*ещlэк!ы*н, *ещlэх!ы*н (**абы** ар абы *ир***е**зых), *ещlэл!э*н; *дэщlеи*н».

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр:**

- Зэрыгурыlуэгъуэу, *ек!уэл!э*нрэ *хуэк!уэ* зэрылъытэ *"щlык!э"* лlэужьыгъуэ *"е" префикс*ыр *зэк!уал!э*рэ *зыхук!уэ*и зэрылъытэу *"дополненэ"*и зыхэзыубыдапхъэрщи, мы къэта глагол лэжьэкlэ щапхъэхэри мыпхуэдэу зэрыщытыр нэрылъагъущ.

- Ауэ икlи, *глагол мыхьэнэ*ми *елъыта*щи, мы къэта глагол *лэжьэкlэ гуэрхэр* {пп: *″езыл!э*н; *дэзеи*н″; *″дэщеи*н (щэн)″} зэры*имыгъуащэ*рэ бзэми зэрыщыземыкlуэнур гурыlуэгъуэнщ.

- Мыбыхэм нэмыщl, *глагол мыхьэнэ*мрэ, къищтэ *"суффикс"*рэ *"префикс"*ым *елъыта*уэ *псалъэ*хэр *"э-ы" зэрызэхъуэкl*ыу *къызэрыlу* щыlэщи, мы къэта щапхъэхэм мыпхуэдэхэри хыболъагъуэр.

*

Мы илъабжьэми мы *"дополненэ" зимыlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*хэр *"суффиксиал"*у зэрыухуэхэм хуэ*игъуэ "щlыпlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"*и къащтэу *"lуэху префиксиал суффиксиал глагол"*у зэрыухуэхэмрэ, *я лэжьэкlэ* гуэрхэри къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- Жъын → «*lу*жьык!ы*н* (**абы** ар абы *lуе*жьык*!*); *къуэ*жьых*ъы*н; *гуэ*жьыл!э*н; *щlэ*жьых*ы*н»;
- Зын → «*lу*зык!ы*н*; *къуэ*зыл!э*н* (**абы** ар абы *къу***е**зыл!э); *гуэ*зых*ы*н; *щlэ*зых*ъы*н»;

- Щын → «*l*ущы*кlы*н; *къуэ*щы*хьы*н; *гуэ*щы*лlэ*н (**абы** ар абы *гуе*щы*лlэ*); *дэ*щы*хьы*н; *щlэ*щы*хьы*н»;
- Щэн → «*l*ущы*хьы*н (**абы** ар абы *lуе*щы*хь*); *къуэ*щэ*кlэ*н; *гуэ*щы*лlэ*н; *щlэ*щэ*хы*н; *дэ*щы*хьы*н»;
- Щlын → «*l*ущlы*кlы*н; *къуэ*щlы*хьы*н; *гуэ*щlы*лlэ*н; *хэ*щlы*хьы*н; *дэ*щlы*хьы*н (**абы** ар абы *дe*щl*ыхь*); *щlэ*щlы*кlы*н»;
- Щlэн → «*l*ущlэ*кlэ*н; *къуэ*щlы*хьы*н (**абы** ар абы *къуе*щlы*хь*); *гуэ*щlы*лlэ*н; *хэ*щlы*кlы*н».

Мы къэта щапхъэхэми *глагол мыхьэнэм елъытауэ имыгъуащэ лэжьэклэ*рэ бзэми щыземыкlуащэхэр яхэтщ; ауэ икlи, мы щапхъэхэр зэрыгъэбэгъуапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

**Зэрыухуагъэххэу ″префиксиал суффиксиал глагол″ лъытапхъэмэ...**

Ипэкlэ *зэрыухуагъэххэу "lуэху суффиксиал глагол"*хэм я гугъуитщlакъым; икlи, мыбы ипэlуэкlэ зи гугъу тщla ″езырыж глагол″хэм дежи *зэрыухуагъэххэу "езырыж суффиксиал глагол"*хэми *я гугъу тщlатэкъым*. Мыбыхэм я гугъу щlэдымыщlам я *щхьусыгъуэ*ри *мыпхуэдэ*у лъытапхъэ *глаголхэр* икlи -нэхъапэу- *макъ зы бжанэ* зыхэзыубыдэу *зэрыухуагъэххэу "занщlэ глагол"*у утыку къихьахэрауэ зэрылъытапхъэм папщlэщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, *макъ зы бжанэ* зыхэзыубыдэу -зы *глагыпхъэм къыпыхьэ макъ гуэр*кlэрэ- *зэрыухуагъэххэу "занщlэ глагол"*хэр мы зэрыухуа щlыкlэкlэ *"суффиксиал глагол"*у *лъытэныр гугъущ*. Ауэ, ипэкlи щыгъазэ дызэрыхуэхъуауэ, ухуагъэххэ *глаголхэр "суффикс"* къызэращтэу занщlэу *"суффиксиал глагол"*у зэрыухуэхэри гурыlуэгъуэщ.

Дауи, мыбдежым зи гугъу тщlын хуейуэ къытпэщыт *зэрыухуагъэххэу "lуэху префиксиал суффиксиал глагол"*хэри -*"глаголыпхъэ"* гуэрым *игъуэ "префикс"* къызэрищтэу- *зэрыухуагъэххэу "lуэху префиксиал глагол"*хэу утыку къихьауэ *лъытэн хуей*уи къыщlэкlынщ. Икlи, ипэкlи ″езырыж глагол″хэм теухуауэ *зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал суффиксиал глагол"*хэм *я гугъу*и зэры*дымыщlа*ри ахэри -*"глаголыпхъэ"* гуэрым *игъуэ "префикс"* къызэрищтэу- *зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксил глагол"*у зэрыщытхэм папщlэу къыщlэкlынщ.

Аращи, мыпхуэдэ щапхъэхэрщ -псалъэм папщlэ- *"lуэху глагол"* лlэужьыгъуэу щыт *"ехухын"*ымрэ *"езырыж глагол"* лlэужьыгъуэу щыт *"ехуэхын"*ри, мыхэр *зэрыухуагъэххэу "е" префиксиалу ухуа "префиксиал глагол"* лlэужьыгъуэхэрщ. Аращи, *"хухын" глаголыпхъэм "е" префикс*

къищтэу *зэрыухуагъэххэу "lуэху префиксиал глагол"*у утыку къихьар *"ехухьын"*рауэ; *"хуэхын" глаголыпхъэ*м *"е" префикс* къищтэу *зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал глагол"*у утыку къихьари *"ехуэхьын"*рауэ лъытапхъэщ.

Ауэ, мыхэр икlи *илъабжьэ* лъэныкъуэм *"х" суффикс*кlэрэ -"хы"м-*"ху"*уэ (хун) е *хуэклуэ*у ("хуэ-ы" → "ху") зэр*еклуалэ*ри *"е* (иэ)" *префикс*кlэ лъытауэ *"е*ухын"у {«*е-"*ху(н)-хы"-н»уэ е, «*е-"*хуэ-ы"-хы-н»уэ} *зэрыухуагъэххэу "lуэху префиксиал суффиксиал глагол"*у утыку къихьауи лъытапхъэнщ. Нытlэ, мы *зэрызэпкъырыха* щlыкlэхэм *елъыта*уэ *"е*ухын" глаголым *еджэкluml* зэриlэри гурыlуэгъуэщи, мы илъабжьэм мыбыхэм нэхъ гъунэгъуу щыгъузэ дыхуэхъунщ.

Аращи, *"е*ухын"ым и *япэрей ухуэкlэ*р *"lуэху занщlэ глагол"*у щыт *"хун"*ыр *"е" префикс*кlэрэ *"х" суффиксил*у зэры*ухуэ*у лъытапхъэщи, мыри -ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуауэ- *"lуэху занщlэ глагол"*хэр *"суффиксиал"у игъуэ "префикс"*кlэ *"lуэху префиксиал суффиксиал глагол"*у зэрыухуэм теухуа зы щапхъэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Ауэ, *"е*ухухын"ым и *emlуанэ ухуэкlэ*ри *илъабжьэ* лъэныкъуэм (х) *хуэклуэ*р (хуэ) зэрылъытэ *"глаголыпхъэ"*р *"е" префикс*кlэрэ *"езырыж префиксиал глагол"*у зэрыухуа зы щапхъэу лъытапхъэщи, мыри зы *зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал глагол"* утыку къызэрихьэу, *иклu*, *зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал суффиксиал глагол"* утыку къызэрихьэуи лъытапхъэу жыlэпхъэщ. Нытlэ, *"е*хуэхын" глаголым мы и *emlуанэ ухуэкlэ*р *зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал глагол"*рэ икlи *зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал суффиксиал глагол"* ухуэкlэм тlури зыхэзыубыдэрщи, мыбдежым зи гугъу тщlы *зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал суффиксиал глагол"*хэмрэ *зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал глагол"*хэр зэрызэщхьэщымыкlыр къэзыгъэлъагъуэуи лъытапхъэрщ.

Дауи, мыпхуэдэ щапхъэхэри гъэбэгъуапхъэнщ; ауэ икlи, мы къызэрыхэдгъэщауэ, *зэрыухуагъэххэу "префиксиал глагол"*у утыку къихьэ гуэрхэр икlи *суффиксиал*уи лъытапхъэщи, щхьэхуэу *зэрыухуагъэххэ "префиксиал суффиксиал глагол"* мылъытапхъэу жыlэпхъэнщ; – *"префиксиал суффиксиал глагол"*хэр *ухуагъэххэ "занщlэ глагол"*хэм *–иклu "префиксиал глагол"*хэм- *"суффикс"*кlэрэ къатехъукlыу зэрыщытми ипэкlэ щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъэххэщ.

## ЕЩАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ

# КЪЭЗЛЭЖЬЫМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ И ЩХЬЭМ КЪЫРИКlУЭ lУЭХУ ЛlЭУЖЬЫГЪУЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

## ″ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ КЪЫРИКlУЭ lУЭХУ ГЛАГОЛ″ХЭМ ТЕУХУАУЭ КЪЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭ ГУЭРХЭР

Япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ **″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″**хэми, ахэр икlи мы зэрытлъыта щlыкlэми къызэрыхэщкlэ **″lуэху глагол″ лlэужьыгъуэ**хэрщ. *″lуэху глагол″*хэри нэхъыбэу *цlыхум теухуарэ хуэlуа*уэ зэрыщытым ипэкlэ щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащи, нытlэ, *″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″*хэри *нэхъыбэу* **цlыхум теухуа**рэ *хуэlуа*уэ лъытапхъэхэрщ. Ауэ, *″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″ гуэрхэр цlыхуу щымыт ″псэущхьэ″*хэм *теухуа*уи лъытэу къызэрыlуэтэфынури гурыlуэгъуэнщ.

*″Щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″*хэр ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа *″глагол гуп″хэм елъытауэ* **иужь**ыlуэкlэ **къэхъуа**уэ зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ.

Ауэ икlи, ипэкlэ къедгъэкlуэкlа лэжьыгъэхэми гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlауэ, **къэзлэжьым** *езым* **хуэлэжьэж**рэ *езым и* **щхьэм къырикlуэ**р зэрылъытэфынур **кондицэ** гуэрхэм *елъыта*уэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, мы зи гугъу тщlы глаголхэр *″префиксиал глагол″*хэм къатехъукlауэ лъытапхъэнщ. Икlи, -ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъууэ- **″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″**хэр **″езырыж префиксиал глагол″** гуэрхэм я **лэжьэкlэу утыку къихьа**рэ лъытауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ.

Аргуэру къыпыщапхъэмэ, *къэзлэжьым езым хуэлэжьэж*рэ и *щхьэм къырикlуэ*у мы зи гугъу тщlы *lуэхугъуэ*хэр **″субъект″**ым езым и **лъэкlыныгъэ**у *утыку къихьэ*у, е, **″субъект″**ыр **къэхъу-къэщlыгъуэ** лlэужьыгъуэу зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэхэри **″езырыж глагол″** лlэжьыгъуэу зэрыщытхэри наlуэщ. Ауэ икlи, мыпхуэдэу утыку къихьэ мы *″езырыж глагол″* лlэжьыгъуэ *″хьэрычэт″*хэр *″субъект″ым хуэлэжьэж*рэ *и щхьэм къырикlуэ*у щытмэщ мы зи гугъу тщlы глаголхэр зэрылъытэнури, нытlэ, мыпхуэдэхэр зэрылъытэнури мы *″езырыж глагол″*хэр *игъуэ кондицэ*кlэ зэрылъытэущ. Аращи, **″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″**хэр утыку къызэрихьэнум **лъабжьэ** хуэхъурэ

къызытехъукlхэри япэрауэ *игъуэ "префикс"*кlэ ухуа **"езырыж префиксиал глагол"**хэрауэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэу утыку къихьарэ, езым хуэlуа лэжьэкlэ игъуэта нэужьми, *мыпхуэдэ лэжьэкlэ зиlэну глаголхэри ухуэу зэрыщlидзэ*нур гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, нэхъыбэуи мы *"глагол гуп"*ыр *лъыта нэужь*рагъэнщи, -мы зэрыжытlауэ *"префиксиал"*у- **зэрыухуагъэххэу "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"**хэри утыку къызэрихьэфынури гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, мыхэри къыхэдгъэща нэужь, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"*хэр *утыку къызэрихьэ*рэ *зэрылъытэ*м икlи *зэрыбагъуэ*рэ *зэрызэщхьэщыкl*хэми мы илъабжьэм къыщедгъэкlуэкlыну лэжьыгъэхэмкlэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

## "ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ КЪЫРИКlУЭ lУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭР ЗЭРЫЛЪЫТЭРЭ УТЫКУ КЪЫЗЭРИХЬЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

Ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, "езырыж глагол"хэм къыкlэлъыкlуэу утыку къихьауэ лъытапхъэщ *"lуэху глагол"*хэри, мы лэжьыгъэм и гугъу тщlыну глагол гупри мыбыхэм къакlэлъыкlуэу *иужьыlуэкlэ къэхъуа*уэ лъытапхъэщ.

Икlи, ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, *щхьэм хуэлэжьэжу* е *къырикlуэ*у лъытэну *"хьэрычэт"*ыр *"субъект"*ым и *къыпкъырыкl*рэ езы *"субъект"*ым *иlэ имылъ*уи *-къэхъу-къэщlыгъуэ*у- зэрыщытын хуейри гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, *мыпхуэдэ лэжьэкlэр къызытехъукl*ынури зы *"езырыж глагол"* лlэужьыгъуэрщ. Ауэ икlи, зы *"хьэрычэт"ыр мыпхуэдэу "субъект"ым телэжьыхьыжу* зэрылъытэнури зы *"кондицэ"*м *елъыта*уэ зэрыщытынури гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, мы зи гугъу тщlы лэжьэкlэр *къызытехъукlыну "езырыж глагол"*ыр икlи *"префиксиал"*у щытын хуейщ.

Араци, **"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"**хэр **япэ**рауэ *игъуэ мыхьэнэ* зиlэрэ *игъуэ префикс*кlи ухуа **"езырыж префиксиал глагол"** *лэжьэкlэхэм* **къытехъукlа**уэщ зэрылъытапхъэр. Ауэ, "езырыж префиксиал глагол" лэжьэкlэхэм къатехъукlауэ щыжытlэм деж, мыр а **глагол мыхьэнэ**раща **зэлъытар**и, *дэтхэнэ зы "езырыж префиксиал глагол" лэжьэкlэм "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол" къызэрытемыхъукl*ынури гурыlуэгъуэнщ. Ар щыхъукlи, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол" къызытехъукlыф*ыну *"езырыж*

*префиксиал глагол"*хэр *дэтхэнэхэра*ми *гулъытэ хуэщlы*нрэ къэгъэунэхуни хуейщ.

Нытlэ, нэхъ гъунэгъуу уеплъмэ, **"езырыж префиксиал глагол"** *лэжьэклэр зытеухуэ*у **зынэс "щхьэ"**м и **лъэныкъуэклэ лъыта**уэ *къызэрылуатэ*рщ **"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"** жыхуэтlэ *лэжьэклэ*ри, мыпхуэдэ **лэжьэклитl** *-къэlуэтэклитl-* **зиlэф**ыну **"езырыж префиксиал глагол"**хэращ **"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"** жыхуэтlэхэри **къызытехъуклы**нур; - мыри а *глагол мыхьэнэращ зэлъытар*. Араща, **"езырыж префиксиал глагол"** *лэжьэклэм* и **"субъект"**ыр "объект"рэ и "дополненэ"ри **"субъект"**у лъытауэ *зэрылажьэ* щlыклэращ **"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"** лэжьэклэри, мыпхуэдэуи *зэрылэжьэф*ыр *глагол мыхьэнэ*ращ *зэлъыта*р.

Нытlэ, мы къэтlуэтахэм теухуа щапхъэхэу, зы **лэжьэклэ закъуэ** зиlэрэ - мы ипэклэ зэрыжытlауэ- **лэжьэклитl** зиlэ **"езырыж префиксиал глагол"итl**ымрэ *я лэжьэклэ* щапхъэ гуэрхэри *–"***субъект***"*, *"объект"*, "дополненэ"хэр мы зэрытхауэ- къыхэщу къэдгъэлъэгъуэнщ:

- *"Къэклуэн"* → «**ар** абы *къоклуэ*; **ар** сэ *къысхуоклуэ*; **сэ** уэ **сыпхуоклуэ**»;
.....
- *"Гурылуэн"* → «**ар** абы *гуролуэ*; **ар** сэ з*гуролуэ*; **сэ** уэ **сыб***гуролуэ*»;
`→ «**абы** ар *гуролуэ*; **абы** сэ сы*гуролуэ*; **сэ** уэ уз*гуролуэ*».

Мы глагол щапхъэу къэдгъэлъэгъуа *"къэклуэн, гурылуэн"* глаголхэм я *япэрей лэжьэклэ*хэр *"езырыж префиксиал глагол"* лэжьэклэхэрщи, я *"лэжьэклэу ухуа псалъэ" зэпкъырыувэклэ*хэр *зэхуэдэ*у зэрыщытыр, икlи, мы псалъэхэм хиубыдэ *"щхьэ"*хэри я -къалэнхэм елъытауэ- *зэхуэдэ*у зэры*хэлъыта*хэри нэрылъагъущ. Ауэ, ***"гурылуэн"*** глаголым *лэжьэклитl* иlэщи, и **етlуанэ лэжьэклэ**р *"субъект"ым* къилэжь *"объект"ыр езы "субъект"ым теухуэжу* зэрыщыткlэ, **"щхьэм хуэлэжьэж"** лэжьэклэу зэры*лъытапхъэ*ри гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, глагол *мыхьэнэ*ми –икlи и *префикс*ми- елъытауэ *"щхьэм хуэлэжьэж"*уи *къэlуэтэф* мы *"езырыж префиксиал глагол"* лlэужьыгъуэ ***"гурылуэн"***ыр *япэ зэрылэжьа*уэ щыта и **"езырыж префиксиал глагол" лэжьэклэ**м *къыщlидзэу* **"щхьэм хуэлэжьэж"** лlэужьыгъуэ *лэжьэклэм зэрыхуэклуэ* **лъагъуэ**ри лъэбакъуэ лъэбакъуэу къэдгъэлъэгъуэнщ:

***"Гурылуэн"*** (*езырыж префиксиал глагол*): «**ар** *гуро*lуэ → **ар** абы *гуро*lуэ (*езырыж префиксиал глагол лэжьэклэхэр*)» → «{"**ар** езым ("субъект"ым) *гуро*lуэ(ж)" (*"езырыж префиксиал глагол" лэжьэклэ*)} → «{"**абы** езым ("субъект"ым) ар *гуро*lуэ(ж)" (*"lуэху префиксиал глагол" лэжьэклэ*)}» → «**абы** ар *гуро*lуэ (*"щхьэм*

*хуэлэжьэж lуэху" лэжьэкlэ*) → ***"Гурыlуэн"*** (*щхьэм хуэлэжьэж lуэху глагол*)»;

Зэрыжытlауэ, мы *"езырыж префиксиал глагол"*ым и -нормал- лэжьэкlэр мы *зэрызэхъуэкl*кlэрэ *езы "субъект"ым теухуэж лэжьэкlэ*и зыгъуэтырщи, мы *лэжьэкlэ зэхъуэкlыныгъэ*у *"гурыlуэн" глагол*ыр *зыхуэкlуэр* м и *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ lуэху глагол"*у зэрылъытэрщ.

*

*"Езырыж префиксиал глагол"*у утыку къихьа *"гурыlуэн"* глаголыр *"щхьэм хуэлэжьэж"*у зэрылажьэм *хуэклуэ лъагъуэ*р гурыlуэгъуэщи, ипэкlи къызэрытауэ мыпхуэдэ **лэжьэкlитl** *зиl*э бзэм хэлэжьыхь ***"гурыlуэн"*** *глагол*ым и **"езырыж глагол"**рэ и **"щхьэм хуэлэжьэж глагол"** лэжьэкlэхэм *"щхьэ"*хэр **"субъект**, объект, "дополненэ" къалэнкlэ *зэрызыхаубыдэ щlыкl*эхэр *зэрызэщхьэщыкl*ыр **зэблэдза**уэ зэрыщыту къэгъэлъэгъуэныр я *зэрызэлъытэкl*эм теухуауэ нэхъ *гурыlуэгъуафlэ* хъунуи къыщlэкlынщ:

| *"Гурыlуэн"*ыр зы **"езырыж префиксиал глагол"у зэрылажьэ** щапхъэхэр | *"Гурыlуэн"*ым и **"щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ lуэху глагол" лэжьэкlэ** щапхъэхэр |
|---|---|




*"Гурыlуэн"* глаголым мы и *лэжьэкlэ щапхъэхэр* зы *"езырыж префиксиал глагол"*ымрэ, ар *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ lуэху глагол"*у зэрылажьэм теухуащ. Икlи, **"щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ lуэху глагол"** лэжьэкlэр **"lуэху"** лlэужьыгъуэу *зэрылъытапхъэ*м зэрезэгъкlэ, *глагол лэжьэкl*эр къызэрыlуатэ *псалъэухыгъэ*м **"субъект"**ыр *"lуэху"* лlэужьыгъуэ *"щхьэ цlэпапщlэ"*у (**абы**), "объект"ри *"езырыж"* лlэужьыгъуэ *"щхьэ цlэпапщlэ"*у (ар) зэрыхиубыдэри нэрылъагъущ. Ауэ, зы *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ lуэху глагол"*ыр зэрыщыту зы *нормал "lуэху глагол"у лъытапхъэкъым*и, нытlэ, *зэрызэщхьэщыкl*ри мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ. Араще, **"щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ lуэху**

**глагол″**ыр зы *″lуэху″* лIэужьыгъуэу зэрылъытапхъэм нэмыщI, *иклu* къызытехъукIа *″езырыж префиксиал глагол″ лъэныкъуэ*и зыхэплъагъуэ *лэжьэклэ* зиIэрщи, нытIэ, мы *лъэныкъуитI*ыр зыхэзыубыдэу **хибрит** *лэжьэклэ* зиIэ **глагол** лIэужьыгъуэу лъытапхъэрщ.

Мыпхуэдэу зэрыщытыр зыгурыгъэIуэн папщIи, мы ипэкIэ *″субъект″*рэ (″lуэху″) *″объект″*ыр (езырыж) *псалъэухыгъэ*хэм *″lуэху глагол″ лэжьэклэ*хэм *хуэдэу* зэрыхиубыдэм щыгъуазэ дызыхуэхъуа *″щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ lуэху глагол″*хэм я *″лэжьэклэу ухуэ псалъэ″ зэпкъырыувэклэ*хэмрэ, абыхэм *″щхьэ″*хэр -*″щхьэ цIэпапщIэ лъытэрэ гъэлъагъуэ″*у- *зэрыхиубыдэ щIыклэ*хэми щыгъуазэ хуэхъун хуейщ.

Араща, **″щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ lуэху глагол″**хэм я **″лэжьэклэу ухуа псалъэ″** *зэпкъырыувэклэр* **″езырыж префиксиал глагол″**хэм я **″лэжьэклэу ухуа псалъэ″ зэпкъырыувэклэ**м *хуэдэ*у лъытапхъэщи, икIи, **″щхьэ цIэпапщIэ лъытэрэ гъэлъагъуэ″**хэри **щыхиубыдэ** *щIыпIэ*хэрщ. Ауэ, мы **″щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ lуэху глагол″**хэм я **″лэжьэклэу ухуэ псалъэ″**хэм **″субъект″**ыр -*″щхьэ цIэпапщIэ лъытэрэ гъэлъагъуэ″*у- **зэрыхиубыдэ** *щIыклэ*р **″lуэху″** лIэужьыгъуэу (пп: ″**уэ**″р **″б; п, пI**″уэ), **″объект″**ыр -*″щхьэ цIэпапщIэ лъытэрэ гъэлъагъуэ″*у- **зэрыхиубыдэ** *щIыклэ*ри **″езырыж″** лIэужьыгъуэу (пп: ″уэ″р ″у″уэ) зэрыхиубыдэнури гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэу зэрыщытри мы ипэкIэ къэта щапхъэхэм хыболъагъуэр.

*

Мы къэтIуэтахэи гурыIуэгъуэ къызэрытхуащIщи, *″щхьэм хуэлэжьэрэ къыриклуэ lуэху глагол″*хэр *япэу утыку къызэрихьа*гъэнур *″префиксиал″*у ухуа *″езырыж глагол″*хэм -игъуэ мыхьэнэи зиIэхэм- къазэрытехъукIыущ.

Ауэ, *″щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ lуэху глагол″*хэр *къызытехъукI*ыну *″езырыж глагол″*хэр *″префиксиал″у* ухуэн хуейуэ *щытми*, *макъыбзэ*у щыт *адыгэбзэ*р *мыхьэнэбэ*рэ *лэжьэклэбэ*у зэрыщытым зэрезэгъкIэ, *″префикс″ым unlэ иувэ* -″субъект″ым елъытарэ теухуа мыхьэнэ зиIэ- **зы псалъэ**мрэ -игъуэ мыхьэнэи зиIэ- **зы ″езырыж занщIэ глагол″**ыр зэрызэпыщIауэ зэрылъытэу зы **″псалъэ зэпха″** лIэужьыгъуэу **″щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ lуэху глагол″**и утыку къызэрихьэфынур гурыIуэгъуэнщ.

Мы зи гугъу тщIам хуэдэу лъытапхъэщ икIи мы *″глагол гуп″*ыр зэрылъыта *″щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ lуэху глагол″* псалъэм хиубыдэ *″щхьэм къыриклуэн″* Iыхьэр. ЗэрыгурыIуэгъуэу, *″щхьэм хуэлэжьэжрэ*

*къырикlуэ lуэху глагол"*хэр *"субъект"ым и lэ имылъу зыхищlэ*рэ *къыпкъырыхьэ/къыпкъырыкl*ыр –и щхьэм къырикlуэр- зэрылъытэрщ. Икlи, lыхьитlыу зэрызэхэлъри нэрылъагъущ *"щхьэм хуэлэжьэдрэ къырикlуэ lуэху глагол"* псалъэри, и япэрей lыхьэу щыт *"щхьэм хуэлэжьэж"*ыр *"субъект"*ым *зыхищlэ*рэ *къыпкъырыхьэр "субъект"ым езым зэрыхуэлэжьэжь*ыр -къызэрыщхьэпэр- зэрылъытэрщ. Ауэ, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"* псалъэм и етlуанэ lыхьэу щыт *"щхьэм къырикlуэ"*ращ -*"субъект"ым и lэ имылъ* зэрылъытэу- мы *"глагол гуп"*ми *хуэигъуэ*рэ *хуэфащэ*у лъытапхъэр. Араща, мы **"щхьэм къырикlуэ"** lыхьэр зы **"псалъэ зэпха"** лlэужьыгъуэу, хиубыдэ **"щхьэ"** псалъэр *"и"клэрэ* **зытеухуа "субъект"**ыр **"lуэху"** лlэужьыгъуэу зэрылъытэу зэрылажьэ **"къырикlуэн"**ри **"езырыж префиксиал глагол"**у зэрыщыткlэ, зэдэщlыгъуу мы ипэкlэ **"щхьэм хуэлажьэрэ къырикlуэ lуэху глагол"**хэр утыку къызэрихьэми зэрезэгъри жылэпхъэщ. Нытlэ, *"псалъэ зэпха"* лlэужьыгъуэу щыт мы *"щхьэм къырикlуэн"*ым теухуа лэжьэкlэ щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщи, я лэжьэкlэми нэхъ гъунэгъуу гулъытэ хуэтщlынщ:

- "Щхьэм къырикlуэн": «**абы** ар и щхьэм къыр*о*кlуэ – къырикlу*а*щ»; «**сэ** ар си щхьэм къыр*о*кlуэ – къырикlу*а*щ».

Мыпхуэдэу *"псалъэ зэпха"* лlэужьыгъуэу *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"*хэри зэрыхэтыпхъэн гурыlуэгъуэнщ адыгэбзэм. Араща, зы *щхьэж псалъэ*у щыт *"флэщ"*ыр утыку къызэрихьэр *"хъун"* глаголымкlэ зэрылажьэу зы **"псалъэ зэпха"** лlэужьыгъуэрщ **"флэщ хъун"**ри, ар (флэщ) зэлъытарэ зы**теухуа** –и флэщ- **"субъект"**ри *"lуэху"* лlэужьыгъуэу зэрылъытэу **"езырыж глагол"**у щыт **"хъун"**кlэрэ зэрылажьэри -**"субъект"**ым **и "флэщ"** зэры"**хъу"**у- **"щхьэм къырикlуэ lуэху глагол"** лlэужьыгъуэщ. Ауэ икlи, мыбдежым зи гугъу тщlы *"хъун"*ыр *"езырыж занщlэ глагол"*у зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, *"псалъэ зэпха"* лlэужьыгъуэу щыт мы *"флэщ хъун"*ым -е *"и флэщ хъун"*ым- и лэжьэкlэ щапхъэхэр мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщи, ар зы *"щхьэм къырикlуэ lуэху глагол"* лlэужьыгъуэ зэрыщытми гулъытэ хуэтщlынщ:

- "Флэщ хъун": «**абы** ар и флэщ ***мэ***хъу - хъу*а*щ»; «**сэ** уэ си флэщ у*о*хъу - ухъу*а*щ»;

## "ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ КЪЫРИКlУЭ lУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭР ЗЭРЫБАГЪУЭРЭ И КlУЭЦКlИ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫГЪЭКlЫПХЪЭХЭР

*"Щхьэм хуэлэжьэжрэ къырыкlуэ lуэху глагол"*хэр *утыку къызэрихьэ*р *къызытехъукl*а *"езырыж префиксиал глагол"*хэми *зэрелъытам* мы ипэкlэ ″гурыlуэн″ глаголым теухуауэ щыгъуазэ дыхуэхъуащи, нытlэ, мы илъабжьэми *"гурыlуэн"* глаголым *хуэдэу лэжьэкlитl зиlэ*фыну -мыхьэнэкlэ хуэигъуэу- *нэгъуэщl "езырыж префиксиал глагол"*хэми щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

Ауэ икlи, **″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырыкlуэ lуэху глагол″**у мы дызытелэжьыхь гупыр *и кlуэцlкlэ* **″щхьэм хуэлэжьэж″**рэ (″гурыlуэн″ым хуэдэу), **″щхьэм къырыкlуэ″**у *гупитlы*у зэрыщхьэщыгъэкlыпхъэри мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ.

Ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, зы *"езырыж префиксиал глагол"*ыр езым и *нормал лэжьэкlэм нэмыщl*, **″щхьэм хуэлэжьэж″***у*и зэрылажьэ щlыкlэр глагол **″субъект″**ым и **лъэкlыныгъэ**у *къыпкърыкl*ыр **езым** и щхьэм **хуэлэжьэж**у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, мыпхуэдэ *лэжьэкlитl зиlэ*фыну *"езырыж префиксиал глагол"*хэмрэ я *нормал лэжьэкlэ* щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуа нэужь, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырыкlуэ lуэху глагол"*у зэрылажьэ щапхъэхэр къыпытщэнри игъуэщ.

Мы къэтlуэтахэм теухуа щапхъэхэри *япэ*рауэ **″щхьэм хуэлэжьэж″** лlэужьыгъуэхэу къэхьыныр игъуэщи, нытlэ, мыпхуэдэ щапхъэхэри глагол лэжьэкlэхэм *"щхьэ"*хэри *"объектив"*рэ *"субъектив"* зэмылlэужьыгъуэу зэрыхиубыдэрэ, -ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ- *"езырыж префиксиал глагол" лэжьэкlэ*хэмрэ *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырыкlуэ lуэху глагол" лэжьэкlэ*хэр *зэрызэлъыта*ри къызэрыхэщу мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **″Езырыж префиксиал глагол″хэмрэ я лэжьэкlэхэр** → | **″Щхьэм хуэлэжьэж lуэху″ лlэужьыгъуэу зэрылажьэхэр** |
|---|---|
| - ***гурыl*уэн** → «**ар** абы *гур*oлуэ» → | - «**абы** ар *гур*oлуэ»; |
| - ***хурикъун*** → «**ар** сэ **с***хур*окъу» → | - «**сэ** ар **с***хур*окъу»; |
| - ***lэщlэхьэн*** → «**уэ** дэ **у**т*lэщl*охьэ» → | - «**дэ** уэ ут*lэщl*охьэ»; |
| - ***пкъырыхьэн*** → «**сэ** абыхэм **са***пкъыр*охьэ» → | - «**абыхэм** сэ **са***пкъыр*охьэ»; |
| - ***хуэфэщэн**** → «**ахэр** уэ **п***хуо*фащэ(хэ)/ **п***хуэ*фащэ(хэ)щ*» → | - «**уэ** ахэр **п***хуо*фащэ(хэ)/ **п***хуэ*фащэ(хэ)щ*». |

Мы ″*″ нэгъыщэмкlэ *къыхэгъэща псалъэ*хэр *-адыгэбзэр лэжьэкlэбэ*у зэрыщытым теухуа щапхъэу- *"статя глагол" лэжьэкlэи зиlэ*хэрщи, мыпхуэдэ *глагол гуп*хэми мы лэжьыгъэ пычыгъуэ нэужьым щыгъуазэ дыхуэхъунущ.

*

Мы зи гугъу тщlахэм къакlэлъыкlуэуи, *"езырыж префиксиал глагол"* лlэужьыгъуэхэу я мыхьэнэми зэрелъытакlэрэ езым я *нормал лэжьэкlэ*хэм нэмыщl, **"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"**уи *лэжьэф*хэм я *етlуанэ лъэбакъуэ*у **"щхьэм къырикlуэ"** лlэужьыгъуэхэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ. Икlи, *"щхьэм къырикlуэ"* лlэужьыгъуэ жыхуэтlхэри *"къэхъу-къэщlыгъуэ"* лlэужьыгъуэу утыку къихьэрэ *"субъект"*ым езыр *-и lэ имылъу- зыхэзыубыдэ lуэхугъуэ*хэрауэ зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, мыпхуэдэ щапхъэхэри -ипэкlэ "щхьэм хуэлэжьэж" лlэужьыгъуэхэм теухуа щапхъэхэр къызэрыдгъэлъэгъууэ- глагол лэжьэкlэхэм *"щхьэ"*хэр *"объектив"*рэ *"субъектив"*у зэмылlэужьыгъуэу зэрыхиубыдэрэ, *"езырыж префиксиал глагол" лэжьэкlэ*хэмрэ *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол" лэжьэкlэ*хэр *зэрызэлъыта* щlыкlэхэри къызэрыхэщу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **"Езырыж префиксиал глагол"хэмрэ я лэжьэкlэхэр →** | **"Щхьэм къырикlуэ lуэху" лlэужьыгъуэу зэрыухуэрэ зэрылажьэхэр** |
|---|---|
| - ***хэ*lэн → «ар** абы *х*olэ» → | - ***хэ*lэн → «абы** ар *х*olэ»; |
| - ***щы*хъун* → «ахэр** абы *щ*охъу(**хэ**)» → | - ***щы*хъун* → «абы** ахэр *щ*охъу(хэ)»; |
| - ***фlэ*хъун* → «сэ** абы **сы***фl*охъу» → | - ***фlэ*хъун* → «абы** сэ сы*фl*охъу»; |
| - ***фlэ*щlын* → «уэ** сэ **у**с*фl*ощl» → | - ***фlэ*щlын* →«сэ** уэ **у**с*фl*ощl»; |
| - ***хуэ*гъун → «дэ** абы **ды***ху*огъу» → | - ***хуэ*гъун → «абы** дэ ды*ху*огъу»; |
| - ***lэщlэ*кlын → «фэ** дэ **фы**т*lэщl*окl» → | - ***lэщlэ*кlын → «дэ** фэ фыт*lэщl*окl»; |
| - ***пкъыры*кlын → «ар** фэ ф*пкъыр*окl» → | - ***пкъыры*кlын → «фэ** ар **ф***пкъыр*окl»; |
| - ***щхьэщы*кlын → «сэ** уэ **сы**п*щхьэщ*окl» → | - ***щхьэщы*кlын → «ар** абы *щхьэщ*окl»; |
| - ***хэ*щlын → «ахэр** сэ с*х*ощl(**хэ**)» → | - ***хэ*щlын → «сэ** ахэр **с***х*ощl(хэ)»; |
| - ***щы*ун → «ар** уэ п**щ**оу» → | - ***щы*ун → «уэ** ар **п***щ*оу». |

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ аргуэру къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- Зэрыгурыlуэгъуэу *"езырыж префиксиал глагол"*хэм я *"лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэм *"субъект цlэпащlэ гъэлъагъуэ"*хэр *"префикс"ым ипэ* къихуэу - *"езырыж"* лlэужьыгъуэу- зыхеубыдэр; *"lуэху префиксиал глагол"*хэм я *"лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэми *"субъект цlэпащlэ гъэлъагъуэрэ лъытэ"*хэр *"префикс"*хэм *къыкlэлъыкlуэ*рэ *"глаголыпкъ"ыщхьэ*ми къыпыувэжущ зэрызыхиубыдэр. Ауэ, мы къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, **"щхьэм хуэлэжьэрэ къырикlуэ lуэху глагол"**хэм я **"лэжьэкlэу ухуа псалъэ"**хэми **"субъект цlэпащlэ гъэлъагъуэрэ лъытэ"**хэр -*"езырыж префиксиал глагол"*хэм *хуэдэу*- глагол **"префикс"**ым **ипэ** къихуэу, *ауэ,* **"lуэху"** л*lэужьыгъуэу*щ зэрыхиубыдэри, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"*хэм я *"лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэр *зэрыухуа щlыкlэр* мы глагол лlэужьыгъуэхэр *къызытехъукIа* **"езырыж префиксиал глагол"**хэмрэ –мы

*"*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху*"*гъуэу- зэрыухуа ***"*lуэху префиксиал глагол*"*** лlэужьыгъуэм я **щlыкlитl**ри **зыхиубыдэу**щ.

- Ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, *макъыбзэ*у щыт *адыгэбзэ*р *лэжьэкlэбэ*уи зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, *глаголхэр лэжьэкlэбэ*у зэрыщытрэ *зы глагол гуп*ым хиубыдэ *глагол*хэм *нэгъуэщl глагол гуп лэжьэкlи* зэрalэфынур гурыlуэгъуэнщи, мы къэта глаголхэм щыщ гуэрхэри мыпхуэдэщ. Араща, мы *"езырыж префиксиал глагол"*у къэтахэм щыщ *гуэр*хэм (пп: *х*элэн) **мыхьэнитl** зэрalэр гурыlуэгъуэщи, *зыр* **физикэ** (*"*ар ятlэм *х*olэ*"*), *адрейр*и **псикэ** (*"*ар цlыхум хolэ (гуауэ хуохъу)*"*) *мыхьэнэ*уэ зэджапхъэрщ мыхэри, нытlэ, *глагол лэжьэкlэ*хэм ***"*псикэ*"* мыхьэнэр** *"*субъект*"* нэхърэ ***"*объект*"***у лъытэныр *игъуэ*у зэрыщытынум ипкъ зэриткlэ, мыпхуэдэу *–псикэ мыхьэнэр "объект"*у зыхэзыубыдэ- я *лэжьэкlэ*хэращ ***"*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол*"*** лэжьэкlэу лъытапхъэнухэр:

| «***хэ*lэн**, ***щы*хъун, *фlэ*хъун, *фlэ*щlын, *хуэ*гъун, *хэ*щlын, *щы*ун**». |
|---|

- Икlи, *"езырыж префиксиал глагол"*у *физикэ мыхьэнэ* зэрalэ лъэныкъуэкlэ зэджапхъэхэри зы *"езырыж занщlэ глагол"*ым *"префикс"* къызэрищтэу *иужькlэ "префиксиал"*у ухуэжахэрауэ зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, мыпхуэдэу зэрыухуа щlыкlэхэуи къэдгъэлъэгъуэнщ:

| «***щы*хъун (щы-хъун), *фlэ*хъун (фlэ-хъун), *фlэ*щlын (фlэ-щlын), *хуэ*гъун (хуэ-гъун), *хэ*щlын (хэ-щlын), *щы*ун (щы-ун)**». |
|---|

- Ар щыхъукlи, *физикэ мыхьэнэ зulэу утыку къихьа* мы *глаголхэм* я *псикэ мыхьэнэр иужькlэ* ягъуэтауи лъытапхъэнщи, мы *"езырыж префиксиал глагол"*хэм *я лэжьэкlэ*м *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"*хэр -иужькlэ-*къазэрытехъукl*ари мыпхуэдэу лъытапхъэнщ.

- Ауэ икlи, *физикэ*рэ *псикэ*у *мыхьэнитl zulэ*у тлъыта мы *"езырыж префикс глагол"*хэм я **псикэ** *мыхьэнэ лэжьэкlэ*хэр икlи **зэрыухуагъэххэу *"*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол*"***у *утыку къихьауэ зэрылъытапхъэнури **жыlэпхъэ**щ.

- Дауи, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"* жыхуэтlэхэр щыгъэзащlэкlэ *"субъект"ым* езым *хуэлэжьэжрэ*, *"субъект"ым и lэ имылъу* –пп: *"*къэхъу-къэщlыгъуэ*"*у- утыку къихьэхэр *и щхьэм къырикl*уэхэрщи, нытlэ, **дэтхэнэ зы *"*щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол*"*** *лэжьэкlэм щыгъэзащlэр* **псикэ** лlэужьыгъуэу зэры**щымыт**ынури гурыlуэгъуэнщ.

- Мы къыхэдгъэщахэм нэмыщl, ипэкlэ къэта *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"*хэм щыщу *я лэжьэкlэ*хэм *"*дополненэ*"* *зыхэзыубыдапхъэ*хэри *"*"* нэгъыщэкlэ къыхэдгъэщащи, нытlэ, мы я *"*дополненэ*"*хэр *зэрыхуэдэну*хэри мы илъабжьэм къыщыгъэлъэгъуэжа *къэlуэтэкlэ щапхъэ*хэм къыщыхэдгъэщынщ:

| - ***"щы*хъун"** → «**абыхэм** ахэр апхуэдэу **я***щ*охъу(хэ)»;<br>- ***"фlэ*хъун"** → «**абы** сэ апхуэдэу сы*фl*охъу»;<br>- ***"фlэ*щlын"** → «**сэ** уэ арауэ у**с***фl*ощl». |
|---|

- Ипэкlэ глаголрэ я лэжьэкlэ щапхъэхэу къэтахэм щыщу мы зи гугъу тщlахэм хуэдэу мыхьэнитl зиlэу лажьэхэм нэмыщl, *япэу "езырыж префиксиал глагол"у утыку къихьа*рэ, *иужькlи "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол" лэжьэкlэ зыгъуэта*уэ лъытапхъэхэри язэрыхэтыр нэрылъагъущи, нытlэ, мыхэри -ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ- *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол" къэхъуныгъэ* пэщlэдзэу *"езырыж префиксиал глагол"*хэм *я лэжьэкlэхэм къатехъукla*уи лъытапхъэнхэрщ:

«***lэщlэ*кlын, *пкъыры*кlын, *щхьэщы*кlын**».

*

Мы ипэкlэ "езырыж префиксиал глагол"хэм я лэжьэкlэу утыку къихьауэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"*хэр *япэрауэ "щхьэм хуэлэжьэж"* лlэужьыгъуэу, *иужькlи "щхьэм къырикlуэ"* лlэужьыгъуэу зэрылъытэу *утыку къихьа*уэ зэры*лъытапхъэ*р гурыlуэгъуэщ. Мыбыхэм щыщ гуэрхэри икlи *зэрыухуагъэххэу "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"*хэу зэры*лъытапхъэн*уми я гугъу тщlащ. Ауэ, **зэрыухуагъэххэу "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"**хэу *зэрыщытыр налуэ*у щыту лъытапхъэ глаголхэри щыlэщи, мы илъабжьэм мыпхуэдэ щапхъэхэми я гугъу щытlщынщ.

Араци, *глаголыпхъэ*у *"гъэ-ы-н"*ым *"щы" префикс* къищтэу утыку къихьа **"щыгъын"** глаголыр *зэрыухуагъэххэу "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"*у **"щхьэм хуэлажьэ lуэху"** лlэужьыгъуэуи лъытапхъэрщ. Мыпхуэдэ зы щапхъэхэри *"сын" глаголыпхъэм "лъэ"*р *префикс*и *"лъэ-ы"*уэ къызэрыпыхьэу ухуа **"лъысын"** глаголри *"щхьэм хуэлажьэ lуэху"* лlэужьыгъуэ *зэрыухуагъэххэу "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"*ырщ.

Мыбыхэм нэмыщl, *"гъупщэн" глаголыпхъэм "щы" префикс* къищтэу ухуа **"щыгъупщэн"** глаголри **"щхьэм къырикlуэ lуэху"** лlэужьыгъуэхэу *зэрыухуагъэххэу "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"* щапхъэхэм щыщу лъытапхъэхэрщ.

Мы утыку къызэрихьа щlыкlэхэм щыгъуазэ дызыхуэхъуахэр **зэрыухуагъэххэу "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"**у утыку къихьахэращи, нытlэ, -ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа глаголхэм хуэдэу-мыбыхэм -фlырыфlкlэ- **нормал "езырыж префиксиал глагол" лэжьэкlэ зэрамы lэ**нури гурыlуэгъуэнщ; ауэ, мы "фlырыфlкlэ" зэрыжытlами гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlщи, -зэманкlэрэ- *нормал "езырыж префиксиал глагол" лэжьэкlэ*уи бзэм щызекlуэу зэрыщlидзэфынури жыlэпхъэщ. Дауи,

мы зи гугъу тщIа глаголхэм я лэжьэкIэ щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- ***"щы*гъын"***: «**абы** ар *щ*огъ/*щы*гъщ*; **сэ** ар **с***щ*огъ/**с***щы*гъщ*»;
- ***"лъы*сын"**: «**абы** ар *лъ*ос; **сэ** ар **с***лъ*ос»;

---

- ***"щы*гъупщэн"**: «**абы** ар *щ*огъупщэ; **сэ** ар **с***щ*огъупщэ».

Мыбыхэм щыщу *"щы*гъын" глаголыр и *лэжьэкIэ*хэмкIэ *икIи "статья глагол"* (*) лIэужьыгъуэу зэрыщытри нэрылъагъущ.

*

Мы ипэкIэ къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ къызэрытхуащIщи, *"езырыж префиксиал глагол"*хэм я *лэжьэкIэ*у утыку къихьэрэ *"езырыж глагол" лъабжьэ* зиIэхэу зэрыщытым нэмыщI, *зэрыухуагъэххэу "щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ lуэху глагол"*у утыку къихьэхэри язэрыхэтыр гурыIуэгъуэщ. ИкIи, **япэ**рауэ ***"езырыж глагол" лъабжьэ*** зиIэхэу зэрылъытар гурыIуэгъуэщ *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ lуэху глагол"*хэри, мыпхуэдэу утыку къихьахэм щыщу **япэ** къэхъуахэри ***"щхьэм хуэлэжьэж"*** лIэужьыгъуэ глаголхэрауэ зэрыщытми ипэкIэ гулъытэ щыхуэтщIащ. Аращи, *мыпхуэдэ лъагъуэ*кIэрэ зы *глагол гуп*у *лъыта нэужь*ми **зэрыухуагъэххэу "щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ lуэху глагол"**хэр *"щхьэм хуэлэжьэж"*рэ *"щхьэм къыриклуэ" лIэужьыгъуэ*хэу къазэрыхэхьагъэнури гурыIуэгъуэнщ.

НытIэ, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ lуэху глагол"*хэр -и кIуэцIкIэ-*къэзлэжьым зэрытеухуэж* щIыкIэхэу *"щхьэм хуэлэжьэж"*рэ *"щхьэм къыриклуэ"*у зэщхьэщыгъэкIыпхъэщи, икIи, -мы ипэкIэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ- *утыку къызэрихьа щIыкIэ*хэр къызыхэщ *щапхъэ гуэрхэр* зыхэзыубыдэ зы *таблиц*эр мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэныр игъуэщ:

| **И кIуэцIкIэ зэрызэщхьэщыгъэкIыпхъэр** | **<u>Къызэрыхъуа щIыкIэхэр</u>** | |
|---|---|---|
| | **"Езрж.преф.гл." лъабжьэу** | **Зэрыухуагъэххэу** |
| **"Щхьэм хуэлэжьэж"** лIэужьыгъуэхэр | **- *гуры*Iуэн**<br>**- *хури*къун**<br>**- *lэщIэ*хьэн**<br>**- *пкъыры*хьэн**<br>**- *хуэ*фэщэн** | **- *щы*гъын**<br>**- *лъы*сын** |
| **"Щхьэм къыриклуэ"** лIэужьыгъуэхэр | **- *хэ*Iэн**<br>**- *щы*хъун**<br>**- *фIэ*хъун**<br>**- *фIэ*щIын**<br>**- *хуэ*гъун**<br>**- *lэщIэ*кIын** | **- *щы*гъупщэн** |

| | | |
|---|---|---|
| | **- *пкъырык*lын**<br>**- *щхьэщы*кlын**<br>**- *хэ*щlын**<br>**- *щы*ун** | |

*

Мы къэтlуэтахэмкlи зэрыгурыlуэгъуэу, мы зи гугъу тщlы *"глагол гуп"*ыр къызэрыхъуарэ *утыку къызэрихьам пэщlэдзэ хуэхъуа*р *игъуэ "префикс"* зиlэ *"езырыж префиксиал глагол"*хэр *лъабжьэ* язэры*хуэхъу*ущ. Икlи, глагол *"субъект"*ым *хуэлэжьэжр*э *и щхьэм къырикlуэ lуэху*гъуэр *игъуэ "кондицэ"*кlэрэ –"префиксиал"у- зэрылъытэнур гурыlуэгъуэнщи, мы *"глагол гуп"*ыр *"езырыж префиксиал глагол" лъабжьэ*рэ *лэжьэкlэ*у мы утыку къызэрихьауэ щыгъуазэ дызыхуэхъуами гурыlуэгъуэ къытхуищlыр мыращ. Нытlэ, мы зи гугъу тщlы *"глагол гуп"*ыр -фlыкlыпlэ имыlэу- *"префиксиал глагол"* лlэжьыгъуэ гупу зэрыщытыр наlуэщи, зы lуэхугъуэр *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ"*у зэрылъытэнурэ къызэрыlуэтэнум *игъуэ "префикс"* хуэныкъуэщи, мы **игъуэ "префикс"**ыр *мыхьэнэ*кlи *игъуэ*у щыт *зы глагол*ыр **"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"**у зэры**лъытэн**ум **хурикъу "кондицэ"**рщ. Араща, *мыхьэнэкlэ игъуэ зы глагол*ыр **"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"**у *лъытэн папщlэ* **зыхуэныкъуэ**р -*"raison suffisante"*у- **игъуэ "префикс"**щ.

Нытlэ, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"* жыхуэтlэхэр мы зэрыжытlауэ -фlэкlыпlэ имыlэу- *игъуэ "префикс"*кlэ ухуахэрщи, мы глагол гупым хиубыдэ глаголхэр мы зэрыухуа игъуэ "префикс"кlэщ зэрылъытэрэ зэрылажьэхэри, мыри мы "глагол гуп"ым и нормал ухуэкlэрэ лэжьэкlэу, *занщlэу зэрылажьэ щlыкlэ*хэрщ. Мы зэрыжытlауэ, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"*у лъытэн папщlэ -*"raison suffisante"*у- зыхуэныкъуэ "префикс"хэр мы глагол гупым и *"занщlэ глагол" лlэужьыгъуэ*у -**"щхьэм занщlэу хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"**у- лъытапхъэнщ. Нытlэ, мы глаголхэри **аргуэру** *игъуэ* **префикс**хэмкlэ зэрыухуахъэхэр гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэу утыку къихьэнухэри **"щхьэм префиксиалу хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"** лlэужьыгъуэхэу лъытапхъэнщ.

Нытlэ, *игъуэ префикс*хэмкlэ *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"*у лъытахэм *зэрыигъуэу аргуэру* къащтэну *"префикс"*хэри -глагол лэжьэкlэу- гъэзащlэ lуэхур *"субъект"*ым *теухуэжр*э зэры*телэжьыхь*ыр *нэхъ lупщl*ыу *зылъытэфы*нухэрагъэнщи, мыпхуэдэ префиксхэм ипэкlи щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ. Араща, ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа

*"префикс"*хэу, *"дополненэ"*хэм *хуэклуэ* зэрылъытэ **"ху; фl" префикс**хэмрэ, *"субъектив"* лlэужьыгъуэ *"дополненэ"*хэми *хуэгъэза*р зэрылъытэ **"къ; н" префикс**хэр мыпхуэдэ щапхъэхэрщ. Икlи, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ луэху глагол"*хэр *"субъектив субъект"*кlэ щылажьэкlэ, *нэхъ игъуэ "префикс"*ри **"къ"**рауэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, мы **"щlыкlэ"** лlэужьыгъуэ **"префикс"**хэм *нэмыщl*, мы *луэхугъуэр щызеклуэ* **"щlыпlэ"**ри зэрылъытэ **"префикс"**хэр *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ луэху глагол"*хэм къызэращтэфынури гурыlуэгъуэнщ.

Дауи, мы зи гугъу тщlа *"префикс"*хэри *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ луэху глагол"*хэм я *"лэжьэклэу ухуа псалъэ"*хэми *зэрыхиубыдэ*ри *ипэклэ "щыгъуазэ дызыхуэхъуа щlыклэ*хэу лъытапхъэщ. Ауэ, я *"лэжьэклэу ухуа псалъэ"*хэр *зэхуэдэу* зэпкъырыуваУэ *плъагъуми*, *зэрызэщхьэщыкl* щыlэщи, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ луэху глагол"*ыр езы **"субъект"**ым *теухуэу* - хуэлэжьэжу, *"езырыж префиксиал глагол"*ри "дополненэ"м *теухуэу* зэрылажьэ щlыкlэм теухуауэ зэрызэщхьэщыкlри мы илъабжьэм къэта щапхъэхэмкlэ нэрылъагъущ:

| *"Езырыж префиксиал глагол"у зи лэжьэклэр "дополненэ"м зэрытеухуэу* | *"Щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ луэху глагол"у "**субъект**"ым хуэлэжьэжу* |
|---|---|
| - ***"гурыlуэн"***: «**сэ** уэ **сы**б*гур*oлуэ»;<br>- ***"къыгурыlуэн"***: «**сэ** уэ **сы***къы*б*гур*oлуэ»; | - ***"гурыlуэн"***: «**сэ** уэ уз*гур*oлуэ»;<br>- ***"къыгурыlуэн"***: «**сэ** уэ у*къыз**гур**о*lуэ»; |

Нытlэ, кlыхь дымыщlыу, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ луэху глагол"*хэм теухуауэ ипэкlэ къэта таблицэм хиубыдэ глагол щапхъэхэмрэ, абыхэм *аргуэру игъуэ "префикс"* къызэращтэу *зэрыухуэж "щхьэм префиксиалу хуэлэжьэжрэ къыриклуэ луэху глагол"*хэмрэ *я лэжьэклэ* щапхъэхэри мы илъабжьэм къыщыгъэлъэгъуэнщи, тежыlыхьыпхъэ гуэрхэри къыпытщэжынщ:

| **"Езырыж префиксиал глагол" лъабжьэу ухуа "щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ lуэху глагол"хэр аргуэру "префикс"кlэ зэрыухуэжрэ зэрылажьэ щапхъэхэр** |
|---|
| *"Щхьэм хуэлэжьэж" лlэужьыгъуэу:*<br>**- гурыlуэн → *къы*гурыlуэн:** «**абы** ар *къыгур*oлуэ; **сэ** уэ у*къыз**гур**о*lуэ»;<br>**- хурикъун → *щы*хурикъун:** «абы ар абы *щыхур*окъу; **сэ** уэ абы у*къыщы**с**хур*окъу»;<br>**- lэщlэхьэн → *къы*lэщlэхьэн:** «**абы** ар *къыlэщl*охьэ; **сэ** уэ у*къы**с**lэщl*охьэ»;<br>**- пкъырыхьэн → *къы*пкъырыхьэн:** «**абы** ар *къыпкъыр*охьэ; **сэ** ар *къы**с**пкъыр*охьэ»;<br>**- хуэфэщэн* → *щы*хуэфэщэн*:** «**абы** ар абы *щыхуэ*офащэ/*щыхуэ*фащэщ*; **сэ** уэ абы у*щы**с**хуэ*офащэ/у*щы**с**хуэ*фащэщ*»;<br>---<br>*"Щхьэм къыриклуэ" лlэужьыгъуэу:*<br>**- хэlэн → *ху*хэlэн:** «**абы** ар *ху*хolэ; **сэ** ар *къы**с**ху*хolэ»;<br>**- щыхъун → *къы*щыхъун:** «**абы** ар апхуэдэ *къыщ*охъу; **сэ** ар апхуэдэ *къы**с**щ*охъу»; |

**- фlэхъун → *къы*фlэхъун:** «**абы** ар апхуэдэ *къыфl*охъу; **сэ** ар апхуэдэ *къы***с***фl*охъу»;
**- фlэщlын → *къы*фlэщlын:** «**абы** ар апхуэдэ *къыфl*ощl; **сэ** уэ апхуэдэ у*къы***с***фl*ощl»;
**- хуэгъун → *къы*хуэгъун:** «**абы** ар *къыху*огъу; **сэ** ар *къы***с***ху*огъу»;
**- lэщlэкlын → *ны*lэщlэкlын:** «**абы** ар *ныlэщl*окl; **сэ** ар *ны***с***lэщl*окl»;
**- пкъырыкlын → *къы*пкъырыкlын:** «**абы** ар *къыпкъыр*окl; **сэ** ар *къы***с***пкъыр*окl»;
**- щхьэщыкlын → *къы*щхьэщыкlын:** «**абы** ар *къыщхьэщ*окl; **сэ** ар *къы***с***щхьэщ*окl»;
**- хэщlын → *ны*хэщlын:** «**абы** ар *ны*хощl; **сэ** ар *ны***с***х*ощl»;
**- щыун → *щы*щыун:** «**абы** ар абы *щыщ*оу; **сэ** ар *щы***с***щ*оу»;

**Зэрыухуагъэххэу ″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″хэр аргуэру ″префикс″кlэ зэрыухуэжрэ зэрылажьэ щапхъэхэр**

*″Щхьэм хуэлэжьэж″ лlэужьыгъуэу:*
**- *щы*гъын* → *щыщы*гъын*:** «**абы** ар абы *щыщ*огъ/*щыщы*гъщ*; **сэ** ар абы *щы***с***щ*огъ/*щы***с***щы*гъщ*»;
**- лъысын → *къылъы*сын:** «**абы** ар *къылъ*ос; **сэ** уэ у*къы***с***лъ*ос»;
---
*″Щхьэм къырикlуэ″ лlэужьыгъуэу:*
**- *щы*гъупщэн → *къыщы*гъупщэн:** «**абы** ар *къы***с***щ*огъупщэ; **сэ** уэ у*къы***с***щ*огъупщэ».

**Мы къэта щапхъэ гуитlым теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр:**

- Ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *″щхьэм хуэлэжьэрэ къырикlуэ lуэху глагол″*хэм я *″лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*хэм *″субъект цlэпащlэ гъэлъагъуэрэ лъытэ″*хэр -″езырыж префиксиал глагол″хэм хуэдэу- глагол *″префикс″ым и*пэ къихуэу, ауэ, *″lуэху″* лlэужьыгъуэ *″субъект цlэпащlэ гъэлъагъуэрэ лъытэ″*у зэрыхиубыдэр гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, я лэжьэкlэхэм мыпхуэдэу щыгъуазэ дызыхуэхъуа мы **″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″**хэр (пп: *гуры*lуэн) **аргуэру** *игъуэ* **″префикс″** (пп: *къ*) къащтэу зэры**ухуэж** (пп: *къыгуры*lуэн) *я лэжьэкlэ*хэрщ мы ипэкlэ къэта щапхъэхэри, мыбыхэм я **″лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″**хэм (пп: у*къы***з***гур*оlуэ) хиубыдэ -*″lуэху″ лlэужьыгъуэ-* **″субъект цlэпащlэ гъэлъагъуэ″**р (пп: **з**) глаголым **иужьрей**уэ (аргуэру) къищта **″префикс″**ым (пп: *къ*) **къыкlэлъыкlуэ**у, ауэ, *″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″*у зэрылъытэфа **япэрей ″префикс″**ми (пп: *гуры*) **ипэ** *къихуэу зэрыхиубыдэ*ри нэрылъагъущ.

- Нытlэ, мы къыхэдгъэщахэм аргуэру къыпыщапхъэмэ, *″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″у ухуэн папщlэ зыхуэныкъуа*ращ *япэрей* и *″префикс″* жыхуэтlэрии, мыпхуэдэуи мы *″глагол гуп″ым* зэрыхиубыдэ и лэжьэкlэри *и ″занщlэ глагол″ лэжьэкlэ* лlэужьыгъуэ зэрыл*ъытапхъэ*нури жытlагъащ. Аращи, мыпхуэдэ *игъуэ ″префикс″*кlэрэ мы *″глагол гуп″ым хиубыда нэужь*, зэрыгъэзащlэ *″щlыкlэ″*рэ щыгъэзащlэ *″щlыпlэ″*ри зэрылъытэ *″префикс″*хэмкlэ *зэрыухуэжа*ри мы *″глагол гуп″ым и ″префиксиал глагол″ лэжьэкlэ*хэуи лъытапхъэнщ. Икlи, ипэкlэ къэта глагол щапхъэхэр мыпхуэдэу -*″занщlэ глагол″*рэ *″префиксиал глагол″*

лIэужьыгъуэхэу- зэрылъытэу (-*"префикс"*у лъытахэр *италикэ*у- зэрытхари нэрылъагъущ.

- Мы *"*"* нэгъыщэкIэ къыхэдгъэщахэр –ипэкIи зэрыжытIауэ- *"статя глагол"* лIэужьыгъуэуи лъытапхъэрэ *зэрылажьэ* щапхъэхэрщ.

## "ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ КЪЫРИКIУЭ IУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭР "ГЪЭ" ПЭЩIЭДЗЭКIЭ "IУЭХУ ГЛАГОЛ"У МЭУХУЭЖЫР

Япэрауэ, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ Iуэху глагол"* къэхъуныгъэм *лъабжьэ* хуэхъуахэр игъуэ префикскIэ ухуа *"езырыж префиксиал глагол"*хэрауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, нытIэ, мы зи гугъу тщIы *"глагол гуп"*ым хиубыдэ глаголхэр *"гъэ" пэщIэдзэкIэ "Iуэху глагол"у* зэрыухуэжыну щIыкIэхэри *"езырыж префиксиал глагол"хэр "гъэ" пэщIэдзэкIэ "Iуэху префиксиал глагол"у зэрыухуэжхэм хуэдэу* зэрыщытынури жыIэпхъэнщ.

ИкIи, -зэрыгурыIуэгъуэу- *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ Iуэху глагол"*хэр *"субъект"ым езым къыпкъырыкI*рэ *къэхъу-къэщIыгъуэ*у утыку къихьэр зытеухуэ – *зытелэжьыхь*ырщи, мыпхуэдэ зы *"хьэрычэт"ыр* глагол *"субъект"ым нэгъуэщI гуэрым иригъэзащIэу* къыщыIуатэм деж, *"щхьэм хуэлэжьэнрэ къырикIуэн Iуэхугъуэ" къызэрымын*энур гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэри *"гъэ" пэщIэдзэкIэ* зэры*гъэзэщIэн*ур наIуэщ. Араща, **"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ Iуэху глагол"**хэр **"гъэ" пэщIэдзэ**кIэ зэрыухуэжу утыку къихьэнур зы **"Iуэху префиксиал глагол"** лIэужьыгъуэрщ.

ИпэкIи щызэрыжытIауэ, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ Iуэху глагол"*хэм я "лэжьэкIэу ухуа псалъэ"хэм *"езырыж глагол"*рэ *"Iуэху глагол"* лэжьэкIэ лъэныкъуэ гуэрхэр зэрыхиубыдэм ипэкIэ щыгъуазэ дыщыхуэхъуащ. ИкIи, игъуэ "префикс"кIэ ухуа "езырыж префиксиал глагол"хэм я лэжьэкIэхэращ *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ Iуэху глагол"*хэр япэу утыку къызэрихьари, нытIэ, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ Iуэху глагол"*ымрэ къызытехъукIа "езырыж префиксиал глагол"ыр *"гъэ" пэщIэдзэкIэ зэхуэдэ "Iуэху префиксиал глагол"*у зэрыухуэжынури гурыIуэгъуэнщ. Араща, зы глаголыр *"гъэ" пэщIэдзэ*кIэ щыухуэм деж, *"субъект"*ым мы *Iуэхур нэгъуэщI гуэрым иригъэзащIэу* зэрылъытэнур гурыIуэгъуэнщи, нытIэ, *"гъэ" пэщIэдзэкIэ ухуа* зы *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ Iуэху глагол"*ыр *"субъект"ым езым "хуэлэжьэж"рэ "и щхьэм къырикIуэ"*уи *мылэжьэж* зэрыхъунур наIуэщ. у,

*рыухуэжа* щIыкIэу *зэрылажьэ* щапхъэхэр *-зэрызэгъэпщэн* щIыкIэуи-къэдгъэлъэгъуэнщ:

| *"Езырыж префиксиал глагол"*у ***"гурыIуэн"*** лэжьэкIэ | *"Щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ lуэху глагол"*у ***"гурыIуэн"*** лэжьэкIэ | ***"Гъэ"****кIэрэ зэрыухуэ "lуэху префиксиал глагол"*у ***"гурыгъэIуэн"*** лэжьэкIэ |
|---|---|---|
| - «**ар** абы *гур*oIуэ»;<br>- «**сэ** уэ **сы**б*гур*oIуэ»;<br>- «**уэ** сэ **уз***гур*oIуэ»; | - «**абы** ар *гур*oIуэ»;<br>- «**сэ** уэ уз*гур*oIуэ»;<br>- «**уэ** сэ сы**б***гур*oIуэ»; | - «**абы** ар абы *гур***е**гъaIуэ»;<br>- «**сэ** уэ абыхэм уа*гурыз*огъaIуэ»;<br>- «**уэ** сэ абы сы*гурыб*огъaIуэ». |

Мы къэта щапхъэхэр ″езырыж префиксиал глагол″ лъабжьэу ухуа ″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ lуэху глагол″хэм теухуа щапхъэхэрщи, нытIэ, мы илъабжьэми *зэрыухуагъэххэу "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ lуэху глагол"*хэм я *лэжьэкIэ*хэмрэ, *"гъэ"* пэщIэдзэкIэрэ *"lуэху префиксиал глагол"*у *зэрыухуэж лэжьэкIэ* щапхъэхэр къыщыдгъэъэгъуэнщ:

| *Зэрыухуагъэххэ "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ lуэху глагол"хэм я лэжьэкIэхэмрэ, "гъэ" пэщIэдзэкIэ зэрыухуэжхэм я лэжьэкIэхэр.* | |
|---|---|
| - ***"лъысын"***: «**абы** ар *лъ*ос; **сэ** уэ у**с***лъ*ос»;<br><br>- ***"щыгъупщэн"***: «**абы** ар *щ*огъупщэ; **сэ** уэ у**с***щ*огъупщэ»; | - ***"лъыгъэсын"***: «а**бы** ар абы *лъе*гъэс/*лъыре*гъэс; **сэ** уэ абы у*лъыз*огъэс/у*нылъыз*огъэс»;<br>- ***"щыгъэгъупщэн"***: «**абы** ар абы *щ***е**гъэгъупщэ/*щыре*гъэгъупщэ; **сэ** уэ абыхэм уа*щыз*огъэгъупщэ». |

## ЕПЛIАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ
## СТАТЯ - ПОЗИЦЭ ″ХЬЭРЫЧЭТ″ ЗЭРЫЛЪЫТЭРЭ ″СТАТЯ ГЛАГОЛ″ХЭР ЗЭРЫУХУЭУ ЗЭРЫЛАЖЬЭМ ТЕУХУАУЭ

### ″СТАТЯ ГЛАГОЛ″ХЭМ ТЕУХУАУЭ

Ипэрей ди лэжьыгъэхэм ″статя глагол″хэр утыку къызэрихьарэ и кIуэцIкIи зэрызэщхьэщыкIым щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащи, нытIэ, мы илъабжьэми -япэрауэ- ″статя глагол″хэм теухуа къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр къыщыпытщэнщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, дэтхэнэ *гуэрыр а зэрыщыту лъытэн*рэ а зэрыщыту *зэрызекlуэ*р зэрылъытэрауэ жыlэпхъэщ *"статя глагол"* жыхуэтIэр. Араши, зы гуэрыр *къызэрыхъу*рэ *зэрыгъэзащIэ щIыкIэу* зэрылъытэр *динамикэ* лIэужьыгъуэ *"глагол"*у лъытапхъэмэ, зы гуэрыр *а зэрыщыт*рэ *стабил хьэрычэт* лIэужьыгъуэу *лъытэн*ри *"статя глагол"*у жыlэпхъэщ.

Глаголхэр мыпхуэдэу ***"динамикэ глагол"***рэ ***"статя глагол"***у тIууэ зэщхьэщыкIыу лъытапхъэмэ, мыпхуэдэу *зэщхьэщыкIыу щылъыт*эри

*"зэманыгъуэ"*у *щыгъэзащlэ*рэ *щызэрыгъэзащlэ*м *елъытар*э *теухуа*уэ зэрыщытынури наlуэщ. Аращи, *"динамикэ глагол"* жыхуэтlэхэр *иджым къызэрыхъу*рэ *зэрыгъэзащlэ*у зэрыщыткlэ *лъытэф*хэрщ; *"статя глагол"*хэри *иджым къыщыхъу*рэ щы*гъэзащlэ*у зэрыщыткlэрэ -зы *позиц*эрэ *статя* зэриlэххэу- зэрылъытэ глаголхэрщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, *"динамикэ глагол"* лlэужьыгъуэхэр *"иджы"м динамикэ*у *къыщыхъу*рэ *щыгъэзащlэ*хэращи, *иджым зэрыдж*рэ утыку къызэрихьэ *щlыкlэ*хэри *динамикэу зыхэзыубыдэ* глагол лlэужьыгъуэхэрщ; ауэ, *"статя глагол"* жыхуэтlэхэр *къэхъу*рэ *гъэзащlэ* лlэужьыгъуэхэу *"иджы"м стабил*у *къыщеклуэклыу щыт*хэр зэрылъытэ глагол лlэужьыгъуэхэращи, *иджым* утыку къызэрихьэрэ *зэрыдж щlыкlэ*хэр *динамикэу мылъытэ*хэрщ.

Мы къэтlуэтахэми гурыlуэгъуэ къызэрытхаущlщи, **"статя глагол"** жыхуэтlэхэр **позицэ**рэ **статя** зэрылъытэ *"хьэрычэт"* лlэужьыгъуэхэрщ. Икlи, зы *"хьэрычэт"*ыр *"статя"*у е *"динамикэ"*у щылъытэнури -*"зэманыгъуэ"*у- *"иджы"м щыгъуэ*ращи, нытlэ, мыпхуэдэ *"глагол гуп"* лэжьэклэр *адрей "глагол гуп"*хэм -*"динамикэ"* лlэужьыгъуэ *глаголхэм*- я лэжьэклэхэм *къазэрыщхьэщыкl*ыр *"иджы"м теухуа лэжьэклэ*рауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Мы зэрыжытlауэ, *"статя глагол"*хэр адрей *глагол лэжьэклэ*хэм къазэрыщхьэщыкlыр *"иджы зэман"у зэрылажьэ*ращи, *"статя глагол"*хэр *адрей зэманыгъуэ*хэм (пп: блэкla, къэклуэну) теухуауэ *зэрылажьэ* щlыкlэри *адрей глагол лэжьэклэ*хэм *хуэдэ*щ, зэщхьэщыкlхэкъым.

Дауи, мы лэжьыгъэ lыхьэм глаголхэм я **хъыбарегъащlэ** *лэжьэклэ*хэм -*нормал глагол* лэжьэклэхэм- теухуауэ мыбы нэгъунэ къыщедгъэклуэкларэ щыгъуазэ дызыхуэхъуахэм зыри **"ит зэман"**ым теухуа я лэжьэклэхэращи, нытlэ, мы *"димнамикэ глагол"* лlэужьыгъуэхэм мы я -*"ит зэман"*ым теухуа- *хъыбарегъащlэ* лэжьэклэхэм **"статя глагол"** лlэужьыгъуэу къапэуври **"иджы зэман"** *лэжьэклэ*ращ. Аращи, *глаголхэм* я **"хъыбарегъащlэ"** лэжьэклэхэм теухуауэ мыбдежым зи гугъу тщlы **"статя глагол"**хэм я **"иджы зэман"** лэжьэклэхэр мы ипэкlэ *"динамикэ глагол"* лlэужьыгъуэхэу зи гугъу тщlахэм я *"ит зэман"* лэжьэклэхэм къапэувырщи, **"статя глагол"**хэмрэ **"динамикэ глагол"**хэр **зэрызэщхьэщыкl**ри мыращ; *адрей "зэманыгъуэ"*хэм техуауэ *я лэжьэклэхэр зэхуэдэщ*.

Дауи, *глагол лэжьэклэ*хэм теухуа зы *"зэманыгъуэ"*у *"иджы зэман"*ыр *"ит зэман"*у зэры*щымыт*ыр гурыlуэгъуэщи, *"иджы зэман"ым -и клуэцlым къыщыхъу*ри зэрылъытэ- *и вариант*у лъытапхъэрщ *"ит зэман"*ыр. Аращи,

*"ит зэман"* жыхуэтlэр *"иджы"м щыджыр зэрыджр*э *джыуэ зэрыщыт*кlэ зылъытэрщи, мы ипэкlэ *"иджы"м щыдинамикэ*у тлъытахэм теухуа *"*зэманыгъуэ*"*рщ *"ит зэман"*ыр; ауэ, *джагъэххэу щыт*ыр *а зэрыщыт*у *функуионал*у зэрылъытэрщ *"иджы зэман"* жыхуэтlэри, *"иджы"м щысытабил*у *функуионал*у къыщекlуэкlыр *"зэманыгъуэ"*у зэрылъытапхъэр *"иджы зэман"*ущ. Дауи, *"статя глагол"*хэр *"иджы зэман"*у мы зэрылъытэр *-зэрылажьэр- адрей глагол*хэм *я "ит зэман"* лэжьэкlэм *пэув*ырщи, ипэкlи зэрыжытlауэ, *"статя глагол"хэмрэ адрей глагол*хэм я *адрей зэманыгъуэ лэжьэкl*эхэри *зэхуэдэщ*.

*"Щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"хэм хуэдэ*у, **"статя глагол"**хэри **"гъэ"** *пэщlэдзэкlэ* щыухуэжым деж, *гъэзэщlэнкlэ хуит щlын*рэ *нэгъуэщlым егъэзэщlэн* мыхьэнэщ утыку къихьэри, мыпхуэдэхэри *"статя глагол"*ыжхэкъым.

*

Аргуэру къыпыщапхъэмэ, *"*статя глагол*"*хэр *хьэрычэтыншагъэ*у лъытапхъэ *къэхъу-къэщlыгъуэ*рэ *lуэхугъуэ*хэу, къызэрыхъуа щlыкlэри мылъытэу *"иджы"м къыщекlуэкl*ыу щытхэр зыхиубыдэ глагол лlэужьыгъуэхэрщ. Аращи, зы гуэрыр зы *щыlэ* лlэужьыгъуэу *зэрыщыт*ыр, - ауэ ар щыlэу утыку къызэрихьар мылъытэу, иджым *щыlэгъуэ зиl*эу щытрэ *зэрыщыlэ*р зылъытэ глаголхэрщи, а уэрыр *а зэрыщыт*у а зы гуэру и *щыlэкlэ*рэ *щытыкlэ*у иджым щызэрылъытэр; зы гуэрыр и *позищэ*кlэ зэрылъытэрэ *позищэ зиl*эуи иджым щызэрылъытэр; зы гуэрыр а зэрыщыту *стабил*у зэрылъытэрэ мы и *стабилизацэ*у иджым зэрыщытыр; *къызэрыхъуагъэххэрэ зэрыгъэзэщlагъэххэу* иджым щы*зеклуэ*у зэрыщытыр зэрылъытэ глаголхэрщ *"статя глагол"* жыхуэтlэхэр. Аращи, зы *щыlэ* гуэру *щыlэгъуэм хэт*ынрэ *щыlэу щыт*ыныр, зы *щlыкlэ*у лъытэныр, зы *плъыфэ ul*эу щытынрэ *къищт*энып, е зы *статус ul*эу лъытэн хуэдэ лlэужьыгъуэхэрщ *"статя глагол"* жыхуэтlэхэмкlэ лъытэ *"хьэрычэт"*хэр.

Мы жытlахэм гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlщи, *"статя глагол"*хэр *хьэрычэт зимыlэу стабил* лlэужьыгъуэхэр *зэрылъытэм къыщlидзэу*, *иджыри зеклуэ*у щыт *хьэрычэт* лlэужьыгъуэхэр *зэрылъытэм хуэклуэ*у зэмылlэужьыгъуэ *стабилизацэхэр зэрылъытэ* глагол лlэужьыгъуэхэрщ. Аращи, *"статя глагол"* жыхуэтlэхэр **хьэрычэт зимыl**э*у а нэхъ* **стабил** *лlэужьыгъуэ*хэр *зэрылъытэм* **къыщlидзэ***у*, *къыздыщежьа*ри *мыналуэу* ауэрэ **иджыри къекlуэкl**ыу щытрэ *зэмыхъуэкl* **хьэрычэт**у **стабил**

*лIэужьыгъуэ*хэри зыхэзыубыдэ **лъагъуэу** **убгъуа** зы **марж** зиIэ глагол лIэужьыгъуэхэрщ.

НытIэ, мы къызэрыхъуарэ утыку къызэрихьэу икIи мы къыпыщэ лъагъуэкIи зэрыбагъуэм теухуауэ *"статя глагол"*хэри и кIуэцIкIэ зэры*зэщхьэщыгъэкIыпхъэ*р гурыIуэгъуэнщ.

## "СТАТЯ ГЛАГОЛ"ХЭР ЗЭРЫЛЪЫТЭРЭ ЗЭРЫБАГЪУЭУ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫКIЫМ ТЕУХУАУЭ

**"Статя глагол"хэр зэрылъытэрэ утыку къызэрихьэм лъабжьэ яхуэхъухэм теухуауэ.**

Ипэрей лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызыхуэхъууэ, *глаголхэр "инфинитив"*у зэрылъытэрэ мыпхуэдэуи *класификацэ* зэрыщIыпхъэм *ипэIуэкIэ* ахэр я *"лэжьэкIэу ухуа псалъэ"*хэу *бзэм щызекIуэу* зэры*щыта*р гурыIуэгъуэщ. ИкIи, *глагол лэжьэкIэ лIэужьыгъуэ*хэу *япэу бзэм щызекIуэ*у щIидзахэри *"езырыж глагол"*хэрауэ лъытапхъэщи, мы ипэкIэ къэтIуэтахэмкIи зэрыгурыIуэгъуэу, **"статя глагол"**хэри *бзэм* **япэ**у *"езырыж глагол"* лIэужьыгъуэхэу -**"статя езырыж глагол"**хэу- щызекIуэу зэрыщIидзагъэнури гурыIуэгъуэнщ.

НытIэ, дэтхэнэ зы *глагол*ыр *а нэхъ лъабжьэу "езырыж"рэ "IуэхуI"у зэщхьэщыкI*ыу зэрыщытым ипкъ зэриткIэ, *"статя глагол"*хэм я *къэхъукIэ*хэми *мыпхуэдэ зэкIэлъхьэужьыкIэ* зэрызыхуаIэнури жыIэпхъэщ. ИкIи, *"глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"*хэр *цIыху зэхуакум* - зэгурыIуэныгъэкIэрэ- *щызекIуэ*у зэрыщIидзам *ипэ* къихуэу лъытапхъэнщ зы *гуэрхэр зэрыарар зэрылъытэ псалъэ*хэр къызэрыIуатэу бзэм щызекIуэу зэрыщытагъэнури, нытIэ, **"глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"**хэу лъытапхъэу *бзэм* **япэ**у *щызекIуэу щIидза*хэри -зы гуэрыр и *"позицэ"*рэ и *"плъыфэ"*кIэ лъытэным къыщIидзэу- **"статя"** зэрылъытэ *псалъэ* лIэужьыгъуэхэрауэ - *"статя глагол" лэжьэкIэу лъытапхъэ псалъэ*хэрауэ- зэрылъытагъэнури жыIэпхъэнщ. НытIэ, мы къэтIуэтахэм гурыIуэгъуэ къызэрытхуащIщи, *"статя глагол"* жыхуэтIэхэр *къызытехъукIа лъабжьэ*рэ *бзэ лэжьэкIэ* лIэужьыгъуэхэм теухуа щапхъэхэу лъытапхъэщ мыхэр:

- «ар плъыжь*щ*, ар фIыщIэ*щ*, ар хужь*щ*»;
- «ар кIыфI*щ*, ар нэху*щ*»;
- «ар нэхъыжь*щ*, ар нэхъыщIэ*щ*»;

- «ар цIыху*щ*, мыр шы*щ*, мор хьэ*щ*».

Мы къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, *зы гуэрыр зэрыарар – зэрыхуэдэр – а зэрыщытыр зэрылъытэ псалъэ*хэри *"езырыж"* лIэужьыгъуэу -**"езырыж глагол"** *лэжьэкIэ* лIэужьыгъуэ **"псалъэ"**хэу-зэрыщытынури наIуэщ.

*

Мы ипэкIэ къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, дэтхэнэ гуэрыр *зэрыарар* -арауэ зэрыщытыр- *зэрылъытэ*рэ *фIэщ зэрыщIы*р *"щ" кIэух*кIэрэщи, зы гуэрыр е зы къэхъу-къэщIыгъуэр "блэкIа"уэ е "къэкIуэну зэман"у щымытрэ "иджы зэман"уи "щ" кIэухкIэ зэрылъытэфращ "статя"у зэрылъытэр. Аращи, **"иджы зэман"**ым теухуа **"глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"**ри -"блэкIа" е "къэкIуэну" щымыту- **функционалу** зэрыщыткIэрэ **"щ" кIэух** къызэрищтэу зэрыухуэращ **"статя глагол"** жыхуэтIэхэм я *лэжьэкIэ*хэр.

Мы жытIами къызэрыхэщрэ икIи япэрей глагол лэжьэкIэ щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, *глаголхэр* **"ит зэман"**ым **нэмыщI** *"зэманыгъуэ"*хэмкIэ зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэри –зытеухуа *"зэман лъытэрэ гъэлъагъуэ"*кIэ ухуа нэужь- **"щ" кIэух**и къащтэу зэрыухуэхэри гурыIуэгъуэщи, **"статя глагол"** жыхуэтIэхэм *"ит зэман" лэжьэкIэ зэрамыл*эрэ -абы ипIэкIэ- **"иджы зэман"** *лэжьэкIэ зэрал*эр, икIи мы *"иджы зэман" лэжьэкIэ*ми **"щ" кIэух** къызэрищтэр гурыIуэгъуэщ. Аращи, *"статя глагол"* жыхуэтIэхэр адрей глаголхэм -*"диманмикэ глагол"* лIэужьыгъуэм- *къазэрыщтэщыкIыр "ит зэман" unIэкIэ "иджы зэман" лэжьэкIэ* зэриIэрщ. ИпэкIи къызэрыхэдгъэщауэ, *"ит зэман"*ыр *"иджы"м* къыщекIуэкI *динамикэ* лIэужьыгъуэрщ; ауэ, *"иджы"ми стабил*у щытыр *"щ" кIэух*кIэрэщ зэрылъытэри, мыри *"статя глагол"* зэрылъытэ щIыкIэрщ.

Аращи, щыIэгъуэ лъабжьэ мыхьэнэ зиIэ **"щ" макъ**ыр **кIэух** зыхуэхъу **псалъэ**р *а езырауэ* зэрыщытрэ *а зэрыщыткIэ*рэ **стабил**у лъытэрэ зы **статус** зыгъуэтырщи, нытIэ, дэтхэнэ гуэрыр зы *позицэ зил*эрэ *стабил*уи зэрыщыткIэрэ *зэрылъытэ "щ" кIэух*ыр **"ит зэман"**ым **нэмыщI** зэманыгъуэхэм теухуа *"глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"*хэм къызэращтэм ипкъ зэриткIэ, **"статя"** лIэужьыгъуэхэу лъытапхъэщ. Мы зэрыжытIауэ, *"иджы"м щыджыр джыуэ щыту* зылъытэ **"ит зэман"**ым теухуа **лэжьэкIэ** *закъуэр*ащ **"динамиткэ"**у лъытапхъэри, **адрей зэманыгъуэ**хэм теухуа глагол **лэжьэкIэхэм "щ" кIэух** къызэращтэм зэрезэгъкIэ, **"статя"** лIэужьыгъуэ *лэжьэкIэ*хэу лъытапхъэхэщ. Аращ икIии, *"статя глагол"*хэм

я *"иджы зэман"* лэжьэкlэм *нэмыщl "зэманыгъуэ" лэжьэкlэ*хэмрэ *адрей глаголхэм я "ит зэман"* лэжьэкlэм *нэмыщl "зэманыгъуэ" лэжьэкlэ*хэр зэрызэхуэдэри жытlагъащ.

Икlи, *"щ" макъ кlэух* къэзыщтэ псалъэхэр зэрыщыту *глаголу щытын хуейуэ* зэры*щымыт*ри гурыlуэгъуэщи, *щыlэ*ныгъэ *лъабжьэ*у лъытапхъэ *"щ"* макъыр *кlэух* зыхуэхъу дэтхэнэ зы *псалъэ*р а зэрыщыткlэрэ *щыlэгъуэ*рэ *статия* зыгъуэту зэрылъытэри гурыlуэгъуэщ. *"Иджы зэман"* жыхуэтlэри *"ит зэман"*у *утыку къызэрихьа*рэ *къыщихьа*р –зэрыджарэ щыджар-*мынalуэ*у щытрэ *"иджы"м щыгъуэ*ми а *утыку къызэрихьа щlыкlэ*у *функционал*урэ *стабил*у щыту зэрылъытэ *зэманыгъуэ*ращ. Дауи, мыбдежым зи гугъу тщlы глаголхэр *адрей "глагол гуп"хэм къазэрызэщхьэщыкl*ыр **"иджы зэман"**у зэрылажьэхэри, мы зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэри **"щ" кlэух**кlэрэ зэрыухуэ мы *"глагол гуп"*ри **"статя глагол"** жыхуэтlэращ.

**"Статя глагол"хэр утыку къызэрихьэ пэщlэдзэхэр: "статя езырыж занщlэ глагол"хэр.**

Нытlэ, кlыхь дымыщlыу, *"статя глагол"* жыхуэтlэхэр *япэрауэ* **щlэ** лlэужьыгъуэ **псалъэ**хэр (пп: *"плъыфэ"* лlэужьыгъуэ псалъэхэр) *занщlэу* **"глагол"**у *зэрыухуэ*у (пп: а *"плъыфэ"р къызэрыщтэ*у) утыку къихьауэ лъытапхъэхэрщи, мыпхуэдэхэри зы гуэрым *–"субъект"*ым-*"езырыж"*ыгъэкlэрэ а *щlэ* лlэужьыгъуэ *псалъэмкlэ лъыта*р (пп: а плъыфэр) *занщlэу* (*"кондицэ" хуэмыныкъуэу*) *стабил зэрыхуэхъу*р зылъытэу **"статя езырыж занщlэ глагол"**хэу зэрыухуэнури гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ глагол лlэужьыгъуэхэри я мыхьэнэкlи зэхуэгъэдэнкlэрэ зэрызэлъытапхъэу зэкlэлъхьэужьыу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «"фlын, ткlиин, хеин, хуэмын, щымын, цlынэн, щэхун, пэгэн, пхъэшэн, бэвын; ныщlын»;
- «щхьэпэн, лъэпlэн, хуэбэн, нэхъеин, сымэджэн, узыншэн, псыфын, упсыфын, гъущэн»;
- «щlыlэн, псыlэн».

Мы глаголхэр утыку къызэрихьарэ къызытехъукlа псалъэхэри гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, мы къэта глагол щапхъэхэм щыщ гуэрхэр утыку къызэрихьэм теухуауэ, *зы гуэр*ыр *зы плъыфэ лlэужьыгъуэкlэ зэрылъытэ* къэlуэтэкlэхэр *"инфинитив"*у *"статя глагол"*у зэрыухуэ щапхъэ гуэрхэри къэтхьынщ:

- «*″*фlы*″* → *″***ар** фlы*щ″* → **фlын**»;
- «*″*хуабэ*″* → *″***ар** хуабэ*щ″* → **хуэбэн**»;
- «*″*щхьэпэ*″* → *″***ар** щхьэпэ*щ* → **щхьэпэн**»;
- «*″*щlыlэ*″* → *″***ар** щlыlэ*щ* → **щlыlэн**».

Ауэ икlи, адыгэбзэр *макъыбэ*у зэрыщыткlэ, *еджэклэбэ*рэ *лэжьэклэбэ*рщи, мы къэта *″занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэхэм икlи *″префиксиал глагол″ еджэ*кlэрэ *лэжьэклэ* икlи *″динамикэ глагол″* лlэужьыгъуэ еджэкlэрэ лэжьэкlэ зиlэхэр язэрыхэтыфынщ. Аращи, ипэкlэ къэта таблицэм *″статя езырыж глагол″* лlэужьыгъуэхэу хиубыдэхэм щыщу *″динамикэ глагол″* лlэужьыгъуэу, *″занщlэ″*рэ *″префиксиал″*у узэджэфыну *″щхьэпэн″ глагол*ыр икlи зы *″щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ луэху глагол″* лlэужьыгъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, **″статя занщlэ глагол″** лlэужьыгъуэу тлъыта мы **″щхьэпэн″** глаголым **″динамикэ глагол″** лlэужьыгъуэхэу **″езырыж занщlэ глагол″**рэ (щхьэпэн) **″щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ lуэху глагол″**у (*щхьэ*пэн) *зэреджапхъэ*рэ *зэрылажьэ* щапхъэхэри *″ит зэман″*ым теухуауэ мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- **″щхьэпэн″**: «**сэ** (абы) **с**ощхьэпэ»;
- ***″щхьэпэн″***: «**сэ** уэ **сы**пщхьопэ».

**″Статя езырыж занщlэ глагол″хэр ″префикс″клэрэ ″статя езырыж префиксиал глагол″у зэрыухуэхэм теухуауэ.**

Зэрыгурыlуэгъуэу, ″занщlэ глагол″хэр зэрыгъэзащlэм теухуа ″кондицэ″ зэрылъытэ ″префикс″хэмкlэ ″префиксиал глагол″хэу мэухуэри, нытlэ, мы ипэкlэ щапхъэу къэдгъэлъэгъуа **″статя занщlэ глагол″**хэр щыгъэзащlэ **″щlыпlэ″**рэ зэрыгъэзащlэ **″щыкlэ″** зэрылъытэ **″префикс″** гуэрхэр къызэращтэу **″статя префиксиал глагол″**хэу зэрыухуэфынур гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, ди *″статя занщlэ глагол″* щапхъэхэм *-япэрауэ-* **″щlыкlэ″** лlэужьыгъуэ **″префикс″** къащтэу утыку къихьэ **″статя префиксиал глагол″**хэр къэдгъэлъэгъуэнщи, мыбыхэм щыщ гуэрхэм я лэжьэкlэ щапхъэ гуэрхэри къахупытщэжын:

- **″фlын″ → ~~къэфlын~~, ~~нэфlын~~, *хуэ*фlын** (**ар** абы *хуэ*фlы*щ*)**, *е*фlын, *флэ*фlын, *зэ*фlын, *дэ*фlын, *зэдэ*фlын»;**
- **″сымэджэн″ → ~~къэсымэджэн~~, ~~нэсымэджэн~~, *хуэ*сымэджэн, ~~*еесымэджэн*~~, *флэ*сымэджэн** (**ар** абы *флэ*сымаджэ*щ*)**, ~~*зэеымэджэн*~~, ~~*дэеымэджэн*~~, *зэдэ*сымэджэн»;**

- **″щlыlэн″ → *къэ*~~щlыlэн~~, *нэ*~~щlыlэн~~, *хуэ*щlыlэн, ~~*ещlыlэн*~~, *флэ*щlыlэн, ~~*зэщlыlэн*~~, ~~*дэщlыlэн*~~, *зэдэ*щlыlэн (ахэр** *зэдэ*щlыlэщ**)».**

Зэрыгурыlуэгъуэу, зы *″занщlэ глагол″*ыр *″префиксиал глагол″у зэрыухуэф*ынур а *″глагол″ мыхьэнэ*мрэ *″префикс″ мыхьэнэ*м елъытащи, *дэтхэнэ зы ″префикс″*ыр *″занщlэ глагол″* псоми зэр*емыклу*р мы къэта щапхъэхэмкlи нэрылъагъущ. Аращи, ди *″статя занщlэ глагол″* щапхъэхэм щыщу *″щlыклэ″* лlэжьыгъуэ *″префикс″*кlэ -зэрыигъуэу- *″статя префиксиал глагол″*у *мылъытэф*хэм *я гущlылур тетхъа*уэ къэдгъэлъэгъуащ.

*

Мы къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, ″статя занщlэ глагол″ гуэрхэм ″щlыкlэ″ лlэужьыгъуэ ″префикс″ гуэрхэмкlэ ″статя префиксиал глагол″хэр къатехъукlкъым. Ауэ, **″статя″** лъытэныр зы **″щlыпlэ″ lупщl**ым зэр**емылъытэну**ри гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, **″статя занщlэ глагол″**хэми **″щlыпlэ″ lупщl** лlэужьыгъуэ **″префикс″**кlэрэ –зэрыигъуэу- **″статя префиксиал глагол″ къазэрытемыхъукlыпхъэ**ри жыlэпхъэщ. Ауэ икlи, мы ди *″статя занщlэ глагол″* щапхъэхэм мы *″префикс″*хэмкlэ *″статя префиксиал глагол″ къатемыхъукl*ми, абыхэмкlэ *хуиту* нормал **″езырыж префиксиал глагол″**хэр зэрыухуэфынури гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, ди *″статя занщlэ глагол″* щапхъэхэм *″щlыпlэ″ lупщl* лlэужьыгъуэ *″префикс″* къызэращтэу ухуэ *″префиксиал глагол″*хэм я *лэжьэклэ* гуэрхэри *″статя″* лlэужьыгъуэрэ *″динамикэ″* лlэужьыгъуэхэу къэдгъэлъэгъуэнщи, ахэр *″статя глагол″* лэжьэкlэхэу зэры*имыгъуащэ*рэ *″динамикэ″* лlэужьыгъуэуи *″езырыж префиксиал глагол″*хэу *хуиту зэрылажьэ*хэми гулъытэ яхуэтщlынщ:

- **″фlын″ →** «***и*фlын, *ly*фlын** (**ар** абы ~~*ly*фlщ~~; **ар** абы *ly*офl - *ly*офlэ)**, *къуэ*фlын, *хэ*фlын, *щlэ*фlын** (**ар** абы ~~*щlэ*фlщ~~; **ар** абы *щl*офl – *щl*офlэ)**, *дэ*фlын, *флэ*фlын, *пы*фlын**»;
- **″сымэджэн″ →** «***и*сымэджэн, *ly*сымэджэн, *къуэ*сымэджэн, *хэ*сымэджэн, *щlэ*сымэджэн** (**ар** абы ~~*щlэсымаджэщ*~~; **ар** абы *щl*осымаджэ – *щl*осымэджы*хь*)**, *дэ*сымэджэн, *флэ*сымэджэн, *пы*сымэджэн** (**ар** абы ~~*пысымаджэщ*~~; **ар** абы *п*осымаджэ - *п*осымэджы*хь*)»;
- **″щlыlэн″ →** «***и*щlыlэн** (**ар** абы ~~*ищlыlэщ*~~; **ар** абы *й*ощlыlэ)**, *ly*щlыlэн, *къуэ*щlыlэн, *хэ*щlыlэн** (**ар** абы ~~*хэщlыlэщ*~~; **ар** абы *х*ощlыlэ)**, *щlэ*щlыlэн, *дэ*щlыlэн, *флэ*щlыlэн, *пы*щlыlэн**»;

Ипэкlэ къэтlуэтарэ мы къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, ди *″статя занщlэ глагол″* щапхъэхэр *″щlыпlэ″ lупщl* лlэужьыгъуэ *″префикс″*хэмкlэ зэрыухуа

*"префиксиал глагол"*хэр *"статя префиксиал глагол"*у зэры*мыимыгъуащэри* мы *я лэжьэкlэ* щапхъэхэм -я *гущlылур тетхъа*уэ- хыболъагъуэр.

Ауэ, мы ди **"статя занщlэ глагол"** щапхъэхэр *универсал* лlэжьыгъуэ *"щlынlэ" лъытэ*у щыт **"зэман/мекан"** зылъытэ **"щы" префикс**кlэ щыухуэм деж, утыку къихьэр **"статя префиксиал глагол"**у *игъуэ*у зэрылъытэнурэ *зэрылэжьэну*ри гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, ди *"занщlэ глагол"* щапхъэхэр *"щы" префиксиал*у щыухуэм деж, утыку къихьэ *"префиксиал глагол"*хэр *"статя"*рэ *"динамикэ"* лlэужьыгъуэу *зэрылъыт*эрэ икlи *зэрылажьэ щапхъэ* гуэрхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

«***щы*фlын** (**ар** абы *щы*фl*щ*; **ар** абы *щ*офl – *щ*офlэ); ***щы*сымэджэн** (**ар** абы *щы*сымаджэ*щ*; **ар** абы *щ*осымаджэ); ***щы*щlыlэн** (**ар** абы *щы*щlыlэ*щ*; **ар** абы *щ*ощlыlэ)».

Аращи, *"щlынlэ" lупщl*ым *"статя" щымылъытэ* щхьэ, *универсал "щlынlэ"*м *"статя" зэрылъытэф*ым теухуа щапхъэхэрщ мы къэгъэлъэгъуахэри, нытlэ, ипэкlэ *"статя занщlэ глагол"*у *"щlынlэ" lупщl* лlэужьыгъуэ *"префикс"*хэмкlэ *"статя префиксиал глагол"у мылъытэф*у зи гугъу тщlахэри мы *"зэман/мекан" лъытэ "щы" префикс*кlэрэ -зэрыигъуэу- *"статя префиксиал глагол"*у зэрыухуэфынухэри жыlэпхъэнщи, мыбдежым мыпхуэдэ щапхъэхэри къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «***и*фlын → *щыи*фlын; *ly*фlын → *щылy*фlын** (**ар** абы *щылy*фl*щ*; **ар** абы *щылy*офl - *щылy*офlэ); ***къуэ*фlын → *щыкъуэ*фlын; *хэ*фlын → *щыхэ*фlын; *щlэ*фlын → *щыщlэ*фlын** (**ар** абы *щыщlэ*фl*щ*; **ар** абы *щыщl*офl – *щыщl*офlэ)**; *дэ*фlын → *щыдэ*фlын; *флэ*фlын → *щыфлэ*фlын; *пы*фlын → *щыпы*фlын**»;
- «***и*сымэджэн → *щи*сымэджэн; *ly*сымэджэн → *щылy*сымэджэн; *къуэ*сымэджэн → *щыкъуэ*сымэджэн; *хэ*сымэджэн → *щыхэ*сымэдэн; *щlэ*сымэджэн → *щыщlэ*сымэджэн** (**ар** абы *щыщlэ*сымаджэ*щ*; **ар** абы *щыщl*осымаджэ – *щыщl*осымэджы*хь*); ***дэ*сымэджэн → *щыдэ*сымэджэн; *флэ*сымэджэн → *щыфлэ*сымэджэн; *пы*сымэджэн → *щыпы*сэмэджэн** (**ар** абы *щыпы*сымаджэ*щ*; **ар** абы *щып*осымаджэ – *щып*осымэджы*хь*)»;
- «***и*щlыlэн → *щи*щlыlэн** (**ар** абы *щи*щlыlэ*щ*; **ар** абы *щый*ощlыlэ/*щ*ощlыlэ)**, *ly*щlыlэн → *щылy*щlыlэн; *къуэ*щlыlэн → *щыкъуэ*щlыlэн; *хэ*щlыlэн → *щыхэ*щlыlэн** (**ар** абы *щыхэ*щlыlэ*щ*; **ар** абы *щых*ощlыlэ)**; *щlэ*щlыlэн → *щыщlэ*щlыlэн; *дэ*щlыlэн → *щыдэ*щlыlэн; *флэ*щlыlэн → *щыфлэ*щlыlэн; *пы*щlыlэн → *шыпы*шlыlэн**».

**Зэрыухуагъэххэу "статя езырыж префиксиал глагол"хэр утыку къызэрихьэм теухуауэ.**

Зы гуэрыр -*"субъект"*ыр- *"езырыж"*ыгъэу зы *щlынlэ*рэ *щlыкlэ*у *стабил* зэрыхъу лэжьэкlэ зиlэу зэрылъытэу **зэрыухуагъэххэу "статя езырыж префиксиал глагол"**хэри утыку къихьэфынщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри *"щlынlэ"* лlэужьыгъуэ *"префикс"*рэ *"щlыкlэ"* лlэжьыгъуэ *"префикс"*кlэ зэрыухуауэ *гупитl*ыу зэщхьэщыкlарэ я *мыхьэнэ*хэми елъытауэ *гуп гупу* мы

илъабжьэм къыщыдгъэлъагъуэу, я лэжьэкlэ щапхъэ гуэрхэри къыпытщэнщ:

- «***щы*сын** (**ар** *щысщ*), ***и*сын** (**ар** абы *исщ*), ***l*усын, *къуэ*сын, *хэ*сын, *гуэ*сын, *щlэ*сын, *дэ*сын, *фlэ*сын, *пы*сын**»;
- «***щы*лъын** (**сэ сы***щылъщ*), ***и*лъын, *l*улъын, *къуэ*лъын** (**сэ** абы **с***исщ*), ***хэ*лъын, *гуэ*лъын, *щlэ*лъын, *дэ*лъын, *фэ*лъын, *пы*лъын**»;
- «***щы*тын, *и*тын, *l*утын** (**уэ** абы **у***исщ*), ***къуэ*тын, *хэ*тын, *гуэ*тын, *щlэ*тын, *дэ*тын, *фlэ*тын, *пы*тын**»;

---

- «***зэпы*тын** {ахэр *зэпы*т(хэ)*щ*}»; «***къэ*тын (уэ у***къэт***щ*)»;
- «***пы*лъын (сэ** абы **сы***пылъщ*) **– *зэпы*лъын** {**ахэр** *зэпы*лъ(хэ)*щ*}».
- «***хуэ*дэн (уэ** абы **у***хуэдэщ*), ***хуэ*фэщэн (уэ** абы **у***хуэ*фащэ*щ*)».

Зэрыгурыlуэгъуэу, ″статья занщlэ глагол″хэм универсал щlыпlэ лъытэ ″щы″ префикс къищтэу ″статья префиксил глагол″у ухуэфу зэрыщытымрэ, ″щlыпlэ″ lупщl лlэужьыгъуэ ″префикс″хэмкlэ ″статья префиксиал глагол″у зэрыигъуэу мыухуэфу зэрыщытым ипэкlэ щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъэщ. Ауэ, *зэрыухуагъэххэу ″статья префиксиал глагол″*хэр *″щlыпlэ″ lупщl* лlэужьыгъуэ *″префикс″*хэмкlэ *зэрыухуэф*хэри мы къэта щапхъэхэмкlэ нэрылъагъущ. Аращи, *″префиксиал глагол″* ухуэныр *″глагол″рэ ″префикс″ым елъытауэ* зэрыщытым нэмыщl, ухуагъэххэ зы *″занщlэ глагол″ым префикс* къищтэу *″префиксиал глагол″* зэрыухуэмрэ, *зэрыухуагъэххэу ″префиксиал глагол″ утыку къихьэн*ым икlи *я лэжьэкlэ*хэми *зэщхьэщыкlыныгъэ* зэрызыхуаlэнури -иэкlи гулъытэ зэрыхуэтщlауэ- гурыlуэгъуэнщ.

Ауэ икlи, *зэрыухуагъэххэу ″статья префиксиал глагол″*у мы ипэкlэ къэта щапхъэхэм щыщ гуэрхэми *нэгъуэщl глагол гуп*ым щыщу *зэреджапхъэ*ри гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэу щыт *″хуэдэн, хуэфэщэн″* глаголхэм *нэгъуэщl еджэкlэ*рэ *глагол гуп лэжьэкlэ* зэрагъуэтми деплъын:

- ***″хуэдэн″*** → «**уэ** абы **у***хуодэ (″езырыж префиксиал глагол″ лэжьэкlэу)»;
- **″хуэдэн″** → «**уэ** абы **у**охуэдэ (″езырыж занщlэ глагол″ лэжьэкlэу)»;

---

- ***″хуэфэщэн″***: «**уэ** абы **у***хуофащэ (″езырыж префиксиал глагол″ лэжьэкlэу)»; «**уэ** ар **п***хуофащэ (″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″ лэжьэкlэу)»;
- **″хуэфэщэн″**: «**уэ** абы **у**охуэфащэ (″езырыж занщlэ глагол″ лэжьэкlэу)».

*

*Зэрыухуагъэххэу ″статья префиксиал езырыж глагол″*хэу мыбы нэгъунэ къэта щапхъэхэм елъытауэ иужькlэ къахэхъуауэ лъытапхъэнщ мыхэри:

«***щы*lэн** (**ар** *щы*lэ*щ*); ***хуэ*ныкъуэн** (**ар** абы *хуэ*ныкъуэ*щ*), ***хуе*ин** (**сэ** уэ

**сы**пхуей*щ*)»;

*

Зэрыгурыlуэгъуэу, *макъыбзэ*у щыт *адыгэбзэ*р *мыхьэнэбэ*рэ *лэжьэклэбэ*рщи, мы *иужькlэ къэхъуа*уэ лъытапхъэ *зэрыухуагъэххэ "статя езырыж префиксиал глагол"хэм ипэ*кlэ зи гугъу тщlа **зэрыухуагъэххэу "статя езырыж префиксиал глагол"**хэм щыщ гуэрхэр икlи **"статя lуэху префиксиал глагол"**уи е *нэгъуэщl глагол гуп*ым зэрыхиубыдэ щlыклэр *"lуэху глагол" лlэужьыгъуэ*у зэджапхъэхэрщ. Мыпхуэдэу *нэхъ lупщl*ыу **лэжьэклитl** *зиlэ глагол* гуэрхэри къыщыдгъэлъэгъуэнщ мы илъабжьэми, абыхэм щыщ гуэрхэми мы я *лэжьэклитl*ым теухуа щапхъэ гуэрхэри къадгъэлъэгъуэнщ:

«***щы*зын** (**ар** абы *щызщ*; **абы** ар *щызщ*), ***и*зын, *l*узын (дэ** абы **ды***lузщ*; **абы** дэ **ды***lузщ*)**, *къуэ*зын, *хэ*зын, *щlэ*зын, *дэ*зын, *фlэ*зын, *пы*зын**».

Мы къэта щапхъэхэми гурыlуэгъуэ къызэрыхуащlщи, *"статя глагол"*хэр *ипэ*рауэ *"езырыж глагол"* лlэужьыгъуэущ утыку къызэрихьар. Икlи, мыбыхэм *щыщ гуэрхэр икlи "lуэху глагол"* лlэужьыгъуэу лажьэу мы къэта къэта щапхъэхэми къызэрагъэлъагъуэу, *"статя глагол"*хэр *и клуэцlклэ "езырыж"рэ "lуэху"* лlэжьыгъуэуи *зэщхьэщыклыу зэрыщlидза*ри гурыlуэгъуэщ.

**"Статя lуэху глагол"хэр зэрыухуэрэ зэрылажьэхэм теухуауэ.**

"Статя глагол" къэхъуныгъэм мы ипэкlэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъуа щlыклэу зызэриубгъуу **"статя lуэху глагол"**хэри утыку къихьэу щlидзауэ лъытапхъэщи, ахэри и кlуэцlкlэ **"статя lуэху префиксиал глагол"**рэ **"статя lуэху занщlэ глагол"**хэу зэщхьэщыгъэкlыпхъэщ. Нытlэ, мыпхуэдэ глаголхэмрэ я лэжьэкlэ щапхъэхэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- *"**щы**гъын* (щы-гъэ-ы-н)": «**абы** ар *щыгъщ*»;
- *"**и**lэн"*: «**абы** ар *и*lэ*щ*»;
- *"**е**ин"*: «**абы** ар *ейщ*»;

---

- "**lыгъын** (lэ-ы-гъэ-ы-н)": «**абы** ар **и**lыгъ*щ*».

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр:**

- Ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуауэ, *"lуэху глагол"*хэм я *"лэжьэклэу ухуа псалъэ"*хэм хиубыдэ *"объектив субъект цlэпапщlэ лъытэ"*р *"е (иэй; эйй)"*щи, *"е (иэ/эй)" префикс*кlэ ухуа *"lуэху префиксиал глагол"*хэм я *"лэжьэклэу ухуа псалъэ"*хэри *"ири/ире"* формэ *"префикс"*кlэ зэрызэпкъырыувэри гурыlуэгъуэщ. Ауэ, мы къэтlуэтахэр *"динамикэ lуэху глагол"*рэ я лэжьэкlэхэращ зытеухуари,

*"статя lуэху глагол"*хэм *мыпхуэдэ ухуэклэ*хэр зэры*хыумылъагъуэ*р мы ипэклэ къэта щапхъэхэмклэ нalуэщ.

- Аращи, *"статя глагол"* жыхуэтlэхэр зы гуэрыр *а зэрыщыт*рэ *стабилу зэрылъыт*эрщи, *"инфинитив"*у ухуа зы *"статя глагол"*ым и *"лэжьэклэу ухуа псалъэ"*ри а *"глагол инфинтив"*ыр *зэрызэпкъырылъ* щlыклэу а зэрыщыту, ауэ, - "псалъэ"р *"инфинитв глагол"у зыгъэпс "н"* клэухым ипlэ- *"щ"* клэух къызэрищтэущ зэрызэпкъырыувэр. Ныtlэ, мы ипэклэ къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, *"инфинитив"у "и, е" префиксиалу* ухуа *"статя префиксиал глагол"*хэм я *"лэжьэклэу ухуа псалъэ"*хэри мы *"и, е" префикс*хэр *а зэрыщытыжу* – зэмыхъуэклыу- зыхиубыдэ зэрызэпкъыроувэр.

- Мы къыхэдгъэщахэм нэмыщl, мы *"статя lуэху глагол"* (lыгъын) щапхъэу къэдгъэлъэгъуами *"динамикэ глагол" лэжьэклэ* зэриlэфынури гурыlуэгъуэнщи, ныtlэ, мы *"статя занщlэ lуэху глагол"*ыр *"lуэху занщlэ глагол"*у зэрылажьэ щапхъэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- *"***lыгъын** (lэ-ы-гъэ-ы-н)*"*: «**абы** ар **е**lыгъ».

## "СТАТЯ ГЛАГОЛ"ХЭР "ГЪЭ" ПЭЩlЭДЗЭКlЭ ЩЫУХУЭМ ДЕЖ, Я СТАТЯ ЛlЭУЖЬЫГЪУЭМ ЙОКlХЭР

**Япэрауэ къыхэгъэщыпхъэрэ къыпыщапхъэ гуэрхэр.**

*"Статя глагол"*хэмрэ я лэжьэклэхэу мы ипэклэ къэтlуэтарэ къэдгъэлъэгъуа щапхъэхэм теухуауэ аргуэру *къыхэгъэщыпхъэ* гуэрхэмрэ, ахэр *"гъэ" пэщlдзэклэ зэрыухуэу зэрылажьэ* щlыклэхэми теухуауэ *къыхэгъэщыпхъэ* гуэрхэр щыlэнщи, мы илъабжьэм мыпхуэдэ гуэрхэри къыщыхэдгъэщынщ.

Ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *"статя глагол"* жыхуэтlэхэр *зы гуэрыр а езырауэ зэрыщыт*ыр *"щ" клэух*клэ зэрылъытэ *псалъэ зэпкъырыувэклэ*р *зи лъабжьэу* утыку къихьа *глагол лlэужьыгъуэ*хэрауэ лъытапхъэщи, мыпхуэдэу *япэ* утыку къызэрихьа щlыклэхэри *"статя езырыж глагол"* лlэужьыгъуэхэущ. Аращи, мы зэрыжытlауэ, я *псалъэ гъэпсыклэ*хэри утыку къызэрихьарэ къызытехъукla *"езырыж глагол"*хэм я *"лэжьэклэу ухуа псалъэ"*хэм *пэгъунэгъуу* лъытапхъэщ *"статя глагол"*хэри, *иужькlэ* утыку къихьа *"статя lуэху глагол"*хэр мы псалъэ *гъэпсыклэ*рэ *зэпкъырыувэклэм зэрыщхьэщыкl*ри глагол *"субъект"*рэ *"субъект щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэрэ лъытэ"*хэр *"lуэху" лlэужьыгъуэу* зэрыхэлъытэм теухуауэ зэрызэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Дауи, ипэкlэ адрей ″глагол гуп″хэм –*″динамикэ″ лlэужьыгъуэ ″глагол гуп″*хэм- теухуауэ къедгъэкlуэкlа лэжьыгъэхэми къызэрыхэщщи, *″глагол гуп″*хэр *и кlуэцl*кlэ *зэрызэщхьэщыкl*ым *елъытауэ я лэжьэкlэ*хэри *мащlэу* –″нуанс″ лlэужьыгъуэу- *зэрызэщхьэщыкl*хэри гурыlуэгъуэщ. Аращи, *″занщlэ глагол″*хэм *къатехъукl ″префиксиал глагол″*хэр *зэрылажьэ хабзэ*мрэ *зэрыухуагъэххэу ″префиксиал глагол″*у утыку къихьахэр *зэрылажьэ хабзэ*р *-мащlэ*ми- *зэрызэщхьэщыкl*ыр гурыlуэгъуэщ. Ныtlэ, **″статя глагол″** жыхуэтlэхэри мыпхуэдэщи, **и кlуэцlкlэ зэрызэщхьэщыкl**ыу мы ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуахэм **я лэжьэкlэ**хэри **мащlэу** –″нуанс″ лlэужьыгъуэу- **зэрызэщхьэщыкl**ынури гурыlуэгъуэнщ. Икlи, **″статя глагол″**хэр **″динамикэ″** лlэужьыгъуэ глаголу **зэрылажьэ** щlыкlэхэри а зэрылажьэ **″глагол гуп″**хэм я **лэжьэкlэхэм**и *мащlэу* -нуантс лlэужьыгъуэу- **къазэрыщхьэщыкl**ынури жыlэпхъэнщ.

Мы къыхэдгъэщахэми зэрезэгъщи, **″статя глагол″**хэр **″гъэ″ пэщlдзэ**кlэ щыухуэм деж, я **″статя″**гъэр **кlуэд**рэ *″динамикэ глагол″* лlэужьыгъуэу *″инфинитив″*у *утыку къихьэ* **″lуэху глагол″**хэми я **лэжьэкlэ**хэр -ипэкlэ зи гугъу тщlарэ щапхъэхэри къызыхуэтхьауэ щыт- **″езырыж глагол″**рэ **″lуэху глагол″**хэр **″гъэ″ пэщlэдзэ**кlэ зэрыухуэж **″lуэху глагол″** лlэужьыгъуэхэм я **лэжьэкlэ**хэми **къазэрыщхьэщыкl**ынур гурыlуэгъуэнщ.

Ныtlэ, мы илъабжьэм къэдгъэлъэгъуэну мыпхуэдэ глагол гъэпсыкlэхэмрэ я лэжьэкlэ щапхъэхэм теухуауэ мы къэтlуэтахэми гулъытэ яхуэтщlын зэрыхуейри гурыlуэгъуэщ.

*

Мыхэри къыхэдгъэща нэужь, ипэкlэ *″езырыж″рэ ″lуэху″* лlэужьыгъуэу къэта *″статя глагол″*хэм щыщ гуэрхэр *″гъэ″ пэщlэдзэ*кlэ *″динамикэ глагол″* лlэужьыгъуэхэу *″инфинитив″*у *зэрыухуэ*жрэ, я *лэжьэкlэ щапхъэ* гуэрхэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщи, тежыlыхьыпхъэу лъытапхъэ гуэрхэри къыпытщэжын:

- **″фlын″ → ″гъэфlын″** (**абы** ар **е**гъэфl) - **″гъэфlэн″** (**абы** ар **е**гъафlэ)»;
- **″сымэджэн″ → ″гъэсымэджэн″** (**абы** ар **е**гъэсымаджэ);
- **″щlыlэн″ → ″гъэщlыlэн″** (**абы** ар **е**гъэщlыlэ);

---

- ***″щы*фlын - *щы*фlэн″ → *″щы*гъэфlын″** (**абы** ар абы *щ***е**гъэфl) **- *″щы*гъэфlэн″** (**абы** ар *щ***е**гъафlэ)»;
- ***″къуэ*сымэджэн″ → *″къуэ*гъэсымэджэн** (**абы** ар абы *къуэ***е**гъэсымаджэ);

- *"**хэщlылэн"* → *"хэгъэщlылэн"* (**абы** ар абы *х***е**гъэщlылэ);
---
- *"**зэпы**тын"* → *"**зэпы**гъэтын"* {**абыхэм** ахэр *зэп***а***гъэт*(хэ)};
- *"**къэ**тын"* → *"**къэ**гъэтын"* (**уэ** ар абы *къы***б**огъэт);
- *"**пы**лъын"* → *"**пы**гъэлъын"* (**сэ** уэ абы у*пы***з**огъэлъ);
- *"**хуэ**дэн"* → *"**хуэ**гъэдэн"* (**уэ** сэ абы сы*ху***б**огъадэ);
---
- *"**щы**lэн"* → *"**щы**гъэlэн"* (**абы** ар *щ***е**гъэlэ);
- *"**хуе**ин"* → *"**хуе**гъэин"* (**абы** ар абы *хур***е**гъэй);
---
- *"**щы**зын"* → *"**щы**гъэзын"* (**абы** ар абы *щ***е**гъэз);
`→ *"**щи**гъэзын/**ще**гъэзын"* (**абы** ар абы *щыр***е**гъэз);
- *"**l**узын"* → *"**l**угъэзын"* **(абы** ар абы *l*у**е**гъэз);
`→ *"**l**уигъэзын/**l**уегъэзын"* (**абы** ар абы *l*у*р***е**гъэз**)**.

- *"**щы**гъын* (щы-гъэ-ы-н)" → *"**щы**гъэгъын"*: «**абы** ар абы *щ***е**гъагъ»;
`→ *"**щи**гъэгъын/**ще**гъэгъын"*: «**абы** ар абы *щыр***е**гъагъ»;
- *"**и**lэн"* → *"**и**гъэlэн"*: «**абы** ар абы ир**е**гъэlэ»;
`→ *"**ири**гъэlэн/**ире**гъэlэн"*: «**абы** ар абы *ирыр***е**гъэlэ»;
- *"**е**ин"* → *"**е**гъэин* **(**← *"**е**гъэеин"***)** : «**абы** ар абы *ир***е**гъэй»;
`→ *"**ири**гъэин/**ире**гъэин"* (← *"**ири**гъэеин/**ире**гъэеин"*): **«абы** ар абы *ирыр***е**гъэй»;
---
- *"**l**ыгъын* (lэ-ы-гъэ-ы-н)" → *"**е**гъэlыгъын"*: «**абы** ар абы *ир***е**гъэlыгъ».

**Мы къэта щапхъэхэми къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр:**

- Япэрауэ, мы *таблицэхэм* хиубыдэу къэта *глагол*хэмрэ я *лэжьэкlэ*хэр *"езырыж"*рэ *"lуэху"* лlэужьыгъуэ *"статья глагол"*хэр *"гъэ" пэщlэдзэ*кlэ щыухуэм деж, я *"статья"* лlэужьыгъуэ *клуэду*, *"lуэху"* лlэужьыгъуэ *"динамикэ глагол"*у *зэрыухуэ*м теухуауэ зэрыщытыр аргуэру къыхэдгъэщынщ.

- *"Статья глагол"*хэм я лэжьэкlэмрэ *"динамикэ глагол"*хэм я лэжьэкlэхэр *зэрызэщхьэщыкl*ым ипэкlи, мы къедгъэкlуэкlа лэжьыгъэмкlи щыгъуазэ дыщыхуэхъуащи, ахэр *"статья"*рэ *"динамикэ"*у зэрзэщхьэщыкlри *иджым лажьэу щыт*у щылъытэ *зэманыгъуэ*м теухуауэщ. Ауэ икlи, *иджым лажьэу щыт*у зэрылъытэ *зэманыгъуэ* лlэужьыгъуэхэри *зэщхьэщокl*хэри, *"статья глагол"*хэр *иджым лажьэу щыт*у зэрылъытэ *зэманыгъуэ*р *"иджы зэман"*у; *"динамикэ глагол"*хэри *иджым лажьэу щыт*у зэрылъытэ *зэманыгъуэ*ри *"ит зэман"*у зэрылъытэри гурыlуэгъуэщ.

- Араща, *"езырыж"*рэ *"lуэху"* лlэужьыгъуэу е *"занщlэ"*рэ *"префиксиал"*у дауи щырет, *"инфинитив"*у ухуа зы *"статья глагол"*ыр *а зэрыщыту* -"н" кlэух ипlэ- *"щ" клэух* къищтэу -*"иджы зэман"*у- къызэрыlуатэри гурыlуэгъуэщ. Икlи, *"щlыклэ"* лlэужьыгъуэ *"и, е" префикс*кlэ *"инфинитив"*у ухуа *"статья префиксиал lуэху глагол"*хэми я *"лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*хэр мы *"и, е" префикс*ыр *а зэрыщыту*

зыхэзыубыдэущ къызэрыlуатэри, мыр *мыбы ип*экlэ къэта *таблицэ*м хиубыдэ я *"глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"*хэми *хыболъагъуэ*р.

- Ауэ, *"и, е" префикс* зиlэ *"статя lуэху префиксиал глагол"*хэр *"гъэ" пэщlэдзэ*кlэ *"инфинитив"у зэрыухуа щlыклэ*хэри *"езырыж глагол"рэ "lуэху глагол"*хэр *"гъэ" пэщlэдзэ*кlэ *"инфинитив"у зэрыухуэ щlыкlитlри зыхэзыубыдэ*у зэрыщытри табдицэм къыщыгъэлъэгъуа щапхъэхэмкlэ нэрылъагъущи, мыри *"статя глагол"*хэм я *лъабжьэр "езырыж глагол"*хэрауэ зэрыщытрэ икlи *"статя глагол"*хэм *хуэlуа лэжьэклэ*у, *"динамикэ глагол"* лlэужьыгъуэхэм *къазэрыщхьэщыкl* щlыкlэу лъытапхъэщ.

**ЕЩАНЭ IЫХЬЭ**

# ГЛАГОЛХЭМ Я "ХЪЫБАРЕГЪАЩIЭ" ХЪУПХЪЭ ЛЭЖЬЭКIЭХЭМ "ЩХЬЭ"РЭ "ЗЭМАНЫГЪУЭ" ЗЭРЫХИУБЫДЭ ЩIЫКIЭХЭР

## ЕЩАНЭ ІЫХЪЭМ ХИУБЫДЭХЭР


| ПСЭЛЪАЩХЬЭХЭР | ТХЫЛЪЫМПІЭ НАПЭ КІУЭЦІ |
|---|---|
| **ЯПЭРЕЙ ПЫЧЫГЪУЭ** | **381** |
| **"ЩХЬЭ ЦІЭПАПЩІЭ"ХЭМ ТЕУХУАУЭ** | |
| -"ЩХЬЭ ЦІЭПАПЩІЭ"ХЭР ЗЭРЫЛЪЫТЭРЭ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫКІХЭМ ТЕУХУАУЭ -"ЩХЬЭ ЦІЭПАПЩІЭ" КЛАСИФИКАЦЭХЭР- | 381 |
| -"СУБЪЕКТИВ ЩХЬЭ ЦІЭПАПЩІЭ"ХЭМ ТЕУХУАУЭ | 388 |
| -"ОБЪЕКТИВ ЩХЬЭ ЦІЭПАПЩІЭ"ХЭМ ТЕУХУАУЭ | 391 |
| -"ОБЪЕКТИВ ЩХЬЭ ЦІЭПАПЩІЭ"ХЭР ЗИ ПІЭ ИУВЭ "ЦІЭ"ХЭР "ПСАЛЪЭУХЫГЪЭ"М ЗЭРЫХИУБЫДЭ ЩІЫКІЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 397 |
| -"ОБЪЕКТИВ ЩХЬЭ ЦІЭПАПЩІЭ"РЭ "ЦІЭ"ХЭР -Я КЪАЛЭНКІЭРЭ- "ПСАЛЪЭУХЫГЪЭ"М ЗЭРЫХИУБЫДЭ ЗЭКІЭЛЪХЬЭУЖЬЫКІЭХЭР | 401 |
| -"Р, М" МАКЪ КІЭУХ КЪАЛЭНХЭМ ТЕУХУАУЭ | 405 |
| **ЕТІУАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ** | **411** |
| **"ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭУ УХУЭ ПСАЛЪЭ"ХЭМ "ЩХЬЭ ЦІЭПАПЩІЭ"ХЭР ЗЭРЫХЭЛЪЫТЭ ЩІЫКІЭХЭР - "ЩХЬЭ ЦІЭПАПЩІЭ ГЪЭЛЪАГЪУЭРЭ ЛЪЫТЭ"ХЭР-** | |
| - "СУБЪЕКТИВ ЩХЬЭ ЦІЭПАПЩІЭ ГЪЭЛЪАГЪУЭ"ХЭР | 412 |
| - "ОБЪЕКТИВ ЩХЬЭ ЦІЭПАПЩІЭ ЛЪЫТЭ"ХЭР | 437 |
| **ЕЩАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ** | **447** |
| **"ЗЭМАНЫГЪУЭ"ХЭР ЗЭРЫЛЪЫТЭ ПСАЛЪЭХЭМРЭ, ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭХЭМИ ЗЭРЫХЭЛЪЫТЭХЭМ ТЕУХУАУЭ** | |
| - "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭУ УХУЭ ПСАЛЪЭ"ХЭМ "ЗЭМАНЫГЪУЭ"ХЭР ЗЭРЫХЭЛЪЫТЭ ЩІЫКІЭХЭР: "ЗЭМАН ГЪЭЛЪАГЪУЭ"ХЭР | 447 |
| - "ЗЭМАНЫГЪУЭ" ЛЪЫТЭ "ПСАЛЪЭ"ХЭМРЭ, "ПСАЛЪЭУХЫГЪЭ"ХЭМ ЗЭРЫХАУБЫДЭХЭМИ ТЕУХУАУЭ | 456 |
| - "ЗЭМАНЫГЪУЭ" ЛЪЫТЭ "ПСАЛЪЭ"ХЭР ЗЭРЫУХУЭРЭ Я ЗЭХУЩЫТЫКІЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 459 |
| **ЕПЛІАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ** | **482** |
| **ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКІЭХЭМ "ЗЭМАНЫГЪУЭ"РЭ "ЩХЬЭ"ХЭР ЗЭРЫХИУБЫДЭРЭ ЗЭРЫХЭЛЪЫТЭ ЩІЫКІЭХЭМ ТЕУХУАУЭ** | |
| - "ЗЭМАНЫГЪУЭ"РЭ "ЩХЬЭ"ХЭМ Я ХЭПЛЪЫХЬЫЖЫГЪУЭ ТЕУХУАУЭ ЗЫХЭПЛЪЭЖЫГЪУЭ ГУЭРХЭР Я ХЭПЛЪЫХЬЫЖЫГЪУЭ | 482 |
| - "ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ" ЛЭЖЬЭКІЭХЭМ "ЗЭМАНЫГЪУЭ"РЭ "ЩХЬЭ"ХЭР ЗЭРЫХИУБЫДЭРЭ ЗЭРЫХЭЛЪЫТЭ ЩІЫКІЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 487 |
| - "ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ"ХЭМ Я "ЛЭЖЬЭКІЭУ УХУА ПСАЛЪЭ"ХЭР - "ЗЭМАНЫГЪУЭ"РЭ "ЩХЬЭ"ХЭРИ ЗЭРЫХИУБЫДЭУ-ЗЭРЫЗЭПКЪЫРЫЛЪЫМ ТЕУХУАУЭ ЩАПХЪЭХЭР | 499 |
| - "ІУЭХУ ГЛАГОЛ" ЛЭЖЬЭКІЭХЭМ "ЗЭМАНЫГЪУЭ"РЭ "ЩХЬЭ"ХЭР ЗЭРЫХИУБЫДЭРЭ ЗЭРЫХЭЛЪЫТЭ ЩІЫКІЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 506 |
| - "ІУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭМ Я "ЛЭЖЬЭКІЭУ УХУА ПСАЛЪЭ"ХЭР - "ЗЭМАНЫГЪУЭ"РЭ "ЩХЬЭ"ХЭРИ ЗЭРЫХИУБЫДЭУ-ЗЭРЫЗЭПКЪЫРЫЛЪЫМ ТЕУХУАУЭ ЩАПХЪЭХЭР | 523 |
| - "ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ КЪЫРИКІУЭ ІУЭХУ ГЛАГОЛ" ЛЭЖЬЭКІЭХЭМ "ЗЭМАНЫГЪУЭ"РЭ "ЩХЬЭ"ХЭР ЗЭРЫХИУБЫДЭРЭ ЗЭРЫХЭЛЪЫТЭ ЩІЫКІЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 535 |
| - "СТАТЯ ГЛАГОЛ" ЛЭЖЬЭКІЭХЭМ "ЗЭМАНЫГЪУЭ"РЭ "ЩХЬЭ"ХЭР ЗЭРЫХИУБЫДЭРЭ ЗЭРЫХЭЛЪЫТЭ ЩІЫКІЭХЭМ ТЕУХУАУЭ | 541 |

## ЯПЭРЕЙ ПЫЧЫГЪУЭ
## ″ЩХЬЭ ЦIЭПАПЩIЭ″ХЭМ ТЕУХУАУЭ

### ″ЩХЬЭ ЦIЭПАПЩIЭ″ХЭР ЗЭРЫЛЪЫТЭРЭ ЗЭРЫЗЭЩХЬЭЩЫКIЫХЭМ ТЕУХУАУЭ
### -″ЩХЬЭ ЦIЭПАПЩIЭ″ КЛАСИФИКАЦЭХЭР-

Мы дызыхэхьам ипэ къихуэ лэжьыгъэм ″щхьэ цIэпапщIэ″хэм щыгъуазэ дыхуэхъуу, ахэр зэрылъытапхъэ псалъэхэми дытепсэлъыхьауэ щытащи, нытIэ, япэрей лэжьыгъэми мы щыхъуазэ дызыхуэхъуахэм аргуэру – ауэ нэхъ гъунэгъуу- дытепсэлъыхьынращ мыбдежым къытпэщыт лэжьыгъэр.

Зэрыгурыlуэгъуэу, ***″цIэпапщIэ″*** жыхуэтIэр дэтхэнэ гуэрыр зэрылъытэ цIэ лIэужьыгъуэ *псалъэм иплэ иувэф псалъэ* лIэужьыгъуэрщи, бзэр къэзыlуатэ нэрыбгэм къыриlуэну щыт дэтхэнэ зы гуэрым и *цlэм папщlэ* –и *цlэм иплэкlэ*- къыриlуэф псалъэрщ. *Бзэр къэзыlуат*эр зы *цlыху нэрыбгэ*у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, нытIэ, *″цlэпапщlэ″* жыхуэтIэр -япэрауэ- бзэр къэзыlуатэ цIыхум къыриlуэну щыт дэтхэнэ зы *цlыху нэрыбгэм и цlэм иплэкlэ* къыриlуэ псалъэ лIэужьыгъуэрщ. Ауэ икIи, *″цlэпапщlэ″*р зы *нэрыбгэ закъуэ*р зэрылъытэфым нэмыщI, зы *цlыху гуп*ри *зылъытэф псалъэ* лIэужьыгъуэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщи, мы *цlыху гуп*ыр дэтхэнэ зы *цlэкlэ лъыта*гъэххэу щытмэ, ар зы гупу -*куэдагъэ*у- зэрыщытыр къызыхэщ зы *″цlэпапщlэ″* лIэужьыгъуэкIэ зэрылъыту къызэрыlуэтэфынури гурыlуэгъуэнщ. НытIэ, зы цIэкIэ лъыта дэтхэнэ гуэрыр – ар зы *закъуэ*у е зы *куэдагъэ*у щырет- зэрылъыта *цlэм иплэкlэ* –″цIэ″м ″папщIэ″- зэрылъытэжыф псалъэ лIэужьыгъуэщ *″цlэпапщlэ″* жыхуэтIэр.

Ауэ, *″цlэпапщlэ″*р мыпхуэдэу дэтхэнэ зы *″цlэ папщlэ″* зэрахьэ псалъэу тлъытауэ щытми, *цlэ зимыl*э щыт дэтхэнэ гурри – ар зи *лIэужьыгъуэ*ри *налуэ*у е *мыналуэ*у щытми- *цlэимыlуэ*уи зэрылъытэф *псалъэ* лIэужьыгъуэу зэрыщытри гулъытапхъэщ *″цlэпапщlэ″*хэр. Араща, *″цlэпапщlэ″*р *″цlэ папщlэ″*рэ *цlэм иплэкlэ* бзэм щызекlуэ *псалъэ лIэужьыгъуэ*у лъытами, дэтхэнэ зы *цlэкlэ мылъыта*рэ *цlэимыlуэ*у щыт дэтхэнэ гуэрыр – икIи ар зы *закъуэ*у щытре е зы *куэдагъэ*уи щырет- *зэрылъытэф псалъэ* лIэужьыгъуэрщ *″цlэпапщlэ″*р. Ар щыхъукIи, зы цIэкIэ лъыта зы *цlыху гуп*ыр *куэдагъэу* зэрыщытыр къызыхэщ игъуэ *″цlэпапщlэ″*мкIэ зэрылъытэфынум хуэдэжу, зы *цlэкlэ мылъыта*рэ *ауэ къызэрыгуэкl* зы

*куэдагъэ*у щыт зы *цlыху гуп*ри хуиту и *куэдагъэри зылъытэ "цlэпапщlэ"*хэмкlэ зэрылъытэфынур гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, мы зи гугъу тщlы "цlэпапщlэ"хэр дэтхэнэ зы *цlыху нэрыбгэ*рэ *гуп*ыр *щхьэжу* зылъытэфхэрщи, мыбы папщlи -зэрыигъуэу- **"щхьэ цlэпапщlэ"**хэущ зэрылъытар. Ауэ икlи, цlыхум имызакъуэу, *дэтхэнэ гуэрри* – и цlэм ипlэкlэ цlэимыlуэу зэрыщыткlэ- *щхьэжу* зэры*лъытэн хуейм* къызэрыхэкlкlи, дэтхэнэ гуэрри зэрылъытэ "цlэпапщlэ"хэри *"щхьэ цlэпапщlэ"* лlэужьыгъуэуи лъытапхъэнщ.

Нытlэ, мы къэтlуэтахэм къызэрыхэщщи, *"щхьэ цlэпапщlэ"* жыхуэтlэхэр *"цlыху"м* теухуауэ зэрыщытым нэмыщl, *цlыхуу щымытхэми теухуа псалъэ*хэрщ. Ауэ икlи, *бзэр зыхуэlуа*рэ *зезыхьэ*р *цlыху*ращи, бзэр зезыхьэу щыт *цlыхум щыщу бзэр къэзыlуатэ "цlыху нэрыбгэ"*м *"цlыху"*хэр зэрилъытэну *"щхьэ цlэпапщlэ"*хэмрэ, *"цlыхуу щымыт"*хэр зэрилъытэну *"щхьэ цlэпапщlэ"*хэр зыгуэркlэ зэрызэщхьэщигъэкlынури гурыlуэгъуэнщ.

*

Мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщщи, "щхьэ цlэпапщlэ" псалъэр "щхьэ" лlэужьыгъуэуи зэрылъытар бзэр зезыхьэр цlыхуу зэрыщытым теухуауи жыlэпхъэщ, ауэ "щхьэ цlэпапщlэ" гуэрхэри цlыхуу щымытхэм теухуауэ бзэм зэрыхэлэжьыхьри къыхэдгъэщагъэххэщ. Нытlэ, глагол лэжьэкlэхэм *"щхьэ"*хэр *"субъект, объект, допоненэ"*у дауи къыхырещ, *цlыху*мрэ икlи *цlыхуу щымыт*хэр *"щхьэ"*хэр *"цlэпапщlэ"*у зэрылъытэр *"щхьэ цlэпапщlэ"*хэущ.

Ауэ икlи, *бзэр къэзыlуатэ цlыху нэрыбгэм* бзэр зыхуэlуарэ зезыхьэ *цlыхур "щхьэ цlэпапщlэ"у* зэрилъытэмрэ, *цlыхуу щымыт* дэтхэнэ зы щыlэгъуэ зиlэхэр "щхьэ цlэпапщlэ"у *зэрилъытапхъэр зэрызэщхьэщигъэкl*ыфынур жытlагъэххэщи, мыри *бзэр къэзыlуатэ нэрыбгэм -"сэ"м- елъыта*уэ зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, цlыхуу щымытхэмрэ бзэр зезыхьэ цlыхур зэрызэщхьэщыгъэкlыпхъэм нэмыщl, *дэтхэнэ зы цlыху* нэрыбгэри *бзэр къэзыlуатэ цlыху нэрыбгэм* -"сэ"м- *зэрыпыщlам елъыта*уэ *"щхьэ цlэпапщlэ"у "сэ"м зэрилъытэ*ну щlыкlэри гурыlуэгъуэщ. Аращи, *"сэ"м езым пыщlарэ занщlэу зэпсалъэ*у щытхэмрэ, *"сэ"м пыщlэныгъэ зыхуимыlэу хуэпэжыжьэ*у щыт *цlыху*хэр *щхьэжу зэрилъытэ*рэ *"щхьэ цlэпапщlэ"*кlэ къызэриlуэтэну щlыкlэр зэрызэщхьэщыкlынури гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, бзэр къэзыlуатэ цlыху нэрыбгэу щыт *"сэ"м* езым *пыщlэныгъэ зыхуимыlэ*рэ *хуэпэжыжьэ*у щыт *цlыху*хэр –ахэр нэрыбгэу е гупу щырет-

зэрилъытэну *"щхьэ цlэпапщlэ"*хэмрэ, *"сэ"м* къипсэлъ бзэмкlэ *пыщlэныгъэ зыхуимыlэххэ*ну щыту *цlыхуу щымыт*хэр *"щхьэ цlэпапщlэ"*у зэрилъытэну щlыкlэхэр *зэпэгъунэгъуу* зэры*лъытап*хъэнури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, *"сэ"м* езым пыщlэныгъэ зыхуимыlэу хуэпэжыжьэ щытрэ *и псэлъэгъу щымыт цlыхуx*эр *"щхьэ цlэпапщlэ"*кlэ *зэрилъыт*эмрэ, бзэр зезымыхьэу *цlыхуу щымыт*рэ *"сэ"м псэлъэгъу хуэмыхъуфынухэр "щхьэ цlэпапщlэ"*у *зэрилъытэ*хэр *зэхуэдэщ*.

Мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщкlэ, ″сэ″м езым пыщlэныгъэ зыхуиlэрэ зыхуимыlэущ ″щхьэ цlэпапщlэ″кlэ зэрилъытэри, *цlыхуу щымыт*хэмрэ *"сэ"м пыщlэныгъэ зыхуимыlэ цlыхуx*эр *зэхуэдэ "щхьэ цlэпапщlэ"*кlэ зэрылъытэри гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, *цlыхухэр*и бзэр къэзыlуатэ *"сэ"м* езым *пыщlэныгъэ зыхуиlэрэ зыхуимыlэу зэщхьэщыкl "щхьэ цlэпапщlэ"*хэмкlэ зэрилъытэри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, бзэр къэзыlуатэ цlыху *"сэ"р* реалу *къекlуэкl бзэ*м –бзэ *лэжьэкlэм- и "субъект"*у зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, *"сэ"м* пыщlэныгъэ зыхуиlэрэ *и псэлъэгъу*у щыт *цlыхуx*эр *"сэ"м и "субъектив"ыгъэ*м хиубыдэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэу щымытрэ *"сэ"м и псэлъэгъуу щымыт цlыхуx*эри ″сэ″м и ″субъектив″ыгъэм химыубыдэу зэрыщытым зэрезэгъкlи, *"сэ"м "объектив"*у зэрилъытэрэ ″сэ″м *дежкlэ "объектив"ыгъэ* зиlэу зэрыщытхэри гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, - *цlыху* зэрылъытэу щырет *е цlыхуу щымыт*хэр зэрылъытэу щырет- *"щхьэ цlэпапщlэ"*хэр мы зэрылъытапхъэ щlыкlэу *mlууэ зэрызэщхьэщыкl*ыр наlуэщи, **″субъектив щхьэ цlэпапщlэ″**хэр зэрыщыту *цlыху зылъыт*эхэрщ, цlыхум теухуащ; *цlыхуу щымыт "щхьэ цlэпапщlэ"*хэри зэрыщыту **″объектив щхьэ цlэпапщlэ″**хэрщ. Ауэ, бзэр зезыхьэрэ къэзыlуатэ *"сэ" нэрыбгэм* езым занщlэу пыщlэныгъэ зыхуимыlэрэ емыпсалъэу *-и псэлъэгъуу щымыт*у- *хуэпэжыжьэ*рэ *адрей*уэ илъытэ *цlыху нэрыбгэх*эри *"щхьэ цlэпапщlэ"у* зэрилъытапхъэр *"объектив щхьэ цlэпапщlэ"* лlэужьыгъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ.

Икlи, мы къэтlуэтахэми гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlщи, цlыхуу щымытрэ псэлъэбзэ зыlурымылъхэр (псэущхьэ, къэкlыгъэ, псэ зыlумытрэ къэхъу-къэщlыгъуэ лlэужьыгъуэхэр) ″сэ″м ″щхьэ цlэпапщlэ″кlэ зэрилъытэр ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″кlэ зэрыщытым нэмыщl, ″сэ″м ″щхьэ цlэпапщlэ″кlэ илъытэнухэр *цlыхуу щытыми, зэрилъыт*эну щlыкlэр *"сэ"м lурылъ*рэ *зэрыпсалъэ псэлъэбзэращ зэлъытар*. Нытlэ, ″сэ″м физикэу пыщlэныгъэ зыхуиlэрэ пэгъунэгъуу щытми, *"сэ"р зэпсэлъэфрэ псэлъэгъу*

*хуэхъуф цlыху*ращ *"сэ"м "субъектив"у илъыт*эфынури, мыпхуэдэри *"субъектив щхьэ цlэпапщlэ"клэ къызэрыпlу*нур гурыlуэгъуэщ.

*"Сэ"*м *и "субъектив"*ыгъэм хиубыдэу щыт **"субъектив щхьэ цlэпапщlэ"**хэр *флэклыпlэ имыlэу цlыху нэрыбгэ*хэр зэрылъытэрщи, ахэр икlи *а зэрыщытрэ щхьэжу* **"езырыж"** лlэужьыгъуэ *"щхьэ цlэпапщlэ"*хэрщ. Ауэ, *цlыхуу* щыту е *цlыхуу щымыт*у *"сэ"м* и "субъектив"ыгъэм химыубыдэу *"объектив"у илъытэхэр* **"обьектив щхьэ цlэпапщlэ"**хэрщи, ахэри *"сэ"м* зэрилъытэм *елъытауэ а зэрыщытрэ щхьэжу* **"езырыж"** лlэужьыгъуэу, е зыгуэррэ зы *lуэхум пыщlауэ* зэрыщыту **"lуэху"** лlэужьыгъуэу зэрылъытэри гурыlуэгъуэщ.

*

*"Щхьэ цlэпапщlэ"*хэр мыпхуэдэу *гупитl*ыу зэрызэщхьэщыкlым нэмыщl, *глагол лэжьэкlэм теухуауи зэщхьэщыкlыпхъэ*у зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Араще, *глаголхэр* а нэхъ лъабжьэу *"езырыж глагол"рэ "lуэху глагол"у зэрызэщхьэщыкlыми елъыта*щ глагол лэжьэкlэхэм хиубыдэну *"щхьэ цlэпапщlэ"*хэри зэрызэщхьэщыкlыпхъэнур. Зэрыгурыlуэгъуэу, *"езырыж глагол"*хэр *езыр езырурэ къэхъуу къекlуэкl*хэмрэ *"субъект"ы*м и щыlэгъуэрэ щыlэкlэм елъытарэ теухуауэ *къыпкъырыкl*хэр зэрылъытэрщи, нытlэ, мыпхуэдэ зы глаголым и *"субъект"ри а зэрыщыту зэрылъытэу "езырыж"*у зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ. Аткlэ, нэхъыбэу цlыхум елъытарэ теухуауэ щытрэ икlи цlыхум къигъэунэхуауэ игъэзащlэхэр зэрылъытэ глагол лlэужьыгъуэхэри *"lуэху глагол"* жыхуэтlэхэрщи, нытlэ, мыпхуэдэу гъэзащlэ lуэхугъуэхэм *"субъект" хуэхъури* а *lуэхум пыщlарэ епхауэ зэрылъытэу "lуэху"* лlэужьыгъуэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Мы къыпытщахэми гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlщи, "глагол лэжьэкlэ"хэм "субъект" хуэхъухэри **"езырыж глагол"**хэм теухуа **"субъект"**хэу **"езырыж"**рэ, **"lуэху глагол"**хэм теухуа **"субъект"**хэуи **"lуэху"** лlэужьыгъуэу зэщхьэщокlыр.

Нытlэ, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"*хэм я *"субъект"*хэри *"lуэху"* лlэужьыгъуэу зэрыщытынур; *"статья глагол"*хэм щыщу *"езырыж статья глагол"*хэм я *"субъект"*хэр *"езырыж"*у, *"lуэху статья глагол"*хэм я *"субъект"*хэри *"lуэху"* лlэужьыгъуэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ.

Ауэ икlи, япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъууэ, глагол лэжьэкlэхэм "субъект"ым нэмыщl, *"объект"рэ "дополненэ"*и зыхеубыдэри,

ахэри *"субъект"ым елъытауэ "езырыж"рэ "lуэху"* лIэужьыгъуэу мэлъытэр. Аращи, глагол лэжьэкIэхэр псалъэухыгъэкIэ къызэрыIуатэ щIыкIэхэм гулъытэ щызэрыхуэтщIауэ, **"lуэху глагол"**хэм я лэжьэкIэхэм хиубыдэ *"субъект"ыр "lуэху"* лIэужьыгъуэу зэрыщытым елъытауэ глагол **"объект"**ри **"езырыж"**ущ зэрылъытэр.

Мыбыхэм нэмыщI, *"дополненэ"* зыхэзыубыдэф *"езырыж глагол"*хэри щыIэщи, *"езырыж глагол"*хэм я лэжьэкIэхэм *"субъект"* хуэхъур *"езырыж"*у зэрыщытым ипкъ зэриткIэ, **"езырыж глагол"**у зи лэжьэкIэм хиубыдэ **"дополненэ"**ри **"lуэху"** лIэужьыгъуэущ зэрылъытэр; **"lуэху глагол"**хэм я лэжьэкIэхэм хиубыдэ *"езырыж"* лIэужьыгъуэ *"объект"*ым къыкIэлъыкIуэ **"дополненэ"**хэри **"lуэху"** лIэужьыгъуэущ зэрылъытэр. НытIэ, дэтхэнэ зы глагол лIэужьыгъуэми хыреубыдэ, *глагол лэжьэкIэхэм "дополненэ"хэр "lуэху"* лIэужьыгъуэу зэрылъытэри гурыIуэгъуэщ.

*

*"Дополненэ"* щыжытIэм деж, ар *европэбзэ псалъэухыгъэ гъэпсыкIэм елъыта* лъытэкIэрщи, *"къыпыщэж"* жыхуиIэу лъытапхъэщ. НытIэ, ар *"къыпыщэж"*у щылъытэм деж, абы *елъыта*уэ *нэхъыщхьэ*у лъытэ *псалъэхэр зэрыхиубыдэ*ри гурыIуэгъуэщ *европэбзэ псалъэухыгъэ*хэм. Аращи, *европэбзэ*хэм дэтхэнэ зы *"глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"*р -абы ипэ къихуэ- *"субъект"ым пыщIа*уэ къызэрыIуущ зэрызекIуэри, нытIэ, *псалъэухыгъэ*р *къызэрежьэ "субъект"*ым -фIэкIыпIэ имыIэу- *"глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"*р къыкIэлъыкIуэу, икIи, абыи -глагол лэжьэкIэм хиубыдэмэ- *"объект"* къыкIэлъыкIуэжущ *европэбзэ*м зы *псалъэухыгъэ*р зэрылъытэр.

Мы зэрыжытIауэщ *европэбзэ*м *"псалъэухыгъэ"* щызэрылъытэри, икIи, мы *псалъэухыгъэ*м хиубыдэ *псалъэ*хэм я *зэкIэлъхьэужьыкIэ*ри мы къызэрытIуэта щIыкIэущ. Ар щыхъукIи, *псалъэухыгъэ*м хиубыдэ *иужьрей псалъэ*хэм *нэмыщI*ыу къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэри щыIэмэ, ахэри мы и *иужьрей псалъэм къыпыщэж*у –"псалъэухыгъэ"м къыпыщэжу- *"дополненэ"* лIэужьыгъуэу *зэрылъытэу*щ *псалъэухыгъэхэм зэрыхиубыдэ*р.

*Адыгэбзэ*м и *псалъэухыгъэ*р *европэбзэ псалъэухыгъэ*м мы и *гъэпсыкIэ*м хуэдэу зэры*щымыт*ыр гурыIуэгъуащэми, нобэ *адыгэбзэр зыщIаджыкI* а *бзэщIэныгъэ*м -и методым- илъытэ мы *псалъэухыгъэ* гъэпсыкIэм *техьэ*у зэры*щIидза*рэ икIи мы лъагъуэм зэрытет(ыну)ри *зыгъэбыдэжы*ну бзэщIэныгъэ *термин*хэри адыгэбзэм къызэрыхэхьэм и зы щапхъэщ *"дополненэ"* жыхуэтIэ псалъэр.

Ауэ, *адыгэбзэ*м и *псалъэухыгъэ гъэпсыкlэ щыпкъэ*ращ къедгъэкlуэкl лэжьыгъэм илъытэрэ икlи мы лэжьыгъэри къызэрекlуэкlри, *"дополнэнэ" термин*ыр -зыхуэигъуэ псалъэхэр *грамматикэ*у гурыlуэгъуэ хъун папщlэ-зетхьэми, ахэр адыгэбзэ *псалъэухыгъэ*м *зэрыхиубыдэ* щlыпlэхэр *псалъэухыгъэ* кlэухрэ *къыпыщэжу* зэры*щымыт*ри нэрылъагъущ.

*

Мы ипэкlэ къэтlуэтами зэрезэгъкlэ, *"щхьэ цlэпапщlэ"*хэр *класификацэ* зэрыщlыпхъэу тлъытахэр таблицэхэм хиубыдэу мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ:




Зэрыгурыlуэгъуэу, *"щхьэ цlэпапщlэ"*хэр мы *класификацэ* зэрыщlа щlыкlэр икlи "щхьэ цlэпапщlэ"хэр *зытеухуа "щхьэ"*хэри *класификацэ* зэрыщlыпхъэу зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ.

Мы таблицэм къыкlэлъыкlуэуи, *"щхьэ"*хэр -*"щхьэ цlэпапщlэ"*хэр-ягъэзащlэ *къалэн*кlэрэ *"глагол" лlэужьыгъуэ*хэм я *лэжьэкlэ*хэм зэрыхиубыдэм теухуа *таблицэ*и къэдгъэлъэгъуэнщ:




"Глагол лэжьэкlэ"хэм "щхьэ"хэр зэрыхиубыдэ щlыкlэхэм теухуа мы таблицэми зэрыхэплъагъуэу, "объект" зыхэзыубыдэр *"lуэху глагол"* лэжьэкlэхэраш; икlи, абыхэм "объект" зэрыхиубыдэ щlыкlэри *"езырыж"* лlэужьыгъуэущ. Мыбы нэмыщl, ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *дэтхэнэ зы глагол лэжьэкlэм "*дополненэ*" зэрыхимыубыдэ*р гурыlуэгъуэщи, *"езырыж глагол"*рэ *"lуэху глагол"* лlэужьыгъуэу дауи щырет, зи лэжьэкlэм "дополненэ" зэрыхиубыдэ щlыкlэр -нэхъыбэу- *"lуэху"* лlэужьыгъуэущ.

– Ауэ, *"щхьэ цlэпапщlэ"*хэм теухуауэ мы ипэкlэ къэта таблицэм *"дополненэ"*хэр *"lуэху"* лlэужьыгъуэу *"*"* нэгъыщэкlи къызэрыхэдгъэщар нэрылъагъущи, ипэрей лэжьыгъэ lыхьэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ,

″езырыж глагол″рэ ″lуэху глагол″ лlэужьыгъуэхэу *″е″ префиксиал глагол*хэмрэ, ″е″ префиксыр зи лъабжьэрэ зыхэзыубыдэ *″ири/ире″ формэ префиксиал ″lуэху глагол″*хэм *″субъектив дополненэ″*хэр *″езырыж″*у зэрыхиубыдэри мыбдежым дигу къыщыдгъэкlыжынщ.

Ипэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, дэтхэнэ зы *глагол*ым и *лэжьэкlэ*м хиубыдэ ″щхьэ″хэр *–″щхьэ цlэпапщlэ″*хэр-ягъэзащlэ *къалэн*рэ икlи *я бжыгъэ*кlи *зэрызэщхьэщыкlы*р гурыlуэгъуэщи, нытlэ, мыхэр зыхэзыубыдэ зы *таблиц*эри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

**Глагол лэжьэкlэхэм хиубыдэ ″щхьэ цlэпапщlэ″ лlэужьыгъуэрэ бжыгъэхэр**

| ″Езырыж глагол″ лэжьэкlэхэм | | ″lуэху глагол″ лэжьэкlэхэм | |
|---|---|---|---|
| ″Занщlэ гл.″ лэжь. | ″Префиксиал гл.″ лэжь. | ″Занщlэ гл.″ лэжь. | ″Префиксиал гл.″ лэжь. |
| ↓ ` ″Дополненэ″ зиlэу лажьэхэр: | →↓ | ↓ ` ″Дополненэ″ зиlэу лажьэхэр: | →↓ |
| ↓ - зы ″**субъект**″; | ↓ | ↓ - зы ″**субъект**″; | ↓ |
| ↓ - зы ″дополненэ″. | ↓ | ↓ - зы ″объект″; | ↓ |
| ↓ | ↓ | ↓ - зы ″дополненэ″. | ↓ |
| ` ″Дополненэ″ншэу лажьэхэр: | →↓ | ` ″Дополненэ″ншэу лажьэхэр: | →↓ |
| - зы ″**субъект**″. | ↓ | - зы ″**субъект**″; | ↓ |
| | ↓ | - зы ″объект″. | ↓ |
| | ↓ | | ↓ |
| - зы ″**субъект**″; | ◄ | - зы ″**субъект**″; | ◄ |
| - ″префикс″хэми елъытауэ зы ″дополненэ″. | | - зы ″объект″; | |
| | | - ″префикс″хэми елъытауэ ″дополненэ″бэ. | |

Ипэкlэ къэтlуэтахэмрэ мы къэта таблицэми зэрыхэплъугъуэу, *″езырыж″*рэ *″lуэху″* лlэужьыгъуэу дауи щырет, дэтхэнэ зы *глагол лэжьэкlэ*хэм зы **″субъект″** зэриlэнур гурыlуэгъуэщ. Ауэ, *″lуэху глагол″*хэм я *лэжьэкlэ*хэми *-″субъект″ым нэмыщl-* зы ″объект″и зэриlэнур гурыlуэгъуэщ. Икlи, *″езырыж″*рэ *″lуэху″* лlэужьыгъуэу *″занщlэ глагол″*хэр я лэжьэкlэхэу *″дополненэ″ зиl*эрэ *зимыl*эу *гупиml*ыу зэрытлъытар гурыlуэгъуэщи, *″дополненэ″ зимыlэу лажьэхэм ″дополненэ″ химыубыдэ*у зэрыщытыр наlуэ щхьэ, *″дополненэ″ зиlэу лажьэ*у зи гугъу тщla *″езырыж″*рэ *″lуэху″* лlэужьыгъуэ *″занщlэ глагол″*хэр ″дополненэ″ *зэрыз зыхаубыдэ*у зэрылажьэри гурыlуэгъуэщ. Ауэ икlи, *″езырыж″*рэ *″lуэху″* лlэужьыгъуэ *″префиксиал глагол″*хэми я *″префикс″*хэми *елъыта*уэ *–игъуэ префикс*кlэрэ- ″дополненэ″ зэрызыхаубыдэфынури гурыlуэгъуэщи, *″гъэ″ пэщlэдзэ*кlэ *″префикс″*и къищтэу ухуа *″lуэху префиксиал глагол″*хэм

*"*дополненэ*"*бэ зэрыхиубыдэри -ипэрей лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ- гурыIуэгъуэнщ.

Мыхэри къыхэдгъэща нэужь, *"гъэ" пэщIэдзэ*у ухуа *"Iуэху префиксиал глагол"*хэм я *лэжьэкIэ*м *"*дополненэ*"*бэу хэлъытэ *"щхьэ"*хэр *-зэрылъытэ* щIыкIэхэри- къызыхэщ зы *таблицэ*ри мыбдежым къыщыгъэлъэгъуэнщ:

| **Глагол лэжьэкIэхэм "щхьэ" лъытэу хиубыдэ "дополненэ"бэ лIэужьыгъуэхэр** | | |
|---|---|---|
| ↓ | ↓ | ↓ |
| Зытеухуэ **"щхьэ"** (нэхъыбэу цIыху) | **"Субъект къуэдзэ"** ("гъэ" пэщIэдзэ глаголхэр) | **"ЩIыпIэ"** лъытэ (объ. щхьэ закъуэ) ("универсал"у е "Iупщl"у) |

Нытlэ, *"щхьэ цIэпапщIэ"*хэм теухуауэ мыпхуэдизыр къыхэдгъэща нэужь, мы илъабжьэм къыщедгъэкIуэкIыну лэжьыгъэми *глагол лэжьэкIэхэм "щхьэ цIэпапщIэ"*хэр *"субъектив"*рэ *"объектив"* лIэужьыгъуэу зэщхьэщыкIыу зэрыхиубыдэ *щIыкIэ*хэми нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ. ИкIи, *псэлъэбзэр зезыхьэр цIыху*рауэ зэрыщытым ипкъ зэриткIи, мыпхуэдэ *лэжьыгъэ*ри *япэрауэ "субъектив щхьэ цIэпапщIэ"*хэм къыщыщIэддзэу къедгъэкIуэкIыныр игъуэщ.

## "СУБЪЕКТИВ ЩХЬЭ ЦIЭПАПЩIЭ"ХЭМ ТЕУХУАУЭ

Мы къэтIуэтахэми къыхэщрэ япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызыхуэхъуа **"субъектив щхьэ цIэпапщIэ"**хэр мыбдежым къыщыдгъэлъагъуэу, тежыIыхьыпхъэхэри къыпытщэжынщ:

«сэ, уэ; дэ, фэ».

Дауи, цIыхум дэтхэнэ зы цIыху нэрыбгэм *цIэ фIэщын хабзэ* къызэригъэунэхуа лъандэрэ *дэтхэнэ зы цIыхур и цIэмкIэ къиIуэн*ыр цIыху зэхэтыкIэ *хабзэ хъуауэ щыт*ми, *бзэ лэжьэкIэм* –глагол лэжьэкIэрэ псалъэухыгъэхэм- цIыхуцIэ нэхърэ *"щхьэ цIэпапщIэ"хэр нэхъ щызокIуэр*.

Мыпхуэдэ хабзэр зэрызекIуэри -фIэкIыпIэ зимыIэу- *"сэ"м и "субъектив"*ыгъэм ит мы *цIыху* нэрыбгэхэр зэрылъыта *"субъектив щхьэ цIэпапщIэ"*хэм теухуащ. Аращи, "сэ"м и "субъектив"ыгъэм ит мы цIыхухэм я *цIэмкIэ* еджэми, ахэр зи субъекту къэхъурэ гъэзащIэхэр къызэрыIуатэ псалъэухыгъэм я *"субъектив щхьэ цIэпапщIэ"*хэмкIэрэ къызэрыхэщущ. Нытlэ, я цIэхэр къыриIуэми, "сэ"м и "субъективыгъэ"м зэрыхиубыдэм папщIэ, псалъэухыгъэр зэрызекIуэр "субъекив щхьэ цIэпапщIэ"хэмкIэрэщ... щапхъэмэ:

«**ПIытIэ**, **уэ** уокIуэ; **ТIытIэ**, **уэ** бощI»; «**ПIытIэ**, **фэ** фокIуэ; **ТIытIэ**, **фэ** фощI».

Мы къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, *"сэ"*р *зыхэзымыубыдэ "субъектив щхьэ"*хэр *"субъект"*у я *"цIэ"*кIи къиIуапхъэмэ, *зи цIэ*р къиIуапхъэр *"сэ"м занщIэу илъытэ "уэ"*ращи, *"уэ"р зыхэт* гупу щыт *"фэ"*ри -"сэ"м "цIэ"кIэ зэрилъытэнур- *"уэ"м елъыта*уэщ.

Ауэ, *"субъектив щхьэ"*хэр глагол *"субъект"*у щылъытэм деж, я *"цIэ"*хэмкIэ –цIыхуцIэу- къиIуэн *хуэныкъуэнкъым*и, *"цIэ"р къиIуэу щытми*, *аргуэру* я *"щхьэ цIэпапщIэ"*р къыкIэлъыкIуэнри игъуэщ. Аращи, *"субъектив щхьэ"*уэ глагол *"субъект"*ыр *"щхьэ цIэпапщIэ"*у *лъытэн*ращ игъуэр. ИкIи, *"сэ"*м езымрэ "сэ"р зыхэзыубыдэ *"дэ"*р зи *"субъект"*у къэIуатэ *глагол лэжьэкIэ*хэм –мыхэр къэзыIуатэ "субъект"хэу зэрыщытым ипкъ зэриткIэ- я *"цIэ"*хэр *къиIуэн*рэ къыхэгъэщыныр зэрыимыгъуэри гурыIуэгъуэнщ.

Дауи, мы къыхэдгъэщахэмкIэ гурыIуэгъуэ къытхуэхъур аращи, *"сэ"*м езымрэ и *"субъектив"*ыгъэм ит *цIыху*хэр *глагол лэжьэкIэ*хэм я *"субъект"*у я *"цIэ"*хэмкIэ лъытэн *хуейкъым*. Мы зэрыжытIауэ, *езы "сэ"м* сытым дежи *"сэ"*уэ зызэрилъытэрэ зыкъызэриIуатэм хуэдэу зэрилъытэр гурыIуэгъуэщ *"сэ"м* и *"субъектив"*ыгъэм итхэри, я *"субъектив щхьэ цIэпапщIэ"*хэмкIэ къыриIуэущ:

- «**сэ** сокIуэ, **сэ** сощI; **дэ** докIуэ; **дэ** дощI»;
- «**уэ** уокIуэ, **уэ** бощI; **фэ** фокIуэ, **фэ** фощI».

ИкIи, мы *"субъектив щхьэ цIэпапщIэ"*хэр *зытеухуа* **цIыхуцIэ**хэри (пп: "ПIытIэ") а зэрыщыту **"езырыж"** лIэужьыгъуэущ зэрылъытэрэ къызэрыIуатэр (пп: "ПIытIэ макIуэ"). НытIэ, *"сэ"м езым и цIэ*мрэ, *и "субъектив"*ыгъэм хиубыдэ *цIыху*хэм я *цIэ*хэри –икIи я фIэщыгъэцIэхэри ("сэ"р зыхэзыубыдэ титрэ гупыр зэрылъытэ цIэхэри)- **"езырыж"** *лIэужьыгъуэ псалъэ*хэу лъытапхъэщ. Нэгъуэщ1ыу жыпIэмэ, *"субъектив щхьэ цIэпапщIэ"*хэмрэ ахэр зи пIэ иувэ *"цIыхуцIэ"*хэр а зэрыщытущ зэрылъытэхэри, ахэр зытеухуарэ зыхэзыубыдэ *глагол лэжьэкIэ*хэм - "езырыж глагол"рэ "IуэхуглаголI *лэжьэкIэ*м- елъытауэ *зэщхьэщыкIыныгъэ ягъуэткъым*; зыхэзыубыдэ глагол лэжьэкIэхэм щыхагъэзэщIыхь - **"субъект**, объект, дополненэ"- къалэнхэм елъытауэ *"езырыж"рэ "IуэхуI лIэужьыгъуэу зэщхьэщыкIкъым*.

Ауэ, **"субъектив щхьэ цIэпапщIэ"**хэм *глагол лэжьэкIэ*хэм щыхагъэзэщIыхь **"субъект**, объект, дополненэ" *къалэн*хэр *"езырыж" е "IуэхуI* лIэужьыгъуэу щытмэ, мыхэр гурыIуэгъуэ щыхъунур мы *"субъектив щхьэ цIэпапщIэ"*хэр *"глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"*хэм

зэрыщыхэлъытэ *"щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*кlэрэщи (пп: *"***с**окlуэ; **с**ощl*"*), мыбыхэми мы илъабжьэкlэ къыщедгъэкlуэкlыну лэжьыгъэхэм нэхъ зэlухауэ щыгъуазэ дыщыхуэхъунущ.

*

Мыхэри къыпытщэжа нэужь, *"сэ"мрэ и "субъектив"*ыгъэм итхэр зэрылъытэ ***"субъектив щхьэ цlэпапщlэ"***хэр глагол ***"субъект"*** лlэужьыгъуэхэу -и кlуэцlкlэ- *псэлъэбзэр къэзыlуатэ "сэ"м зэрилъытэ*рэ *елъыта*уи ***"къэзыlуатэ"***рэ ***"едаlуэ"***у -***"зыхуэlуатэ"***у- *гупшlы*ыу зэрызэщхьэщыкlри гурыlуэгъуэнщ:

| ***"Субъект" лlэужьыгъуэ "субъектив щхьэ цlэпапщlэ"хэр*** | |
|---|---|
| ↓ | ↓ |
| **Къэзыlуатэ "субъект"**хэр | **Едаlуэ "субъект"**хэр |
| (сэ, дэ) | (уэ, фэ) |

Мыпхуэдэу *зэрызэщхьэщыкl*хэр *глагол лэжьэкlэхэм щызэрыхэмылъытэ*ри гурыlуэгъуэнщ; икlи, *"субъектив щхьэ цlэпапщlэ"*хэр *"къэзыlуатэ"*рэ *"едаlуэ"у* зэрыщытыр *глагол лэжьэкlэхэм къыхэмыщ*ми, -мыбдежым и гугъу зэрытщlам папщlэ- дэтхэнэ зы *глагол гуп*ым теухуа *глагол лэжьэкlэ* щапхъэхэр глагол *"субъект"*хэр *"къэзыlуатэ"*рэ *"едаlуэ"*у зэщхьэщыгъэкlауэ къэдгъэлъэгъуэнри игъуэщ.

Аращи, дэтхэнэ зы *"глагол гуп"*ым хиубыдэ *глагол* гуэрхэм я *лэжьэкlэ* щапхъэхэр *глагол "субъект"*хэр *"къэзыlуатэ"*рэ *"едаlуэ"у* зэрыщытым елъытауэ *гупшlы*ыу *зэщхьэщыгъэкlа*уэ *зы таблиц*эм хиубыдэу мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщи, *глагол лэжьэкlэ*хэр къызэрыlуатэ *псалъэухыгъэ*хэм ***"субъектив щхьэ цlэпапщlэ"***хэмрэ я ***"щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"***хэри *"глагол лэжьэкlэу уххуа псалъэ"*хэм *"***субъект**, объект, дополненэ*"* къалэнкlэрэ -мы зэрытха щlыкlэхэу- зэрыхиубыдэ щlыкlэхэри къыхэдгъэщынщ:

| ***"Глагол гуп"хэм "субъектив субъект"кlэрэ я лэжьэкlэ щапхъэхэр*** | | |
|---|---|---|
| ***"Глагол гуп"хэр*** | ***Къэзыlуатэ "субъект"хэр: "сэ, дэ"*** | ***Едаlуэ "субъект"хэр: "уэ, фэ"*** |
| **Езырыж гл.** (кlуэн; хуэкlуэн) | - «**сэ с**окlуэ; **дэ д**окlуэ»;<br>- «**сэ** уэ сы(ны)пхуокlуэ; **дэ** фэ **ды**(ны)фхуокlуэ»; | - «**уэ у**окlуэ, **фэ ф**окlуэ»;<br>- «**уэ** сэ **у**(къы)схуокlуэ; **фэ** дэ фы(къы)тхуокlуэ»; |
| **lуэху гл.** (щlын, хуэщlын) | - «**сэ** ар **с**ощl; **дэ** ар **д**ощl»;<br>- «**сэ** ар уэ пхузощl; **дэ** ар фэ фхудощl»; | - «**уэ** ар **б**ощl; **фэ** ар **ф**ощl»;<br>- «**уэ** ар сэ **с**хуб**б**ощl; **фэ** ар дэ тхув**в**ощl»; |
| **Щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху гл.** (щыгъупщэн) | - «**сэ** ар **с**щогъупщэ; **дэ** ар **т**щогъупщэ»; «**сэ** уэ у**с**щогъупщэ; **дэ** фэ фы**т**щогъупщэ»; | - «**уэ** ар **п**щогъупщэ, **фэ** ар **ф**щогъупщэ»; «**уэ** сэ сы**п**щогъупщэ; **фэ** дэ ды**ф**щогъупщэ»; |

| | | |
|---|---|---|
| **Статя гл.**<br>- **Езырыж ст. гл.** (щысын)<br>- **Iуэху ст. гл.** (Iыгъын) | - «**сэ сы**щысщ, **дэ ды**щысщ»;<br><br>- «**сэ** ар **с**Iыгъщ, **дэ** ар **т**Iыгъщ»; «**сэ** уэ **ус**Iыгъщ; **дэ** фэ фы**т**Iыгъщ»; | - «**уэ у**щысщ, **фэ фы**щысщ»;<br><br>- «**уэ** ар **п**Iыгъщ, **фэ** ар **ф**Iыгъщ»; «**уэ** сэ сы**п**Iыгъщ; **фэ** дэ ды**ф**Iыгъщ». |

## ″ОБЪЕКТИВ ЩХЬЭ ЦIЭПАПЩIЭ″ХЭМ ТЕУХУАУЭ

Аращи, *″сэ″м* хуэпэжыжьэрэ *и псэлъэгъуу щымыт* зы **цIыху** нэрыбгэр е цIыху гупыр *а зэрыщыт*рэ *щхьэжу* зэрылъытэ **″объектив щхьэ цIэпапщIэ″**р **″езырыж″** *лIэужьыгъуэ*ущ зэрылъытапхъэр; ауэ, *″сэ″м* хуэпэжьыжьэрэ *и псэлъэгъуу щымыт* зы **цIыху** нэрыбгэр е цIыху гупыр *зыгуэрым епIэжьажьэрэ елэжьу –зэрыпыщIа*кIэрэ- зэрылъытэ **″объектив щхьэ цIэпапщIэ″**ри **″Iуэху″** *лIэужьыгъуэ*у зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ.

Ауэ икIи, мы къэтIуэтахэми къызэрыхэщщи, ″сэ″м и псэлъэгъуу щымытрэ хуэпэжыжьэу щыт цIыху нэрыбгэрэ цIыху гупхэр ″сэ″м ″объектив″ыгъэм иту мы зэрылъытэм зэрыхуэдэри гурыIуэгъуэщ **цIыхуу щымыт***хэр*и *″сэ″м псэлъэгъу зэрыхуэмыхъу*фынум ипкъ зэриткIэ - *флэкIыпIэ имыIэу- ″сэ″м ″объектив″у зэрилъыт*энури, нытIэ, мыхэри ″сэ″м ″объектив щхьэ цIэпапщIэ″хэмкIэ зэрилъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, цIыхуу щымытхэри зэрылъытэну мы **″объектив щхьэ цIэпапщIэ″**хэри илъытэр *а зэрыщыт*рэ *щхьэжу* зэрилъытэ щIыкIэу **″езырыж″** *лIэужьыгъуэ*у, е *зыгуэрым пыщIа*рэ *зыгуэр*хэр *ищIыу* зэрыщыткIи **″Iуэху″** *лIэужьыгъуэ*у зэрылъытэнухэри гурыIуэгъуэщ. Ауэ икIи, мы псалъэми гурыIуэгъуэ къызэрытхуищIщи, **цIыхуу щымыт**рэ **″Iуэху″** лIэужьыгъуэ *″объектив щхьэ цIэпапщIэ″*у лъытэнухэри *нэхъыбзэу* **″псэущхьэ″**хэрауэ зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ. Аращи, *″Iуэху″р нэхъыбэу ″цIыху″м хуэIуа*уэ зэрыщытыр ипэрей ди лэжьыгъэм щыгъуазэ дыхуэхъуащи, *″псэущхьэ″хэми мащIэу ″Iуэху″* лIэужьыгъуэхэр зэрагъэзащIэри жытIагъащ; нытIэ, цIыхурэ псэущхьэхэм ягъэзащIэхэм зэрыхуэбгъадэ щIыкIэу *къэкIыгъэхэми мащIэ дыдэу ″Iуэху″ лIэужьыгъуэ хуагъэфащэми*, *псэ зыIумыт*рэ *къэхъу-къэщIыгъу*эхэм *″Iуэху″* ягъэзащIэу зэры*мылъытэххэн*урэ зэрылъытэ *″объектив щхьэ цIэпапщIэ″хэр ″езырыж″* лIэужьыгъуэ *защIэ*у зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ.

**А зэрыщытрэ ″езырыж″у лъытэ ″объектив щхьэ цIэпапщIэ″хэр.**

Зэрыгурыlуэгъуэу, ″объектив щхьэ цIэпапщIэ″хэр *″сэ″м и ″субъектив″ыгъэм имыт*рэ *функционал*уи (э) *имылъыт*энухэращи, мыхэр *″сэ″м* езым елъытауэ *зэрилъыт*эну щIыкIэри зэрыхуэпэ*жьыжьэ* щIыкIэущ. ″Жыжьагъэ″р зэманрэ гъуэгуанэм теухуауэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщи, адыгэбзэм мыпхуэдэхэр *иджырэ итыпIэм щыщымыI*эрэ *фунционал зэману щымыт*ыжыр -″э″уэ щымытыж- зэрылъытэ *″а″* макъым игъэзэщIэ къалэнкIэрэщ зэры*лъыт*эр.

Аращи, ″сэ″м зэманрэ лъагъуэ-гъуэгуанэкIэ хуэпэжыжьэу щытхэмрэ икIи ″уэр-сэр″рэ псэлъэгъуу имылъытэхэр ″сэ″м зэрилъытэну щIыкIэр ″а″ лIэужьыгъуэущ: щхьэжу *″а″*уэ мы илъытапхъэри *а зэрыщыту* ″сэ″м зэрилъытэрэ гурыlуэгъуэ зыхуищIыжу (р) къызэриlуатэри *″а″*р *къызэрыхигъащ*кIэрэщ *(р):* «а → ар».

ИкIи, ″сэ″м дежкIэ ″объектив″у щыт дэтхэнэ гуэрыр а зэрыщытрэ щхьэжу мы лъытэкIэр ″езырыж″ лIэужьыгъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Мыбы нэмыщI, ипэкIи къызэрытlуэта щIыкIэми къызэрыхэщщи, *″ар″*ым и лъабжьэр и *функционалыгъэр -″э″- зыгъэкIуэда* щыт *″а″*ращи, *″а″*р *″э″бэ*у зэрыщыткIэрэ функционалу щымытыжу –джыпIэрэ джыгъуэу щымытыжу- *″иджы″м нэмыщI* зэманыгъуэу *жыжьагъэ*ущ ″сэ″м зэрилъытэр. Аращи, *″ар″* псалъэр *″а″*р зэрыгъэлъагъуэу *ипозацэ къытхуэзыщI ″р″* къыпыхьэу *ухуа псалъэ*рщи, *″а″кIэрэ жыжьаплъэу къэгъэлъагъуэр а зэрыщыту ″р″ымкIэ импозицэ къытхуэзыщI*ыу мы зэрыухуар а къэгъэлъэгъуар а зэрыщытрэ ″езырыж″у зылъытэрщ.

″Сэ″м и субъективыгъэм хиубыдэ ″уэ″м хуэдэ зэхущытыкIэ зыхуимыIэрщ ″ар″и, ″сэ″м зэпыщIэныгъэ зыхуимыIэу и пэлъэгъууи щымыт *цIыху нэрыбгэ*р адрейрэ зы *″ещанэрей щхьэ″*уэ зэрылъытэ ″щхьэ цIэпапщIэ″ лIэужьыгъуэрщ. *″Ещанэ щхьэ цIэпапщIэ″* лIэужьыгъуэу ″сэ″м ″объектив″у илъытэр ″щхьэ цIэпапщIэ″у зэрилъытэ зы *″объектив щхьэ цIэпапщIэ″* лIэужьыгъуэрщ ″ар″ри, зэрыжытlауэ, *″сэ″м хуэпэжыжьэ ″цIыху нэрыбгэ″*р а зэрыщытрэ *″езырыж″*у зэрилъытэу зэрыщытым нэмыщI, икIи *″цIыхуу щымыт″ дэтхэнэ гуэр*ри *а зэрыщыт* щIыкIэу – ″езырыж″у- зэрилъытэ щIыкIэрщ.

″Сэ″м ″субъектив″ыгъэ зыхуимыIэрэ хуэпэжыжьэу щыту *″а″кIэрэ лъытэр*э къэгъэлъагъуэр зыуэ щымытрэ *куэдагъэу щытмэ*, мыпхуэдэри ″а″м и *куэдагъэ*у (хэ) *лъыт*эрэ *къызэрыхэгъэща*кIэрэ (р) къызэрыlуатэу

ухуари *"ахэр ("а-хэ"р)"* псалъэрщ. Псалъэр мы зэрыжытlауэщ зэрыухуари, *"ахэр"* псалъэр -*"ар"*ым и *куэд*агъэу (хэ) щымытуэ- *"а"м и куэд*агъэу (ахэ) зэрыщыткlэрэ -а зэрыщытуи *"р" клэух*кlэ- къыхэгъэщауи (ахэр) зэрылъытар гулъытапхъэщ. "Ахэр"и "ар"ым хуэдэжу, "сэ"м "субъетив"ыгъэ зыхуимыlэрщи, -"а"уэ щылъытэкlэ- *"ахэр"*и "сэ"м *"объектив"*ыгъэ зиlэу икlи *а зэрыщыту* лъытэ гупу *"езырыж"*рэ (р) *"куэдагъ"* (хэ) лlэужьыгъуэу лъыта *"объектив щхьэ цlэпапщlэ"*рщ.

Мы къэтlуэтахэмкlэ гурыlуэгъуэ къытхуэхъуа "езырыж" лlэужьыгъуэ мы *"объектив щхьэ цlэпапщlэ"*хэри *"сэ"м хуэпэжыжьэ "цlыху"*рэ *"цlыхуу щымыт" дэтхэнэ гуэр*ыр зы *"закъуэ"*рэ *"куэд"*у зэрыщыткlэрэ зылъытэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

| |
|---|
| «ар; ахэр». |

Мы зи гугъу тщIа *"щхьэ цlэпапщlэ"* лlэужьыгъуэхэр (*ар, ахэр*) жыжьагъэу (а) щытыр а зэрыщыту (р) *"езырыж"*у зэрылъытэхэрщи, ахэр *"субъет"*у зыхуэфащэрэ зэкlуну глаголхэри **"езырыж глагол"**хэрауэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, *"езырыж глагол"*хэм **"субъект"** яхуэхъу **"ар, ахэр"** цlэпапщlэхэр мы къызэрыlу щlыкlэу *"сэ"м хуэпэжыжьэ "цlыху"*рэ *"цlыхуу щымыт" дэтхэнэ гуэр*ыр зэрылъытэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| **"Цlыху"м теухуа "езырыж" лlэужьыгъуэ "объектив щхьэ цlэпапщlэ"хэр** ("кlуэн, псэлъэн" глаголхэм я лэжьэкlэу):<br>- «**ар** макlуэ; **ахэр** макlуэ(хэ)»;<br>- «**ар** мэпсалъэ; **ахэр** мэпсалъэ(хэ)»;<br>---<br>**"Цlыхуу щымыт"хэм** (псэущхьэ, къэкlыгъэ, lэмэпсымэ, къэхъу-къэщl) **теухуа "езырыж" лlэужьыгъуэ "объектив щхьэ цlэпапщlэ"хэр** ("буун; кlын; цlуун; хъун" глаголхэм я лэжьэкlэу):<br>- «**ар** мэбуу; **ахэр** мэбуу(хэ);<br>- «**ар** мэкl»; **ахэр** мэкl(хэ)»;<br>- «**ар** мэцlуу; **ахэр** мэцlуу»;<br>- «**ар** мэхъу; **ахэр** мэхъу(хэ)». |

"Езырыж" лlэужьыгъуэ *"объетив щхьэ цlэпапщlэ"*хэр *куэдагъ*эу щытмэ, ар *"хэ" клэухкlэ къызэрылу*м ипэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъуащи, *куэдагъ* зиlэ *"субъект"*хэм теухуа *"езырыж глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэри, *"хэ" клэухкlэ*рэщ зэрылъытэр. Ауэ икlи, *"субъект"*ыр *куэдагъ* зиlэу *къэlуэтагъэххэмэ*, я *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэми *флэкlыпlэ имылэу "хэ" клэух къищтэн хуэныкъуэкъым*и, мыбы папщlэщ "глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"хэм я "хэ" кlэухыр "()"м дэту -"(..)"уэ- къыщlэгъэлъэгъуар. Мы

къэтlуэтахэр зытеухуари щхьэхуэ щхьэхуэу мыбдежми къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

«буун: ″**ар** мэбуу″ → ″**ахэр** мэбуу″ – ″**ахэр** мэбуу(хэ)″».

*

Мы зэрыжытlауэ, *цlыхуу* щырет е *цlыхуу щыремыт*, *″сэ″м и псэлъэгъуу щымыт*хэр *″сэ″м ″щlынlэ″клэ* бгъэдэсрэ бгъэдэт хуэдэу *пэгъунэгъуу* щыщыткlэ, ахэр *″а″уэ лъытэн нэхърэ ″мэ″уэ* къэгъэлъэгъуэнри зэрыигъуэм ипкъ зэриткlэ, *″а″м unlэ ″мэ″* иувэу ухуа *″объектив щхьэ цlэпапщlэ″*хэри зэрыщыlэпхъэнур гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэу *гъунэгъуу* зэрыщытыр зылъыта *″мэ″* макъыр *″р″ыклэ къэlуу* зэрыухуэ щlыкlэри *″езырыж″* лlэужьыгъуэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Икlи, ″мэ″кlэрэ къэгъэлъэгъуар *гъунэгъу дыд*эрэ (″мэ-ы-р″ → ″мыр″), *къэзыгъэлъагъуэм елъытауэ* хуэпэ*жсыжьэу –жсыжьэ лlэужьыгъуэ*ри- ″мэ″кlэрэщ (″мэ-у-р″ → ″мэур″ → ″мор″) зэрылъытэр.

Нытlэ, мыбыхэмрэ я *куэдагъэ*ри *″хэ″ клэух*кlэ къызэрыхэщу *″щlынlэ″* лlэужьыгъуэу *гъунэгъуу* щытхэр *″езырыж″*у зэрылъытэ мы *″объектив щхьэ цlэпапщlэ″* лlэужьыгъуэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

«мыр; мыхэр»; «мор, мохэр».

Мыхэри ″езырыж″ лlэужьыгъуэ ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″хэу псалъэухыгъэмрэ глагол лэжьэкlэхэм щызэрыхэлъытэфынур гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, мы ипэкlэ ″ар, ахэр″хэр глагол лэжьэкlэхэм ″субъект″ язэрыхуэхъуу къэта щапхъэр мыбдежми ″мыр, мыхэр; мор, мохэр″хэм теухуауи -ахэри ″езырыж глагол″ лэжьэкlэхэм я ″субъект″хэу-къэдгъэлъэгъуэнщ:

**″Цlыху″м теухуа ″езырыж″ лlэужьыгъуэ ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″хэр** (″кlуэн, псэлъэн″ глаголхэм я лэжьэкlэу):
- «**мыр** макlуэ; **мыхэр** макlуэ(хэ)»;
- «**мыр** мэпсалъэ; **мыхэр** мэпсалъэ(хэ)»;

---

**″Цlыхуу щымыт″хэм** (псэущхьэ, къэкlыгъэ, lэмэпсымэ, къэхъу-къэщl) **теухуа ″езырыж″ лlэужьыгъуэ ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″хэр** (″буун; кlын; цlуун; хъун″ глаголхэм я лэжьэкlэу):
- «**мыр** мэбуу; **мыхэр** мэбуу(хэ);
- «**мыр** мэкl; **мыхэр** мэкl(хэ)»;
- «**мыр** мэцlуу; **мыхэр** мэцlуу(хэ)»;
- «**мыр** мэхъу; **мыхэр** мэхъу(хэ)».

**″lуэху″м зэрыпыщlакlэрэ лъытэ ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″хэр.**

Мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlыу, ″сэ″м хуэпэжыжьэу – ″а″- илъытарэ езы ″сэ″ми елъытауэ *″ещанэ щхьэ″*уэ щытым *″луэху″*р зэригъэзащlэ щlыкlэри -*″субъект″*у- а *луэхум* зэр*елъыта*рэкlэ зэры*ужь*ущ (б) ″сэ″м зэрилъытэр. Араща, lуэхур мыпхуэдэу зыгъэзащlэ мы *″субъект″*ыр ″сэ″м *″щхьэ цlэпапщlэ″у* зэрилъытэнури - *луэхум* мы зэр*елъытарэ зэрыпыщla*уэ- *″луэху″ лlэужьыгъуэ ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″*ущ. Нытlэ, мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlауэ, *″сэ″м жыжьагъэрэ ″луэху″м елъытарэ зэрыпыщlаклэрэщ ″луэху глагол″*ым *″субъект″* хуэхъу *дэтхэнэ гуэр*ыр – цlыхуу щырет е цlыхуу щыремыт-″сэ″м зэрилъытэри, мы *″луэху″ лlэужьыгъуэ ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″*р къызэрыlуатэ псалъэр зэрыухуэри мыпхуэдэщ:

«″а-б″ → ″абы″».

Ауэ икlи, *″луэху″ лlэужьыгъуэ ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″*хэр мы ипэкlэ ″субъект″ым теухуа закъуэу къыхэдгъэщами, *″дополненэ″ къалэн* зыгъэзащlэ *″ещанэ щхьэ″*хэри *елъытэужьыгъуэ*рэ *пыщlэныгъэ* зиlэу зэрылъытэм ипкъ зэриткlэ, *″луэху″ лlэужьыгъуэ ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″*хэу зэрыщытри мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ.

″Абы″м и *куэдаг*ъри *″абы″м ″хэ″ клэух* къызэрыпыхьэу зэрылъытэнур гурыlуэгъуэщ. Икlи, *″елъыта ужьыгъуэ″* зи мыхьэнэ *″б″ мак*ъыр мы и мыхьэнэм ипкъ зэриткlэ *къыклэлъыклуэм* -макъ е псалъэм- зэры*пыщлэ*р гурыlуэгъуэщи, *″абы″*р *куэдагъэу ″хэ″ клэух*кlэ лъытэн хуей щыхъум деж, *″абыхэ″*р *гурыlуэгъуэ щlын*рэ *къыклэлъыклуэми пыщлэн къалэн зыгъэзащлэу ″м″ мак*ъыр *клэух* мэхъур:

«″абы-хэ″→″абы-хэ-м″ → ″абыхэм».

Зэрыгурыlуэгъуэу, клэух зыхуэхъуу къызклэлъыклуэр илъытэу гурыlуэгъуэ къытхуэзыщl ″м″ макъым мы гурыlуэгъуэ къытхуищlар икlи къыклэлъыклуэм пыщlэн къалэни егъэзащlэри, ″м″ макъыр ″абы″ псалъэ куэдагъэм –″абы-хэ″- клэух щыхуэхъум деж, ″абы″м хиубыдэ ″б″ макъми и къалэныр игъэзащlэу зэрыщытыр наlуэщ. Ар щыхъуклu, ″сэ″м хуэпэжыжьэр *″а″уэ лъыта*рэ, и *куэдагъэ*ри *клэух ″хэ″уэ лъыта* нэужь, мы лъытар –″ахэ″- *клэух хуэхъуу гурыlуэгъуэ зыщl*рэ икlи къыклэлъыклуэми *зэрыпыщлэу* зылъытэ *″м″ макъымклэ щыух*ым деж, мыпхуэдэу ухуа *″ахэм″*ыр *″абыхэм″ым инлэкlэ* бзэм щызеклуэфынури гурыlуэгъуэнщ. Араща, ″зэрелъыта ужьыгъуэр (б)″ псалъэм къыхэмыхьэми, *″жыжьагъэ (а)″у щыт ″куэдагъэр (хэ)″ гурыlуэгъуэ зыщlрэ къыклэлъыклэми пызыщlэ*

*"м" макъкlэ*рэ *къызэрыlуу ухуэ "ахэм" псалъэм*и гурыlуэгъуэ ищlрэ (нэхъ лантlэми) игъэзащlэри *"абыхэм"*ым *хуэдэщ*:

| |
|---|
| «"а-хэ-м" → "ахэм"». |

Мы зэрыжытlауэ, "ахэм" псалъэр нэхъ лантlэу зэрыщытым папщlэ, къэlуэтэнур нэхъ нахуэрэ тегъэчыныхьауэ утыку къиплъхьэн щыхуейм деж "абыхэм"ыр нэхъ зэригъуэр гурыlуэгъуэми, мы *"lуэху"* лlэужьыгъуэ *"объектив щхьэ цlэпапщlэ"*хэр *"закъуэ"*рэ *"куэдагъэ"*у зэрыщытым теухуауэ мыбдежым аргуэру къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

| |
|---|
| «абы; абыхэм – ахэм». |

"Закъуэ" зылъытэу щырет, е "куэд" зылъытэу щырет, мы зи гугъу тщlахэр зэрыухуа щlыкlэхэмкlи гурыlуэгъуэщи, *"lуэху"* лlэужьыгъуэ *"объектив щхьэ цlэпапщlэ"*хэрщ. Ауэ икlи, мыхэр "ещанэ щхьэ" лlэужьыгъуэхэу *"сэ"м хуэпэжыжьэу lуэху зыгъэзащlэ цlыху*хэр зэрылъытэм нэмыщl, *цlыхуу щымыту "lуэху" зыгъэзащlэхэри* зэрылъытэ "щхьэ цlэпапщlэ"хэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, мы *"lуэху"* лlэужьыгъуэ мы *"объектив щхьэ цlэпапщlэ"*хэр *зэмылlэужьыгъуэ*у къызэрыlуэтапхъэхэри хиубыдэу, *"lуэху глагол"*хэм *"субъект"* язэрыхуэхъу щапхъэхэрм мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| **"Цlыху"м теухуа "lуэху" лlэужьыгъуэ "объектив щхьэ цlэпапщlэ"хэр** ("цlыхун, щlэн" глаголхэм я лэжьэкlэу):<br>- «**абы** ецlыху; **абыхэм** яцlыху – **ахэм** яцlыху»;<br>- «**абы** ящlэ; **абыхэм** ящlэ – **абыхэм** ящlэ»;<br>---<br>**"Цlыхуу щымыт"хэм** (псэущхьэ, къэкlыгъэ, lэмэпсымэ, къэхъу-къэщl) **теухуа "lуэху" лlэужьыгъуэ "объектив щхьэ цlэпапщlэ"хэр** ("лъагъун; укlын" глаголхэм я лэжьэкlэу):<br>- «**абы** елъагъу; **абыхэм** ялъагъу – **ахэм** ялъагъу»;<br>- «**абы** еукl; **абыхэм** яукl – **ахэм** яукl». |

*

"Езырыж объектив щхьэ цlэпапщlэ"хэм деж я гугъу зэрытщlам хуэдэщи, *"lуэху"* лlэужьыгъуэу *"объектив щхьэ"*хэри "щlыпlэ" лlэужьыгъуэу *"сэ"*м *пэгъунэгъу*у зэрыщытрэ къы*зэригъэлъагъуэ* -"мы, мо" хуэдэу- щlыкlэу *"lуэху объектив щхьэ цlэпапщlэ"* лlэужьыгъуэу зэрылъытэфынухэри гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуащ:

| |
|---|
| «мыбы; мыбыхэм – мыхэм»; «мобы, мобыхэм – мохэм». |

*"Цlыху"* е *"мыцlыху"*у щырет, "сэ"м и псэлъэгъуу щымыт *"объектив щхьэ"*хэм *"lуэху" щагъэзащlэ*р "щlыпlэ"у "сэ"м пэ*гъунэгъу*мэ е "сэ"м

*игъэлъагъуэу щытмэ*, мыпхуэдэхэр къызэрыlуатэ щlыкlэхэм теухуа щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

**″Цlыху″м теухуа ″lуэху″ лlэужьыгъуэ ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″хэр** (″цlыхун, щlэн″ глаголхэм я лэжьэкlэу):
- «**мыбы** ецlыху; **мыбыхэм** яцlыху – **мыхэм** яцlыху»;
- «**мыбы** ещlэ; **мыбыхэм** ящlэ – **мыхэм** ящlэ»;

---

**″Цlыхуу щымыт″хэм** (псэущхьэ, къэкlыгъэ, lэмэпсымэ, къэхъу-къэщl) **теухуа ″lуэху″ лlэужьыгъуэ ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″хэр** (″лъагъун; укlын″ глаголхэм я лэжьэкlэу):
- «**мыбы** елъагъу; **мыбыхэм** ялъагъу – **мыхэм** ялъагъу»;
- «**мыбы** еукl; **мыбыхэм** яукl – **мыхэм** яукl».

Ауэ икlи, ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, мы къэта щапхъэхэр глагол *"субъект"*хэм теухуащи, *"дополненэ" къалэнхэри "lуэху объектив щхьэ цlэпапщlэ"*у зэрылъытэри мыбдежым аргуэру дигу къыщыдгъэкlыжынщ.

## ″ОБЪЕКТИВ ЩХЬЭ ЦlЭПАПЩlЭ″ХЭР ЗИ ПlЭ ИУВЭ ″ЦlЭ″ХЭР ″ПСАЛЪЭУХЫГЪЭ″М ЗЭРЫХИУБЫДЭ ЩlЫКlЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

Мы ипэкlэ бзэм ″цlэ″хэм ипlэкlэ щызекlуэ ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″хэмрэ, ахэр ″езырыж″рэ ″lуэху″ лlэужьыгъуэу зэрылъытэу зэрызэщхьэщыкlхэми щыгъуазэ дыщыхуэхъуащи, нытlэ ахэр зи ипlэ иувэ ″цlэ″ лlэужьыгъуэ псалъэхэри ″езырыж″рэ ″lуэху″ лlэужьыгъуэу зэрылъытэ щlыкlэхэми мы илъабжьэм щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

Мы ипэкlэ иужьрейуэ зи гугъу тщlахэр ″lуэху″ лlэужьыгъуэ ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″хэрщи, *"lуэху глагол"* лэжьэкlэхэм *"субъект"* хуэхъу *"объектив щхьэ цlэпапщlэ"хэр "lуэху" лlэужьыгъуэ*у зэрыщытым нэмыщl, дэтхэнэ зы *"дополненэ"* къалэн зыгъэзащlэ *"объектив щхьэ цlэпапщlэ"*хэри *"lуэху"* лlэужьыгъуэщ. Араща, *"дополненэ"р зыхэзыубыдэ глагол лэжьэкlэр "lуэху глагол"*у щырет е *"езырыж глагол"*у щырет, *"дополненэ"*р зэрылъытэр *я зэхуэдэу "lуэху" лlэужьыгъуэ*ущ.

Ипэкlэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *цlыху* зэрылъытэ *"субъектив щхьэ цlэпапщlэ"*хэр *"езырыж"* лlэужьыгъуэхэрщи, ягъэзащlэ къалэныр *"субъект, объект, дополненэ"*у *дэтхэнэрауи щырет, "езырыж" лlэужьыгъуэ*ущ зэрылъытэр. Ауэ, *"объектив щхьэ цlэпапщlэ"*хэр мыпхуэдэкъыми, *цlыху зэрылъытэ*м нэмыщl, *цlыхуу щымыт*хэри *зэрылъытэ*у зэрыщытым мы къедгъэкlуэкlа лэжьыгъэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъуам нэмыщl, мы ипэкlи къыхэдгъэщыжащи, икlи *"езырыж"*

*лIэужьыгъуэ "объектив щхьэ цIэпапщIэ"*рэ *"луэху" лIэужьыгъуэ "объектив щхьэ цIэпапщIэ"*хэу зэщхьэщокIыр.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *"цIэпапщIэ"* жыхуэтIэхэр *"цIэ папщIэ"*щи, цIэхэр къырамыlуэу *цIэхэм unIэкIэ бзэм щызекlуэ псалъэ* лIэужьыгъуэхэрщ. Дэтхэнэ зы цIыху нэрыбгэр зы цIэкIэ зэрылъытэр гурыlуэгъуэщи, "субъектив щхьэ цIэпапщIэ"хэр "сэ"м и псэлъэгъуу щыт дэтхэнэ зы цIыхуцIэм ипIэ иувэ псалъэ лIэужьыгъуэхэрщ. ИкIи, дэтхэнэ зы нэрыбгэр зыхэзыубыдэ дэтхэнэ зы гупри "сэ"м и пышэгъурэ псэлъэгъуу зэрыщытым ипкъ зэриткIэ, "субъектив щхьэ цIэпапщIэ"кIэщ зэрылъытэр. Ауэ икIи аргуэру ипэкIи щыгъазэ дызэрыхуэхъуауэ, мы и пышэгъурэ *псэлъэгъу*у щыт *цIыху нэрыбгэ*рэ *гуп*хэм *къапкъырыкI*рэ *ягъэзащIэ*хэр *-"субъект" къалэн зиlэхэр-* е мы и псэлъэгъухэр мыпхуэдэу *къэхъу*рэ *гъэзащIэ*хэм зэры*хиубыдэ*хэр *–"объект, дополненэ" къалэн зиlэу хиубыдэхэр- "сэ"м къызэрырилу* щIыкIэр *я "цIэ"кIэрэкъыми*, *мы я "субъектив щхьэ цIэпапщIэ"*кIэрэщ. Мыпхуэдэу щIыщытыр мы и псэлъэгъу цIыхухэр "сэ"м "субъектив"ыгъэ зыхуиlэу "уэр-сэр"у язэрыхущытым ипкъ зэриткIэ, -"сэ"м езыри хэтыжу- мы я "уэр-сэр" зэхущытыкIэ зэхуакум -объеткив лIэужьыгъуэ зы псалъэу- я цIэхэр къызэрыдэмыхьэр гурыlуэгъуэщ.

Ауэ, "сэ"м "объектив щхьэ цIэпапщIэ"хэмкIэ илъытэ цIыхухэр икIи цIыхуу щымытхэр зэрилъытэрэ къызэрырилу щIыкIэр -"сэ"м ищIэу щытмэ-я цIэхэмкIэщ, е "сэ"р зэрыхуейуэ я "объектив щхьэ цIэпапщIэ"хэмкIэщ. Аращи, *"цIэ"р "объектив"*ыгъэ зиlэ зы псалъэ лIэужьыгъуэу *хэткIи зэхуэдэ*щ; ауэ икIи *"объектив щхьэ цIэпапщIэ"хэри* ар дыдэу *"объектив"* лIэужьыгъуэхэрщ.

Ауэ икIи, "субъектив щхьэ цIэпапщIэ"хэр "езырыж" защIэу зэрылъытэм хуэдэкъым "объектив щхьэ цIэпапщIэ"хэри, "езырыж"рэ "lуэху" лIэужьыгъуэу зэрызэщхьэщыкIыр гурыlуэгъуэщи, нытIэ, *"езырыж объектив щхьэ цIэпапщIэ"*хэмрэ *"луэху объектив щхьэ цIэпапщIэ"*хэр зи *unIэ иувэ цIэхэр къызэрыlуатэ щIыкIэ*хэми щыгъуазэ хуэщIыпхъэщ. Ауэ икIи, *"езырыж объектив щхьэ цIэпапщIэ"*хэр *зи unIэ иувэ*ну *цIэ*хэр а зэрыщытрэ *"езырыж"у* лъытарэ, *"луэху объектив щхьэ цIэпапщIэ"*хэр *зи unIэ иувэ*ну *цIэ*хэри къыкIэлъыкIуэм зэрелъытарэ зэрыпыщIакIэрэ лъытауэ *"луэху"* лIэужьыгъуэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ.

Аращи, зы псалъэр а зэрыщытрэ "езырыжу" зэрылъытэр – къызкIэлъыкIуэр импозацэ къытхуэзыщI- "р" макъ кIэухкIэщи, зы *"цIэ"р "р" кIэухкIэ къызэрылум unIэ иувэ* "объектив щхьэ цIэпапщIэ"р *"езырыж*

*объектив щхьэ цlэпапщlэ"*рщ; зы псалъэр ″lуэху″ лlэужьыгъуэу зэрылъытэр – зы псалъэр гурыlуэгъуэ къытхуэзыщlрэ къыкlэлъыкlуэм дыпэзыгъаплъэу пызыщlэ- ″м″ макъкlэрэщи, зы *"цlэ"р "м" кlэуххlэ къызэрыlум unlэ иувэ*ри *"lуэху объектив щхьэ цlэпапщlэ"*рщ.

*

Мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlыу, *"езырыж"*рэ *"lуэху"* лlэужьыгъуэ *"объектив щхьэ цlэпапщlэ"*хэр зи пlэ иувэ *"щылэцlэ"*хэр *"езырыж"*рэ *"lуэху"* лlэужьыгъуэу зэрылъытэу къызэрыlуатэ щlыкlэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| ″Щылэцlэ″хэр ″езырыж″ лlэужьыгъуэу зэрылъытэ щlыкlэхэр | ″Щылэцlэ″хэр ″lуэху″ лlэужьыгъуэу зэрылъытэ щlыкlэхэр |
|---|---|
| - «мэлыр; удзыр; уадэр»;<br>- «мэлхэр; удзхэр; уадэхэр»; | - «мэлым; удзым; уадэм»;<br>- «мэлхэм; удзхэм; уадэхэм». |

*Цlыхуу щымыт*хэр *цlыхум* мы зэрилъытэну щlыкlэхэр *"объектив"*ущи, мы щапхъэу къэта *цlэ*хэр *–"щылэцlэ"*хэр- *"езырыж"* лlэужьыгъуэу *"р" кlэуххlэ, "lуэху"* лlэужьыгъуэуи *"м" кlэуххlэ* илъытэу хуиту къызэриlуэтари нэрылъагъущ. Ауэ, *цlыхухэр "цlыхуц*lэ″кlэ *"объектив"у цlыхум зэрилъытэну* щlыкlэхэр мыбыхэм *–"щылэцlэ"*хэр мы зэрилъытэм- *къазэрыщхьэщыкl*ынури гурыlуэгъуэнщ.

Араща, ″сэ″м *"объектив"*у илъыта *цlыху*р и *"цlэ"*мкlэ къыриlуэу щыщытым деж, ар икlи -флэкlыпlэ имыlэу- *"езырыж"*рэ *"lуэху"* лlэужьыгъуэу къыхэгъэщыни хуэныкъуэнкъым. А цlыхур и цlэмкlэ лъыта нэужь, мы *цlыхуцlэ*м икlи *"р"* кlэуххl е *"м" кlэух* къищтэни *хуэныкъуащэкъым*. Икlи, дэтхэнэ зы нэрыбгэм зы цlэ иlэщи, гупыр зэрылъытэ цlэ щымыlэмэ, а гупым хиубыдэу *"сэ"м ищlыху*у щыт зы *нэрыбгэм и цlэкlэ -абы и гъусэ*хэри *дищlыгъуу- гуп илъытэфынщ*.

Мыхэр нэхъ lупщlыу къэlуэтапхъэмэ, *"сэ"м ищlыху*у щыт ″Пlытlэ″м и цlэр къыриlурэ, *"Пlытlэ"*ми *и гъусэ*у (с) *-нэсрэ лъэlэсу- гулъытэ зыхуищl*(хэ)ри (мэ) дищlыгъужу *"Пlытlэ сымэ"*у илъытэфынщ -″Пlытlэ″м и цlэкlэ- *"Пlытlэ"*ри *зыхэзыубыдэ гуп*ыр. Мы зэрыжытlауэ, *"объектив щхьэ" закъуэ "Пlытlэ"*м *и цlэкlэ* езы *Пlытlэ*-ри *зыхэзыубыдэ гуп*ыр ″сэ″м зэрилъытэр *"Пlытlэ сымэ"*ущ. Нытlэ, мы къэтlуэтахэри мыпхуэдэу къэдгъэлъэгъуэнщ:

| ″Цlыхуцlэ″хэр ″езырыж″ лlэужьыгъуэу зэрылъытэ щlыкlэхэр | ″Цlыхуцlэ″хэр ″lуэху″ лlэужьыгъуэу зэрылъытэ щlыкlэхэр |
|---|---|
| - «Пlытlэ – Пlытlэ-р»;<br>- «Пlытlэхэ(р) – Пlытlэ сымэ»; | - «Пlытlэ – Пlытlэ-м»;<br>- «Пlытlэхэ(м) – Пlытlэ сымэ». |

Нытlэ, мы щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *"щылэцlэ"*хэмрэ *"цlыхуцlэ"*хэр глагол лэжьэкlэу *"псалъэухыгъэ"*хэм щы*зэрыхэлъытэ* щlыкlэхэри *зэгъэпщапхъэу* къэгъэлъэгъуэнри игъуэщ.

*

Мыхэр къыхэдгъэща нэужь, *"цlыхуцlэ"*хэри *"езырыж"*рэ *"луэху"* лlэужьыгъуэу мы зэрылъытамрэ ахэр *"щхьэ цlэпапщlэ"*хэуи зэрылъыта щlыкlэхэр *цlыхум теухуа "езырыж глагол"*рэ *"луэху глагол"* гурхэм я *лэжьэкl*эхэм -*"псалъэухыгъэ"*м- зэрыхиубыдэм теухуа *щапхъэхэм къыкlэлъыкlуэ*у, *цlыхуу щымыт*хэр -*"псэущхьэ, къэкlыгъэ, lэмэпсымэ хуэдэхэр"*- я *"цlэ"*мрэ ахэр *"щхьэ цlэпапщlэ"*хэу зырылъытэу *"псалъэухыгъэ"*хэм зэрыхиубыдэм теухуа *щапхъэхэр*и яхуэ*игъуэ "езырыж глагол"рэ "луэху глагол" лэжьэкlэ*хэу мы илъабжьэм -*зэрызэлъытапхъэ*хэу- къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

**"Цlыху"м теухуа "езырыж" лlэужьыгъуэ "объектив щхьэ цlэпапщlэ"хэмрэ, зи ипlэ иувэ "цlыхуцlэ"хэм я къэlуэтэкlэхэр** ("кlуэн, псэлъэн" глаголхэм я лэжьэкlэу):
- «**ар** макlуэ; **ахэр** макlуэ(хэ)» ← «**ПIытlэ** макlуэ – **ПIытlэ**-р макlуэ; **ПIытlэхэ**(р)/ **ПIытlэ сымэ** макlуэ(хэ)»;
- «**ар** мэпсалъэ – **ахэр** мэпсалъэ(хэ)» ← «**ПIытlэ**-р мэпсалъэ – **ПIытlэ** мэпсалъэ; **ПIытlэхэ**(р)/**ПIытlэ сымэ** мэпсалъэ(хэ)»;

---

**"Цlыхуу щымыт"хэм теухуа "езырыж" лlэужьыгъуэ "объектив щхьэ цlэпапщlэ"хэмрэ, зи ипlэ иувэ "щыlэцlэ"хэм я къэlуэтэкlэхэр** ("буун; кlын; цlуун; хъун" глаголхэм я лэжьэкlэу):
- «**ар** мэбуу; **ахэр** мэбуу(хэ) ← «**жэмыр** мэбуу»; «**жэмхэр** мэбуу(хэ)»;
- «**ар** мэкl; **ахэр** мэкl(хэ)» ← «**удзыр** мэкl»; «**удзхэр** мэкl(хэ)»;
- «**ар** мэцlуу; **ахэр** мэцlуу» ← «**абджыр** мэцlуу; **абджхэр** мэцlуу»;
- «**ар** мэхъу; **ахэр** мэхъу(хэ)» ← «**мыlэрысэр** мэхъу; **мыlэрысэхэр** мэхъу(хэ)».

**"Цlыху"м теухуа "луэху" лlэужьыгъуэ "объектив щхьэ цlэпапщlэ"хэмрэ, зи ипlэ иувэ "цlыхуцlэ"хэм я къэlуэтэкlэхэр** ("цlыхун, щlэн" глаголхэм я лэжьэкlэу):
- «**абы** ецlыху; **абыхэм** яцlыху – **ахэм** яцlыху» ← «**ПIытlэ**-м ецlыху – **ПIытlэ** ецlыху; **ПIытlэхэ**(м)/**ПIытlэ сымэ** яцlыху»;
- «**абы** ещlэ; **абыхэм** ящlэ – **ахэм** ящlэ» ← «**ПIытlэ**-м ещlэ – **ПIытlэ** ещlэ; **ПIытlэхэ**(м)/**ПIытlэ сымэ** ящlэ»;

---

**"Цlыхуу щымыт"хэм теухуа "луэху" лlэужьыгъуэ "объектив щхьэ цlэпапщlэ"хэмрэ, ахэр зи ипlэ иувэ "щыlэцlэ"хэм я къэlуэтэкlэхэр** ("лъагъун; укlын" глаголхэм я лэжьэкlэу):
- «**абы** елъагъу; **абыхэм** ялъагъу – **ахэм** ялъагъу» ← «**мэлым** елъагъу; **мэлхэм** ялъагъу(хэ)»;
- «**абы** еукl; **абыхэм** яукl(хэ) – **ахэм** яукl(хэ)» ← «**вым** еукl; **выхэм** яукl(хэ)».

## ″ОБЪЕКТИВ ЩХЬЭ ЦlЭПАПЩlЭ″РЭ ″ЦlЭ″ХЭР -Я КЪАЛЭНКlЭРЭ- ″ПСАЛЪЭУХЫГЪЭ″М ЗЭРЫХИУБЫДЭ ЗЭКlЭЛЪХЬЭУЖЬЫКlЭХЭР

Мы псэлъащхьэм *″цlэпапщlэ″*хэр *″цlэ″*хэм *апlэ* иувэу иужькlэ ухуа псалъэ лlэужьыгъуэущ зэрыгурыlуэгъуэнури, мыпхуэдэу *щыуагъэу зэрыгурыlуэр* адыгэбзэр нобэрей бзэщlэныгъэм зэрыщlаджыкlым ипкъ зэриткlэ, *граммаритк*эу лъыта *″цlэпапщlэ″* псалъэр *″цlэ″м апlэ*кlэ мы зэрылъыта щlыкlэращ зэлъытарэ зытеухуар.

Ауэ, *макъыз*эу щытрэ макъхэр утыку къызэрихьэ лъандэрэ зэрыухуэ архивыр зыхэлъыж *адыгэбз*эм и *лэжьэкlэ*м *″щхьэ″*хэр *″цlэ″* лlэужьыгъуэу хэлэжьыхьу *зэрыщlидзам ипэlу*эу лъытапхъэщ *″щхьэ″*хэр *″цlэпапщlэ″ жыхуатlа* мы *псалъэ* лlэужьыгъуэхэмкlэ зэры*хэлъытэу щыта*р. Аращи, адыгэбзэ лэжьэкlэм *–глагол лэжьэкlэ*хэм- хиубыдэ *″щхьэ″*хэр *япэрауэ ″цlэпапщlэ″* жыхуэтlэ *псалъэ лlэужьыгъуэ*хэрщи, *иужьыlуэкlэ* абы ипlэ ивэу *″цlэ″*хэри *″щхьэ″*уэ хэлъытэу зэры*щlидза*р гурыlуэгъуэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *″щхьэ цlэпапщlэ″*хэр *″сбъектив″*рэ *″объектив″*у зэщхьэщыдгъэкlащи, *″цlэ″* жыхуэтlэхэри *″объектив″ лlэужьыгъуэ*у зэрыщытми зэрезэгъкlэ, *″цlэ″ лlэжьыгъуэ ″щхьэ″*хэр *″объектив щхьэ″* лlэужьыгъуэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Икlи, *″цlыху″*м теухуа *″щхьэ цlэпапщlэ″*хэри *″субъектив″*рэ *″объектив″*у зэрызэщхьэщыкlри гурыlуэгъуэщи, ныtlэ, *″цlыхуцlэ″*хэри *″объектив″* лlэужьыгъуэ *″щхьэ″*уэ зэрылъытэнури наlуэщ.

Аргуэру къыхэгъэщыпхъэмэ, *адыгэбзэ* лэжьэкlэм *–глагол лэжьэкlэ*м-*япэ*рауэ хэлъыта *″щхьэ″*хэр *″щхьэ цlэпапщlэ″*хэрауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, *иужьыlуэкlэ ″щхьэ″*хэр *″цlэ″уи зэрылъыт*эу глагол лэжьэкlэхэм хиубыдэу зэрыщlидзари жытlагъэххэщ. Икlи, *″цlыхуцlэ″*хэр *бзэ лэжьэкlэм* -ауэ икlи *″цlэ″ лlэужьыгъуэ* псалъэ *къэхъуныгъэм- иужьрей и зэманыгъуэ*хэм хуэзэу утыку къихьа псалъэ лlэужьыгъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ.

Дауи, мы илъабжьэм къыщедгъэкlуэкlыну мы лэжьыгъэр -мы псалъэхэр зэрылъыта щlыкlэу- *″цlэпапщlэ″хэр ″цlэ″хэм апlэ зэриувэ щlыкlэу* зэрылъытапхъэу къедгъэкlуэкlынщ.

*

Мы ипэкlэ глагол лэжьэкlэрэ псалъэухыгъэхэм ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″хэр зэрыхиубыдэрэ икlи ахэр зи ипlэ иувэ цlэ лlэужьыгъуэхэри

зэрылъытэм щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэ гуэрхэри къахуэтхьащ. Ауэ, мы къэтхьа щапхъэхэри ″щхьэ цlэпапщlэ″хэмрэ зи пlэ иувэ цlэ лlэужьыгъуэхэм ″субъект″ къалэн зэрагъэзащlэм теухуащи, нытlэ, мыхэр *″субъект″* къалэн закъуэм къыщымынэу, *″объект″*рэ *″дополненэ″* къалэнкlэрэ псалъэухыгъэхэм зэрыхиубыдэ щlыкlэхэми теухуа щапхъэхэри мы илъабжьэ къыщыдгъэлъэгъуэныр игъуэщ.

Мыпхуэдэ щапхъэхэр къэдымыхь ипи ″субъект, объект, дополненэ″ къалэнхэр дэтхэнэ зы глагол гупым теухуа лэжьэкlэм зэрыхиубыдэну щlыкlэхэри мыдежым дигу къыщыдгъэкlыжынщ.

Аращи, **″lуэху глагол″**хэм я лэжьэкlэхэм хиубыдэ **″субъект″**ыр **″lуэху″** лlэужьыгъуэу зэрыщытрэ, абы елъытауи глагол **″объект″**ри **″езырыж″**у зэрылъытэри гурыlуэгъуэщ; **″lуэху глагол″**хэм я лэжьэкlэхэм хиубыдэ мы *″езырыж″* лlэужьыгъуэ *″объект″*ым къыкlэлъыкlуэ **″дополненэ″**хэри **″lуэху″** лlэужьыгъуэущ зэрылъытэр.

Зэрыгурыlуэгъуэу *″lуэху глагол″*хэращ зы гуэрым телэжьыхьу *″объект″ зиlэ* глагол лlэужьыгъуэхэри, *″езырыж глагол″*хэм *″объект″ зэрамылэ*р гурыlуэгъуэщ. Икlи, *″езырыж глагол″ нэхъыбэ*м я лэжьэкlэм *хиубыдэ ″щхьэ″р ″субъект″ закъуэ*у зэрыщытри гурыlуэгъуэ щхьэ, зи лэжьэкlэм ″субъект″ым нэмыщl ″щхьэ″уэ *″дополненэ″*и зыхэзыубыдэф *″езырыж глагол″*хэри щыlэщ. Нытlэ, **″езырыж глагол″**хэм я лэжьэкlэхэм **″субъект″** хуэхъур **″езырыж″** лlэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, *″езырыж глагол″* лlэужьыгъуэу зи лэжьэкlэм *″дополненэ″и зыхэзыубыдэ*хэм мы **″дополненэ″**ри **″lуэху″** лlэужьыгъуэу зэрылъытэри гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, дэтхэнэ зы *глагол гуп*ым теухуа *глагол лэжьэкlэ*рэ *псалъэухыгъэ*м *″объектив щхьэ цlэпапщlэ″*хэмрэ мыхэр *зи пlэ иувэ цlэ лlэужьыгъуэ*хэр **″субъект,** объект*,* дополненэ*″* къалэнкlэрэ *″щхьэ закъуэ″*хэу зыхэзыубыдэ щапхъэхэр –мы зэрытха щlыкlэхэу- зы *таблиц*эм хиубыдэ къэдгъэлъэгъуэнщи, тежыlыхьыпхъэхэри къыпытщэжынщ:

| **Глагол гупхэр** | **″Цlэ″рэ ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″хэр ″субъект,** объект**,** дополненэ**″ къалэнкlэрэ ″псалъэухыгъэ″хэм зэрыхиубыдэр** |
|---|---|
| **Езырыж гл**.<br>(кlуэн; хуэкlуэн) | - «**Пытlэ**(р) унэм макlуэ(р)» → «**ар** абы макlуэ(р);<br>- «**Пытlэ**(р) Тlатlэ(м) хуокlуэ(р)» → «**ар** абы хуокlуэ(р); |
| **lуэху гл.**<br>(щlын, хуэщlын) | - «**Пытlэ**(м) гу ещl(ыр)» → «**абы** ар ещl(ыр)»;<br>- «**Пытlэ**(м) и куэшым гу хуещl(ыр)» → «**абы** абы ар хуещl(ыр)»*; |
| **Щхьэ хулэжьэжрэ къырикlуэ lуэху гл.**<br>(щыгъупщэн; | - «**Пытlэ**(м) и къуэш(ыр) щогъупщэ(р)» → «**абы** ар щогъупщэ(р)»;<br>- «**Пытlэ**(м) и къуэш(ыр) хадэм щыщогъупщэ(р)» → «**абы** ар абы щыщогъупщэ(р)»; |

| | |
|---|---|
| щыщыгъупщэн) | |
| **Статья гл.**<br>- **Езырыж ст. гл.** (щысын, щыбгъэдэсын)<br>- **Iуэху ст. гл.** (Iыгъын; щыIыгъын) | - «**ПIытIэ**(р) мы щIыпIэм щысщ» → «**ар** мыбы/мыбдежым щысщ»;<br>- «**ПIытIэ(р)** и къуэшым мы щIыпIэм щыбгъэдэсщ» → «**ар** абы мыбы/мыбдежым щыбгъэдэсщ»;<br>- «**ПIытIэ**(м) и бын(ыр) иIыгъщ» → «**абы** ар иIыгъщ»;<br>- «**ПIытIэ**(м) и бын(ыр) и куэщIым щиIыгъщ» → «**абы** ар абы щиIыгъщ». |

*

Япэрей лэжьыгъэхэми *псалъэухыгъэм хиубыдэ "щхьэ"*хэмрэ я *нормал зэкIэлъхьэужьыкIэ*м щыгъуазэ дыхуэхъуауэ щытащи, *дэтхэнэ зы глагол* лэжьэкIэм ″езырыж″ е ″Iуэху″ лIэужьыгъуэу *зы "субъект"*щ иIэр; *"Iуэху глагол"* лэжьэкIэхэми *зы "объект"*щ яIэнур; *"Iуэху глагол"*хэмрэ *"езырыж глагол"*хэм (″дополненэ″ зиIэхэм) *"дополненэ"*у *зым нэхъыбэ зэралэф*нури гурыIуэгъуэнщи, мы *"дополненэ"*хэри *"езырыж глагол"*хэм я лэжьэкIэхэм *"субъект"ым къыкIэлъыкIуэу*, *"Iуэху глаго"*хэм я лэжьэкIэхэми *"объект"ым къыкIэлъыкIуэ*ущ псалъэухыгъэхэм зэрыхиубыдэхэр. Глаголу зи лэжьэкIэм *"дополненэ"*у *mly* зыхэзыубыдэу ипэкIэ къэта глагол лэжьэкIэ щапхъэхэм зы *"езырыж глагол"* лэжьэкIэ щапхъэ яхэтщи, ар мыбдежым *"дополнениI" зэкIэлъхьэужьыкIэ* щапхъэу къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

″Щыбгъэдэсын″: «**ПIытIэ(р)** и къуэшым мы щIыпIэм щыбгъэдэсщ» → «**ар** абы мыбы/мыбдежым щыбгъэдэсщ».

Ауэ, я къалэнхэми елъытауэ *"щхьэ"*хэм я *нормал зэкIэлъхьэужьыкIэ*р мы зэрыжытIарэ икIи ипэкIэ къэта *щапхъэ*хэм *хуэдэми*, ипэкIэ къэта *псалъэухыгъэ*хэм зы *щапхъэ гуэр* (*″*″* нэгъыщэкIэ къыхэгъэщам) хыболъагъуэр хиубыдэ *"щхьэ"*хэм *я зэкIэлъхьэужьыкIэ*р мы зи гугъу тщIа *нормал зэкIэлъхьужьыкIэм емызэгъ*ыуи, ар мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэу, мыпхуэдэу щIыщытри зыгурыдгъэIуэнщ:

«**ПIытIэ**(м) и къуэшым гу хуещI(ыр)» → «**абы** абы ар хуещI(ыр)»*.

Пэжу мы псалъэухыгъэр занщIэу ″объектив щхьэ цIэпапщIэ″хэмкIэ ухуауэ щытатэмэ, я зэкIэлъхьэужьыкIэр мы ипэкIэ нормалу тлъыта зэкIэлъхьэужьыкIэу (**абы** ар абы хуещI) щытыну къыщIэкIынт. Ауэ, ″щхьэ цIэпапщIэ″хэр ипIэ зиувэ *"цIэ"*хэр *"щхьэ"*уэ щылъытэм деж, псалъэухыгъэ гъэпсыкIэри зохъуэкIыфри, мы ипэкIэ зи гугъу тщIыну къэта щапхъэр мыпхуэдэщ. Араще, мы зи гугъу тщIы щапхъэм ″щхьэ″уэ хиубыдэхэм щыщу *″субъект″*ым нэхъ пэгъунэгъур ″дополненэ″ лIэужьыгъуэрщи, *"Iуэху глагол" лэжьэкIэ*м *″субъект″*ым хуэдэу *"Iуэху"* лIэужьыгъуэу хиубыдэ *″дополненэ″*р ″езырыж″ лIэужьыгъуэ ″объект″ым ипэ къихуэу зэрыщытыр

*нормал псалъэухыгъэ ухуэклэкъым*. Ауэ, мыпхуэдэу зэрыщытыр ″объект″ым *елъытауэ ″дополненэ″*р *″субъект″*ым нэхъ *хуэпэгъунэгъу*рэ *нэхъапэ*у зэрилъытапхъэм папщlэщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, *″Плытлэ″м дежклэ* –икlи *″сэ″ми зэрилъытэ* щlыклэкlи- *″и къуэш″*ыр *нэхъапэщ ″гу″м елъытауэ*и, икlи *″Плытлэ″*м езым *″и къуэш″*ращ ″гу″ *зыхуищl*ыр.

Ауэ, мы гур къыхэгъэщауэ –*дэ тщlэ зы гу*уэ щытатэмэ-, ″Плытlэ гур и къуэшым хуищl″ыу къэlуэтэныр нэхъ игъуэ хъунт. Мы къыпытщэжамкlи гурыlуэгъуэщ псалъэухыгъэм хиубыдэ *″щхьэ″*хэм –мыбдежым ″объект″рэ ″дополненэ″м- я *увыпlэ*р зэрызэхъуэкlыфынури, мыри а lуэхугъуэр къызэрыхъурэ зэрыгъэзащlэм елъытауэ къызэрыlуатэм теухуащ.

Нытlэ, мы ипэкlэ зи гугъу тщla псалъэухыгъэ щапхъэм и ухуэкlэм хуэдэу, *″субъект″*ыр зытелэжьыхь ″объект″у щыт ″гу″р *ауэ къызэрыгуэкl зы гу*мэ, ″дополненэ″р (″и къуэшым″ыр) **″субъект″**ым *къыклэлъыклуэу* ухуэныр нэхъ игъуэу лъытапхъэнщ. Ауэ, *″субъект″*ыр зытелэжьыхь ″объект″у щыт мы ″гу″р *дэ тщlэ зы ″гу″*рауэ щытмэ, ар ″гур″уэщ икlи къызэрыlуэтапхъэри, нытlэ, мыпхуэдэ зы ″гур″ **″субъект″**ым хуэпэжыжьэн хуейуэ щытынкъыми, *норал псалъэухыгъэ ухуэклэ*м езэгъ *щlыплэм щылъытэнщ*:

| «**Плытlэ**(м) гур и къуэшым хуещl(ыр)» → «**абы** ар абы хуещl(ыр)». |
|---|

Мыпхуэдэ щапхъэхэр зэрыгъэбэгъуапхъэр гурыlуэгъуэнщи, -псалъэм папщlэ- мы къэта щапхъэр зытеухуа *″хуэщlын″* глаголым аргуэру зы *″префикс″* къищтэу *″щыхуэщlын″*у щыухуэжым деж, глагол лэжьэкlэм *″хуэ″ префикс*кlэ лъытэ ″дополненэ″м нэмыщl, *″щы″ префикс*кlи -lуэхур къыщекlуэкl *″щlыплэ″*ри- зэрылъытауэ аргуэру зы ″дололненэ″ри *псалъэухыгъэм ″щхьэ″уэ къызэрыхэхьэ*нур гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, ″дополненитl″ зыхэзыубыдэну мы *″щыхуэщlын″* глагол *лэжьэклэ*р псалъэухыгъэкlэ къызэрыlуэтэнуращ мыбдежым щыгъуазэ дызыхуэхъунур.

Мы *″щыхуэщlын″* глагол *лэжьэклэм* хиубыдэ ″щхьэ″хэр *″щхьэ цlэпапщlэ″у* лъытауэ къызэрыlуатэ псалъэухыгъэ ухуэкlэр *нормал псалъэухыгъэ гъэпсыклэ*у зэрыщытынурэ хиубыдэ ″щхьэ″хэм я зэкlэлъхьэужьыкlэнури мыпхуэдэу зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ:

| «**субъект** – объект – дополненэ – дополненэ – глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ»:<br>«**абы** ар абы абы щыхуещl». |
|---|

Ауэ, мы ипэкlэ зи гугъу тщlарэ щапхъэхэри къызыхуэтхьахэм хуэдэу, ″щыхуэщlын″ глагол лэжьэкlэм хиубдэ ″щхьэ″хэр ″щхьэ цlэпапщlэ″

лIэужьыгъуэ мылъытарэ, ахэр зи ипIэ иувэ ″цIэ″хэмкIэ къэIуэтауэ щытмэ, цIэхэр къызэрыIум елъытауэ псалъэухыгъэм зэрыхэхьэну зэкIэлъхьэужьыкIэри -нормал псалъэухыгъэм елъытауэ-зэрызэхъуэкIыфынур гурыIуэгъуэнщ.

НытIэ, ипэкIэ ″хуэщIын″ глагол лэжьэкIэ щапхъэхэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, глагол ″объект″ыр ″гу″уэ –хэткIи зэхуэдэ ″гу″уэ-зэрылъытэмрэ ″р″ кIэухкIэ ″гур″у –дэ тпэгъунэгъурэ тщIэ ″гу″уэ-зэрылъытэм елъытауэ *псалъэухыгъэм щыхиубыдэ* щIыпIэр зэрызэхъуэкIынур икIи мыбы *елъытауи* ″дополненэ″хэм *unlэ*хэри зэрылъытэнур гурыIуэгъуэнщ.

Ауэ икIи, псалъухыгъэм хиубыдэ ″щхьэ″р куэд зэрыхъум къыщымынэу ″цIэ″ лIэужьыгъуэуи щылъытэхэм деж, псалъэухыгъэ гъэпсыкIэри гурыIуэгъуэ зэрыхъуфын щIыкIэу зэрызэхъуэкIыфынури гурыIуэгъуэнщ; -мыр икIи псалъэухыгъэкIэ къэIуатэ Iуэхугъуэр зэрыгъэзащIэрэ къызэрыIуатэ щIыкIэми зэрелъытар гурыIуэгъуэнщ.

Мыбдежым къытпэщытыр ″щыхуэщIын″ глагол лэжьэкIэр къызэрыIуатэ псалъэухыгъэм ″щхьэ″хэр ″цIэ″ лIэужьыгъуэу щыхэлъытэм деж, я зэкIэлъхьэужьыкIэм щыгъуазэ хуэхъунращи, икIи ипэкIэ ″хуэщIын″ глаголым теухуауи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, ″объект″ыр ″гу″рэ ″гур″у зэрылъытэм елъытауэ ″щхьэ″хэм я зэкIэлъхьужьыкIэми гулъытэ хуэтщIынущ.

Япэрауэ, глагол ″объект″ыр ″гу″уэ щыхэлъытэм деж, къэIуэтапхъэ псалъэухыгъэ лIэужьыгъуэ ухуэкIэхэр –хиубыдэ ″щхьэ″хэм я зэкIэлъхьэужьыкIэу- зэрыбэгъуапхъэри гурыIуэгъуэнщ, ауэ мыбдежым нэхъ игъуэу лъытапхъэ щапхъэ гуэрхэр къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**ПIытIэ** и къуэшым унэм гу щыхуещI» → «**абы** абы абы ар щыхуещI»;
- «**ПIытIэ** унэм и къуэшым гу щыхуещI» → «**абы** абы абы ар щыхуещI»;
- «Унэм **ПIытIэ** и къуэшым гу щыхуещI» → «абы **абы** абы ар щыхуещI»;
- «И къуэшым **ПIытIэ** унэм гу щыхуещI» → «абы **абы** абы ар щыхуещI».

ЕтIуанэу, глагол ″объект″ыр ″гур″у щылъытэм деж, къэIуэтапхъэ псалъэухыгъэ щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**ПIытIэ** гур и къуэшым унэм щыхуещI» → «**абы** ар абы абы щыхуещI»;
- «**ПIытIэ** гур унэм и къуэшым щыхуещI» → «**абы** ар абы абы щыхуещI»;

Глагол ″объект″ыр ″гур″у зэрылъытауэ мы къэта псалъэухыгъитIым щыщу *нормал псалъэухыгъэ* ухуэкIэм нэхъ езэгъыр *ипэ иту къэта щапхъэ*рауэ лъытапхъэнщ. Ауэ, къыкIэлъыкIуэ щапхъэмрэ нэгъуэщI

псалъэухыгъэ щапхъэхэри lуэхур зэрыгъэзащlэрэ къызэрыlуатэм елъытауэ зэрыухуапхъэхэр гурыlуэгъуэнщ.

Мы къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэу, псалъэухыгъэр *нормал гъэпсыклэу* щырет е *луэхур зэрызеклуэ*рэ *къызэрыlуатэ щlыклэ*м елъыта *гъэпыклэу* щырет, **"щхьэ"**хэр *псалъэухыгъэм* **игъуэ клэухклэ**рэ *щыхэлъыта*уэ щытмэ, *"щхьэ цlэпапщlэ"*у е *"цlэ"* лlэужьыгъуэу –нэхъыбэуи "цlэ" лlэужьыгъуэу- *дауи ирелъытэ* икlи **дэндежи** *хыреубыдэ*, *псалъэухыгъэм и мыхьэнэ*мрэ *къызэрыlуатэ щlыкл*эр икlи хиубыдэ *"щхьэ"*хэм ягъэзащlэ *къалэн*хэр икlэ нэгъунэ **гурыlуэгъуэ** *къызэрытхуэхъу*нурэ *зэрыхэмыгъуэщэну*ри тщlэн хуейщ. Нытlэ, мыхэр тхуэзыгъэзащlэхэри **"р, м" клэух**хэрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщи, мыхэр –икlи нэгъуэщl клэуххэри- бзэ лэжьэклэм зэры*игъуэу* щыхэ*лъыта*рэ зехьэни зэрыхуер гурыlуэгъуащэщ.

## "Р, М" МАКЪ КlЭУХ КЪАЛЭНХЭМ ТЕУХУАУЭ

Мы ипэкlи щыжытlа иужьрей псалъэхэми къызэрагъэлъагъуэу, *"щхьэ/щхьэцlэпапщlэ"*рэ *"глагол лэжьэклэу уху*а *псалъэ"*хэм *клэух* язэрыхуэхъуклэ *"р, м"* макъхэм *псалъэухыгъэ*хэм *къалэнышхуэ хагъэзэщlыхь*у лъытапхъэщи, нытlэ, мыбыхэм мы илъабжьэм нэхъ убгъуауэ щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

Псалъэухыгъэм хиубыдэ псалъэхэм *клэух* яхуэхъу *"р, м" мак*ъхэм адыгэбзэм грамматикэу *"падеж"* къалэн зэрыхагъэзэщlыхьри гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, *"р" макъ клэух* зыгъуэт псалъэр *а зэрыщыту "езырыж"*у зэрылъытэу *къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэм езырауэ –къэхъу-къэщl лlэужьыгъуэ "субъект"у- мэлъытэр; е, *луэху* гъэзащlэм езыр *"объект"*у мэлъытэр. Мыбы нэмыщl, *клэух зыхуэхъу* псалъэм *и клуэцlым уригъэплъэжр*э *къыклэлъыклуэ псалъэм* елъытарэ *пыщlауэ зылъытэ "м"* макъым мы *клэух зыхуэхъуа* псалъэри *"луэху"м* мы *зэрыпыщла*клэрэ зэрылъытэуи *"луэху"*м и *"субъект"у* е *"субъект къуэдзэ"*у икlи *"луэху"р зытеухуэ*рэ *щыгъэзащlэ* щlыпlэр -*"луэху"м зэрыпыщла*клэрэ- мэлъытэр.

Мыпхуэдэуи, *"р, м" клэух*клэ лъытарэ къэlуэта *псалъэ*рэ *цlэхэр "езырыж"*рэ *"луэху"* лlэужьыгъуэу мы зэрылъыта щlыкlэхэм ипкъ зэриткlэ, ахэр псалъэухыгъэм *дэтхэнэ* и зы *щlыпlэм*и щыхыреубыдэ, *псалъэухыгъэм* хиубыдэ мы *псалъэхэр* мы *зэрызэлъыта щlыкл*у зэрыщытклэ, псалъэухыгъэм -хагъэзэщlыхь къалэнклэ- щыхэгъуащэкъым. Аращи, "р, м"

кlэух къэзыщта дэтхэнэ зы псалъэр *псалъэухыгъэм* дэтхэнэ и зы щlыпlэми щыхыреубыдэ, *"езырыж"*рэ *"lуэху"* лlэужьыгъуэу *псалъэухыгъэм хигъэзэщlыхь къалэныр налуэщ*и, дэтхэнэ зы псалъэм/цlэм *"субъект, объект, дополненэ"* хуэдэу игъэзащlэ *къалэн дыдэр*и а псалъэухыгъэм хиубыдэ *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм щыхэлъытэ щlыпlэмкlэщ гурыlуэгъуэ зэрыхъур.

Мы макъхэм ягъэзащlэ къалэнхэм нэхъри щыгъуазэ хуэхъупхъэмэ, аргурэу къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр щыlэнщи, мыпхуэдэхэри мы илъабжьэм къыщыпытщэжынщ.

Зи къэхъупlэр езым хуэlуарэ абдежым нэгъуэщl макъ къызэрымыхъуами къызэрыхэкlкlэ, макъ мыхьэнэ зымыгъуэтарэ икlи сытым дежи макъ *мыхьэнэ зимыlэ "макъ щэху" закъуэ*у адыгэбзэм хэлэжьыхь макъщ *"р" мак*ъыр. Мыбы нэмыщl, *япэ къэхъуа мак*ъыу зэрыщыткlэрэ *сытри зылъытэ*у, хъунурэ мыхъунури зэрылъытэ *къалэнкlэ*рэ – иужькlэ макъ къэхъуныгъэм мыхьэнэ пыухытыкla щигъуэтыху- *бзэм хэлэжьыхьу щыта*щ *"м" мак*ъри, бзэм щигъуэта мыхьэнэм нэмыщl, мы къызэрыхъуа щlыкlэм теухуа къалэнкlэрэ -*мыхьэнэ* пыухытыкla з*имыlэу- ноби бзэм зэрыхэлэжьыхь*ри гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, ″р″ макъымрэ ″м″ макъыр мы къызэрыхъуа щlыкlэхэм теухуауэщ псалъэ кlэухыу адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхьри, ипэкlэ *"езырыж объектив щхьэ цlэпащlэ"*хэр *"р" кlэуххlэ* зэрыухуэмрэ, *"lуэху объектив щхьэ цlэпащlэ"хэр "б"ыкl*эрэ зэрыухым теухуа *къалэн* гуэрхэри *"м" макъ кlэуххlэ зэрыгъэзащlэ*м лъабжьэ хуэхъури мы къэтlуэтахэращ зытеухуар.

Ауэ икlи, ″р″ырэ ″м″ макъыр кlэух хъункlэ гурыщхъуэ зытеуа гуэрхэри щыlэщи, мыпхуэдэхэми гулъытэ хуэщlын хуейщ. Араща, мы ипэкlэ къэта щапхъэ гуэрхэм *"р"ырэ "м" макъ* кlэухыр *зи кlэух псалъэм хуэдэу зэрытха*рэ къызэрыхэгъэщар нэрылъагъущ; ауэ, *"р"*ырэ *"м" кlэух гуэрхэр*и *тхыхьым дэту*щ -″...(р)″; ″...(м)″- къызэрыгъэлъэгъуари, мыпхуэдэу тхахэм гулъытэ щыхуэпщlым деж, мы *тхыхьым дэт "р"ырэ "м"ыр псалъэм кlэух хуэхъу-хуэмыхъуми lуэху* зытетыр *зэмыхъуэкlыщ*эу гурыlуэгъуэ зэрыхъу хуэдэр налуэщ. Мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуахэри *цlыхуцlэхэм кlэух хуэхъу "р, м" макъхэр*ащи, зи кlэух псалъэр *зы цlыху нэрыбгэм и цlэ*рауэ зэрыщытым папщlэ, *а цlыху нэрыбгэм хуэlуа цlэ*р къиlуа нэужь, ар а зэрыщыту *импозищэ щlын*рэ (р) къыкlэлъыкlуэм *зэрыпыщlа*кlэр *лъытэн* (м) *хуэныкъуэнкъым*.

Икlи, *зы цlыху нэрыбгэм дищlыгъухэр*и а *нэрыбгэм и цlэклэ* зы *куэдагъэ*у *мэлъыт*эфри, мыбы папщlи, мы *цlыхуцlэ*м къуэдагъ зылъытэ *"хэ" къыпыщэ*ныр ирокъур. Аращи, а *нэрыбгэр дищlыгъухэмклэ зы гуп*у –а *нэрыбгэм и гуп* хуэдэу- зэрылъытэр *нэрыбгэм и цlэм куэдагъ* зылъытэ къызэрыпыхьэклэрэщи, а нэрыбгэм и цlэм аргуэру *"р"ырэ "м" клэух* къищтэн *хуейкъым*.

*

Мы зэрыжытlауэ, ″р″ымрэ ″м″ым клэух къалэн зэрагъэзащlэмрэ, клэух зэрыхъур зэрылантlэ щlыпlэхэм икlи клэух мыхъунри нэхъ игъуэ щыхъухэми щыгъуазэ дыхуэхъуащ. Ауэ, ″р″ макъымрэ ″м″ макъым ягъэзащlэ къалэнхэр мы зи гугъу тщlарэ къэтхьа щапхъэхэми къызэрыщымынэр гурыlуэгъуэнщ. Аращи, мы ипэкlэ къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, дэтхэнэ зы псалъэр ″р″ырэ ″м″ макъ клэухкlэ зэрылъытэфынум нэмыщl, мы макъхэр -игъуэ зэрыхъукlэ- ″глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ″хэми клэух язэрыхуэхъуфынури къыщыхэгъэщыпхъэщ.

Икlи, *"езырыж"*у *е "lуэху"* лlэужьыгъуэу дауи щырет, *иджырэ ит зэман* лlэужьыгъуэу ухуа дэтхэнэ зы *"глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"*р -ар зыхэзыубыдэу зи клэух *псалъэухыгъэр*и- *а зэрыщыту* гурыlуэгъуэрэ *импозицэ зэрыщl* щlыклэу *"р" клэухкlи къызэрыlуэтапхъэ*р мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ.

Ныtlэ, *"объектив щхьэ цlэпапщlэ"*хэмрэ ахэр *зи плэ иувэ "цlэ"* лlэужьыгъуэхэр *"субъект"*у зэрылъытауэ мы *ипэкlэ къэта* псалъухыгъэхэр –абыхэм я клэух псалъэу *"глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"*хэр- а зэрыщыту зэрылъытэжу *"р" клэухкlэ къызэрыlуатэ* щlыклэу –и лъабжьэри щlэтхъуа (р) къыхэдгъэщу- *къэдгъэлъэгъуэжынхэщ*:

| |
|---|
| ″**Цlыху″м теухуа ″езырыж″ лlэужьыгъуэ ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″хэмрэ, зи ипlэ иувэ ″цlыхуцlэ″хэм я къэlуэтэклэхэр** (″клуэн, псэлъэн″ глаголхэм я лэжьэклэу):<br>- «**ар** маклуэр; **ахэр** маклуэ(хэ)р» ← «**ПIытIэ** маклуэр – **ПIытIэ**(р) маклуэ – **ПIытIэ**(р) маклуэр; **ПIытIэхэ/ПIытIэ сымэ** маклуэ(хэ)р»;<br>- «**ар** мэпсалъэр – **ахэр** мэпсалъэ(хэ)р» ← «**ПIытIэ** мэпсалъэр – **ПIытIэ**(р) мэпсалъэ – **ПIытIэ**(р) мэпсалъэр; **ПIытIэхэ/ПIытIэ сымэ** мэпсалъэ(хэ)р»;<br>---<br>**″Цlыхуу щымыт″хэм теухуа ″езырыж″ лlэужьыгъуэ ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″хэмрэ, зи ипlэ иувэ ″щыlэцlэ″хэм я къэlуэтэклэхэр** (″буун; клын; цlуун; хъун″ глаголхэм я лэжьэклэу):<br>- «**ар** мэбуур; **ахэр** мэбуу(хэ)р ← «**жэмыр** мэбуур»; «**жэмхэр** мэбуу(хэ)р»; |

- «**ар** мэкӏыр; **ахэр** мэкӏ(хэ)р» ← «**удзыр** мэкӏыр»; «**удзхэр** мэкӏ(хэ)р»;
- «**ар** мэцӏуур; **ахэр** мэцӏуу(хэ)р» ← «**абджыр** мэцӏуур; **абджхэр** мэцӏуу(хэ)р»;
- «**ар** мэхъур; **ахэр** мэхъу(хэ)р» ← «**мыӏэрысэр** мэхъур; **мыӏэрысэхэр** мэхъу(хэ)р».

**″Цӏыху″м теухуа ″Іуэху″ лӀэужьыгъуэ ″объектив щхьэ цӀэпащцӀэ″хэмрэ, зи ипӀэ иувэ ″цӀыхуцӀэ″хэм я къэӀуэтэкӀэхэр** (″цӀыхун, щӀэн″ глаголхэм я лэжьэкӀэу):
- «**абы** ецӀыхур; **абыхэм** яцӀыхур – **ахэм** яцӀыхур» ← «**ПӀытӀэм** ецӀыхур – **ПӀытэ** ецӀыхур; **ПӀытӀэхэ**(м)/**ПӀытӀэ сымэ** яцӀыхур»;
- «**абы** ещӀэр; **абыхэм** ящӀэр – **ахэм** ящӀэр» ← «**ПӀытӀэм** ещӀэр – **ПӀытӀэ** ещӀэр; **ПӀытӀэхэ**(м)/**ПӀытӀэ сымэ** ящӀэр»;

---

**″Цӏыхуу щымыт″хэм теухуа ″Іуэху″ лӀэужьыгъуэ ″объектив щхьэ цӀэпащцӀэ″хэмрэ, ахэр зи ипӀэ иувэ ″щыӀэцӀэ″хэм я къэӀуэтэкӀэхэр** (″лъагъун; укӏын″ глаголхэм я лэжьэкӀэу):
- «**абы** елъагъур; **абыхэм** ялъагъур – **ахэм** ялъагъур» ← «**мэлым** елъагъур; **мэлхэм** ялъагъур»;
- «**вым** еукӏыр; **выхэм** яукӏыр – **абыхэм**/**ахэм** яукӏыр» ← «**вым** еукӏыр; **выхэм** яукӏыр».

*

″Р, м″ макъ кӏэух къалэнхэм теухуауэ мы къэтӀуэтахэм аргуэру къыпыщапхъэмэ, ″р, м″ макъхэр ″цӀэ″хэм кӏэух щыхуэхъум деж, а *цӏэр дэ тщӏэ* гуэрым теухуа *цӏэ*уэ зэрылъытапхъэр гурыӀуэгъуэнщи, мыр мы къэта щапхъэхэми хыболъагъуэр. Аращи, *къизыӀуэм а цӏэр* –цӏыхуцӀэр- *зейр ищӏыху*у лъытапхъэщи, ″р, м″ макъхэм -кӏэух зыхуэхъу- цӏыхуцӀэр куэдыщэ зырихъуэкӏыу жыӀэпхъэнкъым.

Ауэ, *″р, м″* макъхэр *цӏыхуу щымыт*хэр зэрылъытэ *цӏэ*хэм *кӏэух* щыхуэхъум деж, а *″псэущхьэ, къэкӏыгъэ, Іэмэпсымэ, къэхъуныгъэ″*р *дэ тщӏэ гуэр*у зэрылъытапхъэнур гурыӀуэгъуэнщ; ауэ, мыхэр *″р, м″* кӏэух ямыӀэу къыщыӀуатэм деж, дэ дымыщӏэу *ауэ къызэрыгуэкӏ гуэр*у зэрыщытхэри гурыӀуэгъуэщ. Нытӏэ, мыхэр **″субъект″** къалэн зыгъэзащӏэу *″р, м″ кӏэух зиӀэ*рэ *зимыӀэ*у къыщыӀуатэ *глагол лэжьэкӏэ*рэ *псалъэухыгъэ* щапхъэ гуэрхэр къэдгъэлъэгъуэнщи, *дэ дымыщӏэ*рэ *тщӏэ* гуэрхэу *зэрылъытапхъэ*хэми гулъытэ яхуэтщӏынщ:

| | |
|---|---|
| - «**жэмыр** мэбуу – мэбуур»; | - «**жэм** мэбуу – мэбуур»; |
| - «**удзыр** мэкӏ – мэкӏыр»; | - «**удз** мэкӏ – мэкӏыр»; |
| - «**абджыр** мэцӏу – мэцӏуур; | - «**абдж** мэцӏу – мэцӏуур; |
| - «**мыӏэрысэр** мэхъу – мэхъур; | - «**мыӏэрысэ** мэхъу – мэхъур. |

Дауи, ″цӏэ″ жыхуэтӏэр зытеухуа гуэрыр зэрылъытэрщи, ″цӏэ″кӏэ лъыта а гуэрыр ″р, м″ кӏэуххэмкӏэ къыщыӀуатэм дежи *дэ тщӏэ зы гуэр*ущ (псэущхьэ, къэкӏыгъэ, нэмыщӏ...) зэрылъытэрэ къызэрыдгурыӀуэр. Ауэ, мы

*"цlэ"*мкlэ лъытэр зы *куэдагъэ*у щытмэ, *-цlэм куэдагъ лъытэ "хэ"* къыкlэлъыкlуэмэ-, мы куэдагъ лъытэ *"хэ"м къыкlэлъыкlуэ "р, м" кlэухх*эм ягъэзащlэр мы *куэдаг*ъыр -а зэрыщытрэ (р) зэрыпыщlакlэрэ (м)-зэры*лъыт*эрщи, *тщlэ гуэрхэу лъытэкъым*. Нытlэ, мы щапхъэхэм ипэ къэтарэ *куэдагъэ*у лъыта *цlэ*хэм ущыхэплъэжым деж, мы жытlар гурыlуэгъуэ хъунщ.

Дауи, мы къэтlуэтахэмкlэ гурыlуэгъуэщи, *цlэ* лlэужьыгъуэхэр *"р, м" кlэуххlэ* зэрылъытэр *"субъект"ым ищlэ гуэр*ущ; ауэ, *цlэ* лlэужьыгъуэхэр *"р, м" кlэуххlэ щымылъытэм* деж, ахэр *"субъект"ым дежкlэ ауэ къызэрыгуэкl*ыущ зэрылъытэри, мы *цlэмкlэ* лъытэр *хэти "объектив" зэрилъытэ* щlыкlэущ ″субъект″ми зэрилъытэр. Нытlэ, мыпхуэдэу лъытахэр *куэдагъэу щылъыт*эм, е мы *цlэхэр куэдагъэу -″*хэ″ кlэухкlкlэ- *щылъытэм* деж, икlи *"езырыж"*рэ *"lуэху"* лlэужьыгъуэу *"р, м" кlэухи къащт*эри, мы кlэуххэр куэдагъ зэрылъытэу зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, *"субъект"ым ищlэ гуэру лъытэкъым*и, *хэткlи* мы цlэмкlэ зэрылъытэу ″объектив″ лlэужьыгъуэ зы куэдагъэущ зэрылъытэр.

Мыхэри гурыlуэгъуэ зэрыхъуну щапхъэхэу цlыхуу щымыт гуэрхэм я цlэхэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ:

- «**жэм** мэбуу – мэбууp» → «**жэмхэр** мэбуу – мэбууp – мэбуухэ – мэбуухэp»;
- «**удз** мэкl – мэкlыp» → «**удзхэр** мэкl – мэкlыp – мэкlхэ – мэкlхэp»;
- «**абдж** мэцlу – мэцlууp → «**абджхэр** мэцlу – мэцlууp – мэцlуухэ – мэцlуухэр;
- «**мыlэрысэ** мэхъу – мэхъуp → «**мыlэрысэхэр** мэхъу – мэхъуp – мэхъухэ – мэхъухэp».

Нытlэ, ипэкlэ къэтlуэтахэм теухуауэ къэта мы цlэ лlэужьыгъуэхэмрэ я куэдагъэр къэдгъэлъэгъуащи, мыбыхэмрэ *щхьэ закъуэ*у *е къуэдагъэ*у лъыта *"объектив щхьэ цlэпапщlэ"*хэр мы зи гугъу тщla щlыкlэу зэрылъытэхэр зэрызэщхьэщымыкlым гулъытэ хуэщlын папщlэ, мы илъабжьэми мы глаголхэмрэ я ″субъект″хэр ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″у зэрылъытэхэр къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**ар** мэбуу – мэбууp» → «**ахэр** мэбуу – мэбууp – мэбуухэ – мэбуухэp»;
- «**ар** мэкl – мэкlыp» → «**ахэр** мэкl – мэкlыp – мэкlхэ – мэкlхэp»;
- «**ар** мэцlуу – мэцlууp» → «**ахэр** мэцlуу – мэцlууp – мэцlуухэ – мэцlуухэp»;
- «**ар** мэхъу – мэхъуp» → «**ахэр** мэхъу – мэхъуp – мэхъухэ – мэхъухэp».

Нытlэ, ″р, м″ кlэухкlэ гъэзащlэ мы къалэнхэм гулъытэ хуэщlауэ щытын хуейщи, абыхэм я зы къалэныр лъытарэ адрей къалэныр щымылъытэм деж, lуэхур зэрызэхэгъэзэрыхьынури зыгурыгъэlуэн хуейщ. Мыбыхэм ягъэщla къалэнхэм икlэ нэгъунэ щыгъуазэ зэрымыхъуарэ икlи

зэщхьэщыкlхэм гулъытэ зэрыхуэмыщlарагъэнщ *нобэрей ди бзэщlэныгъэм*и мы *"р, м" кlэуххэр* глагол лэжьэкlэрэ псалъэухыгъэхэм зэрыхуэ*шугъуэу* щlы*зэримыхьэ*рэ *икlи зэрибгынэ*ми щхьэусыгъуэ хуэхъуар.

## ЕТlУАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ
## "ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКlЭУ УХУЭ ПСАЛЪЭ"ХЭМ "ЩХЬЭ ЦlЭПАПЩlЭ"ХЭР ЗЭРЫХЭЛЪЫТЭ ЩlЫКlЭХЭР -"ЩХЬЭ ЦlЭПАПЩlЭ ГЪЭЛЪАГЪУЭРЭ ЛЪЫТЭ"ХЭР-

Мы ипэкlэ глагол лэжьэкlэхэр зытеухуа *"щхьэ цlэпапщlэ"*хэр *"субектив щхьэ цlэпапщlэ"*хэмрэ *"объектив щхьэ цlэпапщlэ"*хэу тlууэ зэрыщэщхьэщыкlымрэ бзэми зэрыхэлэжьыхьым щыгъуазэ дыхуэхъуащи, мыбдежми ахэр *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэм щы*зэрылъытэ* щlыкlэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунущ.

Нытlэ, мы илъабжьэкlэ къедгъэкlуэкlыну лэжьыгъэри "щхьэ цlэпапщlэ"хэр мыпхуэдэу тlууэ зэрызэщхьэщыкlым зэрезэгъкlэщ къызэрегъэкlуэкlыпхъэри, лэжьыгъэр *"субъектив щхьэ"*хэмрэ *"объектив щхьэ"*хэр *"езырыж глагол"*рэ *"lуэху глагол"*хэм я *"лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэм щызэрылъытэрэ *къызэрыхэщ щlыкlэ*хэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъуу къедгъэкlуэкlынщ.

Мыбдежым пыщапхъэщ *"щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*хэр "глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"хэм ящхьэ лъэныкъуэм къызэрыпыхьэри, ахэр *"префикс"* лэужьыгъуэу зэрылъытапхъэри мыращ; икlи, ахэр ди бзэщlэныгъэм *"щхьэ префикс"*у зэрилъытэри гурыlуэгъуэщ. Зэрыгурыlуэгъуэу, *глаголхэр* зэрыгъэзэщlэнурэ зэрылэжьэнум *"кондицэ"* хуэхъуу *инфинитив*у щыухуэм къапыхьэхэращ нэхъ игъуэу *"глагол префикс"*у лъытапхъэхэр. Ауэ, мыбдежым зи гугъу тщlы *"щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*хэр *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"хэм ящхьэ* лъэныкъуэм къыпыхьэу а *глаголхэр зыгъэлажьэ*рэ (субъект) *зытелэжьыхь* (объект) е мы и лэжьыгъэм зыгуэркlэ *хиубыдэ*хэр (дополненэ) зэрылъытэ макъхэрщ.

Дауи, мыхэри *"префикс" хабзэ*м зэрезэгъкlэрэщ *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэм я *ищхьэ* лъэныкъуэм *къазэрыпыхьэ* щlыкlэхэр. Мыпхуэдэу щытми, "глагол префикс"хэм хуэдэу "глагол"хэр "инфинитив"у зэрызэпкъырыувэм теухуауэ зэрыщымытыр гурыlуэгъуэщ мы зи гугъу тщlыхэр. Ауэ, *"глагол префикс"*хэм я *хабзэ*м зэры*тет*рэ зырагъэкlуущ *"щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*хэри *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэм я

ищхьэм *къазэрыпыхьэ* щIыкIэхэри, ахэр *"глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"*хэм *"префикс"* яхуэхъуу зэрыл*ъытапхъэ*ри ипэкIи къыхэдгъэщагъащ.

*"Щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ"*хэр *"глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"*хэм я *ищхьэ* лъэныкъуэм *къазэрыпыхьэ щIыкIэ*ри а глаголыр *"занщIэ глагол"*рэ *"префиксиал глагол"* лIэужьыгъуэу зэрызэпкъырыуа щIыкIэмрэ икIи а глаголыр *"езырыж глагол"*рэ *"луэху глагол"*у зэрыщытми елъытащ: «глагол лIэужьыгъуэр -"езырыж" е "lэуху"у- дауи щырет, *"занщIэ глагол"*хэм я *"лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"*хэм я *ищхьэ*ращ *"щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ"*хэр къызэрыпыхьэр; ауэ, *"префиксиал глагол"*хэм я "лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"хэм я *ищхьэ лъэныкъуэ*м къызэрыпыхьэ *щIыпIэ*ри а *глагол лIэужьыгъуэращ* -"езырыж" е "lуэху"у зэрыщытращ- *зэлъытар*».

Нытlэ, мы зи гугъу тщIахэм мы илъабжьэкIэ игъуэ щыхъу дэтхэнэ зы щIыпIэм я гугъу зэрытщIыу щыгъуазэ зэрыдыхуэхъунури гурыIуэгъуэнщ.

## "СУБЪЕКТИВ ЩХЬЭ ЦIЭПАПЩIЭ ГЪЭЛЪАГЪУЭ"ХЭР

**"Езырыж" лIэужьыгъуэ "субъектив щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ"хэр.**

Пэщlэдзэ глагол лIэужьыгъуэхэр "езырыж глагол"хэрауэ зэрыщытым ипэкIэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, "субъектив щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ" пэщlэдзэхэри "езырыж субъектив щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ"хэрауэ зэрыщытыпхъэр гурыIуэгъуэнщ.

Ипэкlэ бзэр зыгъэлажьэрэ къэзыIуатэ "цIыху нэрыбгэ"у щыт "сэ"м езыр зыхэтрэ зэпыщlэныгъэ зыхуиlэ "цIыху нэрыбгэ"хэр зэрылъытэ "субъектив щхьэ цIэпапщIэ"хэр "езырыж"рэ "lуэху" лIэужьыгъуэу тlууэ зэщхьэщыкIыу зэрымылъытэми щыгъуазэ дыхуэхъуащ. Мыпхудэу зэрызэщхьэщымыкIрэ зэхуэдэу зэрылъытэм зэрезэгъкIи, *"субъектив щхьэ цIэпапщIэ"*хэр *"езырыж глагол"*рэ *"луэху глагол"*хэми *язэхуэдэ*ущ *"субъект"* язэрыхуэхъу щIыкIэр. ИкIи, **"субъектив щхьэ цIэпапщIэ"**хэр "езырыж глагол"рэ "lуэху глагол"хэм теухуауэ зэрызэмыхъуэкIыу щыжытlэм деж, мыхэр *"субъектив"*у зэрыщытым зэрезэгъкIи, **"езырыж"** лIэужьыгъуэу зэрыл*ъытапхэ*ри ипэкIи къыщыхэдгъэщагъащ.

Мы зэрыжытlауэ, *"субъетив щхьэ цIэпапщIэ"*хэр сытым дежи *зэхуэдэу мэлъыт*эр; ауэ, ахэр *"глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"*м щызэрылъытэ щIыкIэхэр зэхуэдэу мылъытэу, **"субъектив щхьэ цIэпапщIэ**

**гъэлъагъуэ″**хэр **″езырыж″**рэ **″lуэху″** лIэужьыгъуэу тIууэ зэщхьэщыкIыу зэрылъытэр гурыIуэгъуэщ.

Нэгъуэщ1ыу жып1эмэ, ″сэ″м езым зызэрилъытэм (сэ) хуэдэу жыIэпхъэщ ″сэ″м *″субъектив″*ыгъэ зыхуиIэ *″цIыху нэрыбгэ″хэр щхьэжу* зэрилъытэр. Ауэ, ″сэ″м езымрэ мы и пышэгъу ″цIыху нэрыбгэ″хэр зэрилъытэу щыт *″субъетив щхьэ цIэпапщIэ″*хэр *″глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ″*хэм *щызэрылъытэ* щIыкIэхэр мы *ягъэзащIэм –глаголым- елъыта я хьэл-щэнкIэрэщ*и, *″езырыж глагол″*рэ *″lуэху глагол″ гъэзащIэкIэм елъыта*рэ теухуауэ зэхъуэкIыфынщ.

Аращи, **″субъектив щхьэ цIэпапщIэ″**хэр **″субъект″** *зыхуэхъу* **″езырыж глагол″**хэм я **″лэжьэкIэу ухуэ псалъэ″**хэм мы *″субъект″ыр зэрылъытэ* **″субъектив щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″**хэр **″езырыж″** лIэужьыгъуэущ. Мыбы хуэдэщи, мы **″субъетив щхьэ цIэпапщIэ″**хэр **″субъект″** *зыхуэхъу* **″lуэху глагол″**хэм я **″лэжьэкIэу ухуэ псалъэ″**хэми мы *″субъект″ыр зэрылъытэ* **″субъектив щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″**хэр **″lуэху″** лIэужьыгъуэущ.

*″Езырыж глагол″*хэм я *″лэжьэкIэу ухуэ псалъэ″*хэм *″субъект цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″*хэр *″езырыж″* лIэужьыгъуэу, *″lуэху глагол″*хэм я *″лэжьэкIэу ухуэ псалъэ″*хэми *″субъект цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″*хэр *″lуэху″* лIужьыгъуэу зэрыхэхьэр жытIагъэххэщи, нытIэ, *″субъектив щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″*хэр **″езырыж субъектив щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″**рэ **″lуэху субъектив щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″**у тIууэ зэрызэщхьэщыкIри жыIэпхъэщ.

Адыгэбзэм *″э, ы″ зэхъуэкIыныгъэ*м игъэзащIэ зэхъуэкIыныгъэм япэрей ди лэжьыгъэхэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъуам хуэдэ зы зэхъуэкIыныгъэ егъуэтыр *″субъектив щхьэ цIэпапщIэ″*хэр *″езырыж глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ″хэм щызэрылъытэм* дежи, **″субъектив щхьэ цIэпапщIэ″**хэр –″сэ, уэ, дэ, фэ″- функциалу зэрылъыта **″э″** *макъыр* **″ы″уэ** зэрызэхъуэкIыу (пп: ″дэ″ → ″дэ-ы″ → ″ды″) *къызэрыIуу лъытапхъэщ я* **″суебъетив щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″**хэр *зэрыухуэр*. Ар щыхъукIи, *″субъектив щхьэ цIэпапщIэ″*р (″дэ″) *″субъект″ зыхуэхъуа* **″езырыж глагол″**ыр **″субъект″ым къыпкъырыкI**ыу (″ды″) *зэры***лажьэ**р гурыIуэгъуэ мэхъур.

Мыбдежым ″дэ″м къыпкъырыкIыр ″дэ-ы″ → ″ды″уэ зэрылъытэр адыгэбзэм и макъыбзэ лэжьэкIэм зэрезэгъыр гурыIуэгъуэщи, адыгэбзэм мыпхуэдэ щIыкIэу зэпкъырыува псалъэхэри къызэригъэщIар мыбдежым дигу къэдгъэкIыжынщ: «″шэ″нкIэ щхьэпэ къыхуэхъуу ар зи лъэкI

псэущхьэр ″шэ-ы″ → ″шы″ щIыкIэу ухуа цIэкIэрэщ цIыхум зэрилъытари, ″вэ″нкIэ къыщхьэпэу ар зи лъэкI псэущхьэри ″вэ-ы″ → ″вы″ щIыкIэу ухуа цIэкIэрэ зэрилъытари гурыIуэгъуэщ».

Нытlэ, мы къэтlуэтахэм зэрезэгъкlэ, *″субъектив щхьэ цIэпапщIэ″*хэр *″субъект″* зыхуэхъу *″езырыж глагол″*хэр –зытеухуа къэхъу-къэщIрэ lуэхугъуэхэр- *къыпкъырыкI*ыу зэрылъытэу *″езырыж субъектив щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″*хэр утыку къызэрихьэхэр къэдгъэлъэгъуэнщи, ахэр ″езырыж глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ″хэм зэрыхэтым теухуа щапхъэхэри къэтхьынщ:

- «″сэ″ → ″сэ-ы″ → ″**сы**″»; «сэ **сы**кIуащ»;
- «″уэ″ → ″уэ-ы″ → ″**у**″»; «уэ **у**кIуащ»;
- «″дэ″ → ″дэ-ы″ → ″**ды**″»; «дэ **ды**кIуащ»;
- «″фэ″ → ″фэ-ы″ → ″**фы**″»; «фэ **фы**кIуащ».

Игъэзащlэ къалэнри гурыIуэгъуэ къытхуэхъуа ″э→ы″ зэхъуэкIыныгъэкIэу къызэрыIуу ″субъектив щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″хэр ″ин зэман нэмыщI″ым теухуауэ ″езырыж занщIэ глагол″хэм я ″лэжьэкIэу ухуэ псалъэ″хэм зэрыхэхьэрэ къызэрыхэIукIым теухуащ мы щапхъэхэр. Нытlэ, *мыхэр* икIи *″ит зэман″*ми теухуа *″субъектив щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″*у тлъытэмэ, ахэр *″ит зэман гъэлъагъуэ″* (″о″) *къакIэлъыкIуэ*у къызэрыIунум папщIэ, мы зэрылъыта щIыкIэу (″ды″) къызэрымыIунухэр гурыIуэгъуэнщи, абыхэм я *къэIукIэ*рэ зэры*зэхъуэкI*ыу зэрызэхэпх хъуну щIыкIэхэри мы илъабжьэкIэ къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «″сэ **сы**окIуэ″ → ″сэ **с**окIуэ″»;
- «″уэ **у**(ы)окIуэ″ → ″**у**окIуэ″»;
- «″дэ **ды**окIуэ″ → ″дэ **д**окIуэ»;
- «″фэ **фы**окIуэ″ → ″фэ **ф**окIуэ».

*

″Езырыж занщIэ глагол″хэр ″ин зэманым нэмыщI″рэ икIи ″ит зэман″ым теухуауэ зэры″лэжьэкIэу ухуэ псалъэ″хэм ″субъектив щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″хэр зэрыхэхьэрэ къызэрыхэIукIым щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьащ. ИкIи, мы ипэкIэ къэта щапхъэхэм ″езырыж занщIэ глагол″ым и *″ит зэман″* лэжьэкIэм теухуа *″субъектив щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″*хэри *″ит зэманым нэмыщI″хэм хуэдэ*у зэрытлъытагъэххэри нэрылъагъущ.

Ауэ, ″ит зэман″ымрэ ″ит зэманым нэмыщI″хэм теухуа ″езырыж занщIэ глагол″ лэжьэкIэу ухуэ псалъэхэм ″субъектив щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″хэр я зэхуэдэу лъытэныр *игъуащэу къыщIэкIынкъым*и, ахэр я

*зэхуэдэу* мы къызэрыгъэлъэгъуа щIыкIэр *иужькIэ* зэрыигъуэу *лъыта*уэ къыщIэкIынщ. Сыт щхьэ жыпIэмэ, *"ит зэман гъэлъагъуэ"*у мы ипэкIи къэта щапхъэхэм къыхэщ *"о"* макъыр щхьэж макъыу щымытрэ зы *макъ зэхэжсыхьа*уэ зэрыщытращ япэрей ди лэжьыгъэхэми къызэрыхэщри, ар зы макъ зэхэжыхьауэ адыгэбзэм къыщыхъуа щIыпIэрэ къызэрыхъуа щIыкIэри *япэрауэ* адыгэбзэм и *глагол лэжьэкIэхэм теухуа*уэщ зэрылъытапхъэр. Араща щ икIии, мы глагол лэжьэкIэри *"субъектив щхьэ субъект"*ым теухуауэ *"езырыж занщIэ глагол"*ыр *щыгъэзащI*эр *къызэрыIуатэ* щIыкIэм теухуауэ щыту зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ.

Мы зэрытлъытэм хуэдэщи, *"о"* макъыр *щхьэж*рэ *оригина*лу утыку къихьа зы макъыу зэры*щымыт*ыр къыхощыр макъхэм теухуауэ къедгъэкIуэкIа япэрей ди лэжьыгъэхэми, ар *функциал кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэ* зылъытэ *"э"* макъымрэ абы къыкIэлъыкIуэ *ужьыгъуэ* мыхьэнэ зиIэ *"у"* макъыр мы зэрызэкIэлъхьэужьу *псынщIэрыIу*у къызэрыIум къытехъукIа зы макъыу зэрыщытым и гугъу тщIагъащ. Аращи, **"э"**рэ **"у"**р зэры**зэкIэлъхьэужь**у **псынщIэрыIу**у утыку къихьэ **макъ зэхэжыхьа**ращ **"о"**ри, ар икIи япэрауи *"глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"*м мы зэрыжытIа щIыкIэу *къыхэIукI*ыу утыку къихьа макъыу лъытапхъэщ.

Мыри –мы ипэкIи зэрыжытIауэ- "иджым занщIэу щыдж"рэ щыгъэзащIэр "функциал зэманыгъуэ (э) ужьыгъуэ (у)" зэрылъытэ "эу" макъ зэкIэлъхьэужьыр псынщIэрыIуу зэрызэхэжыхь щIыкIэу къэхъуауэ лъытапхъэщ. *Глагол* лIэужьыгъуэ псалъэхэу *япэ*у *бзэм* къыщыхъуарэ *щызекIуа*ри "езырыж глагол" лIэужьыгъуэу икIи *"езырыж занщIэ глагол"*у зэрыщытри жыIэпхъэщи, **"эу→о"** къэхъукIэри япэрауэ **"езырыж занщIэ глагол"**ыр *щыдж*рэ иджым –**"ит зэман"**ым- теухуауэ *къызэрыIуатэ*у утыку къихьауэ зэрыщытынури гурыIуэгъуэщ.

Нобэ Къэбэрдей диалектым *"о"* макъыр япэрэ нэхъыщхьэу щызэрызекIуэр *"ит зэман гъэлъагъуэ"*ущи, мыбы хуэдэу *итыгъуэ зиIэ*у къекIуэкIхэри бзэм *иужькIэ* "ит зэман"ыгъуэ зылъытэ мы *"о" макъкIэ*рэ зэры*лъытэ*у хэлэжьыхьу зэрыщIидзари гурыIуэгъуэнщ.

Ауэ икIи, *адыгэбзэ жьэрыпсалъэ*рэ *диалект* гуэрхэр ноби глаголхэм я *"ит зэман"* лэжьэкIэу зэрызэщхьэщыкIыр гурыIуэгъуэщи, мыбыхэм щыщ гуэрхэри *"э"рэ "у"р зэрызэкIэлъыкIуэ*у зэрылъытэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. ИкIи, адыгэбзэм теухуа мы зэмылIэужьыгъуэ "ит зэман" лэжьэкIэхэм я зэкIэлъхьэужьыкIэм теухуа консидераци къебгъэкIуэкI хъунщ, ауэ мыбдежым "ит зэман" лэжьэкIэ лIэужьыгъуэхэм щыщу "э"мрэ

″у″ макъ зэкlэлъхьэужьыкlэм къыщlидзэу *″о″* макъ зэхэжыхьар утыку къызэрихьэфынум теухуа лъагъуэр къэдгъэлъэгъуэныр игъуэрэ ирикъуу лъытапхъэщ. Аращи, къэбэрдеибзэм ″ит зэман гъэлъагъуэ″у хэлэжьыхь ″о″ макъыр ″э″рэ ″у″ зэкlэлъхьэужьыкlэ зиlэ ″ит зэман″ лэжьэкlэм къытеужьыкlауэ лъытэныр игъуэщ.

Нытlэ, ″э, у″ макъ зэкlэлъхьэужьыкlэм ″о″ макъыр къызэригъэщlыфыну щlыкlэхэр мыпхуэдэ адыгэбзэ жьэрыпсалъэрэ диалектхэми ирикlуэу нобэрей къэбэрдеибзэ къэlуэтэкlэм зэрыхуэкlуам теухуа лъагъуэр зэрылъытапхъэр къэдгъэлъэгъуэнщ. Ауэ мы лъагъуэр икlи ″унафэ (lэмыр)″ лlэужьыгъуэ псалъэм къыщыщlэдзэныр игъуэщи, ″сэ″м и ужьыгъуэу и пышэгъуу щыт ″уэ″м унафэ зэрыхуищlрэ lэмыр зэрырит зы щхьэж псалъэм къыщlидзэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ мы лъагъуэр:

«″кlуэ!″ → ″**уэ** кlуэ!″ → ″**уэ** кlуэ″ → ″**уэ** *у*кlуэ″ → ″**уэ***у*кlуэ″ → ″**уо**кlуэ″ → ″**у***о*кlуэ″ ».
.....↓↓.....
″**уэ**″м -″езырыж″у- и **″щхьэ цlэпащlэ гъэлъагъуэ″**←´ ↓
*″ит зэман гъэлъгъуэ″*

Таблицэм мы къыщыдгъэлъэгъуам хэплъагъуэр *″lэмыр модэ″* лlэужьыгъуэ *″псалъэ″*м къыщlидзэу *глаголх*эр *″ит зэман″*у *зэры″лажьэу ухуа псалъэ″*хэр утыку къызэрихьэмрэ, мыпхуэдэуи *″субъектив щхьэ цlэпащlэ гъэлъагъуэ″*рэ *″ит зэман гъэлъагъуэ″*р *″псалъэ″*хэм *зэрыхэлъытэ*у *зэрыхиубыдэ щlыкlэ*рщ.

Дауи, мы лъагъуэм хиубыдэ псалъэхэм гулъытэ хуэпщlмэ, ″сэ″м зы *унафэ*у ″уэ″м хуищl *″кlуэ!″* псалъэращ мы лъагъуэм и пэщlэдзэр. Абы къыкlэлъыкlуэри мы унафэр зытеухуа нэрыбгэри зэрылъытэущ (*уэ кlуэ!*) къызэрыlуэтари, мы псалъэр ″сэ″м мы унафэр ″уэ″м тегъэчыныхьауэ зэрит щlыкlэу е ″уэ″м пщlэ зэрихуищl щlыкlэу -и цlэр къызэрыриlууи-зыгурыгъэlуапхъэщ. Дауи жыlэ, мы псалъэри ″субъет″ри къызэрыхэщу ухуа зы *унафэ лlэужьыгъуэ*у зэрыщытыр наlуэщ.

Ауэ, мыбы къыкlэлъыкlуэ *″уэ укlуэ″* псалъэр зы унафэ лlэужьыгъуэу е ткlиягъ зыхэлъ зы унафэу зэрыщымытыр наlуэщи, ″гъэзэщlэпахъэ″рэ ″ужьыгъуапхъэ″у щытыр зэрылъытэрэ къызэрыlуатэ псалъэрщ. Икlи, унафэу щымытми, ари –иужькlэ- *псынщlэ*у зэры*гъэзэщlапхъэ*у зэрылъытэкlэрагъэнщи, *″субъект щхьэ цlэпащlэ″р* гъэзэщlапхъэм -*″псалъэ″м*- зэреклуалlэрэ зэры*гухьэу къэlуэта* зы *псалъэ*у (*уэуклуэ*) зэрызэпкъырыувэжар нэрылъагъущ. Аращи, *″субъект″*ыр (**уэ**) *къыпкъырыкl*ымкlэ (кlуэ) *ужьыгъуэ* (*у*) зэригъуэтыр зэрылъыта

*псэлъитl*ыр (**уэ** *у*кlуэ) зэры*зэгухьэ* (**уэ***у*кlуэ) *къэlуэтэкlэ*р икlи *"субъект"ым псынщlэу зэригъэзэщlэн хуей*м къытехъукlауэ жыlэпхъэщи, *псынщlэу гъэзэщlэн* зэры*хуей*уэ *"*сэ*"*р мы зыпэплъэр нэхъри псынщlэу -и кlэщlыпlэкlэ- зэрыгъэзэщlэну щlыкlэри мы зэгухьа псэлъитlыр *нэхъри псынщlэрыlу*у *къызэрыlуатэ* щlыкlэми зэгухьа *псэлъитl*ым -*"***уэ***"*рэ *"у*кlуэ*"*м- я *зэгухьэплэ*м хиубыдэ *"э"*рэ *"у"* макъыр *зэхэжыхьа*уэ *къэlу*у зэрыщlидзэри *"о"* макъыу *зэхыбох*ыр.

Нэгъуэщlыу къэlуэтапхъэмэ, ***"уэ"***р *"*кlуэ*"*м хуэужьынкlэ (*у*) лъыта *"***уэ** *у*кlуэ*"*р зэманкlэрэ зэгухьэу къызэрыlу хъуа *"***уэ***у*кlуэ*"*м и *"***уэ***"*м и ***"э"***мрэ къыкlэлъыкlуэ *"у"*р *-функционал кlуэтэгъуэ*рэ (э) *ужьыгъуэ*у (*у*)-*псынщlэрыlу*у *"ит зэман гъэлъагъуэ"*у (*о*), *"***уэ***"*м и *"цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*ри (**у**) зэрылъытэу *"***у*о***к**lуэ*"*у утыку къихьауэ жыlэпхъэщ.

Нытlэ, *"гъэзэщlапхъэ"*р *"псынщlэрыlу"*у мы къызэрыlуатэр *"псынщlэрыгъэзащlэ"* лъытэкlэрщи, гъэзэщlапхъэр *щыгъэзащlэ дыдэ*рэ *зэрыгъэзащlэ* щlыкlэри зэрылъытэу мы къэlу *"о"* макъыр *"ит зэман гъэлъагъуэ"*рщ. Мы *"ит зэман гъэлъагъуэ"м* (о) *ипэ* къихуэу *зэхэпх*ри *"субъект щхьэ цlэпапщlэ"* lыхьэращи (**у**), ари мы псалъэ зэпкъырыувэкlэщlэм хиубыдэ *"щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*рщ.

*

Аргуэру къыпыщапхъэмэ, мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlрэ, мыхэри зытежытlыхьа *глагол лэжьэкlэ лъагъуэ*ри зытеухуа *"субъект"*ыр ***"уэ"***рауэ зэрыщытыр наlуэщи, нытlэ, *глагол лэжьэкlэм -"езырыж"* лlэжьыгъуэу- ***"субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"***у япэу хэлъыта *"субъектив щхьэ цlэпапщlэ"*ри ***"уэ"***рауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Ар дыдэу, *"***ит зэман гъэлъагъуэ***"*ри (о) япэу зырылъытар *"сэ"м гъэзэщlэнкlэ унафэ зыхуищl* ***"уэ"***м теухуа **глагол лэжьэкlэ**рауэ жыlэпхъэщи, мыпхуэдэу зэрылъыта щlыкlэм къикlуа япэрй лъагъуэри *"*уэ*"*м теухуа лэжьэкlэу мы *ипэкlэ къэта щапхъэхэм хуэдэу* зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Мы зи гугъу тщlарэ щапхъэхэмкlи тлъыта мы лъагъуэм зэманыгъуэу мащlэ ихьагъэнкъым. Араш, ***"ит зэман гъэлъагъуэ"***мрэ икlи ***"субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"***хэр нобэрей Къэбэрдей адыгэбзэм хэлэжьыхьу зэрыщытым теухуауэ *адыгэбзэ лэжьэкlэм къыщыхъуа* зы **еволуцэ** лlэужьыгъуэу лъытапхъэщ мы зи гугъу тщla **лъагъуэ**ри, мы лъагъуэми *илъэсищэ lэджэ* зэрихьагъэнури гурыlуэгъуэнщ. Ауэ икlи, мы *эволуцэ*м къикlуэ *лъагъуэ*р хэгъуэщауэ зэрыщымытри гурыlуэгъуэнщи, мы

*лъагъуэм дэтхэнэ и зы lыхьэр* –дэтхэнэ и зы ″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″р- ноби *адыгэбзэ жьэрыпсалъэрэ диалект* гуэрхэм хэлыжьыхьу зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ.

Мы къэтlуэтахэм нэмыщl, ″lэмыр модэ″ лlэужьыгъуэ псалъэм къыщlидзэу *″иджы зэман″*у лажьэу ухуарэ къэlуатэ *псалъэ*хэр *″субъект″*ым *къыклэлъыклуэ*рэ *пыщла*уэ зэрыщытыр нэрылъагъущи, **″субъект″**ымрэ **″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″**м мы и *зэклэлъхьэужьыклэ*р нобэрей **″Индэ-Европэ″ бзэ**хэм я **глагол лэжьэкlэ**рэ **къэlуэтэкlэ**хэм хуэдэу зэрыщытри нэрылъагъущ.

Нытlэ, адыгэбзэм и глагол лэжьэкlэхэу ″ит зэман″ къызытехъукl *″иджы зэман″ лэжьэклэ*хэу, **″субъект″**рэ *″глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ″*хэр зэрызэпыщlарэ зэкlэлъхьэужьу мы ипэкlэ къэта *таблиц*эм къыщыгъэлъэгъуа *щапхъэхэр* нобэрей *европэбзэ*хэм я *глагол лэжьэклэ*хэм хуэдэу (**субъект** – глагол лэжьэкlэ...) зэрыщытыр зыхэплъагъуэ *глагол лэжьэклэ щапхъэхэр*и мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| «″кlуэ!″ → ″**уэ** кlуэ(!)″ →→ ″**уэ** кlуэ″ → ″**уэ** *у*кlуэ″ →...». |
|---|

Зэрыжытlауэ, *″сэ″м и пышэгъу*у щыт *″уэ″м унафэ* (кlуэ!) зэрыхуищlым къыщlидзэу мы *″иджы зэманыгъуэ″* лэжьэкlэм иужькlэ *″ит зэманыгъуэ″*ри *къызытехъукlыну лъагъуэ*рауэ жыlэпхъэщ мы *глагол лэжьэклэ* щапхъэ зэкlэлъхьэужьыр. Мы *глагол лэжьэклэ* щапхъэхэри *япэрей ″псалъэухыгъэ″* гъэпсыкlэ *форм*эу лъытапхъэмэ, нытlэ, -адыгэбзэри хэтыжу- псэлъэбзэ гуэрхэм глагол **″субъект″**ымрэ *″глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ″*м и *зэхуакум* иужькlэ *″объект″* -иужьыlуэкlи- *″дополненэ″* лlэужьыгъуэ *псалъэ*хэр къызэрыдэхьари гурыlуэгъуэнщ. Дауи, *дэтхэнэ зы бзэр зы архив*у лъытапхъэщи, *псэлъэбзэ*м къикlуа *гъуэгуанэ*шхэум мы *и лъабжьэ*рэ япэрей мы и *lыхьэ*ри *нобрей евопэбзэхэм щыхэхъума*уэ зэрыщытри жыlэпхъэнщ.

Икlи, *глагол лэжьэклэ*у *″субъект″*ымрэ *″глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ″*р *зэклэлъхьэужьэ*у мы къызэрыlуатэ щlыкlэр *зы ″псалъэухыгъэ″*у – *псалъэухыгъэ пэщlэдзэ*рэ *лъабжьэ*у- зэрыщытри гурыlуэгъуэнщи, мыри нобэрей *европэбзэ*хэм я *глагол лэжьэклэ* къэlуэтэкlэрэ *″псалъэухыгъэ″* гъэпсыкlэрщ. Нытlэ, *европэбзэ*хэр *зи лъабжьэ*у ухуа *нобэрей* **бзэщlэныгъэ**м **бзэ мыхьэнэ**р **щылъытэ**рэ къыщыхъур **″псалъэухыгъэ″**рауэ зэрилъытэм *лъабжьэ хуэхъу*ри мырагъэнщ; -*европэбзэ*хэм я *глагол лэжьэклэ*рэ *къэlуэтэклэ*р *″глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ″*м *ипэ* -флэкlыплэ имыlэу- *″субъект″*ри *къиувэ*у зэрыщытрагъэнщ.

Аращи, **″макъ″**ыр **мыхьэнэншэ**у зэрилъытэм нэмыщl, **″псалъэ″**хэри зыхэзыубыдэ **″псалъэухыгъэ″** *мыхьэнэм* **елъыта**рэ теухуауэ **мыхьэнэ** зыгъуэтущ нобэрей *бзэщlэныгъэ*м зэрилъытэри, мыпхуэдэу зэрилъытэм и лъабжьэри *европэбзэ*хэм я *глагол лэжьэкlэр* -фlэкlыпlэ имыlэу- зы *″псалъэухыгъэ″*у –псалъэухыгъэ цlыкlуу- зэрыщытым теухуауэ жыlэпхъэщ.

*

″Езырыж занщlэ глагол″ лэжьэкlэм ″зэман гъэлъагъуэ″рэ ″субъектив субъект цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″хэр къызэрыхэхъукlым теухуауэ мы зи гугъу тщlахэм аргуэру къыпыщапхъэу лъытапхъэмэ, ″уэ″м теухуа унафэ псалъэ нэужьу лъытапхъэщ адрей ″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″хэр зэрылъытар. Нытlэ, ″сэ″мрэ пыщlэныгъэ зыхуиlэ адрей ″субъектив щхьэ″хэм теухуауэ мы ипэкlэ тлъытам хуэдэ лъагъуэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Ауэ икlи, ″уэ″м теухуауэ къэдгъэлъэгъуа лъагъуэр ″lэмыр модэ″м къызэрыщlидзэри гурыlуэгъуэщи, ″фэ″м теухуауэ игъуэу лъытапхъэ щхьэ, ″сэ″мрэ ″дэ″м теухуауэ зэрыимыгъуэри наlуэщ. Дауи, адрей ″субъектив щхьэ цlэпапщlэ″хэр глагол лэжьэкlэм зэрыхэлъытэну лъагъуэр нэхъ кlэщlыу лъытапхъэщи, мыбы папщlэ, ″уэ″м теухуауэ зи гугъу тщla лъагъуэм икlэ нэгъунэ ирикlуэн зэрыхуэмыныкъуэнури гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ мы жытlахэм зэрезэгъкlэ, япэрауэ бзэр къэзыlуатэрэ ″уэ″ нэрыбгэми зи гугъу тщla унафэр хуэзыщl *″сэ″*м теухуа *″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″*хэр зэрылъытэ *лъагъуэ*ми деплъынщ:

- «**сэ** кlуэ → **сэ** *у*кlуэ → **сэ***у*кlуэ → **с***о*кlуэ».

Мы къэта лъагъуэрэ абы хиубыдэ дэтхэнэ зы зэхъуэкlыныгъэ лlэужьыгъуэу къэгъэлъэгъуахэм зэрыхэплъагъуэу, глаголыр *къызпкъырыкl ″щхьэ″*р щхьэжу ″цlэпапщlэ″кlэрэ -*″щхьэ цlэпапщlэ″кlэ*рэ- зэрылъытэу (пп: ″сэ″), къыпкъырыкlри (глагол) *къыщыпкъырыкl*ым (иджы) *щыгъуэ*у *″глагол* (пп: кlуэ) *ужьыгъуэ*у (у)″ –*″ужьыгъуэкlуэ″*у (:*″укlуэ″*у)- зэрылъытэкlэрэ къэlуатэу щытагъэнти, *″щхьэ цlэпапщlэ″*р (сэ) къызэрыlу *″э″ макъым ″глагол″*ыр (кlуэ) зэры*ужь* (укlуэ) *″у″ мак*ъыу къыкlэлъыкlуэр *(сэ укlуэ*) *псынщlэрыlу*у (с*эукlуэ*) зэры*зэпыщlауэ мы къызэlур* кlуэ пэтрэ зэры*зэхэжыхьа* къэlукlэ зэригъуэта щlыкlэу утыку къихьауэ лъытапхъэщ *″о″* макъ зэхэжыхьари, мы къызэрыхъуами зэрезэгъкlэ ар *″ит зэман гъэлъагъуэ″*у зэрылъытари гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, мы къызэрытlуэтам зэрезэгъкlэ, *"субъектив щхьэ цlэпапщlэ"*р къызэрыlу *"э"*р къыкlэлъыкlуэ *псалъэ*м и *пэщlэдзэ "у"* макъым зэрыпыщlэрэ зэры*хэжьыхь*у *"о"*уэ мы къызэрыlу хъуа щlыкlэр а глаголыр щыгъэзащlэ щыгъуэр зэрылъытэу *"ит зэман гъэлъагъуэ"*у лъыта нэужьми, *"субъектив субъект щхьэ цlэпапщlэ"*рэ (сэ) *глагол ужьыгъуэ*м (укlуэ) мыпхуэдэу *зэпыщlа къэlукlэ* ягъуэтарэ (сэукlуэ), *"ит зэман лэжьэкlэ псалъэ"*у лъытамэ, мы псалъэм *"субъектив щхьэ цlэпапщlэ"*ри (сэ) *"*ит зэман гъэлъагъуэ*"*м (о) ипэ къихуэу хиубыдэ *"с"* макъри мы *"езырыж глагол" лэжьэкlэ*м теухуа *"субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*у зэрылъытагъэххэри гурыlуэгъуэщ. Аращи, ***"*субъект*"*** къалэн зыгъэзащlэ ***"*субъектив щхьэ цlэпапщlэ*"***мрэ (**сэ**) глагол лlэужьыгъуэу къыкlэлъыкlуэ *"*псалъэ*"*р зэры*"ужь"*ыр (*у*кlуэ) зэрызэпыщlэрэ зэрызэгухьэу (**сэ***у*кlуэ) *зэрызэхэжьыхь*у (**э***у*→***о***) къызэрыlум (**со**кlуэ) къытехъукlащ *"о"* макър макъ lуэр зэхэжьыхьауи, нытlэ, мыбы лъабжьэ хуэхъуа *"***сэ***у*кlуэ*"*м хиубыдэ ***"субъектив субъект щхьэ цlэпапщlэ" lыхьэ***р (**с**э) икlи ***"субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"***уи лъытапхъэрщ.

*"Ит зэман гъэлъагъуэ"*мрэ (о) *"субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*хэр *"езырыж занщlэ глагол" лэжьэкlэхэм къатехъукlа*уэ зэрыщытыр ипэкlэ къыхэдгъэщарэ мы къэтlуэтахэмкlи гурыlуэгъуэщ. Икlи, *"ит зэман зэман гъэлъагъуэ"*у щыт *"о"* макъымрэ *"субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*хэри (сэ → сы) япэу зыхэхьа псалъэхэри ахэр къызытехъукlа *"езырыж занщlэ глагол"*хэм я *"лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, *"субъект цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*р *"субъект"*ымрэ къыпкъырыкlыр зэрылъытэ *"псалъэ"*р зэры*зэгухьэу утыку къихьа* нэужьым, мы *"глагол лэжьэкlуэу ухуа псалъэ"*ри *псалъэухыгъэ*у къызэрыlуэтэну щlыкlэм *"субъект"*ыр *щхьэхуэ*рэ *щхьэжу* (пп: *"щхьэ цlэпапщlэ"*у) зэрылъытэу зэрыхэхьэнури гурыlуэгъуэнщ. Мы къэтlуэтам гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlщи, *псалъэухыгъэм* щхьэхуэрэ щхьэжу зэрылъытаклэрэ *"субъект"*ыр зэрыхиубыдэм *нэмыщl*, икlи *"субъектив субъект цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*кlи *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"ми* къызэрыхэщыр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ щlыкlэуи *"субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*р *бзэм щызекlуэ*у щlидзауэ жыlэпхъэщ. Аращи, къызэрыхъуа щlыкlэр гурыlуэгъуэ къытхуэхъуа *"субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*р **бзэм щызекlуэ**у *щыщlидзар*и ар **щылъыта** *дыдэрауэ* лъытапхъэщи, мыри ар *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*м

*хиубыдэу* **япэ дыдэ**у *псалъэухыгъэкlэ* **къыщыlуэта**рауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ.

Мыхэр гурыlуэгъуэ къытхуэхъуа нэужьми, *"ит зэман гъэлъагъуэ"*у щыт *"о"* макъымрэ абы ипэ къихуэ дэтхэнэ зы *"субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*ри зыхэзыубыдэ *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"* щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ. Мыпхуэдэу ухуа псалъэхэм къыкlэлъыкlуэуи, мы псалъэхэр зыхэзыубыдэ *псалъэухыгъэ* щапхъэхэри (*"*субъект цlэпапщlэ*"* зэрыхиубыдэу) къэдгъэлъэгъуэнщ. Икlи, *"субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*хэри ипэкlэ *щхьэжу* (*"*ы*"*кlэ къызэрыlуу) зэрылъытапхъэу къызэрыдгъэлъэгъуа щlыкlэри мыбыхэм язэрыхуэкlуэу къыпытщэжынщ:

- «**сэ***у*кlуэ» → «**с***о*кlуэ» → «**с***о*кlуэ» → «**сэ с***о*кlуэ» ← «**с***о*кlуэ» ← **сы***о*кlуэ»;
- «**уэ***у*кlуэ» → «**у***о*кlуэ» → «**у***о*кlуэ {**ӳ***о*кlуэ}» → «**уэ у***о*кlуэ» ← «**у***о*кlуэ {**ӳ***о*кlуэ} ← **у**(ы)*о*кlуэ»;
- «**дэ***у*кlуэ» → «**д***о*кlуэ» → «**д***о*кlуэ» → «**дэ д***о*кlуэ» ← «**д***о*кlуэ» ← **ды***о*кlуэ»;
- «**фэ***у*кlуэ» → «**ф***о*кlуэ» → «**ф***о*кlуэ» → «**фэ ф***о*кlуэ» ← « **ф***о*кlуэ ← **фы***о*кlуэ».

*

*"*Ит зэман гъэлъагъуэ*"*мрэ абы теухуауэ лажьэ *"*езырыж занщlэ глагол*"*ым и *"*лэжьэкlэу ухуэ псалъэ*"*хэм *"*субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ*"*хэр къызэрыхэlукlэр икlи щхьэжу зэрылъытапхъэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьащ. Нытlэ, мыбдежми *"*езырыж префиксиал глагол*"*хэр *"*ит зэман*"*рэ *"*ит зэман нэмыщl*"*хэм теухуауэ зэры*"*лажьэу ухуэ псалъэ*"*хэм *"*субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ*"*хэри зэрыхэтым щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьынщ.

*"*Езырыж глагол*"*хэр къызпкъырыкlыр *"*субъект*"*ращи, глаголыр префиксиалу щытми, *"*префикс*"*ри зэлъытарэ *"*субъект*"*ращ. Ар щыхъукlи, *"*езырыж префиксиал глагол*"*хэм я *"*лэжьэкlэу ухуэ псалъэ*"*хэми *"*субъектив субъект цlэпапщlэ гъэлъагъуэ*"*хэр *"*псалъэ пэщlэдзэ*"*у – *"*префиксым ипэ къихуэу*"*- зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, *"*езырыж префиксиал глагол*"* лэжьэкlэхэм *"*субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ*"*хэр зэрыхиубыдэр *"*езырыж занщlэ глагол*"*хэм хуэдэщи, псалъэ пэщlэдзэущ.

Глаголыр къызпкъырыкlыр *"*субъект*"*у зэрыщытым ипкъ иткlэ, *"*субъект цlэпапщlэ гъэлъагъуэ*"*р *"*префикс*"*ми ипэ къихуэ щхьэ, глаголыр зэрыгъэзэщащlэр *"*префикс*"*ым –*"*кондицэ*"*м- елъытауэ зэрыщытым зэрезэгъкlэ, *"*езырыж префиксиал глагол*"*ыр щыгъэзащlэр зэрылъытэ *"*ит зэман гъэлъагъуэ*"*р *"*префикс*"*ым къыкlэлъыкlуэущ *"*глагол лэжьэкlэу ухуэ

псалъэ″м зэрыхэхьэнур. Ауэ, ″ит зэман нэмыщl″хэм теухуа глагол лэжьэкlэу ухэ псалъэхэм ″зэман гъэлъагъуэ″р псалъэ кlэухыу зэрыхэхьэри гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, мы къэтlуэтахэм езэгъ щапхъэхэр ипэкlэ *″езырыж глагол″* (кlуэн) лэжьэкlэ щапхъэу къэтауэ щыта *″занщlэ глагол″*хэм ″префикс″ къазэрыпыхьэу къатехъукl *″префиксиал езырыж глагол″*хэм (пп: къэкlуэн) я *″лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*хэм *″зэман гъэлъагъуэ″*хэмрэ *″езырыж субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″*хэр зэрыхиубыдэ щlыкlэхэм зэрытеухуакlэрэ къэдгъэлъэгъуэнщ:

- «сэ **сы**къокlуэ»; «сэ **сы**къэкlуащ»;
- «уэ **у**къокlуэ»; «уэ **у**къэкlуащ»;
- «дэ **ды**къокlуэ»; «дэ **ды**къэкlуащ»;
- «фэ **фы**къокlуэ»; «фэ **фы**къэкlуащ».

″Езырыж префиксиал глагол″хэм я лэжьэкlэхэм теухуауэ къэта мы щапхъэхэм нэмыщl, *″префикс″* гуэрхэмкlэ ухуа *″езырыж префиксиал глагол″*хэм я лэжьэкlэхэми щыгъуазэ хуэхъуныр игъуэщ.

*″И, е″ макъхэр зи префикс ″езырыж глагол″хэм я ″лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэм ″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″хэр къызэрыхэlуклхэр.*

Нытlэ, мы ипэкlэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъуарэ щапхъэхэри къазэрыхуэтхьа щlыкlэу, *″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″*хэр *″префиксиал езырыж глагол″*хэми я *″лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*хэм я *ищхьэм* къазэрыпыхьэр гурыlуэгъуэщи, *″глагол префикс″*ыр **″и, е″** макъхэм дэтхэнэ зырауэ щытмэ, *″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″*р мы къыкlэлъыкlуэ *″и, е″кlэрэ къызэрыlу*нур гурыlуэгъуэнщ. Икlи, мыпхуэдэ къэlуклэри ″ит зэман″рэ *″ит зэман нэмыщl″*хэм теухуа *″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*хэм елъытауэ зэрызэщхьэщыкlыпхъэри гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, мыбдежым мыпхуэдэ лэжьэкlэрэ къэlуклэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьынщ.

Мыпхуэдэ ″префикс″ зиlэ ″езырыж глагол″ лэжьэкlэр *″ит зэман″*у щытмэ, *″субъектив субъект цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″*р къызэрыlу ″и, е″ префиксым *″ит зэман гъэлъагъуэ″* макъ *″о″*ри къызэрыкlэлъыкlуэжынур гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэ къэlуклэми *″и, е″*р *щlэуфэу* зэрыхэкlуэдэнури гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, мыпхуэдэ ″префикс″ зиlэ ″езырыж глагол″ лэжьэкlэр ″ит зэман″ым теухуауэ мы зи гугъу тщlа лэжьэкlэм хуэдэу

зэрыщымытынур гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, *"и, е"* префиксклэрэ ухуа *"езырыж префиксиал глагол"*хэр *"ит зэман"*рэ *"адрей зэман"*хэм теухуауэ зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэр зэрызэпкъырыувэрэ я *къэlуклэ*хэри зэрызэхъуэклыр зыхэплъагъуэ щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

- *"*иклуэтын*"*: «сэ **сы***и*оклуэт → сэ **сы***й*оклуэт → сэ **с***о*клуэт »; «сэ **сы**иклуэт*а*щ → сэ **с**иклуэт*а*щ»;
- *"*иклын*"*: «дэ **дыи**окl → дэ **дый**окl → д*о*кl»; «дэ **ды**икл*а*щ → дэ **д**икл*а*щ»;

---

- *"*еклуэлlэн*"*: «сэ **сые***о*клуалlэ → сэ **сыиэ***о*клуалlэ → сэ **сый***о*клуалlэ → сэ **с***о*клуалlэ »; «сэ **сы**еклуэлл*а*щ → сэ **с**еклуэлл*а*щ»;
- *"*епсэлъэн*"*: «уэ **у**(ы)е*о*псалъэ → уэ **у**(ы)иэ*о*псалъэ → уэ **у**(ы)й*о*псалъэ → уэ **у***о*псалъэ »; «уэ **у**(ы)епсэлъ*а*щ → уэ **у**епсэлъ*а*щ»;

*

Мыбыхэм нэмыщl, *"*р*"*клэрэ зэпыщlэ *"*префикс*"*хэри щыlэщи, мыпхуэдэхэми я лъабжьэу лъытапхъэщ *"и"*р *"р"ыкл*эрэ зэрызэ*пыщлэ "префикс"*хэрщ. Мы зи гугъу тщlыр **"ири"** формэ *префикс*ырщи, ар зыгуэрыр (и) зыгуэркlэ (и) утыку къызэрихьэр зэрылъытэ *"*префикс*"* лlэужьыгъуэрщ. Аращи, *джыгъуэ*рэ *абзсис* мыхьэнэ зиlэ *"и"*р утыку къихьэу щыт *сытри зылъытэ*ф макъырщи, *джырэ (и) зыджыр (и)* зэры*зэпыщлауэ* зылъытэрщ *"ири"* префиксыр. Ауэ икlи, *"ири" префикс*ым и *"и"* макъхэм *unlэ* -*"*и*"*р сытри зылъытэфырщи- *нэгъуэщl макъ* -е, псалъэ-къы*зэриувэф*ынури гурыlуэгъуэнщ.

Мы къэтlуэтахэм езэгъ щапхъэхэрщ илъабжьэклэ *"ит зэман"*ымрэ *"ин зэман нэмыщl"*хэми теухуауэ къэта *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*хэри, абыхэм *"ири"* префиксымрэ, абы и *япэрй "и"* макъым *unlэ нэгъуэщl макъ* зэриувэж *"префикс"*хэр *къазэрыхэлукl* щlыклэ зыхэплъагъуэ щапхъэхэрщ:

- *"*ириклуэн*"*: «сэ **сы**ири*о*клуэ → **сы**йрй*о*клуэ → **сыр***о*клуэ»; «сэ **сы**ириклуащ → **сы**йриклуащ → **сы**риклуащ»;
- *"*ирилэжьэн*"*: «уэ **у**(ы)ири*о*лажьэ → **у**(ы)йрй*о*лажьэ → **уро**лажьэ»; «уэ **у**(ы)ирилэжь*а*щ → **у**(ы)йрилэжь*а*щ → **у**рилэжь*а*щ»;
- *"*ириджэгун: «дэ **ды**ири*о*джэгу → **дый**рй*о*джэгу → **дыро**джэгу»; «дэ **ды**ириджэгу*а*щ → **дый**риджэгу*а*щ → **дыр**иджэгу*а*щ»;

---

- *"*пэрыклуэн*"*: «сэ **сы**пэр*о*клуэ»; «сэ **сы**пэрыклу*а*щ»;
- *"*хурилэжьэн*"*: «уэ **у**хуриолажьэ → **у**хурй*о*лажьэ → **у**хуро*о*лажьэ»; «уэ **у**хурилэжь*а*щ»;
- *"*дыриджэгун: «дэ **ды**дыри*о*джэгу → **ды**дырй*о*джэгу → **дыдыро**джэгу»; «дэ **дыдыриджэгу***а*щ».

**"lуэху" лlэужьыгъуэ "субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"хэр.**

*"Езырыж глагол"хэр "субъект"ым къыпкъырыкl глагол* лIэужьыгъуэхэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, мы ипэкIэ зи гугъу тщIа *"езырыж субъектив щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ"*хэри утыку къихьэр *"сует"ым къызэрыпкъырыкl щIыкIэ*у зэрылъытахэри гурыIуэгъуэщ. Ауэ, *"lуэху глагол"*хэр мыпхуэдэу зэрыщымытри гурыIуэгъуэщи, *"субъект"ым утыку къыригъэхьэ* лэжьыгъэрэ *lуэху*м теухуа *глагол* лIэжьыгъуэхэрщ.

ИкIи, ″езырыж субъектив щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″хэр ″ит зэман гъэлъагъуэ″м дэщIыгъуу зэрылъыта щIыкIэхэми щыгъуазэ дыхуэхъуагъэххэщи, *"езырыж глагол" нэужь*у лъытауэ зэрыщытрэ нэхъыбэуи *цIыхум теухуа*рэ хуэIуауэ щыт *"lуэху глагол"*хэм я *"субъектив щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ"*хэри *"езырыж"* лIэужьыгъуэ *"субъектив щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ"*хэр *лъабжьэ* язэрыхуэхъукIэрэ ″lуэху глагол″ лэжьэкIэхэм зэрезэгъкIэ *иужькIэ* зэры*лъыта*ри гурыIуэгъуэнщ. Мы жытIами зэрезэгъщи тIэ, *"lуэху субъектив щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ"*хэри зэрылъыта щIыкIэхэр *"lуэху глагол"*хэр *"субъект"ым* зэр*игъэзащIэм зэрелъытакIэрэ*щ.

ИпэкIи зэрыжытIауэ, *"субъетив щхьэ цIэпапщIэ"*хэр *"езырыж глагол"*рэ *"lуэху глагол"*хэм *"субъект"* язэрыхуэхъум елъытарэ теухуауэ *зэщхьэщыкI*къым; – ахэр *икIи "езырыж" лIэужьыгъуэ*хэу зэрылъытапхъэри жытIагъащ. Ауэ, мы ипэкIэ къэтIуэтахэми зэрезэгъщи, **″субъектив щхьэ цIэпапщIэ″**хэр ***″субъект″*** *зыхуэхъу* **″lуэху глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ″**хэм щызэрыхэлъытэну щIыкIэр -ипэкIи къызэрыхэдгъэщауэ- **″lуэху″р *″субъект″ым*** и лъэкIыныгъэрэ къарукIэ зэр**игъэзащIэ**м елъытарэ теухуауэ зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщ. Аращи, ипэкIи ″езырыж глагол″хэм теухуа лэжьыгъэ lыхьэм ″субъектив щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″хэр утыку къызэрихьа щIыкIэм щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, *"lуэху глагол"*хэм теухуа *"субъектив щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ"*хэри абыхэм къакIэлъыкIуэу ″lуэху″ри зэрыгъэзащIэм зэрелъытакIэрэ зэрыухуари жытIагъэххэщ.

Нэхъыбэу цIыхум теухуарэ хуэIуауэ зэрыщытми зэрезэгъщи, ″lуэху глагол″хэр бзэр къэзыIуатэрэ нэхъыщхьэ ″сует″у щыт ″сэ″мрэ зыхэт ″цIыху нэрыбгэ″хэр -*"субъектив щхьэ цIэпапщIэ"*кIэ лъытапхъэхэр- *"субъект" зыхуэхъу "lуэху"м пыщIау*э зэри*лъытапхъэ*ри гурыIуэгъуэнщ. Мыпхуэдэщ икIи зэрылъытэри, ***″субъект″*** *зыхуэхъу "lуэху"м зэрыпыщIакIэрэ* **lуэху** лIэужьыгъуэ ***″субъектив щхьэ цIэпапщIэ″***р (пп: ″дэ″) къызэрыIу *клэух*

**″э″**р зэры**пыхуа**кlэрэ (″д″) **″lуэху глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″м** *занщlэу* **пыщlауэ** къызэрыхэlукlыущ. Мы зэрыжытlауэщ **″lуэху субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″**хэр зэрылъытэри, ахэр ″lуэху глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэм къызэрыхэlукlыр *″э″р зыпыхуа ″субъектив щхьэ цlэпапщlэ″*хэу лъытапхъэщ.

Мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэрытхуащl щlыкlэу, дэтхэнэ зы *″lуэху субъектив щхьэ цlэпапщlэ″*мрэ ахэр ″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″хэм щызэрыхэлъытэу я *″lуэху субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″*хэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| «″субъектив щхьэ цlэпапщlэ″ → ″ **″lуэху субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″**»:<br>«″сэ″ → ″**с**″»; «″дэ″ → ″**д**″»; «″фэ″ → ″**ф**″». |

Мы къэдгъэлъэгъуахэм *″уэ″*м теухуа *″щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″*р зэрыхымыубыдэр нэрылъагъущи, мыбы щхьэусыгъуэ хуэхъуари ″уэ″м теухуа ″щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″р мы ипэкlэ къэтlуэтахэм зэрыхуэмыдэращ. Мыр зэлъытарэ зылъытэри бзэр зыгъэлажьэрэ къэзыlуатэ ″нэрыбгэ″ращи, *″сэ″м* езым и пышэгъурэ *и ужьыгъуэ*у илъыта ***″уэ″****р* ***″lуэху″****м пыщlауэ* зэрылажьэр ***″щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″***у зэрилъытапхъэр ар *щхьэжрэ езырыжу* зы *ужьыгъуэ*у зэрылъытэ *″у″кlэрэкъым*; нытlэ, ″сэ″м *″уэ″*р *″lуэху″*м мы зэры*пыщla*рэ зэр*елъыта* щlыкlэу игъуэ *макъ мыхьэнэкlэрэ ″щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″*у зэрилъытэр ***″б″***ыуэщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, *″сэ″м* езым *и ″ужьыгъуэ″*у илъыта *″уэ″* нэрыбгэр а зэрыщытрэ *езырыжу* зы*гъэлъагъуэ*р *″у″*ращи, *″уэ″*м нэгъуэщl гуэрым *зыпищlэ*рэ *зиужь*у зэрыщытри зэрыигъуэу *″сэ″*м зэрилъытапхъэр *″елъытэгъуэ ужьыгъуэ″у ″б″* макъкlэрэщ. Аращи, б″ыр *″зэрелъыта ужьыгъуэ″* мыхьэнэ зиlэ зы макъыу зэрыщыткlэрэ *″ужьыгъуэ″* мыхьэнэ зиlэ *″у″* макъым *и бзыгъэ мыхьэнэгъу*у зэрылъытапхъэм папщlэщ *″уэ″*м и *″lуэху″* лlэужьыгъуэ *″щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″*у щlэхъуар.

Нытlэ, ипэкlэ къэдгъэлъэгъуа *″lуэху субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″*хэм *″уэ″м теухуар*и яхэтлъытэжынщ:

| |
|---|
| «″субъектив щхьэ цlэпапщlэ″ → **″lуэху субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″**»:<br>«″уэ″ → ″**б**″». |

*″lуэху субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″хэр къыкlэлъыкlуэ макъым елъытауэ ″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″хэм къызэрыхэlукl щlыкlэхэр.*

″Субъетив щхьэ цlэпапщlэ″хэм теухуа ″lуэху субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″хэр мы къызэрыдгъэлъэгъуам хуэдэщ. Ауэ, псалъэхэм щыхэтым деж, абыхэм *я къэlуклэр зэрызэхъуэкlыф*ри гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэхэми мы илъабжьэм щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, зы *макъдэклуашэ*р нэгъуэщl *макъдэклуашэм занщlэу пыщlэу къызэрыlуф*ыну щlыкlэр ар мы *зыпыщla макъым зыригъэклуущи*, ипэкlэ къызэрыхъуа щlыкlэу зи гугъу тщla *″lуэху суебъетив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″*хэм я *къэlуклэхэр* занщlэу *зыпыщla макъ къэlуклэ*м *зыригъэклуу* зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ.

– Мы жытlам *″уэ″*м и *″щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″*р зы *макъдэклуашэ*у щыт *″б″*ыуэ зэрызэхъуэкlар уигу къегъэкlри, нытlэ, *″уэ″*м и ″щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″р *″у″*уэ щытатэмэ, къыкlэлъыкlуэ макъым пыщlауэ зэрымылъытэнурэ икlи и къэlуклэри къыкlэлъыкlуэ макъым и къэlуклэм зыригъэкlуу зэрызэмыхъуэкlынури гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, мыпхуэдэу зэрыщытым папщlэу зэрымылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ *″уэ″*м теухуа *″lуэху цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″*р *″б″*ыуэ зэрылъытари, ар мыпхуэдэу зэрылъытар ипэкlэ гурыlуэгъуэ къытхуэхъуагъэххэщ.

Нытlэ, ипэкlэ дэтхэнэ зы *″субъектив щхьэ цlэпапщlэ″*хэмрэ (пп: ″дэ″) абыхэм теухуа дэтхэнэ зы **″lуэху субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″**р (″д″) зэрылъытэу икlи ″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″хэм хэту *къыкlэлъыкlуэ макъым пыщlарэ зыригъэклуу* **къызэрыlу** *щlыклэхэ*ри – **къэlуклэ зэхъуэкlыныгъэ**хэри (т, тl)- зыхиубыдэу (″д; т, тl″) мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

″суб. щхьэ цlэпп.″ → **″lуэху суб. щхь. цlэпп. гъэлъ.″** → «**lуэху суб. щхь. цlэпп. гъэлъ.″ къэlуклэ зэхъуэкlыныгъэхэр**»:
- ″сэ″ → **″с″** → «**с; з**»;
- ″уэ″ → **″б″** → «**б; п, пl**»;
- ″дэ″ → **″д″** → «**д; т, тl**»;
- ″фэ″ → **″ф″** → «**ф; фl, в**».

″lуэху субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″хэу мы я къэlуклэхэр – мы къызэрыта зэкlэлъхьэужьыкlэу- къызтехъукlыну игъуэ ″lуэху глагол″хэмрэ я ″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэр щапхъэу мыбдежым къэтхьынщ:

- «щlын: сэ **с**щlащ»; «гъэзэщlэн: сэ **з**гъэзэщlащ»;
- «гъэзэщlэн: уэ **б**гъэзэщlащ»; «тхын: уэ **п**тхащ»; «щlын: уэ **п**щlащ (**пl**щlащ)»;
- «гъэзэщlэн: дэ **д**гъэзэщlащ»; «тхын: дэ **т**тхащ»; «щlын: дэ **т**щlащ (**тl**щlащ)»;
- «тхын: фэ **ф**тхащ»; «щlын: фэ **ф**щlащ (**фl**щlащ)»; «гъэзэщlэн: фэ **в**гъэзэщlащ».

Мы къэта щапхъэхэр ″занщlэ lуэху глагол″хэу зэрыщытрэ икlи ″блэкlа зэман″ лэжьэкlэхэм теухуа щапхъэхэрщи, ″ит зэман″ым теухуа щапхъэхэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ. ″Ит зэман гъэлъагъуэ″ (о) макъым ипэ къихуэу къызэрыlум папщlэ, ″lуэух субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″хэр зэмыхъуэкlыу къызэрыlухэри нэрылъагъущ:

- «щlын: сэ **с**ощl»; «гъэзэщlэн: сэ **с**огъэзащlэ»;
- «гъэзэщlэн: уэ **б**огъэзащlэ»; «тхын: уэ **б**отх»; «щlын: уэ **б**ощl»;
- «гъэзэщlэн: дэ **д**огъэзащlэ»; «тхын: дэ **д**отх»; «щlын: дэ **д**ощl»;
- «тхын: фэ **ф**отх»; «щlын: фэ **ф**ощl»; «гъэзэщlэн: фэ **ф**огъэзащlэ».

Мы ″занщlэ lуэху глагол″у къэта щапхъэхэм префикс къащтэу *″префиксиал lуэху глагол″*у ухуэжхэм я *″лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*хэм *″lуэух субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″*хэр къызэрыхэlукl щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ. Ауэ, ″lуэху субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″ къэlуыкlэр къыкlэлъыкlуэ макъым елъытауэ зэрызэхъуэкlынур гурыlуэгъуэщи, ″префиксиал lуэху глагол″хэм я ″лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэм мы зи гугъу тщlы ″цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″хэм къыкlэлъыкlуэ макъхэр зэрызэхъуэкlым елъытауи я къэlукlэхэр зэрызэхъуэкlынур – мы ипэкlэ къэта я къэlукlэхэм елъытауэ- зэрызэхъуэкlыфынур гурыlуэгъуэнщ:

- «къэщlын: сэ къэ**с**щlащ»; «хуэгъэзэщlэн: сэ хуэ**з**гъэзэщlащ»;
- «хуэгъэзэщlэн: уэ хуэ**б**гъэзэщlащ»; «нэтхын: уэ нэ**п**тхащ»; «къэщlын: уэ къэ**п**щlащ (къэ**пl**щlащ)»;
- «хуэгъэзэщlэн: дэ хуэ**д**гъэзэщlащ»; «нэтхын: дэ нэ**т**тхащ»; «къэщlын: дэ къэ**т**щlащ (къэ**тl**щlащ)»;
- «нэтхын: фэ нэ**ф**тхащ»; «къэщlын: фэ къэ**ф**щlащ (къэ**фl**щlащ)»; «хуэгъэзэщlэн: фэ хуэ**в**гъэзэщlащ».

- «къэщlын: сэ къы**з**ощl»; «хуэгъэзэщlэн: сэ ху**з**огъэзащlэ»;
- «хуэгъэзэщlэн: уэ ху**б**огъэзащlэ»; «нэтхын: уэ ны**б**отх»; «къэщlын: уэ къы**б**ощl»;
- «хуэгъэзэщlэн: дэ ху**д**огъэзащlэ»; «нэтхын: дэ ны**д**отх»; «къэщlын: дэ къы**д**ощl»;
- «нэтхын: фэ ны**в**отх»; «къэщlын: фэ къы**в**ощl»; «хуэгъэзэщlэн: фэ ху**в**огъэзащlэ».

*″И, е″ макъхэр зи префикс ″lуэху глагол″хэм я ″лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэм ″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″хэр къызэрыхэlуклхэр.*

Ипэкlэ ″и, е″ макъхэр зи префикс ″езырыж префиксиал глагол″хэм я ″лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэм ″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″хэр къазэрыхэlукlым щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къатхуэтхьагъащи, мыбдежми ***″и, е″*** макъхэр зи префикс *″lуэху префиксиал глагол″*хэм я *″лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*хэм *″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″*хэр

*къызэрыхэлу*кlым щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къыхуэтхьынщ. Ауэ зэрыгурыlуэгъуэу, *"субъект"*ым теухуа *"lуэху субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*хэр *"префикс"ым къыклэлъыклуэу*щ *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*хэм зэрыхэхьэри, абыхэм *я къэлукl*эр ипэкlэ "езырыж глагол"хэм теухуа "субъект цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"хэм хуэдэу зэры*зэмыхъуэкl*ынури гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, "и, е" префикс зиlэ "lуэху префиксиал глагол" лэжьэклэхэм теухуа щапхъэхэр япэрауэ ипэкlэ къэта *"езырыж префиксиал глагол"*хэм *"гъэ"* къазэрыпыхьэу *къатехъукl "lуэху префиксиал глагол"*хэм теухуауэ къэдгъэлъэгъуэнщ. Мы щапхъэхэми *"и, е"* префикс яlэу ухуагъэххэ *"lуэху префиксиал глагол"*хэм я лэжьэклэхэмрэ, *"lуэху глагол"*хэм *"и, е"* префикс къазэрыпыхьэу къатехъукlыж *"lуэху префиксиал глагол"*хэм я лэжьэклэхэм теухуа щапхъэхэр къаклэлъыкlуэу къэдгъэлъэгъуэнщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэри *"ит зэман"*рэ *"адрей зэман"*хэм –пп: "блэкla зэман"ым-теухуауэ къэтхьынщ:

- "игъэкlуэтын": «сэ из**о**гъэкlуэт »; «сэ из**г**ъэкlуэтащ»;
- "игъэкlын": «дэ ид**о**гъэкl»; «дэ ид**г**ъэкlащ»;

- "илъхьэн": «уэ и**б**олъхьэ»; «уэ и**п**лъхьащ»;
- "ифын: «фэ и**в**оф»; «и**ф**фащ»;

---

- "егъэкlуэлэн": «сэ из**о**гъэкlуалэ»; «сэ е**з**гъэкlуэлащ»;
- "егъэпсэлъэн": «уэ и**б**огъэпсалъэ»; «уэ е**б**гъэпсэлъащ»;

- "ехухын": «уэ и**б**охух»; «уэ е**п**хухащ»;
- "ещlэн": «сэ из**о**щlэ»; «сэ е**с**щlащ»;

Мы къэта щапхъэхэр "и"рэ "е" префикс зиlэу tlууэ зэрыгуэшар нэрылъагъущи, абыхэм я лэжьэклэхэми мы зэрыгуэшауэ дытепсэлъыхьынщ.

"И" префикскlэ къежьэ глаголыр ит зэман"рэ "блэкla зэман"клэ зэрылажьэм мы и "и" префиксыр мы зэрыщыту къызэрыхэтенэр нэрылъагъущи, глаголыр зэманхэм теухуауэ зэрылажьэри гурыlуэгъуэщ.

Ауэ "е" префикс зиlэу ухуа глаголхэр "блэкla зэман"ым -"адрей зэман"хэми- теухуауэ зэры"лажьэу ухуэ псалъэ"хэм "е" префиксыр зэмыхъуэкlыу псалъэ пэщlэдзэу къызэтенэ щхьэ, я "ит зэман" лэжьэклэм "е"р "и"уэ зэрызэхъуэкlыр нэрылъагъущи, мыпхуэдэу щlыщытым щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Япэрауэ, "е" префикскlэрэ *"инфинитив"*у зэпкъырыува мы *"lуэху префиксиал глагол"*хэр *"еклуэлlэныгъэ"*клэрэ зэрыгъэзэщlэну *"кондицэ"*

зиlэхэрщи, я *"е"* префиксыр *"иэ"*уэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэу екlэулlэныгъэ (е: иэ) кондицэклэ гъэзэщlэну гъэпса мы "lуэху префиксиал глагол"хэр *"ит зэман нэмыщl"*хэм –пп: *"блэкla зэман"*ым- теухуауэ зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэми мы *"е"* префиксыр (екlуэлlэныгъэр) а зэрыщыту къызэрызэтенэу зэры*хиубыд*эм а lуэхур *екlуэлlэныгъэу зэрыгъэзэщla*р гурыlуэгъуэ къытхуещlыр: "екlуэлlэныгъэ"клэ гъэзэщlэну гъэпса глаголыр ("инфинитив глагол"ыр) зэрыгъэзэщlарэ зэрыгъэзэщlэнур зэрылъытэ псалъэр зэрыигъуэу "екlуэлlэныгъэ" къызэрыхэщу зэрызэпкъырыувэнур гурыlуэгъуэнщ.

Ауэ, *"е"* префикс зиlэу гъэпса мы *"инфинитив глагол"*ыр *"ит зэман"*ым теухуауэ зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэр *"и" префикс* яlэу зэры*зэпкъырыува*р нэрылъагъуэщи, мыбы щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Нытlэ, мы *"lуэху префиксиал глагол"*ыр *"еклуэлlэн"*ыгъэклэ (*е: иэ*) щlэгъэпсар *"субъект"ыр "lуэху"м "еклуалlэу гъэзэщlэн"*у зэрыщытращи, мыр *щыгъэзащlэ* дыдэу *"ит зэман"*ым теухуа *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*хэм *"префикс"*у хиубыдэ *"и"*р еклуэлlэныгъэр (е: *и*э) зытеухуар (*и*) зылъытэрщи, абы (*и*) хуэклуэу (э) зэрыщигъэзащlэр *"ит зэман гъэлъагъуэ"*м (эу→о) хеубыдэр.

*

Щхьэж макъ е псалъэ лlэужьыгъуэ "префикс"хэр "р"ыклэрэ зэрызэпыщlэу ухуэж "префикс"хэри щыlэщи, мыпхуэдэхэр "префикс" зыхуэхъуу "инфинитив"у ухуа "lуэху префиксиал глагол"хэм я "лэжьэклэу ухуэ псалъэ"хэми щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Япэрауи, *абзсис*рэ джыгъуэ мыхьэнэ зиlэ *"и"* макъыр *сытри* зылъытэфынурщи, *"р"ыклэрэ зэпх*ыу мы зи гугъу тщlы *"префикс"* лlэужьыгъуэм и щапхъэ нэхъыщхьэри *гъэзэщlэну*рэ (и) *зыгъэзэщlэну*р (и) зэрылъытэрэ *"р"ыклэрэ* зэры*зэпха*уэ къызхэщ *"ири"* префиксрауэ зэрыщытынури къыхэгъэщыпхъэщ.

Нытlэ, мы илъабжьэклэ мы зи гугъу тщla *"ири"* префиксымрэ, абы и *япэрей "и"*м ("гъэзэщlэну"м) ипlэ *нэгъуэщl мак*ърэ (пп: "къ") псалъэ (пп: "клуэцl") зэриувэу утыку къихьэ *префикс* -"р"ыклэрэ зэпха префикс- зиlэ *"lуэху префиксиал глагол"*хэр *"ит зэман"*рэ "адрей зэман"хэм -*"блэкla зэман"*ым- теухуауэ зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэм деплъынщ:

- "иригъэклуэлlэн": «дэ ирыдогъэклуалlэ»; «дэ иредгъэклуэлlащ»;
- "иригъэклуэклын": «фэ ирывогъэклуэкl»; «фэ иревгъэклуэклащ»;

- "къыригъэклуэлlэн": «дэ къырыдогъэклуалlэ»; «дэ къыредгъэклуэлlащ»;
- "къыригъэклуэклын": «фэ къырывогъэклуэкl»; «фэ къыревгъэклуэклащ»;

---

- ″ирищlэн″: «сэ ирызощlэ»; «сэ ирисщlащ»;
- ″ирихухын″: «уэ ирыбохух»; «уэ ирепхухащ»;

- ″къырищlэн″: «сэ къырызощlэ»; «сэ къырисщlащ»;
- ″хурихухын″: «уэ хурыбохух»; «уэ хурепхухащ».

Мы къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэу, ″р″ыкlэрэ зэпыщlа мы префиксхэм ″р″ым ипэ къихуэ lыхьэр ″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэм зэрыщыту хэхьэми, ″р″ым къыкlэлъыкlуэ префикс lыхьэр ″ит зэман″рэ ″блэкla зэман″ым елъытауэ зэрызэхъуэкlри нэрылъагъущ.

Аращи, ″р″ыкlэрэ зэпха *префиксым* (ири, къыри) *″р″ым къыкlэлъыкlуэ и lыхьэ*р (..р*и*) *″субъект″*ым теухуащи, мы *lуэху*р зэригъэзэщlэну *щlыкlэм* (*″и*р...; *къы*р...) зэр*епха*кlэрэ *″субъект″*ым къы*зэрыщилэжь*ыр къызхэщ *префикс lыхьэ*у зэрыщытым папщlэ, *″ит зэман″*рэ (*″*...р*ыв*...) *″блэкla зэман″*ым (*″*...р*ев*...*″*) елъыттауэ зэщхьэщокlыр. Мы зэрыжытlауэщи, префиксым ″р″ым къыкlэлъыкlуэ и lыхьэр *″субъект″ым ″ит зэман″у* къы*зэрыщилэжь*ыр къызыхэщырщ (хур*ыб*охух); *″блэкla зэман″*ым теухуауи *″субъект″*ыр зыпыщla lуэхур зэригъэзэщlэну щlыкlэкlэрэ (*ху*р...) зэрекlуалlэу (*иэ→эй*) зэриджу (*и*) зэригъэзэщlар (...р*эйй*..) къызыхэщырщ (хур*е*пхухащ).

*″lуэху субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″хэр ″lуэху глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэм щызэрыхэлъытэрэ къазэрыхэlуклхэр.*

Мы ипэкlэ ″lуэху занщlэ глагол″хэм нэужь, зэмылlэужьыгъуэ ″префикс″хэмкlэрэ ухуа ″lуэху префиксиал глагол″хэми ″я лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэм ″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″хэр зэрыхэхьэм щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьащ. Зи гугъу тщlыр ″lуэху префиксиал глагол″ щыхъум деж, глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэм ищхьэ лъэныкъуэм зы префикс щlыкlэу къапыхьэ ″субъектив щхьэ цlэпапщlэ″хэмрэ ″глагол префикс″хэм я зэрызэхущытыкlэми щыгъуазэ зэрыхуэхъун хуейр гурыlуэгъуэнщ.

*″Глагол префикс″*хэм теухуауэ ипэкlэ къедгъэкlуэкlауэ щыта лэжьыгъэ lыхьэм глаголыр *″префиксыбэ″*у щытмэ, префиксхэм *зэкlэлъхьэужьыкlэ хабзэ* зэраlэм щыгъуазэ дыхуэхъущ. Мыбы нэмыщl, *глаголыпкъ*ым *ищхьэ*м къыпыхьэ *префикс*ым и *къэлуклэ*р *″э″*уэ зэрыщытми щыгъуазэ дыхуэхъуащ. – Ауэ икlи, префикс псори зэхуэмыдэрэ *префикс гуэрхэм я*

*къэlуклэр зэмыхъуэкl*рэ сытым дежи зэхуэдэу къызэрызэтенэжми щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ.

Дауи, мы зи къэlуклэр зэмыхъуэкl префиксхэм нэмыщl, глаголыпкъым ищхьэм къыпыхьэ префиксыр *"э"кlэ*рэ къоlури, мы и *къэlуклэ*ри *префиксыр* къыклэлъыкlуэ псалъэм *-глаголыпкъым- зэрыпыщlэ* щlыклэрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэ щlыклэуи – "глаголыпкъ"ым ищхьэм "э"клэрэ къыпыхьэ префикс"ым и флыгъэкlи- "глагол префикс гуп"ыр – "префиксыбэ"р- *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*р зыпыщlа *"кондицэбэ"*у мэлъытэр.

Нытlэ, зи гугъу тщlы *"префиксиал глагол"*ыр *"префиксыбэ"*у щырет, е зы *"префикс" закъуэ* иlэу щырет, **"глаголыпкъ"**ым **ищхьэ"** дыдэм къыпыхьэ **префикс**ыр **"э"клэ**рэ **къызэрыlу**р (къэклуащ) гурыlуэгъуэщ. Ауэ, мы *"lуэху префиксиал глагол"*ыр *"субъектив субъект"*клэрэ щылажьэм деж, **"субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"**ри *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*м *ищхьэ* дыдэм –**"глаголыпкъыщхьэ"** дыдэм-къызэрыпыхьэнури гурыlуэгъуэнщи, "э" къэlуклэ зиlэу щыта *"глагол префикс"*ым и *увыпlэр глаголыпкъым ищхьэ* дыдэу зэры*щымытыж*ынум папщlэ, "э"клэ къэмыlужрэ *"ы" къэlуклэ* зэр*игъуэтын*ури гурыlуэгъуэщ.

Ауэ, *"lуэху субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*хэр *"ы"нш*эу къызэрыlурэ *къыклэлъыклуэ псалъэм* и япэрей макъым *пыщlауэ* къызэрыlунур гурыlуэгъуэрэ жытlагъащи, мыпхуэдэу утыку къихьэнури зы *"макъ щэху зэхэжсыхьа"*уэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, *"ы"нш*э къэlуклэ зиlэ **"lуэху субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"**р ищхьэ къызпыхьэ **глаголыпкъ**ым и пэщlэдзэ макъым **хэжыхьа***уэ къызэрылу*нур (пп: къэ**скlу**хьащ) гурыlуэгъуэщи, ар **глаголыпкъыщхьэ макъ** мэхъур. Ар щыхъуклu, мы *макъ зэхэжыхьам ипэ* къихуэ **префикс***ыр глагыпкъым ищхьэ* дыдэм къы*пыт*у мэлъытэри **"э"клэ къоlу**р. Аращи, *"глагол префикс"*ымрэ *"глаголыпкъ"* зэхуакум щхьэжу къыдэхьэу (пп: къы**з**оклухь) ахэр зэпигъэклуэтэфкъыми, "э" къэlуклэ зиlэ "глагол префикс"ым мы и къэlуклэр зэхъуэклкъым.

Нытlэ, *"глагол пэщlэдзэ"* макъыр *"щхьэж макъ"*у е *"макъ зэхэжсыхьа"*уэ зэрыщытыфынур гурыlуэгъуэнщи, мыбдежым *"субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*р зэрылъытэ *макъыр* къыклэлъыкlуэ *макъым зэрыпыщlэ*клэрэ утыку къихьэр зы *"макъ зэхэжсыхьа"*уэ къызэрыlури гурыlуэгъуэнщи, бзэ лэжьэклэми мыр **фонетикэ**у *"макъ зэхэжсыхьа"*уэщ зэрилъытэр.

Зэрыгурыlуэгъуэу, ″макъ зэхэжыхьа″уэ щылъытэнури *″ит зэман нэмыщl″* лэжьэкlэхэрауэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, *″субъектив субъект″*хэм теухуауэ *″lуэху префиксиал глагол″*хэр *″ит зэман″*рэ *″блэкlа зэман″*кlэрэ зэры*″лажьэу ухуэ псалъэ″*хэу ипэкlэ къэдгъэлъэгъуауэ щыта щапхъэхэр ″макъ зэжыхьа″ къызэрыхъум зэрелъытакlэ я ″э″ къэlуклэр зэмыхъуэкl ″глагол префикс″хэм я лъабжьэр щlэтхъауэ мыбдежми къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

| |
|---|
| - «къэщlын: сэ къэ**с**щlащ»; «хуэгъэзэщlэн: сэ хуэ**з**гъэзэщlащ»;<br>- «хуэгъэзэщlэн: уэ хуэ**б**гъэзэщlащ»; «нэтхын: уэ нэ**п**тхащ»; «къэщlын: уэ къэ**п**щlащ (къэ**пl**щlащ)»;<br>- «хуэгъэзэщlэн: дэ хуэ**д**гъэзэщlащ»; «нэтхын: дэ нэ**т**тхащ»; «къэщlын: дэ къэ**т**щlащ (къэ**тl**щlащ)»;<br>- «нэтхын: фэ нэ**ф**тхащ»; «къэщlын: фэ къэ**ф**щlащ (къэ**фl**щlащ)»; «хуэгъэзэщlэн: фэ хуэ**в**гъэзэщlащ». |
| - «къэщlын: сэ къы**з**ощl»; «хуэгъэзэщlэн: сэ ху**з**огъэзащlэ»;<br>- «хуэгъэзэщlэн: уэ ху**б**огъэзащlэ»; «нэтхын: уэ ны**б**отх»; «къэщlын: уэ къы**б**ощl»;<br>- «хуэгъэзэщlэн: дэ ху**д**огъэзащlэ»; «нэтхын: дэ ны**д**отх»; «къэщlын: дэ къы**д**ощl»;<br>- «нэтхын: фэ ны**в**отх»; «къэщlын: фэ къы**в**ощl»; «хуэгъэзэщlэн: фэ ху**в**огъэзащlэ». |

″Субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″р ″глагол префикс″хэм къакlэлъыкlуэу ″глаголыпкъ″ым ищхьэм къызэрыпыхьэм теухуа мы щапхъэхэм нэмыщl, *″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″*хэр *″глагол префикс″*хэм я *зэхуакум дэту* лэжьэкlэ зиlэ глаголхэри щыlэщи, мыпхуэдэ глаголхэм я лэжьэкlэм ″глагол префикс″хэр къазэрыхэlуклми деплъынщ.

Мыпхуэдэ глагол лlэужьыгъуэхэрщ *″субъектив щхьэ″*хэм теухуа *″щхьэм къыриклуэ lуэху глагол″*хэрщи, абыхэм я *гъэпсыклэ*мрэ *префикс*хэр къазэрыпыхьэ щlыклэри *езы глагол* лlэужьыгъуэм *хуэlуа*уэ зэрыщытым папщlэ, я лэжьэкlэхэри ипэкlэ зи гугъу тщla ″lуэху префиксиал глагол″хэм хуэдэу зэрыщымытынури къыхэдгъэщынщ. Икlи, ″щхьэм къыриклуэ lуэху глагол″хэм игъуэр къыщысым деж щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Ауэ икlи, ″щхьэм къыриклуэ lуэху глагол″ лlэужьыгъуэу щымытми, глагол *″субъект″*ым нэмыщl, глаголыр *зытелэжьыхь*рэ *зытеухуэ*ри *″субъектив щхьэ″*уэ щыт лэжьэкlэ зиlэ глаголхэр щыlэщи, я *″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″*хэр *″глагол префикс″хэм яхэту* е *″префикс″*ымрэ *″глаголыпкъ″ зэхуакум дэту* ″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэм зэрыхэплъагъуэр гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, мыпхуэдэ лэжьэкlэрэ къэlуэтэкlэ зиlэ глаголхэм мы ипэкlэ зи гугъу тщlахэм теухуауэ щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Мы зэрыжытlауэ, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"*хэмрэ абыхэм "субъектив щхьэ"хэм теухуа лэжьэкlэрэ *къэlуэтэкlэ* зиlэ *глагол*хэр *"ит зэман"*рэ *"блэкla зэман"*у зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэм хиубыдэ *"субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*хэр ***"субъект"***рэ ***"дополненэ"***у зэрыщыткlэрэ мы къызэрыдгъэлъэгъуа щlыкlэу, *"*<u>префикс"у "э"кlэ къэlу</u>хэми я лъабжьэри мы зэрыщlэтхьа щlыкlэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщи, ипэкlэ и гугъу зэрытщla *"глагол префикс" къэlукlэ зэхъуэкlыныгъэ* къызэхъурэ къызэрымыхъуми деплъынщ:

- "къыгурыlуэн": «*у*къы**з**гуроlуэ; *у*къы**з**гурыlуащ»;
- "къыгуригъэlуэн": «*у*къыгуры**з**огъalуэ; *у*къыгуры**з**гъэlуащ»;
- "къыщыгъупщэн": «*сы*къы**п**щогъупщэ; *сы*къы**п**щыгъупщащ»;
- "къыщыгъэгъупщэн": «*сы*къыщы**б**огъэгъупщэ; *сы*къыщы**б**гъэгъупщащ»;

---

- "къыхуэцlыхун": «*фы*къы**т**хуоцlыху; *фы*къы**т**<u>хуэ</u>цlыхуащ»;
- "къыхуэгъэцlыхун": «къы*ф*худ**о**гъэцlыху; къы*ф*<u>хуэд</u>**г**гъэцlыхуащ»;
- "хузэфlэкlын": «**ф**хузэфlокl; **ф**хузэ<u>фlэ</u>кlащ»;
- "хузэфlэгъэкlын": «*т*хузэфlы**в**огъэкl; *т*хузэ<u>фlэ</u>**в**гъэкlащ».

*"lуэху субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"хэр "lуэху глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"хэм* ***хэмыгъуащэу къыхэлукlыфу зэрытхын хуей щlыкlэхэр****и къыхэгъэщыпхъэщ.*

*"lуэху субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*хэр *"ы"нш*эу къызэрыlум папщlэ, къыкlэлъыкlуэ макъым зэрыпыщlэу къызэрыlукlэрэ *"макъ зэхэжыхьа"*уи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэ щхьэ, мы макъ зэхэжыхьам *"щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*р *хэгъуэщэн*ри *игъуэкъыми*, ахэр *щхьэжу* зэры*лъытэну* щlыкlэ къэгъуэтыни хуейщ. Нытlэ, ар щхьэжу лъытэн папщlи, къыкlэлъыкlуэу мы зыпыщla макъым –псалъэм- къыхэгъэщын хуейщ. Мыр сытым дежи lуэхушхуэу мылъытапхъэми, щыlуэху щlыпlэхэр щыlэщи, мыбдежми мыбыхэм щыгъуазэ дыхуэхъуу *"щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*хэр *щхьэжу зэрылъытапхъэ*м и хэкlыгъуапlэхэм деплъынщ.

Адыгэбзэм *"макъ зэхэжыхьа"*хэр зэриlэм хуэдэу, *"макъ lуэр лимитацэ"*хэри (*"*макъ lуэр пlытla"хэр) зэриlэри гурыlуэгъуэщи, *"субъектив lуэху щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"* макъыу *"ы"нш*эу къэlухэр къыкlэлъыкlуэ макъым щызэпыщlэм деж, утыку къихьэ макъ зэпыщlэныгъэр *"макъ зэхэжыхьа"рэ "макъ lуэр пытla"*уэ зэрыплъытэфынурэ у*зэреджэфынур*и гурыlуэгъуэнщ. Мыбыхэм нэмыщl,

икӏи *къыкӏэлъыкӏуэр* зы *"макъзешэ"*у щыт *"субъектив щхьэ цӏэпапщӏэ гъэлъагъуэ"*р - "ы"ншэу къэӏуу щытми-, игъэзащӏэ къалэным теухуауэ *щхьэжу лъытэн* зэры*хуей*р гурыӏуэгъуэщи, мы игъэзащӏэ къалэныр хэмыгъуэщэн папщӏэ, мы *къыкӏэлъыкӏуэ макъзешэм зэришэу къызэрыӏун*у щӏыкӏэр зэр*емызэгъ*ынур гурыӏуэгъуэщ.

Ныт1э, мы зи гугъу тщӏахэм къызэрыхэкӏкӏэ, **"субъектив щхьэ цӏэпапщӏэ гъэлъагъуэ"**р *къыкӏэлъыкӏуэ макъым* **хэмыгъуащэу еджэн** *папщӏэ*, **зэрытх**ын хуей **щӏыкӏэ**хэр къыхуэгъуэтын хуейщ. Аращи, "субъектив ӏуэху субъект цӏэпапщӏэ"хэр хэмыгъуащэу къызэрыӏуфынур къыкӏэлъыкӏуэ макъым елъытауэ зэрыигъуэу зэрытхын хуейращи, ипэкӏэ зи гугъу тщӏа дэтхэнэ зыр зэрытхыну щӏыкӏэми мы илъабжьэкӏэ щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьынщ.

*Япэрауэ, "субъектив ӏуэху щхьэ цӏэпапщӏэ гъэлъагъуэ"* къалэн зыгъэзащӏэу *"ы"ншэу къэӏу макъ*ыр зыпыщӏауэ къызэрыӏуну къыкӏэлъыкӏуэ макъыр зы *"макъ ӏуэр нӏымла"*уэ -*"макъ ӏуэр лимитацэ"*у-щытмэ, къызэрыӏуну щӏыкӏэмрэ зэрытхун хуей щӏыкӏэм и гугъу тщӏынщ. Мыпхуэдэ зы псалъэр "макъ ӏуэр лимитацэ"у къежьэрщи, "ӏуэху" лӏэужьыгъуэу "ы"ншэу къэӏу "субъектив субъект цӏэпапщӏэ гъэлъагъуэ" макъыр занщӏэу зыпыщӏэнур зы *"макъ пыт1 нэгъыщэ"*у *"1"*ращи, "ы"ншэу къэӏу зы "макъдэкӏуашэ"у щыт *"субъектив субъект цӏэпапщӏэ гъэлъагъуэ макъ"*ыр *"макъдэкӏуашэ нӏымла"уэ къызэрыӏу*фынур гурыӏуэгъуэнщ. Адыгэбзэм мыпхуэдэ зы *"макъдэкӏуашэ нӏымла" хэмытмэ*, мы зи гугъу тщӏы макъ пыщӏэ къэӏукӏэр зыхэгъуэщэн щыӏэкъыми, *ӏуэхукъым*. Ауэ, мы *"субъект цӏэпапщӏэ гъэлъагъуэ"мрэ "1" нэгъыщэм* адыгэбзэм хиубыдэ зы *"макъ нӏымла" къагъэщӏ*ыу бзэм щызекӏуэмэ, мы *"субъект цӏэпапщӏэ гъэлъагъуэ"р щхьэжу* зэрылъ*ытэну* щӏыкӏэу зэры*тхын хуей*р гурыӏуэгъуэщ. Мыбыи и зы хэкӏыпӏэр мы *"ӏуэху"* лӏэужыгъуэ *"субъектив субъект цӏэпапщӏэ гъэлъагъуэ"*у "ы"ншэу къэӏу *макъыр "ъ"* нэгъыщэ къыкӏэлъыкӏуэу тхынращ; адрей и зы хэкӏыпӏэри мы *"субъектив субъект цӏэпапщӏэ"*р и *"макъ нӏымла"* щӏыкӏэу къызэрыӏуу тхынращ. Мы етӏунэ хэкӏыпӏэр "субъектив субъект цӏэпапщӏэ гъэлъагъуэ"м – абы ыкӏэлъыкӏуэ макъыр ("макъ ӏуэр пӏытӏа"р) къызэрыӏу "1"ым нэмыщӏ- аргуэру зы *"1" нэгъыщэ* къыкӏэлъыкӏуэу зэрытхыну щӏыкӏэращи, мыр нэхъ игъуэу лъытапхъэщ. Сыт щхьэ жыпӏэмэ, *къыкӏэлъыкӏуэ макъым* и къэӏукӏэм *зыригъэкӏуу къызэрыӏу*р жытӏагъащ "ы"ншэу къэӏу *"субъектив щхьэ цӏэпапщӏэ гъэлъагъуэ"*ри, мыбдежым абы *къыкӏэлъыкӏуэ* макъыр зы *"макъ*

*пытlа"*уэ (макъ lуэр пlытlа) зэрыщытым зэрезэгъкlэ, ар фlэкlыпlэ имыlэу къыззэрыlуну щlыкlэр *"макъ пlытlа"*уэщ. Араща, *"макъ lуэр пlытlа"*м ипэ къихуэу зыпызыщlэ *"субъектив lуэху субъект цlэпапщlэ"*м и *къэlуклэ*нур зы "макъдэкlуашэ пlытlа"уэ зэрыщытым зэрезэгъкlэ, "субъектив субъект цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"м "l" къищтэу *"макъ пlытlа"*уэ зэрылъытэкlэрэ *тхын*ыр зэрыигъуэр гурыlуэгъуэщ.

Мы къэтlуэтахэм теухуа щапхъэхэр илъабжьэкlэ *япэрауэ ди тхэклэ хабзэ*м нэмыплъ зэрыщlа щlыкlэу, *"субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*р псалъэ пэщlэдзэ *"макъдэклуашэ пlытlа"*м и *"l" нэгъыщэм дэщlыгъуу къэlуу* зыхэгъуэща псалъэхэр -я лъабжьэр мы зэрыщlэтхъауэ-къэдгъэлъэгъуэнщи, мыпхуэдэу къэдгъэлъэгъаухэми *"субъектив lуэху субъект цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*хэр псалъэ пэщlэдзэ *"макъ пытlа"*м зэры*хэмыгъуащэу* къызэрыгъэлъэгъуапхъэ щlыкlэу аргуэру *"макъ пlытlа"* къыпыщэжу тха щапхъэхэр къакlэлъыкlуэу къэдгъэлъэгъуэнщ:

"lыгъын": «**с**lыгъщ, **п**lыгъщ, **т**lыгъщ, **ф**lыгъщ» → «**с**lыгъщ, **пl**lыгъщ, **тl**lыгъщ, **фl**lыгъщ».

Мы и гугъу зэрытщlауэ, "lуэху глагол" гуэрхэр "макъ lуэр лимитацэ"кlэ ("lэ" → "lэ-ы" → "lы") къызэрежьэфынум нэмыщl, *"lуэху глагол"* гуэрхэми я пэщlэдзэ макъыр *"макъзешэ"*у зэрыщытыфынур гурыlуэгъуэнщ. Ар щыхъукlи, мыпхуэдэ "глагол"хэм я "лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"хэм "ы"ншэу къапыхьэну *"субъектив субъект цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*хэри къыклэлъыкlуэ мы *"макъзешэ"м зэмыгъуащэу* щхьэжу *къызэрылу*н хуей щlыкlэми *тхэклэ хабзэ*у зы хэкlыпlэ къыхуэгъуэтын хуейщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, "макъ щэху"рэ *"макъдэклуашэ"* лlэужьыгъуэщ *"субъект цlэпапщlэ гъэлъагъуэ макъ"*хэри, *"lуэху глагол" пэщlэдзэ*р зы *"макъзешэ"* лlэужьыгъуэмэ, абы занщlэу зэрызыришэнур гурыlуэгъуэщ. Ар щыхъукlи, "субъектив субъект цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"р щхьэжу зэрымылъытэнури и къалэныр игъэзащlэу зэрыщымытынур гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, "ы"ншэу къэlу *"субъектив субъект цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*р *щхьэжу лъытэн*рэ и *къалэныр игъэзащlэ*у зэрыщытыр *къыхэгъэщын* папщlэ, *"макъзешэ"м зэримышэу* къэгъэлъэгъуэн хуейщ. Мыпхуэдэр зэрыгъэзэщlэфынури алфавитым мыпхуэдэ къалэнхэри зыгъэзэщlапхъэу хэт "ъ" нэгъыщэклэрэщ: *"субъектив субъект цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*м *"ъ" нэгъыщэ* къыпыщэжмэ, къыклэлъыкlуэ "макъзешэ"мкlэ къэмыlуу *"щхьэж"*у зэрылъытэ *къэlуклэ* игъуэтынщи, *и къалэн*ыр наlуэу *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*м *хигъэзэщlыхь*у хэтынщ.

Нытlэ, мы иужьрейуэ зи гугъу тщlахэр *нобэ зэратх щlыклэхэр* къэдгъэлъагъуэу, ахэр *зэрытхын хуей щlыклэхэри* (*"субъектив субъект щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*м **"ъ"** нэгъыщэклэрэ *щхьэж къэlуклэ* зэригъуэта щlыклэу) *къаклэлъыклуэ*у мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| "ухуэн": «**с**ухуащ, **б**ухуащ, **д**ухуащ, **ф**ухуащ» → «**съ**ухуащ, **бъ**ухуащ, **дъ**ухуащ, **фъ**ухуащ». |

Мы ипэклэ зи гугъу тщlарэ къэтхьа щапхъэхэм нэмыщl, "субъектив lуэху щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"хэр къыклэлъыклуэ макъым пыщlауэ къызэрыlум *"макъзешэ зэхэжыхьа"*уи зэр*еджапхъэ*нур гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэхэм дежи, *"субъектив щхьэ цlэпапщlэ"*р зэрых*эгъуэщэфын*ур гурыlуэгъуэнщ; ауэ, сытым дежи мыпхуэдэ зэхэгъуэщэныгъэ къызэрымыхъури гурыlуэгъуэнщ. Дауи, мыпхуэдэ *хэгъуэщэныгъэ къэмыхъун папщlи*, игъуэ щыхъум деж, *"субъектив lуэху щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"м "ъ"* нэгъыщэ къы*пыщэ*н хуейщ. Мыпхуэдэ зэхэгъуэщэныгъэ къыщыхъури *"субъектив lуэху щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*хэм хуэдэ макъхэмклэрэ (с, з; д, т, тl; б, п, пl; ф, фl, в) къежьэ глагол лэжьэклэхэмрэ мы макъхэр зи *япэрей* макъыу щыт *"макъ зэхэжыхьа"*хэмклэрэ (пп: "дж, бж, бз, пщ") къежьэ глаголхэм я лэжьэклэхэращ.

Нытlэ, "макъ зэхэжыхьа"клэ къежьэ дэтхэнэ зы глаголымрэ, абы и етlуанэ макъклэ къежьэ глаголхэм мыпхуэдэ зэхэгъуэщэныгъэ къазэрытехъуклыфынур гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, мыпхуэдэ глаголитlым я лэжьэклэу ухуэ псалъэхэр сытым дежи зэхэгъуэщэнуи жыlэпхъэкъыми, нэхъ зэхэгъуэщэгъуафlэхэр язэрыхэтри гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, "глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ" лlэужьыгъуэ *зэхуэдэу тха псалъэ mlурыtl* щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщи, мыбыхэм щыщу мы зэрытха щlыклэклэ *адрейм хэгъуащэ псалъэр*и *"ъ"* нэгъыщэклэ *зэрытхын хуей щlыкl*эри зытеухуа *"субъект"*рэ *"глагол"*хэри къыхэгъэщыжауэ къыпытщэжынщ:

| |
|---|
| - "къэджэн": «къэджэфын хуэдиз къэджащ»;<br>- "къэжэн": «къэдж**ъ**эфын хуэдиз къэд**ъ**ащ» → «къэд**ъж**эфын хуэдиз къэд**ъж**ащ»;<br><br>- "къэбжын/къэбжыхьын": «къызэрыбжыхьын хуэдиз къэбжыхьащ»;<br>- "къэжыхьын": «къызэры**б**жыхьын хуэдиз къэ**б**жыхьащ» → «къызэры**бъ**жыхьын хуэдиз къэ**бъ**жыхьащ»;<br><br>- "къэпщтын": ар къэпщтащ;<br>- "къэштэн": «ар къэ**п**щтащ» → «ар къэ**пъ**щтащ»;<br><br>- "пщlэн": «пщlэфын хуэдиз пщlащ»; |

- ″щlэн″: «**п**щlэфын хуэдиз **п**щlащ» → «**пъ**щlэфын хуэдиз **пъ**щlащ»;

- ″бзын″: «зэрыбзыфын хуэдиз бзащ»;
- ″зын″: «зэры**б**зыфын хуэдиз **б**защ» → «зэры**бъ**зыфын хуэдиз **бъ**защ»;

- ″дзын″: «зэрыдзыфын хуэдиз дзащ»: (ар -пасив);
- ″зын″: «зэры**дз**ыфын хуэдиз **дз**ащ» → «зэры**дъ**зыфын хуэдиз **дъ**защ».

Мы къэта щапхъэхэм нэхъыбэ къызэрыпыщэфынури гурыlуэгъуэнщи, мыбдежым гулъытэ зыхуэщlыпхъэ щапхъэщ къэтхьахэр. Ипэкlи зэрыжытlауэ, мыпхуэдэ деталхэр нобэ ди тхэкlэ хабзэм нэмыплъ зэрищlыр гурыlуэгъуэщи, нытlэ, мы ипэкlэ зи гугъу тщlахэр игъуэ щыхъум деж зэрыигъуэкlэ зехьэн зэрыхуейри гурыlуэгъуэщ. Мыбдежым адыгэбзэ псалъэ гуэрхэр игъуэ щыхъум деж зэхэмыгъуэщэн папщlэ, зэрызэхэхунум теухуа *тхэклэ хабзэ*у мы къэдгъэлъэгъуахэр адыгэбзэкlэ тхэну дэтхэнэ гуэрым и инициативкlэрэ зэрыигъуэу зэрызехьэн хуейуэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, нобэрей ди бзэщlэныгъэм мыпхуэдэ деталхэр нэмыплъ зэрищlым ипкъ иткlэ, ди тхыбзэми нобэ мыпхуэдэ хабзэхэр щызэремыкlуэр гурыlуэгъуэщи, нытlэ мыдежым *тхэклэ хабзэ*у мы зи гугъу тщlахэр икlи ди *бзэщlэныгъэм*и зы **пропозицэ** яхурехъу.

## ″ОБЪЕКТИВ ЩХЬЭ ЦlЭПАПЩlЭ ЛЪЫТЭ″ХЭР

Ипэкlэ ″щхьэ цlэпапщlэ″хэм деж щыгъуазэ дызэрыхуэхъуащи, *″объектив щхьэ цlэпапщlэ″*хэр бзэр зыгъэлажьэрэ къэзыlуатэм хуэпэжыжьэрэ зэмыпсалъэ *″цlыху нэрыбгэ″хэмрэ ″цlыхуу щымыт″хэри зылъытэ*хэрщи, мыбдежми *″объектив щхьэ цlэпапщlэ″*хэр зэры*лъытэф*у *″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″м хиубыдэхэри ″цlыху нэрыбгэ″*хэмрэ *″цlыхуу щымыт″*хэр *зэрылъытэ*фу зэрызэщхьэщыфынур гурыlуэгъуэнщ.

Икlи, *″объектив щхьэ цlэпапщlэ″*хэу *″езырыж глагол″*хэм *″субъект″* хуэ*хъухэр ″езырыж″* лlэужьыгъуэу, *″lуэху глагол″*хэм *″субъект″* хуэ*хъухэр*и *″lуэху″* лlэужьыгъуэу зэрызэщхьэщыкlри гурыlуэгъуэщи, ахэр *″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэм щызэрылъытэф*ынури мы зэрызэщхьэщыкlым елъытауэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *″щхьэ цlэпапщlэ″*хэр *″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*хэм *щызэрыхэлъытэ*у *″щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″*хэм щыгъуазэ дыхуэхъуащи, ахэр*″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″*хэу зэрытлъытар наlуэщ. Мыбдежми, *″объектив щхьэ цlэпапщlэ″хэри ″глагол*

*лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"хэм* зэрыщыхэлъытэну щlыкlэращ къытпэщыыр. Ауэ, дэтхэнэ зы *"объектив щхьэ цlэпапщlэ"*р *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*м *щыхэлъытэф* щхьэ, мы щызэрыхэлъытэ щlыкlэхэр *"объектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"у* зэрым*ылъытапхъэ*ращ жыlэпхъэр.

Ахэр "сэ"м хуэпэжыжьэу *"объектив"*уи зэрилъытэм зэрезэгъкlэ, "сэ"м ахэр *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэм *"субъект"* зэрыхуэхъум теухуауэ зэрилъытэр а *глаголыр "объектив"*у *зэрыгъэзащlэм елъыта*уэщ. Аращи, *глаголыр зэрыгъэзащlэ* щlыкlэхэу *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"хэм* къыхэщхэращ а псалъэр *"объектив щхьэ цlэпапщlэ"м теухуауэ* зэрыщытыр *гурыlуэгъуэ къытхуэзыщl*ри, мыхэри - ипэкlэ зэрыжытlауэ- зэрыигъуэу *"объектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*у *лъытапхъэкъым*. Мы зэрыжытlауэщи, и зэпкъырыувэкlэм зэрелъытакlэрэ зы *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*р зытеухуа *"объектив щхьэ цlэпапщlэ"*р гурыlуэгъуэ къытхуэхъуми, мы гурыlуэгъуэ къызэрытхуэхъу щlыкlэр *"объектив щхьэ цlэпапщlэ"хэм къытехъукl*къым.

Аргуэру пыщапхъэмэ, *"объектив щхьэ цlэпапщlэ"*хэр *"езырыж"рэ "lуэху"у* зэрызэщхьэщыкlыр *lупщlыу* мэлъытэр. Икlи, *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэр зэрызэпкъырыувэ щlыкlэмкlэ ахэр зытеухуа "объектив щхьэ цlэпапщlэ"р *"езырыж"*рэ *"lуэху"* лlэужьыгъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэ къытхуохъур. Ауэ, мыхэр *гурыlуэгъуэ къытхуэзыщl*ыу псалъэ зэпкъырыувэкlэм къыхэщыр *"объектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*у зэрым*ылъытапхъэ*р гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэр *"езырыж"*рэ *"lуэху"* лlэужьыгъуэу зытеухуа *"субъект"*ыр -*"объектив щхьэ цlэпапщlэ"*у-зылъытэу мы **псалъэ**м и зэпкъырыувэкlэм *а нэхъыбэу* **къыхэщ**ынури (пп: зы "макъ") мы *псалъэр –ар зытеухуар- утыку къызэрихьэу* **зэрыгъэзащlэ щlыкlэ**р *гурыlуэгъуэ къытхуэзыщl*ырщ. Мыпхуэдэхэр *къызыхэщ псалъэми –ар мы зэрыгъэзащlэ щlыкlэми-* а псалъэр *зытеухуа* **"объектив щхьэ цlэпапщlэ"**р – икlи глагол лlэужьыгъуэр (**"езырыж"** е **"lуэху"**)- **гурыlуэгъуэ къытхуещl**ыр.

Мыхэр псалъэм къызэрыхэщ щlыкlэри а *глаголыр зэрылажьэ* **"зэман"**ым **елъыта**рэ теухуауэ зэрыщытри къыхэгъэщыпхъэщ.

*"Щхьэ цlэпапщlэ"*р зыщылъытэну псалъэм зэрыщылъытэну щlыкlэри псалъэр зи лэжьэкlэ глаголыр *"езырыж глагол"*рэ *"lуэху глагол"*у зэрыщытым зэр*елъыта*р гурыlуэгъуэщ. Икlи, глаголыр *"занщlэ"*рэ *"префиксиал"*у зэрыщытым зэр*елъыта*ри гурыlуэгъуэщи, мыбы нэмыщl,

мы ипэкlэ зэрыжытlауэ, глаголыр *зэрылажьэ зэманми елъыта*уэ зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ *"глагол лэжьэкlу ухуэ псалъэ"м "щхьэ цlэпапщlэ"р къызэрыхэщ*ынур.

Мы псалъэм зэрезэгъщи, *езыр езырурэ е "езырыж"у* зэрыгъэзащlэр *зылъытэ*у а *псалъэм* хэт *мак*ъращ а псалъэр зытеухуар *"езырыж объектив щхьэ цlэпапщlэ"*у зэрыщытыр гурыlуэгъуэ къытхуэзыщlыр; ар дыдэущи, *еклуэлlэныгъэрэ елэзэхьыныгъэ*у зэрыгъэзащlэр *зылъытэ*у а *псалъэм* хэт макъращ а псалъэр зытеухуар *"lуэху объектив щхьэ цlэпапщlэ"*у зэрыщытыр гурыlуэгъуэ къытхуэзыщlыр. Араща, *езыр езырурэ е "езырыж"у утыку къихьэр "субъект"ым къыпкърыкl*ырщи, ар зы *"езырыж глагол"*у зэрыщытыр гурыlуэгъуэ къытхуэзыщlырщ; *еклуэлlэныгъэрэ елэзэхьыныгъэу утыку къихьэр*и *"субъект"ым и лэжьыгъэ*кlэрэ *lуэхугъуэ*рщи, мыри зы *"lуэху глагол"*у зэрыщытыр гурыlуэгъуэ къытхуэзыщlырщ. Мы къэтlуэтахэр икlи *глаголыр зэрылажьэ зэманми елъыта*уэ зыгурыгъэlуапхъэщи, мыпхуэдэхэм илъабжьэкlэ зэрыигъуэу щыгъуазэ дыхуэхъунущ.

Мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ зэрыщlщи, ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″хэр зэрылъытэу *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"хэм "объектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ" хиубыдэкъым*. Нытlэ, ″цlыху нэрыбгэ″ ирехъу е ″цlыхуу щымыт″хэр ирехъу, я зэхуэдэ ″щхьэ цlэпапщlэ″у ″объектив″у лъытэхэрщи, ахэр ″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэми я зэхуэдэу ″объектив″ лlэужьыгъуэу щылъытэрэ къыщыlуатэхэрщ.

Мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщкlэ, *"объектив щхьэ цlэпапщlэ"*хэр *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*хэм *щызэрыхэлъытэ* щlыкlэхэм -**″объектив щхьэ цlэпапщlэ лъытэ″**хэм- **″езырыж″**рэ **″lуэху″** лlэужьыгъуэу -**гупитlу**- мы илъабжьэкlэ *щыгъуазэ хуэхъун*ыр игъуэщ.

**″Езырыж″ лlэужьыгъуэ ″объектив щхьэ цlэпапщlэ лъытэ″хэр.**

Зыгуэрыр езыр езырурэ утыку къызэрихьэр лъытэнрэ къэгъэлъэгъуэн къалэныр занщlэрэ зэрыигъуэу зыгъэзэщlапхъэ макъри *"мэ"* макърауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщи, мы и къалэнри ″езырыж глагол″хэм я ″лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″м ипэ къихуэу зэригъэзэщlэнури гурыlуэгъуэнщ. Ауэ икlи, **езыр езырурэ къэхъу***у* -*″субъект″*ым къыпкърыкlыу- *"занщlэ"у* утыку къихьэр *"мэ"* макъкlэрэщ зэры*лъытапхъэр*и, **″мэ″***клэрэ лъытэ* мы **езыр езырурэ** къэхъур икlи **къыщыхъум щыгъуэ**ращ –**″ит**

**зэман″**ращ- щылъытэр; нытlэ, мы *къызэрыхъуу* **занщlэу лъытэ**ри зы **″езырыж занщlэ глагол″** лlэужьыгъуэрщ.

Нытlэ, мы къызэрытlуэтауэ, *″езырыж занщlэ глагол″*хэр *щыгъэзащlэ*м щыгъуэ -**″ит зэман″**кlэрэ- зэры**″лажьэу ухуэ псалъэ″хэм ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″**хэр *″закъуэ″*рэ *″куэд″*у зэрыщыткlэрэ **щызэрылъытэ**м теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ:

- ″хъун″: «ар **мэ**хъу; ахэр **мэ**хъу(хэ)»;
- ″кlуэн″: «ар **ма**кlуэ; ахэр **ма**кlуэ(хэ)».

Мы щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэу, адыгэбзэ псалъэ зэпкъырыувэкlэм елъытауэ игъуэ къэlукlэ егъуэтыр *″мэ″*ми, мы етlуанэ щапхъэм *″ма″*уэ къызэрыlур хыболъагъуэр. Икlи, мы щапхъэхэм етlуанэ lыхьэр *″объектив щхьэ куэдагъ цlэпапщlэ″*м теухуащи, ар зэрыкуэдри *″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″ кlэух ″хэ″*м гурыlуэгъуэ къытхуещlыр. Ауэ икlи, езы ″объектив щхьэ куэдагъ цlэпапщlэ″м *зыщигъэлъагъуэм* деж, ″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″м куэдагъ зэрылъытэ *″хэ″* кlэух къыпыхьэн хуейуэ щыткъым.

*″Езырыж занщlэ глагол″*хэм теухуауэ мы иэпкlэ къэта щапхъэхэр *иклu* къекlуэкlыу щытым -*″ит зэман″*ым- теухуауи зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Ауэ, къэхъур *щыгъэзащlэ дыдэ*м мы *езыр езырурэ* утыку къызэрихьэр *зылъытэ*рщ *″мэ″* макъри, ар щыгъэзащlэ дыдэм *ипэрэ шужькlэ* зэрылъытэну щlыкlэри *езыр езырурэ къэхъуу* -″мэ″кlэрэ- зэры*мылъытапхъэ*р гурыlуэгъуэнщ.

Аращи, къэхъупхъэрэ къэхъуну щытми, иджыри **къэмыхъуа**мрэ **къэхъуагъэххэ**р – ипэкlэ зи гугъу тщla ит зэманым къызэрыхэщым хуэдэу- **езыр езырурэ къызэрыхъу** щlыкlэу зэры**мылъытапхъэ**р гурыlуэгъуэнщи, ″езырыж занщlэ глагол″ лэжьэкlэу **″ит зэманым нэмыщl″**хэр *къызпкъырыклрэ къызэрыпкъырыкl* щlыкlэ зэры*химыубыдэу* **″объектив″**у зэры*лъытапхъэ*р гурыlуэгъуэнщ. Мы жытlам гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlщи, ″ин зэманым нэмыщl″ лэжьэкlэ зиlэу *″ит зэманым нэмыщl гъэлъагъуэ″* зыхэзыубыдэ ″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэр зэрыгъэзащlэри -″мэ″- къыхэмыщу зэрызэпкъырыувэм ипкъ иткlэ, а зэманыгъуэм теухуауэ ″объектив″у гъэзащlэу мэлъытэри, зытеухуа *″субъект цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″* къызэрыхэмыщым папщlэ, *″объектив щхьэ цlэпапщlэ″*хэм *теухуа*уэщ зэрылъытапхъэр. – Мы псалъэр *″субъектив щхьэ цlэпапщlэ″хэм теухуауэ щытатэмэ*, абыхэм *я ″щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″*хэр мы *псалъэм* зэры*хиубыдэну*р гурыlуэгъуэнщ.

*″Ит зэман″ым теухуауэ зэрылажьэу мы зи гугъу тщlа мы ″езырыж занщlэ глагол″хэр ″ит зэман нэмыщl″ зэманыгъуэ*кlэрэ (пп: ″блэкlа зэман″ым) зэры*″лажьэу ухуэ псалъэ″хэм ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″*хэр *щызэрылъытэ* щlыкlэхэм теухуа щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - ″хъун″: «ар хъу**а**щ; ахэр хъу**а**(хэ)щ»; «ар хъун**у**щ; ахэр хъун**у**(хэ)щ»;<br>- ″кlуэн″: «ар кlу**а**щ; ахэр кlу**а**(хэ)щ»; «ар кlуэн**у**щ; ахэр кlуэн**у**(хэ)щ». |

*

*″Ит зэман″рэ ″ит зэман нэмыщl″хэм теухуауэ зэрылажьэу мы ипэкlэ зи гугъу тщlахэр ″езырыж занщlэ глагол″хэрщи, абыхэм ″префикс″ къызэращтэу къатехъукl **″префиксиал езырыж глагол″**хэм я ″лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэр зытеухуа *″объектив щхьэ цlэпапщlэ″*хэм теухуауэ зэрылъытапхъэми щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьынщ.

Ипэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъуащ къэхъур *езыр езырурэ къызэрыхъур ″ин зэман″*ми теухуауэ къызэрыхъури, ауэ икlи мы *къэхъур занщlэу къызэрыхъу*ри жытlагъащ. Аращи, къэхъур *езыр езырурэ занщlэу къыщыхъу дыд*эм теухуащ ипэкlэ *″мэ″кlэрэ лажьэ*у къэта щапхъэхэри, ахэр *″занщlэ езырыж глагол″* лlэужьыгъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Икlи гурыlуэгъуэнщ, къэхъур **къыщыхъу дыдэм -**″ит зэман″ым- *занщlэу къэмыхъуу зы **″кондицэ″**м пыщlа*рэ зэр**елъытакlэрэ** *езыр езырурэ* **къэхъу**у лъытапхъэщи, мыпхуэдэ къэхъукlэри зэрыигъуэу езыр езырурэ къэмыхъууи лъытапхъэщ. Нытlэ, *″кондицэ″* жыхуэтlэр *″префикс″щ*и, зы *″префиксиал езырыж глагол″*ыр и ″префикс″ макъ мыхьэнэм теухуа *″кондицэ″м елъыта*уэ зэрылэжьэнум папщlэ, ар *езыр езырурэ мыгъэзэщlэ*уи лъытапхъэщ.

Ар щыхъукlи, ″префиксиал езырыж глагол″хэр ″объектив щхьэ″хэм теухуауэ зэрылэжьэну щlыкlэхэр и ″кондицэ″м –и ″префикс″ым-елъытауэщи, мы ″езырыж глагол″ыр зытеухуа къэхъуныгъэр ″префикс″ым къыпкъырыкlрэ къыщыхъу зэманыгъуэри зыхиубыдэущ ″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″р зэрызэпкъырыувэнур. Мы зэрыжытlауэ, *префиксым* зэр*елъыта*кlэрэ *объектив*у къызэрых*ъур зэрылъытэ* мы псалъэм ″объектив щхьэ″уэ *куэдагъ* мыхъумэ зыгуэр къызэрыхэмыщынур гурыlуэгъуэщ.

Мыхэр зытежытlыхьа *″префиксиал езырыж глагол″* лэжьэкlэхэр икlи *объективрэ езыр езырурэ зэрыгъэзащlэ*у зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Мы зэрыжытlам зэрезэгъкlэ, ипэкlэ *″занщlэ езырыж глагол″хэм ″префикс″* къызэращтэу къатехъукl *″префиксиал езырыж глагол″*хэр *″ит*

*зэман"*рэ *"нэмыщl зэман"*хэм теухауэ зэрылажьэ щапхъэхэри мыбыдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «къэхъун: ар къ**о**хъу; ахэр къ**о**хъу(хэ)»;<br>- «къэкlуэн: ар къ**о**кlуэ; ахэр къ**о**кlуэ(хэ)». |
| - «къэхъун: ″ар къэхъу**а**щ; ахэр къэхъу**а**(хэ)щ″; ″ар къэхъун**у**щ; ахэр къэхъун**у**(хэ)щ″»;<br>- «къэкlуэн: ″ар къэкlу**а**щ; ахэр къэкlу**а**(хэ)щ″; ″ар къэкlуэн**у**щ; ахэр къэкlуэн**у**(хэ)щ″». |

Мы къэта префиксхэм нэмыщl, *"р"ыкlэрэ зэпыщlа "префикс"*хэмкlэ ухуа *"езырыж префиксиал глагол"*хэр *"ит зэман"*рэ ″адрей зэман″хэм - *"блэкlа зэман"*ым- теухуауэ зэрылажьэ щапхъэхэри къэтхьынщ:

| |
|---|
| - ″ирикlуэн″: «ар ир**о**кlуэ; ахэр ир**о**кlуэ(хэ)»;<br>- ″къырикlуэн″: «ар къыр**о**кlуэ; ахэр къыр**о**кlуэ(хэ)»;<br>- ″пэрыувэн″: «ар пэр**о**увэ; ахэр пэр**о**увэ(хэ)»; |
| - ″ирикlуэн″: «ар ирикlу**а**щ; ахэр ирикlу**а**(хэ)щ»;<br>- ″къырикlуэн″: «ар къырикlу**а**щ; ахэр къырикlу**а**(хэ)щ»;<br>- ″пэрыувэн″: «ар пэрыув**а**щ; ахэр пэрыув**а**(хэ)щ». |

″Р″ыкlэ зэпыщlауэ ухуа ″префикс″хэм *"р"ым къыкlэлъыкlуэ*р *"макъзешэ"*у щытмэ, ар *"ит зэман гъэлъагъуэ"*у щыт *"о"*м и къэlукlэм зэры*хэгъуэщэфын*ур гурыlуэгъуэнщи, мы ипэкlэ къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэу, *"р"ым къыкlэлъыкlуэ "и"*р –″ы″ри- *"ит зэман"* лэжьэкlэу зэрыхэкlуадэ щlыкlэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ:

| |
|---|
| - ″ирикlуэн″: «ири**о**кlуэ → ирй**о**кlуэ → ир**о**кlуэ»;<br>- ″къырикlуэн″ : «къыри**о**кlуэ → къырй**о**кlуэ → къыр**о**кlуэ»;<br>- ″пэрыувэн″: «пэры**о**увэ → пэр**о**увэ». |

**″lуэху″ лlэужьыгъуэ ″объектив щхьэ цlэпапщlэ лъытэ″хэр.**

Мы ипэкlэ ″езырыж глагол″хэм я ″лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″ зэпкъырыувэкlэхэр а псалъэр зытеухуа ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″р зэрылъытапхъэу къэтlуэтахэр икlи ″lуэху глагол″хэм я ″лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″ зэпкъырыувэкlэхэмкlэ ар зытеухуа ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″р зэрылъытэфынум лъабжьэ зэрыхуэхъур гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, мыбдежым гурыlуэгъуэрэ щыгъуазэ дыхуэщlыпхъэу ипэкlэ къэтlуэтахэр аргуэру къэтlуэтэн хуейуэ щыткъыми, занщlэу ″lуэху″ лlэужьыгъуэ ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″м теухуауэ зэрыщытклэрэ ″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″ зэпкъырыувэкlэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Ауэ, езыр езырурэ гъэзащlэ lуэхугъуэхэу зэрыщымытыр гурыlуэгъуэщ ″lуэху глагол″хэри, зыгъэзэщlэнур утыку къыригъэхьэну лэжьыгъэ лlэужьыгъуэхэрщ. ″lуэху″ зыгъэзащlэу утыку къизылъхьэну ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″ри lуэхум зэрызыхуиунэтlрэ ар къызэрилэжьыр ″объектив″у зылъытэущ псалъэхэми къызэрыхэщыпхъэр.

Мы псалъэми зэрезэгърэ ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, *″сэ″м хупэжыжьэ*у зэмыпсалъэм *–цlыху* е *нэгъуэщl- луэху игъэзащlэ*у зэрыщытыр *–″иджы/ит зэман″*у- а lуэхугъуэм зэр*екlуалlэ*рэ зэры*телэзыхь*ыр -зэриджыр- зэрилъытэкlэрэщи, мыпхуэдэри зэры*игъуэ*у *зэрылъыт*энури *″екlуэлlэн″*рэ (е: ″иэ″) *″джын″* (и) -″абзсис″ыгъэ- *мыхьэнэ* зиlэ *макъхэмкlэ*рэщ. Араци, *″lуэху занщlэ глагол″*ыр *″иджы/ит зэман″*у *″объектив щхьэ″*м теухуауэ зэры″лажьэу ухуэ псалъэ″м хэплъагъуэ **″е″**р ″иэ-и″ (иэй) макъхэр зыхэзыубыдэрщ.

Мы зэрыжытlауэ ухуэ псалъэр ″объектив куэд щхьэ″м теухуамэ, мы екlуэлlэныгъэрэ джыгъуэ зэрылъытэ макъым (е) и куэдагъращ псалъэм хэхьэрэ къыхэщри, мыри ″екlуэлlэн″рэ (иэ) ″джын″ (и) зэрылъытэ ″е (иэй) макъым и куэдагъщ (а):

| |
|---|
| «″е(иэй)-а″ → ″еа″ → **я**». |

Ипэкlэ ″езырыжу″ лъытэ ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″хэм теухуауэ ″куэдагъ″ (хэ) зэрылъытэмрэ ″lуэху″ лlэужьыгъуэ ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″хэм теухуа куэдагъ (а) зэрылъытэр зэрызэщхьэщыкlыр нэрылъагъущи, ″lуэху глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″м куэдагъэу щыгъэлъагъуэр (я) lуэхум *екlуалlэ*рэ (иэ) *къэзлэжь*ыр (и) зэры*куэд*ращ (а).

Нытlэ, ″объектив щхьэ″м теухуауэ *″иджы/ит зэман″у* зэры″лажьэу ухуэ псалъэ″хэр зэрыгъэзащlэ щlыкlэу мы къэтlуэтахэр гурыlуэгъуэщи, мы илъабжьэкlэ япэрауэ ″lуэху занщlэ глагол″хэр мы зэрыгъэзащlэ щlыкlэу зэрылажьэрэ ″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэм ″объектив щхьэ″хэр зэрыхэлъытэ щапхъэхэр къэтхьынщ:

| |
|---|
| - ″щlын″: «абы **е**щl; абыхэм **я**щl»;<br>- ″гъэзащlэн″: «абы **е**гъэзащlэ; абыхэм **я**гъэзащlэ». |

Ипэкlэ зэрыжытlарэ къэта мы щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэщи, щыгъэзащlэм щыгъуэ -*″иджы зэман″*- гъэзащlэрэ *джы*р (и) ″сэ″м зэрилъытэкlэрэ *екlуэлlэн*ыгъэкlэрэщ (иэ). Ауэ, мы lуэхугъуэр щыгъэзащlэ зэманыгъуэм нэмыщlхэм *–″иджы/ит зэман нэмыщl″*- мы *луэхур* ″сэ″м *зэрилъытэнур* ″екlуэлlэн″кlэрэ гъэзащlэукъыми, глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″м хиубыдапхъэр ар зы *″джын″* (и) -″абзсис″ыгъэ- lуэхугъуэу

зэрыщытклэрэщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, мы lуэхур –джыгъуэр- ″объектив субъект″ым теухуауэ зэрылъытэр псалъэ пэщlэдзэу ″и″клэрэщ. Ныtlэ, мы *джыгъуэ*р (и) къэзлэжьыр *куэд*агъэу (а) щытмэ, ар зэрылъытэну щlыклэри мыпхуэдэу къэдгъэлъэгъуэнщ:

«″и-а″ → ″иа″→″йа″ → **я**».

Ауэ икlи, *гъэзэщlагъэххэ*рэ *иджыри мыгъэзэщlарэ гъэзэщlэну* щытхэри *″зэман гъэлъагъуэ″*хэу ″глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ″хэм хиубыдэу зэрыщылъытэнури гурыlуэгъуэщ.

Ныtlэ, мы къэтlуэтахэм зэрезэгъклэ, ипэклэ щапхъэу къэдгъэлъэгъуауэ щыта *″занщlэ lуэху глагол″*хэр мыбдежым *″блэкla″*рэ *″къэклуэну″* зэманыгъуэхэм теухуауэ *″объектив щхьэ″*хэмклэрэ зэры″лажьэу ухуэ псалъэ″хэм *″зэман гъэлъагъуэ″*хэмрэ (*а, у*) lуэхур зэрыгъэзащlэр (пп: ″**и**″) зылъытэ макъхэр щхьэхуэ щхьэхуэу къызыхэгъэща щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ:

- ″щlын″: «абы **и**щl*а*щ; абыхэм **я**щl*а*щ»; «абы **и**щlын*у*щ; абыхэм **я**щlын*у*щ»;
- ″гъэзэщlэн″: «абы **и**гъэзэщl*а*щ; абыхэм **я**гъэзэщl*а*щ»; «абы **и**гъэзэщlэн*у*щ; абыхэм **я**гъэзэщlэн*у*щ».

Мыхэр ″занщlэ глагол″хэм теухуа лэжьэклэхэрщи, *″lуэху″р* зэрыгъэзэщlэну щlыклэр –зэрыгъэзэщlэну кондицэр- *зэлъытэр ″префикс″*у зэрыщытым ипкъ иткlэ, *″lуэху глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ″*хэм *ипэм ″префикс″*ыр къызэрыхэщынур гурыlуэгъуэщ. Ар щыхъукlи, а lуэхур *еклуэлlэн*ыгъэрэ (е: ″иэ″) *джын*ыгъэри (и) *″префикс″*ым *елъыта*рэ къыклэлъыклуэу гъэзащlэу зэрыщытынур гурыlуэгъуэщи, псалъэми мыпхуэдэущ къызэрыхэщынур. Ныtlэ, мы ″lуэху глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ″хэм ″еклуэлlэныгъэ″рэ (е) ″джыгъуэ″р (и) зэрылъытэ мы макъхэри ″префикс″ къалэн зыгъэзащlэ макъым елъытауэ къызэрыхэlунур гурыlуэгъуэщ.

Мы къыпытщэжари зэрыхэлъыжькlэрэ, мы глаголхэм ″префикс″ къащтэу къатехъукl *″префиксиал lуэху глагол″*хэм я *″лэжьэклэу ухуэ псалъэ″*хэм мы ипэклэ зи гугъу тщla *″еклуэлlэн″*ыгъэрэ *″джыгъуэ″*хэмрэ икlи *″зэман гъэлъагъуэ″*хэр зэрыхэхьэ щlыклэхэм теухуа щапхъэхэри илъабжьэклэ къыщыдгъэлъэгъуэнщ. Ауэ, япэрауэ мыпхуэдэу ухуэ ″макъ зэхэжыхьа″хэм хиубыдэхэм нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

*

Ныtlэ, мыпхуэдэ лэжьэклэу ухуэ псалъэхэм *″щхьэ цlэпапщlэ″*рэ *″зэман гъэлъагъуэ″*хэр зэрыхиубыдэмрэ, ахэр зыхэзыубыдэ *″макъ зэхэжыхьа″*хэм

зэрыхэтрэ къызэрыхэщ щlыкlэхэм мыбдежым аргуэру нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дыхуэтщlым иужь дихьэнщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, ″э″уэ щымытыжыр -функционалу щымытыжыр- ″а″уэщ зэрылъытэри, ″сэ″м хуэпэжыжьэрэ и ″субъектив″ыгъэм имытыр ″сэ″м и ″объектив″ыгъэм итущ -″объектив″ущ- зэрылъытэр. Мы псалъэм зэрезэгъкlэщ ″объектив щхьэ цlэпапщlэ″хэр псалъэу (ар, абы; ахэр, абыхэм) зэрыухуар.

Ауэ икlи, ″lуэху глагол″хэр *″субъект″*ым игъэзащlэрэ иджу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ″lуэху″р зыгъэзащlэр ″объектив щхьэ″уэ щытмэ, *″джыгъуэ″*р мы зэрылъыта щlыкlэу *″объектив″*у зы *″абзсис″*ыгъэу *″и″*кlэрэ зэрылъытапхъэм зэрезэгъкlэ, *″lуэху глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*хэм *″объектив щхьэ закъуэ″*р *″и″*кlэрэ щызэрылъытэр (пп: абы *и*щlащ) гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, мыпхуэдэ зы lуэхур зыгъэзащlэр *″объектив щхьэ куэд″*у щытмэ, *″и″*м и *″куэд″*агъэущ (*а*) зэрылъытапхъэри (*иа*), *″lуэху глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*хэм *″объектив щхьэ куэд″*ыр *″иа″*уэщ (*я*) щызэрыхэлъытэнур.

Мыр lуэхур щыгъэзащlэ дыдэм теухуакъыми, ″lуэху″р *щыгъэзащlэ дыдэм ″объектив щхьэ″*хэр а *lуэхум екlуалlэу* (*иэ*) зэрилъытэр гурыlуэгъуэщ ″сэ″ми, *″объектив щхьэ закъуэ″*м ″lуэху″р мы зэригъэзащlэр *екlуэлlэн*рэ (иэ) *джын*кlэрэу (и) зэрыщытым ипкъ иткlэ, *″объектив щхьэ закъуэ″*р *″lуэху глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*хэм щызэрыхэлъытэну щlыкlэри *″иэи″*уэщ (мыри *″е″*уэщ зэрытхар). Мыпхуэдэ зы lуэхур *″объектив щхьэ куэд″*кlэрэ *щыгъэзащlэ*рэ щыджри (и) ахэр (а) lуэхум зэр*екlуалlэ*хэущи (иэа), *″lуэху глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*хэм *″объектив щхьэ куэд″*ыр зэрыхэлъытэну щlыкlэри *ахэр зэрекlуалlэ*рэ (иеа) *абыхэм зэрадж* (иа) щlыкlэу *″иэйа″*уэщ (ари *″я″*уэщ зэрытхынур).

Нытlэ, мы къэтlуэтахэм къызэрыхэщщи, *″lуэху″р* щыджрэ *щыгъэзащlэ дыдэ*м теухуа *″lуэху глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*хэм я *″субъект″*хэр зэрылъытэ *″объектив щхьэ цlэпапщlэ″*хэр *зэрыхэлъыт*эну щlыкlэр *екlуэлlэн*ыгъэрэ (иэ) *джыгъуэ*кlэрэщи (и), мыпхуэдэу гъэзащlэри ″ит зэман″ым теухуауэ зэрыщытыр ипэкlэ жытlагъэххэщ:

| «*″иэ***й***″* → ***е***». |
|---|

Аращи, *″субъект″*ыр зэрекlуалlэу (иэ) джыр (и) е екlуэлlэныгъэкlэрэ (иэ) джыр (и) lуэхур ″щыджым щыгъуэ″ращи (″ит зэман″ращи), адрей зэманхэм теухуа лэжьэкlэу ухуэ псалъэм хиубыдэр зыджырщ (и) е джырщ (и). Мыбыхэм я куэдагъэри мыпхуэдэу зэрызэщхьэщыкlынур

гурыIуэгъуэнщи, *"ит зэман"*ым *сует куэдкIэрэ гъэзащIэ*р щыгъэзащIэр IуэхумекIуалIэрэ (*иэ*) джыгъуэри (**и**) зэрыкуэдкIэрэ (а) зэрылъытэуэ *"***я***"*уэ зэхэтхыу ттхы мы *"*иэйа*"* макъ зэхэжыхьам и кIуэцIкIэ хиубыдэ дэтхэнэ зы макъым мы зэрыдгъэлъэгъуа щIыкIэу гулъытэ зэрыхуэщIыпхъэу къэдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| «*"иэ***й***"* → ***я***». |

Мыхэр псалъэхэм ищхьэм зэрыхэхьэу къыIэрыIу щIыкIэхэм теухуащи, глаголыр *"*префиксиал Iуэхуглагол*"*у щытмэ, *"объектив щхьэ"хэр "префикс"*хэм *къакIэлъыкIуэу* псалъэхэм зэрыхэтынури гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, мы ипэкIэ зыхиубыдэ макъхэмкIэрэ илъытэхэр гурыIуэгъуэ зэрищIыу къэдгъэлъэгъуа мы макъ зэхэжыхьахэр *"*префикс*"*хэм къакIэлъыкIуэу къыIэрыIуну щIыкIэхэри абыхэм хиубыдэхэр зэрылъытэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ. Аращи, *"субъект щхьэ лъытэ"*р къыIэкIэлъыкIуэ префиксыр (къэ) *"*э*"*кIэрэ къыIэрыIум –кIуэтэгъуэ зэриIэм-зэрезэгъкIэ псалъэм ищхьэм *"екIуэлIэныгъэ"* зылъытэ *"*иэ*"*р *"эй"*уэщ къыIэрыIунури, джыгъуэри (**и**) къыIэрыпыхьэжкIэрэ *"эй***й***"*уэщ ипэкIэ *"иэ***й***"*уэ къэдгъэлъэгъуар къыIэрыIуну щIыкIэр:

| |
|---|
| «*"иэ***й***"* → ***е***» → «*"..эй***й***"* → ***е***». |

*"*Префиксиал Iуэхуглагол*"*хэм я *"*лэжьэкIэу ухуэ псалъэ*"*хэм *"*объектив щхьэ закъуэ*"*р щыIэрыхэлъытэу къыIэрыхэIукIыр мыпхуэдэщи, ахэр *"*объектив щхьэ куэд*"*ым теухуауэ зэрылъытэрэ къыIэрыIуатэми ипэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ. НытIэ, *"*префиксиал Iуэхуглагол*"*хэм я *"*лэжьэкIэу ухуэ псалъэ*"*хэм *-псалъэ пэщIэдзэ*мрэ *псалъэ кIуэцI* е *префикс нэужь*ым- *"*объектив щхьэ куэд*"* къыIэрыхэщри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| «*"иэ***й***"* → ***яй*** → ***я***»; «*"...эй***й***"* → *"...***а*** ***й/а*** *"*». |

Ауэ, мы *куэдагъ лъыт*эу щыт *"*а*"*р *"*объектив субъект*"*ыр зэры *"куэд"*ыр зылъытэу щытмэ, ари ***"субъект"*** зэрыдгъэлъагъуэ щIыкIэу къыхэгъэщауэ тхынри игъуэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри *"*Iуэхуглагол*"*хэм я *"*иджы/ит зэман*"*рэ *"*блэкIа, къэкIуэну*"* зэманхэм теухуа -зэщхьэщыгъэкIа тхэкIэхэу-*"*лэжьэкIэу ухуэ псалъэ*"*хэм зэрыхиубыдэу къэдгъэлъэгъуэжынщ:

| |
|---|
| - *"*Iуэхуглагол*"* лэжьэкIэр *"иджы/ит зэман"*у:<br>«*"иэ***ай***"* → ***яй*** → ***я***»; «*"...эй***йа***"* → *"...***ай***"* → *"...****а"***»;<br>- *"*Iуэхуглагол*"* лэжьэкIэр *"блэкIа"*рэ *"къэкIуэну"* зэману:<br>«***"иа/йа"*** → ***я***»; «*"...***йа***"* → *"...***ай***"* → *"...***а***"». |

Мы къэтIуэтахэм зэрезэгъкIэ, зы *"IуэхупрификсиалглагоI"*ымрэ къызытехъукIа *"IуэхузанщIэглагол"*ри *"объектив щхьэ закъуэ"*рэ

*"объектив щхьэ куэд"*ым теухуауэ *"иджы/ит зэман"рэ "блэкIа зэман"*у *зэрылажьэ* щапхъэхэри мыбдежым къэдгъэлъэгъуэнщ:

- *"*къэщIын*"* (*иджы/ит зэманкIэ*) : «абы къ***е***щI {***е***: эй**й**}» → «абыхэм къ***еа***щI → абыхэм къ**а***й*щI {*"эй" → й*}→ абыхэм къ***а***щI {*"***а***й" → **а***}»;
- *"*къэщIын*"* (*блэкIа зэманкIэ*): «абы къ**и**щI*а*щ → «абыхэм къ**иа**щI*а*щ → абыхэм къ**а**щI*а*щ»;

---

- *"*щIын - къэщIын*"*(*ит зэманкIэ*): «абыхэм ***я***щI» → «абыхэм къэ***я***щI → абыхэм къ***а***щI»;
- *"*щIын - къэщIын*"* (*блэкIа зэманкIэ*): «абыхэм **я**щI*а*щ» → «абыхэм къэ**я**щI*а*щ → абыхэм къ**а**щI*а*щ».

**Мы щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр:**

- Мы *"*Iуэху глагол*"*хэм я *"*лэжьэкIэу ухуа псалъэ*"*хэм **къыхэгъэща**уэ хэтхахэр ***"*объектив субъект лъытэ*"***хэрщи, мы псалъэхэм *"*щхьэ куэдагъ*"*у (а) хэлъытэхэри ***"*объектив субъект*"***у зэрыщытым папщIэ, ахэри **къыхэгъэща**уэщ (**а**) зэрытха щIыкIэр.

- Мыбы нэмыщI, мы *"*Iуэху глагол*"*хэм я *"*лэжьэкIэу ухуа псалъэ*"*хэм *италикэ*у хэтхахэри *"зэман лъытэ"*хэращи, *"екIуэлIэн"ыгъэу* зэрылъытэу *"иджы зэман"* лъытэхэмрэ (*иэ; эй*), *"блэкIа зэман"* зэрылъытэ *"а"* макъхэр мыпхуэдэщ.

- НытIэ, ***"*объектив субъект лъытэ*"***у ***"*щхьэ закъуэ*"***рэ (**и**) е ***"*щхьэ куэдагъэ*"*** (**я, а**) макъхэмрэ, *"*екIуэлIэн*"*ыгъэрэ *"иджы зэман лъытэ"* (*иэ; эй*) макъхэр зэрызэгухьэрэ *зэхэжыхьауэ къызэрыIур зэрытха "*тхыпкъ*"*хэри –зэрыигъуэу-**къыхэгъэща**рэ икIи *италикэ*у (***е; я, а***) мы зэрытхахэри нэрылъагъущ.

## ЕЩАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ
## *"*ЗЭМАНЫГЪУЭ*"*ХЭР ЗЭРЫЛЪЫТЭ ПСАЛЪЭХЭМРЭ, ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКIЭХЭМИ ЗЭРЫХЭЛЪЫТЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

### *"*ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКIЭУ УХУЭ ПСАЛЪЭ*"*ХЭМ *"*ЗЭМАНЫГЪУЭ*"*ХЭР ЗЭРЫХЭЛЪЫТЭ ЩIЫКIЭХЭР: *"*ЗЭМАН ГЪЭЛЪАГЪУЭ*"*ХЭР

**"Иджы"рэ "ит зэман"ым теухуауэ.**

*"Щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэрэ лъытэ"*хэм *теухуа*уэ мы ипэкIэ щыгъуазэ дызыхуэхъуахэм и *иужьрей*уэ къэгъэлъэгъуа *таблицэхэм "езырыж глагол"*рэ *"Iуэху глагол"*хэм я *"лэжьэкIэу ухуа псалъэ"*хэм икIи *"зэман гъэлъагъуэ"*хэр *"иджы/ит зэман"*рэ *адрей зэман*хэу зэрыхэлъытэ щыкIэхэри зэрызыхуибыдэр нэрылъагъущ. Аращи, глаголхэр зэрылажьэу мы зи гугъу тщIы *"*субъект*"*хэм нэмыщI, глагол лэжьэкIэхэр фIэкIыпIэ

имыIэу ″зэман″ым елъытарэ теухуауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэнщи, *″глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ″*хэм флэкIыпIэ имыIэу *″субъект щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэрэ лъытэ″* зэрыхиубыдэм хуэдэжу, глаголыр зэрылажьэ ″зэман″ зэрылъытэ *″зэман гъэлъагъуэ″*и зэрыхиубыдэнур гурыIуэгъуэщ.

ИкIи, ″ит зэман″ жыхуэтIэр ″иджы зэман″ым къызэрытехъукIа щIыкIэри мы ипэкIэ къыщедгъэкIуэкIа лэжьыгъэхэми къыщытIуэтащи, *″иджы зэман″ым ″ит зэман″ыр къызэрытехъукI лъагъуэ*у ипэкIэ зи гугъу тщIам мыбдежми зэрыигъуэу аргуэру и гугъу щIыныр игъуэщ.

НытIэ, ″Iэмыр модэ″ лэжьэкIэм къыщIидзэу ″ит зэман″ зэрылъытэм нэгъунэ ″глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ″хэм ″иджы зэман″ хэлъытэу зэрыщытар жыIэпхъэщи, *″иджы зэман″ым ″ит зэман″ыр къызэрытехъукI*ауэ зи гугъу тщIы *лъагъуэ*ми мыбдежым –зэрыигъуэу-*аргуэру* дыщыхэплъэжынщ:

| | | |
|---|---|---|
| «кIуэ! → **уэ** кIуэ! → **уэ** кIуэ → **уэ** *у*кIуэ → **у***э*укIуэ → **у***о*кIуэ → **уэ у***о*кIуэ» | | |
| **″Iэмыр модэ″** псалъэхэр (*иджы зэман*) | *″иджы зэман″*у ухуа **″хъыбарегъащIэ″** псалъэрэ къэIуэтэкIэхэр | *″ит зэман″*у ухуа **″хъыбарегъащIэ″** псалъэрэ къэIуэтэкIэхэр |

Мы къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэу, глагол лэжьэкIэр къызэрыIуатэ ″псалъэухыгъэ″хэм ″субъект″ыр ″щхьэ цIэпапщIэ″у зэрылъытарэ, ″глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ″хэми ″щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″у зэрыхэлъытар нэрылъагъущи, икIи, ″иджы зэман″ым къыщыхъур къызэрыхъу щIыкIэу зылъытэ ″ит зэман″ыр зэрылъытэри ″субъектив субъект щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″мрэ ″ужьыгъуэ″ (у) лъытэм къызэрытехъукIари гурыIуэгъуэщ.

*″IэмыР модэ″* лIэжьыгъуэ псалъэу, *″сэ″м и пышэгъу*у щыт *″уэ″м* игъэзэщIэн хуейуэ *хуиIуэхур –щыхуиIуэхур*и ар *щыгъэзэщIэну дыд*эм теухуауэ- *″иджы зэман″*у зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, мыпхуэдэу ухуэ *″IэмыР модэ″* лIэужьыгъуэ *псалъэм къыщIидзэ*у, *″иджы″м къыщыхъу*рэ *щыгъэзащIэ*р зэрылъытэ *″хъыбарегъащIэ″* лIэужьыгъуэ *псалъэ*хэри *″иджы зэман″*у къэIуатэу *зэрыщытар зыхэплъагъуэ щапхъэ*хэрщ мы ипэкIэ къэтахэр. ИкIи, *″субъект″*ым (уэ) *″иджы″*м (функционал кIуэтэгъуэрэ зэманыгъуэ: ″э″) *иджу щиужь*ынур (у) къызэрыIуатэ мы *″эу″* макъ зэкIэлъхьэужьыр -псынщIэрыIуу- *″макъ lуэр″ зэхэжыхьа*уэ къызэрыIуу утыку къихьа *″эу → о″* макъыр *″иджым щыджыр зэрыдж щIыкIэ″*у -псынщIэрыджу- *″иту джы″*уэ зэрыщытыр **″ит зэман″**ущ зэрылъытари, **″ит зэман гъэлъагъуэ″**ри мыпхуэдэу утыку къихьа *″о″* макъырщ.

*

Ипэкlэ къыщедгъэкlуэкlа лэжьыгъэм ипкъ зэриткlэ, ″иджы″рэ ″ит зэманыгъуэ″м теухуауэ мы къыхэдгъэщахэм къыкlэлъыкlуэу аргуэру къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэри мы илъабжьэм къыщыпытщэжынщ.

Мы ипэкlэ къыщытlуэтахэм нэмыщl, япэрей лэжьыгъэхэмкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, **щыlэ**р утыку къызэрихьэрэ зэры**джы**р **″зэман″**ым **елъыта**щи, ар **щыдж**ри **″иджы″**уэщ - **″иджы зэман″**ущ зэрылъытар. Ауэ икlи, *джыгъуэрэ джыпlэ*у щыт *″иджы″*м *щыдж*ыр иджыри **джыуэ щыт**у **″иджы″м къыщекlуэкl**ри зэрылъытар **″ит зэман″**ущ. Мы къыжытlами гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlыу, *″иджы зэман″*ымрэ абы и *кlуэцlым къыщекlуэкl*ыр зэрылъытэ *″ит зэман″*ыр *зэхуэдэ ″зэманыгъуэ″*у лъытапхъэщи, ахэр мы зэрылъыта псалъэхэм теухуауи зэрызэщхьэщыкlхэри мыпхуэдэущ: «*″иджы зэман″*ыр *джыгъуэрэ джыпlэ* зэрылъытэрщ; *″ит зэман″*ри *″иджы зэман″ым щыджыр зэрыдж щlыкlэ* зэрылъытэрщ».

Мы къэтlуэтахэм къызэрыхэщкlэ, ″ит зэман″ыр ″иджы зэман″ нэужьу лъытарэ къытехъуклауэ жыlэпхъэщ. Нытlэ, *къэхъу-къэщlыгъуэ*у *″хьэ″м –* ″цlыху″м- къыпыщlэхуэр *къыщыпыщlэхуэ дыдэ*у япэу къэlуэтарэ *″зэманыгъуэ″*уи лъытар *″иджы зэман″*рауэ жыlэпхъэщи, джыгъуэу щыт *″иджы″*м щыджыр зэрыдж щlыкlэри ″ит зэман″у зэрилъытэу, иджыр занщlэу зэрылъытэрэ и кlуэцlкlи зэрылъытэу *″зэманыгъуитl″ пэлъытэ*у зэщхьэщыгъэкlыпхъэщи, мыбхэми щхьэхуэ щхьэхуэу мы илъыбжьэм щыгъуазэ дыщыхуэхъуныр игъуэщ.

Ауэ икlи, *иджы*м щылъытэ мы *зэманыгъуитl*ыр *зэрызэщхьэщыкl*ри **″иджы зэман″**ыр **″объектив зэман″**у, **″ит зэман″**ри **″субъектив зэман″**у лъытапхъэщ. Аращи, *езыр езыру*рэ утыку къихьэ *къэхъу-къэщlыгъуэу ″хьэ″м –″*цlыху″м- къыпыщlэхуэр *къыщыпыщlэхуэ дыдэ*р ″иджы″уэ *″объектив″* лlэужьыгъуэ *″зэманыгъуэ″*у *″иджы зэман″*ущ зэрылъытэри, мыпхуэдэри зэрылъытэри псэлъэбзэр къэзыlуатэ *″сэ″м хуэпэжыжьэ*хэм теухуауэ *иджым щыдж*ыр зэрылъытэрщ; ауэ, *иджым щыдж*ыр *зэрыдж щlыкlэ*у *″субъектив″* лlэжьыгъуэ *″зэманыгъуэ″*у *″ит зэман″*у зэрылъытэри ″сэ″мрэ и ″субъектив″ыгъэм хиубыдэ цlыху нэрыбгэхэм теухуауэ *иджым къыщекlуэкl*ыр зэрылъытэрщ.

*

Зэрыгурыlуэгъуэу, *къэхъу-къэщlыгъуэ*у *″езырыж глагол″*хэращи, мы *къэхъу-къэщlыгъуэ езыр езырурэ къэхъу*рэ къыпыщlэхуэхэр *″хьэ″м –″*цlыху

пэщlэдзэ″м- *занщlэу* зэрилъыр **япэрей макъ**ыу къызыхигъэlукlа **″м″** макъкlэрэу лъытапхъэщ. Аращи, *къэхъу-къэщlыгъуэ ″хьэрычэт″*у *езыр езырурэ* -объективу- *утыку къихьэ*хэр –езы ″хьэ″м и lуэху хэмылъыххэу- *″объектив″*у *джы*уэ *къыпыщlэху*э*у ″мэ″*кlэрэ зэрилъытэр икlи мы *утыку къыщихьэ*рэ *къыщыхъу дыдэу ″иджы зэман″*у зэрыщытри наlуэщ. Нытlэ, япэрей макъыу тлъыта **″м″** макъкlэрэ мы **лъытэр** *езыр езырурэ* **″объектив″**у мы **утыку къихьэ**мрэ икlи ар **утыку къыщихьэ**рэ *щыдж дыдэ* **зэман**ращ - **″иджы″**ращ.

Щхьэжу ″м″ макъкlэрэ мы лъытэр *макъхэр зэрыбагъуэ*рэ *псэлъэбзэр зэпкъырыув*э*у зэрыужь*ым ныдэкlуэу, **езыр езыру**рэ *къэхъу*рэ **″объектив″**у утыку къихьэ *″хьэрычэт″*хэр **″иджы″**рэ **″ит зэман″**у **″мэ″ пэщlэдзэ**кlэ ухуа **псалъэ**хэмкlэ къэlуатэу зэрыщlидзэри гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, *″м″ мак*ъымкlэ лъытэр *езыр езыру*рэ *занщlэу къэхъуу ″объектив″*у - ″объектив щхьэ″уэ- утыку къихьэмрэ, ар икlи *утыку къыщихьэ дыдэу ″иджы зэман″*и зэрылъытэ щlыкlэу мы ипэкlи къэтlуэтахэри зэщlиубыдэу жыlэпхъэмэ, **″мэ″ пэщlэдзэ**кlэ лъыта **″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″**хэр **″езырыж″** лlэужьыгъуэ **″объектив щхьэ″**хэмрэ икlи я **″иджы″**рэ **″ит зэман″** зэрылъытэ **лэжьэкlэ**хэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэщ.

Мыпхуэдэу зи гугъу тщlа ″хьэрычэт″хэри **″езырыж занщlэ глагол″**хэр *″объектив щхьэ″*хэм -**″объектив субъект″**хэм- теухуауэ **″иджы″**рэ **″ит зэман″**у **зэрылажьэ** щlыкlэхэращи, мыпхуэдэ дэтхэнэ зы *″хьэрычэт″*у *″иджы″*м *щыдж*рэ къыщыхъури *занщlэу* зэрылъэтэри *псалъэ пэщlэдзэ*р *″мэ″* макъкlэрэ къызэрыlуущ (пп: мэхъу!).

Аргуэру къыхэгъэщыпхъэмэ, *япэрей глагол* лlэужьыгъуэхэу лъытапхъэ мы *″езырыж занщlэ глагол″*хэм я **″лэжьэкlэу ухуа псалъэ″**хэм **пэщlэдзэ** яхуэхъуа мы **″мэ″** макъыр глаголым и **″объектив субъект″**ымрэ икlи мы къэхъу-къэщlыгъуэ *″хьэрычэт″*ыр *утыку къыщихьэ дыдэ зэманыгъуэ*у **″иджы″**р –иужькlэ **″ит зэман″**ри- *я зэхуэдэу –″объектив″*у- **зылъытэ**рщ. Мы зэрыжытlауи, *″езырыж занщlэ глагол″*хэм я *″лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*хэм **пэщlэдзэ** яхуэхъу мы **″мэ″** *мак*ъыр **″объектив субъект лъытэ″**рэ икlи **″иджы/ит зэман гъэлъагъуэ″**рщ.

*

Мы зи гугъу тщlахэр ″хьэ″м -″цlыху″м- япэу къызыхигъэlуауэ лъытапхъэ ″м″ макъыр къыпыщlэхуэу щыт сытри къыщыпыщlэхуэм зэрилъытэу зэрихьэу щытар зи лъабжьэу, иужькlэ пэлъэбзэри зэрыухуэу зэрызэпкъырыувэкlэрэ игъуэ псалъэхэмкlэ илъытэу щlидза ″хьэрычэт″хэр

къыщыпыщlэхуэри псалъэ пэщlэдзэ ″мэ″ макъкlэрэ илъытэу зэрыщlидзагъэнур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, мы къэхъу-къэщlыгъуэу езыр езырурэ ″объектив″у утыку къихьэмрэ –″субъект″ымрэ- ар зылъытэм – ″хьэ″м- къыщыпыщlэхуэ дыдэри -″иджы зэман″у- зэрилъытар псалъэ пэщlэдзэ ″мэ″ макъкlэрэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ.

Мы зи гугъу тщlахэр къэхъу-къэщlыгъуэу езыр езырурэ утыку къихьэрэ къыщихьэри ″объектив″ лlэужьыгъуэу зэрылъытэрэ къызэрыlуатэрщи, *псэлъэбзэ*р нэхъри *зэрыужь*у *цlыху зэхуакум щызеклу*эу зэрыщlидзэкlэрэ *″субъектив″* лlэужьыгъуэ лъытэкlэрэ къэlуэтэкlэхэри утыку къызэрихьагъэнур гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, мыпхуэдэхэри макъыбзэу зэрылъытэрэ къызэрыlуатэхэми гулъытэ яхуэтщlынщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *дэтхэнэ гуэр*ыр –зэрылъытэ дэтхэнэ зы ″макъ″рэ ″псалъэ″р- а зэрыщыту *″оригинал″*у къызэрыlурэ *зэрылъыт*эр *″макъ луэр″ пэщlэдз*эрэ *а нэхъ ″макъ луэр″* –икlи *″макъзешэ″- лъабжь*эу щыт **″ы″** макъкlэрэщи, ар *″макъ луэр″ къэхъуныгъэ*рэ *щыlэгъуэ*уи **″оригин″**у лъытапхъэмэ, абы къыкlэлъыкlуэ *япэрей лъэбакъуэ*у утыку къихьэ **″э″** макъри **″функционал кlуэтэгъуэ″** зэрылъытэу икlи **″функционал зэман″**уи лъытапхъэрщи, *сытри зэрыджрэ щыджыр зэман*кlэрэу зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, мыр/мыбдежыр **функционал джыгъуэ**рэ **джыпlэ**у, *″иджы″*рэ **″иджы зэман″**уи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Мыращ икlи, *япэрей мак*ъыу щыт *″м″*ыр *″ы″*кlэрэ къэlуу *сытри а зэрыщыту* -″оригинал″у- зылъытар къэхъу-къэщlыгъуэу *езыр езырурэ* утыку къихьэрэ къыщихьэр *функционал кlуэтэгъуэ/зэманыгъуэ* зэрылъытэ *″э″кlэрэ къэlу*у -*″мэ″*р- псалъэ пэщlэдзэу *″иджы зэман″*уи зэрылъытарэ щlэлъытари.

Нытlэ, мы къэтlуэтахэми гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlыу, мы *″иджы″м щыджыр зэрыдж щlыкl*эри лъытапхъэмэ, ар *″иджы зэман″*ыр *и кlуэцlкlэ зэрызеклу*эрэ *″иджы зэман″*ым и *кlуэцlым къыщыхъу*р зэрылъытэрщи, мыри *″ит зэман″*ущ зэрылъытар.

Аращи, япэрей лъэбакъуэу *″функционал″ кlуэтэгъуэ*рэ *зэманыгъуэ*у *зэпычыгъуэ зимыlэу зеклу*эм дэтхэнэ и зы лъэбакъуэр зы *джыгъуэпlэ*у *иджы*ращи, *сытри* -зэпычыгъуэ зэримыlэкlэрэ- мы *″иджы″м щыдж зэпыт*у зэрызеклуэр гурыlуэгъуэмэ, *″функционал зэман″*у (э) икlи мы *″функционал джыгъуэ/джыпlэ″*р **-″иджы″**р- *иужьрей* зы *″иджы″*м дыхуэзышэрщ. Нытlэ, *″функционал″ кlуэтэгъуэ*рэ *зэманыгъуэ*у зэпычыгъуэ зимыlэ *джыгъуэ*у, *″иджы″м щыдж*у *иужьрей* лъэбакъуэ

*"иджы"*м мы *дызэрышэ* щIыкIэри *мы иджырей "иджы"*м –дэтхэнэ зы иджым- *щыухуэ*рщи, зы **ужьыгъуэпIэ**у (у) **-иджыужьыгъуэ**у (эу)- *"къэкIуэну зэман"*ри (у) зыхэлъытэ ***"иджы"***м и **кIуэцIым** мы **къыщекIуэкI**ыр –*"иджы"м щыджыр зэрыдж щIыкIэ*у- зэрылъытэращ ***"ит зэман"*** жыхуэтIэр.

Зэрыгурыlуэгъуэу, мы къэтlуэтахэм къыхэщ макъхэмкIэрэщ *глаголхэм* я *"хъыбарегъащIэ"* лэжьэкIэхэм *"иджы зэман"*рэ *"ит зэман"* зэрылъытэри, ахэр ипэкIэ къыщедгъэкlуэкIа лэжьыгъэхэм *"глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"*хэм ***"иджы зэман гъэлъагъуэ"***рэ (э; мэ) ***"ит зэман гъэлъагъуэ"***р {о (эу)} зэрыхиубыдэр мы къэтlуэтахэм къызэрыхэщ щIыкIэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

ИкIи гурыlуэгъуэщ глаголхэм я *"хъыбарегъащIэ"* лэжьэкIэхэм нэхъыбэу щызекlуэр *иджым къыщыхъур къызэрыхъу щIыкIэу* зэрылъытэ *"ит зэман"*рауэ зэрыщытри, *"динамикэ глагол"*хэр *"хъыбарегъащIэ"*у нэхъыбэу *зэрылажьэ*ри *"иджы зэман" нэхърэ "ит зэман"*ущ. Аращи, *"динамикэ"* лIэужьыгъуэ *"занщIэ глагол"*хэр *"хъыбарегъащIэ"*у *"объектив субъект"*кIэрэ *"иджы зэман"*у лажьэрэ, *"субъектив субъект"*кIи *"ит зэман"*у зэрылажьэри гурыlуэгъуэщи, *"динамикэ"* лIэужьыгъуэ *"префиксиал глагол"*хэр *"хъыбарегъащIэ"*у зэрылажьэ щIыкIэри зэрыщыту *"ит зэман"*ущ.

Мы зэрыжытlауэ, *"динамикэ"* лIэужьыгъуэ *"занщIэ глагол"*хэр *"объектив субъект"*кIэрэ зэры*"лажьэу ухуа псалъэ"*хэр ***"мэ; е"*** *пэщIэдзэ*у (езырыж занщIэ глагол"хэр "мэ"рэ "lуэху занщIэ глагол"хэри "е" пэщIэдзэу) зэрыухуэр ***"иджы зэман"*** лэжьэкIэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Ауэ, къэхъуарэ *иджыри* а къызэрыхъуа щIыкIэу *а зэрыщыт*кIэрэ *зэрызекlуэ*р *"функционал кlуэтэгъуэ" -функционал зэман"*- лъытэ *"э"*рэ а зэрыщытри *"щ"* кIэухкIэ зэрылъытэ ***"иджы зэман"***у къызэрыlуатэ ***"хъыбарегъащIэ"*** лэжьэкIэхэр ***"статя глагол"***хэращ зы*хуэlуа*р.

Мы зи гугъу тщIа *"динамикэ"*рэ *"статя"* лIэужьыгъуэ *глаголхэм* я *"хъыбарегъащIэ"* лэжьэкIэхэм *нэмыщl къэlуэтэкIэ* гуэрхэми -*"функционал зэман" лъытэкIэ*у- *"иджы зэман"* зэрыхэплъагъуэр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэщ мыхэр:

«ар кlуэрэ къэкlуэжмэ; сэ сеплъу слъагъумэ; уэ ущыкlуэкIэ - ущыкlуэм щыгъуэ…».

Мы зи гугъу тщIахэм нэмыщl, глаголхэр *"динамикэ"*рэ *"статя"* лIэужьыгъуэу дауи щырет, *"иджы зэман"*у мы зи гугъу тщIыхэр зытеухуар

мыхэращ. Ауэ, глаголхэм я **"индирект лэжьэкlэ"**хэми *езыхэм хуэlуа* **"иджы зэман"** лъытэкlэ *зэрал*эри мыбыдежым къыщыхэдгъэщынщ:

| |
|---|
| «ар зыдэкlуэр араш; абы еплъыр уэращ; сэ къэзлэжьыр мыращ». |

Зэрыгурыlуэгъуэу, глаголхэм я "индирект къэlуэтэкlэ"хэр глаголхэм я иужьрей лэжьэкlэу лъытапхъэщ. Ауэ, ипэкlи къызэрытlуэтауэ, *глагол*хэр *цlыху зэхуаку*м щызекlуэу *зэрыщlидза*уэ лъытапхъэ **"Iэмыр модэ"** лlэужьыгъуэ псалъэхэри *"сэ"м къыпкъырыкl*ыу и пышэгъу *"уэ"м* -езым *игъэзэщlэн хуей*уэ, е нэгъуэщlым *иригъэзэщlэн хуей*уэ- *хуиlуэху*хэри *функционал*у **"иджы зэман"**у зэрыухуэр гурыlуэгъуэщ:

| |
|---|
| «кlуэ!; мыр абы хьы!»; «ар абы гъакlуэ!; мыр абы егъэхь!» |

*

Дауи, мыбдежым къытпэщыт лэжьыгъэр глаголхэм я "хъыбарегъащlэ" лэжьэкlэхэм теухуащи, нытlэ, "иджы"рэ "ит зэман"у мыбдежым нэхъ щыгъуазэ дызыхуэхъунухэри гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, мы ипэкlэ зи гугъу тщlахэм къызэрагъэлъагъуэу, *"статя"*рэ *"динамикэ"* лlэужьыгъуэ *глагол*хэм теухуауэ *-зэщхьэщыкl "зэман гъэлъагъуэ"*кlэ лъытауэ- *зэхуэмыдэ "иджы зэман"* зэрылъытэри гурыlуэгъуэщ. Икlи, зэхуэмыдэ "зэман гъэлъагъуэ"кlэ лъытэу щытми, *"иджы зэман"*у тлъытэхэр *функционал мак*ъкlэрэ зэрылъытэри наlуэщ.

Нытlэ, мыбдежым ди lуэхур глаголхэм я *"хъыбарегъащlэ" лэжьэкlэ*хэрауэ зэрыщытми ипкъ зэриткlэ, мыпхуэдэ лэжьэкlэхэм *"иджы зэман"*у хэлъытахэм гулъытэ хуэтщlыныр игъуэщ. Аращи, *зэхуэдэ зэманыгъуэ*у щытрэ я *лъытэкlэкlэ зэщхьэщыкl* мы *"иджы зэман" лlэужьыгъуэ*хэр глаголхэм я *"хъыбарегъащlэ" лэжьэкlэхэм теухуауэ* тлъытэнщ. Мы псалъэми зэрезэгъкlэ, **"статя глагол"**хэм теухуа *"иджы зэман"*ыр **"статя иджы зэман"**у лъытэнрэ, *"динамикэ глагол"*хэм теухуа *"иджы зэман"*ри *а зэрыщыт*у къэгъэнэнри игъуэщ. Мы зэрыжытlауэ, **"статя глагол"**хэр **"статя"**у зэрылъытэр *"иджы зэман"*ым теухуауэщи, *нэгъуэщl "зэманыгъуэ"*хэм мы я *"статя"*р щылъытэнкъым; икlи, *"статя глагол"*хэр **"занщlэ"**рэ **"префиксиал"**у дауи щырет, мы жытlар зэхъуэкlкъым: *"статя"* щылъытэр *езым хуэlуа "иджы зэман"*у щылажьэращ –*"статя иджы зэман"*ращ.

Мыпхуэдэу лъыта нэужь, *"динамикэ глагол"*хэм я лэжьэкlэ гуэрхэр *"ит зэман"рэ "иджы зэман"у зэрызэщхьэщыкl*ыр гурыlуэгъуэщи, **"динамикэ занщlэ глагол"**хэр **"объектив субъект"**кlэрэ зэрылажьэр **"иджы зэман"**у зэрыщытрэ, **"субъектив субъект"**кlэрэ зэрылажьэхэри **"ит зэман"**у

зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Ауэ, **″динамикэ префиксиал глагол″**хэр *дэтхэнэ зы ″субъект″кIи –″*субъектив субъект″ е ″объектив субъект″у-*ирелажьэ, ″кондицэ″м –″префикс″ым- елъытауэ* зэрылажьэ щIыкIэхэр **″ит зэман″**у зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

НытIэ, мы къэтIуэтахэми теухуауэ, ″глагол″хэр ″статя″рэ ″динамикэ″у мы зэрызэщхьэщыгъэкIыпхъэрэ, ахэр и кIуэцIкIэ *″занщIэ глагол″*рэ *″префиксиал глагол″*хэу зэрызэщхьэщыкIыу *″иджы″*рэ *″ит зэман″*у зэрылажьэ щIыкIэхэри -я *″зэман гъэлъагъуэ″*хэри зэрылъытэ щIыкIэу-зыхэзыубыдэ зы *таблиц*эри мы илъабжьэм къыщыгъэлъэгъуэнщ:

**″Глагол″хэмрэ я ″иджы/ит зэман″ лэжьэкIэхэр**

| | |
|---|---|
| **″Сатя глагол″хэр** -″Статя иджы зэман″- | **″Динамикэ занщIэ глагол″хэр** |
| | ″Объектив субъект″кIэ зэрылажьэ |
| | -″Иджы зэман″- |
| ″Езырыж занщIэ глагол″ лэжьэкIэу (***мэ***) | ″Субъектив субъект″кIэ зэрылажьэ -″Ит зэман″ (*о*)- |
| | ″IуэхуанщIэ глагол″ лэжьэкIэу {***е*** (иэй; эйй)} |
| | ″Езырыж занщIэ глагол″ лэжьэкIэу (*о*) |
| | ″IуэхуанщIэ глагол″ лэжьэкIэу (*о*) |
| **″Динамикэ Префиксиал } Глагол″хэр** | - ″Езырыж префиксиал глагол″ лэжьэкIэ: ″ит зэман″ (*о*)<br>- ″IуэхупрефиксиалглагIэ″ лэжьэкIэ : ″ит зэман″ (*о*) |

**″Иджырэ ит зэман″ым нэмыщI ″зэманыгъуэ″хэр ″глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ″хэм зэрыхэлъытэхэм теухуауэ.**

Мы ипэкIэ къедгъэкIуэкIа лэжьыгъэм ″иджы″рэ ″ит зэман″ым теухуа лэжьыгъэ хиубыдэр –нэхъыбэуи ″ит зэман″ым теухуа лэжьыгъэр- кIыхь зэрытщIар гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэу зэрыщытри абыхэм теухуауэ гулъытэ хуэщIынрэ зэхэгъэкIын хуейхэр куэду зэрыщытым папщIэщ. Ауэ, *″иджырэ ит зэман″ым нэмыщI ″зэманыгъуэ″*хэр абыхэм хуэдэу зэщхьэщыкIыныгъэщхуэ зимыIэрэ зэхэгъэкIыныгъэшхуэуи зэрыщымытым папщIэ, ятеухуа лэжьыгъэри кIыхь щIын хуейуэ щыткъым. Аращи, мы зи

гугъу тщlыну ″зэманыгъуэ″хэр *″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″ кlэух*ым щылъытэ *″зэман гъэлъагъуэ″*хэмкlэрэщ зэрылъытэри, мыхэр дигу къэдгъэкlыжу, ятеухуа щапхъэ гуэрхэри къэдгъэлъэгъуэныр игъуэщ.

Ипэкlэ къыщедгъэкlуэкla лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, **″блэкla зэманыгъуэ″**р *жыжьагъэ зылъытэ* **″а″** *макъ кlэух*кlэщ зэрылъытэр (пп: кlуа). Мыбы нэмыщl, *иджыри мыдж*рэ *мыджа*р *″зэманыгъуэ″у дызыхуэкlуэ* гуэрым *щыджсын*ур –къыщыхъунурэ щыгъэзэщlэнур- *иджыри зэlумыхуа*рэ **лэжьэну** *а* зэры**гъэпса** щlыкlэу *зэпкъырылъ ″глагол″*ыр **-″инфинитив глагол″**ыр- мы *зэрыщыту зэрылъыт*эри (пп: кlуэн) **″къэкlуэну зэманыгъуэ″**у лъытапхъэщ. Мыпхуэдэу лъытэныр дауи *къэкlуэну зы зэманыгъуэм лэжьэну* зэрыщыту лъытэнращи, мыр **″мынalуэ къэкlуэну зэманыгъуэ″**у (пп: кlуэн) зэрылъытапхъэнури гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, мыпхуэдэу мынalуэу лъытэн нэхърэ, глаголыр **″къэкlуэну зэманыгъуэ″**м *лэжьэну* зэрыщыткlэрэ нэхъ *lупщlыу лъытэн* хуеймэ, мы *″инфинитив глагол″* ухуагъэххэр зэры*″ужь″*кlэрэ лъытэн хуеинщи, мыри *″ужьыгъуэ″ лъытэ* **″у″** *макъ кlэух*кlэщ зэрылъытэнур (пп: кlуэну). Дауи, мы глагол лэжьэкlэхэр мы зэманыгъуэхэм *блэкlарэ къэкlуэну зэманыгъуэ*у лажьэу lупщlыу зэрылъытэнури мы зи гугъу тщla *псалъэхэм* (кlуа; кlуэн, кlуэну) *флэщ зэрыщl*рэ *щылэу зэрылъытэ* **″щ″** *макъ кlэух* къызэращтэу зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ (кlуащ; кlуэнщ, кlуэнущ).

Нытlэ, мыхэр къыхэдгъэща нэужь, *″иджырэ ит зэман″ым нэмыщl зэманыгъуэ*хэр мы **″хъыбарегъащlэ″** лlэужьыгъуэу къызэрыlуатэм теухуа щапхъэхэри *дэтхэнэ зы глагол гуп*ым хиубыдэ глаголхэр **″блэкla зэманыгъуэ″**рэ **″къэкlуэну зэманыгъуэ″**у зэрылажьэу *-″блэкla зэман гъэлъагъуэ″*рэ (*а*) *″къэкlуэну зэман гъэлъагъуэ″*ри (*у*) *италикэу* мы зэрытха щlыкlэу- зы таблицэм хиубыдэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

**″Занщlэ″рэ ″префиксиал″ лlэужьыгъуэ глаголхэр**
**″блэкla″рэ ″къэкlуэну″ зэманыгъуэу зэрылажьэ щапхъэхэр**

| **″Глагол гуп″хэр** | **″Блэкla зэман″ лэжьэкlэхэр** | **″Къэкlуэну зэман″ лэжьэкlэхэр** |
|---|---|---|
| **Езырыж гл.** (кlуэн; къэкlуэн) | - «**сэ сы**кlу*а*щ; **дэ ды**кlу*а*щ»;<br>- «**ар** къэкlу*а*щ; **дэ ды**къэкlу*а*щ»; | - «**ар** кlун*у*щ, **фэ ф**ыкlуэн*у*щ»;<br>- «**сэ сы**къэкlуэн*у*щ; **ахэр** къэкlуэн*у*(хэ)щ»; |
| **lуэху гл.** (щlын, хуэщlын) | - «**абы и**щl*а*щ; **абыхэм я**щl*а*щ»;<br>- «**абы** ху**и**щl*а*щ; **дэ** хут**щ**l*а*щ»; | - «**уэ п**щlын*у*щ; **фэ ф**щlын*у*щ»;<br>- «**сэ** хуэ**с**щlын*у*щ; **фэ** ху**ф**щlын*у*щ»; |
| **Щхьэм хуэлэжь. къырикlуэ lуэху гл.** | - «**сэ с**щыгъупщащ; **дэ т**щыгъупщащ»; | - «**уэ п**щыгъупщэн*у*щ; **фэ ф**щыгъупщэн*у*щ»; |

| | | |
|---|---|---|
| (щыгъупщэн, къыщыгъупщэн) | - «**сэ** къы**с**щыгъупщащ; **абыхэм** къ**а**щыгъупщащ»; | - «**дэ** къы**т**щыгъупщэн*у*щ; **фэ** къы**ф**щыгъупщэн*у*щ»; |
| **Статя гл.**<br>- **Езырыж ст. гл.** (щысын, щыщысын)<br><br>- **Iуэху ст. гл.** (Iыгъын, щыIыгъын) | - «**ар** щыс*а*щ, **ахэр** щыс*а*(хэ)щ»;<br>- «**дэ ды**щыщыс*а*щ, **ахэр** щыщыс*а*(хэ)щ»;<br><br>- «**абы и**Iыгъ*а*щ, **дэ т**Iыгъ*а*щ»;<br>- «**абы** щ**и**Iыгъ*а*щ; **дэ** щы**т**Iыгъ*а*щ»; | - «**уэ у**щысын*у*щ, **фэ фы**щысын*у*щ»;<br>- «**уэ у**щыщысын*у*щ; **фэ фы**щыщысын*у*щ»;<br>- «**уэ** щы**п**Iыгъын*у*щ; **абыхэм** щ**а**Iыгъын*у*щ»;<br>- «**дэ** щы**т**Iыгъын*у*щ; **фэ** щы**ф**Iыгъын*у*щ». |

**"Статя"** зэрылъытэр ***"иджы зэман"***ым теухуауэ зэрыщытыр ипэкIи къыхэгъэщагъащи, нытIэ, *"статя глагол"*хэр *"блэкIа зэман"рэ "къэкIэну зэман"у зэрылажьэ*у мы къэта щапхъэхэр *"статя глагол"у щымытыж*у, - лъабжьэкIэ "езырыж"рэ "Iуэху" лIэужьыгъуэу зэрылъытэм хуэдэу- "езырыж *глагол"рэ "Iуэху глагол"* лIэужьыгъуэхуэу къызэрыIуэтахэри гурыIуэгъуэщ.

## "ЗЭМАНЫГЪУЭ" ЛЪЫТЭ "ПСАЛЪЭ"ХЭМРЭ, "ПСАЛЪЭУХЫГЪЭ"ХЭМ ЗЭРЫХАУБЫДЭХЭМИ ТЕУХУАУЭ

Ауэ, "глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"хэм мы "зэманыгъуэ"хэр зэрыхэлъытэ щIыкIэхэм нэмыщI, апхуэдэ *"зэманыгъуэ"*хэр *щхьэжу "псалъэ"*хэмкIи *зэрылъытэф*ынур гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэ псалъэхэри *"псалъэухыгъэ"*хэм зэрыхиубыдэнури гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, мы *"зэманыгъуэ"*хэр *"цIэ, плъыфэцIэ,"цIэпапщIэ"* лIэужьыгъуэ псалъэхэу зэрылъытэхэмрэ, икIи *псалъэухыгъэ*м *"дополненэ"* лIэужьыгъуэхэу - *"зэманыгъуэ" лъытэ "дополненэ"*у- зэрыхиубыдэ щIыкIэхэми мы илъабжьэм щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *"зэманыгъуэ"* щыжытIэм деж, мыр *иджы*уэ *дызыдит "зэманыгъуэ"мрэ*, мыбыи елъытауэ *"блэкIа"*мрэ икIи дызыхуэкIуэу *"къэкIуэну"*м теухуа *"зэманыгъуэ"*хэращи, мыхэр *"глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"*хэм щызэрыхэлъытэ щIыкIэхэм нэмыщI, глагол лэжьэкIэрэ *псалъэухыгъэхэм*и *щхьэжу зэрыхэлъыт*эфынухэри гурыIуэгъуэнщ.

Аращи, мы ипэкIэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа *"глагол лэжьэу ухуа псалъэ"*хэм *игъуэ "щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэрэ лъытэ"*кIэрэ *хиубыдэ "щхьэ цIэпапщIэ"*хэмрэ ахэр зи пIэ иувэ *"цIэ"*хэр *-псалъэ* лIэужьыгъуэхэу- *"псалъэухыгъэхэ"*ми зэрыхиубыдэм хуэдэу лъытапхъэщ "зэманыгъуэ"хэри глагол лэжьэкIэхэм зэрыхэлъытэри, *"глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"*хэм

*игъуэ "зэман гъэлъагъуэрэ лъытэ"*кlэрэ хэлъытэ *"зэманыгъуэ"*хэр *"цlэ"*рэ *"цlэпапщlэ"* лlэужьыгъуэхэу *-игъуэ псалъэ*хэмкlэ- *"псалъэухыгъэ"*хэм зыхеубыдэр. Нытlэ, мыбдежым япэрауэ мыбыхэм я гугъу щытщlынщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, ″зэманыгъуэ″хэр иджырэ ит зэман″у зэрыщытым нэмыщl, ″блэкlа″рэ ″къэкlуэн″у зэман лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ. Ауэ икlи, зэманыгъуэхэр псалъэ гуэрхэмкlэ мылъытэми, цlэимыlуэрэ щэхуу зэрылъытапхъэхэри жыlэпхъэнщи, псалъэм папщlэ мыпхуэдэ щапхъэхэрщ *mlыгъуэ*у *унэтl*ыныгъэрэ *бэгъуэн* зэрылъытэу *хъу*гъэ лlэужьыгъуэ *"ml" мак*ъым *"иджы"*м *щыунэтl*рэ *"къэкlуэну"*м е *"блэкlа"*м *хуэунэтl* зэрылъытэ мы *псалъэхэр*и, мыхэр зытеухуа зэманыгъуэхэри зэрылъытапхъэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

«нетlэ ← ″нэ итlэ″» ← «тlэ - нытlэ» → «итlэ, итlанэ»
| → | |
″Блэкlа″м хуэунэтl ″Иджы″м щыунэтl ″Къэкlуэну″м хуэунэтl

Ауэ, мыбыхэм елъытауэ нэхъ lупщlыу ″зэманыгъуэ″ зылъытэ псалъэхэри щыlэщи, мыпхуэдэу **″иджы зэман″** зэры**лъытэ псалъэ** лlэужьыгъуэ щапхъэ гуэрхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

«иджыпсту, иджы дыдэ, иджыщlэ, иджыгъащlэ, джыщlэ, иджы благъэ».

Мыбыхэм нэмыщl, *нэхъ убгъуа "зэманыгъуэ"*у щытми, *дызыдит/дызыхэт "зэманыгъуэ"* зэрылъытэ псалъэхэри щыlэщи, мыхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ; ауэ, мыхэр *-сытым дежи, зэрыигъуэу-джы*р *щыдж дыдэ "зэманыгъуэ"* зэрымылъытапхъэ псалъэ щапхъэхэри къыхэдгъэщынщ:

«нобэ; мы тхьэмахуэ; мы мазэ; мы илъэс, мыгъэ/мэгъэ; мы лlэщlыгъуэ».

″Зэманыгъуэ″у **″блэкlа″** зэры**лъытэ псалъэ** лlэужьыгъуэ щапхъэхэри мыпхуэдэхэрщ:

- «нетlэ, тlэкlу ипэ, ипэкlэ, ипэlуэ»;
- «нышэдибэ, дыгъуэпщыхь»,
- «дыгъуасэ, дыгъуэспшыхь, дыгъуэс жэщ, дыгъуэснэхъыпэ»;
- «тхьэмахуэ блэкlа, тхьэмахуэ кlуа»;
- «блэкlа мазэ, мэзитl ипlэ»;
- «нэгъабэ, илъэситl ипэ; блэкlа лlэщlыгъуэ».

″Зэманыгъуэ″у **″къэкlуэну″** зэры**лъытэ псалъэ** лlэужьыгъуэ щапхъэхэрщ мыхэри:

- «тlэкlу щlэмэ, мащlэ дэкlмэ»;
- «пщэдей, пщэдей мыщкlэ (пщэдеймыщкlэ) – пэщэдей мыщ (пщэдеймыщ), къапыщкlэж, къапыкъуэж»;

- «тхьэмахуэ къакlуэ, дызыхуэкlуэ тхьэмахуэ, тхьэмахуэ нэужь»;
- «мазэ къакlуэ, мазэ нэужь»;
- «итlэнэгъэ, илъэс нэужь; къэкlуэну лlэщlыгъуэ».

Ипэкlэ ″глагол″хэм я лэжьэкlэхэм теухуауэ къедгъэкlуэкla лэжьыгъэхэм ″зэманыгъуэ″хэр ″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″хэм зэрыхэлъытэ щlыкlэхэм щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащи, а **″зэманыгъуэ″**хэр *псалъэухыгъэ*хэми щызэрыхэ**лъытэ щхьэж псалъэ**хэращ зэманыгъуищ лlэужьыгъуэу мы ипэкlэ таблицэхэу къэдгъэлъэгъуахэр.

*Псалъэухыгъэ*м *″щхьэ″*хэр ягъэзащlэ *къалэн*хэм *елъыта*уэ **″субъект**, объект, дополненэ″у зэрыхиубыдэр ипэкlэ къедгъэкlуэкla лэжьыгъэхэмкlэ гурыlуэгъуэщи, псалъэухыгъэхэм ″зэманыгъуэ″хэри зэрыхиубыдэ щlыкlэхэр ″дополненэ″ лlэужьыгъуэхэу лъытапхъэщ. Зэргурыlуэгъуэу, ″дополненэ″ жыхуэтlэр *-къэхъу-къэщlыгъуэ*рэ *луэху* лlэужьыгъуэу-*глагол*хэм я *лэжьэкlэ*хэр -″хьэрычэт″хэр- *зытеухуэ*рэ *къыздыщеклуэкl*хэр зэрылъытэ *псалъэ*хэу *″цlэ″*рэ *″цlэпапщlэ″* лlэужьыгъуэхэрщи, нытlэ, *глагол лэжьэкlэ*хэу ″хьэрычэт″хэр *къыщыхъу*рэ *щыгъэзащlэ ″зэманыгъуэ″*хэри **псалъэухыгъэ**хэм ″дополненэ″ лlэужьыгъуэхэу зэрыхэлъытэну щlыкlэхэри -мы ипэкlэ зи гугъу тщla- **″зэманыгъуэ″ лъытэ псалъэ**хэущ.

Нытlэ, мыпхуэдэ щапхъэхэри *″дополненэ″ зиlэрэ зимыlэу лэжьэкlэ зиlэ ″езырыж занщlэ глагол″*рэ *″lуэху занщlэ глагол″* гуэрхэр *″иджы, блэкla, къэкlуэн″*у *″зэманыгъуэ″*хэм теухуауэ *зэрылажьэ* щlыкlэхэри ″щхьэ″хэр ″**субъект**, объект, дополненэ″у зэрыхиубыдэм нэмыщl ″зэманыгъуэ″ зэрылъытэ псалъэхэри ″дополненэ″у зэрыхибыдэр мы *зэрытха* щlыкlэхэу икlи *″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*хэм хиубыдэ *″зэман гъэлъагъуэ″*хэр *″италикэ″*у мы зэрытха щlыкlэхэу мы илъабжьэм зы таблицэм хиубыдэ щапхъэхэри къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «**ар *мэ***псалъэ» → «**ар** иджыпсту ***мэ***псалъэ»;<br>- «**ар** псэлъ*а*щ» → «**ар** тlэкlу ипэ псэлъ*а*щ»;<br>- «**ар** псэлъэн*у*щ» → «**ар** тlэкlу щlэмэ псэлъэн*у*щ»;<br>---<br>- «**ар** абы ***ма***кlуэ» → «**ар** абы иджы дыдэ ***ма***кlуэ»;<br>- «**ар** абы кlу*а*щ» → «**ар** абы нетlэ кlу*а*щ»;<br>- «**ар** абы кlуэн*у*щ» → «**ар** абы тlэкlу шlэмэ кlуэн*у*щ»; |
| - «**абы** ар ***е***щl» → «**абы** ар иджы благъэ ***е***щl»;<br>- «**абы** ар ищl*а*щ» → «**абы** ар дыгъуасэ ищl*а*щ»;<br>- «**абы** ар ищlын*у*щ» → «**абы** ар хьэмэхуэ къакlуэ ищlын*у*щ»;<br>---------- |

- «**абы** ар абы ***е***хь» → «**абы** ар абы иджыщlэу ***е***хь»;
- «**абы** ар абы ихь*а*щ» → «**абы** ар абы дыгъуэснэхъыпэ ихь*а*щ»;
- «**абы** ар абы ихьын*у*щ» → «**абы** ар абы пщэдей мыщlкlэ ихьын*у*щ».

## ″ЗЭМАНЫГЪУЭ″ ЛЪЫТЭ ″ПСАЛЪЭ″ХЭР ЗЭРЫУХУЭРЭ Я ЗЭХУЩЫТЫКlЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

**″Илъэс″ымрэ щызекlуэ ″гъэ″м теухуауэ.**

Зэрыгурыlуэгъуэу, дызытепсэухь *щlы хъурейм дыгъэр* и хъуреягъкlэ *зэ къызэрекlэрэхъуэкl*ращ **″илъэс″** жыхуэтlэри, дыгъэр и хъуреягъкlэ къызэрикlухь зы *″периодэ″*у мы *″зэманыгъуэ″*р ди *щlылъэр дыгъэм зэрелъыта*уэ лъыта *а нэхъ ″зэманыгъуэ″шхуэ*ращ. Мы зэрыжытlауэ, *дыгъэ системэ*м хиубыдэу ди *щlылъэм* теухуауэ а нэхъ *″зэманыгъуэшхуэ пщалъэ″*р *дыгъэ*м и *хъуреягъ*ыр *къызэрикlухь*ым –лъагъуэм- ихь *зэманыгъуэ*ращ.

Аращи, а нэхъ *″зэманыгъуэ″шхуэхэр ″илъэс″кlэ*рщ зэрылъытэрэ къызэрытlуатэр. Мыпхуэдэ зы щапхъэфlыу лъытапхъэщ **″илъэсищэ″**ри *щlыхум оптималу къигъащlэ илъэс бжыгъэ*рауэ зэрилъытэу **″лlэщlыгъуэ″** псалъэр утыку къызэрихьагъэнури, нытlэ, *зэрыхъун хъуа щlыхум* (лlы) зэманым (э) къыхуихьу къыпэщытыр *лlэн*ыгъэрауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэ къытхуэзыщl зы псалъэрщ мыр.

Дауи, *″илъэс″* псалъэри хэтыжу, мыбдежым *″зэманыгъуэ″*у зи гугъу тщlынухэр *занщlэу ″зэман″* жыхуэтlэр зэрылъытэрэ *къызэрыпщ*у зэры*щымыт*ри гурыlуэгъуэнщ; нытlэ, *дыгъэ системэ*м хиубыдэ *ди щlылъэ*м и *″хьэрычэт″*хэм ихь *гъуэгуанэ*хэр *″зэманыгъуэ″*у *зэрылъытэ* псалъэхэрщ мыбдежым зи гугъу тщlыхэр. Икlи, *функционал клуэтэгъуэ*рэ *зэманыгъуэ*у *дэтхэнэ зы зэман лъэбакъуэм зыгуэр зэрыджы*р гурыlуэгъуэщи, мыбдежым зи гугъу тщlы *″зэманыгъуэ″*хэри *дыгъэ системэ*м теухуауэ *космикэ къэхъу-къэщl* лlэужьыгъуэу утыку къихьэрэ *″джы″*хэм *елъыта ″зэман″* лъытэу зэрыщытхэри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, *″зэман/мекан″*ыр зэрызэпыщlам ипкъ зэриткlэ, мы къэтlуэтахэр *″мекан″* зэрылъыт*э*м *елъыта*уэ *″зэман″и зэрылъытапхъэ*м теухуащ.

Мы къэтlэтахэм гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlщи, ди *щlы хъурей*м *хуэlуа*уэ *″зэманыгъуэ″*у лъытэхэращ мыбдежым зи гугъу тщlыхэри, икlи, *дыгъэ системэ*м хиубыдэу *дыгъэ хъурея*гъым *къекlэрэхъуэкl нэгъуэщl*

*щlылъэхэм*и мыпхуэдэ я *"хьэрычэт"*хэмкlэ яхь *гъуэгуанэ*хэм *елъыта*уэ *нэгъуэщl "зэманыгъуэ"*хэри зэрылъытэнур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, дыгъэ системэм хиубыдэ *щlылъэ*хэм я *хьэрычэт*хэм *елъыта "зэманыгъуэ"*хэу мы зи гугъу тщlыхэр *дыгъэ системэм елъыта*рэ теухуа *консмикэ "хьэрычэт"*хэуи лъытапхъэхэрщ; ауэ, мыхэр *универсалу космикэ пщалъэ*хэу зэрыщымытри гурыlуэгъуэнщ.

Дауи, дэтхэнэ зы зэман лъэбакъуэм зыгуэр зэрыджыр ди гурыlуэгъуэу, *ди щlы хъуей*м и *хьэрычэт*хэм дыхуэкlуэжрэ ахэр *адыгэбзэ псалъэ*хэмкlэ зэрылъытам гулъытэ хуэтщlыжмэ, *"илъэс"* псалъэ *пэщlэдзэ макъ*ыр (и) *абзис*ыгъэрэ *джыгъуэ*у (и) зэрыщытри нэрылъагъущ. Икlи, псалъэм хиубыдэ адрей макъхэми гулъытэ хуэтщlмэ, ди *щlылъэм дыгъэ хъуреягъ*ыр къызэрикlухь щlыкlэри мы *лъагъуэ*м *нэс*рэ *лъэс*у –лъагъуэрысу- зэрыщыткlэрэщи, псалъэ пэщlэдзэ *"и"*р –джыгъуэр- утыку къызэрихьэри мыпхуэдэущ. Мыпхуэдэу, *джыгъуэ*р (и) утыку къызэрихьэ щlыкlэуи (лъэс) еджапхъэщ *"илъэс" псалъэ*м; ауэ, абы *нэхъ космикэ*рэ нэхъ и кlэщlыпlэуи еджапхъэмэ, ди *щlылъэр дыгъэ хъуреягъым къызэреклукl*кlэрэ *джы*р (**и**) зы *организацэ* (**лъэ**) *системэ* (**с**) зэрылъытэуи жыlэпхъэнщ.

*

Мыбы нэмыщl, **"дыгъэ"** жыхуэтlэ псалъэр зэрыухуари *зэпкъырылъ*ыныгъэрэ *къару* зэрылъытэ *"дэ"* макъыр *"гъэ"*кlэрэ лажьэу зэрыщытри наlуэщ. Мы псалъэми гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlщи, *дыгъэ*р *зэрызэпкъырылъу зэрылажьэ* **"гъэ"**р *"илъэс"ым къыщеклуэкl*рэ *щыгъэзащlэ*р икlи *"илъэс"ыр къызэреклуэкl*ри зэрылъытэрщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, зы *илъэс периодэ*м *щыгъэзащlэ*рэ икlи зы *илъэс периодэр зэрыгъэзащlэ*р *"гъэ"*уэщ зэрылъытапхъэр.

Мы къэтlуэтахэми гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlыу, *"илъэс"ыр иклu* - зэрылажьэ къаруу- *"гъэ"*уи лъытапхъэщи, адыгэбзэм *"илъэс"ым ипlэкlэ "гъэ"*р хуиту щызэрызекlуэри гурыlуэгъуэщ. Аращи, адыгэбзэм *"илъэс"*ыр абы щызекl*уэ "гъэ" къарукlэ*рэщ *зэрылъытэ*ри, *"дыздит илъэс"у* щыт *"мы илъэс"*ыр- нэхъыбэу **"мыгъэ/мэгъэ"** псалъэущ зэрылъытэу адыгэбзэм щызэрызекlуэр; *"илъэс блэкla"рэ "илъэс клуар"и* нэхъыбэу **"нэгъабэ"** псалъэмкlэ зэрылъытэущ къызэрыlуатэр; дызыхуэкlуэ илъэсу *"илъэс къаклуэ"*ри нэхъыбэу **"итlэнэгъэ/етlэнэгъэ/атlэнэгъэ"** псалъэущ зэрылъытэрэ къызэрыlуатэущ адыгэбзэм щызэрызекlуэр.

Нытlэ, зы *зэманыгъуэ "пэриодэ"*у *"илъэс"*ыр *"гъэ"*кlэрэ -*"гъэ" зэманыгъуэ "пэриодэ"*уи- мы къызэрыlуэта щlыкlэхэр *"иджырей"*уэ

зэрылъытэмрэ, абы *елъытауи "блэкlа"*рэ *"къэкlуэну"* зэрылъытэхэм я зэхущытыкlэхэри мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ:

«...нэгъабэ» ← «**мыгъэ/мэгъэ**» → «итlэнэгъэ/етlэнэгъэ/атlэнэгъэ...»

*"Илъэс"рэ "гъэ"*р *"зэманыгъуэ"*у *"иджы, блэкlа, къэкlуэну"*у зэрылъытэу -я зэрызэхущытыкlэри къэдгъэлъэгъуа- ухуа мы *псалъэ*хэр *макъыбзэу зэрыуха* щlыкlэхэми мы илъабжьэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Япэрауэ, *"мы гъэ"*ращ *"мыгъэ"*ри, ар икlи *иджы дызыдит*у къекlуэкlыу щыт *"гъэ"*уэ зэрылъытэри -нэхъ игъуэу- *"мэгъэ"*уэ къэlуэтапхъэщ.

Итlанэ, *дызыдит илъэс*ым *ипэ "блэкlа илъэс"*у къыпыщытыр *"дызыдит гъэ"*уэ къекlуэкlыу щытым *–"мэгъэ"м- къызэрыпыщlакlэрэ "блэкlа гъэ"*уэ – и *"*ипэрей гъэ*"*уэ- лъытапхъэщ. Нытlэ, *"нэгъабэ" псалъэ*ри мы *дызыдит* илъэсу *"мэгъэ"м елъыта*рэ *пэжыжьэ хъууэ клуэ зэманыгъуэ*у зэрылъытэу зэрыухуари гурыlуэгъуэщ. Араща, *дыздит*у къекlуэкl *"мэгъэ"*м *пэжыжьэ хуэхъу* зэпытыр *"н"* макъ пэщlэдзэу лъытарэ *блэкlа "гъэ"*уи зэрыщытыр *"гъа"*уэ лъытар *"мэгъэ"м елъытэужьыгъуэ*у мы *зэрыхущыт*ри *"бэ"* макъ *клэухк*lэрэ зэрылъытэу ухуа зы *псалъэ*рщ *"нэгъабэ"*р.

Мыбыхэм къыкlэлъыкlуэуи, дызыхуэкlуэрэ *къэкlуэну илъэс*ыр *"гъэ"*уэ зэрылъыта *"итlэнэгъэ/етlэнэгъэ/атlэнэгъэ"* псалъэхэри *иджым къыкlэлъыкlуэ*рэ *унэтlыгъэ* зэрылъытэ *"итlанэ"* псалъэм *"гъэ"* псалъэр къызэрызэгухьэу *"псалъэ зэгуэт"*у –илъытэр зэрилъытапхъэми теухуауэ-зэры*игъуэу* зэрыухуар *"итlэнэгъэ"*ущ. Араща, *"*итlэнэгъэ*"*у *функционалу дызыхуэкlуэ*ри зэрылъытэу мы зэрыухуа щlыкlэу адыгэбзэм щызекlуэу щыта мы псалъэр -жьэрыпсалъэ гуэрхэм *"*етlэнэгъэ*"*у хэту щыта(?), хьэмэрэ, ди *бзэщlэныгъэм ар зэрыхъун хуейуэ зэрилъыта щlыкlэ*ра(?!)-сытми ди *литературэбзэм "етlэнэгъэ"*ущ щызэрызекlуэр. Ауэ икlи, адыгэбзэм *"итlэнэгъэ"*р икlи иджыри *–"*мэгъэ*"*м- елъытауэ жыжьэу зэрыщытрэ къызэрыблэгъэнури зэрылъытэу *"а" пэщlэдзэ*уи *"атlэнэгъэ"*уи щызекlуэу зэрыщытари –зэрыщытри- гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, *я зэхущытыкlэ*рэ *макъыбзэу*и *зэрыухуа* щlыкlхэми щыгъуазэ дызыхуэхъуауэ мы *псалъэ*хэр *"илъэс"*ыр -абы къыщекlуэкl *"гъэ"кlэ*рэ *–иклu "гъэ"уи-* зэрылъытэ *"зэманыгъуэ пэриодэ"*р –сыт хуэдизу *пэридэшхуэ*ми-дыздитрэ *"иджырей" зэманыгъуэ*у зэрылъытэмрэ, *"блэкlа"*рэ *"къэкlуэну"*у *зэманыгъуэ*уи зэрылъытэ *псалъэ*хэу *глагол лэжьэкlэхэм "*дополненэ*"* лlэужьыгъуэу зэрыхэлъытэ щапхъэхэри *-псалъэухыгъэ*хэм *щыхиубыдэ щlыпlэ*ри зэры*зэхъуэкl*ыфу- мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнри игъуэщ:

- «**ар** абы мэгъэ ***ма***кlуэ» → «**ар** мэгъэ абы ***ма***кlуэ»;

- «**ар** абы нэгъабэ кIу*а*щ» → «**ар** нэгъабэ абы кIу*а*щ»;
- «**ар** абы итIэнэгъэ кIуэну*щ*» → «**ар** итIэнэгъэ абы кIуэну*щ*».

Ауэ, *глагол лэжьэклэ*у *"зэманыгъуэ" лъытэ псалъэ*рэ цIэпапщIэхэр *псалъэухыгъэ*хэм зэрыхэлъытэм теухуауэ мы къэта щапхъэхэм *"илъэс"*рэ *"гъэ"*р *"зэманыгъуэ"*у зэрылъыта псалъэхэр *"блэкIа"*рэ *"къэкIуэну"* лIэужьыгъуэхэу *зэрыхиубыдэ* щIыкIэхэр *игъуэ*у лъытапхъэми, *"иджы"*рэ *"ит зэман"*у зэрыхиубыдэ щIыкIэр *игъуащэу* зэры*мылъытапхъэ*ри гурыIуэгъуэнщ. Аращи, *"зэманыгъуэ"у "иджы"*р *джыр щыдж*рэ утыку кыщихьэр зэрылъытэрэ, *"ит зэман"*ри *"иджы"м щыджыр зэрыдж щIыкIэ*р зэрылъытэу *"зэманыгъуэ"* лIэужьыгъуэ *псалъэ*хэрщи, **"илъэс"**рэ **"гъэ"**уэ лъыта "зэманыгъуэ"хэр *"зэманыгъуэшхуэ"*у зэрыщытым папщIэ, *"иджы"рэ "ит зэманыгъуэ"бэ* зыхэзыубыдэу зэрыщытым ипкъ зэриткIэ, *глагол лэжьэклэ*у *псалъэухыгъэ*хэм **"иджы"**рэ **"ит зэманыгъуэ"**у щызэрылъытэр **игъуащэу** зэры**щымыт**ынури гурыIуэгъуэнщ.

ИкIи, "илъэс"рэ "гъэ"м хуэдизу "зэманыгъуэшхуэ"у щымытми, *"иджы"*рэ *"ит зэманыгъуэ"*бэ зэрылъытэ *нэгъуэщI "зэманыгъуэ"*хэри зэры*лъытэ псалъэ*хэри *глагол лэжьэклэ*рэ *псалъэухыгъэхэм "иджы"*рэ *"ит зэманыгъуэ"*у зэры*хэмылъытапхъэ*ри мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ.

*

Мы къэтIуэтахэми къызэрыхэщу, ди *щIы хъуейм дыгъэр къызэриклэрэхъуэкIым зы лъагъуэ* иIэщи, мы *лъагъуэм* зэрырикIуэм *елъыта*уэ ди щIылъэм *зэхъуэкIыныгъэ* гуэрхэри къыщохъур; ныIэ, мы *зэхъуэкIыныгъэ*хэр *зэрылъытэклэрэ*щ *"илъэс"* жыхуэIэ *пэриодэшхуэ*ри *зэрылъыт*эр. Аращи, ди щIылъэм и хъуреягъым къызэрехъуэкI лъагъуэм елъытауэ дыгъэм къыхэкI къарукIэрэщ мы зэхъуэкIыныгъэхэр къызэрыхъури, мыхэри *лIэужьыгъуипл*Iыу лъытапхъэщ. НыIэ, *"илъэс"* жыхуэIэ *"пэриодэ"шхуэ*у а нэхъ *"зэманыгъуэ"шхуэ*ри *"зэманыгъуипл"*у – *"дэриодипл"*у- зэрылъытэр гурыIуэгъуэщ. Зэрыжытlауэ, мыр къызыхэкI *дыгъэ къару*ри *"гъэ"*уэщ зэрылъытари, ныIэ, ари *"илъэс"ым* зэры*пыщIа*кIэрэ *"зэманыгъуипл"*ущ зэрылъытапхъэр.

Мы зэрыжытlауэ, *дыгъэ*м и *хъуреягъ*ым *къеклэрэхъуэкI* ди *щIы хъурей*м икIуэ *лъагъуэм* елъытауэ *"илъэс"*ым дищIыгъу *"гъэ"* къарукIэрэ ди щIылъэм щыгъэзащIэ *зэхъуэкIыныгъипл*Iым *и япэрей лIыхьэ*р *–лъагъуэ пэщIэдзэ лIыхьэ*р- **"гъатхэ"**у, абы къыкIэлъыкIуэ *лIыхьэ*ри *–лъагъуэ лIыхьэ етIуанэ*ри- **"гъэмахуэ"**у, мы *лъагъуэ*м и *ещанэ лIыхьэ*ри **"бжьыхьэ"**у, и *еплIанэ лIыхьэ*ри **"щIымахуэ"**ущ адыгэбзэм зэрилъытар.

Нытlэ, зы *"илъэс"*ым и *клуэцlым* щыгъэзащlэ *"гъэ"*р мыпхуэдэу *лlэужьыгъуипл*ыу - *"зэманыгъуипл"*у лъытэу щыжытlэм деж, мыр *"илъэс"*ым къыщыщlидзэу иужькlэ мы *зэманыгъуипл*ыр *мы* къызэрытlуэта *зэкlэлъхьэужьыкlэу* зэры*мылъытагъэну*ри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, *япэу* мы щыпсэу *щlылъэм къыщекlуэкl мы зэхъуэкlыныгъэ*р къызыхэкl *къарур "гъэ"уэ илъытагъэнщ* цlыхуми, ар *-"гъэ"р-* лажьэу *къыщежьэ*рэ мы *зэрылажьэм*и *къыхэкl хъугъуэ-флыгъуэ*хэр утыку къызэрихьэм гулъытэ хуищlыу, хуэм хуэмыурэ мы къарур *-"гъэ"р- еужьыхы*у зэрыщlидзэмрэ *мылэжьэжи* зэрыхъум гулъытэ хуищlагъэнущ. Нытlэ, мы зэхъуэкlыныгъэхэм дэтхэнэ зыр –мы *зэманыгъуипл*ыр- мы ипэкlэ зи гугъу тщlа псалъэхэмкlэ *къызэрилуэтари иужь*ыlуэкlэу зэрыщытагъэнури гурыlуэгъуэнщ. Икlи, *"илъэс"*ри *мыбыхэм*и *иужьылу*экlэ илъытэу къи lуэтагъэнщ.

Дауи, мы зэманыгъуипл lыр зэрылъыта псалъэхэм я зэпкъырыувэкlэхэми мы илъабжьэм гулъытэ щахуэтщlынщ.

Зэрыжытlауэ, ди щlылъэмрэ абы дыгъэ хъуеягъыр къызэрикlухь лъагъуэм елъытауэщ мы зэманыгъуипл lыр зэрылъытэри, мыбы и пэщlэдзэри **"гъатхэ"** жыхуэтlэ зэманыгъуэрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. "Гъатхэ"р "гъэ"м къыщыщlидзэ зэманыгъуэу, *"гъэ"м ди щlылъэм щигъэхъэнур къыщыщlидзэ* зэманыгъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ди *щlылъэр "гъэ"клэрэ къыщыхунэху* зэманыгъуэуи лъытапхъэрщ. Икlи, *псэ зылуту* -къэкlыгъэрэ псэущхьэу- щыlэгъуэ зиlэхэм я *псэ*р зэраlэ *зэманыгъуэ*р зэрылъытэ *"гъащlэ"*ри *зытеухуар "гъэ"*рауэ зэрыщытри мы псалъэ зэпкъырыувэкlэмкlэ наlуэщи, нытlэ, *"гъатхэ"* жыхуэтlэ зэманыгъуэр ди щlылъэм *"гъащlэ" зиlэу щыlэ*гъуэ зиlэхэм *псэ ужьыгъуэ* щагъуэт *пэщlэдзэ* зэманыгъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Аращи, мы *"гъащlэ" зиlэ*хэм я *псэ ужьыгъуэ пэщlэдзэ*рэ лъабжьэу *"гъэ"р "тхэ"уэ щыщlидзэ зэманыгъуэ*рщ *"гъатхэ"*ри, ар *"илъэс" пэщlэдзэ lыхьэ*уи зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ.

"Гъэ"р "тхэ"уэ щыщlидза зэманыгъуэм къыкlэлъыкlуэри *"гъащlэ"* зиlэхэм я *псэ ужьыгъуэм къахуихь*ынур утыку къыщихьэ зэманыгъуэращи, ар икlи *"гъэ"ми и "махуэ"*у **"гъэмахуэ"** жыхуэтlэ зэманыгъуэращ. Аращи, *"гъатхэ"*у *зэщlэгъэгъа ди щlыналъэм "гъэ"м къыхуихь*ынур утыку къыщихьэу *"гъэ"р хуит щыхъу* зэманыгъуэу *"гъэ"м и флыгъуэ* зэманыгъуэращ *"гъэмахуэ"*р.

*"*Гъэмахуэ*"*м къыкlэлъыкlуэ зэманыгъуэри зэрылъытар ***"бжьыхьэ"*** псалъэмкlэщи, мы зэманыгъуэр *"гъэ"м щlэбжьэ щигъуэт* зэманыгъуэуи лъытапхъэнщ; е, *"*гъамахуэ*"*м къита *гъэшыр* зэрыхъун хъуарэ цlыхум *щызэхуихьэсыж* зэманыгъуэу, *"вы"*м *"бжьы"* зэры*тырилъхьэ*ми къытехъуакlа псалъэуи лъытапхъэнщ *"бжьыхьэ"*р.

Дауи, *"бжьыхьэ"* псалъэр *"гъэ"м* и фlыгъуэм *щlэбжьэ* щигъуэт -*"*гъэ*"*м и фlыгъуэр щикl- зэманыгъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщи, абы къыкlэлъыкlуэу *"илъэс"ым и еплlанэ зэманыгъуэ*ри адыгэ топокосмикэу *"гъэ"р "щlы"м щыщlэхьэж* зэманыгъуэу, *"гъэ"м инlэ "щlы"*р щиувэу, ди *щlылъэм "щlы"р тепщэ щыхъуж* зэманыгъуэу, *"щlы"м и "махуэ"*у ***"щlымахуэ"*** псалъэмкlэ зэрылъытари гурыlуэгъуэщ.

Зы *илъэсым къыщеклуэкl "гъэ"м елъыта*рэ теухуауэ лъыта мы *псалъэ*хэр -ипэкlи къызэрыхэдгъэща щlыкlэу- *"зэманыгъуэ" лъытэ*хэрщи, мы зи гугъу тщlа *"зэманыгъуипл"*ым дэтхэнэ зыр *иджырэ дызыдит* зэманыгъуэу икlи *блэкла*рэ *къэклуэну* зэманыгъуэхэу зэрылъытапхъэнури гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, мы *зэманыгъуипл*ыр мыпхуэдэу *"иджы, блэкla, къэклуэну"* лlэужьыгъуэхэу бзэм зэрыхэт хъуа къэlуэтэкlэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «мы гъатхэ, мэгъэ гъатхэ; мы гъэмахуэ, мэгъэ гъэмахуэ; мы бжьыхьэ, мэгъэ бжьыхьэ; мы щlымахуэ, мэгъэ щlымахуэ»;
- «блэкla гъатхэ, нэгъабэ гъатхэ; блэкla гъэмахуэ, нэгъабэ гъэмахуэ; блэкla бжьыхьэ, нэгъабэ бжьыхьэ; блэкla щlымахуэ, нэгъабэ щlымахуэ»;
- «къакlуэ гъатхэ, итlэнэгъэ гъатхэ; къакlуэ гъэмахуэ, итlэнэгъэ гъэмахуэ; къакlуэ бжьыхьэ, итlэнэгъэ бжьыхьэ; къакlуэ щlымахуэ, итlэнэгъэ щlымахуэ».

Нытlэ, *"илъэс"*ым *"гъэ"*р щызекlуэ *зэманыгъуипл*ри *"иджырей, блэкla, къэклуэн"*у зэрылъытэ мы *псалъэ*хэри *глагол лэжьэкl*эхэм *"*дополненэ*"* лlэужьыгъуэу зэрыхэлъытэфынури гурыlуэгъуэщи, мы *"зэманыгъуэ"*хэр *зэрылъытэ псалъэ гуэрхэр псалъэухыгъэ*хэм мы *зэрыхиубыдэ* щlыкlэм теухуа *щапхъэ* гуэрхэри мыбдежым къыщыпытщэжынщ:

- «**ар** абы мы гъатхэм ***ма***кlуэ» → «**ар** мы гъатхэм абы ***ма***кlуэ»;
- «**ар** абы нэгъабэ щlымахуэм кlу*а*щ» → «**ар** нэгъабэ щlымахуэм абы кlу*а*щ»;
- «**ар** абы къакlуэ бжьыхьэм кlуэ*н*ущ» → «**ар** къакlуэ бжьыхьэм абы кlуэ*н*ущ».

Мы къэта *щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэ*у зы *"*зэманыгъуэ*"*р *езым хуэlуа* псалъэмкlэ *–"цlэ"*хэмкlэ- *мылъыта*рэ *"мы; блэкla; къэклуэну"* зэрыщыткlэ лъытамэ, ахэр *псалъэухыгъэхэм "*дополненэ*"* лlэужьыгъуэу *"м" клэух*кlэ *къэlу*у -*"цlэпапщlэ"* лlэужьыгъуэу- зэры*хэлъытапхъэ*р гурыlуэгъуэнщ.

Дауи, ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, мы ″гъэ зэманыгъуэ″хэри зы ″илъэс″рэ ″гъэ″м хуэдэу ″зэманыгъуэшхуэ″у щымытми, мы **″зэманыгъуиплl″**ым дэтхэнэ зыри *″иджы″*рэ *″ит зэманыгъуэ″*бэ зыхэзыубыдэ *″зэманыгъуэ″*у зэрыщытым зэрезэгъкlэ, мыхэр зэры*лъытэ* **псалъэ**хэри *глагол лэжьэкlэ*рэ *псалъэухыгъэхэм* **″иджы″**рэ **″ит зэманыгъуэ″**у зэры*хэлъытэ*р **игъащэу** зэры**щымыт**ри гурыlуэгъуэщ.

**″Махуэ″м теухуауэ.**

Мы зи гугъу тщla *зэманыгъуиплl*ым щыщу *псэлъитl*ым хиубыдэ *″махуэ″*м хиугъэзэщlыхьыр *″гъэ″*мрэ *″щlы″*р *хуиту зэрылажьэ*у я *флыгъуэ*р зэрылъытэрщ. *″Езыр езырурэ хууэ щыт″* зи *мыхьэнэ*уэ еджапхъэ *″махуэ″ псалъэ*р щхьэжуи *зы ″зэманыгъуэ″* зэрылъытэу хэтщ адыгэбзэми, мыбдежым мыбыи щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

Араща, *ди щlы хъурей*м *дыгъэ*м и *хъуреягъ*ыр -игъуэ *лъагъуэ*кlэрэ-къыщикlухькlэ икlи *езым и хъуреягъкlи мэуфэразэ*ри, мы и *зы уфэрэзэгъуэ*у езым *и хъуреягъкlэ* мы и *зы къекlэрэхъуэкlыныгъэ*р зэрылъыта псалъэращ **″махуэ″** жыхуэтlэр. Икlи, *езым и хъуреягъ*кlэ мы *и зы къекlэрэхъуэкlыныгъэ*м дэтхэнэ и зы щlыпlэр *дыгъэм зэрыригъэу*ри гурыlуэгъуэщи, *дыгъэм щыригъэу щlыпlэхэм нэмыщl и щlыпlэ*хэри *дыгъэ зыщытемыпсэ*у къызэрынэри гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, *дыгъэр зытепсэ щlыпlэхэр нэху*гъэу, *зытемыпсэ щlыпlэхэри кlыфl*ыгъэу зэрыщыткlэрэ мы *зэкlэлъхьэужьыкlэ*м и зы *период*эращ зы *″махуэ″*ри **″махуэ хъурей″**щ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, ди *щlы хъурейм и хъуреягъ*кlэ мы *зэ къекlэрэхъуэкlыгъуэ*ри *зэлъытар дыгъэ* къарурэщи, нытlэ, *″илъэс″* жыхуэтlэ зы *″зэманыгъуэ пщалъэ″*у ипэкlэ зи гугъу тщla *″периодыщхуэ″*м нэмыщl, дыгъэм елъытауэ ди щlылъэм аргуэру зы *″пэриодэ цlыкlу″* щолъытэри, мыри мыбдежым *″махуэ″*у зи гугъу тщlы зы *″зэманыгъуэ пщалъэ″*ращ.

*

Дауи, ди щlылlэм дыгъэ хъурейягъыр къызэрикlухьым елъытауэ нэхугъэрэ (махуэ) кlыфlыгъэу (жэщ) lыхьитlыу зэхэлъ ″махуэ хъурей″ри зы ″зэманыгъуэ″ пщалъэрщи, ди щlылъэм мы и хьэрычэтыр къыпыщэхукlэ, махуэхэри *″иджы, блэкla, къэкlуэну″* лlэужьыгъуэ ″зэманыгъуэ″хэу зылъытэнухэри гурыlуэгъуэнщ.

Ауэ икӏи, *иджырей махуэ*у щытыр зэрылъытэ **″нобэ″** псалъэм къыщыщӏддзэу, абы *елъыта*рэ и *ипэрей махуэ*у *блэкӏа*р зэрылъыта **″дыгъуасэ″**мрэ, абы *ипэкӏи блэкӏа*уэ щыт *махуэ*хэр зэрылъытэ псалъэхэр; *нобэ*м *елъыта*уэ *къэкӏуэну къыпэщыт махуэ*ри зэрылъытэ *″пщэдей″*мрэ, абы *иужькӏи къэкӏуэну къыпэщыт махуэ*хэри *адыгэбзэм* зэрилъытарэ *къызэрыӏуатэ псалъэхэм* дэтхэнэ зыми мы илъабжьэм нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Япэрауи, **″нобэ″** псалъэм –ар зэрыухуа макъхэмкӏэрэ- нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дыхуэхъунщ. ″Нобэ″ псалъэм и пэщӏэдзэ макъыр -сытри зэрылъытэ *″м″ макъ нэужь*рэ и *къэхъупэгъу*у утыку къихьа- **″н″** макъращи, нытӏэ, ар *″м″*кӏэрэ *гурыӏуэгъуэ хъуам хуэкӏуэ ″хьэрычэт″*ри зэрылъытапхъэ макъырщ. Икӏи, бзэр къэзыӏуатэ нэрыбгэу ″сэ″м и пышэгъухэм *–″уэ, фэ″м- хуэкӏуэ ″хьэрычэт″* зэрылъыт*э*у *адыгэбзэм холэжьыхь*ыр *″н″ мак*ъри, нытӏэ, *″сэ″р зыдит ″зэманыгъуэ″*м *къыщежьэ*рэ *ужь*у щыт *″махуэ″*ри *″н″ макъкӏэрэ къежьэ*у *″нобэ″* псалъэмкӏэ мы зэрылъытари *″н″* макъым и *къэхъуныгъэ*рэ *адыгэбзэм* мы зэрыхэлэжьыхь щӏыкӏэми езэгъыу лъытапхъэщ. Аращи, *иджы*рэ *ужьыгъуэ* зиӏэу *къэкӏуэнум хуэунэтӏа*уэ лъытапхъэу *иджы дызыдит ″махуэ″*р мы зэрылъыта **″нобэ″** *псалъэ*м *пэщӏэдзэ* хуэхъуар *″н″ мак*ърауэ зэрыщытыр *игъуэ*рэ гурыӏуэгъуэщ.

Зыхуэкӏуэ зэрылъытэ ″нэ″ макъымрэ, абы къыкӏэлъыкӏуэу ужьыгъуэ зэрылъытэ ″у″ макъыр зэкӏэлъхьэужьу (эу) зэхэжыхьауэ къызэрыӏур зэрытха щӏыкӏэу лъыта **″о″** макъырщи, мыпхуэдэуи *″функционал″ кӏуэтэгъуэрэ зэманыгъуэ*у *″иджы″*р (э) *ужьыгъуэ*у (у) *″къэкӏуэну″*м зэрыхуэкӏуэ – зэрыхуэунэтӏыр (н) зэрылъытэ макъ зэкӏэлъхьэужьыкӏэм *зэрелъытаужьыгъуэ* зылъытэ *″б″* макъыр *функционал*уи (э) къызэрыӏуу зэрыухуари гурыӏуэгъуэщ *″нобэ″ псалъэ*р. Аращи, мыпхуэдэу ухуа псалъэри функционалу (э) иджырэ джыгъуэ махуэу зэрыщыткӏэ, къэкӏуэнуми (у) зэрелъытаужьыгъуэу (бэ) зэрыхуэунэтӏар (н) зэрылъытэ макъхэмкӏэ зэрызэпкъырылъыр гурыӏуэгъуэщи, нытӏэ, мы зэрыухуа щӏыкӏэу *″нобэ″* псалъэр икӏи къэкӏуэнурэ *дызэрыхуэкӏуэми зэрелъыта*ри зыхэзыубыдэ *псалъэ*у зэрыщытри гурыӏуэгъуэщ.

Етӏуанэу, **″дыгъуасэ″** псалъэмкӏэ лъытэ махуэр *″блэкӏа махуэ″*у *нобэм* и *ипэ*рей махуэрщи, зэрыухуа макъхэмкӏи зэреджапхъэм гурыӏуэгъуэ къытхуищӏыр наӏуэщ: «*″о″*ым хуэкӏуэрэ *кӏуэд*у *нэщӏ* хъуауэ, щы*игъуэ*ри

(гъуэ) блэкIа (гъуа) щхьэ, *"нобэ"ми* пыщIыгъэныгъэ *–тенгенс*ыгъэ- (с) зыхуиIэу щыт (э)».

НытIэ, *нобэр зи нэужь махуэ*р зэрылъыта *"дыгъасэ"*м *аткIи "блэкIа махуэ"* зэрыщыIэнури гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэри *"дыгъуасэ"*у лъыта *махуэм елъыта*уэ зэрылъытапхъэнури гурыIуэгъуэнщ. Аращи, *"дыгъуасэ"м нэхъ ипэ* щыIа мы *махуэ*ри зэрыигъуэу **"дыгъуэснэхъыпэ"**ущ адыгэбзэм къызэриIуатэр.

*Нобэм къыкIэлъыкIуэ*у *"къэкIуэну махуэ"*у тлъытэ **"пщэдей"**ри зыхиубыдэ макъхэмкIэ мыпхуэдэу мыпхуэдэу къэIуэтапхъэщ: «нобэ нэужь *къытпэщыт*у *ипэкIэ* (п) ди *щыIэгъуэ*кIэрэ (щ) дызыхуэкIуэу зых*эзыубыдэ*ну (дэ) *джыгъуэ*р (и) зей (ей) махуэу *"дызыхуэкIуэ махуэ"*ращ *"пщэдей"* псалъэмкIэ лъытар».

ИкIи, *блэкIа*м *елъытауэ къэкIуэну*м *нэхъ зэта*уэ зэрыщытынур гурыIуэгъуэщ *псэ ужьыгъуэ*рэ *псэущхьэ*ри, –нэхъыбэуи *цIыхур*- нобэм къыпэщыт *"пщэдей"*ми *къыщымынэ*у, зыхуэкIуэрэ зыхуэунэтI *"къэкIуэну зэман"*ыр *"махуэ"* лIэужьыгъуэуи *пщэдейм аткIэ*хэри *псэлъэбзэм зэрилъытапхъэ*нур гурыIуэгъуэнщ. Аращи, *пщэдей нэужь*у *пщэдейр къыщыхъум* –ар "нобэ"у щылъытэм- абы *и "пщэдей"ижу* лъытэну *махуэ*ри *пщэдейм елъыта*уэ –мы ди "нобэ"м елъытауэ- *"пщэдей"уэ мылъытапхъэ*у *"пщэдей мыщ щIыкIэ"*у **"пщэдей мыщкIэ"**у мэлъытэр.

Мыбыи *къыкIэлъыкIуэну махуэ*ри -мы **"къэкIуэну"** лъыта **махуэхэм**и **къапыщэж**ыну **махуэ**у-, *"нобэ"ми зэрыпэжыжьэ*рэ икIи *къызпыщэж*ыну *махуэ*ри *зы бжан*э зэрыщытыр **"а"**уэ зэрылъытакIэрэ, мы махуэхэм *къазэрыпыщэж*ынукIэрэ **"къапыщкIэж"**ущ зэрылъытэр. *Абы*и *аткIэ махуэ*ри мы *къэкIуэну лъыта махуэхэм къаклэлъыкIуэ*рэ *къатехъукI*ыу **"къапыкъуэж"**у мэлъытэр... *абы аткIэри* зэрылъытэ псалъи щыIэщи, *нэхъ жыжьэ*рэ икIи *мыналуэ*рэ *щIыбъ*уи (цI) зэрылъытэу **"къапыцIэж"**у зэрылъытэри къыхэдгъэщынщ.

НытIэ, мы зи гугъу тщIа махуэхэр зэрызэхущытыкIэу къэгъэлъэгъуапхъэмэ, *"дыздит махуэ"*у *"иджырей махуэ"* **"нобэ"**м къыщыщIидзэу **"блэкIа махуэ"**хэмрэ **"къэкIуэну махуэ"**хэр зэрызэлъыта щIыкIэхэу мыбдежым зы таблицэу къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

«...дыгъуэснэхъыпэ ← дыгъуасэ»
↑
**«НОБЭ»**
↓
«пщэдей → пщэдей мыщкIэ → къапыщкIэж → къапыкъуэж...»

Ипэкlэ къэтlуэтахэми къызэрыхэщу, блэкlар блэкlауэ зэрыщыткlэ нэхъ lупщlрэ гурыlуэгъуэ къыхуэхъуу щыт щхьэ, дэркlэ дызыхуэкlуэрэ *къэlуэнур нэхъапэ*у зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщи, мы таблицэм къыщыгъэлъэгъуа псалъэхэми зэрыхэплъагъуэу, адыгэбзэм **″махуэ″**у **блэкlа**р **лъэбэкъуитl**кlэ илъытэ щхьэ, **″махуэ″**у дызыхуэкlуэрэ **къэкlэну**хэр **лъэбэкъуиплl**кlэ мы зэрилъытами къыдгуригъаlуэр наlуэщ.

Нытlэ, *″махуэ″*хэр *иджы дыздит*у икlи *блэкla*рэ *къэкlуэну*и зэрылъытэ мы *псалъэ*хэри глагол лэжьэкlэу *псалъэухыгъэ*хэм ″дополненэ″ лlэужьыгъуэу зэрыхиубыдэри гурыlуэгъуэщи, мыбдежым мыбыхэм теухуа щапхъэхэри къэгъэлъэгъуапхъэщ. Икlи, *мыпхуэдэу* ″дополненэ″ *зы бжанэ* зыхэзыубыдэ *псалъэухыгъэ*хэм ″дополненэ″хэр *щыхиубыдэ* щlыпlэр ″дополненэ″р *нэхъапэ*рэ *нэхъ лантlэ*у *зэрылъытэ*м елъытарэ теухуауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэну *псалъэухыгъэ* щапхъэхэм ″иджырей, блэкla, къэкlуэн″у мы *″зэманыгъуэ″*хэр глагол лэжьэкlэрэ *псалъэухыгъэ*хэм ″дополненэ″ лlэужьыгъуэхэу зэрыхиубыдэрэ, -*″щхьэ″* лlэужьыгъуэ ″дополненэ″хэмрэ *″зэманыгъуэ″* лlэужьыгъуэ мы ″дополненэ″хэр- *щыхиубыдэ* щlыпlэхэри *зэрызэхъуэкl*ыф щапхъэхэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**ар** абы нобэ ***ма***кlуэ»; «**ар** нобэ абы ***ма***кlуэ»;

---

- «**ар** абы дыгъуасэ кlу*а*щ»; «**ар** дыгъуасэ абы кlу*а*щ»;
- «**ар** абы дыгъуэснэхъыпэ кlу*а*щ»; «**ар** дыгъуэснэхъыпэ абы кlу*а*щ»;

---

- «**ар** абы пщэдей кlуэн*у*щ»; «**ар** пщэдей абы кlуэн*у*щ»;
- «**ар** абы пщэдеймыщкlэ кlуэн*у*щ»; «**ар** пщэдеймыщкlэ абы кlуэн*у*щ»;
- «**ар** абы къапыщкlэж кlуэн*у*щ»; «**ар** къапыщкlэж абы кlуэн*у*щ»;
- «**ар** абы къапыкъуэж кlуэн*у*щ»; «**ар** къапыкъуэж абы кlуэн*у*щ».

Аргуэру къыхэгъэщыпхъэмэ, сыт хуэдизу дыздит махуэрауэ щытми, **″нобэ″**ри *″иджы″*рэ *″ит зэманыгъуэ″*у хибыдэр *″зэманыгъуэ″*бэу зэрыщытым зэрезэгъкlэ, *″зэманыгъуэ″* зэрылъытэ зы *псалъэу глагол лэжьэкlэ*рэ *псалъэухыгъэхэм* **″иджы″**рэ **″ит зэманыгъуэ″**у мы зэры*хэлъытэ*ри **игъуащэ**у зэры**мылъытапхъэ**ри гурыlуэгъуэщ.

*

Мы зэрыжытlауэ, зы *″махуэ″м –″*махуэ хъурей″м- *и зы lыхьэ*р *нэхугъэ*у, и *зы lыхьэри ″кlыфlыгъэ″*у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, нытlэ, *″езыр езыру*рэ *хууэ щыт″*у зэреджапхъэм нэмыщl икlи *″езыр езырурэ нэху хъууэ*

*щыт"*уи *зэджапхъэ* **"махуэ"** псалъэм *нэхъ хуэфащэ*ри мы и **нэху**гъэ *lыхьэ*рауэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, *нэгугъэ*рэ *клыфlыгъэ*у зэхэлъ *"махуэ хъурей"*м и **клыфl**ыгъэ *lыхьэ*ри **"жэщ"**ущ зэрылъытар.

Мы зэрыжытlауэ, *дыгъэ системэ*м щыщ ди *щlы хъуей*м езым *и хъуэреягъклэ и зы къеклэрэхъуэкlыныгъэ*р зэрылъыта *"махуэ хъурей"м и lыхьэ нэхъыщхьэ*р *нэхугъэ*у зэрыщытынури наlуэщи, нытlэ, *"махуэ"* псалъэр *зыхуэфащэ*рэ икlи *къызытехъукла*ри мырауэ лъытапхъэщ. Ауэ, мы "махуэ хъурей"м и зы lыхьэри нэхугъэу зэрыщымыткlэ "махуэ"уи мылъытапхъэу *клыфl*ыгъэ lыхьэращи, мы lыхьэр *хуиту* -нэм илъагъуу- *щымыпсэупхъэ зэманыгъуэ*у зэрыщыткlэ, псэущхьэхэм -нэхъыбэуи цlыхум- я *lэуэ-лъауэ*рэ *lуэху* щызэхэувыlэрэ *щызэхэжэ/щызэхэжсыхь*у "жын/жэн" зыхэзыубыдэ -"мекан"ым теухуа- мы "зэманыгъуэ"р **"жэщ"**ущ зэрылъытари, икlи, мы зэманыгъуэр жэщ къызыхуэхъу мы псэущхьэхэм я **"жеигъуэ"**у зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Зы *нэхугъэ*рэ *клыфlыгъэ*у мы *зэклэлъхьэужьыкlэ*м и зы *"периодэ"*р зэрылъыта псалъэрщ **"махуэ"**ри, ар зы *"махуэ хъурей"*уэ къызэреклуэкlым ипэ къихуэрэ **и япэрей lыхьэ**ри *клыфlыгъэ*рауэ –**"жэщ"** жыхуэтlэ *зэманыгъуэ lыхьэ*рауэ- зэрыщытращ адыгэбзэм гурыlуэгъуэ къытхуищlри, мыпхуэдэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэ къызэрытхуэхъури зы *"махуэ хъурей"м и "жэш" lыхьэ*мрэ *и "махуэ" lыхьэ*м *пэщlэдзэ* хуэхъу *зэманыгъуэ*хэр *зэрылъытэ псалъэ*хэрауэ жыlэпхъэщ.

Аращи, *дыздит "махуэ"*м *–"нобэ"м-* къыклэлъыкlуэ *"жэщ"*ым и *пэщlэдзэ*р зэрылъытэ **"пщыхьэщхьэ/пщхьэщхьэ"** псалъэм гурыlуэгъуэ къытхуищlыр *иужьрей махуэ*м дызэрыхуэкlуэу ар *–"пщэдей"*р- къыщыщlидзэ зэманыгъуэращ. Мы зэрыжытlауэ, "къыт*п*эщыту (п) дызы*щы*lэну (щ) дызыхэ*хьэ*м (хь)" -"зэманыгъуэ пщалъэу дызыхуэкlуэ"у мы "дызыхэ*пщхьэ"*м- *и пэщlэдзэ*рэ *и "щхьэ"*рауэ еджапхъэщ *"пщхьэщхьэ"* псалъэми, мы *зэманыгъуэ*р икlи *"жэщ"ым ипэ* къихуэу *-жэщыпэ*у- *клыфl*ыгъэр *къыщыблагъэ зэманыгъуэ lыхьэ*у зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

*Иужьрей махуэ*м хуэкlуэ *пэщlэдзэ* зэрылъытэрэ, *жэщ къыщыблагъэ "зэманыгъуэ"*р *объективу зэрылъытэ* псалъэрщ *"пщхьэщхьэ"*ри, ар *къызклэлъыкlуэ махуэм*рэ зи *пэщlэдзэ махуэ*хэм *елъыта*уэ щхьэхуэ щхьэхуэ *псалъэ*хэмкlи къызэрыlуатэми мыбдежым я гугъу щытщlынщ.

Зэрыжытlауэ, *"пщхьэщхьэ" щыжы lэ* зэманыгъуэр *нобэ*ращи, *иужьрей махуэ*м *-"пщэдей"*м- дызыхуэкlуэ *пэщlэдзэ* зэрылъытэ псалъэр *"пщхьэщхьэ"*р. Мыпхуэдэу зэрыщытым нэмыщl, дэтхэнэ зы махуэми мы

зэманыгъуэр –"пщхьэщхьэ"р- иужьрей махуэм и пэщlэдзэу зэрыщытыр **"пшыхь"** псалъэмкlэ мэлъытэри, а *махуэ*р зэрылъытэ *псалъэм* (пп: гъубж) *"пшыхь" псалъэ*р къыпыщэжу *"псалъэ зэпха"*уэ (пп: "гъубж пшыхь") къызэрыlуатэ щапхъэ гуэрхэри къэтхьынщ: пщэдей пшыхь, дыгъуэспшыхь

- «"блыщхьэ" махуэм къыкlэлъыкlуэ "пщхьэщхьэ"р *"гъубж пшыхь"*щ»;
- «"гъубж" махуэм къыкlэлъыкlуэ "пщхьэщхьэ"р *"щэбэт пшыхь"*щ»;
- «"щэбэт" махуэм къыкlэлъыкlуэ "пщхьэщхьэ"р *"мэхуэку пшыхь"*щ»;
- «"мэхуэку" махуэм къыкlэлъыкlуэ "пщхьэщхьэ"р *"мерэм пшыхь"*щ».

Мыбыхэм нэмыщl, "пшыхь" псалъэм гурыlуэгъуэ къытхуищlыр нalуэщи, нытlэ, мы къэта щапхъэхэм хуэдэу, *"мэхуэцlэ" псалъэ*хэмрэ *"пшыхь" псалъэ*мкlэ ухуа мы *"псалъэ зэпха"* лlэужьыгъуэхэм нэмыщl, *"блэкla махуэ"*рэ (дыгъуасэ) *"къэкlуэну махуэ"*хэм (пщэдей) къыкlэлъыкlуэ *"пщхьэщхьэ"*хэри *"пшыхь"* лlэужьыгъуэу къызэрыlуэтапхъэхэри гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, мыхэри дыздит махуэм -нобэ"м- щызэрылъытэ *псалъэ*хэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «...дыгъуэспшыхь ← дыгъуэпшыхь» ← «**нобэ**» → «..."пщэдей пшыхь"...»

Мы псалъэхэр зэрыухуа щlыкlэхэми щыгъуазэ дыхуэхъуу, ахэр "нобэ"м зэрелъытауэ зэрылъыта щlыкlэхэри зыгурыдгъэlуэнщ. Аращи, *"нобэ"р къыздыщежьэ*р дыгъуасэм къыкlэлъыкlуэ *"пщхьэщхьэ"*у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, нытlэ, *"дыгъуасэ"у мылъытапхъэ*рэ дыздит махуэу *нобэ*р къыздыщежьэу икlи и *блэкla* итыпlэ/*гъуэ* зэрылъытапхъэ *"дыгъуэ" псэлъапхъэ*м *"пшыхь"* къыкlэлъыкlуэу ухуа **"дыгъуэпшыхь"** псалъэр *нобэр къыздежьа "пщхьэщхьэ"*у нобэм елъытарэ теухуа *"блэкla пшыхь"* зэрылъытэрщ. Мы зэрылъыта щlыкlэм зэрезэгъкlэ, *"дыгъуасэ"*ри *къыздыщежьэ*р *"дыгъуэснэхъыпэ"*м къыкlэлъыкlуэ *"пщхьэщхьэ"*рауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, нытlэ, *а "пщхьэщхьэ"р*и *"дыгъуасэ"*м и *"пшыхь"*у зэрылъытэнур -*"псалъэ зэпха"*уэ- *"дыгъуасэ пшыхь"*ущ; ар зы *"псалъэ зэгуэт"*у зэрызэпкъырыувэнури **"дыгъуэспшыхь"**ущ.

Ауэ, ипэкlэ къэта таблицэм *"къэкlуэну зэманыгъуэ"*у *"пшыхь" лlэужьыгъуэ*у хэплъагъуэр зы *псалъэ закъуэ*у зэрыщытыр гулъытапхъэщи, нытlэ, мыпхуэдэу зэрыщытри мыбдежым зыщыгурыдгъэlуэнщ. Аращи, таблицэм "пшыхь" лlэужьыгъуэу хэплъагъуэр **"пщэдей пшыхь"** псалъэращи, мы *"псалъэ зэпхуа"*уэ лъыта зэманыгъуэри *"пщэдеймыщкlэ"*р къыздыщежьэ *"пщхьэщхьэ"*у *"пщэдей"*м къыкlэлъыкlуэ *"пщхьэщхьэ"*рауэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, *"нобэ"*м къыкlэлъыкlуэ *"пщхьэщхьэ"*р зэрылъытэр *"ныщхьэбэ"* псалъэущи, ар "пшыхь"у

зэрымылъытапхъэм зэрезэгъкlэ мы ″пшыхь″ лlэужьыгъуэ псалъэхэм хэгъэхьакъым; - абыи мы илъабжьэм щыгъуазэ дыщыхуэхъунущ. Дауи, мы къызэрыхэдгъэщауэ, зэмылlэужьыгъуэ псалъэхэмкlэ къызэрыlуатэм папщlэ, таблицэм хэмыхьами, *нобэм елъытауэ ″къэклуэну зэманыгъуэ″*ри *″пщхьэщхьэ″м къыщежьэ*у *лъэбэкъуитл*ыу зэрылъытэри гурыlуэгъуэнщ.

Ныtlэ, мыхэр *нобэм елъыта*уэ *блэкла*рэ *къэклуэну ″пщхьэщхьэ″*хэрщи, *″блэкла пщхьэщхьэ″ лlэужьыгъуитл*ым зы *″нобэ″м и ″пшыхь блэкла″*уэ, *адрейри ″дыгъуасэм и пшыхь″*у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Аращи, *″къэклуэну пщхьэщхьэ″* лlэужьыгъуэу *″пщэдей пшыхь″*ращ таблицэм хэплъагъуэри, *нобэм къыклlэлъыклуэ ″пщхьэщхьэ″*ри -*″пшыхь″у мылъыт*эу-*″ныщхьэбэ″*у зэрылъытэри гурыlуэгъуэщ.

Мы зэрыжытlауэ, *″пшыхь″*у лъыта мы *″блэкла зэманыгъуэ″*хэмрэ мы *″къэклуэну зэманыгъуэ″*ри зэрылъыта псалъэхэр *псалъэухыгъэ*хэм ″дополненэ″ лlэужьыгъуэу зэрыхэлъытэ щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «**ар** абы дыгъуэпшыхь кlу*а*щ»; «**ар** дыгъуэпшыхь абы кlу*а*щ»;<br>- «**ар** абы дыгъуэспшыхь кlу*а*щ»; «**ар** дыгъуэспшыхь абы кlу*а*щ»;<br>---<br>- «**ар** абы пщэдей пшыхь кlуэ*н*ущ»; «**ар** пщэдей пшыхь абы кlуэ*н*ущ». |

Мы ипэкlи къыщызэрыхэдгъэщауэ, *″пщхьэщхьэ″*р абы *ипэ къихуэ махуэм щызэрылъыт*эри **″ныщхьэбэ″** псалъэмкlэщи, *щылъытэ махуэ*р -нобэр- *зыхуэклуэ махуэм* -пщэдейм- зэры*хуэунэтл*ар зэрылъытэ *″н″ мак*ъкlэрэ *къежьэ*у, мы зыхуэкlуэ махуэ пэщlэдзэри –и ″щхьэ″-зэрылъытэу, мы *дыздит махуэм* –нобэм- *елъытаужьыгъуэ*кlэрэ (бэ) *иужьрей махуэм* -пщэдейм- *зэрыхуэклуэ*ри *зэрылъытэжу зэпкъырыува*щ *″ныщхьэбэ″* псалъэр.

Ныtlэ, *″пщхьэщхьэ″* псалъэмрэ *″пшыхь″* псалъэхэр зэрызэлъытам теухуауэ мы ипэкlэ къэдгъэлъэгъуа таблицэм хиубыдэ щапхъэхэм хуэдэу **″ныщхьэбэ″**рэ **″пшыхь″** псалъэхэри зэрызэлъыта щапхъэхэри мыбыдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «*″блыщхьэ″* махуэм *″ныщхьэбэ″*у щылъытэр *″гъубж пшыхь″*щ»;<br>- «*″гъубж″* махуэм *″ныщхьэбэ″*у щылъытэр *″щэбэт пшыхь″*щ»;<br>- «*″щэбэт″* махуэм *″ныщхьэбэ″*у щылъытэр *″мэхуэку пшыхь″*щ»;<br>- «*″мэхуэку″* махуэм *″ныщхьэбэ″*у щылъытэр *″мерэм пшыхь″*щ». |

Мы ипэкlэ зи гугъу тщla *″пщхьэщхьэ″ псалъэм хуэдэ*у ухуауэ лъытапхъэщ **″пщэдджыжь″** псалъэри, *къэблагъэ махуэ пэщlэдзэ*р *дыздит махуэм зэрыщылъыт*эрщи, ″къыт*п*эщыт (п) нэхугъэу дызыхуэкlуэ махуэм

–*"пщэдей"*м- иджыри *жьы*уэ лъытэ и *l*ы*хьэ*у и *пэщlэдзэ"*р зэрылъытэу ухуа псалъэрщ. Аращи, *"пщэд*(ей)-*джы*(гъуэ)-*жьы"*уэ мы зэрызэпкъырылъми гурыlуэгъуэ къытхуищlыр зы "зэманыгъуэ"у "къыт*п*эщыт дыз*дэщы*lэну"м (пщэдей) иджыри *ей мыхъуа*рэ *димыт*у (*пщэд*) ар зэры*джы*м (*джы*) елъытауэ иджыри *жьы*уэ (*жьы*) зэрыщытыр зэрылъытэ псалъэрщ *"пщэдджыжь"*ыр.

Мыпхуэдэу "объектив" зы зэманыгъуэ зэрылъыта *"пщэдджыжь"*ыр *зи пэщlдзэ махуэм и куэцlым -пщэдджыжь нэужь*ым- щызэрылъытэр **"нышэдибэ"** псалъэмкlэщи, мы зэрылъыта псалъэри ар *щылъыта махуэм хуэlуа*уэ зэрыщытри наlуэщ. Нытlэ, *пщэдджыжь нэужь*у мы *дыздит махуэ*м –"нобэ"м- *дэтхэнэ и зы зэманыгъуэ*м мы *махуэ*м и *пэщlэдзэ зэманыгъуэ*р зэрылъытэ *"нышэдибэ" псалъэ*р зэрыухуа щlыкlэри мыпхуэдэу къэlуэтапхъэнщ: «нобэрей махуэу дыздит зэманыгъуэм къыбгъэдэкlыу *махуэ пэщlэдзэ*м *хуэунэтl*ауэ (н) лъыта псалъэрщ *"ны*шэдибэ"ри, нытlэ, ар *щылъытэ зэманыгъуэ* мы "иджы"р къызхэкla/*къызхэш*а (шэ) *итыпlэ* (д) *джыгъуэ*р (и) мы "иджы"ри/"иджы"ми *зэрелъытауэжьыгъуэ*у (бэ) къызэрыlуэтаращ *"нышэдибэ" псалъэр*».

Мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщщи, *"пщхьэщхьэ"* псалъэмрэ *"пщэдджыжь"* псалъэм ялъытэ *"зэманыгъуэ"*хэр сытым дежи къыщыlуэтэну щlыкlэу *"объектив"*ущ зэралъытэр. Ауэ, *мы зэманыгъуэхэр щылъыта махуэм* елъытарэ *хуэlуа*уэ зэрылъыта *псалъэ*хэрщ *"нышхьэбэ"*рэ *"нышэдибэ"* псалъэхэр. Аращи, *"нышхьэбэ"*р *щылъыта*рэ икlи *щызекlуэ махуэ закъуэ*р а *"пщхьэщхьэ"м ипэрей махуэ*рауэ *–махуэ кlуэцl*рауэ- зэрыщытрэ, *"нышэдибэ"*р *щылъыта*рэ икlи *щызекlуэ махуэ закъуэ*ри а *"пщэдджыжь"*ыр *зи пэщlэдзэ махуэ*рауэ *-махуэ кlуэцl*рауэ- зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, мы псалъэхэр глагол лэжьэкlэрэ къэlуэтэкlэу *псалъэухыгъэ*хэм *зэрыхиубыдэ*ну щlыкlэхэри *"нышхьэбэ"*р *"къэкlуэну зэманыгъуэ"*у, *"нышэдибэ"*ри *"блэкla зэманыгъуэ"*у зэрыщытынури гурыlуэгъуэщ:

- «**ар** абы нышхьэбэ кlуэ*н*ущ»; «**ар** нышхьэбэ абы кlуэ*н*ущ»;
- «**ар** абы нышэдибэ кlу*а*щ»; «**ар** нышэдибэ абы кlу*а*щ».

*

Дауи, зы "махуэ"м -"махуэ хъурей"м- и япэрей lыхьэр "жэщ"рауэ зэрыщытыр мы къэтlуэтахэмрэ щапхъэу къэтхьа мы псалъэхэмкlэ гурыlуэгъуэщ; ауэ икlи, мы псалъэхэмкlэ гурыlуэгъуэ къытхуэхъур а "махуэ"м и нэхугъэ lыхьэм дызэрыхуэкlуэращи, нытlэ икlи, зы *"махуэ*

*хъурей"*м и *флыгъуэ*ри и *нэхугъэ лыхьэ*рауэ зэрыщытри зэрылъытэуи жылэпхъэщ. Мыпхуэдэу зэрыщытыр зэрылъытэ нэгъуэщl щlыклэхэри щылэщи, *"жэщ"*ым и *куэрэкупсэ*у *а нэхъ клыфлыгъуэ*р зэрылъытэр **"жэщибг"**ущ; ауэ, щхьэжу нэхугъэ лыхьэр зэрылъытэ *"махуэ"*м и *куэрэкупсэ*у *а нэхъ нэхугъуэ*р зэрылъытапхъэ **"мэхуибг"**ыр *–нэхугъэ*уи еджапхъэ *"махуэ"м и мэхуэжу и "джыгъуэ"*р а нэхъ *нэхугъэ*рауэ зэрылъытэу- **"щыджагъуэ"** псалъэмклэщ зэрылъытэр.

*"Махуэ"*у *нэхугъэ*р *а нэхъ лъэщу джыуэ щит "*зэманыгъуэ"ращ *"щыджагъуэ"*ри, абы нэужь пщхьэщхьэм нэгъунэри зэрылъытапхъэр абы елъытауэ **"щыджагъуэ нэужь"**ущ. Араци, *"пщхьэщхьэ"м нэгъуэнэ*р зэрылъытэ псалъар *"щыджагъуэ нэужь"*ущи, ар *-"пщэдджыжь"*ым хуэдэу- *нобэ*рей *махуэ*м хиубыдэ *"зэманыгъуэ"*рщ,

| **Зы "махуэ"р -"махуэ псо"рэ "махуэ хъурей"р- зэрызэхэлъыр** | |
|---|---|
| Клыфlыгъуэ: **"жэщ"** | Нэхугъуэ: **"махуэ"** |
| → Пщхьэщхьэ → жэщ → | → пщэдджыжь → щыджагъуэ → щыджэгъуэ нэужь → |

Сыт хуэдизу зы "махуэ"р –махуэ псо"рэ "махуэ хъурей"р- нэхугъуэрэ клыфlыгъуэ лыхьитlыу щытми, и *клыфлыгъуэ лыхьэ*р *"жэщ"* псалъэмклэ зэрылъытэрэ, и *нэхугъуэ лыхьэ*ри –аргуэру- *"махуэ"* псалъэмклэ зэрылъытэр гурылуэгъуэщ. Иклu, *"езыр езырурэ хуу щыт"* зи мыхьэнэ *"махуэ"* псалъэр иклu *"нэ"м "ху"гъэ къыхуэхъу*р зэрылъытэ *"нэху"*гъэуи зэрылъытапхъэу, зы *махуэ псорэ хъурей*м *и флыгъуэ лыхьэр нэхугъэ*уи зэрыщыткlэ, зы *"махуэ хъурей"*м и *нэхугъуэ лыхьэ*у *"махуэ"* жыхуэтlэр мы къэтlуэтарэ зэрылъыта щlыклэклu *зы "махуэ"м* –махуэ псорэ хъурейм- *и нэхъыщхьэ лыхьэ*у зэрыщытри гурылуэгъуэнщ. Нытlэ, зы *"махуэ хъурей"*м *и нэхугъэ лыхьэ*м *езыри "махуэ"у* зэрылъытари мырагъэнщ; иклu, *"щыджагъуэ"* псалъэми гурылуэгъуэ къытхуищlри мыращ: *нэхъыщхьэр нэхугъэ*ращ, *дыгъэ къару*ращ.

Ауэ иклu, мы ипэкlэ къэтlуэтарэ мы къэта таблицэми гурылуэгъуэ къызэрытхуищlщи, зы *"махуэ"*м -"махуэ псо"рэ "махуэ хъурей"м- и *къежьапl*эри *клыфлыгъуэ*у *"жэщ"*рауэ зэрыщытри мыхэр зэрылъыта псалъэхэми къыхощыр. Нытlэ, ди *щlы хъурейм езым зэ къызэриклэрэхъуэкl "пэриодэ"*р *"махуэ"*у -"махуэ хъурей"рэ "махуэ псо"уэ- зэрылъытаклэрэ, япэрей и лыхьэу лъытапхъэ *клыфлыгъуэ*м (жэщ) къыхэклыу *нэхугъуэ* (махуэ) зэригъуэткlэрэ и *хъугъуэ-флыгъуэ*м хунэсу лъытапхъэщ.

**"Тхьэмахуэ"м теухуауэ.**

*"Мэхуибл"*ыр **"тхьэмахуэ"**у зэрылъытам нэхъыбэу *флэщхъуныгъэ лъабжьэ* илэщи, ар адыгэбзэм мыпхуэдэу щызэрылъытари нэхъыбэу *крисиан дин*ым теухуауэ жылэпхъэщ. Мы зэрыжытlауэ, *"махуэгъэпс"* лlэужьыгъуэу нобэ адыгэбзэм щызекlуэ *"мэхуэцlэ"* гуэрхэр *нобэрей динхэм* зэралъытэ щlыкlэу хамэбзэу къэхъуа псалъэхэу адыгэбзэм къызэрыхэхьар гурыlуэгъуэщ; ауэ, адыгэбзэм щызекlуэ *"мэхуэцlэ"* гуэрхэри *Адыгэ псэуклэрэ флэщхъуныгъэ*хэм теухуауэ езы *адыгэбзэм къигъэщlа*уэ зэрыщытхэри гурыlуэгъуэнщ.

Аращи, *"махуэгъэпс"* лlэужьыгъуэу *"мэхуибл"*ыр зы *"зэманыгъуэ пэриодэ"*у зэрылъытарауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ адыгэбзэм мы *"мэхуибл"*ыр *къызэрежьэ* махуэр **"блыщхьэ"**у зэрилъытами лъабжьэ хуэхъуар. "Блыщхьэ" псалъэм икlи зы *"тхьэмахуэ"*м хиубыдэ *махуэ бжыгъэ*ри наlуэ къещlыр.

Мы ипэкlэ *"мэхуибл"*ыр зы *"тхьэмахуэ"*у зэрылъытар *кристан дин* лъытэкlэу зэрыщытыр жытlагъэххэщи, мы псалъэм ипlэ иувэу "мэхуибл"ыр зылъытэу щыта адыгэбзэ псалъэ щыlэу зэрыщытагъэнури нобэ тщlэжу щыткъым. Дауи, *"мэхуибл"*ым *и етlуанэ махуэ*р зэрылъытэу адыгэбзэм щызекlуэ **"гъубж"** псалъэр *"гъу" зэрыбж махуэ*у Адыгэ флэщхъуныгъэ лlэужьыгъуэу езы адыгэбзэм къызэригъэщlар гурыlуэгъуэнщ.

"Гъубж"ым къыклэлъыклуэ махуэр **"бэрэжьей"**уэщ зэрылъытэри, мы псалъэр къызыхэкlар тфlэнalуэу лъытапхъэкъым.

Ауэ, "бэрэжьей"м къыклэлъыклуэу *"мэхубл"*ми *я ку*м хуэзэ *махуэ*ри адыгэбзэу **"мэхуэку"**у зэрылъытари гурыlуэгъуэщ.

"Мэхуэку"м къыклэлъыклуэ махуэри зэрылъыта **"мэрем"**/мерэм псалъэри *кристан дин*ым къыызэрытехъуклари гурыlуэгъуэщ. Ауэ, ар икlи *муслимэн дин*ымкlэ *а нэхъ лъапlэ*у зы *махуэ*у -*"мэхуибл"*ым и *мэхуэшхуэ*у-зэрыщытри гурыlуэгъуэщи, *кристан дин*ым теухуа зы *псалъэ*у адыгэбзэм къыхэхьауэ щытами, мы и *мэхуэцlэ*р *зэмыхъуэкl*арэ а зэрыщыту *муслимэн дин*ымкlэ зы *мэхуэшхуэ*у адыгэбзэм щызоклуэр.

"Мэрем"ым къыклэлъыклуэ махуэр зэрылъыта **"щэбэт"**ри адыгэбзэм *журт дин*ымкlэ къызэрыхэхьари гурыlуэгъуэщ.

*Нобэрей динхэм* –зэхуэдэ лъабжьэи зэралэм ипкъ зэриткlи- тхьэм дунейр къызэригъэщla щlыклэр я зэхуэдэу зэралъытэм къытехъуклащ "тхьэмахуэ" псалъэри, икlи "щэбэт"ым къыклэлъыклуэ махуэри адыгэбзэм

*"*тхьэмахуэ*"*у щызэрызекlуэри кристан динымкlэ адыгэбзэм къыхэхьауэ лъытапхъэщ. Аращи, *дунейр тхьэм мэхуихым къигъэщlа*рэ *ебланэ махуэм зигъэпсэхуа*уэщ нобэрей динхэм зэралъытэри, нытlэ, мэхуих нэужь махуэу мэхублым и *"ебланэ" махуэри "тхьэлъэly махуэ"*у зэрылъытаращ адыгэбзэми мы махуэр ***"*тхьэмахуэ*"***у къызэрыхэхьарэ щызэрызекlуэр.

Мы къэтlуэтахэмкlи гурыlуэгъуэщи, *"мэхубл"*ыр зы *"зэманыгъуэ пэриодэ"*у- *зэрылъыта*рэ *"тхьэмахуэ"* псалъэмкlи къызэрыlуэтар ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа *"махуэ"*мрэ *"гъэ"*м *хуэдэу* зы *"космикэ" мыхьэнэ* зиlэу *лъытапхъэкъым*. Мырагъэнщ икlии, *"тхьэмахуэ"*р *"зэманыгъуэ"*у *"дыздит, блэкla, къэклуэну"* къызэрыlуатэ псалъэхэр *"махуэ"рэ "гъэ"м хуэдэу езым хуэlуа псалъэхэмклэкъым*и, мыпхуэдэущ къызэрыlуатэр:

«мы тхьэмахуэ, блэкla хьэмахуэ, къэклуэну тхьэмахуэ».

Нытlэ, *"тхьэмахуэ"*ри *"зэманыгъуэ"*у зэрылъытэ мы *псалъэ*хэри глагол лэжьэкlэ къызэрыlуатэ *псалъэухыгъэм "*дополненэ*"* лlэужьыгъуэу зэрыхиубыдэ щапхъэ гуэрхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**ар** абы мы хьэмахуэм ***ма***клуэ»; «**ар** мы хьэмахуэм абы ***ма***клуэ»;
- «**ар** абы блэкla хьэмахуэм клу*а*щ»; «**ар** блэкla хьэмахуэм абы клу*а*щ»;
- «**ар** абы къэклуэну тхьэмахуэм клуэну*ж*щ»; «**ар** къэклуэну тхьэмахуэм абы клуэну*ж*щ».

*Дыздит "тхьэмахуэ"* зэрылъытэ псалъэу щытми, зы ***"*тхьэмахуэ*"***ми *"иджы"*рэ *"ит зэман"*у *"зэманыгъуэ"*бэ зэрыхиубыдэм папщlэ, зы *псалъэу* ***"*мы тхэмахуэ*"***ри *глагол лэжьэкlэ*рэ *псалъэухыгъэхэм* ***"*иджы*"***рэ ***"*ит зэманыгъуэ*"***у щызэрыхэ***мылъытапхъэ***ри гурыlуэгъуэнщ.

### ***"*Мазэ*"*м теухуауэ.

*"Тхьэмахуэ"*р *махуэгъэпс* лlэужьыгъуэу зэрылъытар жыlэпхъэнщи, ди щlылъэм зэманыгъуэр зэрылъытэу *"дыгъэ"м нэмыщl*, етlуанэ зы *нэхугъэ* лlэужьыгъуэри *"езыр езырурэ зыгъазэу щыт"*у *"мазэ"* псалъэмкlэщ адыгэбзэм зэрилъытар.

*"Мазэ"*р *ди щlылъэм пыщla* зы *щlылъэ цlыклуу*, *ди щlылъэм дыгъэ хъуеягъыр къызэриклухь лъагъуэм елъытауэ* ди щlылъэр уфэразэу езым и хъуреягъыр къызэриклухьым дэщlыгъуу ди щlылъэ хъуреягъым къыщеклуэкlырщи, ди щlылъэм хуэдэжу *"мазэ"* жыхуэтlэ мы щlылъэ цlыклури *"дыгъэ"м къигъэунэхуу* зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Аращи, ари ди щlылъэм хуэдэу *"дыгъэ"р щытепсэ*р *"нэхъугъуэ"*рэ *щытемыпсэ*ри *"клыфlыгъуэ"*у зэклэлъхьэужьущ къызэрыгъэунэхур. Нытlэ, ди щlылъэм и

хъурягъкlэ къызэрекlуэкlым папщlи, *ди щlылъэм* дэтхэнэ и зы щlыпlэм *"мазэ"р сытым щыгъуи умылъагъу*у зэрыщытынурэ, *щыплъагъуэкlи* зэрыплъагъу щlыкlэр "мазэ"р *мащlэ*рэ а *зэрыпсоуэ зэрызэхъуэкl*ынури гурыlуэгъуэнщи, -дэтхэнэ зы бзэми зэрыхэтыпхъэу- адыгэбзэми *"мазэ"р зэрыплъагъу щlыкlэр къызэрilуатэ псалъэ*хэр хэтщ.

Мы къыхэдгъэщахэм зэрезэгъщи, *"мазэ"*р и *хъурейягъ къуап*экlэрэ *япэу щыплъагъу*рэ *къыщыунэху* дыдэр **"мэзэпэ/мэзапэ"**ущ зэрыщытри, *"мазэ"р* кlуэ пэтрэ *нэхугъэ*кlэрэ *хэхъуэ*у зэрыщыткlэ *и хъурея*гъым *и ныкъуэр плъагъу щыхъур* **"мазэ ныкъуэ"**ущ зэрылъытэр. Мыпхуэдэу кlуэурэ *"мазэ"р и хъуреягъкlэ* зэрыщыту *нэху*у *–"нэхугъуэ"*у- щыплъагъури **"мэзэгъуэ/мэзагъуэ"**ущ къызэрыlуатэр. *"Мэзагъуэ" нэужь*ыр *"мазэ"*м и *нэхугъэр мащlэ* хъууэ щlедзэри, и *хъуреягъ*ым и *ныкъуэр -япэрей "мазэ ныкъуэ"*р зэры*зэпыгъэза* щlыкlэу- щыплъагъур *етlуанэ* **"мазэ ныкъуэ"**у мэлъытэр. Мыпхуэдэу мазэ нэхугъэр мащlэ хъуурэ икlэм икlэжыым у*мылъагъуж* зэрыхъунум *хуокlуэр "мазэ"*ри, *иджыри плъагъу*у щыт *"мазэ" нэхугъэ ухыпl*эри *-"мэзапэ"м и зэпыгъэза*уэ- щыплъагъури *"мазэ" нэхугъэм и кlэ*у **"мэзэкlэ/мэзакlэ"**ущ зэрылъытэрэ къызэрыlуатэр.

*"Мазэ"*м дэтхэнэ и зы *"нэхугъэ" зэхуаку*р *"мазэ"*м и *"хьэрычэт"*ым и зы *"пэриодэ"*у зэрыщытынур гурыlуэгъуэщи, мыри цlыхум зы *"зэманыгъуэ пщалъэ"*у илъытэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, *"мазэ"м икlуэ* лъагъуэм ихь *зы "пэриодэ"*ри *"зэманыгъуэ"*у зы **"мазэ"**ущ адыгэбзэм щызэрылъытари, бзэ куэдым мыпхуэдэу зэрыхэлъытари гурыlуэгъуэнщ.

Дауи, *"мазэ"*м икlуэ лъагъуэр зэманыгъуэ *"префиодэ"*мрэ ди щlылъэм дыгъэ хъуреягъыр къызэрикlухьыр зэрылъыта *"илъэс"*ыр зэманыгъуэ *"пэриодэ"*р зэрызэмыкlущэнур гурыlуэгъуэнщи, ижькlэ яхуа **"махуэгъэпс"**кlэрэ зыхуаубыдэ *махуэ бжыгъэ*кlэ зэрагъэкlужри, зы **"илъэс"**ыр *игъуэ махуэ бжыгъэ*кlэрэ **"мазэ пщlыкlутl"**у ялъытащ. Икlи, *"илъэс"*ым щызекlуэ *"гъэ"*кlэрэ лъыта *"зэманыгъуипл"*ми *дэтхэнэ зым "мазэ" щыщ*ыр зэрыхуэзэнур гурыlуэгъуэнщ.

Дауи, *ди щlылъэм епха щlылъэ хъурей*уэ *зэпызгъаз*эуи лъыта *"мазэ"*м дыхуэкlуэжмэ, абы *икlуэ лъагъуэ*р *"зэманыгъуэ"*у зэрылъыта *"пэриодэ"*м дэтхэнэ зыр *"мазэ"*у зэрылъытари гурыlуэгъуэщ. Икlи, *цlыху*м и *гъащlэ*р зэрихьрэ *къилэжь lуэхугъуэ*хэм *хуэигъуэ*у зэрыщыткlэрэщ *дэтхэнэ зы "мазэ"*ри игъуэ *"цlэ"*хэмкlэ лъытауэ адыгэбзэм зэрыхэтыр. *"Мазэ"*хэр мы зэрылъыта *"цlэ"*хэр икlи *"гъэ"*р зэрызекlуэ *"зэманыгъуипл"*ым *теухуарэ хиубыдэ lуэхугъуэхэр* зэрылъытэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщи, нытlэ,

зытеухуарэ зыхэзыубыдэ ″гъэ″ зэманыгъуэхэри зэрылъытауэ мазэхэр зыхэплъагъуэ зы таблицэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Гъатхэ** | **Гъэмахуэ** | **Бжьыхьэ** | **Щlымахуэ** |
|---|---|---|---|
| - Гъатхэпэ | - Мэкъуэуэгъуэ | - Фокlадэ | - Дыгъэгъазэ |
| - Мэлыжьыхь | - Бэдзэуэгъуэ | - Жэпэуэгъуэ | - Щlышылэ |
| - Накъыгъэ | - Шыщхьэlу | - Щэкlуэгъуэ | - Мэзае |

Мы ″мэзэцlэ″хэм гулъытэ щыхуэпщlкlэ, *″гъэ″р къыщыщидзэ ″зэманыгъуэ″*у *″гъатхэ″*м и *пэщlэдзэ ″мазэ″*р **″гъатхэпэ″**у зэрылъытамрэ, *″бжьыхьэ″ ухыпlэ*у *″гъэ″*р *щеужьых* дыдэр -Адыгэ ″топокосмикэ″уи *″гъэ″р ″щlы″м щиубыд*рэ щыхэхьэжу- *″щlымахуэ″*м и *пэщlэдзэ*р *″мазэ″*у **″дыгъэгъазэ″**у зэрылъытэм гулъытэ хуэщlыпхъэш. *″Щlымахуэ″*м хиубыдэ *адрей ″мазэ″хэр*и *цlыхум зэремызэгъыщэ*у зэрыщыткlэ **″щlышылэ″**рэ **″мэзае″**у зэрылъытахэм нэмыщl, **адрей** *зэманыгъуищ*ым хиубыдэ **″мазэ″хэр**и **цlыху**м *къилэжь*рэ *къыщхьэпэ* **lуэху**гъуэхэр **игъуэ щыхъу**р зэрылъытэу къызэрыlуэтахэри гулъытапхъэщ.

Дауи, мы зэрылъытарэ къызэрыlуэта псалъэхэми къызэрыхэщщи, *дэтхэнэ зы ″мазэ″*р *″гъэ″*кlэрэ къэхъу *″зэманыгъуиплl″*ым *дэтхэнэ зым теухуа*рэ *хиубыдэу* зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, *″гъэ″р зэрызекlуэ*у лъыта *″зэманыгъуиплl″*ым *дэтхэнэ зым ″мэзищ″* зэрыхиубыдэр гурыlуэгъуэщи, нытlэ, *дэтхэнэ зы ″мазэ″р* дэтхэнэ зы **″гъэ″ зэманыгъуэ**м **″ипэ, ику, икlэ″**м зэрыхиубыдэм теухуауэ зэрылъытэ **″мэзэцlэ″**хэу адыгэбзэм щызекlуэхэри мыбдежым къыщыпытщэжынщ:

| **Гъатхэ** | **Гъэмахуэ** | **Бжьыхьэ** | **Щlымахуэ** |
|---|---|---|---|
| - Гъэтхэпэ | - Гъэмэхуэпэ | - Бжьыхьэпэ | - Щымэхуэпэ |
| - Гъэтхэку | - Гъэмэхуэку | - Бжьыхьэку | - Щlымэхуэку |
| - Гъэтхэкlэ | - Гъэмэхуэкlэ | - Бжьыхьэкlэ | - Щымэхуэкlэ |

Мы къэтlуэтахэмкlи гурыlуэгъуэщи, *″мазэ″*ри зы *″зэманыгъуэ пэриодэ″*у зэрылъытар *индиректу дыгъэм елъыта*уэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Ауэ, *″махуэ″*рэ *″гъэ″м хуэдэу занщlэу дыгъэм елъыта зэманыгъуэ ″периодэ″*у зэры*мылъытапхъэ*ри гурыlуэгъуэщ *″мазэ″*ри, нытlэ, *″мазэ″*хэр *″дыздит, блэкla, къэкlуэну″* къызэрыlуатэ щlыкlэхэри - *″махуэ″рэ ″гъэ″м хуэдэу- езым хуэlуа псалъэкlэрэкъым*; – мыпхуэдэущ:

| «мы мазэ, блэкla мазэ, къэкlуэну мазэ». |
|---|

Нытlэ, *″мазэ″*р -и цlэкlэ мылъытарэ- *″дыздит, блэкla, къэкlуэн″* лъытамэ, глагол лэжьэкlэ къызэрыlуатэ *псалъэухыгъэ*хэм *″*дополненэ*″* лlэужьыгъуэу зэрыхиубыдэм теухуа щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

| - «**ар** абы мы мазэм ***ма***кlуэ»; «**ар** мы мазэм абы ***ма***кlуэ»; |
|---|

- «**ар** абы блэкlа мазэм кlу*а*щ»; «**ар** блэкlа мазэм абы кlу*а*щ»;
- «**ар** абы къэкlуэну мазэм кlуэн*у*щ»; «**ар** къэкlуэну мазэм абы кlуэн*у*щ».

Мыбдежми къыхэгъэщыпхъэщи, зы **″мазэ″**ми *″иджы″*рэ *″ит зэман″*у *″зэманыгъуэ″*бэ зэрыхиубыдэм папщlэ, зы *псалъэу* **″мы мазэ″**ри *глагол лэжьэкlэ*рэ *псалъэухыгъэхэм* **″иджы″**рэ **″ит зэманыгъуэ″**у *хэлъытэныр* **игъуащэкъым.**

**″Махуэ″ми нэхъ цlыкlу ″зэманыгъуэ″хэм теухуауэ.**

*″Дыгъэ″* къарум зэрелъытакlэрэ *ди ″щlылъэ″м* езым и *хъуреягъ*ыр *къызэреклэрэхъуэкlкlэрэ*щ *дыгъэ*м и *хъуреягъ*ри *къызэрикlэрэхъуэкl*ри, *дыгъэм елъыта* мы и *занщlэ хьэрычэт*хэм нэмыщl, *ди ″щlылъэ″м* езым хъуреягъым *къыпекlуэкl ″мазэ″*ри *″дыгъэ″м къызэригъэунэху*м *елъыта*уэ лъытэ *зэманыгъуэ*хэми ипэкlэ я гугъу тщlагъэххэщ. Аращи, *″илъэс″*ым къыщlидзэу *″махуэ″*м нэгъунэ лъыта мы *хьэрычэт*хэм теухуа *″зэманыгъуэ″*хэри зыр зым зэрыпыщlарэ *зэрызэлъыта*ри гурыlуэгъуэщ. Икlи, мы *хьэрычэт*хэр зэрылъытэ *″зэманыгъуэ″хэр тегъэщlанlэ* зэрищlкlэрэщ цlыхум *″махуэгъэпс″*хэри зэрызыхуиухуар.

Аращи, дыгъэм елъытауэ ди *″щlылъэ″м езым и хъуреягъ*эр къызэрикlухь зы *″пэриодэ″*р а *нэхъ космикэ ″зэманыгъуэ″ цlыклу*у зэрилъыта **″махуэ″**ри и кlуэцlкlэ *–космикэ хьисэп*у- *″24″ lыхьэ*ущ зэригуэшари, мы lыхьэхэм дэтхэнэ зыри **″сыхьэт″**у зэрылъытауэщ адыгэбзэм зэрыхэтыр. Мыбы нэмыщl, зы *″сыхьэт″*ри и кlуэцlкlэ -аргуэру *космикэ хьисэп*у- ″60″ lыхьэу гуэшащи, мы lыхьэхэм дэтхэнэ зыр адыгэбзэм **″дакъикъэ″**у -**″минут″**у- щызэрызекlуэри гурыlуэгъуэщ. зы *″дакъикъэ″*ри и кlуцlкlэ *нэхъ зэманыгъуэ″ цlыклуу* зэры*гуэша*рэ, къыкlэлъыкlуэу *нэхъ ″зэманыгъуэ″ цlыклу*хэри зэрылъытар гурыlуэгъуэщ.

Зы *″махуэ″р и кlуэцlкlэ lыхьэ lыхьэ ″зэманыгъуэ″*хэу мы зэрылъыта псалъэхэр адыгэбзэу зэрыщымытри гурыlуэгъуэщи, а *″зэманыгъуэ″*хэр мыпхуэдэ псалъэхэмкlэ зезыхьэ лъэпкъыхэм я бзэу *адыгэбзэм къыхэхьа* псалъэхэрщ мыхэр.

*

Дауи, *дыздит*у щыт *″илъыс″*ым къыщlидзэу, *дыздит ″махуэ″*у *″нобэ″*ри хэтыжу тлъыта зэмылlэужьыгъуэ ″зэманыгъуэ″хэр зэрыщыту *″иджы″*рэ *″ит зэманыгъуэ″*у зэрылъытауэ *зыхэзыубыдэ псалъэухыгъэ* щапхъэхэм нэмыщl, икlи мы *″зэманыгъуэ″*хэр *″блэкlа зэманыгъуэ″*рэ

*"къэкlуэну зэманыгъуэ"*у къызэрыlуатэ щlыкlэхэри *зыхэзыубыдэ псалъэухыгъэ* щапхъэхэри ипэкlэ *щыигъуэ* щlыпlэхэм къыщытхьауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Ауэ икlи, *мы "зэманыгъуэ"хэм "иджы"*уэ лъытапхъэ *"зэманыгъуэ" куэд зэрыхиубыд*энум ипкъ зэриткlэ, мы *"зэманыгъуэ"*хэм дэтхэнэ зыр *дыздит зэманыгъуэу щытми*, *"иджы"рэ "ит зэманыгъуэ"у* лъытэныр *игъуащэу* зэры*щымыт*ри -ипэкlэ къэтхьа щапхъэхэм дежи къызэрыщыхэдгъэщауэ- гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, мы зи гугъу тщla *"*зэманыгъуэ*"*хэм елъытауэ мыбдежым зи гугъу тщlы *"зэманыгъуэ" цlыкlу*хэу зы *"махуэ"м хиубыд*эхэм дэтхэнэ зыр *"иджы"рэ "ит зэманыгъуэ"*у лъытэныр *нэхъ игъуэ*у хуиту лъытапхъэнщ. Икlи, мы *"зэманыгъуэ" цlыкlу*хэращ ипэкlэ зи гугъу тщla *"иджы, иджыпсту"* псалъэхэмкlэ лъытапхъэхэр.

Нытlэ, мы зи гугъу тщlахэм зэрегъэкlэ, зы *"махуэ"*р и кlуэцlкlэ *"24 сыхьэт"*у зэрылъытарэ, дэтхэнэ зы *"сыхьэт"*ри и кlуэцlкlэ *"60 дакъикъэ"*у мы зэрылъытахэм *дэтхэнэ и зы lыхьэ*у дэтхэнэ зы *"сыхьэт"*рэ *"дакъикъэ"*р глагол лэжьэкlэрэ *псалъэухыгъэ*хэм *"зэманыгъуэ"* лъытэ *"*дополненэ*"*у зэрыхиубыдэ щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщи, мы *"*зэманыгъуэ*"*хэр *иклu "иджы"*рэ *"ит зэманыгъуэ"*уи зэрылъытапхъэм теухуа *псалъэухыгъэ* щапхъэхэри къыпытщэжынщ:

- «**ар** абы мы сыхьэтым ***ма***кlуэр»; «**ар** мы сыхьэтым абы ***ма***кlуэр» → «**ар** абы иджы ***ма***кlуэр»; «**ар** иджы абы ***ма***кlуэр»;
- «**ар** абы мы дакъикъэм ***ма***кlуэр»; «**ар** мы дакъикъэм абы ***ма***кlуэр» → «**ар** абы иджыпсту ***ма***кlуэр»; «**ар** иджыпсту абы ***ма***кlуэр».

Ауэ икlи, ипэрей ди лэжьыгъэхэми игъуэ щыхъу дэтхэнэ зы щlыпlэм къызэрыхэдгъэщауэ, *"функционал зэман"*уи лъытапхъэ *"иджы"*р -*"иджы зэман"* жыхуэтlэр *джыгъуэ*рэ *джыпlэ*у *сытри щыджы*рщи, абы щыджыр *зэрыдж щlыкlэ*ри зэрылъытэ *"ит зэман"*ри *"функционал зэман"*кlэрэ (э) *ужьыгъуэ* (у) зэрылъытэрщ. Аращи, *"иджы"м щыджы*р *зэрыдж*рэ *щыlэ* жыхуэтlэр *утыку къызэрихьэ щlыкlэ*р зэрылъытапхъэрщ *"ит зэманыгъуэ"*ри, нытlэ, *сытри щыджу джыгъуэрэ джыпlэ* зэрылъытэ *"иджы"*мрэ, *"иджы"м* мы *щыджыр зэрыдж щlыкlэ* зэрылъытэу *"ит зэманыгъуэ"*р *а нэхъ "зэманыгъуэ" цlыкlу*у зэрылъытапхъэрщи, икlи *"иджыпсту"* псалъэри а *нэхъ зыхуэфащэ зэманыгъуэ*хэр.

Дауи, мы ипэкlэ зи гугъу тщla *"сыхьэт"*рэ *"дакъикъэ"*р -икlи нэхъ зэманыгъуэ цlыкlухэри- *дыздит "зэманыгъуэ"* лlэужьыгъуэхэу

зэрылъытапхъэхэм нэмыщl, *"блэкlа"*рэ *"къэкlуэну"*и зэрылъытапхъэхэр гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэ щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ:

- ***"*иджы зэман*"***у : «мы сыхьэт; мы дакъикъэ»;
- ***"*блэкlа зэман*"***у: «блэкlа сыхьэт; зы сыхьэт ипэ; дакъикъитl ипэ»;
- ***"*къэкlуэну зэман*"***у: «зы дакъикъэ нэужь; къакlуэ сыхьэт; сыхьэтитl нэужь».

Нытlэ, *"сыхьэт"*рэ *"дакъикъэ"* псалъэхэр *"зэманыгъуэ"*у *"иджы, блэкlа, къэкlуэну"* мы зэрылъыта щlыкlэхэу глагол лэжьэкlэрэ *псалъэухыгъэ*хэм *"*дополненэ*"* лlэужьыгъуэу зэрыхиубыдэ щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщи, мыхэр икlи *"иджы, иджы благъэ, иджыпсту"*уи зэрылъытапхъэ *псалъэухыгъэ* щапхъэхэри къыкlэлъыкlуэжу къыпытщэжынщ:

- «**ар** абы мы сыхьэтым ***ма***кlуэ»; «**ар** мы сыхьэтым абы ***ма***кlуэ» → «**ар** абы иджы благъэ ***ма***кlуэ»; «**ар** иджы благъэ абы ***ма***кlуэ »;
«**ар** абы мы дакъикъэм ***ма***кlуэ»; «**ар** мы дакъикъэм абы ***ма***кlуэ» → «**ар** абы иджыпсту ***ма***кlуэ»; «**ар** иджыпсту абы ***ма***кlуэ»;

---

- «**ар** абы блэкlа сыхьэтым кlу*а*щ»; «**ар** блэкlа сыхьэтым абы кlу*а*щ» → «**ар** абы иджы благъэ кlу*а*щ»; «**ар** иджы благъэ абы кlу*а*щ»;
- «**ар** абы зы дакъикъэ ипэ кlу*а*щ»; «**ар** зы дакъикъэ ипэ абы кlу*а*щ» → «**ар** абы иджыпсту кlу*а*щ»; «**ар** иджыпсту абы кlу*а*щ»;

---

- «**ар** абы къакlуэ сыхьэтым кlуэн*у*щ»; «**ар** къакlуэ сыхьэтым абы кlуэн*у*щ» → «**ар** абы иджы благъэ кlуэн*у*щ»; «**ар** иджы благъэ абы кlуэн*у*щ»;
- «**ар** абы зы дакъикъэ нэужь кlуэн*у*щ»; «**ар** зы дакъикъэ нэужь абы кlуэн*у*щ» → «**ар** абы иджыпсту кlуэн*у*щ»; «**ар** иджыпсту абы кlуэн*у*щ».

**"Щыгъуэ" псалъэм теухуауэ.**

*"Щылэ"* жыхуэтlэр *утыку къызэрихьэ*рэ зэры*дж*ыр зэрылъытэрщ *"иджы"*ри, "иджы"м *щыдж*ыр *зэрыдж щlыкlэ*ри зэрылъытэращ *"ит зэманыгъуэ"*р. ***"*Щыгъуэ*"*** псалъэм гурыlуэгъуэ къытхуищlри *"щы"*м *"гъуэ" зэригъуэт*рэ *щигъуэт*ращи, нытlэ, *"щыгъуэ"* жыхуэтlэр икlи *"иджы"рэ "ит зэманыгъуэ"*ращ. Аращи, щыlэгъуэ лъабжьэ зи мыхьэнэ *"щы"*ым *"гъуэ"* щыхуэхъураща *"щыгъуэ"*ри, ипэкlэ *"зэман/мекан" лъытэ "префикс"*уи щыгъуазэ дызыхуэхъуа *"щы"м "гъуэ" щыхуэхъу*рэ *щигъуэт*ыр/*зэригъуэт*ыр *щыlэгъуэ лъабжьэ* зи мыхьэнэ *"щ"р зэманыгъуэм щыгъэлъагъуэ*у зы зэманыгъуэ пыухытыкlакlэ (lэ) лажьэу *"щылэ" утыку къыщихьэ*ращ.

Аргуэру къыпыщапхъэмэ, *щыlэгъуэ лъабжьэ* зи мыхьэнэ *"щ"* макъымрэ, -ар щы*"гъэ" ужьыгъуэ* (у) зэрылъытэу- *"гъуэ"* макъ/псалъэр

зэрызэгухьэу *"щ"*ыр *"гъуэ"*кlэрэ *лажьэ*у ухуэрэ утыку къихьэ *"щыгъуэ"* псалъэр икlи *"щ"*ыр *щыгъэлъагъуэ "зэманыгъуэ" щигъуэт*рэ *зэригъуэт*ыр *зэрылъыт*эрщи, мыри дэтхэнэ зы *"щылэ"*р *утыку къыщихьэ*рэ *къызэрихьэ*р зэрылъытэрщ.

Мы зэрыжытlауи, *"щыгъуэ"* псалъэр *джыр щыдж зэманыгъуэ* зэрылъытэрщи, нытlэ, *"иджы"рэ "ит зэманыгъуэ"*р икlи *"щыгъуэ"* жыхуэтlэ *"зэманыгъуэ"*рщ. Ауэ, *"глагол лэжьэкlэ" зэманыгъуэ*хэрщ *"иджы"рэ "ит зэман"* жыхуэтlэхэри, *"щыгъуэ"* псалъэр *"щылэ"*р *утыку къыщихьэ*рэ *щыджы*р *"иджы"рэ "ит зэман"*у зэрыщытыр зэрылъытэ псалъэу, *"джыгъуэ" -"джын зэманыгъуэ"*- зэрылъытэ псалъэрщ.

Мы зэрыжытlауэ, *"щ"*ым *"гъуэ" щигъуэт*рэ *зэригъуэт*ыр зэрылъытэ *"щыгъуэ"* псалъэмкlэ мы лъытэр икlи *"иджы"*рэ *"ит зэманыгъуэ"*у зэрыщытыр наlуэщ; ауэ, *"иджы"*рэ *"ит зэманыгъуэ"*р *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм *игъуэ макъхэмкlэ щыхолъыт*эри, мыхэр мыпхуэдэу зыхэлъытэ *глагол лэжьэкlэ*хэри къызэрыlуатэ *псалъэухыгъэ*хэм *"*дополненэ*"* лlэужьыгъуэущ *"щыгъуэ" псалъэ*р зэрыхэлъытэр.

Ауэ икlи, глаголхэр *"*иджы*"*рэ *"*ит зэманыгъуэ*"*у зэрылажьэр *"*глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ*"*хэм хиубыдэу зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, глаголхэр *"*иджы*"*рэ *"*ит зэманыгъуэ*"*у зэрылажьэрэ къызэрыlуатэ псалъэухыгъэхэм икlи *"щыгъуэ"* псалъэ зэрыхимыубыдапхъэри гурыlуэгъуэнщи, глаголхэр *"блэкla"рэ "къэклуэну зэманыгъуэ"*хэу зэрылажьэрэ къызэрыlуатэ *псалъэухыгъэ*хэм мы къэlуатэр *къыщыхъуа* е *къыщыхъуну "зэманыгъуэ"*р зэрылъытэ *"*дополненэ*"*ущ *"щыгъуэ"* псалъэр зэрыиубыдэнур.

Нытlэ, мы къызэрытlуэтами зэрезэгъщи, *глагол*ыр зытеухуа *"хьэрычэт"*ыр *"блэкla"рэ къэклуэн"*м (абы) *утыку къыщихьэ*рэ *щыдж "зэманыгъуэ"* (щыгъуэ) зэрылъытэ псалъэущ икlи псалъэухыгъэм зэрыхиубыдэнур. Аращи, *утыку къыщихьэ "зэманыгъуэ"*р зэрылъытэ *"щыгъуэ"* псалъэр *"блэкla"рэ "къэклуэну"м* (*"иджы"м пэжыжьэ*у *"а"*уэ мы лъытапхъэхэм) *зэрелъыта*кlэрэщ (б) къызэрыlуатэри, *"абы"*рэ *"щыгъуэ"* псалъэр мы *зэрызэпха* щlыкlэу *бзэм зэрыхэлэжьыхь*ым нэмыщl, *иужькlэ* зэры*зэгухьэу* къызэрыlуатэ хъуа щlыкlэри *бзэм холэжьыхь*ыр. Нытlэ, мы къэтlуэтахэр зыхэплъагъуэ лъагъуэри мыбдежым къыщыгъэлъэгъуапхъэщ:

«абы щыгъуэ → абщыгъуэ → апщыгъуэ».

Нытlэ, глаголхэр *"блэкla"рэ "къэклуэну зэманыгъуэ"у* зэрылажьэу къызэрыlуатэ *псалъэухыгъэ*хэм мы *"апщыгъуэ"* псалъэр *"*дополненэ*"*у зэрыхиубыдэ щапхъэ гуэрхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**ар** абы апщыгъуэ кlу*а*щ»; «**ар** апщыгъуэ абы кlу*а*щ»;
- «**ар** абы апщыгъуэ кlуэн*у*щ»; «**ар** апщыгъуэ абы кlуэн*у*щ».

Ауэ, *"щылэ"рэ "джы"р зэманым елъыта*уэ зэрыщытым ипкъ зэрикlэ, *"щыгъуэ"* щыжытlэм деж -индиректу- *джырэ щылэу утыку къихьэр зэрылъыт*эри гурыlуэгъуэнщи, *"апщыгъуэ"* псалъэр зы гуэрыр *утыку къыщихьэ*р *зэрылъытэу*и зехьапхъэнщ. Мы зэрыжытlауэ, глаголхэр *дэтхэнэ зы "зэманыгъуэ"*кlэрэ зэрылажьэр къызэрыlуатэ *"псалъэухыгъэ"м ипэ къихуэу -"нытlэ"* псалъэм *хуэдэу*- зехьапхъэщ *"апщыгъуэ"* псалъэри, икlи *"иджы"рэ "ит зэман"* лэжьэкlэхэри къызэрыlуатэ *"псалъэухыгъэ"*хэми ипэ къихуэуи зехьапхъэнщ. Ауэ, мы *"апщыгъуэ"* псалъэ *зехьэклэр* глагол лэжьэкlэр къызэрыlуатэ *"псалъэухыгъэ"м "дополненэ"у хиубыдэ "апщыгъуэ"м хуэдэу зэрыщымыт*ри наlуэщ. Дауи, мыбдежым зи гугъу щытщl *"апщыгъуэ"* псалъэр *"нытlэ"* псалъэм *unlэ зэриувапхъэ щапхъэ* гуэрхэри мы илъабжьэм *"глагол"*хэр *"иджы/ит зэманыгъуэ"*рэ *"блэкla зэманыгъуэ"*у зэрылажьэр къызэрыlуатэ *"псалъэухыгъэ"*хэм *ипэ къызэрихуэ*у къэдгъэлъэгъуэнщ:

- «Нытlэ, **ар** абы дыгъуасэ кlу*а*щ» → «Апщыгъуэ, **ар** абы дыгъуасэ кlу*а*щ»;
- «Нытlэ, **ар** абы иджы ***ма***кlуэр» → «Апщыгъуэ, **ар** абы иджы ***ма***кlуэр».

**

Мыбы ипэкlэ *"дыгъэ"м елъыта*рэ ди *"щlылъэ"м теухуа/хуэlуа "зэманыгъуэ" пщалъэ*хэу *глагол лэжьэклэ*хэми *"иджы"рэ "ит зэманыгъуэ"*у е *"блэкla"*рэ *"къэклуэну зэманыгъуэ"*у щыхэлъытэу зетхьэ ″зэманыгъуэ″хэращ зи гугъу тщlахэри ахэр ди щlылъэм елъытауэ зэрыщытым папщlэ, *космикэу* зэры*щымыт*ри гурыlуэгъуэнщ. Ауэ икlи гурыlуэгъуэщ *космикэ щlэныгъэ*у *"космикэ зэман"*и зэрылъытари, нытlэ, къэзыгъэунэхуа щlэныгъэлl *"Планк"*ым и цlэкlэ *"космикэ зэман пщалъэ" - "Планк зэман"*у- зэрылъытари мыбдежым щыжытlэныр игъуэщ.

## ЕПЛlАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ
## ГЛАГОЛ ЛЭЖЬЭКlЭХЭМ ″ЗЭМАНЫГЪУЭ″РЭ ″ЩХЬЭ″ХЭР ЗЭРЫХИУБЫДЭРЭ ЗЭРЫХЭЛЪЫТЭ ЩlЫКlЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

### ″ЗЭМАНЫГЪУЭ″РЭ ″ЩХЬЭ″ХЭМ ТЕУХУАУЭ ЗЫХЭПЛЪЭЖЫГЪУЭ ГУЭРХЭР

Мы ипэкlэ ″зэманыгъуэ″ зэрылъытэ псалъэхэр глагол лэжьэкlэхэм ″дополненэ″ лlэужьыгъуэу зэрыхиубыдэм щыгъуазэ дыщыхуэхъуащи, мыбыхэм ипэкlи глагол лэжьэкlэхэм ″щхьэ″хэр ″субъект, объект, дополненэ″ лlэужьыгъуэу зэрыхиубыдэ щlыкlэхэми щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ.

Нытlэ, мыбдежым мы псэлъащхьэми зэрезэгъкlэ къытпэщыт лэжьыгъэр дэтхэнэ зы глагол гупым хиубыдэ глаголхэм я ″лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэмрэ ар зыхиубыдэрэ къызэрыlуатэ ″псалъэухыгъэ″хэм ″щхьэ″рэ ″зэманыгъуэ″ зэрылъытэ псалъэрэ цlэпащцlэ зэрыхиубыдэ щlыкlэхэм щыгъуазэ дыхуэхъуу игъуэ щапхъэхэр къыхуэтхьынрауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ.

Мы псалъэм ипкъ зэриткlэщ мы илъабжьэм къытпэщыт лэжьыгъэр къызэредгъэкlуэкlынури, нытlэ, мы псэлъащхьэм хуэлэжьэну игъуэ псэлъащхьэ къуэдзэкlэрэ къедгъэкlуэкlныр игъуэщ мы лэжьыгъэр. Ауэ, япэрауэ, ипэкlи щыгъуазэ дызыхуэхъуа гуэрхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэрэ дигу къэгъэкlыжыпхъэ гуэрхэри къыпытщэжынщ.

**″Глагол″хэр гуп гупу зэрызэщхьэщыкlым яхэплэжыгъуэ.**

Япэрауэ, ипрей лэжьыгъэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, глаголхэр и кlуэцlкlэ зэмылlэужьыгъуэ лэжьэкlэ зиlэу щхьэхуэ щхьэхуэу зэрызэщхьэщыкlхэр гурыlуэгъуэщи, нытlэ, мы *″глагол гуп″*хэр *зэрызэлъыта*рэ *зэрызэщхьэщкl*ыу икlи зыр зым *къызэрытехъукl*рэ *зэрызэпыщlа*уи зэрыщыту утыку къызэрихьэ я *зэкlэлъхьэужьыкlэ*хэр къызыхэщ зы *таблиц*эр мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | |
|---|---|
| **ГЛАГОЛ ЛЪАБЖЬЭ ГУПХЭР ►** | **Г Л А Г О Л  Г У П Х Э Р**<br>↓ ↓<br>↓ ↓<br>**ЕЗЫРЫЖ** ГЛАГОЛХЭР ↓<br>↓ ↓ ↓<br>↓ ↓ **lУЭХУ** ГЛАГЛОХЭР |
| ---------- | -↓----------↓----------↓----------\|----- |
| **МЫ ЛЪАБЖЬЭХЭМ ПЫЩlАРЭ КЪЫТЕХЪУКlА ГЛАГОЛ ГУПХЭР** | ↓ ЕЗЫРЫЖ **СТАТЯ** ГЛАГОЛХЭР ↓ \|<br>↓ ↓ \|<br>↓ lУЭХУ **СТАТЯ** ГЛАГОЛХЭР \|<br>.↓..... \|.....<br>↓ \| |

| | |
|---|---|
| ► | →→→→→→→→→→→→ **ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ КЪЫРИКlУЭ lУЭХУ** ГЛАГОЛХЭР |

**″Глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэм ″субъект″ лlэужьыгъуэ ″щхьэ″ зэрыхэлъытэрэ зэрыхиубыдэхэм яхэплъэжыгъуэ.**

Зэрыгурыlуэгъуэу, ″езырыж″рэ ″lуэху″ лlэужьыгъуэу дауи щырет, дэтхэнэ зы глаголым и лэжьэкlэм ″щхьэ″уэ -фlэкlыпlэ имыlэу- ″субъект″ зыхеубыдэри, нытlэ, мыбдежым дэтхэнэ зы глагол лlэужьыгъуэм и лэжьэкlэм ″субъект″ыр зэрыхиубыдэрэ зэрыхэлъытэм дыхэплъэжынщ.

Япэрей ди лэжьыгъэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъуарэ мы ипэкlи аргуэру дигу къызэрыдгъэкlыжауэ, ″езырыж глагол″хэм я ″субъект″хэр ″езырыж″ лlэжьыгъуэу, ″lуэху глагол″хэм я ″субъект″хэри ″lуэху″ лlэужьыгъуэу зэрыщытхэр гурыlуэгъуэщ. Ауэ икlи, ″субъектив щхьэ цlэпапщlэ″хэри ″езырыж″рэ ″lуэху″ лlэужьыгъуэу зэрызэщхьэщымыкlри гурыlуэгъуэми, глаголыр ″езырыж″рэ ″lуэху″ лlэужьыгъуэу зэрыщытым елъытауэ ″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэм ″езырыж″рэ ″lуэху″ лlэужьыгъуэу зэрыхэлъытэхэми дызэрыщыгъуазэри гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, мыпхуэдэу зэрыщытхэри зыхэплъэгъуэну щапхъэхэр къэгъэлъэгъуэныр нэхъ игъуэу зэрылъытапхъэм ипкъ зэриткlэ, мы илъабжьэм ″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэм ″субъект″хэр зэрыхиубыдэм теухуауэ къэтхьыну щапхъэхэр ″субъект″хэр ″субъектив″рэ ″объектив″у зэрыщытым теухуа таблицэхэу къэдгъэлъэгъуэнщ.

Ауэ, ″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэм ″щхьэ″хэр мы зэрыхэлъытэм нэмыщl, ″зэман гъэлъагъуэ″хэри зэрыхэлъытэр гурыlуэгъуэщи, икlи ″иджы″рэ ″ит зэман гъэлъагъуэ″хэр псалъэм ищхьэ лъэныкъуэм щылъытэрэ, адрей ″зэман гъэлъагъуэ″хэри псалъэм и ухыпlэм щызэрылъытэр гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, къэтхьыну щапхъэхэр икlи ″ит зэман″рэ ″адрей зэман″хэм теухуауэ зэщхьэщыдгъэкlыу къэгъэлъэгъуэнри игъуэщ.

Мы жытlахэм зэрезэгъкlи, япэрауэ, ″субъектив щхьэ цlэпапщlэ″хэр ″езырыж глагол″рэ ″lуэху глагол″хэр ″занщlэ″рэ ″префиксиал″ лlэужьыгъуэхэу ″ит зэман″рэ ″адрей зэман″хэм теухуауэ зэры″лажьэу ухуэ псалъэ″хэм ″субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″у ″езырыж″рэ ″lуэху″

лIэужьыгъуэу зэрыхэлъытэ щапхъэхэр зэкIэлъхьэужьу зыхэзыубыдэ зы таблицэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **″Езырыж занщIэ глагол″хэм я ″лэжьэкIэу ухуэ псалъэ″хэм ″субъектив субъект″хэр ″езырыж″ лIэужьыгъуэ ″щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″у зэрыхиубыдэ щIыкIэхэр** | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Субъект ↓** | **<u>″ЗанщIэ глагол″ лэжьэкIэ</u>** | | **<u>″Префиксиал глагол″ лэжьэкIэ</u>** | |
| | *Ит зэман* | *Адрей зэманхэр* | *Ит зэман* | *Адрей зэманхэр* |
| **Сэ** | **С**ы-*о*... → **С**... | **Сы**... | **Сы**... | **Сы**... |
| **Уэ** | **У**(ы)-*о*...→ **У**... | **У**(ы)... | **У**(ы)... | **У**(ы)... |
| **Дэ** | **Д**ы-*о*... → **Д**... | **Ды**... | **Ды**... | **Ды**... |
| **Фэ** | **Ф**ы-*о*... → **Ф**... | **Фы**... | **Фы**... | **Фы**... |

| **″Iуэху занщIэ глагол″хэм я ″лэжьэкIэу ухуэ псалъэ″хэм ″субъектив субъект″хэр ″Iуэху″ лIэужьыгъуэ ″щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″у зэрыхиубыдэ щIыкIэхэр** | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Субъ. ↓** | **<u>″ЗанщIэ глагол″ лэжьэкIэ</u>** | | **<u>″Префиксиал глагол″ лэжьэкIэ</u>** | |
| | *Ит зэман* **<u>Орг.</u>**→ И зэхъуэкI | *Адрей зэманхэр* **<u>Орг.</u>**→ И зэхъуэкI | *Ит зэман* **<u>Орг.</u>**→ И зэхъуэкI | *Адрей зэманхэр* **<u>Орг.</u>**→ И зэхъуэкI |
| **Сэ** | **С**... → З... | **С**... → З... | ...**с**... → ...з... | ...**с**... → ...з... |
| **Уэ** | **Б**... → ″П, ПI″... | **Б**... → ″П, ПI″... | ...**б**...→...″п, пI″... | ...**б**...→...″п, пI″... |
| **Дэ** | **Д**... → ″Т, ТI″... | **Д**... → ″Т, ТI″... | ...**д**...→...″т, тI″... | ...**д**...→...″т, тI″... |
| **Фэ** | **Ф**...→ ″ФI, В″... | **Ф**... → ″ФI, В″... | ...**ф**...→...″фI, в″... | ...**ф**...→...″фI, в″... |

Мы къэта щапхъэхэм къыкIэлъыкIуэну таблицэри ″езырыж глагол″рэ ″Iуэху глагол″хэр ″занщIэ″рэ ″префиксиал″ лIэужьыгъуэу ″ит зэман″рэ ″адрей зэман″хэм теухуауэ зэры″лажьэу ухуэ псалъэ″хэм ″езырыж″рэ ″Iуэху″ лIэужьыгъуэ ″объектив щхьэ цIэпапщIэ″хэр я ″объектив щхьэ цIэпапщIэ лъытэ″кIэрэ зэрыхэлъытэ щапхъэхэр зыхиубыдэу мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **″Езырыж занщIэ глагол″хэм я ″лэжьэкIэу ухуэ псалъэ″хэм ″объектив субъект″хэр ″Iуэху″ лIэужьыгъуэ ″щхьэ цIэпапщIэ лъытэ″у зэрыхиубыдэ щIыкIэхэр** | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Субъект ↓** | **<u>″ЗанщIэ глагол″ лэжьэкIэ</u>** | | **<u>″Префиксиал глагол″ лэжьэкIэ</u>** | |
| | *Иджы/ит з.* | *Адрей зэманхэр* | *Иджы/ит з.* | *Адрей зэманхэр* |
| **Ар** | ***Мэ/ма***... | - | - | - |
| **Ахэр** | ***Мэ/ма***...(**хэ**) | - ...(**хэ**) | - ...(**хэ**) | - ...(**хэ**) |

| **″Iуэху занщIэ глагол″хэм я ″лэжьэкIэу ухуэ псалъэ″хэм ″объектив субъект″хэр ″Iуэху″ лIэужьыгъуэ ″щхьэ цIэпапщIэ лъытэ″у зэрыхиубыдэ щIыкIэхэр** | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Субъект ↓** | **<u>″ЗанщIэ глагол″ лэжьэкIэ</u>** | | **<u>″Префиксиал глагол″ лэжьэкIэ</u>** | |
| | *Иджы/ит з.* | *Адрей зэманхэр* | *Иджы/ит з.* | *Адрей зэманхэр* |
| **Абы** | ***Е***(*иэ***й**)... | **И**... | ...***е***(*эй***й**)... | ...**и**... |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Абыхэм** | ***Я*(*е*а)...** | **Я(иа)...** | ***...а*(*эй*ай)...** | **...а(ай)...** |

**Глагол лэжьэкlэхэм ″зэманыгъуэ″рэ ″щхьэ″хэр я къалэнкlэрэ зэрыхиубыдэ щlыкlэхэм яхэплъэжыгъуэ.**

*Глагол лэжьэкlэ*хэм *″щхьэ″*хэр *″субъект″* лlэужьыгъуэу зэрыхиубыдэм глаголхэм теухуа дэтхэнэ ди зы лэжьыгъэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъуар гурыlуэгъуэщ. Икlи, ″lуэху глагол″хэми ″субъект″ым нэмыщl, ″щхьэ″уэ ″объект″и зэрыхиубыдэр гурыlуэгъуэщ. Ауэ, глагол гуэрхэм я лэжьэкlэхэм ″щхьэ″уэ ″дополненэ″ зэрыхиубыдэри гурыlуэгъуэщ.

Ауэ икlи, дэтхэнэ зы глагол лэжьэкlэр ″зэман″ым теухуауэ зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, глагол лэжьэкlэхэм ″зэманыгъуэ″ зэрыхиубыдэнури гурыlуэгъуэнщи, ныткlэ, глагол лэжьэкlэр зытеухуа мы ″зэманыгъуэ″ри ″дополненэ″ лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Ныткlэ, *″зэманыгъуэ″ лъытэ*у ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа псалъэхэмрэ *″щхьэ″* лlэужьыгъуэхэр *″дополненэ″*у *глагол лэжьэкlэ*хэм *зэрыхиубыдэ* щlыкlэхэми зэдеплъын хуейщи, мыпхуэдэ зы *таблиэцэ*р мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнри игъуэщ:

**″Глагол лэжьэкlэ″хэм ″дополненэ″у хиубыдэ псалъэхэр**

↓ ↓

**″щхьэ″** лlэужьыгъуэхэр — **″зэманыгъуэ″** лlэужьыгъуэхэр

↓ ↓

↓↘→ **″щlыпlэ″** лъытэ — ↓↘→ **″иджы″рэ ″ит зэман″** лъытэ

↓↘→ зытеухуэ **″щхьэ″** — ↓↘→ **″блэкlа зэман″** лъытэ

↘→ **″субъект къуэдзэ″** — ↘→ **″къэкlуэну зэман″** лъытэ

Мы къэта таблицэр *глагол лэжьэкlэ*хэм *″дополненэ″*у *″щхьэ″* лlэужьыгъуэрэ *″зэманыгъуэ″* лlэужьыгъуэу хиубыдэхэм теухуащи, мы илъабжьэми *глагол лэжьэкlэ*хэм мы *″щхьэ″* лlэужьыгъуэу *дэтхэнэ зы къалэнкlэ*рэ (субъект, объект, дополненэ) зэрыхиубыдэмрэ *″зэманыгъуэ″* лъытэхэри *″дополненэ″* къалэнкlэ зэрыхиубыдэм теухуа зы таблицэ къэгъэлъэгъуэнри игъуэщ. Мыпхуэдэуи, дэтхэнэ зы *глагол* лlэужьыгъуэм и *лэжьэкlэ*м *″щхьэ″*рэ *″зэманыгъуэ″*у хиубыдэхэм я *бжыгъэ*хэми гулъытэ хуэтщlынщ.

Ныткlэ, глагол лэжьэкlэу мыхэр зыхэзыубыдэну *глагол*хэри *″езырыж″*рэ *″lуэху″* лlэужьыгъуэу, *″занщlэ″*рэ *″префиксиал″*у зэщхьэщыкlыу къэгъэлъэгъэнури игъуэщи, *″щхьэ″*рэ *″зэманыгъуэ″*хэр я *къалэнкlэ*рэ -

**″субъект**, объект, дополненэ″у- зэрыхиубыдэри мы *зэрытха щlыклэ*у къыхэгъэщауэ къэдгъэлъэгъуэнщ:




Мы къэта таблицэми зэрыхэплъагъуэу, дэтхэнэ зы глагол лэжьэкlэм ″щхьэ″ лlэужьыгъуэ ″дополненэ″ зыхимыубыдэми, *″глагол лэжьэклэ″* жыхуэтlэр -фlэкlыпlэ имыlэу- *″зэман″ым елъытарэ теухуа*уэ зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, -фlэкlыпlэ имыlэу- *″зэманыгъуэ″* зэрыхиубыдэнур гурыlуэгъуэнщ. Ауэ икlи, *глаголыр зэрылажьэр ″иджы/ит, блэкla, къэклуэну″* лlэужьыгъуэ *″зэманыгъуэ″*хэм щыщу зы закъуэращ зытеухуари, нытlэ, *глагол лэжьэклэм ″зэманыгъуэ″*у зы ″дополненэ″щ *хиубыд*энур.

## ″ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ″ ЛЭЖЬЭКlЭХЭМ ″ЗЭМАНЫГЪУЭ″РЭ ″ЩХЬЭ″ХЭР ЗЭРЫХИУБЫДЭРЭ ЗЭРЫХЭЛЪЫТЭ ЩlЫКlЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

**″Езырыж занщlэ глагол″ лэжьэкlэхэм ″зэманыгъуэ″рэ ″щхьэ″хэр зэрыхиубыдэ щlыкlэхэм теухуауэ.**

*″Щхьэ дополненэ″ншэу лажьэ ″езырыж занщlэ глагол″ лэжьэклэхэм ″зэманыгъуэ″рэ ″щхьэ″хэр зэрыхиубыдэ щlыклэхэм теухуауэ.*

Зэрыгурыlуэгъуэу, глаголхэр флэклыплэ имылэу зы зэманыгъуэм теухуауэщ зэрылажьэхэри, глаголыр зэрылажьэ мы зы *"зэманыгъуэ"*ри *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*хэм *"зэман гъэлъагъуэ"*ущ *зэрыхиубыдэ*р. Икlи, "глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"хэм флэклыплэ имылэу мы "зэман гъэлъагъуэ"р зэрыхиубыдэм ипкъ зэриткlэ, мы глагол лэжьэклэр къыззэрылуатэ *"псалъэухыгъэ"*ми -аргуэру- *"зэман лъытэ"* псалъэ хиубыдэн *хуейуэ щыткъым*. Ауэ, глаголыр зытеухуа "хьэрычэт"ыр утыку къыщихьэ *"зэман"*ыр -*сытым щыгъуэ*у зэрыщытыр- *къыхэгъэщын хуей*уэ щылъытэм деж, мы *"зэманыгъуэ"*р *"псалъэухыгъэ"м* зы *"зэман лъытэ"* псалъэу зэрыхиубыдэнур гурыlуэгъуэнщи, икlи мыр *"дополненэ"* лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэм ипэкlэ гулъытэ щыхуэтщlагъащ.

Нытlэ, *"щхьэ дополненэ"нш*эу лажьэ зы *"езырыж занщlэ глагол"*ыр зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэмрэ къызэрылуатэ *"псалъэухыгъэ"*м "щхьэ"рэ - **"субъект"**- *"зэманыгъуэ"* зэрыхиубыдэу зэрыхэлъытэ щlыклэхэр зыхэзыубыдэ зы *таблиц*эри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Глагол лэжьэклэ "Зэманыгъуэ"хэр** | **Глагол "субъект"хэр** | **"Зэман" лъытэ псалъэхэр –"дополн."** | **"Глагол лэжьэклэ псалъэ"хэр** |
|---|---|---|---|
| *"Иджы"рэ "ит зэман" лэжьэклэ* | **Сэ** | *Иджы/Иджыпсту* | **С***о*шхэ |
| | **Уэ** | *Иджы/Иджыпсту* | **У***о*шхэ |
| | **Ар** | *Иджы/Иджыпсту* | ***Ма***шхэ |
| | **Дэ** | *Иджы/Иджыпсту* | **Д***о*шхэ |
| | **Фэ** | *Иджы/Иджыпсту* | **Ф***о*шхэ |
| | **Ахэр** | *Иджы/Иджыпсту* | ***Ма***шхэ(**хэ**) |
| *"Блэкla зэман" лэжьэклэ* | **Сэ** | *Нетlэ* | **Сы**шх*а*щ |
| | **Уэ** | *Тlэкlу ипэ* | **У**шх*а*щ |
| | **Ар** | *Ныш*эдибэ | Шх*а*щ |
| | **Дэ** | *Дыгъуэпшыхь* | **Ды**шх*а*щ |
| | **Фэ** | *Дыгъуасэ* | **Фы**шх*а*щ |
| | **Ахэр** | *Дыгъуэспшыхь* | Шх*а*(**хэ**)щ |
| *"Къэклуэну зэман" лэжьэклэ* | **Сэ** | *Тlэкlу щlэмэ* | **Сы**шхэн*у*щ |
| | **Уэ** | *Тlэкlу дэклмэ* | **У**шхэн*у*щ |
| | **Ар** | *Зы сыхьэт нэужь* | Шхэн*у*щ |
| | **Дэ** | *Пщхьэщхьэ* | **Ды**шхэн*у*щ |
| | **Фэ** | *Пщэдджыжь* | **Фы**шхэн*у*щ |
| | **Ахэр** | *Пщэдей* | Шхэн*у*(**хэ**)щ |

**Мы таблицэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр:**

- Зэрыгурыlуэгъуэу, мы таблицэм дэтхэнэ и зы сатырым хэплъагъуэр зы "псалъэухыгъэ" гъэпсыклэращ:

- «**сэ** *иджы/иджыпсту* **с***о*шхэ; **уэ** *иджы/иджыпсту* **у***о*шхэ; **ар** *иджы/иджыпсту*

***ма***шхэ»;
- «**сэ** *нетlэ* **сы**шх*а*щ; **уэ** *тlэкlу ипэ* **у**шх*а*щ; **ар** *ныш*э*дибэ* шх*а*щ»;
- «**сэ** *тlэкlу щlэмэ* **сы**шхэн*у*щ; **уэ** *тlэкlу дэкlмэ* **у**шхэн*у*щ; **ар** *зы сыхьэн нэужь* шхэн*у*щ».

- Ипэкlэ къедгъэкlуэкlа лэжьыгъэхэм ″дополненэ″р мыпхуэдэу илъабжьэр щlэтхъауэ къызэрыдгъэлъэгъуар гурыlуэгъуэщ; ауэ, мы ипэкlэ къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэу ″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″хэмрэ ″псалъэухыгъэ″хэм хиубыдэ *″зэман гъэлъагъуэ″*хэр -*″дополненэ″* лlэужьыгъуэу тлъытауэ щытами-мыбдежым *италик*эу мы зэрытхауэщ къызэрыдгъэлъэгъуар; икlи, глагол ***″субъект″***хэри мы къыхэгъэщауэ зэрытхари нэрылъагъущ.

- Ауэ икlи, ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, ″иджырэ ит зэман″ым нэмыщlхэр зэрылъытэ *″зэман лъытэ″ псалъэ*хэр игъуэ *″цlэпапщlэ″кlэ*рэ –″абы щыгъуэ″ → ″апщыгъуэ″- зэрылъытэфынур гурыlуэгъуэщи, нытlэ, мы ипэкlэ *″блэкla″*рэ *″къэкlуэну″ зэман*хэр зэрылъытэ *псалъэхэм unlэ* -ахэр зэрылъытапхъэ-*″цlэпапщlэ″* иувэу къызэрыlуатэ щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | | |
|---|---|---|---|
| *″Блэкla зэман″ лэжьэкlэ* | **Сэ** | *Апщыгъуэ (Нетlэ)* | **Сы**шх*а*щ |
| | **Уэ** | *Апщыгъуэ (Тlэкlу ипэ)* | **У**шх*а*щ |
| | **Ар** | *Апщыгъуэ (Ныш*э*дибэ)* | Шх*а*щ |
| | **Дэ** | *Апщыгъуэ (Дыгъуэпшыхь)* | **Ды**шх*а*щ |
| | **Фэ** | *Апщыгъуэ (Дыгъуасэ)* | **Фы**шх*а*щ |
| | **Ахэр** | *Апщыгъуэ (Дыгъуэспшыхь)* | Шх*а*(**хэ**)щ |
| *″Къэкlуэну зэман″ лэжьэкlэ* | **Сэ** | *Апщыгъуэ (Тlэкlу щlэмэ)* | **Сы**шхэн*у*щ |
| | **Уэ** | *Апщыгъуэ (Тlэкlу дэкlмэ)* | **У**шхэн*у*щ |
| | **Ар** | *Апщыгъуэ (Зы сыхьэт нэужь)* | Шхэн*у*щ |
| | **Дэ** | *Апщыгъуэ (Пщхьэщхьэ)* | **Ды**шхэн*у*щ |
| | **Фэ** | *Апщыгъуэ (Пщэдджыжь)* | **Фы**шхэн*у*щ |
| | **Ахэр** | *Апщыгъуэ (Пщэдей)* | Шхэн*у*(**хэ**)щ |

- Ауэ, ″иджы″м щыджыр зэрыдж щlыкlэ зылъытэ ″ит зэман″ри зы ″иджы″ лlэужьыгъуэ ″зэман″ырщи, *″иджы″*рэ *″ит зэман″*ыр зэхуэдэу *″иджы/иджыпсту″* псалъэмкlэ лъытапхъэщ; мыпхуэдэуи, *″субъектив″* лlэужьыгъуэ *″зэман″*у щыт *″иджы/иджыпсту″*р *″объектив″* лlэужьыгъуэу *″абы щыгъуэ″*у -*″апщыгъуэ″*у-*″цlэпапщlэ″*кlэ къэlуэтапхъэкъыми, а зэрыщыту къызэтонэр:

| | | | |
|---|---|---|---|
| *″Иджы″рэ ″ит зэман″ лэжьэкlэ* | **Сэ** | *Иджы/Иджыпсту* | **С***о*шхэ |
| | **Уэ** | *Иджы/Иджыпсту* | **У***о*шхэ |
| | **Ар** | *Иджы/Иджыпсту* | ***Ма***шхэ |
| | **Дэ** | *Иджы/Иджыпсту* | **Д***о*шхэ |
| | **Фэ** | *Иджы/Иджыпсту* | **Ф***о*шхэ |
| | **Ахэр** | *Иджы/Иджыпсту* | ***Ма***шхэ(**хэ**) |

*"Щхьэ дополненэ" ("щlыпlэ" лъытэ) зиlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол" лэжьэкlэхэм "зэманыгъуэ"рэ "щхьэ"хэр зэрыхиубыдэ щlыкlэхэм теухуауэ.*

Глагол мыхьэнэм зэрелъытауэ, щылажьэкlэ зы *"гъуэгуанэ"*и зэрылъытэ глагол лlэужьыгъуэхэрщ мыхэри, мы гъуэгуанэр *зыдынэс "щlыпlэ"*р зэрылъытэу зы *"lуэху"*и зыхэлъытэ лэжьэкlэ зиlэ глаголхэрщ. Ныtlэ, *"гъуэгуанэ"*р зыдынэс *"щlыпlэ"*ри "дополненэ" лlэужьыгъуэу зыхэзыубыдэ мы глагол лэжьэкlэм зы *"щlыпlэ" лъытэ псалъэ* е абы ипlэ иувэну *"объектив щхьэ закъуэ цlэпапщlэ"* (абы) зыхэлъытэнури гурыlуэгъуэнщ. Икlи, *глагол лэжьэкlэхэм* хиубыдэ *"дополненэ"*хэр *"lуэху"* лlэужьыгъуэу зэрыщытыр зэрыгурыlуэгъуэм нэмыщl, мыбдежым зи гугъу тщlы мы *"дополненэ"*ри зы *"щlыпlэ"* зэрылъытэрщи, зы *"щlыпlэ"*ри *"щхьэ цlэпапщlэ"*у *"объектив щхьэ закъуэ"*у зэрылъытэфынури гурыlуэгъуэнщ.

Аращи, мыпхуэдэ зы *"щlыпlэ" лъытэ "дополненэ"*мрэ, зи гугъу тщla *"зэман лъытэ" псалъэ*ри –ар икlи *цlэпапщlэ*уи зэрылъытапхъэр- зы *"дополненэ"*у зыхэзыубыдэ *"псалъэухыгъэ"*рэ *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэри зыхэплъагъуэу, глагол *"***субъект***"*ымрэ щlыпlэ лъытэ *"*дополненэ*"*р икlи *зэман лъытэ "дополненэ"*р -мы зэрытха щlыкlэхэу-зыхэзыубыдэ зы *таблицэ*ри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Глагол лэжьэкlэ "Зэманыгъуэ"хэр** | **Глагол "субъ."** | **"Щlыпlэ" лъытэ "дополн."** | **"Зэман" лъытэ псалъэхэр – "дополн."** | **"Глагол лэжьэкlэ псалъэ"хэр** |
|---|---|---|---|---|
| *Ит зэман* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Ар**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Ахэр** | Абы<br>"<br>"<br>"<br>"<br>" | *Иджы/Иджыпсту*<br>"<br>"<br>"<br>"<br>" | **С***о*кlуэ<br>**У***о*кlуэ<br>***Ма***кlуэ<br>**Д***о*кlуэ<br>**Ф***о*кlуэ<br>***Ма***кlуэ(**хэ**) |
| *Блэкla зэман* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Ар**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Ахэр** | Абы<br>"<br>"<br>"<br>"<br>" | *Апщыгъуэ (Нетlэ, Тlэкlу ипэ, Нышэдибэ, Дыгъуэпшыхь, Дыгъуасэ, Дыгъуэспшыхь)* | **Сы**кlу*а*щ<br>**У**кlу*а*щ<br>Кlу*а*щ<br>**Ды**кlу*а*щ<br>**Фы**кlу*а*щ<br>Кlу*а*(**хэ**)щ |
| *Къэкlуэну зэман* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Ар**<br>**Дэ** | Абы<br>"<br>"<br>" | *Апщыгъуэ (Тlэкlу щlэмэ, Тlэкlу дэкlмэ, Зы сыхьэт нэужь, Пщхьэщхьэ,* | **Сы**кlуэ*ну*щ<br>**У**кlуэ*ну*щ<br>Кlуэ*ну*щ<br>**Ды**кlуэ*ну*щ |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | **Фэ**<br>**Ахэр** | ″<br>″ | *Пщэдджыжь,*<br>*Пщэдей)* | **Фы**кlуэн*у*щ<br>Кlуэн*у*(**хэ**)щ |

**Мы таблицэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр:**

- Нытlэ, мы таблицэм хиубыдэ дэтхэнэ зы сатырыр *″псалъэухыгъэ″ гъэпсыклэ*у зэрыщыту зэреджапхъэ щапхъэ гуэрхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъэжынщ:

- «**Сэ** абы *иджы/иджыпсту* **с***о*кlуэ; **уэ** абы *иджы/иджыпсту* **у***о*кlуэ; **ар** абы *иджы/иджыпсту* ***ма***кlуэ»;
- «**Сэ** абы *апщыгъуэ (нетlэ)* **сы**кl*уа*щ; **уэ** абы *апщыгъуэ (тlэкly ипэ)* **у**кl*уа*щ; **ар** абы *апщыгъуэ (нышэдибэ)* кlу*а*щ»;
- «**Сэ** абы *апщыгъуэ (тlэкly щlэмэ)* **сы**кlуэн*у*щ; **уэ** абы *апщыгъуэ (тlэкly дэклмэ)* **у**кlуэн*у*щ; **ар** абы *апщыгъуэ (зы сыхьэт дэклмэ)* кlуэн*у*щ».

- Ауэ икlи, ″псалъэухыгъэ″м и гъэпсыклэр къыхэгъэщыпхъэхэм елъытауэ зэрызэхъуэклыфынур гурыlуэгъуэнщи, мы къэта *″псалъэухыгъэ″* щапхъэхэр зыхиубыдэ *″дополнэнэ″ щlыпlэхэр зэхъуэклауи* къэlуэтэфынщ. Аращи, *″зыдэклуэ″м нэхърэ ″щыклуэ″р нэхъапэу* зэрылъытэ щlыклэу, *″щlыпlэ″ лъытэ ″*дополненэ*″*м ипэ *″зэман″ лъытэ ″дополненэ″*р къызхэlукl *″псалъэухыгъэ″ гъэпсыклэ*ри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**Сэ** *иджы/иджыпсту* абы **с***о*кlуэ; **уэ** *иджы/иджыпсту* абы **у***о*кlуэ; **ар** *иджы/иджыпсту* абы ***ма***кlуэ»;
- «**Сэ** *апщыгъуэ (нетlэ)* абы **сы**кl*уа*щ; **уэ** *апщыгъуэ (тlэкly ипэ)* абы **у**кl*уа*щ; **ар** *апщыгъуэ (нышэдибэ)* абы кlу*а*щ»;
- «**Сэ** *апщыгъуэ (тlэкly щlэмэ)* абы **сы**кlуэн*у*щ; **уэ** *апщыгъуэ (тlэкly дэклмэ)* абы **у**кlуэн*у*щ; **ар** *апщыгъуэ (зы сыхьэт дэклмэ)* абы кlуэн*у*щ».

- Аргуэру къыхэгъэщыпхъэмэ, ипэрей ди лэжьыгъэхэм ″дополненэ″хэр и лъабжьэ щlэтхъауэ къэдгъэлъагъуэу щытащи, мы къэта щапхъэхэми *″щlыпlэ″ лъытэ ″щхьэ цlэпапщlэ″*хэр ″дополненэ″у зэрыигъуэу къэдгъэлъэгъуа щхьэ, *″дополненэ″* лlэужьыгъуэу лъытапхъэ *″зэман лъытэ″ псалъэ*хэр *италик*эу мы зэрытхари нэрылъагъущ.

**″Езырыж префиксиал глагол″ лэжьэклэхэм ″зэманыгъуэ″рэ ″щхьэ″хэр зэрыхиубыдэ щlыклэхэм теухуауэ.**

*″Езырыж занщlэ глагол″хэм игъуэ ″префикс″клэрэ къатехъукl ″езырыж префиксиал глагол″ лэжьэклэхэм ″зэманыгъуэ″рэ ″щхьэ″хэр зэрыхиубыдэм теухуауэ.*

Япэрауэ, *"дополненэ"ншэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"хэм* игъуэ *"префикс"*кlэрэ *къатехъукl "езырыж префиксиал глагол"*хэм я *лэжьэкlэхэм "зэманыгъуэ"*рэ *"щхьэ"*хэр *зэрыхиубыдэрэ зэрыхэлъытэ* щlыкlэхэм теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ.

Нытlэ, ухуагъэххэ зы *"езырыж занщlэ глагол"*ыр игъуэ *"префикс"*кlэ зэрыухуэж *"езырыж префиксиал глагол"*у мы илъабжьэм зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьынури мы ипэкlэ зи лэжьэкlэхэм щыгъуазэ дызыхуэхъуауэ щыт *"дополненэ"ншэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэ *"шхэн"*ым игъуэ *"префикс"*у *хуэклуэ*рэ *хуэгъэза* зэрылъытэ *"ху"* къищтэу *"езырыж префиксиал глагол"у* къытехъкl *"хуэшхэн"*ращ.

Мы зэрыжытlам теухуа *глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр*и *"щхьэ"*рэ *"зэманыгъуэ"*хэр -**"субъект"**у, "ху" префиксым елъыта *"*дополненэ*"*ри цlыху нэрыбгэрэ зы гуэру; зэман лъытэ *дополненэ"*у мы зэрытха щlыкlэу-зыхэзыубыдэу зы *таблиц*эри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Глагол лэжьэкlэ "Зэманыгъуэ"** | **Глагол "субъект"** | **"Преф."ым елъыта "дополн."** | **"Зэман" лъытэ "дополненэ"** | **"Глагол лэжьэкlэ псалъэ"хэр** |
|---|---|---|---|---|
| *"Иджы"рэ "ит зэман" лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Ар**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Ахэр** | Абы<br>Сэ<br>Дэ<br>Фэ<br>Абыхэм<br>Абыхэм | *Иджы/Иджыпсту*<br>*"*<br>*"*<br>*"*<br>*"*<br>*"* | **Сы**х*у*ошхэ<br>**У**с**х***у*ошхэ<br>Тх*у*ошхэ<br>**Дыф**х*у*ошхэ<br>**Фа**х*у*ошхэ<br>Ях*у*ошхэ(**хэ**) |
| *"Блэкlа зэман" лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Ар**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Ахэр** | Абы<br>Сэ<br>Дэ<br>Фэ<br>Абыхэм<br>Абыхэм | *Апщыгъуэ (Нетlэ, Тlэкlу ипэ, Нышэдибэ, Дыгъуэпшыхь, Дыгъуасэ, Дыгъуэспшыхь)* | **Сы**хуэшх*а*щ<br>**У**с**х**уэшх*а*щ<br>Тхуэшх*а*щ<br>**Дыф**хуэшх*а*щ<br>**Фа**хуэшх*а*щ<br>Яхуэшх*а*(**хэ**)щ |
| *"Къэкlуэну зэман" лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Ар**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Ахэр** | Абы<br>Сэ<br>Дэ<br>Фэ<br>Абыхэм<br>Абыхэм | *Апщыгъуэ (Тlэкlу щlэмэ, Тlэкlу дэкlмэ, Зы сыхьэт нэужь, Пщхьэщхьэ, Пщэдджыжь, Пщэдей)* | **Сы**хуэшхэ*у*щ<br>**У**с**х**уэшхэн*у*щ<br>Тхуэшхэнущ<br>**Дыф**хуэшхэн*у*щ<br>**Фа**хуэшхэн*у*щ<br>Яхуэшхэн*у*(**хэ**)щ |

*

Етlуанэу, *"дополненэ" зиlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"хэм* игъуэ "префикс"кlэрэ *къатехъукl "езырыж префиксиал глагол" лэжьэкlэхэм "зэманыгъуэ"*рэ *"щхьэ"*хэр *зэрыхиубыдэм* теухуа щапхъэхэр къэтхьынщ.

Мыпхуэдэ щапхъэхэри мы ипэкlэ ″дополненэ″ншэ ″езырыж занщlэ глагол″ щапхъэм теухуауэ дызрикlуа лъагъуэм хуэдэу, зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа *″дополненэ″ зиlэ ″езырыж занщlэ глагол″*ым (кlуэн) игъуэ *″префикс″*кlэрэ къытехъукl *″езырыж префиксиал глагол″*ым (фlэкlуэн) и лэжьэкlэм теухуауэ къэдгъэлъэгъуэныр игъуэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *″дополненэ″ зиlэу лажьэ ″езырыж занщlэ глагол″*хэр я *мыхьэнэм елъыта*уэ лъытэ *″гъуэгуанэ″*р *зыдынэс*ыр *зы ″щlыпlэ″* лъытэу ″доплненэ″ зыхэзыубыдэрщи, мыпхуэдэ зы глаголыр игъуэ *″префикс″*кlэрэ *″езырыж префиксиал глагол″*у щыухуэм деж, *и лэжьэкlэ*нур *″префикс″*ым *елъыта*уэ зэрыщытынум зэрезэгъкlэ, *занщlэ глагол* лlэужьыгъуэу зи *мыхьэнэм елъыта*уэ лъыта *″гъуэгуанэ″*р -глаголым игъуэта *″префикс″*ым елъытауэ- *зыдынэс*ыр зы *цlыху нэрыбгэ*рэ зы *гуэр*у зэрылъытэ ″дополненэ″ зэрыхиубыдэнущ мы *″езырыж префиксиал глагол″*ым и *лэжьэкlэ*нур. Аращи, *″дополненэ″ зиlэу лажьэ ″занщlэ глагол″*хэм я *″щlыпlэ″ лъытэ ″*дополненэ″р мы глаголхэм къащтэ *″префикс″*ым *елъыта*уэ зы *″цlыху нэрыбгэрэ гуэр″* зэрылъытэ ″дополненэ″у зэрызэхъуэкlыр гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, мы зи гугъу тщla *″езырыж префиксиал глагол″*ым и *лэжьэкlэ*нур ар къызытехъукla *″дополненэ″ зиlэу лажьэ ″езырыж занщlэ глагол″*ым и *″зэман″ лъытэ ″дополненэ″*р а зэрыщыту къызэтенэу; ауэ, мы *″езырыж занщlэ глагол″ мыхьэнэм теухуа*уэ лъыта *″гъуэгуанэ″*р *зыдынэс ″щlыпlэ″*р зэрылъыта ″дополненэ″р -къищта *″префикс″*ым *елъыта*уэ-цlыху нэрыбгэ е зы гуэр лlэужьыгъуэ ″дополненэ″у зэрызэхъуэкlынур гурыlуэгъуэщ. Икlи, мы *″префикс″*ым -″фlэ″- *елъыта* мы ″дополненэ″ри -″щlыпlэ″ лъытэм хуэдэу- ″объектив щхьэ закъуэ цlэпапщlэ″у къызэрызэтемынэнури гурыlуэгъуэнщ.

Мы зэрыжытlауэ, ″фlэкlуэн″ глаголым и лэжьэкlэхэм *зэмылlэужьыгъуэ ″щхьэ″*хэр ″**субъект**, префиксым елъыта дополненэ″у зыхиубыдэрэ икlи *″зэман″* лъытэ *″дополненэ″*ри зыхиубыдэжу -мы зэрытха щlыкlэхэуи-къызыхэщ зы *таблиц*эри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

| **Глагол лэжьэкlэ ″Зэманыгъуэ″хэр** | **Глагол ″субъ.″** | **″Преф.″ым елъыта ″дополн.″** | **″Зэман″ лъытэ ″дополненэ″** | **″Глагол лэжьэкlэ псалъэ″хэр** |
|---|---|---|---|---|
| *″Иджы″рэ ″ит зэман″ лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Ар**<br>**Дэ** | Абы<br>Сэ<br>Дэ<br>Фэ | *Иджы/Иджыпсту*<br>″<br>″<br>″ | **Сы**фlокlуэ<br>**У**сфlокlуэ<br>Тфlокlуэ<br>**Ды**ффlокlуэ |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | **Фэ**<br>**Ахэр** | Абыхэм<br>Абыхэм | *"*<br>*"* | **Ф**а*ф*l*о*кlуэ<br>Яфl*о*кlуэ(**хэ**) |
| *"Блэкl*а *зэман" лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Ар**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Ахэр** | Абы<br>Сэ<br>Дэ<br>Фэ<br>Абыхэм<br>Абыхэм | *Апщыгъуэ (Нетlэ, Tlэкly ипэ, Нышэдибэ, Дыгъуэпшыхь, Дыгъуасэ, Дыгъуэспшыхь)* | **Сы**фlэкl*у*ащ<br>**У**сфlэкl*у*ащ<br>Тфlэкl*у*ащ<br>**Дыф**фlэкl*у*ащ<br>**Ф**афlэкl*у*ащ<br>Яфlэкl*у*а(**хэ**)щ |
| *"Къэкlуэну зэман" лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Ар**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Ахэр** | Абы<br>Сэ<br>Дэ<br>Фэ<br>Абыхэм<br>Абыхэм | *Апщыгъуэ (Tlэкly щlэмэ, Tlэкly дэкlмэ, Зы сыхьэт нэужь, Пщхьэщхьэ, Пщэдджыжь, Пщэдей)* | **Сы**фlэкlуэн*у*щ<br>**У**сфlэкlуэн*у*щ<br>Тфlэкlуэн*у*щ<br>**Дыф**фlэкlуэн*у*щ<br>**Ф**афlэкlуэн*у*щ<br>Яфlэкlуэн*у*(**хэ**)щ |

*Зэрыухуагъэхху утыку къихьа "езырыж префиксиал глагол" лэжьэкlэхэм "зэманыгъуэ"рэ "щхьэ"хэр зэрыхиубыдэм теухуауэ.*

Глаголхэм я *"префикс" псомкlэ "дополненэ" зэрымылъытэ*м ипэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, нытlэ, мы илъабжьэм *–япэрауэ- мыпхуэдэ "префикс"кlэ* зэрыухуагъэххэу утыку къихьэ *"езырыж префиксил глагол"*хэм я *лэжьэкlэ*хэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ.

Нытlэ, *"дополненэ" зымылъытэ* зы *"префикс"*у щыт *"къ"*ыкlэрэ *зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал глагол"*у утыку къихьа *"къэфэн"*ым *и лэжьэкlэхэр* зыхэзыубыдэ зы *таблицэ* къэдгъэлъэгъуэнщ:

| **Глагол лэжьэкlэ "Зэманыгъуэ"хэр** | **Глагол "субъект"хэр** | **"Зэман" лъытэ "дополненэ"хэр** | **"Глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"хэр** |
|---|---|---|---|
| *"Иджы"рэ "ит зэман" лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Ар**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Ахэр** | *Иджы/Иджыпсту*<br>*"*<br>*"*<br>*"*<br>*"*<br>*"* | **Сы**къ*о*фэ<br>**У**къ*о*фэ<br>Къ*о*фэ<br>**Ды**къ*о*фэ<br>**Фы**къ*о*фэ<br>Къ*о*фэ(**хэ**) |
| *"Блэкl*а *зэман" лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Ар**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Ахэр** | *Апщыгъуэ (Нетlэ, Tlэкly ипэ, Нышэдибэ, Дыгъуэпшыхь, Дыгъуасэ, Дыгъуэспшыхь)* | **Сы**къэф*а*щ<br>**У**къэф*а*щ<br>Къэф*а*щ<br>**Ды**къэф*а*щ<br>**Фы**къэф*а*щ<br>Къэф*а*(**хэ**)щ |
| | **Сэ**<br>**Уэ** | *Апщыгъуэ (Tlэкly щlэмэ, Tlэкly дэкlмэ,* | **Сы**къэфэн*у*щ<br>**У**къэфэн*у*щ |

| | | | |
|---|---|---|---|
| *"Къэкlуэну зэман" лэжьэкlэ* | **Ар**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Ахэр** | *Зы сыхьэт нэужь, Пщхьэщхьэ, Пщэдджыжь, Пщэдей)* | Къэфэнущ<br>**Ды**къэфэнущ<br>**Фы**къэфэнущ<br>Къэфэну(**хэ**)щ |

Мыпхуэдэ глаголхэр *-аргуэру "префикс"* къащтэу- *"префиксыбэ"*у зэрыухуэжыфынур гурыlуэгъуэщи, нытlэ, *"дополненэ" зэрылъытэ* зы *игъуэ "префикс"*и къищтэу *"езырыж префиксыбэ глагол"*у щыухуэм деж, *"дополненэ"и зиlэу зэрылэжьэнур*и гурыlуэгъуэнщ.

*

*"*Дополненэ*"* зымылъытэ *"*префикс*"* гуэрхэр зэрыщыlэм теухуа щапхъэхэрщ мы ипэкlэ къэтахэри, *"префикс" нэхъыбэр "дополненэ"* зэрыlъытэу зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, *"дополненэ"* зэрылъытэ *"префикс"*кlэрэ *зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал глагол"*хэу утыку къихьахэм я лэжьэкlэ щапхъэхэми мыбдежым щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

Ауэ икlи, глаголхэм *"префикс"* яхуэхъу гуэрхэмкlэ лъытэ *"дополненэ"*р *"щlыпlэ" лъытэ*у зэрыщытым нэгъуэщl, *"префикс"* гуэрхэри *хуэкlуэрэ хуэгъэза* зэрылъытэрщи, мыпхуэдэхэри *"дополненэ"*у *"щlыху нэрыбгэ"*у -е зы гуэру- зэрыщытынури гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, ипэкlи щыгъуазэ дызыхуэхъуа *мыпхуэдэ "префикс"хэмкlэ* ухуэу утыку къихьэ *зэрыухуагъэххэ "езырыж префиксиал глагол"*хэм я лэжьэкlэхэм теухуа щапхъэхэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

Япэрауэ, *"щlыпlэ" лъытэ "дополненэ"* зэрылъытэ *"префикс"*кlэ *зэрыухуагъэххэу* утыку къихьа зы *"езырыж префиксиал глагол"*ым (пп: щlэкlын) и лэжьэкlэ щапхъэ къэдгъэлъэгъуэныр игъуэщи, нытlэ, мы лэжьэкlэхэми *"зэманыгъуэ"*рэ *"щхьэ"*хэр -зэман лъытэ *"дополненэ"*у, *"***субъект***"*рэ щlыпlэ лъытэ *"*дополненэ*"*у- къызэрыхэщу зы *таблиц*эри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Глагол лэжьэкlэ "Зэманыгъуэ"хэр** | **Глагол "субъ."** | **"Преф."кlэ - щlыпlэ- лъытэ "дополненэ"** | **"Зэман" лъытэ "дополненэ"** | **"Глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"хэр** |
|---|---|---|---|---|
| *"Иджы"рэ "ит зэман" лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Ар**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Ахэр** | Абы<br>"<br>"<br>"<br>"<br>" | *Иджы/Иджыпсту*<br>"<br>"<br>"<br>"<br>" | **Сы**щlокl<br>**У**щlокl<br>Щlокl<br>**Ды**щlокl<br>**Фы**щlокl<br>Щlокl(**хэ**) |
| *"Блэкla зэман" лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Ар**<br>**Дэ** | Абы<br>"<br>"<br>" | *Апщыгъуэ (Нетlэ, Тlэкlу ипэ, Нышэдибэ, Дыгъуэпшыхь,* | **Сы**щlэкlaщ<br>**У**щlэкlaщ<br>Щlэкlaщ<br>**Ды**щlэкlaщ |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | **Фэ**<br>**Ахэр** | ″<br>″ | *Дыгъуасэ,*<br>*Дыгъуэспшыхь)* | **Фы**щIэкI*а*щ<br>Щ\|экI*а*(**хэ**)щ |
| *″Къэкlуэну зэман″ лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Ар**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Ахэр** | Абы<br>″<br>″<br>″<br>″<br>″ | *Апщыгъуэ (Tlэкly щlэмэ, Tlэкly дэкlмэ, Зы сыхьэт нэужь, Пщхьэщхьэ, Пщэдджыжь, Пщэдей)* | **Сы**щIэкIын*у*щ<br>**У**щIэкIын*у*щ<br>Щ\|экIын*у*щ<br>**Ды**щIэкIын*у*щ<br>**Фы**щIэкIын*у*щ<br>Щ\|экIын*у*(**хэ**)щ |

Мыбы къыкlэлъыкlуэуи, *теухуэ*рэ *хуэгъэза* зэрылъытэ *″префикс″*кlэ *″цlыху нэрыбгэ″*у -е зы гуэру- зэрылъытэ *″дополненэ″* зиlэу лажьэ зы *зэрыухуагъэххэ ″езырыж префиксиал глагол″* (пп: хэхьэн) лэжьэкlэм *″зэман лъытэ дополненэ″*рэ, *″щхьэ″* лIэужьыгъуэуи **″субъект″**рэ *цlыху нэрыбгэ* -е *зы гуэр*- зэрылъытэ ″дополненэ″ зэрыхиубыдэ зы *″таблицэ″*ри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Гл. лэжьэкlэ ″Зэманыгъуэ″** | **Глагол ″субъ.″** | **″Преф.″ым елъытэ ″доп.″** | **″Зэман″ лъытэ ″дополненэ″** | **″Глагол лэжьэкlэ псалъэ″хэр** |
|---|---|---|---|---|
| *″Иджы″рэ ″ит зэман″ лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Ар**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Ахэр** | Абы<br>Дэ<br>Дэ<br>Фэ<br>Абыхэм<br>Абыхэм | *Иджы/Иджыпсту*<br>″<br>″<br>″<br>″<br>″ | **Сы***х*охьэ<br>**У**(къы)т*х*охьэ<br>(Къы)т*х*охьэ<br>**Дыф***х*охьэ<br>**Фа***х*охьэ<br>Я*х*охьэ(**хэ**) |
| *″Блэкla зэман″ лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Ар**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Ахэр** | Абы<br>Дэ<br>Дэ<br>Фэ<br>Абыхэм<br>Абыхэм | *Апщыгъуэ (Hетlэ, Tlэкly ипэ, Нышэдибэ, Дыгъуэпшыхь, Дыгъуасэ, Дыгъуэспшыхь)* | **Сы**хэхь*а*щ<br>**У**(къы)тхэхь*а*щ<br>(Къы)тхэхь*а*щ<br>**Ды**(ны)фхэхь*а*щ<br>**Фа**хэхь*а*щ<br>Я*х*эхь*а*(**хэ**)щ |
| *″Къэкlуэну зэман″ лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Ар**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Ахэр** | Абы<br>Дэ<br>Дэ<br>Фэ<br>Абыхэм<br>Абыхэм | *Апщыгъуэ (Tlэкly щlэмэ, Tlэкly дэкlмэ, Зы сыхьэт нэужь, Пщхьэщхьэ, Пщэдджыжь, Пщэдей)* | **Сы**хэхьэн*у*щ<br>**У**(къы)тхэхьэн*у*щ<br>(Къы)тхэхьэн*у*щ<br>**Ды**(ны)фхэхьэн*у*щ<br>**Фа**хэхьэн*у*щ<br>Я*х*эхьэн*у*(**хэ**)щ |

**Мы таблицэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр:**

- Япэрауэ, *″хэ″ префикс*кlэ *зэрыухуагъэххэу* утыку къихьа мы *″езырыж префиксиал глагол″*ым и *″лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″* гуэрхэм –аргуэру- *″префикс″* гуэрхэр -″къ, н″- къызэращтар {пп: ″**у**(къы)т*х*охьэ; (къы)т*х*охьэ*а*щ″; **ды**(ны)ф*х*эхьэн*у*щ″} нэрылъагъущи, мыпхуэдэу зэрыщытым ипэрей ди лэжьыгъэхэм щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ. Аращи, мы ″префикс″хэр (къ, н) *″псэлъэбзэ″*м теухуауэ *″къэlуэтэн″* зи къалэнрэ (сэ, дэ) *″едэlуэн″* зи къалэн (уэ, фэ) *″субъектив щхьэ″*хэм -″дополненэ″хэу- *хуэгъэза*рэ хуэкlуэ *″хьэрычэт″* -глагол лэжьэкlэ- *зэрылъытэ ″префикс″*хэрщ.

- Мыбы нэмыщl, *"хэ"* префикс е суффиксыр *куэдагъ* зэрылъытэрщи, мы ипэкlэ глагол лэжьэкlэхэм *"субъект"* къалэн хузыгъэзащlэ *"объектив щхьэ куэдагъ цlэпапщlэ"*хэр *"езырыж глагол"*хэм я *"лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэм зэрыхэлъытэри кlэухыу *"*хэ*"*уэщ. Ауэ икlи, псалъэухыгъэм *"объектив субъект щхьэ цlэпапщlэ"*р зэрыхэлъытэм папщlэ, *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"м* -флэкlыпlэ имыlэу- *"хэ" кlэух ulэн хуейуэ* зэры*щымыт*ри гурыlуэгъуэщи, *мыбы папщlэ*щ *"*хэ*"* кlэухыр *тхыхьым дэту "*(хэ)*"*уэ мы къызэрыгъэлъэгъуар.

*"Е" префиксиал "езырыж глагол" лэжьэкlэхэм "зэманыгъуэ"рэ "щхьэ"хэр зэрыхиубыдэм теухуауэ.*

Япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыщыхуэхъууэ, *глагол*хэр *"е" префиксиалу* зэрылажьэрэ *адрей префикс*хэмкlэ *зэрылажьэ*м я *зэхуакум зэщхьэщыкlыныгъэ* дэлъщ. Аращи, мы зи гугъу тщla *адрей префикс*хэмкlэ ухуа *глагол*хэм я *лэжьэкlэ*хэм дэтхэнэ зы *"*дополненэ*"*р *"lуэху"* лlэужьыгъуэу зэрыхиубыдэр гурыlуэгъуэщ; ауэ, *"е" префиксиал*у ухуа *глагол*хэм я *"лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм *"субъектив* дополненэ*"*хэр *"езырыж"*у зэрыхиубыдэр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэ лэжьэкlэхэм ипэрей лэжьыгъэ lыхьэм щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ.

Нытlэ, мы илъабжьэм мыпхуэдэ глагол лэжьэкlэхэращ къэдгъэлъэгъуэну къытпэщыри, мыпхуэдэ *лэжьэкlэ щапхъэ*хэри зэмылlэужьыгъуэ *"езырыж префиксиал глагол"*хэм теухуауэ къэгъэлъэгъуэныр игъуэщ. Мы зэрыжытlауэ, мы илъабжьэм *зэрыухуагъэххэу "е" префиксиал "езырыж глагол"*у утыку къихьахэмрэ, *"езырыж занщlэ глагол"*хэр *"е" префиксиал*у зэрыухуэу утыку къихьа *"езырыж глагол"*хэм я *лэжьэкlэ*хэм теухуа щапхъэхэр къэтхьыныр игъуэщ.

Зэрыжытlауэ, *"е" префиксиал*у ухуа *глагол*хэм я *лэжьэкlэ*хэм **"субъектив дополненэ"**хэр **"езырыж"**у зэрыхэлъытэм *гулъытэ хуэщlыпхъэщи*, нытlэ, *"е" префиксиал "езырыж глагол"*у зи *лэжьэкlэ щапхъэхэр* къызыхуэтхьынухэм *"щхьэ"*уэ хиубыдэну *"*дополненэ*"*хэр - зэрызэгъэпщапхъэу- *"субъектив"*рэ *"объектив"* лlэужьыгъуэхэу зэрыщытым теухуауэ къэгъэлъэгъуэнри игъуэщ.

*

Япэрауэ, *"е" префиксиалу зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал глагол"* (пп: *ежьэн*) лэжьэкlэм *"зэман лъытэ дополненэ"*рэ, *"щхьэ"*

лlэужьыгъуэуи ″**субъект**″рэ ″дополненэ″уи (субъектив, объектив лlэужьыгъуэ) зэрыхиубыдэ щапхъэхэри зы *″таблицэ″*у мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Гл. лэжьэкlэ ″Зэманыгъуэ″** | **Глагол ″субъ.″** | **″Преф.″ым елъытэ ″доп.″** | **″Зэман″ лъытэ ″дополненэ″** | **″Глагол лэжьэкlэ псалъэ″хэр** |
|---|---|---|---|---|
| *″Иджы″рэ ″ит зэман″ лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Ар**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Ахэр** | Абы<br>Дэ<br>Дэ<br>Фэ<br>Абыхэм<br>Абыхэм | *Иджы/Иджыпсту*<br>″<br>″<br>″<br>″<br>″ | **С***о*жьэ<br>**У**къыд*о*жьэ<br>Къыд*о*жьэ<br>**Ды**(ны)в*о*жьэ<br>**Ф**а*й*о*ж*ьэ<br>Я*й*о*ж*ьэ(**хэ**) |
| *″Блэкlа зэман″ лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Ар**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Ахэр** | Абы<br>Дэ<br>Дэ<br>Фэ<br>Абыхэм<br>Абыхэм | *Апщыгъуэ (Нетlэ, Tlэкly ипэ, Нышэдибэ, Дыгъуэпшыхь, Дыгъуасэ, Дыгъуэспшыхь)* | **С**ежь*а*щ<br>**У**къыдэжь*а*щ<br>Къыдэжь*а*щ<br>**Ды**(ны)вэжь*а*щ<br>**Ф**а*й*жь*а*щ<br>Я*й*жь*а*(**хэ**)щ |
| *″Къэкlуэну зэман″ лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Ар**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Ахэр** | Абы<br>Дэ<br>Дэ<br>Фэ<br>Абыхэм<br>Абыхэм | *Апщыгъуэ (Tlэкly щlэмэ, Tlэкly дэкlмэ, Зы сыхьэт нэужь, Пщхьэщхьэ, Пщэдджыжь, Пщэдей)* | **С**ежьэну*щ*<br>**У**къыдэжьэну*щ*<br>Къыдэжьэну*щ*<br>**Ды**(ны)вэжьэну*щ*<br>**Ф**а*й*жьэну*щ*<br>Я*й*жьэну(**хэ**)щ |

**Мы таблицэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр:**

- ″Е″ префиксиал глаголхэр ″ин зэман″у щылажьэм деж, ″ит зэман гъэлъагъуэ″м хэкlуэдыкl къэlукlэ егъуэтыр макъ lуэр зэхэжыхьа ″е (иэ; эй)″ми, нытlэ, мыпхуэдэр къызэрыхъу лъагъуэр зыхэплъэгъуэну щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**Сэ** абы *иджы* **с***о*жьэ (← ″**с***й*о*ж*ьэ″ ← ″**сы**э*й*о*ж*ьэ″ ← ″**сы**-э*й*-*о*-жьэ″ ← ″**сы**-е-о-жьэ″)»;
- «**фэ** абыхэм *иджы* **ф**а*й*о*ж*ьэ (← ″**ф**а*й*о*ж*ьэ″ ← ″**фы**аэ*й*о*ж*ьэ″ ← ″**фы**-а-э*й*-*о*-жьэ″ ← ″**фы**-а-е-о-жьэ″)»;
- «**Ахэр** абыхэм *иджы* я*й*о*ж*ьэ(**хэ**) {(← ″я*й*о*ж*ьэ(**хэ**)″ ← ″яэ*й*о*ж*ьэ(**хэ**)″ ← ″я-э*й*-*о*-жьэ-(**хэ**)″ ← ″я-е-*о*-жьэ-(**хэ**)″)}».

- *″Е″ префиксиал глагол лэжьэкlэ*хэр *″субъектив* дополненэ″хэм хуэкlуэ/хуэунэтlыу *къ/н″ префикс*кlэрэщ зэрылъытэр гурыlуэгъуэщ; ауэ, мыпхуэдэ хьэрычэтыр *″къ/н″ зыхимыубыдэ псалъэуи гурыlуэгъуэ зэрыхъу* щыlэщи, илъабжьэм мыри аргуэру къыщыдгъэлъэгъуэнщ. Мыбы нэмыщl, *″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*хэм *″ит зэман гъэлъагъуэ″*хэм (*о*) ипэ къихуэ *″е″ префикс*ыр хэкlуэдыкlми, *″къэкlуэну″рэ ″блэкlа″ зэман*ыгъуэ *лэжьэкlэ*хэм *″е″ префикс*ыр ″э″уэ къазэрыхэlукlыр гурыlуэгъуэщи, нытlэ, мыпхуэдэхэри мыбдежым аргуэру къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**Уэ** дэ *иджы* **у**къыд*о*жьэ; *нетlэ* **у**къыдэжь*а*щ; *пщэдей* **у**къыдэжьэну*щ*»;
- «**Ар** дэ *иджы* къыд*о*жьэ; *нетlэ* къыдэжь*а*щ; *пщэдей* къыдэжьэну*щ*»;

- «**Дэ** уэ *иджы* **ды**(ны)*в*ожьэ {**ды***в*ожьэ″уи зэрылъытэфынум папщlэщ (ны)уэ къызэрыгъэлъэгъуар}; *нетlэ* **ды**(ны)вэжь*а*щ; *пщэдей* **ды**(ны)вэжьэн*у*щ».

*

Мыбы къыкlэлъыкlуэуи *″дополненэ″ зulэу лажьэ зы ″езырыж занщlэ глагол″*ыр (пп: кlуэн) *″е″ префиксиалу* –икlи *игъуэ ″суффикс″*кlи- зэрыухуа *″езырыж префиксиал глагол″* (пп: *еклуэлlэн*) лэжьэкlэм *″зэман лъытэ дополненэ″*рэ, *″щхьэ″* лlэужьыгъуэуи ″**субъект**″рэ ″дополненэ (″субъектив″рэ ″объектив″ лlэужьыгъуэ)″ зэрыхиубыдэм теухуа щапхъэхэри зы *″таблицэ″*у мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Гл. лэжьэкlэ ″Зэманыгъуэ″** | **Глагол ″субъ.″** | **″Преф.″ елъытэ ″дополненэ″** | **″Зэман″ лъытэ ″дополненэ″** | **″Глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″хэр** |
|---|---|---|---|---|
| *″Иджы″рэ ″ит зэман″ лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Ар**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Ахэр** | Абы<br>Дэ<br>Дэ<br>Фэ<br>Абыхэм<br>Абыхэм | *Иджы/Иджыпсту*<br>*″*<br>*″*<br>*″*<br>*″*<br>*″* | **С***о*кlуалlэ<br>**У**(къы)*до*кlалlэ<br>(Къы)*до*кlуалlэ<br>**Ды**(ны)*во*кlуалlэ<br>**Ф***а*йокlуалlэ<br>Я*й*окlуалlэ(**хэ**) |
| *″Блэкlа зэман″ лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Ар**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Ахэр** | Абы<br>Дэ<br>Дэ<br>Фэ<br>Абыхэм<br>Абыхэм | *Апщыгъуэ (Нетlэ, Tlэкly ипэ, Нышэдибэ, Дыгъуэпшыхь, Дыгъуасэ, Дыгъуэспшыхь)* | **С***е*кlуэлl*а*щ<br>**У**(къы)*дэ*кlулl*а*щ<br>(Къы)*дэ*кlуэлl*а*щ<br>**Ды**(ны)*вэ*lуэлl*а*щ<br>**Ф***а*йкlуэлl*а*щ<br>Я*й*кlуэлl*а*(**хэ**)щ |
| *″Къэкlуэну зэман″ лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Ар**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Ахэр** | Абы<br>Дэ<br>Дэ<br>Фэ<br>Абыхэм<br>Абыхэм | *Апщыгъуэ (Tlэкly щlэмэ, Tlэкly дэкlмэ, Зы сыхьэт нэужь, Пщхьэщхьэ, Пщэдджыжь, Пщэдей)* | **С***е*кlуэлlэн*у*щ<br>**У**(къы)*дэ*кlуэлlэн*у*щ<br>(Къы)*дэ*кlуэлlэн*у*щ<br>**Ды**(ны)*вэ*кlуэлlэн*у*щ<br>**Ф***а*йкlуэлlэн*у*щ<br>Я*й*кlуэлlэн*у*(**хэ**)щ |

Ипэкlэ къэта таблицэхэм къыщыхэгъэщахэр мы таблицэми теухуауэ лъытапхъэщ; ауэ, *мы таблицэм хуэlуа*уэ *къыхэгъэщыпхъэ*хэр лъытапхъэмэ, мыпхуэдэхэр къэгъэлъэгъуэнри *еджакlуэхэм къахуренэ*!

## ″ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ″ХЭМ Я ″ЛЭЖЬЭКlЭУ УХУА ПСАЛЪЭ″ХЭР -″ЗЭМАНЫГЪУЭ″РЭ ″ЩХЬЭ″ХЭРИ ЗЭРЫХИУБЫДЭУ- ЗЭРЫЗЭПКЪЫРЫЛЪЫМ ТЕУХУАУЭ ЩАПХЪЭХЭР

Нытlэ, *″езырыж занщlэ глагол″*рэ *″езырыж префиксиал глагол″*хэр *″субъектив субъект″*рэ *″объектив субъект″*кlэрэ зэмылlэужьыгъуэ зэманыгъуэхэм (*″ит зэманыгъуэ″*рэ *″блэкla/къэкlуэну зэманыгъуэ″*м)

теухуауэ -*"хъыбарегъащlэ"* лlэужьыгъуэу- зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэм *"щхьэ"рэ "зэманыгъуэ"*хэри зэрыхиубыдэу я *зэпкъырыув*экlэхэми –икlи ахэр зэрызэгъэпщапхъэуи- мы илъабжьэм игъуэ щапхъэхэр къыщыдгъэлъагъуэу щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

Дауи, ипэрей лэжьыгъэ lыхьэмрэ япэрей лэжьыгъэхэм икlи зэрыигъуэуи мы ипэкlи щыгъуазэ дыхуэхъуащ глагол лэжьэкlэхэми, нытlэ, мы *псэлъащхьэм щlэдджыкlыну* мы илъабжьэм *къытпэщыт лэжьыгъэр*и зэмылlэужьыгъуэ *глаголхэм я "лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэр *зэрызэпкъырылъ*ым щыгъуазэ дыхуэхъунращ. Мыбы папщlи, зэрыигъуэм хуэдиз *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*р *зэпкъырыха*уэ къэгъэлъэгъуэнущ. Нытlэ, мы къэдгъэлъэгъуа щапхъэхэм *тежыlыхьыпхъэ*хэмрэ икlи мыпхуэдэ *щапхъэ*хэр *гъэбэгъуэн*ри *еджакlуэхэм къахуренэ*.

**"Езырыж занщlэ глагол"хэм я "лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"хэр зэрызэпкъырылъым теухуа щапхъэхэр.**

Япэрауи, *"щхьэ"* лlэжьыгъуэ *"дополненэ" зимыlэрэ зиlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"*хэр *"иджы/ит зэман"*кlэрэ *"лажьэу ухуа псалъэ"*хэр *"иджы/ит зэман лъытэ"*рэ *"щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэрэ лъытэ"*хэри *"***субъект**, дополненэ*"*у -мы зэрытха щlыкlэхэу- зыхиубыдэу *зэрызэпкъырыха*уэ *игъуэ щапхъэхэр* зы *таблиц*эм хиубыдэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**Сэ** *иджы* **с***о*шхэ(р)» →→→ «**сы** – *о* – шхэ – (р)»
- «**Сэ** *иджы* абы **с***о*кlуэ(р)» → «**сы** – *о* – кlуэ – (р)»
↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4

1: ***"*Субъектив субъект щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ*"***;
2: *"Ит зэман гъэлъагъуэ"*;
3: "Езырыж занщlэ глаголыпкъ";
4: *"Ит зэман"*кlэ "лажьэу ухуа псалъэ"р къызыхэгъэщ "кlэух".

---

- «**Ар** *иджы* ***ма***шхэ» →→→ «***ма*** – шхэ – (р)»
- «**Ар** *иджы* абы ***ма***кlуэ» → «***ма* –** кlуэ – (р)»
↓ ↓ ↓
1 2 3

1: ***"*Объектив субъект щхьэ цlэпапщlэ лъытэ*"***рэ *"иджы зэман лъытэ"*;
2: "Езырыж занщlэ глаголыпкъ";
3: *"Иджы/ит зэман"*кlэ "лажьэу ухуа псалъэ"р къызыхэгъэщ "кlэух".

.....

- «**Ахэр** *иджы* ***ма***шхэ(**хэ**)(р)» →→→ «***ма*** – шхэ – (**хэ**) – (р)»
- «**Ахэр** *иджы* абы ***ма***кlуэ(**хэ**)(р)» → «***ма*** **–** кlуэ – (**хэ**) – (р)»
↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4

1: ***"Объектив субъект щхьэ цlэпапщlэ лъытэ"***рэ *"иджы зэман лъытэ"*;
2: "Езырыж занщlэ глаголыпкъ";
3: "Объектив щхьэ куэдагъ лъытэ" кlэух;
3: *"Иджы/ит зэман"*кlэ "лажьэу ухуа псалъэ"р къызыхэгъэщ "кlэух".

*

Мы ипэкlэ *"иджы/ит зэман"*кlэ лажьэу къэта щапхъэхэр мы илъабжьэми *"иджы/ит зэман" нэмыщl*ыу *"блэкlа зэман"*у зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"* гуэрхэр -мы ипэкlэ зи гугъу тщlахэри зэрыхиубыдэу-*зэпкъырыха*уэ зы *таблищэ*у къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**Сэ** *нетlэ* **сы**шх*а*щ»→→→ «**сы** – шхэ – *а* – щ»
- «**Сэ** *нетlэ* абы **сы**кlу*а*щ» → «**сы –** кlуэ – *а* – щ»
↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4

1: ***"Субъектив субъект щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"***;
2: "Езырыж занщlэ глаголыпкъ";
3: *"Ит зэман гъэлъагъуэ"*;
4: *"Ит зэман нэмыщl" -блэкlа, къэкlуэну-* зэманкlэрэ "лажьэу ухуа псалъэ"р щыlэ/фlэщ зэрыщl кlэух.

---

- «**Ар** *нетlэ* шх*а*щ»→→→ «шхэ – *а* – щ»
- «**Ар** *нетlэ* абы кlу*а*щ» → «кlуэ – *а* – щ»
↓ ↓ ↓
1 2 3

1: "Езырыж занщlэ глаголыпкъ";
2: *"Блэкlа зэман гъэлъагъуэ"*;
3: *"Ит зэман нэмыщl"ыу -блэкlа, къэкlуэну-* "лажьэу ухуа псалъэ"р щыlэ/фlэщ зэрыщl кlэух.

.....

- «**Ахэр** *нетlэ* шх*а*(**хэ**)щ»→→→ «шхэ – *а* – (**хэ**) – щ»
- «**Ахэр** *нетlэ* абы кlу*а*(**хэ**)щ» → «кlуэ – *а* – (**хэ**) – щ»
↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4

1: "Езырыж занщlэ глаголыпкъ";
2: *"Блэкlа зэман гъэлъагъуэ"*;
3: "Объектив щхьэ куэдагъ лъытэ" кlэух;
4: *"Ит зэман нэмыщl"ыу -блэкlа, къэкlуэну-* "лажьэу ухуа псалъэ"р щыlэ/фlэщ зэрыщl кlэух.

**″Езырыж префиксиал глагол″хэм я ″лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэр зэрызэпкъырылъым теухуа щапхъэхэр.**

Мыпхуэдэ щапхъэхэри мы ипэкlэ зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа *″езырыж занщlэ глагол″*хэр игъуэ *″префикс″*кlэрэ зэрыухуа *″езырыж префиксиал глагол″*хэр -япэрауэ- *″иджы/ит зэман″*кlэ зэрылажьэм теухуа *″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″* гуэрхэр *зэпкъырыха*уэ зы *таблиц*эм хиубыдэу мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**Сэ** *иджы* уэ **сы**ныпхуошхэ(р)» →→→ «**сы** – ны – п – хуэ – *о* – шхэ – (р)»
- «**Сэ** *иджы* уэ (абы) **сы**ныпфlокlуэ(р)» → «**сы** – ны – п – фlэ – *о* – кlуэ – (р)»
↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7

1: **″Субъ.ектив субъект щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″**;
2: ″Глагол лэжьэкlэ″р ″дополненэ″у ″уэ″м зэрыхуэунэтl ″префикс″;
3: ″Субъектив щхьэ дополненэ гъэлъагъуэ (б→п)″;
4*:* ″Глагол лэжьэкlэ″у ″дополненэ″м хуэгъазэ/теухуа зэрылъытэ ″префикс″;
5: *″Ит зэман гъэлъагъуэ″*;
6: ″Езырыж занщlэ глаголыпкъ″;
7: *″Иджы/ит зэман″*кlэ ″лажьэу ухуа псалъэ″р къызыхэгъэщ ″кlэух″.

---

- «**Ар** *иджы* уэ къыпхуошхэ(р)» →→→ «къы – п – хуэ – *о* – шхэ – (р)»
- «**Ар** *иджы* уэ (абы) къыпфlокlуэ(р)» → «къы – п – фlэ – *о* – кlуэ – (р)»
↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6

1: ″Глагол лэжьэкlэ″р ″дополненэ″у ″уэ″м къызэрыхуэкlуэ ″префикс″;
2: ″Субъектив щхьэ дополненэ гъэлъагъуэ (б→п)″;
3*:* ″Глагол лэжьэкlэ″у ″дополненэ″м хуэгъазэ/теухуа зэрылъытэ ″префикс″;
4: *″Ит зэман гъэлъагъуэ″*;
5: ″Езырыж занщlэ глаголыпкъ″;
6: *″Иджы/ит зэман″*кlэ ″лажьэу ухуа псалъэ″р къызыхэгъэщ ″кlэух″.

.....

- «**Ахэр** *иджы* уэ ныпхуошхэ(**хэ**)(р)» →→→ «къы – п – хуэ – *о* – шхэ – (**хэ**) – (р)»
- «**Ахэр** *иджы* уэ (абы) ныпфlокlуэ(**хэ**)(р)» → «къы – п – фlэ – *о* – кlуэ – (**хэ**) – (р)»
↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7

1: ″Глагол лэжьэкlэ″р ″дополненэ″у ″уэ″м къызэрыхуэкlуэ ″префикс″;
2: ″Субъектив щхьэ дополненэ гъэлъагъуэ (б→п)″;
3*:* ″Глагол лэжьэкlэ″у ″дополненэ″м хуэгъазэ/теухуа зэрылъытэ ″префикс″;
4: *″Ит зэман гъэлъагъуэ″*;
5: ″Езырыж занщlэ глаголыпкъ″;
6: ″Объектив щхьэ куэдагъ лъытэ″ кlэух;
7: *″Иджы/ит зэман″*кlэ ″лажьэу ухуа псалъэ″р къызыхэгъэщ ″кlэух″.

*

Нытlэ, мы ипэкlэ *"езырыж префиксиал глагол"*хэу *"иджы/ит зэман"*кlэ зэрылажьэм теухуа щапхъэхэу къэдгъэлъэгъуахэр мы илъыбжьэми *"блэкla зэман"*у зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"* гуэрхэри *зэпкъырыха*уэ зы *таблиц*эм хиубыдэу къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**Сэ** *нетlэ* уэ **сы**ныпхуэшх*а*щ» →→→ «**сы** – ны – п – хуэ – шхэ – *а* – щ»
- «**Сэ** *нетlэ* уэ (абы) **сы**ныпфlэкlу*а*щ» → «**сы** – ны – п – фlэ – кlуэ – *а* – щ»

↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7

1: **"Субъектив субъект щхьэ цlэпащlэ гъэлъагъуэ"**;
2: "Глагол лэжьэкlэ"р "дополненэ"у "уэ"м зэрыхуэунэтl "префикс";
3: "Субъектив щхьэ дополненэ гъэлъагъуэ (б→п)";
4*:* "Глагол лэжьэкlэ"у "дополненэ"м хуэгъазэ/теухуа зэрылъытэ "префикс";
5: "Езырыж занщlэ глаголыпкъ";
6: *"Блэкla зэман гъэлъагъуэ"*;
7: *"Ит зэман нэмыщl"ыу -блэкla, къэкlуэну-* "лажьэу ухуа псалъэ"р щыlэ/фlэщ зэрыщl кlэух.

---

- «**Ар** *нетlэ* уэ къыпхуэшх*а*щ» →→→ «къы – п – хуэ – шхэ – *а* – щ»
- «**Ар** *нетlэ* уэ (абы) къыпфlэкlу*а*щ» → «къы – п – фlэ – кlуэ – *а* – щ»

↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6

1: "Глагол лэжьэкlэ"р "дополненэ"у "уэ"м къызэрыхуэкlуэ "префикс";
2: "Субъектив щхьэ дополненэ гъэлъагъуэ (б→ "п; пl")";
3*:* "Глагол лэжьэкlэ"у "дополненэ"м хуэгъазэ/теухуа зэрылъытэ "префикс";
4: "Езырыж занщlэ глаголыпкъ";
5: *"Блэекla зэман гъэлъагъуэ"*;
6: *"Ит зэман нэмыщl"ыу -блэкla, къэкlуэну-* "лажьэу ухуа псалъэ"р щыlэ/фlэщ зэрыщl кlэух.

.....

- «**Ахэр** *нетlэ* уэ ныпхуэшх*а*(**хэ**)щ» →→→ «ны – п – хуэ – шхэ – *а* – (**хэ**) – щ»
- «**Ахэр** *нетlэ* уэ (абы) ныпфlэкlу*а*(**хэ**)щ» → «ны – п – фlэ – кlуэ – *а* – (**хэ**) – щ»

↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7

1: "Глагол лэжьэкlэ"р "дополненэ"у "уэ"м къызэрыхуэкlуэ "префикс";
2: "Субъектив щхьэ дополненэ гъэлъагъуэ (б→п)";
3*:* "Глагол лэжьэкlэ"у "дополненэ"м хуэгъазэ/теухуа зэрылъытэ "префикс";
4: "Езырыж занщlэ глаголыпкъ";
5: *"Блэкla зэман гъэлъагъуэ"*;
6: "Объектив щхьэ куэдагъ лъытэ" кlэух;
7: *"Ит зэман нэмыщl"ыу -блэкla, къэкlуэну-* "лажьэу ухуа псалъэ"р щыlэ/фlэщ зэрыщl кlэух.

*"Е" префиксиал "езырыж глагол"хэм я "лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"хэр зэрызэпкъырылъым теухуа щапхъэхэр.*

Мыпхуэдэ щапхъэхэри ипэкlэ зи лэжьэкlэхэм щыгъуазэ дызыхуэхъуауэ щыта *"е" префиксиалу зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал глагол"*у утыку къихьа *"ежьэн"*ымрэ, зы *"езырыж занщlэ глагол"*ыр (кlуэн) *"е" префикс*кlэрэ зэрыухуэу *"езырыж префиксиал глагол"*у утыку къихьа *"еклуэлlэн"*ым и *лэжьэкlэ щапхъэхэу* къэдгъэлъэгъуэнщ.

Япэрауэ, мы *"иджы/ит зэман"*кlэ зэрылажьэ щапхъэ гуэрхэр къэдгъэлъагъуэу, мы *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэри *зэпкъырыха*уэ зы *таблиц*эм хиубыдэу мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщи, мы я лэжьэкlэхэми *"иджы/ит зэман гъэлъагъуэ"*рэ *зэмылlэужьыгъуэ "щхьэ"*хэри я *къалэнкlэ* зыхэзыубыдэу ухуа мы *псалъэхэм* **"субъектив дополненэ"**хэр **"езырыж"** лlэужьыгъуэу **"объектив дополненэ"**хэри **"lуэху"** лlэужьыгъуэу *зэрыхиубыдэ*ми *гулъытэ* хуэтщlынщ:

- «**Сэ** *иджы* уэ **сы**(ны)у*о*жьэ(р)» → «**сы** – (ны) – у – *о* – жьэ – (р)»
- «**Сэ** *иджы* уэ **сы**ныу*о*кlуалlэ(р)» → «**сы** – ны – у – *о* – кlуалlэ – (р)»

↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6

1: **"Субъектив субъект щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"**;
2: "Е" префиксиал глагол лэжьэкlэ"р "дополненэ"у "уэ"м зэрыхуэунэтl "префикс";
3: **"Езырыж"** лlэужьыгъуэ "субъектив щхьэ дополненэ гъэлъагъуэ (у)";
4*: "Ит зэман гъэлъагъуэ"*;
5: "Езырыж занщlэ глаголыпкъ";
6: *"Иджы/ит зэман"*кlэ "лажьэу ухуа псалъэ"р къызыхэгъэщ "кlэух".

---

- «**Ар** *иджы* уэ къыу*о*жьэ(р)» →→ «къы – у – *о* – жьэ – (р)»
- «**Ар** *иджы* уэ къыу*о*кlуалlэ(р)» → «къы–у–*о*–кlуалlэ–(р)»

↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5

1: "Глагол лэжьэкlэ"р "дополненэ"у "уэ"м къызэрыхуэкlуэ "префикс";
2: **"Езырыж"** лlэужьыгъуэ "субъектив щхьэ дополненэ гъэлъагъуэ (у)";
3: *"Ит зэман гъэлъагъуэ"*;
4: "Езырыж занщlэ глаголыпкъ";
5: *"Иджы/ит зэман"*кlэ "лажьэу ухуа псалъэ"р къызыхэгъэщ "кlэух".

.....

- «**Ахэр** *иджы* уэ къыу*о*жьэ(р)» →→ «къы – у – *о* – жьэ – (**хэ**)–(р)»
- «**Ахэр** *иджы* уэ къыу*о*кlуалlэ(р)» → «къы–у–*о*–кlуалlэ–(**хэ**)–(р)»

↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6

1: "Глагол лэжьэкlэ"р "дополненэ"у "уэ"м къызэрыхуэкlуэ "префикс";

2: ″**Езырыж″** лIэужьыгъуэ ″субъектив щхьэ дополненэ гъэлъагъуэ (у)″;
3: *″Ит зэман гъэлъагъуэ″*;
4: ″Езырыж занщIэ глаголыпкъ″;
5: ″Объектив щхьэ куэдагъ лъытэ″ кIэух;
6: *″Иджы/ит зэман″*кIэ ″лажьэу ухуа псалъэ″р къызыхэгъэщ ″кIэух″.

*

Мы илъабжьэми мы *″езырыж префиксиал глагол″*хэр *″блэкIа зэман″*кIэ зэрылажьэм теухуа щапхъэхэр къыщыдгъэлъэгъуэнщи, мыпхуэдэ *″лэжьэкIэу ухуа псалъэ″*хэри -*″блэкIа зэман гъэлъагъуэ″*рэ *зэмылIэужьыгъуэ ″щхьэ″*хэри я *къалэнкIэ* зэры*хиубыдэу- зэпкъырыха*уэ къэдгъэлъагъуэу, мыбыхэми **″субъектив дополненэ″**хэр **″езырыж″** лIэужьыгъуэу, **″объектив дополненэ″**хэри **″lуэху″** лIэужьыгъуэу *зэрыхиубыдэ*ми *гулъытэ* хуэтщIынщ:

- «**Сэ** *нетIэ* уэ **сы**ныуэжь*а*щ» →→→→ «**сы** – ны – у – э – жьэ –*а*–щ»
- «**Сэ** *нетIэ* уэ (абы) **сы**ныуэкIуэлI*а*щ» → «**сы** – ны – у – э – кIуэлIэ–*а*–щ»

↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7

1: **″Субъектив субъект щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″**;
2: ″Глагол лэжьэкIэ″р ″дополненэ″у ″уэ″м зэрыхуэунэтI ″префикс″;
3: **″Езырыж″** лIэужьыгъуэ ″субъектив щхьэ дополненэ гъэлъагъуэ (у)″;
4*:* ″Глагол лэжьэкIэ″р ″субъектив дополненэ″м ″екIуэлIэн″ыр (″е″ преф.) псалъэм ″кIуэтэгъуэ″у (э) холъытэр;
5: ″Езырыж занщIэ глаголыпкъ″;
6: *″БлэкIа зэман гъэлъагъуэ″*;
7: *″Ит зэман нэмыщI″ыу -блэкIа, къэкIуэну-* ″лажьэу ухуа псалъэ″р щыIэ/фIэщ зэрыщI кIэух.

---

- «**Ар** *нетIэ* уэ къыуэжьащ» →→ «къы – у – э – жьэ – *а* – щ»
- «**Ар** *нетIэ* уэ къыуфIэкIуащ» → «къы – у – э – кIуэлIэ–*а*–щ»

↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6

1: ″Глагол лэжьэкIэ″р ″дополненэ″у ″уэ″м къызэрыхуэкIуэ ″префикс″;
2: **″Езырыж″** лIэужьыгъуэ ″субъектив щхьэ дополненэ гъэлъагъуэ (у)″;
3*:* ″Глагол лэжьэкIэ″р ″субъектив дополненэ″м ″екIуэлIэн″ыр (″е″ преф.) псалъэм ″кIуэтэгъуэ″у (э) холъытэр;
4: ″Езырыж занщIэ глаголыпкъ″;
5: *″БлэкIа зэман гъэлъагъуэ″*;
6: *″Ит зэман нэмыщI″ыу -блэкIа, къэкIуэну-* ″лажьэу ухуа псалъэ″р щыIэ/фIэщ зэрыщI кIэух.

.....

- «**Ахэр** *нетIэ* уэ къыуэжьа(хэ)щ(р)» →→→ «къы – у – э – жьэ – *а* – (**хэ**)–щ»
- «**Ахэр** *нетIэ* уэ (абы) къыуэкIуэлIа(хэ)щ)» → «къы–у–э–кIуэлIэ–*а*–(**хэ**)–щ»

↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓

1 2 3 4 5 6 7
1: ″Глагол лэжьэкlэ″р ″дополненэ″у ″уэ″м къызэрыхуэкlуэ ″префикс″;
2: **″Езырыж″** лlэужьыгъуэ ″субъектив щхьэ дополненэ гъэлъагъуэ (у)″;
3*:* ″Глагол лэжьэкlэ″р ″субъектив дополненэ″м ″екlуэлlэн″ыр (″е″ преф.) псалъэм ″кlуэтэгъуэ″у (э) холъытэр;
4: ″Езырыж занщlэ глаголыпкъ″;
5: *″Блэекlа зэман гъэлъагъуэ″*;
6: ″Объектив щхьэ куэдагъ лъытэ″ кlэух;
7: *″Ит зэман нэмыщl″ыу -блэекlа, къэкlуэну-* ″лажьэу ухуа псалъэ″р щыlэ/фlэщ зэрыщl кlэух.

*

Мы ипэкlэ къэта таблицитlым теухуауэ къыхэгъэщыхъэ гуэрхэри мыбдежым къыщыпытщэжынщ.

Япэрауэ, ″кlуэн″ глагол лэжьэкlэу лъытэ ″гъуэгуанэ″р зыхуэкlуэ ″щlыпlэ″р ″дополненэ″ лlэужьыгъуэу -″абы″уэ- зэрыхиубыдэр гурыlуэгъуэщ; ауэ, мы *″кlуэн″* глаголыр *″лlэ″ суффикс*рэ *″е″ префиксиал*у зэрыухуа *″еклуэлlэн″* глаголыр *зы гуэрым еклуалlэ*ущ зэры*лэжьэну*ри, мы *гуэрыр ″объектив″* е *″субъектив″* лlэужьыгъуэ ″дополненэ″у зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ:

- ″Кlуэн″: «**Ар** *нетlэ* абы кlу*а*щ»;
- ″Екlуэлlэн″: «**Ар** *нетlэ* уэ къы*у*экlуэл*l*ащ».

Мыбы нэмыщl *″уэ″м хуэгъэза*уэ къэlуэта мы *″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*хэр икlи *″уэ″р химыубыдэу* -ауэ *″уэ″м хуэгъэзауэ* лъытауэ-гурыlуэгъуэ зэрыхъуу бзэм зэрыхэлэжьыхь щlыкlэхэри мыбдежым дигу къыщыдгъэкlыжынщ:

- «**Сэ** уэ **сы**(ны)у*о*жьэ(р) - **сы**(ны)уэжь*а*щ» → «**Сэ** уэ **сын***о*жьэ(р) – **сын***о*жь*а*щ»;
- «**Сэ** уэ **сы**(ны)у*о*кlуалэ(р) - **сы**(ны)уэкlуэл*l*ащ» → «**Сэ** уэ **сын***о*кlуалlэ(р) – **сын***о*кlуэл*l*ащ».

## ″lУЭХУ ГЛАГОЛ″ ЛЭЖЬЭКlЭХЭМ ″ЗЭМАНЫГЪУЭ″РЭ ″ЩХЬЭ″ХЭР ЗЭРЫХИУБЫДЭРЭ ЗЭРЫХЭЛЪЫТЭ ЩlЫКlЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

Зэрыгурыlуэгъуэу, *″lуэху глагол″*хэр ″езырыж глагол″хэм къазэрыщхьэщыкlыр япэрауэ *″объект″* зэрalэущ. Ныtlэ, *″lуэху глагол″* лэжьэкlэхэм *″субъект″*ым нэмыщl *″объект″* къалэн зиlэу -а нэхъ мащlэу- *″щхьиtl″* зэрыхиубыдэнури гурыlуэгъуэнщ.

Икlи, дэтхэнэ зы глаголым и лэжьэкlэр зэманым теухуауэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэщи, *"lуэху глагол"*хэми я *"лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэм *"зэман гъэлъагъуэ"*хэр зэрыхиубыдэм хуэдэжу, къызэрыlуатэ *"псалъэухыгъэ"*хэми *"дополненэ"* лlэужьыгъуэу *"зэман лъытэ" псалъэ*хэр зэрыхиубыдэнури гурыlуэугъуэщ.

Мы къыхэдгъэщахэм нэмыщl, -ипэкlэ зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа ″езырыж глагол″хэм хуэдэу- *"lуэху глагол"*хэри *"занщlэ"рэ "префиксиал"* лlэужьыгъуэхэу зэрызэщхьэщыкlри гурыlуэгъуэщи, нытlэ, мы илъабжьэм *япэрауэ "lуэху занщlэ глагол"*хэм щыгъуазэ дыхуэхъунущ.

**″lуэху занщlэ глагол″ лэжьэкlэхэм ″зэманыгъуэ″рэ ″щхьэ″хэр зэрыхиубыдэ щlыкlэхэм теухуауэ.**

Зэрыгурыlуэгъуэу, *"lуэху занщlэ глагол"*хэри и кlуэцlкlэ -″езырыж занщlэ глагол″хэм хуэдэу- *"щхьэ дополненэ" зимыlэ*рэ *зиlэ лэжьэкlэу зэщхьэщокl*ри, нытlэ, мы илъабжьэм *"lуэху занщlэ глагол"* лэжьэкlэхэми *"дополненэ" зиlэрэ зимыlэу зэрылажьэ* щlыкlэу *гупиml*ыу щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

*"Щхьэ дополненэ"ншэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол" лэжьэкlэхэм "зэманыгъуэ"рэ "щхьэ"хэр зэрыхиубыдэ щlыкlэхэм теухуауэ.*

Ипэкlэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, ″езырыж глагол″ гуэрхэм ″lуэху глагол″ лэжьэкlэи зэраlэм нэмыщl, глагол кlэух макърэ и къэlукlэр (″э″ → ″ы″) зэрызэхъуэкlыу ″lуэху глагол″ лlэужьыгъуэу зэхъуэкlхэри щыlэщи, нытlэ, мыбдежым зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьыну *"lуэху занщlэ глагол"*ри ипэкlэ зи лэжьэкlэхэр къызыхуэтхьа *"езырыж занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэ *"шхэн"*ым и *вариант*у щыт *"шхын"*ращ.

Икlи, *"шхын"* глаголым и *"субъект"*ыр *"цlыху"* нэрыбгэу -*"субъектив субъект"*у- щытмэ, глагол *"объект"*ыр зы *"шхыныгъуэ"*ущ –*"объектив объект"*ущ- зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, зы *"цlыху субъект"*ым -″егъэщхьын″ыгъэу- зы *"цlыху"* нэрыбгэ -*"субъектив объект"*- *ишхы*у *къызэрыlуэтэф*ри гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, ″шхын″ глагол лэжьэкlэхэр зыхэзыубыдэу мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэну *таблицэ*м мыпхуэдэ лэжьэкlэхэри хэплъэгъуэнри игъуэщ:

| **Глагол** | **Глагол** | **Глагол** | **″Зэман″ лъытэ** | **″Глагол** |
|---|---|---|---|---|

| **лэжьэкlэ ″Зэманыгъуэ″** | **″субъект″** | **″объект″** | **″дополненэ″** | **лэжьэкlэу ухуа псалъэ″хэр** |
|---|---|---|---|---|
| *″Иджы″рэ ″ит зэман″ лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Абы**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Абыхэм** | Ар<br>Сэ<br>Ахэр<br>фэ<br>Ахэр<br>Ахэр | *Иджы/Иджыпсту*<br>*″*<br>*″*<br>*″*<br>*″*<br>*″* | **С***о*шх<br>Сы**б***о*шх<br>***Е***шх(хэ)<br>Фы**д***о*шх<br>**Ф***о*шх(хэ)<br>***Я***шх(хэ) |
| *″Блэкlа зэман″ лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Абы**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Абыхэм** | Ар<br>Сэ<br>Ахэр<br>фэ<br>Ахэр<br>Ахэр | *Апщыгъуэ (Нетlэ, Тlэкlу ипэ, Нышэдибэ, Дыгъуэпшыхь, Дыгъуасэ, Дыгъуэспшыхь)* | **С**шх*а*щ<br>Сы**п**шх*а*щ<br>**И**шх*а*(хэ)щ<br>Фы**т**шх*а*щ<br>**Ф**шх*а*(хэ)щ<br>**Я**шх*а*(хэ)щ |
| *″Къэкlуэну зэман″ лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Абы**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Абыхэм** | Ар<br>Сэ<br>Ахэр<br>Фэ<br>Ахэр<br>Ахэр | *Апщыгъуэ (Тlэкlу щlэмэ, Тlэкlу дэкlмэ, Зы сыхьэт нэужь, Пщхьэщхьэ, Пщэдджыжь, Пщэдей)* | **С**шхын*у*щ<br>Сы**п**шхын*у*щ<br>**И**шхын*у*(хэ)щ<br>Фы**т**шхын*у*щ<br>**Ф**шхын*у*(хэ)щ<br>**Я**шхын*у*(хэ)щ |

**Мы таблицэм хиубыдэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр:**

- Мы зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьар ″lуэху глагол″щи, -фlэкlыпlэ имыlэу- ″объект″ зэрыхиубыдэри нэрылъагъущ. Ауэ, мы зи лэжьэкlэхэр къызыхуэдгъэлъэгъуа ″lуэху глагол″хэр *″дополненэ″ншэу лажьэ ″lуэху занщlэ глагол″*хэращи, мы лэжьэкlэхэм *″щхьэ″* лlэужьыгъуэ *″дополненэ″ химыубыдэ*у зэрыщытри нэрылъагъущ. Мы зэрыжытlауэ, мы глагол лэжьэкlэхэм ″щхьэ″ лlэжьыгъуэ ″дополненэ″ химыубыдэми, дэтхэнэ зы глаголыр зэрылажьэ *″зэманыгъуэ″*р зэрылъытэ *псалъэу ″зэман″ лъытэ ″дополненэ″ зэрыхиубыдэ*ри нэрылъагъущ.

- Мы къыхэдгъэщахэм нэмыщl, *″lуэху″* лlэужьыгъуэ *″объектив субъект″* къалэн зыгъэзащlэ *″щхьэ цlэпапщlэ″*хэр *″lуэху глагол″*хэм я *″лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*хэм зэрыхэлъытэри ***″я; а″***кlэрэщ (пп: **я**щх, къ**а**шх). Ауэ, *″езырыж″* лlэужьыгъуэ глагол *″объект″*ыр *″объектив щхьэ куэдагъэ″*у щытмэ, ар *″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*м зэрыхэлъытэр псалъэ *кlэух*ыу ″хэ″уэщи {**абыхэм** ахэр **я**шх(хэ)}, ныtlэ, *″объектив объект″* зэрылъытэ *″щхьэ цlэпапщlэ″*р (ахэр) *″псалъэухыгъэ″*м мы щызэрыхэлъытам папщlэ, мы *″объектив щхьэ куэдагъ″*ри - фlэкlыпlэ имыlэу- *″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″м хэлъытэн хуейуэ щытынкъыми* (**абыхэм** ахэр **я**шх), мыбы папщlэщ *″куэдагъ″* лъытэ *″хэ″*р *тхыхьым дэту ″*(хэ)″уэ мы къызэрыгъэлъэгъуар {**е**шх(хэ); **я**шх(хэ)}.

*"Щхьэ дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол" лэжьэкlэхэм "зэманыгъуэ"рэ "щхьэ"хэр зэрыхиубыдэ щlыкlэхэм теухуауэ.*

Ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, ″дополненэ″ зиlэу лажьэ ″глагол″ жыхуэтlэхэр глагол мыхьэнэм -хьэрычэтым- елъытауэ зы ″гъуэгуанэ″ къызпэщытхэращи, мы гъуэгуанэр зынэсынури зы ″щlыпlэ″у зэрылъытэу ″дополненэ″ лlэужьыгъуэу зыхэзыубыдэхэрщ. Икlи, ″lуэху глагол″хэр зытелэжьыхь щыlэ глагол лlэужьыгъуэхэрщи, мы зытелэжьыхьри ″объект″у зэрылъытэр ипэкlи щыжытlагъащ.

Мы къыхэдгъэщахэри зыхэзыубыдэу *"дополненэ" зиlэу лажьэ зы "lуэху занщlэ глагол"* щапхъэм -пп: *"хьын"* глагол- и лэжьэкlэхэм щыгъуазэ дыхунращ мыбдежым къытпэщытри, нытlэ, и лэжьэкlэхэм *"щхьэ"*хэр *"субъект, объект, дополненэ"* лlэужьыгъуэу зэрыхиубыдэмрэ, зэрылажьэ *"зэманыгъуэ"*хэри *"зэман лъытэ"* псалъэхэу *"дополненэ"* лlэужьыгъуэу зэрыхиубыдэ щапхъэхэр къэгъэлъэгъуэныр игъуэщ.

Мы зэрыжытlауэ, *"хьын"* глаголыр дэтхэнэ зы *"щхьэ"*м теухуа **″субъект″**кlэрэ *"ит зэман"рэ "адрей зэман"*хэм теухуауэ зэры*лажьэ* щапхъэхэр глагол мыхьэнэми хуэигъуэ ″объект″и -″сбъектив″рэ ″объектив″ лlэужьыгъуэу- зэрыхиубыдэу, глагол мыхьэнэкlэрэ лъытэ *"гъуэгуанэ"*р *зыдынэс "щlыпlэ"*ри ″дополненэ″у (*"объектив щхьэ закъуэ цlэпапщlэ"*у) зэрыхэлъытэрэ икlи *"зэман" лъытэ "дополненэ"*хэри –мы зэрытха щlыкlэхэу- зыхэзыубыдэ зы *таблиц*эри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Глагол лэжьэкlэ ″Зэман″хэр** | **Глагол ″субъект″** | **Глагол ″объект″** | **″Щlыпlэ″ лъытэ ″дополн.″** | **″Зэман″ лъытэ ″дополненэ″** | **″Глагол лэжь. ухуа псалъэ″хэр** |
|---|---|---|---|---|---|
| *"Иджы"рэ "ит зэман" лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Абы**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Абыхэм** | Ар<br>Сэ<br>Ахэр<br>фэ<br>Ахэр<br>Ахэр | Абы<br>″<br>″<br>″<br>″<br>″ | *Иджы(пстu)*<br>″<br>″<br>″<br>″<br>″ | **С***о*хь<br>Сы**б***о*хь<br>***Е***хь(хэ)<br>Фы**д***о*хь<br>**Ф***о*хь(хэ)<br>***Я***хь(хэ) |
| *"Блэкlа зэман" лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Абы**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Абыхэм** | Ар<br>Сэ<br>Ахэр<br>фэ<br>Ахэр<br>Ахэр | Абы<br>″<br>″<br>″<br>″<br>″ | *Апщыгъуэ (Нетlэ, Tlэкly ипэ, Нышэдибэ, Дыгъуэпшыхь, Дыгъуасэ..)* | **С**хь*а*щ<br>Сы**п**хь*а*щ<br>**И**хь*а*(хэ)щ<br>Фы**т**хь*а*щ<br>**Ф**хь*а*(хэ)щ<br>**Я**хь*а*(хэ)щ |
| *"Къэкlуэну зэман" лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Абы**<br>**Дэ** | Ар<br>Сэ<br>Ахэр<br>фэ | Абы<br>″<br>″<br>″ | *Апщыгъуэ (Tlэкly щlэмэ, Tlэкly дэкlмэ, Зы сыхьэт* | **С**хьынущ<br>Сы**п**хьынущ<br>**И**хьыну(хэ)щ<br>Фы**т**хьынущ |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | **Фэ**<br>**Абыхэм** | Ахэр<br>Ахэр | ″<br>″ | *нэужь,*<br>*Пщэдей)* | **Ф**хьыну(хэ)щ<br>**Я**хьыну(хэ)щ |

**Мы таблицэм хиубыдэ гуэрхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэхэр:**

- *″lуэху глагол″*хэм я *″лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*хэм теухуауэ къыхэдгъэщауэ мы глагол лэжьэкlэ щапхъэхэми ущыхуэзэхэм мыбдежми аргуэру я гугъу щытщlынкъым. - ″Щlыпlэ″ лъытэ ″дополненэ″хэр *″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*хэм щызэрыхэмылъытэри мыпхуэдэщ.

- Мыбы нэмыщl, *″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*хэм *″щхьэ″рэ ″зэман″ лъытэ* псалъэхэр щызэрыхэлъытэ щlыкlэхэри *таблицэ*м зэрыхэплъагъуэрщи, нытlэ, ахэр ″псалъэухыгъэ″хэм нормалу мы щызэрыхэлъытапхъэ щlыкlэхэм теухуа гуэрхэри мы илъабжьэм зы *″псалъэухыгъэ″ гъэпсыкlэ*у къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**абы** ахэр абы *иджы(псту)* ***е***хь(хэ)»;
- «**уэ** сэ абы *иджы(псту)* сы**б***о*хь».

- Ауэ, глагол лэжьэкlэрэ къэlуэтэкlэм *нэхъапэу лъытэрэ* къыхэгъэщыпхъэхэм елъытауэ *″щхьэ″*рэ *″зэманыгъуэ″*хэр *″псалъэухыгъэ″*хэм щыхиубыдэ *щlыпlэ*хэр зэрызэхъуэкlыфынури гурыlуэгъуэнщи, мы ипкlэ къэта ″псалъэухыгъэ″ гъэпсыкlэр зэрызэхъуэкlыф щапхъэ гуэрхэри мыбдежым къыщыпытщэжынщ:

- «**абы** ахэр *иджы(псту)* абы ***е***хь(хэ)»; «**абы** *иджы(псту)* ахэр абы ***е***хь(хэ)»; «**абы** *иджы(псту)* ахэр абы ***е***хь(хэ)»; «**абы** ахэр *иджы(псту)* абы ***е***хь(хэ)»;
- «**уэ** сэ *иджы(псту)* абы сы**б***о*хь»; «**уэ** *иджы(псту)* сэ абы сы**б***о*хь»; «**уэ** *иджы(псту)* абы сэ сы**б***о*хь»; «**уэ** сэ *иджы(псту)* абы сы**б***о*хь».

*″Езырыж занщlэ глагол″хэр ″гъэ″ пэщlэдзэкlэ занщlэу ″lуэху занщlэ глагол″у зэрыухуэжхэм я лэжьэкlэхэми ″зэманыгъуэ″рэ ″щхьэ″хэр зэрыхиубыдэ щlыкlэхэм теухуауэ.*

Зэрыгурыlуэгъуэу, *″езырыж занщlэ глагол″хэри ″дополненэ″ зиlэрэ зимыlэ*ущ зэрызэщхьэщыкlри, ахэр *″гъэ″ пэщlэдзэ*кlэ занщlэу *″lуэху глагол″*у зэрылъытэхэри *″lуэху занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэущ; икlи, мыпхуэдэу ухуа *″lуэху занщlэ глагол″*хэр зэрылажьэ щlыкlэхэри *къызытехъукlа ″езырыж занщlэ глагол″ым хуэдэжу ″дополненэ″ зиlэрэ зимыlуэ*щ.

Мы къыхэдгъэщами гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlщи, *″езырыж занщlэ глагол″хэм ″гъэ″ пэщlэдзэ*кlэрэ къатехъукl *″lуэху занщlэ глагол″*хэми я лэжьэкlэнури *″дополненэ″ зиlэрэ зимыlэу* зи лэжьэкlэхэм *щыгъуазэ дызыхуэхъуа ″lуэху занщlэ глагол″ лэжьэкlэхэм хуэдэ*у мы зэрыщытым папщlэ, -кlыхь дымыщlыу- мыпхуэдэ лэжьэкlэхэм теухуа щапхъэ гуэрхэр

″псалъэухыгъэ″ гъэпсыкlэу мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэныр тхурикъуну къыщlэкlынщ:

| |
|---|
| - ″Шхэн″ → ″Гъэшхэн″: «**сэ** ар *иджыпсту* **с***о*гъашхэ»; «**сэ** ар *нетlэ* **з**гъашх*а*щ» |
| - ″Кlуэн″ → ″Гъэкlуэн″: «**сэ** ар <u>абы</u> *иджыпсту* **с***о*гъакlуэ»; «**сэ** ар <u>абы</u> *дыгъуасэ* **з**гъакlу*а*щ». |

Япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ *″езырыж глагол″*хэр *″гъэ″ пэщlэдзэкlэ* зэрыухуэ *″lуэху глагол″*хэм мы я *лэжьэкlэ*хэми *еджэкlитl* зэрalэр гурыlуэгъуэнщ. Араща, *″гъэшхэн″* глаголым ″**субъект**″ым (**сэ**) ″объект″ыр (ар) *занщlэу игъашхэу* зэрыщыту икlи *″щхэн″кlэ хуит ищl*ыу зэрыщыту *еджэкlитl* иlэщ; *″гъэкlуэн″* глаголми ″**субъект**″ым (**сэ**) ″объект″ыр (ар) *занщlэу* <u>абы</u> (″<u>дополненэ</u>″м) *игъакlуэу* зэрыщыту икlи *″кlуэн″кlэ хуит ищl*ыу зэрыщыту *еджэкlитl* иlэщ.

**″lуэху префиксиал глагол″ лэжьэкlэхэм ″зэманыгъуэ″рэ ″щхьэ″хэр зэрыхиубыдэ щlыкlэхэм теухуауэ.**

Мы илъабжьэм ″lуэху префиксиал глагол″у зи лэжьэкlэхэм щыгъуазэ дызыхуэхъунур япэрауэ *″дополненэ″ зиlэрэ зимыlэу лажьэ*у -мы ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа- *″lуэху занщlэ глагол″*хэм *игъуэ ″префикс″* къащтэу къатехъукl *″lуэху префиксиал глагол″*хэм я лэжьэкlэхэращ.

Нытlэ, мы зи лэжьэкlэхэм щыгъуазэ дызыхуэхъуну *″lуэху префиксиал глагол″*хэр къызытехъукla *″lуэху занщlэ глагол″*хэм елъытауэ *″дополненэ″ зиlэрэ зимыlэу лэжьэкlэ* зэрalэм елъытауэ зэрылэжьэнури гурыlуэгъуэнщ. Араща, къызытехъукla *″lуэху занщlэ глагол″*хэм *″дополненэ″ зэралэрэ зэрамыlэ* щlыкlэри *зыхэзыубыдэ*у *″lуэху префиксиал глагол″*хэрщ мыхэр. Ауэ икlи, *″lуэху занщlэ глагол″*хэр зэрыухуэ *″префикс″*кlэрэ утыку къихьа мы *″lуэху префиксиал глагол″*хэм -мы ягъуэта ″префикс″хэм елъыта- *″дополненэ″*и зыхиубыдэ *лэжьэкlэ* зэрагъуэтынури гурыlуэгъуэнщ.

Мы къэтlуэтахэр ″lуэху занщlэ глагол″у ухуагъэххэхэм ″префикс″ къызэращтэу ″lуэху префиксиал глагол″у утыку къихьэхэращ зытеухуар. Мы зи гугъу тщlахэм нэмыщl, *″езырыж занщlэ глагол″*хэри *″гъэ″* пэщlэкlэрэ *″lуэху занщlэ глагол″*у зэрыухуэжхэми щыгъуазэ дыхуэхъуащ ипэкlи, нытlэ, мыпхуэдэхэми *″префикс″* къызэращтэу *″lуэху префиксиал глагол″*хэр къазэрытехъукlынури гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, мыпхуэдэу утыку къихьэ *″lуэху префиксиал глагол″*хэр мы зэрыухуа *″префикс″хэм елъыта*

*"дополненэ"* зиlэу зэрылэжьэнум нэмыщl, икlи къызытехъукlа *"езырыж занщlэ глагол"*хэр *"дополненэ" зиlэрэ зимыlэ*у зэрылажьэми *елъыта "дополненэ"*и зыхэлъытэ *лэжьэклэ* зэраlэнури гурыlуэгъуэнщ.

Дауи, *"езырыж занщlэ глагол"*хэр *"гъэ" пэщlэдзэ*кlэрэ зэрыухуэж *"lуэху занщlэ глагол"*хэм *"префикс"* къызэращтэу къатырехъукl, е *зэрыухуаххэ "lуэху занщlэ глагол"*хэм *"префикс"* къызэращтэу къатырехъукl, *"lуэху префиксиал глагол"*хэми я *лэжьэклэхэр* зэрызэмыхъуэкlынур гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, мыбыхэм теухуа лэжьыгъэр кlыхь зэрыдымыщlынум хуэдиз глагол лэжьэкlэ щапхъэхэмкlэ зыхуридгъэкъунщ.

*"Дополненэ"нщэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"ым "префикс" къищтэу къытехъукl "lуэху префиксиал глагол" лэжьэклэхэм "зэманыгъуэ"рэ "щхьэ"хэр зэрыхиубыдэ щlыклэхэм теухуауэ.*

Мыпхуэдэ щапхъэри ипэкlэ зи лэжьэкlэм щыгъуазэ дызыхуэхъуа *"lуэху занщlэ глагол"*у *"шхын"*ым игъуэ *"префикс"*у -зы щапхъэ хъун папщlи, "зэман/мекан" лъытэ- *"щ"* къызэрищтэу *"lуэху префиксиал глагол"*у утыку къихьэ *"щышхын"*ым и *лэжьэклэ щапхъэхэри* зыхиубыдэ *"щхьэ"*хэмрэ -**"субъект"**рэ *"щ" префикс*ым елъытауэ *"щlыплэ" лъытэ "*дополненэ*"*у- *"зэманыгъуэ"*ри -*"зэман"* лъытэ *"дополненэ"*у- мы зэрытха щlыкlэхэу зыхэзыубыдэ зы *таблицэ*ри –бгъуэ мыхъун папщlи, *глагол лэжьэклэ "зэманыгъуэ"* колоныр хэгъэкlауэ- мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Глагол "субъект"** | **Глагол "объект"** | **"Преф"ым елъыта "дополн."** | **"Зэман" лъытэ "дополненэ"** | **"Глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"хэр** |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | Ар | Абы | *Иджы/Иджыпсту* | Щыз*о*шх |
| **Уэ** | Сэ | " | " | Сыщы**б***о*шх |
| **Абы** | Ахэр | " | " | Щ***е***шх(хэ) |
| **Дэ** | фэ | " | " | Фыщыд*о*шх |
| **Фэ** | Ахэр | " | " | Щы**в***о*шх(хэ) |
| **Абыхэм** | Ахэр | " | " | Щ***а***шх(хэ) |
| **Сэ** | Ар | Абы | *Апщыгъуэ (Нетlэ, Тlэкlу ипэ, Нышэдибэ, Дыгъуэпшыхь, Дыгъуасэ, Дыгъуэспшыхь)* | Щы**с**шх*а*щ |
| **Уэ** | Сэ | " | | Сыщы**п**шх*а*щ |
| **Абы** | Ахэр | " | | Щ**и**шх*а*(хэ)щ |
| **Дэ** | фэ | " | | Фыщ**т**шх*а*щ |
| **Фэ** | Ахэр | " | | Щы**ф**шх*а*(хэ)щ |
| **Абыхэм** | Ахэр | " | | Щ**а**шх*а*(хэ)щ |
| **Сэ** | Ар | Абы | *Апщыгъуэ (Тlэкlу* | Щы**с**шхын*у*щ |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Уэ** | Сэ | ″ | *щlэмэ, Tlэкlу дэкlмэ,* | Сыщы**п**шхынущ |
| **Абы** | Ахэр | ″ | *Зы сыхьэт нэужь,* | Щ**и**шхын*у*(хэ)щ |
| **Дэ** | фэ | ″ | *Пщхьэщхьэ,* | Фыщ**т**шхынущ |
| **Фэ** | Ахэр | ″ | *Пщэдджыжь,* | Щы**ф**шхын*у*(хэ)щ |
| **Абыхэм** | Ахэр | ″ | *Пщэдей)* | Щ**а**шхын*у*(хэ)щ |

Ипэкlи и гугъу зэрытщlарэ мы къэта глагол лэжьэкlэ щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, -″префикс″ым елъытауэ щытми- *″щlынlэ″* лъытэ ″дополненэ″р –*″объектив щхьэ закъуэ цlэпапщlэ″*у зэрылъытэм папщlэ- *″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*хэм зэрыхэмылъытэр гурыlуэгъуэщ.

*″Дополненэ″ зиlэу лажьэ ″lуэху занщlэ глагол″хэм ″префикс″ къищтэу къатехъукl ″lуэху префиксиал глагол″ лэжьэкlэхэм ″зэманыгъуэ″рэ ″щхьэ″хэр зэрыхиубыдэ щlыкlэхэм теухуауэ.*

Ипэкlи щыгъуазэ дызыхуэхъууэ, *″дополненэ″ зиlэу лажьэ ″lуэху занщlэ глагол″*хэр -я *мыхьэнэм елъыта*уэ лъытэ *″гъугуанэ″*р зыдынэс- *″щlынlэ″* лъытэ ″дополненэ″ зыхибыдэу зэрылъажьэхэр гурыlуэгъуэщ. Икlи, мы глаголхэр *игъуэ префикс*кlэрэ *″lуэху префиксиал глагол″*у щыухуэм деж, мы я *″префикс″ым теухуа* зы ″дополненэ″ зэрылъытэнур гурыlуэгъуэщи, *″lуэху занщlэ глагол″*ым и *мыхьэнэм елъыта*уэ зи лэжьэкlэм хэлъытэ *″щlынlэ″ лъытэ ″*дополненэ*″*м ипlэ *″префикс″кlэ лъыта ″*дополненэ*″*р зэрыиувэнури гурыlуэгъуэнщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, *″щlынlэ″* лъытэ ″дополненэ″ зыхиубыдэу лажьэ *″lуэху занщlэ глагол″*ым –и мыхьэнэм елъытауэ- лъыта *″гъуэгуанэ″*р *зыдынэс*ыр –мы глаголым къищтэ *″префикс″*ым *елъыта*уэ- зы *нэрыбгэ*рэ *зы гуэр*у зэрылъытэ ″дополненэ*″*ущ мы *″lуэху префиксиал глагол″* лэжьэкlэхэм щыхэлъытэр. Аращи, *″занщlэ глагол″*ым и *″щlынlэ″* лъытэ ″дополненэ*″*м ипlэкlэ *″префиксиал глагол″*ым и *″префикс″*ым *елъыта*уэ лъыта *″щхьэ″*ращ ″дополненэ*″*у хэлъытэнур.

Нытlэ, мыпхуэдэ щапхъэри ипэкlэ *″дополненэ″ зиlэу лажьэ ″lуэху занщlэ глагол″*у зи лэжьэкlэм щыгъуазэ дызыхуэхъуа *″хьын″*ым игъуэ *″префикс″*у *″хуэ″* къызэрищтэу *″lуэху префиксиал глагол″*у утыку къихьэ *″хуэхьын″*ым и *лэжьэкlэ щапхъэхэр ″щхьэ″*рэ *″зэманыгъуэ″*хэр зэрыхэлъытэ щlыкlэу зы *таблиц*эу къэгъэлъэгъуныр игъуэщ.

Ауэ, мы *таблиц*эр -бгъуэ мыхъун папщlэ- *″зэманыгъуэ″*хэр зыхэлъытэ *колон*ыр *хэгъэкlауэ* ухуэжыныр игъуэщ; икlи, *″дополненэ″ зиlэу лажьэ ″lуэху занщlэ глагол″* лэжьэкlэм щыхэлъытэ *″щlынlэ″* лlэужьыгъуэ ″дополненэ*″*ри -абы ипlэкlэ *″префикс″ым елъыта ″*дополненэ*″* зэрылъытам

папщlэ- *таблиц*эм зэрыхэмылъытэжри гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, мы къэтlуэтахэр зыхэзыубыдэ зы *таблиц*эрм къэдгъэлъэгъуэнщ:

| **Глагол ″субъект″** | **Глагол ″объект″** | **″Преф″ым елъыта ″дополн.″** | **″Зэман″ лъытэ ″дополн.″** | **″Глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ″хэр** |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | Ар | Уэ | *Иджы(пстu)* | Пхуз*о*хь |
| **Уэ** | Сэ | Фэ | ″ | Сы(ны)фхуб*о*хь |
| **Абы** | Ахэр | Дэ | ″ | (Къы)тхуе*е*хь(хэ) |
| **Дэ** | Ар | Фэ | ″ | (Ны)фхудо*о*хь |
| **Фэ** | Ахэр | Абыхэм | ″ | Яхув*о*хь(хэ) |
| **Абыхэм** | Ахэр | Абыхэм | ″ | Яху*а*хь(хэ) |
| **Сэ** | Ар | Уэ | *Апщыгъуэ (Hemlэ, Tlэkly ипэ, Нышэдибэ, Дыгъуэпшыхь, Дыгъуасэ)* | Пхуэ**с**хь*а*щ |
| **Уэ** | Сэ | Фэ | | Сы(ны)фхуэ**п**хь*а*щ |
| **Абы** | Ахэр | Дэ | | (Къы)тху**и**хь*а*(хэ)щ |
| **Дэ** | Фэ | Абы | | Фыхуэ**т**хь*а*щ |
| **Фэ** | Ахэр | Абыхэм | | Яхув*о*хь(хэ) |
| **Абыхэм** | Ахэр | Абыхэм | | Яху**а**хь(хэ) |
| **Сэ** | Ар | Уэ | *Апщыгъуэ (Tlэkly щlэмэ, Tlэkly дэклмэ, Зы сыхьэт нэужь, Пщэдей)* | Пхуэ**с**хьын*у*щ |
| **Уэ** | Сэ | Фэ | | Сы(ны)фхуэ**п**хьын*у*щ |
| **Абы** | Ахэр | Дэ | | (Къы)тху**и**хь*у*(хэ)щ |
| **Дэ** | Ар | Фэ | | Фыхуэ**т**хьын*у*щ |
| **Фэ** | Ахэр | Абыхэм | | Яхуэ**ф**хьын*у*(хэ)щ |
| **Абыхэм** | Ахэр | Абыхэм | | Яху**а**хьын*у*(хэ)щ |

Ипэкlи зэрыжытlауэ, *″объектив щхьэ закъуэ цlэпапщlэ″*у (абы) лъытэ *″щlыпlэ″* лlэужьыгъуэ ″дополненэ″м ипlэ ″префикс″ымкlэ -″ху″ префиксымкlэ- лъыта ″дополненэ″р зэрыиувэр гурыlуэгъуэщ. Ауэ икlи, ″хьэрычэт″ыр мы *″ху″ префиксымкlэ зыхуэгъэза* ″дополненэ″р *″къэпсалъэ″* е *″dalуэ″* ″субъектив щхьэ″уе щытмэ, *дэтхэнэ зым зэрыхуэгъэза* щlыкlэр зэрылъытэ *″префикс″*ри (къ; н) зыхэлъытэущ *″глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ″*р *зэрызэпкъырыув*эри, мыри таблицэм къыщыгъэлъэгъуа щапхъэхэм хыболъагъуэр.

*Зэрыухуагъэххэу ″lуэху префиксиал глагол″у утыку къихьэхэр зэрылажьэ щlыкlэхэм ″зэманыгъуэ″рэ ″щхьэ″хэр зэрыхиубыдэм теухуауэ.*

Мыпхуэдэ щапхъэхэри япэрауэ *″дополненэ″ зыхэмылъытэ ″lуэху префиксиал глагол″*хэм теухуауэ къэдгъэлъэгъуэнщ. Мыпхуэдэ зы щапхъэрщ *″ифын″ глагол*ри, и лэжьэкlэхэм *″щхьэ″*рэ *″зэманыгъуэ″*хэр зэрыхэлъытэу мыбдежым зы *таблиц*эм зэрыхиубыдэу къэдгъэлъэгъуэнщ:

| **Глагол** | **Глагол** | **Глагол** | **″Зэман″** | **″Глагол** |
|---|---|---|---|---|

| **лэжьэкlэ ″зэман″хэр** | **″субъект″** | **″объект″** | **лъытэ ″дополненэ″** | **лэжьэкlэу ухуа псалъэ″хэр** |
|---|---|---|---|---|
| *″Иджы″рэ ″ит зэман″ лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Абы**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Абыхэм** | Ар<br>Ар<br>Ахэр<br>Ар<br>Ахэр<br>Ахэр | *Иджы(псту)*<br>*″*<br>*″*<br>*″*<br>*″*<br>*″* | Из*о*ф<br>И**б***о*ф<br>Ир***е***ф(хэ)<br>И**д***о*ф<br>И**в***о*ф(хэ)<br>Ир***а***ф(хэ) |
| *″Блэкlа зэман″ лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Абы**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Абыхэм** | Ар<br>Ар<br>Ахэр<br>Ар<br>Ахэр<br>Ахэр | *Апщыгъуэ (Hemlэ, Tlэкly ипэ, Нышэдибэ, Дыгъуэпшыхь, Дыгъуасэ)* | И**с**ф*а*щ<br>И**п**ф*а*щ<br>Ир**и**ф*а*щ<br>И**т**ф*а*щ<br>И**ф**ф*а*щ<br>Ир**а**ф*а*(хэ)щ |
| *″Къэкlуэну зэман″ лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Абы**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Абыхэм** | Ар<br>Ар<br>Ахэр<br>Ар<br>Ахэр<br>Ахэр | *Апщыгъуэ (Tlэкly щlэмэ, Tlэкly дэкlмэ, Зы сыхьэт нэужь, Пщэдей)* | И**с**фну*у*щ<br>И**п**фын*у*щ<br>Ир**и**фын*у*щ<br>И**т**фын*у*щ<br>И**ф**фын*у*щ<br>Ир**а**фын*у*(хэ)щ |

Мы илъабжьэми *″дополненэ″ зэрылъытэ ″префикс″*кlэ *зэрыухуагъэххэ ″lуэху префиксиал глагол″*хэр зэрылажьэхэм теухуа щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ. Мыпхуэдэу *зэрыухуагъэххэу ″lуэху префиксиал глагол″* лlэужьыгъуэ зы глаголщ *″ихун″*ри, *абзис*у *джыгъуэрэ джыпlэ* зылъытэ *″и″ префикс*ым теухуауэ мы глагол лэжьэкlэм зы *″щlыпlэ″* лъытэ ″дополненэ″ зэрыхэлъытэнури гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, *″ихун″* глаголым и *лэжьэкlэхэм ″щхьэ″*хэр ″**субъект**, объект, дополненэ″у, *″зэманыгъуэ″*хэр зэрылъытэ *псалъэ*хэри *″зэман″* лъытэ *″дополненэ″*у –мы зэрытха щlыкlэхэу- зыхэзыубыдэ зы *таблиц*эри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Глагол ″субъект″** | **Глагол ″объект″** | **″Преф″кlэ щlыпlэ лъытэ ″дополн.″** | **″Зэман″ лъытэ ″дополн.″** | **″Глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″хэр** |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Абы**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Абыхэм** | Ар<br>Сэ<br>Ахэр<br>Уэ<br>Ахэр<br>Ахэр | Абы<br>*″*<br>*″*<br>*″*<br>*″*<br>*″* | *Иджы(псту)*<br>*″*<br>*″*<br>*″*<br>*″*<br>*″* | Из*о*ху<br>С**и**б*о*ху<br>Ир***е***ху(хэ)<br>У**и**д*о*ху<br>И**в***о*ху(хэ)<br>Ир***а***ху(хэ) |
| **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Абы**<br>**Дэ** | Ар<br>Сэ<br>Ахэр<br>Фэ | Абы<br>*″*<br>*″*<br>*″* | *Апщыгъуэ (Hemlэ, Tlэкly ипэ, Нышэдибэ,* | И**с**хуащ<br>С**и**пхуащ<br>Ир**и**хуа(хэ)щ<br>У**и**тхуащ |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Фэ** | Ахэр | *"* | *Дыгъуэпшыхь,* | И**ф**ху*а*(хэ)щ |
| **Абыхэм** | Ахэр | *"* | *Дыгъуасэ)* | И**р**ах*у*а(хэ)щ |
| **Сэ** | Ар | Абы | *Апщыгъуэ* | И**с**хун*у*щ |
| **Уэ** | Сэ | *"* | *(Тlэкly щlэмэ,* | С**и**пхун*у*щ |
| **Абы** | Ахэр | *"* | *Тlэкly дэкlмэ,* | И**р**ихун*у*(хэ)щ |
| **Дэ** | Ар | *"* | *Зы сыхьэт* | У**т**хун*у*щ |
| **Фэ** | Ахэр | *"* | *нэужь,* | И**ф**хун*у*(хэ)щ |
| **Абыхэм** | Ахэр | *"* | *Пщэдей)* | И**р**ахун*у*(хэ)щ |

Мы зэрыухуагъэххэу *"lуэху префиксиал глагол"*хэм *нэгъуэщl "префикс"*хэр къызэращтэу зэрыухуэж лэжьэкlэхэми *"цlыху нэрыбгэ"*рэ *нэгъуэщl "гуэр"*хэри *"дополненэ"*у *зэрыхиубыдэфынур*и гурыlуэгъуэнщ.

*"lуэху занщlэ глагол"хэр* ***"гъэ" пэщlэдзэ****кlэ* ***"е" префиксиал****уи зэрыухуэ "lуэху префиксиал глагол" лэжьэкlэхэм "зэманыгъуэ"рэ "щхьэ"хэр зэрыхиубыдэ щlыкlэхэм теухуауэ.*

Зы *"lуэху занщlэ глагол"*ыр *"гъэ" пэщlэдзэ*кlэ зэрыухуэр икlи *"е" префикс*и дищlыгъуущи, мыпхуэдэу утыку къихьэр *"lуэху префиксиал глагол" лэжьэкlэ*ри *"гъэ" пэщlэдзэ*рэ *"е" префикс*ым *елъытау*эщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *"lуэху глагол"*ыр *"гъэ" пэщlэдзэ*кlэ *"е" префиксиал*у щыухуэм деж, глагол *"субъект"*ым мы *"lуэху"р* -"гъэ" пэщlэдзэкlэрэ- *нэгъуэщlым -"субъект къуэдзэ"*м- *иригъэзащlэу*щ зэрылэжьэнури, *мыпхуэдэ "lуэху глагол"*ым и *"объектив" лэжьэкlэ*нури *"е" префикс къалэн*ыр *зэрыбагъуэу* -зыр зым зэрыпыщlа екlуэлlэныгъэу- *"ире/ири" префиксиал*у зэпкъырыува *"глагол лэжьэкlэ ухуэ псалъэ"*ущ къызэрыlуэтэнур.

Ауэ икlи, ипэрей лэжьыгъэ lыхьэми щыгъуазэ дызэрыщыхъуауэ, *"дополненэ"хэр нэхъыбэу "lуэху"* лlэужьыгъуэу лъытэу щытэ щхьэ, ***"е"*** **префиксиал глагол** лэжьэкlэхэмрэ, *"е" префикс*ыр зи *лъабжьэ*рэ икlи *зыхэзыубыдэ* **ири/ире"** формэ **префиксиал глагол**хэм я *"лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм ***"субъектив щхьэ"*** лlэужьыгъуэ ***"дополненэ"***хэр ***"езырыж"***у зэрыхиубыдэри гурыlуэгъуэщи, нытlэ, мы илъабжьэм мы къыхэдгъэщахэри зыхэзыубыдэ щапхъэхэр къэтхьыныр игъуэщ.

Нытlэ, мы къэтlуэтахэр зыхэплъэгъуэну глагол лэжьэкlэ щапхъэхэри - япэрауэ- *"щхьэ дополненэ"ншэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэу щыт *"шхын"*ыр *"гъэ" пэщlэдзэ*рэ *"е" префикс*кlэ зэрыухуэу утыку къихьэ *"lуэху префиксиал глагол"* лlэужьыгъуэ *"егъэшхын"*ым и лэжьэкlэ

щапхъэхэу къэдгъэлъэгъуэнщи, *"щхьэ"* лIэужьыгъуэу *"***субъект**, объект, дополненэ*"*рэ, *"зэманыгъуэ"*уи *"зэман"* лъытэ псалъэхэр *"дополненэ"*у –мы зэрытха щIыкIэхэу- зыхэзыубыдэ зы *"таблицэ"*ри –бгъуэ мыхъун папщIэ, *"зэманыгъуэ" колон*ыр хэгъэкIауэ- мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Глагол "субъ."** | **Глагол "объ."** | **"Субъ. къуэдзэ" - "дополн."** | **"Зэман" лъытэ "дополненэ"** | **"Глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"хэр** |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | Ар | Абы | *Иджы/Иджыпсту* | Из*о*гъэшх |
| **Уэ** | Сэ | Абыхэм | *"* | Са**б***о*гъэшх |
| **Абы** | Ахэр | Абыхэм | *"* | Яр**е**гъэшх(хэ) |
| **Дэ** | Ахэр | Фэ | *"* | Фыд*о*гъэшх(хэ) |
| **Фэ** | Ар | Абыхэм | *"* | Я**в***о*шх |
| **Абыхэм** | Ахэр | Абыхэм | *"* | Яр**ай**гъэшх(хэ) |
| **Сэ** | Ар | Абы | *Апщыгъуэ (Нетlэ, Тlэкlу ипэ, Нышэдибэ, Дыгъуэпшыхь, Дыгъуасэ, Дыгъуэспшыхь)* | Езгъэшх*а*щ |
| **Уэ** | Сэ | Абыхэм | | Са**б**гъэшх*а*щ |
| **Абы** | Ахэр | Абыхэм | | Яр**и**гъэшх*а*(хэ)щ |
| **Дэ** | Ахэр | Фэ | | Фэ**д**гъэшх*а*(хэ)щ |
| **Фэ** | Ар | Абыхэм | | Я**в**гъэшх*а*щ |
| **Абыхэм** | Ахэр | Абыхэм | | Яр**ай**гъэшх*а*(хэ)щ |
| **Сэ** | Ар | Абы | *Апщыгъуэ (Тlэкlу щlэмэ, Тlэкlу дэкlмэ, Зы сыхьэт нэужь, Пщхьэщхьэ, Пщэдджыжь, Пщэдей)* | Езгъэшхын*у*щ |
| **Уэ** | Сэ | Абыхэм | | Са**б**гъэшхын*у*щ |
| **Абы** | Ахэр | Абыхэм | | Яр**и**гъэшхын*у*(хэ)щ |
| **Дэ** | Ахэр | Фэ | | Фэ**д**гъэшхын*у*(хэ)щ |
| **Фэ** | Ар | Абыхэм | | Я**в**гъэшхын*у*щ |
| **Абыхэм** | Ахэр | Абыхэм | | Яр**ай**гъэшхын*у*(хэ)щ |

**Мы таблиэцэм теухуауэ къыпыщапхъэ гуэрхэр:**

- Ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, *"гъэ" пэщlэдзэ*рэ *"е" префиксиал*у ухуа мы *"lуэху префиксиал глагол"*хэм я *"лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм *"субъектив щхьэ"*уэ хиубыдэ *"*дополненэ*"*хэр ***"езырыж"***у зэрыхэлъытар гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэр мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

- «**Дэ** ахэр фэ фыд*о*гъэшх(хэ) {фы-**д**-*о*-гъэ-шх-(хэ)}»;
- «**Дэ** ахэр фэ фэд**г**эшха(хэ)щ {фы-э(:е)-**д**-гъэ-шх-а-(хэ)-щ}»;
- «**Дэ** ахэр фэ фэд**г**эшхыну(хэ)щ {фы-э(:е)-**д**-гъэ-шх-н-у-(хэ)-щ}».

Ауэ, мы глагол лэжьэкIэхэм *"объектив щхьэ"* лIэужьыгъуэ *"*дополненэ*"*хэр *"lуэху"* лIэужьыгъуэу зэрыхибыдэнур гурыIуэгъуэщи, мы илъабжьэми мыбыхэм нэхъ гъунэгъуу дахэплъэнщ.

- Араща, мы таблицэми зэрыхэплъагъуэу, *"зэманыгъуэ"*хэмрэ ***"субъект"***хэр мы зэрытха щIыкIэущ къызэрыдгъэлъагъуэри, ***"объектив щхьэ закъуэ субъект"***ыр (**абы**) "lуэху"м -"объект"ым- *"екlуалlэ"*рэ (*"иэ; эй"*) зы*дж*рауэ (**й**) зэрылъытэу *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*м ***"е*** (*иэ***й**; *эй***й**)"уэ зэрыхиубыдэр гурыIуэгъуэщ. Икlи, мы ***"е"***уэ тхар *щхьэж*рэ *псалъэ пэщlэдзэ къэlуклэу "иэ**й**"*уэ зэрыщытрэ, ***"е"***м и *псалъэ клуэцl -префикс нэужь- къэlуклэ*ри *"эй**й**"*уэ зэрыщытри наIуэщ.

- Нытlэ, мы ***"е"***р **"объектив щхьэ куэдагъ субъект"**ым теухуауэ зэрылъытэнури ***"е*а** (*иэ***йа**; *эй***йа**)"уэщи, мыбыхэм щыщу *псалъэ пэщlэдзэ*рэ *щхьэжу* къызэрыlу *"иэ***йа**"р ди алфавитым щызэрытхари ***"я"***уэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ; *псалъэ кlуэцl*рэ *префикс нэужь*у *"эй***йа**"уэ къызэрыlури *"**а***й*"уэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэми, мыри кlуэ пэтрэ зэрызэхэпхрэ къызэрыlу хъуауэ зэрытхыпхъэри (**а*** *й* → *а*) ***"а"***уэщ; дауи, *"**а***й, **а*** *й"; *а"* *тхэкlэ*хэри я зэхуэдэу *игъуэ*уи лъытапхъэнщ.

- Ауэ, *"иджы/ит зэман" нэмыщl* зэманыгъуэхэм *–"блэкla"*рэ *"къэкlуэну"*-"екlуэлlэн" (*иэ; эй*)" зэрыхэмылъытэу, lуэху *гъэзащlэр* занщlэу ***"объектив субъект"***ым *елъытарэ теухуа*уэ ***"и"***кlэрэ зэрылъытэущ "глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"м зэрыхиубыдэри, глагол "**субъект**"ыр **куэдагъэ**"у щытмэ, *псалъэ пэщlэдзэ*у ***"иа"***уэщ зэрылъытэнури, мыри ди алфавитым ***"я"***уэщ щызэрытхынур; ауэ ар *псалъэ кlуэцl*рэ *префикс нэужь*ым ***"ай"***уэщ зэрызэхэпхынури, бзэ лэжьэкlэм кlуэ пэтри ***"а"***уэ зэхэпхыу *зэрытхыпхъэ*ри гурыlуэгъуэнщ.

- Нытlэ, мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlыу, ипкlэ къэта *таблицэ*м къыщыгъэлъэгъуауэ мы зи гугъу тщla *псалъэхэр къызэрыlу щlыкlэ*хэр *зэрызэхъуэкlыпхъэ лъагъуэ*ри мыбеджым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

- «Яр***е***гъэшх(хэ) ← Яр***а***гъэшх(хэ)» ← Яр**а***й*гъэшх(хэ)»;
- «Яр**и**гъэшх*а*(хэ)щ ← Яр**а**гъэшх*а*(хэ)щ» ← «Яр**ай**гъэшх*а*(хэ)щ»;
- «Яр**и**гъэшхын*у*(хэ)щ ← Яр**а**гъэшхын*у*(хэ)щ» ← «Яр**ай**гъэшхын*у*(хэ)щ».

*

Зэрыгурыlуэгъуэу, мы зи лэжьэкlэ щапхэхэр къызыхуэтхьа "lуэху префиксиал глагол"ыр къызытехъукlар *"дополненэ"нэшэ "lуэху занщlэ глагол"*у зэрыщытым папщlэ, *"щыпlэ"* лlэужьыгъуэ "дополненэ"и зимыlэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, нытlэ, глагол лэжьэкlэм хиубыдэ "дополненэ"р "е" префикскlэрэ зэрылъытари гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, мыбдежым щыгъуазэ дызыхуэхъунур *"дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*у зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, зы *"щlыпlэ"* лlэужьыгъуэ "дополненэ" зыхэзыубыдэххэрщи, ар *"гъэ" пэщlэдзэ*рэ *"е" префикс*кlэ зэрыухуэу утыку къихьэ *"lуэху префиксиал глагол"* лэжьэкlэу щыгъуазэ дызыхуэхъунум -"е" префикскlи "дополненэ" зэрылъытауэ- "дополненитl" зэрыхиубыдэнури гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, *"щlыпlэ"* лъытэ "дополненэ"р *"е" префикс*кlэ лъыта *"дополненэ"*кlэрэ *гъэзащlэ lуэху*щ мы къытпэщытри, мы *"е" префикс*кlэ лъыта *етlуанэ* "дополненэ"р *"гъэ" пэщlэдзэ*кlэ *"субъект къуэдзэ"* къалэн зыгъэзащlэрщ. Икlи, ипэкlэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, ***"субъект къуэдзэ"*** -е *lуэхутхьэбзащlэ*- къалэн зыгъэзащlэ мы "дополненэ"ри ***"субъетив щхьэ"*** лlэужьыгъуэмэ, *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэм

**"езырыж"**у зэрыхэлъытэнури гурыIуэгъуэщ. Дауи, *"субъектив* дополненэ*"*хэр *"глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"*хэм мы зэрыжытIауэ - *езырыж"*у- зэрыхиубыдэну щIыкIэри мыпхуэдэ глаголхэм теухуауэ япэрей ди лэжьыгъэхэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъуарэ икIи мы ипэкIэ къэта щапхъэхэм теухуауи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуа щIыкIэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ.

НытIэ, мы къыхэдгъэщахэм зэрезэгъкIэ, *"дополненэ" зиIэу лажьэ "IуэхуданщIэ глагол"* лIэужьыгъуэ *"хьын"*ыр *"гъэ" пэщIэдзэ*рэ *"е" префиксиал*у зэрыухуа *"егъэхьын"* лэжьэкIэхэм *"щхьэ"*уэ **"субъект**, объект, дополнэнитI*"*рэ, *"зэманыгъуэ"*уи зы *"зэман"* лъытэ *"дополненэ"* -мы зэрытха щIыкIэхэу- зэрыхиубыдэм теухуа зы "таблицэ"ри -*"зэманыгъуэ"* колоныр хэгъэкIауэ- мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Глагол "субъ."** | **Глагол "объ."** | **"ЩIыпIэ лъытэ дополн."** | **"Субъ. къуэдзэ"у "дополн."** | **"Зэман" лъытэ "дополненэ"** | **"Глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"хэр** |
|---|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | Ар | Абы | Абы | *Иджы/Иджыпсту* | **И**з*о*гъэхь |
| **Уэ** | Сэ | *"* | Абыхэм | *"* | С**аб***о*гъэхь |
| **Абы** | Ахэр | *"* | Абыхэм | *"* | Я**р***е*гъэхь(хэ) |
| **Дэ** | Ахэр | *"* | Фэ | *"* | Фы**д***о*гъэхь(хэ) |
| **Фэ** | Ар | *"* | Абыхэм | *"* | Я**в***о*гъэхь |
| **Абыхэм** | Ахэр | *"* | Абыхэм | *"* | Я**р***а*гъэхь(хэ) |
| **Сэ** | Ар | Абы | Абы | *Апщыгъуэ (Hетlэ, Tlэкly ипэ, Нышэдибэ, Дыгъуэпшыхь, Дыгъуасэ, Дыгъуэспшыхь)* | Е**з**гъэхь*а*щ |
| **Уэ** | Сэ | *"* | Абыхэм | | С**аб**гъэхь*а*щ |
| **Абы** | Ахэр | *"* | Абыхэм | | Я**р***и*гъэхь*а*(хэ)щ |
| **Дэ** | Ахэр | *"* | Фэ | | Фэ**д**гъэхь*а*(хэ)щ |
| **Фэ** | Ар | *"* | Абыхэм | | Я**в**гъэхь*а*щ |
| **Абыхэм** | Ахэр | *"* | Абыхэм | | Я**р***а*гъэхь*а*(хэ)щ |
| **Сэ** | Ар | Абы | Абы | *Апщыгъуэ (Tlэкly щIэмэ, Tlэкly дэкIмэ, Зы сыхьэт нэужь, Пщхьэщхьэ, Пщэдджыжь, Пщэдей)* | Е**з**гъэхьы*н*ущ |
| **Уэ** | Сэ | *"* | Абыхэм | | С**аб**гъэхьы*н*ущ |
| **Абы** | Ахэр | *"* | Абыхэм | | Я**р***и*гъэхьы*н*у(хэ)щ |
| **Дэ** | Ахэр | *"* | Фэ | | Фэ**д**гъэхьы*н*у(хэ)щ |
| **Фэ** | Ар | *"* | Абыхэм | | Я**в**гъэхьы*н*ущ |
| **Абыхэм** | Ахэр | *"* | Абыхэм | | Я**р***а*гъэхьы*н*у(хэ)щ |

***"Гъэ"бэ пэщIэдзэ****рэ* ***"ири/ире"бэ*** *префиксиал "IуэхуданщIэкIэ"хэм теухуауэ.*

Мы ипэкIэ *"гъэ" пэщIэдзэ*кIэ *"е" префиксиал*у ухуэж *"IуэхуданщIэкIэхэм* теухуа щапхъэхэр къыщыдгъэлъэгъуащи, мы илъабжьэми *"гъэ"бэ пэщIэдзэ*у *"е"*рэ *"ири/ире"* формэ *префиксиал*у

*"инфинитив"*у зэпкъырыувэ *"lуэху префиксиал глагол"*хэм *теухуауэ* – аргуэру- *къыхэгъэщыпхъэ* гуэрхэр къыщыпытщэнщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу *"инфинитив"*у *"е" префиксиал*у ухуа *"lуэху глагол"*хэм я *"объектив" лэжьэклэ*хэр *"ири/ире"* формэ *префиксиал*ущ зэрызэпкъырыувэри, мы *"ири/ире"* формэ *префикс*ым *"глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"*хэм хигъэзэщlыхь къалэнри глаголыр зытеухуа "lуэху"р *зэрыгъэзащlэ*р *зэрызэпыщlа*уэ зэрыщытыр лъытэнращ. Икlи, мы *"ири/ире"* формэ *префиксиал*у ухуа псалъэхэр *"инфинитив"*у зэрызэпкъырыувэфри гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, мыпхуэдэ *глагол*ри -зытеухуа "lуэху"р- *зэрызэпыщlауэ гъэзэщlэну* гъэпсагъэххэрщ. Мыпхуэдэу ухуа *"lуэху глагол"*хэми я *лэжьэклэ*хэм -мы зи гугъу тщlы- я *"ири/ире"* формэ *префикс*ыр аргуэру *и клуэцl*кlэ зэрыщы*бэгъуэну*р гурыlуэгъуэнщи, нытlэ *глагол*хэмрэ я *лэжьэклэ*хэр мы я *"ири/ире"* формэ *префикс*хэр и *клуэцl*кlэ зэры*багъуэ*кlэрэ къыпыщэу бзэ лэжьэкlэм щызэры*зеклуэ*ри гурыlуэгъуэнщ.

*"Гъэ" пэщlэдзэ*рэ *"е" префиксиал*у зэрыухуам къыщlидзэу зи *лэжьэклэ*хэр *"ири/ире"* формэ *префикс*ри и *клуэцl*кlэ зэры*багъуэу* мы зи гугъу тщlахэм нэмыщl, **"lуэху глагол"**хэр икlи **"гъэ" пэщlэдзэ**уи зэры**бэгъуэф**ынур гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, *"lуэху глагол"*хэр **"гъэ"бэ пэщlэдзэ**у *зэрыухуэ*рэ *зэрылажьэ*ми мыбдежым щхьэхуэу гулъытэ щыхуэтщlынщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, **"гъэ" пэщlэдзэ**кlэ **-префиксыншэ**у- **"инфинитив"**у ухуа **"lуэху глагол"**ыр *зэрылэжьэну* щlыкlэри **"субъект"**ым "lуэху"р *гъэзэщlэн*кlэ *нэгъуэщl*ыр *хуит зэрищl*ыущи, "lуэху" гъэзэщlэнкlэ *"субъект"ым хуит ищl*ри *глагол лэжьэклэ*м "дополненэ"у зэрыхэлъытэнур гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэри –нэхъыбэу- *"езырыж глагол"*хэр *"гъэ" пэщlэдзэ*кlэ *"lуэху глагол"*у зэрыухуэрщ:

| «**клуэн → "гъэклуэн"**: **абы** ар абы ***е***гъаклуэ». |
|---|

Ауэ, мыпхуэдэ *глагол*ым и *"лэжьэклэу ухуа псалъэ"*у *"е" префиксиал*у ухуар *"инфинитив"*у зэры*ухуап*хъэри (егъэклуэн) гурыlуэгъуэнщи, мы *"гъэ" пэщlэдзэ*рэ *"е" префиксиал "lуэху глагол"*ым и *"лэжьэу ухуэ псалъэ"*ри *"ири/ире" префиксиал*у зэрызэпкъырыувэнур гурыlуэгъуэнщ. Ауэ икlи, *"гъэклуэн"* глаголым мы и *"лэжьэклэу ухуа псалъэ"*мрэ, *"ири/ире"* формэ *префиксиал*у ухуэ *глагол*хэри аргуэру *"гъэ"бэ пэщlэдзэ*у зэрыухуэфынухэри гурыlуэгъуэнщ:

| **Клуэн → гъэклуэн** (**абы** ар абы ***е***гъаклуэ) → **егъэклуэн** (**абы** ар абы абы ир***е***гъаклуэ» → <br>↓ «**иригъэклуэн/иригъэклуэн**» → «**иригъэгъэклуэн/иригъэгъэклуэн**»; |
|---|

**`→ егъэкlуэн → «егъэгъэкlуэн → егъэгъэгъэкlуэн»**.

Ауэ икlи, *"гъэ" пэщlэдзэ*кlэ зы "дополненэ" зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщи, *"гъэ"бэ пэщlэдзэ*кlэу ухуа *глагол*ым и *лэжьэкlэ*ми *–глагол лэжьэкlэ*м ипэкlэ *хэлъытагъэххэ* "дополненэ"мрэ *глагол мыхьэнэ*ми *елъыта*уэ- *"гъэ" бжыгъэ*м *хуэдиз* "дополненэ"у зэрыхиубыдапхъэнур гурыlуэгъуэнщ.

Мы зэрыжытlауэ, *"гъэ" пэщlэдзэ*кlэ *"инфинитив"*у ухуа *"lуэху глагол"*хэм я **"лэжьэкlэу ухуа псалъэ"**хэри мы **"гъэ" пэщlэдзэ**р зы**хиубыдэ**у зэрыухуэнури гурыlуэгъуэнщ. Нэхъ lупщlыу жыпlэмэ, *"инфинитив глагол"*ым хиубыдэ *"гъэ" пэщlэдзэ*р зэрыщыту и *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*ми зэры*хиубыдэ*р гурыlуэгъуэщ.

Икlи, *"гъэ" пэщlэдзэ*у ухуа *"lуэху глагол"*ыр *"е" префиксиал*у зэры*лэжьэну*ри гурыlуэгъуэнщи, абыи къыкlэлъыкlуэ -*"инфинитив"*- *"lуэху глагол"* ухуэкlэри *"гъэ" пэщlэдзэ*рэ *"е" префиксиал*ущ зэрызэпкъырыувэнур. Нытlэ, **"гъэ"бэ пэщlэдзэ глагол**ыр -*а нэхъ мащlэу*- зы **"е" префикс** зэрыдищlыгъуущ утыку къызэрихьэнури, мыпхуэдэ *"lуэху префиксиал глагол"*хэмрэ я *лэжьэкlэ щапхъэхэр*и *"гъэ" пэщlэдзэрэ "е" префиксиал*у ухуа "lуэху префикси глагол"ыр аргуэру *"гъэ"бэ* -"**гъэгъэ**"- *пщlэдзэ*уи -*"е" префиксиал*у- зэрыухуэрэ зэрылажьэ щапхъэхэу къэдгъэлъэгъуэнщ.

Ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, **"ири/ире"** формэ **"префикс"** зиlэ зы *"lуэху глагол"*ым и *лэжьэкlэ*нури *зыр адрейм пщылауэ* зэрылъытэущи, нытlэ, мы *"гъэ" пэщlэдзэ*кlэ *"инфинитив"*у ухуа *"lуэху глагол"*ыр икlи *"е" префиксиал*уи ухуауэ щытмэ, абы и *лэжьэкlэ*нури мыпхуэдэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэщ: **"субъект"**ым "lуэху"р *зыригъэзащlэм*рэ -"субъект къуэдзэ"мрэ- мы *ириг*ъ*эзащlэ*р -"lуэху"р ("объект"ыр)- *зэрызэпыщlа*кlэрэщ ар *"ири/ире"* формэ *префикс*кlэрэ къызэрыlуатэр.

Мы къызэрыlуэтами къызэрыхэщу, **"гъэ" пэщlэдзэ**мрэ **"е" префикс**рэ -абы къыкlэлъыкlуэуи- **"ири/ире"** формэ **"префикс"**хэр зэдэlэпыкъуу **зэдэлажьэ**у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мы иплъабжьэм мыпхуэдэ щапхъэхэри къыщыдгъэлъэгъуэныр игъуэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *"е" префиксиал "lуэху глагол"*ым и *"лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*р *"ири/ире"*уэщ зэрыухуэнури, нытlэ, *зы "ири/ире"* формэ *"префикс"* зыхиубыдэу ухуа *"инфинитив глагол"*ым и *"лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*ми хиубыдэну *ири/ире"* формэ *"префикс"*ыр *и кlуэцlкlэ зы*кlэ зэры*багъуэ*ущ. Икlи, *"инфинитив глагол"*ым хиубыдэ *"гъэ" пэщlэдзэ*

*бжыгъэр* мы *"глагол"*ым и *"лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*ми зэрыщыту *хиубыдапхъэ*у зэрыщытым нэмыщl, мы *"инфнитив глагол"*ыр зэрыухуа *"гъэ" пэщlэдзэ бжыгъэ*м *хуэдиз* "дополненэ" зэрыхэлъытэфынури гурыlуэгъуэнщ мы *"глагол"*ым и *"лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*м.

Нытlэ, мы къэтlуэтарэ къыхэдгъэщахэмрэ икlи къэтхьа щапхъэхэри ди лъабжьэу, **"гъэ/гъэбэ" пэщlэдзэ**рэ **"е"**рэ **"ири/ире"** формэ **префикс**хэр **щхьэж**у е **зэдэщlыгъу**у зыхэзыубыдэу -къызытехъукlа глаголри къызыхэщыжу- зэмылlэужьыгъуэ **"lуэху глагол"**хэр икlи ахэр **"объектив"у зэрылажьэ**м теухуа щапхъэхэр зэры*зэлъытапхъэ*рэ зэры*зэгъэпщапхъэ*у я зэхуэдэ зы *таблиц*эм *хиубыдэу* мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- **Сын** → «**гъэсын** (**абы** ар ***е***гъэс)» → «**егъэгъэсын** (**абы** ар абы ***е***гъэгъэс/ире**е**гъэгъэс)» →
↓ «**егъэгъэгъэсын** (**абы** ар абы абы ***е***гъэгъэгъэс/ир***е***гъэгъэгъэс)»;
↘→ «**егъэсын** (**абы** ар абы ире**е**гъэс)» → «**иригъэсын/ирегъэсын** (**абы** ар абы абы ирыр***е***гъэс)» → «**ирыригъэсын/ирырегъэсын** (**абы** ар абы абы абы ирырыр***е***гъэс)» → «**ирырырегъэсын/ирырырегъэсын**...» →↘
▼
- «**егъэгъэсын** (**абы** ар абы ир***е***гъэгъэс)» → «**иригъэгъэсын/ирегъэгъэсын** (**абы** ар абы абы абы ирыр***е***гъэгъэс)» → «**ирыригъэгъэсын/ирырегъэгъэсын** (**абы** ар абы абы абы абы ирырыр***е***гъэгъэс)» → «**ирырырегъэгъэсын/ирырырегъэгъэсын**...».

---

- **Уэн** → «**гъэуэн** (**абы** ар ***е***гъэс)» → «**егъэгъэуэн** (**абы** ар абы ***е***гъэгъауэ/ире**е**гъэгъауэ)» →
↓ «**егъэгъэгъэсын** (**абы** ар абы абы ***е***гъэгъэгъэс/ир***е***гъэгъэгъэс)»;
↘→ «**егъэуэн** (**абы** ар абы ир***е***гъауэ)» → «**иригъэуэн/ирегъэуэн** (**абы** ар абы абы ирыр***е***гъауэ)» → «**ирыригъэуэн/ирырегъэуэн** (**абы** ар абы абы абы ирырыр***е***гъауэ)» → «**ирырыригъэуэн/ирырырегъэуэн**...» →↘
▼
«**егъэгъэуэн** (**абы** ар абы ир***е***гъэгъауэ)» → «**иригъэгъэуэн/ирегъэгъэуэн** (**абы** ар абы абы абы ирыр***е***гъэгъауэ)» → «**ирыригъэгъэуэн/ирырегъэгъэуэн** (**абы** ар абы абы абы абы ирырыр***е***гъэгъауэ)» → «**ирырыригъэгъэуэн/ирырырегъэгъэуэн**...».

---

- **Щlэн** → «**егъэщlэн** (**абы** ар абы ир***е***гъащlэ)» → «**иригъэщlэн/ирегъэщlэн** (**абы** ар абы абы ирыр***е***гъащlэ)» → «**ирыригъэщlэн/ирырегъэщlэн** (**абы** ар абы абы абы абы ирырыр***е***гъащlэ)» → «**ирырыригъэщlэн/ирырырегъэщlэн**...» →↘
▼
«**егъэгъэщlэн** (**абы** ар абы абы ир***е***гъэгъащlэ)» → «**иригъэгъэщlэн/ирегъэгъэщlэн** (**абы** ар абы абы абы ирыр***е***гъэгъащlэ)» → «**ирыригъэгъэщlэн/ирырегъэгъэщlэн** (**абы** ар абы абы абы абы абы ирырыр***е***гъэгъащlэ)» → «**ирырыригъэгъэщlэн/ирырырегъэгъэщlэн**...».

---

- **Тын** → «**егъэтын** (**абы** ар абы ир***е***гъэт)» → «**иригъэтын/ирегъэтын** (**абы** ар абы абы ирыр***е***гъэт)» → «**ирыригъэтын/ирырегъэтын** (**абы** ар абы абы абы абы ирырыр***е***гъэт)» → «**ирырыригъэтын/ирырырегъэтын**...» →↘
▼
- «**егъэгъэтын** (**абы** ар абы абы ир***е***гъэгъэт)» → «**иригъэгъэтын/ирегъэтын** (**абы** ар абы абы абы ирыр***е***гъэгъэт)» → «**ирыригъэгъэтын/ирырегъэгъэтын** (**абы** ар абы абы абы абы абы ирырыр***е***гъэгъэт)» → «**ирырыригъэгъэтын/ирырырегъэгъэтын**...».

## ″lУЭХУ ГЛАГОЛ″ХЭМ Я ″ЛЭЖЬЭКlЭУ УХУА ПСАЛЪЭ″ХЭР -″ЗЭМАНЫГЪУЭ″РЭ ″ЩХЬЭ″ХЭРИ ЗЭРЫХИУБЫДЭУ- ЗЭРЫЗЭПКЪЫРЫЛЪЫМ ТЕУХУАУЭ ЩАПХЪЭХЭР

Ипэкlэ *″езырыж глагол″*хэм я ″лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэм я зэпкъырылъыкlэм щыгъуазэ дызыхуэхъуа щlыкlэу мы илъабжьэми ″lуэху глагол″хэм я ″лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэм я зэпкъырылъыкlэми щыгъуазэ дыщыхуэхъунущ. Ныtlэ, ″lуэху глагол″хэри ″lуэху занщlэ глагол″рэ ″lуэху префиксиал глагол″у икlи мыхэри и кlуэцlкlэ зэрызэщхьэщыкlым теухуауэщ мы глагол гупми я ″лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъунур.

**″lуэху занщlэ глагол″хэм я ″лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэр зэрызэпкъырылъым теухуа щапхъэхэр.**

Ныtlэ, *″щхьэ″* лlэжьыгъуэ *″дополненэ″ зимыlэрэ зиlэу лажьэ ″lуэху занщlэ глагол″*хэр –япэрауэ- *″иджы/ит зэман″*кlэрэ зэры*″лажьэу ухуа псалъэ″* гуэрхэр *зэрызэпкъырыха*уэ зы *таблиц*эм хиубыдэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**Сэ** *иджы* ар **с***о*шх(ыр)» →→ «**с** – *о* – шх – (р)»
- «**Сэ** *иджы* ар абы **с***о*хь(ыр)» → «**с** – *о* – хь – (р)»
  ↓ ↓ ↓ ↓
  1 2 3 4

1: ″lуэху″ лlэужьыгъуэ ***″субъектив субъект щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″***;
2: *″Ит зэман гъэлъагъуэ″*;
3: ″lуэху занщlэ глаголыпкъ″;
4: *″Ит зэман″*кlэ ″лажьэу ухуа псалъэ″р къызыхэгъэщ ″кlэух″.

---

- «**Абы** *иджы* ар ***е***шх(ыр)» →→→→ «***е*** – шх – (р)»
- «**Абы** *иджы* уэ абы у***е***хь(ыр)» → «у – ***е*** – хь – (р)»
  ↓ ↓ ↓ ↓
  1 2 3 4

1: ″Субъектив объект (езырыж) щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″;
2 : ″lуэху″ лlэужьыгъуэ ***″объектив субъект щхьэ цlэпапщlэ лъытэ″***рэ *″иджы зэман лъытэ″*;
3: ″lуэху занщlэ глаголыпкъ″;
4: *″Иджы/ит зэман″*кlэ ″лажьэу ухуа псалъэ″р къызыхэгъэщ ″кlэух″.

.....

- «**Абыхэм** *иджы* ахэр ***я***шх(хэ)(р)» →→ «***я*** – шх – (хэ) – (р)»

↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4

1: ″Iуэху″ лIэужьыгъуэ **″объектив субъект щхьэ куэдагъ цIэпапщIэ лъытэ″**рэ *″иджы зэман лъытэ″*;
2: ″Iуэху занщIэ глаголыпкъ″;
3: ″Объектив объект (езырыж) куэдагъ лъытэ″ кIэух;
4: *″Иджы/ит зэман″*кIэ ″лажьэу ухуа псалъэ″р къызыхэгъэщ ″кIэух″.

.....

- «**Абыхэм** *иджы* уэ абы у***а***хь(ыр)» → «у – ***а*** – хь – (р)»

↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4

1: ″Субъектив объект (езырыж) щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″;
2: ″Iуэху″ лIэужьыгъуэ **″объектив субъект щхьэ цIэпапщIэ лъытэ″**рэ *″иджы зэман лъытэ″*;
3: ″Iуэху занщIэ глаголыпкъ″;
4: *″Иджы/ит зэман″*кIэ ″лажьэу ухуа псалъэ″р къызыхэгъэщ ″кIэух″.

**Мы таблицэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр:**

- Япэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *″Iуэху глагол″*хэм -фIэкIыпIэ имыIэу- ″объект″ зэрaIэр гурыIуэгъуэщ; икIи, ″объект″хэр -*″субъектив″*у е *″объектив″*у дауи щырет- *″езырыж″ лIэужьыгъуэ*у зэрыщытри гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэу зэрыщытыр глагол лэжьэкIэу къэта щапхъэхэм щхьэхуэу къыхэгъэщыни хуэныкъуэкъым.

- Езырыж глагол″хэм я ″субъект″хэр ″езырыж″ лIэужьыгъуэу зэрыщыту, *″Iуэху глагол″*хэм я *″субъект″*хэри *″Iуэху″* лIэужьыгъуэщи, нытIэ, *″Iуэху глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ″*хэми **″субъект″**ыр зэрыхиубыдэну **″субъект щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ**рэ (субъектив) **лъытэ** (объектив)″хэр зэрыхиубыдэнури *″Iуэху″* лIэужьыгъуэщ.

- Ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *″Iуэху глагол″*хэм я *″объектив субъект″*ыр *″иджы/ит зэман″*у *″Iуэху″м* -″объект″ым- *екIуалI*эрэ (иэ; эй) *иджщ* (и) зэрылъытэри (е: ″иэй; эйй″), мы *макъ зэхэжыхьа*хэм *щыщу ″екIуэлIэн″* (*иэ/эй*) хьэрычэтыр *″иджы″*м теухуауэ зэрыщытклэ, *″иджы/ит зэман лъытэ″*у зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Ауэ, мы *″е ″ макъ зэхэжыхьа*м кIэухыу хиубыдэ ″и; й″ри *″Iуэху″*ур *зыгъэзащIэ*рэ *зыджэ*ыр зэрылъытэу ″**объектив субъект лъытэ″**у зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. Икlи, мы ***″е″*** *макъ зэхэжыхьа*р (*иэ***й**; *эй***й**) *″Iуэху глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ″*хэм зэрыхиубыдэри мы *зэрытха щIыкIэ*ущи, ар *″иджы/ит зэман лъытэ″* (*иэ; эй*)″ икIи **″объектив субъект щхьэ закъуэ цIэпапщIэ лъытэ″** (**и; й**) зыхэзыубыдэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

- Ауэ, мы зи гугъу тщIыр **″объектив субъект куэдагъэ″**у щымэ, мы ***″е*** *(иэ***й***; эй***й***)″ макъ зэхэжыхьа*м *″куэдагъ″ лъытэ ″*а″ макъ къызэрыхэхьэнур гурыIуэгъуэнщ. *″Зэман″*рэ ″**щхьэ**″хэр мы -зэрытха щIыкIэу- къызэрыдгъэлъэгъуар гулъытахъэщи, *″иджы/ит зэман″*ыр *куэдагъэу* зэры*мылъытэну*мрэ, ***″щхьэ″***хэр

*куэдагъэу* зэрыл*ъытэну*ри гурыIуэгъуэщ. НытIэ, мы зи гугъу тщIы ***"е*** *(иэ***й***; эй***й***)" макъ зэхэжыхьам* ***"объектив субъект лъытэ"***у хиубыдэ ***"й/и"***ращ *куэдагъэу* лъытэну и Iыхьэри, ***"е*** *(иэ***й***; эй***й***)"*р зэрыухуэжынури мыпхуэдэущ: «***"еа*** *(иэ***йа***; эй***йа***)"*». ИкIи, мы ***"еа"***мрэ абы хиубыдэ ***"йа/иа"***ри ди *алфавитым* ***"я"*** тхыпкъымкIэщ зэрытх щIыкIэр; ауэ икIи, *"иджы/ит зэман лъытэ"*рэ (*иэ; эй*) ***"объектив субъект куэдагъ лъытэ"*** (**йа/иа**) зыхэзыубыдэ *"иэ***йа***"* макъ зэхэжыхьахэр зэрыщыту зэрытхыпхъэр ***"я"***уэ мы –**къыхэгъэща**рэ *италик*эу-зэрытха щIыкIэущ; мы макъхэм *псалъэ кIуэцI*рэ *префикс нэужь* я къэIукIэу щыт *"эй***йа***"* *макъ зэхэжыхьа*хэми псалъэхэм кIуэ пэтрэ ***"ай"***уэ къыхэIукI зэрыхъумрэ, ари зыхуэкIуэ къэIукIэр ***"а"***уэ мы зэрытха щIыкIэущ. Аращи, *"IуэхуглагоI"*хэр ***"объектив субъект"***кIэрэ *"иджы/ит зэман"*у зэры"лажьэу ухуа псалъэ"хэм мы ***"щхьэ"***рэ *"зэманыгъуэ"*р зэдэщIыгъуу зыхэзыубыдэ мы *макъ зэхэжыхьа*хэр *щхьэжу* къызэрыIурэ *псалъэ пэщIэдзэу* щыщытымрэ (***я***) *псалъэ кIуэцI*рэ *префикс нэужьу* щыщытым (***а***) я къэIукIэр –зэрызэхэпх щIыкIэр- зэрызэхъуэкIыр наIуэщ.

- НытIэ, *"IуэхуглагоI"*хэр *"иджы/ит зэман" нэмыщI –"блэкIа"*рэ *"къэкIуэну"-зэманыгъуэу лажьэу* щытмэ, *"глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"*м мы зи гугъу тщIы *"екIуэлIэн"* (*иэ; эй*) химыубыдэнкъыми, *"IуэхуIр* -"объект"ыр- *зытеухуа*рэ *зыгъэзащI*эр *–зыджы*р- *зытеухуа*р зэрылъытэ ***"и"*** *мак*ъыр ***"объектив субъект щхьэ закъуэ лъытэ"***ущ *"глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"*хэм зэрыухуэнур. Ауэ икIи, ***"субъект"***ыр ***"объектив куэдагъэ"***у щытмэ, -*"щхьэ закъуэ"*р зэрылъыта- мы ***"и"***м и *куэдагъэ*р ***"иа"***уэщ (**я**) зэрылъытэнури, нытIэ, *"IуэхуглагоI"*хэр *"блэкIа"*рэ *"къэкIуэну" зэманыгъуэ*у зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэми ***"объектив субъект щхьэ куэдагъ"***ыр ***"я"***уэ мы зэрытха щIыкIэущ зэрыхиубыдэнур. НытIэ, мы ***"я"***ри псалъэ кIуэцIым –префикс нэужьым- къызэрыхэIукIынури ***"а"***уэ мы зэрытха щIыкIэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэщ.

- Мы зи гугъу тщIа *"IуэхуI"* лIэужьыгъуэ *"объектив щхьэ цIэпащIэ лъытэ"*хэр *"IуэхуглагоI"*хэм ***"субъект"*** язэрыхуэхъум теухуащи, къыхэгъэщауэ щIэтхар мыбы папщIэщ. Ауэ, мы *"IуэхуI"* лIэужьыгъуэ *"объектив щхьэ цIэпащIэ лъытэ"*хэр глагол лэжьэкIэхэм *"*дополненэ*"*у хиубыдэмэ, -*"*дополненэ*"*хэри *"IуэхуI"* лIэужьыгъуэу зэрыщытыр ди гурыIуэгъуэу- ар *"глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"*хэм *зэрыхэтхэну* щIыкIэри и лъабжьэр щIэтхъауэ зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщ. Аращи, *"IуэхуI"р зытеухуэ "*щхьэ*"* лIэужьыгъуэу *"*дополненэ*"*хэри *"глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"*хэм я *пэщIэдзэу "*и, я*"*уэ, *псалъэ кIуэцI*ми –префикс нэужьми- *"*и; а*"*уэ зэрыхиубыдэнур гурыIуэгъуэщ. Мы ипэкIэ къэта щапхъэхэм мыпхуэдэ щапхъэхэр химыубыдэми, мыпхуэдэ щапхъэхэр илъабжьэм къызэрыпэщIэхуэнури мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ.

- НытIэ, -мы къыпытщэжам хуэдэщи- мы ипэкIэ къэтIуэтарэ къыхэдгъэща Iуэхугъуэхэр мыбы нэужьми къэтхьыну щапхъэхэм теухуауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэхэр мыбы нэужьым къыщытпэщIэхуэм деж аргуэру

къыхэдымыгъэщми, *"глагол лэжьэкlэу хуа псалъэ"*хэу къэдгъэлъагъуэ щапхъэхэм *"зэманыгъуэ"*рэ *"щхьэ"*уэ –"**субъект**, объект, дополненэ"у- зэрыщытым мы *зэрытха щlыкlэ*хэу гулъытэ хуэщlыни хуейщ.

*

Мы ипэкlэ *"иджы/ит зэман"*кlэ лажьэу къэта щапхъэм хуэдэу, мы илъабжьэми -*"иджы/ит зэман" нэмыщl*ыу- *"блэкla зэман"*у зэры"*лажьэу ухуэ псалъэ"* гуэрхэр *зэпкъырыха*уэ зы *таблицэ*у къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**Сэ** *дыгъуасэ* ар **с**шх*а*щ» →→ «**с** – шх – *а* – щ»
- «**Сэ** *дыгъуасэ* ар абы **с**хь*а*щ» → «**с** – хь – *а* – щ»

↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4

1: "lуэху" лlэужьыгъуэ **"субъектив субъект щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"**;
2: "lуэху занщlэ глаголыпкъ";
3: *"Блэкla зэман гъэлъагъуэ"*;
4: *"Иджы/ит зэман"* нэмыщl *–блэкla/къэкlуэну*- зэманыгъуэ "лэжьэкlэу ухуа псалъэ"хэр щыlэ/фlэщ зэрыщl "кlэух".

---

- «**Абы** *дыгъуасэ* ар **и**шх*а*щ» →→→→ «**и**– шх – *а* – щ»
- «**Абы** *дыгъуасэ* уэ абы у**и**хь*а*щ» → «у – **и –** хь – *а* – щ»

↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5

1: "Субъектив объект щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ";
2 : "lуэху" лlэужьыгъуэ **"объектив субъект щхьэ цlэпапщlэ лъытэ";**
3: "lуэху занщlэ глаголыпкъ";
4: *"Блэкla зэман гъэлъагъуэ"*;
5: *"Иджы/ит зэман"* нэмыщl *–блэкla/къэкlуэну*- зэманыгъуэ "лэжьэкlэу ухуа псалъэ"хэр щыlэ/фlэщ зэрыщl "кlэух".

.....

- «**Абыхэм** *дыгъуасэ* ахэр **я**шх*а*(хэ)щ» → «**я** – шх – *а* – (хэ) – щ»

↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5

1: "lуэху" лlэужьыгъуэ **"объектив субъект щхьэ куэдагъ цlэпапщlэ лъытэ"**;
2: "lуэху занщlэ глаголыпкъ";
3: *"Блэкla зэман гъэлъагъуэ"*;
4: "Объектив объект (езырыж) куэдагъ лъытэ" кlэух;
5: *"Иджы/ит зэман"* нэмыщl *–блэкla/къэкlуэну*- зэманыгъуэ "лэжьэкlэу ухуа псалъэ"хэр щыlэ/фlэщ зэрыщl "кlэух".

.....

- «**Абыхэм** *дыгъуасэ* уэ абы у**а**хь*а*щ» → «у – **а –** хь – *а* – щ»

↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5

1: "Субъектив объект щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ";
2: "lуэху" лlэужьыгъуэ **"объектив субъект щхьэ цlэпапщlэ лъытэ"**;

3: ″Iуэху занщIэ глаголыпкъ″;
4: *″Блэкlа зэман гъэлъагъуэ″*;
5: *″Иджы/ит зэман″* нэмыщI *–блэкlа/къэклуэну-* зэманыгъуэ ″лэжьэклэу ухуа псалъэ″хэр щыIэ/фIэщ зэрыщI ″клэух″.

**″Iуэху префиксиал глагол″хэм я ″лэжьэклэу ухуэ псалъэ″хэр зэрызэпкъырылъым теухуа щапхъэхэр.**

Мыпхуэдэ щапхъэхэри мы ипэкIэ зи лэжьэкIэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа *″езырыж занщIэ глагол″*хэр игъуэ *″префикс″*кIэрэ зэрыухуа *″езырыж префиксиал глагол″*хэр -япэрауэ- *″иджы/ит зэман″*кIэ зэрылажьэм теухуа *″глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ″* гуэрхэр *зэпкъырыха*уэ зы *таблиц*эм хиубыдэу мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**Сэ** *иджы* ар уэ ныпхуз*о*шх(ыр)» →→→→ «ны – п – ху – **з** – *о* – шх – (р)»
- «**Сэ** *иджы* ар уэ (абы) ныпфIыз*о*хь(хэ)(р)» → «ны – п – фIы – **з** – *о* – хь – (р)»
↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7

1: ″Глагол лэжьэкIэ″р ″дополненэ″у ″уэ″м зэрыхуэунэтI ″префикс″;
2: ″Субъектив дополненэ щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ (б→п)″;
3*:* ″Глагол лэжьэкIэ″у ″дополненэ″м хуэгъазэ/теухуа зэрылъытэ ″префикс″;
4: ″Iуэху″ лIэужьыгъуэ ***″субъектив субъект щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″***;
5: *″Ит зэман гъэлъагъуэ″*;
6: ″Iуэху занщIэ глаголыпкъ″;
7: *″Иджы/ит зэман″*кIэ ″лажьэу ухуа псалъэ″р къызыхэгъэщ ″клэух″.

---

- «**Абы** *иджы* ар уэ къыпху***е***шх(ыр)» →→→→→ «къы – п – ху – ***е*** – шх – (р)»
- «**Абы** *иджы* уэ дэ (абы) укъытфI***е***хь(ыр)» → «у – къы – т – фIы – ***е*** – хь – (р)»
↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7

1: ″Субъектив объект щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″;
2: ″Глагол лэжьэкIэ″р ″дополненэ″у ″дэ″м къызэрыхуэкIуэ ″префикс″;
3: ″Субъектив дополненэ щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ (д → т)″;
4*:* ″Глагол лэжьэкIэ″р ″дополненэ″м хуэгъазэ/теухуа зэрылъытэ ″префикс″;
5: ***″Объектив субъект щхьэ цIэпапщIэ лъытэ″***рэ *″иджы/ит зэман лъытэ″*;
6: ″Iуэху занщIэ глаголыпкъ″;
7: *″Иджы/ит зэман″*кIэ ″лажьэу ухуа псалъэ″р къызыхэгъэщ ″клэух″.

---

- «**Абыхэм** *иджы* ахэр уэ къыпху***а***шх(хэ)(р)» →→→ «къы – п – хуэ – ***а*** – шх – (хэ) – (р)»
- «**Абыхэм** *иджы* ахэр уэ (абы) къыпфI***а***хь(хэ)(р)» → «къы – п – фIэ – ***а*** – хь – (хэ) – (р)»
↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7

1: ″Глагол лэжьэкIэ″р ″дополненэ″у ″уэ″м къызэрыхуэкIуэ ″префикс″;
2: ″Субъектив дополненэ щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ (б→п)″;

3: ″Глагол лэжьэкlэ″у ″дополненэ″м хуэгъазэ/теухуа зэрылъытэ ″префикс″;
4: **″Объектив субъект щхьэ куэдагъ лъытэ″**рэ *″иджы/ит зэман гъэлъагъуэ″*;
5: ″lуэху занщlэ глаголыпкъ″;
6: ″Объектив объект щхьэ куэдагъ лъытэ″ кlэух;
7: *″Иджы/ит зэман″*кlэ ″лажьэу ухуа псалъэ″р къызыхэгъэщ ″кlэух″.

**Мы таблицэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр:**

- Зэрыгурыlуэгъуэу, *″дополненэ″ зиlэу лажьэ ″lуэху глагол″*хэр щылажьэкlэ лъытэ *″гъуэгуанэ″*р *зынэс*ыр зэрылъытэу *″щlыпlэ″* лlэужьыгъуэ ″дополненэ″ (абы) зыхэлъытэрщ. Ауэ, мы *″гъуэгуанэ″*р игъуэ *″префикс″*кlэрэ зы *″щхьэ″*м –нэхъыбэуи зы *″субъектив щхьэ″*м- зэрыхуэкlуэ ″дополненэ″ (пп: дэ) мэлъытэри, мыпхуэдэм деж, *глагол лэжьэкlэр –″*хьэрычэт″ыр- *″префикс″ми елъыта ″щхьэ″*м -пп: ″дэ″м-*хуэкlуэ*рэ *теухуа*уэ -″дополненэ″у- зэреджапхъэм нэмыщl икlи а *″щlыпlэ″*ми -″абы″ми- ″дополненэ″у *хуэкlуэ*у еджапхъэнщи, мыбы папщlэщ *″щlыпlэ″ лъытэ ″дополненэ″*ри -*″объектив щхьэ закъуэ″*у- *тхыхьым дэту* -″(абы)″-къыщlэдгъэлъэгъуар {**Абы** *иджы* уэ дэ (абы) укъытфl***е***хь(ыр)}.

- Япэрей ди лэжьыгъэхэмрэ мы лэжьыгъэми ипэ къихуэ lыхьэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, -″префикс″ мыхьэнэми елъытащи- *″префикс″* нэхъыбэр ″занщlэ глагол″ым -*″глаголыпкъ″*ым- *ищхьэм* къызэрыпыхьэ щlыкlэр *″э″кlэрэ къэlуу*щ. Ауэ, мыпхуэдэу *″глаголыпкъ″*ым *ищхьэм къыпыхьа ″префикс″*хэм ипэ *къихуэ ″префикс″*хэр –я мыхьэнэхэми елъытащи- *″ы″кlэ* -оригиналу- *къэlуу*щ къызэрыпыхьэри, мыбы теухуа щапхъэхэр мы ипэкlэ къэта *таблиц*эм хиубыдэ *″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″* гуэрхэр *зэрызэпкъырыха* щlыкlэми хыболъагъуэр:

- «**Абы** *иджы* ар уэ къыпхуе***е***шх(ыр)» → «″...– у – ***е*** –...″»;
- «**Абы** *иджы* уэ дэ укъытфl***е***хь(ыр)» → «″...фlы – ***е*** –...″».

*

Мы илъабжьэми мы *″lуэху префиксиал глагол″*хэр -*″иджы/ит зэман″ нэмыщl*ыу- *″блэкlа зэман″*у зэры*″лажьэу ухуа псалъэ″*хэри *зэпкъырыха*уэ зы *таблиц*эм хиубыдэу къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**Сэ** *дыгъуасэ* ар уэ ныпхуэ**с**шх*а*щ» →→→ «ны – п – хуэ – **с** – шх – *а* – щ»
- «**Сэ** *дыгъуасэ* ар уэ (абы) ныпфlэ**с**хь*а*щ» → «ны – п – фlэ – **с** – хь – *а* – щ»

↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7

1: ″Глагол лэжьэкlэ″р ″дополненэ″у ″уэ″м зэрыхуэунэтl ″префикс″;
2: ″Субъектив дополненэ щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ (б→п)″;
3: ″Глагол лэжьэкlэ″у ″дополненэ″м хуэгъазэ/теухуа зэрылъытэ ″префикс″;
4: ″lуэху″ лlэужьыгъуэ **″субъектив субъект щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″**;
5: ″lуэху занщlэ глаголыпкъ″;
6: *″Блэкlа зэман гъэлъагъуэ″*;
7: *″Иджы/ит зэман″* нэмыщl –блэкlа/къэкlуэну- зэманыгъуэкlэ ″лажьэу ухуа псалъэ″р щыlэ/фlэщ зэрыщl ″кlэух″.

---

- «**Абы** *иджы* ар уэ къыпху**и**шх*а*щ» →→→→→ «къы – п – ху – **и** – шх – *а* – щ»
- «**Абы** *иджы* уэ дэ (абы) укъытфl**и**хь*а*щ» → «у – къы – т – фlы – **и** – хь – *а* – щ»

↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7 8

1: ″Субъектив объект (уэ) щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″;
2: ″Глагол лэжьэкlэ″р ″дополненэ″м (″уэ; дэ″м) къыхуэкlуэу зэрылъытэ ″префикс″;
3: ″Субъектив дополненэ щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ (б→п; д→т)″;
4*:* ″Глагол лэжьэкlэ″у ″дополненэ″м хуэгъазэ/теухуа зэрылъытэ ″префикс″;
5: ″lуэху″ лlэужьыгъуэ ***″объектив субъект щхьэ закъуэ цlэпапщlэ лъытэ″***;
6: ″lэху занщlэ глаголыпкъ″;
7: *″Блэкla зэман гъэлъагъуэ″*;
8: *″Иджы/ит зэман″* нэмыщl *–блэкla/къэкlуэну-* зэманыгъуэкlэ ″лажьэу ухуа псалъэ″р щыlэ/фlэщ зэрыщl ″кlэух″.

.....

- «**Абыхэм** *дыгъуасэ* ахэр уэ къыпху**а**шх*а*щ» →→→ «къы – п – хуэ – **а** – шх – *а* – (хэ) – щ»
- «**Абыхэм** *дыгъуасэ* ахэр уэ (абы) къыпфl**а**хь*а*щ» → «къы – п – фlэ – **а** – хь – *а* – (хэ) – щ»

↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7 8

1: ″Глагол лэжьэкlэ″р ″дополненэ″м (″уэ″м) къызэрыхуэкlуэ ″префикс″;
2: ″Субъектив дополненэ щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ (б→п)″;
3*:* ″Глагол лэжьэкlэ″у ″дополненэ″м хуэгъазэ/теухуа зэрылъытэ ″префикс″;
4: ″lуэху″ лlэужьыгъуэ ***″субъектив субъект щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″***;
5: ″lуэху занщlэ глаголыпкъ″;
6: *″Блэкla зэман гъэлъагъуэ″*;
7: ″Объектив объект щхьэ куэдагъ лъытэ″ кlэух;
8: *″Иджы/ит зэман″* нэмыщl *–блэкla/къэкlуэну-* зэманыгъуэкlэ ″лажьэу ухуа псалъэ″р щыlэ/фlэщ зэрыщl ″кlэух″.

***″Е″ префиксиал*** *лlэужьыгъуэ ″lуэху префиксиал глагол″хэм я ″лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″хэр зэрызэпкъырылъым теухуа щапхъэхэр.*

Мыпхуэдэ щапхъэхэри *″lуэху занщlэ глагол″*хэр *″гъэ″ пэщlэдзэ*рэ ***″е″ префиксиал***уи хуэу утыку къихьэ ***″lуэху префиксиал глагол″***хэм я *″иджы/ит зэман″*рэ *″блэкla зэман″*ым теухуауэ **зэры″лажьэу ухуэ псалъэ″**хэр зэры*зэпкъырыха*уэ къэдгъэлъэгъуэнри игъуэщи, мы псалъэхэм ***″субъектив дополненэ″***хэр ***″езырыж″***у зэрыхиубыдэм гулъытэ зэрыхуэщlыпхъэри ипэкlэ щыжытlагъащ.

Нытlэ, мыпхуэдэ щапхъэхэри –япэрауэ- *″дополненэ″ зимыlэрэ зulэу лажьэ ″lуэху занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэ *″шхын, хьын″*хэр *″гъэ″ пэщlэдзэ*рэ *″е″ префикс*кlэ *″lуэху префиксиал глагол″*у зэрыухуэ *″егъэшхын, егъэхьын″*хэр *″иджы/ит зэман″*у зэры*″лажьэу ухуа псалъэ″*хэр *зэрызэпкърыха* щlыкlэхэуи мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**Сэ** *иджы* ар уэ **з***о*гъэшх(ыр)» → «у – **з** – *о* – гъэ – шх – (р)»
↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6
1: *"Езырыж"* лIэужьыгъуэ "субъектив дополненэ (уэ) щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ (у)";
2: "Iуэху" лIэужьыгъуэ **"субъектив субъект щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ"**;
3: *"Ит зэман гъэлъагъуэ"*;
4: "Гъэ" пэщIэдзэ;
5: "Iуэху занщIэ глаголыпкъ";
6: *"Иджы/ит зэман"*кIэ "лажьэу ухуа псалъэ"р къызыхэгъэщ "кIэух".

.....

- «**Сэ** *иджы* уэ (абы) абыхэм уа**з***о*гъэхь(ыр)» → «у – а – **з** – *о* – гъэ – хь – (р)»
↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7
1: "Субъектив объект щхьэ цIэпапIщэ гъэлъагъуэ";
2: "Объектив щхьэ куэдагъ дополненэ лъытэ;
3: "Iуэху" лIэужьыгъуэ **"субъектив субъект щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ"**;
4: *"Ит зэман гъэлъагъуэ"*;
5: "Гъэ" пэщIэдзэ";
6: "Iуэху занщIэ глаголыпкъ";
7: *"Иджы/ит зэман"*кIэ "лажьэу ухуа псалъэ"р къызыхэгъэщ "кIэух".

---

- «**Абы** *иджы* ар абыхэм уэ ярыу***е***гъэшх(ыр)» → «я–ры–у–***е***–гъэ–шх–(р)»
↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7
1: "Объектив щхьэ цIэпапщIэ куэдагъ лъытэ" (дополненэ);
2: Зэрызэпыщlэ префикс;
3: "Субъект къуэдзэ"у *"езырыж"* лIэужьыгъуэ "субъектив щхьэ гъэлъагъуэ (у)" (дополненэ);
4*: "Е" префикс*рэ икIи *"иджы зэман"*у "объектив **субъект** щхьэ закъуэ лъытэ";
5: "Гъэ пэщIэдзэ";
6: "Iуэху занщIэ глаголыпкъ";
7: *"Иджы/ит зэман"*кIэ "лажьэу ухуа псалъэ"р къызыхэгъэщ "кIэух".

.....

- «**Абы** *иджы* уэ (абы) абы дэ урыд***е***гъэхь(ыр)» → «у – ры –ды – ***е*** – гъэ – хь – (р)»
↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7
1: "Субъектив объект щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ";
2: Зэрызэпыщlэ префикс;
3: "Субъект къуэдзэ"у *"езырыж"* лIэужьыгъуэ "субъектив щхьэ дополненэ гъэлъагъуэ (ды)";
4*: "Е" префикс*рэ икIи *"иджы зэман"*у "объектив **субъект** щхьэ закъуэ лъытэ";
5: "Гъэ пэщIэдзэ";
6: "Iуэху занщIэ глаголыпкъ";
7: *"Иджы/ит зэман"*кIэ "лажьэу ухуа псалъэ"р къызыхэгъэщ "кIэух".

.....

- «**Абыхэм** *иджы* ахэр абыхэм уэ ярыу***а***гъэшх(хэ)(р)» → «я–ры–у–***а***–гъэ–шх–(хэ)–(р)»
↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7 8
1: "Объектив щхьэ куэдагъ дополненэ лъытэ";
2: Зэпызыщlэ префикс";
3*: "*Субъект къуэдзэ"у "езырыж" лIэужьыгъуэ "субъектив щхьэ дополненэ гъэлъагъуэ (у)";
4*: "Е" префикс*рэ икIи *"иджы зэман"*у "объектив **субъект** щхьэ куэдагъ лъытэ";

5: ″Гъэ″ пэщlэдзэ;
6: ″lуэху занщlэ глаголыпкъ″;
7: ″Объектив объект (езырыж) щхьэ куэдагъ лъытэ″ кlэух;
8: *″Иджы/ит зэман″*кlэ ″лажьэу ухуа псалъэ″р къызыхэгъэщ ″кlэух″.

.....

- «**Абыхэм** *иджы* ахэр (<u>абы</u>) <u>абыхэм</u> <u>дэ</u> <u>я</u>рыд***а***гъэхь(хэ)(р)»↓

«<u>я</u>–ры–<u>ды</u>–***а***–гъэ–шх–(хэ)–(р)»
↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7 8

1: ″Объектив щхьэ куэдагъ <u>дополненэ</u> лъытэ″;
2: Зэпызыщlэ префикс″;
3*:* ″Субъект къуэдзэ″у *″езырыж″* лlэужьыгъуэ ″субъектив щхьэ <u>дополненэ</u> гъэлъагъуэ (ды)″;
4*:* ″Объектив **субъект** щхьэ куэдагъ лъытэ″;
5: ″Гъэ″ пэщlэдзэ;
6: ″lуэху занщlэ глаголыпкъ″;
7: ″Объектив объект (езырыж) щхьэ куэдагъ лъытэ″ кlэух;
8: *″Иджы/ит зэман″*кlэ ″лажьэу ухуа псалъэ″р къызыхэгъэщ ″кlэух″.

*

Мы *″гъэ″ пэщlэдзэ*рэ *″е″ префикс*кlэ ухуа *″lуэху префиксиал глагол″*хэр (*егъэшхын, егъэхьын*) *″блэкlа зэман″*у зэры*″лажьэу ухуа псалъэ″* гуэрхэри щы*зэпкърыха* зы *таблиэцэ*ри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**Сэ** *нетlэ* ар <u>уэ</u> <u>у</u>**э**гъэшх*а*щ» → «<u>у</u> – э – **з** – гъэ – шх – *а* – щ»

↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7

1: *″Езырыж″* лlэужьыгъуэ ″субъектив <u>дополненэ</u> (уэ) щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ (у)″;
2: ″Е″ префиксыр псалъэм ″кlуэтэгъуэ″у (э) зэрыхэлъытэ;
3: ″lуэху″ лlэужьыгъуэ ***″субъектив субъект щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″***;
4: ″Гъэ″ пэщlэдзэ;
5: ″lуэху занщlэ глаголыпкъ″;
6: *″Блэкlа зэман гъэлъагъуэ″;*
7: *″Иджы/ит зэман″* нэмыщlхэр –*″блэкlа″рэ ″къэкlуэну″ зэманхэр*- фlэщ/щыlэ зэрыщl ″кlэух″.

.....

- «**Сэ** *нетlэ* уэ (<u>абы</u>) <u>абыхэм</u> у**а**гъэхь*а*щ» → «у – <u>а</u> – **з** – гъэ – хь – *а* – щ»

↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7

1: ″Субъектив объект щхьэ цlэпапlщэ гъэлъагъуэ″;
2: ″Объектив щхьэ куэдагъ <u>дополненэ</u> лъытэ;
3: ″lуэху″ лlэужьыгъуэ ***″субъектив субъект щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″***;
4: ″Гъэ″ пэщlэдзэ″;
5: ″lуэху занщlэ глаголыпкъ″;
6: *″Блэкlа зэман гъэлъагъуэ″;*
7: *″Иджы/ит зэман″* нэмыщlхэр –*″блэкlа″рэ ″къэкlуэну″ зэманхэр*- фlэщ/щыlэ зэрыщl ″кlэух″.

---

- «**Абы** *нетlэ* ар <u>абыхэм</u> <u>уэ</u> <u>я</u>ры**и**гъэшх*а*щ» → «<u>я</u> – ры – <u>у</u> – **и** – гъэ – шх – *а* – щ»

↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7 8

1: ″Объектив щхьэ цlэпапщlэ куэдагъ лъытэ″ (<u>дополненэ</u>);
2: Зэрызэпыщlэ префикс;

3: ″Субъект къуэдзэ″у *″езырыж″* лIэужьыгъуэ ″субъектив щхьэ гъэлъагъуэ (у)″ (дополненэ);
4*:″ lуэху″* лIэужьыгъуэу ″объектив **субъект** щхьэ закъуэ лъытэ″;
5: ″Гъэ пэщIэдзэ″;
6: ″lуэху занщIэ глаголыпкъ″;
7: *″Блэкla зэман гъэлъагъуэ″;*
8: *″Иджы/ит зэман″* нэмыщIхэр –*″блэкla″рэ ″къэкlуэну″ зэманхэр-* фIэщ/щыIэ зэрыщI ″кIэух″.

.....

- «**Абы** *нетIэ* уэ (абы) абы дэ урыд**и**гъэхь*а*щ» → «у – ры –ды – **и** – гъэ – хь – *а* – щ»

↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7 8

1: ″Субъектив объект щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″;
2: Зэрызэпыщ1э префикс;
3: ″Субъект къуэдзэ″у *″езырыж″* лIэужьыгъуэ ″субъектив щхьэ дополненэ гъэлъагъуэ (ды)″;
4*: ″Е″ префикс*рэ икIи *″иджы зэман″*у ″объектив **субъект** щхьэ закъуэ лъытэ″;
5: ″Гъэ пэщIэдзэ″;
6: ″lуэху занщIэ глаголыпкъ″;
7: *″Блэкla зэман гъэлъагъуэ″;*
8: *″Иджы/ит зэман″* нэмыщIхэр –*″блэкla″рэ ″къэкlуэну″ зэманхэр-* фIэщ/щыIэ зэрыщI ″кIэух″.

.....

- «**Абыхэм** *нетIэ* ахэр абыхэм уэ ярыу***а***гъэшха(хэ)щ» → «я–ры–у–**а**–гъэ–шх–*а*–(хэ)–щ»

↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7 8 9

1: ″Объектив щхьэ куэдагъ дополненэ лъытэ″;
2: Зэпызыщ1э префикс″;
3*:* ″Субъект къуэдзэ″у *″езырыж″* лIэужьыгъуэ ″субъектив щхьэ дополненэ гъэлъагъуэ (у)″;
4*:* ″Объектив **субъект** щхьэ куэдагъ лъытэ″;
5: ″Гъэ″ пэщIэдзэ;
6: ″lуэху занщIэ глаголыпкъ″;
7: ″Объектив объект (езырыж) щхьэ куэдагъ лъытэ″ кIэух;
8: *″Блэкla зэман гъэлъагъуэ″;*
9: *″Иджы/ит зэман″* нэмыщIхэр –*″блэкla″рэ ″къэкlуэну″ зэманхэр-* фIэщ/щыIэ зэрыщI ″кIэух″.

.....

- «**Абыхэм** *нетIэ* ахэр (абы) абыхэм дэ ярыд***а***гъэхь(хэ)(р)»↓

«я–ры–ды–**а**–гъэ–шх–*а*–(хэ)–щ»

↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7 8 9

1: ″Объектив щхьэ куэдагъ дополненэ лъытэ″;
2: Зэпызыщ1э префикс″;
3*:* ″Субъект къуэдзэ″у *″езырыж″* лIэужьыгъуэ ″субъектив щхьэ дополненэ гъэлъагъуэ (ды)″;
4*:* ″Объектив **субъект** щхьэ куэдагъ лъытэ″;
5: ″Гъэ″ пэщIэдзэ;
6: ″lуэху занщIэ глаголыпкъ″;
7: *″Блэкla зэман гъэлъагъуэ″;*
8: ″Объектив объект (езырыж) щхьэ куэдагъ лъытэ″ кIэух;
9: *″Иджы/ит зэман″* нэмыщIхэр –*″блэкla″рэ ″къэкlуэну″ зэманхэр-* фIэщ/щыIэ зэрыщI ″кIэух″.

*

*Мы таблицэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэм нэмыщl, "префиксиал глагол"хэм теухуауэ аргуэру къыпыщапхъэ гуэрхэри мы илъабжьэм къыщытlуэтэнщ.*

Нытlэ, ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, дэтхэнэ зы бзэм езым хуэlуа зы *"псалъэухыгъэ"* -нормал- гъэпсыкlэ иlэщ; ауэ, къэlуэтэкlэу *къыхэгъэщыпхъэхэм елъытауэ псалъэ* гуэрхэр *"псалъэухыгъэ"*м *щыхиубыдэ щlыпlэ*р *зэхъуэкlыф*у зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, *япэ къэlу*р нэхъапэрэ *нэхъыщхьэ*у зылъытэ адыгэбзэм и **"псалъэухыгъэ"** гъэпсыкlэри **къыхэгъэщын хуей** *псалъэ*р **япэ къэlуу** зэрыухуэжыфынур гурыlуэгъуэнщ.

*"Псалъэухыгъэ" гъэпсыкlэ*р мыпхуэдэу зэхъуэкlыфми, **"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"**хэм я **гъэпсыкlэр зэхъуэкlыщэкъым**. Аращи, дэтхэнэ зы *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*м *"зэман гъэлъагъуэ"*мрэ *"щхьэ"*хэр -**"субъект**, объект, дополненэ" къалэнкlэрэ- *щыхиубыдэ*ну *щlыпlэ*хэр *налуэ*у –зэмыхъуэкlыщэу- лъытапхъэщи, мы ипэкlэ къэта щапхъэхэм хэплъагъуэри мыращ. Икlи, *"зэман гъэлъагъуэ"*рэ *"щхьэ"*уэ – **"субъект**, объект, дополненэ" къалэнкlэрэ- *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм хэлъытэхэр *щыхиубыдэ щlыпlэ*хэми ипэкlэ къэтхьа щапхъхэмкlэ *щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ*.

Мы жытlахэм зэрезэгърэ ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *глаголхэр зэрылажьэ* щlыкlэр *зы "зэманыгъуэ"*м теухуауэ зэрыщытым хуэдэжу, дэтхэнэ зы *глагол*ыр –"хьэрычэт"ыр- *къызпкъырыкl*рэ *зыгъэзащlэ*р *зы* **"субъект"**у зэрыщытри гурыlуэгъуэщ; *"луэху глагол"*хэм я *лэжьэкlэ*хэми зы "объект" зэрыхиубыдэри гурыlуэгъуэщ; икlи, *"дополненэ" зиlэу лажьэ*у зи гугъу тщla *"луэху занщlэ глагол"*хэми зы "дополненэ" зэрыхиубыдэри гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, мы ипэкlэ *"глагол лэжьэкlэ"*у къэта щапхъэхэм "дополненэ" *зы бжанэ* -дополненэбэ- зэрыхиубыдэр нэрылъагъущи, мыпхуэдэу щlыщытри мы глаголхэр *"гъэ" пэщlэдзэ*рэ *"е" префиксиал*у ухуа *"луэху префиксиал глагол"*хэу зэрыщытым папщlэщ.

Нытlэ, *"гъэ" пэщlэдзэ*рэ *"е" префиксиал*у ухуа *"луэху префиксиал глагол"*хэм я *"лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм "дополненэ"бэ зэрыхиубыдэм папщlэ, "**субъект**, объект, дополненэ" къалэнкlэрэ хиубыдэ *"щхьэ"*хэр *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм *щыхэлъытэ щlыпlэ*хэмрэ я *зэкlэлъхьэужьыкlэ*ми щыгъуазэ дыхуэхъун зэрыхуейр гурыlуэгъуэнщи, мы илъабжьэм мыпхуэдэхэм аргуэру гулъытэ яхуэтщlынщ.

Япэрауэ, -ипэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ- зы *"lуэху префиксиал глагол"*ыр зэлъыта *"*кондицэ*"*р -*"префикс"*ыр- *дауи щырет*, глагол ***"субъект"***ыр *занщlэу "*lуэху*"*м *пыщlа*уэ зэрылъытэнур гурыlуэгъуэщи, ныtlэ, ***"субъект гъэлъагъуэрэ лъытэ"***р -***"lуэху"*** лlэужьыгъуэу- *"глаголыпкъ"*ым *–"занщlэ глагол"*ым- *ищхьэ*м къыпыхьэрэ *пыщlауэщ "lуэху глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм щызэрыхэлъытэнур.

Етlуанэу, *"lуэху глагол"*хэм я *"*объект*"*ри *–"*езырыж*"* лlэужьыгъуэу- ***"субъект"***ым -икlи- глагол *"префикс"*хэми *ипэ* къихуэущ *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм зэрыщыхиубыдэнур.

Ещанэу, *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм *"*дополненэ*"*хэр –нэхъыбэуи *"lуэху"* лlэужьыгъуэу- *"*объект*"* *нэужь*у зэрыхиубыдэнур гурыlуэгъуэми, *"гъэ" пэщlэдзэ*рэ *"е" префиксиал*у ухуа *"lуэху префиксиал глагол"*хэм я *лэжьэкlэ*хэм *lуэхур зытеухуэ*у *зыхэзыщlэ "щхьэ"*р -*"lуэху"* лlэужьыгъуэ- *"*дополненэ*"*у зэрылъытэм нэмыщl, ***"субъект"***ым *lуэхур зыригъэщl*ыу *"субъект къуэдзэ"*рэ *"lуэхутхьэбзащlэ"*уи лъытапхъэри *"езырыж"* лlэужьыгъуэ *"*дополненэ*"*у зэрылъытэри гурыlуэгъуэщ. Ныtlэ, мы *"*дополненитl*"*ыр *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм *"lуэху"*у е *"езырыж"*у зэрылъытэрэ икlи *щыхэлъытэ щlыпlэ*хэри *зэрызэщхьэщыкl*ынур гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэхэр -игъуэ щыхъуа щlыпlэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ- мы ипэкlэ *таблицэ*м къыщыгъэлъэгъуа щапхъэхэми *хыболъагъуэ*р.

Ныtlэ, -еплlанэу- *"гъэ" пэщlэдзэ*рэ *"е" префиксиал*у ухуа мы *"lуэху префиксиал глагол"*хэр ***"субъект"***ым *"lуэху"р нэгъуэщl* гуэрым *–"субъект къуэдзэ"*м- *иригъэщl*ыу зэрыщытым зэрезэгъкlэ, *"субъект къуэдзэ" лъытэ "*дополненэ*"*р *"*глаголыпкъ*"*ым пыщlа ***"субъект"***ым *ипэ* къихуэу *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэм зэрыхэлъытапхъэри гурыlуэгъуэщ. Ауэ икlи, мы *"е" префиксиал глагол*ым и ***"субъект"***ыр *"объектив щхьэ"*уэ щытмэ, *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*р *"ири/ире" формэ префикс*кlэщ зэрыухуэнури, ныtlэ, *"глаголыпкъ"ыщхьэ*р зи увыпlэ ***"объектив субъект лъытэ"***р -мы *"ири/ире" префикс*ым и- *"р" нэужь*у, *"субъект къуэдзэ" лъытэ "*дополненэ*"*ри абы -*"*субъект лъытэ*"*м- ипэкlэ *"р" нэужь*ущ *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм *зэрыхиубыдэ*нур.

Етхуанэуи tlэ, *"*ири/ире*"* префиксым и *"р"ым ипэ* къихуэу ***"субъект"***рэ *"*дополненэ*"* лlэужьыгъуэ *"субъект къуэдзэ"*м *пыщlа*уэ лъытэнури *"*lуэху*"*р зытеухуэу *зыхэзыщlэ "*дополненэ*"*ращи, *абыи ипэ къихуэ "щхьэ"*р -

префиксми ипэ къихуэу- *псалъэм пэщlэдзэ*у хэлъытэ ″объект″рауэ зэрыщытыр гурыlэгъуэщ.

Дауи, мы къыхэдгъэщахэм нэмыщlхэри къыпыщапхъэмэ, *″lуэху глагол″*хэр *″гъэ″ пэщlэдзэ*рэ *″е″ префикс*кlэ ухуауэ зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа мы *″lуэху префиксиал глагол″*хэм я *″лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*хэм *″щхьэ″* лlэужьыгъуэу хиубыдэр нэхъри *зэрыбагъуэ*фынури гурыlуэгъуэнщ. Аращ икlии, *″е″ префиксиал*у ухуэ *″lуэху глагол″*хэм я *″объектив″ лэжьэкlэ*хэр *″ири/ире″ формэ префикс*кlэрэ зэрыухуэ щlыкlэри зи лъабжьэу *″инфинитив″у ″lуэху префиксиал глагол″*ыщlэхэри зэрыухуэм ипэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащи, мыпхуэдэхэм я лэжьэкlэхэм хиубыдэну *″щхьэ″*хэр *″*дополненэ*″* лlэужьыгъуэхэу нэхъри *зэрыбэгъуэну*р гурыlуэгъуэщ.

Мыбыи къыщымынэу, *″гъэ″ пэщlэдзэ*ри *зэрыбэгъуэну*м -гъэгъэ-нэмыщl, *″ири/ире формэ префикс*ри *″ирыри/ирыре...″* лlэужьыгъуэхэу *зэрыбэгъуэфыну*ми гулъытэ хуэтщlагъащ ипэкlэ къщедгъэкlуэкlа лэжьыгъэхэми, нытlэ, мыпхуэдэуи, *глагол*хэм я *лэжьэкlэ*хэм хиубыдэфыну *″щхьэ″*хэр –*″*дополненэ*″*хэу- *куэд*кlэ *зэрыбэгъуэну*ри гурыlуэгъуэнщ.

Мыхэр *адыгэбзэм и лэжьэкlэ лъэкlыныгъэ*хэрщ. Ауэ, мыхэр адыгэбзэм езэгърэ и лэжьэкlэми хузэфlэкlыу щытми, *″глагол лэжьэкlэ″*хэм *хиубыдэ*хэр *куэд щыхъум* деж, *къэlуэтэгъуей*рэ *гурыlуэгъуей* зэрыхъунури гурыlуэгъуэнщ. Ауэ икlи, мыпхуэдэ *″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*хэр бзэм *къэlуэтэгъуей*рэ *гурыlуэгъуей* къыхуэхъуу щыщlидзэри мыпхуэдэ лэжьэкlэхэр бзэм *куэдыщэу щыземыкlуэу щыщlидзэ*рауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщи, нытlэ *адыгэбзэм* мы зи гугъу тщla и *лэжьэкlэ лъэкlыныгъэ* лъэныкъэхэмкlи *егугъуни хуейщ*.

## ″ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ КЪЫРИКlУЭ lУЭХУ ГЛАГОЛ″ ЛЭЖЬЭКlЭХЭМ ″ЗЭМАНЫГЪУЭ″РЭ ″ЩХЬЭ″ХЭР ЗЭРЫХИУБЫДЭРЭ ЗЭРЫХЭЛЪЫТЭ ЩlЫКlЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

Зэрыгурыlуэгъуэу, *″щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ lуэху глагол″*хэр и клуэцlкlэ *″щхьэм хуэлэжьэж″*рэ *″щхьэм къыриклуэ″*у зэщхьэщыкlыу лъытапхъэщи, нытlэ, мы илъабжьэм мыпхуэдэ глаголхэм теухуа лэжьэкlэ щапхъэ гуэрхэр къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *″щхьэм хуэлэжьэрэ къыриклуэ lуэху глагол″*хэм ″езырыж глагол″рэ ″lуэху глагол″ лэжьэкlэхэр зыхэзыубыдэрщи, икlи,

къызытехъукlахэри ″езырыж префиксиал глагол″хэу зэрыщытым япэрей lыхьэрэ адрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ. Аращи, *″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″*хэр нормал глагол лlэужьыгъуэу *″префиксиал глагол″*хэрщ. Ауэ, *къызытехъукlа* мы *″езырыж префиксил глагол″*хэр *″занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэу *зэрылъытэу*щ *″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″*у утыку къызэрихьэр.

Аращи, *″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″*хэр *″занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэхэу лъытапхъэхэрщи, дэтхэнэ зы глаголыр мы гупым - ″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″ гупым- зэрыхэхьэ щlыкlэр мыпхуэдэу *″занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэущ. Ауэ, дэтхэнэ зы глаголым игъуэ префикс къызэрищтэфым хуэдэжу, дэтхэнэ зы *″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″*ри игъуэ *″префикс″* къызэрищтэу *″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху префиксиал глагол″*у ухуэфыну зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Икlи, гурыlуэгъуэщ *″lуэху″р ″субъект″ым хуэгъэза*уэ зэрылъытэр *″къ″ префикс*кlэ къызэрыlуатэри, нытlэ, глагол *″субъект″ым езым теухуэж* лэжьэкlэ зиlэу щыт *″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху* глагол″хэри ″къ″ префикскlэ къэlуэтэнри *нэхъ* гурыlуэгъуэрэ игъуэ зэрыхъунури гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, мы илъабжьэм къэдгъэлъэгъуэну глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр *″къ″ префикс*кlи зэрыухуауэ *зэрылажьэ* щапхъэхэри зыхиубыдэу къэдгъэлъэгъуэнри игъуэщ.

*

Мыхэри къыхэдгъэща нэужь, зи лэжьэкlэхэм щыгъуазэ дызыхуэхъуну мы глагол гупым щыщу -япэрауэ- *″щхьэм хуэлэжьэж lуэху глагол″* лlэужьыгъуэу лъытапхъэ *″гурыlуэн″* глаголым и *лэжьэкlэ щапхъэхэр* къэдгъэлъэгъуэныр игъуэщ.

Ипэкlэ къыхэдгъэщахэми зэрезэгъкlэ, *″щхьэм хуэлэжьэж lуэху глагол″* лlэужьыгъуэу зи гугъу тщlыну *″гурыlуэн″ лэжьэкlэ щапхъэхэр* икlи *″къ″ префикс*кlэ зэрыухуэж *″къыгурыlуэн″*ри зэрылажьэ щыкlэхэри *зыхэзыубыдэ*у къэдгъэлъэгъуэнри игъуэщ. Икlи, ″дополненэ″ *зымылъытэ ″префикс″*щ *″къ″*ыри, нытlэ, *″гурыlуэн″*ым и *лэжьэкlэм хуэдэ*щ *″къыгурыlуэн″*ми и *лэжьэкlэ*м *″щхьэ″*уэ ″**субъект**″рэ ″объект″ зэрыхиубыдэнур; ауэ икlи, глагол лэжьэкlэхэм *″зэман″ лъытэ ″дополненэ″* зэрыхиубыдэри гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, мы къыхэдгъэщахэм теухуауэ *″гурыlуэн/къыгурыlуэн″* глагол *лэжьэкlэ щапхъэхэр ″щхьэ″*рэ *″зэманыгъуэ″*хэр зыхэзыубыдэ зы

*таблиц*эри -*"зэманыгъуэ"*хэр зэрылъытэ *колон*ри хэгъэкlауэ- мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Глагол "субъект"** | **Глагол "объект"** | **"Зэман" лъытэ "дополненэ"** | **"Глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"хэр** |
|---|---|---|---|
| **Сэ** | Ар | *Иджы(пстуу)* | (Къы)**з**гур*о*lуэ |
| **Уэ** | Ар | *"* | (Къы)**б**гур*о*lуэ |
| **Абы** | Ахэр | *"* | (Къы)гур*о*lуэ(хэ) |
| **Дэ** | Ар | *"* | (Къы)**д**гур*о*lуэ |
| **Фэ** | Ахэр | *"* | (Къы)**в**гур*о*lуэ(хэ) |
| **Абыхэм** | Ахэр | *"* | (Къы)**а**гур*о*lуэ(хэ) |
| **Сэ** | Ар | *Апщыгъуэ* | (Къы)**з**гурыl*у*ащ |
| **Уэ** | Ар | *(Hемlэ,* | (Къы)**б**гурыl*у*ащ |
| **Абы** | Ахэр | *Tlэкly ипэ,* | (Къы)гурыl*у*а(хэ)щ |
| **Дэ** | Ар | *Нышэдибэ,* | (Къы)**д**гурыl*у*ащ |
| **Фэ** | Ахэр | *Дыгъуэпшыхь,* | (Къы)**в**гурыl*у*а(хэ)щ |
| **Абыхэм** | Ахэр | *Дыгъуасэ)* | (Къы)**а**гурыl*у*а(хэ)щ |
| **Сэ** | Ар | *Апщыгъуэ (Tlэкly* | (Къы)**з**гурыlуэн*у*щ |
| **Уэ** | Ар | *щlэмэ, Tlэкly* | (Къы)**б**гурыlуэн*у*щ |
| **Абы** | Ахэр | *дэкlмэ, Зы* | (Къы)гурыlуэн*у*(хэ)щ |
| **Дэ** | Ар | *сыхьэт нэужь,* | (Къы)**д**гурыlуэн*у*щ |
| **Фэ** | Ахэр | *иужькlэ,* | (Къы)**в**гурыlуэн*у*(хэ)щ |
| **Абыхэм** | Ахэр | *Пщэдей)* | (Къы)**а**гурыlун*у*(хэ)щ |

*

Мы илъабжьэми *"щхьэм къырикlуэ lуэху глагол"* лlэужьыгъуэу щыт *"щыгъупщэн"* глаголым и *лэжьэкlэ щапхъэхэр*и ар *"къ" префикс*кlи зэрыухуэ *"къыщыгъупщэн"*ри *зэрылажьэ* щапхъэхэри *зыхиубыдэу* къэгъэлъэгъуэныр игъуэщ. Нытlэ, *"щыгъупщэн/къыщыгъупщэн"* глагол *лэжьэкlэ щапхъэ*хэр *"щхьэ"*рэ *"зэманыгъуэ"*хэри зэрыхэлъытэ зы *таблиц*эу -*"зэманыгъуэ"*хэр зэрылъытэ *колон*ри хэгъэкlауэ- мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Глагол "субъект"** | **Глагол "объект"** | **"Зэман" лъытэ "дополненэ"** | **"Глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"хэр** |
|---|---|---|---|
| **Сэ** | Ар | *Иджы(пстуу)* | (Къы)**с**щ*о*гъупщэ |
| **Уэ** | Ар | *"* | (Къы)**п**щ*о*гъупщэ |
| **Абы** | Ахэр | *"* | (Къы)щ*о*гъупщэ(хэ) |
| **Дэ** | Ар | *"* | (Къы)**т**щ*о*гъупщэ |
| **Фэ** | Ахэр | *"* | (Къы)**ф**щ*о*гъупщэ(хэ) |
| **Абыхэм** | Ахэр | *"* | (Къы)**а**щ*о*гъупщэ (хэ) |
| **Сэ** | Ар | *Апщыгъуэ* | (Къы)**с**щыгъупщ*а*щ |
| **Уэ** | Ар | *(Hемlэ,* | (Къы)**п**щыгъупщ*а*щ |
| **Абы** | Ахэр | *Tlэкly ипэ,* | (Къы)щыгъупщ*а*(хэ)щ |
| **Дэ** | Ар | *Нышэдибэ,* | (Къы)**т**щыгъупщ*а*щ |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Фэ**<br>**Абыхэм** | Ахэр<br>Ахэр | *Дыгъуэпшыхь,*<br>*Дыгъуасэ)* | (Къы)**ф**щыгъупщ*а*щ(хэ)щ<br>(Къы)**а**щыгъупщ*а*(хэ)щ |
| **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Абы**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Абыхэм** | Ар<br>Ар<br>Ахэр<br>Ар<br>Ахэр<br>Ахэр | *Апщыгъуэ (Тlэкlу щlэмэ, Тlэкlу дэкlмэ, Зы сыхьэт нэужь, иужькlэ, Пщэдей)* | (Къы)**с**щыгъупщэн*у*щ<br>(Къы)**п**щыгъупщэн*у*щ<br>(Къы)щыгъупщэн*у*(хэ)щ<br>(Къы)**т**щыгъупщэн*у*щ<br>(Къы)**ф**щыгъупщэн*у*(хэ)щ<br>(Къы)**а**щыгъупщэн*у*(хэ)щ |

*

Зэрыгурыlуэгъуэу, *макъыбзэ*у щыт *адыгэбзэ*р *мыхьэнэбэ*у зэрыщытым хуэдэжу икlи *лэжьэкlэбэ*уи щытщи, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ lуэху глагол"* гуэрхэр икlи *нэгъуэщl* зэмылlэужьыгъуэ *"глагол гуп"*хэм я лэжьэкlэхэм *хуэдэу зэрылэжьэфынур*и мыбдежым щыжытlэжынщ.

Ауэ икlи, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ lуэху глагол"*хэр *"гъэ" пэщlэдзэ*кlэ щыуэжым деж, мы *я лэжьэкlэхэм зэрытекl*ынури гурыlуэгъуэнщ. Араще, "гъэ" пэщlэдзэу ухуа глаголхэр "субъект"ым lуэху нэгъуэщl гуэрым –"субъект къуэдзэ"м- иригъэзащlэу "lуэху префиксиал глагол" лlэужьыгъуэхэрщи, ныtlэ, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ lуэху глагол"*хэри *"гъэ" пэщlэдзэ*кlэ зэрыухуэнур *"lуэху префиксиал глагол"* лlэужьыгъуэущ.

**"Щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ lуэху глагол"хэм я "лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"хэр зэрызэпкъырылъым теухуа щапхъэхэр.**

Зэрыгурыlуэгъуэу, мы глагол гупу зи гугъу тщlыр глагол "субъект"ым и щхьэм къырикlуэ зэрылъытэрщи, мыпхуэдэри "субъект"ым къызэрыхуэкlуэу "къ" префикскlэ къэlуэтэныр нэхъ игъуэщ. Мыпхуэдэущ мы ипэкlэ *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ lуэху глагол"*хэм я лэжьэкlэ щапхъхэри къызыхуэтхьари, ныtlэ, абыхэм щыщ *"гурыlуэн, къыгурыlуэн"*ыр -япэрауэ- *"иджы/ит зэман"*у зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэр зэры*зэпкъырыха*уэ мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнри игъуэщ:

«**Сэ** *иджы* уэ у(къы)**з**гур*о*lуэ(р)» →→ «у – (къы) – **з** – гу – ры – *о* – lуэ – (р)»
↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7 8

1: "Субъектив объект щхьэ цlэпащlэ гъэлъагъуэ";
2: "**Субъект**"ым -и щхьэм- къыхуэкlэ зэрылъытэ "префикс";
3: **"Субъектив субъект щхьэ цlэпащlэ гъэлъагъуэ"**;
4: "Ири/ирe" формэ "префикс"у "гуры"м и япэрей lыхьэ;
5: "Ири/ирe" формэ префикс "гуры"м и "гу"р "глаголыпкъ"ым *"иджы"* пызыщlэ и

″lыхьэ″;
6: *″Ит зэман гъэлъагъуэ″*;
7: ″Занщlэ глаголыпкъ″
8: ″Иджы/ит зэман″у ″лажьэу ухуа псалъэ″хэр къызэрыхэгъэщ ″кlэух″.
---
- «**Абы** *иджы* ахэр (къы)гур*о*lуэ(хэ)(р) → «(къы) – гу – ры – *о* – lуэ – (хэ) – (р)»
↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7
1: ″**Субъект**″ым -и щхьэм- къыхуэкlэ зэрылъытэ ″префикс″;
2: ″Ири/ире″ формэ ″префикс″у ″гуры″м и япэрей lыхьэ;
3: ″Ири/ире″ формэ префикс ″гуры″м ″гу″р и ″глаголыпкъ″ым *″иджы″* пызыщlэ и ″lыхьэ″;
4: *″Ит зэман гъэлъагъуэ″*;
5: ″Занщlэ глаголыпкъ″;
6: ″Объектив объект куэдагъ лъытэ″;
7: ″Иджы/ит зэман″у ″лажьэу ухуа псалъэ″хэр къызэрыхэгъэщ ″кlэух″.
.....
- «**Абыхэм** *иджы* ахэр **я**гур*о*lуэ(хэ)(р) →→→→ «**я**–гу–ры–*о*–lуэ–(хэ)–(р)»
- «**Абыхэм** *иджы* ахэр къ**а**гур*о*lуэ(хэ)(р)» → «къы–**а**–гу–ры–*о*–lуэ–(хэ)–(р)»
↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7 8
1: ″**Субъект**″ым -и щхьэм- къыхуэкlэ зэрылъытэ ″префикс″;
2: ***″Объектив субъект щхьэ куэдагъ цlэпапщlэ лъытэ″***;
3: ″Ири/ире″ формэ ″префикс″у ″гуры″м и япэрей lыхьэ;
4: ″Ири/ире″ формэ префикс ″гуры″м и ″гу″р ″глаголыпкъ″ым *″иджы″* пызыщlэ и ″lыхьэ″;
5: *″Ит зэман гъэлъагъуэ″*;
6: ″Занщlэ глаголыпкъ″;
7: ″Объектив объект куэдагъ лъытэ″;
8: ″Иджы/ит зэман″у ″лажьэу ухуа псалъэ″хэр къызэрыхэгъэщ ″кlэух″.

Мы илъабжьэми мы *″гурыlуэн, къыгурыlуэн″* глаголыр *″блэкlа зэман″*у зэры*″лажьэу ухуэ псалъэ″*хэр *зэпкъырыха*уэ къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

«**Сэ** *дыгъуасэ* уэ у(къы)згурыlу*а*щ» → «у – къы – **з** – гу – ры – lуэ – *а* – щ»
↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7 8
1: ″Субъектив объект щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″;
2: ″**Субъект**″ым -и щхьэм- къыхуэкlэ зэрылъытэ ″префикс″;
3: ***″Субъектив субъект щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″***;
4: ″Ири/ире″ формэ ″префикс″у ″гуры″м и япэрей lыхьэ;
5: ″Ири/ире″ формэ префикс ″гуры″м и ″гу″р ″глаголыпкъ″ым пызыщlэ и ″lыхьэ″;
6: ″Занщlэ глаголыпкъ″;
7: *″Блэкlа зэман гъэлъагъуэ″*;
8: ″Иджы/ит зэман″у ″лажьэу ухуа псалъэ″хэр къызэрыхэгъэщ ″кlэух″.
---

- «**Абы** *дыгъуасэ* ахэр гурыIу*а*(хэ)щ →→→→→→ «гу – ры – Iуэ – *а* – (хэ) – щ»
- «**Абы** *дыгъуасэ* ахэр къыурыIу*а*(хэ)щ» → «къы – гу – ры – Iуэ – *а* – (хэ) – щ»
↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7

1: ″**Субъект**″ым -и щхьэм- къыхуэкIэ зэрылъытэ ″префикс″;
2: ″Ири/ире″ формэ ″префикс″у ″гуры″м и япэрей Iыхьэ;
3: ″Ири/ире″ формэ префикс ″гуры″м и ″гу″р ″глаголыпкъ″ым пызыщIэ и ″Iыхьэ″;
4: ″ЗанщIэ глаголыпкъ″;
5: *″Блэкla зэман гъэлъагъуэ″*;
6: ″Объектив объект куэдагъ лъытэ″;
7: *″Иджы/ит зэман″ нэмыщI –къэкIуэну/блэкla- зэманыгъуэ*кIэ ″лажьэу ухуа псалъэ″хэр щыIэ/фIэщ зэрыщI ″кIэух″.

.....

- «**Абыхэм** *дыгъуасэ* ахэр **я**гурыIу*а*(хэ)щ» →→→→ «**я**–гу–ры–Iуэ–*а*–(хэ)–щ»
- «**Абыхэм** *дыгъуасэ* ахэр къ**а**гурыIу*а*(хэ)щ» → «къы–**а**–гу–ры–Iуэ–*а*–(хэ)–щ»
↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6 7 8

1: ″**Субъект**″ым -и щхьэм- къыхуэкIэ зэрылъытэ ″префикс″;
2: **″Объектив объект щхьэ куэдагъ цIэпапщIэ лъытэ″**;
3: ″Ири/ире″ формэ ″префикс″у ″гуры″м и япэрей Iыхьэ;
4: ″Ири/ире″ формэ префикс ″гуры″м и ″гу″р ″глаголыпкъ″ым пызыщIэ и ″Iыхьэ″;
5: ″ЗанщIэ глаголыпкъ″;
6: *″Блэкla зэман гъэлъагъуэ″*;
7: ″Объектив объект куэдагъ лъытэ″;
8: *″Иджы/ит зэман″ нэмыщI –къэкIуэну/блэкla- зэманыгъуэ*кIэ ″лажьэу ухуа псалъэ″хэр щыIэ/фIэщ зэрыщI ″кIэух″.

**Мы къэта щапхъэхэм теухуауи къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр:**

- Зэрыгурыlуэгъуэу *″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ Iуэху глагол″*хэр игъуэ мыхьэнэ зиIэ *″езырыж префиксиал глагол″ зи лъабжьэ*у зы *″Iуэху глагол″* лIэужьыгъуэу лъытапхъэщи, и *лэжьэкIэ*ри *″езырыж глагол″*рэ *″Iуэху глагол″* лэжьэкIэ зыхэзыубыдэу *″хибрит″ лэжьэкIэ*у лъытапхъэрщ. НытIэ, мы жытIахэр икIи мы ипэкIэ къэта *″глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ″*р *зэрызэпкъырылъ*рэ мы зэрызэпкъырыха щIыкIэхэм *хыболъагъуэ*ри, мыпхуэдэ гуэрхэр мыбдежым аргуэру къыщыхэдгъэщынщ.

- Зэрыгурыlуэгъуэу, *″занщIэ″ е ″префиксиал″у* дауи щырет, *″езырыж глагол″*хэм **″субъект гъэлъагъуэрэ лъытэ″**р -*″езырыж″* лIэужьыгъуэу- *″глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ″*хэм *пэщIэдзэ*ущ зэрыхиубыдэну щIыкIэр; ауэ, мы къэта щапхъэхэр мыпхуэдэу зэрыщымытри наIуэщ. Араща, мы къэта щапхъэхэм **″субъектив гъэлъагъуэрэ лъытэ″**р *″Iуэху″* лIэужьыгъуэущ (пп: **з; *е, я/а***) зэрыхиубыдэр; ар щхьэ, *щыхиубыдэ щIыпIэ*ри {пп: (къы)**з**гур*о*Iуэ} -*″Iуэху глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ″*хэм *щыхиубыдэ* щIыпIэрауэ (пп: гурыз*о*гъаIуэ) *щымыт*у- *″езырыж префиксиал глагол″*ым (мы *″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ Iуэху*

*глагол"*ым лъабжьэ хуэхъуа *"гурыlуэн"*ым) *"езырыж"* лlэужьыгъуэ **"субъект гъэлъагъуэ"**р (пп: *"***сы***"*) щыхиубыдэ щlыпlэрауэ (пп: **сы**гур*о*lуэ) зэрыщытри нэрылъагъущ. Нытlэ, -мы зэрыжытlауэ- мы **"субъект"**ыр *луэху" лlэужьыгъуэу щытми, щыхиубыдэ щlыпl*эр *"луэху глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*хэм -*"луэху"* лlэужьыгъуэ- *"***субъект***"*ыр щыхиубыдэ щlыпlэм зэрыхуэмыдэри нэрылъагъущ. – Зэрыгурыlуэгъуэу, *"луэху глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*хэм -*"луэху"* лlэужьыгъуэ- *"***субъект***"*ыр (з) *"ит зэман гъэлъагъуэ"*м (*о*) *ипэ къихуэу* (*"..***з***о..*") зэрыхиубыдэр (пп: гуры**з***о*гъаlуэ) мы ипэкlи щапхъэу къэтхьащ.

## "СТАТЯ ГЛАГОЛ" ЛЭЖЬЭКlЭХЭМ "ЗЭМАНЫГЪУЭ"РЭ "ЩХЬЭ"ХЭР ЗЭРЫХИУБЫДЭРЭ ЗЭРЫХЭЛЪЫТЭ ЩlЫКlЭХЭМ ТЕУХУАУЭ

Япэрауэ, *"статя глагол"*хэр *"иджы зэман"*у зэры*"лажьэу ухуа псалъэ" зэпкъырыувэклэ*ущ зэрылъытэри, *адрей зэманхэм теухуауэ зэрылажьэ* щlыкlэхэр *нормал* -динамикэ- *глагол лэжьэклэхэм хуэдэу* зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, мы илъабжьэм *"статя глагол"*хэр -*"*иджы зэман*"*ым нэмыщl- *"блэкla"*рэ *"къэклуэну"* зэманыгъуэхэм *теухуа*уэ зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэм я зэпкъырыувэкlэр *"динамикэ" глагол*хэм я *лэжьэклэ*хэм *хуэдэу* зэрыщытынури гурыlуэгъуэщ.

Мыбы нэмыщl, *"статя глагол"*хэр -и клуэцlклэ- *"езырыж"рэ "луэху"* лlэужьыгъуэу *зэрызэщхьэщыкl*ыр гурыlуэгъуэщи, нытlэ, мы илъабжьэм къэдгъэлъэгъуэну *"статя глагол"* лэжьэкlэ щапхъэхэри мыбыхэм теухуауэ къгъэлъэгъуапхъэщ.

*

Мы зэрыжытlауэ, япэрауэ *"езырыж статя глагол"* лэжьэкlэхэм *"зэманыгъуэ"*рэ *"щхьэ"*хэр зэрыхиубыдэм теухуа щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ.

Нытlэ, мыпхуэдэ зы *"статя глагол"* лlэужьыгъуэрщ *"щысын"*ри, ар икlи *"щ" префиксиал*у *–зэрыухуагъэххэу "езырыж статя префиксиал глагол"*- зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Дауи, мы глаголыр *"иджы зэман"*рэ *"адрей зэманыгъуэ"*хэу *–"блэкla"*рэ *"къэклуэну"* зэманыгъуэу- зэрылажьэ щlыкlэхэм *"щхьэ"*рэ *"зэманыгъуэ"*хэри зыхиубыдэу мыбдежм зы *таблицэ* къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Глагол лэжьэкlэ "зэман"хэр** | **Глагол "субъект"** | ***"Зэман" лъытэ "дополненэ"*** | ***"Глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"хэр*** |
|---|---|---|---|
| | **Сэ** | *Иджы(псту)* | **Сы**щыс*щ* |

| | | | |
|---|---|---|---|
| *"Иджы"рэ "ит зэман" лэжьэкlэ* | **Уэ**<br>**Ар**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Ахэр** | *"*<br>*"*<br>*"*<br>*"*<br>*"* | **У**щыс*щ*<br>Щыс*щ*<br>**Ды**щыс*щ*<br>**Фы**щыс*щ*<br>Щыс(хэ)*щ* |
| *"Блэкlа зэман" лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Ар**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Ахэр** | *Апщыгъуэ (Hетlэ, Tlэкly ипэ, Нышэдибэ, Дыгъуэпшыхь, Дыгъуасэ)* | **Сы**щыс*а*щ<br>**У**щыс*а*щ<br>Щыс*а*щ<br>**Ды**щыс*а*щ<br>**Фы**щыс*а*щ<br>Щыс*а*(хэ)щ |
| *"Къэклуэну зэман" лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Ар**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Ахэр** | *Апщыгъуэ (Tlэкly щlэмэ, Tlэкly дэкlмэ, Зы сыхьэт нэужь, иужькlэ, Пщэдей)* | **Сы**щысн*у*щ<br>**У**щысын*у*щ<br>Щысын*у*щ<br>**Ды**щысын*у*щ<br>**Фы**щысын*у*щ<br>Щысын*у*(хэ)щ |

Мы къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэу, *"статя глагол"*хэр *"иджы зэман"*у зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэм *кlэух* хуэхъу *"щ"*ыр утыку ит *"хьэрычэт"ыр "стабил"у зэрыщыт*ыр зылъытэрщи, мы *"иджьы статя зэман гъэлъагъуэ"*у зэрыщытым папщlэщ *италик*эу тхауэ къызэрыгъэлъэгъуар.

*

Мы илъабжьэми *"lуэху статя занщlэ глагол"*у щыт *"лыгъын"*ым и *лэжьэкlэ щапхъэхэр "зэманыгъуэ"*рэ *"щхьэ"*хэри къызэрыхэщу зы *таблиц*эр къыщыдгъэлъэгъуэнри игъуэщ:

| **Глагол лэжьэкlэ "зэман"хэр** | **Глагол "субъект"** | **Глагол "объект"** | **"Зэман" лъытэ "дополненэ"** | **"Глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"хэр** |
|---|---|---|---|---|
| *"Иджы"рэ "ит зэман" лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Абы**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Абыхэм** | Уэ<br>Сэ<br>Ахэр<br>Ар<br>Дэ<br>Ахэр | *Иджы(псту)*<br>*"*<br>*"*<br>*"*<br>*"*<br>*"* | У**с**lыгъ*щ*<br>Сы**пl**lыгъ*щ*<br>**И**lыгъ(хэ)*щ*<br>**Tl**lыгъ*щ*<br>Ды**фl**lыгъ*щ*<br>**Я**lыгъ(хэ)*щ* |
| *"Блэкlа зэман" лэжьэкlэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Абы**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Абыхэм** | Уэ<br>Сэ<br>Ахэр<br>Ар<br>Дэ<br>Ахэр | *Апщыгъуэ (Hетlэ, Tlэкly ипэ, Нышэдибэ, Дыгъуэпшыхь, Дыгъуасэ)* | У**с**lыгъ*а*щ<br>Сы**пl**lыгъ*а*щ<br>**И**lыгъ*а*(хэ)щ<br>**Tl**lыгъ*а*щ<br>Ды**фl**lыгъ*а*щ<br>Я**l**ыгъ*а*(хэ)щ |
| | **Сэ** | Уэ | *Апщыгъуэ (Tlэкly* | У**с**lыгъын*у*щ |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| *"Къэкlуэну зэман" лэжьэкlэ* | **Уэ**<br>**Абы**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Абыхэм** | Сэ<br>Ахэр<br>Ар<br>Дэ<br>Ахэр | *щlэмэ, Тlэкlу дэкlмэ, Зы сыхъэт нэужь, иужькlэ, Пщэдей)* | Сы**пl**lыгъын*у*щ<br>**И**lыгъын*у*(хэ)щ<br>**Тl**lыгъын*у*щ<br>Ды**фl**lыгъын*у*щ<br>**Я**lыгъын*у*(хэ)щ |

**Мы таблицэм теухауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр:**

- Ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, *"статя глагол"*хэр *"иджы зэман"*у зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэращ *"статя"* къызыхэщри, *"статя глагол" гуп* зэрылъытэр я *"иджы зэман"* лэжьэкlэм *теухуа*уэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Араци, *"статя глагол"*у тлъытэхэр *адрей зэманыгъу*э*у* -иджы нэмыщl зэманыгъуэу- зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэр *нормал* -динамикэ- *глаголхэм* я *"ит зэман"ым нэмыщl "зэманыгъуэ"*у зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэм *хуэдэщ*. Нытlэ, мы къэтlуэтахэр хуиту зыхэплъэгъуэнур -мы зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа- *"lуэху статя глагол"*ыр (lыгъын) *нормал* -динамикэ- зы *"lуэху глагол"*у *зэрылажьэ* щапхъэхэрагъэнщи, мыбдежым мыпхуэдэ щапхъэхэри къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**сэ** уэ уз*о*lыгъ; **сэ** уэ у**с**lыгъ*а*щ; **сэ** уэ у**с**lыгъын*у*щ»;
- «**уэ** сэ сы**б***о*lыгъ; **сэ** уэ сы**пl**lыгъ*а*щ; **уэ** сэ сы**пl**lыгъын*у*щ»;
- «**абы** ар ***е***lыгъ; **абы** ахэр **и**lыгъ*а*(хэ)щ; **абы** ахэр **и**lыгъын*у*(хэ)щ»;
- «**абыхэм** ахэр ***я***lыгъ(хэ); **абыхэм** ахэр **я**lыгъ*а*(хэ)щ; **абыхэм** ахэр **я**lыгъын*у*(хэ)щ».

- Икlи, мы *нормал* -динамикэ- *"lуэху занщlэ глагол"* лэжьэкlэ щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, ***"*объектив субъект*"***ыр *"*lуэху*"*м –*"*объект*"*ым- зэр*"екlуалlэ"*р зэрылъытэ ***"е"***р -мы зэрытха щlыкlэуи- ***"*объектив щхьэ закъуэ субъект*"***рэ *"иджы/ит зэман"* лъытэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ; нытlэ, ***"*объектив щхьэ куэдагъ субъект*"***рэ *"иджы/ит зэман"* лъытэри *"е***а***"***уэ –макъ lуэр зэхэжыхьауи- ***"я"***уэ зэрылъытэри гурыlуэгъуэщ.

- Ауэ, мы *"lуэху занщlэ глагол"*ыр *нормал*у -динамикэу- *"иджы/ит зэман" нэмыщl*ыу *"блэкla"*рэ *"къэкlуэну"* зэманыгъуэкlэрэ зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэм ***"*объектив щхьэ лъытэ*"*** (**и, я**) хиубыдэ щхьэ, *"зэман" лъыт*э зэрыхимыбыдэнур гурыlуэгъуэщи, икlи *"lуэху статя глагол"*ыр (lыгъын) *"блэкla"*рэ *"къэкlуэну"* зэманыгъуэкlэрэ зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэм я зэпкъырыувэкlэри мы *нормал* -динамикэ- *глаголхэм* я *лэжьэкlэхэм* *хуэдэу* зэрыщытыр ипкlэ *таблиц*эм къыщыта щапхъэхэм *къагъэлъагъуэ*р.

- Дауи, *джагъэххэу* зэрыщыткlэ *"иджы"*ми *щылъыт*эрэ къыщекlуэкlращ *"статя глагол"*у лъытэри, нытlэ, *"иджы"*м *щыгъэзащlэу* зэры*щымыт*ым папщlэши, *"статя глагол"*хэр *"иджы зэман"*у зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэм *"*объектив*"*у *"екlуэлlэныгъэ"* (*е: "иэ; эй"*) зэрызыхамыубыдэнри гурыlуэгъуэщ. Араци, *"lуэху"* лlэужьыгъуэ ***"*объектив щхьэ закъуэ субъект лъытэ*"***мрэ (**и**) ***"*объектив щхьэ куэдагъ субъект лъытэ*"***р (**иа → я**) мы *джагъэххэ*р (пп: lыгъщ) зытеухуауэ зэрылъытэущ *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм (**и**lыгъщ; **я**lыгъщ) зэрыхэлъытэр.

- Мы зи гугъу тщlахэм нэмыщl, *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*хэм хибыдэ *"lуэху"* лlэужьыгъуэ *"субъектив щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*хэр (с, б, д, ф) *къыклэлъыклуэ макъ*ым *елъыта*уэ *къызэрылу*р гурыlуэгъуэщи (з, п, т, в), икlи, мыпхэдэ къэlуклэ зыгъуэта *мы макъхэри къыклэлъыклуэ макъым хэмыгъуэщэн папщlи "*l, ъ" *нэгъыщэ*клэ къыхэгъэщын *хуейуэ щыхъу* зэрыщыlэу ипэклэ щыгъуазэ дыхуэхъуа гуэрхэр мы къэта *таблицэ*ми хыболъагъуэр:

- «Сы**пl**lыгъщ (сы**п**lыгъщ ← сы**б**lыгъщ)»;
- «**Tl**lыгъщ (**т**lыгъщ ← **д**lыгъщ)»;
- «Ды**фl**lыгъщ (← ды**ф**lыгъщ)».

- Мыбыхэм нэмыщl, "езырыж"рэ "lуэху" лlэужьыгъуэу мы ипэклэ зи лэжьэклэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа *"статя глагол"*хэр игъуэ "префикс"клэрэ *"статя префиксиал глагол"*у зэрыухуэжьыфынухэр гурыlуэгъуэщи, абыхэм *я лэжьэклэхэм аргуэру "дополненэ"* зэрыхэлъытэфынури гурыlуэгъуэщ.

*

Мы илъабжьэми зы *"lуэху статя префиксиал глагол"*у щыт *"ulэн"*ым и *лэжьэклэ щапхъэхэр "зэманыгъуэ"*рэ *"щхьэ"*хэри къызыхэщ зы *таблицэ*ри къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Глагол лэжьэклэ "зэман"хэр** | **Глагол "субъект"** | **Глагол "объект"** | **"Зэман" лъытэ "дополненэ"** | **"Глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"хэр** |
|---|---|---|---|---|
| *"Иджы"рэ "ит зэман" лэжьэклэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Абы**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Абыхэм** | Уэ<br>Сэ<br>Ахэр<br>Ар<br>Дэ<br>Ахэр | *Иджы(пстu)*<br>"<br>"<br>"<br>"<br>" | У**з**иlэ*щ*<br>Сы**у**иlэ*щ*<br>Илэ(хэ)*щ*<br>**Д**иlэ*щ*<br>Ды**в**иlэ*щ*<br>**Я**lэ(хэ)*щ* |
| *"Блэкlа зэман" лэжьэклэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Абы**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Абыхэм** | Уэ<br>Сэ<br>Ахэр<br>Ар<br>Дэ<br>Ахэр | *Апщыгъуэ (Нетlэ, Tlэкly ипэ, Нышэдибэ, Дыгъуэпшыхь, Дыгъуасэ)* | У**з**иlа*щ*<br>Сы**у**иl*а*щ<br>Иl*а*(хэ)щ<br>**Д**иl *а*щ<br>Ды**в**иl*а*щ<br>**Я**l*а*(хэ)щ |
| *"Къэклуэну зэман" лэжьэклэ* | **Сэ**<br>**Уэ**<br>**Абы**<br>**Дэ**<br>**Фэ**<br>**Абыхэм** | Уэ<br>Сэ<br>Ахэр<br>Ар<br>Дэ<br>Ахэр | *Апщыгъуэ (Tlэкly щlэмэ, Tlэкly дэклмэ, Зы сыхьэт нэужь, иужькlэ, Пщэдей)* | У**з**иlэн*у*щ<br>Сы**у**иlэн*у*щ<br>Илэн*у*(хэ)щ<br>**Д**иlэн*у*щ<br>Ды**в**иlэн*у*щ<br>**Я**lэн*у*(хэ)щ |

**Мы таблицэм теухауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр:**

- Япэрауэ, мы къэта *глагол лэжьэклэ*хэм *"субъект"рэ "объект"*хэр *"щхьэ цlэпапщlэ"* лlэужьыгъуэу -*"псалъэухугъэ"*хэм- зэрыхиубыдэ щlыклэу, мы *"статя глагол"*ыр зы *"lуэху глагол"* лlэужьыгъуэщ. Ауэ, я *"глагол лэжьэклэу ухуа*

*псалъэ"*хэм ущеплъым деж, плъагъур зэтемыхуэ lуэхугъуэхэрщи, нытlэ, мыпхуэдэхэм мы илъабжьэм я гугъу щытlщынщ.

- Ипэкlэ "е" префиксиал глагол лэжьэкlэхэм "субъектив дополненэ"хэр "езырыж"у зэрыхиубыдэм щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, мыбдежми мы *"статя lуэху префиксиал глагол"* лlэужьгъуэ **"иlэн"** глаголыр **"субъектив субъект"**кlэрэ щылажьэм деж, **"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"**хэм хиубыдэ *"субъект" къалэн* зыгъэзащlэ **"субъектив щхьэ цlэпащlэ гъэлъагъуэ"**хэр **"езырыж"**у зэрыхэлъытахэри нэрылъагъущ. Нытlэ, мыпхуэдэ лэжьэкlэуи **"иlэн"** глаголыр зыхэзыубыдэ **"статя lуэху глагол"** гупым и *лэжьэкlэхэм* **къазэрыщхьэщыкl**ри гурыlуэгъуэщ.

- Ауэ, **"иlэн"** глаголыр **"объектив субъект"**кlэрэ **зэрылажьэ** щlыкlэхэр **"статя lуэху глагол"** гуп **лэжьэкlэ**у зэрыщытри мы ипэкlэ таблицэм къыщыта щапхъэхэм хыболъагъуэр.

- Дауи, "е" префиксиал глаголхэм я "лэжьэкlэу ухуа псалъэ"хэм "субъектив субъект"хэр "езырыж" лlэужьыгъуэу зэрыхиубыдэм лъабжьэ хуэхъур "е" префикскlэ лъытэ екlуэлlэныгъэр "субъектив щхьэ"хэм къызэрыхуэкlуэ щlыкlэм елъытауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мыбдежым зи гугъу тщlы *"иlэн" глагол*ым и *лэжьэкlэ*хэм **"субъектив субъект"**хэр **"езырыж"**у мы зэрылъытэр **зэлъытар "иlэн"** глаголым и **мыхьэнэ**ращи, мыбы иужькlэ игъуэ щыхъум деж, нэхъри щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

**

"Щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"хэм хуэдэщи, *"статя глагол"*хэри *"гъэ" пэщlэдзэ*кlэ щыухуэжым деж, я *"статя"* лlэужьыгъуэр *зэрыкlуэд*ынур гурыlуэгъуэнщ.

## **"Статя глагол"хэм я "лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"хэр зэрызэпкъырылъым теухуа щапхъэхэр.**

Зэрыгурыlуэгъуэу *джа*уэ щытыр *иджым*и а *зэрыджу щызекlуэ*у зэрыщыткlэрэщ *"статя глагол"*хэр *зэрылъытэ*рэ *динамикэ глагол*хэми *къазэрыщхьэщыкl*ри, нытlэ, зи гугъу тщlы *глагол гуп*ыр *зэрылъытэ*р *"иджы зэман"*ым теухуащи, икlи, мы *глагол гуп*ым хуэlуа зы *"статя иджы зэман"*и зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, мы къыхэдгъэщами зэрезэгъкlэ, мы ипэкlэ зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа зы *"статя глагол"* щапхъэу -икlи "статя lуэху глагол"у щыт- *"lыгъын"*ыр –япэрауэ- *"статя иджы зэман"*у зэры*"лажьэу ухуа псалъэ"*хэр зэры*зэпкъырыха*уэ зы *таблиц*э къэгъэлъэгъуэныр игъуэщ:

«**Сэ** *иджы* уэ у**с**Iыгъ*щ*» → «у – **с** – Iыгъ – *щ*»
↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4
1: ″Субъектив объект щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″;
2: **″Субъектив субъект щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″**;
3 ″ЗанщIэ глаголыпкъ″ (Iэ-ы-гъэ-ы);
4: *″Статя иджы лъытэ кIэух″*.
---
«**Абы** *иджы* ар **и**Iыгъ*щ*» → «**и** – Iыгъ – *щ*»
↓ ↓ ↓
1 2 3
1: **″Объектив субъект щхьэ закъуэ цIэпапщIэ лъытэ″**;
2 ″ЗанщIэ глаголыпкъ″ (Iэ-ы-гъэ-ы);
3: *″Статя иджы лъытэ кIэух″*.
.....
«**Абыхэм** *иджы* ахэр **я**Iыгъ(хэ)*щ*» → «**я** – Iыгъ – (хэ) – *щ*»
↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4
1: **″Объектив субъект щхьэ закъуэ цIэпапщIэ лъытэ″**;
2 ″ЗанщIэ глаголыпкъ″ (Iэ-ы-гъэ-ы);
3: ″Объектив объект куэдагъ лъытэ″;
4: *″Статя иджы лъытэ кIэух″*.

Мы ипэкIи зэрыжытIауэ, *″статя″*р *″иджы зэман″*ращ щылъытэри, ″статя глагол″хэр *″блэкIа″* е *″къэкIуэну″ зэманыгъуэ*хэм теухуауэ зэрылажьэ щIыкIэхэр *динамикэ глаголх*эм я *лэжьэкIэущ*. НытIэ, мыри зыхэплъэгъуэну щIыкIэу, мы илъабжьэм *″Iыгъын″* глаголыр *″блэкIа зэман″*у зэры*″лажьэу ухуэ псалъэ″*хэри *зэпкъырыха*уэ мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

«**Сэ** *дыгъуасэ* уэ у**с**Iыгъ*а*щ» → «у – **с** – Iыгъ – *а* – щ»
↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5
1: ″Субъектив объект щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″;
2: **″Субъектив субъект щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″**;
3 ″ЗанщIэ глаголыпкъ″ (Iэ-ы-гъэ-ы);
4: *″БлэкIа зэман гъэлъагъуэ″*;
5: ″Статя лъытэ кIэух″ – *″иджы/ит зэман нэмыщI* псалъэр щыIэ/фIэщ зэрыщI кIэух″.
---
«**Абы** *дыгъуасэ* ар **и**Iыгъ*а*щ» → «**и** – Iыгъ – *а* – щ»
↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4
1: **″Объектив субъект щхьэ закъуэ цIэпапщIэ лъытэ″**;
2 ″ЗанщIэ глаголыпкъ″ (Iэ-ы-гъэ-ы);
3: *″БлэкIа зэман гъэлъагъуэ″*;

4: ″Статя лъытэ кlэух″ – *″иджы/ит зэман нэмыщl* псалъэр щыlэ/фlэщ зэрыщl кlэух″.
.....
«**Абыхэм** *дыгъуасэ* ахэр **я**lыгъ*а*(хэ)щ» → «**я** – lыгъ – *а* – (хэ) – щ»
↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5
1: ***″Объектив субъект щхьэ куэдагъ цlэпапщlэ лъытэ″***;
2 ″Занщlэ глаголыпкъ″ (lэ-ы-гъэ-ы);
3: *″Блэкlа зэман гъэлъагъуэ″*;
3: ″Объектив объект куэдагъ лъытэ″;
4: ″Статя лъытэ кlэух″ – *″иджы/ит зэман нэмыщl* псалъэр щыlэ/фlэщ зэрыщl кlэух″.

*

Мы илъабжьэми ипэкlт зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа *″статя луэху префиксиал глагол″* щапхъэу щыт *″ulэн″*ыр –япэрауи- *″статя иджы зэман″*у зэрылажьэрэ я *″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*хэри зэры*зэпкъырыха*уэ зы *таблиц*эу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

«**Сэ** *иджы* уэ узиlэ*щ*» → «у – **зы** – и – lэ – *щ*»
↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5
1: ″Субъектив объект щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″;
2: ***″Субъектив субъект щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ*** (***″езырыж″***у: ″**сы → зы**″)″;
3 ″Префикс″;
4: ″Глаголыпкъ″;
5: *″Статя иджы лъытэ кlэух″*.
---
«**Абы** *иджы* ар иlэ*щ*» → «и – lэ – *щ*»
↓ ↓ ↓
1 2 3
1 ″Префикс″/***″объектив субъект лъытэ″***;
2: ″Глаголыпкъ″;
3: *″Статя иджы лъытэ кlэух″*.
.....
«**Абыхэм** *иджы* ахэр **я**lэ(хэ)*щ*» → «и–**а**–lэ–(хэ)–*щ*»→ «**я**lэ(хэ)*щ* {и**а**lэ(хэ)*щ*}»
↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5
1: ″Префикс″;
2: ***″lуэху″ лlэужьыгъуэ ″объектив субъект куэдагъ лъытэ″***;
3: ″Глаголыпкъ″;
4: ″Объектив объект щхьэ куэдагъ лъытэ″ кlэух;
5: *″Статя иджы лъытэ кlэух″*.

Ипэкlи и гугъу зэрытщlарэ мы къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, *″ulэн″* глаголхэр зэры*″лажьэу ухуа псалъэ″*хэм ***″объектив субъект лъытэ″***хэр -зэрыхъун хуейуэ- ***″lуэху″*** лlэужьыгъуэу хиубыдэ щхьэ, ***″субъектив субъект гъэлъагъуэ″***хэр ***″езырыж″***ущ зэрыхиубыдэри, нытlэ,

″щхьэ″хэр мы къыхэдгъэщахэм хуэдэу зэрыхиубыдэнур гурыIуэгъуэнщ я *″блэкIа зэман″* лэжьэкIэхэми, мы илъабжьэм я *″глагол лэжьэкIэу уху а псалъэ″*хэри *зэпкъырыха*уэ къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

«**Сэ** *дыгъуасэ* уэ узи*Iа*щ» → «у – **зы** – и – Iэ – *а* – щ»
↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6

1: ″Субъектив объект щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″;
2: **″Субъектив субъект щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ (″езырыж″**у: **″сы → зы″)″**;
3 ″Префикс″;
4: ″Глаголыпкъ″;
5: *″БлэкIа зэман гъэлъагъуэ″*;
6: ″Статья лъытэ кIэух″ – *″иджы/ит зэман нэмыщI* псалъэр щыIэ/фIэщ зэрыщI кIэух″.

---

«**Абы** *дыгъуасэ* ар и*Iа*щ» → «и – Iэ – *а* – щ»
↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4

1 ″Префикс″/**″объектив субъект лъытэ″**;
2: ″Глаголыпкъ″;
3: *″БлэкIа зэман гъэлъагъуэ″*;
4: ″Статья лъытэ кIэух″ – *″иджы/ит зэман нэмыщI* псалъэр щыIэ/фIэщ зэрыщI кIэух″.

.....

«**Абыхэм** *дыгъуасэ* ахэр **я**I*а*(хэ)щ» → «и–**а**–Iэ–*а*–(хэ)–щ»→«**я**I*а*(хэ)щ {и**а**I*э а*(хэ)щ}»
↓ ↓ ↓ ↓ ↓ ↓
1 2 3 4 5 6

1: ″Префикс″
2: **″IуэхуII лIэужьыгъуэ ″объектив субъект куэдагъ лъытэ″**;
3: ″Глаголыпкъ″;
4: *″БлэкIа зэман гъэлъагъуэ″*;
5: ″Объектив объект щхьэ куэдагъ лъытэ″ кIэух;
6: ″Статья лъытэ кIэух″ – *″иджы/ит зэман нэмыщI* псалъэр щыIэ/фIэщ зэрыщI кIэух″.

**ЕПЛІАНЭ ІЫХЬЭ**

# ГЛАГОЛХЭМ Я "ХЪЫБАРЕГЪАЩІЭ" ХЪУПХЪЭ ЛЭЖЬЭКІЭ ЩАПХЪЭХЭР

## ЕПЛIАНЭ IЫХЬЭМ ХИУБЫДЭХЭР


| ПСЭЛЪАЩХЬЭХЭР | ТХЫЛЪЫМПIЭ НАПЭ КIУЭЦI |
|---|---|
| **ЯПЭРЕЙ ПЫЧЫГЪУЭ**<br>**ГЛАГОЛХЭМ Я ″ХЪЫБАРЕГЪАЩIЭ″ ЛЭЖЬЭКIЭ ЩАПХЪЭХЭР КЪЫЗЭРЫГЪЭЛЪЭГЪУЭНУМ ТЕУХУАУЭ** | **551** |
| **ЕТIУАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ**<br>**″ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ″ХЭМ Я ″ХЪЫБАРЕГЪАЩIЭ″ ЛЭЖЬЭКIЭХЭХЭР**<br>- ″ЕЗЫРЫЖ ЗАНЩIЭ ГЛАГОЛ″ХЭМ Я ″ХЪЫБАРЕГЪАЩIЭ″ ЛЭЖЬЭКIЭ ЩАПХЪЭХЭР<br>- ″ЕЗЫРЫЖ ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ″ХЭМ Я ″ХЪЫБАРЕГЪАЩIЭ″ ЛЭЖЬЭКIЭ ЩАПХЪЭХЭР | **557**<br>557<br>570 |
| **ЕЩАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ**<br>**″IУЭХУ ГЛАГОЛ″ХЭМ Я ″ХЪЫБАРЕГЪАЩIЭ″ ЛЭЖЬЭКIЭХЭМ ТЕУХУАУЭ**<br>- ″IУЭХУ ЗАНЩIЭ ГЛАГОЛ″ХЭМ Я ″ХЪЫБАРЕГЪАЩIЭ″ ЛЭЖЬЭКIЭ ЩАПХЪЭХЭР<br>- ″IУЭХУ ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ″ХЭМ Я ″ХЪЫБАРЕГЪАЩIЭ″ ЛЭЖЬЭКIЭ ЩАПХЪЭХЭР | **579**<br>579<br>591 |
| **ЕПЛIАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ**<br>**″ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖЬРЭ КЪЫРИКIУЭ IУЭХУ ГЛАГОЛ″ХЭМ Я ″ХЪЫБАРЕГЪАЩIЭ″ ЛЭЖЬЭКIЭХЭМ ТЕУХУАУЭ**<br>- ″ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ КЪЫРИКIУЭ IУЭХУ ГЛАГОЛ″ХЭМРЭ Я ЛЭЖЬЭКIЭХЭМ ТЕУХУАУЭ ПСЭЛЪИТI-ЩЫ<br>- ″ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ КЪЫРИКIУЭ IУЭХУ ГЛАГОЛ″ХЭМ Я ″ХЪЫБАРЕГЪАЩIЭ″ ЛЭЖЬЭКIЭ ЩАПХЪЭХЭР | **605**<br>605<br>605 |
| **ЕТХУАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ**<br>**″СТАТЯ ЗЭРЫЛЪЫТЭРЭ ЗЫГЪЭЛЪАГЪУЭ ГЛАГОЛ″ХЭМ (″СТАТЯ ГЛАГОЛ″ХЭМ) Я ХЪЫБАРЕГЪАЩIЭ ЛЭЖЬЭКIЭХЭМ ТЕУХУАУЭ**<br>- ″СТАТЯ ГЛАГОЛ″ХЭМРЭ Я ЛЭЖЬЭКIЭХЭМ ТЕУХУАУЭ ПСЭЛЪИТ-ШЫ<br>- ″СТАТЯ ГЛАГОЛ″ХЭМ Я ″ХЪЫБАРЕГЪАЩIЭ″ ЛЭЖЬЭКIЭ ЩАПХЪЭХЭР | **616**<br>617<br>618 |

## ЯПЭРЕЙ ПЫЧЫГЪУЭ
## ГЛАГОЛХЭМ Я ″ХЪЫБАРЕГЪАЩIЭ″ ЛЭЖЬЭКIЭ ЩАПХЪЭХЭР КЪЫЗЭРЫГЪЭЛЪЭГЪУЭНУМ ТЕУХУАУЭ

Япэрауэ, *″глагол″*хэм я *лэжьэкlэ нэхъыщхьэ*рэ *нэхъыбапlэ*р мы зи гугъу тщlы *хъыбарегъащlэ лэжьэкlэ*у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, нытlэ, *″хъыбарегъащlэ″* лэжьэкlэхэр *глагол лэжьэкlэ*хэм теухуа *лъабжьэ*уи лъытапхъэщ. Икlи, *мы лэжьыгъэ*р мы ипэкlэ зи гугъу тщla *дэтхэнэ зы лъэныкъуэ*ри *зыхэзыубыдэ*у *убгъуа зы лэжьыгъэ*у къегъэкlуэкlын хуей щlэхъуар мырагъэнщ. Аращи, мы *тхылъ том*ыр зытехуар *глаголхэм я ″хъыбарегъащlэ″ лэжьэкlэ*рауи жыlэпхъэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, мы ипэкlэ къыщедгъэкlуэкla лэжьыгъэ lыхьэхэм *глагол*хэр *″хъыбарегъащlэ″*у *–″хъупхъэ″*уи- зэрылажьэм дэтхэнэ и зы лъэныкъуэкlэ *щыгъуазэ дыхуэхъуа*уэ лъытапхъэщ. Аращи, *″хъыбарегъащlэ″ лэжьэкlэхэр* къызэрыlуатэ *″псалъэухыгъэ″*хэмрэ *″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*хэм зэмылlэужьыгъуэ *″зэманыгъуэ″*хэмрэ, *″щхьэ″*хэри *″субъектив″*рэ *″объектив″* лlэужьыгъуэу дэтхэнэ зы къалэнкlэрэ *–″***субъект**, объект, дополненэ″- зэрыхиубыдэ щlыкlэрэ щlыпlэхэми щыгъуазэ дыхуэхъуащ.

Нытlэ, мы къытпэщыт лэжьыгъэ lыхьэми глаголхэр **″объектив″**у зэры″**лажьэу ухуэ псалъэ″**хэм теухуа *щапхъэхэр* къэдгъэлъэгъуэнкlэ зыхуридгъэкъунщ. Аращи, дэтхэнэ зы *глагол гуп*ым хиубыдэ *глагол щапхъэ* гуэрхэр зэры″**лажьэу ухуэ псалъэ″**хэм -флэкlыпlэ имыlэу- хиубыдэн хуей *″зэманыгъуэ″*у зы **″зэман гъэлъагъуэ″**рэ, *–флэкlыпlэ зимыlэу- хэлъытэн* хуей **″субъект″**у зы **″субъект гъэлъагъуэрэ лъытэ″** зэрыхиубыдэ щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнущ.

Икlи, дэтхэнэ зы *глагол*ыр *зэм зы ″зэманыгъуэ″*кlэрэщ *зэрылэжьэф*ынури, дэтхэнэ зы глаголым дэтхэнэ и зы *″лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*м *зы ″зэман гъэлъагъуэ″ закъуэ* зэрыхиубыдэнум нэмыщl, икlи дэтхэнэ зы глаголыр *зы ″субъект″*кlэрэщ зэрылэжьэнури, дэтхэнэ зы глаголым дэтхэнэ и зы *″лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*ми зы *″субъект гъэлъагъуэрэ лъытэ″* закъуэщ *″щхьэ″* лlэужьыгъуэу хиубыдэнур.

Араш икlии, дэтхэнэ зы *″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*р ухуэфын папщlэ -флэкlыпlэ имыlэу- *хиубыдэн хуей*хэр зы *″зэман гъэлъагъуэ″*рэ зы *″субъект гъэлъагъуэрэ лъытэ″*рщ. Нытlэ, глагол лэжьэкlэхэм

хиубыдэфыну щыт *"объект"*рэ *"дополненэ"*хэр химыубыдэуи зэрыухуэфынур наlуэщ *"глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"*хэр; ауэ, *"зэман гъэлъагъуэ"*рэ *"субъект лъытэрэ гъэлъагъуэ"* химыубыдэу утыку къызэримыхьэфынури наlуэщ. Нытlэ, зы **"глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"**р *"зэман лъытэ"*рэ *"субъект гъэлъагъуэрэ лъытэ" зыхиубыдэ*у мы *зэрыухуэр* абы и **ухуэклэ лъабжьэ**у лъытапхъэрщ.

Мы къэтlуэтахэмкlи гурыlуэгъуэщи, мы лэжьыгъэ lыхьэм щыгъуазэ дызыхуэхъунур дэтхэнэ зы **"глагол лэжьэу ухуа псалъэ"**р *а нэхъ мащlэу* **хиубыдэн хуейхэмклэ**рэ **зэрыухуэ**рэ *зэрызэпкъырыувэ* щlыклэращ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, дэтхэнэ зы глаголыр зэрылажьэ *"зэманыгъуэ"*у *зы "зэман гъэлъагъуэ"*, "щхьэ"уэ зы **"субъектив щхьэ гъэлъагъуэрэ лъытэ"**, икlи зы "занщlэ/префиксиал глаголыпкъ" зыхэзыубыдэ **"глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"**хэм теухуа щапхъэхэр къыщыдгъэлъэгъуэнущ мы къытпэщыт лэжьыгъэ lыхьэми, нытlэ, зы **"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"**р **ухуэн папщlэ** зыхуэныкъуэрэ зы**хурикъу**р **-"raison suffisante"**-*зыхэзыубыдэу зэрыухуэ*м теухуа зы лэжьыгъэуи лъытапхъэщ мы къытпэщытыр.

Мы зи гугъу тщlахэм нэмыщl, *глаголхэр "хъыбарегъащlэ"*у *"блэкla"рэ "къэклуэну"* лlэужьыгъуэ *зэманыгъуэ*рэ *"статя глагол"*хэми я *"статя иджы зэман"* лlэужьыгъуэ *"лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*хэр *"щ" клэух*клэ зэры*зэпкъырыувэ*хэр гурыlуэгъуэщ. Ауэ икlи, мы *"щ" клэух*ым хуэдэу *тклийуэ щымыт*ми, **глаголхэр "хъыбарегъащlэ"**у **"ит зэман"**у зэры**"лажьэу ухуэ псалъэ"**хэри **"р" клэух**клэ *къызэрылуф*ри гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, илъабжьэм *"ит зэман"*у *"лажьэу ухуэ псалъэ"*у къэдгъэгъуэну **щапхъэхэм**и *"р" клэух*ыр мы зэрыхиубыдэр **"(р)"**уэ *къэгъэлъэгъуэн*ри игъуэщ.

Мыпхуэдэ *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ" щапхъэ*хэрщ мы илъабжьэм къэдгъэлъэгъуэну къытпэщытхэри, нытlэ, мыпхуэдэ *лэжьыгъэ лъагъуэм дызэриклуэну щlыклэ*хэмрэ *къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр*и мы илъабжьэм къыщыпытщэн.

*

Мы къыпытщэжахэм нэмыщl, япэрей ди лэжьыгъэхэмрэ мы ипэклэ къыщедгъэклуэкla лэжьыгъэ lыхьэхэми зэрыхэплъагъуэу, адыгэбзэм и **глаголхэр гупиплlы**у зэщхьэщыгъэклыпхъэщи, нытlэ, мы къытпэщыт лэжьыгъэ lыхьэри мы *"глагол гуп"*у лъытахэм дэтхэнэ зыр *псэлъащхьэ* зэрыухъуу къедгъэклуэклынри игъуэщ.

Аращи, адыгэбзэ *глаголхэм я хъыбарегъащlэ хъупхъэ лэжьэкlэ щапхъэхэр* мыпхуэдэ **псэлъащхьэ**хэм щlэджыкlынущ:

**- ″Езырыж глагол″хэм я хъыбарегъащlэ лэжьэкlэ щапхъэхэр,**

**- ″lуэху глагол″хэм я хъыбарегъащlэ лэжьэкlэ щапхъэхэр,**

**- ″Щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″хэм я хъыбарегъащlэ лэжьэкlэ щапхъэхэр,**

**- ″Статя глагол″хэм я хъыбарегъащlэ лэжьэкlэ щапхъэхэр.**

Мы зи цlэхэр къитlуа дэтхэнэ зы глагол гупым хуэlуа дэтхэнэ зы деталым абы и лэжьэкlэ щапхъэхэм дежщ щыгъуазэ дыщыхуэхъунур. Ауэ, ″lуэху глагол″хэр -флэкlыпlэ имыlэу- зытелэжьыхьыр зы ″объект″у зэрыщытым папщlэ, ″lуэху глагол″ лэжьэкlэхэм ″субъект″ым нэмыщl *″щхьэ″*уэ *зы ″объект″*и хиубыдэн хуейуэ зэрыщытынури гурыlуэгъуэщ. Икlи, ипэкlи зэрыжытlауэ, мыбдежым къытпэщытыр *глаголхэр объективу* зэры*″лажьэу ухуа псалъэ″*хэр а нэхъ мащlэ зыхиубыдэу зэрыухуэнум техуащи, нытlэ, *″субъект″*ым *нэмыщl ″щхьэ″* зэры*химыубыдэ*нум зэрезэгъкlэ, *″объект″*и –ари ″объектив щхьэ″уэ зэрыщытынум папщlэ-зэрызы*химыубыдэ*нур гурыlуэгъуэнщ.

*Глаголхэр* мыпхуэдэу *гупиплы*у зэщхьэщыгъэкlыпхъэми, *адыгэбзэр* зы *макъыбзэу* зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, *мыхьэнэбэу* зэрыщытым хуэдэжу икlи *лэжьэкlэбэрщи*, нытlэ, глаголхэм *зэмылlэужьыгъуэ лэжьэкlэ* зэралэфынури гурыlуэгъуэщ. Аращи, мы *глагол гупхэм хиубыдэ глагол гуэрхэм нэгъуэщl глагол гуп лэжьэкlэ* зэригъуэтыфынури гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, мы илъабжьэм къыщедгъэкlуэкlыну лэжьыгъэм дэтхэнэ зы *глагол гупым* и *″хъыбарегъащlэ″* лэжьэкlэм теухуа **″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″** щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуа *нэужь*, мы *глаголыр* **нэгъуэщl глагол гупхэм** хуэдэуи **зэрылажьэ** *щапхъэхэри* къыпытщэнри игъуэщ.

Мы къыхэдгъэщахэм нэмыщl, аргуэру къыхэгъэщыпхъэщ **глаголхэр** а нэхъ лъабжьэу **″езырыж″**рэ **″lуэху″** лlэужьыгъуэу зэщхьэщыгъэкlыпхъэу зэрыщытри, нытlэ, -япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуа щlыкlэу- дэтхэнэ зы **″езырыж глагол″ыр ″lуэху глагол″у**, дэтхэнэ зы **″lуэху глагол″ри ″езырыж глагол″у зэрылэжьэф**ри гурыlуэгъуэщ.

*

Ауэ икlи, адыгэбзэм и *глаголхэр* щыlэгъуэ лlэужьыгъуэхэм теухуауэ **″цlыхуу щымыт″**рэ **″цlыху″**м теухуауэ зэры*зэщхьэщыгъэкl*ыпхъэри гурыlуэгъуэнщи, *″цlыхуу щымыт″*хэри и кlуэцlкlэ **″къэхъу къэщlыгъуэу,**

**къэкlыгъэу, псэущхьэ″**у зэрызэщхьэщыгъэкlыпхъэм ипэкlи щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ.

Нытlэ, дэтхэнэ зы глагол гупыр и кlуэцlкlэ мыпхуэдэуи зэщхьэщыгъэкlыпхъэщ. Ауэ, мы *цlыхуу щымыт щылэгъуэ* зиlэхэр зи *″субъект″*у щыт глагол лlэужьыгъуэхэр мыпхуэдэхэр –нэхъыбэу- *″езырыж глагол″*хэрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщи, мыбы папщlи, **″езырыж глагол″**хэр *хъыбарегъащlэу зэрылажьэ щапхъэхэр* мыпхуэдэ **гупиплl**ыу зэщхьэщыдгъэкlыу къэдгъэлъэгъуэнри игъуэщ:

**- ″Къэхъу-къэщlыгъуэм теухуа езырыж глагол″хэм я хъыбарегъащlэ лэжьэкlэ щапхъэхэр,**

**- ″Къэкlыгъэхэм теухуа езырыж глагол″хэм я хъыбарегъащlэ лэжьэкlэ щапхъэхэр,**

**- ″Псэущхьэхэм теухуа езырыж глаголхэм я хъыбарегъащlэ лэжьэкlэ щапхъэхэр**

**- ″Цlыхум теухуа езырыж глаголхэм я хъыбарегъащlэ лэжьэкlэ щапхъэхэр.**

Глаголхэр зытеухуа щылэгъуэ лlэужьыгъуэу мыпхуэдэу зэщхьэщыгъэкlыпхъэми, *глагол гуэрхэр зэмылlэужьыгъуэ щылэгъуэхэм теухуа*уэ зэрылэжьэфынури гурыlуэгъуэнщ. Ауэ икlи, *зы щылэгъуэм теухуар*э хуэlуауэ утыку къихьауэ лъытапхъэ глаголхэм *иужькlэ адрей щылэгъуэ лlэужьыгъуэхэм теухуауи* лэжьэкlэ зэрагъуэтыфынури гурыlуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэ зы щапхъэщ *″lуэху глагол″*хэри, ахэр нэхъыбэу *″цlыху″м теухуа*рэ *хуэlуа lуэху*гъуэхэу лъытапхъэ щхьэ, *цlыху*м нэмыщl щыlыгъуэ зиlэхэм –нэхъыбэуи *″псэущхьэ″хэм- ягъэзащlэ lуэхугъуэ*хэр зэрылъытэ *″lуэху глагол″ гуэрхэр*и зэрыщыlэнур гурыlуэгъуэнщ. Ауэ икlи, *цlыху*ри *зы псэущхьэ*у зэрыщытми зэрезэгъкlэ, *″псэущхьэ″хэм ягъэзащlэ lуэхугъуэ*хэр зэрылъытэ *″lуэху глагол″ гуэрхэр*и зэрыщыlэнум хуэдэжу, *псэущхьэхэм теухуа*уэ лъытапхъэ *глагол куэдыр цlыхуми теухуа*уэ бзэм щызекlуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ. Дауи, *цlыхум хуэlуа глагол гуэрхэр*и иужькlэ *цlыхуу щымыт*хэм *теухуауи* лажьэрэ къэlуатэу зэры*щlидзэф*ынум хуэдэжу, *цlыхуу щымытхэм теухуа глагол гуэрхэр*и иужькlэ *цlыхум теухуауи* лажьэрэ къэlуатэу *бзэм щызэрызекlуэ*нури гурыlуэгъуэнщ.

Икlи, *щылэгъуэ*у зи гугъу тщlыхэм я *лъабжьэр къэхъу-къэщlыгъуэ*у лъытапхъэщи, *къэхъу-къэщlыгъуэ* лlэужьыгъуэ г*лагол нэхъыбэр дэтхэнэ зы щылэгъуэм теухуауэ* бзэм щызэрызекlуэнури гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, мыпхуэдэхэри мы илъабжьэм къыщедгъэкlуэкlыну лэжьыгъэм игъуэ зэрыхъукlэ къыхэдгъэщынщ.

*

Дэтхэнэ зы глагол гупым езым хуэlуа лэжьэкlэ зэриlэр гурыlуэгъуэщ; ауэ икlи, *глаголхэр утыку къызэрихьэ*р **"макъ глагол"**хэм къыщlидзэущ зэрылъытапхъэри, мыбыхэм къыкlэлъыкlуэрэ икlи мыбыхэм хуэдэу *занщlэу* къэlуэтэкlэ зиlэу **"макъыбэ глагол"**хэри утыку къызэрихьэр гурыlуэгъуэщ. Дауи, мыпхуэдэ глаголхэри *иужькlи* **"префикс"**рэ - *"суффикс"*кlэри- *ухуэжу* зэрыщlидзэри гурыlуэгъуэнщи, икlи, мыпхуэдэм къыщымынэу, *зэрыухуагъэххэу "префиксиал глагол"*хэри утыку къызэрихьэми япэрей ди лэжьыгъэхэкlэ дыщыгъуазэщ. Мы илъабжьэм къыщедгъэкlуэкlыну лэжьыгъэми мыпхуэдэ *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм теухуа щапхъэхэри къыщыдгъэлъэгъуэнущ.

Нытlэ, мыпхуэдэ деталхэр зыхэзыубыдэ *дэтхэнэ зы* **глагол гуп**ри *и кlуэцlкlэ* мыпхуэдэ **гупитl**ыу зэрызэщхьэщыгъэкlыпхъэр гурыlуэгъуэщ:

**- "Занщlэ глагол"хэр,**

**- "Префиксиал глагол"хэр.**

*

**"Префиксиал глагол"**хэри **къызэрыхъу**рэ утыку къызэрихьа *щlыкlэ*у **гупитl**ыу зэрызэщхьэщыкlыри гурыlуэгъуэщ:

- **"Занщlэ глагол"**хэм **префикс** *къызэращтэ*у къатехъукl **"езырыж префиксил глагол"**хэр,

- **"Зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал глагол"**хэр.

Къызэрыхъуа щlыкlэкlэ мыпхуэдэу зэщхьэщыгъэкlми, *"префиксиал глагол"*хэр *зэрылажьэ* щlыкlэхэр *зэхуэдэ*щ.

Ауэ, *"занщlэ глагол"*хэм "префикс"кlэ къатехъукl *"езырыж префиксиал глагол"*хэр *"префикс"ыншэ*уи -къызытехъукlа *"езырыж занщlэ глагол"*уи-*лэжьэф*у щыт щхьэ, **зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал глагол"**хэр **"префикс"ыншэу зэрымылэжьэф**ынури гурыlуэгъуэнщ. Мы зэрыжытlауэ, "префикс"ыншэу мылэжьэфу щыт **зэрыухуагъэххэу "езырыж префиксиал глагол"**хэр зэрыухуа *"префикс"*ым *unlэ* **нэгъуэщl "префикс"**кlэ **зэрылэжьэф**ри гурыlуэгъуэщи, икlи мыпхуэдэ "префикс"кlи **"инфинитив"**уи **зэрыухуэжыф**ри гурыlуэгъуэщ.

*

"Префиксиал глагол"хэм нэмыщl **"занщlэ глагол"**хэри *и кlуэцlкlэ* **гупитl**ыу зэщхьэщыгъэкlыпхъэщ:

**- ″Дополненэ″ншэу лажьэ ″занщlэ глагол″хэр,**

**- ″Дополненэ″ зиlэу лажьэ ″занщlэ глаголхэр.**

Нытlэ, мыпхуэдэ ″занщlэ глагол″хэм ″префикс″ къащтэу ухуэ *″префиксиал глагол″*хэм *″дополненэ″ зэрыхэлъытапхъэ*ри а *″префиксиал глагол″*ыр *къызытехъукlа ″занщlэ глагол″ым -″дополненэ″ зиlэрэ зимылэу* зэрыщытым- *елъыта*уи лъытапхъэнщ.

*″*Дополненэ″ щыжытlэм деж, ***″префикс″***хэм я **нэхъыбэ**мкlи *глагол лэжьэклэ*хэм ***″дополненэ″*** зэры**хэлъытэ**р гурыlуэгъуэщ; ауэ, ***″префикс″ гуэр***хэмкlэ ***″дополненэ″*** зэры**мылъытэ**ри гурыlуэгъуэщ. Мы псалъэми къызэрыхэщу, *″префиксиал глагол″*у и *″префикс″клэ ″дополненэ″ мылъытэ*хэр зэрыщыlэм хуэдэжу, -къызытехъукlа *″занщlэ глагол″ым емылъыта*уэ езым и *″префикс″клэ*рэ- зи *лэжьэклэ*хэм *″дополненэ″ зыхэлъытэ ″префиксиал глагол″*хэри щыlэщ; – икlи, мыпхуэдэ ″префиксиал глагол″хэр *нэхъыбэщ*.

Дауи, ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, глагол лэжьэкlэхэр къызэрыlуатэ *″псалъэухыгъэ″*хэмрэ *″глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ″*хэм *″зэманыгъуэ″*рэ *″щхьэ″*хэр -дэтхэнэ зы къалэнкlэрэ- зэрыхиубыдэ щlыкlэхэм ипэрей лэжьыгъэ lыхьэхэм щыгъуазэ дыщыхуэхъуащи, мы къытпэщыт лэжьыгъэ lыхьэр *глаголхэр ″хъыбарегъащlэ″у* зэры*″лажьэу ухуэ псалъэ″ щапхъэ*хэр *″зэман лъытэ″*рэ *″субъект″* зэрыхиубыдэу къызэрыгъэлъэгъуэнури гурыlуэгъуэщ. Ауэ икlи, -игъуэ зэрыхъукlэрэ- глаголхэм я *″лэжьэклэу ухуа псалъэ″*хэм *хиубыдапхъэ ″щхьэ″*хэр я къалэнкlэрэ –***″субъект***, объект, дополненэ″у- *къыхэгъэщын хуей щыхъу*м дежи къыщыхэдгъэщынщ.

*

Макъыбзэу щыт *адыгэбзэр мыхьэнэбэ*рэ *лэжьэклэбэ*у зэрыщытым ипэкъ зэриткlэ, *зыхиубыдэ гупым нэмыщl лэжьэклu* зэригъуэтыфым и гъугъу щытщlагъащ ипэкlи, мыбдежым глаголхэр ***″гъэ″ пэщlэдзэ***кlэрэ зэрыухуэжым и гугъуи щlыпхъэщ. Аращи, мыр икlи *глагол бэгъуэныгъэ* лlэужьыгъуэуи зэрылъытапхъэу, **глагол** псори ***″гъэ″*** пэщlэдзэкlэ **зэрыухуэжыф**ыр гурыlуэгъуэнщи, *дэтхэнэ зы* ***″езырыж глагол″*** лlэужьыгъуэр ***″гъэ″ пэщlэдзэ***кlэрэ зы ***″lуэху глагол″***у зэрыухуэм нэмыщl, дэтхэнэ зы ***″lуэху глагол″***ри *″*гъэ″ **пэщlэдзэ**кlэ -″е″ префиксиалуи- ***″lуэху глагол″*** лlэужьыгъуэ мэухуэжыфыр.

Мыпхуэдэу ухуа ″lуэху глагол″хэм я лэжьэкlэхэм глагол ″объект″ыр – lуэхур- ***″субъект″***ым *нэгъуэщl гэурым* –**субъект къуэдзэ**м- иригъэзащlэущ зэрыщытынури, нытlэ, мы глагол лэжьэкlэхэм ″дополненэ″щlэхэри –

*"дополненэбэ"*у- зэрыхэлъытэнур гурыIуэгъуэнщ. Мыбыхэм ипэрей лэжьыгъэхэм ирикъун хуэдизкIэ щыгъуазэ дыщыхуэхъуауэ лъытапхъэщ; ауэ икIи, мы илъабжьэм *глаголхэр "объектив"*у зэрылажьэ щапхъэхэрщ *"глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"*хэу къэдгъэлъэгъуэнухэри, абыхэм занщIэу "дополненэ" зэрыхэмылъытэнури гурыIуэгъуэщ; нытIэ, игъуэ щыхъум деж, мыпхуэдэу къэта щапхъэхэм къыкIэлъыкIуэу "дополненэ"хэри *зыхэзыубыдэ*у зэпкъырыува *"глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"* щапхъэ гуэрхэри къэгъэлъэгъуапхъэщ.

*

Мыбыхэм нэмыщI, глаголхэм *я лэжьэкIэ*ну *"зэманыгъуэ"*хэри *"глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ" зэпкъырыувэкIэ*хэм зэрыхиубыдэнури гурыIуэгъуэщи, нытIэ, глаголхэр *зэмылIэужьыгъуэ зэманкIэ зэрылажьэ*м теухуауэ *зэкIэлъхьэужьу* къэгъэлъэгъуапхъэщ *"глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"*хэм теухуа щапхъэхэр.

Аращи, ипэкIи зэрыжытIауэ, *"глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"* щапхъэхэр *"зэман гъэлъагъуэ"*рэ *"субъект гъэлъагъуэрэ лъытэ"* зэрыхиубыдэущ къызэрыдгъэлъэгъуэнури, нытIэ, дэтхэнэ зы глаголыр *"субъектив"*рэ *"объектив"* дэтхэнэ зы *"субъект"*ым теухуауэ зэрылажьэрэ, дэтхэнэ зы "зэманыгъуэ"уи зэрылажьэу къэгъэлъэгъапхъэщ. Зи *глагол лэжьэкIэ* щапхъэхэр мыпхуэдэ *"зэманыгъуэ"*хэм теухуауэ къэдгъэлъэгъуэнущ:

- *"МынаIуэ къэкIуэну зэманыгъуэ"* лэжьэкIэ,
- *"КъэкIуэну зэманыгъуэ"* лэжьэкIэ,
- *"Иджы/ит зэманыгъуэ"* лэжьэкIэ,
- *"БлэкIа зэманыгъуэ"* лэжьэкIэ.

ИкIи, ипэрей лэжьыгъэ IыхьэмиI къызэрыдгъэлъэгъуауэ, **"глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"**хэм *"зэманыгъуэ"*хэр зэрыхиубыдэ *"зэман гъэлъагъуэ"*хэр -мы ипэкIи щызэрытха щIыкIэу- *италикэу*, *"щхьэ"*хэри я къалэнкIэрэ **"субъект**, объект, дополненэ"у мы зэрытха щIыкIэхэу къэгъэлъэгъуэнри игъуэщ.

## ЕТIУАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ
## "ЕЗЫРЫЖ ГЛАГОЛ"ХЭМ Я "ХЪЫБАРЕГЪАЩIЭ" ЛЭЖЬЭКIЭХЭР

"ЕЗЫРЫЖ ЗАНЩIЭ ГЛАГОЛ"ХЭМ Я "ХЪЫБАРЕГЪАЩIЭ" ЛЭЖЬЭКIЭ ЩАПХЪЭХЭР

**"Дополненэ"ншэ "езырыж занщlэ глагол"хэм я "хъыбарегъащlэ лэжьэкlэ щапхъэхэр**

*"Къэхъу-къэщlыгъуэм теухуа езырыж занщlэ глагол" -дополненэ"ншэ-лэжьэкlэ щапхъэхэр.*

"Къэхъу-къэщlыгъуэ" жыхуэтlэхэр *езыр езырурэ къэхъу*у утыку къихьэхэрщи, глагол лэжьэкlэу *утыку къихьэ*ри глагол *"субъект"*у щыт *"къэхъу-къэщlыгъуэ"*ращ. Мыпхуэдэу щыщыткlэ, *"къэхъу-къэщlыгъуэ"*хэр *езыр езырурэ занщlэу утыку къихьэ*у зэрылъытэ я *"езырыж занщlэ глагол" лэжьэкlэ*хэр нэгъуэщl гуэрым теухуэнкъыми, *"дополненэ"и ялэнкъым*.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *"цlыхум нэмыщl"*хэр зэрыщыту *"ещанэ щхьэ"*уэщ - *"объектив щхьэ"*уэщ- зэрылъытэхэри, нытlэ, мыбдежым зи гугъу тщlыну *"къэхъу-къэщlыгъуэ"*хэри мы *"дополненэ"ншэ "езырыж занщlэ глагол"*хэм *"субъект"* зэрахуэхъунур *"объетив щхьэ"*уэщ, – *"объектив субъект"*ущ.

Нытlэ, мы илъабжьэм *"къэхъу-къэщlыгъуэ"*м теухуа *"дополненэ"ншэ*у лажьэ *"езырыж занщlэ глагол"* гуэрхэр *"хъупхъэ"*у *нормал*у - хъыбарегъащlэу- *"мынalуэ къэклуэну зэман, къэклуэну зэман, ит зэман, блэкla зэман"*хэмкlэрэ *зэрылажьэ*м теухуа *щапхъэ*хэр мы къызэредбжэкla *зэклэлъхьэужьыклэ*у мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

Мыхэри къыхэдгъэща нэужь, *"къэхъу-къэщlыгъуэ"м теухуа "езырыж глагол"*хэм я *лэжьэкlэ щапхъэ гуэрхэр*и къэдгъэлъэгъуэнщ.

"Къэхъу-къэщlыгъуэу езырыж занщlэ глагол" лlэужьыгъуэ **"хъун"** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Хъунщ | Хъун*у*щ | ***Мэ***хъу(р) | Хъу*а*щ |
| **Ахэр** | Хъу(**хэ**)щ | Хъун*у*(**хэ**)щ | ***Мэ***хъу(хэ)(р) | Хъу*а*(**хэ**)щ |

"Къэхъу-къэщlыгъуэу езырыж занщlэ глагол" лlэужьыгъуэ **"ужьын"** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Ужьынщ | Ужьын*у*щ | ***Мэ***ужь(ыр) | Ужь*а*щ |
| **Ахэр** | Ужьын(**хэ**)щ | Ужьын*у*(**хэ**)щ | ***Мэ***ужь(**хэ**)(р) | Ужь*а*(**хэ**)щ |

"Къэхъу-къэщlыгъуэу езырыж занщlэ глагол" лlэужьыгъуэ **"клуэдын"** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Клуэдынщ | Клуэдын*у*щ | ***Мэ***клуэд(ыр) | Клуэд*а*щ |
| **Ахэр** | Клуэдын(**хэ**)щ | Клуэдын*у*(**хэ**)щ | ***Мэ***клуэд(**хэ**)(р) | Клуэд*а*(**хэ**)щ |

*

Дэтхэнэ гуэрри зы ″къэхъу-къэщlыгъуэ″у зэрылъытапхъэм ипкъ зэриткlэ, *″къэхъу-къэщlыгъуэу езырыж занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэу мы ипэкlэ къэта дэтхэнэ зы глаголыр *″цlыхуу щымыт″* щыlэгъуэ зиlэхэм зэры*теухуапхъэ*м хуэдэжу, зы ″къэхъу-къэщlыгъуэ″ лlэужьыгъуэу щыт *″цlыху″ми теухуауэ зэрылэжьэфынухэри* гурыlуэгъуэнщ. Икlи, мы ипэкlэ къэдгъэлъэгъуа *″къэхъу-къэщlыгъуэу езырыж занщlэ глагол″* лэжьэкlэ щапхъэхэм *хуэдэщ ″цlыхуу щымыт″ адрей щыlэгъуэ зиlэхэми я лэжьэкlэ*нури, я *″субъект″*хэр *″объектив″* лlэужьыгъуэхэрщ -*″ещанэ щхьэ″*хэрщ- (ар, ахэр). Ауэ, *″цlыху″*м теухуа *″субъект″*хэр *″объектив″*рэ (ар, ахэр) икlи *″субъектив″*у (сэ, уэ, дэ, фэ) зэрылъытэр гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, мы ипэкlэ *″къэхъу-къэщlыгъуэу езырыж занщlэ глагол″*хэу зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьахэр икlи **″цlыхум теухуа″уи** зэрылажьэ щапхъэхэри *″ит зэман″* лэжьэкlэхэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Субъект↓ Глагол →** | **Хъун** | **Ужьын** | **Кlуэдын** |
|---|---|---|---|
| **Сэ** | **С***о*хъу(р) | **С***о*ужь(ыр) | **С***о*кlуэд(ыр) |
| **Уэ** | **У***о*хъу(р) | **У***о*ужь(ыр) | **У***о*кlуэд(ыр) |
| **Ар** | ***Мэ***хъу(р) | ***Мэ***ужь(ыр) | ***Мэ***кlуэд(ыр) |
| **Дэ** | **Д***о*хъу(р) | **Д***о*ужь(ыр) | **Д***о*кlуэд(ыр) |
| **Фэ** | **Ф***о*хъу(р) | **Ф***о*ужь(ыр) | **Ф***о*кlуэд(ыр) |
| **Ахэр** | ***Мэ***хъу(**хэ**)(р) | ***Мэ***ужь(**хэ**)(р) | ***Мэ***кlуэд(**хэ**)(р) |

*

″Къэхъу-къэщlыгъуэ″м теухуа щапхъэфlхэм ящыщу лъытапхъэщ *″хъун″ глагол*ри, бзэм лэжьэкlэбэ щызиlэ глаголырщ. Зэрыгурыlуэгъуэу, нэгъуэщl *псалъэ*хэм *епхауэ лажьэ глагол*хэри щыlэщи, *″хъун″ глагол*ыр мыпхуэдэ лэжьэкlи зиlэрщ. Араща, **″хъун″** глаголыр ″къэхъу-къэщlыгъуэ″рэ дэтхэнэ гуэрыр *езыр зэрыхъу къызэрыхъу*р зэрылъытэу *щхьэж глагол*у бзэм зэрыхэлэжьыхьым *нэмыщl*, дэтхэнэ гуэрыр *нэгъуэщl гуэр зэрыхъу*р е нэгъуэщl гуэрым *хуэдэ зэрыхъу*р зэрылъытэ щlыкlэхэу **″псалъэ зэпха″**хэм **″глагол″**у -″езырыж занщlэ глагол″ лlэужьыгъуэу-*зэрыхиубыдэ*ри гурыlуэгъуэщ.

Мыпхуэдэ мыхьэнэ зиlэ *″псалъэ зэпха″*хэм хиубыдэ *″хъун″ глагол лэжьэкlэ*ми *″субъект″*у хиубыдэм нэмыщl, икlи мы ″субъект″ыр *нэгъуэщl гуэр* е *хуэдэ зэрыхъу*р зэрылъытэу *″дополненэ″*и зэрыхиубыдэнур гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, мы *″псалъэ зэпха″*м хиубыдэ *″хъун″* глаголыр ″щхьэж″ущ –префиксыншэущ- зэрыхиубыдэри, *и лэжьэкlэ*нури *″езырыж занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэущ. Ар щыхъукlи, *″псалъэ зэпха″*м теухуауэ

лъыта *"дополненэ"*р *глагол лэжьэкlэ къэlуэтэкlэм* –псалъэухыгъэм-*хиубыдэн*у щытми, езы *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"м* зэры*хиумыубыд*энури гурыlуэгъуэнщ.

Аращи, *"псалъэ зэпха"*хэм (щапхъэ: "фlы хъун"; "хуэдэ хъун") и *зы псалъэ*у –и "глагол"у- хиубыдэ *"хъун" глагол*ым и *"лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэм *"субъект лъытэрэ гъэлъагъуэ"* хиубыдэнуми, *"дополненэ лъытэрэ гъэлъагъуэ" зэрыхимыубыд*энур наlуэщ; ныtlэ, *глагол лэжьэкlэ*м *къызэрыlуатэ псалъэухыгъэм "субъект"*рэ *"дополненэ"*р *"щхьэцlэпапщlэ"*у зэрыхэлъытэр къызыхэщ щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ:

- "Фlы хъун": «**сэ** фlы **с***о*хъу(р), **уэ** фlы **у***о*хъу(р), **ар** фlы ***мэ***хъу(р), **дэ** фlы **д***о*хъу(р), **фэ** фlы **ф***о*хъу(р), **ахэр** фlы ***мэ***хъу(**хэ**)(р)»;
- "Хуэдэ хъун": «**сэ** абы хуэдэ **с***о*хъу(р), **уэ** абы хуэдэ **у***о*хъу(р), **ар** абы хуэдэ ***мэ***хъу(р) – **ар** абыхэм хуэдэ ***мэ***хъу(р), **дэ** абы хуэдэ **д***о*хъу(р), **фэ** абы хуэдэ **ф***о*хъу(р), **ахэр** абы хуэдэ ***мэ***хъу(**хэ**)(р) – **ахэр** абыхэм хуэдэ ***мэ***хъу(**хэ**)(р)».

Мы щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэу, *"псалъэ зэпха"*м хиубыдэ *"глагол"*ым и *лэжьэкl*эр езы *глаголым и щхьэж лэжьэкl*эрщ. Ауэ, "псалъэ зэпха"уэ зэрыщытым папщlэ, *"глагол"ыр зэпха псалъэр*и *глагол лэжьэкlэр къызэрыlуатэ* псалъэухыгъэ цlыкlум *зэрыхиубыд*энур гурыlуэгъуэнщ. Ар щыхъукlи, *"глагол"* зыхэзыубыдэ *"псалъэ зэпха"*м *"глагол"ым епхауэ хиубыдэ псалъэр* мы *глагол лэжьэкl*эр къызэрыlуатэ псалъэухыгъэм зэрыхиубыдэну щlыкlэри "дополненэ"ущ зэрылъытапхъэнури, мы ипэкlэ къэта *"псалъэ зэпаха"*уэ *"фlы хъун"* лэжьэкlэр мыпхуэдэщ: «ар фlы мэхъу».

Ауэ "псалъэ зэпха"уэ *"хуэдэ хъун"*ыр къызэрыlуатэ *глагол лэжьэкl*эм "хуэдэ"р зы"хуэдэ"нури зэрызыхиубыдэнури гурыlуэгъуэщи, ныtlэ, мыпхуэдэ глагол лэжьэкlэми *"хуэдэ"м нэмыщl* ар з*ы"хуэдэ"*ри зэрылъытэу "дополнэнитl" -"дополненэ зэпха"уэ- хиубыдэуи лъытапхъэнщ:

«**сэ** абы хуэдэ **с***о*хъу(р); **фэ** абыхэм хуэдэ **ф***о*хъу(р)»; «**ар** абыхэм хуэдэ ***мэ***хъу(р); **ахэр** абы хуэдэ ***мэ***хъу(**хэ**)(р)».

Зэрыгурыlуэгъуэу, мы "псалъэ зэпха"хэм (фlы хъун; хуэдэ хъун) хиубыдэ глаголыр (хъун) *"дополненэ"нш*э *"езырыж занщlэ глагол"*у щытщи, абы мы *и лэжьэкlэм хиубыдэ*у зи гугъу тщlы ***"дополненэ"***р *"глагол"ым епха*уэ мы *"псалъэ зэпха"м хиубыдэ адрей* **псалъэ***рщ* (фlы, хуэдэ). Ауэ икlи, "псалъэ зэпха"м щыхэлъытарэ (фlы хун) псалъэухыгъэми щыхэбагъуэу (хуэдэ хъун) мы *"псалъэ зэпха"хэм теухуа лэжьэкl*эхэр *къызэрыlуатэ* **псалъэухыгъэ**м **хиубыдэ**у мы зи гугъу тщla "дополненэ"хэр (фlы; абы хуэдэ...) "объектив щхьэ закъуэ"у зэрылъытэм ипкъ зэриткlэ ***"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"м*** зэры**химыубыдэ**ри

(***мэ***хъу) нэрылъагъущ. Нытlэ мыри, *"дополненэ" зиlэ*у лажьэ *"езырыж занщlэ глагол"*хэр зыхэзыубыдэ *псалъэухыгъэм "*дополненэ*" хиубыдэми*, *я "лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"хэм "дополненэ" зэрыхимыубыдэ*м хуэдэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

*"Къэкlыгъэхэм теухуа езырыж занщlэ глагол" -дополненэ"ншэ-лэжьэкlэ щапхъэхэр.*

*"Дополненэ"ншэ*у *"къэкlыгъэхэм теухуа езырыж занщlэ глагол"*хэм я *лэжьэкlэ щапхъэ*хэри "къэхъу-къэщlыгъуэ"м теухуа щапхъэхэм хуэдэу *"хъупхъэ"*рэ *нормал*у –хъыбарегъащlэу- *зэмылlэужьыгъуэ зэманыгъуэ*хэм теухуауэ мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

"Къэкlыгъэхэм теухуа езырыж занщlэ глагол" лlэужьыгъуэ **"кlын"** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Кlынщ | Кlын*у*щ | ***Мэ***кl(ыр) | Кl*а*щ |
| **Ахэр** | Кlын(**хэ**)щ | Кlын*у*(**хэ**)щ | ***Мэ***кl(хэ)(р) | Кl*а*(*хэ*)щ |

"Къэкlыгъэхэм теухуа езырыж занщlэ глагол" лlэужьыгъуэ **"гъун"** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Гъунщ | Гъун*у*щ | ***Мэ***гъу(р) | Гъу*а*щ |
| **Ахэр** | Гъун(хэ)щ | Гъун*у*(**хэ**)щ | ***Мэ***гъу(**хэ**)(р) | Гъу*а*(**хэ**)щ |

"Къэкlыгъэхэм теухуа езырыж занщlэ глагол" лlэужьыгъуэ **"гъэгъэн"** глагол лэжьэкlэхэр щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Гъэгъэнщ | Гъэгъэн*у*щ | ***Мэ***гъагъэ(р) | Гъэгъ*а*щ |
| **Ахэр** | Гъэгъэн(**хэ**)щ | Гъэгъэн*у*(**хэ**)щ | ***Мэ***гъагъэ(**хэ**)(р) | Гъэгъ*а*(**хэ**)щ |

"Къэкlыгъэхэм теухуа езырыж занщlэ глагол" лlэужьыгъуэ **"гъуэнлэн"** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Гъуэнлэнщ | Гъуэнлэн*у*щ | ***Мэ***гъуанлэ(р) | Гъуэнл*а*щ |
| **Ахэр** | Гъуэнлэн(**хэ**)щ | Гъуэнлэн*у*(**хэ**)щ | ***Мэ***гъуанлэ(**хэ**)(р) | Гъуэнл*а*(**хэ**)щ |

*

*"Къэкlыгъэхэм теухуа езырыж занщlэ глагол"*хэр -мы щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу- *"дополненэ"ншэ*у зэрылэжьэнур гурыlуэгъуэнщ. Икlи, мы къэта щапхъэхэр икlи *нэгъуэщl щыlэгъуэ* зиlэхэм -"псэущхьэ"хэм, "цlыху"м- *теухуауэ бзэм* зэры*щыземыклуапхъэ*ри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, "къэкlыгъэхэм теухуа езырыж занщlэ глагол" лэжьэкlэу -"дополненэ"ншэу-мы къэта щапхъэхэр *"къэкlыгъэхэм хуэlуа глагол"*хэу зэрыщытри наlуэщ.

Ауэ, сыт хуэдизу ″къэкlыгъэхэм теухуарэ хуэlуа глагол″хэу щытрэ адрей щыlэгъуэхэм теухууэ зэрымыигъуэрэ земыхьапхъэу щытми, *бзэ лэжьэкlэр нобэ къызынэсам* къэкlыгъэхэм хуэlуа мы глаголхэр *щlагъыбзэ*рэ *егъэщхьыныгъэкlэ*рэ псэущхьэрэ цlыхуми теухууэ *бзэм щызэрахьэ*ну зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ.

*″Псэущхьэхэм теухуа езырыж занщlэ глагол″ -дополненэ″ншэ-лэжьэкlэ щапхъэхэр.*

Мыпхуэдэ щапхъэхэри ипэкlэ къэтахэм хуэдэу игъуэ глагол гуэрхэми теухууэ *″хъупхъэ″*рэ *нормал*у –хъыбарегъащlэу- *зэмылlэужьыгъуэ зэманыгъуэ*кlэ зэрылажьэу мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

″Псэущхьэхэм теухуа езырыж занщlэ глагол″ лlэужьыгъуэ **″lуэн″** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | lуэнщ | lуэн*у*щ | ***Ма***lуэ(р) | l*уа*щ |
| **Ахэр** | lуэн(**хэ**)щ | lуэн*у*(**хэ**)щ | ***Ма***lуэ(**хэ**)(р) | l*уа*(**хэ**)щ |

″Псэущхьэхэм теухуа езырыж занщlэ глагол″ лlэужьыгъуэ **″шхэн″** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Щхэнщ | Шхэн*у*щ | ***Ма***шхэ(р) | Шх*а*щ |
| **Ахэр** | Шхэн(**хэ**)щ | Шхэн*у*(**хэ**)щ | ***Ма***шхэ(**хэ**)(р) | Шх*а*(*хэ*)щ |

″Псэущхьэхэм теухуа езырыж занщlэ глагол″ лlэужьыгъуэ **″бэуэн″** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Бэуэнщ | Бэуэн*у*щ | ***Мэ***бауэ(р) | Бэу*а*щ |
| **Ахэр** | Бэуэн(**хэ**)щ | Бэуэн*у*(хэ)щ | ***Мэ***бауэ(**хэ**)(р) | Бэу*а*(**хэ**)щ |

″Псэущхьэхэм теухуа езырыж занщlэ глагол″ лlэужьыгъуэ **″гъутхьэн″** глагол лэжьэкlэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Гъутхьэнщ | Гъутхьэн*у*щ | ***Мэ***гъутхьэ(р) | Гъутхь*а*щ |
| **Ахэр** | Гъутхьэн(**хэ**)щ | Гъутхьэн*у*(**хэ**)щ | ***Мэ***гъутхьэ(**хэ**)(р) | Гъутхь*а*(**хэ**)щ |

″Псэущхьэхэм теухуа езырыж занщlэ глагол″ лlэужьыгъуэ **″жьэгъуэшхэн″** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Жьэгъуэшхэнщ | Жьэгъуэшхэн*у*щ | ***Мэ***жьэгъуашхэ(р) | Жьэгъуэшх*а*щ |
| **Ахэр** | Жьэгъуэшхэн(**хэ**)щ | Жьэгъуэшхэн*у*(**хэ**)щ | ***Мэ***жьэгъуэшхэ(**хэ**)(р) | Жьэгъуэшх*а*(**хэ**)щ |

″Псэущхьэхэм теухуа езырыж занщlэ глагол″ лlэужьыгъуэ **″лъыхъужын″** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Лъыхъужынщ | Лъыхъужын*у*щ | ***Мэ***лъыхъуж(ыр) | Лъыхъуж*а*щ |
| **Ахэр** | Лъыхъужын(**хэ**)щ | Лъыхъужын*у*(**хэ**)щ | ***Мэ***лъыхъуж(**хэ**)(р) | Лъыхъуж*а*(**хэ**)щ |

″Псэущхьэхэм теухуа езырыж занщlэ глагол″ лlэужьыгъуэ **″бэнэн″** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Бэнэнщ | бэнэ*у*щ | ***Мэ***банэ(р) | бэн*а*щ |
| **Ахэр** | Бэнэн(**хэ**)щ | Бэнэ*у*(**хэ**)щ | ***Мэ***банэ(**хэ**)(р) | Бэн*а*(*хэ*)щ |

*

″Псэущхьэ″ жыхуэтlэу зэмылlэужьыгъуэ лъэпкъхэр щыlэщи, зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа мы глаголхэри дэтхэнэ зы псэущхьэм теухуауэ зэрыщымытыр гурыlуэгъуэнщ. Аращи, мы къэта глаголхэм щыщ гуэрхэр псэущхьэ лъэпкъ гуэрхэм, адрей глагол гуэрхэри нэгъуэщl псэущхьэ лъэпкъ гуэрхэм теухуауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ.

Мы псалъэхэм теухуа щапхъэмэ, макъ къызыхэзыгъэlуклым теухуа глаголу щыт *″lуэн″*ыр *цlыхум теухуа*уи *-″псэлъэн″ ипlэкlэ-* щызоклуэр адыгэбзэм; ауэ, *адыгэбзэ диалект гуэрхэм ноби* мыпхуэдэу *щызеклуэми*, *къэбэрдебзэм ″lуэн″ ипlэкlэ* нэхъ щызеклуэу хроникэ хэхъухьарэ *″псэлъэн″ращ*. Аращи, къэбэрдеибзэм щызэрызеклуэу *″lуэн″* глаголыр нэхъ *зыхуэзгъуэ псэущхьэ* лlэуэжьыгъуэр *бзу лъэпкъ*рауэ жыlэпхъэщи, ″къэкъэн″ри зы ″lуэн″ лlэужьыгъуэрщ.

Ауэ, ипэклu зэрыжытlауэ *зэмылlэужьыгъуэ щылэгъуэ* зиlэхэм теухуарэ *хуэlуа псалъэ* -глагол- гуэрхэр езы *цlыхум теухуауи егъэщхьыныгъэ*рэ *щlагъыбзэ*у е *гушылэ* щlыклэу зэрызырихьэр гурыlуэгъуэщи, мыбдежым псэущхьэхэм -е псэущхьэ гуэрхэм- теухуарэ хуэlуа глаголу зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьахэри мыпхуэдэщ. Аращи, нэхъыбэу бзу лъэпкъым теухуауэ къэбэрдеибзэм щызеклуэ ″lуэн″ глаголри хэтыжу, мы ипэклэ къэта дэтхэнэ зы глаголыр мы зэрыжытlа щlыклэу цlыхум теухуауи бзэм щызэрахьэфынур гурыlуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэу зэрыщытым нэмыщl, адыгэбзэр макъыбзэу зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, и *макъ* гуэрхэри -къызэрыхъуа щlыклэр зи лъабжьэу- бзэ лэжьэкlэм *мыхьэнэбэ* зэрыхэхъухьам зэрезэгъкlэ, зэхуэдэ макъкlэ ухуа *псалъэ* гуэрхэри *мыхьэбэ*у зэрыщытыфынури гурыlуэгъуэнщи, *″lуэн″ глагол*ри мыпхуэдэщ. Аращи, *вэн-сэн lуэхугъуэ*хэм теухуауэ цlыхум къыригъэклуэкl зы лэжьыгъэри *″lуэн″ глагол*клэ зэрылъытэри гурыlуэгъуэщ; - мы ″lуэн″ глаголыр икlи *″lуэху глагол″* лlэужьыгъуэщи, абы и лэжьэкlэми игъуэ къыщысым щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

*

Дауи, **цlыху**ри зы **псэущхьэ** лlэужьыгъуэу зэрыщытым папщlэ, **″псэущхьэхэм теухуа глагол″**хэу мы ипэклэ къэтарэ зи лэжьэкlэ

щапхъэхэри къызыхуэтхьа **гуэрхэр** –икIи *нэхъыбэр*- **цIыхум теухуа**уи зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, мы ипэкIэ *"псэущхьэхэм теухуа езырыж глагол"*хэу -фIэкIыпIэ имыIэу- *цIыхуми теухууэ* щытхэр *"хъыбарегъащIэ"*рэ *зэмылIэужьыгъуэ зэманыгъуэу зэрылажьэ щапхъэхэри* мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Глаголхэр→** | **Шхэн** | **Бэуэн** | **Гъутхьэн** |
|---|---|---|---|
| **Сэ** | **С***о*шхэ | **С***о*бауэ(р) | **С***о*гъутхьэ |
| **Уэ** | **У***о*шхэ | **У***о*бауэ(р) | **У***о*гъутхьэ |
| **Ар** | ***Ма***шхэ | ***Мэ***бауэ(р) | ***Мэ***гъутхьэ |
| **Дэ** | **Д***о*шхэ | **Д***о*бауэ(р) | **Д***о*гъутхьэ |
| **Фэ** | **Ф***о*шхэ | **Ф***о*бауэ(р) | **Ф***о*гъутхьэ |
| **Ахэр** | ***Ма***шхэ(**хэ**) | ***Мэ***бауэ(**хэ**)(р) | ***Мэ***гъутхьэ(**хэ**) |

Мыбыхэм нэмыщIыу "псэущхьэхэм теухуа езырыж глагол"хэу ипэкIэ зи лэжьэкIэ щапхъэхэр къызыхуэтхьауэ щыта глаголитIыр (*жьэгъуэшхэн, лъыхъужьын*) *"псэущхьэ" гуэрхэм хуэIуауэ* зэрыщытрэ адыгэбзэми мыпхуэдэу щызэрызекIуэр гурыIуэгъуэщи, ахэр а зэрыщыткIэрэ *цIыхум теухуа глаголу* зэры*щымыт*хэри наIуэщ.

Ауэ, абыхэм къакIэлъыкIуэ *"бэнэн"* глаголым псэущхьэхэм теухуауэ *мыхьэнитI* зиIэрщи, я функцэкIэ зэхуэдэуи лъытапхъэ мы мыхьэнитIым щыщу зыр икIи **цIыхум теухуа**рэ *хуэIуа мыхьэнэ* зиIэ бэнэныгъэрщ (зэбэнын, бэнакIуэ...). Ар щыхъукIэ, *мы и мыхьэнэкIэ* **"бэнэн"** глаголыр *цIыхум теухуа*уэ -*"субъектив субъект"*хэмкIи- зэрылажьэ щапхъэхэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

«**сэ с***о*банэ(р), **уэ у***о*банэ(р), **ар *мэ***банэ(р), **дэ д***о*банэ(р), **фэ ф***о*банэ(р), **ахэр *мэ***банэ(**хэ**) (р)».

*"ЦIыхум теухуа езырыж занщIэ глагол" -дополненэ"ншэ- лэжьэкIэ щапхъэхэр.*

*"ЦIыхум нэмыщI"*хэр зэрыщыту *"ещанэ щхьэ"*уэ -"объектив щхьэ"уэ-зэрылъытэр гурыIуэгъуэщи, нытIэ, мыбдежым зи лэжьэкIэ щапхъэхэр къызыхуэтхьыну *"дополненэ"ншэ "езырыж занщIэ глагол"*хэр **"цIыху"**м *теухууэ* зэрыщытынум зэрезэгъкIэ, глагол **"субъект"**хэри **"субъектив субъект"**рэ икIи **"объектив субъект"**уи зэрыщытынур гурыIуэгъуэнщ. Аращи, бзэр къэзыIуатэ *"сэ"м пышэгъурэ псэлъэгъу къыхуэхъу "цIыху" нэрыбгэ*хэр мы *глагол лэжьэкIэ*хэм *"субъектив субъект"*хэу, *"сэ"м*

пышэгъурэ псэлъэгъу къыхуэмыхъуу *хуэпэжыжьэ "цIыху" нэрыбгэ*хэри - "цIыхуу щымыт"хэм хуэдэу- *"объектив субъект"*хэу зэрылъытэнури гурыIуэгъуэщ.

НытIэ, мыхэри дигу къэдгъэкIыжа нэужь, *цIыхум теухуа*уэ е *хуэIуа*уэ щыт *"дополненэ"нши "езырыж занщIэ глагол"* гуэрхэм я *лэжьэкIэ щапхъэ*хэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

"ЦIыхум теухуа езырыж занщIэ глагол" лIэужьыгъуэ **"дэн"** глагол лэжьэкIэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **Сы**дэнщ | **Сы**дэн*у*щ | **С***о*дэ(р) | Сыд*а*щ |
| **Уэ** | **У**дэнщ | **У**дэн*у*щ | **У***о*дэ(р) | Уд*а*щ |
| **Ар** | Дэнщ | Дэн*у*щ | ***Ма***дэ(р) | Д*а*щ |
| **Дэ** | **Ды**дэнщ | **Ды**дэн*у*щ | **Д***о*дэ(р) | **Ды**д*а*щ |
| **Фэ** | **Фы**дэнщ | **Фы**дэн*у*щ | **Ф***о*дэ(р) | **Фы**д*а*щ |
| **Ахэр** | Дэн(**хэ**)щ | Дэн*у*(**хэ**)щ | ***Ма***дэ(**хэ**)(р) | Д*а*(**хэ**)щ |

"ЦIыхум теухуа езырыж занщIэ глагол" лIэужьыгъуэ **"тхэн"** глагол лэжьэкIэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **Сы**тхэнщ | **Сы**тхэн*у*щ | **С***о*тхэ(р) | **Сы**тх*а*щ |
| **Уэ** | **У**тхэнщ | **У**тхэн*у*щ | **У***о*тхэ(р) | **У**тх*а*щ |
| **Ар** | Тхэнщ | Тхэн*у*щ | ***Ма***тхэ(р) | Тх*а*щ |
| **Дэ** | **Ды**тхэнщ | **Ды**тхэн*у*щ | **Д***о*тхэ(р) | **Ды**тх*а*щ |
| **Фэ** | **Фы**тхэнщ | **Фы**тхэн*у*щ | **Ф***о*тхэ(р) | **Фы**тх*а*щ |
| **Ахэр** | Тхэн(**хэ**)щ | Тхэн*у*(**хэ**)щ | ***Ма***тхэ(**хэ**)(р) | Тх*а*(**хэ**)щ |

"ЦIыхум теухуа езырыж занщIэ глагол" лIэужьыгъуэ **"бжэн"** глагол лэжьэкIэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **Сы**бжэнщ | **Сы**бжэн*у*щ | **С***о*бжэ(р) | **Сы**бж*а*щ |
| **Уэ** | **У**бжжнщ | **У**бжэн*у*щ | **У***о*бжэ(р) | **У**бж*а*щ |
| **Ар** | Бжэнщ | Бжэн*у*щ | ***Ма***бжэ(р) | Бж*а*щ |
| **Дэ** | **Ды**бжэнщ | **Ды**бжэн*у*щ | **Д***о*бжэ(р) | **Ды**бж*а*щ |
| **Фэ** | **Фы**бжэнщ | **Фы**бжэн*у*щ | ***Фо***бжэ(р) | **Фы**бж*а*щ |
| **Ахэр** | Бжэн(**хэ**)щ | Бжэн*у*(**хэ**)щ | ***Ма***бжэ(**хэ**)(р) | Бж*а*(**хэ**)щ |

"ЦIыхум теухуа езырыж занщIэ глагол" лIэужьыгъуэ **"псэлъэн"** глагол лэжьэкIэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **Сы**псэлъэнщ | **Сы**псэлъэн*у*щ | **С***о*псалъэ(р) | **Сы**псэлъ*а*щ |
| **Уэ** | **У**псэлъэнщ | **У**псэлъэн*у*щ | **У***о*псалъэ(р) | **У**псэлъ*а*щ |
| **Ар** | Псэлъэнщ | Псэлъэн*у*щ | ***Мэ***псалъэ(р) | Псэлъ*а*щ |
| **Дэ** | **Ды**псэлъэнщ | **Ды**псэлъэн*у*щ | **Д***о*псалъэ(р) | **Ды**псэлъ*а*щ |
| **Фэ** | **Фы**псэлъэнщ | **Фы**псэлъэн*у*щ | **Ф***о*псалъэ(р) | **Фы**псэлъ*а*щ |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ахэр** | Псэлъэн(**хэ**)щ | Псэлъэну(**хэ**)щ | ***Мэ***псалъэ(**хэ**)(р) | Псэлъ*а*(**хэ**)щ |

″Цlыхум теухуа езырыж занщlэ глагол″ лlэужьыгъуэ **″гупщысэн″** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **Сы**гупщысэнщ | **Сы**гупщысэну*а*щ | **С***о*гупщысэ(р) | **Сы**гупщыс*а*щ |
| **Уэ** | **У**гупщысэнщ | **У**гупщысэну*а*щ | **У***о*гупщысэ(р) | **У**гупщыс*а*щ |
| **Ар** | Гупщысэнщ | Гупщысэнуащ | ***Мэ***гупщысэ(р) | Гупщыс*а*щ |
| **Дэ** | **Ды**гупщысэнщ | **Ды**гупщысэну*а*щ | **Д***о*гупщысэ(р) | **Ды**гупщыс*а*щ |
| **Фэ** | **Фы**гупщысэнщ | **Фы**гупщысэну*а*щ | **Ф***о*гупщысэ(р) | **Фы**гупщыс*а*щ |
| **Ахэр** | Гупщысэн(**хэ**)щ | Гупщысэну(**хэ**)щ | ***Мэ***гупщысэ(**хэ**)(р) | Гупщыс*а*(**хэ**)щ |

″Цlыхум теухуа езырыж занщlэ глагол″ лlэужьыгъуэ **″фыгъуэн″** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **Сы**фыгъуэнщ | **Сы**фыгъуэну*а*щ | **С***о*фыгъуэ(р) | **Сы**фыгъу*а*щ |
| **Уэ** | **У**фыгъуэнщ | **У**фыгъуэну*а*щ | **У***о*фыгъуэ(р) | **У**фыгъу*а*щ |
| **Ар** | Фыгъуэнщ | Фыгъуэну*а*щ | ***Мэ***фыгъуэ(р) | Фыгъу*а*щ |
| **Дэ** | **Ды**фыгъуэнщ | **Ды**фыгъуэну*а*щ | **Д***о*фыгъуэ(р) | **Ды**фыгъу*а*щ |
| **Фэ** | **Фы**фыгъуэнщ | **Фы**фыгъуэну*а*щ | **Ф***о*фыгъуэ(р) | **Фы**фыгъу*а*щ |
| **Ахэр** | Фыгъуэн(**хэ**)щ | Фыгъуэну(**хэ**)щ | ***Мэ***фыгъуэ(**хэ**)(р) | Фыгъу*а*(**хэ**)щ |

*

Мы ипэкlэ зи лэжьэкlэ щапхъэхэу къэта глаголхэр *цlыхум теухуарэ хуэlуа*уэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэми, мы глагол гуэрхэр *егъэщхьыныгъэ*рэ *щlагъыбзэ*у е *гушыlэ*у зэрыщыткlэрэ *цlыхуу щымыт* щыlэгъуэ зиlэхэми теухуауэ зэрылэжьэфынури гурыlуэгъуэнщ.

Адыгэбзэр зы макъыбзэу зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, псалъэхэм зэмылlэужьыгъуэ мыхьэнэ зэраlэфынур гурыlуэгъуэщи, мы ипэкlэ къэта щапхъэхэм щыщрэ *″езырыж глагол″* лlэужьыгъуэу зи лэжьэкlэр къэдгъэлъэгъуа *″дэн″* глаголми мы и *мыхьэнэм нэмыщl*, *″lуэху глагол″* лlэужьыгъуэу *зы мыхьэнэ* зэриlэри гурыlуэгъуэщи, абыи игъуэ щыхъум и лэжьэкlэр къэдгъэлъэгъуэнщ.

**″Дополненэ″ зиlэ ″езырыж занщlэ глагол″хэм я ″хъыбарегъащlэ лэжьэкlэ щапхъэхэр.**

Зэрыгурыlуэгъуэу, *″езырыж занщlэ глагол″*у *″дополненэ″и зыхэзыубыдэу лэжьэкlэ зиlэ* мы *глаголхэм* яубыдэ *дополненэ″*хэм ипэкlэ игъуэ щыхъум щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ.

Ауэ икlи, **"къэхъу-къэщlыгъуэ"**рэ **"къэкlыгъэ"**хэм езым *я лэжьэкlэ*хэм *нэмыщl* lупщlыу зы*теухуэ*рэ утыку къыригъэхьэ гуэр *лъытэныр гугъущ*и, нэхъыбэуи **"дополненэ" зимыlэ**у **лажьэ**у жыlэпхъэщ. Ауэ, мыпхуэдэ лэжьэкlэ гурхэр *"къэхъу-къэщlыгъуэ"*рэ *"къэкlыгъэ"*хэм теухуа *"езырыж занщlэ глагол"* гуэрхэми я *лэжьэкlэ*хэм **"допоплненэ" зыхиубыдэ**у къэlуэтэфынщи, мыпхуэдэ **"къэхъу-къэщlыгъуэм теухуа езырыж занщlэ глагол"** лlэужьыгъуэхэу лъытапхъэщ мыхэр: **«lун, ужьын, унэтlын, фтыреин, быбын»**.

Дауи, **"езырыж занщlэ глагол"**хэу **"дополенэ"**и **зиlэ**у лажьэхэр **нэхъ** lупщlрэ **игъуэу "псэущхьэ"**хэмрэ –нэхъыбэуи- **"цlыху"**м теухуахэрщи, нытlэ, *"дополненэ" зиlэ*у лажьэ *"езырыж занщlэ глагол"*хэм теухуа *лэжьэкlэ*хэр *"псэущхьэ"*рэ *"цlыху"*м *теухуауэ къэгъэлъэгъуэн*ыр ирикъунуи жыlэпхъэщ.

Нытlэ, мы къэтlуэтахэми теухуауэ, мы илъабжьэм *"дополненэ" зиlэу лажьэ "езырыж глагол"хэм я "лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм теухуа *щапхъэхэр* къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

*"Псэущхьэхэм теухуа езырыж занщlэ глагол" -дополненэ"и зиlэ-лэжьэкlэ щапхъэхэр.*

Ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *"дополненэ"и зиlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"*хэм я лэжьэкlэхэр *къызэрыlуатэ псалъэухыгъэ*хэм *"*дополненэ*"* *щыхэлъыт*эми (**ар** абы ***ма***кlуэ), мы *"*дополненэ*"*р *"объектив"*рэ *"щхьэ закъуэ"*у щытмэ, *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"м* (***ма***кlуэ) мыпхуэдэ *"дополненэ лъытэ"* зэрыхэ*мылъыт*эр мыбдежым аргуэру дигу къыщыдгъэкlыжынщи, мы илъабжьэми мыпхуэдэ щапхъэхэр къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

*"*Псэущхьэхэм теухуа езырыж занщlэ глагол*"* лlэужьыгъуэ **"кlуэн"** лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Кlуэнщ | Кlуэн*у*щ | ***Ма***кlуэ(р) | Кlу*а*щ |
| **Ахэр** | Кlуэн(**хэ**)щ | Кlуэн*у*(**хэ**)щ | ***Ма***кlуэ(**хэ**)(р) | Кlу*а*(**хэ**)щ |

*"*Псэущхьэхэм теухуа езырыж занщlэ глагол*"* лlэужьыгъуэ **"кlуэтэн"** глагол лэжьэкlэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Кlуэтэнщ | Кlуэтэн*у*щ | ***Мэ***кlуатэ(р) | Кlуэт*а*щ |
| **Ахэр** | Кlуэтэн(**хэ**)щ | Кlуэтэн*у*(**хэ**)щ | ***Мэ***кlуатэ(**хэ**)(р) | Кlуэт*а*(**хэ**)щ |

"Псэущхьэхэм теухуа езырыж занщlэ глагол" лlэужьыгъуэ **"лъэтэн"** глагол лэжьэкlэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Лъэтэнщ | Лъэтэн*у*щ | ***Мэ***лъатэ(р) | Лъэт*а*щ |
| **Ахэр** | Лъэтэн(**хэ**)щ | Лъэтэн*у*(**хэ**)щ | ***Мэ***лъатэ(**хэ**)(р) | Лъэт*а*(**хэ**)щ |

*

Япэрей лэжьыгъэ lыхьэхэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, *"езырыж занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэу мы къэта щапхъэхэр *"дополненэ" зиl*эу зэрылажьэр гурыlуэгъуэщи, мыбыхэм щыщ *"кlуэн"*ым *"тэ" кlэух*кlэ къытехъукlа *"кlуэтэн"ри "дополненэ" зиl*эу лажьэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Аращи, *езырыжу утыку къыщихьэкlэ* икlи *зытеухуэ* гуэр –мы лэжьэкlэм щылъытэ *гъуэгуанэр зыдынэс "щlыпlэ"*- зылъытэ глаголхэрщ мы *"дополненэ"* зиlэу зэрылажьэри, мы иужьрей щапхъэ *"лъэтэн"*ри утыку къыщихьэкlэ зы *гъуэгуанэ* икlуэу *зыдынэс "щlыпlэ"*ри *"дополненэ"*у зэрылъытэнури гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, мы глаголхэм я лэжьэкlэхэр *псалъэухыгъэ*у къызэрыlуатэхэм "дополненэ"у хиубыдэхэри -я лъабжьэр мы зэрыщlэтхьауэ- къэдгъэлъэгъуэнщ:

- «**ар** абы ***ма***кlуэ; **ар** абы ***мэ***кlуатэ; **ар** абы ***мэ***лъатэ»;
- «**ахэр** абы ***ма***кlуэ(**хэ**); **ахэр** абы ***мэ***кlуатэ(**хэ**); **ахэр** абы ***мэ***лъатэ(**хэ**)».

*

Икlи гурыlуэгъуэщ "езырыж занщlэ глагол" нэхъыбэр "дополненэ"ншэу зэрылажьэри, нытlэ, -я бжыгъэр мащlэми-, *"псэущхьэ"*хэм теухуарэ *"дополненэ" зиl*эу лажьэ нэгъуэщl *"езырыж занщlэ глагол"* гуэрхэри мыбдежым къыщыхэдгъэщынщ: «**уэн, жэн, лъэн, плъэн, пщын, пкlэн, пхъуэн, lэбэн, цlывын**».

*

Ауэ икlи, *"псэущхьэм теухуа глагол" куэд*ыр езыри зы *псэущхьэу щыт "цlыху"*ми теухуауэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщи, *"псэущхьэм теухуа езырыж занщlэ глагол"*хэу *"дололненэ"и зиlэу лажьэ*у мы ипэкlэ зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьахэмрэ, абыхэм хуэдэ лэжьэкlэ зиlэу мы къыпытщахэм я нэхъыбэри *"цlыху"м теухуа*уэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, мы ипэкlэ *"псэущхьэхэм теухуа езырыж занщlэ глагол"*у зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа *"кlуэн, кlуэтэн"* глаголхэр икlи *цlыхум теухуауи* зэрылажьэ щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнри игъуэщ. Аращи, *цlыхум зэрытеухуэ*м ипкъ зэриткlэи -**"объектив субъект"**хэм нэмыщl-**"субъектив субъект"**хэри зыхиубыдэу *зэрылажьэ щапхъэ*хэри мыбдежым *"ит зэман"* лlэужьыгъуэхэу къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Субъ. ↓ Глагол →** | **Кlуэн** | **Кlуэтэн** |
|---|---|---|
| **Сэ** | **С***о*кlуэ(р) | **С***о*кlуатэ(р) |
| **Уэ** | **У***о*кlуэ(р) | **У***о*кlуатэ(р) |
| **Ар** | ***Ма***кlуэ(р) | ***Мэ***кlуатэ(р) |
| **Дэ** | **Д***о*кlуэ(р) | **Д***о*кlуатэ(р) |
| **Фэ** | **Ф***о*кlуэ(р) | **Ф***о*кlуатэ(р) |
| **Ахэр** | ***Ма***кlуэ(**хэ**)(р) | ***Мэ***кlуатэ(**хэ**)(р) |

*

Нытlэ икlи, *"дополненэ" зиlэу лажьэ мы "езырыж занщlэ глагол"*хэм я лэжьэкlэхэм лъытэфыну *"*дополненэ*"*хэри *зэмылlэужьыгъуэ "щхьэ"*хэу зыхэзыубыдэ щапхъэхэри *"ит зэман"* лэжьэкlэхэу -игъуэ *"префикс"*хэу-къызэрыlуатэ щlыкlэхэри мыбдежым щыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Субъ.** Доп. | **Кlуэн** | **Кlуэтэн** |
|---|---|---|
| **Сэ** уэ | (**Сы***но*кlуэ(р)) – **Сы**ны**п**х**у***о*кlуэ(р) | (**Сы***но*кlуатэ(р)) – **Сы**ны**п**х**у***о*кlуатэ(р) |
| **Уэ** сэ | (**У**къ***о***кlуэ(р)) – **У**къы**с**х**у***о*кlуэ(р) | (**У**къ***о***кlуатэ(р)) – **У**къы**с**х**у***о*кlуатэ(р) |
| **Ар** фэ | (Н***о***кlуэ(р)) - Ны**ф**х**у***о*кlуэ(р) | (Н***о***кlуатэ(р)) – Ны**ф**х**у***о*кlуатэ(р) |
| **Дэ** уэ | (**Ды***но*кlуэ(р)) – **Ды**ны**п**х**у***о*кlуэ(р) | (**Ды***но*кlуатэ(р)) – **Ды**ны**п**х**у***о*кlуатэ(р) |
| **Фэ** абыхэм | **Ф**а**х**у***о*кlуэ(р) | **Ф**а**х**у***о*кlуатэ(р) |
| **Ахэр** дэ | (Къ***о***кlуэ(**хэ**) (р)) – Къы**т**х**у***о*кlуэ(**хэ**)(р) | (Къ***о***кlуатэ(**хэ**)(р)) – Къы**т**х**у***о*кlуатэ(**хэ**)(р) |

Мы къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, *"дополненэ" зиlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"*хэр *"субъектив щхьэ"*хэм –икlи "объектив щхьэ куэдагъ"хэм- *теухуэ*у –я "дополненэ"у- зэрылъытэнур *игъуэ "префикс"*кlэрэщи, мыпхуэдэуи *глагол лэжьэкlэу "префиксиал глагол"*хэри утыку къызэрхьэнур гурыlуэгъуэщ.

Ауэ икlи, *"субъектив щхьэ"*хэм -"дополненэ"у- **хуэгъэза** зэрылъытэ **префикс**хэр ***"*сэ, дэ*"***м теухуауэ ***"*къ*"***ыуэ, ***"*уэ, фэ*"***м теухуауи ***"*н, къ*"***уэ зэрыщытым ипэкlи щыгъуазэ дызэрыщыхуэхъуащи, нытlэ, мы *"субъектив щхьэ"*хэр я *"цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*кlэ *зыхэмылъыта "глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэр мы *зи гугъу тщ*l*а "префикс"*хэмкlэу *ухуа закъуэу* щытмэ, *хьэрычэтыр зытеухуэ* –къызхуэкlуэрэ зыхуэунэтl- *"субъектив щхьэ"*хэри гурыlуэгъуэнщ. Араща, мыпхуэдэ зы *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*р *"къ" префикс*кlэ ухуауэ щытмэ, *хьэрычэт*ыр *къызыхуэкlуэ "*дополненэ*"*р *"сэ, дэ"*уэ {пп: **у**къ***о***кlуэ, **фы**къ***о***кlуэ; къ***о***кlуэ, къ***о***кlуэ(**хэ**)} зэрыщытыр гурыlуэгъуэнщ; икlи, *"н" префикс*кlэ ухуа зы *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*ри *хьэрычэтыр зыхуэунэтl "*дополненэ*"*р *"уэ, фэ"*уэ {пп: **сы***но*кlуэ, **ды***но*кlуэ; н***о***кlуэ; къ***о***кlуэ(хэ)} зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэри мы *таблищ*эм -тхыхьым дэту (...)- зэрыхэдгъэхьахэри нэрылъагъущ.

*"Цlыхум теухуа езырыж занщlэ глагол"хэм -"дополненэ"и зиlэ- я лэжьэкlэ щапхъэхэр.*

"Цlыхум теухуа езырыж занщlэ глагол" лlэужьыгъуэ **"кlуэсэн"** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **Сы**кlуэсэнщ | **Сы**кlуэсэн*у*щ | **С***о*кlуасэ(р) | **Сы**кlуэс*а*щ |
| **Уэ** | **У**кlуэсэнщ | **У**кlуэсэн*у*щ | **У***о*кlуасэ(р) | **У**кlуэс*а*щ |
| **Ар** | Кlуэсэнщ | Кlуэсэн*у*щ | ***Мэ***кlуасэ(р) | Кlуэс*а*щ |
| **Дэ** | **Ды**кlуэсэнщ | **Ды**кlуэсэн*у*щ | **Д***о*кlуасэ(р) | **Ды**кlуэс*а*щ |
| **Фэ** | **Фы**кlуэсэнщ | **Фы**кlуэсэн*у*щ | **Ф***о*кlуасэ(р) | **Фы**кlуэс*а*щ |
| **Ахэр** | Кlуэсэн(**хэ**)щ | Кlуэсэн*у*(**хэ**)щ | ***Мэ***кlуасэ(**хэ**)(р) | Кlуэс*а*(**хэ**)щ |

"Цlыхум теухуа езырыж занщlэ глагол" лlэужьыгъуэ **"lэпхъуэн"** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **Сы**lэпхъуэнщ | **Сы**lэпхъуэн*у*щ | **С***о*lэпхъуэ(р) | **Сы**lэпхъу*а*щ |
| **Уэ** | **У**lэпхъуэнщ | **У**lэпхъуэн*у*щ | **У***о*lэпхъуэ(р) | **У**lэпхъу*а*щ |
| **Ар** | lэпхъуэнщ | lэпхъуэн*у*щ | ***Мэ***lэпхъуэ(р) | lэпхъу*а*щ |
| **Дэ** | **Ды**lэпхъуэнщ | **Ды**lэпхъуэн*у*щ | **Д***о*lэпхъуэ(р) | **Ды**lэпхъу*а*щ |
| **Фэ** | **Фы**lэпхъуэнщ | **Фы**lэпхъуэн*у*щ | **Ф***о*lэпхъуэ(р) | **Фы**lэпхъу*а*щ |
| **Ахэр** | lэпхъуэн(**хэ**)щ | lэпхъуэн*у*(**хэ**)щ | ***Мэ***lэпхъуэ(**хэ**)(р) | lэпхъу*а*(**хэ**)щ |

"Цlыхум теухуа езырыж занщlэ глагол" лlэужьыгъуэ **"джэдэн"** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **Сы**джэдэнщ | **Сы**джэдэн*у*щ | **С***о*джадэ(р) | **Сы**джэд*а*щ |
| **Уэ** | **У**джэдэнщ | **У**джэдэн*у*щ | **У***о*джадэ(р) | **У**джэд*а*щ |
| **Ар** | Джэдэнщ | Джэдэн*у*щ | ***Мэ***джадэ(р) | Джэд*а*щ |
| **Дэ** | **Ды**джэдэнщ | **Ды**джэдэн*у*щ | **Д***о*джадэ(р) | **Ды**джэд*а*щ |
| **Фэ** | **Фы**джэдэнщ | **Фы**джэдэн*у*щ | **Ф***о*джадэ(р) | **Фы**джэд*а*щ |
| **Ахэр** | Джэдэн(**хэ**)щ | Джэдэну(**хэ**)щ | ***Мэ***джадэ(**хэ**)(р) | Джэд*а*(**хэ**)щ |

Мы зи лэжьэкlэхэр къыщыхуэтхьа глаголхэр *псэущхьэ гуэрхэми теухуа*уэ зэрызехьэфынури жыlэпхъэщ. Аращи, зы псэущхьэр зэры*lу*рэ зэры*lу*эри *"джэн"* псалъэмкlи лъытапхъэнщ; зыдэщыlэм икlрэ текlыу мынаlуэ щlыпlэ гуэрымкlэ зызыунэтl зы псэущхьэм мы и щlыкlэри *"кlуэсэн"* lуэхугъуэу лъытапхъэнщ; *"lэпхъуэн"* глаголыр *нэгъуэщl щlыпlэ кlуэн – кlуэтэн* мыхьэнэ зиlэрщи, мыпхуэдэ зы lуэхугъуэр псэущхьэхэм папщlи зехьэпхъэнщ.

## ″ЕЗЫРЫЖ ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ″ХЭМ Я ″ХЪЫБАРЕГЪАЩlЭ″ ЛЭЖЬЭКlЭ ЩАПХЪЭХЭР

**″Къэхъу-къэщlыгъуэ езырыж префиксил глагол″хэм я хъыбарегъащlэ лэжьэкlэ щапхъэхэр.**

*″Къэхъу-къэщlыгъуэ езырыж занщlэ глагол″хэм ″префикс″klэрэ къатехъукl ″езырыж префиксиал глагол″ лэжьэкlэ щапхъэхэр.*

″Къэхъу-къэщlыгъуэм теухуа езырыж префиксал глагол″ лlэужьыгъуэу -*″занщlэ″у* ″макъ глагол″у *ухуа*гъэххэ *″хъун″*ым *″префикс″* къищтэу къытехъукla- **″къэхъун″** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Къэхъунщ | Къэхъун*у*щ | Къ*о*хъу(р) | Къэхъу*а*щ |
| **Ахэр** | Къэхъун(**хэ**)щ | Къэхъун*у*(**хэ**)щ | Къ*о*хъу(**хэ**)(р) | Къэхъ*а*(**хэ**)щ |

″Къэхъу-къэщlыгъуэм теухуа езырыж префиксиал глагол″ лlэужьыгъуэу -*″езырыж занщlэ глагол″*у щыт *″mlэmlэн″*ым *″префикс″* къищтэу къытехъукla- **″зэхэтlэтlэн″** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Зэхэтlэтlэнщ | Зэхэтlэтlэн*у*щ | Зэх*о*тlатlэ(р) | Зэхэтlэтl*а*щ |
| **Ахэр** | Зэхэтlэтlэн(**хэ**)щ | Зэхэтlэтlэн*у*(**хэ**)щ | Зэх*о*тlатlэ(**хэ**)(р) | Зэхэтlэтl*а*(**хэ**)щ |

*

″Къэхъу-къэщlыгъуэм теухуа езырыж префиксиал глагол″ лlэужьыгъуэу -*″занщlэ″у* ″макъ зэгуэт глагол″у *ухуа*гъэххэ *″блэн″*ыр *зи лъабжьэ*у *″префикс″*klэ *мыхьэнэщlэ*уи лъытапхъэу къытехъукla- **″зэщlэблэн″** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Зэщlэблэнщ | Зэщlэблэн*у*щ | Зэщl*о*блэ(р) | Зэщlэбл*а*щ |
| **Ахэр** | Зэщlэблэн(**хэ**)щ | Зэщlэблэн*у*(**хэ**)щ | Зэщl*о*блэ(**хэ**)(р) | Зэщlэбл*а*(**хэ**)щ |

*Зэрыухуагъэххэу ″къэхъу-къэщlыгъуэ езырыж префиксиал глагол″хэм я лэжьэкlэ щапхъэхэр.*

″Къэхъу-къэщlыгъуэм теухуа езырыж префиксиал глагол″ лlэужьыгъуэу *–зэрыухуагъэххэу ″префиксиал″*у щыт- **″ибжьэн″** глагол лэжьэкlэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Ибжьэнщ | Ибжьэн*у*щ | Й*о*бжьэ(р) | Ибжь*а*щ |
| **Ахэр** | Ибжьэн(**хэ**)щ | Ибжьэн*у*(**хэ**)щ | Й*о*бжьэ(**хэ**)(р) | Ибжь*а*(**хэ**)щ |

″Къэхъу-къэщlыгъуэм теухуа езырыж префиксиал глагол″ лlэужьыгъуэу *–зэрыухуагъэххэу "префиксиал″*у щыт- **″егуэуэн″** глагол лэжьэкlэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Егуэуэнщ | Егуэуэнущ | Йогуауэ(р) | Егуэуащ |
| **Ахэр** | Егуэуэн(**хэ**)щ | Егуэуэну(**хэ**)щ | Йогуауэ(**хэ**)(р) | Егуэуа(**хэ**)щ |

*

Мы *″префиксиал″у ухуагъэххэ "къэхъу-къэщlыгъуэм теухуа префиксиал глагол″*у зи *лэжьэкlэ щапхъэхэр* къызыхуэтхьа *″егуэуэн″*ыр *″гуауэ″*р *″е″ префикс*кlэ зы*хуэкlуэ*у зытеухуэ зэрылъытэурщи, *″гуауэ″*р зыхуэкlуэу *зыхэзыщlэ*нури *псэ зыlут*у *щыlэгъуэ* зиlэхэрауэ зэрыщытынур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, мы *псэ зыlут щыlэгъуэ зиlэхэм -″къэкlыгъэхэм, псэущхьэхэм, цlыху″*м- зыгуэрхэр *″гуауэ″* хуэхъунщи, псалъэм папщlэ, къэкlыгъэхэм *″псы куэдыр егуэуэн″*щ е псэущхьэхэмрэ цlыхуми *″ишхар егуэуэнщ″*.

Нытlэ, *″егуэуэн″* глаголыр *зытеухуэ*у мы зи гугъу тщla *псэ зыlут щыlэгъуэ зиlэхэр зи ″дополненэ″*у *лэжьэкlэ* зиlэу къэlуэфынщи, мыр *гуауэ*р (**ар**) зэгуауэр ″дополненэ″у (пп: абы) зэрылъытэ щlыкlэу *″езырыж глагол″* лlэужьыгъуэ *лэжьэкlэ*рщ:

- «**псыр** жыгым йогуауэ(р) – егуэу*а*щ» → «**ар** абы йогуауэ(р) – егуэу*а*щ»;
- «**шхыныр** абы йогуауэ(р) – егуэу*а*щ» → «**ар** абы йогуауэ(р) – егуэу*а*щ».

Мы *″егуэуэн″* глаголым мы и *″лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*хэм хиубыдэ ″й″р *″ит зэман гъэлъагъуэ″*м (*о*) ипэ къихуэ *″е″ префикс*ым и *къэlукlэ*рауэ зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу къызэрыlу зэрыхъуа лъагъуэри мыбдежым къыщыхэдгъэщыжынщ:

«″йогуауэ(р)″ {← иогуауэ(р) ← иэогуауэ(р) ← еогуауэ(р)} ← ″егуэуэн″».

*

Мы *къэхъу-къэщlыгъуэ* лlэужьыгъуэ *глагол лэжьэкlэ*хэу къэта щапхъэхэр *″объектив″ лэжьэкlэ*у ″**-субъект**″рэ ″дополненэ″р ″объектив″у зыхэзыубыдэу- зэрыщытыр нэрылъагъущ. Ауэ, мы зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа *глагол гуэрхэр* икlи *цlыхум теухуэ*уи -″дополненэ″у *цlыху* зыхэзыубыдэу- къызэрыlуэтэфынури гурыlуэгъуэнщ. Икlи, мы зи гугъу тщla глаголхэм хуэдэу, **″е″ префиксил** *глагол лэжьэкlэ*хэм ″дополненэ″у хиубыдэ **″субъектив щхьэ″** лlэужьыгъуэхэр *″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*хэм **″езырыж″** лlэужьыгъуэу зэрыхэлъытэнуми ипэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъууэ зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ.

Икlи, ″е″ префиксиал глагол лэжьэкlэхэм *″еклуэлlэн″ лъытэ ″е (иэ)″ префикс*ыр *″субъектив* дополненэ*″*хэм зэр*еклуалл*эр *″къыхуэклуэ″*у **″къ″** *префикс*кlэрэщ зэрылъытэри, нытlэ, *″егуэуэн″* глаголым *″субъектив щхьэ″* лlэужьыгъуэ *″*дополнленэ*″*хэм теухуауэ и *″лэжьэклэу ухуа псалъэ″*хэр *″инфинитив″*у *″къ″ префиксиал глаголу* зэрыухуэнури гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, мы зи гугъу тщlа *глагол лэжьэклэ* щапхъэхэри *″зэманыгъуэ″*рэ *″субъектив* дополненэ*″*р *″глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ″*хэм *къызэрыхэlукl* зэрыхъу *лъагъуэ*ри къызэрыхэщу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэжынщ:

- «**псыр** сэ къызо*г*уауэ(р) (← ″къызйо*г*уауэ(р)″ ← ″къызэйо*г*уауэ(р)″ ← ″къызыэйо*г*уауэ(р)″ ← ″къы-зы-эй-*о*-гуауэ″ ← ″къы-зы-е-*о*-гуауэ″) – къызэгуэу*а*щ (← ″къызэйгуэу*а*щ″ ← ″къы-зы-эй-гуэуэ-*а*-щ″ ← ″къы-зы-е-гуэуэ-*а*-щ″)»;
- «**шхыныр** уэ къыуо*г*уауэ(р) {← ″къыуэйо*г*уауэ(р)″ ← ″къыуэйо*г*уауэ(р)″ ← ″къы-у-эй-*о*-гуауэ″ ← ″къы-у-е-*о*-гуауэ″} – къыуэгуэу*а*щ (← ″къыуэйгуэу*а*щ″ ← ″къы-у-эй-гуэуэ-*а*-щ″ ← ″къы-у-е-гуэуэ-*а*-щ″)».

*

Мы зи гугъу тщlа лэжьэкlэ щапхъэхэми гурыlуэгъуэ къызэрытхиущlыщи, мы ипэкlэ зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьахэр *″къэхъу-къэщlыгъуэ″м зэрытеухуа*м ипкъ зэриткlэ, *адрей щылэгъуэхэми* - къэкlыгъэхэм, псэущхьэхэм, цlыхум- *теухууэ лэжьэф*ыну зэрыщытыр жылэпхъэщ. Араци, псалъэм папщlэ, *″къэхъун″*ыр мыпхуэдэу зэрыщытым -ар къызытехъукlа- *″хъун″* глаголу щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ. Икlи, мы къэта щапхъэхэм щыщу *″зэхэтlэтlэн″*ри -къызытеухъукlа *″тlэтlэн″*ри-хуиту *″къэкlыгъэ″хэм теухууэ* зэрылэжьэфынур гурыlуэгъуэнщ. Мыбы нэмыщl, *″префиксиал″у ухуагъэххэ*у къыхэдгъэща *″ибжьэн, егуэуэн″*ри *″къэкlыгъэ″*хэм –псэ зыlуту щылэгъуэ зиlэхэм *″ибжьэ″*рэ *″егууэ″ къэкlыгъэ* лlэужьыгъуэхэр щылэщ- теухууэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Ауэ, мы къэта щапхъэхэм щыщу *″зэщlэблэн″*ыр щылэгъуэ зиlэхэм – нэхъ игъуэуи *псэ зылуэт*хэм- *теухууэ зэрылэжьэф*ынур гурыlуэгъуэщи, *″цlыху″*м *зэрытеухуэну*ри гурыlуэгъуэщ.

Дауи, *″зэщlэблэн″* глаголыр *″къэхъу-къэщlыгъуэ″м теухуа*уэ *″объектив субъект″*хэу *″щхьэ закъуэ″рэ ″щхьэ куэдагъэ″*кlэ къэlуэтапхъэу щытми, - глагол мыхьэнэм елъытащи- *зы щылэ* лlэужьыгъуэу *″щхьэ закъуэ″м теухууэ* лэжьэнрэ къэlуэтэныр зэры*имыгъуэ*нури гурыlуэгъуэнщ. Мы ипэкlи зэрыжытlауэ, *″зэщlэблэн″* глаголыр *″цlыху″м теухууэ* зэрылэжьэнури глагол *″субъект″*ыр -*″субъектив″* е *″объектив″*у дауи

щырет- *"щхьэ куэдагъ"*у щытын хуейщи, *"дэ, фэ; ахэр"*хэр *"субъект"* зыхуэхъуу лэжьэну глаголырщ.

Нытlэ, ипэкlэ *"къэхъу-къэщlыгъуэ"м теухуа*уэ зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къыхуэзытхьа *"къэхъун, зэщlэблэн"* глаголхэр *"цlыху"м теухуауэ зэрылажьэ щапхъэ*хэри мыбыдежым *"ит зэман"*у, -*"зэщlэблэн"* глаголри *"щхьэ куэдагъ* **субъект"**кlэ- *зэрылажьэу* къэдгъэлъэгъуэнщ:

| **Субъект↓ Глагол →** | **Къэхъун** | **ЗэщlэблэнЗэщlэблэн** |
|---|---|---|
| **Сэ** | **Сы**къ*о*хъу(р) | - |
| **Уэ** | **У**къ*о*хъу(р) | - |
| **Ар** | **Сы**къ*о*хъу(р) | - |
| **Дэ** | **Ды**къ*о*хъу(р) | **Ды**зэщl*о*блэ(р) |
| **Фэ** | **Фы**къ*о*хъу(р) | **Фы**зэщl*о*блэ(р) |
| **Ахэр** | Къ*о*хъу(**хэ**)(р) | Зэщl*о*блэ(**хэ**)(р) |

**"Къэкlыгъэхэм теухуа езырыж префиксиал глагол"хэм я хъыбарегъащlэ лэжьэкlэ щапхъэхэр.**

"Къэкlыгъэхэм теухуа езырыж префиксиал глагол" лlэужьыгъуэу – "занщlэ"у "макъ глагол"у ухуагъэххэ *"кlын"*ым *"префикс"* къызэрищтэу *къытехъукlа-* **"къэкlын"** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Къэкlынщ | Къэкlын*у*щ | Къ*о*кl(ыр) | Къэкl*а*щ |
| **Ахэр** | Къэкlын(**хэ**)щ | Къэкlын*у*(**хэ**)щ | Къ*о*кl(**хэ**)(р) | Къэкl*а*(**хэ**)щ |

"Къэкlыгъэхэм теухуа езырыж префиксиал глагол" лlэужьыгъуэу – *"занщlэ"у "*макъ глагол"у *ухуа*гъэххэ *"кlын"*ыр *зи лъабжьэ*у *мыхьэнэщlэ*у префиксиалу *къытехъукl*а- **"къикlыкlын"** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Къикlыкlынщ | Къикlыкlын*у*щ | Къ*о*кlыкl(ыр) | Къикlыкl*а*щ |
| **Ахэр** | Къикlыкlын(**хэ**)щ | Къикlыкlын*у*(**хэ**)щ | Къ*о*кlыкl(**хэ**)(р) | Къикlыкl*а*(**хэ**)щ |

"Къэкlыгъэхэм теухуа езырыж префиксиал глагол" лlэужьыгъуэу – *"занщlэ"у "макъ глагол"*у ухуагъэххэ *"гъун"* глаголым *"суффикс"*рэ *хуэигъуэ "префикс"*кlэ *къытехъукla-* **"хэгъухьын"** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Хэгъухьынщ | Хэгъухьын*у*щ | Х*о*гъухь(ыр) | Хэгъухь*а*щ |
| **Ахэр** | Хэгъухьын(**хэ**)щ | Хэгъухьын*у*(**хэ**)щ | Х*о*гъухь(**хэ**)(р) | Хэгъухь*а*(**хэ**)щ |

"Къэкlыгъэхэм теухуа езырыж префиксиал глагол" лlэужьыгъуэу - *"занщlэ"*у "макъ глагол"у *ухуа*гъэххэ *"фын"*ым *"суффикс"*рэ *хуэигъуэ "префикс"*кlэ къытехъукla- **"зэхэфыхьын"** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Зэхэфыхьынщ | Зэхэфыхьын*у*щ | Зэх*о*фыхь(ыр) | Зэхэфыхь*а*щ |
| **Ахэр** | Зэхэфыхьын(**хэ**)щ | Зэхэфыхьын*у*(**хэ**)щ | Зэх*о*фыхь(**хэ**)(р) | Зэхэфыхь*а*(**хэ**)щ |

"Къэкlыгъэхэм теухуа езырыж префиксиал глагол" лlэужьыгъуэу - *"езырыж занщlэ глагол"*у *"гъэгъэн"*ым *"префикс"* къищтэу къытехъукla- **"къэгъэгъэн"** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Къэгъэгъэнщ | Къэгъэгъэн*у*щ | Къ*о*гъагъэ(р) | Къэгъэгъ*а*щ |
| **Ахэр** | Къэгъэгъэн(**хэ**)щ | Къэгъэгъэну(**хэ**)щ | Къ*о*гъагъэ(**хэ**)(р) | Къэгъэгъ*а*(**хэ**)щ |

**"Псэущхьэхэм теухуа езырыж префиксиал глагол"хэм я хъыбарегъащlэ лэжьэкlэ щапхъэхэр.**

"Псэущхьэхэм теухуа езырыж префиксиал глагол" лlэужьыгъуэу – *"занщlэ"у "*макъ глагол"у *ухуа*гъэххэ *"кlуэн"*ым *"префикс"* къищтэу *къытехъукla-* **"къэкlуэн"** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Къэкlуэнщ | Къэкlуэн*у*щ | Къ*о*кlуэ(р) | Къэкlу*а*щ |
| **Ахэр** | Къэкlуэн(**хэ**)щ | Къэкlуэн*у*(**хэ**)щ | Къ*о*кlуэ(**хэ**)(р) | Къэкlу*а*(**хэ**)щ |

"Псэущхьэхэм теухуа езырыж префиксиал глагол" лlэужьыгъуэу – *"занщlэ"у "*макъ глагол"у *ухуа*гъэххэ *"уэн"*ым *"префикс"* къищтэу *къытехъукla-* **"еуэн"** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Ар | Еуэнщ | Еуэн*у*щ | Й*о*уэ(р) | Еу*а*щ |
| **Ахэр** | Еуэн(**хэ**)щ | Еуэну(**хэ**)щ | Й*о*уэ(**хэ**)(р) | Еу*а*(**хэ**)щ |

"Псэущхьэхэм теухуа езырыж префиксиал глагол" лlэужьыгъуэу - *"занщlэ"*у *"макъ глагол"*у *ухуа*гъэххэ *"уэн"*ым *"префикс"* къызэрищтэу къытехъукla- **"етхэуэн"** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Етхэуэнщ | Етхэуэн*у*щ | Й*о*тхауэ(р) | Етхэу*а*щ |
| **Ахэр** | Етхэуэн(**хэ**)щ | Етхэуэну(**хэ**)щ | Й*о*тхауэ(**хэ**)(р) | Етхэу*а*(**хэ**)щ |

"Псэущхьэхэм теухуа езырыж префиксиал глагол" лlэужьыгъуэу – *"езырыж занщlэ глагол"*у *ухуа*гъэххэ *"дзэкъэн"*ым *"префикс"* къызэрищтэу къытехъукla- **"едзэкъэн"** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Едзэкъэнщ | Едзэкъэн*у*щ | Й*о*дзакъэ(р) | Едзэкъ*а*щ |
| **Ахэр** | Едзэкъэн(**хэ**)щ | Едзэкъэну(**хэ**)щ | Й*о*дзакъэ(**хэ**)(р) | Едзэкъ*а*(**хэ**)щ |

"Псэущхьэхэм теухуа езырыж префиксиал глагол" лlэужьыгъуэу - *"префиксиал"у ухуагъэххэ*- **"ефэн"** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ар** | Ефэнщ | Ефэн*у*щ | Й*о*фэ(р) | Еф*а*щ |
| **Ахэр** | Ефэн(**хэ**)щ | Ефэну(**хэ**)щ | Й*о*фэ(**хэ**)(р) | Еф*а*(**хэ**)щ |

*

Мы къэта глагол щапхъэхэм щыщу *"етхэуэн"* глаголыр зытеухуа *псэущхьэ* лIэужьыгъуэ гуэрхэрщи, ар *"*цIыху*"*м теухуауэ зэрыщымытри гурыIуэгъуэщ. Мы глаголым нэмыщIыу мы ипэкIэ *"псэущхьэ"*хэм *теухуа*уэ къэта глаголхэр икIи зы псэущхьэ лIэужьыгъуэу щыт *"цIыху"ми теухуауэ* зэрылэжьэфынур гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, *цIыху*м теухуауэ зэрылэжьэну щIыкIэхэри *"субъектив субъект"*кIэрэщ.

Мыпхуэдэ щапхъэхэрщ *"еуэн, едзэкъэн, ефэн"* глаголхэр. Мыхэр къыхэдгъэща нэужь, ипэкIэ *"псэущхьэхэм теухуа езырыж префиксиал глагол"*хэу зи лэжьэкIэ щапхъэхэр къызыхуэтхьахэм щыщу *"цIыху"ми теухуа*уэ щытхэм я *"ит зэман" лэжьэкIэ щапхъэ*хэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| **Субъект** | **КъэкIуэн** | **Еуэн** | **Едзэкъэн** | **Ефэн** |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **Сы**къо*к*Iуэ(р) | **С***о*уэ(р) | **С***о*дзакъэ(р) | **С***о*фэ(р) |
| **Уэ** | **У**къо*к*Iуэ(р) | **У***о*уэ(р) | **У***о*дзакъэ(р) | **У***о*фэ(р) |
| **Ар** | Къо*к*Iуэ(р) | Й*о*уэ | Й*о*дзакъэ(р) | Й*о*фэ(р) |
| **Дэ** | **Ды**къо*к*Iуэ(р) | **Д***о*уэ(р) | **Д***о*дзакъэ(р) | **Д***о*фэ(р) |
| **Фэ** | **Фы**къо*к*Iуэ(р) | **Ф***о*уэ(р) | **Ф***о*дзакъэ(р) | **Ф***о*фэ(р) |
| **Ахэр** | Къо*к*Iуэ(**хэ**)(р) | Й*о*уэ(**хэ**)(р) | Й*о*дзакъэ(**хэ**)(р) | Й*о*фэ(**хэ**)(р) |

*ЦIыху*р зи *"субъект"*у лъытапхъэ глагол лэжьэкIэхэрщ мы къэтахэр. Ауэ, мыбыхэм щыщ *"е" префиксиал глагол* гуэрхэр икIи *"цIыху"м теухуэ*уи *–цIыху* лIэужьыгъуэ *"*дополненэ*"*и зыхиубыдэуи- зэрылэжьэфынр гурыIуэгъуэнщи, нытIэ, мыпхуэдэ лэжьэкIэ щапхъэ гуэрхэри *"еуэн" глагол*ым и *лэжьэкIэ*у къэдгъэлъэгъэунщ. ИкIи, мыпхуэдэ *"е" префиксиал глагол*хэм я *"лэжьэкIэу ухуа псалъэ"*хэр *"субъектив* дополненэ*"*хэм зэрекIуалIэр **"къ/н" префикс**кIэ зэрылъытэнури гурыIуэгъуэнщ. Мыбы нэмыщI, мыпхуэдэ **"глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ"**хэм **"субъектив дополненэ"**хэр **"езырыж"** лIэужьыгъуэу зэрыхиубыдэнум ипэкIи дыщыгъуазэщи, нытIэ, мыпхуэдэ щапхъэхэри *псалъэ*м игъуэт *къэIукIэ лъагъуэ*ри къызыхэщу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**сэ** абы **с***о*уэ(р) (← *"***сы***й**о*уэ"* ← *"***сы**э*й**о*уэ"* ← *"***сы**-эй-*о*-уэ"* ← *"***сы**-е-*о*-уэ*"*)»;
- «**ар** сэ къы*з**о***уэ(р) (← *"*къы*з*эй*о*уэ*"* ← *"*къы*зы*эй*о*уэ*"* ← *"*къы-*зы*-эй-*о*-уэ*"* ← *"*къы-*зы*-е-*о*-уэ*"*)».
- «**сэ** уэ **сы**ны*у**о***уэ(р) (← *"***сы**-ны-*у*-эй-*о*-уэ*"* ← *"***сы**-ны-*у*-е-*о*-уэ*"*)».

**"ЦIыхум теухуа езырыж префиксиал глагол"хэм я хъыбарегъащIэ лэжьэкIэ щапхъэхэр.**

″Цlыхум теухуа езырыж префиксиал глагол″ лlэужьыгъуэу -*″макъ глагол″*у ухуагъэххэ *″джэн″*ым *″префикс″*кlэ къытехъукlа- **″еджэн″** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **С**еджэнщ | **С**еджэн*у*щ | **С***о*джэ(р) | Седж*а*щ |
| **Уэ** | **У**еджэнщ | **У**еджэн*у*щ | **У***о*джэ(р) | Уедж*а*щ |
| **Ар** | Еджэнщ | Еджэн*у*щ | Й*о*джэ(р) | Едж*а*щ |
| **Дэ** | **Д**еджэнщ | **Д**еджэн*у*щ | **Д***о*джэ(р) | Деджа*щ* |
| **Фэ** | **Ф**еджэнщ | Феджэн*у*щ | **Ф***о*джэ(р) | Феджа*щ* |
| **Ахэр** | Еджэн(**хэ**)щ | Еджэн*у*(**хэ**)щ | Й*о*джэ(**хэ**)(р) | Еджа(**хэ**)щ |

″Цlыхум теухуа езырыж префиксиал глагол″ лlэужьыгъуэу –*″макъ глагол″*у ухуагъэххэ *″дэн″*ым *″префикс″*кlэ къытехъкlа- **″тедэн″** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **Сы**тедэнщ | **Сы**тедэн*у*щ | **Сы**т*о*дэ(р) | **Сы**тед*а*щ |
| **Уэ** | **У**тедэнщ | **У**тедэн*у*щ | **У**т*о*дэ(р) | **У**тед*а*щ |
| **Ар** | Тедэнщ | Тедэн*у*щ | Т*о*дэ(р) | Тед*а*щ |
| **Дэ** | **Ды**тедэнщ | **Ды**тедэн*у*щ | **Ды**т*о*дэ(р) | **Ды**тед*а*щ |
| **Фэ** | **Фы**тедэнщ | **Фы**тедэн*у*щ | **Фы**т*о*дэ(р) | **Фы**тед*а*щ |
| **Ахэр** | Тедэн(**хэ**)щ | Тедэн*у*(**хэ**)щ | Т*о*дэ(**хэ**)(р) | Тед*а*(**хэ**)щ |

″Цlыхум теухуа езырыж занщlэ глагол″ лlэужьыгъуэу -*″макъ глагол″*у ухуагъэххэ *″тхэн″*ым *″префикс″*рэ *″суффикс″*кlэрэ къытехъукlа- **″тетхыхьын″** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **Сы**тетхыхьынщ | **Сы**тетхыхьын*у*щ | **Сы**т*о*тхыхь(ыр) | **Сы**тетхыхь*а*щ |
| **Уэ** | **У**тетхыхьынщ | **У**тетхыхьын*у*щ | **У**т*о*тхыхь(ыр) | **У**тетхыхь*а*щ |
| **Ар** | Тетхыхьынщ | Тетхыхьын*у*щ | Т*о*тхыхь(ыр) | Тетхыхь*а*щ |
| **Дэ** | **Ды**тетхыхьынщ | **Ды**тетхыхьын*у*щ | **Ды**т*о*тхыхь(ыр) | **Ды**тетхыхь*а*щ |
| **Фэ** | **Фы**тетхыхьынщ | **Фы**тетхыхьын*у*щ | **Фы**т*о*тхыхь(ыр) | **Фы**тетхыхь*а*щ |
| **Ахэр** | Тетхыхьын(**хэ**)щ | Тетхыхьын*у*(**хэ**)щ | Т***о***тхыхь(**хэ**)(р) | Тетхыхь*а*(**хэ**)щ |

″Цlыхум теухуа езырыж префиксиал глагол″ лlэужьыгъуэу -*″езырыж занщlэ глагол″*у ухуагъэххэ *″гупщысэн″*ым *″префикс″*кlэ къытехъукlа- **″егупщысын″** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **С**егупщысынщ | **С**егупщысын*у*щ | **С***о*гупщыс(ыр) | **С**егупщыс*а*щ |
| **Уэ** | **У**егупщысынщ | **У**егупщысын*у*щ | **У***о*гупщыс(ыр) | **У**егупщыс*а*щ |
| **Ар** | Егупщысынщ | Егупщысын*у*щ | Й*о*гупщыс(ыр) | Егупщыс*а*щ |
| **Дэ** | **Д**егупщысынщ | **Д**егупщысын*у*щ | **Д***о*гупщыс(ыр) | **Д**егупщыс*а*щ |
| **Фэ** | **Ф**егупщысынщ | **Ф**егупщысын*у*щ | **Ф***о*гупщыс(ыр) | **Ф**егупщыс*а*щ |
| **Ахэр** | Егупщысын(**хэ**)щ | Егупщысын*у*(**хэ**)щ | Й*о*гупщыс(**хэ**)(р) | Егупщыс*а*(**хэ**)щ |

*"*Цlыхум теухуа езырыж префиксиал глагол*"* лlэужьыгъуэу –*"езырыж занщlэ глагол"*у ухуагъэххэ *"фыгъуэн"*ым *-зыр зым зэрефыгъуэ* зэрылъытэ-*"*зэ*"* *префикс* къызэрищтэу къытехъукlа- **"зэфыгъуэн"** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэри -зэрыгурыlуэгъуэу *"субъект куэдагъ"*хэм теухуауэ-*зэрылажьэ щапхъэхэр*и къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | - | - | - | - |
| **Уэ** | - | - | - | - |
| **Ар** | - | - | - | - |
| **Дэ** | **Ды**зэфыгъуэнщ | **Ды**зэфыгъуэну**щ** | **Ды***з***о**фыгъуэ(р) | Дызэфыгъу*а*щ |
| **Фэ** | **Фы**зэфыгъуэнщ | **Фы**зэфыгъуэну**щ** | **Фы***з***о**фыгъуэ(р) | Фызэфыгъу*а*щ |
| **Ахэр** | Зэфыгъуэн(**хэ**)щ | Зэфыгъуэну(**хэ**)щ | З*о*фыгъуэ(**хэ**)(р) | Зэфыгъу*а*(**хэ**)щ |

*"*Цlыхум теухуа езырыж префиксиал глагол*"* лlэужьыгъуэу – къызэрыхъуа щlыкlэу *"префиксиал"*у *ухуагъэххэ*- **"къэфэн"** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **Сы**къэфэнщ | **Сы**къэфэну**щ** | **Сы**къ*о***о**фэ(р) | **Сы**къэф*а***щ** |
| **Уэ** | **У**къэфэнщ | **У**къэфэну**щ** | **У**къ*о***о**фэ(р) | **У**къэф*а***щ** |
| **Ар** | Къэфэнщ | Къэфэну**щ** | Къ*о***о**фэ(р) | Къэф*а***щ** |
| **Дэ** | Дыкъэфэнщ | **Ды**къэфэну**щ** | **Ды**къ*о***о**фэ(р) | **Ды**къэф*а***щ** |
| **Фэ** | **Фы**къэфэнщ | **Фы**къэфэну**щ** | **Фы**къ*о***о**фэ(р) | **Фы**къэф*а***щ** |
| **Ахэр** | Къэфэн(**хэ**)щ | Къэфэну(**хэ**)щ | Къ*о***о**фэ(**хэ**)(р) | Къэф*а*(**хэ**)щ |

*

*Макъыбзэ*у щыт *адыгэбзэ*р *мыхьэнэбэ*рэ икlи *лэжьэкlэбэ*у зэрыщытыр гурыlэгъуэщи, глагол гуэрхэм *"езырыж"рэ "луэху"* лlэужьыгъуэу *еджапхъэ*рэ *лэжьэкlэ* зэралэнури гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэщ *"езырыж префиксиал глагол"*у мы зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьахэри, нытlэ, мыхэр *"луэху префиксиал глагол"*уи зэрылъытэрэ *зэрылажьэ щапхъэ*хэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- *"*Тедэн*"*: «**сэ** тыз*о*дэ(р), **уэ** ты**б***о***дэабы** тыр*е*дэ(р), **дэ** тыд*о*дэ(р), **фэ** ты**в***о*дэ(р), **абыхэм** тыр*а*дэ(р)»;
- *"*Тетхыхьын*"*: «**сэ** тыз*о*тхыхь(ыр), **уэ** ты**б***о*тхыхь(ыр), **абы** тыр*е*тхыхь(ыр), **дэ** тыд*о*тхыхь(ыр), **фэ** ты**в***о*тхыхь(ыр), **абыхэм** тыр*а*тхыхь(ыр)».

*

Мы зи гугъу тщlахэм нэмыщl, мы глаголхэм хиубыдэну *"*дополненэ*"*хэр *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэм *зэрыхиубыдэ* щlыкlэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунри игъуэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *"езырыж занщlэ глагол"*ыр **"дополненэ" зиlэрэ зимыlэ**у дауи щырет, ар **"игъуэ префикс"кlэ** -*"*дополненэ*"* *зылъытэ*

*"префикс"*кlэ- *зэрыухуэ*у утыку къихьэ *"езырыж префиксиал глагол"*хэм я лэжьэкlэхэм **"дополненэ"** щы**зэрылъытэ**нур гурыlуэгъуэщ.

Ауэ икlи, ипэрей лэжьыгъэ lыхьэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, глагол лэжьэкlэхэм хиубыдэ *"*дополненэ*"*хэр *нэхъыбэу "lуэху"* лlэужьыгъуэу хэлъытэу щытми, **"е" префиксиал глагол**хэм я *"лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм **"субъектив дополненэ"**хэр **"езырыж"**у зэрыхиубыдэри гурыlуэгъуэщ. Мы *"е" префиксиал глагол лэжьэкlэ*хэр *"субъектив* дополненэ*"*хэм *"е" префикскlэ зэреклуалlэ*ри *къыхуэкlуэ/хуэунэтl*ыу "къ/н" префикси къищтэу зэрылъытэри гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, мы ипэкlэ къэта *"езырыж префиксиал глагол" лэжьэкlэ*хэм -мы зи гугъу тщlахэм теухуауэ- *"*дополненэ*"*хэр *"lуэху"*рэ *"езырыж"* лlэужьыгъуэу зэрыхиубыдэ щlыкlэхэр зэмылlэужьыгъуэ къаlуэтэкlэ зиlэ *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэу зэры*зэлъытапхъэ*у зы *таблиц*эм хиубыдэу къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | **"Е" префиксиал глаголхэр** | | **Адрей префиксиал глаголхэр** | |
|---|---|---|---|---|
| **Субъ.** доп. | **Еджэн** | **Егупщысын** | **Тетхыхьын** | **Къэфэн** |
| **С**э уэ | **Сы**ны**у***о*джэ(р)/ **Сы***но*джэ(р)/ **Сы***у*оджэ(р) | **Сы**ны**у***о*гупщыс(ыр)/ **Сы***но*гупщыс(ыр)/ **Сы***у*огупщыс(ыр) | **Сы**п*т*отхыхь(ыр)/ **Сы**ны**п***т***о**тхыхь(ыр) | **Сы**къы**п**х**у***о*фэ(р) |
| **Уэ** абыхэм | **У**а**й***о*джэ(р)/ **У***о*джэ(р) | **У**а**й***о*гупщыс(ыр)/ **У***о*гупщыс(ыр)/ | **У**а**й***т**о*тхыхь(ыр)/ **У**а*т**о***тхыхь(ыр) | **У**къ**а**х**у***о*фэ(р)/ **У**а**к**ъыхy*о*фэ(р) |
| **Ар** фэ | Къы**в***о*джэ(р) | Къы**в***о*гупщыс(ыр) | Къы**ф***т**о***тхыхь(ыр) | Къы**ф**х**у***о*фэ(р) |
| **Дэ** фэ | **Ды**ны**в***о*джэ(р)/ **Ды***но*джэ(р)/ **Ды***в*оджэ(р) | **Ды**ны**в***о*гупщыс(ыр)/ **Ды***но*гупщыс(ыр)/ **Ды***в*огупщыс(ыр) | **Ды**ны**ф****т****о**тхыхь(ыр) / **Ды**ф**т****о**тхыхь(ыр) | **Ды**къы**ф**х**у***о*фэ(р) |
| **Фэ** сэ | **Фы**къы**з***о*джэ | **Фы**къы**з**огупщыс(ыр) | **Фы**къы**с***т**о***тхыхь(ыр) | **Фы**къы**с**х**у***о*фэ |
| **Ахэр** абыхэм | **Я**й**о**джэ(**хэ**)(р)/ **Й***о*джэ(**хэ**)(р) | **Я**й**о**гупщыс(**хэ**)(р)/ **Й***о*гупщыс(**хэ**)(р) | **Я**т**о**тхыхь(**хэ**)(р) | Къ**а**х**у***о*фэ(**хэ**)(р) |

## ЕЩАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ
## "lУЭХУ ГЛАГОЛ"ХЭМ Я "ХЪЫБАРЕГЪАЩlЭ" ЛЭЖЬЭКlЭХЭР

### "lУЭХУ ЗАНЩlЭ ГЛАГОЛ"ХЭМ Я "ХЪЫБАРЕГЪАЩlЭ" ЛЭЖЬЭКlЭ ЩАПХЪЭХЭР

*"lуэху занщlэ глагол"*хэри и кlуэцlкlэ *"дополненэ" хиубыд*эрэ *химыубыд*эу *зэрылажьэ*м теухуауэ *зэщхьэщыгъэкl*ыпхъэщи, мы къытпэщыт лэжьыгъэ цlыкlури мыпхуэдэу гупитlыу гуэшауэ къедгъэкlуэкlынщ. Ауэ икlи, *"lуэху занщlэ глагол" нэхъыбэр*

*"дополненэ"нщэ*у зэрылажьэри мыбдежым аргуэру къыщыхэдгъэщынщ. Нытlэ, **"дополненэ"нщэ**у лажьэ **"lуэху занщlэ глагол"**хэм я *лэжьэкlэ щапхъэ*хэр ипэ къихуэу, **"дополненэ"**и **зиlэ**у лажьэ **"lуэху занщlэ глагол"** *лэжьэкlэ щапхъэхэр*и абы къыкlэлъыкlуэу къедгъэкlуэкlынщ лэжьыгъэр.

Ауэ икlи, япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, **"езырыж глагол"**хэр **"гъэ"**кlэрэ *зэрыухуэ*жу **"lуэху занщlэ глагол"**хэр къызытехъукlхэрщи, мыпхуэдэу ухуа *"lуэху занщlэ глагол"хэм я лэжьэкlэ щапхъэ*хэри къгъэлъэгъуэн хуейщ. – Икlи мыпхуэдэ "lуэху глагол" къэхъукlэуи *"lуэху глагол"хэр "езырыж глагол" бжыгъэм хуэдиз*кlэ *зэрыбагъуэ*ри наlуэщ.

"lуэху занщlэ глагол"хэр мы утыку къызэрихьэрэ зэрыбагъуэм къыщымынэу, икlи **"lуэху занщlэ глагол"** гуэрхэми **"гъэ"**кlэрэ зэрыухуэжу *"lуэху глагол"ыщlэ*хэр къатохъукlри, мыпхуэдэу *аргуэру "lуэху глагол"*у ухуэжхэм я *нэхъыбэр "lуэху префиксиал глагол"*хэу щытми, мыпхуэдэу ухуэж **"lуэху занщlэ глагол"** лlэужьыгъуэри щыlэщ. Нытlэ, *"lуэху занщlэ глагол"*хэм теухуауэ мы *къедгъэкlуэкl*ыну *лэжьыгъэм* мыхэри зэрыхиубыдэу, *я лэжьэкlэ щапхъэхэр* къэдгъэлъэгъуэнущ.

**"Дополненэ"нщэ "lуэху занщlэ глагол"хэм я хъыбарегъащlэ лэжьэкlэ щапхъэхэр.**

Нытlэ, мы ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, *"lуэху занщlэ глагол"*хэм я *лэжьэкlэ щапхъэ*хэр *"макъ глагол"хэр ипэ* къихуэрэ, *"макъыбэ"у ухуа глаголхэр къакlэлъыкlуэу* мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

*"lуэху занщlэ глагол"* (макъ глагол) **"lуэн"**ым и лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **С**lуэнщ | **С**lуэн*у*щ | **С***о*lуэ(р) | **С**l*уа*щ |
| **Уэ** | **П**lуэнщ | **П**lуэн*у*щ | **Б***о*lуэ(р) | **П**l*уа*щ |
| **Абы** | **И**луэнщ | **И**луэн*у*щ | ***Е***луэ(р) | **И**l*уа*щ |
| **Дэ** | **Т**lуэнщ | **Т**lуэн*у*щ | **Д***о*lуэ(р) | **Т**l*уа*щ |
| **Фэ** | **Ф**луэнщ | **Ф**луэн*у*щ | **Ф***о*lуэ(р) | **Ф**l*уа*щ |
| **Абыхэм** | **Я**луэнщ | **Я**луэн*у*щ | ***Я***луэ(р) | **Я**l*уа*щ |

Мы глаголыр (*lуэн*) *мыбдежым* зы "lуэхугъуэ"м зэрытеухуакlэрэ зы *"lуэху глагол"* лlэужьыгъуэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьар зыгуэрыр (объект) "lуэн"кlэрэ зэрыгъэзащlэр зэрылъытэрщ. Ауэ, мы "lуэн" lуэхугъуэр икlи гъэзащlэу зэрыщыткlи къэlуэтэфынущи, мыпхуэдэу къызэрыlуатэ лэжьэкlэхэри "lуэн"ыр "езырыж

занщlэ глагол″у зэрылъытэм теухуащ. Аращи, мы **″lуэн″**ыр *″lуэху занщlэ глагол″*у зэрыщытым *хуэдэжу* икlи **″езырыж занщlэ глагол″**уи лъытапхъэщи, нытlэ, мыпхуэдэ лэжьэкlэхэри къэтхьынщ:

- «**сэ** ″**сы**lуэнщ, **сы**lуэн*у*щ, **с***о*lуэ(р), **сы**l*уа*щ″»; «**уэ** ″**у**lуэнщ, **у**lуэн*у*щ, **у***о*lуэ(р), **у**l*уа*щ″»;
- «**ар** ″lуэнщ, lуэн*у*щ, ***ма***lуэ(р), l*уа*щ″»; «**ахэр** ″lуэн(**хэ**)щ, lуэн*у*(**хэ**)щ, ***ма***lуэ(**хэ**)(р), l*уа*(**хэ**)щ″».

Ауэ, ″lуэн″ глаголыр *икlи ″макъ къигъэкlын″* мыхьэнэ зиlэу *″псэлъэн″*ым *ипэ* къэхъуауэ лъытапхъэрэ -*″псэлъэн″*ри *зи ипlэ иува*уэ-*″псэлъэн″ мыхьэнэгъу*уи *лъытапхъэ* зы *″езырыж занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Икlи, мы ипэкlэ къэтхьа **″езырыж занщlэ глагол″** *лэжьэкlэ щапхъэ*хэр **макъ къигъэкlын** *мыхьэнэ* зиlэу мы зи гугъу тщlы *″lуэн″ми и лэжьэкlэ щапхъэ*хэуи зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ.

Мыбыхэм нэмыщl, ипэкlэ къэта *″lуэху занщlэ глагол″ лэжьэкlэ* щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, *макъ гуэрхэр къыкlэлъыкlуэ макъым елъытауэ зэхъуэкlыу къызэрыlуф*ынур гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, *″ы″нщэ къэlу*ыкlэ зиlэ *″lуэху″* лlэужьыгъуэ **″субъектив субъект гъэлъагъуэ″**хэмрэ, ахэр *къызэрыlуф вариант*хэри мыбдежым дигу къыщыдгъэкlыжын:

«**″с → з″**; **″б → п, пl″**; **″д → т, тl″**; **″ф → фl, в″**».

Нытlэ, мы ипэкlэ къэта щапхъэхэм ″l″ нэгъыщэкlэ къежьэ ″lу″ макъым ипэ къихуэ *″lуэху субъектив субъект гъэлъагъуэ″*хэри *я ″макъ пlытlа″* варианту *къызэрыlу*нур гурыlуэгъуэщ. Ауэ икlи, ″lу″ макъым ипэ къихуэ мы *″субъектив субъект гъэлъагъуэ″*хэм щыщу къыкlэлъыкlуэ *″lу″ макъым хэгъуащэу* еджапхъэхэр *″уэ″*мрэ –нэхъыбэуи- *″дэ″*м теухуа *″субъектив цlэпащlэ гъэлъагъуэ″*хэращи, ахэр *зэратх* щlыкlэр *″n, т″*ыуэ (пlуэнщ; тlуэнщ) щыт щхьэ, ахэр -″lу″м пыщlарэ хэгъуэщауэ къэмыlун папщlэ- *″nl, ml″*уэ тхыныр игъуэщ:

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Уэ** | **П**lуэнщ | **П**lуэн*у*щ | **П**l*уа*щ |
| **Дэ** | **Т**lуэнщ | **Т**lуэн*у*щ | **Т**l*уа*щ |

Мы къыхэдгъэща тхыкlэр иужькlэ мыпхуэдэу къытпыщlэхуэну глагол лэжьэкlэ щапхъэхэм папщlэуи зэрыщытынури мыбдежым къыщыпытщэжынщ.

Икlи, адрей ″субъектив субъект гъэлъагъуэ″хэр къыкlэлъыкlуэ ″lу″ макъым зэрыхэмыгъуащэм папщlэ, *зэратх щlыкlэу тт*х*а*уэ зэрыщытри нэрылъагъущ.

*

*"lуэху занщlэ глагол"* (макъ глагол) **"дын"**ым и лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **З**дынщ | **З**дын*у*щ | **С***о*д(ыр) | **З***д*ащ |
| **Уэ** | **Б**дынщ | **Б**дын*у*щ | **Б***о*д(ыр) | **Б***д*ащ |
| **Абы** | **И**дынщ | **И**дын*у*щ | ***Е***д(ыр) | **И***д*ащ |
| **Дэ** | **Д**дынщ | **Д**дын*у*щ | **Д***о*д(ыр) | **Д***д*ащ |
| **Фэ** | **В**дынщ | **В**дын*у*щ | **Ф***о*д(ыр) | **В***д*ащ |
| **Абыхэм** | **Я**дынщ | **Я**дын*у*щ | ***Я***д(ыр) | **Я***д*ащ |

Зэрыгурыlуэгъуэу, адыгэбзэм я *къэlуклэр "ы"рэ "э"уэ* зэрыщыткlэ *"lуэху"рэ "езырыж"у зэщхьэщыкl* глаголхэр яхэтщи, мыпхуэдэщ мы ипэкlэ зи лэжьэкlэр къэта *"дын"*ыр *"lуэху глагол"*у зэрыщытымрэ, а *lуэхур гъэзащlэу зэрызеклуэ* щlыкlэу зэрылъытэ *"дэн"*ри *"езырыж глагол"*у зэрыщытыр. Икlи, я лэжьэкlэу къэта щапхъэхэр *"езырыж"рэ "lуэху"у* зэрыщытыр я *"субъект лъытэрэ гъэлъгъуэ"*хэмкlэ наlуэщ; ауэ, *"блэкla зэман гъэлъагъуэ"* (а) зыхэзыубыдэ *псалъэ клэух лъэныкъуэ*хэр зэхуэдэу зэрыщытри нэрылъагъущ. Нытlэ, **"дын"**рэ **(lуэху глагол)** **"дэн"**ыр (**езырыж глагол**) *"блэкla зэман"у* зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэр мы зэры*зэгъэпщапхъэ*у мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «дын: *"***з***д*ащ, **б***д*ащ, **и***д*ащ, **д***д*ащ, **в***д*ащ, **я***д*ащ»;
- «дэн: **сы***д*ащ, **у***д*ащ, **и***д*ащ, **ды***д*ащ, **фы***д*ащ, *д*а(**хэ**)щ».

Мы къэта щапхъэхэр -"езырыж"рэ "lуэху"у дауи щырет- "ы"рэ "э" клэух зиlэ глаголхэм я "блэкla зэман" лэжьэкlэхэм теухуащи, мы къэта щапхъэхэр иужькlэ мыпхуэдэ къэlукlэ зиlэ глагол лэжьэкlэхэми папщlэ щапхъэхэу лъытапхъэщ.

*

*"lуэху занщlэ глагол"* (макъ глагол) **"щlын"**ым и лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **С**щlынщ | **С**щlын*у*щ | **С***о*щl(ыр) | **С**щl*а*щ |
| **Уэ** | **П**щlынщ | **П**щlын*у*щ | **Б***о*щl(ыр) | **П**щl*а*щ |
| **Абы** | **И**щlынщ | **И**щlын*у*щ | ***Е***щl(ыр) | **И**щl*а*щ |
| **Дэ** | **Т**щlынщ | **Т**щlын*у*щ | **Д***о*щl(ыр) | **Т**щl*а*щ |
| **Фэ** | **Ф**щlынщ | **Ф**щlын*у*щ | **Ф***о*щl(ыр) | **Ф**щl*а*щ |
| **Абыхэм** | **Я**щlынщ | **Я**щlын*у*щ | ***Я***щl(ыр) | **Я**щl*а*щ |

*

*"lуэху занщlэ глагол"*у -макъыбэу ухуа- **"къутэн"**ым и лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **С**къутэнщ | **С**къутэ*у*щ | **С***о*къутэ(р) | **С**къут*а*щ |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Уэ** | **П**къутэнщ | **П**къутэн*у*щ | **Б***о*къутэ(р) | **П**къут*а*щ |
| **Абы** | **И**къутэнщ | **И**къутэн*у*щ | ***Е***къутэ(р) | **И**къут*а*щ |
| **Дэ** | **Т**къутэнщ | **Т**къутэн*у*щ | **Д***о*къутэ(р) | **Т**къут*а*щ |
| **Фэ** | **Ф**къутэнщ | **Ф**къутэн*у*щ | **Ф***о*къутэ(р) | **Ф**къут*а*щ |
| **Абыхэм** | **Я**къутэнщ | **Я**къутэн*у*щ | ***Я***къутэ(р) | **Я**къут*а*щ |

Мы *глагол лэжьэкlэ*у къэта *щапхъэхэр* зы *"субъект"*ым –нэхъыбэуи ″цlыху″м- *зыгуэр зэрикъуэтэ*м теухуауэ *"lуэху занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэу щыт *"къутэн"*ым зэрытеухуар наlуэщ. Ауэ, зыгуэрыр *езыр езырурэ* зэры*къутэ*фынури гурыlуэгъуэнщи, **″къутэн″** глаголыр икlи зы **″езырыж занщlэ глагол″**уи лъытапхъэщ. Икlи, мы *езыр езырурэ къутэн*ыр *"къэхъу-къэщlыгъуэ"* лlэужьыгъуэу зэрыщытым зэрезэгъкlи, *и лэжьэкlэ*нур *"ещанэ щхьэ″м теухуа*уэ -″объектив субъект″кlэрэ-зэрыщытынури гурыlуэгъуэщ:

- «**ар** ″къутэнщ, къутэн*у*щ, ***мэ***къутэ, къут*а*щ″»;
- «**ахэр** ″къутэн(**хэ**)щ, къунэт*у*(**хэ**)щ, ***мэ***къутэ(**хэ**), къут*а*(**хэ**)щ″».

*

*"lуэху занщlэ глагол″*у -макъыбэу ухуа- **″усын″**ым и лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **С**ъусынщ | **С**ъусын*у*щ | **С***о*ус(ыр) | **С**ъус*а*щ |
| **Уэ** | **Б**ъусынщ | **Б**ъусын*у*щ | **Б***о*ус(ыр) | **Б**ъус*а*щ |
| **Абы** | **И**усынщ | **И**усын*у*щ | ***Е***ус(ыр) | **И**ус*а*щ |
| **Дэ** | Дъусынщ | Дъусын*у*щ | **Д***о*ус(ыр) | Дъус*а*щ |
| **Фэ** | **Ф**ъусынщ | **Ф**ъусын*у*щ | **Ф***о*ус(ыр) | **Ф**ъус*а*щ |
| **Абыхэм** | **Я**усынщ | **Я**усын*у*щ | ***Я***ус(ыр) | **Я**ус*а*щ |

″Усын″ глагол лэжьэкlэ щапхъэу мы иужьрейуэ къэдгъэлъэгъуам *"субъектив субъект гъэлъагъуэ"*хэм (с, б, д, ф) *"ъ" нэгъыщэ* кlэкlэлъыкlуэу зэрыттхар нэрылъагъущи, мыпхуэдэу щlэттхари мы макъхэр ″усын″ глаголым и ″у″м хэмыгъуэщэн папщlэщ.

Нобэрей ди тхэкlэ хъуам мыпхуэдэ деталхэр къызэримыдзэри гурыlуэгъуэщ. Ауэ, *"lуэху субъектив субъект гъэлъагъуэ"* лlэужьыгъуэу (с, з; б, п, пl; д, т, тl; ф, в) мы *макъхэр* –макъдэкlуашэхэр- къыкlэлъыкlуэ *макъзешэкlэ* –мыбдежым ″у″кlэрэ- *къызэрыlуну* щlыкlэу зэкlэлъыкlуэрэ *зэпыту птхымэ* (пп: ″су.., бу.., ду.., фу..″), кlуэ пэтрэ я *къэlукlэ*рэ *зытеухуа*ри зэхыумыгъэкlыфу *зэрыхэгъуэщэну*ри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, *"lуэху субъектив субъект гъэлъагъуэ"*хэмрэ абы *макъзешэ* къалэн

*къыхуимыгъэзащlэ*у къыкlэлъыкlэ ″макъ lуэр″ (у) *зэхуакум ″ъ″ нэгъыщэ* дэгъэувауэ тхын хуейщ: «съу.., бъу.., дъу.., фъу..».

Ныtlэ, мыхэр *нобэ зэратх щlыкlэ*хэмрэ мы *зэрытхын хуей щlыкlэ*хэр мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| «″сусынщ″къыми, *″съусынщ″*у; ″бусащ″къыми, *″бъусащ″*у тхын хуейщ». |

Аращи, адыгэбзэм щызетхьэ алфавитым хиубыдэ мы ″ъ″ нэгъыщэм и къалэныр щыигъуэм деж къыщыгъэсэбэпын хуейщи, ар мыпхуэдэхэм теухуауэ щызехьэни хуейщ. Мы къыхэдгъэщахэр *иужькlэ* мыбыхэм хуэдэу *къытпэщlэхуэнухэм папщlи щапхъэ* игъухъу!

*

*″lуэху занщlэ глагол″*у -макъыбэу ухуа- **″lэтын″** лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **С**lэтынщ | **С**lэтын*у*щ | **С***о*lэт(ыр) | **С**lэт*а*щ |
| **Уэ** | **П**lэтынщ | **П**lэтын*у*щ | **Б***о*lэт(ыр) | **П**lэт*а*щ |
| **Абы** | **И**lэтынщ | **И**lэтын*у*щ | ***Е***lэт(ыр) | **И**lэт*а*щ |
| **Дэ** | **Т**lэтынщ | **Т**lэтын*у*щ | **Д***о*lэт(ыр) | **Т**lэт*а*щ |
| **Фэ** | **Ф**lэтынщ | **Ф**lэтын*у*щ | **Ф***о*lэт(ыр) | **Ф**lэт*а*щ |
| **Абыхэм** | **Я**lэтынщ | **Я**lэтын*у*щ | ***Я***lэт(ыр) | **Я**lэт*а*щ |

*

*″lуэху занщlэ глагол″*у -макъыбэу- **″лъагъун″** лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **С**лъагъунщ | **С**лъагъун*у*щ | **С***о*лъагъу(р) | **С**лъэгъу*а*щ |
| **Уэ** | **П**лъагъунщ | **П**лъагъун*у*щ | **Б***о*лъагъу(р) | **П**лъэгъу*а*щ |
| **Абы** | **И**лъагъунщ | **И**лъагъун*у*щ | ***Е***лъагъу(р) | **И**лъэгъу*а*щ |
| **Дэ** | **Т**лъагъунщ | **Т**лъагъун*у*щ | **Д***о*лъагъу(р) | **Т**лъэгъу*а*щ |
| **Фэ** | **Ф**лъагъунщ | **Ф**лъагъун*у*щ | **Ф***о*лъагъу(р) | **Ф**лъэгъу*а*щ |
| **Абыхэм** | **Я**лъагъунщ | **Я**лъагъун*у*щ | ***Я***лъагъу(р) | **Я**лъэгъу*а*щ |

*″Плъэн″*ыр *″езырыж глагол″* лlэужьыгъуэщи, *плъэнкlэрэ гъэзащlэ*ри зы *″lуэху глагол″* лlэужьыгъуэу *″лъагъун″* глаголырщ. Аращи, *плъэн лъэкl зиlэр маплъэ*ри, плъэнкlэрэ гъэзащlэри *жыжьагъэ*уи (а) зэрылъытэу зэпкъырыува глаголщ ″лъ*а*гъун″ыр. Абы и *″лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*хэри - *″блэкla зэман″ нэмыщl*- мы зэрырызэпкъырыува щlыкlэкlэущ зэрыухуэр.

Ауэ, *″лъагъун″* глаголыр *″блэкla зэман″у* зэры″*лажьэу ухуэ псалъэ″*хэм -кlэух лъэныкъуэу- хиубыдэ *″блэкla зэман гъэлъагъуэ″*ри (*а*) *жыжьагъэ* зылъытэу зэрыщытым папщlэ, *″инфинитив″*у хиубыда *жыжьагъ лъыт*эр (а) и *″блэкla зэманыгъуэ″ лэжьэкlэ*ми хиубыдэн *хуэныкъуэжкъым*. Аращи, мы lуэхур (лъагъун) гъэзэщlарэ *блэкlауэ щытмэ*, *гъэзэщlагъэххэщи*, зэрыгъэзэщla щlыкlэу *″жыжьагъэ″* (а) хиубыдэжынкъым: *″инфинитив″*у

*жыжьагъэ*у (а) гъэзэщlэну зэпкъырыува ″лъагъун″ глаголыр *″блэкlа зэман″у* (*а*) зэры*″лажьэу ухуэ псалъэ″*м *″жыжагъэ″* (а) *хиубыдэжьынкъым*:

| |
|---|
| ″Лъагъун″: «**с**лъэгъу*а*щ, **п**лъэгъу*а*щ, **и**лъэгъу*а*щ, **т**лъэгъу*а*щ, **ф**лъэгъуащ, **я**лъэгъу*а*щ». |

*

*″lуэху занщlэ глагол″*у -*″езырыж″* лlэужьыгъуэ *″сэн″ глаголыпхъэ*р *″гъэ″*кlэрэ къежьэу ″макъыбэ″у ухуа- ***″гъэсэн″***ым и лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **З**гъэсэнщ | **З**гъэсэну*щ* | **С***о*гъасэ(р) | **З**гъэс*а*щ |
| **Уэ** | **Б**гъэсэнщ | **Б**гъэсэну*щ* | **Б***о*гъасэ(р) | **Б**гъэс*а*щ |
| **Абы** | **И**гъэсэнщ | **И**гъэсэну*щ* | ***Е***гъасэ(р) | **И**гъэс*а*щ |
| **Дэ** | Дгъэсэнщ | Дгъэсэну*щ* | **Д***о*гъасэ(р) | Дгъэс*а*щ |
| **Фэ** | **В**гъэсэнщ | **В**гъэсэну*щ* | **Ф***о*гъасэ(р) | **В**гъэс*а*щ |
| **Абыхэм** | **Я**гъэсэнщ | **Я**гъэсэну*щ* | ***Я***гъасэ(р) | **Я**гъэс*а*щ |

Мы иужьрей щапхъэр *″гъэ″кlэ*рэ зэры*ухуа*м папщlэ икlи иужькlэ зи гугъу тщlыну *глагол лэжьэкlэ гуэрхэми зэрыхуэдэ*нур гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэ *нэгъуэщl щапхъэхэр*и къэгъэлъэгъуэнри игъуэщ. Араци, мы къэта щапхъэм хуэдэу, *глаголыпхъэ* е *глагол*ыр *″гъэ″ пэщlэдзэкlэ*рэ зэры*ухуэжу мыхьэнэщlэ* зыгъуэту *″глаголыщlэ″*у утыку къихьа *зэрыухуагъэххэ*у *″lуэху занщlэ глагол″* щапхъэ гуэрхэми деплъынщ.

*

Нытlэ, ″илъэс″ым къыщекlуэкl *″гъэ″*р *″щlэн″*кlэрэ зэрылажьэу - *″гъащlэ″р зэрызекlуэ*у- *мыхьэнэщlэ* зыгъуэту зэрыухуагъэххэу ″lуэху занщlэ глагол″у щыт ***″гъэщlэн″*** лэжьэкlэ щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **З**гъэщlэнщ | **З**гъэщlэну*щ* | **С***о*гъащlэ(р) | **З**гъэщl*а*щ |
| **Уэ** | **Б**гъэщlэнщ | **Б**гъэщlэну*щ* | **Б***о*гъащlэ(р) | **Б**гъэщl*а*щ |
| **Абы** | **И**гъэщlэнщ | **И**гъэщlэну*щ* | ***Е***гъащlэ(р) | **И**гъэщl*а*щ |
| **Дэ** | Дгъэщlэнщ | Дгъэщlэну*щ* | **Д***о*гъащlэ(р) | Дгъэщl*а*щ |
| **Фэ** | **В**гъэщlэнщ | **В**гъэщlэну*щ* | **Ф***о*гъащlэ(р) | **В**гъэщl*а*щ |
| **Абыхэм** | **Я**гъэщlэнщ | **Я**гъэщlэну*щ* | ***Я***гъащlэ(р) | **Я**гъэщl*а*щ |

*

Аргуэру зы щапхъэмэ, ″щlэ″уэ щытрэ къэхъугъа″щlэ″ зэрылъытэ псалъэу *″щlэгъуэ″*р *″гъэ″* пэщlэдзэкlэ *зэрыухуэжу мыхьэнэщlэ*у зэрыухуагъэххэ *″lуэху занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэ ***″гъэщlэгъуэн″***ым и лэжьэкlэ щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **З**гъэщlэгъуэнщ | **З**гъэщlэгъуэну*щ* | **С***о*гъэщlагъуэ(р) | **З**гъэщlэгъу*а*щ |
| **Уэ** | **Б**гъэщlэгъуэнщ | **Б**гъэщlэгъуэну*щ* | **Б***о*гъэщlагъуэ(р) | **Б**гъэщlэгъу*а*щ |
| **Абы** | **И**гъэщlэгъуэнщ | **И**гъэщlэгъуэну*щ* | ***Е***гъэщlагъуэ(р) | **И**гъэщlэгъу*а*щ |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Дэ** | **Д**гъэщlэгъуэнщ | **Д**гъэщlэгъуэн*у*щ | **Д*о***гъэщlагъуэ(р) | **Д**гъэщlэгъу*а*щ |
| **Фэ** | **В**гъэщlэгъуэнщ | **В**гъэщlэгъуэн*у*щ | **Ф*о***гъэщlагъуэ(р) | **В**гъэщlэгъу*а*щ |
| **Абыхэм** | **Я**гъэщlэгъуэнщ | **Я**гъэщlэгъуэн*у*щ | ***Я***гъэщlагъуэ(р) | **Я**гъэщlэгъу*а*щ |

**"Дополненэ" зиlэ "lуэху занщlэ глагол"хэм я хъыбарегъащlэ лэжьэкlэ щапхъэхэр.**

*"lуэху занщlэ глагол"*у (макъ глагол) **"дополненэ"**и **зиlэ**у лажьэ **"хун"**ым и лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **С**хунщ | **С**хун*у*щ | **С***о*ху(р) | **С**ху*а*щ |
| **Уэ** | **П**хунщ | **П**хун*у*щ | **Б***о*ху(р) | **П**ху*а*щ |
| **Абы** | **И**хунщ | **И**хун*у*щ | ***Е***ху(р) | **И**ху*а*щ |
| **Дэ** | **Т**хунщ | **Т**хун*у*щ | **Д***о*ху(р) | **Т**ху*а*щ |
| **Фэ** | **Ф**хунщ | **Ф**хун*у*щ | **Ф***о*ху(р) | **Ф**ху*а*щ |
| **Абыхэм** | **Я**хунщ | **Я**хун*у*щ | ***Я***ху(р) | **Я**ху*а*щ |

*"lуэху занщlэ глагол"*у (макъ глагол) **"дополненэ"**и **зиlэ**у лажьэ **"хьын"**ым и лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **С**хьынщ | **С**хьынущ | **С***о*хь(ыр) | **С**хь*а*щ |
| **Уэ** | **П**хьынщ | **П**хьынущ | **Б***о*хь(ыр) | **П**хь*а*щ |
| **Абы** | **И**хьынщ | **И**хьынущ | ***Е***хь(ыр) | **И**хь*а*щ |
| **Дэ** | **Т**хьынщ | **Т**хьынущ | **Д***о*хь(ыр) | **Т**хь*а*щ |
| **Фэ** | **Ф**хьынщ | **Ф**хьынущ | **Ф***о*хь(ыр) | **Ф**хь*а*щ |
| **Абыхэм** | **Я**хьынщ | **Я**хьынущ | ***Я***хь(ыр) | **Я**хь*а*щ |

*

Нытlэ, *"дополненэ" зиlэу лажьэу* -бжыгъэ мащlэуи щыт- *"lуэху занщlэ глагол"*хэм щыщу зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа мы *"хун"*рэ *"хьын"*ым *"субъектив субъект"*рэ *"объектив субъект"*ым *теухуа зэрылажьэ* щапхъэхэр *псалъэухыгъэ*кlэ къызэрыlуатэуи къэдгъэлъэгъуэу, псалъэухыгъэхэм хиубыдэ "щхьэ"хэри **"субъект**, объект, дополненэ"у зэрыщытхэри *мы зэрытха щlыкlэ*у мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**Сэ** ар абы "**с**хунщ, **с**хун*у*щ, **с***о*ху(р), **с**ху*а*щ"»; «**Абы** ар абы "**и**хунщ, **и**хун*у*щ, ***е***ху(р), **и**ху*а*щ"»;
- «**Сэ** ар абы "**с**хьынщ, **с**хьын*у*щ, **с***о*хь(ыр), **с**хь*а*щ"»; «**Абы** ар абы "**и**хьынщ, **и**хьын*у*щ, ***е***хь(ыр), **и**хь*а*щ".

Ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, *"езырыж занщlэ глагол"*хэм хуэдэу *"lуэху занщlэ глагол"*хэми я *нэхъыбэри "дополненэ"нш*э*у*щ зэрылажьэр. Икlи,

*"дополненэ" зиlэ*у лажьэ *"езырыж занщlэ глагол"*хэр *"псэущхьэ"*рэ - нэхъыбэуи- *"цlыху"м теухуа*уэ зэрыщытым хуэдэжщ *"lуэху занщlэ глагол"*хэри, ахэри *"псэущхьэ"*хэмрэ –нэхъыбэуи- *"цlыху"*м *теухуа глаголхэрщ*; - атlэми, *"lуэху глагол"*хэр *"цlыху"м хуэlуа*рэ техуауэ зэрыщытри жытlагъащ.

Дауи, *"lуэху занщlэ глагол"хэр нэхъыбэр "дополненэ"нщэ*у лажьэу зэрыщытым папщlэ, "дополненэ"ншэу зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьахэм нэмыщlхэри къыхэгъэщын хуейуэ тлъытакъым. Ауэ, *"дополненэ" зиlэ*у лажьэ *"занщlэ глагол"*хэр бжыгъэкlэ *мащlэ дыдэ*у лъытапхъэщи, нытlэ, мы *зи лэжьэкlэ щапхъэ*хэр къызыхуэтхьахэм *нэмыщl*, мыбыхэм хуэдэу *"дополненэ" зиlэу лажьэ* нэгъуэщl *"lуэху занщlэ глагол" гуэрхэр*и *къиlуэн хуей*щ. Аращи, *"lуэху занщlэ глагол"*у мы ипэкlэ зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа *"хун, хьын"*ым *хуэдэу* **"дополненэ" зиlэ**у *лэжьэну* щыт *нэгъуэщl* **"lуэху занщlэ глагол"** гуэрхэри къитlуэнщ: «**шэн, дзын, чын, тхъун, пхъын, утхын, укъуэдиин**».

**"Езырыж занщlэ глагол"у "гъэ" пэщlэдзэкlэ "lуэху занщlэ глагол"у ухуэжхэм я хъыбарегъащlэ лэжьэкlэ щапхъэхэр.**

*"Езырыж занщlэ глагол"* жыхуэтlэхэр *езыр езырурэ къэхъурэ утыку къихьэ*р зэрылъытэ глагол лlэужьыгъуэхэрщ. Икlи, *"гъэ"*р *пэщlэдзэ* зыхуэхъу *псалъэр* и *мыхьэнэкlэ*рэ *утыку къигъэхьэн*рэ *гъэзэщlэну* зэрылъытэри гурыlуэгъуэщи, зы *"езырыж занщlэ глагол"*ыр *"гъэ" пэщlэдзэ*кlэ ухуэу утыку къихьэ *"lуэху занщlэ глагол"*ри мы къызытехъукlа *"езырыж глагол"ыр* –и мыхьэнэр- *утыку къигъэхьэн*рэ *гъэзэщlэну* зэрыщыткlэщ *зэрылъытэну*р. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, *"гъэ"*кlэрэ щыухуэм дэж, а *"езырыж глагол"ыр утыку къигъэхьэн лъэкlыныгъэ* игъуэтущ *зэрыухуэ*ри, мыпхуэдэу ухуа **"lуэху глагол"**ым и **"субъект"**ым -*"lуэху субъект"*ым- **"езырыж глагол"**ыр **утыку къихьэнкlэ** и **"субъект"**ыр - *"езырыж субъект"*ыр- **хуит зэрищl**ыущ зэрылажьэр.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *"lуэху глагол"* жыхуэтlэр -фlэкlыпlэ имыlэу- зы *"объект"* зиlэущ зэрылажьэри, нытlэ, *"езырыж глагол"*ыр *"гъэ"*кlэрэ ухуэу утыку къихьэ *"lуэху глагол"*ым *"объект"* хуэхъури ар къызытехъукlа *"езырыж глагол"*ым и *"субъект"*ырщ. Аращи, *"lуэху глагол"*ым и *"объект"*ымрэ *"езырыж глагол"*ым и *"субъект"*ыр зэхуэдэу *"езырыжыгъэ"*у зэрыщытри гурыlуэгъуэщи, мы ипэкlи зэрыжытlауэ,

**″езырыж глагол″**ыр **″гъэ″**кlэрэ зэрыухуа **″lуэху глагол″**ым **″объект″** хуэхъур ар *къызытехъукlа* **″езырыж глагол″**ым и **″субъект″**ырщ:

- «Езырыж глагол (хъун)» → ″Гъэ...″ → «lуэху глагол (гъэхъун)»;
- ″Хъун″ глагол лэжьэкlэ: «**ар** (езырыж) ***мэ***хъу(р) (езырыж)»;
  ⎣→→→→→⎦
- ″Гъэхъун″ глагол лэжьэкlэ: «**абы** (lуэху) ар (езырыж) ***е***гъэхъу(р) (lуэху)».

Нытlэ, мыхэр къыхэдгъэща нэужь, ″езырыж занщlэ глагол″хэр ″гъэ″кlэрэ зэрыухуэу утыку къихьэ ″lуэху занщlэ глагол″хэм я лэжьэкlэ щапхъэ гуэрхэри къэдгъэлъэгъуэныр игъуэщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри *″дополненэ″ зиlэрэ зимыlэ ″езырыж занщlэ глагол″* гуэрхэм *″гъэ″кlэ*рэ *къатехъукl ″lуэху занщlэ глагол″хэм теухуауэ* мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

*″Дополненэ″ншэ ″езырыж занщlэ глагол″хэр ″гъэ″ пэщlэдзэкlэ зэрыухуэ ″lуэху занщlэ глагол″ лэжьэкlэ щапхъэхэр.*

*″Езырыж занщlэ глагол″*у *″дополненэ″нш*эу лажьэ **″хъун″**ыр **″гъэ″** пэщlэдзэкlэ *″lуэху занщlэ глагол″*у зэрыухуа **″гъэхъун″**ым и лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **З**гъэхъунщ | **З**гъэхъун*у*щ | **С***о*гъэхъу(р) | **З**гъэхъу*а*щ |
| **Уэ** | **Б**гъэхъунщ | **Б**гъэхъун*у*щ | **Б***о*гъэхъу(р) | **Б**гъэхъу*а*щ |
| **Абы** | **И**гъэхъунщ | **И**гъэхъун*у*щ | ***Е***гъэхъу(р) | **И**гъэхъу*а*щ |
| **Дэ** | Дгъэхъунщ | Дгъэхъун*у*щ | Д*о*гъэхъу(р) | Дгъэхъу*а*щ |
| **Фэ** | **В**гъэхъунщ | **В**гъэхъун*у*щ | **Ф***о*гъэхъу(р) | **В**гъэхъу*а*щ |
| **Абыхэм** | **Я**гъэхъунщ | **Я**гъэхъун*у*щ | ***Я***гъэхъу(р) | **Я**гъэхъу*а*щ |

*″Дополненэ″нш*э лэжьэкlэ зиlэ *″езырыж занщlэ глагол″*ым (хъун) *″гъэ″*кlэрэ къытехъукl *″lуэху занщlэ глагол″ри* (гъэхъун) *″дополненэ″нш*эу зэрылажьэр гурыlуэгъуэщ. ″Гъэхъун″ глагол мыхьэнэр гурыlуэгъуэщи, мы и мыхьэнэм темыкlрэ ари зыхиубыдэу **″гъэхъун″** глаголыр *икlи* **″lэщ″**ым **хуэlуа**уи холэжьыхьыр адыгэбзэми, *lэщыр зэрыхъун*ым *хуэгъэкlуэн*рэ *хъупlэ*хэми *щыгъэшхэн* lуэхугъуэхэу *lэщ зехуэн*ым *теухуа*уэ бзэм *хроникэ* хэхъухьауэ зэрызекlуэри къыхэгъэщыпхъэщ.

*″Дополненэ″ зиlэ ″езырыж занщlэ глагол″хэр ″гъэ″ пэщlэдзэкlэ зэрыухуэ ″lуэху занщlэ глагол″ лэжьэкlэ щапхъэхэр.*

*"Езырыж занщlэ глагол"*у **"дополненэ" зиl**эу лажьэ **"кlуэн"**ыр **"гъэ"** пэщlэдзэкlэ *"lуэху занщlэ глагол"*у зэрыухуа **"гъэкlуэн"**ым и лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **З**гъэкlуэнщ | **З**гъэкlуэн*у*щ | **С***о*гъакlуэ(р) | **З**гъэкl*уа*щ |
| **Уэ** | **Б**гъэкlуэнщ | **Б**гъэкlуэн*у*щ | **Б***о*гъакlуэ(р) | **Б**гъэкl*уа*щ |
| **Абы** | **И**гъэкlуэнщ | **И**гъэкlуэн*у*щ | ***Е***гъакlуэ(р) | **И**гъэкl*уа*щ |
| **Дэ** | Дгъэкlуэнщ | Дгъэкlуэн*у*щ | **Д***о*гъакlуэ(р) | Дгъэкl*уа*щ |
| **Фэ** | **В**гъэкlуэнщ | **В**гъэкlуэн*у*щ | **Ф***о*гъакlуэ(р) | **В**гъэкl*уа*щ |
| **Абыхэм** | **Я**гъэкlуэнщ | **Я**гъэкlуэн*у*щ | ***Я***гъакlуэ(р) | **Я**гъэкl*уа*щ |

Мы *зи лэжьэкlэ щапхъэ*хэр къызыхуэтхьа *"lуэху занщlэ глагол"*ыр *(гъэкlуэн) "гъэ"кlэрэ къызытехъукlа "езырыж занщlэ глагол"ыр* (кlуэн) *"дополненэ"*и *зиl*эу зэрылажьэр гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, мы *"lуэху глагол"* (гъэкlуэн) *лэжьэкlэм* и *"субъект"*ым мы *"кlуэн"*ыр *гъэзэщlэнкlэ хуит ищl*ыр *"объект"*у зырылъытэм нэмыщl, икlи мы *"кlуэн"*кlэрэ зы *"гъуэгуанэ"и* лъытапхъэщи, мыри мы *"lуэху глагол"*ым и *"дополненэ"*рщ.

Дауи, ипэкlэ "хъун"ыр "гъэ" пэщlэдзэкlэ "lуэху глагол"у "гъэхъун"у зэрыхуэм хуэдэщ *"дополненэ" зиlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэ **"кlуэн"**ри **"гъэ"** пэщlэдзэкlэ **"lуэху глагол"**у зэрыухуэ **"гъэкlуэн"**ри, *"кlуэн"*ым и "дополненэ"р *"гъэкlуэн"ми и "*дополненэ"щ:

- «Езырыж глагол (кlуэн)» → "Гъэ..." → «lуэху глагол (гъэкlуэн)»;
- "Кlуэн" глагол лэжьэкlэ: «**ар** (езырыж) абы ***ма***кlуэ(р) (езырыж)»;
  ↘→→→→→↘↘→→→→→↘
- "Гъэкlуэн" глагол лэжьэкlэ: «**абы** (lуэху) ар (езырыж) абы ***е***гъакlуэ(р) (lуэху)».

Аращи, "дополненэ" зиlэрэ зимыlэу лажьэ "езырыж занщlэ глагол"хэр я зэхуэдэу "гъэ" пэщlэдзэкlэ "lуэху занщlэ глагол"у мэухуэфхэр. Мыр къэгъэлъэгъуа щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, *"дополненэ" зиlэу лажьэ "кlуэн"* глаголыр *"гъэ" пэщlэдз*экlэ зэрыухуэ *"lуэху занщlэ глагол" лэжьэкl*эм -"кlуэн" глагол лэжьэкlэ- "дополненэ"ри *холъыт*эр. Нытlэ, къэтхьынщ мы зи гугъу тщlахэр зыхиубыдэ *"гъэкlуэн" глагол лэжьэкlэ щапхъэ*ри:

«**Субъект** - объект - дополненэ - "глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"»
↓ ↙←←←↙ ↓ ↓
↓ ↓ ↙←←←←←↙-----------↙----------↙|↖----------↖
«**Сэ** ар абы "**з**гъэкlуэнщ, **з**гъэкlуэн*у*щ, **с***о*гъакlуэ(р), **з**гъэкl*уа*щ"».

**"lуэху занщlэ глагол"у "гъэ" пэщlэдзэкlэ "lуэху занщlэ глагол"у ухуэжхэм я хъыбарегъащlэ лэжьэкlэ щапхъэхэр.**

**″lуэху глагол″**хэри **″гъэ″**кlэрэ зэрыухуэжым ипэкlи и гугъу щытщlагъащи, *″lуэху занщlэ глагол″*хэр *″гъэ″кl*эрэ зэрыухуэр *нэхъыбэу ″е″ префикс*и къызэращтэущ. Нытlэ, мыпхуэдэу утыку къихьэнур *″lуэху префиксиал глагол″* лlэужьыгъуэхэрщи, *мыбдежым ди lуэхур ″lуэху занщlэ глагол″*хэм теухуауэ зэрыщытым зэрезэгъкlэ, *″гъэ″ пэщlэдзэ*рэ *″е″ префиксиал*у утыку къихьэ мы *″lуэху префиксиал глагол″*хэми иужькlэ *щыгъуазэ* дызэрыхуэхъунур гурыlуэгъуэнщ.

Мы зэрыжытlауэ, мыбдежым зи гугъу тщlынухэр *″lуэху занщlэ глагол″*хэращи, нытlэ, *″lуэху занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэу *″гъэ″кl*эрэ *-″е″ префикс къимыщтэу-* ухуэж *″lуэху занщlэ глагол″*хэращ.

Зы **″lуэху занщlэ глагол″**ыр **″гъэ″***кl*эрэ *-″е″ префиксыншэ*у- **ухуэ**у утыку къихьэ **″lуэху занщlэ глагол″**ым *и лэжьэкl*энури гурыlуэгъуэнщи, *″езырыж занщlэ глагол″*хэр *″гъэ″кl*эрэ зэрыухуэу утыку къихьэ *″lуэху занщlэ глагол″*хэм *хуэдэ*у лъытапхъэщ. Аращи, глагол **″субъект″**ым *мы ″lуэху″р игъэзэщlэнкlэ* **″нэгъуэщl гуэр″**ыр **хуит зэрищl**ыущ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, ″гъэ″кlэрэ ухуэну щыт -иджыри *″гъэ″кlэрэ мыухуа- глагол*ым и *″субъект″ыр ″гъэ″кlэрэ ухуэжа глагол ″субъект″ым хуит зэрищl*ыр зэрылъытэ *глагол лэжьэкl*эрщ мы зи гугъу тщlы *″гъэ″кlэрэ ухуэж ″lуэху занщlэ глагол″*ым и *лэжьэкl*энур.

Глагол мыхьэнэр зэмыхъуэкlми, ″гъэ″кlэрэ зэрыухуэжу мы зэрыжытlа щlыкlэу лэжьэну зэрыгъэпсым нэмыщl, *″lуэху занщlэ глагол″* гуэрхэр зи *лъабжьэ*у **″гъэ″**кlэрэ **″lуэху занщlэ глагол″ыщlэ**у *-мыхьэнэщlэ*у- утыку къихьэхьэхэри щыlэщи, мыбыхэм *я лэжьэкl*эхэри *нормал ″lуэху занщlэ глагол″*у *ухуагъэххэ*хэм хуэдэщ.

Дауи, *зы* **″lуэху занщlэ глагол″**ыр **″гъэ″ пэщlэдзэ***кl*эрэ *аргуэру зы* **″lуэху занщlэ глагол″**у *зэрыухуэжыф*ынур **зэлъытар** мыпхуэдэу *ухуэну* **глагол**ым *и* **мыхьэнэ**ращи, мыпхуэдэ глаголхэри *нэхъыбэу ″езырыж глагол″*хэр *зи лъабжьэ*у ухуарэ, е *мыхьэнэкlэ* абыхэм *пыщlа*уэ лъытапхъэ *″lуэху занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэхэрауи жыlэпхъэнщ. Аращи, *мыпхуэдэ ″lуэху глагол″*хэр *икlи ″езырыж глагол″* лlэужьыгъуэу *лажьэ*у {пп: lуэн (elуэ; malуэ)}; е, *и къэlуэтэкlэ* гуэркlэ (пп: *и ″э″ кlэух къэlуэтэкl*эр) *″езырыж глагол″*у (усын - усэн); е, и *мыхьэнэкlэ* (плъэн - лъагъун) *″езырыж глагол″*ым *пыщла*уэ зэрыщытхэри гулъытапхъэщ.

Нытlэ, мы къэтlуэтахэм зэрезэгъкlэ, *"гъэ"клэрэ ухуэж*ауэ утыку къихьэ *"lуэху занщlэ глагол"*хэм я *лэжьэклэ щапхъэ*хэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ.

*

*"lуэху занщlэ глагол"* (макъ глагол) *"lуэн"*ыр -гъэзэщlэнкlэ хуит зэрыщl щlыкlэу- *"гъэ"*кlэрэ занщlэу *"lуэху занщlэ глагол"*у *зэрыухуэж* **"гъэlуэн"** лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **З**гъэlуэнщ | **З**гъэlуэн*у*щ | **С***о*гъаlуэ(р) | **З**гъэlу*а*щ |
| **Уэ** | **Б**гъэlуэнщ | **Б**гъэlуэн*у*щ | **Б***о*гъаlуэ(р) | **Б**гъэlу*а*щ |
| **Абы** | **И**гъэlуэнщ | **И**гъэlуэн*у*щ | ***Е***гъауэ(р) | **И**гъэlу*а*щ |
| **Дэ** | Дгъэlуэнщ | Дгъэlуэн*у*щ | **Д***о*гъаlуэ(р) | Дгъэlу*а*щ |
| **Фэ** | **В**гъэlуэнщ | **В**гъэlуэн*у*щ | **Ф***о*гъаlуэ(р) | **В**гъэlу*а*щ |
| **Абыхэм** | **Я**гъэlуэнщ | **Я**гъэlуэн*у*щ | ***Я***гъаlуэ(р) | **Я**гъэlу*а*щ |

*

*"lуэху занщlэ глагол"*у -макъыбэу ухуа- *"усын"*ыр -гъэзэщlэнкlэ хуит зэрыщl щlыкlэу- *"гъэ"*кlэрэ занщlэу *"lуэху занщlэ глагол"*у *зэрыухуэж* **"гъэусын"** лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **З**гъэусынщ | **З**гъэусын*у*щ | **С***о*гъэус(ыр) | **З**гъэус*а*щ |
| **Уэ** | **Б**гъэlусынщ | **Б**гъэlусын*у*щ | **Б***о*гъэус(ыр) | **Б**гъэус*а*щ |
| **Абы** | **И**гъэlусынщ | **И**гъэlусын*у*щ | ***Е***гъэус(ыр) | **И**гъэусащ |
| **Дэ** | Дгъэlусынщ | Дгъэlусын*у*щ | **Д***о*гъэус(ыр) | Дгъэус*а*щ |
| **Фэ** | **В**гъэlусынщ | **В**гъэlусын*у*щ | **Ф***о*гъэус(ыр) | **В**гъэус*а*щ |
| **Абыхэм** | **Я**гъэlусынщ | **Я**гъэlусын*у*щ | ***Я***гъэус(ыр) | **Я**гъэус*а*щ |

*

*"lуэху занщlэ глагол"*у -макъыбэу ухуа- *"лъагъун"*ыр еплъым гъунэгъу зэрыхуэщlрэ еклуэлlэныгъэу *"гъэ"*кlэрэ зэрыухуэж *"lуэху занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэ **"гъэлъэгъуэн"** лэжьэкlэ щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **З**гъэлъэгъуэнщ | **З**гъэлъэгъуэн*у*щ | **С***о*гъэлъагъуэ(р) | **З**гъэлъэгъу*а*щ |
| **Уэ** | **Б**гъэлъэгъуэнщ | **Б**гъэлъэгъуэн*у*щ | **Б***о*гъэлъагъуэ(р) | **Б**гъэлъэгъу*а*щ |
| **Абы** | **И**гъэлъэгъуэнщ | **И**гъэлъэгъуэн*у*щ | ***Е***гъэлъагъуэ(р) | **И**гъэлъэгъу*а*щ |
| **Дэ** | Дгъэлъэгъуэнщ | Дгъэлъэгъуэн*у*щ | **Д***о*гъэлъагъуэ(р) | Дгъэлъэгъу*а*щ |
| **Фэ** | **В**гъэлъэгъуэнщ | **В**гъэлъэгъуэн*у*щ | **Ф***о*гъэлъагъуэ(р) | **В**гъэлъэгъу*а*щ |
| **Абыхэм** | **Я**гъэлъэгъуэнщ | **Я**гъэлъэгъуэн*у*щ | ***Я***гъэлъагъуэ(р) | **Я**гъэлъэгъу*а*щ |

Мы иужьрей щапхъэм теухуа гуэрхэри къыхэгъэщыпхъэщ. Зэрыгурыlуэгъуэу, *"lуэху занщlэ глагол"*у -макъыбэу- ухуа *"лъагъун"*ыр *"езырыж глагол"*у щыт *"плъэн"клэрэщ зэрыгъэзащlэ*ри, нытlэ, *"лъагъун"*ыр

*"гъэзэщlэн"клэ хуит зэрыщl*ынур икlи *"еплъын"клu хуит зэрыщl*ым зэрыпыщlари гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэу зэрыщытым зэрезэгъкlи, *"лъагъун"*ыр а зэрыщыту *"гъэ"*клэрэ **"гъэлъагъун"**у зэрыухуэфынум нэмыщl, нэхъ игъуэуи, *еплъыр* а з*эплъым пэгъунэгъу* (лъа..→лъэ..) хуэхъуу зэрекlуэталlэри (э) зэрылъытэ щlыклэу **"гъэлъэгъуэн"**уи зэпкъырыувэнщ.

## "lУЭХУ ПРЕФИКСИАЛ ГЛАГОЛ"ХЭМ Я "ХЪЫБАРЕГЪАЩlЭ" ЛЭЖЬЭКlЭ ЩАПХЪЭХЭР

"lуэху занщlэ глагол"у ухуагъэххэхэр "префикс"клэрэ зэрыухуэжу "lуэху префиксиал глагол"хэр утыку къызэрихьэр гурыlуэгъуэщи, мыпхуэдэу утыку къызэрихьэхэм нэмыщl къэхъуклэхэри зиlэ "lуэху префиксиал глагол"хэм я лэжьэклэ щапхъэхэм теухуауэ къедгъэклуэклыну лэжьыгъэр зэрызэклэлъхьэужьыну щlыклэри къыхэдгъэщынщ.

Нытlэ, мы къедгъэклуэклыну лэжьыгъэми **зэрыухуагъэххэу "lуэху префиксиал глагол"**у утыку къихьахэм я *лэжьэклэ щапхъэхэр* ипэ идгъэщынщ. Абы къыклэлъыклуэуи **"lуэху занщlэ глагол"***у ухуагъэххэхэр* **"префикс"клэ**рэ *зэрыухуэжу* утыку къихьэ **"lуэху префиксиал глагол"**хэм я *лэжьэклэ щапхъэхэр* къыпытщэнщ.

Мыбыи къыклэлъыклуэжу, **"lуэху занщlэ глагол"**хэр **"гъэ"** пэщlэдзэклэ –**"е" префикс**и къищтэу- зэрыухуэу утыу къихьэ **"lуэху префиксиал глагол"** *лэжьэклэ щапхъэхэр* къэдгъэлъэгъуэнщ. Ауэ икlи, *иужькlэ "префикс"* къищтэу е *зэрыухуагъэххэу "префиксиал"*у утыку къихьа **"lуэху префиксиал глагол"**хэри **"гъэ"** -глаголыпкъыщхьэу- къищтэу аргуэру **"lуэху префиксиал глагол"**у *ухуэжу*хэми я *лэжьэклэ щапхъэхэр* къэдгъэлъэгъуэнщ.

*"lуэху занщlэ глагол"*рэ *"lуэху префиксиал глагол"*у *"гъэ"клэрэ "е" префикс*и къащтэу *"lуэху префиксиал глагол"*у мы зэрыухуэжу зи лэжьэклэ щапхъэхэри къызыхуэтхьахэм нэмыщl, *"lуэху глагол"хэр "гъэ"* пэщlэдзэклэ щыухуэжым деж, -"е" префиксым къыщымынэу- *"е" префиксхэр "р"ыклэрэ зэпыщла*уэ *-"е"рэ "и"*уэ *зэпыщла*уэ- **"ири, ире" формэ префикс**кlи зэры*ухуэ*у **"lуэху префиксиал глагол"**хэр утыку къызэрихьэм къыщымынэу, икlи **"гъэгъэ"**клэрэ *-"гъэ"uml-* зэры*ухуэ*уи **"lуэху префиксиал глагол"**хэр утыку къохьэри, нытlэ, мыбыхэм я *лэжьэклэ щапхъэхэми* щыгъуазэ дыхуэхъун хуейщ. Ауэ, мыхэри зэры*зэхьэ*рэ (пп: **иригъэгъэ/ирегъэгъэ**) икlи зэры*багъуэу*и (пп: **"ирыри/ирыре"**уэ) *"lуэху*

*префиксиал глагол"*рэ *я лэжьэклэуи мэбагъуэ*ри, нытlэ, мы къытпэщыт лэжьыгъэм мыпхуэдэхэми я *лэжьэклэ щапхъэхэр*и къэдгъэлъагъуэу зэрыигъуэклэ щыгъуазэ дахуэхъуни хуейщ.

**Зэрыухуагъэххэу "lуэху префиксиал глагол"хэм я хъыбарегъащlэ лэжьэклэ щапхъэхэр.**

*"lуэху префиксиал глагол"*у -*"шын" глаголыпхъэ*м *"къэ"* къищтэу *"префиксиал"у ухуа*гъэххэ- **"къэшын"** лэжьэклэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | Къэ**с**шынщ | Къэ**с**шын*у*щ | Къыз*о*ш(ыр) | Къэ**с**ш*а*щ |
| **Уэ** | Къэ**п**шынщ | Къэ**п**шын*у*щ | Къы**б***о*ш(ыр) | Къэ**п**ш*а*щ |
| **Абы** | Къ**и**шынщ | Къ**и**шын*у*щ | Къ***е***ш(ыр) | Къ**и**ш*а*щ |
| **Дэ** | Къэ**т**шынщ | Къэ**т**шын*у*щ | Къыд*о*ш(ыр) | Къэ**т**ш*а*щ |
| **Фэ** | Къэ**ф**шынщ | Къэ**ф**шын*у*щ | Къы**в***о*ш(ыр) | Къэ**ф**ш*а*щ |
| **Абыхэм** | Къ**а**шынщ | Къ**а**шын*у*щ | Къ***а***ш(ыр) | Къ**а**ш*а*щ |

Ипэрей лэжьыгъэ lыхьэхэм щыгъуазэ дызыхуэхъуауэ, *"lуэху глагол"*хэм я *"лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*хэм *"lуэху"* лlэужьыгъуэ **"объектив субъект лъытэ"**рэ *"иджы/ит зэман лъытэ"*хэр зэдэщlыгъуу –***"е"*** макъ зэхэжыхьауэ- зэрыхиубыдэр гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, мы ипэклэ щапхъэу къэта *"lуэху префиксиал глагол"*ым и **"объектив субъект"**рэ *иджырей зэман*у *"лажьэу ухуа псалъэ"*м *"префикс"ым къыклэлъыклуэ*у хэплъагъуэ ***"а"***р **"объектив субъект щхьэ куэд лъытэ"**рэ (**а**) *"иджы/ит зэман гъэлъагъуэ"*р (*эй*) глагол *"префикс"ым* (пп: къ) *къыклэлъыклуэ*у къызэрыlу *"...**а**эй"*ым къытехъуклa къэlуклэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэу зэрыщыткlэщ ***"а"***р мы зэрытха щlыклэри, ипэрей лэжьыгъэхэми мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуауэ къытпыщlэхуэхэри мыпхуэдэу лъытэн зэрыхуейр гурыlуэгъуэщ.

*

*"Гъэн" глаголыпхъэ*м *"щlэ"* къищтэу -е *лъабжьэ* лъытэ *"щlэ"*р *"гъэ"*клэрэ зэры*лажьэу- зэрыухуагъэххэу "lуэху префиксиал глагол"*у ухуа **"щlэгъэнэн"** лэжьэклэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | Щlэзгъэнэнщ | Щlэзгъэнэн*у*щ | Щlыз*о*гъанэ(р) | Щlэзгъэн*а*щ |
| **Уэ** | Щlэ**б**гъэнэнщ | Щlэ**б**гъэнэн*у*щ | Щlы**б***о*гъанэ(р) | Щlэ**б**гъэнащ |
| **Абы** | Щl**и**гъэнэнщ | Щl**и**гъэнэн*у*щ | Щl***е***гъанэ(р) | Щl**и**гъэн*а*щ |
| **Дэ** | Щlэдгъэнэнщ | Щlэдгъэнэн*у*щ | Щlыд*о*гъанэ(р) | Щlэдгъэн*а*щ |
| **Фэ** | Щlэ**в**гъэнэнщ | Щlэ**в**гъэнэн*у*щ | Щlы**в***о*гъанэ(р) | Щlэ**в**гъэн*а*щ |

| **Абыхэм** | Щlагъэнэнщ | Щlагъэнэнущ | Щl*а*гъанэ(р) | Щlагъэна*щ* |
|---|---|---|---|---|

″lуэху префиксиал глагол″у зи лэжьэкlэр къэдгъэлъэгъуа ″щlэгъэнэн″ри ″гъэ″ зыхэзыубыдэу плъагъу щхьэ, а ″гъэ″р глаголыр зэрыухуэнум лъабжьэ хуэхъуа ″гъэн″ глаголыпхъэм хиубыдэращи, нытlэ, абы ″щlэ″ макъыр къызэрыпыхьэу ″префиксиал″у ухуагъэххэ зы ″lуэху префиксиал глагол″у щыт ″щlэгъэнэн″ымрэ и лэжьэкlэ щапхъэхэр щыигъуэри мыбдежращ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *″lуэху префиксиал глагол″*хэр я *″префикс″хэм елъыта*уэ я *лэжьэкlэхэм ″дополненэ″*и зэрыхэлъытэри гурыlуэгъуэщи, *зэрыухуагъэххэ*у е иужькlэ *″lуэху занщlэ глагол″*хэм *″префикс″* къащтэу *дауи иреухуэ*, зэхуэдэ щlыкlэущ зэрылажьэхэр, - зэщхьэщыкlыщэкъым.

Дауи, мы ипэкlэ зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьахэр *″lуэху префиксиал глалгол″у ухуагъэххэ*хэращи, мыхэр иужькlэ *″префисиал″*у *ухуэжахэм* (″lуэху занщlэ глагол″хэм ″префикс″кlэ къатехъукl ″lуэху префиксиал глагол″хэм) *елъытауэ* бжыгъэу *нэхъ мащlэщ*.

Нытlэ, мы зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьахэм нэмыщl, мыбдежым нэгъуэщl **зэрыухуагъэххэу ″lуэху префиксиал глагол″** *щапхъэ гуэрхэр*и къэдгъэлъэгъуэнщ: **«иlэн, уlэн, шыlэн, шыхьын, къэхухьын, икъухьын, зэщlэкъуэн, илъхьэн, ихын, щыхын, зэхэхын, ихун, къэщын, щlэщlэн, къэшын, итхъын, пытхъын, гуэтхъын, зэфlэтхъын, зэlыщlэн, хущlын, тхьэщlын, щlеин - гъэщlеин, фlэгъэжын, зэпэсын, нэхьэсын, иудын, гуэудын, икlутын, икlутэн, къэгъуэтын, къэкхъун, къэцыфын, къэцlын, щыгъэтын, щlэуфэн».** Мыбыхэм щыщу мыхэр ″дополненэ″и зиlэу лажьэхэрщ: **«щlэщlэн; пытхъын, гуэтхъын; нэхьэсын; гуэудын; икlутэн; щlэуфэн»**

**″lуэху занщlэ глагол″хэр ″префикс″кlэрэ зэрыухуэ ″lуэху префиксиал глагол″хэм я хъыбарегъащlэ лэжьэкlэ щапхъэхэр.**

*″lуэху занщlэ глагол″*хэри *″дополненэ″нщэ*рэ *″дополненэ″ зиlэу зэрылажьэ*хэри гурыlуэгъуэщи, нытlэ, мыпхуэдэ глаголхэми *къатехъукl*ыну *″lуэху префиксиал глагол″*хэри -лъабжьэкlэ- *″дополненэ″нщэрэ ″дополненэ″ зиlэу зэрылэжьэну*хэр гурыlуэгъуэнщ.

Ауэ икlи, глаголхэм къащтэ *″префикс″*хэр *″дополненэ″ зылъыт*эрэ *зымылъытэу* зэрызэщхьэщыкlми щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ ипэкlи, нытlэ, къызытехъукl *″lуэху занщlэ глагол″*ыр -лъабжьэкlэ- *″дополненэ″нщэрэ ″доплненэ″ зиlэу* зэрыщытым *нэмыщl*, къыпыхьэ

*"префикс"ми елъытащ* мы *"lуэху префиксиал глагол"*хэр *"дополненэ" зиlэрэ зимыlэу лэжьэклэ* зэрагъуэтынур.

Дауи, *"дополненэ" зиlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*хэр *дэтхэнэ зы "префикс"*кlэ ухуэу къатехъукlыну *"lуэху префиксиал глагол"*хэм *"дополненэ" зиlэ лэжьэклэ зэралэнур* гурыlуэгъуэнщ; ауэ, *"дополненэ"нщэ "lуэху занщlэ глагол"*хэм къатехъукl *"lуэху префиксиал глагол"*хэм я *лэжьэклэ*хэм *"дополненэ" зэралэнур* мы къащта *"префикс"ым елъыта*уэ зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ.

Нытlэ, мыхэри ди гурыlуэгъуэу, мы илъабжьэм *"дополненэ" зиlэрэ зимыlэ "lуэху занщlэ глагол"*хэр зэмылlэужьыгъуэ "префикс"кlэ къатехъукlыну *"lуэху префиксиал глагол" лэжьэклэ щапхъэ*хэми мы къэтlуэтахэми теухуауэ зэрылъытапхъэрэ *зэреджапхъэ*хэри *еджаклуэхэм къахуренэ*.

*

Мыбдежым –япэрауэ- *"дополненэ" зимыlэ "lуэху занщlэ глагол"*у *"цlыхун"*ым *"дополненэ" мылъытэ "къ" префикс* къищтэу утыку къихьэ *"lуэху префиксиал глагол"*у щыт **"къэцlыхун"**ым и лэжьэкlэ щапхъэхэр къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | Къэ**с**цlыхунщ | Къэ**с**цlыхун*у*щ | Къы**з***о*цlыху(р) | Къэ**с**цlыху*а*щ |
| **Уэ** | Къэ**п**цlыхунщ | Къэ**п**цlыхун*у*щ | Къы**б***о*цlыху(р) | Къэ**п**цlыху*а*щ |
| **Абы** | Къ**и**цlыхунщ | Къ**и**цlыхун*у*щ | Къ***е***цlыху(р) | Къ**и**цlыху*а*щ |
| **Дэ** | Къэ**т**цlыхунщ | Къэ**т**цlыхун*у*щ | Къы**д***о*цlыху(р) | Къэ**т**цlыху*а*щ |
| **Фэ** | Къэ**ф**цlыхунщ | Къэ**ф**цlыхун*у*щ | Къы**в***о*цlыху(р) | Къэ**ф**цlыхуащ |
| **Абыхэм** | Къ**а**цlыхунщ | Къ**а**цlыхун*у*щ | Къ***а***цlыху(р) | Къ**а**цlыху*а*щ |

*

Мыбдежми *"дополненэ" зиlэу лажьэ* зы *"lуэху занщlэ глагол"*у щыт *"убгъун"*ым *"префикс"* (те) къищтэу –е *"lуэху префисиал глагол"*у щыт *"еубгъун"*ыр зы *лъэгапlэ*м зэрыщыгъэзэщlэну *"т" префикс*кlи ухуэжу- *"lуэху префиксиал глагол"*у ухуа **"теубгъуэн"**ым и лэжьэкlэ щапхъэхэр къыщыдгъэлъэгъуащ:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | Тез**ъ**убгъуэнщ | Тез**ъ**убгъуэн*у*щ | Тыз*о*убгъуэ(р) | Тез**ъ**убгъу*а*щ |
| **Уэ** | Те**б**ъубгъуэнщ | Те**б**ъубгъуэн*у*щ | Ты**б***о*убгъуэ(р) | Те**б**ъубгъу*а*щ |
| **Абы** | Тыр**и**убгъуэнщ | Тыр**и**убгъуэн*у*щ | Тыр***е***убгъуэ(р) | Тыр**и**убгъу*а*щ |
| **Дэ** | Тедъубгъуэнщ | Тедъубгъуэн*у*щ | Тыд*о*убгъуэ(р) | Тедъубгъу*а*щ |
| **Фэ** | Те**в**ъубгъуэнщ | Те**в**ъубгъуэн*у*щ | Ты**в***о*убгъуэ(р) | Те**в**ъубгъу*а*щ |
| **Абыхэм** | Тыр**а**убгъуэнщ | Тыр**а**убгъуэн*у*щ | Тыр***а***убгъуэ(р) | Тыр**а**убгъу*а*щ |

Ипэкlи и гугъу зэрытщlауэ, *"lуэху щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*хэр *"ы"ншэ*ущ къызэрыlухэри, нытlэ, къыкlэлъыкlуэ *"макъзешэ"м* зэримышэрэ хэмыгъуащэу *"щхьэж"у лъытэн папщlэ,* "макъзешэ"мрэ и зэхуакум -езым къыкlэлъыкlуэу- *"ъ" нэгъыщэ къыпыщэн хуейщ*и, ипэкlэ къэта глагол лэжьэкlэ щапхъэхэм хэплъагъуэри мыращ. Ауэ, мыпхуэдэ глаголхэм я *"ит зэман"* лэжьэкlэхэм *"субъектив субъект гъэлъагъуэ"*хэм –ахэр "ит зэман гъэлъагъуэ"кlэ (о) къоlури- *"ъ" нэгъыщэ хуэныкъуэкъым*.

Зи лэжьэкlэ щапхъэр къэтхьа "lуэху префиксиал глагол" лlэужьыгъуэу щыт *"теубгъуэн"*ым хиубыдэ "lуэху занщlэ глагол"ыр *"убгъуэн"*у къызэрыхэщыр нэрылъагъущ. Ауэ, мы "lуэху префиксиал глагол"ыр (*теубгъуэн*) *къызтехъукlа* "lуэху занщlэ глагол"ыр щхьэжу къызэрыlуатэ щlыкlэрэ бзэм хроникэ зэрыхэхъухьар "убгъуэн"къыми, *"убгъун"*уэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. "Убгъун" глаголыр зы "lуэху занщlэ глагол"у бзэм мыпхуэдэу щыухуарэ хроникэ хэхъухьауэ хэтми, ар "те" префикскlэрэ "префиксиал глагол"у щыухуэкlэ, ар (убгъун) "э"кlэрэ къэlуу (те-убгъуэн) зэрыщытыр къызыхэкlым щыгъуазэ хуэхъун хуейщ.

Аращи, глаголхэр я "префикс"хэм -я "кондицэ"хэм- елъытауэщ зэрыгъэзащlэри, я "префикс"хэм елъытауи глагол къэlукlэхэр "ы→э"уэ е "э→ы"уэ зэрызэхъуэкlыфынур гурыlуэгъуэнщ: мы зэхъуэкlыныгъэри а "глагол"ыр –а lуэхур- а "префикс"ым -"кондицэ"м- елъытауэ зэрыгъэзащlэ щlыкlэращ зэлъытарэ зытеухуар. Нытlэ, мы жытlахэм зэрезэгъщи, мыбдежым зи гугъу тщlы *"убгъун"* lуэхугъуэр *"префикс"*у (*те*) зы тетыгъуэм (т) хуэкlуэу (е) зы кондицэкlэрэ зэрыгъэзэщlэнур "убгъун"ми зы *кlуэтэгъуэ (э) зэригъуэткlэрэщ* (те-убгъу-э-н). Мы жытlар нэхъри зэlутхмэ, *"убгъун"*ыр зы "те" кондицэм елъытауэ зэрыгъэзащlэу, *"те"м* зэры*тыриубгъу* щlыкlэр *кlуэтэгъуэкlэрэ (э)* гъэзащlэу *тыреубгъуэ*ри, мыпхуэдэу гъэзащlэ lуэхур зытеухуа глаголри *"теубгъуэн"*уэщ.

"Убгъун" глаголыр "префиксиал"у щыухуэм деж къэхъу мы зэхъуэкlыныгъэр (убгъун → убгъуэн) глаголыр зэрыгъэзэщlэну "кондицэ"ращ -"префикс"ращ- зытеухуари, "префикс" псомкlи "убгъун"ыр кlуэтэгъуэкlэ (э) -"убгъуэн"у-) гъэзэщlэн хуейуэ щыткъым (пп: къэубгъун, еубгъун; щlэубгъун – щlэубгъуэн).

*

Мыбдежми *"дополненэ" зимыlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэ *"гъэсэн"*ым *"е" префикс*кlэ къытехъукlарэ – икlи, *"езырыж префиксиал глагол"* лlэужьыгъуэ *"дополненэ"и зиlэу лажьэ "есэн"*ым

*"гъэ"*кlэрэ къытехъукlауи лъытапхъэ- *"lуэху префиксиал глагол"*у щыт **"егъэсэн"** лэжьэкlэ щапхъэхэр къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | Езгъэсэнщ | Езгъэсэну**щ** | Из*о*гъасэ(р) | Езгъэс*а*щ |
| **Уэ** | Е**б**гъэсэнщ | Е**б**гъэсэну**щ** | И**б***о*гъасэ(р) | Е**б**гъэс*а*щ |
| **Абы** | Ир**и**гъэсэнщ | Ир**и**гъэсэну**щ** | Ир***е***гъасэ(р) | Ир**и**гъэс*а*щ |
| **Дэ** | Едгъэсэнщ | Едгъэсэну**щ** | Ид*о*гъасэ(р) | Едгъэс*а*щ |
| **Фэ** | Е**в**гъэсэнщ | Е**в**гъэсэну**щ** | И**в***о*гъасэ(р) | Е**в**гъэс*а*щ |
| **Абыхэм** | Ирагъэсэнщ | Ир**а**гъэсэну**щ** | Ир***а***гъасэ(р) | Ир**а**гъэс*а*щ |

Ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, мы зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа *"lуэху префиксиал глагол"*у щыт *"егъэсэн"*ым къэхъукlитl зэриlэр гурыlуэгъуэщ. Араща, зыр *"езырыж" глаголыпхъэ "сэн"*ым *"гъэ"*р къыпыхьэу *"lуэху занщlэ глагол"у ухуагъэххэ "гъэсэн"*ыр *"е" префикскlэ* зэрыухуэжу; адрейри, *"езырыж" глаголыпхъэ "сэн"*ыр *"е" префикс*кlэ *"езырыж префикс глагол"у ухуагъэххэ "есэн"*ыр *"гъэ"*кlэрэ зэрыухуэжу къэхъуауэ лъытапхъэщ. Дауи, мы и *къэхъуклитl*ым *лъабжьэ хуэхъуар "езырыж глагол"* лlэужьыгъуэу зэрыщытыр абы я *лэжьэкlэ*хэми зэрыхэплъэгъуэнури жыlэпхъэнщ.

**"lуэху занщlэ глагол"хэр "гъэ" пэщlэдзэрэ "е" префикскlэ зэрыухуэ "lуэху префиксиал глагол"хэм я хъыбарегъащlэ лэжьэкlэ щапхъэхэр.**

"Езырыж глагол"хэр "гъэ" пэщlэдзэкlэрэ "lуэху глагол"у зэрыухуэм теухуа щапхъэхэр "занщlэ глагол" лlэужьыгъуэхэу ипэкlэ щыгъуазэ дыхуэхъуу я лэжьэкlэ щапхъэхэри къахуэтхьащи, мыбдежми **"lуэху глагол"**хэр **"гъэ"** *пэщlэдзэкlэрэ* зэры**ухуэж**у утыку къихьэ **"lуэху глагол"** лlэужьыгъуэхэм я лэжьэкlэ щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ. Ауэ икlи, *"езырыж глагол"*хэр *"гъэ"*кlэрэ зэрыухуэ *"lуэху глагол"*хэр *зэрыгъэзащlэ* щlыкlэхэмрэ *"lуэху глагол"*хэр *"гъэ"*кlэрэ зэрыухуэ *"lуэху глагол"*хэр *зэрыгъэзэщlэ*ну щlыкlэхэри *зэрызэщхьэщыкl*ыпхъэнуи гурыlуэгъуэнщи, мы илъабжьэм мыпхуэдэхэми щыгъуазэ дыхуэхъунущ.

Дауи, **"lуэху занщlэ глагол"**хэр **"гъэ"** пэщlэдзэкlэ **зэрыухуэ**у утыку къихьэну *"lуэху глагол"*хэри –я мыхьэнэм елъытауэ- *нэхъыбэу* **"е" префикси къащтэ**ущ зэрыухуэри, мыпхуэдэуи утыку къихьэр **"lуэху префиксиал глагол"** лlэужьыгъуэхэрщ. Нытlэ, *"е" префикс* зиlэ *"lуэху глагол"*хэу ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа *лэжьэкlэ*хэр мы къедгъэкlуэкlыну лэжьыгъэми къызэрытпэщlэхуэнур гурыlуэгъуэнщ.

Икlи, гурыlуэгъуэщ *игъуэ "префикс"*кlэрэ глагол лэжьэкlэхэм *"дополненэ"* зэрыхэлъытэнури, **"е"** *префикс*ри **"дополненэ"** зылъытэну **игъуэ "префикс"**у зэрыщытыр наlуэщ. Ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, **"lуэху занщlэ глагол"***у "дополненэ" зиl*эу лажьэхэр **игъуэ "префикс"**кlи **аргуэру "дополненэ"** къыхэхьэжу зэры*лэжьэну*хэри гурыlуэгъуэнщ.

Ныtlэ, мыбыхэм теухуа щапхъэхэри -япэрауэ- **"lуэху занщlэ глагол"**хэр **"гъэ"** *пэщlэдзэкlэрэ* **"lуэху занщlэ глагол"**у *зэрыухуэ*у ипэкlэ зи *лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа*хэр икlи **"е" префикс**и къащтэу зэрыухуэу утыку къихьэ **"lуэху префиксиал глагол"**хэмрэ я лэжьэкlэ щапхъэхэр къэтхьынщ. Мыбыхэм къыкlэлъыкlуэуи, **"гъэ"** *пэщlэдзэкlэрэ* - **флэкlыпlэ зимыlэ**у- **"е" префикс**и къищтэу утыку къихьэ **"lуэху префиксиал глагол"**хэмрэ я лэжьэкlэ щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнщ.

Ауэ икlи, зы глаголыр "гъэ"кlэрэ ухуэн папщlэ, ар "занщlэ глагол" лlэужьыгъуэу щытын зэрыхуэмейри гурыlуэгъуэнщи, ныtlэ, зэрыухуагъэххэу е иужькlэ ухуауэ, дауи щырет, **"lуэху префиклсиал глагол"**хэри **"гъэ"** *пэщlэдзэкlэрэ* зэры**ухуэ**у утыку къихьэ **"lуэху префиклсиал глагол"**хэм теухуа лэжьэкlэ щапхъэ гуэрхэри къэдгъэлъэгъуэнщ.

Ауэ икlи, *"е" префикс*кlэ ухуа *"lуэху префиксиал глагол"*хэр *"объектив субъект"*кlэ зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэр *"объектив субъект лъытэ"*рэ *"дополненэ лъытэ"* зыхиубыдэу **"ири, ире" префикс**кlэ зэрыухуэр гурыlуэгъуэщи, ныtlэ, **"lуэху глагол"**хэр мы префиксхэмкlэ **"инфинитив"**у *зэрызэпкъыув*энуми щыгъуазэ дыхуэхъуу *я лэжьэкlэ щапхъэ*хэри къахуэтхьынщ. Мыхэм къакlэлъыкlуэуи, **"р"кlэ**рэ **зэпыщlэ префикс**хэр –мы *"ири, ире"*м къытемынэу- зэры**бэгъуапхъэ**ми деплъынщ.

*

Ипэкlэ *"lуэху занщlэ глагол"у* **"гъэ"** *пэщlэдзэкlэ*рэ *–е префиксыншэу-* **"lуэху занщlэ глагол"**у *ухуэжыф*у зи *лэжьэкlэ щапхъэхэри* къызыхуэтхьахэр икlи **"е" префикс**и къащтэу **"lуэху префикиал глагол"**уи з*эрыухуэф*хэри жытlагъащи, ныtlэ, япэрауэ мыхэр мыпхуэдэуи зэрыухуэм я лэжьэкlэ щапхъэхэр къэтхьынщ.

*"lуэху занщlэ глагол"* (макъ глагол) *"lуэн"*ыр *"гъэ"*кlэрэ *"е" префикс*и къищтэу –нэгъуэщlым егъэзэщlэн лlэужьыгъуэу- *"lуэху префиксиал глагол"*у *зэрыухуэж* **"егъэlуэн"** лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | Езгъэlуэнщ | Езгъэlуэн*у*щ | Из*о*гъаlуэ(р) | Езгъэlу*а*щ |
| **Уэ** | Е**б**гъэlуэнщ | Е**б**гъэlуэн*у*щ | И**б***о*гъаlуэ(р) | Е**б**гъэlу*а*щ |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Абы** | Ири**и**гъэlуэнщ | Ири**и**гъэlуэну**а**щ | Ир**е**гъауэ(р) | Ири**и**гъэlу*а*щ |
| **Дэ** | Ед**и**гъэlуэнщ | Ед**и**гъэlуэну**а**щ | Ид**о**гъalуэ(р) | Ед**и**гъэlу*а*щ |
| **Фэ** | Е**в**гъэlуэнщ | Е**в**гъэlуэну**а**щ | И**в***о*гъalуэ(р) | Е**в**гъэlу*а*щ |
| **Абыхэм** | Ир**а**гъэlуэнщ | Ир**а**гъэlуэну**а**щ | Ир***а***гъalуэ(р) | Ир**а**гъэlу*а*щ |

*"lуэху занщlэ глагол"*у -макъыбэу ухуа- *"усын"*ыр *"гъэ"*кlэрэ *"*е*"* префикси къищтэу –нэгъуэщlым егъэзэщlэн лlэужьыгъуэу- *"lуэху префиксиал глагол"*у *зэрыухуэж* **"егъэусын"** лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | Е**з**гъэусынщ | Е**з**гъэусын*у*щ | И**з***о*гъэус(ыр) | Е**з**гъэус*а*щ |
| **Уэ** | Е**б**гъэусынщ | Е**б**гъэусын*у*щ | И**б***о*гъэус(ыр) | Е**б**гъэус*а*щ |
| **Абы** | Ири**и**гъэусынщ | Ири**и**гъэусын*у*щ | Ир**е**гъэус(ыр) | Ири**и**гъэус*а*щ |
| **Дэ** | Ед**и**гъэусынщ | Ед**и**гъэусын*у*щ | Ид**о**гъэус(ыр) | Ед**и**гъэус*а*щ |
| **Фэ** | Е**в**гъэусынщ | Е**в**гъэусын*у*щ | И**в***о*гъэус(ыр) | Е**в**гъэус*а*щ |
| **Абыхэм** | Ир**а**гъэусынщ | Ир**а**гъэусын*у*щ | Ир***а***гъэус(ыр) | Ир**а**гъэус*а*щ |

Ипэкlэ къызэрыхэдгъэщауэ, *"lуэху занщlэ глагол"*у щыт *"лъагъун"*ыр *"гъэ"* пэщlэдзэкlэрэ *"lуэху занщlэ глагол"*у *"гъэлъэгъуэн"*уи *зэрыухуапхъэ*р гурыlуэгъуэщ. Ауэ, *"лъагъун"*ыр а зэрыщыту *"гъэ"клэ "е" префикс*и къищтэу *-нэгъуэщlым егъэзэщlэн* щlыкlэу- *-"егъэлъэгъуэн"*рэ *"егъэлъагъун"*уи зэрыухуапхъэр гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, *"lуэху занщlэ глагол"*у щыт *"лъагъун"*ыр *"гъэ"*кlэрэ *"е" префиксиал*у зэрыухуэ мы *"lуэху префиксиал глагол"*хэм щыщу мыбдежым **"егъэлъагъун"** *глагол лэжьэкlэ щапхъэ*хэр къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | Е**з**гъэлъагъунщ | Е**з**гъэлъагъун*у*щ | И**з***о*гъэлъагъу(р) | Е**з**гъэлъэгъу*а*щ |
| **Уэ** | Е**б**гъэлъагъунщ | Е**б**гъэлъагъун*у*щ | И**б***о*гъэлъагъу(р) | Е**б**гъэлъэгъу*а*щ |
| **Абы** | Ири**и**гъэлъагъунщ | Ири**и**гъэлъагъун*у*щ | Ир**е**гъэлъагъу(р) | Ири**и**гъэлъэгъу*а*щ |
| **Дэ** | Ед**и**гъэлъагъунщ | Ед**и**гъэлъагъун*у*щ | Ид**о**гъэлъагъу(р) | Ед**и**гъэлъэгъу*а*щ |
| **Фэ** | Е**в**гъэлъагъунщ | Е**в**гъэлъагъун*у*щ | И**в***о*гъэлъагъу(р) | Е**в**гъэлъэгъу*а*щ |
| **Абыхэм** | Ир**а**гъэлъагъунщ | Ир**а**гъэлъагъун*у*щ | Ир***а***гъэлъагъу(р) | Ир**а**гъэлъэгъу*а*щ |

Дауи, мы къэта щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэу, *"е" префикс* зиlэу ухуа *"lуэху префиксиал глагол"*хэр *еклуэлlэнкl*эрэ (е) *гъэзэщlэну гъэпсагъэххэ*щи, мы ипэкlэ къэта щапхъэхэр абыхэм я *"объектив" лэжьэкl*эхэрщ. Ауэ, ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, мы глаголхэр *зэмылlэужьыгъуэ* **"субъект"**кlэрэ мы зэрылажьэ щlыкlэхэм икlи "объект"рэ "дополненэ" къалэнкlэрэ *зэмылlэужьыгъуэ "щхьэ"*хэр зэрыхиубыдэфынури гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, мыпхуэдэ щапхъэхэри мы ипэкlэ зи лэжьэкlэхэр къыхуэзытхьа зы глаголыр (пп: егъэлъагъун) *"ит зэман"*рэ *"блэкla зэман"*у зэрылажьэм теухуауэ мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщи, абыхэм гулъытэ хуэщlынри еджакlуэхэм къыхуэдгъэнэнщ:

| **Субъ**. - Объ. - Доп. | **"Егъэлъагъун" глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр** | |
|---|---|---|
| | *Ит зэман* | *Блэкlа зэман* |
| **Сэ** ар уэ | У**з***о*гъэлъагъу(р) | Уэ**з**гъэлъэгъу*а*щ |
| **Уэ** ар сэ | Сы**б***о*гъэлъагъу(р) | Сэ**б**гъэлъэгъу*а*щ |
| **Абы** ахэр абыхэм | Яр***е***гъэлъагъу(хэ)(р) | Яр**и**гъэлъэгъу*а*(хэ)щ |
| **Дэ** фэ абыхэм | Фа**д***о*гъэлъагъу(р) | Фа**д**гъэлъэгъу*а*щ |
| **Фэ** ахэр сэ | (Къы)зы**в***о*гъэлъагъу(хэ)(р) | (Къы)зэ**в**гъэлъэгъу*а*(хэ)щ |
| **Абыхэм** дэ абыхэм | Дар***а***гъэлъагъу(р) | Дар**а**гъэлъэгъу*а*(хэ)щ |

*

Ипэкlэ *"lуэху занщlэ глагол"*хэу *"гъэ" пэщlэдзэ*кlэ -*"е" префиксыншэ*у- *"lуэху занщlэ глагол"*у ухуэфу щыгъуазэ дызыхуэхъуахэр мы ипэкlи *"е" префикскlи зэрыухуэ*у утыку къихьэ *"lуэху префиксиал глагол"*хэм *я лэжьэкlэ щапхъэхэр* къэдгъэлъэгъуащи, нытlэ, абыхэми къыкlэлъыкlуэу **"lуэху занщlэ глагол"**у **"гъэ"**кlэрэ **-фlэкlыпlэ имыlэу- "е" префикс** къэзыщтэу ухуэ **"lуэху префиксиал глагол"**хэм я лэжьэкlэ щапхъэхэми деплъыныр игъуэщ.

Икlи, мы *"lуэху префиксиал глагол"*хэри *къызытехъукl "lуэху занщlэ глагол"*хэр *"дополненэ" зиl*эрэ *зимыl*эу лажьэхэм *теухуа*уэ зэщхьэщыкlыуи тлъытэнщ. Нытlэ, япэрауи, *"дополненэ"нше*у *лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*хэм *къатехъукl "lуэху префиксиал глагол" лэжьэкlэ щапхъэхэр* къэтхьынщ; къыкlэлъыкlуэуи, *"дополненэ" зиl*эу лажьэ *"lуэху занщlэ глагол"*хэм -зэрыжытlа щlыкlэу- *къатехъукl "lуэху префиксиал глагол"*хэм я *лэжьэкlэ щапхъэхэр* къэдгъэлъэгъуэнщ.

*"lуэху занщlэ глагол"* (макъ глагол) *"щlын"*ыр *"гъэ"*кlэрэ зэрыухуэ **"егъэщlын"** лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | Езгъэщlынщ | Езгъэщlын*у*щ | Из*о*гъэщl(ыр) | Езгъэщl*а*щ |
| **Уэ** | Е**б**гъэщlынщ | Е**б**гъэщlын*у*щ | И**б***о*гъэщl(ыр) | Е**б**гъэщl*а*щ |
| **Абы** | Ир**и**гъэщlынщ | Ир**и**гъэщlын*у*щ | Ир***е***гъэщl(ыр) | Ир**и**гъэщl*а*щ |
| **Дэ** | Е**д**гъэщlынщ | Е**д**гъэщlын*у*щ | И**д***о*гъэщl(ыр) | Е**д**гъэщl*а*щ |
| **Фэ** | Е**в**гъэщlынщ | Е**в**гъэщlын*у*щ | И**в***о*гъэщl(ыр) | Е**в**гъэщl*а*щ |
| **Абыхэм** | Ир**а**гъэщlынщ | Ир**а**гъэщlын*у*щ | Ир***а***гъэщl(ыр) | Ир**а**гъэщl*а*щ |

*"lуэху занщlэ глагол"*у -макъ зы бжанэкlэ ухуа- *"цlыхун"*ыр *"гъэ"*кlэрэ -"е" префикси къищтэу- *зэрыухуэ "lуэху префиксиал глагол"*у щыт **"егъэцlыхун"** лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | Езгъэцlыхунщ | Езгъэцlыхун*у*щ | Из*о*гъэцlыху(р) | Езгъэцlыху*а*щ |
| **Уэ** | Е**б**гъэцlыхунщ | Е**б**гъэцlыхун*у*щ | И**б***о*гъэцlыху(р) | Е**б**гъэцlыху*а*щ |
| **Абы** | Ир**и**гъэцlыхунщ | Ир**и**гъэцlыхун*у*щ | Ир***е***гъэцlыху(р) | Ир**и**гъэцlыху*а*щ |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Дэ** | Едгъэцlыхунщ | Ед**г**ъэцlыхун*у*щ | Ид*о*гъэцlыху(р) | Ед**г**ъэцlыху*а*щ |
| **Фэ** | Е**в**гъэцlыхунщ | Е**в**гъэцlыхун*у*щ | И**в***о*гъэцlыху(р) | Е**в**гъэцlыху*а*щ |
| **Абыхэм** | Ир**а**гъэцlыхунщ | Ир**а**гъэцlыхун*у*щ | Ир***а***гъэцlыху(р) | Ир**а**гъэцlыху*а*щ |

Нытlэ, ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, ″дополненэ″ншэу лажьэ ″lуэху занщlэ глагол″хэр ″гъэ″ пэщlэдзэрэ ″е″ префиксиалу зэрыухуэу утыку къихьа мы ″lуэху префиксиал глагол″ лэжьэкlэ щапхъэхэм къыкlэлъыкlуэуи тlэ, *″дополненэ″ зиlэу лажьэ ″lуэху занщlэ глагол″*хэм *″гъэ″ пэщlэдзэрэ ″е″ префикскlэ къатехъукl ″lуэху префиксиал глагол″*хэм я *лэжьэкlэ щапхъэхэр* къэдгъэлъэгъуэнри игъуэщ.

*″lуэху занщlэ глагол″*у (″макъ глагол″) *″дополненэ″ зиlэу лажьэ ″хьын″*ыр *″гъэ″*кlэрэ -*″е″ префикс*и къищтэу- зэрыухуэ *″lуэху префиксиал глагол″*у щыт ***″егъэхьын″*** лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | Езгъэхьынщ | Езгъэхьын*у*щ | Из*о*гъэхь(ыр) | Езгъэхьащ |
| **Уэ** | Е**б**гъэхьынщ | Е**б**гъэхьын*у*щ | И**б***о*гъэхь(ыр) | Е**б**гъэхьащ |
| **Абы** | Ир**и**гъэхьынщ | Ир**и**гъэхьын*у*щ | Ир***е***гъэхь(ыр) | Ир**и**гъэхьащ |
| **Дэ** | Едгъэхьынщ | Ед**г**ъэхьын*у*щ | Ид*о*гъэхь(ыр) | Ед**г**ъэхьащ |
| **Фэ** | Е**в**гъэхьынщ | Е**в**гъэхьын*у*щ | И**в***о*гъэхь(ыр) | Е**в**гъэхьащ |
| **Абыхэм** | Ир**а**гъэхьынщ | Ир**а**гъэхьын*у*щ | Ир***а***гъэхь(ыр) | Ир**а**гъэхьащ |

Мы зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа *″егъэхьын″ глагол*ыр - къызытехъукlа *″хьын″*ым теухуауэ лъытэ *″гъуэгуанэ″р зыдынэс* зэрылъытэу- езым *″дополненэ″* (абы) *зиlэххэрщ*и, *″гъэ″ пэщlэдзэрэ ″е″ префикс*кlэ щыухуэм деж, мы ″хьын″ lуэхур *″субъект″*ым зыригъэзэщlэну зы ″дополненэ″и мэлъытэр. *″Е″ префиксым елъыта* мы ″дополненэ″ри ***″субъект″***ым мы *″хьын″*ыр зыригъэзащlэ *″субъект къэдзэ″*рэ *″lуэхухьэбзащlэ″*ращи, ар *″субъектив щхьэ″*уэ щытмэ, *″глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ″*м –***″субъектив дополненэ″***р- ***″езырыж″*** лlэужьыгъуэу зэрыхиубыдэнури гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэр ″е″ префиксиал глаголхэм теухуауэ мы ипэкlи къыщыдгъэлъэгъуащи, нытlэ, мыбдежым аргуэру къыщыдгъэлъэгъуэнкъым.

Ауэ икlи, *″дополненэ″ зиlэ ″lуэху занщlэ глагол″* бжыгъэр зэры*мащl*эм ипэкlи щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащи, мыпхуэдэ глаголхэмрэ ахэр *″гъэ″ пэщlэдзэрэ ″е″ префиксиал*у зэрыухуэ щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ: «хун, шэн, дзын, чын, тхъун, пхъын, утхын, укъуэдиин» → «**егъэхун, егъэшэн, егъэдзын, егъэчын, егъэтхъун, егъэпхъын, егъэутхын, егъэукъуэдиин**».

*

Мыбы нэгъунэ *"дополненэ" зиlэрэ зимыlэу лажьэ "lуэху занщlэ глагол"*хэр *"гъэ" пэщlэдзэ*рэ *"е" "префикс"*хэмкlэ ухуа *"lуэху префиксиал глагол"*хэм я *лэжьэкlэ щапхъэхэр* къызэрыдгъэлъэгъуар гурыlуэгъуэщ.

Икlи, утыку къызэрихьа щlыкlэр дауи щырет, *"lуэху префиксиал глагол"*хэри *"гъэ" пэщlэдзэ*кlэ *"е" префиксиал*у зэрыухуэу *"lуэху префиксиал глагол"*ыщlэхэр утыку къызэрихьэфынур гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, мыбыхэм я лэжьэкlэхэри мы ипэкlэ къэта щапхъэхэм хуэдэу зэрыщытынур гурыlуэгъуэщи, нытlэ, мыпхуэдэ щапхъэхэр щхьэхуэу къэгъэлъэгъуэн хуейуи къыщlэкlынкъым.

Ауэ, *"гъэ" пэщlэдзэ*рэ *"е" префиксиал*у ухуа глаголхэр зэры*"лажьэу ухуа псалъэ"*хэр *"инфинитив"*у зэрыухуэу *"lуэху префиксиал глагол"*ыщlэхэу зэрыухуэфынухэри гурыlуэгъуэнщ. Икlи, *глаголхэм я "объектив лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэр *ири/ире"* формэ *префиксиал*у зэрызэпкъырыувэр гурыlуэгъуэщи, мыхэри *"инфинитив"*у зэрыухуэр *"ири/ире"* формэ *префиксиал "lуэху глагол"*хэу зэрыщытынури наlуэщ. Нытlэ, мы илъабжьэм мыпхуэдэ *"lуэху префиксиал глагол"*хэм я *лэжьэкlэ щапхъэхэри* къэдгъэлъэгъуэнри игъуэщ.

Дауи, "гъэ" пэщlэдзэрэ "е" префиксиалу ухуэ "lуэху глагол"хэрщ мы зи гугъу тщlахэри, нытlэ, мыбыхэм я лэжьэкlэхэм **"субъект"**ым *lуэхур зыригъэзащlэ*у *"субъект къуэдзэ"*рэ *"lуэхутхьэбзащlэ"* лlэужьыгъуэ хэлъытэ **"<u>дополненэ</u>"р "субъектив щхьэ"**уэ щытмэ, -"сэ"м езым и пышэгъуу зэрилъытэм ипкъ зэриткlэ- *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм **"езырыж"**у зэрыхэлъытэр –мыпхуэдэ *щапхъэхэр къэдымыгъэлъэгъуа*уэ щытми- мыбдежым *аргуэру къыщыхэдгъэщынщ*.

*"lуэху глагол"хэр "гъэ"кlэрэ "ири, ире" формэ префикскlэ зэрыухуэу утыку къихьэ "lуэху префиксиал глагол"хэм я лэжьэкlэ щапхъэхэр.*

Япэрауэ къыхэгъэщыпхъэщ мы зи гугъу тщlы префиксхэр -*префиксыбэ*у- *"ири, ире" формэ* зиlэ *"префикс"* лlэужьыгъуэхэрщи, нытlэ, занщlэу "ири, ире"уэ щымытми, кlэух префикс лlэужьыгъуэу щыт *"и, е"м "р"ыкlэрэ пыщlа нэгъуэщl префикс*хэри зэрыхиубыдэ *префиксыбэ* лlэужьыгъуэхэри мы зи гугъу тщlы *"lуэху префиксиал глагол"*хэм зэрыхиубыдэнур наlуэщ. Мыпхуэдэ щапхъэхэрщ -псалъэм папщlэ- *"къыри, хури"* е *"къыре, хуре"* хуэдэхэр. Аращи, *"ири, ире" формэ*у

къэтхьыну *"префикс"* щапхъэхэм –мы *"ири, ире"*м *ипэ* ит *"и"м инлэ*кlэ-зэмылlэужьыгъуэ макъхэр зэрыхиубыдэфынури гурыlуэгъуэнщ.

Дауи, мы зи гугъу тщlы "lуэху префиксиал глагол"хэр утыку къызэрихьэрэ зэрылажьэ щlыкlэхэм ипэкlи дыщыгъуазэщи, нытlэ мы илъабжьэм мыпхуэдэ "lуэху префиксыбэ глагол"хэм я лэжьэкlэ щапхъэхэр къэдгъэлъэгъуэнкlэ зыхуридгъэкъунщ.

*"Гъэ" пэщlэдзэкlэ "ире" префикс*и къищтэу *"lуэху префиксиал глагол"*у ухуа **"ирегъэбжын"**ым и лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | Ире**з**гъэбжынщ | Ире**з**гъэбжын*у*щ | Ирыз*о*гъэбж(ыр) | Ире**з**гъэбж*а*щ |
| **Уэ** | Ире**б**гъэбжынщ | Ире**б**гъэбжын*у*щ | Иры**б*о***гъэбж(ыр) | Ире**б**гъэбж*а*щ |
| **Абы** | Ирыр**и**гъэбжынщ | Ирыр**и**гъэбжын*у*щ | Ирыр***е***гъэбж(ыр) | Ирыр**и**гъэбж*а*щ |
| **Дэ** | Иред**г**гъэбжынщ | Иред**г**гъэбжын*у*щ | Ирыд*о*гъэбж(ыр) | Иред**г**гъэбж*а*щ |
| **Фэ** | Ире**в**гъэбжынщ | Ире**в**гъэбжын*у*щ | Иры**в***о*гъэбж(ыр) | Ире**в**гъэбж*а*щ |
| **Абыхэм** | Ирыр**а**гъэбжынщ | Ирыр**а**гъэбжын*у*щ | Ирыр***а***гъэбж(ыр) | Ирыр**а**гъэбж*а*щ |

*"Щlэн"* глаголыр *"гъэ"кlэрэ "къыре" префикс*и къищтэу *"lуэху префиксиал глагол"*у зэрыухуа **"къырегъэщlэн"**ым и лэжьэкlэ щапхъэхэри –таблицэр кlыхь мыхъун папщlэ "мынalуэ къэкlуэну зэман" лэжьэкlэр хэгъэкlауэ- къэтхьынщ:

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Сэ** | Къыре**з**гъэщlэн*у*щ | Къырыз*о*гъащlэ(р) | Къыре**з**гъэщl*а*щ |
| **Уэ** | Къыре**б**гъэщlэн*у*щ | Къыры**б***о*гъащlэ(р) | Къыре**б**гъэщl*а*щ |
| **Абы** | Къырыр**и**гъэщlэн*у*щ | Къырыр***е***гъащlэ(р) | Къырыр**и**гъэщl*а*щ |
| **Дэ** | Къыред**г**гъэщlэн*у*щ | Къырыд*о*гъащlэ(р) | Къыред**г**гъэщl*а*щ |
| **Фэ** | Къыре**в**гъэщlэн*у*щ | Къыры**в***о*гъащlэ(р) | Къыре**в**гъэщl*а*щ |
| **Абыхэм** | Къырыр**а**гъэщlэн*у*щ | Къырыр***а***гъащlэ(р) | Къырыр**а**гъэщl*а*щ |

"Е" префиксиал глаголхэр "объектив"у зэры"лажьэу ухуэ псалъэ"хэр "ири/ире" формэу зэрыухуэм хуэдэжу, *"ири/ире" формэ префикс* зиlэ *"lуэху префиксиал глагол"*хэм я *"объектив лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэри *"ирыри/ирыре" префиксиал*у зэрызэпкъырыувэнури гурыlуэгъуэнщ. Мыпхуэдэуи *"ири/ире" форм*эр зэрыбагъуэу *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэмрэ *"префиксиал глагол"ыщlэ*хэри адыгэбзэм и лэжьэкlэм щызэрыухуэфынухэри гурыlуэгъуэнщ.

Мы зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа *"ири/ире" формэ префикс*хэр *"е" префикс*ыр зи *лъабжьэ*у утыку къихьарэ *иклu "е" префикс*и *зэрыхиубыдэ префиксыб*эрщи, нытlэ, *мы "префикс"*хэмкlэ ухуа *"lуэху префиксиал глагол"*хэри *"е" префиксиал глагол*хэу зэрыщытым зэрезэгъкlэ, *"е" префиксиал глагол лэжьэкlэ*хэми щыгъуазэ дызэрыщыхуэхъуа щlыкlэу- мы зи гугъу тщlы *глагол лэжьэкlэ*хэми *хэлъытэ "*дополненэ"р

*"субъектив щхьэ"*уэ щытмэ, ар -**"субъектив дополненэ"**р- *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ"*хэм **"езырыж"** лIэужьыгъуэу зэрыхиубыдэнур гурыIуэгъуэщ.

*"Гъэ" пэщIэдзэбэрэ (гъэгъэ) ири/ире формэ префиксыбэ (ирыри/ирыре) префиксиал "Iуэху префиксиал глагол"хэмрэ я лэжьэклэхэм теухуауэ.*

Мы ипэкIи зэрыщыжытIауэ, *"гъэ" пэщIэдзэ*рэ *"ири, ире" префикс*и къищтэу *"инфинитив"*у зэпкъырыува *"Iуэху префиксиал глагол"*хэр *"объектив"*у зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэр *"ирыри/ирыре" префикс*иалу *зэрызэпэпкъырыув*эр гурыIуэгъуэщи, мыбыхэми *"инфинитив"*у *"гъэ" пэщIэдзэ*рэ *"ирыри/ирыре" префиксиал*у къатехъукI *"Iуэху префиксиал глагол"*хэр къызэрытехъукIэ лэжьэкIэи зэрагъуэтынур гурыIуэгъуэнщ.

Мыбдежым мы зи гугъу тщIыр *"ири/ире" префикс*ыр и кIуэцIкIэ *зэрыбагъуэ*ращи, мыри зытеухуар *"гъэ" пэщIэдзэрэ "е" префиксиал глагол*хэращ. Ауэ, адыгэбзэм *"гъэ" пэщIэдзэншэ*у *"е" префиксиал*рэ *"ири/ире" префиксиал глагол*хэри щызэрыухуэр гурыIуэгъуэнщ.

Дауи, мы ипэкIэ зэрыжытIауэ, *адыгэбзэ глагол лэжьэклэу* **"р"ыкIэ**рэ мы зэры**зэпыщIэ**у **"префикс" бэгъуэн**ыгъэм **кIэ имыIэ**уи лъытапхъэщ; ауэ, **къэIуэтэн**рэ **зэхэхун**кIэ **гугъу** *хъууэ зэрыщIидзэ*м ипкъ зэриткIэ, мыпхуэдэ *"инфинитив глагол"*хэр *"ири, ире" префикс*кIэ зэрызэпкъырыувэмрэ, *я лэжьэклэхэр*и *"ирыре"*уэ зэпкъырыувэным къыщынэнри нэхъ *игъуэ*у лъытапхъэщ.

Дауи, *"гъэ пэщIэдзэ*рэ *"е" префиксиал глагол лэжьэклэ*хэр зи *лъабжьэ*у щыт *"ири/ире" формэ префикс*хэм я лъабжьэр "е" префиксхэрауэ мы зэрыщытым нэмыщI, икIи *"е" префикс*и *зыхиубыдэ*р наIуэщ. ЗэрыгурыIуэгъуэу, *"ири/ире" префиксиал глагол*хэм я *лэжьэклэ*хэм *"субъект"*ым Iуэхур зыригъэзащIэу *"субъект къуэдзэ"*уи лъытапхъэр "дополненэ" лIэужьыгъуэущ зэрыхиубыдэри, мыри *"субъектив щхьэ"*уэ щытмэ, мы **"субъектив дополненэ"**р *"глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"*хэм **"езырыж"** лIэужьыгъуэущ зэрыхиубыдэр.

Глаголхэр -*"ири/ире" формэ префиксиал*у зэрыухуэу мы зи гугъу тщIахэм хуэдэу лъытапхъэщи- **"гъэ"бэ**уи зэрыухуэфынум –теорикэу- **кIэ имыIэ**у зэрылъытапхъэми *къыпэув*у *"гъэ" пэщIэдзэ бжыгъэ*м *гъунапкъэ* хуэхъури **къэIуэтэн**рэ **зэхэхун**кIэ *хуиту* зэры*щымыт*ращ. Мы псалъэми гурыIуэгъуэ зэрищIщи, глаголхэр *"гъэ" пэщIэдзитI*рэ -**"гъэгъэ"**уэ ухуэрэ-

*"ири/ире" префикс*кlэрэ *"инфинитив"*у ухуапхъэщи, абыхэм я "объектив" *лэжьэкlэ*хэри *"ирыре" префиксиал*у зэрыухуэнур гурыlуэгъуэнщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *"гъэ" пэщlэдзэ закъуэ*кlэ ухуа *глагол лэжьэкlэ*р *"субъект"*ым lуэхур *нэгъуэщlым –субъект къуэдзэм- иргъэзащlэ*ущ зэрылъытэри, нытlэ, *"гъэгъэ" пэщlэдзэ*кlэ ухуа *глагол лэжьэкlэ*м *"субъект"*ым lуэхур мы *"субъект къуэдзэ"м* зэрыригъэзащlэр абыи мы lуэхур *етlуанэ "субъект къуэдзэ"*м *–"субъект къуэдзэ"м и "къуэдзэж"*ым-*иригъэзащlэ*у зэрылъытэнур гурыlуэгъуэщ. Аращи, *"субъект"*ым *"lуэху"р зэрыригъэзащlэ* щlыкlэр *"субъект къуэдзэ"м* нэгъуэщl гуэрым *–"субъект къуэдзэм и къуэдзэж"*ым- *иригъэзащlэу*щ. Нытlэ, *"субъект"*ым *унуафэ зыхущlы*р *"субъект къуэдзэ"*у зэрыщытым нэмыщl, мы *"субъект къуэдзэ"*ми и *"къуэдзэж"*ым *унафэ хущыlжу*щ мы "lуэху"р зэрыгъэзащlэри, икlэм икlэжым мы lуэхур зыгъэзащlэу *"lуэхутхьэбзащlэ" дыдэ*у щытыр *"субъект къуэдзэм и къуэдзэж"*ращ.

Ауэ икlи, ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, глагол лэжьэкlэм "дополненэ"у хэлъытэ *"субъект къуэдзэ"*р *"субъектив щхьэ"*уэ щытмэ, *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм мы **"субъектив дополненэ"**р **"езырыж"**ущ зэрыхэлъытэр. Нытlэ, мы *"субъектив къуэдзэ"*ми мы *луэхур зыригъэзащlэ и "къуэдзэж"*ри "дополненэ" лlэужьыгъуэу зэрылъытэнур гурыlуэгъуэщи, ари *"субъектив щхьэ"*уэ щытмэ, мы **"субъектив дополненэ"**ри *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм аргуэру **"езырыж"**у зэрыхиубыдэнур гурыlуэгъуэнщ.

Икlи, глаголхэр *"гъэгъэ" пэщlэдзэкlэ*рэ щыхуэм деж, -фlэкlыпlэ имыlэу- *"е" префикс*и къищтэу, ауэ -нэхъыбэуи- *"ири/ире" формэ префикс*кlэрэ зэры*ухуапхъэ*ри гурыlуэгъуэнщ.

Дауи, *"ири/ире" формэ префиксыбэ*рэ (ирыри/ирыре) *"гъэ" пэщlэдзэбэ*у ("гъэгъэ" пэщlэдзэу) ухуэ *"lуэху префиксиал глагол"*хэр адыгэбзэм хуиту къызэригъэщlынурэ бзэми зэрыхэлэжьыхьынури гурыlуэгъуэщ. Икlи, мыпхуэдэ *глагол лэжьэкlэ*хэм *"щхьэ"*хэр я *къалэнкlэ*рэ *зэрыхиубыдэ щlыкlэ*хэри мы ипэкlэ аргуэру *дигу къэдгъэкlыжа*гъэххэщ. Ауэ, мыпхуэдэ *глагол*хэмрэ *я лэжьэкlэ*хэр *адыгэбзэм хуиту хузэфlэкl*ыу щытми, *къэlуэтэгъуафlэ*рэ *гурыlуэгъуафlэу* зэры*мылъытапхъэ*м ипкъ зэритрэ икlи лэжьыгъэр мыбдежым кlыхь дымыщlын папщlэ, мы глаголхэм теухуа *лэжьэкlэ щапхъэхэр* къыщыдгъэлъагъуэкъыми, нытlэ, мыпхуэдэ лэжьыгъэри *еджакlуэхэм къахуренэ!*

## ″ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖЬРЭ КЪЫРИКlУЭ lУЭХУ ГЛАГОЛ″ХЭМ Я ″ХЪЫБАРЕГЪАЩlЭ″ ЛЭЖЬЭКlЭХЭР

### ″ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ КЪЫРИКlУЭ lУЭХУ ГЛАГОЛ″ХЭМРЭ Я ЛЭЖЬЭКlЭХЭМ ТЕУХУАУЭ ПСЭЛЪИТl-ЩЫ

Ипэкlэ къызэрыхэдгъэщауэ, мы *″щхьэм хуэлэжьэжу къырикlуэ lуэху глагол″*у тлъыта *″глагол гуп″*ыр *япэ*рауэ *″езырыж глагол″ лэжьэкlэ*хэр лъабжьэ зыхуэхъуу утыку къызэрихьар гурыlуэгъуэщи, нытlэ, мыпхуэдэу **″езырыж префиксиал глагол″ зи лъабжьэ**у утыку къихьа **″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″**хэр икlи **хуиту ″езырыж префиксиал глагол″**уи зэры**лэжьэфыну**хэр гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, *зэрыухуагъэххэу ″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″*у утыку къихьауэ зи гугъу тщlахэм хуиту *нэгъуэщl ″глагол гуп″ лэжьэкlэ зэрамыгъуэтыфын*ури жыlэпхъэнщ. Аращи, мы илъабжьэм къыщедгъэкlуэкlыну лэжьыгъэхэм мыбыхэми щыгъуазэ дыхуэхъуу игъуэ щапхъэхэри къахуэтхьын зэрыхуейри гурыlуэгъуэнщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *″глагол гуп″*хэм *теухуа лэжьэкlэ* щапхъэхэр къэдгъэлъагъуэу къедгъэкlуэкl лэжьыгъэхэр икlи *нэгъуэщl ″глагол гуп″хэм я лэжьэкlэ*уи къызэрыlуатэ щапхъэхэри къапытщэжущ къызэредгъэкlуэкl щlыкlэри, мыбдежми мы лэжьыгъэр къызэредгъэкlуэкlыну щlыкlэри мыпхуэдэущ. Аращи, **адыгэбзэ**р **мыхьэнэбэ**у зэрыщытым хуэдэжу **лэжьэкlэбэ**уи щытщи, нытlэ, мы ипэкlэ къыхэдгъэщахэри хэтыжу, **″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″**хэри **нэгъуэщl ″глагол гуп″ лэжьэкlэ** зэриlэу, е **нэгъуэщl мыхьэнэ** *зулэу зэрылажьэ* щlыкlэуи щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къахуэтхьыни хуейщ.

Мыбыхэм нэмыщl, **″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″**хэр **″гъэ″кlэ**рэ **щыухуэм** деж, *нэгъуэщlым егъэзэщlэн ″lуэху глагол″*у зэрыухуэр гурыlуэгъуэщи, нытlэ, мыпхуэдэуи **″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ″** lуэхугъуэри мылъытэжу **зэрыухр**и гурыlуэгъуэщ.

Мыбыхэм нэмыщl, япэрей мыпхуэдэ лэжьыгъэхэми я гугъу зэрытщlауэ, глагол лэжьэкlэхэм *″зэманыгъуэ″*хэр зэрыхиубыдэ *″зэман гъэлъагъуэ″*хэр мы зэрытха щlыкlэу *италикэу*, *″щхьэ″*хэри я къалэнкlэрэ ″**субъект**, объект, дополненэ″у зэрытха щlыкlэхэу къэдгъэлъэгъуэнри игъуэщ.

Дауи, **″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″**хэр *и клуцклэ* **″щхьэм хуэлэжьэж lуэху глагол″**рэ **″щхьэм къырикlуэу lуэху глагол″**у *зэщхьэщыгъэклыпхъэщи*, нытlэ, мы *″глагол гуп″*ым и *лэжьэклэ щапхъэхэр*и мыпхуэдэу *″гупитl″*ым *теухуауэ къэдгъэлъэгъуэн*ыр игъуэщ.

## ″ЩХЬЭМ ХУЭЛЭЖЬЭЖРЭ КЪЫРИКlУЭ lУЭХУ ГЛАГОЛ″ХЭМ Я ″ХЪЫБАРЕГЪАЩlЭ″ ЛЭЖЬЭКlЭ ЩАПХЪЭХЭР

**″Щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″хэм щыщу ″щхьэм хуэлэжьэж″у лъытапхъэхэм я хъыбарегъащlэ лэжьэкlэ щапхъэхэр.**

*″Езырыж префиксиал глагол″ лэжьэклэхэр зи лъабжьэу утыку къихьа ″щхьэм хуэлэжьэж″у лъытапхъэ ″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″хэм я лэжьэклэ щапхъэхэр.*

*″Езырыж префиксиал глагол″*у ухуа *″гурыlуэн″* глагол лэжьэкlэр и *лъабжьэ*у *″щхьэм хуэлэжьэж″* лlэужьыгъуэу *″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″*у утыку къихьа **″гурыlуэн″** лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **З**гурыlуэнщ | **З**гурыlуэн*у*щ | **З**гур*о*lуэ(р) | **З**гурыl*уа*щ |
| **Уэ** | **Б**гурыlуэнщ | **Б**гурыlуэн*у*щ | **Б**гур*о*lуэ(р) | **Б**гурыl*уа*щ |
| **Абы** | Гурыlуэнщ | Гурыlуэн*у*щ | Гур*о*lуэ(р) | Гурыl*уа*щ |
| **Дэ** | **Д**гурыlуэнщ | **Д**гурыlуэн*у*щ | **Д**гур*о*lуэ(р) | **Д**гурыl*уа*щ |
| **Фэ** | **В**гурыlуэнщ | **В**гурыlуэн*у*щ | **В**гур*о*lуэ(р) | **В**гурыl*уа*щ |
| **Абыхэм** | **Я**гурыlуэнщ | **Я**гурыlуэн*у*щ | **Я**гур*о*lуэ(р) | **Я**гурыl*уа*щ |

Мы къэта щапхъэхэр ″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″у *″занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэ -″щхьэм занщlэу хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″- лэжьэкlэхэу лъытапхъэхэщ. Ауэ, *″щхьэм хуэлэжьэж″* лlэужьыгъуэу щыт мы *″гурыlуэн″* глаголыр *″субъект″ым езым теухуэжу* зэрыщытыр *нэхъ игъуэу ″къ″ префикс*кlэ къэlуэтапхъэщи, нытlэ, мыпхуэдэу *″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху префиксиал глагол″*у ухуэжа **″къыгурыlуэн″** лэжьэкlэ щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | Къы**з**гурыlуэнщ | Къы**з**гурыlуэн*у*щ | Къы**з**гур*о*lуэ(р) | Къы**з**гурыl*уа*щ |
| **Уэ** | Къы**б**гурыlуэнщ | Къы**б**гурыlуэн*у*щ | Къы**б**гур*о*lуэ(р) | Къы**б**гурыl*уа*щ |
| **Абы** | Къыгурыlуэнщ | Къыгурыlуэн*у*щ | Къыгур*о*lуэ(р) | Къыгурыl*уа*щ |
| **Дэ** | Къы**д**гурыlуэнщ | Къы**д**гурыlуэн*у*щ | Къы**д**гур*о*lуэ(р) | Къы**д**гурыl*уа*щ |
| **Фэ** | Къы**в**гурыlуэнщ | Къы**в**гурыlуэн*у*щ | Къы**в**гур*о*lуэ(р) | Къы**в**гурыl*уа*щ |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Абыхэм** | Къ**а**гурыlуэнщ | Къ**а**гурыlуэн*у*щ | Къ**а**гур*о*lуэ(р) | Къ**а**гурыl*уа*щ |

Мы таблицэхэм хиубыдэу къэдгъэлъэгъуа *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол" лэжьэкlэ* щапхъэхэр *"объектив"* лlэужьыгъуэу –и *"объект"ыр щхьэ закъуэ "объект"*у- зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Ауэ, мы *"гурыlуэн, къыгурыlуэн"* глаголхэр икlи *"цlыху"м телэжьыхь*уи –и ″объект″ыр *"субъектив"*уи- къызэрыlуэтэфынур гурыlуэгъуэщи, нытlэ, мы глаголхэр *"ит зэман"*у зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*мрэ икlи къызэрыlуатэ *псалъэухыгъэ*р ″субъект″рэ *"объект"*ыр къызэрыхэщу къэдгъэлъэгъуэнщ:

- ***″гурыlуэн″:*** «**сэ** уэ у**з**гур*о*lуэ(р); **уэ** сэ сы**б**гур*о*lуэ(р); **абы** дэ дыгур***о***lуэ(р); **дэ** фэ фыдгур*о*lуэ(р); **фэ** дэ ды**в**гур*о*lуэ(р); **абыхэм** сэ с**а**гур*о*lуэ(р)»;
- ***″къыгурыlуэн″:*** «**сэ** уэ укъы**з**гур*о*lуэ(р); **уэ** сэ сыкъы**б**гур*о*lуэ(р); **абы** дэ дыкъыгур*о*lуэ(р); **дэ** фэ фыкъы**д**гур*о*lуэ(р); **фэ** дэ дыкъы**в**гур*о*lуэ(р); **абыхэм** сэ с**а**къыгур**о**lуэ(р)»;

*

Зэрыгурыlуэгъуэу, мы зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьар *"езырыж префиксиал глагол"* лlэужьыгъуэ *"гурыlуэн"*ым и лэжьэкlэр *лъабжьэ* зыхуэхъуу *"щхьэм хуэлэжьэж"* лlэужьыгъуэу утыку къихьа *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"* лlэужьыгъуэрщи, нытlэ, мыбы икlи *"езырыж префиксиал глагол" лэжьэкl*эи зэриlэфынур гурыlуэгъуэнщ.

Мы зэрыжытlауэ, *нормал* **″езырыж глагол″** лlэужьыгъуэу **″префиксиал″**у (гуры..; къыгуры..) щыт *"гурыlуэн"*рэ *"къыгурыlуэн"* глаголхэм я **″ит зэман″** лэжьэкlэ щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

- «**сэ** абы **сы**гур*о*lуэ(р), **уэ** сэ **уз**гур*о*lуэ(р), **ар** абыхэм ягур*о*lуэ(р), **дэ** фэ **ды**вгур*о*lуэ(р), **фэ** абыхэм **фа**гур*о*lуэ(р), **ахэр** абыхэм ягур**о**lуэ(**хэ**)(р)»;
- «**сэ** абы **сы**(къы)гур*о*lуэ(р), **уэ** сэ **у**къы**з**гур*о*lуэ(р), **ар** абыхэм (къ)агур*о*lуэ(р), **дэ** фэ **ды**(къы)вгур*о*lуэ(р), **фэ** абыхэм **фы**(къ)агур*о*lуэ(р), **ахэр** абыхэм къагур**о**lуэ(**хэ**)(р)».

*Зэрыухуагъэххэу "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"у "щхьэм хуэлэжьэж"у лъытапхъэхэм я лэжьэкlэ щапхъэхэр.*

*Зэрыухуагъэххэу "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"*у *"щхьэм хуэлэжьэж"* лlэужьыгъуэуи утыку къихьауи лъытапхъэ **″лъысын″** лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **С**лъысынщ | **С**лъысын*у*щ | **С**лъ*о*с(ыр) | **С**лъыс*а*щ |
| **Уэ** | **П**лъысынщ | **П**лъысын*у*щ | **П**лъ*о*с(ыр) | **П**лъыс*а*щ |
| **Абы** | Лъысынщ | Лъысын*у*щ | Лъ*о*с(ыр) | Лъыс*а*щ |
| **Дэ** | **Т**лъысынщ | **Т**лъысын*у*щ | **Т**лъ*о*с(ыр) | **Т**лъыс*а*щ |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Фэ** | **Ф**лъысынщ | **Ф**лъысын*у*щ | **Ф**лъ*о*с(ыр) | **Ф**лъыс*а*щ |
| **Абыхэм** | **Я**лъысынщ | **Я**лъысын*у*щ | **Я**лъ*о*с(ыр) | **Я**лъыс*а*щ |

*"Щхьэм хуэлэжьэж"*у *"субъект"ым къыхуэкlуэ "лъысын"* глаголыр нэхъ игъуэу *"къ" префикс*кlэ зэрыухуэущ къызэрыlуэтапхъэри, нытlэ, мыпхуэдэу зэрыухууэ *"щхьэм префиксиалу хуэлэжьэжрэ къыриклуэ lуэху глагол"*у щыт **"къылъысын"** лэжьэкlэ щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | Къы**с**лъысынщ | Къы**с**лъысын*у*щ | Къы**с**лъ*о*с(ыр) | Къы**с**лъыс*а*щ |
| **Уэ** | Къы**п**лъысынщ | Къы**п**лъысын*у*щ | Къы**п**лъ*о*с(ыр) | Къы**п**лъыс*а*щ |
| **Абы** | Къылъысынщ | Къылъысын*у*щ | Къылъ*о*с(ыр) | Къылъыс*а*щ |
| **Дэ** | Къы**т**лъысынщ | Къы**т**лъысын*у*щ | Къы**т**лъ*о*с(ыр) | Къы**т**лъыс*а*щ |
| **Фэ** | Къы**ф**лъысынщ | Къы**ф**лъысын*у*щ | Къы**ф**лъ*о*с(ыр) | Къы**ф**лъыс*а*щ |
| **Абыхэм** | Къ**а**лъысынщ | Къ**а**лъысын*у*щ | Къ**а**лъ*о*с(ыр) | Къ**а**лъыс*а*щ |

*

*Зэрыухуагъэххэу "щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ lуэху глагол"*у щытрэ *"щхьэм хуэлэжьэж"* лlэужьыгъуэуи утыку къихьауи лъытапхъэ **"щхьэпэн"**рэ икlи **"къыщхьэпэн"** лэжьэкlэ щапхъэхэр -*"мыналуэ къэклуэну зэман" лэжьэклэ* щапхъэхэм нэмыщlхэу- зы *таблиц*эм зэрыхиубыдэну щlыкlэу мыбедыжм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Сэ** | (Къы)**с**щхьэпэну*у*щ | (Къы)**с**щхь*о*пэ(р) | (Къы)**с**щхьэп*а*щ |
| **Уэ** | (Къы)**п**щхьэпэну*у*щ | (Къы)**п**щхь*о*пэ(р) | (Къы)**п**щхьэп*а*щ |
| **Абы** | (Къы)щхьэпэну*у*щ | (Къы)щхь*о*пэ(р) | (Къы)щхьэп*а*щ |
| **Дэ** | (Къы)**т**щхьэпэну*у*щ | (Къы)**т**щхь*о*пэ(р) | (Къы)**т**щхьэп*а*щ |
| **Фэ** | (Къы)**ф**щхьэпэну*у*щ | (Къы)**ф**щхь**о**пэ(р) | (Къы)**ф**щхьэп*а*щ |
| **Абыхэм** | (Къ)**а**щыщхьэпэну*у*щ | (Къ)**а**щыщхь*о*пэ(р) | (Къ)**а**щыщхьэп*а*щ |

*"Щхьэм хуэлэжьэж"* лlэужьыгъуэу утыку къихьауэ лъытапхъэ **"щхьэпэн"** глаголымрэ *"къ" префикс* къызэрищтэу зэрылажьэ мы щапхъэхэм къыкlэлъыкlуэуи *нэгъуэщl игъуэ префикс*хэри къызэрищтэфынури гурыlуэгъуэщи, нытlэ, мыбдежым мыпхуэдэ зы *игъуэ префикс*и (пп: щы) къищтэу зэрыухуэж *"щхьэм префиксиалу хуэлэжьэжрэ къыриклуэ lуэху глагол"* лlэужьыгъуэу **"къыщыщхьэпэн"**ым теухуа лэжьэкlэ щапхъэхэри -*"мыналуэ къэклуэну зэман" лэжьэклэ* щапхъэхэм нэмыщlхэу- зы таблицэм зэрыхиубыдэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Сэ** | Къыщы**с**щхьэпэну*у*щ | Къыщы**с**щхь*о*пэ(р) | Къыщы**с**щхьэп*а*щ |
| **Уэ** | Къыщы**п**щхьэпэну*у*щ | Къыщы**п**щхь*о*пэ(р) | Къыщы**п**щхьэп*а*щ |
| **Абы** | Къыщыщхьэпэну*у*щ | Къыщыщхь*о*пэ(р) | Къыщыщхьэп*а*щ |
| **Дэ** | Къыщы**т**щхьэпэну*у*щ | Къыщы**т**щхь*о*пэ(р) | Къыщы**т**щхьэп*а*щ |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Фэ** | Къыщыфщхьэпэнущ | Къыщы**ф**щхь*о*пэ(р) | Къыщы**ф**щхьэп*а*щ |
| **Абыхэм** | Къ**а**щыщхьэпэнущ | Къ**а**щыщхь*о*пэ(р) | Къ**а**щыщхьэп*а*щ |

Мы таблицэхэм къыщыгъэлъэгъуа *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ луэху глагол" лэжьэклэ* щапхъэхэр *"объектив"* лIэужьыгъуэу - зытелэжьыхьыр *"объектив" щхьэ закъуэ "объект"*у- зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. ИкIи, мы *"щхьэпэн, къыщыщхьэпэн"* глаголхэр *"цIыху"ми телэжьыхь*у –я *"объект"*хэр *"субъектив"*у- къызэрыIуэтэфынури гурыIуэгъуэщ. Ауэ икIи, **"щIыпIэ" лъытэ "префикс"**кIэ ухуэжрэ, мы префикскIэ *лъытэну* **"объектив дополненэ"**р *псалъэухыгъэ* къэIуэтэкIэхэм *"щхьэ цIэпапщIэ"*у зыхэзыубыдэфыну *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ луэху глагол"* лэжьэкIэхэм -ипэкIи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ- *"субъектив дополненэ"* зэры*химыубыдэн*ури гурыIуэгъуэщ.

НытIэ, мыхэр зытежытIыхьауэ ипэкIи зи лэжьэкIэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа мы глаголхэр *"ит зэман"*у зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэмрэ ахэр къызэрыIуатэ *псалъэухыгъэ*м **"субъект"**рэ *"объект"*ыр икIи *"щы" префикс*кIэ лъыта *щIыпIэ лъытэ "*дополненэ*"*р (объектив) мы *зэрытха щIыкIэхэу* къыхэгъэщауэ мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- **"щхьэпэн":** «**сэ** уэ у**с**щхь*о*пэ(р); **уэ** сэ сы**п**щхь*о*пэ(р); **абы** дэ дыщхь*о*пэ(р); **дэ** фэ фы**т**щхь*о*пэ(р); **фэ** дэ ды**ф**щхь*о*пэ(р); **абыхэм** сэ с**а**щхь*о*пэ(р)»;
- **"къыщыщхьэпэн":** «**сэ** уэ абы укъыщы**с**щхь*о*пэ(р); **уэ** сэ абы сыкъыщы**п**щхь*о*пэ(р); **абы** дэ абы дыкъыщыщхь*о*пэ(р); **дэ** фэ абы фыкъыщы**т**щхь*о*пэ(р); **фэ** дэ абы дыкъыщы**ф**щхь*о*пэ(р); **абыхэм** сэ абы с**а**къыщыщхь*о*пэ(р)»;

*

Зи лэжьэкIэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа мы *зэрыухуагъэххэу "щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ луэху глагол"*у утыку къызэрихьар "езырыж глагол"у *"щхьэпэн"*ым и лэжьэкIэр лъабжьэ зэрыхуэхъуу зэрыщытыр ипэкIэ къыщыхэдгъэщащ. Ауэ икIи, "езырыж глагол" лIэужьыгъуэу щыт мы *"щхьэпэн"* глаголыр *"плъыфэцIэ"* лIэужьыгъуэ *"щхьэпэ" хъун*ыгъэ *зэрылъытэ*ущ *глагол*у зэрыухуари гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, *"щхьэпэн"* глаголыр *"субъект"ым езым теухуэж*у зэрыщытым ипкъ зэрикIэ, *нэхъыбэ*рэ *игъуэ*уи *бзэм* щызэрызекIуэнур *"къ" префикс*кIэ зэрыухуа *(къыщхьэпэн*) щIыкIэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ.

Дауи, *"щхьэпэн"* глаголыр *плъыфэ*р а зэрыщыту *занщIэу къызэрыщтэ* зэрылъытэу *"езырыж занщIэ глагол"* лIэужьыгъуэрщи, нытIэ, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ луэху глагол"*у ипэкIэ зи лэжьэкIэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа *"щхьэпэн"* глаголыр *нормал* глагол лIэужьыгъуэу

*зэрылэжьэну* щIыкIэри *"занщIэ глагол"* лIэужьыгъуэу зэрыщытынур гурыIуэгъуэщ.

Ауэ икIи, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ lуэху глагол"*хэр *"префиксиал"* лIэужьыгъуэхэущ зэрытлъытахэри, нытIэ, *"щхьэпэн"* глаголым икIи *нормал "езырыж префикс глагол" лэжьэкIи* иIэн хуейуэ зэрыщытынури жыIэпхъэщ.

НытIэ, мы жытIахэм зэрезэгъкIэ, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ lуэху глагол"* лIэужьыгъуэу щыт *"щхьэпэн"*ыр *нормал* **"езырыж глагол"**у **"занщIэ"**рэ **"префиксиал"**уи (щхьэ-пэн) *зэрылажьэ щапхъэ*хэр **"ит зэман"**ым теухуауэ мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| «**с***о*щхьэпэ(р), **у***о*щхьэпэ(р), **ар** ***мэ***щхьэпэ(р), **д***о*щхьэпэ(р), **ф***о*щхьэпэ(р), **ахэр** ***мэ***щхьэпэ(**хэ**)(р)». |
| «**сы**щхь*о*пэ(р), **у**щхь*о*пэ(р), **ар** щхь*о*пэ(р), **ды**щхь*о*пэ(р), **фы**щхь*о*пэ(р), **ахэр** щхь*о*пэ(**хэ**)(р)». |

Мы къэта щапхъэхэм тIури гурыIуэгъуэщ, игъуэщ. Ауэ, *"щхьэпэ"* псалъэр занщIэу *"глагол"*у зэрыухуэу *"щхьэпэ" хъун* зи *мыхьэнэ "щхьэпэн"* глаголыр мы утыку къызэрихьам теухуауэ *нормалу "езырыж занщIэ глагол"*у лъытапхъэщи, *нормал "езырыж глагол" лэжьэкIэу* къэта мы щапхъэхэм щыщу *бзэм нэхъыбэу* щызекIуэр *япэрейр*ауэ лъытапхъэщ.

Ауэ икIи, *"щхьэпэ"* псалъэм езыр зэрыухуа щIыкIэр *"щхьэ"м "пэ" хуэхъун*уи лъытапхъэщи, ар *глаголу* щыухуэми мыпхуэдэу зэреджапхъэу, *и лэжьэкI*энури мы ипэкIэ къэта *"езырыж префиксиал глагол"*у зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ.

Мыпхуэдэу зэрыщытым нэмыщI, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ lуэху глагол"*хэр *нормал глагол лIэужьыгъуэу "префиксиал"*у зэрыщытым ипэкIэ щыгъуазэ дыхуэхъуагъащи, нытIэ, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ lуэху глагол"* лIэужьыгъуэу зэрыщыткIэ *"щхьэпэн"*ыр *нормал глаголу зы "езырыж префиксиал глагол"*у зэрыщытынури гурыIуэгъуэщ.

Дауи, *"щхьэпэн"* глаголым мы ипэкIэ къэта *и нормал "езырыж глагол" лэжьэкIumI*ри хуэигъуэщ. Аращи, ар *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ lуэху глагол"*у зэрыщыткIэ, *и нормал глагол лэжьэкI*энур *"езырыж префиксиал глагол"*у щытми, *щхьэжу* зы *"езырыж занщIэ глагол"*уи *бзэм* щыхэлъытэу *хэлэжьыхь*ырщ.

Мыбы къыщымынэу, *"щхьэпэ"* плъыфэ къызэрыщтэ зэрылъытэ глаголу щыт *"щхьэпэн"*ыр икIи мыпхуэдэ *позиц*эрэ *щIыкIэ* зиIэу зэрылъытэкIэрэ *"статья глагол"*уи лъытапхъэщ. Аращи, мыбдежым "щхьэм хуэлэжьэжрэ

къырикlуэ lуэху глагол″у тлъытауэ щыт мы **″щхьэпэн″** глаголыр икlи **″статя глагол″** лIэужьыгъуэуи лъытапхъэщи, нытlэ, мыпхуэдэуи *зэрылажьэ* щапхъэхэри –**″иджы зэман″**у- къэдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| «**сы**щхьэпэщ, **у**щхьэпэщ, **ар** щхьэпэщ, **ды**щхьэпэщ, **фы**щхьэпэщ, **ахэр** щхьэпэ(**хэ**)щ». |

Нытlэ, мыбдежым *″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″*у тлъытауэ щыт *″щхьэпэн″* глаголыр икlи *″статя глагол″* лIэужьыгъуэрщи, мы *глагол гупчlэ*ми *хиубыдэ* глаголырщ. Ауэ икlи, *бзэм нэхъыбэу* зэрыхэлэжьыхь щlыкlэри *″статя глагол″ лэжьэкlэ*рауэ зэрыщытри къыхэгъэщыпхъэщ.

**″Щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″хэм щыщу ″щхьэм къырикlуэ″у лъытапхъэхэм я хъыбарегъащlэ лэжьэкlэ щапхъэхэр.**

*″Езырыж префиксиал глагол″ лэжьэкlэхэр зи лъабжьэу ″щхьэм къырикlуэ″у лъытапхъэ ″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″хэм я лэжьэкlэ щапхъэхэр.*

*″Езырыж префиксиал глагол″*у ухуа *″хэlэн″* глагол лэжьэкlэр зи *лъабжьэ*у *″щхьэм къырикlуэ″* лIэужьыгъуэу утыку къихьа *″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″*у щыт ″**хэlэн**″ лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **С**хэlэнщ | **С**хэlэну**щ** | **С**х*о*lэ(р) | **С**хэl*а*щ |
| **Уэ** | **П**хэlэнщ | **П**хэlэну**щ** | **П**х*о*lэ(р) | **П**хэl*а*щ |
| **Абы** | Хэlэнщ | Хэlэну**щ** | Х*о*lэ(р) | Хэl*а*щ |
| **Дэ** | **Т**хэlэнщ | **Т**хэlэну**щ** | **Т**х*о*lэ(р) | **Т**хэl*а*щ |
| **Фэ** | **Ф**хэlэнщ | **Ф**хэlэну**щ** | **Ф**х*о*lэ(р) | **Ф**хэl*а*щ |
| **Абыхэм** | **Я**хэlэнщ | **Я**хэlэну**щ** | **Я**х*о*lэ(р) | **Я**хэl*а*щ |

Ипэкlи зэрыжытlауэ, *″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ глагол″*хэр *нормал глагол*у *″префиксиал глагол″*хэрщи, ахэр *мы глагол гуп*ым зэрыхэткlэрэ *зэрылажьэ* щlыкlэри *″занщlэ глагол″* лIэужьыгъуэущ. Ауэ, *мы ″езырыж префиксиал глагол″*хэр зи *лъабжьэу занщlэу* зэрыухуэ *″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол″* лэжьэкlэхэр *″занщlэ глагол″* лIэужьыгъуэу зэрыщытри жытlагъащ.

Икlи, ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, *″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ″*р къызэрыlуэтапхъэм *нэхъ хуэигъуэ префикс*ри *″къ″ мак*ъращи, нытlэ, мы ипэкlэ зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа *″хэlэн″ глаголым ″къ″*

*префикс* къищтэрэ –щапхъэм папщlэ- нэгъуэщl префикси дищlыгъуу зэрыухуэжхэм я лэжьэкlэ щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнри игъуэщ.

*"Щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ луэху глагол"*у *"щхьэм къыриклуэ"* зэрылъытэ *"хэlэн"* глаголым хуэигъуэ *"къ"* префиксым нэгъуэщl *префикс*и –пп:*"ху"*- дищlыгъуу зэрыухуэ **"къыхухэlэн"** лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | Къы**с**хухэlэнщ | Къы**с**хухэlэну**щ** | Къы**с**хухolэ(р) | Къы**с**хухэl*а*щ |
| **Уэ** | Къы**п**хухэlэнщ | Къы**п**хухэlэну**щ** | Къы**п**хухolэ(р) | Къы**п**хухэl*а*щ |
| **Абы** | Къыхухэlэнщ | Къыхухэlэну**щ** | Къыхухolэ(р) | Къыхухэl*а*щ |
| **Дэ** | Къы**т**хухэlэнщ | Къы**т**хухэlэну**щ** | Къы**т**хухolэ(р) | Къы**т**хухэl*а*щ |
| **Фэ** | Къы**ф**хухэlэнщ | Къы**ф**хухэlэну**щ** | Къы**ф**хухolэ(р) | Къы**ф**хухэl*а*щ |
| **Абыхэм** | Къ**а**хухэlэнщ | Къ**а**хухэlэну**щ** | Къ**а**хухolэ(р) | Къ**а**хухэl*а*щ |

*"Щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ луэху глагол"*у щыт *"хэlэн"*ым и *лэжьэкlэ* щапхъэхэр *"префикс"и къызэрищтэ*у къэдгъэлъэгъуащ. Икlи, мыр зы *"езырыж префиксиал глагол"* лlэужьыгъуэу щыт *"хэlэн"* лэжьэкlэр *лъабжьэ* зыхуэхъуу утыку къызэрихьа "щхьэм къыриклуэ" лlэужьыгъуэ глаголырщи, нытlэ, **"хэlэн"**ыр *нормал* **"езырыж префиксиал глагол"**у *зэрылажьэ*мрэ икlи *"къыху" префикс*и къищтэу зэрыухуэжа **"къыхухэlэн"** глагол *лэжьэкlэ*хэм теухуа щапхъэхэри –*"ит зэман"*у- къэдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| «**сы**х*o*lэ(р), **у**х*o*lэ(р), **ар** х*o*lэ(р), **ды**х*o*lэ(р), **фы**х*o*lэ(р), **ахэр** х*o*lэ(**хэ**)(р)». |
| «**сы**къыхух*o*lэ(р), **у**къыхух*o*lэ(р), **ар** къыхух*o*lэ(р), **ды**къыхух*o*lэ(р), **фы**къыхух*o*lэ(р), **ахэр** къыхух*o*lэ(**хэ**)(р)». |

Ауэ аргуэру къыхэгъэщыпхъэщи, мы *"хэlэн"* глаголыр *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ луэуху глагол"у "псикологие"* (гукъеуэ хуэхъун) мыхьэнэ зиlэрщ. Мыпхуэдэу щытмиэ, мыбдежым зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа *"префиксиал езырыж глагол"* лlэужьыгъуэу *"хэlэн"*ыр *физикэ* ("elэн, къelэн, хэlэбэн" хуэдэу) lуэхугъуэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщи, -мыр физикэу щытми- *"субъект"ым зэрытеухуэжу "щхьэм къыриклуэ"* лlэужьыгъуэу зэрылъытари *"псикэ"*уэщ.

*

*"Езырыж префиксиал глагол"*у *"къхъу-къъщlыгъуэ"* лlэужьыгъуэуи щыт *"щыун"* лэжьэкlэр зи *лъабжьэ*у *"щхьэм къыриклуэ"* лlэужьыгъуэу утыку къихьа *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ луэху глагол"*у щыт **"щыун"** лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **С**щыунщ | **С**щыун**у**щ | **С**щ*o*у(р) | **С**щыу*а*щ |
| **Уэ** | **П**щыунщ | **П**щыун**у**щ | **П**щ*o*у(р) | **П**щыу*а*щ |
| **Абы** | Щыунщ | Щыун**у**щ | Щ*o*у(р) | Щыу*а*щ |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Дэ** | **Т**щыунщ | **Т**щыун*у*щ | **Т**щ*о*у(р) | **Т**щыу*а*щ |
| **Фэ** | **Ф**щыунщ | **Ф**щыун*у*щ | **Ф**щ*о*у(р) | **Ф**щыу*а*щ |
| **Абыхэм** | **Я**щыунщ | **Я**щыун*у*щ | **Я**щ*о*у(р) | **Я**щыу*а*щ |

*"Езырыж занщlэ глагол"*у –*"макъ глагол"*у- щыт *"ун"*ым *"щ" префикс* къызэрищтэу *"езырыж префиксиал глагол"*у ухуа "щыун"ыр -ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ- "къэхъу-къэщlыгъуэ" лlэужьыгъуэ глаголщи, "объектив субъект"кlэрэ зэрылэжьэнур гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, мыбы и лэжьэкlэм къытехъукlыну *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ луэху глагол"*ри мыпхуэдэ къэхъу-къэщlыгъуэр *"субъект"*ым *и "щхьэм къыриклуэ"*у зэрылъытэущ *зэрылэжьэну*р. Ар щыхъукlи, *"субъектив"рэ "объектив"* лlэужьыгъуэ дэтхэнэ зы *"субъект"*ым и *"щхьэм къыриклуэ"* лlэужьыгъуэу *"щыун"*ым *лэжьэкlэ*хэр зэрыухуэфынур гурыlуэгъуэщ; ауэ, "щыун" глаголыр "езырыж префиксиал глагол" лlэужьыгъуэу зэрылэжьэфынур –ар "къэхъу-къэщlыгъуэ"у зэрыщытым зэрезэгъкlэ- "объектив субъект"у – "ещанэ щхьэ"уэ- зэрылэжьэфынури гурыlуэгъуэщ:

"Щыун": «**а**р щыунщ; **ар** щыун*у*щ: **ар** щ*о*у(р); **ар** щыу*а*щ»; «**ахэр** щыун(**хэ**)щ; **ахэр** щыун*у*(**хэ**)щ; ахэр щ*о*у(**хэ**)(р); **ахэр** щыу*а*(**хэ**)щ».

"Езырыж глагол" лlэужьыгъуэу и лэжьэкlэнур мыпхуэдэщи, ар *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ луэху глагол"*у зэрылажьэ щапхъэхэри ипэкlэ къыщыдгъэлъэгъуагъэххэщ. Икlи, зы "езырыж префиксиал глагол" лlэужьыгъуэу "щыун"ыр къызэрыхъу щlыкlэрэ къыщыхъур зэрылъытэу аргуэру "префикс"хэр къызэращтэфынур гурыlуэгъуэнщ. Ауэ, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къыриклуэ луэху глагол"* лlэужьыгъуэу *"щыун"*ыр *"субъект"*ым и *"щхьэм къызэрыриклуэ"* щlыкlэ *зылъытэ*ну *"префикс"* къищтэу зэрыухуэфынури гурыlуэгъуэщ.

Нытlэ, *"щхьэм къыриклуэ"* lуэхугъуэ *"щыун"*ым и *мыхьэнэ*р гурыlуэгъуэмэ, ар "субъект"ым къыхуэкlуэу къыпкъырыхьэ гуэру лъытэн нэхърэ *"субъект"ым пкъырыкl*рэ *хэкl*ыу е *щхьэщыкl*ыу зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ. Ар щыхъукlи, *"щыун"*ым *"щхьэм къыриклуэ"* lуэхугъуэу *хуэфащэ префикс* нэхъыщхьэр "субъект"ым къыхуэкlуэрэ пкъырыхьэ зэрылъытэ "къ" префиксу лъытапхъэкъыми, *"къ" префиксым и пхэндж лъэныкъуэ зылъытэ "префикс"*у щытын хуейщ. Нытlэ, зыхуэгъэза лъэныкъуэр "къ"ым и пхэнджу щытри **"н" префикс**ращи, мыращ "щхьэм къыриклуэ" лlэужьыгъуэу "щыун"ым хуэигъуэ префиксыр. Мыбы нэмыщl, *"субъект"*ым езым *и "щхьэ"м "щыун"* lуэхугъуэу зэрыщытыым

зэрезэгъкlи, *"субъект"ым* -и "щхьэ"м- *"щхьэщыкl"*ри **"щхьэ" префикс**клэ зэрылъытапхъэр гурыlуэгъуэнщ.

Икlи, *"щыун"* глаголым *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"* лlэужьыгъуэу и *мыхьэнэм елъытауэ* мы зи гугъу тщla *"префикс" гуэрхэр къищтэфынуми*, ар -"щыун"ыр- *а зэрыщыту къызэтенэжуи* хуиту *гурыlуэгъуэ* къызэрытхуэхъури мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ.

Нытlэ, *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"* лlэужьыгъуэ *"щыун"*ыр *а зэрыщыту къызэтенэжу зэрылажьэ щапхъэхэри* хэтыжу, я *"ит зэман"* **лэжьэкlэу "н"**рэ **"щхьэ" префикс**клэ *зэрыухуэж щапхъэхэр* къэдгъэлъэгъуэнщи, мыпхуэдэ *"префикс"хэмкlи "инфинитив"у зэрызэпкъырыув*эри къыпытщэжынщ:

**"Щыун"**ым и *"щхьэм къырикlуэ"* lуэхугъуэ *лэжьэкlэхэр*:
«**сэ** сщ*о*у(р)/ны**с**щ*о*у(р)/**с**щхьэщ*о*у(р); **уэ** **п**щ*о*у(р)/ны**п**щ*о*у(р)/**п**щхьэщ*о*у(р); **абы** щ*о*у(р)/ныщ*о*у(р)/щхьэщ*о*у(р); **дэ** **т**щ*о*у(р)/ны**т**щ*о*у(р)/**т**щхьэщ*о*у(р); **фэ** **ф**щ*о*у(р)/ны**ф**щ*о*у(р)/**ф**щхьэщ*о*у(р); **абыхэм** **я**щ*о*у(р)/н**а**щ*о*у(р)/**я**щхьэщ*о*у(р)» → «**Ныщыун; Щхьэщыун**».

Зэрыжытlауэ, *глагол мыхьэнэм елъытащ "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"*хэм я *лэжьэкlэу* къащтэну *игъуэ "префикс"*хэри, *"субъект"*ым *къыхуэкlуэ*рэ *къыпкъырыхьэ* lуэхугъуэм хуэигъуэр нэхъыбэу *"къ" префикс*щ; ауэ икlи, мы зи гугъу тщla *"щыун"* глаголым *хуэдэу* зи лэжьэкlэр *"субъект"ым пкъырыкl*рэ *щхьэщыкl*ыу лажьэхэри щыlэщи, абыхэм *хуэигъуэ "префикс"*хэри *"н, щхьэ,.."* хуэдэхэрщ.

Мы зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьахэм хуэдэу *щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"*хэрщ мыхэри: «**теун, хэщlын, щыщlын, пкъырыкlын, щхьэщыкlын, lэщlэкlын**».

*Зэрыухуагъэххэу "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"у "щхьэм къырикlуэ"уи лъытапхъэхэм я лэжьэкlэ щапхъэхэр.*

*Зэрыухуагъэххэ "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"*у *"щхьэм къырикlуэ"*у лъытапхъэ **"фlэщlын"** лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **С**фlэщlынщ | **С**фlэщlын*у*щ | **С**фl*о*щl(ыр) | **С**фlэщl*а*щ |
| **Уэ** | **П**фlэщlынщ | **П**фlэщlын*у*щ | **П**фl*о*щl(ыр) | **П**фlэщl*а*щ |
| **Абы** | Фlэщlынщ | Фlэщlын*у*щ | Фl*о*щl(ыр) | Фlэщlащ |
| **Дэ** | **Т**фlэщlынщ | **Т**фlэщlын*у*щ | **Т**фl*о*щl(ыр) | **Т**фlэщl*а*щ |
| **Фэ** | **Ф**фlэщlынщ | **Ф**фlэщlын*у*щ | **Ф**фl*о*щl(ыр) | **Ф**фlэщl*а*щ |
| **Абыхэм** | **Я**фlэщlынщ | **Я**фlэщlын*у*щ | **Я**фl*о*щl(ыр) | Яфlэщl*а*щ |

*"Субъект"*ым иlэ имылърэ имыщlэххэу *и "щхьэм къырикlуэ"* lуэхугъуэрщ зыгуэру къызэрыщыхъу мыхьэнэ зиlэ *"флэщlын"*ри, *"субъект"ым къыхуэкlуэ* -къыпкъырыхьэу- зэрыщыткlэ, *нэхъ хуэфащэ "префикс"*ри *япэрауэ "къ"*ращи, нытlэ, мыпхуэдэу ухуа *"щхьэм префиксиалу хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"*у щыт **"къыфlэщlын"** лэжьэкlэ щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | Къы**с**фlэщlынщ | Къы**с**фlэщlын*у*щ | Къы**с**фl*о*щl(ыр) | Къы**с**фlэщl*а*щ |
| **Уэ** | Къы**п**фlэщlынщ | Къы**п**фlэщlын*у*щ | Къы**п**фl*о*щl(ыр) | Къы**п**фlэщl*а*щ |
| **Абы** | Къыфlэщlынщ | Къыфlэщlын*у*щ | Къыфl*о*щl(ыр) | Къыфlэщl*а*щ |
| **Дэ** | Къы**т**фlэщlынщ | Къы**т**фlэщlын*у*щ | Къы**т**фl*о*щl(ыр) | Къы**т**фlэщl*а*щ |
| **Фэ** | Къы**ф**фlэщlынщ | Къы**ф**фlэщlын*у*щ | Къы**ф**фl*о*щl(ыр) | Къы**ф**фlэщl*а*щ |
| **Абыхэм** | Къ**а**фlэщlынщ | Къ**а**фlэщlын*у*щ | Къ**а**фl*о*щl(ыр) | Къ**а**фlэщl*а*щ |

*"Флэщlын"* глаголыр *"флэ"* зыхуэ*щlын* мыхьэнэ зиlэу *зэрыухуагъэххэу "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"*у утыку къызэрихьар гурыlуэгъуэщи, *"щхьэм къырикlуэ"* lуэхугъуэу *"субъект"ым къыхуэкlуэ*рэ *къыпкъырыхьэ* мыхьэнэ зэрезэгъкlи нэхъыбэрэ япэрауэ хуэфащэ *"къ" префикс*кlэ зэрыухуапхъэри гурыlуэгъуэщ. Икlи, *"щхьэм къырикlуэ"* лlэужьыгъуэу *"занщlэ"*рэ *"префиксиал"*у мы зэрыухуа щlыкlэхэм я *лэжьэкlэ щапхъэхэри "объектив"*у –я *"объект"ыр щхьэ закъуэ "объектив"*у- къызэрыгъэлъэгъуари гурыlуэгъуэщ.

Ауэ, *мыхьэнэ*кlэ *зэрыигъуэ*у *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ lуэху глагол"*хэр *"субъектив объект"* хиубыдэу зэрылажьэхэри гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, мы илъабжьэм *"флэщlын, къыфlэщlын"* глаголхэм мыпхуэдэ я лэжьэкlэ щапхъэхэри къыщыдгъэлъэгъуэнри игъуэщ. Ауэ, ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуарэ щыигъуэ щlыпlэхэм хуэигъуэ щапхъэхэри къызэрыхуэтхьауэ, **"субъект"***ым езым* **теухуэж**рэ *и "щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикlуэ"* lуэхугъуэхэр *икlи нэгъуэщl цlыху нэрыбгэ*ми *темыухуэ*у *"субъектив дополненэ"*и зэры*мылъыт*эфынур гурыlуэгъуэнщ.

Ауэ икlи, мы *глагол лэжьэкlэ*хэм *"доподненэ"*у *щlынlэ лъытэ "объектив дополненэ"*хэр *зэрыхиубыдэ*м щыгъуазэ дыхуэхъуу щапхъэхэри къыхуэтхьауэ щытащ ипэкlи, мыбдежым къытпэщыт *"флэщlын, къыфlэщlын"* глаголыр и *мыхьэнэм елъыта*уэ "субъект"ым мы *къыфlэщl*ри зэрылъытэу *"объектив дополненэ"*и зэрыхиубыдэфынур гурыlуэгъуэнщ. Аращи, *къыфlэщlыр зэры"ара"*рэ икlи *къыщыфlэщl щlынlэ*р зэрылъытэу *"объектив дополенитl"* зэрых*иубыдэфын*ури

гурыIуэгъуэщ ″фIэщIын″ глаголми, мы илъабжьэм мыпхуэдэ щапхъэри къыпытщэжынщ.

Нытlэ, мыхэри аргуэру къыхэдгъэща нэужь, *″фIэщIын, къыфIэщIын″* глагол *-мыхьэнэми елъыта- лэжьэкIэ*хэр *″субъект″*ым *″объект″*ыр ″зыгуэру (арауэ)″ (дополненэ) *къызэрыфIэщI* къэIуэтэкIэу зэрыщытынур гурыIуэгъуэщ. Ауэ икIи, *″фIэщIын″*ыр *″щхьэм къыщырикIуэ″ щIыпIэ*ри зэрылъытэ *″префикс″*ми (щы) *елъыта* ″допоплненэ″ри *–″щIыпIэ лъытэ″*у-зыхэзыубыдэну *″къыщыфIэщIын″ глагол лэжьэкIэ*ри къыпытщэжынщ. Мы зэрыжытIа щIыкIэу, мы *глагол лэжьэкIэ*хэм щыхэлъытэну *″щхьэ″*хэри - **субъект**, *объект*, дополненэ″у- мы *зэрытха щIыкIэ*хэу къызэрыхэщу мы глаголхэм я *″ит зэман″ лэжьэкIэ щапхъэ*хэмрэ къызэрыIуатэ *псалъэухыгъэ* щапхъэхэр мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- ***″фIэщIын″:*** «**сэ** уэ (арауэ) у**с**фI*о*щI(ыр); **уэ** ар (сэрауэ) **п**фI*о*щI(ыр); **абы** фэ (дэрауэ) фыфI*о*щI(ыр); **дэ** фэ (ахэрауэ) фы**т**фI*о*щI(ыр); **фэ** дэ (ахэрауэ) ды**ф**фI*о*щI(ыр); **абыхэм** ахэр (дэрауэ) **я**фI*о*щI(хэ)(р)»;
- ***″къыфIэщIын″:*** «**сэ** уэ (арауэ) укъы**с**фI*о*щI(ыр); **уэ** ар (сэрауэ) къы**п**фI*о*щI(ыр); **абы** фэ (дэрауэ) фыкъыфI*о*щI(ыр); **дэ** фэ (ахэрауэ) фыкъы**т**фI*о*щI(ыр); **фэ** дэ (ахэрауэ) дыкъы**ф**фI*о*щI(ыр); **абыхэм** ахэр (дэрауэ) къ**а**фI*о*щI(хэ)(р)»;

---

- ***″къыщыфIэщIын″:*** «**сэ** уэ (арауэ) абы укъыщы**с**фI*о*щI(ыр); **уэ** ар (сэрауэ) абы къыщы**п**фI*о*щI(ыр); **абы** фэ (дэрауэ) абы фыкъыщыфI*о*щI(ыр); **дэ** фэ (ахэрауэ) абы фыкъыщы**т**фI*о*щI(ыр); **фэ** дэ (ахэрауэ) абы дыкъыщы**ф**фI*о*щI(ыр); **абыхэм** ахэр (дэрауэ) абы къыщ**а**фI*о*щI(хэ)(р)».

*

*Зэрыухуагъэххэ ″щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ IуэхуглагоI″*у *″щхьэм къырикIуэ″*у лъытапхъэ ***″щыгъупщэн″***рэ икIи субъектым къызэрыхуэкIуэ лъытэ ″къ″ префикскIэ ***″къыщыгъупщэн″*** лэжьэкIэ щапхъэ гуэрхэр зы тблицэм хиубыдэу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Сэ** | (Къы)ы**с**щыгъупщэн*у*щ | (Къы)**с**щ*о*гъупщэ(р) | (Къы)**с**щыгъупщ*а*щ |
| **Уэ** | (Къы)**п**щыгъупщэн*у*щ | (Къы)**п**щ*о*гъупщэ(р) | (Къы)**п**щыгъупщ*а*щ |
| **Абы** | (Къы)щыгъупщэн*у*щ | (Къы)щ*о*гъупщэ(р) | (Къы)щыгъупщ*а*щ |
| **Дэ** | (Къы)**т**щыгъупщэн*у*щ | (Къы)**т**щ*о*гъупщэ(р) | (Къы)**т**щыгъупщ*а*щ |
| **Фэ** | (Къы)**ф**щыгъупщэн*у*щ | (Къы)**ф**щ*о*гъупщэ(р) | (Къы)**ф**щыгъупщ*а*щ |
| **Абыхэм** | (Къ)**а**щыгъупщэн*у*щ | (Къ)**а**щ*о*гъупщэ(р) | (Къ)**а**щыгъупщ*а*щ |

## ЕПЛIАНЭ ПЫЧЫГЪУЭ
## ″СТАТЯ ЗЭРЫЛЪЫТЭРЭ ЗЫГЪЭЛЪАГЪУЭ ГЛАГОЛ″ХЭМ

## (″СТАТЯ ГЛАГОЛ″ХЭМ) Я ″ХЪЫБАРЕГЪАЩIЭ″ ЛЭЖЬЭКIЭХЭР

### ″СТАТЯ ГЛАГОЛ″ХЭМРЭ Я ЛЭЖЬЭКIЭХЭМ ТЕУХУАУЭ ПСЭЛЪИТ-ШЫ

Зэрыгурыlуэгъуэу, *″статя глагол″*хэр зэрылъытэрэ *адрей –нормал-глаголхэм къазэрыщхьэщыкl*ыр *″иджы зэман″у зэрылажьэ* щlыкlэущи, ″статя глагол″хэм я лэжьэкlэу нэхъыбэу зи гугъу тщlынурэ щапхъэу къэтхьынухэри мы я ″иджы зэман″ лэжьэкlэхэрщ. Икlи, *″статя глагол″*хэм мы я *″иджы зэман″* лэжьэкlэри *″адрей глагол″хэм* я *″ит зэман″* лэжьэкlэм *къазэрыпэув*ри гурыlуэгъуэщ.

Дэтхэнэ зы *глагол*ыр а *нэхъ лъабжьэу* япэрауэ *″езырыж глагол″ е ″lуэху глагол″* лlэужьыгъуэрщи, нытlэ, мы зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьыну *″статя глагол″хэри* и кlуэцкlэ **″статя езырыж глагол″**рэ **″статя lуэху глагол″**у зэщхьэщыкlыущ.

Ауэ икlи, глаголхэр ″занщlэ″рэ ″префиксиал″у зэщхьэщыгъэкlыпхъэщи, нытlэ, *″статя езырыж глагол″*хэри *и кlуэцlкlэ* **″статя езырыж занщlэ глагол″**рэ **″статя езырыж префиксиал глагол″**у, *″статя lуэху глагол″*хэри *и кlуэцlкlэ* **″статя lуэху занщlэ глагол″**рэ **″статя lуэху префиксиал глагол″**у зэрызэщхьэщыкlыущ я лэжьэкlэ щапхъэхэр къызэрыдгъэлъэгъуэнур.

Дауи, *″глагол″*хэр *япэрауэ* утыку къызэрихьауэ лъытапхъэхэр *″езырыж глагол″* лlэужьыгъуэущи, нытlэ, *″статя глагол″* лlэужьыгъуэу япэрауэ щыгъуазэ дызыхуэхъунухэри ″статя езырыж глагол″ лlэужьыгъуэхэрауэ щытыныр игъуэщ. Икlи, *″статя глагол″хэри япэрауэ ″езырыж″* лlэужьыгъуэу утыку къихьауэ лъытапхъэщи, нытlэ, *″статя езырыж глагол″*у *япэу* утыку къихьахэри игъуэ *цlэ лlэужьыгъуэ псалъэхэр занщlэу ″глагол″*у зэрыухуэжу лъытапхъэщ. Ар щыхъукlи, мы илъабжьэм къедгъэкlуэкlыну лэжьыгъэм ипэ къихуэнур *″статя езырыж глагол″*хэращи, абыхэми я *пэщlэдзэ*нур *цlэ лlэужьыгъуэ псалъэ*хэр *занщlэу ″глагол″*у зэрыухуэ *″статя езырыж глагол″* лlэужьыгъуэхэрщ.

Икlи, ипэрей лэжьыгъэ lыхьэми къызэрыдгъэлъэгъуауэ, глагол лэжьэкlэхэм *″зэманыгъуэ″*хэр зэрыхиубыдэ *″зэман гъэлъагъуэ″*хэр мы зэрытха щlыкlэу *италикэу*, *″щхьэ″*хэри я къалэнкlэрэ **″субъект**, объект, дополненэ″у зэрытха щlыкlэхэу къэгъэлъэгъуэнри игъуэщ.

Мыбыхэм нэмыщl, *макъыбзэ*у щыт *адыгэбзэ*р *мыхьэнэбэ*у зэрыщытым хуэдэжу икlи *лэжьэклэбэ*рщи, мы зи гугъу тщlы *"статя глагол" гуп*ым хиубыдэрэ мы зэрыжытlауи зэщхьэщыклыу зи *лэжьэклэ* щапхъэхэр *къызыхуэтхь*хэм щыщу **нэгъуэщl "глагол гуп" лэжьэклэ зиlэ**хэри къызэрыхэдгъэщынур гурыlуэгъуэнщ.

Икlи мыхьэнэбэрэ лэжьэклэбэу зэрыщытми зэрезэгъклэ, *"статя глагол"* лlэужьыгъуэу щытрэ *зыхэзыубыдэ* **лэжьэклэ гуп**ми **щхьэщыкl**ыныгъэ зиlэ лажьэ **глагол** гуэрхэми мы ипэклэ *"глагол лэжьэклэу ухуэ псалъэ" зэпкъырыувэклэ* щапхъэхэм деж щыгъуазэ дыщыхуэхъуащи, ныtlэ, *мыпхуэдэу зэрыщытхэм* лъабжьэрэ **щхьэусыгъуэ хуэхъу**хэми *щыгъуазэ* дыхуэхъуну къызэрытпэщыри мыбдежым аргуэру къыщыхэдгъэщынщ.

## "СТАТЯ ГЛАГОЛ"ХЭМ Я "ХЪЫБАРЕГЪАЩlЭ" ЛЭЖЬЭКlЭ ЩАПХЪЭХЭР

**Цlэ лlэужьыгъуэ псалъэхэр зи лъабжьэу ухуа "статя езырыж глагол"хэм я хъыбарегъащlэ лэжьэклэ щапхъэхэр.**

Зы гуэрыр *и щlыклэ*рэ *щытыклэ*м теухуауэ лъытэныр *"езырыж"* лlэужьыгъуэу лъытэнращи, щlыклэрэ щытыклэу *плъыфлэ*рэ нэгъуэщl гуэрхэр зэрылъытэу ухуагъэххэ *цlэ лlэужьыгъуэ псалъэ*хэр зи *лъабжьэу* ухуэ *"статя глагол"хэр "езырыж глагол"* лlэужьыгъуэхэу зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ. Ныtlэ, мыпхуэдэу ухуарэ *зи лэжьэклэ щапхъэхэри* мы илъабжьэм къызыхуэтхьыну глаголхэр **"статя езырыж глагол"** лlэужьыгъуэхэрщ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, мыпхуэдэ зы глаголыр къызытехъукl *цlэ* лlэужьыгъуэ *псалъэр "занщlэ"*рэ *"префиксиал"*у дауэ щытмэ, а псалъэр *занщlэу "глагол"у* зэрыухуэнури *псалъэр зэрыщытам хуэдэ*ущ. Ауэ икlи, *цlэ* лlэужьыгъуэ *псалъэ*хэр *нэхъ игъуэу* зэрылъытапхъэри -ялъытэр занщlэу зэралъытэу- *"занщlэ" лlэужьыгъуэ псалъэ*хэрщи, мыхэр занщlэу "глагол"у зэрыухуэнури *"занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэхэущ. Ауэ, *псалъэ гуэрхэм* икlи *префиксиал*у зэр*еджапхъэ*хэри къыхэгъэщыпхъэщи, *глагол лэжьэклэхэм* теухуауэ мы къедгъэкlуэкl лэжьыгъэм мыпхуэдэхэм *гулъытэ зэрыщыхуэтщl*ри мыбдежым щыжытlэнщ.

Ныtlэ, **цlэ** лlэужьыгъуэ **псалъэ**хэр **"езырыж"** лlэужьыгъуэуи зэрыщытыр щыжытlагъащи, ахэр *занщlэу* **"глагол"**у *зэрыухуэ*нури **нэхъ**

**игъуэу ″занщIэ глагол″** лIэужьыгъуэу зэрыщытынур наIуэщи, мыпхуэдэу утыку къихьэнухэри **″статя езырыж занщIэ глагол″**хэрщ. Мыпхуэдэхэри япэрауэ ухуэ ″статя глагол″ лIэужьыгъуэхэрауэ лъытапхъэщи, нытIэ, *″статя езырыж глагол″*у *япэрауэ* зи гугъу тщIыну зыхуэигъуэхэри мыпхуэдэ глаголхэращ.

Мы глаголхэр *″къэхъу-къэщIыгъуэ″*м къыщIидзэу *зэмылIэужьыгъуэ щыIэгъуэ* зиIэхэм теухуауэ зэрылэжьэнури гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, мыхэр **″субъектив″**рэ **″объектив″** лIэужьыгъуэ **″субъект″**хэмкIэ зэрылажьэ щапхъэхэр къэгъэлъэгъуэнри игъуэщи, дэтхэнэ зы *″статя глагол″*ым и *лэжьэкIэ щапхъэ*хэр *цIыхум теухуа*уэ къадгъэлъэгъуэныр зэрырикъунури наIуэщ.

Ауэ икIи, зы цIэ лIэужьыгъуэ псалъэр занщIэу глаголу зэрыухуэжу утыку къихьэ мы *″статя езырыж занщIэ глагол″*хэр икIи *игъуэ префикс*кIи ухуэжу **″статя езырыж префиксиал глагол″**хэри утыку къызэрихьэфынур гурыIуэгъуэнщи, нытIэ, мыбыхэм теухуа *лэжьэкIэ щапхъэ*хэри къыпытщэжынри игъуэщ.

Мы къыхэдгъэщами зэрезэгъкIэ, *цIэ лIэужьыгъуэ псалъэ*хэр *зи лъабжьэ*у утыку къихьэ *″езырыж глагол″* лIэужьыгъуэ *″статя глагол″*хэм я *лэжьэкIэ щапхъэ*хэм теухуа мы лэжьыгъэр *лыхьитI*у къедгъэкIынри игъуэщ: *япэрей лыхьэ*р **″статя езырыж занщIэ глагол″** *лэжьэкIэ щапхъэ*хэрщ; *етIуанэ лыхьэ*ри мыбыхэм игъуэ **″префикс″**кIэ къатехъукI **″статя езырыж префиксиал глагол″** *лэжьэкIэ щапхъэ*хэрщ.

Мыбыхэм нэмыщI, *″статя глагол″*хэри зэрылъытэ *″статя иджы зэман″* лэжьэкIэхэр -″хъыбарегъащIэ″ лIэужьыгъуэу щытми- *″ит зэман″у* зэры*щымыт*ри гурыIуэгъуэнщи, нытIэ, *″статя иджы зэман″*у *″щ″ кIэух*и зыхиубыдэу *″статя глагол″*хэм мы я *″лэжьэкIэу ухуэ псалъэ″*хэм *″р″ кIэух* язэры*химыубыд*энури мыбдежым аргуэру щыжытIэжынщ.

*ЦIэ лIэужьыгъуэ псалъэхэр занщIэу глаголу зэрыухуэу утыку къихьэ ″статя езырыж занщIэ глагол″хэм я лэжьэкIэ щапхъэхэр.*

*ЦIэ лIэужьыгъуэ ″сымаджэ″* псалъэр *глаголу* зэрыухуэжу *″статя езырыж занщIэ глагол″*у утыку къихьа **″сымэджэн″** *лэжьэкIэ щапхъэ*хэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **Сы**сымэджэнщ | **Сы**сымэджэн*у*щ | **Сы**сымаджэ*щ* | **Сы**сымэдж*а*щ |
| **Уэ** | **У**сымэджэнщ | **У**сымэджэн*у*щ | **У**сымаджэ*щ* | **У**сымэдж*а*щ |
| **Ар** | Сымэджэнщ | Сымэджэн*у*щ | Сымаджэ*щ* | Сымэдж*а*щ |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Дэ** | **Ды**сымэджэнщ | **Ды**сымэджэн*у*щ | **Ды**сымаджэ*щ* | **Ды**сымэдж*а*щ |
| **Фэ** | **Фы**сымэджэнщ | **Фы**сымэджэн*у*щ | **Фы**сымаджэ*щ* | **Фы**сымэдж*а*щ |
| **Ахэр** | Сымэджэн(**хэ**)щ | Сымэджэн*у*(**хэ**)щ | Сымаджэ(**хэ**)*щ* | Сымэдж*а*(**хэ**)щ |

Дэтхэнэ зы хьэрычэтыр утыку къыщихьэ дыдэр ″ит зэманыгъуэ″кlэрэу щытми, дауи утыку къырехьэ, *стабил* зэрыхъуакlэрэ *″иджы″*ми щызекlуэр зэрылъытэ глагол гупырщ *″статя глагол″* гупри, *″статя глагол″*у щылъытэр я ″иджы зэман″ым мы *стабил*у щытрэ зы *статя* зэриlэкlэрэ *″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*ым кlэух хуэхъу *″щ″*ыр *″статя иджы зэман гъэлъагъуэ″*ущ зэрылъытэуи италикэущ зэрытхар.

*″Статя глагол″*хэр *адрей зэман*хэмкlэрэ *зэрылажьэ*р нормал - *динамикэ*- глагол лlэужьыгъуэ *лэжьэкlэ*рщи, мыбдежым зи лэжьэкlэ щапхъэр къызыхуэтхьа глаголыр ″статя езырыж занщlэ глагол″у зэрыщыткlэ, ″динамикэ″ лlэужьыгъуэуи ″езырыж занщlэ глагол″щ.

Мы къэта *″статя глагол лэжьэкlэ″*хэр зытеухуа *″субъект цlэпапщlэ″*хэмрэ, *″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*хэм хиубыдэ *″субъект цlэпапщlэ гъэлъагъуэ″*хэм гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlщи, мы глаголыр (сымэджэн) *″езырыж глагол″* лlэужьыгъуэщ. Икlи, зы *цlэ* лlэужьыгъуэ *псалъэр* (сымаджэ) *занщlэу глагол*у (сымэджэн) зэрыухуэмкlи, мы глаголыр зы *″занщlэ глагол″* лlуэжьыгъуэу зэрыщытын хуейри наlуэщ.

Ауэ, макъыбзэу щыт *адыгэбзэ*р икlи *лэжьэкlэбэ*у зэрыщытым папщlэ, зы *″статя глагол″* лlэужьыгъуэу щыт **″сымэджэн″**ым икlи *нэгъуэщl ″глагол гуп″ лэжьэкlи* егъуэтыфыр. Нытlэ, ар *зы нормал* **″езырыж глагол″** лlэужьыгъуэу зэрыщыткlэ *″ит зэман″*у *зэрылажьэ щапхъэ*хэри къэтхьынщи, икlи *″р″ кlэух*кlи *къызэрыlуэтэф*ми гулъытэ хуэтщlынщ:

| |
|---|
| «**с***о*сымаджэ(р), **у***о*сымаджэ(р), ***мэ***сымаджэ(р), **д***о*сымаджэ(р), **ф***о*сымаджэ(р), ***мэ***сымаджэ(**хэ**)(р)». |

*

*Цlэ лlэужьыгъуэ*у ухуагъэххэ *″щхьэпэ″* псалъэр *глаголу* зэрыухуэжу *″статя езырыж занщlэ глагол″*у утыку къихьа ″**щхьэпэн**″ *лэжьэкlэ щапхъэ*хэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **Сы**щхьэпэнщ | **Сы**щхьэпэн*у*щ | Сы<u>щ</u>хьэпэ*щ* | **Сы**щхьэпащ |
| **Уэ** | **У**щхьэпэнщ | **У**щхьэпэн*у*щ | У<u>щ</u>хьэпэ*щ* | **У**щхьэпащ |
| **Ар** | Щхьэпэнщ | Щхьэпэн*у*щ | Щхьэпэ*щ* | Щхьэпащ |
| **Дэ** | **Ды**щхьэпэнщ | **Ды**щхьэпэн*у*щ | Ды<u>щ</u>хьэпэ*щ* | **Ды**щхьэпащ |
| **Фэ** | **Фы**щхьэпэнщ | **Фы**щхьэпэн*у*щ | Фы<u>щ</u>хьэпэ*щ* | **Фы**щхьэпащ |
| **Ахэр** | Щхьэпэн(**хэ**)щ | Щхьэпэн*у*(**хэ**)щ | Щхьэпэ(**хэ**)*щ* | Щхьэпа(**хэ**)щ |

Мы ипэкIи къызэрыхэдгъэщауэ, *"щхьэпэ"* псалъэр *занщIэу глаголу* зэрыухуэу утыку къызэрихьакIэрэ *"щхьэпэн"* глаголыр *"занщIэ"* лIэужьыгъуэу лъытапхъэщи, *субъект"ым езыр "щхьэпэ" зэрыхъу* зэрылъытэу зы *"статя езырыж занщIэ глагол"*у зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Мы зэрытлъыта щIыкIэм теухуа глагол лэжьэкIэхэр мы ипэкIэ къэта щапхъэхэри, **"субъект"ым езырыж "щхьэпэ" зэрыхъу** щIыкIэу къэIуатэ мы *глагол лэжьэкIэхэм*и *"щхьэ"*уэ глагол *"субъект" закъуэ*р зы*хиубыдэ*у зэрыщытынур гурыIуэгъуэщ.

Ауэ, мы глаголыр къызытехъукIа *"щхьэпэ"* псалъэр *"щхьэ"р "пэ" зэрыхъу* мыхьэнэ зиIэкIэрэ -*"пэн" глаголыпхъэм "щхьэ" префикс* къищтэу-*занщIэу глагол*у щыухуэм дежи, *"щхьэпэн"* глаголыр икIи *"префиксиал"*уи лъытапхъэнщ. **"Префиксиал"**у щылъытэм дежи, *"субъект"ым нэмыщI зытеухуэ* гуэри *зэрылъытэу "щхьитI"* зыхиубыдэуи къэIуэтэфынщ *"щхьэпэн"* глаголри, нытIэ, **"дополненэ"***и зиIэу* мы *къызэрыIуатэ* лэжьэкIэ щапхъэхэри -"дополненэ" лъабжьэри зэрыщIэтхьауэ- къэдгъэлъэгъуэнщ:

- «**сэ** уэ **сы**пшхьэпэ*щ*; сэ абы **сы**шхьэпэ*щ*; **сэ** фэ **сы**фшхьэпэ*щ*; **сэ** абыхэм **с**ашхьэпэ*ш*»;
- «**ар** сэ сшхьэпэ*ш*; **ар** уэ пшхьэпэ*ш*; **ар** абы шхьэпэ*ш*; **ар** дэ тшхьэпэ*ш*; **ар** фэ фшхьэпэ*ш*; **ар** абыхэм яшхьэпэ*ш*».

Мыпхуэдэу **"пэн" глаголыпхъэ**м **"щхьэ" префикс** къищтэу ухуа зы глаголу *"префиксиал"*у мы зэрылъытапхъэу **"щхьэпэн"** глаголыр икIи **"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ lуэху глагол"** лIэужьыгъуэрэ лэжьэкIи зиIэ зы глаголу зэрыщытынури мыбдежым дигу къыщыдгъэкIыжынщ. Ауэ икIи, мыпхуэдэу зы *"глагол гуп"*ым зэрыхэлъытэуи *"щхьэпэн"*ыр зы *"lуэху глагол"* лIэужьыгъуэу зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщи, нытIэ, ар *"щхьэм хуэлэжьэжрэ къырикIуэ lуэху глагол"*у *зэрылажьэ щапхъэхэр*и къэтхьынщ:

«**сэ** ар **с**щхьэпэнщ, **уэ** ар **п**щхьэпэн*у*щ, **абы** уэ ущхьэп*а*щ, **дэ** фэ фы**т**щхь*о*пэ, **фэ** ахэр **ф**щхьэп*а*(хэ)щ, **абыхэм** ахэр **я**щхьэпэн*у*(хэ)щ».

Мыхэр зытежытIыхьа *"щхьэпэн"* глаголыр ипэкIэ къэта и лэжьэкIэ щапхъэхэми къызэрагъэлъагъуэу, зы *"статя езырыж занщIэ глагол"*у зэрыщытыр наIуэщ. Ауэ, *"щхьэпэ" псалъэр "щхьэ"*р *"пэ"* зэрыхъуу ухуауэ зэрылъытапхъэрэ икIи *"пэн" глаголыпхъэм "щхьэ"р префикс* къыхуэхъуу ухуа зы глаголу, *"щхьэпэн"* глаголыр зы *"статя езырыж префиксиал глагол"* лIэужьыгъуэуи зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэщ.

НытIэ, **"щхьэпэн"** глаголыр **"занщIэ"**рэ икIи **"префиксиал"** лIэужьыгъуэ мы зэрылъытапхъэу, *нормал* **"езырыж глагол"**уи

зэры*лэжьэф*ынур гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэу зэрылажьэ щапхъэхэри я *"ит зэман" лэжьэкIэ*хэу къэдгъэлъэгъуэнщ:

- «**с***о*щхьэпэ(р), **у***о*щхьэпэ(р), ар ***мэ***щхьэпэ(р), **д***о*щхьэпэ(р), **ф***о*щхьэпэ(р), **ахэр *мэ***щхьэпэ(**хэ**)(р)»;
- «**сы**щхь*о*пэ(р), **у**щхь*о*пэ(р), **ар** щхь*о*пэ(р), **ды**щхь*о*пэ(р), **фы**щхь*о*пэ(р), **ахэр** щхь**о**пэ(**хэ**)(р)».

Мы къэта лэжьэкIэ щапхъэхэм тIури игъуэ лэжьэкIэхэу лъытапхъэщ; ауэ, *"щхьэпэн"*ыр *"езырыж глагол"* лIэужьыгъуэуи *"занщIэ глагол"* лIэужьыгъуэу зэрыщытри мы къэта щапхъэхэм гурыIуэгъуэ къытхуащIуи лъытапхъэщ. Ауэ икIи, *цIэ* лIэужьыгъуэ *"щхьэпэ"* псалъэр *занщIэу "глагол"у "статя"* зэрылъытэ *"езырыж"* лIэужьыгъуэу утыку къызэрихьар гурыIуэгъуэщ *"щхьэпэн"*ри, ар зы *"статя глагол"* лIэужьыгъуэу икIи *"занщIэ глагол"*уи зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Аращи, *"щхьэпэн"* глаголыр *"статя глагол" лIэужьыгъуэу* зы *"статя езырыж занщIэ глагол"*ырщ. ИкIи, *"щхьэпэн"* глаголыр *бзэм нэхъыб*эрэ *нэхъ игъуэу* зэрыхэлэжьыхьри мыпхуэдэ *"статя глагол" лэжьэкIэ*ущ.

*

*ЦIэ лIэужьыгъуэ –"предлоги"* къалэн зиIэу- *"хуэдэ"* псалъэр занщIэу *глаголу* зэрыухуэ *"статя езырыж занщIэ глагол"*у утыку къихьа ***"*хуэдэн*"*** *лэжьэкIэ щапхъэ*хэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **Сы**хуэдэнщ | **Сы**хуэдэн*у*щ | **Сы**хуэдэ*щ* | **Сы**хуэд*а*щ |
| **Уэ** | **У**хуэдэнщ | **У**хуэдэн*у*щ | **У**хуэдэ*щ* | **У**хуэд*а*щ |
| **Ар** | Хуэдэнщ | Хуэдэн*у*щ | Хуэдэ*щ* | Хуэд*а*щ |
| **Дэ** | **Ды**хуэдэнщ | **Ды**хуэдэн*у*щ | **Ды**хуэдэ*щ* | **Ды**хуэд*а*щ |
| **Фэ** | **Фы**хуэдэнщ | **Фы**хуэдэн*у*щ | **Фы**хуэдэ*щ* | **Фы**хуэд*а*щ |
| **Ахэр** | Хуэдэн(**хэ**)щ | Хуэдэн*у*(**хэ**)щ | Хуэдэ(**хэ**)*щ* | Хуэд*а*(**хэ**)щ |

***"*Хуэдэн*"*** глаголыр ***"*хуэдэ*"*р *"*зыхуэдэ*"*** зэрылъытэу бзэм щызокIуэри, нытIэ, глагол *"субъект"ым нэмыщI* мы *"субъект"ыр зыхуэдэ*р *зэрылъытэу "щхьитI"* зыхиубыдэуи къэIуэтапхъэщ *"хуэдэн"* глаголри, ***"*дополненэ*"***и *зиIэу* мы *къызэрыIуатэ* лэжьэкIэ щапхъэхэри -"дополненэ" лъабжьэр мы зэрыщIэтхьауэ- къэдгъэлъэгъуэнщ:

- «**сэ** уэ **сы**пхуэдэ*щ*; **сэ** абы **сы**хуэдэ*щ*; **сэ** фэ **сы**фхуэдэ*щ*; **сэ** абыхэм **са**хуэдэ*щ*»;
- «**ар** сэ **с**хуэдэ*щ*; **ар** уэ **п**хуэдэ*щ*; **ар** абы хуэдэ*щ*; **ар** дэ **т**хуэдэ*щ*; **ар** фэ **ф**хуэдэ*щ*; **ар** абыхэм **я**хуэдэ*щ* – хуэдэ*щ*».

*Плъыфэц1э* лIэужьыгъуэ псалъэхэр *занщIэу "глагол"у зэрыухуэ*у ипэкIэ къэта *"статя езырыж занщIэ глагол"*хэм *хуэдэ лэжьэкIэ* зэриIэр

нэрылъагъущ зы *предлоги* лIэужьыгъуэ *"хуэдэ"* псалъэр *занщIэу "глагол"у зэрыухуэ*у утыку къихьа *"хуэдэн"* глаголми.

Мы *"статя езырыж занщIэ глагол"* лIэужьыгъуэм икIи нормал *"езырыж глагол"* лIэжьэкIэ зэриIэфынури гурыIуэгъуэнщи, ар нэхъ игъуэу ″езырыж занщIэ глагол″у зэрылъытапхъэм нэмыщI, икIи ″езырыж префиксиал глагол″уи лъытапхъэрш. Араща, *"хуэдэ"*р а зэрыщыту *къызэрыхъу*у зэрылъытэм нэмыщI, икIи зы *щытыкIэ*рэ *щIыкIэ хэ*лъынрэ *пкъырыл*ъыным (д) *"хуэ"кIу*эныгъэу зэрылъытэкIэрэ *"хуэ" префикс*кIэрэ ухуа зы *"префиксиал глагол"*уи зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ ″хуэдэн″ глаголыр.

Дауи, къызэрыхъуарэ и мыхьэнэкIэрэ зы нормал **″езырыж глагол″** лIэужьыгъуэу щыт *"хуэдэн"* глаголыр **″занщIэ″**у икIи **″префиксиал″**у зэреджапхъэу мы зи гугъу тщIа *лъэныкъуитI*кIи *"ит зэман"*у зэрылажьэ щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**с***о*хуэдэ(р), **у***о*хуэдэ(р), ***мэ***хуэдэ(р), **д***о*хуэдэ(р), **ф***о*хуэдэ(р), ***мэ***хуэдэ(**хэ**)(р)»;
- «**сы**х*уо*дэ(р), **у**х*уо*дэ(р), х*уо*дэ(р), **ды**х*уо*дэ(р), **фы**х*уо*дэ(р), х*уо*дэ(**хэ**)(р)».

ИпэкIи къызэрыхэдгъэщауэ, *цIэ* лIэужьыгъуэу лъытапхъэ *"хуэдэ"* псалъэр *занщIэу "глагол"у зэрыухуэ*у утыку къихьа *"хуэдэн"*ыр *нормал глагол*у -″занщIэ″рэ ″префиксиал″у- *зэрылажьэ форм*эхэу мы къэта щапхъэхэм щыщу *нэхъ игъуэр "занщIэ"* лIэужьыгъуэу лъытапхъэщ; ауэ икIи, мы къэта лэжьэкIэ щапхъэхэмкIи гурыIуэгъуэщи, **″хуэдэн″** глаголыр *бзэм нэхъыбэ*рэ **нэхъ игъуэу** *зэрыхэлэжьыхь* щIыкIэри **″статя езырыж занщIэ глагол″** лIэужьыгъуэу зэрыщытыр къыхэдгъэщыпхъэщ.

*ЦIэ лIэужьыгъуэ псалъэхэр зи лъабжьэу ухуа "статя езырыж занщIэ глагол"хэр игъуэ "префикс"кIэрэ ухуэжу утыку къихьэ "статя езырыж префиксиал глагол"хэм я лэжьэкIэ щапхъэхэр.*

ЦIэ лIэужьыгъуэ псалъэхэр зи лъабжьэу утыку къихьауэ зи лэжьэкIэ щапхъэхэри къызыхуэтхьа мы *"статя езырыж занщIэ глагол"*хэр *игъуэ префикс*кIэ (пп: *"къы, щы, зэ"*) **″статя езырыж префиксиал глагол″**хэу (*щы*сымэджэн, *къыщы*щхьэпэн, *з*эхуэдэн) зэрыухуэфынур гурыIуэгъуэщи, нытIэ, мыбдежми мыбыхэм я *лэжьэкIэ щапхъэ*хэр **″ит зэман″**ым теухуа къэдгъэлъэгъуэнщ:

| **Субъ.↓ Гл.→** | ***Щы*сымэджэн** | ***Къыщы*щхьэпэн** | ***З*эхуэдэн** |
|---|---|---|---|
| **Сэ** | **Сы**щысымаджэ*щ* | **Сы**къыщыщхьэпэ*щ* | - |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Уэ** | **У**щысымаджэ*щ* | **У**къыщыщхьэпэ*щ* | - |
| **Ар** | Щысымаджэ*щ* | Къыщыщхьэпэ*щ* | - |
| **Дэ** | **Ды**щысымаджэ*щ* | **Ды**къыщыщхьэпэ*щ* | **Ды**зэхуэдэ*щ* |
| **Фэ** | **Фы**щысымаджэ*щ* | **Фы**къыщыщхьэпэ*щ* | **Фы**зэхуэдэ*щ* |
| **Ахэр** | Щысымаджэ(**хэ**)*щ* | Къыщыщхьэпэ(**хэ**)*щ* | Зэхуэдэ(**хэ**)*щ* |

*"Сымэджэн, щхьэпэн, хуэдэн"* глаголу мы *зэрыухуагъэххэу "статя езырыж глагол"*хэм щыщу *"занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэу (хуэдэн) лъытапхъэм е *"префиксиал глагол"уи еджапхъэ*м (щхьэпэн) *"дополненэ"*и *зulэу къэlуэтэф*хэм ипэкlэ щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ. Нытlэ, мыпхуэдэу щыгъуазэ дызыхуэхъуа мы глаголхэм мы (*щы, къыщы, зэ*) **"префикс"**хэр къащтэу зэрыухуарэ мы зи лэжьэкlэ щапхъэхэри къызыхуэтхьа мы **"статя езырыж префиксиал глагол"**хэр **"дополненэ"**и *ялэу къызэрыlуэтэф*ынухэри гурыlуэгъуэнщ.

**Зэрыухуагъэххэу "статя езырыж префиксиал глагол"у утыку къихьахэм я хъыбарегъащlэ лэжьэкlэ щапхъэхэр.**

Ипэкlэ и гугъу зэрытщlауэ, цlэ лlэужьыгъуэ псалъэр а зэрыщыту занщlэу глаголу ухуэу утыку къихьэ "статя езырыж глагол"хэр "занщlэ" лlэужьыгъуэхэми, *"статя"* жыхуэтlэр нэхъыбэу зы *"кондицэ"* лlэужьыгъуэу зэрылъытапхъэм зэрезэгъкlэ, *"статя глагол"* нэхъыбэр *"статя"*у "статус, позицэ" *зэрылъытэ "префикс"*и хиубыдэу зэрыщытынур жыlэпхъэнщ. Аращи, -нормал глагол еплъыкlэкlэ- *"статя глагол"у ухуагъэххэ*хэр *нэхъыбэ*уи *"префиксиал"*у *ухуагъэххэ*у лъытапхъэщ.

Ауэ икlи, *"ит зэман" лэжьэкlэ зимыlэ "статя глагол"*хэр *"иджы зэман" лэжьэкlэ зulэ*хэрщи, я *"лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэм *"субъект лъытэрэ гъэлъагъуэ"*хэр *щыхиубыдэ щlыпlэ*р глаголыр *"занщlэ"рэ "префиксиал"у* зэрыщытым елъытауэ *зэмыхъуэкl*ыу зэрыщытым папщlэ, *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"*хэм е*плъытэу* ар зи лэжьэкlэ глаголыр *"занщlэ"рэ "префиксиал"у* зэрыщытыр *зэхэгъэкlыпхъэкъым*.

Нытlэ, *зэрыухуагъэххэу "статя езырыж префиксиал глагол"*хэу мы илъабжьэм зи *лэжьэкlэ щапхъэ*хэр къызыхуэтхьынухэм мы жытlахэри зэрыхэтлъэгъуэнур гурыlуэгъуэнщ.

Ауэ икlи, макъыбзэу щыт адыгэбзэр мыхьэнэбэрэ лэжьэкlэбэу зэрыщытым къызэрыхэкlкlэ, *глагол гуэрхэр я лэжьэкlэ гуэрхэмкlэ* зыхэзыубыдэ *глагол гупым къыщхьэщыкl*ыуи зэрыщытыфынур

гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэхэр къызыкIэлъыкIуэ глагол лэжьыгъэ Iыхьэм зэрыгуэкIри ″**″кIэрэ къэдгъэлъэгъуэнщ.

*

*Глаголыпхъэ*у щыт *″лъын* (лъэ-ы-н)″ым *″щы″* макъыр -*″префикс″*у-къызэрищтэу *″статя езырыж префиксиал глагол″*у *ухуагъэххэу* утыку къихьа ***″щылъын″*** лэжьэкIэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **Сы**щылъынщ | **Сы**щылъын*у*щ | **Сы**щылъ*щ* | **Сы**щылъ*а*щ |
| **Уэ** | **У**щылъынщ | **У**щылъын*у*щ | **У**щылъ*щ* | **У**щылъ*а*щ |
| **Ар** | Щылъынщ | Щылъын*у*щ | Щылъ*щ* | Щылъ*а*щ |
| **Дэ** | **Ды**щылъынщ | **Ды**щылъын*у*щ | **Ды**щылъ*щ* | **Ды**щылъ*а*щ |
| **Фэ** | **Фы**щылъынщ | **Фы**щылъын*у*щ | **Фы**щылъ*щ* | **Фы**щылъ*а*щ |
| **Ахэр** | Щылъын(**хэ**)щ | Щылъын*у*(хэ)щ | Щылъ(**хэ**)*щ* | Щылъ*а*(**хэ**)щ |

Мыри позицэ зэрылъытэу *″езырыж глагол″* лIэужьыгъуэу зэрыщытыр нэрылъагъущи, дэтхэнэ зы *″лъэ″*р -″орган/организмэ″р- *″щы″*кIэрэ -*″эспас:мекан″*у- лъыта зы *″щIынIэ″м стабил*у зэрыщытыр адыгэбзэм *″лъэ-ы″*уэ зэрилъытэу ухуа глаголщ ″щылъын″ыр: «″щы-лъэ-ы-н″ → щылъын».

*″Статя езырыж префиксиал глагол″* лIэужьыгъуэу щыт мы ***″щылъын″***ыр и *мыхьэнэ*мрэ и **префикс**ми елъытауэ ***″щIынIэ″*** лIэужьыгъуэ ***″дополненэ″*** зыхиубыдэуи къэIуэтэфынщи, нытIэ, ″щылъын″ глаголым теухуа мыпхуэдэ щапхъэхэри ″субъект″рэ ″дополненэ″у зэмылIэужьыгъуэ *″щхьэ″*хэр –щхьитIыу- зэрыхиубыдэ *″глагол лэжьэкIэу ухуа псалъэ″* щапхъэхэмрэ, къызэрыIуатэ *псалъэухыгъэ*хэу къэтхьынщ:

- «**сэ** уи дей (:абы) **сы**щылъ*щ*; **сэ** абы **сы**щылъ*щ*; **сэ** фи дей (:абы) **сы**щылъ*щ*; **сэ** абыхэм -я дей- (:абы) **сы**щылъ*щ*»;
- «**ар** си дей (:мыбы) щылъ*щ*; **ар** уи дей (:абы) щылъ*щ*; **ар** абы щылъ*щ*; **ар** ди дей (:мыбы) щылъ*щ*; **ар** фи дей (:абы) щылъ*щ*; **ар** абыхэм -я дей- (:абы) щылъ*щ*».

ИпэкIи зэрыжытIауэ, *зэрыухуагъэххэу ″статя езырыж префиксиал глагол″* лIэужьыгъуэу щыт *″щылъын″*ыр икIи *нормал* ***″езырыж префиксиал глагол″*** лIэужьыгъуэуи лэжьэфынщи, нытIэ, мы илъабжьэм и ***″ит зэман″*** *лэжьэкIэ щапхъэ*хэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

«**сы**щ*о*лъ(ыр), **у**щ*о*лъ(ыр), щ*о*лъ(ыр), **ды**щ*о*лъ(ыр), **фы**щ*о*лъ(ыр), щ*о*лъ(**хэ**)(р)».

**

Мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэну глаголыр *зэрылажьэ щIыкIэ гуэрхэмкIэ* мы *зыхэлъыта гупым* елъытауэ *къызэрыщхьэщыкI*ым папщIэ, ар мы *зыхэзыубыдэ гупым ″**″*кIэрэ *къыхэгъэщхьэхукIа*уэ зэрылъытэу, и лэжьэкIэ щапхъэхэри мы илъабжьэ къыщыдгъэлъагъуэу щыгъуазэ хуэхъунри игъуэщ.

*"Глаголыпхъэ"* лIэужьыгъуэ *"щхьын* (щхьэ-ы-н)*"*ым *"е" префикс* къызэрищтэу *зэрыухуагъэххэу "статя езырыж префиксиал глагол"*у утыку къихьа *"***ещхьын***"* глагол лэжьэкIэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **С**ещхьынщ | **С**ещхьын*у*щ | **С**ещхь*щ* | **С**ещхь*а*щ |
| **Уэ** | **У**ещхьынщ | **У**ещхьын*у*щ | **У**ещхь*щ* | **У**ещхь*а*щ |
| **Ар** | Ещхьынщ | Ещхьын*у*щ | Ещхь*щ* | Ещхь*а*щ |
| **Дэ** | **Д**ещхьынщ | **Д**ещхьын*у*щ | **Д**ещхь*щ* | **Д**ещхь*а*щ |
| **Фэ** | **Ф**ещхьынщ | **Ф**ещхьын*у*щ | **Ф**ещхь*щ* | **Ф**ещхь*а*щ |
| **Ахэр** | Ещхьын(**хэ**)щ | Ещхьыну(**хэ**)щ | Ещхь(**хэ**)*щ* | Ещхьа(**хэ**)щ |

**Мы глагол лэжьэкIэ щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэрэ аргуэру къыпыщапхъэхэр:**

- Ипэкlэ *"динамикэ"* лIэужьыгъуэ *глагол лэжьэкIэ*хэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, ***"е" префиксиал глагол***хэм ***"субъектив дополненэ"***хэр ***"езырыж"***у хиубыдэн хабзэр ***"статя глагол" хабзэ***уи зэрыщытыр мы къэта глагол лэжьэкIэ щапхъэхэм хыболъагъуэр.

- Нытlэ, *"ещхьын"* глаголыр зы *"статя езырыж префиксиал глагол"*у зэрылажьэ мы щапхъэхэм нэмыщl, и *мыхьэнэ*мрэ и ***"е" префикс***ым ипкъ зэриткlэ, *"*дополненэ*"*и зыхиубыдэу зэрылажьэ щапхъэхэри мы илъабжьэм къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**сэ** уэ **сы**уэщхь*щ*; **сэ** абы **с**ещхь**щ**; **сэ** фэ **сы**вэщхь*щ*; **сэ** абыхэм **с**айщхь*щ* - с*а*щхь*щ*»;
- «**ар** сэ (къы)зэщхь*щ*; **ар** уэ (къы)уэщхь*щ*; **ар** абы ещхь*щ*; **ар** дэ (къы)дэщхь*щ*; **ар** фэ (къы)вэщхь*щ*; **ар** абыхэм яйщхь*щ* - ящхь*щ*».

- Мыхэри къыхэдгъэща нэужь, *зэрыухуагъэххэу "статя езырыж префиксиал глагол"* лIэужьыгъуэу щыт ***"ещхьын"*** глаголыр икlи *нормал* ***"езырыж префиксиал глагол"*** *лэжьэкIи* зиlэфу щытынщи, мыпхуэдэ щапхъэхэри *"ит зэман"*ым теухуауэ къэдгъэлъэгъуэнщ:

«**с***о*щхь(ыр) (← сйощхь ← сэйощхь ← сеощхь ← сыеощхь), **у***о*щхь(ыр), **ар** й*о*щхь(ыр), **д***о*щхь(ыр), **ф***о*щхь(ыр), **ахэр** й*о*щхь(**хэ**)(р)».

- Нытlэ, *"статя езырыж префиксиал глагол"* лIэужьыгъуэ *"ещхьын"* глаголыр зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэм "субъект"рэ "дополненэ"хэр -*"субъектив* дополненэ*"*хэри *"езырыж"*у- зэрыхиубыдэу ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуам хуэдэхэу къыщlэкlынщ *"ещхьын"*ыр *нормал "езырыж префиксиал глагол"у зэрылэжьэну*ри, мыпхуэдэ *"глагол лэжьэкIэу ухуэ псалъэ"*хэмрэ, ахэр *псалъэухыгъэ*у къызэрыlуатэ щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

- «**сэ** уэ **сы**у*о*щхь(ыр)**; сэ** абы **с***о*щхь(ыр); **сэ** фэ **сы**в*о*щхь(ыр); **сэ** абыхэм **с**а*й о*щхь - **с***о*щхь(ыр)»;
- «**ар** сэ (къы)з*о*щхь(ыр); **ар** уэ (къы)у*о*щхь(ыр); **ар** абы й*о*щхь(ыр); **ар** дэ (къы)д*о*щхь(ыр); **ар** фэ (къы)в*о*щхь(ыр); **ар** абыхэм яй*о*щхь(ыр) - й*о*щхь(ыр)».

**

Мыбдежым ди гугъу тщlыну *"щылэн" глагол*ри *гулъытэ зыхуэщlыпхъэ*у зы глаголщи, мыри *"**"*кlэрэ *къыхэгъэщхьэхукла*уэ лъытэныр игъуэщ.

*"Глаголыпхъэ"*у щыт *"лэн"*ым *"щы" префикс*и къызэрищтэу *зэрыухуагъэххэу "статья езырыж префиксиал глагол"*у утыку къихьа ***"щылэн"*** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **Сы**щыlэнщ | **Сы**щыlэн*у*щ | **Сы**щыlэ*щ* | **Сы**щыl*а*щ |
| **Уэ** | **У**щыlэнщ | **У**щыlэн*у*щ | **У**щыlэ*щ* | **У**щыl*а*щ |
| **Ар** | Щыlэнщ | Щыlэнущ | Щыlэ*щ* | Щыl*а*щ |
| **Дэ** | **Ды**щыlэнщ | **Ды**щыlэн*у*щ | **Ды**щыlэ*щ* | **Ды**щыl*а*щ |
| **Фэ** | Фыщыlэнщ | **Фы**щыlэн*у*щ | **Фы**щыlэ*щ* | **Фы**щыl*а*щ |
| **Ахэр** | Щыlэн(**хэ**)щ | Щыlэн*у*(**хэ**)щ | Щыlэ(**хэ**)*щ* | Щыl*а*(**хэ**)щ |

**Мы глагол лэжьэкlэ щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэрэ аргуэру къыпыщапхъэхэр:**

- *"Статья езырыж префиксиал глагол"* лlэужьыгъуэу щыт мы *"щылэн"*ыр и *мыхьэнэ*мрэ икlи и **префикс**ми елъытауэ ***"щlыпlэ"*** лlэужьыгъуэу ***"дополненэ"***и зыхибыдэу къызэрыlуэтэфынур гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, *"щылэн" глагол*ым теухуа мыпхуэдэ щапхъэхэри "субъект"рэ "дополненэ" зэрыхиубыдэ *"глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"* щапхъэхэмрэ, къызэрыlуатэ *псалъэухыгъ*хэу къэтхьынщ:

- «**сэ** уи дей (:абы) **сы**щыlэ*щ*; **сэ** абы **сы**щыlэ*щ*; **сэ** фи дей (:абы) **сы**щыlэ*щ*; **сэ** абыхэм -я дей- (:абы) **сы**щыlэ*щ*»;
- «**ар** си дей (:мыбы) щыlэ*щ*; **ар** уи дей (:абы) щыlэ*щ*; **ар** абы щыlэ*щ*; **ар** ди дей (:мыбы) щыlэ*щ*; **ар** фи дей (:абы) щыlэ*щ*; **ар** абыхэм я дей (:абы) щыlэ*щ*».

- *"Щылэн"* глаголыр икlи щыlэгъуэ лъабжьэ мыхьэнэ зиlэ *"щы"м* зы *"зэманыгъуэ пыухытыкла"*уэ зызэригъэлъагъуэрэ *зэрылажьэ*уи зыгурыгъэlуапхъэщи, *"щы"р "лэн"кл*эрэ зэры*лажьэ*у ухуа *"щылэн"*ыр щыlэр зэрыщыlэ *"статья"* зэрылъытэ *"езырыж"* лlэужьыгъуэ зы *"езырыж статья префиксиал глагол"*ырщ. Мыпхуэдэу щыlэу зэрыщыткlэ "статя глагол"у зэрылъытапхъэм нэмыщl, икlи ***"щылэн"***ыр *нормал* ***"езырыж префиксиал глагол"***уи зэрыл*эжьэфын*ур гурыlуэгъуэнщи, *"ит зэман"*у мы *зэрылажьэ щапхъэ*хэри къэтхьынщ:

«**сы**щ*о*lэ(р), **у**щ*о*lэ(р), щ*о*lэ(р), **ды**щ*о*lэ(р), **фы**щ*о*lэ(р), щ*о*lэ(**хэ**)(р)».

- Зэрыжытlауэ, *"щылэн"* псалъэр *"щы"*р зы *зэманыгъуэ пыухытыкла*кlэ (lэ) *зэрылажьэ*рэ *зызэригъэлъагъуэ*у лъытэ *глагол*щи, абы *и мыхьэнэр нэхъыбэу* зытеухуарэ *зэрылъытар* мы глаголым *и "префикс"*уи щыт *"щы"*ращ. Аращи, "щы"р мыхъуатэмэ "щыlэн" глаголри ухуэнтэкъым. Ауэ икlи, *"щ" мак*ъыр *щылэгъуэ лъабжьэ* зэрылъытэрщи, щыlэгъуэ зыгъуэт *дэтхэнэ гуэрыр къыщыхъу*рэ утыку къыщихьэр *икlи* и щыlэгъуэр *щыклуэдыж*ри зы *"щы"гъуэ*ущ зэрылъытэр: «щыгъуэ».

- *Дэтхэнэ гуэрыр щылэу зэрыщыт*ри щхьэжу *"щ" макъкл*эрэ *лажьэу*щ зэрылъытэри, *"щ" клэух* зилэ дэтхэнэ зы *псалъэр а зэрыщыт*рэ зэры*щылэ*у мэлъытэр. Мыбы папщIи, щыIэгъуэ лъабжьэ мыхьэнэ зилэу зи гугъу тщIы *"щ" мак*ъыр сытри а зэрыщытрэ *щылэгъуэ* зилэу зэрылъытэ *клэух*ырщ.

- ИкIи, *"*щыIэн*"* глаголу мы зи лэжьэкIэ щапхъэхэр къызыхуэтхам и лэжьэкIэр lупщIрэ гурыIуэгъуэу щытми, *бзэ куэдым "щылэн"* хуэдэ *мыхьэнэ* зилэ глаголхэр *зэрыхэлэжьыхь* щIыкIэри *зэмылэужьыгъуэ щIыкл*э *иррегулар* лIэужьыгъуэущ.

**

Мы илъабжьэм и гугъу тщIыну *глаголитл*ыр *мыхьэнэкlэ* зэры*зэпха*м нэмыщI, икIи *emlуанэ*у зи гугъу тщIыну *глагол*ыр мы ипэкIэ зи гугъу тщIа *глаголхэм къызэрыщхьэщыкl* гуэрхэр зэриIэм папщIэ, мы зыхэзыубыдэ *лэжьэкlэ гупым -"**"*кIэ- *къыхэгъэщхьэхукl*ауэ щыгъуазэ дыхуэхъунущ.

*"Глаголыпхъэ"*у лъытапхъэ *"ныкъуэн"*ым *"хуэ" префикс* къищтэу *зэрыухуагъэххэу "статя езырыж префиксиал глагол"*у утыку къихьа *"***хуэныкъуэн***"* глагол лэжьэкIэ щапхъэхэр:

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Сэ** | **Сы**хуэныкъуэн*у*щ | **Сы**хуэныкъуэ*щ* | **Сы**хуэныкъу*а*щ |
| **Уэ** | **У**хуэныкъуэн*у*щ | **У**хуэныкъуэ*щ* | **У**хуэныкъу*а*щ |
| **Ар** | Хуэныкъуэн*у*щ | Хуэныкъуэ*щ* | Хуэныкъу*а*щ |
| **Дэ** | **Ды**хуэныкъуэн*у*щ | **Ды**хуэныкъуэ*щ* | **Ды**хуэныкъу*а*щ |
| **Фэ** | **Фы**хуэныкъуэн*у*щ | **Фы**хуэныкъуэ*щ* | **Фы**хуэныкъу*а*щ |
| **Ахэр** | Хуэныкъуэн*у*(**хэ**)щ | Хуэныкъуэ(**хэ**)*щ* | Хуэныкъу*а*(**хэ**)щ |

**Мы глагол лэжьэкIэ щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэрэ аргуэру къыпыщапхъэхэр:**

- *"*Хуэныкъуэн*"*у мы зи лэжьэкIэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа *"статя езырыж префиксиал глагол"*ыр икIи и *глагол мыхьэн*эрэ и *"хуэ"* **префикс**ым елъытауэ ***"*дополненэ*"***и зыхэзыубыдапхъэрщи, нытIэ, мыбдежым мыпхуэдэ щапхъэхэри *"*субъект*"*рэ *"*дополненэ*"*у зэмылIэужьыгъуэ *"щхьэ"*хэр зыхэзыубыдэ *"глагол лэжьэклэу ухуа псалъэ"* щапхъэхэмрэ, къызэрыIуатэ псалъэухыгъэ щапхъэхэри къэтхьынщ:

- «**сэ** уэ **сы**пхуэныкъуэ*щ*; **сэ** абы **сы**хуэныкъуэ*щ*; **сэ** фэ **сы**фхуэныкъуэ*щ*; **сэ** абыхэм **са**хуэныкъуэ*щ*»;
- «**ар** сэ (къы)схуэныкъуэ*щ*; **ар** уэ (къы)пхуэныкъуэ*щ*; **ар** абы хуэныкъуэ*щ*; **ар** дэ (къы)тхуэныкъуэ*щ*; **ар** фэ (къы)фхуэныкъуэ*щ*; **ар** абыхэм яхуэныкъуэ*щ*».

- ИпэкIэ *"хуэныкъуэн"*ыр къызытехъукIа *"ныкъуэн"*ыр глаголыпхъэу тлъытауэ щытми, ар икIи цIэ лIэужьыгъуэ *–плъыфэ* лIэужьыгъуэу- *"ныкъуэ"*р *занщlэу "глагол"*у ухуауи зэреджапхъэнури гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, мыпхуэдэу утыку къихьэ *"ныкъуэн"*ыр *"ныкъуэ щIын"* мыхьэнэ зилэу зы *"lуэху занщlэ глагол"*у зэрыщытынури гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, зы *"lуэху глагол"*у щыт мы *"ныкъуэн"*ыр

бзэм нэхъыбэу зэрыхэлэжьыхь щIыкIэри *"уныкъуэн"*уэщи, ари -"ныкъуэн"ым хуэдэу- *"Iуэху занщIэ глагол"* лIэужьыгъуэщ.

- Дауи, мы зи гугъу тщIы *"ныкъуэн"* -нэхъ игъуэуи *"уныкъуэн"*- глаголыр *"Iуэху занщIэ глагол"* лIэужьыгъуэщи, икIи *"статя"* глаголуи *щыткъым*; ар щыхъукIи, мыбдежым зи гугъу тщIы *"статя езырыж префиксиал глагол" къэхъукIэ*ми мыпхуэдэ *"глагол"* -е *"глаголыпхъэ"*р- лъабжьэ хуэхъункъым. НытIэ, мы зи гугъу тщIы *"статя глагол"* лIэужьыгъуэр утыку къызэрихьэрэ зэрыщытын хуейми нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

- Мы къэтIуэтахэми гурыIуэгъуэ къызэрытхуащIкIэ, *плъыфэцIэ* лIэужьыгъуэ *"ныкъуэ"* псалъэр *занщIэу "глагол"*у -е нэхъ игъуэуи *"глаголыпхъэ"*у- зэрыухуэм теухуауэ *щIыкIuml* тлъытагъэххэщи, *зыр* мы ипэкIэ зи гугъу тщIа *"Iуэху глагол"* лIэужьыгъуэу *"ныкъуэ щIын"* мыхьэнэ зиIэ *"ныкъуэн"*ырщ; *адрейр*и *"ныкъуэ хъун"* мыхьэнэ зиIэу *"езырыж глагол"* лIэужьыгъуэ *"ныкъуэн"*ращ.

- Ауэ, *"ныкъуэн"*ым ещанэ зы лъытэкIи иIэнщи, ари *"езырыж"*у а зэрыщыту *"ныкъуэу щытын"* мыхьэнэ зиIэращи, мыпхуэдэри *"езырыж глагол"* лIэужьыгъуэрэ *"статя глагол"*уи зэрыщыткIэ мыбдежым зи гугъу тщIы *"хуэныкъуэн"*ыр къызытехъукIыпхъэ *"ныкъуэн" глаголыпхъэ*рагъэнщ. НытIэ, *плъыфэцIэ* лIэужьыгъуэ *"ныкъуэ"* псалъэр занщIэу *глагол формэ*у зэрыухуа *"ныкъуэн" глаголыпхъэ*м *"ныкъуэ*(у) *щытын"* мыхьэнэ зиIэу мы *зэджапхъэм "хуэ" префикс* къищтэу къытехъукI *"статя езырыж префиксиал глагол"у ухуагъэххэ*ращ мыбдежым зи гугъу тщIы *"хуэныкъуэн"*ыр. Аращ икIии, *"ныкъуэ"*у щыту лъытапхъэрэ узэрыныкъуэр *зызэрыбгъэгъуэтыжы*нурэ *зэрызыщIэпкъуэжы*нум хущIэкъуу щытынращ *"хуэныкъуэн"* глагол мыхьэнэри, ар *"ныкъуэн" глаголыпхъэ*р *"хуэ" префикс*кIэ ухуэу *зэрыухуагъэххэу "статя езырыж префиксиал глагол"*у утыку къызэрихьари мыпхуэдэу лъытапхъэщ.

- Мыдежым зи гугъу тщIы "статя езырыж префиксиал глагол" лIэужьыгъуэ "хуэныкъуэн"ым и лэжьэкIэ щапхъэхэр ипэкIэ къэдгъэлъэгъуащ; ауэ, мы **"хуэныкъуэн"**ым икIи *"ныкъуэ хъун"* мыхьэнэ зиIэ *"ныкъуэн" глаголыпхъэ*ми *"хуэ" префикс*кIэ къытехъукIа **"езырыж префиксиал глагол"**уи зэреджапхъэм и *"ит зэман"* лэжьэкIэ щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| «**сы**ху*о*ныкъуэ(р), **у**ху*о*ныкъуэ(р), ху*о*ныкъуэ(р), **ды**ху*о*ныкъуэ(р), фыху*о*ныкъуэ(р), ху*о*ныкъуэ(**хэ**)(р)»; |

*

*Зыхуэкlуэ*рэ *зыхуэгъэза* зэрылъытэ *"хуэ"*р *"еи"*кIэрэ лажьэу *зэрыухуагъэххэу "статя глагол"*у утыку къихьа **"хуеин"**ым и лэжьэкIэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **Сы**хуеинщ | **Сы**хуеин*у*щ | **Сы**хуей*щ* | **Сы**хуе*я*щ |
| **Уэ** | **У**хуеинщ | **У**хуеин*у*щ | **У**хуей*щ* | **У**хуе*я*щ |
| **Ар** | Хуеинщ | Хуеин*у*щ | Хуей*щ* | Хуе*я*щ |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Дэ** | **Ды**хуеинщ | **Ды**хуеин*у*щ | **Ды**хуей*щ* | **Ды**хуе*я*щ |
| **Фэ** | **Фы**хуеинщ | **Фы**хуеин*у*щ | **Фы**хуей*щ* | **Фы**хуе*я*щ |
| **Ахэр** | Хуеин(**хэ**)щ | Хуеин*у*(**хэ**)щ | Хуей(**хэ**)*щ* | Хуе*я*(**хэ**)щ |

**Мы глагол лэжьэкlэ щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэрэ аргуэру къыпыщапхъэхэр:**

- Япэрауэ мы къэта щапхъэхэм хиубыдэ ″ху*я*(**хэ**)щ″ псалъэм мы и къэкlукlэ зэрыхъуар ″хуеин″ глаголыпкъыу щыт ″хуей″м кlэух ″й″мрэ ″блэкla зэман гъэлъагъуэ″у щыт *″а″*р зэхэжауэ къызэрыlу щlыкlэрщи, ″й″мрэ ″а″р мы зэхэжыхьауэ къызэрыlури *″я″*уэ зэрытхар гурыlуэгъуэщ:

| |
|---|
| «**ахэр** хуе*я*(**хэ**)щ {← ″*я*: й*а*″ ← ″хуей*а*(**хэ**)щ ″ ← ″хуей-*а*-(**хэ**)-щ″}». |

- Ауэ икlи, мы зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа ″статья езырыж префиксиал глагол″ лlэужьыгъуэ *″хуеин″*ыр икlи и *мыхьэнэ*рэ и **префикс**ым елъытауэ **″дополненэ″**и зэрыхиубыдапхъэр гурыlуэгъуэнщи, ныtlэ, мыбдежым мыпхуэдэ щапхъэхэри ″субъект″рэ ″дополненэ″у зэмылlэужьыгъуэ *″щхьэ″*хэр зыхэзыубыдэ *″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″*хэмрэ, къызэрыlуатэ псалъэухыгъэм теухуауэ къэдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «**сэ** уэ **сы**пхуей*щ*; **сэ** абы **сы**хуей*щ*; **сэ** фэ **сы**фхуей*щ*; **сэ** абыхэм **с**ахуей*щ*»;<br>- «**ар** сэ (къы)схуей*щ*; **ар** уэ (къы)пхуей*щ*; **ар** абы хуей*щ*; **ар** дэ (къы)тхуей*щ*; **ар** фэ (къы)фхуей*щ*; **ар** абыхэм яхуей*щ*». |

- Мыбы нэмыщl, зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа мы *″хуеин″* глаголыр икlи *зыхуэкlуэ*рэ *зыхуэгъэза*р *″ей (эйй/иэй)″*уэ -″у = t²″ *функцэ*уи- *лажьэу зэрыухуагъэххэ ″статья езырыж глагол″*у утыку къихьауэщ зэрытлъытари, мыр икlи ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа *″хуэныкъуэн″* глаголым *мыхьэнэ*кlэ *зэрыпыщla*ри гурыlуэгъуэщ. Араци, *узыхуэныкъуэ*р *зэбгъэгъуэтыжын узэрыхущlэкъу*у щытын мыхьэнэ зиlэу тлъытагъащ *″хуэныкъуэн″* глаголри, *″хуеин″* глаголми абы *пэгъунэгъу*рэ *хуэдэ мыхьэнэ* зэриlэри гурыlуэгъуэнщ. Клэщlыу жыпlэмэ, *″хуеин″* глаголыр бзэ лэжьэкlэм *–зэкlэлъхьэужьыкlэ логие*у- *″хуэныкъуэн″*ыр *зи лъабжьэ*у утыку къихьауи лъытапхъэнщ.

- Мы къэтlуэтахэми дигу къызэрагъэкlщи, *″хуеин″* глаголыр *″еин″* глаголым *″хуэ″ префикс* къищтэу къытехъуклауи еплъыпхъэнщ. Ауэ, *″еин″* глаголыр *″е″ префикс* зиlэу *зэрыухуагъэххэу ″статья lуэху префиксиал глагол″*у иужькlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуну зы глаголырщи, абы *″хуэ″ префикс* къызэрищтэу зы *″статья езырыж префиксиал глагол″* лlэужьыгъуэу *″хуеин″* глаголыр *къытехъуклын*ри *гугъу*у лъытапхъэщ.

- Дауи, *″хуеин″*рэ *″еин″* глаголхэр зи *клэух макъ*хэр *зэхуэдэ*у ухуа псалъэхэрщи, ныtlэ, *мы глаголхэр* мы *я ″ей″ клэуххэм* -″мыхьэнэ″уэ- *зыдашэ*ми щыгъуазэ дыхуэхъун хуейщ. Мыбы папщlи, япэрауэ адыгэбзэм *″е″ тхыпкъ*ымкlэ тха *макъ lуэр зэхэжыхьа*хэр *–″иэ, эй; иэй, эйй″*- дигу къэдгъэкlыжынщи, икlи мы *″макъ lуэр зэхэжыхьа″*хэм *″зэман″рэ ″геометрикэ″* системэм теухуауэ *зэдащlэ функцэ*хэр

зыхуэдэу лъытапхъэхэри мы ипэкlи къыщыхэдгъэщагъэххэщ: «*"*иэй/эйй*"*: {*"y = t²"; "y = x²"*}».

- Зэрыгурыlуэгъуэу, *"*хуеин*"*ри *"*е*(эй)*и*"*уэ *"эйй" клэухк*lэрэщ зэрылажьэри, зыхуэгъэзарэ зыхуэкlуэ (хуэ) лъэныкъуэмкlэ *къэгъэшa*уэ (хуэ*эйй*) *"y = x²"*м хуэдэ *функцэ* формэм мы зэриткlэ, зыхуэгъэзарэ зыхуэкlуэм -зы*"*хуэ*"*у щыт глагол *"субъект"*ым- *ей* -еиныгъэ- *къалэн* зыгъэзащlэуи -*"еин"* глагол мыхьэнэуи-еджапхъэщ. Ауэ, *"хуэ" префикс*кlэ ухуа *"хуеин"* глаголыр мы къызэры*гъэшам* нэхъ игъуэу *зэреджапхъэ*р *"*хуэ*"*кlэрэ мы *зыхуэкlуэ*рэ *зыхуэгъэзам* -*"субъект"*ым езым-*и лъэныкъуэ*мкlэ *хущlэкъуу щыт*у лъытапхъэнщ.

- Дауи, мы зэреджапхъэ щlыкlэхэу, адыгэбзэм занщlэу -*"*еин*"*ыгъэ lуэхуи зыхэмылъу- *"хуеин"* псалъэм *хуэдэу*, псалъэ *пэщlэдзэ макъ* гуэрхэр *"ей (эй-й)"*кlэрэ лажьэу *"занщlэ"*рэ *"префиксиал"*у ухуагъэххэ *"езырыж глагол"*хэри зэрыхэтыр гурыlуэгъуэщ: «жеин; lуеин»; «фlеин, уфlеин; дэуеин». – Икlи, мы зэрыжытlауэ ухуа *"lуэху глагол"* лlэужьыгъуэ (пп: *"*еин, щlеин - гъэщlеин*"*) зэрыхэтри гурыlуэгъуэщ.

- Зэрыгурыlуэгъуэу, *"хуеин"* глаголыр *"статя езырыж префиксиал глагол"*у тлъытагъэххэщ; ауэ, нэхъыбэу *"статя глагол"*хэр *"занщlэ"рэ "префиксиал"*у зэрылэжьэфхэми щыгъуазэ дыхуэхъуащи, нытlэ, *"хуеин"* глаголым *нэхъ хуэигъуэ лэжьэкlэ*р *"занщlэ"*рэ *"префиксиал"*у дэтхэнэрами *зэхэхун папщlэ*, абы и *нэгъуэщl "глагол гуп" лэжьэкlэ*хэм я *"ит зэман"*хэми деплъыныр игъуэщ. Араци, ***"хуеин"*** глаголыр *"статя езырыж глагол" нэмыщl*, *нормал* ***"езырыж глагол"***у *"занщlэ"*рэ *"префиксиал"*у зэрылажьэ щапхъэхэри -формалу- *"ит зэман"*у мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| - «**с***о*хуеи(р), **у***о*хуеи(р), ***мэ***хуеи(р), **д***о*хуеи(р), **ф***о*хуеи(р), ***мэ***хуей(**хэ**)(р)»;<br>- «**сы**х*уо*и(р), **у**х*уо*и(р), х*уо*и(р), **ды**х*уо*и(р), **фы**х*уо*и(р), х*уо*й(**хэ**)(р)». |

- *"*Занщlэ*"*рэ *"*префиксиал*"*у мы къэта *лэжьэкlитlр*и *бзэм* хуиту *хэлэжьыхьу лъытапхъэкъым*и, нытlэ, ***"хуеин"*** глаголыр *бзэм зэрыхэлэжьыхь*ыр ***"статя глагол" лэжьэкlэ закъуэ***рауэ лъытапхъэщ.

- Ауэ, ипэкlи зэрыжытlауэ, *"хуеин"* глаголыр *зэрыухуагъэххэу* зы ***"статя езырыж префиксиал глагол"*** лlэужьыгъуэрщи, мыр аргуэру къызэрыгъэунэхуну щlыкlэри *"хуеин"* глаголыр *"мы" пэщlэдзэ*кlэ *"мыхъуныгъэ"*у -*"*мы*"*р *"*глаголыпкъ*"*ыщхьэу- *зэрылажьэ* щlыкlэращ:

| |
|---|
| «сыхуэмей, ухуэмей, хуэмей (*"*хуэмэйй*"* ← *"*хуэмыэйй*"* ← *"*хуэ-мы-эйй*"* ← *"*хуэ-мы-ей*"*), дыхуэмей, фыхуэмей, хуэмей(**хэ**)». |

**Зэрыухуагъэххэу *"*статя lуэху глагол*"*хэм я хъыбарегъащlэ лэжьэкlэ щапхъэхэр.**

Ипэкlэ зэрыухуагъэххэ ″статя езырыж глагол″хэр нэхъ игъуэу – нэхъыбэуи- ″префиксиал″у ухуагъэххэу утыку къызэрихьэм гулъытэ хуэтщlагъащи, *зэрыухуагъэххэу ″статя lуэху глагол″*у утыку къихьэхэри *нэхъыбэу ″префиксиал″у* утыку къызэрихьэнухэри жыlэпхъэщ. Мы жытlами къызэрыхэщу, *″статя lуэху глагол″ псори* зэрыгъэзэщlэн *″кондицэ″* зыхуэныкъуэнкъыми, *зэрыухуагъэххэу ″статя lуэху глагол″*хэм -*″префикс″ыншэ*у щыту- *″занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэхэри яхэтщ.

Нытlэ, мы илъабжьэм къыщедгъэкlуэкlыну къытпэщыт **зэрыухуагъэххэ ″статя lуэху глагол″**хэм теухуа лэжьыгъэр **″статя lуэху занщlэ глагол″**рэ **″статя lуэху префиксиал глагол″**хэу *зэщхьэщыкl*ыу къедгъэкlуэкlыныр игъуэщ.

Дауи, ар ″занщlэ глагол″ лlэужьыгъуэу ухуагъэххэу щырет, е ″префиксиал глагол″ лlэужьыгъуэу ухуагъэххэу щырет, *иужькlэ игъуэ ″префикс″*и къищтэу *зэрыухуэжыф*ынухэри гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, мы илъабжьэм *″статя lуэху занщlэ глагол″*хэм *″префикс″* къащтэу *″статя lуэху префиксиал глагол″у ухуэж*хэм я *лэжьэкlэ щапхъэ*хэр къэгъэлъэгъуэнри игъуэщ.

*Зэрыухуагъэххэу ″статя lуэху занщlэ глагол″хэм я лэжьэкlэ щапхъэхэр.*

*Зэрыухуагъэххэу ″статя lуэху занщlэ глагол″*у утыку къихьа ″**lыгъын**″ым и лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **С**lыгъынщ | **С**lыгъын*у*щ | **С**lыгъ*щ* | **С**lыгъ*а*щ |
| **Уэ** | **П**lыгъынщ | **П**lыгъын*у*щ | **П**lыгъ*щ* | **П**lыгъ*а*щ |
| **Абы** | **И**lыгъынщ | Иlыгъын*у*щ | **И**lыгъ*щ* | **И**lыгъ*а*щ |
| **Дэ** | **Т**lыгъынщ | **Т**lыгъын*у*щ | **Т**lыгъ*щ* | **Т**lыгъ*а*щ |
| **Фэ** | **Ф**lыгъынущ | **Ф**lыгъын*у*щ | **Ф**lыгъ*щ* | **Ф**lыгъ*а*щ |
| **Абыхэм** | **Я**lыгъынщ | **Я**lыгъын*у*щ | **Я**lыгъ*щ* | **Я**lыгъ*а*щ |

Зэрыгурыlуэгъуэу, *″lэ″ зэры″гъэ″ lуэху*щ *″lыгъын″* глагол мыхьэнэри, мы зэрыжытlауэ *″lыгъын″* глагол *лъабжьэ*р *″lэгъэн″*ырщ. Икlи, мы псалъэхэм къыхэщ *″lэ″*ри *″lэпкълъэпкъ″* зэрылъытэ *″макъ псалъэ″*рщи, ″lэрылъын, lэщlэлъын″ хуэдэ глаголхэми хиубыдэр мы ″lэ″ращ.

Ауэ, мы зэрыжытlауэ, ″lэгъэн″ыр ″lыгъын″ зэрыхъуа щlыкlэри адыгэбзэм и лъытэкlэрэ и лэжьэкlэ хабзэу, *″lэ″м езым ехьэлла*уэ - lэщlэлъыжу- зэрыщытыр ″lэ-ы″уэ зэрылъытапхъэущ; икlи, -ар дыдэу- *″гъэ″р зи кlэух*рэ *глагол къалэни* хуэзыгъэзащlэ *″lэ″м езым ехьэлла*уэ

щытыр *зэры"гъэ"*нури *unlэ итыж*у зэрыщыткlэ *"гъэ-ы"*уэ зэхъуэкlыу къызэlури гурыlуэгъуэнщ. Нытlэ, мы зэрыухуа щlыклэу зи гугъу тщlы *"lыгъын"* глаголым мы *къикlуа лъагъу*эри мыпхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ: «lэгъэн → "lэ-ы-гъэ-ы-н" → lыгъын».

*"lэ"м илъу щытын -стабил- lуэху*гъуэу *занщlэу гъэзащlэ lуэху*щ *"lыгъын"*ри, зы *"статя lуэху глагол"* лlэужьыгъуэу *"занщlэ глагол"*у щlыщытри мыращ.

Зэрыгурыlуэгъуэу, *"lуэху"* лlэужьыгъуэ *"субъект цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*хэм (с, б, д, ф) я *къэlуклэр къыклэлъыклуэ макъым зыригъэlуущ* утыку къызэрихьэри, мыбыхэм ипэкlи щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ; икlи, -нобэ зэрыттх хъуа хабзэр дауи щырет-, *"глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ"* гуэрхэми мы *"lуэху"* лlэужьыгъуэ *"субъект цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*хэр къыклэлъыклуэ псалъэм и пэщlэдзэ макъым *хэмыгъуэщэн*рэ щхьэжу лъытэн папщlэ, *"l, ъ" нэгъыщ*эхэри зехьэн хуей мэхъур.

Мыбдежым зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа *"lыгъын"* глаголым и *лэжьэкlэ псэлъэпкъ*ым (lыгъ) ипэ къихуэ *"lуэху"* лlэужьыгъуэ *"субъект цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*хэр -пlытlауэ- *"l" клэух*кlэ (пп: *"*пl*"*) къызэрыlур (пп: пllыгъщ) гурыlуэгъуэщи, – нобэрей ди тхэкlэ хабзэу *"n"*ыуэ ттхыуэ щыт щхьэ-, ар мыбдежым *"nl"*ыуэ дымытхрэ *"n"уэ ттхымэ*, къызкlэлъыклуэ псалъэ (пп: "lыгъ") пэщlэдзэ *"lы"* макъым *хэжыхьа*рэ -*"nlы"уэ- хэгъуэщауэ* (пп: "пlыгъ"у) къэlуэнщ. – Икlи, япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дыщыхуэхъуэ, *"субъект цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*у мы зи гугъу тщlы *"n"*ырэ *"nl"*ыр *"етlуанэ щхьэ цlэпапщlэ"*у *"уэ"*м и *"lуэху"* лlэужьыгъуэ *"щхьэ цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"*у щыт *"б"*ым –къыклэлъыклуэ макъым зыригъэкlуу къызэрыlу щlыкlэу- *и вариант*хэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ.

Дауи, мы ипlэкlэ аргуэру "l" зыпытщахэр къыклэлъыклуэ "l"ым хэгъуэщэну макъхэращи, нытlэ, "пытlа" макъи зиlэхэрщ. Араща, *"n"ым "nl"*ыуэ (пlыгъщ), *"m"ым "ml"*ыуэ (тlыгъщ), *"ф"ыми "фl"*уэ (фlыгъщ) *узэремыджэну*м и хэкlыплэу *аргуэру зы "l" пытща*щи, ахэр зэрытха щlыкlэхэри мыпхуэдэщ: «пllыгъщ; тllыгъщ; фllыгъщ». – Ауэ, макъ пытlа вариант зимыlэ макъхэр а зэрыщыту -зэрытхыу- къэдгъэнащ: «clыгъщ».

Ауэ икlи, зэрыухуарэ и мыхьэнэм теухуауэ мы къэтlуэтахэм гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlкlэ, ***"*lыгъын*"*** глаголыр *"занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэщ; ар икlи *нормал зы* ***"*lуэху занщlэ глагол*"***у зэрылажьэ щапхъэхэри *"ит зэман"*у мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| «**с***о*lыгъ(ыр), **б***о*lыгъ(ыр), ***е***lыгъ(ыр), д*о*lыгъ(ыр), **ф***о*lыгъ(ыр), ***я***lыгъ(ыр)». |
|---|

*

*"Статя lуэху занщlэ глагол"хэм игъуэ префикскlэ "статя lуэху префиксиал глагол" къазэрытехъуклынури гурыlуэгъуэнщ.*

Нытlэ, мы *зэрыухуагъэххэу "статя lуэху занщlэ глагол"*у зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа *"lыгъын"* глаголыр иужькlэ *игъуэ "префикс"*кlэрэ (пп: *"*щы*"*) зэрыухуэжу утыку къихьэ *"статя lуэху префиксиал глагол"* лlэужьыгъуэ ***"*щы**lыгъын***"*** *лэжьэкlэ щапхъэ*хэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | Щы**с**lыгъынщ | Щы**с**lыгъын*у*щ | Щы**с**lыгъ*щ* | Щы**с**lыгъ*а*щ |
| **Уэ** | Щы**п**lыгъынщ | Щы**п**lыгъын*у*щ | Щы**п**lыгъ***щ*** | Щы**п**lыгъ*а*щ |
| **Абы** | Щ**и**lыгъынщ | Щ**и**lыгъын*у*щ | Щ**и**lыгъ*щ* | Щ**и**lыгъ*а*щ |
| **Дэ** | Щы**т**lыгъынщ | Щы**т**lыгъын*у*щ | Щы**т**lыгъ*щ* | Щы**т**lыгъ*а*щ |
| **Фэ** | Щы**ф**lыгъынщ | Щы**ф**lыгъын*у*щ | Щы**ф**lыгъ*щ* | Щы**ф**lыгъ*а*щ |
| **Абыхэм** | Щ**а**lыгъынщ | Щ**а**lыгъын*у*щ | Щ**а**lыгъ*щ* | Щ**а**lыгъ*а*щ |

*"Статя lуэху занщlэ глагол"* лlэужьыгъуэ *"lыгъын"*ым *"зэман/мекан" лъытэ "щ"* **префикс** къищтэу мы зэрыухуа *"статя lуэху префиксиал глагол"*ым и лэжьэкlэхэм ***"*щlыпlэ*"*** е ***"*зэманыгъуэ*"*** зэрылъытэу зы ***"*дополненэ*"***и зэрыхиубыдэнур гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, *"щыlыгъын"* глаголым и *"лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэмрэ ахэр *псалъэухыгъэ*у къызэрыlуатэхэм *"щхьэ"хэр "*субъект, *объект*, дополненэ*"* къалэнкlэрэ *зэрыхиубыдэ*ри -мы зэрытха щlыкlэхэу- къызэрыхэщу мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэныр игъуэщ:

| |
|---|
| «**сэ** уэ абы ущы**с**lыгъ*щ*; **уэ** ар абы щы**п**lыгъ*щ*; **дэ** фэ мыбдежым фыщы**т**lыгъ*щ*»; «**абы** сэ абы сыщ**и**lыгъ*щ*; **абыхэм** ахэр абдежым дыщ**а**lыгъ(хэ)*щ*». |

*"lуэху статя префиксиал глагол"*у мы зэрыухуа щlыкlэри *"занщlэ глагол"*у зэрыщытар зэрылажьэм *хуэдэу нормал зы* ***"*lуэху префиксиал глагол*"***у зэрылэжьэнур гурыlуэгъуэнщи, мыпхуэдэ лэжьэкlэ щапхъэхэри *"ит зэман"*у къэдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| «щы**з***о*lыгъ(ыр), щы**б***о*lыгъ(ыр), щ***е***lыгъ(ыр), щы**д***о*lыгъ(ыр), щы**в***о*lыгъ(ыр), щ***а***lыгъ(ыр)». |

*Зэрыухуагъэххэу "статя lуэху префиксиал глагол"хэм я лэжьэкlэ щапхъэхэр.*

И*"гъэн"*ур мынаlуэу *"глаголыпхъэ"*у щытым *"щы"*р *префикс* къыхуэхъуу *"гъэ-ы-н"*уи зэрыухуэжкlэрэ *"статя lуэху префиксиал глагол"у ухуагъэххэу* утыку къихьа ***"*щыгъын*"*** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **С**щыгъынщ | **С**щыгъын*у*щ | **С**щыгъ*щ* | **С**щыгъ*а*щ |
| **Уэ** | **П**щыгъынщ | **П**щыгъын*у*щ | **П**щыгъ*щ* | **П**щыгъ*а*щ |
| **Абы** | Щыгъынщ | Щыгъын*у*щ | Щыгъ*щ* | Щыгъ*а*щ |
| **Дэ** | **Т**щыгъынщ | **Т**щыгъын*у*щ | **Т**щыгъ*щ* | **Т**щыгъ*а*щ |
| **Фэ** | **Ф**щыгъынщ | **Ф**щыгъын*у*щ | **Ф**щыгъ*щ* | **Ф**щыгъ*а*щ |
| **Абыхэм** | **Я**щыгъынщ | **Я**щыгъын*у*щ | **Я**щыгъ*щ* | **Я**щыгъ*а*щ |

*"Щыгъын"* глаголыр зы гуэрым -"субъект"ым- *ехьэлл*арэ *щыщ пэлъыт*эр *"гъэ"*уэ лажьэу –гъэзащlэу- зэрыщыткlэ лъытащи ("гъэ-ы"→"гъы"), *зэхьэлл*ари *"префикс"*у *-щlыпlэ/зэманыгъуэ* лlэужьыгъуэу- *"щы"*уэ зэрылъытэу *стабилу къекlуэкl* зы *луэху* зылъытэу зы *"префиксиал луэху глагол"*ырщ.

Икlи, *"щыгъын" глагол*ыр *зыхуэlуа*уэ утыку къызэрихьари *цlыху*ращи, и *уклытапlэ*хэр *зэрыщlиуф*эр зэрылъыта *"хуэпэн, зыхуэпэн"* глаголхэм я *мыхьэнэгъу*у лъытапхъэ *"луэху"* лlэужьыгъуэ *"щыгъын" глагол*ми и *"объект"*ри *"фащэ" -"щыгъын"*- лlэужьыгъуэхэрауэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ. Мыпхуэдэу зэрыщыткlи, *"статя луэху префиксиал глагол"* лlэужьыгъуэ *"щыгъын"*р "префиксиалу щытми, щыгъэзащlэкlэ *зытеухуэ нэгъуэщl гуэр* зэр*имыlэну*м папщlэ, мы зэрыщыту *и лэжьэкlэхэм*и *"дополненэ"* зэры*химыубыдэ*нур гурыlуэгъуэнщ.

Ныtlэ, *"префиксиал луэху глагол"ми*, **"дополненэ"ншэ** *лэжьэкlэ* зиlэ **"щыгъын"** *глагол*ым и *"лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэмрэ ахэр *псалъэухыгъэ*у къызэрыlуатэхэм *"щхьэ"хэр "*субъект, *объект"* къалэнкlэрэ *зэрыхиубыдэ*ри -мы зэрытха щlыкlэхэу- мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| «**сэ** ар **с**щыгъ*щ*; **уэ** ар **п**щыгъ*щ*; **дэ** ахэр **т**щыгъ(хэ)*щ*»;<br>«**абы** ар щыгъ*щ*; **абыхэм** ахэр **я**щыгъ(хэ)*щ*». |

Ауэ, "щыгъын" глаголыр *игъуэ префикс* (пп: щыгъэзащlэ *"щlыпlэ"* зэрылъытэ "префикс") къищтэу *щыухуэм* деж, и лэжьэкlэм *"дополненэ"*и зэрыхэлъытэнур гурыlуэгъуэнщ.

**"Щыгъын"** глаголыр мы зэрыщыту *нормал* **"lуэху префиксиал глагол"**уи *зэрылэжьэф*ынур гурыlуэгъуэнщи, ныtlэ, *"ит зэман"*уи зэрылажьэ щапхъэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| «щыз*о*гъ(ыр), щы**б***о*гъ(ыр), **абы** щ*е*гъ(ыр), щы**д***о*гъ(ыр), щы**в***о*гъ(ыр), **абыхэм** щ*а*гъ(ыр)». |

Мыбы нэмыщl, **"щыгъын"** глаголыр икlи **"щхьэм хуэлэжьэж lуэху глагол"** лlэужьыгъуэу зэрыщытым ипэкlи щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащи, ныtlэ, мыбдежым мыпхуэдэ *лэжьэкlэ щапхъэхэр*и и *"ит зэман"*у къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| «**с**щ*о*гъ(ыр), **п**щ*о*гъ(ыр), **абы** щ*о*гъ(ыр), **т**щ*о*гъ(ыр), **ф**щ**о**гъ(ыр), **абыхэм я**щ*о*гъ(ыр)». |
|---|

**

Мы илъабжьэм зи гугъу тщlыну *глаголитl*ри я *мыхьэнэ*кlи *зэгъунэгъу*у зэрыщыткlэ мы зыхэзыубыдэ *"статя lуэху глагол" гупым щхьэщыкl*ыныгъэ зыхуаlэу лъытапхъэщи, нытlэ, мы илъабжьэм я *хъыбарегъащlэ лэжьэкlэ щапхъэ*хэр къызыхуэтхьыну мы *глаголитl*ри мы зыхэзыубыдэ гупым *"***"*кlэ *къыхэгъэщхьэхукla*уэ къэдгъэлъэгъуэнщ.

Зы *"зэман пыухытыкla"* (lэ) *лэжьапхъэ*у зэрылъытэ *"lэн" глаголыпхъэ*р *"и"* макъ *–"префикс"*- къищтэу *зэрыухуагъэххэу "статя lуэху префиксиал глагол"*у утыку къихьа ***"и*lэн"** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **С**иlэнщ | **С**иlэ*ну*щ | **С**иlэ*щ* | **С**и*l*ащ |
| **Уэ** | **У**иlэнщ | **У**иlэ*ну*щ | **У**иlэ*щ* | **У**и*l*ащ |
| **Абы** | Иlэнщ | Иlэ*ну*щ | Иlэ*щ* | И*l*ащ |
| **Дэ** | **Д**иlэнщ | **Д**иlэ*ну*щ | **Д**иlэ*щ* | **Д**и*l*ащ |
| **Фэ** | **Ф**иlэнщ | **Ф**иlэ*ну*щ | **Ф**иlэ*щ* | **Ф**и*l*ащ |
| **Абыхэм** | **Я**lэнщ | **Я**lэ*ну*щ | **Я**lэ*щ* | **Я**l*а*щ |

**Мы глаголымрэ и лэжьэкlэ щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэрэ аргуэру къыпыщапхъэхэр:**

- Ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ ***"и*lэн"** глаголыр зы *"статя lуэху глагол"* лlэужьыгъуэу зэрыщытым зэрыхуэигъуэу глагол *"субъект"*хэр *–"***объектив субъект***"*хэм (абы, абыхэм) къызэрагъэлъагъуэу- ***"l*уэху"** лlэужьыгъуэхэрщи, ахэр *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэм *"*lуэху*"* лlэужьыгъуэу зэрыхэлъытэри ***"объектив субъект щхьэ куэдагъ лъытэ"***мкlэ (**я**lэ*щ*) наlуэщ. Ауэ, мы *"глагол лэжьэкlэу ухуэ псалъэ"*хэм ***"субъектив субъект цlэпапщlэ гъэлъагъуэ"***хэр зэрыхиубыдэ щlыкlэр *"*lуэху*"* (пп: б) лlэужьыгъуэу щымыту ***"езырыж"*** (пп: у) лlэужьыгъуэу зэрыхэлъытахэри наlуэщ. Нытlэ, мы *"ulэн"* глаголыр *"статя глагол"*у щытми, *икlэ нэгъунэ "lуэху глагол"у лъытапхъэнкъым*.

- Мыпхуэдэу зэрыщытри япэрауэ *"ulэн" глагол*ым и *мыхьэнэ*ращ зэлъытари, ар *"субъект"*ыр *занщlэу* зэры*пыщла*кlэрэ гъэзащlэ *"lуэху"* лlэужьыгъуэу зэрымылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ; ауэ, мыри зылъытэр бзэр къэзыlуатэ *"сэ"* нэрыбгэращ. Аращи, ***"и*lэн"** *глагол лэжьэкl*э*р* ***"объектив субъект"***хэм теухуауэ - *"объектив"*у- ***"l*уэху"** лlэужьыгъуэ зэрыщытыр зэлъытари *сытри зылъыт*эу къэзыlу*атэ "сэ"ращи,* икlи *езы "сэ"мрэ и "субъективыгъэ"м хиубыдэ "субъект"*хэм *–"***субъектив субъект***"*хэм- теухуауэ *"ulэн" глагол*ыр зэрыгъэзащlэрэ зэрылажьэри -*"субъектив"*у- ***"езырыж"*** лlэужьыгъуэущ зэрилъытэр.

- Нытlэ, *"статя lуэху префиксиал глагол"*у тлъыта *"ulэн"*ым и *лэжьэкlэ*хэмрэ, абыхэм глагол *"субъект"*хэр зэрыхэлъытэ щlыкlэхэм теухуауэ мы къэтlуэтахэр *"ulэн"* глаголыр зыхэзыубыдэ *"статя lуэху глагол" гуп*ым хиубыдэ *адрей глаголхэм я лэжьэкlэхэм къащхьэщыкl*ыу зэрыщытыр гурыlэгъуэщи, мыри зэлъытар **"иlэн" глагол мыхьэнэ**мрэ мы и **лэжьэкlэ**хэри **"сэ"м зэрилъытэ**ращ.

- Аргуэру жыlэпхъэмэ, **"иlэн"** глаголыр -*"ulэныгъэ"*р- *"сэ"м* езым пыщlэныгъэ зыхуимыlэу *адрей*уэ илъытэ *"субъект"*хэм я *лэжьыгъэ*у *–къалэжь "ulэныгъэ"*у-зэрыщыткlэ *"объектив"*ущ зэрилъытэри, мы *ялэу щыт*ым теухуауи **"объектив субъект"**хэр **"lуэху"** лlэужьыгъуэущ зэрилъытэр. Ауэ, *"ulэн" глагол*ыр - *"ulэныгъэ"*р- *"сэ"м* езымрэ занщlэу зэпыщlэныгъэ зыхуиlэу *и "субъектив"ыгъэ*м ит *"субъект"*хэм мы *ялэу щыт*ыр -флэкlыпlэ имыlэу- *къалэжь*у зэримылъытэм ауэ икlи *а зэрыщыт*у *къахэхъуа*уэ -*"ulэныгъэ" ягъуэтауэ*- зэры*щыт*у зэрилъытэм ипкъ зэриткlэ, **"иlэн"** глаголым и **"субъектив субъект"**хэр а зэрыщыту **"езырыж"** лlэужьыгъуэущ зэрылъытэр.

- Нытlэ, мы къэтlуэтахэр гурыlуэгъуэмэ, мы зи гугъу тщlа *"ulэн"* глаголыр *мы и мыхьэнэкlэ*рэ нормал глагол лlэужьыгъуэу –зы *"lуэху глагол"*у- *"ит зэман"*кlэрэ зэрыигъуэкlэ зэры*мылэжьапхъэ*ри гурыlуэгъуэнщ.

- Дауи, *"статя lуэху префиксиал глагол"*у щыт **"иlэн"**ым и **"субъект"**ыр *"объектив"*у **"lуэху"** лlэужьыгъуэу, *"субъектив"*уи **"езырыж"** лlэужьыгъуэу *зэрызэщхьэщыкl*ыр зэлъытар мы *"статя lуэхугъуэ"*у *къеклуэкl*ым –къеклуэкlыу щытым- **"сэ"**р **жыжьэ**рэ –езыри хиубыдэу- **гъунэгъу**у *щыгъуазэ зэрыхуэхъу*ращ. Мыри **адыгэбзэ**р **макъыбзэ**у зэрыщыткlэ, дэтхэнэ зы *деталы*р зылъ*ытэ бзэ*уэ зэрыщытым теухуащи, мыпхуэдэу зэрыщыткlи, мы зи гугъу тщlы *глагол мыхьэнэрэ и лэжьэкl*эхэри адыгэбзэр **мыхьэнэбэ**рэ **лэжьэкlэбэ**у зэрыщытым и зы щапхъэу лъытапхъэхэрщ. Аращи, *"ulэн"* глаголым мы и *лэжьэкl*эхэм *лъабжьэ* яхуэхъур *налуэ*щи, ныtlэ, мы я лэжьэкlэхэм папщlэ *"ulэн" глагол*ыр *иррегулар*у зэры*мылъытапхъэ*нури гурыlуэгъуэнщ.

- Ауэ икlи, *"статя глагол"*у зы *"lуэху"* лlэужьыгъуэу зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, *"ulэн" глагол лэжьэкlэм* икlи "объект"и зэрыхиубыдэну гурыlуэгъуэнщи, ари -"объект"ри- *"езырыж"* лlэужьыгъуэу зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ. Нытlэ, мыпхуэдэ игъуэ щапхъэ гуэрхэри къэтхьынщ:

- «**абы** ар иlэ*щ*; **абы** ахэр иlэ(хэ)*щ*; **абыхэм** ахэр **я**lэ(хэ)*щ*»;
- «**уэ** ар **у**иlэ*щ*; **дэ** ар **д**иlэ*щ*; **фэ** ахэр фиlэ(хэ)*щ*».

- Мыпхуэдэ щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуа нэужь, ипэкlэ зи лэжьэкlэ щапхъэхэр таблицэу къыщыдгъэлъэгъуа *"ulэн"* глаголыр зэры*"лажьэу ухуэ псалъэ"*хэмрэ ахэр *псалъэухыгъэ*у къызэрыlуатэхэм *"щхьэ"*хэр **"субъект**, объект" къалэнкlэрэ зэрыхиубыдэ щапхъэхэри мыбдежым къыщытхьынщ:

- «**сэ** уэ у**з**иlэ*щ*; **уэ** ар **у**иlэ*щ*; **дэ** фэ фы**д**иlэ*щ*; **фэ** сэ сы**в**иlэ*щ*»;
- «**абы** ар иlэ*щ*; **абы** ахэр иlэ(хэ)*щ*; **абы** сэ сыиlэ*щ* – сыриlэ*щ*; **абыхэм** дэ ды**я**lэ*щ* – дыр**а**lэ*щ*; **абыхэм** ахэр **я**lэ(хэ)*щ*».

- Мы къэта глагол лэжьэкlэхэм щыщу **″объектив субъект″**кlэрэ лажьэрэ я ″объект″хэри *″субъектив″*у (сэ, уэ, дэ, фэ) щытхэм теухуа *къэlуэтэкluml* къэдгъэлъэгъууэ щытщи, мыбыхэм я *иужьрей къэlуэтэкlэхэр*и (пп: *″сы*риlэщ; *дыр***а**lэщ″) псалъэ мыхьэнэр *нэхъ lупщl*рэ гурыlуэгъуафlэ зыщlрауи лъытапхъэщ. Аращ икlии, *″е″*р *″и″*м и *кlуэтэгъуэ*у *″иэ″*уэ зэрыщытым ипкъ зэрикlэ, **″и″ префиксиал** *″lуэху глагол″* лlэужьыгъуэ *″ulэн″* глаголыр *″объектив субъект″кlэрэ зэрылажьэ* щlыкlэри **″е″ префиксиал** *″lуэху глагол″*хэр *″объектив субъект″кlэрэ зэрылажьэ*у -ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуахэм- **хуэдэ**у зэрыщытынури гурыlуэгъуэнщ.

- Дауи, *″абзсис″*ыгъэу (и) лъыта *гуэр*ыр *lэщlэлъу щытын* (lэн) зэрылъытэ *стабил lуэху*у зы *″статя lуэху глагол″*щ мыбдежым зи гугъу тщlы *″ulэн″*ри, -*″lэпкълъэпкъ″* лlэужьыгъуэ *″lэ″*м и *lуэху*гъуэ зылъытапхъэ- *″lэн″ глаголыпхъэ*р *″и″*р *префикс*у къызэрищтэу *″префиксиал глагол″*у утыку къихьауэ лъытапхъэ *″ulэн″*ыр зы *″статя lуэху префиксиал глагол″*ырщ. Нэгъуэщlыу жыпlэмэ, *″статя lуэху префиксиал глагол″* лlэужьыгъуэ *″ulэн″*ым и *″и″ префикс*ыр *″абзсис″* зэрылъытэрщи, мы *″и″р ″lэн″*кlэрэ *лажьэ*у зэрыухуа щlыкlэу, *и ″lэ″м зы гуэр* (и) *илъу щыт*у зэджапхъэрщ. Араши, зы *″зэман пыухытыкla″*кlэрэ лажьэр -*″lэ″кlэрэ гъэзащl*эр- зэрылъытэ *″lэн″ глаголыпхъэ*м *″и″* макъыр -*″префикс″*у- къызэрищтэу *зэрыухуагъэххэ ″статя lуэху префиксил глагол″*у утыку къихьащ *″ulэн″*ыр.

- Мыпхуэдэу ухуарэ зэджапхъэуи щыт **″иlэн″** *глагол*ым и *префикс* **″и″***кl*эрэ лъытэр –зы **″объект″**у- зы *″зэманыгъуэ пыухытыкlакlэ″*рэ (lэ) лажьэу **″lэ″м илъу щыт**у (lэн) лъытэрщи, нытlэ, зы *″lуэху префиксиал глагол″*у щытми, *″ulэн″* глаголым -*″и″ префикс*ымкlэ лъытэр зы ″объект″у зэрыщытым папщlэ- и *лэжьэкlэм ″дополненэ″* зэры*хэмылъыт*эри –**дополненэ″ншэ**у зэрыщытри-къыхэгъэщыпхъэщ.

- И *мыхьэнэ*рэ *и ″статя глагол″ лэжьэкl*эу щыгъуазэ дызыхуэхъууа *″ulэн″* глаголыр мы ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ, **″и″р ″lэ″м илъу щыт**у *зылъыт*эрщи, нытlэ, мы *″и″* гуэрыр *″lэ″м илъ зэрыхъу* щlыкlэри -зэры*лэщlэхьэ*ри- зэрылъытэнур *″ит зэман″* лэжьэкlэу зэрыщытынур гурыlуэгъуэщ. Ауэ, ипэкlэ къэтlуэтахэми гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlщи, мыпхуэдэ лэжьэкlэр игъуащэу къыщlэкlынукъым. Дауи, мы зи гугъу тщla **″иlэн″ глагол**ыр *дэтхэнэ зы ″субъект″*кlэрэ **″динамикэ″** лlэужьыгъуэ **″ит зэман″**у зэры**лажьэ** щапхъэхэри -*псалъэ ухуэкlэрэ къэlукlэ лъагъуэ*хэри *″*(..)*″*уэ- мыбдежым къыщыдгъэлъагъуэу дыкlэлъыплъыжынщ:

- «**сэ** ар **с**olэ(р) (← *″***сй***o*lэ″ ←*″***сы**й*o*lэ″ ← *″***сы**и*o*lэ″ ← *″***сы**-и-*o*-lэ″)»;
- «**уэ** ар **у***o*lэ(р) {←*″***у**йo*l*э″ ← *″***у**(ы)и*o*lэ″ ← *″***у**(ы)-и-*o*-lэ″}»;
- «**абы** ар ***е***lэ(р) (← *″ей*lэ ← *″*йэ*йй*lэ″ ← *″*и*е*lэ″ ← *″*и-*е*-lэ″)»;
- «**дэ** ахэр **д***o*lэ(хэ)(р) (←*″*дй*o*lэ″ ←*″***дый***o*lэ″ ← *″***дыи***o*lэ″ ← *″***ды**-и-*o*-lэ″)»;
- «**фэ** ар **ф***o*lэ(р) (← *″***ф**йo*l*э″ ←*″***фый***o*lэ″ ← *″***фыи***o*lэ″ ← *″***фы**-и-*o*-lэ″)»;
- «**абыхэм** ахэр ***я***lэ(хэ)(р) {← *″*й***а***l*э(хэ)″ ← *″*и***а***l*э(хэ)″ ← *″*и-***а***-l*э-(хэ)″}».

Мы къэта глагол лэжьэкlэ щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, **″иlэн″ глагол**ым -и ″статя глагол″ лэжьэкlэхэм хуэдэущи- и **″динамикэ″ лэжьэкlэ**хэми **″объектив субъект″**хэр **″lуэху″** лlэужьыгъуэу, **″субъектив субъект″**хэри **″езырыж″**ущ зэрыхиубыдэри, мыбы *лъабжьэ хуэхъу*ри **″иlэн″ глагол мыхьэнэ**ращ. Ауэ, **″объектив субъект″**кlэрэ и **лэжьэкlэ**хэр -″глагол лэжьэкlэу *ухуа псалъэ″* ухуэкlэу- **игъуэ**у лъытапхъэми, **″субъектив субъект″**кlэрэи лэжьэкlэхэр -*″глагол лэжьэкlэу ухуа псалъэ″* ухуэкlэу- **игъуащэкъым**. Икlи, *″объектив субъект″*кlэрэ зэры*″лажьэу ухуа псалъэ″*хэр *зэрыухуа щlыкlэ*кlэ –мы иужькlэ зи гугъу тщlыну- *″еин″* глаголыр зэрылъытапхъэ *функцэм екlуалlэ*у гъунэгъу хуэхъууи лъытапхъэщ.

- Ауэ, *макъыбзэ*у щыт *адыгэбзэ*р *мыхьэнэбэ*рэ *лэжьэкlэбэ*рщи, мы зи гугъу тщlарэ *мы* зэхуэдэ *макъхэмкlи ухуа*уэ плъагъу **″иlэн″** глаголыр **икlи** *нэгъуэщl мыхьэнэ* зиlэ *зы нормал* **″lуэху глагол″** лlэужьыгъуэуи бзэм хэтщ. Аращи, зы *зэман пыухытыкlа* зэрылъытэ *″lэ″*р *глагол формэу* зэрыухуа *глаголыпхъэ*у щыт *″lэн″*ым *″абзсис″*ыгъэ зэрылъытэ *″и″*р *префикс* къыхуэхъуу *зэрыухуагъэххэу* **″lуэху префиксиал глагол″** лlэужьыгъуэу утыку къихьэ зы *″иlэн″* глаголри зы гуэрым - *″объект″ым*- зы *плъыфэ -″абзсис″*ыгъэ (и)- *къегъэщтэн* –зы *зэман пыухытыкlакlэ къегъэщтэн* е *и″lэ″ щlын* lуэхугъуэ- зэрылъытэрщ. Нытlэ, мы щыгъуазэ дызыхуэхъуа мыхьэнэ зиlэу *нормал* **″lуэху префиксиал глагол″**у щыт **″иlэн″**ым и *″ит зэман″* лэжьэкlэхэри мыбдежым къыщыдгъэлъэгъуэнщ:

| |
|---|
| «**сэ** ар из*о*lэ(р); **уэ** ар и**б***о*lэ(р); **абы** ар ир***е***lэ(р); **дэ** ахэр и**д***о*lэ(хэ)(р); **фэ** ар и**в***о*lэ(р); **абыхэм** ахэр ир***а***lэ(хэ)(р)». |

*

Мы ипэкlэ зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьарэ *адрей ″статя lуэху глагол″*хэми *къащхьэщыкl*ыу зи гугъу тщlа *″иlэн″ глагол*ым *мыхьэнэ*кlэ *зэпыщlэныгъэ зыхуиlэ* зы *глагол*щ мыбдежми зи гугъу тщlынур. Нытlэ, *екlуэлlэрэдж*ыр (иэй) *джыуэ* (и) *щыту* зэрылъытэу *зэрыухуагъэххэу ″статя lуэху глагол″*у утыку къихьа **″еин″** глагол лэжьэкlэ щапхъэхэр къэдгъэлъагъуэу, иужькlи тежыlыхьыпхъэхэр къыпытщэжынщ:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Сэ** | **Сыс**еинщ | **Сыс**еин*у*щ | **Сыс**ей*щ* | **Сысе***я*щ |
| **Уэ** | **Ууе**инщ | **Ууе**ин*у*щ | **Ууей***щ* | **Ууе***я*щ |
| **Абы** | Еинщ | Еин*у*щ | Ей*щ* | Е*я*щ |
| **Дэ** | **Дыд**еинщ | **Дыд**еин*у*щ | **Дыдей***щ* | **Дыде***я*щ |
| **Фэ** | **Фыф**еинщ | **Фыф**еин*у*щ | **Фыфей***щ* | **Фыфе***я*щ |
| **Абыхэм** | **Я**инщ | **Я**ин*у*щ | **Яй***щ* | **Я***я*щ |

**Мы глагол лэжьэкlэ щапхъэхэм теухуауэ къыхэгъэщыпхъэрэ аргуэру къыпыщапхъэхэр:**

- Япэрауэ, **″еин″** *глагол*ыр **″объектив субъект″**кlэ зэрылажьэ щlыкlэхэр **″статя lуэху глагол″**у зэрыщытым **хуэигъуэ**щ; ауэ, **″субъектив субъект″**кlэрэ

зэры**″лажьэу ухуа псалъэ″**хэм **″субъектив субъект щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ″**хэр **″езырыж″**у икIи **тIэу къыхэIукI**ыу зэрыхиубыдэри нэрылъагъущи, нытIэ, мы илъабжьэм -зэрыигъуэу- мыбы тежыIыхьыпхъэ гуэрхэри къыщыхэдгъэщынщ.

- Ипэкlэ ″хуеин″ глаголым дежи зи гугъу тщlагъащ *″ей″ клэух* зиlэу ухуэ псалъэхэм ягъуэт *функцэ формэ*м мыбдежми мы *″еин″ глагол*ым теухуауэ *аргуэру щыгъуазэ* дыхуэхъуныр игъуэщ. Араши, адыгэбзэм и *″еин″* псалъэр *зэрызэпкъырыува*р *абзсис* (и) *клуэтэгъуэ*у (э) къэхъу *хуэклуэ*ныгъэр (иэ) зэры*джкlэ*рэ (и) *дэlэтеи*м зэреджапхъэ ″е (иэй)″ *макъ луэр зэхэжыхьа*м *аргуэру абзсис*ыгъэ (и) зэригъуэткlэрэ *аргуэру зэрыдэlэтей*уэщ {еин (иэйи-н)}. Нытlэ, *мы макъ луэр зэклэлъхьэужь*ыкlэм къагъэлъагъуэри *абзсис*у *джыгъуэ лъэныкъуэ*мкlэ *къэукъуэнша* зы *функцэ*рщ. *Абзсис лъэныкъуэклэ къэгъэша*рэ *абзсисыбэ*у зэрыщыткlэрэ ухуа *″еин* (иэй-и-н)″ псалъэр зи гугъу тщla и *функцэ* щlыкlэми къызэрыхэщщи, ар зы джыгъуэшхуэ (иэйй) зэрылъытэрщ: мыр зы *функцэу ″зэман координат системэ″*м къыщыlуэтапхъэмэ, зы *″и″*р –″абзсис″ыр- *″э″* (зэман) - ″ординат″- *лъэныкъуэклэ клуэтэху*нкlэ *mlэу*кlэ -а *″и″р* (абзсис) *mlэу*- зэрыхэхъуэр зэрылъытэ *″иэй″ функцэ*р, аргуэру *″и″ лъэныкъуэ*кlэ зэрыджу зэры*дэlэтеиж функцэ*ри ″еин (иэй-и-н)″ псалъэр зэрылъытэрщ.

- Нытlэ, мы къэтlуэтахэми гурыlуэгъуэ къызэрытхаущlыу, *″е″* тхыпкъкlэ ттхыуэ щыт *макъ зэхэжыхьа*хэмрэ ахэр зыхиубыдэу зэпкъырыува *″еин″* глаголыр математикэ *функцэ*хэу -*″зэман координат системэ″*м- зэрыщылъытапхъэу къэдгъэлъэгъуэнщ:

- «е (иэ; эй) → ″y = t″; е (иэй; эйй) → ″y = t²″»;
- «еин (″иэй-и-н″ → ″иэйй″) → ″y = t³″».

- Мыпхуэдэ зы функцэм къыбгуригъаlуэращ ″еин″ глаголым и мыхьэнэри, ар икlи -мы ипэкlи къызэрыхэдгъэщауэ- зи лэжьэкlэ щапхъэхэм щыгъуазэ дызыхуэхъуа *″ulэн″* глаголым и *мыхьэнэгъу*уи лъытапхъэрщ. Нытlэ, ″иlэн″ым и мыхьэнэгъуу зэрыщытри хэтыжу, мы ипэкlи зыхиубыдэ макъхэмкlи лъыта функцэми гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlыу щыгъуазэ дызыхуэхъуа ″еин″ глаголым аргуэру тежыIыхьыпхъэрэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэри къыпытщэжынщ.

- Дауи, *абзсис* къалэн зыгъэзащlэ *″и″р* зы *″зэман пыухытыкla″*кlэ (lэ) зэрылъытэрэ зэрылажьэ lуэхугъуэм (*иlэн*) *елъытауэ* мы *″еин″* глаголыр *нэхъ lуэхушхуэ*у *-абзсисыбэ*уи- зэрыщытыр гурыlуэгъуэщ. Араши, *джыгъуэ*рэ *зэманыгъуэ*у *″и″ мак*ърэ *″э, lэ″* зыхэзыубыдэу ухуа мы *глаголитl*ми (иlэн, еин) я *мыхьэнэр зэщхь*рэ мыхьэнэгъуу лъытапхъэми, *″еин″*ыгъэр *″ulэн″*ыгъэм *елъытауэ нэхъ lуэху гугъу*рэ *тклий*уэ зэрыщытри гурыlуэгъуэнщ.

- *″Иlэн″* глаголым теухуауэ ипэкlэ жытlахэр дигу къэдгъэкlыжмэ, ар зы *″статья lуэху глагол″* лlэужьыгъуэми, зыхэзыубыдэ *″глагол гуп″ лэжьэкlэм емызэгъ лэжьэкlэ*хэр зэриlэр *″ulэн″* глаголым и *мыхьэнэм елъыта*рэ теухуауэ

зэрыщытыр гурыIуэгъуэнщ. Ауэ, мыбдежым зи гугъу тщIы *"еин"* глаголыр *"ulэн"* глаголым *елъытауэ* нэхъ гугъурэ *тклий*уэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэнщи, мыр икIи *"еин"* псалъэр *зэрыухуа макъхэм*и гурыIуэгъуэ къытхуащIыр. Аращи, *"еин"* глагол лэжьэкIэми -"иIэн" глагол лэжьэкIэм хуэдэу- *"объектив субъект"*ыр *"lуэху"* лIэужьыгъуэу хиубыдэми, *"еин"* глаголыр *"субъектив субъект"*кIэ зэры*"лажьэу ухуа псалъэ"*м *"субъектив щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ"*р -"иIэн" глагол лэжьэкIэм зэрыхиубыдэм хуэдэу- *"езырыж"* лIэужьыгъуэу –ауэ, *тIэу къэIу*у- зэрыхиубыдэри ипэкIэ къэта щапхъэхэмкIэ нэрылъагъущ.

- НытIэ, ипэкIэ къэта я глагол лэжьэкIэ щапхъэхэм зэрыхэплъагъуэрэ икIи мы тежытIыхьахэми гурыIуэгъуэ къызэрыхуащIщи, *"ulэн"*рэ *"еин"* глаголхэм гурыIуэгъуэ къытхуащI IуэхугъуэР *"объектив"у "субъект"ым къилэжьыпхъэ "lуэху"*гъуэу лъытапхъэщ; ауэ, *"субъектив"* лъэныкъуэкIэ ущеплъым деж, мы IуэхугъуэР *"субъект"ым хищIэ –"субъект"ыр хэзыгъахъуэ*у- зэрыщытым ипкъ зэриткIи *а зэрыщыт къэхъу-къэщIыгъуэ* лIэужьыгъуэу *"езырыж"*уи лъытапхъэхэрщ.

...

- Нэгъуэщl зы еплъыкIэкIи, зы *"субъект"*ым зы *"объект" ulэу лъытэн*ым *елъытауэ* зы *"субъект"*ым зы *"объект"ыр ейуэ лъытэн*ыр нэхъ *lуэхушхуэ*рэ *гугъу*щи, *"еин"*ыгъэр *"ulэн"*ыгъэм *елъытауэ* –"IуэхуглагоI"рэ зэрыгъэзащIэ щIыкIэу- *нэхъ тклий*уэ зы IуэхугъуэУ лъытапхъэрщ.

- ИкIи, хиубыдэ макъхэм теухуа функцэми гурыIуэгъуэ зэрищIщи, *"еин"*ыгъэр икъукIэ *абзсис лъэныкъуабэ*у -*"абзсисыбэ"*у- зэрыщытым зэрезэгъкIэ, *щылэ*хэм теухуауэ *"еин"*ыгъэр зыхуэфащэрэ *зыхуэигъуэ*р *щылэ псори зыхэзыубыдэ "щылэгъуэ"*рауэ зэрыщытын хуейри къыдгурызгъаIуэу ухуа зы псалъэу лъытапхъэщ *"еин"* глаголыр. Нэгъуэщ1ыу жып1эмэ, *щыlэ*у утыку къихьэр *къызэрыхъу*нум *лъабжьэ* хуэхъурэ къызытехъукIрагъэнщ *"еин"*ыгъэр нэхъ *зыхуэигъуэ*р. Мырауэ жыIэпхъэщ икIи *"еин" глагол функцэ*м гурыIуэгъуэ къытхуищIри, *функцэр "и" лъэныкъуэкIэ* мы *къызэрыгъэша* щIыкIэм зэреджапхъэр. Аращи, къэхъурэ щыIэ хъур зэрыдж *"и" лъэныкъуэкIэ къэгъэша*уэ зэрыщыту *"еин" глагол*ым *къэхъурэ джыр джыгъуэрэ къэхъугъуэм ей*уэ зэрылъытэу *еджапхъэщ*.

- НытIэ, мы псалъэхэми гурыIуэгъуэ къызэрытхуищIщи, *"еин"ыгъэр зыхуэфащэр* зы гуэрыр *зыхэзыубыдэ*у щытрэ а гуэрым елъытауэ нэхъ *псоуэ* щытращи, *дэтхэнэ зы щылэ* гуэрыр *зей*ри ар *къызыщIэхъуа*рэ зыхэзыубыдэ *"щылэгъуэ"*рауэ лъытэнращ игъуэр. Мыри *космикэ*рэ *натуралу* зэрыщыткIэ, *къэхъу-къэщIыгъуэ* лIэужьыгъуэу зэрыщыткIэ, *"еин"* глаголыр зы *"езырыж глагол"* лIэужьыгъуэуи лъытапхъэнщ. Аращи, дэтхэнэ *зы щылэ* гуэрыр *къызыхэхъукIа*рэ *къызыщIэхъуам ей*уэ лъытэнращ нэхъ игъуэри, мыпхуэдэ къэIуэтэкIэуи а *дэтхэнэ зы щылэ гуэр*ыр и *"субъект"*у лъытэну *"езырыж глагол"*

лIэужьыгъуэ *"еин" глагол лэжьэкIэ*м и *"дополненэ"*пIэм иту –"дополненэ"у-*хиубыдапхъэ*ри мы *глагол лэжьэкIэ*рэ *"субъект"ыр зытеухуа* –зыхэзыубыдэ-*"щыIэгъуэ"*ращ:

«"дэтхэнэ зы **щыIэр** щыIэгъуэм ейщ" → **"щыIэр** щыIэгъуэм ейщ" → "**ар** абы ейщ"».

- Ныт1э, *"еин"*ыгъэм и *пэжыпIэ*р мырауэ зэрыщытрагъэнщ *"еин"* глаголыр - ипэкIи зи *лэжьэкIэ* щапхъэхэр къызыхуэтхьауэ- адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхь щIыкIэр *гугъуу* –зыхэзыубыдэ "lуэху глагол" гуп лэжьэкIэм езмызэгъыу-*щIыщыт*ыр. Дауи, *"еин"* глаголым хуэфащэрэ *хуэигъуэ* и *лэжьэкIэ*нур мы ипэкIэ къызэрыхэдгъэща щIыкIэу щытми, *цIыхум иужькIэ* зыригъэгъуэта *псэукIэ*м къыщигъэунэхуа *"lуэху"* лIэужьыгъуэхэр къызэриIуатэ щIыкIэу зэрихьэу щIидзагъэнщ *"еин" глагол*ри. Араш, *езыри зы щыIэ гуэр*у щыт *цIыху*м къилэжьрэ *зыIэригъэхьэ* гуэрхэри *езым ейуэ зэрилъытэ*кIэрэ –мы ипэкIэ зи гугъу тщIа "езырыж глагол" лэжьэкIэу бзэм щызекIуэу щыта- *"еин"*ри *кIуэ пэтрэ "lуэху глагол"* лIэужьыгъуэу игъэлажьэу щIидзагъэнщ. Мыпхуэдэуи, -натуралрэ космикэм зэрезэгъкIэ- *"езырыж глагол"*у зэрыщыткIэ *"еин" глагол лэжьэкIэ*хэр *"lуэху глагол" лэжьэкIэ*у –*"субъект"*ыр *"lуэху"* лIэужьыгъуэу, *"езырыж"* лIэужьыгъуэ *"объект"*и хиубыдэу- мы зэрызэхъуэкIагъэну щIыкIэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

«"**щыIэр** щыIэгъуэм ейщ" → "**ар** абы ейщ"» → «"**щыIэгъуэм** *щыIэр* ейщ" → "**абы** ар ейщ"».

- Дауи, *"еин"*ыгъэр *зей лъэныкъуэр "субъект"*рэ, абы *ейри "объект"*у зэрылъытэу мы къэIуэтэкIэр зы *"lуэху глагол" лэжьэкIэу игъуэ*у зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, мы лэжьэкIэхэм хиубыдэ *"щхьэ"хэр "объектив"*у зэрыщытхэри нэрылъагъущи, *"еин"ыгъэр жыжьаплъэу* мы зэрылъытэ щIыкIэхэр *цIыхум гурыIуэгъуей къыхъункъым*. Ауэ, *"еин"* глаголыр *зыхуэигъуэ*р *зэрилъытэу* щытар зи блэкIауэ щыт *езы цIыхум* дежкIэ, *"еин"* глаголым мы и *лэжьэкIэ*хэр *"цIыху" нэрыбгэхэм теухуауэ гурыIуэгъуафIэ*у зэрыщымытынури жыIэпхъэнщи, мырагъэнщ икIи *"еин"* глыголыр *"субъектив субъект"*кIэрэ зэры"*лажьэу ухуэ псалъэ"*хэм *"субъектив щхьэ цIэпапщIэ гъэлъагъуэ"*р иджыри *"езырыж"*у щIыхэлъытэр.

...

- Аргуэру къыпыщапхъэмэ, "объектив субъект"кIэрэ лажьэу мы ипэкIэ къэта "lуэху глагол" лIэужьыгъуэ **"еин"**ыр *"субъектив субъект"*кIэрэ зэры**"лажьэу ухуэ псалъэ"**хэм зы **"субъектив субъект цIэпапщIэ гъэлъагъуэ"** хиубыдэу, абы - *къыкIэлъыкIуэ*- **"ей"***кIэрэ ущеджэм (пп: сей)* деж, **ей**рэ **зей**уэ зэрыщытыр **зэхэхугъуей**щи, икIи нэхъ зэрыгурыIуэгъуэ щIыкIэри *"lуэху"*р зыгъэзащIэ *"субъект"ым гъэзащIэ "lуэху"р къытеухуэу* зэрыщыткIэ зэрыимыгъуэри мы къэта щапхъэхэмкIэ наIуэщ:

«**сэ** ар **с**ейщ; **уэ** ар **у**ейщ; **дэ** ар **д**ейщ; **фэ** ар **ф**ейщ».

- Ныт1э, мыбы *и хэк1ып1эу бзэм къигъэща*уэ лъытапхъэщ ипэк1э таблицэм къыщыгъэлъэгъуа *"статя 1уэху глагол"* л1эужьыгъуэ **"еин"**ым и **"лэжьэк1эу ухуэ псалъэ"**хэм **"субъектив субъект ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"**хэр **"езырыж"** л1эужьыгъуэу **т1эу къэ1уу** щ1ыхиубар. Арагъэнщи, къик1уа гъуэгуанэрэ *и щ1энымк1и имыгъуащэ*у щыт мы *"еин"* глагол *"субъект"* къалэныр *езы* **ц1ыхум** *и фл1эщ ищ1ыжын* щ1ык1эу, езыми къимылэжь хуэдэ щ1ык1эу –къыхуэк1уэу хуэдэ щ1ык1эу- *"езырыж"*у зызэрилъыта **"субъектив субъект ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"**хэр ик1и **т1эу къыри1уу "еин"** глагол **"субъект"**ыр езырауэ зэрыщытыр **игъэбыдэж***а*уэ жы1эпхъэнш:

«**сэ** ар **сыс**ей*щ*; **уэ** ар **уу**ей*щ*; **дэ** ахэр **дыд**ей(хэ)*щ*; **ф**э ар **фыф**ей*щ*».

- Дауи, мыпхуэдэ *псалъэухыгъэ къэ1уэтэк1э*уи бзэм *щызек1уащэкъым*и, *"глагол лэжьэк1эу ухуэ псалъэ"*м *"субъектив субъект ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"*р зэрыжыт1ауэ *т1эу* щылъытэк1э, ар ("субъект"ыр) *псалъэухыгъэм*и *аргуэру* щхьэжу –"ц1эпапщ1э"у- *хэлъытэн*ри *лей* хуэдэщ:

«ар **сыс**ейщ; ар **уу**ейщ; ахэр **дыд**ей(хэ)щ; ар **фыф**ейщ».

- Мы къэта *псалъэухыгъэ*хэм "субъект"ыр щхьэжу –"ц1эпапщ1э"у- зэрыхэмылъытар нэрылъагъуу щытми, абыхэм *"субъект" щэху* зэрыхэлъытапхъэри гуры1уэгъуэнщ. Дауи, мыпхуэдэу *"щхьэж"у "субъект" хэмылъыта*уэ зэрыщытри *"еин"*ыр -ипэк1и и гугъу зэрытщ1ауэ- зы *"езырыж глагол"* л1эужьыгъуэу зэрыщытам *къыщежьэу къик1уа лъагъуэм елъыта*уэ жы1эпхъэнщ. Ауэ ик1и, мы къик1уа лъагъуэрагъэнщ *"объектив объект"хэр "субъектив субъект"хэм* –ц1ыху нэрыбгэхэм- *ейуэ лъытэн*ыр *иджыри гугъу* къыхуэхъуу мы зэрыщытыр.

- Ауэ, *щужьрей* и *псэук1э*хэм *"еин"*ыгъэр *ц1ыху зэхуакум нэхъ хуиту щызек1уэ*у зэрыщ1идзагъэнури къызыхэщу лъытапхъэщ *"еин"* глаголыр *"субъектив субъект"*к1э *зэры"лажьэу ухуа псалъэ"*хэм *хуиту "субъектив субъект"*хэр зэрыхэлъытэу мы къызэры1уатэ хъуа щ1ык1эхэм:

«**сэ** уэ уз**е**й*щ*; **уэ** сэ сы**у**ей*щ*; **фэ** дэ дывей*щ*; **дэ** фэ фы**д**ей*щ*».

- Ипэк1и къызэрыхэдгъэщауэ, *"ил1эн"*ымрэ *"еин"* псалъэр -глаголхэр- *зэгъунэгъу*рэ *мыхьэнэгъу*уи лъытапхъэщ. "Ил1эн" глаголыр *"статя 1уэху глагол"*у зэрылажьэм нэмыщ1 *нормал "1уэху глагол"у зэрымылэжьапхъэ*м хуэдэжщи, **"еин"** глаголри мы ипэк1э зэрылажьэ щ1ык1эу щыгъуазэ дызыхуэхъуа **"статя 1уэху глагол"** л1эужьыгъуэ **закъуэу**щ зэры**лэжьапхъэ**ри, абыи *нормал "1уэху глагол" лэжьэк1э ил1энкъым*.

...

- "Ил1эн" глаголым хуэдэжу –ауэ абыи къыщхьэщык1ыу- *"еин"* глаголри *зыхэзыубыдэ "статя глагол" гуп*ым щыщ адрей глагол *лэжьэк1эхэм нэхъри*

*къызэрыщхьэщыкl*ри мы ипэкlэ къэтlуэтахэмкlэ гурыlуэгъуэщ, икlи, *"ulэн"*рэ *"еин"*ыр зэщхьрэ *мыхьэнэгъу*у тлъытауэ зэрыщытхэри ипэкlэ щыжытlагъэххэщ.

- Ауэ, *"еин" глагол*ым теухуауэ мы ипэкlэ къэтlуэтахэмрэ икlи *"езырыж"* лlэужьыгъуэу зэры*лажьэу утыку къихьа*рэ *иужькlи* –цlыхум зыригъэгъуэта псэукlэрэ еплъыкlэхэм елъытауэ- *"lуэху"* лlэужьыгъуэу лажьэрэ *къызэрыlуатэу зэрызэхъуэкl*ыу къикlуауэ лъытапхъэ *лъагъуэ*ми гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlщи, *мыхьэнэ*кlи нэхъ *лъэщрэ тклий*уэ тлъыта **"еин"**ыр глаголу **"иlэн"**ым **ипэlуэ** *утыку къихьауи* лъытапхъэнщ.

...

- Мыхэри къыпытщэжа нэужь, зэрыгурыlуэгъуэу, **макъыбзэ**у щыт **адыгэбзэ**р **мыхьэнэбзэ**рэ **лэжьэкlэбзэ**рщи, мы ипэкlэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа глаголу щыт **"еин"**ым -мы зэрытха щlыкlэу- **нэгъуэщl еджэкlи** зэриlэфынум и гугъуи тщlынри игъуэщ.

- Аращи, *псалъэ пэщlэдзэу "е" тхыпкъ*ым *"иэ"рэ "иэй"* макъхэр –макъ lуэр зэхэжыхьауэ- зыхиубыдэу *еджэкlutl* зэриlэфынур гурыlуэгъуэнщи, мы ипэкlэ зи гугъу тщla "lуэху глагол" лlэужьыгъуэу щыт *"еин"*ым хиубыдэ *"е" тхыпкъ*ыр *"иэй"*уэ зэрыщытри гурыlуэгъуэщ; нытlэ, мыбдежми, *"еин"*ым хиубыдэ *"е"*м *"иэ"*уэ зэреджапхъэу утыку къихьэ псалъэми –глаголми- гулъытэ хуэтщlынщ. Мыпхуэдэ еджэкlэуи адыгэбзэм аргуэру мыхьэнитl -глаголитl- зэрыщылъытэфынури гурыlуэгъуэнщи, нытlэ, мы *глаголитlым дэтхэнэ зым* и *мыхьэнэ*рэ и *лэжьэкlэ*ми мы илъабжьэм щыгъуазэ дыщыхуэхъунщ.

- Мы **"е"**р **"иэ"**уэ зэреджапхъэ глаголым зыр бзэм нэхъыбэуи **"еижын"**уи хэлэжьыхь **"еин"** глаголырщ. Мы "еин" глаголым и мыхьэнэри *зэфlрэ зэгурыlуэ*у щыт *лъэныкъуитlым* –цlыхитlым- *зыр мы* зэфlыныгъэрэ *зэгурыlуэныгъуэм пыклыжын* е *епцlыжын* lуэхугъуэрщ. Псалъэм мы и мыхьэнэр къызэрыхъуари ар зэрыухуа макъ мыхьэнэхэращ зэлъытари, зы гуэрыр зэфlыу щыт/щыта адрей гуэрым –зэфlыу зэрыщытам хуэмыдэу- хуэгъэзарэ *хуэклуэ*у (е: иэ) е/икlи *"ягъэ/ерыгъэ/леягъ"* хэлъу зэрыдж (и) –зэрыджыж- мыхьэнэ зиlэущ зэрыухуагъэнури, мыпхуэдэу *зэрыухуагъэххэу* **"езырыж префиксиал глагол"** лlэужьыгъуэщ **"еин"**рэ **"еижын"**у мы зи гугъу тщlыр. Дауи, зэрыжытlауэ, нэхъ гурыlуэгъуэ зэрыхъурэ бзэм нэхъыбэу зэрыхэлэжьыхьыр *"еижын"*уэщи, нытlэ, мыбы теухуа *глагол лэжьэклэ щапхъэ*хэри къэдгъэлъэгъуэнщ:

«**сэ** абы **с**еиж*а*щ; **уэ** абы **у***о*иж(ыр); **ар** абы еижын*у*щ; **ахэр** абыхэм яеижын(**хэ**)щ; **ахэр** дэ (къы)дэиж*а*щ; **фэ** дэ фы(къы)дэиж*а*щ».

Мы зи гугъу тщlы **"еин"** глаголыр **"е" префиксиал "езырыж глагол"**у зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, мы къэта *глагол лэжьэклэ* щапхъэхэм **"субъектив дополненэ"**хэр **"езырыж"** лlэужьыгъуэу зэрыхиубыдэри нэрылъагъущ.

- Мы зи гугъу тщlарэ зи лэжьэкlэ щапхъэхэр къызыхуэтхьа глаголым нэмыщl, абы хиубыдэ макъхэр зыхэзыубыдэу ухуа етlуанэ глаголри **"ин"** (пп: зы блыным

фэ къегъэщтэн) глаголым **″е** (иэ)″ **префикс** къищтэу зэрыухуэж **″еин″** глаголращи, нытlэ, зы *″луэху занщlэ глагол″* лlэужьыгъуэ *″ин″*ыр иужькlэ *″е″ префикс*кlэ зэрыухуэжу утыку къихьэ мы **″lуэху префиксиал глагол″**ым и *″ит зэман″* лэжьэкlэ щапхъэхэри къэтхьынщ:

«**сэ** мы блыныр изои(р); **уэ** ар и**б***о*и(р); **абы** ар ир***е***и(р); **дэ** мыр и**д***о*и(р); **фэ** ахэр и**в***о*й(хэ)(р); **абыхэм** ар ир***а***и(р)».